Alkitab
Bahasa Sunda

Perjanjian Lama
(Mazmur s.d. Maleakhi)

Mazmur

1 [1] Nya bagja jalma anu nolak pangajak
jalma jahat, anu teu kabaud kana laku
teu puguh, teu kabawakeun ka anu sok
nyapirakeun Allah.
[2] Sabalikna resep nurut kana Hukum
PANGERAN, bari diulik beurang peuting.
[3] Jelema anu kitu ibarat tangkal nu jadi di
sisi walungan, dina usumna tangtu buahan,
daunna ge moal aya alumna, sapanejana
tangtu tinekanan.
[4] Sabalikna jelema jahat, kaayaanana jeg
huut katiup angin.
[5] Jalma jahat ku Allah tangtu dihukum, jeung
dipisahkeun ti umat-Na.
[6] Jalma bener, diraksa jeung dijaga ku
PANGERAN, sabalikna jalma jahat mah nuju
kana kamusnaan.
2 [1] Naon sababna bangsa-bangsa rek
bararontak? Ku naon jalma-jalma
nyarieun rarancang tanpa guna?
[2] Raja-rajana barontak para pangerehna
sakait rek ngalawan ka PANGERAN, jeung ka
raja pamilih Mantenna.
[3] Aromongna, "Hayu urang ngabebaskeun
maneh tina kawasana, urang piceun
belengguna."

4 Ti tahta-Na di sawarga, PANGERAN
gumujeng, pepetaan maranehna
disapirakeun.
5 Geus kitu Mantenna nyentak, wera ka
maranehna, ngarencodkeun maranehna ku
amarah-Na.
6 Mantenna ngadawuh, "Kami geus ngangkat
hiji raja di Sion, gunung suci Kami!"
7 "Kami rek nguarkeun," saur raja, "nu geus
jadi putusan PANGERAN. Kieu dawuhan Allah
ka kami, Hidep teh putra Kami; poe ieu pisan
hidep ku Kami digelarkeun.
8 Pok penta ka Kami, eta sakabeh bangsa
teh, tangtu baris diselehkeun ka hidep, sarta
sakuliah jagat nya hidep anu boga.
9 Pek geura parentah ku iteuk beusi, pasti
maranehna ajur remuk jeg pariuk peupeus."
10 Ku sabab kitu, he para raja, masing daek
ngarti, kitu keneh anu nyarekel kakawasaan,
tarima ieu pepeling!
11 Sing ibadah ka PANGERAN, kalawan sieun,
geura sumujud ka Mantenna bari gumeter.
12 (2-11b) Sabab lamun teu kitu tangtu
Mantenna bendu; aranjeun tangtu tiwas.
Bagja sing saha anu nyalindung ka Mantenna!
3 1 (3-1) Jabur Daud, waktu anjeunna
nyingkahan putrana, Absalom. (3-2) Nun
PANGERAN, musuh abdi mangpirang-pirang,
sakitu seueurna anu malik ngaralawan!
2 (3-3) Abdi pada ngaromongkeun, kieu
carekna, "Allah moal nulungan manehna!"

3 (3-4) Nanging nun PANGERAN, Anjeun
teh kepeng nu mindingan abdi salamina.
Abdi dipaparin kaunggulan, dipaparin deui
wawanen.
4 (3-5) Kami sasambat ka PANGERAN, sarta
Mantenna ngawaler ti pasir suci-Na.
5 (3-6) Dug kami ngedeng, reup mondok,
sapeupeuting ku PANGERAN diraksa.
6 (3-7) Kami teu sieun ku musuh
mangrebu-rebu nu ngepung kami ti unggal
juru.
7 (3-8) Nun PANGERAN, nun Allah,
salametkeun abdi! Hukum sadayana musuh
abdi, lumpuhkeun kakuatanana sing ulah
bisaeun nyilakakeun abdi.
8 (3-9) Kaunggulan datangna ti PANGERAN
mugia Mantenna ngaberkahan umat-Na.
4 1 (4-1) Pikeun pamingpin biduan.
Dipirig ku kacapi. Jabur Daud. (4-2)
Samangsa abdi sasambat, mugi diwaler,
nun Allah, panyaluuhan abdi! Gusti parantos
nulungan, waktos abdi susah. Ayeuna ge
mugi mikawelas, paneda abdi mugi didangu.
2 (4-3) He jalma-jalma, rek nepi ka iraha
maraneh ngahina ka kami? Rek nepi ka iraha
resep ka nu tanpa guna jeung moro-moro nu
teu bener?
3 (4-4) Inget, PANGERAN geus milih jelema
nu bener, dijadikeun milik-Na, upama kami
sasambat ka Mantenna, pasti didangu.

4 (4-5) Sing ngadegdeg sieun, ulah nyieun
deui dosa! Pek hal eta lalenyepan ari keur
sepi sorangan di enggon.
5 (4-6) Baktikeun kurban anu bener ka
PANGERAN, tuluy ngandel ka Mantenna.
6 (4-7) Seueur nu sok neneda kieu, "Pasihan
abdi berkah langkung seueur, nun PANGERAN,
mugi aya piwelas!"
7 (4-8) Nanging kasukaan anu ku Anjeun
dipaparinkeun ka abdi mah langkung ti
kasukaan jalma-jalma anu mucekil hasil
panenna.
8 (4-9) Waktos ngedeng, abdi tiasa sare
tibra, mung ku Anjeun, nun PANGERAN, hirup
abdi aman santosa.
5 1 (5-1) Pikeun pamingpin biduan. Dipirig
ku suling. Jabur Daud. (5-2) Nun
PANGERAN, dangukeun ieu panuhun abdi,
pirosea rumahuh abdi.
2 (5-3) Dangukeun panyambat abdi neda
pitulung, nun Allah abdi, raja abdi!
3 (5-4) Ka Gusti abdi neneda, nun
PANGERAN; dangukeun sora abdi enjing-
enjing; waktos panonpoe bijil, abdi
ngunjukkeun paneda, sareng ngantos
waleranana.
4 (5-5) Margi Gusti sanes Allah nu seneng
kaawonan, Gusti moal ngantep kajahatan.
5 (5-6) Gusti teu tahan ningali jalmi adigung
ceuceub ka nu lampahna jahat.

6 (5-7) Tukang-tukang bohong ku Gusti
dibasmi, tukang maehan sareng tukang tipu
dihina.
7 (5-8) Nanging ku margi Anjeun sakitu
asihna, abdi kenging asup ka gedong Gusti,
kenging ngabakti di Bait Gusti anu suci sujud
ka Gusti kalayan hormat.
8 (5-9) Nun PANGERAN, musuh abdi kacida
seueurna! Mugi abdi dituyun ngalampahkeun
pangersa Gusti; tuduhkeun jalan Gusti nu ku
abdi kedah disorang.
9 (5-10) Margi omongan musuh teh teu aya
andeleunana, karepna mung bade ngabinasa,
ucap-ucapanana sarae, matak kapincut,
padahal pinuh ku tipu daya.
10 (5-11) Mugi nu karitu teh dihukum, nun
Allah, sina carilaka ku rarancangna sorangan.
Usir ti payuneun Gusti margi seueur dosana,
sareng ngaralawan ka Gusti.
11 (5-12) Dupi anu milari salamet ka Gusti
mah bakal saruka, tiasa nyaranyi suka
bungah salamina. Tangtayungan sugri anu
nyaah ka Gusti, supados ngaraos suka ku
karana Gusti.
12 (5-13) Gusti ngaberkahan sakur anu
narurut, nun PANGERAN; piwelas Gusti ibarat
kepeng keur maranehna.
6 1 (6-1) Pikeun pamingpin biduan. Dipirig
ku kacapi. Nurutkeun lagu nu kadalapan.
Jabur Daud. (6-2) Nun PANGERAN, sanaos

Gusti bendu, ulah dugi neunggeul ka abdi!
Sanaos Gusti wera, abdi ulah disiksa.
2 (6-3) Sing welas, nun Gusti, abdi parantos
seep tanaga, parantos lungse, paparin
kakuatan,
3 (6-4) awak sakujur karaos ajur. Nun
PANGERAN, lami keneh bade ngantep ka abdi
teh?
4 (6-5) Sumping atuh, salametkeun abdi,
nun PANGERAN, jait abdi tina baya pati, ku
karana piwelas Gusti.
5 (6-6) Di alam kubur mah Gusti moal
dipikaemut di ditu mah moal aya anu muji ka
Gusti.
6 (6-7) Abdi lungse balas rupek nya hate,
unggal wengi ceurik balilihan, cipanon
maseuhan bantal.
7 (6-8) Abdi meh teu tiasa ningal, panon
carindul balas ceurik, nya musuh lantaranana.
8 (6-9) Nyingkah sing jauh, he para durjana!
Sabab PANGERAN ngadangueun ceurik kami,
9 (6-10) ngadangueun panyambat kami
menta tulung, paneda kami baris ditarima.
10 (6-11) Musuh kami bakal ngarasa getirna
kaera dumeh eleh, ngadadak jadi baringung
tuluy kalabur.
7 1 Tangis Daud ku karana Kus, urang
Binyamin; dinyanyikeun ka PANGERAN.
(7-2) Nun PANGERAN, Allah abdi, abdi
nyuhunkeun diraksa, luputkeun, salametkeun,
leupaskeun ti nu ngudag-ngudag.

2 (7-3) Ulah dugi ka maranehna lir singa
ngagusur abdi, sarta abdi henteu aya nu
nulungan, tangtos abdi disasaak.
3 (7-4) (7:4-5) Nun PANGERAN, Allah
abdi, upami abdi jahat upami kantos nipu
babaturan upami kejem ka musuh tanpa
lantaran, upami kantos ngalampahkeun anu
sarupi kitu,
4 (7:3)
5 (7-6) sawios musuh sina nguber-nguber
sarta abdi kacerek, sawios abdi sina ditigas,
dipaehan, mayit abdi diantep ngalumbuk dina
taneuh.
6 (7-7) Gedurkeun amarah, nun PANGERAN!
Musuh abdi anu ngamuk teh ayonan enggal
singkil, abdi belaan, apan Gusti meredih
kaadilan.
7 (7-8) Kempelkeun bangsa-bangsa sina
ngariung ka Gusti, kawasaan ku Gusti ti
sawarga.
8 (7-9) Gusti ngahakiman umat manusa,
abdi nyuhunkeun kaadilan, nun PANGERAN;
Gusti uninga yen abdi teu salah.
9 (7-10) Gusti teh Allah nu adil, anu nilik
pikiran jeung karep manusa. Eureunkeun
kagorengan jalma jahat, ganjar jalmi anu
balener.
10 (7-11) Allah teh panyalindungan kaula,
anu nyalametkeun jalma nu nurut ka
Mantenna.

11 (7-12) Allah teh Hakim nu adil, anu
salawasna ngahukum jelema jahat.
12 (7-13) Lamun maranehna teu daraek
tobat, Allah baris ngasah pedang-Na.
Mantenna ngawengkang gondewa tinggal
ngalepas,
13 (7-14) nyepeng pakarang nu matih
ngecengkeun panah nu hurung.
14 (7-15) Titenan, kumaha si jahat ngulik
kajahatan, ngararancang huru-hara,
ngajalankeun tipu daya.
15 (7-16) Tapi pitapak beunangna masang
keur batur keunana ka maranehna sorangan.
16 (7-17) Kajuliganana malindes kana dirina,
cilaka ku katelengesanana sorangan.
17 (7-18) Kaula muji sukur reh PANGERAN
teh adil, kaula ngamulyakeun jenengana-Na
Nu Maha Agung.
8 1 (8-1) Pikeun pamingpin biduan.
Nurutkeun lagu Gitit. Jabur Daud.
(8-2) Nun PANGERAN, Gusti abdi sadaya,
kaagungan Gusti tembong di sakuliah jagat!
Kamulyaan Gusti maratan langit;
2 (8-3) dinyanyikeun ku barudak sareng
orok. Gusti reugreug, aman ti sadaya musuh,
sing sakur anu ngalawan ku Gusti dibungkem.
3 (8-4) Ana abdi narawang langit, damelan
Gusti, bulan sareng bentang-bentang kenging
Gusti merenahkeun,

4 (8-5) manusa teh naon, ku Gusti dugi ka
dipikaemut; naon manusa teh, ku Gusti dugi
ka dipirosea?
5 (8-6) Dipidamelna ku Gusti meh nyaruaan
Gusti ku manten, dimakutaan ku kamulyaan
sareng kahormatan,
6 (8-7) sina murba ka sugri dadamelan
Gusti, sina marentah sadaya mahluk;
7 (8-8) domba sareng sapi, katut sasatoan
pangeusi leuweung,
8 (8-9) manuk-manuk sareng lauk sareng
saniskanten mahluk di laut.
9 (8-10) Nun PANGERAN, Gusti abdi sadaya,
kaagungan Gusti tembong di sakuliah jagat!
9 1 (9-1) Pikeun pamingpin biduan.
Nurutkeun lagu Mut Laben. Jabur Daud.
(9-2) Kalayan hate mantep, nun PANGERAN,
abdi sumeja muji ka Gusti, sareng seja
ngamashurkeun padamelan Gusti anu
araheng.
2 (9-3) Ku karana Gusti, abdi bingah sumeja
nyanyi. Sumeja nyanyi muji ka Gusti, nun
Allah Nu Maha Kawasa.
3 (9-4) Musuh-musuh abdi bubar birat
barang naringal Gusti tembong, tingjarungkel
paraeh.
4 (9-5) Gusti ngahukum kalawan adil tur
jujur, parantos ngabelaan perkawis abdi.
5 (9-6) Gusti parantos ngahukum bangsa-
bangsa nu jarahat parantos dibasmi, moal
aya nu nginget-nginget deui.

6 (9-7) Musuh-musuh parantos musna
sapapaosna, kota-kotana ku Gusti parantos
diancurkeun, moal aya deui nu mikaeling.
7 (9-8) Demi PANGERAN mah raja
salalanggengna, tahta pangadilana-Na geus
nanjeur.
8 (9-9) Anjeunna marentah dunya kalayan
adil, ngahakiman bangsa-bangsa ku kaadilan.
9 (9-10) PANGERAN teh pananggeuhan
keur sakur nu ditindes, panyalindungan dina
mangsa susah.
10 (9-11) Anu tarerang ka Gusti, nun
PANGERAN, bakal ngaharep ka Gusti, sugri
anu marek ku Gusti tara ditolak.
11 (9-12) Sanggakeun puji ka PANGERAN,
anu marentah di Sion! Mashurkeun
padamelana-Na ka sakumna bangsa-bangsa!
12 (9-13) Allah emut ka nu sangsara, henteu
lali kana panyambatna, sareng ngahukuman
jalma-jalma nu nyiksa ka maranehna.
13 (9-14) Duh PANGERAN, mugi aya piwelas!
Tingali talajak musuh anu nyangsara ka abdi!
Nun PANGERAN, jait abdi tina ajal.
14 (9-15) Supados abdi tiasa nangtung
hareupeun urang Yerusalem, nembongkeun
kabungah parantos disalametkeun ku Gusti.
15 (9-16) Bangsa-bangsa nyarieun lombang,
maranehna anu tigebrus, beunang ku
pitapakna sorangan.

16 (9-17) PANGERAN ngebrehkeun anjeun ku
putusan hukum-Na nu adil, nu daroraka teh
cilaka ku polahna sorangan.
17 (9-18) Nya paeh bagian nu jarahat mah,
bagian jelema anu narolak ka Allah.
18 (9-19) Nu balangsak moal salilana
diantep; moal salilana pangarep-ngarep nu
laip disina remuk.
19 (9-20) Sumping, nun PANGERAN!
Tong diantep manusa sombong ka Gusti!
Kempelkeun maranehna ka payuneun,
umumkeun hukumanana.
20 (9-21) Sina sarieuneun, nun PANGERAN,
sina ngarasaeun yen manehna teh saukur
manusa.
10 1 Ku naon tebih, nun PANGERAN?
Ku naon nyumput waktos abdi-abdi
kasesahan?
2 Nu jarahat reujeung angkuh nindes ka nu
balangsak; eurad eta jelema-jelema teh ku
jiretna sorangan.
3 Nu jarahat nyombongkeun napsu-
napsu jahatna, nu harawek nyapa sareng
nganistakeun PANGERAN.
4 Jalma jahat teu malire ka PANGERAN; ceuk
pikirna anu sombong Allah teh euweuh.
5 Nu jarahat teh naranjung dina sagala hal.
Maranehna teu bisa ngarti kana hukum Allah,
ka musuh salawasna nguntup.
6 Hatena takabur, "Aing moal bisa gagal,
moal keuna ku balangsak."

7 Eusi omonganana panyapa, tipu, ancaman;
kecap-kecapna pinuh ku kangewa jeung
jahat.
8 Maranehna nyarumput di lembur-lembur,
niat ngabinasa ka nu henteu salah, ngadodoho
jelema nu taya dayana,
9 ngabongohan ti panyumputanana cara
singa. Ngadepong ngadago jalma malarat, nu
balangsak dieuradan terus digusur.
10 Korban-korbanna ngalungsar taya dayana,
eleh ku kabedasanana.
11 Si jahat ngomong sorangan, "Allah cicing
bae! Peureum bae, moal nenjoeun ka aing!"
12 Nun PANGERAN, hukum eta nu jarahat
teh! Sing emut ka nu balangsak!
13 Ku naon nu jahat teh nepi ka bisa
nyacampah ka Allah, majar maneh, "Aing ku
Allah moal dihukum?"
14 Nanging Gusti teh ningali; malire ka nu
sangsara sareng lara, tur sayagi nulungan.
Nya ka Gusti sumerahna nu teu walakaya teh.
Gusti salamina ngabela ka jalmi miskin.
15 Basmi kakawasaan nu jahat sareng nu
doraka teh, hukum kajahatanana, sangkan
ulah deui-deui.
16 PANGERAN teh raja sapapanjangna. Anu
nyarembah ka allah-allah sejen bakal musna
ti tanahna.
17 Nun PANGERAN, Gusti kersa ngadangu
panyambatna jalmi laip, negerkeun hatena.

18 Gusti kersa ngadangukeun panyambat
jalma pahatu, kersa mirosea jumeritna nu
dikakaya. Gusti kersa ngabela maranehna;
dugi ka moal aya deui manusa anu nganiaya
ka maranehna.
11 1 Pikeun pamingpin biduan. Jabur
Daud. Kaula nyalindung ka PANGERAN.
Taya gunana omongan anjeun ka kaula, anu
majar, "Geura kabur ka gunung, nurutan
manuk,
2 sabab si murka geus mentang gondewa,
jamparingna geus dikeceng, diincerkeun ti nu
poek ka jalma nu bener.
3 Lamun kabeh enggeus burak-barik, jelema
bener moal bisa nanaon deui."
4 PANGERAN aya di Bait-Na anu suci, tahta-
Na aya di sawarga. Soca-Na ngawaskeun
manusa di mana-mana, uninga ka sakur laku
lampahna.
5 Mantenna nguji, boh ka nu bener boh ka
nu jahat, Mantenna ijid ka jalma anu ingkar ti
hukum.
6 Anu jahat ku Mantenna dihujanan ruhak
jeung walirang, ditarajang ku panas nereptep.
7 PANGERAN teh maha adil, nyaah ka nu
hade lampah, anu harade lampah, hirup di
payuneuna-Na.
12 1 (12-1) Pikeun pamingpin biduan.
Laguna kawas nu kadalapan. Jabur
Daud. (12-2) Duh PANGERAN, abdi-abdi

tulungan! Parantos seep jalmi nu sae,
parantos suwung jalmi nu jujur.
2 (12-3) Manusa gawena silih bobodo, silih
tipu ku omong pangoloan.
3 (12-4) Eureunkeun omong pangoloanana,
nun PANGERAN! Bungkemkeun sungutna nu
gede omong.
4 (12-5) Carekna, "Sagala kahayang urang
nu diucapkeun, beunang. Hayang naon
ge tinggal nyebutkeun, moal aya nu bisa
ngahalang-halang."
5 (12-6) Tapi dawuhan PANGERAN, "Ayeuna
keneh Kami rek datang, karunya ka nu
dikaniaya, kana jeritna kanyeri nu dikakaya,
sina talengtrem nu jadi harepanana."
6 (12-7) Jangji PANGERAN bisa dipercaya
kabeh murni lir perak beunang nguji tujuh
kali dina parapen.
7 (12-8) (12:8-9) Jalma jahat aya di mana-
mana saban jalma mupunjung kagorengan.
Tangtayungan abdi sadaya, nun PANGERAN,
raksa ti jalma anu karitu.
8 (12:7)
13 1 (13-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur Daud. (13-2) Bade lami keneh
Gusti lali ka abdi, nun PANGERAN? Bade
salamina? Bade dugi ka iraha Gusti nyumput
ti abdi?
2 (13-3) Dugi ka iraha abdi kedah nandangan
sungkawa, siang wengi gering pikir? Sabaraha
lami deui abdi dikawasaan ku musuh?

3 (13-4) Duh PANGERAN Allah abdi, tingali
sareng waler ieu abdi. Pulihkeun kakiatan
abdi, ulah dugi ka abdi tiwas.
4 (13-5) Musuh abdi ulah sina ngomong,
"Manehna geus eleh ku urang." Maranehna
ulah disina nyurakan abdi eleh.
5 (13-6) Margi abdi ngandel kana satia
asih Gusti, abdi bingah, rehna Gusti kersa
nulungan.
6 (13-7) Ka Gusti, nun PANGERAN, abdi muji
sukur, reh Gusti parantos sakitu saena ka
abdi.

14 1 Pikeun pamingpin biduan. Jabur
Daud. Ceuk anggapan nu garejul mah,
"Allah teh euweuh." Eta sababna pangna
kalakuanana jahat, laku lampahna goreng
kabina-bina, saurang ge euweuh nu migawe
bener.
2 PANGERAN ti sawarga ningalikeun bumi,
nenget-nenget umat manusa, nitenan, sugan
aya keneh anu bijaksana, sugan aya nu
ibadah ka Mantenna.
3 Horeng geus garoreng kabeh, taya
piliheunana, kabeh sarua gorengna. Saurang
ge taya nu migawe bener, teu saurang-urang
acan.
4 "Teu nyarahoeun, kitu?" PANGERAN
mariksa. "Geus arembung nganyahokeun
kabeh eta nu jarahat teh? Gawena
ngarampogan umat Kami, jeung euweuh anu
daek neneda ka Kami."

5 Tapi engke maranehna bakal tagiwur, sabab
Allah teh nyarengan ka sakur anu nurut ka
Mantenna.
6 Anu jarahat teh ngareuntaskeun pakarepan
jalma laip, tapi nu laip teh nyalindungna ka
PANGERAN.
7 Kami banget neneda, kaunggulan sing
datang ka Israil ti Sion. Tada teuing bungahna
engke urang Israil lamun kaayaanana geus
dipulihkeun ku PANGERAN!
15 1 Jabur Daud. Nun PANGERAN, saha
anu diwidian marek ka Bait Gusti?
Saha anu kenging ngabakti di Sion, gunung
suci Gusti?
2 Nya eta anu dina sagala hal tuhu ka
Allah, anu salawasna migawe nu bener, jujur
satarabasna dina nyarita;
3 jalma nu tara mitenah, ka batur tara hasud,
tara ngagogoreng tatangga.
4 Mikacua jalma anu ditolak ku Allah,
ngajenan ka nu satuhu ka PANGERAN. Kana
jangji tara jalir sanajan matak rugi ka dirina.
5 Mun nginjeumkeun tara ngarah bati, tara
daek disogok sina nyilakakeun nu teu salah.
Jalma nu kitu lampahna bakal tengtrem
salawasna.
16 1 Jabur Daud. Raksa abdi, nun Allah,
da abdi nyalindung ka Gusti.
2 Kaula unjukan ka PANGERAN, "Gusti teh
PANGERAN abdi; sadaya pitulung ti Gusti
asalna."

3 Ku utama umat anu satia ka Allah!
Kaula pangresepna reureujeungan jeung
maranehna.
4 Anu muru allah-allah sejen, geus tangtu
susah sorangan. Kaula embung miluan
kana kurbanna, embung milu nyembah ka
allah-allahna.
5 Kagaduh abdi mah mung salira Gusti,
nun PANGERAN. Pangabutuh abdi nya Gusti
nu nyekapan, pati hurip abdi nya Gusti nu
nyepengna.
6 Pangasih Gusti ka abdi estu matak helok,
taya babandinganana.
7 Kaula muji sukur ka PANGERAN, reh ku
Mantenna dituyun, ari ti peuting sanubari teh
ngingetan.
8 Kaula salawasna eling di payuneun
PANGERAN, Mantenna teh deukeut, teu aya
nu matak rentag.
9 Jadi hate abdi ngarasa sukur, bungah, sarta
ngarasa kacida tengtremna,
10 reh ku Gusti dijaga tina kawasa ajal. Abdi
satuhu ngawula ka Gusti, ku Gusti moal
diselehkeun ka dunya anu maraot.
11 Gusti baris nuduhan jalan anu brasna kana
hirup; aya di payuneun Gusti hate pinuh ku
kabingahan, sareng kasenangan salalamina.

17 1 Paneda Daud. Nun PANGERAN,
dangukeun, abdi nyuhunkeun
kaadilan, mugi kersa merhatoskeun, abdi

jumerit nyuhunkeun tulung! Dangukeun doa
abdi anu iklas.
2 Belaan perkara abdi, reh Gusti tingali ka nu
bener.
3 Gusti uninga kana eusi hate abdi; Gusti
sumping wanci wengi, diri abdi ku Gusti
parantos ditaliti, kapendak teu aya kahayang
awon. Abdi tara nurut kana timbalan Gusti
4 sapertos nu sanes. Abdi nurut kana
timbalan Gusti sareng tara nganggo
kakerasan.
5 Salamina mung nyorang jalan Gusti, tara
pisan mengpar ti dinya.
6 Abdi sasambat, nun Allah, margi tangtos
Gusti ngawaler, mugi kersa nolih, dangukeun
paneda abdi.
7 Nun PANGERAN, pintonkeun kaasih Gusti
nu agung, abdi salametkeun; caket ka Gusti
mah abdi aman ti musuh-musuh.
8 Jagi abdi lir ka soca ku manten,
sumputkeun dina kalangkang jangjang Gusti,
9 sangkan teu ditarajang ku nu jahat. Abdi
dikepung ku musuh nu rek maehan,
10 nu taya pisan rasrasanana, ucap-
ucapanana takabur.
11 Ayeuna abdi katingker, didodoho ti
sakuriling bade digusur.
12 Maranehna lir singa nu bade nekuk, rek
nyasaak awak abdi.

13 Enggal, nun PANGERAN! Lawan musuh-
musuh abdi, elehkeun! Luputkeun abdi ti nu
jarahat ku pedang Gusti,
14 luputkeun abdi ti maranehna, anu hirupna
parantos kacumponan kahayangna. Hukum
maranehna, ku kasangsaraan anu ku Gusti
parantos diajangkeun keur maranehna sing
cekap kasangsaraanana teh keur anak-
anakna ongkoh, malah sing aya langkungna
keur ngahukum incu-incuna.
15 Dupi abdi ku margi teu lepat, tangtos
bakal ningal Gusti, sareng waktos hudang
tangtos ngarasa senang da Gusti aya
ngabanding.

18 1 (18-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur Daud, abdi PANGERAN. Laguna
diunjukkeun ka PANGERAN, sanggeus
diluputkeun tina kungkungan musuh jeung
tina ancaman Saul. (18-2) Kumaha cintana
abdi ka Gusti, nun PANGERAN! Gusti teh
kakiatan abdi.
2 (18-3) PANGERAN teh panyalindungan
kaula, benteng kaula anu kuat Allah kaula
teh pangraksa kaula, jeung Mantenna kaula
aman. Mantenna lir kepeng anu mindingan
kaula, ngajaga kaula sangkan rahayu.
3 (18-4) Kaula sasambat ka PANGERAN;
tuluy kaula dileupaskeun ti leungeun musuh.
Puji PANGERAN!
4 (18-5) Kaula geus dilingkung ku bahya
maot, digulung ku ombak kabinasaan.

5 (18-6) Kaula geus dirubung ku bahya pati,
geus ditaheunan ku kubur.
6 (18-7) Sajeroning tagiwur kaula sasambat
ka PANGERAN, nyambat pitulung Allah kaula.
Sora kaula kadangueun di Bait-Na, jerit kaula
menta tulung diperhatoskeun.
7 (18-8) Geus kitu bumi ngadegdeg jeung
genjlong, dasar gunung-gunung aringgeung
sabab Allah bendu.
8 (18-9) Tina liang pangambung-Na ngebul
haseup, tina baham-Na nyebrot seuneu jeung
ruhak burahay.
9 (18-10) Mantenna nyiklakkeun langit, jut
lungsur ngadampal kana mega nu angkeub.
10 (18-11) Tuluy nyeot hiber nitihan
mukarabin sumiriwik dina jangjang angin.
11 (18-12) Mantenna ngarimbunan anjeun
ku poek, dikuribeng ku mega mendung.
12 (18-13) Tina kilat di payuneuna-Na, bijil
hujan es jeung burinyayna seuneu, nembus
mega angkeub anu kandel.
13 (18-14) Geus kitu PANGERAN ngagulugur
di langit, gentra-Na Nu Maha Agung karungu.
14 (18-15) Mantenna ngalepas-lepaskeun
jamparing-Na ngaburencaykeun musuh-
musuh-Na, nyamber-nyamberkeun kilat-Na,
musuh-musuh-Na kalabur.
15 (18-16) Dasar laut kasingkabkeun,
dasar-dasar jagat ngabuliklak, nalika Gusti,
nun PANGERAN, ngahaok ka musuh, sareng
ngagaur lantaran bendu.

16 (18-17) PANGERAN ti luhur ngulurkeun
panangan, ceg kaula dicepeng, tuluy dibedol
tina cai anu jero.
17 (18-18) Mantenna ngaleupaskeun kaula
ti musuh rongkah, jeung ti jalma-jalma
anu mikangewa; kakuatan maranehna lain
lawaneun kaula.
18 (18-19) Waktu kaula meunang bahla,
maranehna narajang, tapi PANGERAN
ngaraksa ka kaula.
19 (18-20) Kaula dijait tina bahla, sabab
Mantenna nyaaheun ka kaula.
20 (18-21) Kaula ku Mantenna diganjar,
sabab geus milampah anu bener, diberkahan,
lantaran teu boga salah.
21 (18-22) Kaula tigin kana parentah
PANGERAN, tara nyingkir ti Allah kaula.
22 (18-23) Hukum-hukum Mantenna ku
kaula diturut, sagala timbalana-Na taya nu
dipungpang.
23 (18-24) Mantenna uningaeun yen
kaula taya celana, jeung nyegah diri tina
kagorengan.
24 (18-25) Mantenna ngaganjar kaula
lantaran kaula nyieun nu bener lantaran
Mantenna uningaeun yen kaula teu boga
salah.
25 (18-26) Nun PANGERAN, Gusti teh satia
ka jalmi anu satia ka Gusti, sae ka jalmi anu
lampahna utami.

26 (18-27) Gusti wening galih ka nu
hatena beresih, ngamusuhan ka nu nyieun
kagorengan.
27 (18-28) Gusti nyalametkeun jalmi anu
rendah hate, ngarendahkeun jalmi anu luhur
hate.
28 (18-29) Gusti ka abdi maparin caang,
nyaangan abdi nu keur poekeun.
29 (18-30) Gusti maparin abdi kakiatan
ngagempur musuh maparin kasanggupan
ngabedah pertahanan lawan.
30 (18-31) Allah teh damel-Na sampurna
liwat saking! Sagala pangandika-Na estu
cekeleun! Mantenna ibarat tameng ka sakur
nu nyalindung ka Mantenna.
31 (18-32) Allah teh ngan PANGERAN, ngan
Allah panyalindungan urang teh.
32 (18-33) Nya Allah pisan nu maparin
kakuatan ka kaula, anu ngamankeun
pijalaneun kaula.
33 (18-34) Suku kaula disina rikat lir
peucang, kaula disina aman di pagunungan.
34 (18-35) Mantenna ngadidik kaula kana
jurit, nepi ka sanggup ngawengkang gondewa
nu pangkuatna.
35 (18-36) Nun PANGERAN, Gusti
nangtayungan, nyalametkeun abdi. Paniten
Gusti ngalantarankeun abdi unggul, salamet
ku karana kakawasaan Gusti.
36 (18-37) Abdi teu kacerek, teu ragrag ka
musuh, Gusti nu ngajagi.

37 (18-38) Musuh ku abdi diudag sarta
beunang, haben digempur dugi ka tumpur.
38 (18-39) Diamuk dugi ka rarubuh
tingrumpuyuk, teu harudang deui, areleh
tinggaloler di hareupeun.
39 (18-40) Gusti maparin abdi kadigjayaan
jurit maparin unggul ngelehkeun musuh.
40 (18-41) Maranehna ku Gusti disina jicir,
nu darengki ka abdi sadayana dibasmi.
41 (18-42) Tingkoceak marenta tulung taya
nu nolih, pada sasambat ka PANGERAN, tapi
teu didangu.
42 (18-43) Ku abdi diluluh nepi ka jadi
sapertos lebu anu mancawura ku angin,
diidek sapertos leutak di jalan.
43 (18-44) Abdi ku Gusti diluputkeun ti
jalmi-jalmi nu bangkawarah didamel kawasa
ka bangsa-bangsa, jalmi-jalmi nu abdi teu
wawuh, ayeuna ngawula ka abdi.
44 (18-45) Urang asing ka abdi marendek,
omongan abdi ku maranehna diturut.
45 (18-46) Maranehna parantos leungit
kawani, kalaluar ti bentengna bari ngadegdeg.
46 (18-47) PANGERAN jumeneng! Puji
Mantenna, bebenteng kaula! Embarkeun
kaagungana-Na, Allah anu nyalametkeun
kaula.
47 (18-48) Mantenna anu ngunggulkeun
kaula ti musuh, anu nalukkeun bangsa-bangsa
ka kaula,

48 (18-49) jeung anu ngaluputkeun kaula
ti kabeh satru. Nun PANGERAN, Gusti
nu ngersakeun abdi unggul ti musuh, nu
ngaraksa ti jalmi anu barengis.
49 (18-50) Ku margi kitu, abdi muji Gusti di
bangsa-bangsa, abdi nyanggakeun pupujian
ka Gusti.
50 (18-51) Allah maparin kaunggulan rosa ka
raja nu diangkat ku Mantenna, nembongkeun
kaasih-Na ka jalma nu dipilih ku Mantenna,
ka Daud jeung turunanana salalawasna.
19 1 (19-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur Daud. (19-2) Ku bengras langit
ngebrehkeun kamulyaan Allah! Ku cekas eta
teh nembongkeun karya Mantenna!
2 (19-3) Poe nu ieu nepikeun hal eta ka poe
isuk, peuting nu ayeuna nyaritakeun hal eta
ka peuting nu engke.
3 (19-4) Taya ucap taya kecap nu dipake,
taya sora nu kadenge;
4 (19-5) tapi amanahna parat ka saampar
jagat, aweuhanana kadenge tepi ka tungtung
bumi. Allah ngimahan panonpoe di langit,
5 (19-6) nu medal isuk-isuk lir panganten
lalaki lugay ti kamar, pertentang jeg pahlawan
seja miang.
6 (19-7) Ngagandeuang ti tungtung langit nu
ieu, ngambah jalan muru ka tungtung langit
nu itu, kabeh taya nu luput tina panasna.
7 (19-8) Hukum PANGERAN sampurna,
matak seger kana jiwa. Parentah PANGERAN

beunang dipercaya, mere hikmah ka anu tuna harti.
8 (19-9) Papakon PANGERAN saestu, matak bagja nu mituhu. Parentah PANGERAN teh adil, matak lantip budi akal.
9 (19-10) Bakti ka PANGERAN kacida hadena, bakal lumangsung salalawasna. Putusan PANGERAN adil kabeh lempeng sarta jujur.
10 (19-11) Leuwih pikabitaeun ti batan emas nu pangalusna, leuwih amis ti batan madu asli.
11 (19-12) Tina eta abdi kenging pangarti, tigin ka eta kenging ganjaran.
12 (19-13) Taya jalma nu ngarasa kana kasalahan dirina; bebaskeun abdi tina kalepatan nu teu kaciri!
13 (19-14) Sareng luputkeun tina dosa anu dihaja, sing ulah kacangking ku lampah kitu. Sangkan jadi jalma sampurna, bebas leupas tina dosa nu matak cilaka.
14 (19-15) Sakur ucap abdi katut usiking sanubari, sing matak kamanah ku Gusti nun PANGERAN, panyaluuhan sareng panebus abdi!

20 1 (20-1) Pikeun pamingpin biduan. Jabur Daud. (20-2) Mugia PANGERAN ngamakbul paneda anjeun dina mangsa rupek, mugia Allahna Yakub ngaraksa ka anjeun.

2 (20-3) Mugia anjeun dikirim pitulung ti
Bait-Na, dipaparin pangdeudeul ti Gunung
Sion.
3 (20-4) Mugia Mantenna kersa nampi
sadaya pangbakti anjeun, mugia sadaya
kurban anjeun ka Mantenna kalandep.
4 (20-5) Mugia kahoyong anjeun ku
Mantenna dikabul, sagala rancangan anjeun
sing dilangsarkeun.
5 (20-6) Kaunggulan anjeun tangtos dipapag
ku surak, dipestakeun ku pamuji ka Allah
urang. Mugia sapaneja anjeun ku PANGERAN
dikabul.
6 (20-7) Ayeuna abdi yakin, PANGERAN teh
maparin kaunggulan ka raja kenging-Na
milih, ngamakbul ti sawarga-Na nu suci, ku
kawasa-Na, raja disina sakitu unggulna.
7 (20-8) Aya nu ngandelkeun kareta
perangna, aya nu ngandelkeun kudana, ari
andelan urang mah kakawasaan PANGERAN,
Allah urang.
8 (20-9) Maranehna bakal tisusut rarubuh,
ari urang mah baris teteg, nangtung tagen.
9 (20-10) Nun PANGERAN, sang raja sing
unggul; upami ku abdi-abdi disambat, Gusti
mugi ngawaler.
21 1 (21-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur Daud. (21-2) Nun PANGERAN,
raja teh bingah reh ku Gusti dipaparin
kakiatan, ngaraos suka reh ku Gusti disina
unggul.

2 (21-3) Paneja manahna ku Gusti diridoan,
pamundutna ku Gusti ditedunan.
3 (21-4) Gusti sumping ka anjeunna,
nyandak pirang-pirang berkah, anjeunna
dimakutaan ku makuta emas.
4 (21-5) Anjeunna mundut hirup, ku
Gusti dikabul, malah sina panjang yuswa
salalamina.
5 (21-6) Ku pitulung Gusti, raja jadi kacida
mulyana, disina kamashur sareng agung.
6 (21-7) Ku Gusti teu kendat-kendat
diberkahan, ku Gusti disarengan, kalintang
sukaeunana.
7 (21-8) Raja teh muntangna ka PANGERAN
Nu Maha Kawasa, sarta ku lantaran terus
dipikaasih ku PANGERAN, tangtu anjeunna
aman sapapanjangna.
8 (21-9) Anjeunna baris ngaboyong musuh-
musuhna, ngaboyong sakur anu mikaijid ka
anjeunna.
9 (21-10) Ana anjeunna sumping,
maranehna tangtu dibasmi lir ku seuneu
ngagebur. Maranehna bakal musna ku amarah
PANGERAN, jeung ku seuneu nepi ka beak.
10 (21-11) Turunan maranehna moal aya anu
nyesa kabeh bakal dibasmi ku raja.
11 (21-12) Musuh ngatur siasat, rek
ngalawan ka anjeunna, tapi moal hasil.
12 (21-13) Jamparing raja bakal tingbelesat
ka maranehna nepi ka maranehna lalumpat
kalabur.

13 (21-14) Abdi sadaya muji Gusti, nun
PANGERAN, reh Gusti sakitu digjayana.
Abdi sadaya sumeja nyanyi sareng muji
kakawasaan Gusti.
22 1 (22-1) Pikeun pamingpin biduan.
Lagu "Uncal dina wanci pajar". Jabur
Daud. (22-2) Nun Allah, Gusti abdi, ku
naon ngantunkeun? Putus harepan abdi,
jumerit neda pitulung, nanging pitulung teu
dongkap-dongkap.
2 (22-3) Abdi nyambat Gusti sapanjang
siang, nun Allah, nanging Gusti teu ngawaler,
nyambat Gusti waktos wengi, hate angger
henteu tengtrem.
3 (22-4) Nanging Gusti teh jadi Raja Anu
Suci nu dipuji-puji ku Israil.
4 (22-5) Karuhun abdi sadaya ngaharepna
teh ka Gusti, maruntangna teh ka Gusti, ku
Gusti disalametkeun.
5 (22-6) Maranehna sasambat ka Gusti,
seug luput tina balahi. Ngaharep ka Gusti,
pangharepanana teu mubadir.
6 (22-7) Rupina abdi mah sanes jelema deui,
cacing, dipoyok, dihina, ku pada jalma!
7 (22-8) Nu naringal ka abdi
nyaleungseurikeun, ngalelewean sareng
ngagodegan.
8 (22-9) Carekna, "Ongkoh maneh percaya
ka PANGERAN, geuning ku PANGERAN teu
disalametkeun? Ari enya mah sukaeun ka
maneh, naha geuning teu nulungan?"

9 (22-10) Nya Gusti anu ngaluarkeun abdi
kalayan rahayu tina kandungan, Gusti nu
ngajagi abdi kalayan salamet waktos abdi
orok.
10 (22-11) Abdi percaya ka Gusti ti barang
lahir sareng nya Gusti anu salamina jadi Allah
abdi.
11 (22-12) Ulah tebih ti abdi! Abdi
nampeu kana pibahlaeun, teu aya deui nu
pinulungeun.
12 (22-13) Lir banteng-banteng musuh
ngaronom lir banteng-banteng galak ti tanah
Basan ngadarangong ngepung abdi.
13 (22-14) Sungutna caralawak, cara singa
tinggalaur hayangeun nyasaak.
14 (22-15) Abdi parantos teu gaduh deui
tanaga parantos seep lir cai bahe kana
taneuh. Tulang-tulang pasiksak lalocotan hate
leyur sapertos lilin.
15 (22-16) Tikoro garing sakesat lebu,
letah rapet kana lalangit. Ku Gusti diantep
ngalumbuk dina kekebul, sapertos ka nu
parantos lastari.
16 (22-17) Abdi dirurubung ku gorombolan
jalma jahat. Maranehna lir gorombolan
anjing, pasesedek ngaronom, ngareweg kana
leungeun kana suku.
17 (22-18) Tulang-tulang abdi tarembong,
ditarongton diparerong ku musuh-musuh.
18 (22-19) Papakean abdi dilotrekeun tuluy
dibagi-bagikeun.

19 (22-20) Nun Gusti, ulah tebih ti abdi,
enggal sumping, tulungan abdi!
20 (22-21) Luputkeun abdi tina pedang,
luputkeun nyawa abdi ti eta anjing-anjing.
21 (22-22) Salametkeun abdi ti eta singa-
singa. Nyanghareupan eta banteng-banteng
galak, abdi teu tiasa walakaya.
22 (22-23) Abdi bade nyanggemkeun
padamelan Gusti ka rahayat, bade
ngamulyakeun Gusti dina pasamoanana:
23 (22-24) "Agungkeun Mantenna, he
abdi-abdi PANGERAN! Hormat Mantenna,
he turunan Yakub! Sembah Mantenna, he
sakabeh turunan Israil!
24 (22-25) Mantenna henteu nyapirakeun
anu miskin, henteu nyapirakeun
kasangsaraanana, henteu ngalieus
ti maranehna, kersaeun ngadangu
panyambatna."
25 (22-26) Anu parantos dipidamel ku Gusti
bade dipuji-puji dina kumpulan umat. Di
kumpulan jalmi-jalmi anu ngabarakti ka
Gusti, abdi nyanggakeun kurban anu parantos
diikrarkeun.
26 (22-27) Nu mariskin bakal dalahar nepi ka
sareubeuheun. Anu daratang ka PANGERAN
bakal maruji ka Mantenna. Mugia maranehna
makmur salalawasna!
27 (22-28) Kabeh bangsa bakal aringet ka
PANGERAN. Jalma-jalma ti unggal juru dunya

bakal tarobat ka Mantenna, sakabeh seler
bangsa bakal sarujud ka Mantenna.
28 (22-29) PANGERAN teh raja, ngereh
sakumna bangsa.
29 (22-30) Sakur nu aradigung bakal
marendek ka Mantenna; manusa pana kabeh
bakal sarujud di payuneuna-Na.
30 (22-31) Turunan nu engke datang bakal
ngarabdi ka Mantenna. Jalma-jalma bakal
nyarita hal PANGERAN ka turunanana.
31 (22-32) Turunan nu bakal keneh,
bakal dicaritaan kieu, "PANGERAN geus
nyalametkeun umat-Na."
23 1 Jabur Daud. PANGERAN teh Gusti
pangangon abdi, abdi moal kakirangan.
2 Abdi diaubkeun di sampalan hejo
ngemploh, dicandak ka cai anu seger tur
leuleuy.
3 Ku Mantenna dijagjagkeun deui, dipingpin
nyorang jalan nu bener, saluyu sareng
jangji-Na.
4 Najan nyorang nu poek ngajumbleng,
abdi teu kedah sieun, nun PANGERAN, reh
Gusti nyarengan! Gada sareng teteken Gusti
ngaping ka abdi.
5 Gusti nyayagikeun idangan keur abdi, di
hareupeun panon musuh-musuh; abdi ku
Gusti dipapag lir tamu kaajen, dipaparin
inuman sedep, gelasna mani leber.
6 Abdi ngaraos kasaean sareng kanyaah
Gusti. Gusti nyarengan ka abdi saumur-umur,

sarta gedong Gusti bakal jadi pamatuhan abdi saumur hirup.

24 [1] Jabur Daud. Bumi katut saeusina,
alam katut nu nyicinganana, kabeh
kagungan PANGERAN.
[2] Eta ku Mantenna diadegkeun di luhureun
cai jero handapeun bumi pademenna
dipasang dina dasar sagara.
[3] Saha nu meunang unggah ka pasir
kagungan PANGERAN? Saha nu meunang
asup ka Bait-Na nu suci?
[4] Nu kaidinan teh sakur nu hade lampahna,
wening hatena, tara nyembah ka berhala,
cadu kana jangji palsu.
[5] Nu kitu baris diberkahan jeung
disalametkeun ku PANGERAN, dinyatakeun
taya dosana ku Allah.
[6] Nya jalma nu kitu nu ngadeuheus ka Allah
teh, datang marek ka hadirat Allah panutan
Yakub.
[7] Geura buka eta gapura-gapura, lawang-
lawang kahot teh polongo-polongokeun,
sabab Raja nu agung rek lebet.
[8] Saha eta Raja nu agung teh? PANGERAN,
anu digjaya sarta perkasa. PANGERAN, anu
jaya dina perang.
[9] Geura buka eta gapura-gapura, lawang-
lawang kahot teh polongo-polongokeun,
sabab Raja nu agung rek lebet.

10 Saha eta Raja nu agung teh? PANGERAN
Nu Maha Unggul. Mantenna Raja nu agung
teh.
25 1 Jabur Daud. Ka Gusti, PANGERAN,
abdi ngadongkapkeun panyambat,
2 ka Gusti abdi ngaharep, nun Allah panutan.
Tebihkeun abdi tina nandangan erana
kasoran, ulah dugi ka dipupuas ku musuh!
3 Kasoran mah sanes bagian jalmi anu
ngarep ka Gusti, nanging bagian anu
ngaralawan ka Gusti.
4 Tuduhkeun ka abdi jalan Gusti, nun
PANGERAN, sangkan abdi terang.
5 Wurukan abdi hal hirup nurutkeun pangersa
Gusti, reh Gusti teh Allah anu nyalametkeun
abdi, abdi salamina ngaharep ka Gusti.
6 Sing emut kana kasaean sareng satia
asih Gusti, nun PANGERAN, nu parantos
dipaparinkeun ku Gusti ti kapungkur keneh.
7 Dosa sareng kalepatan abdi keur ngora
mugi dihapunten. Sing emut ka abdi, nun
PANGERAN, ku karana satia asih sareng
kasaean Gusti.
8 Sabab PANGERAN teh saestu tur jembar
manah, kersa nuduhan jalan ka anu garaduh
dosa.
9 Nu rarendah hate ku Mantenna dituyun
kana jalan bener, diwulang sina terang kana
pangersa-Na.

10 Kalayan satia jeung asih Mantenna
nuyun ka nu nyarekel perjangjian jeung
timbalana-Na.
11 Mugi emut kana jangji, nun PANGERAN,
hapunten dosa-dosa abdi anu sakitu
seueurna.
12 Sing saha anu ajrih ka PANGERAN,
ku Mantenna baris dibere nyaho jalan
sorangeunana.
13 Maranehna salawasna bakal bagja
hirupna, anak incuna bakal ngabogaan tanah
pusaka.
14 PANGERAN misobat ka anu nurut ka
Mantenna, perjangjiana-Na ka maranehna
bakal diteguhkeun.
15 Kaula tetep melong ka PANGERAN, menta
pitulung-Na seug ku Mantenna diluputkeun
tina bahaya.
16 Teuteup abdi, nun PANGERAN, sing
hawatos, abdi teh nya nunggelis nya hengker.
17 Luputkeun abdi tina sagala karisi, jait tina
karurupek.
18 Parios kaprihatinan sareng kasesah abdi,
hapunten sadaya dosa abdi.
19 Tingali, musuh abdi sakitu seueurna
sareng sakitu ijideunana.
20 Tangtayungan abdi, tulungan, sangkan
ulah kasoran. Nya ka Gusti abdi neda
pitulung.

21 Mugia kabageuran sareng kajujuran abdi
jadi jalan pisalameteun, ku margi ngaharep
ka Gusti.
22 Nun Allah, mugi Israil dijait, leupas tina
sagala kasangsaraanana.
26 1 Jabur Daud. Nun PANGERAN,
sebatkeun yen abdi teu salah, reh abdi
teh migawe nu bener gembleng ngaharep ka
Gusti.
2 Mangga ku Gusti uji, mangga cobi,
nun PANGERAN, pariksa kahayang sareng
pipikiran abdi.
3 Satia asih Gusti nungtun ka abdi, kasatiaan
Gusti salamina mingpin abdi.
4 Abdi tara babaturan sareng tukang tipu,
tara campur sareng tukang munapek.
5 Abdi cua ka para durjana, narah ngahiji
sareng penjahat.
6 Pikeun nawiskeun teu lepat, abdi kukumbah
leungeun teras ngabakti ngurilingan altar
Gusti, nun PANGERAN.
7 Abdi nyanggakeun pupujian pangucap
sukur, sareng nyanggemkeun padamelan
Gusti nu araheng.
8 Nun PANGERAN, abdi nyaah ka gedong
Gusti, panglinggihan Gusti anu pinuh ku
kamulyaan.
9 Abdi ulah dipaehan bareng sareng
nu daroraka, ulah disanasibkeun sareng
tukang-tukang maehan,

10 anu lampahna ngan jahat bae, anu daraek
bae nampa panyogok.
11 Dupi hirup abdi mah jujur, Gusti sing
hawatos, abdi luputkeun.
12 Kaula muji sukur ka PANGERAN di jero
kumpulan umat-Na, rehna kaula geus aman
tina sagala bahaya.
27 1 Jabur Daud. PANGERAN teh cahaya
jeung kasalametan kaula, kaula teu
sieun ku saha-saha. PANGERAN ngaraksa tina
sagala bahla, kaula taya karisi.
2 Lamun nu jarahat narajang ka kaula, rek
maehan, tangtu tisusut terus ngajungkel.
3 Najan dikepung ku sakumna balad kaula
moal rentag; najan musuh nyerang narajang,
kaula tagen ngandel ka Allah.
4 Kaula geus menta hiji hal ka PANGERAN,
ngan sarupa kahayang teh, nya eta hirup
saumur-umur di gedong PANGERAN hayang
ngarasakeun kasaean Mantenna, sarta bisa
nanyakeun pituduh-Na.
5 Dina waktu keur pakewuh, tangtu ku
Mantenna diauban, sangkan tetep aman
di jero Bait-Na, sarta diangkat ka gunung
karang anu luhur.
6 Kaula jadi bisa ngelehkeun musuh anu
ngepung. Bari surak, kaula arek ngurban di
Bait-Na, sarta rek nyanyi, muji PANGERAN.
7 Dangukeun panyambat abdi, nun
PANGERAN! Sing hawatos, mugi kersa
ngawaler!

8 Upami saur Gusti, "Hiap ngabakti ka
Kami," wangsul abdi tangtos, "Mangga, nun
PANGERAN."
9 Gusti ulah nyumput ti abdi! Gusti ulah
ngabenduan, abdi ulah dugi ka ditolak.
Gusti parantos nulung ka abdi, mugi ulah
ngantunkeun, ulah nundung, nun Allah,
jurusalamet abdi.
10 Najan upami ku indung bapa ditundung,
ku PANGERAN mah tangtu dipulasara.
11 Saurkeun, nun PANGERAN, kahoyong
Gusti abdi kedah kumaha, tungtun abdi
nyorang jalan anu pisalameteun, margi abdi
teh seueur musuh.
12 Abdi ulah diselehkeun ka musuh, anu
nyerang ku jalan ngagogoreng sareng ku
ancaman-ancaman.
13 Kaula yakin yen bakal aya keneh umur,
bakal ngarasakeun kaasih PANGERAN dina
hirup ayeuna.
14 Sing percaya ka PANGERAN, masing teger,
masing pangger, sing percaya ka PANGERAN!
28 1 Jabur Daud. Nun PANGERAN anu
ngabela ka abdi, abdi sasambat ka
Gusti, mugi dangukeun! Margi upami Gusti
tetep teu kersa ngawaler, abdi teh moal beda
ti nu geus dikubur.
2 Mugi didangu upami abdi sasambat,
nyuhunkeun pitulung, upami abdi nadahkeun
leungeun ka Bait Gusti anu suci.

3 Mugi abdi ulah dihukum sareng anu
daroraka, sareng anu kalakuanana jarahat,
jalmi-jalmi anu ucapna lumah-lameh nanging
hatena pinuh ku dengki.
4 Mugi kajahatan sareng kalakuan
maranehna kitu teh dihukum. Hukum sagala
paningkahna, satimpal sareng kajahatanana.
5 Maranehna tara malire kana padamelan
PANGERAN, kitu deui kana sagala anu
ku Mantenna geus dipidamel. Maranehna
ku Gusti tangtu dihukum, dimusnakeun
salalawasna.
6 Sagala puji sanggakeun ka PANGERAN,
Mantenna kersa ngadangu panyambat
panuhun kaula.
7 PANGERAN anu ngabela jeung ngaraksa
kaula, ka Mantenna kaula percaya. Mantenna
nyukakeun kaula ku pitulung-Na, kaula
pupujian, muji Mantenna.
8 PANGERAN ngabela umat-Na, ngabela
jeung ngaraksa raja kenging-Na milih.
9 Jait umat Gusti, nun PANGERAN, sareng
umat kagungan teh berkahan. Sing sapertos
pangangon, kersa ngajagi ka maranehna
salalamina.

29 1 Jabur Daud. He mahluk-mahluk
sawarga, agungkeun PANGERAN,
agungkeun kamulyaan jeung kakawasaana-
Na.

2 Mulyakeun jenengana-Na nu agung, kudu
marendek di payuneun Nu Maha Suci, lamun
Anjeunna sumping.
3 Gentra PANGERAN kadenge di lautan, Allah
nu langkung mulya gentra-Na gumuruh,
soanten-Na handaruan minuhan sagara.
4 Gentra PANGERAN kadenge, pinuh ku
pangawasa, pinuh ku wibawa.
5 Gentra PANGERAN ngaruntuhkeun tangkal-
tangkal kiputri, malah ngarungkadkeun
kiputri Libanon.
6 Gunung Libanon ku Mantenna nepi ka
ngajret siga anak sapi, Gunung Hermon
ngajaul lir anak banteng.
7 Gentra PANGERAN ngabijilkeun kilat anu
nyamber,
8 soanten-Na ngoyagkeun gurun keusik,
ngendagkeun gurun Kades.
9 Gentra PANGERAN ngoyagkeun tangkal-
tangkal kiara, dangdaunan murubut,
tangkalna mani purutul, tapi nu araya di Bait
Allah mah ngagero, "Mulyakeun Allah!"
10 PANGERAN murba ka sakabeh cai jero,
jumeneng raja salalanggengna.
11 PANGERAN maparin kakuatan ka umat-Na,
maparin berkah kasantosaan.

30 1 (30-1) Jabur Daud. Lagu
ngaresmikeun Bait Allah. (30-2)
Abdi muji, nun PANGERAN, reh Gusti
parantos nyalametkeun abdi, diluputkeun tina
perongan musuh.

2 (30-3) Abdi nyambat pitulung Gusti,
nun PANGERAN Allah abdi, teras ku Gusti
diwaluyakeun,
3 (30-4) diluputkeun ti jero kubur. Waktos
abdi nyoloyong ka nu nyublek jero, nyawa
abdi ku Gusti dipulihkeun.
4 (30-5) Puji PANGERAN ku nyanyian, he
umat-Na nu saratia! Aringetkeun padamelan
Nu Maha Suci, urang kudu nganuhunkeun ka
Mantenna.
5 (30-6) Benduna PANGERAN ka urang
ngan sakeudeung, tapi kasaeana-Na mah
saumur-umur. Reup peuting bijil cipanon,
bray beurang datang kabungah.
6 (30-7) Kaula ngarasa senang, seug
ngomong sorangan, "Aing moal eleh."
7 (30-8) Gusti parantos nulung ka abdi,
nun PANGERAN, ngajagi ka abdi lir benteng
di luhur gunung. Nanging salajengna Gusti
nyumput ti abdi, abdi kacida tagiwurna.
8 (30-9) Abdi nyambat ka Gusti nyuhunkeun
ditulungan:
9 (30-10) "Naon untungna ka Gusti upami
abdi paeh? Naon mangpaatna upami abdi
parantos dikubur? Barisaeun anu maraot
maruji ka Gusti? Barisaeun ngembarkeun
kasatiaan Gusti?
10 (30-11) Sing hawatos, dangukeun abdi
nun PANGERAN! Tulungan abdi, nun Gusti!"

11 (30-12) Kaprihatinan abdi ku Gusti
parantos digentos ku kasukaan, kasedih
parantos leungit, ayeuna kantun sukana.
12 (30-13) Kitu margina abdi moal cicing, tapi
bade nyanyi muji ka Gusti. Nun PANGERAN,
Gusti teh Allah abdi, abdi muji sukur ka Gusti
salalamina.
31 1 (31-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur Daud. (31-2) Abdi dongkap
bade nyalindung, nun PANGERAN, bade
nyuhunkeun ulah dugi ka eleh. Gusti teh Allah
nu adil, mugi kersa nyalametkeun abdi.
2 (31-3) Dangukeun! Enggal abdi tulungan!
Sing kersa disalindungan, sing kersa
dipuntangan. Salametkeun abdi.
3 (31-4) Gusti teh benteng panyalindungan.
Tuyun abdi, tungtun, sakumaha jangji Gusti.
4 (31-5) Tebihkeun tina tataheunan musuh,
tangtayungan tina pibahlaeun.
5 (31-6) Abdi masrahkeun diri kana
pangrawat Gusti. Gusti tangtos kersa
nyalametkeun, Gusti teh Allah nu satia.
6 (31-7) Gusti ijid ka nu nyembah ka brahala,
ngan abdi mah percaya teh ka Gusti.
7 (31-8) Tangtos abdi bingah, bagja ku
kaasih Gusti Gusti tingali yen abdi teh
sangsara, uninga yen abdi teh keur susah.
8 (31-9) Gusti teu ngantep abdi beunang
ku musuh, dibebaskeun, laluasa tiasa ka
mana-mana.

9 (31-10) Sing hawatos ka abdi nu
kasesahan, nun PANGERAN, panon carindul
balas ceurik awak parantos teu walakaya.
10 (31-11) Tanaga koredas seep ku susah,
umur jadi singget balas ceurik. Awak lungse
dikurubut ku kasusah ka tulang-tulang jadi
raropoh.
11 (31-12) Ku musuh, malah ku tatangga
pisan pada ngahina. Nu warawuheun ge jadi
sarieuneun, mun pareng naringal abdi di
pasampangan, mani geuwat ngararejat.
12 (31-13) Ngaranggapna ka abdi cara ka nu
geus maot, abdi pada mopohokeun kawas
barang anu parantos dipiceun.
13 (31-14) Kakuping musuh-musuh abdi
tinggerendeng, di mana-mana mung
pikasieun bae. Maranehna baroga karep jahat
bade maehan abdi.
14 (31-15) Nanging abdi percaya ka Gusti,
nun PANGERAN, Gusti teh Allah abdi.
15 (31-16) Abdi salamina aya dina
panalingaan Gusti, luputkeun abdi ti
musuh-musuh, ti jalma-jalma anu ngarudag.
16 (31-17) Sing hawatos ka abdi Gusti, mugi
kersa mikaasih, kersa nyalametkeun abdi.
17 (31-18) Mugi abdi ulah diantep diera-era.
Kitu panyambat abdi, nun PANGERAN.
Sawangsulna musuh anu kedah meunang era,
sina rarepeh tarurun ka dunyana nu paraeh.

18 (31-19) Sina baralem tukang-tukang
bohong teh, nu sarombong, nu aradigung,
purah ngahina jalma-jalma anu satemenna.
19 (31-20) Estu araheng kasaean-kasaean
Gusti, anu disayagikeun pikeun jalmi-
jalmi anu alajrih ka Gusti! Sadayana ge
tarerangeun kumaha saena Gusti teh,
kumaha leres-leresna Gusti nangtayungan ka
jalmi-jalmi anu maruntangan.
20 (31-21) Maranehna aman disumputkeun
dina aub-aub Gusti, aman tina pangarah
jalma-jalma jahat, ku Gusti disingkurkeun,
tebih tina panghina musuh-musuhna.
21 (31-22) Puji PANGERAN! Estu aheng
asih-Na ka kaula waktu kaula keur dikepung
jeung ditarajang ku musuh.
22 (31-23) Kaula geus sieun, sarta ceuk
pikiran kaula teh geus diusir ti payuneuna-Na.
Tapi geuning Mantenna kersaeun ngadangu
waktu kaula nyambat pitulung-Na.
23 (31-24) Sing nyaraah ka PANGERAN,
he sakabeh umat nu saratia! PANGERAN
ngaraksa ka nu satuhu, tapi ngahukum ka nu
arangkuh ku hukuman nu satimpal.
24 (31-25) Sing teguh, sing parengkuh hate,
he sakur nu ngaharep ka PANGERAN!
32 1 Jabur Daud. Lagu atikan. Bagja jalma
anu dihampura dosana, anu diampun
kasalahanana.

2 Bagja jalma anu kadorakaanana ku
PANGERAN teu diasupkeun kana itungan, kitu
deui jalma anu tara nipu.
3 Satungtung teu acan ngaku dosa, abdi
kasiksa ku ceurik sadinten jeput.
4 Siang wengi ku Gusti dipeupeuhan, nun
PANGERAN, awak taya tangan pangawasa, lir
cireumis kaserot surya.
5 Ti dinya abdi teh wakca, teu ngilungan deui
dosa. Sadaya kalepatan diangken, seug ku
Gusti dihapunten.
6 Kitu margina dina waktos duka lara, umat
Gusti nu satia kedah neneda, supados dina
waktos caah kasusah datang maranehna teu
katarajang.
7 Gusti teh tempat nyalindung. Mun abdi
kenging pakewuh, Gusti anu nulung. Abdi
surak muji unjuk nuhun, reh Gusti parantos
nuyun.
8 Timbalan PANGERAN, "Ieu Kami papatah,
keur pilampaheun maneh; Kami rek mere
piwuruk jeung nasehat.
9 Ulah kawas kuda atawa bigal anu tuna
akal, sangkan nurut kudu ditalian jeung
dikadalian."
10 Jalma jahat tangtu meunang mamala,
sabalikna anu ngandel ka PANGERAN, bakal
ditangtayungan ku satia asih-Na.
11 He jalma-jalma saleh, masing barungah,
masing suka ku padamelan PANGERAN! He nu

narurut ka Mantenna, geura surak tandaning suka.

33 [1] He jalma-jalma saleh, geura surak,
ciri bungah ku padamelan PANGERAN.
He nu narurut ka Mantenna, puji Mantenna.
[2] Kudu sukur ka PANGERAN make kacapi, pek
nyaranyi keur Mantenna, make tatabeuhan
kawat.
[3] Pujikeun lagu anyar, keur Mantenna, sing
pinter ngacapina, pirig ku surak gumbira.
[4] Sabda PANGERAN teh saestu, sugri nu
dipidamel-Na taya kuciwana.
[5] PANGERAN cinta kajujuran jeung kaadilan,
dunya pinuh ku murah asih-Na.
[6] PANGERAN ngajadikeun langit ku
pangandika-Na, panonpoe, bulan, bentang-
bentang, jadina ku dawuhana-Na.
[7] Laut-laut ku Mantenna dihijikeun,
disatempatkeun samudra ditahan sina
ngabendung.
[8] Bakti PANGERAN, he jagat sakuliahna!
Hormat Mantenna, he pangeusi dunya!
[9] Waktu Mantenna ngandika, jleg dunya
ngajadi; ku parentah Mantenna, jleg
saniskara ngabukti.
[10] PANGERAN ngagagalkeun tarekah
bangsa-bangsa, pakarepan maranehna kabeh
jadi gaplah.
[11] Ari tarekah PANGERAN mah tetep
langgeng, tujuana-Na tetep sapanjang
jaman.

12 Bagja bangsa nu migusti ka Allah
PANGERAN, bagja jalma anu ku Mantenna
dijieun umat-Na.
13 PANGERAN ngawaskeun ti sawarga,
nitenan sakumna umat manusa.
14 Ti tahta-Na, Mantenna neuteup
nelek-nelek ka sakur nu kumelip di bumi.
15 Mantenna nu ngukir hate manusa, uninga
ka sugri paripolahna.
16 Unggulna raja lain ku sabab kuat baladna,
unggulna prajurit lain dumeh bedas tanagana.
17 Kuda perang moal matak unggul
perang, najan gede tanagana, moal matak
nyalametkeun.
18 PANGERAN nitenan ka nu nurut ka
Mantenna, ka nu ngaharep kana satia
asih-Na.
19 Maranehna tangtu diraksa tina baya pati,
diraksa jeung dihirupan mangsa kalaparan.
20 Urang kudu ngaharep ka PANGERAN;
Mantenna teh panyalindungan jeung panulung
urang.
21 Urang bungah ku karana Mantenna, sarta
percaya kana jenengana-Na nu suci.
22 Nun PANGERAN, sarengan abdi sadaya
ku satia asih Gusti, margi mung ka Gusti
abdi-abdi nya muntang.

34 1 (34-1) Jabur Daud, waktu pura-pura
owah hareupeun Abimelek nepi
ka diusir tuluy angkat. (34-2) Kaula seja

nganuhunkeun ka PANGERAN saban waktu,
moal eureun muji Mantenna.
2 (34-3) Seja muji sugri padamelana-Na,
sina kadenge ku nu keur diteungteuinganan,
malar hatena lipur.
3 (34-4) Hayu urang ngembarkeun
kaagungan PANGERAN, urang bareng muji
jenengana-Na!
4 (34-5) Kaula sasambat ka PANGERAN, ku
Mantenna diwaler, dibebaskeun tina sagala
kasieun.
5 (34-6) Nu dikaniaya ngaharep
ka PANGERAN, hatena jadi bungah
pangharepanana hamo gaplah.
6 (34-7) Nu balangsak teh sasambat ka
Mantenna, seug dikabul, dibebaskeun tina
karupekanana.
7 (34-8) Anu ajrih ka PANGERAN, dijaga ku
malaikat-Na, dijait tina bahaya.
8 (34-9) Pek rarasakeun, kumaha saena
PANGERAN. Bagja jalma nu nyalindung ka
Mantenna.
9 (34-10) Sing hormat ka PANGERAN, he
sakabeh umat-Na! Nu satuhu ka Mantenna
moal aya kakurang.
10 (34-11) Singa aya kalana lapar teu
beubeunangan, tapi nu taat ka PANGERAN
mah, moal nyorang kakurangan.
11 (34-12) He para rumaja, ka darieu
regepkeun, Bapa rek papatah hal hormat ka
PANGERAN.

12 (34-13) Maraneh harayang hirup senang?
Harayang panjang umur jeung hirup genah?
13 (34-14) Ulah goreng ucap jeung ulah
bohong.
14 (34-15) Jauhan kajahatan, lampahkeun
kahadean usahakeun karapihan sakuat
tanaga.
15 (34-16) PANGERAN nitenan ka jalma
bener, tur ngadangukeun panyambatna,
16 (34-17) tapi ka nu jarahat mah Mantenna
ngalawan anu matak nu jarahat mah lamun
geus maraot, gancang dipopohokeun.
17 (34-18) Mun jalma bener nyambat ka
PANGERAN, ku Mantenna tangtu didangu,
jeung dijait tina kasusahna.
18 (34-19) PANGERAN teh raket ka jalma
nu remuk hate nyalametkeun ka nu pegat
pangharepan.
19 (34-20) Jalma bener memang loba
kasusahna, tapi pasti ku PANGERAN dijait tina
sakabeh karerepetna.
20 (34-21) Ku PANGERAN diraksa sagala-
galana, sahiji ge tulangna moal aya nu
potong.
21 (34-22) Anu jahat mah tangtu paeh ku
kajahatanana, anu mikageuleuh ka nu bener,
pinasti dihukum.
22 (34-23) PANGERAN ngaraksa umat-
Na, nu nyalindung ka Mantenna pinasti
ditangtayungan.

35 [1] Jabur Daud. Nun PANGERAN, abdi
panglawankeun nu ngaralawan,
pangmerangankeun anu merangan.
[2] Anggo kepeng sareng baju beusi, pikeun
nyalametkeun abdi.
[3] Lempagkeun tumbak, ayunkeun kampak,
megatan nu ngarudag, pintonkeun yen Gusti
bakal nulungan!
[4] Nu harayangeun maehan abdi teh
elehkeun, hinakeun. Nu ngaralawan ka abdi
teh undurkeun, bingungkeun.
[5] Sing kawas huut katiup angin, upama
engke dibeberik ku malaikat PANGERAN,
[6] sing talag-tolog, sing solog santog, upama
engke dicacar ku malaikat PANGERAN!
[7] Teu puguh-puguh maranehna naheunan
kaula, jeung nyarieun lombang jero keur
ngaringkus kaula.
[8] Tapi memeh maranehna engeuh, muga
sing carilaka, sing beunang ku tataheunana
sorangan, ragrag terus binasa.
[9] Tangtu kaula atoh ku karana PANGERAN,
suka ati lantaran ku Mantenna disalametkeun.
[10] Kalawan hate anu gembleng kaula tangtu
ngucap, "Saha nu ngungkulan Gusti, nun
PANGERAN, nu ngajait nu lemah ti musuh nu
leuwih rongkah, ngaluputkeun nu balangsak
ti nu nyangsara?"
[11] Kaula dituding ku saksi-saksi palsu,
disangka nu lain-lain, anu kaula teu nyaho.

12 Kahadean kaula dipulang ku kagorengan,
kaula geus samar polah samar rasa.
13 Tapi waktu maranehna garering, kaula teh
nepi ka dibaju karung, dahar ge teu hayang,
bari mangnedakeun mani ngelukkeun sirah.
14 Teu beda ti mangnedakeun nu jadi
sobat, atawa dulur pet ku hinis; dibarung ku
melang liwat saking, melang ibarat ka indung
sorangan.
15 Tapi ari kaula meunang susah,
maranehna anggur barungah, tingrariung
ngageuhgeuykeun kaula, kaula dipoyok,
disiksa ku deungeun-deungeun.
16 Maroyokanana mani kawas ka anu
lumpuh, bari tingparerong pinuh ku kaijid.
17 Nun PANGERAN, sabaraha lamina deui
mung bade ningalikeun bae teh? Jait abdi tina
panarajang maranehna, salametkeun nyawa
abdi ti eta singa-singa!
18 Tangtos ku abdi dinuhunkeun di hareupeun
umat Gusti, tangtos Gusti ku abdi dipuji di
hareupeun maranehna.
19 Tong diantep musuh-musuh abdi,
tukang-tukang bohong, sarenang dumeh
abdi eleh. Eta nu ngarewaeun ka abdi teu
puguh-puguh teh tong diantep tinggelenyu
ningal abdi kabalangsak.
20 Ngaromongna bujeng-bujeng darehdeh,
kalah ka ngarancang rupi-rupi panipuan ka
jalmi-jalmi anu hirupna rarukun.

21 Maranehna naruding bari sosoak, "Hag
ayeuna mah kaperegok kalakuan maraneh nu
teu bener teh!"
22 Anging PANGERAN tangtos langkung
tingali, mugi abdi ulah diantep nun Gusti;
abdi mugi ulah dikantun tebih-tebih.
23 Mugia Gusti enggal sumping, geusan
ngabela hak abdi. Mugia enggal tandang,
geusan ngabela perkara abdi.
24 Gusti teh adil, nun PANGERAN, umumkeun
yen abdi teu salah ulah dugi ka musuh abdi
sarenang hate ku hal abdi.
25 Ulah dugi ka hatena ngaromong, "Ayeuna
urang bebas ti manehna! Memang kitu
kahayang urang!"
26 Sakur nu ngarasa senang ku kasangsaraan
abdi, sina areleh, sina baringungeun. Sakur
anu ngakukeun leuwih hade batan abdi, sina
nandang wiwirang sareng kahinaan.
27 Mugia sakur anu hayang sangkan abdi
dibebaskeun, sing tiasa surak gumbira bari
ngucapkeun deui, ngucapkeun deui, "Estu
agung PANGERAN! Mantenna ngaraos suka
lantaran abdi-Na rahayu."
28 Upami kitu, kaadilan Gusti ku abdi tangtos
dibewarakeun sarta muji ka Gusti sadinten
jeput.

36 1 (36-1) Pikeun pamingpin biduan. Ti
Daud abdi PANGERAN. (36-2) Dosa
teh ngomong di jero hate jelema jahat.
Hate jelema doraka teu weleh kaangsonan

ku dosa, ka Allah teu sieun-sieun, Allah ku manehna ditoker.
2 (36-3) Pangrasana dirina teh hebat, pamikirna dosana moal dihukum ku Allah, da Allah teu uningaeun.
3 (36-4) Saucap-ucapna jahat, tipu malulu, tara pisan nyieun lampah hade jeung bijaksana.
4 (36-5) Di enggon, bari ngedeng teh ngalamun kajahatan boro-boro nyieun kahadean, ngagugulukeun bae kadorakaan.
5 (36-6) Nun PANGERAN, satia asih Gusti sundul ka langit, kasatiaan Gusti maratan mega.
6 (36-7) Kaadilan Gusti lir gunung tanpa tutugan, adilna lir jerona jaladri. Manusa sareng margasatwa, ku Gusti diraksa diriksa.
7 (36-8) Satia asih Gusti mulya luhur, nun Allah! Kalangkang jangjang Gusti, ngiuhan abdi sadaya.
8 (36-9) Abdi-abdi sugema ku seueurna tedaeun ti Gusti, sareng dipasihan nginum ti walungan asihing Gusti.
9 (36-10) Gusti teh sumbering hirup sadaya mahluk, ku terangna cahaya Gusti, abdi bisa ningal caang.
10 (36-11) Mugi langgeng mikaasih ka sakur nu terang ka Gusti langgeng midamel kasaean ka jalmi anu balener.

11 (36-12) Nu aradigung teh sina ulah
narajang ka abdi, eta nu jarahat teh ulah
diantep ngusir abdi.
12 (36-13) Tuh, nu jarahat teh geus
tinggolepak, tingjaloprak moal harudang
deui.
37 1 Ti Daud. Ulah salempang ku lampah
jalma jahat, ulah kabita ku talajak
jalma goreng.
2 Nu kararitu lir jukut garing kahalodoan,
ibarat dangdaunan alum ngajadi kalakay.
3 Sing percaya ka PANGERAN, lampahkeun
nu hade pek cicing di lemah cai, sing
tengtrem.
4 Teangan kabagjaan di PANGERAN,
angen-angen maneh ku Mantenna baris
dicumponan.
5 Pasrahkeun hirup ka PANGERAN,
puntangan piwelas-Na, tangtu nulungan,
6 lampah bener maneh ku Mantenna bakal
disina atra lir panonpoe wanci manceran.
7 Masing sabar ngadago polah PANGERAN,
ulah dengki mun nenjo batur mukti, sarta
rarancang jahatna ngajadi.
8 Ulah ambek atawa panas hate, sabab ngan
matak susah bae.
9 Nu muntang ka PANGERAN baris ngamilik
tanah, sabalikna nu jarahat tangtu ku
Mantenna ditundung.
10 Nu jarahat bakal gancang musna, barang
diteang geus teu araya.

11 Demi anu sarareh budi, tangtu bakal
kawaris tanah, hirupna senang ngahenang-
ngahening.
12 Anu jahat ngamusuh ka anu bener, mani
delek-delek bakat ku ngewa.
13 Tapi ku PANGERAN mah eta teh
digumujengkeun, da geus kauninga yen geus
tereh ditumpurkeun.
14 Jalma jahat matek pedang, mentang
jamparing, rek mergasa nu balangsak,
nu walurat, rek ngabinasa ka nu balener
lampahna.
15 Tapi maranehna bakal paraeh ku pedangna
sorangan, gondewa-gondewana paringges.
16 Najan saeutik, rejeki jalma bener mah
leuwih maslahat, batan kakayaan tina ladang
kajahatan;
17 sabab kakuatan jalma jahat ku PANGERAN
bakal dipinggeskeun, ari mungguh jalma
bener ku Mantenna tangtu dideudeul.
18 Hirupna jalma ibadah ku PANGERAN
diraksa diriksa, sarta tanah milikna tangtu
kapiboga salalawasna.
19 Dina musim werit hamo nepi ka walurat,
dina usum tigerat hamo nepi ka kurat-karet.
20 Sabalikna nu jarahat pasti paraeh, musuh
PANGERAN bakal musna cara kembang tegal,
ilang musna cara haseup.
21 Jalma jahat ana nginjeum tara
mulangkeun, sabalikna jalma bener mah
karunyaan jeung berehan.

22 Nu diberkahan ku PANGERAN tangtu bakal
ngamilik tanah, sabalikna nu ku Mantenna
disapa, tangtu baris disingkahkeun.
23 PANGERAN nungtun hirup jalma di jalan
sorangeunana, nangtayungan ka sakur anu
kamanah ku Mantenna.
24 Lamun maranehna labuh, moal
ngudupung bae, sabab tangtu ku PANGERAN
dihudangkeun deui.
25 Ti ngongora tepi ka kolot kieu, acan
kungsi kaula nenjo jalma bener diantep ku
PANGERAN, nepi ka anak incuna kapaksa
jajaluk menta dahareun.
26 Malah sabalikna anggur barisa mere
maweh, tutulung ka nu barutuh, turta anak
incuna ngajadi berkah.
27 Ku kituna nu goreng kudu disinglar, nu
hade hempek lampahkeun, malar turunan
bisa matuh tengtrem-tingtrim salalawasna.
28 Sabab PANGERAN asih ka sakur jalma
bener, umat nu satia ku Mantenna hamo
ditilar, nu saratia tangtu diraksa salalawasna,
sabalikna turunan jalma jahat mah tangtu
ditundung.
29 Nu balener bakal kawaris tanah pusaka,
tur matuhna di dinya moal incah balilahan.
30 Jelema bener nyaritana wijaksana,
satincak-tincakna jujur satarabasna.
31 Hatena kaancikan timbalan PANGERAN,
rengkak polahna hamo ingkar ti dinya.

32 Anu jahat gawena ngintip-ngintip ka nu
bener, neangan jalan hayang maehan.
33 Tapi karepna kitu teh moal bisa, sabab
teu kawidian ku PANGERAN. Sanajan jalma
bener nepi ka kudu jagrag ka pangadilan,
PANGERAN hamo ngantep nepi ka manehna
meunang hukuman.
34 Masing ngaharep ka PANGERAN, mangka
tumut kana timbalana-Na, tangtu ku
PANGERAN dikuatkeun geusan bisa miboga
tanah pusaka, sarta maneh baris puas hate
nenjo nu jarahat dibuburak.
35 Kungsi kaula nenjo aya jalma jahat jeung
lalim, hirupna subur makmur jeg tangkal
kiputri di Libanon;
36 tapi barang diilik deui, geus euweuh,
diteangan weleh teu kapanggih.
37 Pek bandungan nu ibadah, nu bener,
jalma resep rapih mah turunanana ge tangtu
rendey.
38 Sabalikna nu boga dosa tangtu
diancurkeun, sarta turunanana tangtu
disingkirkeun.
39 Jalma bener ku PANGERAN disalametkeun,
diraksa dina mangsa meunang tunggara.
40 Ku PANGERAN ditulungan, dirahayukeun,
diluputkeun ti nu jarahat lantaran nyalindung
ka Mantenna.

38 1 (38-1) Jabur Daud, waktu
nyanggakeun kurban pangeling-eling.

(38-2) Nun PANGERAN, sanaos bendu ge
Gusti ulah dugi ka ngahukum ka abdi.
2 (38-3) Abdi raraheut disabetan ku
jamparing Gusti, nepi ka ngarumpuyuk.
3 (38-4) Ku amarah Gusti, abdi nandangan
kanyeri ku tina dosa sorangan, sakujur awak
teu aya anu walagri.
4 (38-5) Abdi titeuleum dina caahna dosa
sorangan, anu nindihna kacida abotna.
5 (38-6) Lantaran tina kabodoan sorangan,
raheut abdi jadi borok pinuh ku nanah.
6 (38-7) Abdi dibengkungkeun, digencet,
sadidinten humaregung.
7 (38-8) Awak direrab ku muriang, parantos
sahoseun maot.
8 (38-9) Parantos payah, ajur sama sakali,
hate nalangsa, bati humaregung gegerungan.
9 (38-10) Nun PANGERAN, Gusti uninga ka
anu diharep ku abdi harurung abdi ku Gusti
tangtos kadangu.
10 (38-11) Hate ratug keketegan, tanaga
leungit pisan, panon surem teu cahyaan.
11 (38-12) Sobat sareng tatangga
arembungeun deukeut dumeh abdi rujit ku
kasakit, malah kadang warga ge narebihan.
12 (38-13) Nu harayangeun maehan
abdi marasang jiretna, nu harayangeun
nyilakakeun, ngati-ngati bade numpes;
maranehna teu eureun-eureun sapongkol
ngarah ka abdi.

13 (38-14) Nanging abdi lir anu torek, anu
teu tiasa ngareungeu, lir anu pireu, anu teu
tiasa ngomong.
14 (38-15) Abdi lir jalma anu teu tiasa
ngabantah lantaran teu tiasaeun ngareungeu.
15 (38-16) Nanging abdi percaya ka Gusti,
nun PANGERAN, yen Gusti tangtos kersa
ngawaler ka abdi, nun PANGERAN, Allah abdi!
16 (38-17) Ulah dugi ka musuh ngarasa
senang dumeh abdi susah, ulah dugi ka
maranehna garumede dumeh abdi ambrug.
17 (38-18) Abdi parantos meh rubuh, kanyeri
teu aya kendatna.
18 (38-19) Abdi ngangken dosa-dosa, dosa
anu ngalantarankeun hate paur.
19 (38-20) Musuh-musuh abdi jaragjag
sareng baredas, seueur anu ngarewaeun ka
abdi teu puguh-puguh.
20 (38-21) Jalma-jalma anu ngabales
kahadean ku kajahatan, ngamusuh ka abdi,
dumeh abdi usaha milampah bener.
21 (38-22) Abdi ulah dikantun, nun
PANGERAN, ulah tebih ti abdi, nun Allah
panutan.
22 (38-23) Enggal abdi tulungan, ayeuna,
nun PANGERAN jurusalamet abdi!
39 1 (39-1) Pikeun pamingpin biduan.
Pikeun Yedutun. Jabur Daud. (39-2)
Ceuk pikiran, "Aing arek ati-ati ngajaga
lampah, jeung ngajaga letah sangkan ulah

matak dosa, salila nu jarahat teh dareukeut,
aing moal ngomong naon-naon."
2 (39-3) Tuluy kaula bungkem, teu kecet-
kecet, teu ngomongkeun nu hade-hade acan!
Tapi bet asa tambah kasiksa,
3 (39-4) jadi kakungkung ku rasa tagiwur.
Beuki dipikiran, hate beuki susah, tungtungna
sungut teh bedah,
4 (39-5) "Nun PANGERAN, sakumaha deui
hirup abdi teh? Iraha abdi kedah maot teh?
Wartoskeun, kantun sakumaha deui umur
abdi teh?"
5 (39-6) Ku pondok Gusti nangtoskeun umur
abdi teh! Keur Gusti mah jangka hirup abdi
taya hartosna. Tetela hirup manusa mah
mung sarenghap ambekan,
6 (39-7) teu leuwih ti kalangkang.
Pagaweanana kabeh mubadir, ngumpulkeun
kakayaan, tapi teu terang engke keur saha.
7 (39-8) Naon deui atuh arep-arepeun abdi,
nun PANGERAN? Nya ka Gusti abdi ngaharep.
8 (39-9) Luputkeun abdi tina sadaya dosa,
sareng ulah diantep dilelece ku nu garejul.
9 (39-10) Abdi rek ngabisu, moal kecet-
kecet, da Gusti ku anjeun nu nyangsara kieu
ka abdi teh.
10 (39-11) Parantos atuh ngahukum teh!
Abdi meh paeh ku panyiksa Gusti.
11 (39-12) Ku karana dosana, jalmi ku Gusti
dihukum, dihajar. Gusti ngahukum lir geget
ngaruksak barang kanyaah anu gaduhna.

Tetela hirup manusa mung sarenghap ambekan.
12 (39-13) Dangu paneda abdi, nun PANGERAN, dangu jerit abdi, ari abdi ceurik teh sumpingan. Sami sareng sadaya karuhun, abdi oge numpang di Gusti mung sakedap.
13 (39-14) Parantos, abdi kantunkeun, hoyong rada senang heula memeh teu aya sareng moal aya-aya deui.
40 1 (40-1) Pikeun pamingpin biduan. Jabur Daud. (40-2) Kaula sabar ngadago pitulung PANGERAN, ku Mantenna dipirosea, panyambat kaula dikabul.
2 (40-3) Kaula ku Mantenna dibedol tina liang bahaya dihanjatkeun tina embel keusik, diteundeun dina hiji batu karang, kaula jadi aman jeung teteg.
3 (40-4) Kaula ku Mantenna diajar hiji lagu anyar, pupujian paranti ngamulyakeun Allah urang. Loba anu narenjoeun hal ieu, keun sina kapikireun, sina ngarandel ka PANGERAN.
4 (40-5) Jamuga jalma anu muntang ka PANGERAN, anu henteu nyarembah ka arca-arca, anu teu marilu ngabakti ka allah-allah palsu.
5 (40-6) Kalintang seueurna nu ku Gusti dipidamel pikeun abdi-abdi, nun PANGERAN, Allah abdi sadaya. Teu aya deui nu sapertos Gusti! Gusti parantos seueur midamel nu araheng ku karana abdi-abdi. Abdi parantos

teu tiasa nyebatkeun bilanganana, ku
seueur-seueurna.
6 (40-7) Gusti henteu hoyong dikurbanan
atanapi disasajenan, henteu mundut kurban
sasatoan anu dibeuleum dina altar henteu
mundut kurban pamupus dosa. Sawangsulna
ka abdi maparin ceuli sangkan ngupingkeun
soanten Gusti.
7 (40-8) Seug abdi teh ngawangsul, "Ieu
abdi! Timbalan Gusti ka abdi aya dina kitab
Hukum.
8 (40-9) Kacida resepna abdi ngalampahkeun
pangersa Gusti, nun Allah, piwulang Gusti
ngancik dina sanubari."
9 (40-10) Dina pakempelan umat Gusti,
nun PANGERAN, abdi ngawartoskeun warta
gumbira, yen Gusti parantos nyalametkeun
abdi sadaya. Gusti uninga, abdi nyaritakeun
hal eta teh teu eureun-eureun.
10 (40-11) Perkawis abdi parantos salamet
ku abdi henteu disidem. Eta pitulung
sareng kasatiaan Gusti haben bae diwartos-
wartoskeun. Dina pakempelan umat
Gusti, abdi teu tiasa balem, kedah bae
nyanggemkeun kaweningan galih sareng
satia asih Gusti.
11 (40-12) Abdi terang nun PANGERAN,
Gusti moal kendat mikarunya ka abdi.
Kaasih sareng kasatiaan Gusti teh salamina
nyalametkeun bae ka abdi.

12 (40-13) Abdi dilingkung ku balai sakitu
seueurna, parantos teu kaetang ku seueur-
seueurna! Abdi dikurubut ku dosa sorangan,
ningalna ge parantos teu kaduga, langkung
seueur manan buuk dina sirah, ahirna abdi
teh pegat harepan.
13 (40-14) Nun PANGERAN, jait abdi teh,
tulungan ayeuna keneh!
14 (40-15) Sing areleh, sing baringungeun
eta anu rek maraehan ka abdi teh! Sing
alundur, sing areraeun eta anu keur jaligrah
ku kasangsaraan abdi teh!
15 (40-16) Sing rusuh tagiwur dumeh eleh,
eta anu nyaleungseurikeun abdi teh!
16 (40-17) Dupi anu nyarambat ka Gusti
mah, mugi ginanjar kabingahan sareng
maruji ka Gusti; anu ngarep-ngarep kana
kasalametan ti Gusti, sing ulah kendat-kendat
ngucap, "Maha Agung PANGERAN!"
17 (40-18) Abdi balangsak sareng walurat,
nun PANGERAN, nanging Gusti teu lali ka
abdi. Gusti teh panulung abdi, Allah abdi,
enggal abdi jait!

41 1 (41-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur Daud. (41-2) Bagja jalma nu sok
tatalang ka nu walurat, mun meunang papait
tangtu ku PANGERAN dijait.
2 (41-3) Hirupna ku PANGERAN diraksa,
diriksa, tengtrem matuh di tanahna, moal
diantep beunang ku musuhna,

3 (41-4) Ana gering, ku PANGERAN tangtu
dilayad, dipulihkeun deui kasehatanana.
4 (41-5) Ceuk kaula, "Nun PANGERAN,
abdi teh rumaos dosa, nyuhunkeun piwelas,
hoyong cageur."
5 (41-6) Musuh rame ngawon-ngawonkeun
abdi, ngadoakeun maot, ngadoakeun sing
tereh kapopohokeun.
6 (41-7) Rajeun ngaralayad mung dapon bae,
sareng ngumpulkeun wartos-wartos awon hal
abdi, seug diuar-uar ka mana-mana.
7 (41-8) Anu ngarewaeun teh tingharewos,
ngira-ngirakeun hal anu pang awonna hal
abdi.
8 (41-9) Aromongna, "Geringna ripuh pisan,
geus moal hudang deui ti enggon."
9 (41-10) Malah sobat dalit ge, sobat
sarasiah, sobat sahakan sainum, malik
miceun.
10 (41-11) Nun PANGERAN, sing hawatos,
abdi cageurkeun, hoyong mulangkeun kanyeri
ka musuh.
11 (41-12) Upami maranehna teu barisaeun
ngelehkeun abdi, nembe abdi bakal
leres-leres terang yen Gusti nyaah ka abdi.
12 (41-13) Gusti tangtos nulungan, da
kalakuan abdi teh bener; Gusti tangtos nampi
abdi hirup di payuneun, salalamina.
13 (41-14) Puji PANGERAN, Allahna Israil!
Ayeuna, terus salalanggengna! Amin! Amin!

42 [1] (42-1) Pikeun pamingpin biduan.
Lagu atikan ti golongan Korah. (42-2)
Lir uncal kangen kana cai tiis di susukan, nya
kitu abdi kangen ka Gusti, nun Allah!
[2] (42-3) Kitu hanaangna hate abdi ka Gusti,
Allah nu jumeneng. Iraha abdi kedah indit
ngabakti, marek ka Gusti?
[3] (42-4) Beurang peuting abdi ceurik,
tedaeun ge mung cipanon; musuh hantem
bae nyalindiran, "Mana Allah maneh teh?"
[4] (42-5) Ari ras ka alam ka tukang, hate mani
ngarakacak inget bareto sok milu ngaleut ka
gedong Allah, ngapalaan aleutan jalma rea,
anu galumbira, nyaranyi, maruji ka Allah.
[5] (42-6) Ku naon kaula sakieu nalangsana?
Ku naon sakieu sedihna? Kaula neundeun
harepan ka Allah, jeung sakali deui rek muji
ka Mantenna, jurusalamet jeung Allah kaula.
[6] (42-7) (42:6-7) Di dieu, di pangbuangan,
hate kaula ajur seug nginget-nginget deui
Mantenna. Sukma kaula ku Mantenna
diteunggar ku ombak kasedih, diamuk ku
caah kalang kabut, ngaguruh sada curug
ngagurujug ka Walungan Yordan, ti Gunung
Hermon jeung Gunung Misar.
[7] (42:6)
[8] (42-9) Muga ti beurang PANGERAN
nembongkeun satia asih-Na, supaya
peutingna kaula bisa nyanyi, jeung neneda ka
Allah sumber hirup kaula.

9 (42-10) Kaula unjukan ka Allah, nu jadi
pananggeuhan, "Ku naon Gusti tega ka
abdi? Ku naon abdi kedah sangsara, kedah
dikaniaya ku musuh?"
10 (42-11) Hate kaula nyelekit ngadenge
panghina maranehna, anu teu eureun-eureun
nyindiran, "Mana Allah maneh teh?"
11 (42-12) Ku naon kaula sakieu nalangsana?
Ku naon sakieu sedihna? Kaula neundeun
harepan ka Allah, jeung sakali deui rek muji
ka Mantenna, jurusalamet jeung Allah kaula.
43 1 Nun Allah, saurkeun yen abdi teu
gaduh kalepatan, belaan perkawis
abdi ti eta nu daroraka, luputkeun abdi ti
jalmi-jalmi palsu tur jarahat!
2 Gusti teh panyalindungan abdi, ku naon
margina tega? Ku naon abdi kedah sangsara,
kedah dikaniaya ku musuh?
3 Sumiratkeun cahaya sareng kayaktian
Gusti, sina nungtun ka abdi, sina mulangkeun
abdi ka Sion, gunung Gusti nu suci, ka Bait
Allah panglinggihan Gusti.
4 Tangtos abdi dongkap ka altar Gusti, nun
Allah; Gusti teh sumber kabagjaan abdi. Abdi
seja ngacapi sareng nyanyi muji ka Gusti,
nun Allah, Allah abdi!
5 Ku naon kaula sakieu nalangsana? Ku naon
nepi ka sakieu sedihna? Kaula neundeun
harepan ka Allah, jeung sakali deui rek muji
ka Mantenna, jurusalamet jeung Allah kaula.

44 [1] (44-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur golongan Korah. Lagu atikan.
(44-2) Nun Allah, abdi-abdi nguping pribadi
perkawis eta, anu dicariosan ku karuhun;
hal karya-karya Gusti anu rongkah jaman
aranjeunna, jaman baheula.
[2] (44-3) Kumaha peta Gusti ngusiran bangsa-
bangsa tuna Allah, sareng merenahkeun umat
Gusti di nagri-nagri maranehna; kumaha
peta Gusti ngahukum bangsa-bangsa sanes
sareng ngajembarkeun umat Gusti.
[3] (44-4) Karuhun abdi-abdi tiasa ngarebut
tanah musuh, sanes ku pedangna sorangan.
Unggulna sanes ku kakuatan sorangan,
nanging ku kakawasaan sareng kadigjayaan
Gusti, ku margi Gusti nyarengan ka
aranjeunna, tawis yen Gusti asih ka
aranjeunna.
[4] (44-5) Gusti teh raja abdi sareng Allah
abdi, nu maparin kaunggulan ka umat Gusti.
[5] (44-6) Ku kakawasaan Gusti abdi tiasa
ngarubuhkeun musuh, ku margi disarengan
ku Gusti abdi-abdi tiasa ngidek-ngidek lawan.
[6] (44-7) Pikeun nyalametkeun diri abdi
teu ngandelkeun gondewa sareng pedang
sorangan;
[7] (44-8) nya Gusti nu ngajait abdi-abdi ti
musuh, anu ngelehkeun pihak anu arijideun
ka abdi-abdi.
[8] (44-9) Abdi sadaya moal petot-petot muji
sareng ngucap sukur ka Gusti sapapaosna.

9 (44-10) Nanging ayeuna abdi-abdi
dipiceun, disina eleh, Gusti henteu kersa
nyarengan deui ka wadyabalad,
10 (44-11) dugi ka abdi-abdi undur kabur ti
musuh, babandaan dicokotan ku maranehna.
11 (44-12) Abdi-abdi ku Gusti diantep sina
dijagal sapertos domba, disina paburencay ka
nagara deungeun.
12 (44-13) Umat ku anjeun ku Gusti dijual
murah, sapertos barang kurang pangaji.
13 (44-14) Tatangga anu naringal abdi-abdi
ku Gusti didamel kitu; maroyok sareng
nyaleungseurikeun.
14 (44-15) Abdi-abdi ku Gusti didamel bahan
gogonjakan bangsa-bangsa, maranehna
garogodeg ngahina.
15 (44-16) Unggal-unggal dinten abdi dihina;
kacida erana
16 (44-17) nguping pamoyok sareng
panghina ti nu ngamusuh sareng mikangewa.
17 (44-18) Ieu sadayana anu karandapan
ku abdi-abdi, padahal abdi-abdi teu hilap
ka Gusti, sareng teu ingkar tina perjangjian
antawis Gusti sareng abdi-abdi.
18 (44-19) Abdi-abdi teu kantos hianat ka
Gusti, teu kantos mengpar tina timbalan
Gusti.
19 (44-20) Nanging abdi-abdi ku Gusti
dikantun teu aya daya di tengah sato-sato
galak, dikantun di nu poek mongkleng.

20 (44-21) Upami leres abdi-abdi henteu
nyembah deui ka Allah pribadi nanging
ngadoa ka nu sanesna,
21 (44-22) tangtos ku Gusti kauninga, da
Gusti mah awas kana pikiran abdi-abdi najan
buni.
22 (44-23) Nya ku karana Gusti, abdi-abdi
kaancam pati saban-saban wanci, dipidamel
sapertos domba peunciteun.
23 (44-24) Nun PANGERAN, enggal tanghi!
Ku naon kulem? Enggal sumping, ulah tega
kateterasan!
24 (44-25) Ku naon nyumput ti abdi sadaya?
Ulah lali kana kabalangsakan sareng karupek
abdi-abdi!
25 (44-26) Abdi-abdi ambrug ajur dina
taneuh, kasoran ngajaloprak dina lebu.
26 (44-27) Enggal sumping, tulungan abdi
sadaya, salametkeun, demi satia asih Gusti.
45 1 (45-1) Jabur golongan Korah. Lagu
kaasih. Pikeun pamingpin biduan.
Nurutkeun lagu: Kembang bakung. (45-2)
Kecap-kecap nu arendah minuhan hate,
waktu kaula ngadangding ieu lagu pikeun
raja. Lir penah hiji bujangga ahli, letah kaula
seja ngucapkeun sair.
2 (45-3) Di antawis manusa, Jeng Raja
pangkasepna, tur perceka ahli sasauran,
salamina dihujanan berkah ku Allah.
3 (45-4) Soren pedang Gusti, nun raja
digjaya, Gusti agung sareng mulya.

4 (45-5) Majeng, cangking kaagungan,
rebut kaunggulan, geusan ngabela kayaktian
sareng kaadilan! Kadigjayaan Gusti baris
ngarebut kaunggulan rongkah.
5 (45-6) Jamparing Gusti sareukeut,
narancleb kana jajantung musuh, raja-raja
baris ngudupruk kana sampean Gusti.
6 (45-7) Karajaan Gusti paparin ti Allah,
bakal langgeng nanjeur, Gusti baris ngereh
kalayan adil.
7 (45-8) Gusti cinta kaadilan, cua kana
kajahatan, kitu purwana Allah, Allah
jungjunan Gusti parantos milih Gusti, sareng
maparin kabagjaan langkung ti ka raja-raja
sanes.
8 (45-9) Panganggo Gusti seungit emur,
gaharu sareng candana, di lebet malige
gading Gusti dibeberah ku tatabeuhan.
9 (45-10) Di antawis para istri di karaton
Gusti, seueur putri-putri raja, prameswari
ngagedeng ti palih tengen, obroy ku perhiasan
emas tulen.
10 (45-11) Nun Putri panganten raja,
dangukeun pihatur abdi bangsa sareng
wargi-wargi Jeng Putri lalikeun bae.
11 (45-12) Kageulisan Jeng Putri matak sono
kangjeng raja. Anjeunna teh panutan Jeng
Putri, Jeng Putri kedah anut ka anjeunna.
12 (45-13) Urang Tirus bakal ngabantun
hadiah ka Jeng Putri, nu baleunghar bakal
alihtiar ngalap manah Jeng Putri.

13 (45-14) Putri aya di jero puri, geulisna
kawanti-wanti, nganggo sinjang songket
emas.
14 (45-15) Beunang dangdos ku anggoan
warna-warni, putri dijajap ka raja, diiring
ku para mojang pangaping, maranehna ge
dijajap ka raja.
15 (45-16) Marahmay jeung suka bungah,
aleutan sang putri rawuh, lebet ka kadaton.
16 (45-17) Nun Raja abdi, Gusti bakal
seueur putra, bakal jaradi raja ngagentos
luluhur Gusti, ku Gusti dijaradikeun pangereh
sakuliah jagat.
17 (45-18) Ieu lagu abdi baris tetep
ngawangikeun kamashuran Gusti, saban jalmi
bakal ngagungkeun Gusti sapanjang jaman.
46 1 (46-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur golongan Korah. Make lagu
Alamot. (46-2) Allah teh benteng jeung
kakuatan urang, anu salawasna nulung dina
pakewuh.
2 (46-3) Ulah rentag najan jagat oyag sarta
gunung-gunung rugrug ka laut,
3 (46-4) sanajan lautan motah tingjalegur
nginggeungkeun gunung-gunung.
4 (46-5) Tuh aya walungan, mawa hegar
nyeboran ka Kota Allah, ka gedong suci,
panglinggihan Nu Maha Agung.
5 (46-6) Allah aya linggih di dinya, eta
kota moal kagempur, sabab ti barang pajar
meletek geus diraksa ku Allah.

6 (46-7) Allah ngagentra ngagulugur,
bumi ajur, bangsa-bangsa tagiwur,
karajaan-karajaan ngarenjag.
7 (46-8) PANGERAN Nu Maha Kawasa
nyarengan ka urang, Allahna Yakub
panyalindungan urang.
8 (46-9) Hiap saksian, naon anu geus
dipidamel ku PANGERAN. Tenjo, kumaha
ahengna dadamelana-Na di bumi.
9 (46-10) Mantenna ngeureunkeun
peperangan di sakuliah jagat, gondewa-
gondewa diririkes, tumbak-tumbak
dipingges-pinggeskeun, tameng-tameng
diduruk.
10 (46-11) "Eureun tarung!" timbalana-Na,
"mangka nyaho, ieu Kami, Allah anu punjul ti
sakabeh bangsa, anu punjul di sajagat."
11 (46-12) PANGERAN Nu Maha Kawasa
nyarengan ka urang, Allahna Yakub
panyalindungan urang.
47 1 (47-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur golongan Korah. (47-2) He
sakumna umat, geura keprok sing rame!
Paruji Allah ku lalaguan sing tarik!
2 (47-3) PANGERAN Nu Maha Agung, wajib
dipikaserab; Mantenna raja agung, ngasta
sakuliah jagat.
3 (47-4) Urang ku Mantenna disina
ngungkulan bangsa-bangsa, urang disina
ngawasaan bangsa-bangsa.

4 (47-5) Ku Mantenna dipangmilihkeun
tempat pamatuhan, tanah kareueus bangsa
nu diasih ku Mantenna.
5 (47-6) Allah parantos mancat kana
tahta-Na, dipirig ku surak jeung sora
tarompet.
6 (47-7) Nyanyikeun pujian ka Allah,
nyanyikeun pujian ka raja urang!
7 (47-8) Sabab Allah teh raja sajagat buana,
puji ku lalaguan!
8 (47-9) Allah ngabawah bangsa-bangsa,
lumenggah dina tahta-Na nu suci.
9 (47-10) Para pamingpin bangsa karumpul
ngahiji jeung umat Allahna Ibrahim. Allah
teh punjul ti sakabeh kakuatan, marentahna
pinunjul.
48 1 Jabur golongan Korah. Maha
agung PANGERAN, pohara kudu
dimulyakeunana di kota Allah urang, di
gunung-Na anu suci.
2 Sion, gunungna Allah, luhur jeung endah,
kotana Raja Agung, anu nyukakeun sakuliah
jagat.
3 Allah geus netelakeun, yen di jero benteng
eta kota, Mantenna aman santosa.
4 Raja-raja ngahiji, daratang ngajorag, rek
narajang Gunung Sion.
5 Tapi barang eta geus katarenjoeun,
maranehna ngajarenghok, tuluy lalumpatan
sarieuneun.

6 Leungit pangacianana, sarta katarajang
paur kawas awewe rek ngajuru,
7 lir kapal dibuntang-banting ku angin ribut.
8 Urang geus ngadenge anu geus dipidamel
ku Allah. Ayeuna urang nenjo buktina di kota
Allah urang, PANGERAN Nu Maha Kawasa.
Ieu kota ku Mantenna disina reugreug
salalanggengna.
9 Di lebet Bait Gusti, nun Allah, abdi sadaya
ngemut-ngemut satia asih Gusti.
10 Di mana-mana, jalmi-jalmi maruji ka
Gusti. Kamashuran Gusti kawentar ka saalam
dunya. Gusti marentah kalawan adil,
11 urang Sion barungah! Gusti parantos
nerapkeun hukum adil, kota-kota di Yuda
garerah.
12 He umat Allah, puteran Sion sakurilingna,
itung munarana,
13 ilikan tembok-tembokna, tengetan
benteng-bentengna, ambeh jaga bisa nyarita
kieu ka turunan:
14 "Allah teh Allah urang salalanggengna.
Mantenna baris nuyun urang taya kendatna."

49 1 (49-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur golongan Korah. (49-2) He
jalma-jalma, reungeukeun, he saeusi dunya,
regepkeun,
2 (49-3) nu hina, nu mulya, nu beunghar, nu
miskin, kum.
3 (49-4) Kaula dek medar ciptaning ati, ucap
hikmah bijaksana.

4 (49-5) Kaula rek museurkeun pikiran
kana sasmita, sarta nerangkeun hartina bari
ngacapi.
5 (49-6) Kaula teu rempan ku bahaya, moal
bingung pedah dilingkung ku musuh,
6 (49-7) teu salempang ku nu jarahat, anu
ngandelkeun kabeungharanana, anu takabur
ku kajegudanana.
7 (49-8) Jalma moal aya nu mampuh nebus
nyawana, moal mampuh mayar panebus
hirupna ka Allah,
8 (49-9) lantaran pamayar hirup manusa teh
kacida luhurna. Mayar sakumaha gedena ge
9 (49-10) moal cukup pikeun luput tina
kubur, sangkan hirup sapapanjangna.
10 (49-11) Sabab geus teu matak bireuk,
jalma bijaksana ge sarua jeung nu bodo
jeung nu biko, hilang ti dunya ninggalkeun
hartana ka turunanana.
11 (49-12) Kuburanana teh enggonna
salalanggengna; di dinya ngancikna
sapapanjangna najan keur hirupna mah
bogaeun tanah sorangan.
12 (49-13) Sakumaha mulyana jalma, moal
sumingkir tina patina, kudu paeh, teu beda ti
sato.
13 (49-14) Pek awaskeun, kumaha jadina
jalma-jalma anu arumangkeuh ku dirina,
kumaha jadina nasib jalma anu umangkeuh
ku kabeungharanana.

14 (49-15) Geus ditakdirkeun kudu maot,
teu beda ti domba, bakal diangon ku ajal.
Maranehna eleh ku anu hirupna bener,
mayit-mayitna gancang buruk di alam paeh,
jauh ti imah urut matuhna.
15 (49-16) Ari kaula mah ku Allah baris dijait,
baris diluputkeun tina kakawasaan ajal.
16 (49-17) Ulah kaget nenjo batur jadi
beunghar, masing batur beuki tambah
beunghar oge.
17 (49-18) Da ari geus paeh mah hartana
moal kabawa, kabeungharana moal nuturkeun
ka jero kubur.
18 (49-19) Sanajan keur hirupna sugema,
sarta pada muji-muji pinter usaha,
19 (49-20) pasti nyusul ajal karuhunna, di nu
poek saendeng-endeng.
20 (49-21) Sakumaha mulyana jalma, moal
sumingkir tina patina, kudu paeh, teu beda ti
sato.

50 1 Jabur Asap. Allah Nu Maha Kawasa,
PANGERAN, ngandika, nyaur sakuliah
jagat ti wetan nepi ka kulon.
2 Allah moncorong ti Sion, kota ratuning
kaendahan.
3 Allah urang sumping. Sumpingna
henteu jempling, di payuneuna-Na aya
seuneu luntab-lentab, sakuriling Mantenna
ngagelebug angin ribut.

4 Mantenna nyaur langit jeung bumi sina jadi
saksi, nyaksian Mantenna nerapkeun hukum
ka umat-Na.
5 Timbalana-Na, "Kumpulkeun ka dieu
umat Kami nu satia, anu kabeungkeut ku
perjangjian Kami anu dikukuhkeun ku kurban
peuncitan."
6 Langit ngabewarakeun yen Allah teh adil,
sarta Mantenna ku anjeun nu jadi hakimna.
7 "Regepkeun he umat, dengekeun
pangandika Kami, Kami rek nganyatakeun
ka maneh, he Israil: Ieu Kami Allah, Allah
maneh.
8 Kami nyeukseukan ka maneh lain ku
karana kurban-kurban maneh, lain ku karana
kurban-kurban beuleuman anu salawasna
dibaktikeun ka Kami.
9 Kami teu butuh ku sapi ti kandang maneh,
teu butuh ku embe maneh.
10 Kabeh marga satwa di leuweung boga
Kami, kitu deui ingon-ingon di rebuan
pasir-pasir.
11 Manuk-manuk nu gariras boga Kami,
kitu deui mahluk-mahluk anu harirup di
tegal-tegal.
12 Upama Kami lapar, moal menta dahareun
ka maneh, sabab alam katut saeusina, nya
Kami anu bogana.
13 Na Kami teh dahar daging sapi jalu, atawa
nginum getih embe?

14 Baktikeun katumarimaan maneh, kitu
kurban ka Allah mah, jeung tedunan jangji
maneh ka Nu Maha Kawasa.
15 Upama meunang rerepit, sambat Kami,
tan wande dijait sangkan maneh muji sukur
ka Kami."
16 Ari ka nu jahat, kieu Allah ngadawuhna,
"Naon gawena maneh ngucapkeun parentah-
parentah Kami? Naon gawena nyaritakeun
perjangjian Kami?
17 Da maneh teh embung dibebener ku
Kami, parentah-parentah Kami ku maneh
dipungpang.
18 Teu cara mun nenjo bangsat, tuluy nyobat,
sarta cacampuran jeung nu sok jinah.
19 Sungut diumbar kana kagorengan,
ngomong bohong tara asa-asa.
20 Ka dulur sorangan tega ngadakwa, tega
nyaliksik kasalahanana.
21 Kitu kalakuan maneh teh, tapi Kami
teu ngomong naon-naon, jadi ceuk pamikir
maneh Kami oge kawas maneh. Tapi ayeuna
maneh ku Kami ditegor, kalakuan maneh kitu
ayeuna ku Kami dieceskeun.
22 Ayeuna dengekeun, he anu
ngalalaworakeun ka Kami, bisi maneh
ku Kami dibasmi, pamohalan aya anu bisa
nulungan.
23 Kurban tanda ngahormat ka Kami teh nya
eta ku ngucap sukur ka Kami, sarta sakur

anu nurut ka Kami geus tangtu ku Kami disalametkeun."

51 [1] (51-1) Pikeun pamingpin biduan. Jabur Daud. (51-2) Waktu ditegor ku Nabi Natan lantaran jinah jeung Batseba. (51-3) Nun Allah, sing hawatos ka abdi, demi satia asih Gusti. Pupus dosa abdi, demi Gusti teh maha kurnia.
[2] (51-4) Seuseuh sagala kajahatan abdi, beresihkeun abdi tina ieu dosa!
[3] (51-5) Abdi teh rumaos lepat, kadorakaan abdi tansah jadi emutan.
[4] (51-6) Abdi rumaos, dosa teh estu ka Gusti, ka Gusti pisan, gaduh lampah anu ku Gusti dianggap dosa. Gusti ngahukum ka abdi teh pantes, hukuman ka abdi adil, merenah.
[5] (51-7) Ti awit dilahirkeun oge abdi teh parantos doraka, dosa ti lebet kandungan keneh.
[6] (51-8) Anu dipundut ku Gusti nya eta jujur sareng bener; pinuhan hate abdi ku hikmah Gusti.
[7] (51-9) Angkat ieu dosa abdi, supados abdi beresih, abdi kumbah, supados langkung bodas manan salju.
[8] (51-10) Ridoan abdi nguping sora kabungah sareng kasuka supados tiasa deui ngarasa bagja, sanaos ku Gusti parantos disasaak sareng diririkes.

9 (51-11) Peureumkeun soca Gusti, tong
ningali dosa abdi, sadaya kajahatan abdi
mugi dipupus.
10 (51-12) Ciptakeun di diri abdi hate anu
beresih, nun Allah, eusian abdi ku sumanget
anyar, jiwa satia.
11 (51-13) Abdi ulah dipiceun ti payuneun
Gusti, roh Gusti anu suci ulah dicandak ti
abdi.
12 (51-14) Pasihan deui kagumbiraan ku
kasalametan ti Gusti, sareng paparin kadaek
nurut ka Gusti.
13 (51-15) Engke abdi bade ngajarkeun
parentah Gusti ka nu daroraka, sina tarobat
ka Gusti.
14 (51-16) Raksa nyawa abdi, nun Allah, abdi
salametkeun. Kaadilan Gusti tangtos ku abdi
dibewarakeun kalayan gumbira.
15 (51-17) Tulungan abdi nyanggem, nun
PANGERAN, sangkan muji-muji ka Gusti.
16 (51-18) Gusti teu hoyong kurban
peuncitan, atanapi dihaturanan kurban
beuleuman, eta oge Gusti teu hoyong.
17 (51-19) Abdi ngurbankeun hate anu pinuh
ku karumasaan, nun Allah! Gusti tangtos
moal nolak hate anu rumasa sareng tobat.
18 (51-20) Sing hawatos ka Sion, tulungan,
kuta Yerusalem mugi sina ngadeg deui.
19 (51-21) Saparantos kitu tangtos
Gusti kersa nampi kurban anu layak,

kurban beuleuman, sareng sapi jalu, anu
dikurbankeun dina altar Gusti.

52 [1] (52-1) Pikeun pamingpin biduan.
Lagu atikan karangan Daud, (52-2)
waktu Doeg, urang Edom, pupulih ka Saul yen
Daud kungsi sumping ka Abimelek. (52-3)
He jalma gagah, ku naon nyombongkeun
kajahatan sorangan? Allah teh satia
salalanggengna.
[2] (52-4) Maneh resep nyieun picilakaeun
batur, letah seukeut kawas peso cukur,
salawasna ngan ngareka-reka jalan keur
nipu.
[3] (52-5) Maneh leuwih resep kana kajahatan
manan kana kahadean, leuwih resep
ngabohong manan ngomong bener.
[4] (52-6) Maneh resep nganyenyeri batur ku
omongan, he tukang bohong!
[5] (52-7) Maneh pinasti lebur ku Allah
salalawasna, ku Mantenna bakal dibedol ka
luar ti jero imah, disingkahkeun ti dunya anu
harirup.
[6] (52-8) Nenjo kajadian kitu, jalma balener
jadi sarieuneun, tuluy nyaleungseurikeun ka
maneh, sarta ngaromong kieu,
[7] (52-9) "Ieu jelema teh anu henteu muntang
ka Allah, muntangna kana kabeungharanana.
Ngusahakeun kaamanananana ku nyieun
kajahatan."

8 (52-10) Ari kaula mah lir tangkal jetun nu
jadi di gedong Allah, muntang kana satia
asih-Na, teu kendat-kendat.
9 (52-11) Abdi kacida tumarimana ka Gusti,
nun Allah, narimakeun sagala pitulung Gusti.
Kasaean Gusti bade diuarkeun ka umat Gusti.

53 1 (53-1) Pikeun pamingpin biduan.
Nurutkeun lagu: Mahalat. Lagu atikan
karangan Daud. (53-2) Ceuk anggapan
nu garejul, "Allah teh euweuh." Kalakuan
maranehna kacida jahatna, saurang ge
lampahna euweuh nu bener.
2 (53-3) Allah mandang ti sawarga, nitenan
umat manusa sugan aya nu waras pikiranana,
sugan aya saurang mah anu eling ka
Mantenna.
3 (53-4) Horeng geus ingkar kabeh, geus
garoreng kabeh, geus teu saurang-urang
acan anu hade kalakuanana.
4 (53-5) "Teu nyarahoeun, kitu?" PANGERAN
mariksa. "Geus arembung nganyahokeun,
eta nu jarahat teh? Gawena ngarampogan
umat Kami jeung euweuh anu daek neneda
ka Kami."
5 (53-6) Tapi engke maranehna bakal
tagiwur, leuwih ti nu enggeus-enggeus, sabab
Allah baris ngawurkeun tulang-taleng musuh
umat-Na. Maranehna ku Allah enggeus
dipiceun, baris lebur tumpur dielehkeun ku
Israil.

6 (53-7) Kaula banget neneda, kasalametan
sing datang ka Israil ti Sion. Tada teuing
bungahna engke urang Israil, lamun
kaayaanana geus dipulihkeun deui ku Allah.
54 1 (54-1) Pikeun pamingpin biduan.
Dipirig ku kacapi. Lagu atikan karangan
Daud, (54-2) waktu urang Sip pupulih ka
Saul: "Daud nuju nyilib di abdi sadaya."
(54-3) Jait abdi ku kakawasaan Gusti, nun
Allah, bebaskeun ku kadigjayaan Gusti.
2 (54-4) Nun Allah, mugi ieu paneda
dangukeun, ieu panyambat abdi mugi
perhatoskeun.
3 (54-5) Abdi teh dirurug ku nu arangkuh,
diarah pati ku nu barengis, jalmi-jalmi anu
henteu ngendahkeun ka Allah.
4 (54-6) Tapi kami boga panulung, nya
eta Allah. Kami aya nu ngabela, nya eta
PANGERAN.
5 (54-7) Mugia kajahatan maranehna ku
Allah dijieun keur hukumanana. Maranehna
ku Allah tangtu dibasmi, sabab Allah teh
satia.
6 (54-8) Kalayan suka abdi bade
nyanggakeun kurban ka Gusti, muji sukur
tina sugri kasaean Gusti, nun PANGERAN.
7 (54-9) Wireh Gusti parantos ngajait
abdi tina rupi-rupi pakewuh, malah ningal
musuh-musuh abdi dielehkeun.
55 1 (55-1) Pikeun pamingpin biduan.
Dipirig ku kacapi. Lagu atikan karangan

Daud. (55-2) Nun Allah, dangukeun paneda
abdi, panyambat abdi ulah dipungkuran.
2 (55-3) Mugi perhatoskeun, paparin
waleran, abdi teu kiat deui nandang
kabingung.
3 (55-4) Abdi gugup ku ancaman musuh,
sieun ku panggencetna anu jarahat. Sakitu
nyaresahkeunana ka abdi, arijideun,
arambekeun.
4 (55-5) Abdi teh sieun, gigis gimir ku
ancaman ajal.
5 (55-6) Abdi dugi ka ngeleper ngadegdeg,
sieun taya papadana.
6 (55-7) Dugi ka hayang jangjangan sapertos
japati, bade hiber neangan tempat nu aman.
7 (55-8) Bade hiber masing tebih, teras
cicing di gurun keusik.
8 (55-9) Moal talangke deui neangan tempat
nyalindung, nyingkiran topan jeung hujan
angin.
9 (55-10) Nun PANGERAN, pasaliakeun
paguneman musuh-musuh abdi. Di kota
katingal aya rurusuh sareng kakerasan,
10 (55-11) siang wengi ngurilingan kota.
Kota pinuh ku kajahatan jeung kasusahan.
11 (55-12) Di mana-mana ruksak, jalan-jalan
pinuh ku tukang ngagencet jeung tukang
nipu.
12 (55-13) Saleuheung lamun anu ngahina
teh musuh, kaula kuat nangankeun
saleuheung lamun anu nyombong ka kaula

teh lawan, kaula bisa nyingkir, nyumput ti manehna.
13 (55-14) Ieu mah nu kitu teh anjeun pisan,
batur sorangan, batur rerentetan, sobat dalit;
14 (55-15) batur nyarita nu geus kacida
lomana, anu tuman babarengan ngabakti di
Bait PANGERAN.
15 (55-16) Muga-muga musuh-musuh teh
paraeh ngadadak, sing dikubur hirup-hirup,
sabab di imahna jeung dina hatena ngukut
kajahatan.
16 (55-17) Ari kaula mah nyambat ka Allah,
tangtu ku PANGERAN dijait.
17 (55-18) Isuk-isuk, sore, peuting,
panyambat jeung rumahuh kaula hanjat ka
Mantenna soara kaula tangtu didangukeun.
18 (55-19) Kaula tangtu disalametkeun ti
musuh anu narajang, anu ngambreg sakitu
lobana.
19 (55-20) Allah anu nyepeng parentah
ti jaman langgeng, baris nulungan kaula
ngelehkeun musuh, sabab maranehna
arembungeun tobat jeung teu sarieuneun ku
Mantenna.
20 (55-21) Eta nu tadina batur kaula teh
malik nyerang babaturanana, ingkar tina
jangji-jangjina.
21 (55-22) Ucap-ucapanana memang sareh,
tapi hatena pinuh ku kangewa; omonganana
laleucir ibarat minyak, tapi seukeut matak
raheut kawas pedang.

22 (55-23) Pasrahkeun kasusah maneh ka
Allah, Mantenna tangtu ngaraksa; Mantenna
moal ngantep jelema bener eleh.
23 (55-24) Nanging nun Allah, memeh eta nu
sok maraehan sareng naripu nepi ka tengah
umurna, ku Gusti bakal digebruskeun ka jero
kuburanana. Dupi abdi mah percaya ka Gusti.
56 1 (56-1) Pikeun pamingpin biduan.
Nurutkeun lagu: Japati bisu di nu jauh.
Jabur Daud, waktu anjeunna ditangkep ku
urang Pelisti di Gat. (56-2) Sing hawatos
ka abdi, nun Allah, ieu abdi ditarajang,
teras-terasan bae digencet ku musuh.
2 (56-3) Nu merangan sakitu seueurna,
sadinten jeput haben bae ngabereg.
3 (56-4) Waktos geumpeur kieu, nun
PANGERAN Nu Maha Kawasa, abdi ngaharep
ka Gusti.
4 (56-5) Kaula teu sieun, sabab percaya
ka Allah. Kaula muji ka Mantenna ku tina
jangji-Na. Rek bisa naon manusa ka kaula?
5 (56-6) Sadinten jeput hayoh bae musuh teh
ngarah, teu eureun-eureun ihtiar nyilakakeun
abdi!
6 (56-7) Maranehna ngumpul di nu buni,
ngintip kalakuan abdi, harayangeun maehan.
7 (56-8) Hukum eta jelema-jelema jahat teh,
nun Allah. Tumpurkeun, hudangkeun amarah
Gusti!

8 (56-9) Gusti uninga kumaha susahna abdi
teh. Gusti uninga jumblah keclak cipanon
abdi. Sanes parantos dicatet dina kitab Gusti?
9 (56-10) Dina dintenan abdi nyambat ka
Gusti, musuh abdi pasti undur. Kaula yakin
yen Allah aya di pihak kaula,
10 (56-11) nya eta PANGERAN, anu jangji-Na
ku kaula dipuji-puji.
11 (56-12) Kaula teu sieun, sabab percaya
ka Mantenna. Rek bisa kumaha manusa ka
kaula?
12 (56-13) Nun Allah, abdi nyumponan
jangji, nya eta nyanggakeun kurban panarima
ka Gusti.
13 (56-14) Wireh Gusti parantos ngajait
abdi tina ajal, sareng teu kantos eleh ku
musuh, dugi ka abdi tiasa keneh lumantung
di payuneun Gusti, dina cahaya nu nyaangan
ka nu harirup.
57 1 (57-1) Pikeun pamingpin biduan.
Nurutkeun lagu: Ulah ngabasmi.
Jabur Daud waktu keur aya di jero guha,
nyingkahan Saul. (57-2) Sing hawatos ka
abdi, nun Allah, sing hawatos, sabab abdi
nyalindung ka Gusti. Abdi bade nyalindung
dina kalangkang jangjang Gusti, dugi ka
rerepna angin ribut.
2 (57-3) Kaula sasambat ka Allah, Nu Maha
Agung, ka Allah, anu nyumponan sagala
kaperluan kaula.

3 (57-4) Mantenna tangtu ngawaler ti
sawarga baris nyalametkeun kaula, nu
ngagencet teh tangtu ditumpurkeun;
Allah tangtu mintonkeun piwelas jeung
kasatiaana-Na.
4 (57-5) Kaula dilingkung ku musuh, anu
kawas singa-singa tukang ngahakan jelema,
huntuna lir tumbak jeung jamparing, letahna
lir pedang seukeut.
5 (57-6) Pintonkeun kaagungan Gusti di
satungkebing langit, nun Allah, kamulyaan
Gusti sing tembong di satangkaraking jagat.
6 (57-7) Musuh abdi masang eurad rek
ngaringkus, matak rentag hate; maranehna
ngali lombang dina pijalaneun abdi, nanging
maranehna sorangan nu tigebrus.
7 (57-8) Abdi ngarasa yakin pisan, nun Allah
abdi bade nyanyi sareng muji ka Gusti!
8 (57-9) Nyaring, he lelembutan! Nyaring,
he kacapi jeung gambus! Kami rek
ngageuingkeun panonpoe.
9 (57-10) Abdi bade ngucap sukur ka Gusti,
nun PANGERAN, di tengah bangsa-bangsa,
bade muji Gusti di antawis umat manusa.
10 (57-11) Satia asih Gusti maratan langit,
kasatiaan Gusti jujul kana mega-mega.
11 (57-12) Pintonkeun kaagungan Gusti di
satungkebing langit, nun Allah, kamulyaan
Gusti sing tembong di satangkaraking jagat.

58 1 (58-1) Pikeun pamingpin biduan.
Nurutkeun lagu: Ulah ngabasmi. Jabur

ti Daud. (58-2) He para pangereh, kungsi
aranjeun nyieun putusan nu adil? Jujur
aranjeun nimbang perkara pada manusa?
2 (58-3) Teu! Nu dipikir ku aranjeun ngan rek
nyieun kajahatan, jeung nyieun katelengesan
di jero nagri.
3 (58-4) Jalma jahat mah kalakuanana
goreng saumur-umur, ti barang dijurukeun ge
geus mimiti nipu.
4 (58-5) Dirina pinuh ku peurah kawas oray,
ceulina tara dipake, kawas oray sinduk torek,
5 (58-6) anu teu ngadengeeun kana sora
pawangna, atawa kana sora tembang tukang
ngematna.
6 (58-7) Remukkeun sihungna eta
singa-singa galak teh, nun Allah!
7 (58-8) Sing musna eta jalma-jalma teh,
sapertos cai nyaab, sina kaidek sapertos
jukut di jalan,
8 (58-9) sing cara tetenggek, leeh jadi
leuleueur, sing sapertos orok kaluron, teu
kungsi ningal caang.
9 (58-10) Memeh areling maranehna geus
dicacar cara rurungkunan. Ku Allah anu bendu
maranehna dibalangkeun hirup-hirup.
10 (58-11) Anu balener bakal barungah
narenjo nu daroraka dihukum; getih jelema
anu jarahat teh ku maranehna bakal dipake
ngaraas.
11 (58-12) Jalma-jalma bakal ngaromong,
"Nyata, nu bener teh aya ganjaranana, nyata

aya Allah, anu ngajalankeun hukum adil di dunya."

59 [1] (59-1) Pikeun pamingpin biduan. Nurutkeun lagu: Ulah ngabasmi. Jabur ti Daud, basa bumina dikepung ku Saul maksudna rek ditelasan. (59-2) Nun Allah, leupaskeun abdi ti musuh, salametkeun ti anu keur ngarah!
[2] (59-3) Luputkeun ti ieu para jahanam, jalmi-jalmi tukang maehan!
[3] (59-4) Maranehna keur ngadaragoan, bade maehan ka abdi, eta nu jarahat teh sakait ngarah abdi. Sanes ku margi abdi gaduh dosa atanapi kalepatan,
[4] (59-5) sanes ku margi abdi awon kalakuan pang maranehna paciweuh kitu.
[5] (59-6) Nun GUSTI, Allah Nu Maha Kawasa, enggal abdi tulungan. Tingalian ku Gusti, nun Allah Israil! Hukum eta jalmi-jalmi tuna Allah teh, nu harianat kitu tong dipikawelas.
[6] (59-7) Wengina maranehna daratang deui, ngaprak kota bari tingharereng cara anjing.
[7] (59-8) Dangukeun susumbarna, ucap-ucapanana matak raheut lir pedang, panyangkana moal aya nu ngadengeeun.
[8] (59-9) Nanging ku Gusti mah eta teh digumujengkeun, eta jalmi-jalmi tuna Allah teh ku Gusti dipoyok.
[9] (59-10) Abdi ngandel kana kakiatan Gusti, nya Gusti nu jadi panyalindungan abdi.

10 (59-11) Allah anu nyaaheun ka kaula
tangtu nyumpingan, kaula bakal disina nenjo
musuh eleh.
11 (59-12) Eta musuh teh ulah dipaehan,
nun Allah, bilih bangsa abdi parohoeun.
Paburencaykeun, elehkeun ku kakiatan Gusti,
nun PANGERAN, panyalindungan abdi sadaya!
12 (59-13) Ku margi sungutna jahat, biwirna
doraka, mugi sing karingkus ku adigungna!
Maranehna sok sasapa, sok nipu.
13 (59-14) Mugi amuk ku amarah Gusti,
sing tumpur lebur, sangkan karasaeun yen
Allah teh murba di Israil, malah ngereh
satangkaraking jagat.
14 (59-15) Wengina maranehna daratang
deui, ngaprak kota bari tingharereng cara
anjing,
15 (59-16) sapertos anjing ngaprak
nareangan hakaneun, ari ngan manggih
saeutik babaung.
16 (59-17) Dupi abdi mah sumeja
ngidungkeun karosaan Gusti, unggal
isuk bade muji satia asih Gusti. Gusti
parantos kersa jadi panyalindungan, sareng
panyaluuhan waktos abdi keur rupek.
17 (59-18) Abdi muji ka Gusti, nun Pangraksa
abdi! Panyalindungan abdi teh Allah, Allah nu
asih ka abdi.
60 1 (60-1) Pikeun pamingpin biduan.
Nurutkeun lagu: Kembang Bakung
nu jadi saksi. Jabur atikan ti Daud (60-2)

sabada mulih tas ngelehkeun urang Aram
Mesopotamia jeung Aram Sobah, jeung waktu
Yoab mulang tas ngelehkeun urang Edom di
Lebak Uyah, aya dua belas rebu musuh anu
kasambut. (60-3) Nun Allah, Gusti parantos
miceun abdi-abdi, parantos ngabenduan,
mugi kersa mikawelas deui.
2 (60-4) Ieu tanah ku Gusti digenjlongkeun,
disina bareulah, ku margi ngarewag, mugi
anu bareulah teh diliputkeun deui.
3 (60-5) Umat teh ku Gusti dikeunaan
cocobi pohara pisan; abdi sadaya dugi ka
tingdaligdeug sapertos nu mabok.
4 (60-6) Gusti parantos ngemutan sakur nu
hormat ka Gusti, sangkan maranehna luput
tina karuksakan.
5 (60-7) Anggo kakiatan Gusti keur ngajait
abdi-abdi, waler paneda abdi sadaya, supados
umat kaasih Gusti tiasa salamet.
6 (60-8) Allah geus ngadawuh ti kasuciana-
Na, "Kami unggul; Kami rek ngabagi-bagi
tanah Sekem, sarta Lebak Sukot rek
dibagikeun ka umat Kami.
7 (60-9) Gilad boga Kami, kitu deui Menase.
Epraim balakutak Kami, Yuda teteken
karajaan Kami.
8 (60-10) Tapi Moab mah rek dijieun
pangumbahan, jeung Kami arek ngalungkeun
tarumpah ka Edom, pikeun ciri yen eta tanah
boga Kami. Kutan urang Pelisti teh ngira rek
bisa surak, ngira rek bisa meunang ti Kami?"

9 (60-11) Saha nu rek nyandak abdi ka eta
kota anu dibenteng? Saha anu baris nuyun
abdi ka Edom, nun Allah?
10 (60-12) Naha leres Gusti teh parantos
luas ka abdi sadaya? Naha leres moal kersa
sareng ngarurug musuh?
11 (60-13) Tulungan abdi-abdi ngayonan
musuh, margi pitulung ti manusa mah tangtos
gaplah.
12 (60-14) Ari disarengan ku Allah mah
urang tangtu unggul, musuh teh ku Mantenna
geus tangtu eleh.

61 1 (61-1) Pikeun pamingpin biduan.
Dipirig ku kacapi. Ti Daud. (61-2)
Nun Allah, dangukeun panyambat abdi,
perhatoskeun paneda abdi!
2 (61-3) Sajeroning pegat harepan tur tebih
ti rorompok, ka Gusti abdi cumeluk! Candak
abdi nyalindung ka nu aman,
3 (61-4) nya Gusti panyalindungan abdi
teh, benteng abdi anu weweg enggoning
ngayonan musuh.
4 (61-5) Widian abdi cicing di kasucian
Gusti saumur hirup, supados aman dina aub
jangjang Gusti.
5 (61-6) Gusti parantos ngadangu jangji
abdi, nun Allah, sareng parantos maparin
naon-naon anu digaduhan ku jalmi-jalmi anu
hormat ka Gusti.
6 (61-7) Mugi raja dipanjangkeun yuswa,
widian hirup salalamina!

7 (61-8) Mugia anjeunna marentah
sapapaosna di payuneun Gusti, nun Allah,
mugi diaping ku kasatiaan sareng kaasih
Gusti.
8 (61-9) Ku hal eta, abdi bade nyanggakeun
pupujian ka Gusti, sareng nedunan jangji,
unggal dinten bade nyanggakeun kurban.
62 1 (62-1) Pikeun pamingpin biduan.
Nurutkeun Yedutun. Jabur Daud.
(62-2) Kaula kudu sabar ngadago dijait ku
Allah, ngan ka Mantenna kaula muntang teh.
2 (62-3) Ngan Mantenna nu ngaraksa jeung
nyalametkeun kaula, Mantenna benteng
kaula, jadi kaula moal bisa eleh.
3 (62-4) Rek tepi ka iraha maraneh narajang
ka jalma saurang, nu kakuatanana sarua
jeung pager ruksak?
4 (62-5) Niat maraneh taya lian, rek ngarurud
anjeunna tina kalungguhanana; maraneh teh
jalma palsu. Ari biwir ngadoakeun, hate mah
ka anjeunna nyumpahan.
5 (62-6) Kaula ngan gumantung ka Allah,
pangharepan ditamplokkeun ka Mantenna.
6 (62-7) Ngan Mantenna nu ngaraksa jeung
nyalametkeun kaula, Mantenna benteng
kaula, jadi kaula moal bisa eleh.
7 (62-8) Kasalametan jeung kahormatan
kaula estu gumantung ka Allah, Allah teh
benteng kaula anu tohaga, panyalindungan
kaula.

8 (62-9) He rahayat, sing tetep percaya
ka Allah, wakcakeun sakabeh kasusah ka
Mantenna, karana Allah teh panyalindungan
urang.
9 (62-10) Kabeh manusa lir sarenghap
napas, menakna, cacahna, sarua taya ajenna.
Mun ditimbang, ngoleang taya bobotna,
leuwih hampang manan ambekan sarenghap.
10 (62-11) Ulah ngandelkeun kakerasan, ulah
hayang beubeunangan ku rarampog, malah
najan beuki beunghar oge eta kabeungharan
teh ulah dijieun andelan.
11 (62-12) Leuwih ti sakali kami ngareungeu
Allah ngadawuh, yen kakawasaan mah
kagungan Mantenna,
12 (62-13) sarta kaasih Mantenna taya
kendatna. Gusti ku anjeun, nun PANGERAN,
nu ngaganjar ka manusa, satimpal sareng
lampahna.
63 1 (63-1) Jabur Daud basa keur aya di
tanah gurun bawahan Yuda. (63-2)
Nun Allah, nya Anjeun Allah abdi. Abdi kangen
ka Gusti. Sakujur diri ngaraos tibelat ka Gusti
lir tanah keri, garing tara kasorang ku cai nya
kitu jiwa abdi teh halabhabna ka Gusti.
2 (63-3) Mugi abdi tiasa ningal Gusti di
tempat anu suci, sangkan ningal kumaha
mulyana sareng agungna Gusti.
3 (63-4) Satia asih Gusti langkung utami ti
batan hirup, eta margina abdi sumeja muji ka
Gusti.

4 (63-5) Saumur-umur sumeja nembongkeun
katumarimaan, nadahkeun leungeun neneda
ka Gusti.
5 (63-6) Nyawa abdi bakal pesta tur sugema,
abdi sumeja muji ku lagu suka, ngamulyakeun
ka Gusti.
6 (63-7) Keur ngedeng di enggon, emut ka
Gusti, sawewengi ngemut-ngemut Gusti,
7 (63-8) wireh Gusti salamina nulungan bae.
Dina kalangkang jangjang Gusti, abdi bade
nyanyi gumbira.
8 (63-9) Ka Gusti abdi muntang dina
panangan Gusti abdi aman.
9 (63-10) Sabalikna nu ngarah nyawa abdi
bakal tarurun ka dunyana nu paraeh,
10 (63-11) bakal paraeh di pangperangan,
bangke-bangkena dihakan ku ajag.
11 (63-12) Dupi raja bakal bingah margi
disina unggul ku Allah. Sakur anu ikrar
kalayan nyebat jenengan Allah bakal maruji
ka anjeunna. Sawangsulna jalmi-jalmi tukang
bohong sungutna bakal barungkem.

64 1 (64-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur Daud. (64-2) Nun Allah,
dangukeun paneda abdi anu keur kasesahan!
Abdi teh sieun musuh. Salametkeun nyawa
abdi.
2 (64-3) Amankeun abdi ti nu garaduh niat
jahat, tina amarah para jahanam.

3 (64-4) Maranehna ngasah letahna
seukeut kawas pedang, mesat-mesatkeun
omonganana anu garihal lir jamparing.
4 (64-5) Maranehna karesit nyebarkeun
bohong, taya kaera, nyilakakeun jalmi anu
balener ku carana anu kecing.
5 (64-6) Maranehna silih hatean
ngararancang kajahatanana. Silih bejaan
di mana neundeun pitapakna. Aromongna,
"Buni, moal kaciri."
6 (64-7) Maranehna nyarieun picilakaeun
batur, sarta kieu aromongna, "Alus, sampurna
ieu rarancang urang teh." Hate jeung pikiran
manusa teh buni, teu bisa diteuleuman.
7 (64-8) Tapi jamparing Allah tingbelesat ka
maranehna. Maranehna ujug-ujug taratu.
8 (64-9) Ku Allah disina cilaka ku ucap-
ucapanana sorangan; sakur anu nyaraksian
bati gogodeg.
9 (64-10) Maranehna bakal galimir, bakal
mikiran anu geus dipidamel ku Allah, tuluy
nguar-nguar padamelana-Na.
10 (64-11) Jalma anu balalener barungah ku
sagala padamelan PANGERAN, maranehna
tangtu aman nyalindung ka Mantenna;
jalma-jalma nu balageur bakal maruji ka
Mantenna.

65 1 (65-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur Daud. Lagu. (65-2) Leres,
abdi-abdi kedah muji ka Gusti di Sion, sareng
nekanan jangji, nun Allah.

2 (65-3) Gusti ngamakbul kana paneda,
jalmi ti mana-mana bakal darongkap
3 (65-4) ngakukeun dosana ka Gusti. Dosa
abdi sadaya kacida abotna nanging Gusti
kersa ngahapunten.
4 (65-5) Bagja jalma-jalma anu ku Gusti
dipilih, anu dicandak nyicingan tempat
kasucian Gusti. Di dinya abdi-abdi bakal
dicekapan ku sagala hal anu sae, nya eta ku
berkah-berkah ti Bait Gusti nu suci.
5 (65-6) Gusti ngawaler ka abdi-abdi ku
maparin kaunggulan, sareng midamel hal-hal
anu araheng pikeun nyalametkeun abdi-abdi.
Gusti jadi andelan jalmi sadunya, dugi ka anu
tarebih di peuntaseun sagara.
6 (65-7) Kalayan gagah Gusti nangtungkeun
gunung-gunung, mintonkeun kakawasaan
anu rongkah.
7 (65-8) Gusti nengtremkeun lautan
anu motah, nengtremkeun ombakna anu
jumegur, sareng nengtremkeun rusuhna
bangsa-bangsa.
8 (65-9) Jalmi sajagat galimir naringal
kaahengan padamelan Gusti. Jalmi-jalmi ti
satungtung bumi surak gumbira naringal eta
padamelan Gusti.
9 (65-10) Tanah teh ku Gusti diriksa,
dipasihan hujan, disina subur makmur.
Walungan-walungan disina caian, bumi disina
bijil hasilna. Ieu anu dipidamel ku Gusti:

10 (65-11) Lahan-lahan kenging ngawuluku
digeyeran hujan, taneuhna disina riduh
dileledok ku cihujan, pepelakanana sina jaradi
ngagedean.
11 (65-12) Ku berkah Gusti panen teh
mucekil! Ka mana Gusti sumping, di dinya
tangtos jadi lubak-libuk.
12 (65-13) Sampalan-sampalan pinuh ku
embe sareng domba, lamping-lamping pasir
garerah.
13 (65-14) Rayap rendang domba minuhan
sampalan, lebak-lebak pinuh ku pelak
gandum. Sadayana jadi jigrah kakawihan.
66 1 Pikeun pamingpin biduan. Jabur.
Lagu. Surak sing gerah, he umat
kabeh, puji Allah!
2 Sanggakeun pupujian, agungkeun
jenengana-Na, baktikeun pamuji ka
Mantenna!
3 Unjukkeun ka Allah, "Padamelan Gusti
kalintang ahengna. Kakawasaan Gusti teu
kinten rosana, dugi ka musuh-musuh Gusti
ngareluk sarieuneun.
4 Satangkaraking jagat sami sumembah,
ngaragungkeun ka Gusti, ngaragungkeun
jenengan Gusti."
5 Ka darieu, saksian dadamelan Allah,
saksian kaahengan dadamelana-Na di
manusa.

6 Laut disalin rupa jadi daratan, bisa dipake
leumpang ku karuhun urang, dipeuntasan.
Padamelan Mantenna estu matak bungah.
7 Mantenna nyangking parentah
salalanggengna, sabab kawasa, soca-
Na nitenan bangsa-bangsa. Pacuan aya nu
wani baha.
8 Puji Allah kami, he sakumna bangsa, sing
kadenge mujina.
9 Mantenna geus ngaraksa jiwa-jiwa kami.
Kami kabeh teu diantep sina ragrag.
10 Nun Allah, abdi-abdi ku Gusti parantos
diuji, sapertos perak dibesot ku seuneu.
Leres, ku Gusti parantos diuji.
11 Ku Gusti diantep tigebrus kana burang,
punduk dibugbrugan momotan.
12 Ku Gusti diantep diidek-idek ku musuh,
diantep ditempuh ku seuneu sareng ku caah.
Nanging ayeuna parantos dicandak ka tempat
anu aman.
13 Abdi bade ka gedong Gusti nyanggakeun
kurban beuleuman, kangge nekanan jangji ka
Gusti.
14 Bade ngabuktoskeun anu diikrarkeun
kapungkur waktos keur nyorang tunggara.
15 Bade ngahaturkeun domba, dibeuleum
dina altar, ngurbankeun sapi jalu sareng
embe, haseupna sina mumbul ka langit.
16 Ka darieu reungeukeun, he sakur anu
ajrih ka Allah, kaula rek nyaritakeun pitulung
Mantenna ka kaula.

17 Bareto kaula ngajerit menta tulung ka
Mantenna, ayeuna kaula ngagungkeun ku
pupujian.
18 Lamun seug kaula henteu eling tina dosa,
PANGERAN moal kersaeun ngadangu.
19 Tapi Allah memang geus ngadangu ka
kaula, panyambat kaula geus dimakbul.
20 Sagala puji ka Allah, reh paneda kaula
henteu ditolak sarta henteu ngowelkeun satia
asih-Na ka kaula.
67 1 (67-1) Pikeun pamingpin biduan.
Dipirig ku kacapi. Jabur. (67-2) Nun
Allah, abdi sadaya neda piwelas sareng
berkah, mugi luntur galih kersa malire ka
abdi.
2 (67-3) Sangkan pangersa Gusti nyata ka
umat manusa, pon kitu kasalametan ti Gusti
dikenal ku bangsa sakumna.
3 (67-4) Mugia umat maruji ka Gusti, nun
Allah, mugia maranehna sami ngagungkeun!
4 (67-5) Mugia bangsa-bangsa teh sami
gerah sami bingah, wireh ku Gusti dituyun
kalayan adilna, bangsa-bangsa di ieu dunya
teh ku Gusti dipingpin.
5 (67-6) Mugia umat maruji ka Gusti, nun
Allah, mugia maranehna sami ngagungkeun!
6 (67-7) Tanah geus ngaluarkeun hasil. Allah,
Allah urang, geus ngaberkahan.
7 (67-8) Allah geus ngaberkahan ka urang,
mugia umat kabeh di mana-mana hormat
jeung ajrih ka Mantenna.

68 [1] (68-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur Daud. (68-2) Allah maju,
musuh-musuh-Na dipaburencaykeun. Anu
gareuleuheun ka Mantenna areleh, kalabur.
[2] (68-3) Ku Mantenna diusir, leungit lir
haseup dikebut ngaraley kawas lilin dideang.
Nu jarahat teh lebur di payuneun Allah.
[3] (68-4) Sabalikna nu balener mah
aratoheun di payuneun Mantenna, sarurak
nembongkeun kabungah.
[4] (68-5) Puji Allah, puji jenengana-Na,
sadiakeun jalan pikeun Mantenna nu ngambah
mega. Jenengan Mantenna PANGERAN, sing
aratoh di payuneuna-Na!
[5] (68-6) Allah anu linggih di Bait-Na anu
suci, ngarawat ka nu pahatu, ngaraksa ka
randa-randa.
[6] (68-7) Mantenna ngimahan ka nu
nunggelis, nungtun para sakitan sina barebas,
ari bangsa basangkal disina hirup di tempat
mencil.
[7] (68-8) Nun Allah, nalika Gusti ngapalaan
umat, waktos ngambah gurun keusik,
[8] (68-9) bumi genjlong, langit nurunkeun
hujan, ku sumpingna Allah Sinai Allah Israil
sumping.
[9] (68-10) Gusti seueur nurunkeun hujan,
tanah kagungan nu parantos garing seger
deui.

10 (68-11) Umat Gusti nyarieun imah di
dinya; kalayan kasaean Gusti ngurus anu
mariskin.
11 (68-12) PANGERAN ngaluarkeun
parentah-Na, para wanita ngembarkeun
wartana:
12 (68-13) "Raja-raja katut baladna geus
kalabur!" Para wanita di lembur ngabagi-bagi
jarahan, nya eta:
13 (68-14) jajapatian-jajapatian anu
disaput ku perak, jangjangna disaput emas
ngagurilap. (Ku naon arandika aya nu teu milu
jurit, anggur caricing di kandang domba?)
14 (68-15) Waktu Allah Nu Maha Kawasa
ngaburiakkeun raja-raja di Gunung Salmon,
eta gunung ku Mantenna dihujanan ku salju.
15 (68-16) Gunung Basan estu hebat,
gunung nu rea puncakna!
16 (68-17) Ku naon maneh ti puncak-
puncak maneh anu laluhur, nenjokeun
bari ngahina ka gunung anu ku Allah rek
dijieun panglinggihana-Na? PANGERAN pasti
ngaraton di dinya salalanggengna!
17 (68-18) Diiring ku rebuan kareta perang
anu rarongkah, PANGERAN sumping ti Sinai,
lebet ka tempat nu suci.
18 (68-19) Mantenna ngunggahan tempat
anu laluhur, ti dinyana nyandak tawanan
rea pisan, sarta nampi upeti ti anu tadina
ngaralawan. GUSTI Allah baris linggih di
dinya.

19 (68-20) Puji PANGERAN, anu saban
poe mangnanggungkeun momotan urang.
Mantenna teh Allah anu nyalametkeun urang.
20 (68-21) Allah urang teh, Allah nu ngajait
urang, Mantenna teh PANGERAN, Gusti urang,
anu ngajait urang tina ajal.
21 (68-22) Satemenna, Allah bakal
ngaremukkeun hulu musuh-musuh-Na, nya
eta sakur anu hirupna teu weleh dosa.
22 (68-23) PANGERAN geus ngadawuh,
"Musuh maraneh ti Basan ku Kami rek dibawa
deui ka dieu, ti jero laut ge ku Kami rek
dibawa ka dieu,
23 (68-24) supaya maraneh ngaraas
getihna, sarta anjing maraneh sareubeuheun
ngaletakan getihna."
24 (68-25) Nun Allah, arak-arakan
kaunggulan Gusti ditongton ku sadayana,
Allah, Raja abdi, diarak, lebet ka kasuciana-
Na.
25 (68-26) Pangpayunna para biduan, palih
pungkur para pamaen musik, di tengah para
mojang anu narabeuh terebang.
26 (68-27) "Paruji Allah dina kumpulan
umat-Na, paruji PANGERAN, he sakabeh
turunan Yakub!"
27 (68-28) Pangheulana datang Binyamin,
kaom anu pangleutikna, tuluy para pamingpin
Yuda jeung aleutanana, geus kitu para
pamingpin Sebulun jeung Naptali.

28 (68-29) Pintonkeun kakawasaan Gusti,
nun Allah, kakawasaan anu dianggo ngabela
abdi sadaya.
29 (68-30) Pintonkeun ti Bait Gusti di
Yerusalem, tempat raja-raja nyaranggakeun
upeti ka Gusti.
30 (68-31) Seuseul Mesir, si sato galak di
leuweung manjah, seuseul bangsa-bangsa,
si gorombolan banteng katut anak-anakna,
sina marendek sareng nyaranggakeun perak.
Paburencaykeun bangsa-bangsa nu bareuki
perang!
31 (68-32) Duta-duta bakal daratang ti Mesir,
urang Sudan bakal naradahkeun leungeun,
ngadaroa ka Allah.
32 (68-33) Sanggakeun nyanyian ka Allah,
he karajaan-karajaan di dunya, sanggakeun
pupujian ka PANGERAN,
33 (68-34) ka Mantenna, anu nitih langit
jaman purba. Gederkeun surak ka Mantenna
sing tarik.
34 (68-35) Embarkeun kakawasaan Allah,
kadaulatana-Na anu ngauban Israil,
kadigjayaana-Na di langit.
35 (68-36) Matak bengong nalika Allah
kaluar ti jero kasuciana-Na, Mantenna, Allah
Israil! Mantenna maparin kakuatan jeung
kakawasaan ka umat-Na. Puji Allah!

69 1 (69-1) Pikeun pamingpin biduan,
nurutkeun lagu Kembang Bakung. Ti

Daud. (69-2) Nun Allah, salametkeun abdi,
cai parantos semet beuheung abdi,
2 (69-3) abdi parantos meh tilelep dina
leutak, teu aya tincakeun anu teuas. Abdi
tikerelep ka cai jero, ngaleong kabantun
ombak.
3 (69-4) Ngoceak taya pedahna, tikoro
kantun peuyeuhna, panon cape ngalieukan
pitulung Gusti.
4 (69-5) Anu ngarewaeun ka abdi teu
puguh-puguh seueurna alah batan buuk dina
sirah. Maranehna ngomongkeun anu teu
bener perkawis abdi. Maranehna kuat, sareng
ngarah maehan abdi. Abdi ku maranehna
dipaksa kedah mulangkeun barang anu sanes
kenging maling.
5 (69-6) Nun Allah, Gusti tingali kana
kabodoan abdi, kalepatan abdi di payuneun
Gusti teu aya nu buni.
6 (69-7) Nun PANGERAN Nu Maha Agung
sareng Nu Maha Kawasa, mugi anu maruntang
ka Gusti, ulah dugi ka kaisinan tina lantaran
abdi; mugi abdi ulah jadi matak aeb ka
jalmi-jalmi anu nyaluuh ka Gusti, nun Allah
Israil!
7 (69-8) Da pang abdi pada ngahina teh ku
karana Gusti. Ku karana Gusti abdi nandang
kahinaan.
8 (69-9) Ku baraya dijieun deungeun, ku
dulur saindung teu diwawuhan.

9 (69-10) Kacintaan abdi ka Bait Gusti
lir seuneu ngarerab hate; pamoyok anu
dibaledogkeun ka Gusti, keunana ka abdi.
10 (69-11) Abdi puasa ngasorkeun maneh
anggur pada ngahinakeun.
11 (69-12) Dangdan ku pakean
kasungkawaan, anggur pada
nyeungseurikeun.
12 (69-13) Di jalan-jalan abdi teh pada
ngobrolkeun, ku pamabokan dipake
ceuceuleuweungan.
13 (69-14) Nanging abdi gaduh paneda ka
Gusti, nun PANGERAN, mugi diwaler ari
parantos waktosna. Mugi dimakbul, demi
rosana kanyaah Gusti, demi kasatiaan jangji
Gusti yen bade nyalametkeun.
14 (69-15) Jait abdi, ulah dugi ka tilelep
dina ieu embel, luputkeun ti musuh-musuh,
hanjatkeun ti jero leuwi.
15 (69-16) Ulah dugi ka abdi kagulung ku
caah, atanapi kaceot ka jero leuwi, atanapi
tilelep ka jero kubur.
16 (69-17) Waler, nun PANGERAN, margi
Gusti teh lautan asih, reh Gusti teh sipat
welas.
17 (69-18) Ulah nyumput ti abdi Gusti. Abdi
sakieu cilakana, mugi Gusti enggal ngawaler!
18 (69-19) Enggal geura sumping
nyalametkeun, luputkeun abdi ti musuh-
musuh.

19 (69-20) Gusti uninga kumaha abdi
dihinana, pada moyok, pada nganistakeun;
musuh-musuh abdi ku Gusti kauninga.
20 (69-21) Pamoyokna ngagerihan kana
hate, matak pegat harepan; ngarep-ngarep
aya nu ngaraskeun, luput, ngarep-ngarep
panglipur, lebeng.
21 (69-22) Ana lapar anggur disodoran
racun, ana halabhab anggur diasongan cuka.
22 (69-23) Muga-muga perjamuan
maranehna sing jadi mamala, hahajatanana
sing nyilakakeun dirina.
23 (69-24) Lolong-lolongkeun panonna,
leuleus-leuleuskeun tonggongna!
24 (69-25) Tumplekkeun amarah Gusti,
tamplokkeun kajengkel Gusti ka maranehna.
25 (69-26) Padumukanana sina saruwung,
kemah-kemahna sina parongpong.
26 (69-27) Margi maranehna nganiaya jalma
anu ku Gusti disiksa, nganyenyeri ka nu ku
Gusti dirangket.
27 (69-28) Catet sadaya kajahatanana, ulah
dipaparin salamet.
28 (69-29) Ngaran-ngaranna pareuman tina
kitab nu harirup, ulah didaptarkeun dina
daptar umat Gusti.
29 (69-30) Nanging abdi teh keur nyeri,
seep harepan, angkat abdi teh, nun Allah,
salametkeun!

30 (69-31) Kaula rek muji ka Allah ku hiji
lagu ngamulyakeun Mantenna ku ngucap
sukur.
31 (69-32) Eta bakal leuwih kamanah ku
PANGERAN ti batan ngurbankeun sapi, ti
batan ngurbankeun sapi jalu nu geus gede.
32 (69-33) Ana hal eta katangen ku nu
balangsak, tangtu barungaheun, sakur nu
ibadah ka Allah tangtu hatena reugreug.
33 (69-34) Karana PANGERAN tangtu
ngamakbul ka nu walurat, tur moal tega ka
umat-Na di jero panjara.
34 (69-35) Puji Allah, he langit jeung bumi,
lautan katut mahluk-mahluk laut!
35 (69-36) Mantenna tangtu ngarahayukeun
Yerusalem, ngadegkeun deui kota-kota tanah
Yuda, sangkan dicicingan ku umat-Na sarta
jadi milikna,
36 (69-37) bakal jadi warisan turunan
abdi-abdi Mantenna, sarta jadi pamatuhan
sakur nu nyaah ka Allah.
70 1 (70-1) Pikeun pamingpin biduan. Ti
Daud, waktu anjeunna nyanggakeun
kurban panarima. (70-2) Nun Allah, abdi
salametkeun! Nun PANGERAN, enggal abdi
tulungan!
2 (70-3) Mugi-mugi eta anu harayangeun
maehan abdi teh elehkeun, guyurkeun. Eta
anu aratoheun ku katunggaraan abdi teh sina
alundur, sina areraeun.

3 (70-4) Mugi eta anu nyaleungseurikeun ka
abdi teh sina areleh, sina tagiwur.
4 (70-5) Dupi nu nyarembah ka Gusti,
sina barungah, sina garerah. Sakur anu
narimakeun kana kasalametan ti Gusti
ngucap, "Maha Agung PANGERAN!" teu
kendat-kendat.
5 (70-6) Dupi abdi, nu teu daya teu upaya,
mugi ku Gusti enggal dilayad! Gusti teh
jurusalamet, PANGERAN abdi. Enggal abdi
tulungan!

71 1 Nun PANGERAN, abdi dongkap
nyuhunkeun dibelaan; mugi ulah
dikajeunkeun!
2 Demi Gusti teh adil, mugi abdi dijait,
dibebaskeun; mugi kersa ngadangu, abdi
tulungan.
3 Sing jadi panyalindungan sareng benteng
anu kuat, tempat abdi ngaub. Gusti teh
pangungsian sareng pertahanan abdi.
4 Nun Allah, leupaskeun abdi ti jalma-jalma
jahat, ti nu daroraka, karuat sareng telenges.
5 Gusti teh pangharepan abdi, nu ku abdi
dipuntangan ti ngongora, nun PANGERAN Nu
Maha Agung.
6 Gusti panyaluuhan abdi saumur-umur, nya
Gusti nu jadi pitulung ti wangkid abdi lahir.
Bade sapapaosna abdi ngamulyakeun ka
Gusti.
7 Ka jalma rea hirup abdi kantos jadi tuladan,
margi Gusti jadi benteng abdi nu tohaga.

8 Abdi moal kendat-kendat muji ka Gusti,
saban dinten sumeja ngagungkeun.
9 Abdi ulah dipiceun dumeh parantos kolot,
ulah ditilar dumeh parantos taya tanaga.
10 Abdi teh diomong-omongkeun ku musuh,
dibadamikeun ku anu nariat maehan.
11 Carekna, "Eta jalma geus ditundung ku
Allah, urang udag, urang tewak, da moal aya
nu nulungan."
12 Nun Allah, ulah tebih ti abdi, enggal abdi
tulungan, nun Gusti!
13 Sing eleh, sing tumpur eta anu ngarah
ka abdi teh. Sing areraeun, sina nandang
hina, nu nyiar picilakaeun abdi, eta anu bade
nyarilakakeun ka abdi teh.
14 Dupi abdi moal weleh ngarep-ngarep ka
Gusti bade wuwuh-wuwuh muji ka Gusti.
15 Bade nyanggemkeun kasaean Gusti
sadinten jeput bade nyarioskeun kasalametan
ti Gusti, sanaos hal eta teu kahontal ku akal
abdi.
16 Kadigjayaan PANGERAN Nu Maha Agung
sumeja dimashurkeun, nya kasaean Gusti
anu bade dipuji-puji teh.
17 Gusti anu ngatik abdi ti leuleutik, dugi ka
kiwari abdi tetep nguarkeun karya Gusti anu
araheng.
18 Ayeuna abdi parantos kolot cetuk huis,
mugia ku Gusti ulah ditilar, nun Allah!
Sarengan abdi ari keur nyanggemkeun

kakawasaan sareng kadigjayaan Gusti ka
sakumna turunan nu bakal datang.
19 Kaadilan Gusti maratan langit, Gusti
parantos midamel perkawis anu aragung, teu
aya anu mapakan ka Gusti.
20 Gusti nu ngersakeun abdi nandangan
rupi-rupi rerepit sareng pakewuh, Gusti
keneh anu baris mulihkeunana, Gusti nu
bakal ngajagi abdi ti kubur.
21 Gusti nu bakal ngangkat deui darajat abdi,
langkung ti kapungkur, Gusti tangtos kersa
deui ngalilipur.
22 Abdi bade muji dibarengan ku ngacapi
muji kasatiaan Gusti, Allah abdi, sumeja
ngacapi nyanggakeun kidung pamuji ka Gusti,
Maha Suci Allah Israil.
23 Bari nabeuh bade dikawihan masing tarik,
nyanyi sataker tanaga reh ku Gusti parantos
dirahayukeun.
24 Sadinten jeput bade nyanggem-
nyanggemkeun kaadilan Gusti, reh anu bade
nyarilakakeun ka abdi parantos areleh sarta
nandangan hina.

72 1 Ti Suleman. Nun Allah, wulangkeun
hukum Gusti ka raja kaadilan Gusti
paparinkeun ka anjeunna,
2 supados adil ngurusna ka umat Gusti,
sangkan leres ngurusna ka nu sangsara.
3 Mugia nagri makmur santosa sareng sing
nyumiratkeun kaadilan.

4 Sang raja mugia rumaksa ka nu balangsak,
bumela ka nu walurat, sareng numpes tukang
nindes.
5 Sapanjang panonpoe sareng bulan gumelar,
umat sing turun-tumurun ngesto ka Gusti.
6 Mugia raja teh sing saibarat hujan nyiram
lahan-lahan, lir ngijih nyiraman bumi.
7 Sapanjang jumenengna muga mekar
kaadilan, muga makmur sapanjangna,
tinanding umurna bulan.
8 Karajaanana sing murba ti laut ka laut, ti
Eprat dugi ka tungtung jagat.
9 Urang gurun keusik masing tunduk ka
anjeunna, musuh-musuhna masing sarujud.
10 Raja-raja Sepanyol sareng anu ti
pulo-pulo, sing carunduk nyaranggakeun
pangabakti, raja-raja Arab sareng Etiopia
caraos upeti.
11 Raja-raja sadayana bakal dareku ka
anjeunna, bangsa-bangsa sadayana sami
kumawula.
12 Anjeunna rumawat ka nu walurat,
anu nyambat ka anjeunna; nyaah ka nu
balangsak, jeung nu kalantar.
13 Asih ka nu miskin, nyaah ka nu lemah
nangtayungan hirupna anu sangsara.
14 Maranehna diluputkeun tina panggencet
jeung katelengesan, nyawa maranehna ku
raja dianggap mulya!

15 Dirgahayu raja! Sing disebaan emas ti
tanah Arab, sing pada ngadoakeun salilana,
sing dirahmat ku Allah sapapanjangna!
16 Mugia nagri pinuh ku gandum, pasir-
pasirna kaamparan pepelakan, laleubeut
buahanana kawas anu di Libanon. Kota-
kotana masing gegek ku jelema, lir tegal
pinuh ku jukut.
17 jenenganana sing tetep kawangi-wangi,
kawentar mashur sapanjang surya gumelar.
Mugia sakumna bangsa marenta diberkahan
ku Allah, cara ngaberkahan ka raja.
18 Puji PANGERAN Allahna Israil! Ngan
Mantenna nyalira anu ngadamel saniskara
mujijat.
19 Puji jenengana-Na nu agung,
salalanggengna! Kamulyaan Mantenna
sing minuhan jagat. Amin! Amin!
20 Kitu ungel panutup paneda-paneda Daud
putra Isai.

73 1 Jabur Asap. Sabenerna, Allah teh
nyaah ka Israel, nyaah ka sakur nu
beresih hate.
2 Tapi kaula kungsi bingbang kana hal eta,
kapercayaan meh luntur,
3 lantaran kaula teh panas ka nu karumaki,
dumeh nu daroraka teh sararenang hirupna.
4 Tara katarajang ku kanyeri, awakna karuat,
sarehat.
5 Tara meunang papait cara nu sejen, tara
meunang kasusah cara nu rea.

6 Kasombonganana lir geus ngongkorong,
katelengesanana enggeus ngabaju,
7 hatena mudalkeun kadorakaan, pikiranana
pinuh ku niat jahat.
8 Resep nyeungseurikeun batur, ucapna
jarahat, takabur jeung resep ngagencet batur.
9 Maranehna ngahujat Allah di sawarga gede
rahul ka manusa di bumi.
10 Ku hal eta, umat Allah ge jadi bariluk,
ngarandeleun kana caritaan maranehna.
11 Majar, "Moal kauninga ku Allah, moal
katohyan ku Nu Maha Agung."
12 Kitu kaayaanana eta anu daroraka teh,
hirupna sarenang, malah beuki baleunghar.
13 Jadi percumah kaula hirup beresih, teu
guna ngajauhan dosa oge.
14 Nun Allah, sadinten jeput Gusti nyangsara
abdi, unggal enjing Gusti nyiksa.
15 Nanging upami abdi nyanggem kitu, atuh
sanes jadi umat Gusti deui.
16 Nu mawi eta teh sok haben dipikiran,
nanging sualna abot teuing keur abdi mah.
17 Tungtungna abdi asup ka Bait Gusti,
nembe ngartos bakal kumaha engkena eta nu
jarahat teh.
18 Maranehna baris ditempatkeun di nu
laleueur, sina lalabuh carilaka.
19 Ku Gusti ditumpur sakedat netra, kitu
tungtung panganggeusanana, pikagimireun.
20 Sapertos impian, bray isuk teh buyar;
barang Gusti cengkat, les maranehna musna.

21 Waktos keur ngarasa jengkel sareng hate
asa karerab,
22 harita abdi teh bodo sapertos sato, tina
teu ngartos ku Gusti.
23 Mung saena abdi tetep montel ka Gusti,
sarta leungeun abdi ku Gusti dicepeng.
24 Ku Gusti ditungtun dinasehatan sangkan
ahirna tiasa ditampi kalayan hormat.
25 Saha deui kagaduh abdi di sawarga, kajabi
Gusti? Di dunya ge hoyong naon deui, da
parantos gaduh Gusti.
26 Najan jiwa raga abdi lemah, nanging Allah
anu jadi kakiatan abdi. Anu dipikabutuh ku
abdi salalamina mung Gusti.
27 Sing saha anu ninggalkeun Gusti, tangtos
cilaka. Sing saha anu teu satia ka Gusti, ku
Gusti baris dibasmi.
28 Jadi keur kaula mah raket ka Allah teh
kacida hadena; ka PANGERAN Nu Maha Agung
kaula seja nyalindung sarta ngawartakeun
sagala padamelana-Na.

74 1 Lagu atikan ti Asap. Nun Allah, naon
margina nilarkeun abdi sadaya? Bade
salamina bendu ka umat teh?
2 Mugi sing emut ka umat anu ku Gusti dipilih
ti jaman kapungkur, kenging Gusti ngarebut
ti pangbudakan, teras dijadikeun milik Gusti.
Sing emut ka Sion, tempat Gusti kapungkur.
3 Mangga ku Gusti tingalian ruruntukna, eusi
Bait Gusti reksak urut digempur ku musuh.

4 Di Bait Gusti musuh teh sarurak,
nanjeurkeun banderana ciri unggulna.
5 Pametana badis tukang nuar anu keur
naluaran tatangkalan ku kampak.
6 Ukir-ukiran kayu remuk ajur dikampakan
sareng digedoran ku palu.
7 Bait Gusti diburak-barik teras diduruk,
tempat babakti ka Gusti teh dinistakeun.
8 Karepna ngancurkeun abdi-abdi sama
sakali; tempat-tempat ibadah di ieu tanah ku
maranehna didurukan dugi ka seep.
9 Lambang-lambang karamat sadayana
sirna, nabi-nabi pon kitu deui, dugi ka iraha
teras kituna teu aya nu terang.
10 Sakumaha pilamieunana musuh-musuh
nyeungseurikeun ka Gusti, nun Allah? Bade
sina saterasna ngahinana ka Gusti?
11 Naon margina Gusti teu kersa nulungan,
anggur ngagandong panangan?
12 Gusti teh, nun Allah, raja abdi sadaya ti
awalna, anu parantos sering nyalametkeun
abdi sadaya.
13 Kalayan tanaga rongkah Gusti meulah laut
sareng ngaremukkeun hulu naga-naga laut.
14 Hulu-hulu mahluk Lewiatan oge ku Gusti
diremukkeun, bangkena diparabkeun ka
sato-sato gurun keusik.
15 Cinyusu-cinyusu, susukan-susukan, ku
Gusti sina ngalocor, walungan anu arageung
sina saraat.

16 Gusti ngayakeun beurang sareng peuting
masangkeun panonpoe sareng bulan dina
tempatna.
17 Gusti nangtoskeun wawatesan bumi alam,
sareng ngatur usum ngijih katut usum halodo.
18 Sing emut, Gusti teh diseungseurikeun
ku musuh, nun PANGERAN, eta bangsa tuna
Allah teh nyacampah ka Gusti.
19 Umat Gusti anu teu walakaya teh ulah
diserenkeun ka musuh nu telenges; Gusti
ulah lali ka maranehna anu keur balangsak!
20 Masing emut kana jangji ka abdi-abdi.
Jero nagri, saban pojok nu paroek jadi tempat
kakerasan.
21 Mugi anu nuju disangsara teh ulah dugi ka
nyandang kaera, anu laip sareng walurat teh
anggur sina maruji ka Gusti.
22 Geura ngadeg, nun Allah, bela perkawis
Gusti! Sing emut, Gusti teh sadinten jeput
dihina-hina ku eta bangsa nu tuna Allah.
23 Ulah lali kana panangtangna musuh, anu
tinggorowok susumbar teu eureun-eureun.

75 1 (75-1) Pikeun pamingpin biduan.
Cara lagu: Ulah ngabasmi. Jabur
Asap. Lagu. (75-2) Abdi-abdi muji sukur, nun
Allah, muji sukur! Abdi-abdi ngabewarakeun
kaagungan Gusti,
2 (75-3) Allah ngandika, "Kami geus
nangtukeun waktu pangadilan, Kami rek
ngahakiman kalawan adil.

3 (75-4) Najan bumi gunjang-ganjing katut
nu ngeusianana, Kami tetep mageuhkeun
pademenna."
4 (75-5) Nu jarahat ku Kami dicarek ulah
aradigung;
5 (75-6) maranehna teu meunang nyombong
deui.
6 (75-7) Datangna putusan pangadilan lain
ti wetan atawa ti kulon, lain ti kidul atawa ti
kaler.
7 (75-8) Anu jadi hakim teh nya Allah,
ngahukum nu itu, ngabebaskeun nu ieu.
8 (75-9) Panangan PANGERAN nyepeng
hiji lumur; dieusi anggur keras, anggur
kabendu-Na. Seug dicicikeun, sina diarinum
ku nu jarahat, ku maranehna diarinum nepi
ka beak.
9 (75-10) Ari kaula moal eureun-eureun
nyaritakeun hal Allahna Yakub, moal eureun
muji ngagungkeun Mantenna.
10 (75-11) Kakuatan nu jarahat ku Mantenna
bakal diremukkeun, kakuatan anu balener
disina beuki kuat.

76 1 (76-1) Pikeun pamingpin biduan.
Dipirig ku kacapi. Jabur anggitan Asap.
Pupujian. (76-2) Allah kamashur di Yuda,
jenengana-Na dimulyakeun di Israil.
2 (76-3) Mantenna kagungan tempat di
Yerusalem, sarta jumeneng-Na di Gunung
Sion.

3 (76-4) Di dinya Mantenna ngaririkes
panah-panah musuh, tameng jeung pedang,
cindekna sakabeh parabot perangna.
4 (76-5) Kalintang agungna Gusti teh, nun
Allah! Estu mulya Gusti mulih ti pagunungan
tas ngelehkeun musuh.
5 (76-6) Baladna anu garagah parantos
dirangsadan, parantos harees moal harudang
deui, kagagahan sareng kaahlian perangna
taya pedahna.
6 (76-7) Barang ku Gusti dihaok, nun Allahna
Yakub, kuda sareng anu tarumpakna maraot
tingjarungkel.
7 (76-8) Gusti dipikagimir ku sadayana, nun
PANGERAN, ana Gusti parantos bendu, taya
nu tagen nyanghareupan.
8 (76-9) Gusti ngumumkeun putusan hukum
ti sawarga, bumi ngeleper, jep jempling,
9 (76-10) waktos Gusti ngadeg bade
ngumumkeun putusan hukum, yen bade
ngajait anu digencet di bumi.
10 (76-11) Jalmi-jalmi bengis ge ka Gusti
maruji; anu saralamet tina perang marilu
mestakeun Gusti.
11 (76-12) Geura tedunan jangji maraneh
ka PANGERAN, Allah maraneh. Sanggakeun
pangabakti ka Mantenna, he bangsa-bangsa
nu dareukeut! Allah teh pikagimireun manusa.
12 (76-13) Anak-anak raja nu aradigung ku
Mantenna diteundeutkeun, raja-raja gede
disina galimireun.

77 [1] (77-1) Pikeun pamingpin biduan.
Make lagu Yedutun. Jabur Asap. (77-2)
Kaula sasambat tarik ka Allah sasambat tarik
pisan, seug kadangueun.
[2] (77-3) Dina waktu sumpeg, kaula
neneda ka Pangeran, sapeupeuting neneda
namprakkeun leungeun, tapi hate teu daek
paler.
[3] (77-4) Ari inget ka Allah, kaula ngarenghap,
ari keur tapakur hate ngarasa lesu.
[4] (77-5) Sapeupeuting kaula ku Mantenna
disina nyaring. Kacida bingungna nepi ka teu
kecet-kecet.
[5] (77-6) Inget ka poe-poe nu geus kaliwat,
inget ka taun-taun anu geus kalarung;
[6] (77-7) sapeupeuting mikir jero, bari
ngaheneng seug nanya maneh:
[7] (77-8) "Rek terus bae kitu PANGERAN teh
nampik, teu kersa nyoreang deui?
[8] (77-9) Geus teu mikanyaah deui? Geus
lesot tina jangji-Na?
[9] (77-10) Naha geus lali kitu Allah teh kana
welas asih? Naha bendu, nepi ka teu kersaeun
mikawelas?"
[10] (77-11) Heug bae kaula ngomong kieu,
"Ieu anu pangpikanyerieunana Allah geus teu
kawasa deui."
[11] (77-12) Abdi bade ngemut-ngemut
karya Gusti nu aragung, nun PANGERAN,
bade ngeling-ngeling mujijat-mujijat Gusti
kapungkur.

12 (77-13) Abdi bade mikiran sagala
padamelan Gusti sareng ngalenyepan
karya-karya Gusti anu harebat.
13 (77-14) Nun Allah, padamelan Gusti
sadayana suci. Teu aya deui nu agung
sapertos Gusti.
14 (77-15) Nya Gusti pisan Allah teh, nu
kawasa midamel mujijat-mujijat, kakawasaan
Gusti kagurnita ka bangsa-bangsa.
15 (77-16) Gusti digjaya ngajait umat,
turunan Yakub sareng Yusup.
16 (77-17) Cai ngadegdeg barang ningal ka
Gusti, kacida sieuneunana, nun Allah, dasar
sagara mingsir gimireun.
17 (77-18) Mega-mega ngucurkeun hujan,
gelap tingbeledag di langit, kilat sasamber ka
ditu ka dieu.
18 (77-19) Guludug tinggeleger tinggulugur,
kilat-kilatna nyaangan jagat, bumi ngageter
ngadegdeg.
19 (77-20) Gusti angkat napak ombak, laut
dipeuntasan, nanging tapak Gusti ngadampal
henteu katara.
20 (77-21) Gusti nuyun ka umat lir hiji
pangangon, ku perantawis Musa sareng
Harun.

78 1 Lagu atikan ti Asap. Bandungan,
he umat, regepkeun ieu piwuruk,
regepkeun ieu pepeling kami.
2 Kami rek ngucapkeun siloka, ngaguar
rasiah alam baheula,

3 hal-hal anu urang geus ngadenge, geus
nyaho tina carita karuhun urang.
4 Ka anak incu nu ayeuna, mo aya nu
dikilungan, nya kitu deui ka turunan anu
engke, kumaha mashurna PANGERAN,
dadamelana-Na, pangawasa-Na, jeung
mujijat-mujijat-Na, anu geus dipidamel ku
Mantenna.
5 Mantenna ka Israil geus maparin hukum, ka
turunan Yakub maparin papakon. Mantenna
nimbalan ka karuhun urang, yen ieu hukum
kudu diajarkeun ka anak-anakna;
6 malar turunan ieu ngajarkeun ka anu
pandeuri, sarta ku ieu ge kudu diajarkeun ka
anak-anakna.
7 Ku jalan kieu maranehna ge bakal
nanjeurkeun harepan ka Allah, jeung moal
paroho kana sagala pitulung-Na, sabalikna
bakal taat kana parentah Mantenna, salilana,
8 ulah cara karuhun-karuhunna, resep
ngalawan, basangkal, henteu pangger
pangandelna ka Allah, teu ceehan satiana ka
Mantenna.
9 Urang Epraim, sakitu marawa gondewa
jeung jamparing, ari der perang mah jicir.
10 Maranehna henteu tigin kana jangjina ka
Allah, teu narurut kana hukum Mantenna,
11 sarta mopohokeun damel katut
mujijat-mujijat, nu ku Mantenna geus
dipintonkeun.

12 Karuhunna ku Mantenna ditembongan
mujijat-mujijat, di dataran Soan wewengkon
Mesir.
13 Laut ku Mantenna dibeulah, maranehna
dipeuntaskeun, nincak laut anu caina jadi
ngadingding kawas tembok.
14 Ti beurang dituyun ku mega, ti peuting ku
gebrayna cahaya tina hiji tihang seuneu.
15 Batu-batu cadas di gurun keusik ku
Mantenna dibeulah, bijil cai, maranehna
nginum saseubeuhna,
16 cai ti jero cadas teh terus ngocor, mani
kawas walungan bae.
17 Tapi maranehna haben bae dosa ka Allah,
di gurun keusik teh ngalawan ka Nu Maha
Agung,
18 ngahaja ngadoja ka Allah, marenta
dahareun kahayangna.
19 Tinggelendeng ngomongkeun ka Allah,
"Iasaeun Allah ngayakeun dahareun di gurun
keusik?
20 Memang Mantenna meupeuh cadas bijil
cai, terus ngagolontor jadi susukan, cik
iasaeun ngayakeun roti jeung daging keur
umat-Na?"
21 Ngadangu kitu PANGERAN bendu, seug
umat-Na teh diruksak ku seuneu. Pohara
benduna ka maranehna,
22 lantaran teu tarigin ka Mantenna, teu
palercayaeun yen Mantenna baris nulung.

23 Ti dinya Mantenna nimbalan ka langit,
miwarang mukakeun lawang-lawangna;
24 Mantenna nurunkeun gandum ti sawarga,
nya eta manna, keur dahareun maranehna.
25 Jadi maranehna ngadahar kadaharan
para malaikat, sapamenta maranehna
dipaparinkeun.
26 Sarta Mantenna miwarang angin wetan
ngahiuk, sarta ku pangawasa-Na angin kidul
ngagelebug,
27 ngintun manuk ka umat-Na, lobana
tanding keusik di basisir,
28 murubut ka tengah pasanggrahanana di
sakuliah tempat maranehna.
29 Umat-Na disina sareubeuh dahar,
sakahayangna ditumutkeun.
30 Tapi tacan ge puas napsu maranehna,
sabot keur dalahar keneh,
31 geus matak bendu PANGERAN. Heug
jelema-jelema anu pangbaredasna,
pamuda-pamuda Israil, ku Mantenna
dibinasa.
32 Tapi maranehna taya kakapok, doraka teu
euih-euih, teu ngarandel bae kana kaajaiban
Mantenna.
33 Anu matak umurna ku Mantenna
dianggeuskeun, lir napas sarenghap, tumpes
dadak sakala.
34 Upama ku Allah geus aya nu dibinasa,
kakara areling ka Mantenna, nembongkeun
pertobat jeung sasambat.

35 Kakara areling yen Allah teh
panyalindunganana, yen Nu Maha
Kawasa teh panulung maranehna.
36 Tapi ngakuna kitu teh ngan semet biwir,
teu terus jeung hate.
37 Saenyana mah maranehna teu saratia,
henteu tigin kana jangjina ka Mantenna.
38 Tapi Allah mah mikawelas ka umat-Na.
Dosa-dosana dihampura, maranehna henteu
dibinasa. Sering pisan Mantenna mengkek
bendu-Na, nahan wera nu ngagegedur;
39 reh kaemut, yen maranehna teh mahluk
teu langgeng teu beda ti angin, geus ngaliwat
terus musna.
40 Di gurun keusik sering pisan ngalawan,
sering nganalangsakeun manah-Na.
41 Pek deui, pek deui ngadoja ka Allah,
ngajaheutan galih Nu Maha Suci Allahna
Israil.
42 Parohoeun kana kakawasaan Mantenna,
parohoeun waktu maranehna dileupaskeun ti
musuh-musuhna,
43 parohoeun kana kadigjayaan jeung mujijat
Mantenna di dataran Soan wewengkon Mesir.
44 Mantenna ngarobah cai walungan-
walungan jadi getih, nepi ka urang Mesir teu
baroga cai keur nginum.
45 Mantenna ngadatangkeun laleur, nyiksa
urang Mesir, geus kitu tanahna sina diruksak
ku bangkong.

46 Mantenna ngadatangkeun simeut,
meakkeun panenna, ngaruksakkeun
lahan-lahanna.
47 Mantenna numpurkeun pelak anggur
maranehna ku hujan buah tangkal-tangkal
kormana bungbang ku hujan es.
48 Mantenna maehan sasatoan urang Mesir
ku hujan es, maehan pipiaraanana sina
disamberan ku gelap.
49 Mantenna ngalantarankeun maranehna
susah gede, ditarajang ku amarah jeung
napsu Mantenna anu ngagedur, anu datangna
lir para malakal maot.
50 Mantenna masih keneh tuluy bendu-Na,
henteu lebareun ku nyawa maranehna, anu
tuluy dibasmi ku hiji pagebug.
51 Mantenna maehan anak-anak cikal,
sakabeh cikal unggal kulawarga urang Mesir.
52 Geus kitu Mantenna nuyun umat-Na
kaluar, lir hiji pangangon. Maranehna dituyun
ngambah gurun keusik.
53 Umat-Na diaping, aman teu aya kasieun;
ari musuh-musuhna mah tumpur kagulung
ku laut.
54 Umat-Na dicandak ka tanah kagungana-
Na nu suci, ka tanah pagunungan beunang
Mantenna ngajabel.
55 Urang dinyana diusiran ku Mantenna
samemeh umat-Na narepi. Tanahna
dibagikeun ka kaom-kaom Israil, imah-
imahna diserenkeun ka umat-Na.

56 Tapi umat-Na anggur ngaralawan, ngadoja
ka Allah Nu Maha Kawasa, henteu narurut
kana parentah-Na,
57 alalingkar, teu satia, teu beda ti
karuhunna, kawas jamparing bengkung teu
bisa dipercaya.
58 Narangtang ka Allah ku nyarembah ka
brahala nyarieun arca sesembahan, matak
jaheut ka Mantenna.
59 Ningali kitu Allah teh bendu, umat-Na
ditolak sama sakali.
60 Kemah kagungana-Na di Silo, tempat
linggih-Na di tengah manusa ditilar.
61 Peti Perjangjian lambang kakawasaan
jeung kamulyaana-Na, ku Mantenna diantep
dirampas ku musuh.
62 Awahing ku bendu, umat-Na diantep
diparaehan ku musuh-musuhna.
63 Para pamudana tariwas di pangperangan,
para mojangna teu aya nu ngawin.
64 Imam-imam tariwas ku pedang, randa-
randana teu meunang nyaleungceurikan.
65 Ti dinya PANGERAN ngorejat, lir nu gugah
tina kulem, lir jalma gagah anu kahudang
wawanen ku anggur.
66 Musuh-musuh-Na dipukul mundur, areleh
nepi ka salilana nandangan kaera.
67 Tapi Mantenna nolak turunan Yusup jeung
teu kersaeun milih kaom Epraim.
68 Mantenna anggur milih kaom Yuda jeung
Gunung Sion, kameumeut-Na.

69 Di dinya Mantenna ngadegkeun Bait-Na
kawas panglinggihana-Na nu di sawarga,
tohagana satohaga bumi, reugreug pageuh
sapapanjangna.
70 Mantenna milih abdi-Na, Daud, dicandak
ti pangangonan.
71 Tina purah ngurus domba, Daud ku
Mantenna dijieun raja Israil, anu ngangon
umat Allah.
72 Umat Allah teh ku Daud diurus kalawan
hade, diaping dijaring kalayan binangkit.
79 1 Jabur Asap. Nun Allah, tanah Gusti
diranjah ku bangsa pamuja brahala,
Bait Gusti anu suci ku maranehna dinajiskeun,
Yerusalem diubrak-abrik.
2 Mayit-mayit umat Gusti, ku maranehna
diparabkeun ka manuk nasar, layon para
kawula Gusti teh jadi parab sato alas.
3 Sakuliah Yerusalem banjir getih umat
Gusti, getih lir cai ngocor, sareng mayit-mayit
teu aya nu ngaruang.
4 Ku bangsa-bangsa tatangga dipupuas,
disaleungseurikeun dihina-hina.
5 Nun PANGERAN, naha bade haben bae
bendu, ngagegedur sapertos seuneu?
6 Bendu teh mending ka bangsa-bangsa
anu henteu ngabakti, ka anu tara neneda ka
Gusti.
7 Lantaran eta teh parantos maehan umat
Gusti, ngaburak-barik lemah caina.

8 Mugi abdi-abdi ulah dihukum ku karana
dosa karuhun, mugi aya sih piwelas, abdi-abdi
parantos putus harepan.
9 Demi kahormatan Gusti ku manten, nun
Allah, mugi-mugi abdi ditulung, salametkeun,
mugi jait, sareng hapunten kalelepatan.
10 Naon margina eta bangsa-bangsa diantep
hahaok: "Cing mana Allah maneh teh?" Mugi
maranehna dihukum, bales eta nu parantos
ngocorkeun getih umat Gusti teh.
11 Dangu haregungna nu dipanjara; kawasa
Gusti nu rongkah, anggo ngaluputkeun sakur
anu pasti bakal diparaehan.
12 Bales eta bangsa-bangsa sejen teh tujuh
kalieun, balikkeun panghina pamoyokna ka
Gusti.
13 Sangkan abdi-abdi, umat kagungan,
domba-domba Gusti, tiasa muji sukur ka
Gusti sapapaosna, turun-tumurun muji
kamashuran Gusti.

80 1 (80-1) Pikeun pamingpin biduan. Cara
lagu Kembang Bakung. Panaksen Asap.
Jabur. (80-2) Nun Gusti Pangangon Israil, nun
panungtun pakumpulan, dangukeun. Nun anu
linggih dina tahta luhureun mukarabin,
2 (80-3) ebrehkeun salira Gusti ka kaom-
kaom Epraim, Binyamin sareng Menase.
Pintonkeun kakawasaan, jait abdi sadaya.
3 (80-4) Pulihkeun abdi sadaya, nun Allah!
Sing welas ka abdi-abdi, tangtos abdi-abdi
salamet.

4 (80-5) Nun GUSTI, Allah Nu Maha Kawasa,
naha bade bendu keneh, ngantep panyambat
umat?
5 (80-6) Ku Gusti lir disina dahar kasusah, lir
disina nginum cipanon sacangkir ageung.
6 (80-7) Gusti ngajeunkeun tanah
abdi diparebutkeun ku bangsa-bangsa
sakurilingeun, abdi-abdi pada ngahina ku
musuh-musuh.
7 (80-8) Pulihkeun abdi sadaya, nun Allah
Nu Maha Kawasa! Sing welas ka abdi-abdi,
tangtos abdi-abdi salamet.
8 (80-9) Gusti parantos nyandak hiji tangkal
anggur ti Mesir, ngusiran bangsa-bangsa,
lajeng eta petetan teh dipelak di tanah
maranehna.
9 (80-10) Disina ngagedean, tempatna
diberesihan, dugi ka akarna nyaliara ka
sakuliah nagara.
10 (80-11) Gunung-gunung katutup ku
daunna tangkal-tangkal kiputri raksasa
kahieuman ku dahan-dahanna.
11 (80-12) Dahan-dahanna ngararambat
dugi ka Laut Tengah, pucuk-pucukna dugi ka
Walungan Eprat.
12 (80-13) Ku naon pagerna ku Gusti
direbahkeun? Buahna seep dipalingan ku nu
laliwat,
13 (80-14) diidek-idek ku bagong leuweung,
sareng diranjah ku sato-sato alas.

14 (80-15) Tingali ieu abdi-abdi, nun Allah
Nu Maha Kawasa! Tingali ti sawarga! Jait ieu
umat Gusti teh!
15 (80-16) Salametkeun ieu tangkal anggur
pelak Gusti teh, kenging Gusti mulasara dugi
ka gedena.
16 (80-17) Ayeuna ku musuh diduruk, dituar;
tumpurkeun musuh teh ku bendu Gusti.
17 (80-18) Umat kenging Gusti milih, bangsa
kenging Gusti nohagakeun, mugi diraksa.
18 (80-19) Moal deui-deui abdi-abdi nyingkir
ti Gusti, mugi ku Gusti dipaparin hirup,
sumeja muji ka Gusti.
19 (80-20) Pulihkeun abdi sadaya, nun
GUSTI, Allah Nu Maha Kawasa! Sing welas ka
abdi-abdi, tangtos abdi-abdi salamet.

81 1 (81-1) Pikeun pamingpin biduan.
Nurutkeun lagu Gitit. Ti Asap. (81-2)
Geura sarurak ngahormat Allah nu ngabela
urang. Geura nyaranyi ka kersa Allahna
Yakub!
2 (81-3) Sanggakeun lalaguan, tabeuh
terebang, tabeuh kacapi jeung gambus sing
genah.
3 (81-4) Dina bulan anyar jeung bulan
purnama, tiup tarompet urang pesta.
4 (81-5) Hal eta geus jadi hukum di Israil,
aturan ti Allahna Yakub.
5 (81-6) Ku Mantenna diparentahkeun ka
umat Israil, mangsa Mantenna narajang
tanah Mesir. Kaula ngadenge hiji soara kieu,

6 (81-7) "Kami geus ngangkat muatan
tina tonggong maraneh, maraneh moal
manggulan deui bata.
7 (81-8) Upama meunang kasukeran, sambat
Kami, tangtu dijait, ku Kami tangtu dijawab ti
jero guntur panyumputan Kami. Maraneh ku
Kami didoja di cinyusu di Meriba.
8 (81-9) Regepkeun, he umat Kami, Kami
rek mepelingan, he Israil, cik masing narurut
ka Kami!
9 (81-10) Maraneh ulah nyembah ka ilah
sejen.
10 (81-11) Nya Kami, PANGERAN, Allah
maraneh, anu ngabudalkeun maraneh
ti Mesir. Geura caralangap, ku Kami rek
dihuapan.
11 (81-12) Tapi umat Kami teu daek
ngadenge, Israil teu nurut ka Kami.
12 (81-13) Anu matak ku Kami dihajakeun
sina neugtreug, dijujur kuma karepna.
13 (81-14) Kacida Kami ngaharepna
maranehna daraek ngagugu ka Kami, kacida
Kami hayangna maranehna narurut!
14 (81-15) Tangtu musuhna ku Kami
gancang-gancang ditalukkeun, sarta
lawan-lawanna dielehkeun.
15 (81-16) Anu arijideun ka Kami tangtu
mendek hareupeun Kami, galimireun. Baris
dihukum saendeng-endeng.

16 (81-17) Ari maraneh mah tangtu ku Kami
dibere dahar gandum nu panghadena, sarta
diseubeuhan ku madu leuweung."
82 1 Jabur Asap. Allah mingpin pasamoan
sawargawi. Dina eta pasamoan
Mantenna mutuskeun kieu:
2 "Maraneh ngahakiman teu meunang curang
deui, teu meunang deui mihak ka nu jarahat!
3 Belaan anu lalemah jeung barudak yatim,
sing adil ka nu mariskin jeung nu sangsara.
4 Leupaskeun maranehna tina genggeman
para durjana.
5 Maraneh kacida lalaworana, kacida
barodona! Geus enya-enya sarerong, nepi ka
kaadilan leungit ti alam dunya.
6 Memang ceuk Kami, Maraneh mahluk-
mahluk ilahi, putra-putra Nu Maha Agung.
7 Najan kitu maraneh ge pipaeheun cara
manusa, bakal puput umur cara gegeden
lianna."
8 Geura sumping, nun Allah, ieu bumi teh
hakiman, margi sakumna bangsa-bangsa teh
nya Gusti nu kagungan.
83 1 (83-1) Lagu. Jabur Asap. (83-2)
Nun Allah, mugi ulah tiis-tiis galih,
raos-raos mindel sareng antepan.
2 (83-3) Tingali, musuh teh motah, anu
careuceub ka Gusti teh barontak,
3 (83-4) parantos ngatur siasat, niat
ngalawan ka umat Gusti, sakait bade
ngarurug umat asuhan Gusti.

4 (83-5) Maranehna susumbar, "Bangsa Israil
urang tumpes sina tong kainget-inget deui."
5 (83-6) Maranehna parantos sauyunan,
parantos ngahiji bade ngalawan ka Gusti.
6 (83-7) Urang Edom sareng urang Ismail,
urang Moab sareng urang Hajar,
7 (83-8) urang Gebal, urang Amon, sareng
urang Amalek, urang Pelisti sareng urang
Tirus,
8 (83-9) malah urang Asur ge ngahiji ka
dinya, ngabantu urang Amon sareng urang
Moab, turunan Elut.
9 (83-10) Samikeun nasib maranehna sareng
urang Midian, sareng Sisera sareng Yabin di
Walungan Kison tea,
10 (83-11) anu ku Gusti parantos
dicaremkeun di Endor, mayit-mayitna baruruk
jadi taneuh.
11 (83-12) Para pamingpinna damel sapertos
ka Oreb sareng Seeb, para pangerehna
elehkeun sapertos Sebah sareng Salmuna,
12 (83-13) nu susumbar kieu tea, "Tanah
Allah urang rampas!"
13 (83-14) Nun Allah, awut-awut maranehna
sina mancawura sapertos lebu, lir huut
katebak angin.
14 (83-15) Gusti sing sapertos seuneu
ngahuru leuweung, ngagegedag ngaduruk
gunung.

15 (83-16) Kebutkeun maranehna ku angin
ribut ti Gusti, reuwaskeun maranehna ku
angin rongkah kagungan Gusti.
16 (83-17) Popokan beungeut maranehanana
ku wiwirang, nun PANGERAN, sina ngaraku
kana kakawasaan Gusti.
17 (83-18) Sina wirang, sina teu eureun-
eureun tagiwur, sina paraeh dina kahinaan.
18 (83-19) Supados maranehna ngarasa, yen
mung Gusti nu jumeneng PANGERAN, anu
murbeng sakuliah jagat.
84 1 (84-1) Pikeun pamingpin biduan.
Nurutkeun lagu: Gitit. Jabur golongan
Korah. (84-2) Abdi kalintang nyaahna ka
Bait Gusti, nun PANGERAN, Allah Nu Maha
Kawasa!
2 (84-3) Kalintang hayangna cicing di dinya!
Kalintang hayangna aya di Bait PANGERAN.
Jiwa raga nyanyi gumbira ka kersa Allah anu
jumeneng.
3 (84-4) Cacakan manuk gareja nyarieun
sayang, kapinis baroga enggon cicing, maliara
anakna teh caket altar-altar Gusti, PANGERAN
Nu Maha Kawasa, Raja sareng Allah abdi.
4 (84-5) Bagja temen jalma nu matuh di Bait
Gusti, tiasa mumuji ka Gusti sapapaosna.
5 (84-6) Bagja temen jalma anu kenging
kakiatan ti Gusti, anu hatena kumejot hayang
jarah ka Gunung Sion.
6 (84-7) Waktos maranehna nyorang Lebak
Baka anu garing, eta tempat teh ngajadi

tempat cinyusu, seueur cai nu ngumplang, berkah turunna hujan munggaran.
7 (84-8) Laleumpangna wuwuh segut, rek ngadeuheus ka Allah sakabeh ilah di Sion.
8 (84-9) Nun GUSTI, Allah Nu Maha Kawasa, ieu abdi nunuhun, mugi dangukeun, nun Allahna Yakub!
9 (84-10) Nun Allah, mugi raja abdi diberkahan, raja kenging Gusti milih.
10 (84-11) Kangge abdi, mending sadinten aya di Bait Gusti, tinimbang sarebu dinten di sanes tempat; di Bait Gusti mah kabagian nangtung di lawangna ge kajeun, tinimbang kudu sakumbuh jeung nu daroraka.
11 (84-12) PANGERAN teh benteng jeung raja urang anu mulya, anu maparin kurnia jeung kamulyaan, anu tara nolak pamenta nu layak ti sakur jelema nu bener lampahna.
12 (84-13) Nun PANGERAN Nu Maha Kawasa, bagja pisan jalmi anu manteng muntang ka Gusti!

85 1 (85-1) Pikeun pamingpin biduan. Jabur golongan Korah. (85-2) Nun PANGERAN, Gusti parantos mikanyaah ka tanah kagungan Israil ku Gusti dipaparin deui karaharjaan;
2 (85-3) kadorakaan umat ku Gusti dihapunten, sagala kalepatanana dipaparin ampun.
3 (85-4) Gusti parantos nyirep kabendu, mepes wera anu muntab-muntab.

4 (85-5) Pulihkeun deui abdi sadaya, nun
Allah puhu rahayu, ulah kateterasan teu suka
ka abdi sadaya!
5 (85-6) Atanapi, naha bade teras
ngabenduan salamina, wera sapapanjangna?
6 (85-7) Mugi kakiatan abdi-abdi dipulihkeun
deui, tangtos abdi-abdi, umat Gusti, bakal
maruji sukur.
7 (85-8) Kaasihan Gusti anu langgeng,
larapkeun deui, abdi-abdi paparin
kasalametan, nun PANGERAN.
8 (85-9) Kaula keur ngaregepkeun GUSTI
Allah sasauran; Mantenna ngajangjikeun
katengtreman ka urang, umat-Na, asal urang
ulah nyieun deui kagejulan.
9 (85-10) Geus pasti Mantenna kersaeun
nyalametkeun sakur jalma anu hormat ka
salira-Na, sarta Mantenna baris aya di nagri
urang, kersaeun ngaraksa.
10 (85-11) Kaasih bakal patepung jeung
kasatiaan, kaadilan bakal silih rangkul jeung
karukunan.
11 (85-12) Kasatuhuan manusa baris mencar
ti bumi ditilik ku kaadilan Allah ti sawarga.
12 (85-13) PANGERAN bakal maparin
karaharjaan ka urang, tanah urang bakal rea
hasilna.
13 (85-14) Kaadilan bakal maju payuneun
PANGERAN, nyadiakeun jalan Mantenna.

86 [1] Panyambatna Daud. Nun PANGERAN,
mugi dangukeun, mugia kabul ieu
paneda, abdi teh balangsak sareng walurat;
[2] mugi raksa nyawa abdi, jalmi nu satia ka
Gusti, mugi ieu abdi Gusti anu kumureb teh
jait.
[3] Mugi aya kurnia, nun Allah Panutan, anu ku
abdi disambat sadidinten.
[4] Paparin kabungah ieu abdi Gusti teh, reh
ka Gusti mumbulna paneda abdi.
[5] Reh Gusti teh langsar manah, jembar
hampura, murah asih ka sugri nu sok
sasambat.
[6] Mugi dangukeun paneda abdi, nun
PANGERAN, ieu panyambat mugia dimakbul.
[7] Saban mendak pakewuh, nya ka Gusti abdi
ngalengis, da tangtos Gusti kersa ngamakbul.
[8] Taya ilah nu sapertos Gusti, nun
PANGERAN, taya nu mampuh nyieun hal
sapertos nu ku Gusti dipidamel.
[9] Bangsa-bangsa sadayana, kenging Gusti
ngagelarkeun, tangtos darongkap, dareku di
payuneun, bakal maruji kaagungan Gusti.
[10] Rehing Gusti teh agung, kawasa ngadamel
mujijat, mung Gusti nyalira Allah teh.
[11] Wurukan, abdi teh kedah kumaha, nun
PANGERAN, tangtos ku abdi ditumutkeun
kalayan satia, kumaha kedahna ngabdi ka
Gusti kalayan satuhu.

12 Abdi seja muji ka Gusti sabuleud hate, nun
PANGERAN Allah abdi, seja ngabewarakeun
kaagungan Gusti sapapaosna.
13 Kalintang ageungna satia asih Gusti ka
abdi, dugi ka nyawa abdi dijait ti jero kubur!
14 Abdi dikurubut ku nu arangkuh, nun Allah;
diarah bade dipaehan ku sabubuhan jelema
telenges, jalmi-jalmi anu henteu malire ka
Gusti.
15 Nanging Gusti teh Allah anu sipat rahman
rahim, langsar manah, leber kaasih, satia
tuhu.
16 Mugi abdi katampi, neda jembar piwelas-
Na, kiatkeun, salametkeun, margi sapertos
pun biang, abdi oge bakti teh ka Gusti.
17 Abdi Gusti mugi dipaparin tanda kasaean
Gusti, supados anu ngarewaeun ka abdi
areraeun naringal abdi ditulung sareng
dililipur ku Gusti.

87 1 Jabur golongan Korah. Lagu.
PANGERAN ngadegkeun kota-Na di
luhur pasir suci-Na.
2 Kota Yerusalem teh kakasih PANGERAN,
ngungkulan sakabeh tempat nu aya di Israil.
3 He kota Allah, reungeukeun, hal-hal nu
araheng tina hal anjeun, anu disaurkeun ku
Mantenna:
4 "Mesir jeung Babul ku Kami rek diasupkeun
kana daptar bangsa-bangsa anu narurut ka
Kami; urang Pelisti, urang Tirus jeung urang

Sudan, rek diasupkeun kana bilangan nu maratuh di Yerusalem."
5 Ari Sion bakal kakocapkeun, yen sakabeh bangsa jadi wargana, sarta ku Nu Maha Kawasa, Sion bakal ditohagakeun.
6 PANGERAN bakal nyatetkeun jalma-jalma dina daptar, kabeh dijadikeun warga kota Yerusalem.
7 Bari ngarigel, maranehna maruji kieu, "Nya di Sion ayana sagala sumber kabagjaan urang."

88 1 (88-1) Lagu. Jabur golongan Korah. Pikeun pamingpin biduan. Nurutkeun lagu: Mahalat Leanot. Lagu atikan ti Heman, urang Esrah. (88-2) Nun GUSTI Allah, jurusalamet abdi, ari siang abdi sasambat, ari wengi dumeuheus ka payuneun Gusti.
2 (88-3) Mugi ieu paneda teh dangukeun, dangukeun panyambat abdi nyuhunkeun tulung!
3 (88-4) Abdi diambreg ku rupi-rupi pakewuh, ajal parantos nyantong,
4 (88-5) sapertos nu sanes-sanes anu parantos meh maot, parantos taya tangan pangawasa.
5 (88-6) Abdi ditinggalkeun di nu paraeh, sapertos nu dipaehan, ngalonjor di jero kuburan maranehna, anu ku Gusti hamo diemut-emut deui, parantos di luareun pitulung Gusti.

6 (88-7) Abdi ku Gusti digebruskeun ka jero
liang kubur, liang anu pangpoekna sareng
pangjerona.
7 (88-8) Amarah Gusti nindihan kacida
abotna, abdi remuk dilindes ku panekana.
8 (88-9) Babaturan abdi ku Gusti
sina nyalingkir, abdi ku Gusti didamel
pikageuleuheun maranehna. Abdi kakepung,
taya petana kaluar.
9 (88-10) Panon ceuleuyeu teu kiat ku
sangsara. Sadidinten abdi sasambat ka Gusti,
leungeun tumamprak neda pitulung.
10 (88-11) Gusti teh bade midamel mujijat
ka nu parantos maraot? Tiasaeun mayit lugay
teras mumuji ka Gusti?
11 (88-12) Naha kaasih Gusti sok
diomongkeun di jero kubur? Naha kasatiaan
Gusti sok dicarioskeun di tempat kabinasaan?
12 (88-13) Naha tiasa katingal mujijat-
mujijat Gusti di nu poek, kitu deui kasaean
Gusti di tanah nu leungit tina emutan?
13 (88-14) Nun PANGERAN, abdi ngalengis
nyambat pitulung, saban enjing neneda ka
Gusti.
14 (88-15) Naon margina abdi disieuhkeun,
nun PANGERAN, naon margina Gusti
ngabalieur ti abdi?
15 (88-16) Ti ngongora abdi teh diriripuh
dugi ka mehmehan maot, parantos cape
nadahan hukuman ti Gusti.

16 (88-17) Haben dilindes ku amarah Gusti
anu ngentab-ngentab, binasa jadi tadah
panyiksa Gusti.
17 (88-18) Sadinten jeput sapertos
diteumbragan ku caah, ambreg ti unggal sisi.
18 (88-19) Sobat-sobat nu pangdalitna ge
naringgalkeun, nu maturan teh mung poek.
89 1 (89-1) Lagu atikan ti Etan, urang
Esrah. (89-2) Abdi salamina bade
nganyanyikeun satia asih Gusti, nun Allah,
salamina bade ngamashurkeun kasatiaan
Gusti.
2 (89-3) Abdi terang kaasih Gusti tetep
salalamina kasatiaan Gusti sateguh langit.
3 (89-4) Saur Gusti, "Kami geus jangji ka hiji
jalma pilihan Kami; Kami geus sumpah ka
Daud, abdi Kami,
4 (89-5) Hiji turunan maneh salawasna
bakal jadi raja, tahta karajaan maneh bakal
langgeng."
5 (89-6) Satungkebing langit muji kaajaiban
padamelan Gusti, nu saruci muji-muji
kasatiaan Gusti, nun PANGERAN.
6 (89-7) Di sawarga teu aya nu sapertos
Gusti, teu aya mahluk sawarga anu nandingan
Gusti.
7 (89-8) Dina pasamoan mahluk-mahluk
suci, Gusti pada mikagimir, sadayana alajrih
ka Gusti.

8 (89-9) Nun GUSTI Allah Nu Maha Kawasa,
teu aya anu hebatna sapertos Gusti, Gusti
satia dina sagala perkawis, nun PANGERAN.
9 (89-10) Gusti murba kana kaangkaraan
laut, ombakna nu ngamuk ku Gusti
dilelerkeun.
10 (89-11) Rahab, naga laut, ku Gusti
dipaehan, diremukkeun, musuh-musuh
kucar-kacir ku kawasa Gusti.
11 (89-12) Langit kagungan Gusti, bumi oge
kagungan Gusti, alam dunya saeusina nya
Gusti anu ngagelarkeun.
12 (89-13) Kaler sareng kidul Gusti anu
nyiptakeun, Gunung Tabor sareng Gunung
Hermon nyanyi kangge Gusti.
13 (89-14) Kawasa Gusti tanpa tanding!
Gusti bedas liwat saking!
14 (89-15) Karajaan Gusti napak dina
kaestuan sareng kaadilan, kaasih sareng
kasatiaan tembong dina samudaya karya
Gusti.
15 (89-16) Estu bagja jalmi anu sumujud ka
Gusti bari gumbira, anu hirupna dina cahaya
kasaean Gusti.
16 (89-17) Sadidintenna suka bungah ku
karana Gusti, muji sukur ku karana piwelas
Gusti.
17 (89-18) Gusti maparin kaunggulan ka
abdi-abdi, ku karana asih Gusti abdi-abdi
tiasa unggul.

18 (89-19) Gusti, nun PANGERAN, maparin
papayung, Gusti, Nu Suci, Allah Israil,
maparin raja ka abdi-abdi.
19 (89-20) Ti kapungkur keneh, dina hiji
titingalian, Gusti ngandika ka para kawula
Gusti nu saratia, "Kami geus nulung hiji
prajurit anu kamashur, diangkat ti tengah
rahayat, sina ngadiukan tahta.
20 (89-21) Abdi Kami Daud, ku Kami
dijadikeun raja, geus diistrenan ku Kami ku
minyak suci.
21 (89-22) Salawasna baris dideudeul ku
kabedasan Kami, kakawasaan Kami baris jadi
kakuatanana.
22 (89-23) Musuh-musuhna moal bisa
ngelehkeun, nu daroraka moal bisa meunang
ka manehna.
23 (89-24) Kami nu baris nyasaak musuh-
musuhna, Kami nu baris maehan nu
ngarewaeunana.
24 (89-25) Kami rek mikanyaah, rek satia
ka manehna, ku Kami rek disina meunangan
terus.
25 (89-26) Karajaanana rek dilegakeun, ti
Laut Tengah nepi ka Walungan Eprat.
26 (89-27) Ngabasakeunana ka Kami,
Rama, Allah abdi. Ama benteng sareng
panyalindungan abdi.
27 (89-28) Estu, ku Kami rek dijieun anak
cikal, anu pangpunjulna ti sakabeh raja-raja.

28 (89-29) Jangji Kami ka manehna
salawasna bakal ditedunan, perjangjian Kami
ka manehna bakal langgeng.
29 (89-30) Tahtana rek dipageuhkeun
sapageuh langit, ti turunanana salawasna aya
bae anu pijadieun raja.
30 (89-31) Tapi lamun turunanana teu nurut
kana hukum Kami, hirupna teu nurutkeun
parentah-parentah Kami,
31 (89-32) lamun ngalanggar aturan-aturan
jeung katangtuan-katangtuan Kami,
32 (89-33) maranehna geus tangtu baris
dihukum, baris disusahkeun ku karana
kasalahanana.
33 (89-34) Najan kitu kanyaah Kami ka Daud
moal laas, jangji Kami ka manehna moal
gingsir.
34 (89-35) Perjangjian Kami ka manehna
moal pegat, jangji Kami sarupa ge moal aya
nu dicabut.
35 (89-36) Sabab Kami geus sumpah demi
kasucian Kami: pamohalan Kami jalir ka
Daud!
36 (89-37) Salawasna bakal aya turunanana,
karajaanana baris diaping ku Kami satungtung
aya keneh panonpoe.
37 (89-38) Sina tetep aya saperti bulan, nu
jadi saksi satia di langit."
38 (89-39) Nanging Gusti bet bendu ka
anjeunna, raja pilihan Gusti ku Gusti dipiceun,
ditolak.

39 (89-40) Perjangjian Gusti ka anjeunna
dipegatkeun, makutana ku Gusti dialungkeun
ka nu jeblog.
40 (89-41) Kuta-kuta kotana dirugrugkeun,
benteng-bentengna diburak-barik,
41 (89-42) harta milikna diranjah ku nu
laliwat, sarta anjeunna diseungseurikeun ku
para tatangga.
42 (89-43) Musuh-musuhna ku Gusti disina
unggul, disina saruka bungah.
43 (89-44) Anjeunna disina eleh perangna,
pakarangna disina taya gunana.
44 (89-45) Iteuk karajaanana ku Gusti
dicandak, tahtana dibeubeutkeun kana
taneuh.
45 (89-46) Mangsa anomna ku Gusti
disinggetkeun, dipopokan ku kahinaan.
46 (89-47) Na Gusti teh bade teras nyumput
bae? Bade dugi ka iraha Gusti bendu
ngagugudug?
47 (89-48) Mugi diemut, umur abdi teh
kacida pondokna. Mugi diemut, manusa teh
ku Gusti dijadikeun mahluk pana.
48 (89-49) Saha pijalmieunana anu moal
keuna ku ajal, anu tiasa ngejat tina alam
kubur?
49 (89-50) Nun PANGERAN, mana tanda
kanyaah Gusti anu kapungkur teh? Mana
jangji-jangji Gusti ka Daud teh?

50 (89-51) Ulah lali, abdi Gusti sakieu
diasorkeunana, nandangan panghina
bangsa-bangsa deungeun.
51 (89-52) Nun PANGERAN, raja pilihan Gusti
teh dihina ku musuh-musuh Gusti! Mios ka
mana ge teu weleh dinistakeun.
52 (89-53) Puji PANGERAN salalanggengna!
Amin! Amin!

90 1 Paneda Musa, abdi Allah. Nun
PANGERAN, Gusti teh salamina jadi
panyalindungan abdi sadaya.
2 Memeh Gusti ngajadikeun gunung-gunung,
memeh bumi sareng alam dunya ku Gusti
dicipta, Gusti parantos jumeneng Allah
nu langgeng sareng baris teras jumeneng
salalanggengna.
3 Gusti ngedahkeun manusa mulang ka asal,
ku Gusti dijadikeun deui lebu.
4 Kangge Gusti mah sarebu taun sami sareng
sadinten, saumur dinten kamari anu parantos
liwat, lir hiji saat anu pondok wanci wengi.
5 Umur jalmi ku Gusti disina nyeot lir palid
ku caah, teu langkung panjang ti saimpian.
Sapertos jujukutan, enjing-enjing marentik,
6 jaradi sareng karembangan, sorena
gararing teras paraeh.
7 Abdi-abdi musna ku bebendu Gusti, sami
sumeblak ku duduka Gusti.
8 Dosa abdi-abdi disina nembrak di payuneun
Gusti, sanaos buni ku Gusti mah katingali.

9 Hirup abdi-abdi jadi pondok, diteukteuk
ku bebendu Gusti, umur sirna ibarat napas
sarenghap.
10 Lamina umur abdi-abdi mung tujuh puluh
taun, atanapi dalapan puluh pikeun nu kiat,
kitu ge bari ripuh seueur nu karasa, hirup
sakedap, teras sirna.
11 Saha nu parantos ngarasa karongkahan
mudalna bebendu Gusti? Saha nu sadar
kumaha matak gimirna balukar tina duduka
Gusti?
12 Elingkeun abdi sadaya yen hirup teh kacida
pondokna, supados jadi jalmi wijaksana.
13 Sabaraha deui lamina Gusti bendu teh?
Sing hawatos ka sadaya kawula Gusti.
14 Tembongkeun kaasih Gusti ka abdi sadaya
unggal enjing, supados hirup abdi-abdi tiasa
ngarasa bagja.
15 Paparinan kagenahan, saimbang sareng
kaprihatinan anu dikeunakeun ka abdi sadaya
salami nyorang kalaraan.
16 Ebrehkeun padamelan Gusti anu rongkah
ka abdi-abdi, ebrehkeun pangawasa Gusti
anu mulya ka turunan abdi sadaya.
17 Paparinkeun rahmat Gusti, nun
PANGERAN, Allah abdi sadaya! Langsarkeun
sugri pagawean abdi sadaya!
91 1 Anu nyalindung ka Nu Maha Agung,
anu aya dina pangraksa Nu Maha
Kawasa,

2 bisa unjukan ka Mantenna, "Gusti
teh benteng panyalindungan abdi, Allah
pangharepan abdi."
3 Mantenna baris ngajaga anjeun tina bahya
nu teu tembong, tina panyakit anu mateni.
4 Mantenna baris mindingan anjeun
ku jangjang-Na, anjeun baris aman
dina pangraksa-Na, baris dijaga jeung
ditangtayungan ku kasatiaana-Na.
5 Ti peuting teu kudu mingsir sieun balahi,
ti beurang teu kudu rempan ku bahaya
ngadadak.
6 Teu kudu risi ku panyakit nu datangna
waktu poek, teu kudu rentag ku ajal anu
narajang waktu caang beurang.
7 Najan sarebu anu rebah di gigireun,
sapuluh rebu di sakurilingeun, anjeun mah
moal kieu-kieu.
8 Ku anjeun bakal katingal, kumaha
siksaanana jelema jahat.
9 Sabab nya PANGERAN nu ku anjeun dijieun
panyalindungan, nya Nu Maha Agung nu ku
anjeun dipake panyaluuhan.
10 Anu matak, bahya moal aya anu datang,
kaniaya moal aya nu nyampeurkeun ka eusi
imah anjeun.
11 Allah baris nempatkeun malaikat-
malaikat-Na, ngajaga anjeun sanajan aya di
mana.
12 Ku eta anjeun teh ditaranggeuy, sangkan
suku anjeun teu ngagasruk kana batu.

13 Singa galak jeung oray matih ge ku anjeun
baris bisa ditincakan.
14 Allah ngandika, "Jalma nu nyaah ka Kami
tangtu ku Kami disina salamet. Anu ngaku
yen Kami teh PANGERAN tangtu ku Kami
ditangtayungan.
15 Ana maranehna nyambat ka Kami tangtu
dibales. Ana maranehna kasusahan, tangtu
ku Kami dibaturan, tangtu ditulungan jeung
dibere kahormatan.
16 Umurna rek dipanjangkeun, ku Kami rek
disalametkeun."
92 1 (92-1) Lagu keur poe Sabat. (92-2)
Muji sukur ka Gusti teh lampah utami,
nun PANGERAN, muji, ngahormat ka Gusti,
Allah Anu Maha Agung,
2 (92-3) ngabewarakeun satia asih Gusti
unggal enjing, sareng kasatiaan Gusti unggal
wengi,
3 (92-4) bari nabeuh tatabeuhan kawat,
sareng lagu nganggo kacapi.
4 (92-5) Padamelan Gusti anu harebat
ngabungahkeun abdi, abdi nyanyi gumbira ku
hal anu parantos dipidamel ku Gusti.
5 (92-6) Ku agung padamelan Gusti,
nun PANGERAN; mamanahan Gusti sanes
teuleum-teuleumaneun!
6 (92-7) Moal kasungsi ku jalmi tuna
pangarti, moal kahontal ku jalmi bodo.

7 (92-8) Nu daroraka najan mekar cara
jujukutan, nu jarahat najan hirupna sarenang,
tangtos bakal ajur tumpur,
8 (92-9) reh Gusti teh nun PANGERAN,
kawasa salalanggengna.
9 (92-10) Abdi-abdi yakin, musuh-musuh
Gusti bakal tumpur, nu jarahat teh bakal
kasoran.
10 (92-11) Abdi ku Gusti disina bedas lir
banteng alas, dipaparin kasenangan.
11 (92-12) Parantos katingal musuh abdi teh
areleh, parantos kakuping tingkoceakna anu
jarahat.
12 (92-13) Jalma bener bakal ngagedean
cara tangkal korma, bakal jaradi cara kiputri
Libanon.
13 (92-14) Maranehna ibarat tatangkalan
nu dipelak di gedong PANGERAN, jararadi di
Bait-Na Allah urang,
14 (92-15) nepi ka kolotna ge masih keneh
buahan, tetep subur hejo ngemploh.
15 (92-16) Eta nembongkeun yen PANGERAN
teh adil, panyaluuhan kaula estu taya
kuciwana.

93 1 PANGERAN teh Raja. Mantenna
diraksukan kaagungan jeung
kakawasaan. Bumi teteg diadegkeun dina
tempatna, moal kaoyag kagedag.
2 Tahta Gusti ngadeg kiat ti awalna, nun
PANGERAN, Gusti jumeneng ti jaman
langgeng.

3 Dasar samudra ngaluarkeun soara, nun
PANGERAN, jumegurna beuki ngaguruh.
4 Nanging Gusti anu kawasa di sawarga,
nun PANGERAN, langkung rongkab ti batan
jumegurna samudra, langkung perkosa ti
batan ombak sagara.
5 Hukum-hukum Gusti langgeng, nun
PANGERAN, Bait Gusti estu suci, ngadeg
salalanggengna.
94 1 Nun PANGERAN, Gusti teh Allah
nu nyepeng wawales. Tembongkeun
wawales ti Gusti!
2 Gusti teh hakim sakumna manusa, bales
jalmi nu sarombong teh masing satimpal!
3 Sabaraha lamina deui nu daroraka
senang-senang? Sabaraha lamina deui, nun
PANGERAN?
4 Sabaraha lamina deui nu jarahat
sarombong, aragul ku kajahatanana?
5 Maranehna ngekecek umat Gusti, nun
PANGERAN, ngagencet umat kagungan Gusti.
6 Randa sareng barudak pahatu diparaehan,
kitu deui anu ngalumbara di ieu tanah.
7 Carek maranehna, "Moal kanyahoan ku
PANGERAN, Allahna Israil teh moal malire."
8 He rahayat, ku naon barodo-barodo teuing?
Iraha rek daraek diajar?
9 Allah nu ngadamel ceuli urang, moal enya
teu ngadangu? Mantenna nu ngadamel panon
urang, moal enya teu ningali?

10 Allah anu nyeuseul bangsa-bangsa,
moal enya moal ngahukum? Mantenna
guru sakumna manusa, moal enya taya
kauninga-Na?
11 PANGERAN uninga kana pikiran
maranehna, kauninga yen kabeh ge mubadir.
12 Bagja jalmi anu dididik ku Gusti, nun
PANGERAN, sina terangeun kana hukum
Gusti!
13 Dina mangsa aya pakewuh, ku Gusti
disina ayem, dugi ka nu jahat teh beunang ku
burang.
14 PANGERAN moal ngabodokeun umat-
Na, pamohalan nilarkeun sakur nu jadi
kagungana-Na.
15 Kaadilan baris aya deui di pangadilan,
sarta baris disokong ku nu jalujur.
16 Saha nu bela ka abdi, ngalawan anu
jarahat? Saha nu aya gigireun abdi, ngalawan
para durjana?
17 Upami teu aya pitulung PANGERAN,
tangtos abdi parantos pindah ka enggon anu
maraot.
18 Sanggem pikiran, "Aduh tiguling," nanging
teras disangkeh ku satia asih Gusti.
19 Nalika abdi nuju honcewang seueur
kasalempang, ku Gusti dililipur malar janglar.
20 Gusti tara biluk ka hakim-hakim nu
serong, anu ngesahkeun kateuadilan,
21 anu sapongkol nyalahkeun nu bener, anu
nerapkeun hukum pati ka nu teu salah.

22 Untung kaula, dibela ku PANGERAN
diraksa ku Allah kaula.
23 Kajahatan maranehna baris dihukum ku
Mantenna, ditumpes ku karana dosa-dosana,
geus tangtu baris ditumpes, ku PANGERAN,
Allah urang.
95 1 Hayu, urang maruji ka PANGERAN!
Nyanyi sing gumbira keur Allah, anu
nangtayungan urang.
2 Hayu urang ka Mantenna, nyanggakeun
panarima, urang nyanyi muji sukur.
3 Karana PANGERAN teh Allah Nu Maha
Kawasa, raja nu pinunjul, ngungkulan
sakabeh ilah.
4 Mantenna anu kawasa ka sabumi alam, ti
gorowong nu pangjerona, nepi ka puncak
gunung nu pangluhurna.
5 Murba ka lautan, kenging-Na ngajadikeun,
sarta murba ka daratan, kenging-Na
ngabangun.
6 Hayu dareku, ngabakti ka Mantenna, tapak
tuur di payuneun PANGERAN, nu ngadamel
diri urang.
7 Mantenna teh Allah urang, urang teh
umat cangkingana-Na, ibarat domba-domba
angonan Mantenna. Ayeuna rareungeukeun,
kieu dawuhana-Na:
8 "Ulah warangkelang cara karuhun maraneh
di Meriba, jaman maranehna araya di gurun
keusik di Masa.

9 Di dinya maranehna nyoba, ngadoja ka
Kami sakitu geus narenjo sakur anu dipigawe
ku Kami.
10 Opat puluh taun Kami dirurungsing ku eta
umat. Nu matak ceuk Kami, Euweuh pisan
satiana eta jalma-jalma teh! Teu narurut kana
parentah Kami.
11 Ku bawaning jengkel Kami nepi ka
sumpah, Maraneh hamo asup ka eta tanah,
moal dibikeun reureuh di dinya."
96 1 Sanggakeun ka PANGERAN, lagu
pupujian anyar! Sanggakeun nyanyian
ka PANGERAN, he sakuliah jagat!
2 Sanggakeun nyanyian ka PANGERAN, puji
Mantenna! Sebarkeun warta hade saban poe,
yen Mantenna geus nyalametkeun urang.
3 Caritakeun kaagungana-Na ka sakabeh
bangsa, caritakeun karongkahan padamelana-
Na ka sakabeh jalma.
4 PANGERAN agung, wajib dijungjung luhur,
wajib dihormat leuwih ti ilah-ilah.
5 Ilah-ilah bangsa-bangsa batur ngan ukur
arca, ari PANGERAN mah nu nyipta sakubeng
langit.
6 Mantenna dikubeng ku kamulyaan jeung
kaagungan, Bait-Na dipinuhan ku kakawasaan
jeung kaendahan.
7 Puji PANGERAN, he umat sajagat, puji
kaagungan jeung kapunjulana-Na.

8 Puji kaagungan jenengan PANGERAN.
Sanggakeun pangbakti, geura arasup ka
Bait-Na.
9 Tarungkul lamun Mantenna geus
nembongan, sajagat kabeh sing ngadegdeg
di payuneuna-Na.
10 Wartakeun ka sakabeh bangsa,
"PANGERAN teh Raja! Bumi geus maneuh,
pageuh moal ongget-ongget; Allah baris
ngahakiman bangsa-bangsa reujeung adil."
11 He langit jeung bumi, masing saruka!
He laut, katut mahluk-mahlukna, mangka
jumegur!
12 He tegal-tegal jeung saeusina, mangka
barungah! He tatangkalan eusi leuweung,
surak sing gerah!
13 Masing saruka lamun PANGERAN sumping
baris marentah ieu bumi. Mantenna baris
ngatur manusa pangeusi dunya reujeung adil,
lempeng jujur.
97 1 PANGERAN teh Raja! Bumi, masing
gumbira! He pulo-pulo di lautan,
masing suka!
2 Mantenna dikubeng ku mendung jeung
angkeub, marentahna adil, satemenna.
3 Seuneu ngagedur saheulaeun Mantenna,
ngahuru musuh-musuh sakurilingna.
4 Kilat-kilat Mantenna nyaangan alam dunya,
bumi ngadegdeg nenjo eta.

5 Gunung-gunung laleyur kawas lilin di
payuneun PANGERAN, di payuneun Gustina
sakuliah jagat.
6 Satungkebing langit ngutarakeun kaadilan
Mantenna, sakumna bangsa-bangsa
nyaraksian kamulyaana-Na.
7 Nu maruhit ka arca-arca diera-era, ilah-ilah
kabeh ngareluk di payuneun PANGERAN.
8 Urang Sion galumbira, kitu deui kota-kota
tanah Yuda, sararuka ku putusan Gusti, nun
PANGERAN.
9 Nun PANGERAN Nu Maha Kawasa, Gusti
nyepeng sakuliah jagat. Gusti punjul ti sadaya
ilah-ilah.
10 PANGERAN asiheun ka jalma nu ngamusuh
kagorengan. Mantenna nangtayungan hirup
umat-Na, diluputkeun tina genggeman jalma
jarahat.
11 Cahya caang sumirat ka nu balener,
kasenangan tumerap ka nu balageur.
12 He jalma-jalma nu satemenna, masing
saruka ku anu geus dipidamel ku PANGERAN,
ingetkeun, sukurkeun, naon-naon anu geus
dijalankeun ku Allah nu suci.

98 1 Jabur. Sanggakeun ka PANGERAN,
pupujian anyar, Mantenna geus
midamel hal-hal anu ajaib! Sarta ku sabab
kawasa jeung digjaya, Mantenna unggul.
2 PANGERAN ngumumkeun kaunggulana-Na.
Kakawasaana-Na paranti nyalametkeun teh
dibewarakeun ka bangsa-bangsa.

3 Jangji Mantenna ka urang Israil estu teguh,
lantaran satia jeung asih ka maranehna.
Jalma-jalma di mana-mana kabeh narenjoeun
unggulna Allah urang.
4 Geura surak keur PANGERAN, he sakuliah
jagat, mulyakeun Mantenna ku lagu jeung
surak gumbira!
5 Nyanyikeun pupujian ka PANGERAN,
tabeuhan ku kacapi!
6 Tiup tarompet jeung tarompet tanduk,
gederkeun surak ka PANGERAN, raja urang.
7 Laut katut sakabeh mahlukna, sing
jumegur, bumi katut sapangeusina, geura
maruji!
8 He walungan-walungan, mangka kaleprok,
he pasir-pasir, mangka nyaranyi reujeung
suka di payuneun PANGERAN!
9 Sabab Mantenna rawuh rek nyepeng ieu
bumi. Mantenna baris marentah pangeusi
ieu dunya, marentah kalawan adil jeung
satemenna.

99 1 PANGERAN teh Raja, bangsa-bangsa
gumeter. Mantenna linggih dina tahta,
luhureun mukarabin, bumi inggeung.
2 PANGERAN kawasa di Sion, estu pinunjul,
murba ka bangsa-bangsa sakumna.
3 Bangsa-bangsa bakal maruji kaagungan
jeung kadaulatan jenengana-Na. Suci
Mantenna teh!
4 Nun Raja kawasa, Gusti teh tigin kana
kaadilan, Gusti parantos ngukuhkeun hukum

di Israil, parantos ngajalankeun kaadilan
sareng katemenan.
5 Agungkeun PANGERAN, Allah urang, geura
sembah sujud hareupeun tahta-Na! Suci
Mantenna teh!
6 Musa jeung Harun kaasup imam-imam
Mantenna, Samuel kaasup anu nyambat
ka Mantenna; aranjeunna sasambat ka
PANGERAN, ku Mantenna diwaler.
7 Mantenna ngandika ka aranjeunna tina
tihang mega; aranjeunna taat kana hukum
jeung timbalan-timbalana-Na.
8 Nun PANGERAN, Allah abdi sadaya, Gusti
ngawaler panyambat umat. Sanaos ku karana
dosana maranehna dihukum, nanging Gusti
nganyatakeun yen Gusti teh Allah nu jembar
hampura.
9 Puji PANGERAN, Allah urang, bakti
Mantenna, di Gunung-Na anu suci.
PANGERAN teh Allah urang anu suci.

100 1 Jabur waktu nyanggakeun kurban
panarima. Nyanyi ka PANGERAN,
he sakuliah jagat!
2 Sembah PANGERAN bari jeung suka,
deuheusan, bari nyanggakeun lagu gumbira.
3 Embarkeun yen PANGERAN teh Allah.
Mantenna geus ngadamel diri urang,
urang teh kagungana-Na, urang umat-Na,
domba-domba Mantenna.
4 Geura arasup ka lawang Bait Allah bari
ngucap sukur, geura arasup ka buruana-Na

bari maruji. Ucapkeun sukur ka Mantenna,
puji Mantenna.
5 PANGERAN teh sae manah, asihna
langgeng, satia-Na sapapanjangna.

101 1 Jabur Daud. Ieu lagu abdi,
ngeunaan kasatiaan sareng
kaadilan, bade dinyanyikeun ka Gusti, nun
PANGERAN.
2 Abdi seja milampah kalakuan nu taya
cawadeunana. Iraha Gusti bade rawuh ka
abdi? Abdi di rorompok sumeja ngalakonan
hirup beresih,
3 bade nebihan lampah nirca, ngabaidkeun
laku lampah nu malurtad ti Allah, narah biluk
ka nu karitu.
4 Moal serong hate, moal miluan kana
lampah doraka.
5 Anu sok haruwas-harewos ngagogoreng
batur, ku abdi bade diusir; moal nyabaran ka
nu adigung adiguna.
6 Anu bade diluluskeun teh jalmi anu tigin ka
Allah, bade dikengingkeun hirup di karaton
abdi. Anu leres-leres lempeng hatena, tangtos
diwidian ngawula.
7 Abdi moal ngampihan tukang tipu, moal
miara jalma pura-pura.
8 Unggal-unggal dinten, abdi bade ngabasmi
anu jarahat ti jero nagri. Para durjana
sadayana bade diusiran, moal diantep hirup
di kotana PANGERAN.

102 [1] (102-1) Doa ti nu keur lara,
keur teu daya teu upaya, anu
ngucutkeun eusi hatena ka PANGERAN.
(102-2) Nun PANGERAN, mugi dangukeun
panyambat abdi, jerit abdi neneda pitulung
mugia dongkap ka Gusti;
[2] (102-3) mugi Gusti ulah ngalieus, nalika
abdi keur sangsara, dangukeun nun Gusti,
abdi jumerit, mugi Gusti kersa enggal
ngawaler.
[3] (102-4) Margi umur abdi teh musna
lir haseup, sungsum balung asa panas lir
diduruk,
[4] (102-5) awak laleuleus lir jukut garing teu
hayang neda-neda acan.
[5] (102-6) Abdi mung tiasa udah-aduh, awak
ngajangjawing, kantun kulit sareng tulang.
[6] (102-7) Abdi lir manuk di gurun keusik, lir
bueuk di ruruntuhan sepi.
[7] (102-8) Ngagoler teu daek sare, kawas
manuk nyorangan di suhunan imah.
[8] (102-9) Sadidinten hantem bae
dicacampah ku musuh, ngaran abdi dijarieun
panyumpahan ku sugri nu mikaijid.
[9] (102-10) Tedaeun abdi sanes sangu
nanging lebu, inumeun pacampur sareng
cipanon,
[10] (102-11) da ku Gusti sakitu dibenduanana
sareng disiksana, dugi ka dijeuwang lajeng
digejretkeun pisan.

11 (102-12) Umur abdi lir kalangkang wanci
tunggang gunung, abdi teh lir jukut garing.
12 (102-13) Nanging nun PANGERAN,
Gusti mah jumeneng Raja salalanggengna,
jenengan Gusti tetep baris dipiemut, turunan
nema turunan.
13 (102-14) Gusti tangtos bijil nembongkeun
kawelas ka Sion, parantos waktosna eta teh
dipikawatir, nya ayeuna mangsana.
14 (102-15) Eta teh sanaos parantos
burak-barik, tetep dipikacinta ku sadaya abdi
Gusti, sanaos eta teh kantun ruruntuk, tetep
ku maranehna dipikawatir.
15 (102-16) Bangsa-bangsa baris gimir ku
PANGERAN, raja-raja di bumi sadayana bakal
rentag ku kakawasaana-Na.
16 (102-17) Lamun PANGERAN geus
ngawangun deui Sion, kaagungan Mantenna
bakal diebrehkeun.
17 (102-18) Mantenna bakal malire umat-Na
anu geus teu dipirosea, paneda maranehna
baris didangu.
18 (102-19) Tuliskeun sakur anu geus
dipidamel ku PANGERAN, pikeun turunan nu
bakal datang, supaya jalma-jalma nu ayeuna
tacan lahir engke maruji ka Mantenna.
19 (102-20) PANGERAN ningali ka handap ti
tempat suci-Na di luhur, ningali ka bumi di
handap, ti sawarga.

20 (102-21) Mantenna ngadangukeun udah-
aduhna para tahanan, jeung ngaleupaskeun
anu meunang hukum pati;
21 (102-22) Ku sabab kitu jenengana-Na
bakal dimashurkeun di Sion, Mantenna bakal
diparuji di Yerusalem,
22 (102-23) lamun bangsa-bangsa jeung
karajaan-karajaan bareng daratang, sarta
ngabarakti ka PANGERAN.
23 (102-24) Tanaga kaula ku PANGERAN
dileumpeuhkeun ngora-ngora, umur kaula ku
Mantenna dipondokkeun.
24 (102-25) Nya kaula sasambat: "Nun
Allah, mugi abdi ulah dicandak satengahing
umur." Nun PANGERAN, Gusti teh jumeneng
langgeng,
25 (102-26) kapungkur ngadegkeun bumi,
langit oge hasil damel panangan Gusti;
26 (102-27) eta bakal keuna ku musna,
nanging Gusti mah langgeng jumeneng
sapapaosna, eta sadayana bakal bobo kawas
lawon, sarta ku Gusti disingkirkeun lir baju
butut, ahirna musna,
27 (102-28) dupi Gusti mah tetep henteu
robah-robah, hadirat Gusti teu aya tamatna.
28 (102-29) Anak incu abdi-abdi Gusti tiasa
hirup tengtrem, sarta turunan maranehna ge
bakal aman, ku karana pangraksa Gusti.

103 1 Ti Daud. Mulyakeun PANGERAN,
he nyawa, mulyakeun sakuat-kuat
jenengana-Na nu suci!

2 Mulyakeun PANGERAN, he nyawa, jeung
ulah poho, kumaha saena Mantenna.
3 Mantenna ngahampura sakabeh dosa
kaula, nyageurkeun sagala panyakit kaula.
4 Ngajaga kaula tina liang kubur, sarta
ngaberkahan kaula kalayan asih jeung welas.
5 Mantenna ngeusian hirup kaula ku hal-hal
anu harade, nepi ka kaula awet ngora tur
rosa tanaga kawas galudra.
6 PANGERAN geus maparin kaadilan, jeung
ngabela hak sakur nu dikaniaya.
7 Maksad Mantenna ku Mantenna geus
diterangkeun ka Musa, padamelan-
padamelana-Na geus dipintonkeun ka kaom
Israil.
8 Estu PANGERAN teh welas asih, lautan
kurnia, sabar adil palamarta, sarta jembar
hampura-Na,
9 tara terus nyeuseul salawasna, tara terus
bendu salalanggengna;
10 ngahukumna ge tara diukur-ukur kana
dosa urang, tara diijir-ijir kana kadorakaan
urang;
11 malah saenyana mah, sakumaha
jauhna tanah ka langit, nya sakitu rosana
kawelasana-Na ka sakur anu hormat ka
Mantenna teh.
12 Sakumaha anggangna wetan ti kulon, nya
sakitu jauhna dosa-dosa urang dijauhkeunana
ti urang.

13 Sakumaha bapa nyaaheun ka anakna,
PANGERAN teh nyaaheun ka sakur anu
hormat ka Mantenna.
14 Mantenna uninga kana bahan asal urang,
kaemut yen urang teh saukur lebu.
15 Urang mah, hirup urang lir ibarat jukut,
sirungan jeung ngagedean kawas kembang
tegalan,
16 les bae euweuh, katiup ku angin, moal
katenjo-tenjo deui.
17 Tapi ka sakur nu hormat ka PANGERAN
mah asih-Na teh langgeng, sarta kasaeana-Na
tumuluy ka sakabeh turunan,
18 jalma-jalma anu nyekel jangji Mantenna,
jeung anu gumati kana timbalana-Na.
19 PANGERAN ngadegkeun tahta-Na di
sawarga, Mantenna raja anu murba wisesa.
20 Mulyakeun PANGERAN, he para malaikat
anu garagah perkosa, anu narurut ka
pangersa Mantenna, anu gumati kana
saungeling dawuhana-Na.
21 Mulyakeun PANGERAN, he wadya balad
sawargawi, he para kawula-Na, anu ngemban
pangersa-Na.
22 Mulyakeun PANGERAN, he sakabeh
mahluk Mantenna di sakabeh tempat
bawahan pamarentahana-Na, mulyakeun
PANGERAN, he nyawa!

104 1 Mulyakeun PANGERAN, he nyawa!
Nun PANGERAN, Allah abdi,

Gusti teh Maha Agung! Gusti dangdos ku
kaagungan sareng kamulyaan,
2 salira dikubeng ku cahya. Gusti
mantengkeun langit sapertos tenda,
3 sareng ngadegkeun malige Gusti di luhur
cai di langit. Mega dijadikeun kareta, angkat
nitih jangjang angin.
4 Angin dijadikeun utusan, kilat dijadikeun
palayan.
5 Gusti ngadegkeun bumi, nangtungna kukuh
dina pademenna, moal inggeung-inggeung.
6 Bumi ku Gusti diliputan ku lautan,
minangka jubahna, cai lautan ngeueum
gunung-gunung.
7 Barang ku Gusti dihaok, cai teh kabur,
purat-perot nguping haokna parentah Gusti,
8 nyeot ti gunung-gunung ka lebak-lebak ka
tempat anu ku Gusti parantos dipidamel keur
eta.
9 Gusti matok wawatesanana, anu ku eta
hamo tiasa diliwatan, supados eta teh henteu
ngaliputan bumi deui.
10 Gusti ngadamel cinyusu-cinyusu,
tingburial di lebak-lebak, walungan-walungan
ngalocor di antara pasir-pasir,
11 nyadiakeun cai nyadiaan margasatwa;
di dinya kalde-kalde alas nyirnakeun
hanaangna.
12 Dina tatangkalan deukeut sisi-sisina,
manuk-manak nyarieun sayang, jeung
ngarawih disarada.

13 Ti langit, Gusti ngahujanan pasir-pasir,
sareng bumi dieusi ku rahmat Gusti.
14 Gusti ngadamel jukut jaradi jang sasatoan,
sareng rupi-rupi tutuwuhan jang kaperluan
manusa, dugi ka manehna tiasa pepelakan
keur paneneun,
15 sareng ngahasilkeun anggur keur
nyukakeun dirina, minyak jetun keur
ngagumbirakeunana, sareng roti keur
nimbulkeun tanagana.
16 Kayu kiputri Libanon, seueur kengingna
hujan tatangkalan milik PANGERAN ku
anjeun, pelak Mantenna,
17 enggon manuk-manuk nyarayang;
manuk-manuk bango mah nyarayangna dina
tangkal caringin.
18 Embe-embe alas nyaricingan gunung-
gunung nu laluhur, peucang-peucang
nyarumputna dina batu-batu cadas.
19 Gusti ngadamel bulan keur tanda waktu,
panonpoe ngartieun iraha wancina surup.
20 Gusti ngadamel peuting, sareng dina
poekna sasatoan alas laliar;
21 singa-singa ngora tinggalaur neangan
mangsa, neangan hakaneunana anu geus
disadiakeun ku Allah.
22 Ana panonpoe meletek, sato-sato alas
ngarampih deui, dararepa di enggonna.
23 Jalma-jalma kalaluar muru pagaweanana,
digarawe nepi ka burit.

24 Sakitu pepekna dadamelan Gusti, nun
PANGERAN! eta sadayana dipidamelna
estu kalayan binangkit, bumi teh pinuh ku
saniskara ciciptan Gusti.
25 Blang lautan upluk-aplak, katut mahluk-
mahluk pangeusina ageung alit, tanpa
wilangan,
26 paranti kapal-kapal balayar, tempat ulin
Lewiatan, mahluk raksasa laut ciciptan Gusti.
27 Eta sadayana sumender ka Gusti nu
maparin tedaeunana dina waktosna.
28 Tedaeunana ku Gusti dipasihkeun,
seug ditareda, Gusti anu nyayagikeunana,
maranehna sarugema.
29 Ana ku Gusti disingkiran, maranehna
kasieunan, ana napas Gusti dicabut ti
maranehna, maranehna maraot, marulang
jadi lebu, asal-usul maranehna.
30 Nanging upami ku Gusti dipasihan
ambekan, maranehna jadi araya, Gusti
maparin hirup anyar ka bumi.
31 Mugia kamulyaan PANGERAN tetep
langgeng! mugia PANGERAN ngaraos bagja
ku sugri dadamelana-Na!
32 Bumi ku Mantenna diteuteup, bumi
ngeleper, gunung-gunung ku Mantenna ditoel,
peledug bijilan haseup.
33 Kaula seja nyelukkeun PANGERAN
saumur-umur seja nyanyi ngamulyakeun
Allah kaula sapanjang gumelar.

34 Mugia pupujian kaula kamanah ku
Mantenna, lantaran kabungah kaula timbulna
ti Mantenna.
35 Muga-muga jalma-jalma dosa ditumpes
ti bumi para durjana sing ulah aya nu kari.
Mulyakeun PANGERAN, he nyawa! Mulyakeun
PANGERAN!
105 1 Mulyakeun PANGERAN, sambat
jenengana-Na, mashurkeun
padamelana-Na ka sakumna umat;
2 sanggakeun pupujian jeung lalaguan ka
Mantenna, caritakeun sagala karyana anu
pikahelokeun.
3 Kudu bungah yen urang teh umat
kagungana-Na, sakur nu ngabakti ka
PANGERAN sing suka ati.
4 Kudu neneda ka PANGERAN katut
pangawasa-Na, salawasna ulah jauh ti
hadirat-Na.
5 Sing aringet kana mujijat-mujijat
Mantenna nu enggeus-enggeus, kitu deui
kana tanda-tanda aheng jeung hukum tina
lambe-Na,
6 he turunan Ibrahim, abdi-Na, he rundayan
Yakub, anu ku Mantenna kapilih!
7 Mantenna teh PANGERAN, Allah urang,
timbalan Mantenna tumerap di sakuliah jagat.
8 Mantenna salalanggengna ge satia kana
jangji-Na, timbalan nu dikeunakeun ka sarebu
turunan,

9 jangji anu ku Mantenna disimpay sareng
Ibrahim, jeung anu dijadikeun sumpah ka
Isak,
10 oge eta jangji-Na teh dibeungkeutkeun ka
Yakub jadi papagon, sarta dijadikeun jangji
anu langgeng ka Israil,
11 kieu dawuhana-Na harita: "Maneh rek
dibere tanah Kanaan, jadi milik pusaka keur
maneh."
12 Harita bilangan umat Allah saeutik keneh,
masing sakumbuhan leutik tur ayana di
dunyana ukur numpang,
13 jeung masih pipindahan ti nagara ieu ka
nagara itu, ti karajaan ieu ka karajaan itu.
14 Tapi sing saha bae ku Mantenna teu
diantep nganiaya maranehna, raja-raja
nu nyusuker ka maranehna ku Mantenna
dibendon,
15 timbalana-Na: "Ulah wani-wani
ngagunasika umat pilihan Kami, sarta
nabi-nabi Kami teu meunang diganggu."
16 Waktu eta nagara ku Mantenna digebug
ku paceklik, sarta saniskara bahan dahareun
dimusnakeun,
17 Mantenna ngiangkeun heula hiji jalma
pikeun jadi jalan, nya eta Yusup, ku jalan
dijual jadi abdi;
18 anjeunna dibelok, sampeanana
dibangbaluhan, dikongkorongan rante beusi,

19 nepi ka cunduk waktuna, panorahna
ngabukti, cocog sakumaha pituduh
PANGERAN ka anjeunna.
20 Tuluy raja Mesir, ngaluarkeun anjeunna ti
jero panjara, eta pangereh bangsa-bangsa
teh ngabebaskeun anjeunna.
21 Tuluy disina ngajalankeun
pamarentahanana, dikawasakeun marentah
sakuliah nagri,
22 kawasa ka para ponggawa raja, sarta
wenang marentah ka para jurunasehat raja.
23 Ti dinya Yakub sumping ka Mesir, tanah
Ham, sarta lajeng matuh bubuara di dinya,
24 ku Mantenna dikersakeun jadi jembar
baranahan, malah jadi leuwih kuat batan
satruna.
25 Pikir satruna ku Mantenna dirobah jadi
ijid ka umat-Na, abdi-abdi Mantenna ku
maranehna ditipu diperdaya.
26 Mantenna ngutus Musa, abdi-Na,
disarengan ku Harun, anu kapilih ku
Mantenna.
27 Aranjeunna ngayakeun tanda-tanda
aheng tumut sapituduh PANGERAN, jeung
mujijat-mujijat di sakuliah tanah Mesir tea.
28 Mantenna nurunkeun pepeteng, reup
poek ngajumbleng; tapi bangsa Mesir tetep
wangkelang kana timbalana-Na.
29 Mantenna ngarobah sakabeh cai di
sakuliah tempat di dinya, ngajadi getih,
laukna disina paraeh,

30 geus kitu tanahna sina pinuh ku bangkong,
malah pinuh nepi ka karaton raja.
31 Allah nimbalan, breng laleur jeung
rambetuk nararapuk di sakuliah nagri.
32 Hujan di eta nagri ku Mantenna dirobah
jadi hujan es jeung kilat.
33 Pelak anggurna, pelak kondangna,
diburak-barik, kakayon-kakayon dirungkad-
rungkadkeun.
34 Mantenna nimbalan, brul datang simeut,
lobana tanpa wilangan;
35 ngaharakanan sakabeh pepelakan di eta
tanah sakabeh hasil bumi beak digalaksak.
36 Mantenna maehan sakabeh anak cikal
lalaki ti unggal kulawarga urang Mesir.
37 Lajeng umat-Na dicandak budal, rebo ku
emas perak, tur kabeh sarehat marulus.
38 Sanggeus maranehna budal, urang Mesir
barungah hatena, sabab geus baroga rasa
sieun ku maranehna teh.
39 PANGERAN meberkeun mega pikeun jadi
iuh-iuh, jeung ngayakeun tihang seuneu
pikeun nyaangan ari peuting.
40 Maranehna neneda, Mantenna
ngadatangkeun aleutan puyuh, sarta
maranehna dipiseubeuhan ku roti ti sawarga.
41 Mantenna meulah karang, golontor kaluar
cai, terus ngocor di gurun keusik kawas
walungan.
42 Eta lantaran Mantenna ngemutkeun jangji
suci-Na ka Ibrahim abdi-Na.

43 Kitu Mantenna nuyun umat-Na budalan,
sarta maranehna nyaranyi, sarurak.
44 Ku Mantenna dipaparin tanah bangsa-
bangsa lian, lahan-lahanna dimilikkeun ka
maranehna tea,
45 sangkan maranehna tuhu kana hukum-
hukum-Na, jeung ngestokeun sagala
parentah Mantenna. Mulyakeun PANGERAN!
106 1 Puji PANGERAN! Sukurkeun
ka PANGERAN, ku karana
kasaeana-Na, asih-Na salalanggengna.
2 Saha nu sanggup nyaturkeun
sagemblengna kawasaning PANGERAN,
saha nu bisa puas muji kaagungana-Na?
3 Jamuga sing saha anu tuhu kana hukum,
anu salawasna migawe nu bener.
4 Mugi emut ka abdi, nun PANGERAN,
numutkeun karidoan manah ka nu jadi umat,
mugi abdi dilayad, dipaparin kasalametan ti
Gusti,
5 sangkan tiasa nyaksian kajembaran umat
anu ku Gusti dipilih, ngiring suka dina
kabagjaan umat Gusti, ngiring reueus sareng
umat kagungan Gusti.
6 Abdi sadaya parantos dosa, sami sareng
karuhun, parantos nyieun kajahatan sareng
kadorakaan.
7 Karuhun abdi-abdi di Mesir henteu
ngartoseun kana padamelan Allah anu
araheng teu areling kana piwelas-Na anu

sering dibuktoskeun, anggur ngaralawan ka
Nu Maha Kawasa, di Laut Beureum.
8 Najan kitu ku Mantenna disalametkeun,
demi nedunan jangji-Na, geusan
ngabuktikeun pangawasa-Na.
9 Laut Beureum ku Mantenna ditimbalan
supaya saat ngoletrak, maranehna
dipeuntaskeun nyorang dasar laut, teu beda
jeung ti di darat.
10 Ku Mantenna diluputkeun tina kawasa
nu mikangewa, diluputkeun tina kawasaning
musuh;
11 sabab satru-satruna teh kaliputan ku laut,
nepi ka taya nu kari saurang-urang acan.
12 Kakara maranehna percaya kana
jangji-Na, tuluy maruji sukur ka Mantenna.
13 Tapi gampang pisan parohona kana
pitulung-pitulung Mantenna, jeung embung
ngadago kuma pituduh-Na;
14 di gurun keusik maranehna karanjingan
hawa napsu, nepi ka ngadaroja ka Allah.
15 Sakahayangna ku PANGERAN dicumponan,
tapi bari dibarengan ku pagebug.
16 Waktos di gurun keusik, maranehna sirik
ka Musa sareng ka Harun, abdi PANGERAN.
17 Wag bumi beulah, nyapluk Datan,
sakulawarga Abiram kabeh karuwang.
18 Gur aya seuneu, ngalentaban gorombolan
maranehna, nu daroraka teh kaduruk
gareheng.

19 Di Sinai maranehna nyieun tironan anak
sapi, seug arca jijieunanana teh disarembah;
20 kamulyaan Allah ku maranehna
ditukeurkeun kana arca sato anu nyatuna
jukut.
21 Geus lat poho ka Allah, nu jadi
Jurusalametna, nu geus midamel kajadian-
kajadian aheng basa di Mesir,
22 nu midamel mujijat-mujijat basa di tanah
Ham, jeung mintonkeun karongkahan di
basisir Laut Beureum.
23 Kitu nu matak Mantenna ngadawuh
maranehna teh rek dibasmi, kabujeng
ku Musa, abdi Mantenna, nu ngadeuheus
mangnedakeun pangampura, nepi ka teu
tulus dibasmina teh.
24 Maranehna nampik tanah anu sakitu
hadena, da teu ngandel kana jangji
Mantenna;
25 heug tinggelendeng di pangrerebanana,
arembung ngadenge gentra PANGERAN.
26 Ku kituna PANGERAN sumpah ngangkat
panangan, maranehna rek disina tingjaloprak
di gurun keusik,
27 sarta turunana sina paburencay ka
bangsa-bangsa lian, sarta sina bacacar
paraeh di nagri-nagri asing.
28 Tuluy maranehna nyarantel maruhit ka
Baal Peor, jeung ngadalahar sasajen pikeun
arwah dewa-dewa.

29 Peta maranehna kitu ngajaheutkeun
manah PANGERAN, lajeng ku Mantenna
digebug ku sasalad.
30 Neut Pinehas tandang, nu baroga dosa
dihukum, sasalad jadi sirep.
31 Pitandang anjeunna kitu, turun-tumurun
salalawasna dipieling jadi picontoeun.
32 Maranehna nyieun pibendueun Mantenna
di cinyusu Meriba, balukarna Musa jadi
kahukum ku kalakuan maranehna,
33 maranehna ngalawan ka Musa, nepi ka
anjeunna kalepasan saur.
34 Maranehna henteu maehan para pamuja
brahala, parentah PANGERAN kitu ku
maranehna teu diturut,
35 kalah ka pacorok jodo jeung maranehna,
sarta niru adat eta jalma-jalma anu teu nyaho
ka Allah.
36 Umat Allah teh ngabarakti ka brahala,
ngalantarankeun maranehna cilaka.
37 Maranehna ngurbankeun anak-anakna
nu lalaki, nu awewe, dijieun kurban ka
brahala-brahala tanah Kanaan.
38 Barudak nu taya salahna teh ku
maranehna diparaehan sarta tanahna teh ku
eta tukang-tukang maehan dinajiskeun.
39 Maranehna geus nganajiskeun maneh ku
kalakuanana, henteu saratia deui ka Allah.
40 Ku sabab eta PANGERAN bendu ka
umat-Na, jadi geuleuh ka maranehna.

41 Tuluy diselehkeun kana kakawasaan
para pamuja brahala, jadi dibawah ku
musuh-musuhna.
42 Ku musuh-musuhna digencet,
ditundukkeun sama sakali kana
kakawasaanana.
43 Sering pisan PANGERAN ngaluputkeun
umat-Na, tapi maranehna anggur milih
ngalawan ka Mantenna beuki jero tilelepna
dina dosa-dosana.
44 Tapi ana maranehna sasambat
ku PANGERAN didangu, kasusahna
diperhatoskeun.
45 Demi maranehna, Mantenna emut kana
perjangjiana-Na, sarta ku sabab kacida
asiheuna-Na ka maranehna, Mantenna
henteu ngabengisan deui.
46 Sakur anu ngagencet ka maranehna, ku
Mantenna disina jadi malik mikarunya.
47 Salametkeun abdi-abdi, nun PANGERAN,
Allah abdi sadaya, candak wangsul ti bangsa-
bangsa lian, supados tiasa nganuhunkeun
sareng ngamulyakeun, jenengan Gusti nu
suci.
48 Mulyakeun PANGERAN, Allah Israil,
mulyakeun Mantenna ti ayeuna,
salalanggengna! Hayu sarerea nyarebut,
"Amin!" Mulyakeun PANGERAN!

107 1 "Haturkeun nuhun ka PANGERAN,
ku karana kasaeana-Na, kaasih-Na
langgeng!"

2 Pindo ieu omongan, pikeun muji
PANGERAN, he sakur anu geus disalametkeun
ku Mantenna! Mantenna geus ngaluputkeun
maraneh ti musuh-musuh,
3 jeung geus mulangkeun maraneh ti
nagri-nagri asing, ti wetan jeung ti kulon, ti
kaler jeung ti kidul.
4 Aya nu uprak-apruk di gurun keusik nu tara
katincak, teu manggih jalan ka kota geusan
enggon matuh,
5 kalaparan jeung halabhab, sirna
pangharepanana.
6 Keur sangsara kitu, maranehna sasambat
ka PANGERAN, tuluy ku Mantenna dijait tina
kasusahanana,
7 ditungtun ka jalan anu lempeng, sina
narepi ka kota geusan enggon matuhna.
8 Maranehna kudu nganuhunkeun kana
kanyaah PANGERAN anu taya kendatna,
kana sagala karya-Na anu araheng pikeun
maranehna.
9 Nu halabhab disina puas ngarinum, anu
lapar dieusian ku nu harade.
10 Sawareh hirup di nu reyem-reyem,
paroek, para tahanan sangsara nyandangan
rante.
11 Ku lantaran ngalawan kana timbalan
Allah, Nu Maha Kawasa, jeung nolak
parentah-parentah Mantenna.
12 Maranehna raripuh ku gawe beurat, nepi
ka ngusruk lalabuh, tapi taya nu nulungan.

13 Keur sangsara kitu maranehna sasambat
ka PANGERAN, tuluy ku Mantenna dijait tina
kasusahanana,
14 dikaluarkeun ti tempat anu reyem-reyem
jeung poek, rante-rantena dipepejet.
15 Maranehna kudu nganuhunkeun kana
kanyaah PANGERAN anu taya kendatna,
kana sagala karya-Na anu araheng pikeun
maranehna.
16 Mantenna ngabejadkeun panto-panto
tambaga, jeung mingges-minggeskeun
jaruji-jaruji beusi.
17 Sawareh deui garejul, hirupna sangsara
ku tina dosa-dosana, jeung ku sabab
kajahatanana;
18 nepi ka kana kadaharan ge teu tahan
nenjo-nenjo acan, sarta ajalna geus
dareukeut.
19 Keur sangsara kitu, maranehna sasambat
ka PANGERAN, tuluy ku Mantenna dijait tina
kasusahanana,
20 dicageurkeun ku timbalana-Na, sarta dijait
tina liang kubur.
21 Maranehna kudu nganuhunkeun kana
kanyaah PANGERAN, anu taya kendatna
kana sagala karya-Na anu araheng pikeun
maranehna.
22 Maranehna kudu nganuhunkeun ka
Mantenna ku kurban-kurban jeung ku
lagu-lagu gumbira anu nyaritakeun sagala hal
anu dipidamel ku Mantenna.

23 Sawareh nempuh lautan ku kapal-kapal,
nareangan napkahna di laut-laut.
24 Maranehna narenjo hal-hal anu dipidamel
ku PANGERAN, karya mujijat Mantenna di
laut-laut.
25 Mantenna nimbalan, gelebug angin ribut
niup, ombak motah pagulung-gulung,
26 kapal-kapal kaampulkeun ku cai nu
mumbul luhur lep neundeut tilelep jero;
ku bahla nu kawas kitu, jalma-jalma kabur
pangacianana
27 tingdaligdeug tingjolongjong kawas nu
mabok, beak dengkak, taak sagala dayana.
28 Keur sangsara kitu, maranehna sasambat
ka PANGERAN, tuluy ku Mantenna dijait tina
kasusahanana.
29 Angin ribut ku Mantenna dieureunkeun,
ombak dilelerkeun.
30 Maranehna atoh dumeh laut geus anteng,
ku Mantenna tuluy dituyun ka palabuan anu
dituju.
31 Maranehna kudu nganuhunkeun kana
kanyaah PANGERAN anu taya kendatna,
kana sagala karya-Na anu araheng pikeun
maranehna.
32 Maranehna kudu ngabewarakeun
kaagungan Mantenna di pakumpulan jalma-
jalma sarta muji Mantenna di rengrengan
pamingpin.

33 PANGERAN ngarobah walungan-walungan
disina saraat ngoletrak cinyusu-cinyusu
marangpet teu ngaburial deui,
34 tanah subur ngajadi tanah tuhur
jeung ngandung uyah, lantaran jahatna
jelema-jelema anu caricing di dinya.
35 Mantenna ngarobah gurun keusik sina jadi
empang-empang cai, tanah tuhur jadi pinuh
ku cinyusu.
36 Jalma-jalma lapar ku Mantenna
ditempatkeun di dinya, nyarieun kota geusan
pamatuhanana.
37 Maranehna nebaran lahan jeung marelak
anggur, tuluy dipupu, beubeunanganana
mucekil.
38 Mantenna ngaberkahan umat-Na, jadi
rekah baranahan, ingon-ingonna disina
tambah ngarekahan.
39 Waktu umat Allah kasoran, hina, sangsara,
lantaran digencet pohara telengesna,
40 nu ngagencetna ku Mantenna dihina,
disina uprak-apruk di gurun keusik nu tara
katincak.
41 Sabalikna Mantenna ngajait anu mariskin
tina kabalangsakanana, sarta kulawargana
disina baranahan kawas kumbuhan domba.
42 Jalma balener narenjo hal ieu teh
barungaheun, sabalikna nu jarahat mah teu
kecet-kecet.

43 Muga hal ieu dipalikiran ku nu barijaksana,
muga maranehna nyaraho kana kanyaah
PANGERAN nu taya kendatna.
108 1 Lagu. Jabur Daud. Abdi percaya
sagemblengna ka Gusti, nun Allah,
seja nyanyi sareng muji ka Gusti! Hudang, eh
nyawa!
2 Geura nyaring, he kacapi jeung siter, kami
rek ngahudangkeun panonpoe.
3 Nun PANGERAN, abdi seja nganuhunkeun
ka Gusti di satengahing bangsa-bangsa, seja
muji Gusti di tengah umat manusa.
4 Welas asih Gusti maratan cakrawala,
kasatiaan Gusti maratan angkasa.
5 Tembongkeun kaagungan Gusti di langit,
nun Allah, kamulyaan Gusti sumiratkeun ka
sakuliah jagat.
6 Salametkeun abdi sadaya ku pangawasa
Gusti, dangukeun paneda abdi, supados umat
kaasih Gusti kajait.
7 Ti kasuciana-Na Allah ngadawuh, "Kalawan
digjaya Kami rek mecah Sekem, jeung rek
ngabagikeun Lebak Sukot ka umat Kami.
8 Gilad boga Kami, kitu oge Manase. Epraim
balakutak Kami, ari Yuda teteken karajaan
Kami.
9 Tapi Moab mah rek dijieun kobokan Kami
sarta Kami rek maledogkeun tarumpah ka
Edom, pikeun tanda yen eta jadi milik Kami.
Kami rek nyurakkeun kaunggulan ka urang
Pelisti."

10 Nun Allah, saha anu baris mawa abdi ka
jero kota benteng? Saha nu baris mingpin
abdi ka Edom?
11 Naha leres Gusti nolak ka abdi sadaya?
Naha moal angkat nyarengan balad urang?
12 Tulungan abdi sadaya ngayonan musuh,
margi pitulung manusa mah gaplah.
13 Reujeung Allah di gigireun, urang baris
unggul, Mantenna baris ngelehkeun musuh
urang.

109 1 Pikeun pamingpin biduan. Jabur
Daud. Nun Allah, anu ku abdi dipuji,
Gusti ulah mindel bae!
2 Nu jarahat sareng tukang bohong narajang
ka abdi, nyebarkeun carita bohong perkawis
abdi,
3 sareng ngomongkeun jahat hal diri abdi,
teu puguh-puguh narajang.
4 Ka abdi ngaralawan, sakitu abdi nyaah
sareng sok mangnedakeun maranehna.
5 Kahadean abdi dipulangna ku kajahatan,
kanyaah abdi dipulangna ku kangewa.
6 Pilih sawatara hakim curang, sina nguji
musuh abdi, sareng sina didakwa ku salah
saurang musuh manehna.
7 Mangka manehna sing kauji sareng
kapendak kasalahanana, mangka ucap
pamentana ge sing dianggap mangrupa
kajahatan!
8 Mangka hirupna sing tereh enggeusan,
pangkatna sing diandih ku nu lian!

9 Mangka anak-anakna sing jaradi yatim,
pamajikanana sing jaradi randa!
10 Mangka anak-anakna sing ulah baroga
imah, jaradi tukang jajaluk, sing dibuburak ti
ruruntuk imahna.
11 Mangka harta bandana sing dijabel ku nu
ngahutangkeun, beubeunangan digawena
sing dicokot ku jalma asing.
12 Mangka sing ulah aya nu haat ka manehna
sing ulah aya nu watir ka anak-anakna nu
geus ditinggalkeun.
13 Mangka turunanana sing tumpur ludes,
ngaranna sing dipohokeun ku turunan
pandeurieunana.
14 Mangka kajahatan karuhunna sing
kaemut-emut ku PANGERAN, sarta dosa-dosa
indungna sing ulah dihampura.
15 Mangka dosa-dosa maranehna
salawasna sing kaemut ku PANGERAN,
sabalikna maranehna sorangan mah sing
kapopohokeun sama sakali!
16 Eta jalma tara mikir hayang jadi jalma
bageur, sok nganiaya jeung maehan jalma
miskin, jalma sangsara, jeung jalma nu teu
boga daya.
17 Karesepna nyumpahan mangka dirina
sorangan sing aya anu nyumpahan. Cadu
ngaberkahan mangka dirina ge sing ulah aya
anu ngaberkahan!
18 Manehna geus biasa nyapa, cara geus
biasa dangdan, mangka panyapana sing

nyerep ka dirina kawas cai rembes, sing
nyerep kana balung-balungna kawas minyak!
19 Sing mungkus kana awakna jadi bajuna,
sing meulit kana cangkengna, jadi sabukna
salilana!
20 Nun PANGERAN, hukum musuh-musuh
abdi kawas kitu, sakur anu ngagogoreng abdi
sapertos kitu.
21 Sawangsulna nun PANGERAN Nu Maha
Agung, tulungan abdi, sakumaha jangji Gusti,
luputkeun abdi, demi kasaean sareng kaasih
Gusti.
22 Abdi teh miskin sareng balangsak, hate
raheut jero pisan.
23 Lir kalangkang wanci sore, abdi bakal
tereh sirna sapertos insekta nu dikebutkeun.
24 Tuur nyorodcod lantaran kurang dahar,
awak kantun tulang sareng kulit.
25 Jalmi-jalmi nu naringal nyaleungseurikeun,
garogodeg ngahinakeun.
26 Tulungan, nun PANGERAN, Allah abdi,
demi kaasih Gusti nu taya kendatna,
salametkeun abdi!
27 Musuh-musuh abdi sina tarerangeun, yen
anu nyalametkeun abdi teh Gusti.
28 Sawios maranehna nyarapa ka abdi,
nanging Gusti mah mugi ngaberkahan. Mugi
anu ngadarakwa abdi areleh, sawangsulna
abdi Gusti mah sing tiasa bungah.

29 Mugi musuh-musuh abdi nandang
kahinaan, sing karungkup ku wiwirang lir
katutup ku jubahna.
30 Kaula seja nganuhunkeun ka PANGERAN
masing tarik, seja muji Mantenna dina
pagempungan jalma rea,
31 karana Mantenna ngaraksa ka jalma
miskin, disalametkeun ti jalma-jalma anu
ngaragragkeun hukum pati ka dirina.
110 1 Jabur Daud. PANGERAN ngadawuh
kieu ka raja gusti kaula: "Geura
calik katuhueun Kami, nepi ka musuh-musuh
hidep, ku Kami dijieun titincakan hidep."
2 PANGERAN ti Sion bakal ngalegakeun
karajaan Jeng Gusti, dawuhana-Na, "Geura
ereh musuh-musuh hidep."
3 Dina dintenan Gusti merangan musuh,
rahayat baris maju sukarela. Lir ibun turun
enjing-enjing para taruna baris darongkap ka
Gusti di pasir suci.
4 PANGERAN jangji nganggo sumpah tur
hamo dicabut deui, "Hidep baris jadi imam
salalanggengna, sakumaha Melkisidik."
5 PANGERAN aya di tengeneun Jeng Gusti,
ana Mantenna bendu, raja-raja pasti areleh.
6 Mantenna baris ngahukum bangsa-bangsa,
medan perang bakal disina pinuh ku mayit,
raja-raja sakuliah bumi baris dielehkeun.
7 Sang raja bakal ngaleueut ti susukan sisi
jalan, kakiatanana pulih deui, bakal terus
unggul.

111 [1] Puji PANGERAN! Kaula seja
nganuhunkeun ka PANGERAN
saiklas-iklasna, dina pagempungan umat-Na.
[2] Estu aheng padamelan-padamelan
PANGERAN! pantes mun diaraji ku sakur nu
kataji.
[3] Dadamelana-Na estu mulya sarta agung,
tur kaadilana-Na langgeng.
[4] PANGERAN moal kersaeun urang poho
kana damel-Na anu araheng; Mantenna sae
jeung welasan.
[5] Mantenna ngarijkian ka sakur anu
ngahormat, tur tara lali kana perjangjiana-
Na.
[6] Mantenna geus nembongkeun kakawasaan
ka umat-Na, ku jalan masihkeun ka
maranehna tanah milik bangsa-bangsa lian.
[7] Dina sagala damelna Mantenna satia jeung
adil sagala parentah-Na beunang dipercaya,
[8] tahan dina sagala jaman,
diparentahkeunana kalawan sayakti
jeung adil
[9] Mantenna ngabebaskeun umat-Na, sarta
ngayakeun perjangjian langgeng jeung
maranehna. Mantenna estu suci tur hebat!
[10] Saha-saha anu hayang jadi jalma
bijaksana, kudu hormat ka PANGERAN.
Mantenna baris maparin pangarti anu sehat
ka anu taat kana parentah-Na. Mantenna
layak dipuji salalanggengna.

112 [1] Puji PANGERAN! Bagja jalma anu
hormat ka PANGERAN, anu resep
nekanan parentah Mantenna.
[2] Anak-anak jalma hade bakal kawasa di jero
nagri turunanana bakal diberkahan.
[3] Kulawargana bakal makmur sugih mukti,
hade milik salalawasna.
[4] Jalma hade, nu karunyaan, bageur, jeung
adil, di nu poek bakal meunang sinar caang.
[5] Bagja jalma anu daek nulung mere
nginjeum, sarta jujur dina ngajalankeun
usahana.
[6] Jalma hade hamo gagal, sarta salalawasna
bakal kapieling.
[7] Manehna moal rentag ku beja imanna
tabah tur percaya ka PANGERAN.
[8] Hatena teu salempang, teu hariwang,
sabab ngarasa yakin yen musuhna baris eleh.
[9] Ka nu miskin daek mere reujeung murah
hate, kahadeanana moal aya batalna, hirupna
bakal kawasa jeung diajenan.
[10] Nenjo kaayaanana kitu, nu jarahat
arambekeun, tingpendelik arijideun, tuluy
musna, harepanana mudedes salalawasna.

113 [1] Puji PANGERAN! He abdi-abdi
PANGERAN, paruji jenengan
Mantenna!
[2] Mugia diparuji jenengana-Na ti ayeuna nepi
ka salalanggengna.
[3] Ti wetan nepi ka kulon, paruji jenengan
PANGERAN!

4 PANGERAN marentah ka sakabeh bangsa,
kamulyaana-Na ngaluhuran langit.
5 Taya pisan nu saperti PANGERAN, Allah
urang. Panglinggihana-Na di puncakna luhur,
6 tapi Mantenna dongko ningali ka langit
jeung bumi.
7 Mantenna nyengkatkeun anu miskin
tina lebu, ngangkat nu masakat tina
kabalangsakan,
8 sina satata jeung para pangeran, nya eta
para pangeran di kalangan umat-Na.
9 Mantenna ngurniaan ibu rumah tangga
anu gabug, dibagjakeun dipaparin anak. Puji
PANGERAN!

114 1 Waktu urang Israil budal ti Mesir,
waktu turunan Yakub naringgalkeun
eta tanah asing,
2 Yuda dijadikeun umat sucina PANGERAN,
Israil dijadikeun milik kagungan Mantenna.
3 Laut Beureum mireungeuh, tuluy ngejat,
Walungan Yordan ngocorna eureun.
4 Gunung-gunung tingarancul cara embe,
pasir-pasir tingalajret cara anak domba.
5 Aya naon Laut, make ngejat? Jeung maneh,
Walungan Yordan, ku naon make eureun
ngocor?
6 Maneh gunung-gunung, ku naon
tingarancul cara embe? Maneh pasir-pasir, ku
naon tingalajret cara anak domba?
7 He bumi, hayoh gumeter dina sumpingna
PANGERAN, di payuneun Allahna Yakub,

8 nu ngarobah gunung cadas ngajadi situ,
gunung batu ngajadi cinyusu.

115 1 Sanes abdi-abdi, nun PANGERAN,
nu kedah diagungkeun teh mung
Gusti nyalira, ku karana kaasih sareng
kasatiaan Gusti taya kendatna.
2 Ku naon bangsa-bangsa make naranya,
"Mana Allah maraneh teh?"
3 Allah urang aya di sawarga, nu iasa
ngadamel naon bae sakersa-Na.
4 Aallahan maranehna mah tina perak, tina
emas, bubuatan leungeun jelema.
5 Sungutan tapi teu lemek, mataan tapi teu
nenjo,
6 ceulian tapi teu ngareungeu, irungan tapi
teu ngambeu,
7 leungeunan tapi teu bisa rarampa, sukuan
tapi teu bisa leumpang, genggerongan tapi
teu bisaeun nyoara.
8 Sing cara kitu sakur anu nyarieunna
jeung anu nyarembahna, sing cara arca-arca
bubuatanana.
9 Sing percaya ka PANGERAN, eh urang Israil!
Mantenna nulungan jeung nangtayungan ka
maraneh.
10 Sing percaya ka PANGERAN, eh imam-
imam Allah! Mantenna nulungan jeung
nangtayungan ka aranjeun.
11 Sing percaya ka PANGERAN, eh nu
nyarembah ka Mantenna! Mantenna nulungan
jeung nangtayungan ka maraneh.

12 PANGERAN emut ka urang; sarta baris
ngaberkahan ka urang, baris ngaberkahan ka
urang Israil, jeung ka para imam Allah.
13 Mantenna baris ngaberkahan sakur anu
hormat ka Mantenna, boh nu gede boh nu
leutik.
14 Mugia maraneh dibarere anak ku
PANGERAN, boh maraneh, boh turunan
maraneh.
15 Mugia maraneh diberkahan ku PANGERAN,
anu ngadamel langit jeung bumi!
16 Langit keur PANGERAN nyalira, tapi bumi
mah ku Mantenna diserenkeun ka manusa.
17 PANGERAN henteu dipuji ku nu geus
paraeh, ku nu geus tarurun ka enggon nu
simpe.
18 Tapi urang, anu harirup, kudu muji
sukur ka Mantenna, ti ayeuna nepi ka
salalanggengna. Agungkeun PANGERAN.

116 1 Kaula nyaah ka PANGERAN, sabab
kersaeun ngadangu ka kaula,
kersaeun ngagalih paneda kaula.
2 Saban kaula sasambat, ku Mantenna
didangukeun.
3 Kaula dikepung ku bahya maot, diriung ku
seremna kubur, sararieun jeung palaur.
4 Seug kaula sasambat ka PANGERAN, "Aduh
Gusti, salametkeun abdi!"
5 PANGERAN teh sipat hampura jeung murah
manah, Allah urang sipat welas.

6 PANGERAN ngaraksa ka jalma anu teu
walakaya; waktu kaula nyorang bahaya, ku
Mantenna disalametkeun.
7 He hate, sing yakin, sabab PANGERAN hade
ka kami.
8 PANGERAN geus ngajait kaula tina ajal,
cipanon kaula ku Mantenna dipepet, kaula
dicegah tina kasoran.
9 Jadi kaula aya keneh di dunyana nu harirup,
kumelendang di payuneun PANGERAN.
10 Kaula tetep percaya, sanajan sok
ngomong, "Aing diancurkeun sama sakali."
11 Sanajan ari keur kasieunan sok ngomong,
"Euweuh anu bisa dipercaya."
12 Naon atuh pamulang kaula ka PANGERAN
kana sagala kasaeana-Na ka kaula?
13 Kaula rek ngahaturkeun anggur ka
PANGERAN, nganuhunkeun kana pitulung-Na.
14 Kaula rek nyumponan nadar ka Mantenna
dina pagempungan sakabeh umat-Na.
15 PANGERAN ngaraos kacida nyerina mun
aya umat-Na anu maot!
16 Abdi teh abdi Gusti, nun PANGERAN. Abdi
ngabdi ka Gusti teh sapertos ngabdina pun
biang. Gusti nyalametkeun abdi tina maot.
17 Abdi bade ngahaturkeun kurban panarima,
sareng nyanggakeun paneda ka Gusti.
18 (116:18-19) Dina pagempungan sadaya
umat Gusti, di tempat suci, di Bait Allah di
Yerusalem, abdi bade ngalaksanakeun jangji.
Puji PANGERAN!

19 (116:18)
117 1 Puji PANGERAN, he sakabeh
bangsa-bangsa! Puji Mantenna, he
sakumna umat!
2 Asih-Na ka urang pohara, kasatiaan
Mantenna tetep salalanggengna. Puji
PANGERAN!
118 1 Puji sukur ka PANGERAN, ku tina
kasaeana-Na, ku tina langgeng
asih-Na.
2 Ucapkeun ku Israil, "Asih Mantenna
langgeng."
3 Ucapkeun ku para imam Allah, "Asih
Mantenna langgeng."
4 Ucapkeun ku sakabeh nu ngabakti ka
Mantenna, "Asih Mantenna langgeng."
5 Sajeroning rupek, kami sasambat ka
PANGERAN, ku Mantenna didangu, kami
dibebaskeun.
6 PANGERAN nyarengan kami, kami taya
karisi; rek bisa kumaha jelema ka kami?
7 Nya PANGERAN anu nulung ka kami, kami
bakal nyaksian musuh kami kasoran.
8 Mending percaya ka PANGERAN, ti batan
ngandelkeun manusa.
9 Mending percaya ka PANGERAN, ti batan
ngandelkeun para pamingpin nu sipatna
manusa.
10 Loba musuh anu ngepung kami, tapi ku
kawasa PANGERAN, kabeh ku kami dibasmi.

11 Maranehna ngepung kami ti mana-mana,
tapi ku kawasa PANGERAN, kabeh ku kami
dibasmi.
12 Maranehna napuk ka kami kawas nyiruan,
tapi lir seuneu ngahuru ruyuk gancang
pareumna, ku kawasa PANGERAN, kabeh ku
kami dibasmi.
13 Kami ditarajang hebat pisan, geus meh
eleh, tapi PANGERAN nulungan,
14 ku PANGERAN dibere tanaga jadi kuat;
Mantenna geus nyalametkeun kami.
15 Reungeukeun surak nu unggul di kemah-
kemah umat Allah: "Karongkahan PANGERAN
nu midamel kitu!
16 Ku kakawasaan Mantenna urang unggul
ku karongkahan Mantenna di medan perang!"
17 Kami moal paeh, sabalikna malah hirup,
pikeun ngembarkeun padamelan-padamelan
PANGERAN.
18 PANGERAN geus ngahukum kami beurat
pisan, tapi Mantenna henteu ngantep kami
sina paeh.
19 Kami pangmukakeun lawang gapura Bait
Allah, rek asup, rek muji sukur ka PANGERAN!
20 Tah ieu lawang gapura PANGERAN, ngan
jalma nu jujur nu bisa asup.
21 Abdi muji ka Gusti, parantos ngadangu
paneda abdi, sareng parantos maparin
kaunggulan.
22 Batu nu teu kapake ku nu ngawangun,
malah jadi anu pangpentingna.

23 Jadi kitu teh ku PANGERAN, katembongna
matak helok.
24 Ieu teh poe kaunggulan PANGERAN, hayu
urang suka bungah, urang pestakeun!
25 Salametkeun abdi sadaya, nun
PANGERAN! Paparinan abdi-abdi kaunggulan,
nun PANGERAN!
26 Mugia Allah ngaberkahan ka nu datang
kalayan pajenengan PANGERAN, kaula
sakumna ngaberkahan ti Bait PANGERAN.
27 PANGERAN teh Allah; Mantenna geus
midamel kasaean ka urang. Bari nyarekel
rangrang dangdaunan, pesta geura mimitian,
tuluy maju ngurilingan altar.
28 Gusti teh Allah abdi. Abdi muji sukur ka
Gusti. Abdi bade ngabewarakeun kaagungan
Gusti.
29 Haturkeun nuhun ka PANGERAN,
Mantenna sae ka urang, asih-Na langgeng.

119 1 Bagja jalma anu hirupna taya
celana, sarta ngalampahkeun
hukum PANGERAN.
2 Bagja jalma anu gumati kana parentah-Na,
sarta taat ka Mantenna sagemblengna hate.
3 Maranehna moal nyieun kajahatan, hirupna
nurutkeun jalan PANGERAN.
4 Gusti ka abdi-abdi maparin hukum-hukum,
nun PANGERAN, sangkan diestokeun kalawan
satia.
5 Mugi abdi sing tiasa tigin satia ngalakonan
aturan-aturan Gusti.

6 Saupami abdi ngesto kana hukum-hukum
Gusti, tangtos moal nandangan kaera.
7 Waktos hukum-hukum Gusti nu adil tea
diaji, abdi teh leres-leres muji ka Gusti.
8 Abdi sumeja taat kana hukum-hukum
Gusti, Gusti ulah ngantunkeun.
9 Kuma kedahna malar hirupna budak
ngora tetep beresih? Nya kedah tumut kana
satimbalan Gusti.
10 Hate abdi mantep bade ngabdi ka Gusti,
mugi ulah dugi ka teu nurut kana timbalan
Gusti.
11 Hukum Gusti bade disimpen di jero hate,
supados ulah dugi ka dosa ka Gusti.
12 Abdi muji ka Gusti, nun PANGERAN, jalan
Gusti wulangkeun ka abdi.
13 Sadaya hukum paparin Gusti, ku abdi
bade dibewarakeun deui.
14 Ngalakonan timbalan-timbalan Gusti,
bingahna lir gaduh rupi-rupi rajabrana.
15 Pituduh-pituduh Gusti sumeja dilenyepan,
piwulang-piwulang Gusti bade diaji.
16 Abdi resep kana hukum-hukum Gusti,
sareng moal hilap-hilap kana timbalan-
timbalan Gusti.
17 Abdi Gusti, nyuhunkeun piwelas, sangkan
hirup sareng tiasa ngestokeun piwulang.
18 Panon abdi beuntakeun, supados ningal
kana kayaktian hukum Gusti anu narik ati.
19 Abdi di dunya teh moal lami, hukum-
hukum Gusti ulah dibuni-buni.

20 Hate gering kabungbulengan, hoyong
terang saban waktos kana pangadilan Gusti.
21 Gusti negor ka jalmi nu adigung, nyapa ka
nu ingkar tina parentah.
22 Bebaskeun abdi tina panghina sareng
pamoyok maranehna margi ngesto kana
aturan-aturan Gusti.
23 Para pangereh barempug ngalawan ka
abdi, nanging abdi mah bade ngulik piwulang
Gusti.
24 Pituduh-pituduh Gusti pikaresepeun,
sadayana lir jurunasehat abdi.
25 Abdi ngagoler dina lebu, mugi dipulihkeun
sakumaha jangji Gusti.
26 Abdi parantos ngaku kalakuan, Gusti oge
parantos ngawaler, ajar abdi hukum-hukum
Gusti.
27 Paparin abdi ngartos kana hukum-hukum
Gusti, piwulang Gusti anu narik ati seja
dilenyepan.
28 Abdi parantos kateter ku kasusah, mugi
ditegerkeun sakumaha jangji Gusti.
29 Tebihkeun abdi tina jalan anu lepat, demi
kasaean Gusti, abdi wulang hukum-hukum
Gusti.
30 Abdi parantos milih bade taat, bade
mentingkeun pangadilan Gusti.
31 Abdi parantos tumut kana piwulang-
piwulang, nun PANGERAN, mugi ulah dugi ka
nandangan kaera.

32 Kalayan suka abdi bade tumut kana
timbalan margi ku Gusti tangtos dikersakeun
langkung ngarti.
33 Nun PANGERAN, pihartoseun hukum-
hukum Gusti teh wulangkeun, tangtos ku abdi
ditumutkeun salamina.
34 Hukum Gusti teh terangkeun, tangtos ku
abdi diturut, bade dilakonan leres-leres.
35 Mugi abdi tiasa junun kana hukum Gusti,
margi nya ku eta abdi ngarasa bagja.
36 Mugi abdi gaduh kahayang kana
ngalampahkeun hukum Gusti sing langkung ti
hayang beunghar.
37 Mugi abdi ulah dugi ka mikahayang
anu taya pigunaeunana, paparin kasaean,
sakumaha jangji Gusti.
38 Teguhkeun jangji Gusti ka abdi, jangji anu
dijangjikeun ka sakur anu nurut ka Gusti.
39 Raksa abdi tina panghina kasieun abdi,
estu aheng pangadilan Gusti!
40 Abdi seja taat kana timbalan-timbalan,
paparin hirup anyar, margi Gusti teh adil.
41 Tembongkeun kaasih Gusti ka abdi, nun
PANGERAN, abdi salametkeun sakumaha
jangji Gusti.
42 Sangkan abdi tiasa ngajawab ka anu
ngahina pedah abdi percaya kana dawuhan
Gusti.
43 Sing tiasa abdi teh ngucapkeun hal anu
leres, margi ngaharep kana pangadilan Gusti.

44 Abdi bade ngestokeun hukum Gusti,
teras-tumeras, sapapaosna.
45 Tangtos hirup abdi tiasa bebas lugina,
margi parantos ihtiar seja tumut kana
piwulang Gusti.
46 Aturan-aturan Gusti bade diembarkeun ka
raja-raja, abdi moal era-era ngembarkeunana.
47 Abdi malah resep ngalakonan eta
aturan-aturan, tur kalintang mikacintana.
48 Abdi hormat sareng cinta kana eta
aturan-aturan, pituduh-pituduhna bade
dilenyepan.
49 Mugi Gusti emut kana jangji ka abdi Gusti,
eta jangji teh ngahudang harepan abdi,
50 anu jadi pangbeberah nalika abdi
sangsara, nya jangji eta jadi lantaran abdi
hirup.
51 Sakumaha dihinana ge ku anu aradigung,
abdi teu lesot-lesot ti hukum Gusti.
52 Abdi emut kana eta hukum anu parantos
aya ti kapungkur, sarta kalilipur ku eta, nun
PANGERAN.
53 Abdi sok geregeteun ka anu jarahat,
lantaran maranehna ngalanggar hukum Gusti.
54 Sapanjang hirup abdi anu pondok di
dunya, aturan-aturan Gusti ku abdi didamel
lalaguan.
55 Ari wengi abdi sok emut ka Gusti, nun
PANGERAN, sareng sok mikiran hukum Gusti.
56 Tumut kana aturan-aturan Gusti, karaos
bagjana ku abdi.

57 Mung Gusti nu jadi kahayang abdi, nun
PANGERAN, abdi jangji bade ngestokeun
hukum Gusti.
58 Sanget-sanget abdi nyuhunkeun piwelas,
sakumaha jangji Gusti tea.
59 Abdi parantos mikiran kalakuan, sareng
jangji bade tumut kana aturan Gusti.
60 Moal diengkekeun deui, gilig bade ngesto
kana aturan Gusti.
61 Anu jarahat masangan pitapak, nanging
abdi teu hilap kana hukum Gusti.
62 Tengah wengi abdi sok nyaring, teras muji
hukum-hukum Gusti nu adil.
63 Abdi teh batur jalmi-jalmi anu ngabdi ka
Gusti, anu narurut kana hukum Gusti.
64 Nun PANGERAN, bumi teh pinuh ku satia
asih Gusti, aturan-aturan Gusti wulangkeun
ka abdi.
65 Gusti parantos nedunan jangji, nun
PANGERAN, sakitu saena ka abdi Gusti.
66 Mugi abdi dipaparin hikmat sareng
pangarti, margi gilig percanten kana timbalan
Gusti.
67 Memeh kenging hukuman abdi teh
sasab, nanging ayeuna mah ngesto kana
pangandika.
68 Gusti teh bageur, sakitu saena!
Katangtosan-katangtosan Gusti wulangkeun
ka abdi.
69 Nu arangkuh ka abdi mitenah, nanging
abdi sakuat-kuat nurut kana aturan Gusti.

70 Maranehna teu ngalartieun kana hukum
Gusti, nanging abdi mah malah bagja ku eta.
71 Abdi dihukum teh sae jadina, jadi diajar
perkawis aturan-aturan Gusti.
72 Keur abdi mah hukum-hukum Gusti teh
langkung utami ti batan harta di dunya.
73 Gusti anu ngajadikeun abdi kalayan
nyalametkeunana, mugi maparin pangarti,
sangkan abdi tiasa diajar hukum-hukum
Gusti.
74 Anu alajrih ka Gusti, naringal kalakuan
abdi teh tangtos sarenangeun, dumeh abdi
percaya kana jangji Gusti.
75 Nun PANGERAN, abdi terang, putusan
Gusti teh adil, pangna ngahukum ka abdi teh
ku margi Gusti sipat satia.
76 Eta welas asih Gusti teh mugia jadi
panglipur, luyu sakumaha jangji ka abdi
Gusti.
77 Sing hawatos, supados abdi hirup, margi
abdi resep kana hukum Gusti.
78 Mugi nu aradigung teh sing areraeun ku
lantaran pitenahna ka abdi; sawangsulna abdi
mah bade ngalenyepan hukum Gusti.
79 Mugi sugri nu alajrih ka Gusti, sareng nu
tarerangeun kana aturan Gusti, darongkap ka
abdi.
80 Mugi abdi leres-leres nurut kana aturan-
aturan Gusti, sareng ulah dugi ka nandangan
erana kasoran.

81 Abdi parantos lungse ngantos-ngantos
disalametkeun, nun PANGERAN, jangji Gusti
kalintang diarep-arepna.
82 Panon parantos cape nyileuk jangji Gusti
bari tumanya, "Iraha Gusti bade nulungan
teh?"
83 Diri abdi taya gunana, sapertos kirbat
butut, nanging kana aturan-aturan Gusti mah
teu hilap-hilap.
84 Sabaraha lamina deui abdi kedah
ngarep-ngarep? Iraha bade dihukumna anu
nyangsara abdi?
85 Nu aradigung, nu teu narurut kana hukum
Gusti, parantos ngali lombang jero naheunan
abdi.
86 Sadaya aturan Gusti kenging diandelkeun;
dupi abdi ku maranehna disangsara,
digogoreng, mugi ditulungan!
87 Karep maranehna maehan abdi parantos
meh hasil, nanging abdi tetep henteu
ngalesotkeun parentah Gusti.
88 Demi satia asih Gusti, sing hawatos ka
abdi sangkan abdi tiasa ngestokeun hukum
Gusti.
89 Nun PANGERAN, pangandika Gusti teguh
salalamina, langgeng abadi di sawarga.
90 Kasatiaan Gusti lumangsung sapanjang
jaman. Gusti parantos ngadegkeun bumi, eta
tetep aya.

91 Saniskara ge sadayana aya dugi ka kiwari,
margi ku timbalan Gusti, margi sadayana ge
eta teh abdi-abdi Gusti.
92 Upami sanes hukum Gusti nu jadi sumber
kabagjaan abdi, tangtos abdi parantos tiwas
ku kasangsaraan.
93 Abdi hamo lesot nyekel hukum Gusti,
margi nya ku eta Gusti ngahirupan abdi.
94 Abdi teh kagungan Gusti, mugi
disalametkeun, margi parantos satiasa-tiasa
taat kana parentah Gusti.
95 Abdi diarah ku nu jarahat bade
dipaehan, nanging tetep bade ngalenyepan
hukum-hukum Gusti.
96 Abdi terang yen sagala rupi aya watesna,
nanging aturan-aturan Gusti mah sampurna.
97 Kumaha cintana abdi kana hukum Gusti,
sadinten jeput kaemut-emut.
98 Parentah Gusti salamina aya dina pikiran,
ngalantarankeun abdi jadi leuwih bijaksana ti
batan musuh.
99 Pangarti abdi ngalangkungan guru-guru
sorangan, margi sok ngaji aturan-aturan
Gusti.
100 Abdi gaduh hikmat anu langkung ti
batan jalmi karolot, margi nurut kana
parentah-parentah Gusti.
101 Hirup abdi pantrang kana lampah jahat,
margi hayang nurut kana pangandika Gusti.

102 Abdi henteu ingkar tina parentah-
parentah Gusti, margi nya Gusti anu jadi guru
abdi.
103 Dawuhan Gusti amis karaosna, langkung
amis batan madu.
104 Tina hukum-hukum Gusti abdi kenging
hikmah, sareng jadi ceuceub kana sagala
kalakuan awon.
105 Pangandika Gusti teh lampu pikeun abdi,
sinar caang nu nyaangan jalan abdi.
106 Abdi bade satia nyekel ikrar jangji yen
bade nurut kana parentah-parentah Gusti.
107 Kasangsaraan abdi, nun PANGERAN,
pikasieuneun, raksa hirup abdi, sakumaha
jangji Gusti.
108 Tampi paneda pamuji sukur abdi, nun
PANGERAN, sareng wulangkeun ka abdi
parentah-parentah Gusti.
109 Abdi salamina naruhkeun nyawa; nanging
kana hukum Gusti tara hilap.
110 Abdi ditaheunan ku jalma-jalma jahat,
nanging henteu ingkar tina parentah Gusti.
111 Timbalan-timbalan Gusti teh milik abdi
anu langgeng, anu jadi kabagjaan hate.
112 Tekad abdi bade tumut kana hukum-
hukum dugi ka dintenan maot.
113 Abdi cinta kana hukum Gusti, sareng
ceuceub ka anu kirang satia ka Gusti.
114 Gusti teh papayung sareng
panyalindungan abdi, jangji Gusti jadi
pangharepan abdi.

115 Nyalingkir ka ditu, he anu jarahat! Sabab
kami rek taat kana parentah Allah kami.
116 Abdi pasihan kakiatan sakumaha jangji
Gusti, tangtos abdi bakal hirup, pangharepan
abdi ulah dugi ka gaplah.
117 Cepeng abdi sangkan salamet,
sareng tiasa merhatikeun parentah Gusti
sapapaosna.
118 Gusti nolak sakur anu nyimpang tina
hukum Gusti, tipu daya maranehna mo aya
paedahna.
119 Nu jarahat ku gusti didamel sapertos
runtah, kitu margina abdi cinta kana
aturan-aturan Gusti.
120 Abdi ngarasa sieun ku Gusti, ngarasa
gimir ku putusan-putusan Gusti.
121 Abdi parantos ngalampahkeun anu bener
sareng nu sae, mugi ulah diselehkeun ka
musuh!
122 Mugi jangji yen bade nulungan ka
abdi Gusti, ulah dugi ka nu arangkuh teh
ngagencet ka abdi.
123 Cape panon balas ngantos pitulung
pisalameteun ti Gusti, ngantos dibebaskeun
sakumaha jangji Gusti.
124 Mugi abdi dipidamel anu luyu sareng
satia asih Gusti, sareng mugi diwulang hal
parentah Gusti.
125 Abdi teh gandek Gusti, mugi dipaparin
pangarti, sangkan paham kana piwulang
Gusti.

126 Parantos dongkap mangsana Gusti nindak
jalmi-jalmi anu ngarempak hukum-hukum
Gusti.
127 Abdi cinta kana parentah-parentah Gusti
langkung ti batan ka emas, ti batan ka emas
nu pangkolotna.
128 Eta margina pangna abdi nyepeng
aturan-aturan Gusti, mikaijid kalakuan anu
serong.
129 Piwulang-piwulang Gusti narik ati, kitu
margina bade leres-leres diestokeun.
130 Katerangan piwulang Gusti teh mere
caang, ku anu bodo ge kahartos.
131 Bawaning kangen kana parentah Gusti,
ambekan abdi dugi ka ngangseg.
132 Lieuk abdi, mugi aya piwelas, sakumaha
Gusti parantos miwelas ka nu cinta ka Gusti.
133 Tegerkeun abdi ulah dugi ka rubuh,
sakumaha jangji Gusti, ulah dugi ka eleh ku
kajahatan.
134 Luputkeun abdi ti nu ngagencet, sangkan
tiasa ngestokeun parentah Gusti.
135 Berkahan abdi, sarengan sareng wurukan
hal hukum-hukum Gusti.
136 Abdi ceurik banjir cipanon, ningal
jalmi-jalmi teu ngestokeun hukum Gusti.
137 Gusti teh adil, nun PANGERAN,
hukum-hukum Gusti sadayana saestu.
138 Aturan-aturan anu dipaparinkeun teh,
estu adil tur sayakti.

139 Amarah abdi lir seuneu ngagedur,
lantaran musuh-musuh nyapirakeun
parentah-parentah Gusti.
140 Jangji-jangji Gusti teh estu pasti, ka eta
abdi teh cinta.
141 Abdi teh nya hina nya laip, nanging teu
nyapirakeun piwulang-piwulang Gusti.
142 Kaadilan Gusti nanjeur salamina
hukum-hukum Gusti bener sapapaosna.
143 Abdi pinuh ku kasusah sareng kapaur,
nanging jadi janglar ku parentah-parentah
Gusti.
144 Aturan-aturan Gusti salamina adil, mugi
sing kahartos ku abdi, sangkan abdi hirup.
145 Kalayan hate gembleng abdi sasambat,
waleran, nun PANGERAN! Parentah Gusti
tangtos ku abdi diestokeun.
146 Abdi sasambat, salametkeun, abdi
tangtos mupusti hukum Gusti.
147 Ti memeh pajar meletek, abdi nyambat
pitulung, ngarep-ngarep laksanana jangji
Gusti.
148 Sawewengi abdi teu weleh nyaring,
napakuran aturan-aturan Gusti.
149 Demi satia asih Gusti, dangukeun
abdi, nun PANGERAN, sing aya piwelas,
tangtayungan nyawa abdi.
150 Jalmi-jalmi telenges anu ngagencet ka
abdi, anu tara malire kana hukum Gusti,
sakedap deui ge darongkap, beuki deukeut.

151 Nanging Gusti aya caket abdi, nun
PANGERAN, sarta parentah-parentah Gusti
tetep ayana.
152 Parantos lami abdi diajar aturan-aturan
Gusti, eta sadayana diayakeunana ku Gusti
keur salalanggengna.
153 Tingali kabalangsakan abdi, mugi abdi
disalametkeun margi teu ingkar tina hukum
Gusti.
154 Mugi perkawis abdi dibela, mugi abdi
dibebaskeun, salametkeun, sakumaha jangji
Gusti.
155 Nu daroraka tangtos moal disalametkeun,
margi henteu ngestokeun hukum Gusti.
156 Welas asih Gusti ageung pisan, nun
PANGERAN, mugi welas ka abdi, mugi abdi
disalametkeun.
157 Musuh sareng anu ngagencet ka abdi teh
seueur pisan, nanging abdi teu weleh taat
kana hukum-hukum Gusti.
158 Kacida geuleuhna abdi ka eta nu
harianat teh? lantaran maranehna henteu
ngalampahkeun parentah Gusti.
159 Tingali, kumaha cintana abdi kana
aturan-aturan Gusti, tulungan abdi, nun
PANGERAN, demi welas asih Gusti anu tara
gingsir.
160 Jiwa hukum-hukum Gusti nya eta
kayaktian, sarta kaadilan putusan-putusan
Gusti sadayana langgeng.

161 Jalmi-jalmi anu karawasa narajang abdi
tanpa sabab, nanging kasieun abdi mah
hukum Gusti.
162 Abdi kacida ngarasa bagjana ku jangji
Gusti, atoh sapertos jalmi anu manggih
pependeman.
163 Abdi ceuceub sareng geuleuh kana
bohong, sawangsulna cinta kana hukum
Gusti.
164 Tujuh kali sadintenna abdi muji sukur ka
Gusti, ku adilna putusan-putusan Gusti.
165 Anu cinta kana hukum Gusti, kaamanana
reugreug, moal aya naon-naon anu bisa
ngabahyakeun maranehna.
166 Abdi ngantos disalametkeun, nun
PANGERAN, parentah-parentah Gusti
parantos dilampahkeun.
167 Abdi taat kana piwulang-piwulang Gusti,
leres-leres abdi cinta ka eta.
168 Parentah sareng aturan Gusti parantos
dilampahkeun; sagala kalakuan abdi tangtos
ku Gusti katingali.
169 Mugi panyambat abdi dongkap ka Gusti,
nun PANGERAN, abdi nyuhunkeun pangarti,
sakumaha jangji Gusti.
170 Dangukeun paneda abdi, salametkeun
abdi, sakumaha jangji Gusti.
171 Salamina abdi bade muji ka Gusti,
lantaran parantos diwulang perkawis
hukum-hukum Gusti.

172 Abdi seja nganyanyikeun hukum Gusti,
margi parentah-parentah Gusti teh adil.
173 Gusti salamina tangtos kersa nulungan
abdi, margi abdi ngestokeun parentah Gusti.
174 Abdi kumejot hayang salamet ku pitulung
Gusti, nun PANGERAN, tur ngaraos bagja
hirup dina hukum Gusti.
175 Pasihan abdi hirup, supados muji ka Gusti
mugi aturan-aturan Gusti teh sing nulung ka
abdi.
176 Abdi sapertos domba sasab apruk-
aprukan, mugi abdi Gusti teh pilarian, ku
margi tara ingkar tina hukum-hukum Gusti.

120 1 Lagu paranti jarah. Waktu keur
kasusahan, kaula sasambat ka
PANGERAN, ku Mantenna didangu.
2 Nun PANGERAN, salametkeun abdi ti
jalma-jalma tukang bohong sareng tukang
tipu.
3 Eh tukang-tukang bohong, baris
dikumahakeun cik maraneh ku Allah? Naon
cik hukuman ti Mantenna?
4 Jamparing-jamparing lancip hiji prajurit,
ruhak ruhay!
5 Hirup ngahiji jeung maraneh, sarua
cilakana jeung cicing di Mesek, atawa hirup
reujeung jeung urang Kedar.
6 Geus liwat ti lila kaula hirup jeung jelema
anu ceuceub kana karapihan!
7 Mun kaula ngomong sual karapihan,
maranehna mah hayang perang.

121 [1]Lagu paranti jarah. Kaula
mencrong gunung-gunung; ti mana
baris datangna pitulung kaula?
[2]Pitulung ka kaula datangna ti PANGERAN,
nu ngadamel langit jeung bumi.
[3]Mantenna moal ngantep anjeun tiguling,
panyalindungan anjeun salawasna nyaring.
[4]Panyalindungan Israil leleyepan ge tara,
sumawonna kulem.
[5]PANGERAN ngaraksa ka maneh, salawasna
aya di gigireun, nangtayungan.
[6]Maneh ti beurang moal nepi ka kumaha
onam ku panonpoe, atawa ku bulan lamun ti
peuting.
[7]Ku PANGERAN tangtu ditangtayungan tina
picilakaeun, maneh aman dijaga.
[8]Dina datang dina indit maneh
ditangtayungan ku Mantenna, ayeuna
jeung salalawasna.

122 [1]Lagu paranti jarah. Ti Daud.
Kaula bungah waktu maranehna
ngomong ka kaula, Yu urang indit ka gedong
PANGERAN.
[2]Ayeuna urang geus di dieu, aya di sisi
gapura Yerusalem!
[3]Yerusalem kota anu diwangunna ditata
endah sagalana sarwa luyu.
[4]Nya ieu tempat anu didatangan ku
kaom-kaom, kaom-kaom Israil, anu rek
ngarucap sukur ka PANGERAN, sakumaha
parentah Mantenna.

5 Nya di dieu raja-raja Israil caralikna,
ngahakiman rahayatna.
6 Doakeun, Yerusalem sing kerta: "Anu
micinta ka anjeun hirupna masing jembar,
7 di jero kuta anjeun sing aman santosa,
di jero karaton anjeun masing aya
katengtreman."
8 Pikeun kapentingan sanak baraya jeung
mitra-mitra kami, kami ngadoakeun
Yerusalem, "Anjeun sing kerta santosa!"
9 Pikeun gedong PANGERAN, Allah urang,
mugia anjeun sing makmur.
123 1 Lagu paranti jarah. Abdi tanggah
ka Gusti, anu murba di sawarga.
2 Lir gandek gumantung ka juragan pameget,
lir lanjang-lanjang, gumantung ka juragan
istri, harepan abdi sadaya museur ka Gusti,
ngarep-ngarep piwelas, nun PANGERAN, Allah
abdi sadaya.
3 Nun PANGERAN, mugi aya piwelas ka
abdi-abdi, wireh parantos kacida teuing
dihina-hina,
4 parantos lami teuing dipoyok ku nu
jararegud, dihina ku nu garumede.
124 1 Lagu paranti jarah. Ti Daud.
Kumaha lamun urang teu diaping
ku PANGERAN? Pek jawab, Israil!
2 "Lamun urang teu diaping ku PANGERAN,
waktu urang ditarajang musuh,

3 tan wande urang geus diteureuy
hirup-hirup, ku maranehna anu sakitu
arambekeunana,
4 pinasti urang geus palid kabawa ku caah,
tilem-timbul di walungan nu ngagulidag;
5 tinangtu urang geus paraeh tikerebek dina
umpalan anu sakitu ngamukna."
6 Puji sukur ka PANGERAN, Mantenna henteu
ngantep urang kabasmi ku musuh.
7 Urang bisa luput, cara manuk ucul tina
saweuy tukang taheun; saweuyna rantas,
urang bebas!
8 Pitulung ka urang datangna ti PANGERAN,
nu ngadamel langit jeung bumi.

125 1 Lagu paranti jarah. Jalma anu
percaya ka PANGERAN saibarat
Gunung Sion, moal inggeung, moal ngeser.
2 Sakumaha gunung-gunung ngalingkung
Yerusalem, kitu keneh PANGERAN
ngalingkungan umat-Na, ayeuna jeung
salalanggengna.
3 Moal salawasna anu jahat disina terus
kawasa di nagri jalma-jalma balener, sabab
lamun kitu, anu balener oge bisa kabawakeun
jahat.
4 Nun PANGERAN, mugi maparin kasaean ka
jalmi anu sae, sareng ka anu ngesto kana
parentah Gusti.
5 Nanging upami Gusti ngahukum nu jahat,
anu ingkar tina jalan Gusti oge kedah
dihukum. Mugia Israil aman santosa.

126 [1]Lagu paranti jarah. Waktu
PANGERAN mulangkeun urang ka
Sion, harita mani asa ngimpi!
[2]Urang teh bisa seuri, bisa nyanyi, suka
bungah! Tina hal urang kitu, kieu ceuk
bangsa-bangsa lian, "PANGERAN geus nyieun
hal anu hebat pikeun maranehna."
[3]Memang, PANGERAN geus ngayakeun hal
anu hebat pikeun urang, kacida bungahna
urang harita!
[4]Nun PANGERAN, mugi abdi-abdi tiasa
makmur deui, sapertos walungan saat caian
deui dina usum hujan.
[5]Mugi anu tadina pepelakan bari ceurik,
tiasa mupu hasilna bari suka bungah.
[6]Mugi anu tadina indit tebar bari rambisak,
warangsulna sing barungah ngahaleuang
marawa hasil pepelakanana.

127 [1]Lagu anggitan Suleman. Mun lain
PANGERAN nu ngadegkeun imah,
pagawean tukang-tukangna moal aya hasilna.
Mun lain PANGERAN nu ngaraksa kota, cumah
bae dikawal dikemitan oge.
[2]Cumah digawe pohara nyiar kipayah,
hudang isuk-isuk, hees kapeutingan, da
PANGERAN maparinan ka jalma nu diasih-Na
teh waktu jelemana keur sare.
[3]Anak teh kurnia ti PANGERAN, eta teh
ganjaran sajati.

4 Anak lalaki anu lahir waktu bapana ngora
keneh, eta lir jamparing anu dicangking ku
prajurit.
5 Bagja jalma, anu loba boga jamparing
saperti kitu, mun tepung jeung musuh di
pangadilan, manehna moal kasoran.
128 1 Lagu paranti jarah. Jamuga sakur
nu taat ka PANGERAN, anu hirupna
nurutkeun timbalan Mantenna.
2 Pangasilan maneh baris picukupeun, tangtu
senang, moal aya kakurang.
3 Bojo maneh bakal saibarat tangkal anggur
anu buahna leubeut di jero imah maneh,
anak-anak maneh nu lalaki bakal saibarat
tangkal jetun ngora, ngariung meja maneh.
4 Kitu berkah nu baris katarima ku jalma anu
taat ka PANGERAN.
5 Mugia PANGERAN ngaberkahan ka maneh
ti Sion! Mugia maneh dina sapanjang hirup
bisa nenjo kamakmuran Yerusalem!
6 Mugia maneh panjang umur, bisa nenjo
anak incu! Mugia Israil aman santosa!
129 1 Lagu paranti jarah. Israil,
caritakeun ka kaula, kumaha
dikaniayana andika ti jaman ngora.
2 "Ti jaman kaula ngora, musuh geus
nganiaya kaula kacida telengesna, tapi teu
bisaeun nundukkeun kaula.
3 Maranehna ngaraheutan tonggong kaula,
jarero lir tapak wuluku dina taneuh.

4 Tapi PANGERAN anu sipat adil, geus
ngabebaskeun kaula tina perbudakan."
5 Sakur nu geuleuh ka Sion, mangka areleh
mundur kateter.
6 Muga maranehna sing cara jukut di
suhunan imah, geus garing samemeh jadi,
7 moal aya nu nyumpulkeun, moal aya anu
meungkeut atawa mawa.
8 Nu laliwat jajauheun kana ngadoakeun,
"Mugi anjeun diberkahan ku PANGERAN! Kitu
berkah ti kaula, demi asma PANGERAN."
130 1 Lagu paranti jarah. Ti jero
jungkrang kabalangsakan abdi
jumerit, nun PANGERAN!
2 Dangukeun, nun PANGERAN, dangukeun
panyambat abdi neda pitulung!
3 Upami dosa abdi-abdi ku Gusti tetep
diemutan, saha anu tiasa luput tina
hukumanana?
4 Nanging da Gusti kersa ngahampura, ku
margi kitu abdi-abdi bade tumut ka Gusti
kalayan hormat.
5 Kaula kacida ngaharepna kana pitulung
PANGERAN, tur percaya kana jangji-Na.
6 Nyongsrongna hate kaula ka PANGERAN,
leuwih ti batan ronda peuting ngadago subuh
ti batan ronda peuting ngadago subuh.
7 Israil kudu percaya ka PANGERAN, ku
karana satia asih-Na sarta salawasna
kersaeun nulungan.

8 Mantenna kersaeun ngajait umat Israil tina
sagala dosa-dosana.
131 1 Lagu paranti jarah ti Daud.
Nun PANGERAN, abdi parantos
ampun tina kaadigungan, parantos tobat tina
kaangkuhan. Tara urusan sareng perkara
arageung atanapi sual-sual anu langkung ti
sulit.
2 Sawangsulna parantos ngaraos puas
sareng tengtrem. Lir budak leutik anu
dipependе ku indungna, nya kitu tengtremna
hate abdi dina diri abdi.
3 Israil kudu percaya ka PANGERAN, ayeuna
jeung salalanggengna.
132 1 Lagu paranti jarah. Nun
PANGERAN, mugi emut ka Daud
sareng sagala kasangsaraanana.
2 Mugi emut kana jangjina kapungkur,
panadaranana ka Gusti, Nu Maha Kawasa,
Allah Yakub:
3 "Kami moal waka ka imah atawa ka
enggon,
4 moal waka ngaso atawa mondok,
5 lamun tacan mangnyieunkeun tempat
pikeun PANGERAN, hiji gedong pikeun Nu
Maha Kawasa, Allah Yakub."
6 Di Betlehem urang geus ngareungeu hal
Peti Perjangjian, sarta eta ku urang kapanggih
di tegal Yarim.

7 Ceuk urang, "Hayu urang ka gedong
PANGERAN, urang ngabakti hareupeun tahta
Mantenna."
8 Mangga atuh GUSTI, sumping ka Bait
Gusti sareng Peti Perjangjian, lambang
kakawasaan Gusti, nun PANGERAN, linggih di
dieu salamina.
9 Mugi imam-imam Gusti salamina
ngalampahkeun anu bener, mugia umat Gusti
sarurak!
10 Gusti ngayakeun perjangjian ka Daud,
abdi Gusti, mugi eta raja pilihan Gusti teh
ulah ditolak, nun PANGERAN.
11 Gusti parantos sumpah ka Daud, hiji jangji
anu ku Gusti hamo dibatalkeun: "Kami baris
ngangkat anak maneh saurang, jadi raja, sina
marentah sanggeus maneh.
12 Upama anak-anak maneh gumati kana
perjangjian Kami, jeung kana parentah-
parentah nu ku Kami diparentahkeun,
anak-anak maranehna oge salawasna bakal
jaradi raja ngaganti maneh."
13 PANGERAN geus milih Sion, geusan jadi
panglinggihana-Na:
14 "Nya di dieu Kami rek matuh salawasna,
nya di dieu tempat Kami marentah.
15 Sion sina lubak-libuk, sagala kaperluanana
rek dicukup, pakir miskinna sina sareubeuh
dahar.
16 Imam-imamna rek diberkahan dina sagala
gawena, umatna disina nyaranyi jeung surak.

17 Di dieu Kami rek ngangkat saurang ti
turunan Daud, sina jadi raja gede, sarta
pamarentahanana rek disina langgeng.
18 Karajaanana rek disina jembar raharja,
sabalikna, musuh-musuhna rek disina
nandangan kaera."
133 1 Lagu paranti jarah ti Daud. Mana
teuing hadena jeung senangna,
lamun umat Allah runtut-raut hirupna!
2 Saibarat minyak pangistrenan anu mahal
nyakclak tina mastaka jeung rumbah Harun,
terus mapay kana beuheung jubahna.
3 Ibarat ciibun ti Gunung Hermon, anu
murubut ka pasir Sion. Nya di dinya
PANGERAN ngajangjikeun berkah-Na, nya eta
hirup nu moal aya tungtungna.
134 1 Lagu paranti jarah. Hiap urang
muji ka PANGERAN, he para
abdi-Na, he anu garawe peuting di Bait Allah!
2 Tadahkeun leungeun ka tempat anu suci,
bari paruji PANGERAN!
3 Mugia PANGERAN, anu ngadamel langit
jeung bumi, ngaberkahan aranjeun ti Sion.
135 1 Puji PANGERAN! Paruji jenengan
PANGERAN, eh, maraneh nu jadi
abdi-Na,
2 nu araya di gedong PANGERAN, di jero Bait
panglinggihan Allah urang.
3 Paruji PANGERAN, ku karana kasaeana-Na,
paruji jenengana-Na, ku karana murah
manah-Na.

4 Karana PANGERAN geus milih Yakub, milih
Israil dijadikeun milik kagungana-Na.
5 Kaula terang, Allah urang teh agung,
ngungkulan sakabeh dewa.
6 Mantenna iasa midamel naon bae sakersa-
Na, di langit jeung di bumi, di lautan jeung di
jero samudra.
7 Mantenna ngadatangkeun mega ti
tungtung-tungtung bumi, ngadamel kilat
ngabarengan hujan angin, ngabudalkeun
angin kaluar ti gudangna.
8 Di Mesir Mantenna maehan sakabeh cikal,
anak jalma, anak sato.
9 Di ditu Mantenna ngayakeun mujijat
jeung kaahengan, pikeun ngahukum raja
saponggawana.
10 Mantenna numpes bangsa-bangsa,
maehan raja-rajana anu digjaya:
11 Sihon, raja urang Emor, Og, raja Basan,
katut sakabeh raja-raja di Kanaan.
12 Tanah-tanahna dipasihkeun ka umat-Na,
dipasihkeun ka Israil.
13 Nun PANGERAN, salamina Gusti baris
dimashurkeun yen Gusti teh Allah saban
turunan baris aremut ka Gusti.
14 PANGERAN bakal ngabela umat-Na bakal
mikawelas abdi-abdi-Na.
15 Dewa bangsa-bangsa dijieunna tina perak
jeung emas, bubuatan leungeun jelema.
16 Sungutan tapi teu bisaeun lemek, mataan
tapi teu bisaeun neuleu.

17 Ceulian tapi teu bisaeun ngareungeu,
sungutna taya napasan.
18 Muga anu nyarieunna jeung anu
nyarembahna ge sing jaradi cara arca-arca
bubuatanana!
19 Paruji PANGERAN, eh urang Israil! Paruji
Mantenna, eh imam-imam Allah!
20 Paruji PANGERAN, eh urang Lewi, paruji
Mantenna, eh nu ngabarakti ka Mantenna!
21 Pinuji PANGERAN di Sion, di Yerusalem,
panglinggihana-Na. Paruji PANGERAN.
136 1 Haturkeun nuhun ka PANGERAN,
demi kasaeana-Na, asih-Na
langgeng.
2 Haturkeun nuhun ka nu pangagungna ti
sakabeh dewa, asih-Na langgeng.
3 Haturkeun nuhun ka nu pangkawasana ti
sakabeh pangeran, asih-Na langgeng.
4 Ngan Mantenna, nu ngadamel mujijat-
mujijat agung, asih-Na langgeng.
5 Ku kawijaksanaanana Mantenna
ngadegkeun langit asih-Na langgeng.
6 Mantenna ngadegkeun bumi di luhureun
cai jero, asih-Na langgeng.
7 Mantenna ngadamel panonpoe jeung
bulan, asih-Na langgeng;
8 panonpoe geusan ngarajaan beurang,
asih-Na langgeng.
9 bulan jeung bentang-bentang geusan
ngaratuan peuting, asih-Na langgeng.

10 Mantenna maehan cikal-cikal urang Mesir,
asih-Na langgeng.
11 Mantenna nuyun urang Israil budal ti
Mesir, asih-Na langgeng;
12 ku pananganana anu kuat jeung bedas,
asih-Na langgeng.
13 Mantenna meulahkeun Laut Beureum,
asih-Na langgeng,
14 umat-Na dituyun nyorang eta laut, asih-Na
langgeng,
15 sabalikna raja Mesir jeung baladna
diteuleumkeun, asih-Na langgeng.
16 Mantenna mingpin umat-Na nyorang
gurun keusik, asih-Na langgeng.
17 Mantenna maehan raja-raja anu garagah,
asih-Na langgeng.
18 Mantenna maehan raja-raja anu kasohor,
asih-Na langgeng,
19 maehan Sihon, raja urang Emor, asih-Na
langgeng,
20 maehan Og, raja Basan, asih-Na langgeng.
21 Tanah maranehna ku Mantenna
diserenkeun ka umat-Na, asih-Na langgeng,
22 dipasihkeun ka Israil, abdi Mantenna,
asih-Na langgeng.
23 Mantenna henteu lali waktu urang
kasoran, asih-Na langgeng.
24 Mantenna ngaleupaskeun urang ti musuh,
asih-Na langgeng.
25 Mantenna maparin dahareun ka sakabeh
mahluk hirup, asih-Na langgeng.

26 Haturkeun nuhun ka Allah nu murbeng
langit, asih-Na langgeng.
137 1 Di sisi walungan-walungan Babul,
urang dariuk, di dinya urang
careurik ari ras inget ka Sion.
2 Di dinya, dina dahan-dahan gandarusa,
urang ngait-ngaitkeun kacapi.
3 Ku jalma-jalma anu ngaboyong, urang teh
dititah nyanyi jang nyenangkeun maranehna,
carekna, "Kami pangnyanyikeun lagu ti Sion."
4 Naha bisa urang nyanyi pikeun PANGERAN
di nagri deungeun?
5 Muga kuring sing ulah bisa deui ngacapi,
lamun poho ka anjeun, Yerusalem!
6 Mugi kuring sing ulah bisa deui nyanyi,
lamun teu inget ka anjeun, lamun poho yen
anjeun teh utamaning kasukaan kuring!
7 Nun PANGERAN, sing emut kana kalakuan
urang Edom, nalika ngagempur Yerusalem.
Sing emut kana sosoakna: "Gempur, ratakeun
jeung taneuh!"
8 He Babul, maneh bakal dibinasakeun.
Bagja jalma anu engke ngabales ka maneh,
anu pinaureun kalakuan-kalakuan maneh ka
kami,
9 anu bakal nyokot orok-orok maneh bari
seug digebotkeun kana batu cadas.
138 1 Ti Daud. Nun PANGERAN, abdi
sumeja unjuk nuhun ka Gusti,
saterusing ati, di hareupeun para dewata,
abdi sumeja nyanyi muji ka Gusti.

2 Sumeja sujud mayun ka Bait Gusti nu
suci, muji jenengan Gusti, ku karana satia
asih Gusti, anu parantos nembongkeun, yen
jenengan sareng parentah Gusti teh pinunjul.
3 Nalika abdi sasambat, ku Gusti didangu,
dikuatkeun ku kakuatan Gusti.
4 Sadaya raja di dunya bakal maruji ka Gusti,
nun PANGERAN, margi parantos ngaruping
jangji Gusti.
5 Maranehna bakal nganyanyikeun
padamelan sareng karosaanana kaagungan
Gusti.
6 Gusti teh maha luhur, kacida luhurna,
nanging kersa nitenan jalmi nu laip, jalmi nu
adigung teu tiasa nyumput ti Gusti.
7 Waktos abdi dikurubut ku pakewuh, tetep
aman ku pangjagi Gusti, Gusti ngayonan
musuh abdi anu keur ngamuk, ku pangawasa
Gusti abdi salamet.
8 Gusti tangtos kersa ngabuktoskeun sadaya
jangji. Nun PANGERAN, asih Gusti teh
langgeng. Sugri padamelan anu parantos
diawitan, mugi disampurnakeun.

139 1 Pikeun pamingpin biduan. Jabur
Daud. Nun PANGERAN, Gusti
parantos nguji diri abdi sareng uninga ka
abdi.
2 Gusti uninga kana sagala rupi anu
dilampahkeun ku abdi, ti nu tebih Gusti
waspaos kana pipikiran abdi.

3 Boh abdi keur digawe, boh keur reureuh,
ku Gusti abdi katingali, sagala tingkah polah
abdi kauninga.
4 Malah Gusti uninga kana pisanggemeun
abdi memeh ku abdi dikedalkeun.
5 Di mana-mana di sakurilingeun abdi, Gusti
aya, kakawasaan Gusti ngaraksa.
6 Kauninga Gusti perkawis abdi pohara
jerona, henteu kahontal ku akal.
7 Ka mana abdi tiasa indit nyingkiran Gusti?
Ka mana abdi tiasa ngejat ti hadirat Gusti?
8 Ngungsi ka langit, Gusti aya di dinya,
nyempod ka alam maot, Gusti aya di dinya.
9 Hiber ka beh ditueun wetan, atanapi matuh
di peuntas pangjauhna di kulon,
10 Gusti aya di dinya baris nungtun abdi,
Gusti aya di dinya baris nulungan abdi.
11 Upami abdi menta ka poek sina moekan,
atanapi menta ka caang sina jadi peuting,
12 poek oge keur Gusti mah henteu poek,
wengi oge sami caang sapertos siang. Poek
sareng caang keur Gusti mah sami bae.
13 Gusti nu nyipta saban babagian raga abdi,
Gusti nu merenahkeun, anu ngawangunna
dina kandungan pun biang.
14 Abdi muji sukur ka Gusti, Gusti estu luar
biasa sugri damel Gusti ajaib, pikahelokeun;
eta abdi terang pisan.
15 Waktos tulang-tulang abdi dirakit, ati-ati
diteundeun di jero kandungan pun biang,

waktos abdi kalayan rasiah tumuwuh di dinya,
Gusti uninga yen abdi aya di dinya.
16 Memeh abdi lahir ku Gusti parantos
katingali. Poe-poe pikeun abdi parantos
diserat dina kitab Gusti, samemeh eta
poe-poe ngawitan.
17 Mamanahan Gusti keur abdi kacida
muskilna, nun Allah, kacida seueurna!
18 Upami eta kedah dietang, seueurna sami
sareng keusik. Barang lilir, tetep we abdi teh
di Gusti keneh.
19 Nun Allah, kacida abdi ngarep-ngarepna
supados anu jarahat teh ku Gusti dipaehan!
Kacida abdi ngarep-ngarepna supados anu
barengis teh undur ti abdi!
20 Maranehna ngagogoreng ka Gusti,
ngaromongkeun jahat jenengan Gusti.
21 Kacida abdi ijidna ka jalma-jalma anu
ijid ka Gusti! Kacida teu resepna abdi ka
jalma-jalma nu ngalawan ka Gusti!
22 Geuleuhna nataku ka nu karitu teh
maranehna teh musuh, dianggapna ku abdi.
23 Pariksa diri abdi, rahrah pipikiran abdi,
nun Allah, uji, bolekerkeun eusi hate abdi.
24 Kotektak bilih di dinya aya kajahatanana
teras tungtun abdi ka jalan nu langgeng.

140 1 (140-1) Pikeun pamingpin
biduan. Jabur Daud. (140-2) Nun
PANGERAN, leupaskeun abdi ti jalma-jalma
jahat, tangtayungan ti jalmi-jalmi anu
barengis,

2 (140-3) anu haben bae ngareka kajahatan,
unggal-unggal dinten nyieun picekcokeun.
3 (140-4) Letahna lir oray matih,
omonganana lir peurah oray sinduk.
4 (140-5) Nun PANGERAN, raksa abdi tina
kakawasaan jalma-jalma jahat, tangtayungan
ti jalmi-jalmi anu barengis anu bade
ngajungkelkeun abdi.
5 (140-6) Nu aradigung naheunkeun
pitapakna, naheunkeun euradna, sapanjang
jalan masangkeun tataheunan, naheunan
abdi.
6 (140-7) Kaula unjukan ka PANGERAN:
"Gusti teh Allah abdi." Dangukeun panyambat
abdi, nun PANGERAN!
7 (140-8) Nun PANGERAN Nu Maha Agung,
Jurusalamet abdi nu digjaya, Gusti parantos
nangtayungan abdi di medan perang.
8 (140-9) Nun PANGERAN, tong diluluskeun
kahayangna anu jarahat teh, reka perdayana
sing ulah laksana.
9 (140-10) Musuh-musuh abdi ulah disina
unggul, hianatna ka abdi sing malindes ka
maranehna sorangan.
10 (140-11) Muga maranehna sing dihujanan
ku ruhak marong, sing digebruskeun ka
gorowong anu jero, ulah sina kalaluar deui.
11 (140-12) Muga ulah hasil niatna nu
maritenah, muga sing carilaka jalma-jalma
anu barengis.

12 (140-13) Nun PANGERAN, abdi terang yen
Gusti ngabela perkarana jalmi miskin, sareng
hak-hakna jalmi walurat.
13 (140-14) Kantenan, nu balener teh bakal
muji ka Gusti, maranehna bakal araya di
hadirat Gusti.
141 1 Jabur Daud. Nun PANGERAN,
abdi sasambat ka Gusti, enggal
tulungan. Ana abdi sasambat mugi didangu.
2 Tampi paneda abdi lir dupa. Tampi leungeun
abdi anu nadah, lir kurban peuting.
3 Nun PANGERAN, tempatkeun pangawal
dina sungut abdi, tempatkeun nu kemit dina
biwir abdi.
4 Jagi abdi, supados henteu mikahayang
kaawonan henteu ngiring kana kajahatan
jalmi nu jarahat henteu ngiring kana pestana.
5 Abdi nampi kana hukuman sareng
panegorna jalmi sae, sawangsulna teu
hayang dihormat ku jalmi jahat, lantaran
paneda abdi salamina pikeun ngalawan
kalakuanana anu goreng.
6 Upama para pamanggul maranehna
parantos ditotogkeun ti luhur karang, nembe
karasa ku jalmi-jalmi yen omongan abdi
bener.
7 Lir kayu anu dibeulah sarta dicacag lembut,
tulang-tulang maranehna bakal ngabarak sisi
kuburan.

8 Sawangsulna abdi tetep percaya ka Gusti,
nun PANGERAN abdi Nu Maha Agung. Ka
Gusti abdi nyalindung, raksa abdi tina ajal!
9 Mugi abdi diraksa tina pitapak musuh,
diluputkeun tina eurad jalma jarahat.
10 Muga eta anu jarahat teh beunang ku
tataheunanana sorangan, sawangsulna abdi
sing lulus.

142 1 (142-1) Lagu atikan ti Daud,
waktu di jero guha. (142-2) Kaula
sasambat ka PANGERAN, menta pitulung,
ngajerit ka Mantenna,
2 (142-3) ngucutkeun eusining hate,
ngadadarkeun sagala karuwedan.
3 (142-4) Waktu kaula geus meh ngarasa
teter, Mantenna mah uningaeun kaula kudu
kumaha. Jalan tincakeun kaula ku musuh
dipasangan pitapak.
4 (142-5) Waktu ngalirik ka gigir, kaula
teu nenjo saha-saha nu pinulungeun, taya
saha-saha keur geusan pamuntangan, kaula
geus teu aya nu mirosea.
5 (142-6) Nun PANGERAN, abdi jumerit neda
pitulung, nya Gusti panyalindungan abdi,
mung Gusti anu perlu kanggo hirup abdi.
6 (142-7) Dangukeun panyambat abdi,
tulungan, abdi parantos teu sanggup.
Salametkeun abdi ti musuh anu langkung
unggul batan abdi.
7 (142-8) Bebaskeun abdi tina ieu
kasusah, supados Gusti ku abdi dipuji dina

pagempungan umat Gusti, ku karana kasaean
Gusti ka abdi.

143 [1] Jabur Daud. Nun PANGERAN,
dangukeun paneda abdi. Demi
kaadilan Gusti, dangukeun panuhun abdi.
Demi kasatiaan Gusti, mugi kersa ngawaler
ka abdi.
[2] Mugi abdi Gusti ulah didoja, margi di
payuneun Gusti mah jalmi teh teu aya nu
henteu salah.
[3] Abdi parantos kaudag ku musuh, parantos
kasoran sama sakali. Ku musuh digubragkeun
ka jero panjara poek, kaayaan abdi sapertos
anu parantos lami maot.
[4] Harepan parantos meh seep, kacida
baluwengna.
[5] Abdi jadi emut ka waktos-waktos anu
kalangkung, emut kana sugri padamelan
Gusti, karya-karya Gusti dilenyepan.
[6] Abdi nadahkeun leungeun, neneda ka
Gusti, ngaraos sono ka Gusti, lir tanah garing
sono ka cai.
[7] Enggal waler, nun PANGERAN, margi
abdi parantos seep pangharepan. Mugi ulah
nyumputan, bilih abdi ngahiji sareng anu
parantos tarurun ka jero kubur.
[8] Geuing abdi unggal enjing, sangkan emut
kana satia asih Gusti, margi nya ka Gusti abdi
percaya. Paneda abdi mumbulna ka Gusti,
tuduhkeun jalan anu ku abdi kedah ditempuh.

9 Abdi dongkap seja nyalindung, nun
PANGERAN, luputkeun abdi ti musuh.
10 Gusti teh Allah abdi, wulangkeun ka abdi
kumaha pangersa Gusti. Sing welas ka abdi,
tungtun abdi ka jalan anu aman.
11 Luputkeun abdi, luyu sareng jangji Gusti,
nun PANGERAN, salametkeun abdi tina
kasesah, demi kasaean Gusti.
12 Demi welas asih Gusti ka abdi, musuh
abdi paehan, sakur anu ngagencet ka abdi
mugi dibasmi, kitu panuhun ti abdi Gusti.

144 1 Ti Daud. Puji PANGERAN,
papayung kaula! Mantenna ngalatih
kaula jurit jeung ngajar kaula perang.
2 Mantenna papayung anu bela ka kaula,
panyalindungan jeung jurusalamet kaula. Di
Mantenna kaula percaya yen aman. Mantenna
nundukkeun bangsa-bangsa ka kaula.
3 Nun PANGERAN, naon manusa teh pangna
ku Gusti dipirosea? Eta teh mung manusa, ku
Gusti bet diperhatoskeun?
4 Manusa teh mung sapertos angin sahius
umurna mung sapertos kalangkang ngolepat.
5 Nun PANGERAN, soehkeun langit sing
muka, lajeng lungsur, rampa gunung-gunung,
tangtos meledug haseupna.
6 Burinyaykeun kilat, buyarkeun musuh-
musuh Gusti, pentang-pentangkeun
jamparing Gusti, musuh sina putat-patit
lalumpatan.

7 Sodorkeun panangan Gusti ti luhur,
abdi rawel, tarik ti jero cai, luputkeun tina
genggeman bangsa asing,
8 anu ngomongna tara sabenerna, malah
dibawah sumpah ge bohong.
9 Nun Allah, abdi bade ngalagukeun lagu
anyar, bade dikawihkeun dipirig kacapi,
kanggo Gusti.
10 Gusti maparin kaunggulan ka raja-raja
sareng nyalametkeun Daud, abdi Gusti.
11 Uculkeun abdi ti musuh anu barengis
luputkeun tina genggeman bangsa asing anu
ngomongna tara sabenerna, malah dibawah
sumpah ge bohong.
12 Mugia anak-anak lalaki urang dina mangsa
ngorana sing saibarat pepelakan, morontod
sarta karuat, anak-anak awewe sing saibarat
tihang-tihang agung, panghias juru-juru
karaton.
13 Mugia leuit-leuit urang parinuh, ku
rupa-rupa hasil bumi, domba-domba urang di
tegal-tegal aranakanana sing puluhan rebu.
14 Mugia sapi urang baranahan pirang-pirang
jeung ulah aya nu kaluron atawa leungit.
Mugia di jalan-jalan di nagri urang taya ceurik
taya susah.
15 Bagja temen bangsa anu kaayaanana
sarupa kitu! Estu bagja bangsa anu Allahna
PANGERAN.

145 1 Pamuji ti Daud. Nun Allah, nun
Raja, abdi bade ngembarkeun

kaagungan Gusti, sareng bade muji sukur
sapapaosna.
2 Unggal-unggal dinten bade muji sukur,
bade ngamulyakeun Gusti sapapaosna.
3 Agung PANGERAN teh, pohara pinujina,
kaagungana-Na henteu katepi ku pangarti.
4 Sugri padamelan Gusti bakal diagung-
agung ku unggal turunan, dadamelan Gusti
anu rarongkah bakal dimashurkeun ku
maranehna.
5 Maranehna bakal nyaritakeun kamulyaan
sareng kadaulatan Gusti, sarta abdi bade
ngalenyepan dadamelan Gusti anu araheng.
6 Jalmi-jalmi bakal nyaritakeun sugri
dadamelan Gusti anu rarongkah, abdi oge
sumeja ngembarkeun kaagungan Gusti.
7 Jalmi-jalmi bakal nyaritakeun kasaean
Gusti, sareng nganyanyikeun kaadilan Gusti.
8 PANGERAN teh sipat welas sipat hampura,
tara gancang bendu, sarta jembar asih.
9 Mantenna sae ka unggal jalma, sarta
mikawelas ka saniskara dadamelana-Na.
10 Sadaya mahluk Gusti bakal ngamulyakeun,
nun PANGERAN, sarta umat Gusti bakal
maruji sukur ka Gusti,
11 maranehna bakal nyaritakeun kamulyaan
karajaan Gusti, sareng nyaritakeun
karongkahan Gusti,
12 dugi tiap jalmi terang kana dadamelan
Gusti nu rarongkah, sareng kana kamulyaan
kadaulatan karajaan Gusti.

13 Pamarentahan Gusti langgeng Gusti
jadi raja sapapaosna. PANGERAN satia
kana saniskara jangji-Na, tur mikawelas ka
saniskara dadamelana-Na.
14 PANGERAN nulungan sakur anu
kasusahan, sarta ngahudangkeun anu
lalabuh.
15 Sakumna mahluk hirup ngarep-ngarep ka
Gusti, sarta dina waktosna ku Gusti dipaparin
tedaeun;
16 Gusti maparin sacekapna, sareng
nyumponan kabutuh sakumna mahluk.
17 PANGERAN adil dina sagala tindakana-
Na dina sagala damelna dibarengan ku
kawelasan.
18 Mantenna deukeut ka sakur anu sasambat
ka anu sasambatna ka Mantenna enya-enya.
19 Mantenna nyumponan kabutuh jalma
anu ngahormat, kersa ngadangu sarta
nyalametkeun sakur nu jumerit ka Mantenna.
20 Mantenna ngaraksa ka sakur nu micinta
salira-Na, sabalikna nu jahat mah ku
Mantenna dibasmi.
21 Kaula moal kendat muji ngagungkeun
PANGERAN, sing sakur nu kumelip masing
ngamulyakeun kana jenengana-Na nu suci,
sapapanjangna.

146 1 Puji PANGERAN! Puji PANGERAN,
he nyawa.

2 Kaula seja muji ka Mantenna saumur
hirup, mo petot-petot pupujian ka Allah kaula
sapanjang gumelar.
3 Ulah ngaharep ka para pamingpin nu sipat
manusa, da moal bisaeun nyalametkeun.
4 Jalma mah ari geus paraeh jaradi deui lebu,
sagala pamaksudanana ge harita musna.
5 Jamuga jalma anu boga Allahna Yakub
anu baris nulungan anu muntangna ka
PANGERAN, nu jadi Allahna,
6 nu ngadamel langit jeung bumi, laut katut
saeusina, sabab Mantenna tetep satia kana
jangji-Na.
7 Mantenna ngabela hak jalma-jalma anu
dikaniaya, maparin dahareun ka jalma nu
lapar. PANGERAN ngabebaskeun para sakitan,
8 ngabeuntakeun anu lalolong,
ngahudangkeun anu lalabuh, miasih ka
jalma nu jujur.
9 PANGERAN rumaksa ka nu ngumbara, di
nagri urang, nulungan ka randa-randa jeung
para pahatu, sabalikna rarancang jalma jahat
mah ku Mantenna disina gagal.
10 PANGERAN jumeneng Raja
salalanggengna, eh Sion! Allah anjeun
baris marentah salalanggengna. Puji
PANGERAN!
147 1 Puji PANGERAN! Sabab muji ka
Allah teh hade, muji ka Mantenna
teh estu bener tur matak resep.

2 PANGERAN ngadegkeun deui Yerusalem,
mulangkeun urang ti pangbuangan.
3 Hate nu ancur ku Mantenna disina cageur,
raheut-raheutna dibeberan.
4 Bentang-bentang ku Mantenna dipasti
jumlahna, sarta masing-masing dipaparinan
ngaran.
5 Gusti urang teh hebat jeung agung
kabijaksanaana-Na teu aya wates-wangenna.
6 Kaom lemah ku Mantenna dicengkatkeun,
sabalikna nu jahat mah ku Mantenna diidek
dina taneuh.
7 Sanggakeun kidung pamuji ka PANGERAN,
tabeuh kacapi pikeun Allah urang.
8 Mantenna nyebarkeun mega di awang-
awang, ngayakeun hujan keur nyiraman
bumi, melakan pasir-pasir ku jujukutan,
9 Mantenna maparin parab ka sasatoan,
maraban anak gagak anu disarada marenta.
10 Karesep PANGERAN lain kuda nu baredas,
lain prajurit nu gagah wani;
11 karesep-Na teh nya eta anu hormat ka
Mantenna, anu ngaharep kana satia asih-Na.
12 Puji PANGERAN, he Yerusalem! Puji Allah
maneh, he Sion!
13 Sabab Mantenna geus nohagakeun panto
gapura maneh, ngaberkahan rahayat maneh.
14 Mantenna ngajadikeun daerah maneh
aman jeung kerta, sarta nyukup ka maneh ku
gandum anu pangalusna.

15 Mantenna maparin parentah ka bumi,
sarta naon bae sapangandikana gancang
ngajadi.
16 Mantenna ngamparkeun salju lir simbut,
nyebarkeun halimun anu kawas lebu.
17 Mantenna nurunkeun hujan es lir batu
karikil, taya nu kuat nangankeun tirisna!
18 Sarta ku parentah-Na keneh eta es teh
leyur, Mantenna niup angin, cor cai ngalocor.
19 Mantenna maparin amanat ka umat-Na,
maparinkeun parentah jeung hukum-Na ka
Israil.
20 Bangsa-bangsa sejen taya anu dipaparinan
saperti kitu, maranehna mah teu nyarahoeun
kana hukum-hukum Mantenna. Puji
PANGERAN!

148 1 Puji PANGERAN! Puji PANGERAN ti
sawarga, ku aranjeun, nu araya di
tempat luhur.
2 Puji Mantenna, he para malaikat-Na, puji,
he wadyabalad sawarga.
3 Puji Mantenna, he bulan jeung panonpoe,
puji, he bentang-bentang anu baranang!
4 Puji Mantenna, he langit satungkebing
langit, puji, he sagala cai di luhur langit.
5 Puji jenengan PANGERAN ku sakabeh,
sabab sakabehna ge dijadikeunana ku
pangandika-Na.
6 Nya ku pangandika-Na sakabehna langgeng
merenah satempatna-satempatna, taya nu
bisa ngalawan.

7 Puji PANGERAN, he pangeusi bumi, he
mahluk-mahluk raksasa pangeusi laut-laut
jeung sagara-sagara;
8 he kilat jeung hujan es, salju jeung
mega, jeung angin topan anu nurut kana
parentah-Na.
9 Puji Mantenna, he gunung-gunung jeung
pasir-pasir, he tangkal bubuahan jeung
leuweung-leuweung,
10 sato-sato leuweung jeung sato-sato ingu,
sato-sato nu ngarayap jeung manuk-manuk.
11 Puji Mantenna, he para raja katut
bangsa-bangsa, para pangeran jeung para
pangereh lianna,
12 para perjaka jeung para mojang, nu
karolot kitu deui barudak.
13 Kabeh kudu muji jenengan PANGERAN!
Sabab jenengan Mantenna leuwih agung
ti sakabeh, kaagungana-Na luhureun bumi
jeung langit.
14 Mantenna geus nguatkeun bangsa
salira-Na, nepi ka Mantenna dipuji ku sakabeh
umat-Na, nya eta bangsa Israil, anu kacida
diasih ku Mantenna. Puji PANGERAN!

149 1 Puji PANGERAN! Nyanyikeun lagu
anyar pikeun PANGERAN, puji
Mantenna dina pagempungan umat-Na anu
satia!
2 Mangka suka, Israil, ku karana Khalik
maneh; mangka gumbira, urang Sion, ku
karana raja maraneh!

3 Puji jenengana-Na ku igel, puji Mantenna
ku terebang jeung kacapi.
4 PANGERAN ngaraos suka ka umat-Na; nu
rendah hate ku Mantenna dihormat, dipaparin
kaunggulan.
5 Umat Allah mangka gumbira lantaran geus
jaya, mangka gerah sarta nyaranyi sapeuting
jeput.
6 Sina surak masing tarik maruji ka Allah,
bari nyarekel pedang seukeut,
7 geusan ngelehkeun bangsa-bangsa,
geusan ngahukum jalma-jalma;
8 geusan ngabarogod raja-rajana ku rante,
geusan ngabarogod para pamingpinna ku
rante beusi,
9 geusan ngahukum bangsa-bangsa
sakumaha parentah Allah. Ieu teh
kaunggulan umat Allah. Puji PANGERAN!

150 1 Puji PANGERAN! Puji Allah di jero
Bait-Na! Puji pangawasa-Na di
sawarga!
2 Puji padamelana-Na anu rarongkah, puji
kaagungana-Na anu unggul.
3 Puji Mantenna ku sora tarompet, puji ku
sora kacapi jeung gambus.
4 Puji Mantenna ku sora kendang jeung ku
igel, puji ku sora kacapi jeung suling.
5 Puji Mantenna ku sora kolonangna genta
puji ku sora kelenengna lonceng.
6 He sakur mahluk hirup, puji PANGERAN!
Puji PANGERAN!

Amsal

1 [1] Ieu siloka-siloka Suleman, putra Daud,
raja Israil.
[2] Ieu siloka-siloka teh geusan nungtun urang
supaya nyaho kana hikmah jeung atikan,
supaya bisa neuleuman pitutur-pitutur anu
marunel.
[3] Oge ngadidik sangkan hirup urang sugih
pangarti, jujur, bener jeung adil.
[4] Kitu deui mere luang ka nu taya
pangalaman, mere papatah ka nu ngarora
sangkan jembar kanyaho.
[5] Malah nambahan kaweruh nu geus
laluhung, ngawuwuh pangarti ka nu geus
laloba elmu,
[6] sangkan ngarti kana hartining siloka
anu nyamuni, bisa neuleuman pituturna
jalma-jalma bijaksana.
[7] Pikeun meunangkeun kanyaho, jalma
teh kudu boga rasa hormat jeung sieun ku
PANGERAN. Jalma bodo mah teu ngahargaan
kana hikmah sarta embungeun diajar.
[8] Anaking! Turutkeun papatah nu jadi bapa,
gugu pitutur nu jadi indung.
[9] Papatahna matak alus kana ahlak, lir
kongkorong atawa sorban nambahan pantes
kana dangdanan.

10 Anaking! Mun aya nu jahat ngagoda,
kahade ulah kabawa.
11 Bisi upama carekna, "Euy, urang
datangan Si Anu, urang paehan. Geura resep
mergasana, sanajan taya pasalna.
12 Ayeuna mah ingkeun sina ngeunah-
ngeunah heula. Tapi ati-ati mun urang geus
datang, jangji paeh ku urang!
13 Barang-barangna urang rampas, urang
akutan ka imah.
14 Hayu, engke dibere bagian."
15 Kade anaking, tong daek. Anggur jauhan.
16 Maranehna teu betah cicing lamun can
nyieun kajahatan, salawasna ngan hayang
geura maehan.
17 Mun manuk geus nyahoeun ti heula,
cumah ditaheunan oge.
18 Tah jelema anu kitu, ibarat naheunkeun
burang eukeur dirina sorangan, keur mergasa
nyawana sorangan.
19 Memang kitu jalma nu hirupna tina
rarampog, tega kana patina sorangan.
20 Tah dengekeun, hikmah cumeluk ti
jalan-jalan, ti pasar-pasar,
21 ti lawang-lawang gapura, ti tempat-tempat
jelema karumpul.
22 Cecelukna, "Eh, nu barodo! Arek
kajongjonan bae bodo balilu? Iraha rek resep
moro kanyaho? Na teu harayang dialajar?

23 Dengekeun ari kami negor, kami rek mere
pepeling, sarta ngabagi kanyaho kami ka
maraneh.
24 Aranjeun ku kami geus dicalukan,
diondang, tapi arembung ngadenge, kami
henteu dipalire.
25 Maraneh teu daraek malire pepeling kami,
jeung arembung diingetan.
26 Rasakeun engke, ana katarajang kasusah,
kami mah rek nyeungseurikeun. Ku kami rek
dipupuas mun aranjeun ditempuh bancang
pakewuh,
27 anu datangna kawas angin ngagelebug,
mawa topan kasusahan, maraneh nu ngarasa
nyeri jeung susahna.
28 Ti dinya kakara aranjeun sasambat ka
hikmah, tapi ku kami mo dipiduli. Kami ku
aranjeun diteangan dikotektak, tatapi hamo
kapanggih.
29 Bongan aranjeun enggeus mikageuleuh
kanyaho, sarta salawasna embung bae sieun
ku PANGERAN teh.
30 Maraneh tara daraek narima nasehat-
nasehat kami atawa malire kana panegor-
panegor kami.
31 Kalakuan aranjeun kitu baris malindes ka
diri, temahna jadi nyiksa ka sorangan.
32 Jalma tuna pangalaman, paeh ku lantaran
mangsabodokeun hikmah. Jalma bodo,
paehna ku lantaran teu pisan malire ka
hikmah.

33 Sabalikna sing saha anu ngagugu ka kami,
hirupna tangtu rahayu, salamet tur euweuh
pikalewangeun."
2 1 Regepkeun anaking, ieu Bapa rek
papatah. Poma ulah mopohokeun nu ku
Bapa diucapkeun.
2 Sakur nu jadi piwuruk, lenyepkeun sarta
hartikeun.
3 Enya, kudu nunuhun menta kanyaho, kudu
neda-neda menta pangarti.
4 Pek kotektak mangka gemet, lir neangan
perak atawa pependeman.
5 Lamun eta dipilampah, engke hidep nyaho
naon hartina sieun ku Allah, sarta bakal
meunang kanyaho tina hal Allah.
6 Karana kapinteran teh estu kurnia ti Allah.
Kanyaho reujeung pangarti, asalna nya ti
Mantenna.
7 Mantenna nyayagikeun pitulung
panangtayungan, ka jalma anu bener
satemenna,
8 ngaraksa jalma nu hade ka pada kaula,
ngaping jalma anu tumut ka Mantenna.
9 Lamun papatah Bapa digugu, hidep bakal
nyaho naon ari adil, temen jeung jujur, nyaho
ka anu kudu dipilampah.
10 Tangtu jadi bijaksana, tur bakal ngarasa
bagja dumeh sugih ku kanyaho.
11 Pangarti hidep bakal ngajaring, paham
bakal ngajaga,

12 nyegah tina lampah salah, ngajauhkeun ti
jelema-jelema nu sasar omonganana,
13 ti anu naringgalkeun jalan anu lempeng,
nyorang jalan nu poek,
14 ti jalma-jalma anu betah dina salah, nu
resep milampah jahat,
15 anu hirupna teu make pangered, anu teu
beunang diandel.
16 Hidep baris kuat moal kabengbat ku
awewe nu barejad ahlak, ahli ngolo-ngolo
jeung ngagelo,
17 nu sok serong ti salakina, anu poho kana
sumpah suci akad nikah.
18 Sakali hidep nyampeurkeun awewe kitu,
sasat nyampeurkeun ajal. Indit ka awewe kitu
sarua jeung indit ka enggon nu paeh.
19 Lalaki nu datang nemonan awewe kitu,
tara bisa mulang deui, tara nyorang deui jalan
anu brasna kana hirup.
20 Nu matak hidep kudu niru lakuning jalma
satuhu, anu hirupna saestu.
21 Sakur anu hirupna satemenna, jalma anu
taya kuciwana, baris ngancik di dieu, di tanah
nagara urang.
22 Demi nu daroraka mah ku Allah baris
didudut, nu jarahat baris dicabut ti dinya, lir
tangkal anu dirabut jeung akar-akarna.
3 1 Anaking, ulah poho ka papatah Bapa.
Nu ku Bapa diucapkeun, omat ku hidep
ingetkeun.

2 Sabab eta teh matak hade untung sarta
panjang umur.
3 Ulah tinggal ti satia jeung satuhu,
kongkorongkeun eta teh dina beuheung, tulis
dina sanubari.
4 Lamun kitu tangtu ku Allah dimanah, ku
jalma dipikaresep.
5 Kudu temen ngandel ka PANGERAN. Ulah
sok ngandelkeun kanyaho sorangan.
6 Dina sagala laku lampah masing inget ka
PANGERAN, tangtu Mantenna nuduhkeun
jalan nu lempeng.
7 Poma ulah boga angkeuh pinter sorangan,
anggur masing sieun ku PANGERAN, nyingkah
tina lampah salah.
8 Lamun kitu, eta teh ibarat ubar, kana
raheut matak cageur, tur kanyeri oge nyingkir.
9 Masing hormat ka PANGERAN ku
ngabaktikeun sagala rupa hasil bumi lahan
hidep anu panghadena.
10 Engke leuit hidep buncir, cianggur ceuyah,
ngaleuya mo kawadahan.
11 Anaking, ulah nampik lamun ku
PANGERAN dipeperih. Tarimakeun ulah
sungkan, eta teh pepeling.
12 Mana dipeperih ge tandaning hidep
dipiasih, lir bapa meperih anak anu
dipikanyaah.
13 Bagja jalma anu meunang hikmah, anu
meunang pangarti.

14 Sabab eta leuwih untung batan boga
perak, pangajina leuwih ti batan emas.
15 Hikmah leuwih hargana ti batan permata,
sagala rupa anu dipikahayang ku hidep moal
bisa nyaruaan eta.
16 Hikmah nungtun kana panjang umur,
parek rejeki tur mulya harkat.
17 Hikmah matak nyenangkeun, hirup
ngahenang-ngahening.
18 Nya bagja anu boga hikmah, hirup teh jadi
milikna.
19 PANGERAN ngadegkeun bumi ku hikmah-
Na. Ngadegkeun langit ku pangartos-Na.
20 Ku hikmah Mantenna, cur-cor walungan
ngalocor, Mantenna ngayakeun mendung
sangkan bumi meunang hujan.
21 Anaking, cekel sing pageuh hikmah, jeung
akal budi, ulah dilesotkeun.
22 Eta nu baris ngalantarankeun hidep bagja
jeung jamuga.
23 Bakal tengtrem urang nya leumpang, moal
kungsi titajong-tajong acan.
24 Sare-sare jongjon da euweuh kakeueung,
tibra nepi ka isuk.
25 Moal sieun kagerebeg ku bahla nu
datangna jeg angin topan, moal cara nu sok
kaalaman ku nu jarahat.
26 Sabab hidep dijaring ku PANGERAN,
diraksa sangkan ulah keuna jiret.
27 Iraha bae ge kudu nulung ka nu butuh,
sabisa-bisa.

28 Lamun tatangga menta tulung ulah
ditembalan, "Isukan bae." Bisa harita mah
harita keneh tulungan.
29 Ulah sok ngarancang kajahatan ka
sasama, kapan manehna teh hirup bareng-
bareng jeung urang sarta percaya ka
urang.
30 Ulah cekcok taya sabab jeung jelema anu
henteu nyieun kua-kieu ka hidep.
31 Ulah sirik ka nu telenges, jeung ulah
hayang nurutan.
32 Sabab nu adatna jahat teh kagiruk
PANGERAN. Sabalikna jalma anu satuhu mah
jadi kapercayaan Mantenna.
33 Jalma jahat, rumah tanggana ku
PANGERAN diterapan panyapa. Rumah
tangga jalma satuhu mah diberkahan.
34 Mantenna henteu butuh ku nu adigung.
Ari nu rendah ati mah ku Mantenna baris
dipiasih.
35 Jalma bijaksana ngaranna bakal seungit.
Jalma bodo bakal tambah-tambah hina.
4 1 Barudak, dengekeun papatah bapa
maraneh. Regepkeun supaya boga
pangarti.
2 Ieu piwuruk hade paedahna, kudu
diingetkeun pisan.
3 Bapa teh anak tunggal. Bapa keur budak
keneh,

4 ku Ama sok diwurukan. Saurna, "Ingetkeun
papatah Ama, ulah poho. Lampahkeun
sangkan jamuga.
5 Sing meunang hikmah. Sing meunang
pangarti. Kade ieu papatah teh ulah
dipopohokeun atawa dilalaworakeun.
6 Ulah ngalalaworakeun hikmah, supaya
urang ditangtayungan. Anggur pikadeudeuh,
sabab eta teh baris nungtun kana rahayu.
7 Meunangkeun hikmah teh usaha
pangpentingna. Beunangkeun pangarti ku
saniskara nu geus kapimilik.
8 Sing nyaah kana hikmah, engke maraneh
dijadikeun jalma mulya. Maraneh bakal
jadi jalma nu kaajen, lamun mikadeudeuh
hikmah,
9 nu jadi makuta dina hirup maraneh."
10 Sing ngagugu ka Bapa, anaking! Papatah
Bapa bandungan sing saregep, sangkan
panjang-punjung panjang umur.
11 Tah, Bapa enggeus ngajarkeun hikmah
jeung jalan nu bener geusan hirup.
12 Lamun hidep ati-ati, iatna nya lampah,
berekah moal manggih halangan, mun lumpat
hamo titajong.
13 Ulah poho ka nu ku Bapa geus
dipapatahkeun. Sabab atikan teh nya eta
sakumna hirup hidep. Jadi kudu dijaga.
14 Ulah saihwan jeung jelema jarahat. Ulah
nurutan adat nu daroraka.

15 Ulah! Si Jahat teh jauhan. Hidep mah
jongjon-jongjon bae ulah kagoda! Teruskeun
enggoning nyorang jalan sorangan.
16 Jalma jahat mah mun teu ngajahat teh
sok teu bisaeun hees, gedebag-gedebug
panasaran can mergasa batur.
17 Kawantu keur nu jarahat mah
ngajalankeun kajahatan jeung katelengesan
teh geus cara kana nyatu jeung nginum.
18 Lalampahan jelema anu satuhu, saibarat
srangenge medal, beuki beurang beuki caang.
19 Ari nu jahat mah sarua jeung leumpang
dina poekna peuting, blug labuh, duka
titajong kana naon, da matana teu nenjo.
20 Anaking, regepkeun. Dengekeun omongan
Bapa.
21 Kade ulah aya anu lolos. Ingetkeun,
cangreud dina ati.
22 Sing saha anu ngarti, bakal diganjar hirup
hurip.
23 Masing asak nya mikir, sabab anu
nangtukeun watek hirup teh nya pikiran tea.
24 Poma ulah ngomong anu lain sabenerna.
Kudu pantrang bohong, cadu ngabobodo.
25 Sing teteg neuteup ka hareup, hate sing
buleud sing yakin, ulah ngeluk semu era.
26 Pikir heula sing asak anu arek dipigawe,
tangtu sagala anu diusahakeun teh bakal
hade jadina.
27 Jauhan anu jahat, lampah sing lempeng.
Poma ulah nyimpang ti jalan anu bener.

5 [1] Anaking, tengetkeun jeung regepkeun
ieu hikmah jeung pangarti ti Bapa,
[2] Tangtu hidep engke nyaho kumaha kuduna
mawa diri sarta kumaha kuduna nyarita,
nyirikeun yen boga kanyaho.
[3] Biwir pamajikan batur kareueutna lir madu,
nyiumna lemes lir lemesna minyak jetun.
[4] Tapi dina sanggeusna, ngan kari paitna,
kari peurihna.
[5] Awewe kitu bakal nyered maneh ka tempat
nu maot, da leumpangna ge moro ajal.
[6] Dirina henteu tetep dina jalan anu nuju
kana hirup, tapi sasab ngalantur, tapi teu
ngarasaeun yen ngalantur.
[7] Ku sabab eta dengekeun, barudak! Bapa
arek ngomong deui. Kade ulah aya anu poho.
[8] Awewe kitu singkiran! Malah ka imahna ge
ulah deukeut.
[9] Lamun maraneh ngalayanan, tangtu leungit
kahormatan, tur bakal paeh ngora-ngora ku
jalma nu taya karunya.
[10] Kakayaan maraneh bakal dicokot ku batur,
beubeunangan usaha bakal kapiboga ku nu
sejen.
[11] Tungtungna ari awak geus beak ku
panyakit, maraneh ngan bisa udah-aduh,
[12] bari ngomong, "Ku naon atuh aing teh
ijid kana nasehat? Ku naon make embung
dipepelingan?
[13] Aing embung ngagugu ka guru-guru,
embung nurut ka aranjeunna.

14 Nyaho-nyaho aing teh geus hina dina
panenjo jalma rea."
15 Anu matak sing satia ka pamajikan.
Kanyaah teh tamplokkeun ka dinya wungkul.
16 Anak ti awewe sejen mah moal aya
pigunaeunana ka hidep.
17 Anak sah nu kudu dimumule teh, sina
gede, ngarah engkena bisa ngabantu-bantu,
lain nu sejen.
18 Anu matak sing ngarasa bagja ku
pamajikan. Teangan kasukaan jeung mojang
anu ku hidep dikawin,
19 mojang manis jeung tangginas lir mencek;
sing katarik ku geulisna, jeung sing bagja ku
cintana.
20 Keur naon anaking micinta awewe sejen?
Keur naon leuwih kapincut ku kageulisan
pamajikan batur?
21 PANGERAN maha uninga kana sagala
kalakuan hidep. Ka mana ka mana ge hidep
hamo leupas tina panalingaana-Na.
22 Dosana jelema jahat teh lir tataheunan nu
bakal ngajiret dirina sorangan,
23 tungtungna paeh lantaran teu bisa
ngawasa diri. Ku tina bodo-bodona ahirna
tigebrus ka liang kubur.
6 1 Anaking, kungsi hidep kalepasan jangji
ka batur, jangji rek mangmayarkeun
hutangna?
2 Kungsi hidep kacangcang ku ucap
sorangan, kabeulit ku jangji pribadi?

3 Lamun kungsi, atuh hidep kaereh ku itu.
Tapi Bapa seja mituahan. Buru-buru tepungan
ka ditu, wayahna balaka teu sanggup.
4 Tong diengkekeun, komo diselang
sare atawa reureuh heula mah sanajan
sakeudeung ge.
5 Geuwat ngejat tina eta kaayaan, lir manuk
atawa uncal ngejat kabur ti nu moro.
6 Jalma kedul kudu nengetan petana sireum.
7 Euweuh nu ngapalaan, euweuh nu ngatur,
euweuh nu marentah,
8 tapi sakitu rarajinna; dina usum halodo
rajin ngarumpulkeun hakaneun, keur bekelna
dina usum hujan.
9 Ari si kedul rek tepi ka iraha ngarengkolna
teh? Iraha arek cengkatna?
10 Majarkeun, "Ah rek ngalenyap heula
sakerejep, bari sidakep reureuh sakeudeung!"
11 Tapi sabot sare, gapruk ditarajang ku
kamiskinan, narajangna lir rampog bari
ngabar-ngabar bedog.
12 Jelema nu jahat jeung kurang ajar, ka
mana-mana ngan bohong.
13 Matana tingdarilak ngisarahan rek
macikeuh.
14 Da salilana anu direkana teh ngan
pidorakaeun, di mana-mana ngan nyebar
picilakaeun.
15 Ku sabab kitu hamo barisa sumingkir tina
musibat, nepi ka tumpes.

16 (6:16-19) Aya tujuh perkara anu jadi
kacua PANGERAN anu teu meunang diantep,
nya eta: Sikep nu sombong, sungut nu
bohong, leungeun nu maehan jalma teu
salah, pipikiran nu ngareka kamurkaan, suku
anu gura-giru kana kajahatan, saksi anu
bohong deui, bohong deui, jeung jelema anu
ngadu-ngadukeun babaturan.
17 (6:16)
18 (6:16)
19 (6:16)
20 Anaking, lampahkeun papatah Bapa,
tuturkeun pitutur indung.
21 Gumatikeun salawasna, cangcang dina
sanubari.
22 Piwurukna baris nungtun ari keur lumaku,
purah ngaping ari ti peuting, mere luang ari ti
beurang.
23 Pituahna ibarat cahya ngagebray.
Panggeuingna lir guru pituduh hirup,
24 anu baris nyandet hidep sangkan teu ka
awewe bangor, sangkan teu kagembang ku
pangwujuk pamajikan batur.
25 Tong kagoda ku kelet matana, tong kataji
ku geulisna.
26 Awewe palacuran bisa disewa ku harga
dahareun sapiring, tapi jinah jeung awewe
batur mah kudu dibayar ku nyawa.
27 Bisa hidep mawa seuneu dina harigu, bari
baju teu kaduruk?

28 Lamun hidep leumpang nincak ruhak,
piraku dampal suku teu melepuh.
29 Tah bahlana jinah ka pamajikan batur
teh ibarat kitu. Anu mirucaan kitu moal teu
cilaka.
30 Maling dahareun onaman pedah ku
bawaning lapar, moal dihina-hina teuing;
31 najan kitu ari kacerek mah kudu mere
ganti, malah nepi ka kudu tujuh kalieun,
kapaksa nguculkeun pangaboga.
32 Ari jinah mah istuning lampah teu jeung
pikiran. Sasat nyilakakeun maneh,
33 bakal dihina jeung diteunggeulan, ngaran
jadi goreng sapapanjangna.
34 Moal aya anu nandingan ngentabna
hate salaki anu dipangnyelewengkeun.
Ngunek-ngunekna taya basakeuneunana.
35 Ditebus ku naon bae oge asa najis
narimana. Amarahna moal punah ku
pangruruba.
7 1 Anaking, ingetkeun papatah Bapa.
Piwuruk nu enggeus-enggeus ulah poho.
2 Jalankeun sangkan jamuga. Lampahkeun
sakumaha ceuk Bapa. Jaga eta teh sing ati-ati
sakumaha kana siki panon.
3 Mumule sapapanjangna, tulis dina ati.
4 Anggap hikmah teh dulur awewe, pangarti
jieun sobat dalit,
5 anu baris ngajaring hidep sangkan teu
kagoda ku pamajikan batur, ku awewe
pangoloan.

6 Hiji mangsa Bapa di imah ngalong tina
jandela.
7 Katenjo aya barudak ngora, can baroga
luang. Aya saurang anu sologoto pisan,
8 leumpang ngaliwat pengkolan palebah
imah hiji awewe. Ari ka dinyana
9 wanci sareupna.
10 Awewe teh nyampeurkeun, meunang
dangdan kumaha biasa awewe bangor, arek
ngeret.
11 Nyampeurkeunana teu asa-asa, euweuh
kaera, kawantu kembang jalan,
12 geus tuman megat di pengkolan-
pengkolan, di sisi jalan, di pasar.
13 Budak ngora tea jol-jol ditangkeup jeung
digalemoh, bari diteuteup beungeutna. Pok
diolo, pokna,
14 "Euceu teh wajib mere kurban
kasalametan, ari poe ieu eta nadar teh geus
kabayar.
15 Sukur encep aya di dieu, memang keur
diteangan.
16 Ranjang geus beunang euceu ngamparan
ku sepre kembang-kembang ti Mesir,
17 malah meunang nyeungitan ku emur,
candana jeung kayu manis.
18 Yap geura urang ka rorompok, urang
sosonoan masing wareg sawewengi, urang
silih keukeupan.
19 Keun bae akangna mah da keur teu aya,
keur nyaba jauh.

20 Saurna mah bade dua minggu, da nyandak
artos seueur pisan."
21 Kitu ngolona ka budak ngora teh,
paromanna marahmay, atuh budak ngora teh
teu bisa nampik.
22 Ngiclik budak ngora teh nuturkeun, lir
sapi nu ditungtun rek dipeuncit, lir uncal
nyampeurkeun burang.
23 Henteu engeuh yen awakna baris
kapanggang ruruhit. Teu beda ti manuk anu
sologoto asup kana jaring, henteu engeuh
yen rek manggih bahya pati.
24 Ku sabab eta, barudak, darengekeun,
perhatikeun ieu papatah Bapa.
25 Kade ulah nepi ka ngiclik eleh ku awewe
kitu.
26 Geus loba lalaki anu ancur ku nu kitu nepi
ka naremahan pati. Geus meh teu kaitung.
27 Datang ka imah awewe kitu teh sarua
jeung asup ka tempat nu maraot, ibarat jalan
torobosan nu brasna kana paeh.
8 1 Dengekeun, hikmah teh cumeluk, budi
akal menta dipirosea.
2 Nangtungna di tempat nu laluhur, di sisi
jalan jeung di parapatan.
3 Lebah kaca-kaca nagara, gigireun lawang
ka kota, cumelukna:
4 "He umat manusa! Kami sumeja pepeling.
Kami cumeluk ka unggal jalma pangeusi
dunya.

5 Sangkan nu acan sawawa jadi sawawa, anu
burung ngajadi jelema luhung.
6 Regepkeun! Pitutur kami kabeh pinunjul,
saestuna, satemenna.
7 Anu dipedar ku kami perkara anu sayakti,
sabab bohong teh kacua kami.
8 Pitutur kami kabeh saestu, taya nu palsu,
jeung lain geusan nipu.
9 Pikeun anu nyaring pikir tangtu eces.
Pikeun anu asak warah, tangtu bruh-breh.
10 Ti batan milih perak, mending milih pitutur
kami. Ti batan milih emas, mending milih
kanyaho.
11 Kami teh hikmah, punjul ti batan permata.
Kabeh panyileukan maneh, moal ngungkulan
ka kami.
12 Kami teh hikmah, boga akal budi, kanyaho
jeung panalar anu sehat.
13 Sieun ku PANGERAN, eta cua kana dosa.
Adigung reujeung gumede kacua kami, kitu
deui adat jahat reujeung omongan palsu.
14 Kami nu ngarang tarekah, kami anu
ngajalankeunana. Kami nu boga pangarti. Tur
kami digjaya.
15 Kami nyokong raja-raja, ngaping ngatur
karajaan, ngabantu para pangagung nyusun
hukum kaadilan.
16 Pamarentah-pamarentah di dunya, ahli-
ahli nagara jeung para gegeden, jarenengna
teh ku lantaran kami.

17 Kami nyaah ka anu nyaah ka kami.
Sing saha nu neangan kami, tangtu bisa
papanggih.
18 Kami bisa mere kasugihan, harkat,
kaharjaan katut kayaktian.
19 Sagala perkara anu ti kami, punjul ti
emas nu pangendahna, punjul ti perak nu
pangmurnina.
20 Kami nyorang jalan anu bener, nuturkeun
jalan kaadilan.
21 Jalma nu nyaah ka kami, ku kami diwaris
kakayaan, imahna dipinuhan dunya brana.
22 Di antara ciciptan PANGERAN katut
dadamelana-Na, kami anu pangheulana
dicipta ti jaman purwa.
23 Kami digelarkeun pangheulana, memeh
gumelarna alam dunya.
24 Samemeh aya sagara, samemeh aya
cinyusu-cinyusu, kami geus lahir ti jaman beh
ditu.
25 Medal saheulaeun gunung-gunung, lahir
memeh pasir-pasir tingjalegir.
26 Nya samemeh PANGERAN ngadegkeun
bumi jeung daratanana, samemeh aya taneuh
sakeprul.
27 Kami nyaksian Mantenna ngadegkeun
langit, nyaksian Mantenna mentangkeun
cakrawala luhureun sagara.
28 Nyaksian Mantenna ngayakeun mega
di langit, nyaksian Mantenna mukakeun
sumber-sumber cai sagara.

29 Nyaksian Mantenna marentah ka laut,
sangkan ulah pasang liwat ti misti. Nyaksian
Mantenna masangkeun pademen bumi.
30 Kami nyarengan Mantenna lir ahli adegan.
Kami jadi sumber kasugemaan manah-Na
sapopoe. Kami bagja aya di payuneuna-Na.
31 Kami sugema nenjo alam dunya, sarta
kataji ku umat manusa.
32 Para nonoman, raregepkeun! Turutkeun
pitutur kami, tinangtu bagja.
33 Lenyepkeun sakur anu ku kami
diwurukkeun. Hikmah teh ulah
dimomorekeun.
34 Sing saha anu ngagugu ka kami, tinangtu
bagja hirupna, sapopoe ngajaga dina panto
kami, ngadago dina lawang ka imah kami.
35 Jelema nu bisa manggihkeun kami,
ngamilik hirup, sarta kamanah ku PANGERAN.
36 Anu teu bisa manggihkeun kami, eta
teh nyangsara maneh. Anu ngewa ka kami,
tandaning cinta kana paeh."
9 1 Hikmah geus ngadegkeun imahna,
tihangna tujuh.
2 Keur kaperluan pesta, sasatoan geus
dipangmeuncitkeun, kitu deui anggurna geus
dicampur sarta idangan geus sayagi.
3 Seug miwarang lanjang-lanjang, sina
cumeluk kieu ti tempat nu pangluhurna di
kota,
4 "Nu barodo ka darieu!" Ari ka nu gejul,
saurna teh,

5 "Hiap dahar di imah kami. Inum anggurna
beunang kami nyampuran.
6 Lamun hayang jamuga, geura tinggalkeun
lingkungan jalma-jalma barodo teh,
taluturkeun jalan pangarti."
7 Jelema sombong dielingan teh kalah ka
ngajebian, jelema jahat diingetan teh kalah
ka ngambek.
8 Nu sombong mah teu kudu dipepelingan,
kalah ka matak dipikangewa. Teu cara
ngageuing ka nu bijaksana, tangtu
ditarimakeun.
9 Keur nu bijaksana mah nasehat urang
teh matak nambahan kabijaksanaanana.
Naon bae anu diomongkeun ka jelema bener,
tangtu matak nambahan kanyahona.
10 Pikeun jadi bijaksana, kudu boga rasa
hormat jeung sieun ku PANGERAN. Nyaho ka
Nu Maha Suci, baris meunang ngarti.
11 Hikmah teh bakal mere umur panjang ka
maneh.
12 Mun maneh boga hikmah, nu untung nya
maneh keneh. Sabalikna lamun maneh nolak
hikmah, maneh keneh anu rugi.
13 Kabodoan teh ibarat awewe anu cerewed,
teu boga pikiran, teu boga kaera,
14 ngalong di lawang, atawa diuk anjeucleu
dina korsi, di tempat anu pangluhurna di
kota,
15 ngadon gera-gero, ka nu laliwat, anu keur
malikiran urusanana sorangan.

16 Ari pokna, "Heuy nu teu boga pikiran, ka
dieu!" Ari ka nu gejul pokna teh,
17 "Cai beunang maling karasana leuwih
amis. Kadaharan beunang maling karasana
leuwih ngeunah."
18 Korban-korbanna teu nyarahoeun, yen
anu nyimpang ka manehna tinemu jeung
ajalna di dinya, anu geus arasup ka jero
imahna ayeuna geus araya di dunyana nu
paraeh.
10 1 Ieu pituah-pituah Suleman: Anak
pinter bapa nu bungah. Anak gejul
indung nu nalangsa.
2 Harta banda beunang teu jujur, moal aya
berekahna. Ari jujur mah matak rahayu.
3 Jalma bener ku PANGERAN moal diantep
kalaparan. Jalma jahat mah angen-angenna
ku PANGERAN dipegat sina teu laju.
4 Nu kedul baris muluntu. Anu getol mah
pibeunghareun.
5 Anu rajin ngumpulkeun pare dina usum
dibuat eta jelema binangkit. Anu kebluk dina
usum panen mah jelema pikacelaeun.
6 Jelema bener baris narima berekah.
Ucapan jalma jahat mah ngandung niat nu
telenges.
7 Jelema bageur mah mangrupa berekah,
bakal dipikatineung, sabalikna nu jahat mah
baris tereh kapopohokeun.
8 Jalma binangkit, daek narima pituah. Nu
gejul omonganana mah baris tijuralit.

9 Jalma jujur bakal lulus mulus. Nu teu jujur
mah pasti kabitur.
10 Jalma anu sumput salindung
ngadatangkeun kasusah. Jalma nu
wani mere panggeuing mah ngusahakeun
karapihan.
11 Pitutur jelema hade teh jadi sumberna
hirup. Ucapan jelema jahat mah ngandung
niat nu telenges.
12 Kaceuceub teh ngahudang picekcokeun,
ari kanyaah mah hampuraan kana sagala
kasalahan.
13 Jalma nu luhur pangarti, omonganana
ngareusi. Jalma gejul mah geus sapantesna
mun kahukum.
14 Jalma pinter sanggup ngudag sagala
pangarti. Sabalikna anu gejul mah
saucap-ucapna teh dareukeut ka pibahlaeun.
15 Kakayaan ngabenteng jalma baleunghar.
Kamiskinan mah ngabinasa nu mariskin.
16 Kahadean teh ganjaranana hirup jamuga.
Ari dosa mah kalah ka nungtun kana dosa
deui.
17 Jalma nu daek nampa panggeuing tangtu
salamet. Anu embung disalahkeun mah
hirupna dina bahaya.
18 Jalma anu nyumputkeun kangewa, eta
ngabohong. Jalma anu resep ngupat mah eta
teh jelema gejul.
19 Beuki loba omong beuki loba masiat.
Jalma lantip budi mah resep keneh balem.

20 Pitutur jelema bener saibarat perak
tulen. Ari jalma jahat mah pipikiranana taya
hargana.
21 Pitutur jelema bener matak untung jalma
rea. Sabalikna jalma gejul mah paeh ku
kagejulanana.
22 Berkah PANGERAN nu ngabeungharkeun
teh, ari saukur getol mah moal matak
nambahan beunghar.
23 Jalma gejul resep kana lampah teu uni. Nu
luhur pangarti mah mikaresep kana hikmah.
24 Jalma bener bakal laksana kahayangna.
Ari nu jahat mah kalah ka meunang anu
dipikasieun.
25 Ana datang topan, nu gejul
kapangpengkeun, ari nu jujur mah
salamet.
26 Nitah ka nu kedul mah matak bae jengkel,
mun cuka mah matak linu kana huntu, mun
haseup matak peurih kana panon.
27 Sieun ku PANGERAN matak panjang
umur, da nu jahat mah paehna ge samemeh
mangsa.
28 Harepan jelema bener matak
ngabungahkeun. Ari jelema jahat mah
harepanana mubadir.
29 Jalma jujur ku PANGERAN diraksa. Jalma
salah mah dibinasa.
30 Jelema bener salawasna reugreug. Ari nu
jahat mah moal bisa tetep nyicingan tanah.

31 Jelema bener nyaritana wijaksana. Ari
jelema anu sok goreng sungut mah, letahna
baris diured.
32 Jelema bener nyaho kana pitutur anu aya
maunatna. Jelema jahat mah saucap-ucapna
teh panipuan wungkul.
11 1 PANGERAN mikangewa ka nu make
timbangan curang. Mantenna misuka
ka nu nimbangna bener.
2 Jalma adigung bakal meunang pamoyok,
mending oge handap asor.
3 Jalma hade ditungtun ku kajujuran. Jalma
curang bakal cilaka ku curangna.
4 Dina waktu geus nyanghareup kana ajal,
harta banda taya hartina kajujuran mah
matak rahayu.
5 Keur jalma hade mah jujur teh matak
nguntungkeun hirup. Ari jalma jahat mah sok
nyilakakeun maneh.
6 Kaadilan nyalametkeun jalma jujur. Ari
tukang cidra cilaka ku sarakahna.
7 Jalma jahat ana paeh, harepanana ge
paeh. Harta banda teu bisa dipake andelan.
8 Kasusahan moal datang ka jalma saleh,
datangna ka jalma jahat.
9 Omongan jalma jahat matak binasa,
sabalikna hikmah jelema saleh mah matak
salamet.
10 Anu jujur ana meunang bagja, sanagara
milu suka. Sabalikna jalma jahat mah ana
paeh pada nyurakan.

11 Ku restuna jalma-jalma jujur, kota bisa
alus. Sabalikna ku omongan jalma-jalma
jahat mah kota teh ruksak.
12 Ngahina batur kalakuan anu gejul. Nu
lantip mah sungutna repeh.
13 Jelema laer biwir moal bisa dibawa rasiah.
Sabalikna nu satia layak dipercaya.
14 Bangsa bakal runtuh lamun taya anu
mingpin, sabalikna bisa kuat lamun loba juru
nasehatna.
15 Ulah sasanggupanan mangnanggungkeun
hutang batur, bisi kaduhung. Leuwih aman
teu pipilueun.
16 Istri lungguh mah hormateun, sabalikna
awewe teu boga budi mah nista. Jalma kedul
mustahil rek boga duit. Nu rikat usahana mah
pibeunghareun.
17 Lamun urang bageur tangtu loba anu
mikaheman. Kejem mah sarua jeung nyiksa
maneh.
18 Jelema jahat mah najan beubeunangan ge
taya mangpaatna. Sabalikna mun pagawean
urang bener, tangtu meunang ganjaran.
19 Boga niat rek milampah hade tangtu baris
jamuga. Tapi mun keukeuh boga niat jahat,
tinangtu bakal tiwas.
20 Angen-angen jahat kaceuceub PANGERAN,
ari lampah bener nyukakeun kana manah-Na.
21 Sing yakin, nu jahat tangtu dihukum, nu
bener tangtu luput tina siksaan.

22 Istri geulis tanpa kaperyogaan, saibarat
anting emas dina cungur bagong.
23 Angen-angen jelema bener, salawasna
alus jadina. Sabalikna jelema jahat, ana
kahayangna laksana, matak ambek saban
jalma.
24 Aya jalma anu bisa samemena make
duitna, tapi kalah ka beuki beunghar. Ari nu
pohara cecelna kalah ka tambah kokoro.
25 Nu balabah babari meunang rejeki. Nu
resep tutulung babari meunang pitulung.
26 Anu sok nahan pare ngadago undakna
harga bakal pada nyumpahan. Ari dijual
harita mah pada maruji.
27 Maksud maneh lamun hade tangtu pada
ngahargaan. Sabalikna neangan pisusaheun
mah tangtu meunang kasusahan.
28 Nu umangkeuh ku kabeungharan baris
ragrag ngoleang, lir daun murudul usum
muguran. Sabalikna jalma bageur baris subur,
lir tangkal gomplok daunna.
29 Nu nyusahkeun kulawarga matak moal
boga naon-naon. Nu barodo salawasna kudu
ngawula ka nu palinter.
30 Jalma bener mah ngahirupan, jalma
telenges mah ngarampas nyawa.
31 Lamun jalma bener di dunya keneh geus
meunang ganjaran, jalma jahat jeung boga
dosa oge geus pasti baris dihukum.

12 [1] Jalma nu boga pangarti mah dibejaan
salahna teh atoh. Ngan nu gejul nu
embung dibebener mah.
[2] PANGERAN misuka jelema bener. Ari jelema
julig ku Mantenna dihukum.
[3] Jalma doraka hirupna moal aman. Jalma
bener mah reugreug.
[4] Pamajikan bageur matak reueus matak
bungah salaki. Pamajikan nu ngerakeun mah
ibarat panyakit dina tulang-tulangna.
[5] Jalma jujur resep terus terang. Ari tukang
cidra mah ngan arek nipu.
[6] Ucap-ucapan jelema jahat mah
nyilakakeun. Sabalikna ucap-ucapan jelema
bener mah ngajait nu keur kaancam.
[7] Jalma jahat baris tumpur jeung moal boga
turunan. Ari rumah tangga jelema bener mah
tangtu jamuga.
[8] Anu boga kapinteran tangtu pada ngajenan.
Nu bodo mah pada nyapirakeun.
[9] Mending jadi jelema biasa, dapon wekel
kana usaha, ti batan niru-niru menak, tapi
hirup seuseut seuat.
[10] Jelema hade mah rumawat kana pipiaraan.
Nu jahat mah telenges kana pipiaraan teh.
[11] Jurutani anu wekel digawe moal kurang
dahareun. Kacida bodona miceunan waktu
pikeun hal nu mubadir.
[12] Jalma jahat ngan nyiar pidorakaeun, ari
nu bener mah hirupna teh reugreug.

13 Jalma jahat kabeulit ku omonganana
keneh. Ari ku nu jujur mah pikasusaheun ge
luput.
14 Ganjaran teh gumantung kana ucap jeung
laku lampah, saimbang jeung pagawean.
15 Jalma gejul mah sok ngarasa bener bae.
Sabalikna nu wijaksana mah daek narima
pituah.
16 Lamun jalma palung pundung, sok terus
nangarkeun maneh. Ari nu lantip mah tahan
ku pangweweleh.
17 Lamun maneh nyarita nu saenyana,
kaadilan baris jalan. Sabalikna lamun bohong,
kaadilan moal jalan.
18 Omongan anu teu dipikir heula lir pedang
nojos, jero ngaraheutanana. Demi omongan
anu make akal budi mah jadi tamba.
19 Bohong mah moal tahan lila-lila. Sabalikna
nu saestuna mah tagen sapapanjangna.
20 Nu ngareka kajahatan, ngareka
picilakaeun. Sabalikna anu nyieun pibenereun
mah baris pinanggih bagja.
21 Jalma ibadah mah moal meunang mamala.
Sabalikna jalma jahat tangtu meunang susah.
22 PANGERAN ngewa ka tukang bohong,
sabalikna misuka ka nu nedunan jangjina.
23 Jalma lantip mah tara ieu aing nyaho,
sabalikna anu palung mah nembrakkeun
kabodoanana.
24 Wekel digawe matak boga kawasa. Nu
kedul mah paling-paling jadi badega.

25 Ku kasusah mah jalma teh leungit
kabagjaanana, tapi ku pangbeberah mah
kasusahna paler.
26 Jalma bener jadi tuduh jalan ka nu sejen,
demi nu jahat mah sabalikna, sok nyasabkeun
ka batur.
27 Anu kedul moal bisa ngahontal udaganana,
sabalikna nu rajin mah baris pinanggih jeung
bagja.
28 Bener teh nungtun kana jalan hirup. Ari
kagejulan nungtun kana jalan pipaeheun.
13 1 Budak bageur, ari dipapatahan ku
bapana teh nurut. Ari nu gede hulu
mah dipepelingan teh embung.
2 Jalma hade saucap-ucapna nguntungkeun,
ari tukang tipu mah malah resep kana
kakerasan.
3 Ngomong masing ati-ati, hirup kudu dijaga.
Nu ngomongna gagabah baris tijungkel.
4 Pangedulan sanajan loba kahayang ge
moal laksana, sabalikna nu getol, sagala
kahayangna tangtu kahontal.
5 Jalma jujur ngewa kana bohong, ari nu
jahat mah saucap-ucapna teh ngerakeun
jeung pikaijideun.
6 Kayaktian teh ngaraksa ka nu teu salah. Ari
kajahatan mah ngadatangkeun kacilakaan ka
nu daroraka.
7 Aya nu akon-akon beunghar padahal
taya kaboga. Aya oge anu pura-pura miskin
padahal beunghar.

8 Anu beunghar, duitna teh dipake keur
ngajaga kasalametanana. Sabalikna jiwa nu
miskin mah moal aya nu ngarah.
9 Jelema bener ibarat cahaya ngagebray,
jelema jahat mah ibarat lampu melempem
rek pareum.
10 Sipat angkuh nungtun kana pisusaheun.
Jadi jalma mah ulah sungkan menta luang.
11 Banda mah beuki gampang dialana, beuki
gampang beakna. Beuki wekel ngalana, beuki
nambahan lobana.
12 Estu nalangsa lamun pangharepan gagal,
sabalikna ana kahayang laksana, hate pinuh
ku bagja.
13 Nolak nasehat, eta teh menta kasusah.
Nurut kana nasehat tangtu mulus.
14 Piwulang ti nu budiman, ibarat cinyusu
ngaburial terus, bisa jadi jalan pisalameteun
tina bahaya.
15 Akal budi ngajungjung darajat, ari jelema
anu sok cidra mah anggur tumpur.
16 Jalma anu sehat akal, sagala lampahna
dipikir ti samemehna. Ari nu gejul mah sok
tuluy nangarkeun kagejulanana.
17 Utusan anu teu beunang dipercaya
matak nyilakakeun. Utusan anu satuhu mah
ngalantarankeun rapih.
18 Nu embung diajar bakal malarat tur taya
harkat. Nu daek nampa panggeuing mah
bakal diajenan.

19 Kacida untungna lamun kahayang bisa
laksana. Jalma gejul mah arembung babalik
pikir.
20 Pek nyampur jeung nu pinter, tangtu
pinter. Pek babaturan jeung nu garejul, tangtu
ancur.
21 Di mana-mana ge nu doraka mah
dikukuntit ku picilakaeun. Sabalikna nu
balener mah baris meunang ganjaran.
22 Jalma hade bisa ngawariskeun
kakayaanana ka incu-incu. Sabalikna harta
banda jelema jahat mah baris ragrag ka jalma
anu balener.
23 Tanah nganggur bisa ngahasilkeun
dahareun pirang-pirang keur nulung anu
mariskin. Tapi ku jelema jahat mah dicarek,
teu meunang dikebonan.
24 Nu tara ngawarah anak tandaning teu
nyaah. Mun enya nyaah ka anak tangtu daek
ngelingan.
25 Jalma bener moal kurang dahareun,
sabalikna jalma jahat mah salawasna
lapareun bae.
14 1 Awewe binangkit ngamumule rumah
tanggana. Sabalikna awewe gejul mah
ngabaruntakkeun.
2 Kudu jujur tandaning ngesto ka
PANGERAN. Mun teu jujur, tandaning teu
sieun ku Mantenna.

3 Jalma gejul mah sok muji maneh bawaning
ku sombong-sombongna. Sabalikna anu
berbudi, karaksa ku omonganana.
4 Mun euweuh sato keur narik wuluku, leuit
teh bakal kosong. Mun aya mah tangtu pinuh.
5 Saksi anu beunang dipercaya, nu
dicaritakeunana teh tangtu bener. Saksi palsu
mah pangakuanana bohong kabeh.
6 Tukang cacawad mah moal bisa bijaksana.
Ari nu ngarti mah babari diajarna.
7 Nu burung mah jauhan bae, da moal bisa
ngajarkeun naon-naon ka urang.
8 Naon sababna jelema pinter wet bijaksana?
Sabab nyaho kana pilampaheun dirina. Naon
sababna jelema bodo wet gejul? Sabab
pangrasana mah sagala nyaho.
9 Nu barurung tara mikiran dosana. Jelema
anu harade mah hayang dihampura.
10 Suka keur sorangan, duka keur sorangan,
batur mah mo bisa milu ngarasakeun.
11 Waktu imah jelema jahat diruksak, imah
jelema bener mah tetep nagen.
12 Aya jalan anu disangka pisalameteun,
padahal brasna kana pipaeheun.
13 Seuri teh sok dipake nyumputkeun
kasedih. Ari enggeusna mah angger-angger
bae susah.
14 Jalma goreng baris tinemu jeung
kagorengan. Jalma hade baris meunang pahla
tina kahadeanana.

15 Jalma bodo mah percayaan, ari nu
binangkit mah ngawas-ngawas heula
pilengkaheun.
16 Jelema nu boga pikiran mah sok ati-ati
sangkan luput tina kasusah. Ari nu bodo mah
sok lalawora jeung sologoto.
17 Anu babarian napsu lampahna sok siga nu
burung, da jelema bijaksana mah adatna teh
leuleuy.
18 Jalma nu taya kanyaho, temahna bodo.
Ari nu bijaksana mah diganjar pangarti.
19 Jalma jahat baris ngeluk hareupeun
jelema bener bari tamada menta dipikarunya.
20 Ka nu malarat mah taya pisan nu misobat,
teu cara nu beunghar loba sobatna.
21 Mun hayang ngarasa bagja, kudu karunya
ka anu balangsak. Mikangewa ka batur teh
dosa.
22 Mun urang migawe hade, baris dihormat
jeung dipercaya. Pohara kaliruna migawe nu
goreng mah.
23 Mun hayang nyapek kudu ngoprek, da ari
ngobrol bae mah pimalarateun.
24 Jalma bijaksana dipuji ku
kabijaksanaanana, jalma gejul kaceluk
ku kagejulanana.
25 Lamun carita saksi sayakti, bisa ngajait
tina pati. Lamun caritana bohong eta mah
hianat.
26 Sieun ku PANGERAN teh matak teger
jeung reugreug ka urang sakulawarga.

27 Sieun ku PANGERAN teh dadasarna hirup,
anu bisa ngajauhkeun tina ancaman pati.
28 Agungna raja gumantung kana jumlah
rahayatna, tanpa rahayat raja ge taya hartina.
29 Jelema anu tahan sabar nandakeun
bijaksana, sabalikna nu gede ambek mah
nandakeun kacida bodona.
30 Hate sugema matak hurip kana diri, sirik
dengki mah ibarat panyakit matak paeh.
31 Ngagencet ka nu miskin, eta teh ngunghak
ka Allah nu ngadamelna. Welas asih ka nu
miskin, eta teh hiji bakti ka Mantenna.
32 Jalma jahat baris ragrag ku kajahatanana,
jalma bener bakal karaksa ku kajujuranana.
33 Jelema nu boga pangarti, sagala
pikiranana dibarengan ku akal budi. Jelema
gejul mah tuna tina akal budi.
34 Bangsa anu nyekel bebeneran baris jaya.
Lamun bangsa nyieun dosa, tangtu bakal
nista.
35 Pagawe nu parigel bakal kapake ku rajana.
Pagawe anu nguciwakeun manahna mah
bakal dihukum.

15 1 Jawaban sareh nyirnakeun amarah.
Jawaban nyogok ngahudang napsu.
2 Jalma nu boga pangarti mah ana nyarita
kaciri yen ngeusi. Nu burung mah harus
omongna wungkul.
3 PANGERAN uninga kana kajadian di
mana-mana. Kalakuan urang boh nu hade
boh nu goreng ku Mantenna katilik.

4 Ucap genah matak seger, ucap anu garihal
mah nyentug.
5 Goreng pisan anak ngalalaworakeun
papatah bapa. Anu ngestokeun panggeuing
bapana nandakeun yen tumarima.
6 Jelema bener mah harta bandana karaksa.
Harta banda jalma jahat mah bakal beak dina
usum suker.
7 Kanyaho teh nyebarna ti nu palinter, lain ti
nu barodo.
8 Paneda jalma balener kamanah ku
PANGERAN. Sabalikna jalma jarahat mah
pangbaktina ge dipikageuleuh.
9 PANGERAN ceuceub kana cara hirupna
jalma doraka, tapi asih ka jalma nu hade
lampah.
10 Mun lampah urang goreng tangtu dihukum
beurat. Jalma nu embung narima pepeling
moal jamuga.
11 Nu aya di enggon nu paeh ge ku
PANGERAN mah kauninga. Jadi pimanaeun
manusa bisa nyumputkeun eusi hatena ti
Allah?
12 Tukang cacawad mah embung digeuing,
tara teh teuing daek tatanya ka nu palinter.
13 Jalma nu keur meunang kabungahan,
budina marahmay, ari keur bingung mah
nguyung.
14 Pangarti teh ku nu pinter mah diulik, ari
nu gejul mah geus bodo teh enggeus bae.

15 Nu mariskin hirupna teu weleh ripuh, ari
anu sararenang tara kendat sukan-sukan.
16 Miskin oge ari iman ka PANGERAN mah
leuwih bagja ti batan beunghar tapi loba
kasusah.
17 Mending keneh dahar saukur jeung lalab
jeung jalma nu dipikanyaah, ti batan dahar
jeung daging tapi bari aya kangewa.
18 Barangasan nungtun kana picekcokeun,
sabar mah nungtun kana karuntutan.
19 Di mana-mana ge ari kedul mah hese
hirup. Hayang ulah manggih susah mah kudu
jujur.
20 Anak anu bijaksana nyenangkeun hate
bapana. Ngan jalma gejul anu ngarendahkeun
ka indung mah.
21 Nu gejul mah bodo oge ngeunah-ngeunah
bae. Ari nu dilampahkeun ku nu pinter mah
pagawean bener.
22 Kudu getol tatanya heula, tangtu hasil nya
maksud. Mun teu kitu bororaah.
23 Pohara nyugemakeunana mere jawaban
nu nya cocog ucapna nya cocog jeung
kaayaan.
24 Jalma binangkit mah jalanna teh ka luhur
ngajugjug kana hirup, lain ka handap kana
pipaeheun.
25 Nu adigung baris ditumpes rumah
tanggana ku PANGERAN. Sabalikna
pangaboga randa mah ku Mantenna
ditangtayungan.

26 PANGERAN mikagiruk pipikiran jelema
goreng, sabalikna misuka kana ucap-ucap nu
darehdeh.
27 Nyokot untung bari teu jujur, matak
susah anak rabi. Tong daek nampa panyogok
sangkan bisa hirup mayeng.
28 Jelema hade mah memeh ngajawab teh
mikir heula. Sabalikna jelema goreng mah
gancang ngajawab, tapi matak nyusahkeun.
29 Paneda jelema hade ku PANGERAN
didangu, nu doraka mah moal dipirosea.
30 Parangi hade ngagumbirakeun hate, beja
hade matak lega rarasaan.
31 Daek malire kana panggeuing, nandakeun
yen bijaksana.
32 Mun urang nolak kana nasehat, nu rugi
diri sorangan. Sabalikna mun daek narima
pepeling, bakal jadi leuwih bijaksana.
33 Sieun ku PANGERAN teh atikan nu mawa
hikmah. Mun hayang kaajen kudu handap
asor heula.
16 1 Manusa meunang nyieun
pamaksudan, ari nu nangtukeunana
mah Allah.
2 Ceuk pangrasa urang mah pagawean urang
teh hade bae. Ari PANGERAN mah nguji ka nu
aya dina sanubari urang.
3 Kudu nyuhunkeun ka PANGERAN sangkan
rencana urang diberkahan, tangtu pagawean
urang lulus.

4 Sagala dadamelan PANGERAN aya
tujuanana masing-masing. Mantenna geus
nangtukeun yen nu jahat baris ditumpes.
5 Nu arangkuh jadi kacua PANGERAN, tur
moal bisa nyingkir tina hukuman.
6 Kudu satia satuhu, tangtu dosa urang ku
Allah dihampura. Kudu tumut ka PANGERAN,
tangtu luput tina musibat.
7 Mun urang nyukakeun manah PANGERAN,
musuh oge bisa malik nyobat.
8 Pangasilan saeutik ge ari beunang jujur
mah leuwih mangpaat, ti batan loba tapi
meunang teu bener.
9 Manusa anu boga angen-angen, Allah anu
memener lengkahna.
10 Timbalan raja mah meunang kawasa ti
Allah, putusanana salawasna adil.
11 Pamundut PANGERAN, timbangan jeung
ukuran teh kudu bener, jujualan kudu jujur.
12 Raja teu meunang ngantep kajahatan,
sabab kuatna pamarentahan teh nya ku
kaadilan.
13 Raja mah kahoyongna ngadangu perkara
nu saestuna, mikaresep ka sakur anu
ngucapkeun anu sayaktina.
14 Jalma anu bijaksana, narekahan sangkan
raja senang manahna. Sabab lamun raja
enggeus bendu, teu mustahil mun aya nu
nepi ka paeh oge.
15 Kurnia raja lir ibarat mendung nurunkeun
hujan di musim halodo, matak ngahirupkeun.

16 Boga pangarti jeung kapinteran mah
leuwih utama ti batan boga emas perak.
17 Jalma hade mah lampahna nyingkiran
pibalahieun. Ku sabab eta kudu ati-ati
lampah, sangkan rahayu.
18 Adigung temahna ancur, angkuh temahna
rubuh.
19 Mending oge rendah hate jeung taya
kaboga, ti batan milu ka jalma angkuh
jeung milu kacemekan ku barang beunangna
ngarampas.
20 Sing tigin kana piwulang, supaya lulus
nya maksud. Masing ngandel ka PANGERAN,
malar meunang kabagjaan.
21 Jalma bijaksana anu sawawa, kaciri tina
pangartina; tina carana nyarita, omonganana
beuki tambah ngayakinkeun.
22 Hikmah teh sumber hirupna jalma anu
bijaksana, tapi mapatahan jelema gejul mah
ka hambur-hambur waktu.
23 Jalma berbudi mah memeh ngomong
dipikir heula, jadi anu diucapkeunana teh bisa
leuwih ngayakinkeun.
24 Ucap darehdeh ibarat madu, nya amis nya
alus keur kasehatan.
25 Aya jalan anu disangka pisalameteun,
padahal brasna kana pipaeheun.
26 Kajurung ku lapar, nu kuli mah beuki
soson-soson digawena, sangkan bisa
buru-buru dahar.

27 Jelema jahat mah ngan neangan bae jalan
picilakaeun batur. Malah ucap-ucapna ge
ngagudag-gudag ku kajahatan.
28 Jalma jahat resep nyebarkeun pitenah,
kagorenganana dipake ngabengkahkeun anu
eukeur sosobatan.
29 Jalma telenges mah ka baturna ge nipu
merdaya, ngarah baturna cilaka.
30 Sing waspada ka nu nyengiran jeung
ngiceupan, eta teh dina hatena mah boga
niat jahat.
31 Umur panjang jadi ganjaran ka jalma anu
temen nya lampah, ari huis minangka makuta
mulya.
32 Mending sabar ti batan gagah. Mending
ge bisa ngered diri, ti batan bisa ngarebut hiji
kota.
33 Taya halangan ngalung dadu oge geusan
neguh pangersa Allah. Ari jawabanana mah
ditangtukeun ngan ku Allah.
17 1 Mending dahar sangu bear tapi hate
tengtrem, ti batan kadaharan nu
ngareunah di imah anu pinuh ku kasusah.
2 Badega anu binangkit bisa ngelehkeun
anak dunungan nu tanpa guna. Malah bisa
kabagi warisan sagala.
3 Emas jeung perak diujina ku seuneu. Ari
hate jelema mah diujina ku PANGERAN.
4 Jalma jahat ngaguguna kana pikiran jahat,
tukang bohong kana bohong.

5 Ngulinkeun nu miskin sarua jeung
ngulinkeun PANGERAN nu ngadamelna.
Ulah atoh nenjo batur nu goreng milik, bisi
kahukum.
6 Nu geus karolot sok agul ku incu-incu, cara
barudak sok agul ku bapana.
7 Jelema nu lantip budi nyaritana moal
bohong, jeung pamohalan pisan jelema gejul
nyarita aya eusina.
8 Aya jalma anu nganggap, yen panyogok
teh matih, sagala ge ku eta mah leeh.
9 Mun hayang dipikaresep, kudu daek
ngahampura batur nu salah ka urang.
Ngunek-ngunek bae kana kasalahanana mah
keur nyobat ge bisa pegat.
10 Panegor sakali ge ku jalma berbudi mah
leuwih karasaeun mangpaatna, ti batan jalma
bodo digebugan ratusan kali.
11 Ka jalma jahat anu salawasna nyieun onar,
pati teh datangna lir utusan nu kejem.
12 Aya saleuheung amprok jeung biruang
anu karampas anakna, ti batan tepung jeung
anu burung nu pipikiranana gejul.
13 Males goreng ka nu hade, balukarna
kagorengan teh bakal nyayang di imah.
14 Awal pasendatan, ibarat mimiti bocorna
hiji bendungan. Memeh bedah kudu geuwat
diomean.
15 Nyalahkeun jelema beresih, atawa
ngaleupaskeun jelema jahat, duanana ge
kaceuceub PANGERAN.

16 Ngongkosan nu gejul sangkan dididik
euweuh hadena, da puguh teu bogaeun
pikiran sehat.
17 Sobat salawasna sok nembongkeun
kanyaahna. Ari dulur pikeun naon mun lain
keur silih tulungan dina kasusah?
18 Anu sasanggupanan mangmayarkeun
hutang tatangga mah, ngan jelema anu teu
boga pikiran.
19 Jalma nu resep kana masiat, resep pasea,
jalma anu osok nyombong bae, neangan
pipaseaeun.
20 Gindi pikir jeung goreng biwir, ngan cilaka
bagianana, moal meunang kahadean.
21 Pikeun nu jadi bapa mah lamun anakna
milampah kagejulan, taya lian ti matak
nalangsa.
22 Gumbira teh matak sehat. Nguluwut bae
mah matak gering nangtung.
23 Hakim anu piduit, ririkipan daek disogok,
kaadilan mah teu dijalankeun.
24 Jelema anu asak luangna, nu diulik teh
lampah nu bijaksana. Ari anu atah luangna
mah sok kumaha bae karepna.
25 Anak gejul, ka bapa matak susah, ka
indung matak nalangsa.
26 Henteu pantes ngadengda jelema anu
henteu salah. Henteu pantes ngahukum
jelema bageur.
27 Jalma nu yakin kana dirina, tara ngomong
sagawayah. Jelema bijaksana mah ayem.

28 Nu gejul ge ari repeh jeung sungutna
kuateun balem mah sok disangka bijaksana.
18 1 Jelema nu tara campur jeung batur,
sok mentingkeun dirina bae. Kana
paham batur, kajeun ceuk nu rea bener, tara
satuju.
2 Keur nu gejul mah ngarti sukur henteu
kajeun. Maksudna ge ngan ukur hayang
ngabengbrengkeun kapinteran sorangan.
3 Dosa katut wiwirangna rerentetan. Mun
harga diri geus leungit, kari hinana.
4 Ucap-ucapan jelema bisa jadi hikmah, jero
ibarat sagara, seger lir cai walungan.
5 Condong ka nu salah jeung teu mere
kaadilan ka jelema nu beresih tina kasalahan
teh goreng pisan.
6 Lamun nu gejul geus mimiti ngasongkeun
alesan, eta sarua jeung menta paneunggeul.
7 Nu gejul mah ana geus nyarita sok terus
ngocoblak, nepi ka karingkus ku ucap-ucapna
keneh.
8 Aya ku genah ari ngadengekeun
upatan! Mun kongang mah mani hayang
nyamualkeun.
9 Jalma kedul sarua gorengna jeung jelema
nu ngaruksak.
10 Jenengan PANGERAN lir benteng anu
tohaga. Jalma anu ibadah bisa muru ka dinya,
tangtu rahayu.

11 Ari ceuk pangrasa nu baleunghar, harta
bandana teh bisa ngajaga dirina, lir kuta
tohaga ngabudeur nagara.
12 Ari hayang dihormat kudu rendah hate.
Ari angkuh mah baris tijungkel.
13 Memeh ngajawab regepkeun heula.
Lamun henteu kitu, tetela maneh teh bodo,
celaeun.
14 Kahayang kana cageur ari keur gering,
bisa nunjang kakuatan. Leungit eta, harepan
ge musna.
15 Jelema pinter mah kana nyiar elmu teh
mani nyongsrong tur junun.
16 Anjeun rek ngadeuheus ka jelema
penting? Bawakeun tanda katineung, moal
teu lungsur-langsar.
17 Nu nyarita ti heula di pangadilan, memeh
lawanna ngabantah mah caritana sok siga
enya.
18 Lamun dua jalma nu sarua kawasana padu
di pangadilan, bisa disapih ku ngalung dadu.
19 Kudu nulung ka dulur, engke manehna
ngabela ka urang lir kuta anu tohaga
ngabenteng nagara. Sabalikna lamun
digetrengan, kaanjangan ge embungeun.
20 Jamuga moalna urang, gumantung kana
omongan sorangan.
21 Sabab hirup teh goreng ku omong hade
ku omong. Balukar tina omongan urang, nu
nanggungna urang-urang keneh.

22 Nu boga pamajikan teh estu jelema bagja.
Eta teh rahmat PANGERAN.
23 Nu malarat mah ngucapkeun pamentana
lengas-lengis. Tapi nu beunghar mah ana
ngajawab teh ketus.
24 Loba sobat nu teu awet, aya oge nu satia
leuwih ti dulur sorangan.
19 1 Miskin oge ari jujur mah leuheung, ti
batan nya gede bohong nya gejul.
2 Sumanget ngagegedur ge ari bari jeung
euweuh pangarti mah jang naon. Tur ari
gurunggusuh teh sok matak nyusahkeun
maneh.
3 Aya jalma nu cilaka ku lantaran
kalakuanana anu bodo, tapi neumbleuhkeun
ka PANGERAN.
4 Nu beunghar mah babari meunang
sobat-sobat anyar. Ari nu malarat mah sobat
nu aya ge sok nungtutan areuweuh.
5 Ngabohong di pangadilan tinangtu
dihukum, hamo bisa luput.
6 Sasaha ge ku jelema penting mah hayang
kaaku, ku nu balabah hayang dipisobat.
7 Keur nu miskin mah boga dulur ge sarua
jeung henteu. Komo sobat mah sakumaha
hayangna ge moal boga.
8 Kudu daek diajar sabisa-bisa, ciri yen
nyaah ka diri, seug ingetkeun beubeunangan
diajar teh, tangtu bagja.
9 Nu ngabohong di pangadilan moal aya anu
luput tina hukuman, pasti binasa.

10 Nu barodo mah teu pantes hirup mewah.
Kitu deui jalma beulian pimanaeun pantes
marentah ka pangagung.
11 Jalma anu asak sasar mah sok bisa
mengkek amarah. Lamun urang digogoreng
tapi ku urang teu ditolih, estu mulya kacida.
12 Amarah raja ibarat gaurna singa.
Sabalikna kurniana mah ibarat hujan beunang
hayang.
13 Anak bodo bisa matak ancur bapana.
Pamajikan nu cerewed ibarat cai nyakclakan
teu eureun-eureun.
14 Imah jeung harta bisa diwaris ti kolot. Ari
nu iasa maparin bojo binangkit mah ngan
PANGERAN.
15 Rek kedul pek, rek hees bae pek, moal teu
kalaparan.
16 Turutkeun papagon Allah tangtu maneh
panjang umur; mun dilalaworakeun, tangtu
maneh paeh.
17 Barang bere ka nu miskin ibarat
nginjeumkeun ka PANGERAN. Mantenna nu
baris ngabalesna.
18 Warah anak teh sangkan nurut ti lelembut,
diajar ti bubudak. Mun diantep, sasat urang
keneh anu nyilakakeun engkena.
19 Jalma anu gede ambek mah antep sina
ngarasakeun balukarna. Ditulungan sakali
engke teh menta deui menta deui.

20 Denge nu mere nasehat, sing daek
mulungan luang, tangtu baris boga
pangabisa.
21 Manusa ngareka itu jeung ieu, ari jadi
henteuna mah kumaha kersa PANGERAN.
22 Jalma hawek mah pikasebeleun.
Saleuheung nu miskin ti batan nu gede
bohong.
23 Masing iman ka PANGERAN sangkan
panjang umur, reugreug moal meunang
bahla.
24 Aya jelema anu ku kedul-kedulna, nepi ka
hoream ngahuap.
25 Nu angkuh kudu dihukum, geusan
pangajaran ka jalma anu teu nyaho pisan ka
nu hade. Ku jalma berbudi mah panggeuing
teh dijieun piluangeun.
26 Anu nganyenyeri ka bapa atawa nundung
ka indung, estu jelema doraka, teu boga rasa
rumasa.
27 Anaking, mun maneh geus embung deui
diajar, ka anu geus beunang ti heula ge bakal
gancang poho.
28 Lamun saksi geus niat rek ngagebruskeun,
hamo aya kaadilan. Jelema jahat mah kana
kagorengan teh pohara beukina.
29 Tukang popoyok mah tangtu meunang
hukuman, nu garejul pasti meunang
pangrangket.

20 [1] Anggur ari loba teuing mah matak
ngacapruk kawas nu burung. Daek
mabok mah bodo kabina-bina.
[2] Kudu gimir ku amarah raja, kawas gimir ku
gaurna singa. Ngahudang amarahna sarua
jeung maehan maneh.
[3] Lampah pujieun pisan nyingkiran anu
garejul parebut padu mah.
[4] Lamun patani dina usum nyawah kedul
ngawuluku, tangtu moal boga pibuateun.
[5] Pipikiran jelema teh saibarat cai dina sumur
jero. Tapi ku anu berbudi mah teu burung
katimba.
[6] Saban jalma sok ngakukeun satia, tapi ari
anu enya satia mah langka.
[7] Bagja anu jadi anak, lamun bapana jujur
sarta kalakuanana bener.
[8] Raja anu linggih dina korsi pangadilan,
socana awas kana kajahatan.
[9] Jalma mana anu wani nyebutkeun yen
dirina enyaan beresih, geus lubar tina
dosana?
[10] Tukang malsu timbangan jeung meteran,
jadi kagiruk PANGERAN.
[11] Sipat budak oge boh jujur, boh bageur,
tembong dina paripolahna.
[12] PANGERAN maparin panon keur nenjo,
maparin ceuli pikeun ngadenge.
[13] Lamun waktu ngan dipake sare, nya
malarat balukarna. Kudu ngoprek, sangkan
seubeuh barang capek.

14 Anu meuli, sabot nawar mah nyebutna
teh mahal teuing, mahal teuing. Tapi ari geus
beunang mah agul-agul, boga rasa pinter
nawar.
15 Lamun maneh ngarti kana hal anu keur
diucapkeun sorangan, eta teh pangaboga anu
pangajina leuwih ti emas atawa permata.
16 Pohara kabalingerna sasanggupanan
rek mangmayarkeun hutang batur teh,
lantaran kudu jeung wani naruhkeun sakabeh
kabogana.
17 Barang beunang teu jujur, mimiti
mah karasana lir kadaharan anu pohara
ngeunahna, tapi lila-lila mah asa neureuy
keusik.
18 Tong asa-asa menta heula nasehat,
sangkan hasil anu diseja. Rek tarung ge ulah
ujug-ujug der, kudu asak tatahar heula.
19 Nu beuki ngobrol mah teu bisa dibawa
nyekel rasiah. Anu loba omong leuwih hade
dijauhan.
20 Anu nyumpahan ka kolot, hirupna bakal
enggeusan, lir palita anu pes pareum di nu
poek.
21 Harta banda mah beuki gampang disiarna,
beuki kurang mangpaatna.
22 Ulah hayang ngabales ka nu nyilakakeun.
Anggur sanggakeun ka PANGERAN, Mantenna
anu baris ngalereskeun.
23 PANGERAN mikagiruk ka jalma nu make
timbangan palsu jeung malsu timbangan.

24 Pimanaeun manusa bisa nyaho kana
tincakeun hirupna, sabab lengkah-lengkahna
PANGERAN anu nangtukeun.
25 Memeh aya panadaran ka PANGERAN,
timbang heula masing asak, sangkan henteu
kaduhung ahirna.
26 Ku raja anu binekas mah nu boga salah
teh kauninga sarta dihukum teu dipikarunya.
27 PANGERAN ka urang maparin budi rasa
reujeung ati sanubari. Urang moal bisa
sumput salindung.
28 Raja baris tetep kawasana, satungtung
marentahna jujur, bener, adil.
29 Ka barudak ngora katarik teh ku
kakuatanana, ari ka nu karolot hormat teh ku
karana huisna.
30 Ngarobah cara hirup teh sakapeung mah
matak kacida peurihna.
21 1 PANGERAN mah ngamudi manah raja
ge gampileun. Sarua gampileunana
jeung ngatur ngocorna walungan.
2 Meunang boga rasa yen sagala panggawe
maneh hade, tapi inget, nu ditilik ku
PANGERAN mah alesanana.
3 Lampahkeun naon nu hade, naon nu jujur,
baris kamanah ku PANGERAN leuwih ti batan
mere kurban.
4 Jalma jahat dikawasaan ku kaadigungan
jeung kasombonganana, eta teh dosa.

5 Rarancangkeun sing asak, sangkan mucekil.
Bari gurunggusuh mah beubeunanganana
moal sabaraha.
6 Kakayaan beunang teu jujur tereh leungit,
tapi memeh leungit teh ngagubragkeun urang
heula kana liang kubur.
7 Jalma jahat baris cilaka ku katelengesanana
sorangan; maranehna cadu kana lampah
bener.
8 Jalma jahat nyokot jalan anu serong, jalma
nu suci beresih mah lampahna teh bener.
9 Mending cicing di luhur hateup, ti batan
saimah jeung pamajikan cerewed.
10 Jalma jahat mah salawasna ge kabeukina
teh kajahatan, ka nu lian taya pisan
karunyana.
11 Hukuman ka nu adigung, jadi pangajaran
ka nu taya luang. Jalma berbudi dipepelingan
teh jadi tambah bijaksana.
12 Allah nu maha adil terang kana kaayaan
di imah jelema jahat. Mantenna bakal
ngagebruskeun manehna sina cilaka.
13 Lamun urang embung ngadenge jumeritna
anu sangsara, engke mun urang sasambat
menta tulung, moal aya nu malire.
14 Jalma anu ambekeun ka urang, anteuran
rerencepan, engke amarahna leler.
15 Jelema hade mah mun kaadilan jalan teh
atoh, sabalikna nu jahat mah hanjelu.
16 Jalma nu teu make pikiran sehat, bakal
tereh paeh.

17 Resep mewah, beuki mabok, dahar royal
bae, matak moal beunghar-beunghar.
18 Jalma jahat baris cilaka ku kajuliganana
sorangan anu tadina rek dipake nyilakakeun
jelema nu bageur.
19 Mending miceun maneh ka gurun keusik,
ti batan hirup jeung pamajikan tukang
humandeuar jeung cerewed.
20 Jalma binangkit, hirupna subur makmur.
Ari jelema gejul mah harita meunang duit,
harita beak.
21 Sing bageur, sing someah, tangtu panjang
umur, nu lian ge tangtu ngajenan jeung jujur
ka urang.
22 Panglima anu pinter, bisa ngarampas kota
anu dibela ku nu garagah, bisa ngancurkeun
benteng nu jadi andelan maranehna.
23 Mun embung meunang susah, kudu ati-ati
nyarita.
24 Jalma angkuh mah sombong, adigung,
jeung tara mikirkeun batur.
25 Jalma kedul, nu embung digawe, sasat
maehan maneh,
26 gawena teh ngan wungkul ngalamun
hayang beunghar. Ari jelema nu bener mah
balabah tur mere maweh.
27 Kurban ti jelema jahat ku PANGERAN
dipikageuleuh. Komo lamun merena teh ku
sabab aya anu dipamrih.

28 Panyaksi ti jelema tukang bohong moal
diandel. Sabalikna caritaan jelema nu asak
pikir mah bisa ditarima.
29 Jelema anu bener mah teteg moal
raga-reugeu. Sabalikna jelema jahat mah
mani kudu satekah polah narekahan sangkan
dipercaya.
30 Kawijaksanaan, uteuk encer jeung
pangarti manusa, dibandingkeun jeung
PANGERAN mah teu aya pisan hartina.
31 Kuda perang, urang anu nyadiakeunana;
tapi ari nu mere kaunggulan mah PANGERAN.
22 1 Lamun kudu milih, mending
milih ngaran seungit ti batan milih
kabeungharan.
2 Nu beunghar jeung nu miskin aya
kasaruanana, nya eta duanana oge
PANGERAN anu nyiptakeunana.
3 Jalma anu surti mah kana pibahlaeun teh
awas, seug disingkahan. Ari nu teu boga
pikiran mah noyod bae, temahna kaduhung.
4 Masing ajrih sarta rendah hate ka
PANGERAN, tangtu maneh bisa beunghar,
kaajen, jeung umur panjang.
5 Betah keneh hirup mah ulah nyorang jalan
anu aya balahina, anu sok ngajiret jelema
jahat.
6 Budak teh papatahan kumaha kuduna
hirup, sangkan ingeteun saumur-umur.

7 Nu mariskin jaradi badega nu baleunghar,
anu nginjeum duit sok jadi budakna anu
nginjeumkeun.
8 Lamun melak kacurangan, bahla
pijadieunana, eureun nindes ka batur ge.
9 Kudu berehan, kudu daek mere dahar ka
nu kokoro, tangtu baris meunang berkah.
10 Anu moyok kudu disingkiran, tangtu moal
jadi cekcok silih cental atawa silih poyok.
11 Lamun mikaresep kana ati suci tur someah
hade basa, tinangtu raja ge misobat.
12 Ku jalan ngabolekerkeun omongan tukang
bohong, PANGERAN midamel sangkan hal
anu sabenerna kapiara.
13 Nu kedul mah ngan ulukutek di imah bae,
majar teh di luar sieun ditekuk kerud.
14 Awewe bangor ibarat senteg. Jalma anu
meunang bebendu ti PANGERAN mah tangtu
beunang.
15 Barudak mah biasa sok bolostrong
sologoto. Tapi ari dididik hade-hade mah
tangtu ngarti.
16 Sering barang kirim ka nu beunghar, atawa
ngumpulkeun kabeungharan ku ngagencet nu
mariskin, engkena sorangan jadi malarat.
17 Regepkeun, kami rek ngajarkeun pituturna
jalma-jalma bijaksana. Pek arulik,
18 tangtu bagja lamun geus bisa kacekel.
19 Ayeuna urang pedar, malak mandar jadi
lantaran ngandel ka PANGERAN.

20 Eta tilu puluh pitutur ku kami geus
dituliskeun jang maraneh, eusina panemu
reujeung nasehat anu harade,
21 nu bakal nuduhkeun naon saenyana
nu disebut bener teh. Engke, ari maraneh
ditanya sual eta, bisa mere jawaban anu
bener.
22 Ulah ngarah untung ti nu mariskin, ulah
kena-kena bisa. Ulah meres ka jelema nu
taya dayana di pangadilan.
23 Karana PANGERAN baris ngabela
perkarana, sarta anu nyilakakeunana baris
diarah patina.
24 Ulah nyobat jeung jelema nu galede
ambek, nu kalasar tabeatna,
25 bisi ari katepaan hese miceunna deui.
26 Ulah sasanggupanan mangmayarkeun
hutang batur.
27 Bisi ari teu kabayar, barang-barang maneh
tepi ka ranjang-ranjang dirampas.
28 Ulah ngarobah-robah wawatesan beunang
netepkeun karuhun.
29 Kungsi maneh manggih jelema anu hade
gawena? Jalma kitu henteu pantes aya dina
lingkungan jelema biasa, sabab layak aya
dina lingkungan raja-raja.
23 1 Mun urang pareng dahar jeung
jelema penting, kudu inget eta teh
saha.
2 Najan pohara laparna kudu nyengker
maneh.

3 Ulah mangpang-meungpeung pedah
dahareunana ngareunah, boa teuing eta teh
rek ngadoja.
4 Ulah nyusahkeun diri tipoporose hayang
beunghar.
5 Duit mah ku sakilat ge bisa musna, siga nu
ngadak-ngadak jangjangan, biur hiber kawas
heulang.
6 Ulah daek dahar di imah jelema kumed,
komo nepi ka makmak-mekmek mah pedah
ngarareunah.
7 "Mangga sing kenging," carekna, padahal
ceuk hatena mah lain kitu. Sikepna
piseueuleun.
8 Boa-boa sangu nu geus dihuapkeun ge
kautahkeun deui. Cumah urang muji-muji
oge.
9 Ka nu gejul mah ulah pangangguran
ngomong nu aya hartina, da moal dihargaan.
10 Ulah mindahkeun wawatesan beunang
nangtukeun baheula, ulah ngarampas lahan
bogana jalma pahatu,
11 sabab nya PANGERAN nu bakal ngabelaan,
anu baris ngadu perkara jeung maneh.
12 Guru teh kudu digugu, regepkeun
piwurukna enya-enya.
13 Tong asa-asa ngawarah budak,
diteunggeul saeutik mah budak teh piraku
paeh.
14 Neunggeul soteh saenyana mah malah
sangkan hirupna karaksa.

15 Anaking, mun hidep bijaksana, Bapa teh
bungah.
16 Tada teuing agulna mun ngadenge
ucap-ucapan hidep ngareusi.
17 Ulah sirik ku nu marigawe dosa, anggur
sing ajrih ka PANGERAN.
18 Lamun kitu, hidep nyanghareupan mangsa
anu gumilang.
19 Dengekeun anaking, masing bijaksana,
teuleuman jalan hirup teh.
20 Poma ulah pipilueun jeung jalma-jalma
anu barareuki teuing anggur, atawa tukang
ngadedetan bae beuteung.
21 Sabab pamabokan jeung tukang nyatu
mah temahna matak malarat. Hirup ngan
nyatu jeung hees bae mah alamat rudin
ruwang-rawing.
22 Sing nurut ka bapa, teu ku bapa mah
hidep moal aya. Sing ngajenan ka indung di
mana indung geus kolot.
23 Bener, hikmah, didikan jeung pangarti,
memang mahal pameulina, tapi pohara gede
ajenna pikeun hidep upama dijual.
24 Jadi bapana jelema bener mah pantes
rek ngarasa bagja oge. Anak anu bijaksana,
matak agul anu jadi bapa.
25 Tarekahan sangkan indung bapa teh agul
ku maneh. Senangkeun hate indung teh.
26 Lenyepkeun anaking, pek piconto lampah
Bapa.

27 Awewe palacuran, awewe serong, ibarat
senteg nu matak bahla.
28 Lampahna kawas garong nu ngadodoho,
ngalantarankeun loba lalaki anu henteu
saratia.
29 (23:29-30) Tembongkeun ka Bapa jalma
anu loba teuing nginum inuman keras da
hayang ngumbar panglamunan. Ku Bapa rek
ditembongkeun kaayaanana anu cilaka jeung
nyiksa maneh, salilana ngan nyusahkeun
bari humandeuar. Matana beureum getih,
awakna aleumeur, tur padahal kituna teh bisa
disingkiran ku dirina.
30 (23:29)
31 Jadi poma hidep ulah kagoda ku
anggur inuman, sanajan warnana beureum
pikabitaeun, sarta cahayana mani ngenclong,
sarta rasana nimat ngageleser dina tikoro.
32 Ana isukna geus lilir, awak karasa nyareri
asa dipacok ku oray matih,
33 tetenjoan asa lalewang, teu bisa mikir,
ngomong ge asa balelol.
34 Rarasaan asa keur di tengah lautan,
mabok laut, asa kaapungkeun kana congo
tihang layar.
35 Heug bae ngacaprak, magar teh, "Aya nu
neunggeul ka aing. Aing aya nu neunggeulan,
tapi poho deui jelemana. Iraha nya aing rek
nyaring teh? Hayang nginum deui."
24 1 Ulah sirik ka nu jahat, jeung ulah
hayang nyobat,

2 da itikadna teh ngan arek nyusahkeun bae,
saucap-ucapna matak cilaka batur.
3 Hikmah jeung pangarti teh dasar ajegna
rumah tangga.
4 Jalma nu boga kanyaho mah kamarna
dieusi ku barang-barang anu aralus, marahal.
5 Bijaksana leuwih utama ti batan gede
tanaga. Memang bener kanyaho teh leuwih
penting ti batan kabedasan.
6 Kapan samemeh prung tarung teh kudu
ngararancang heula sing taliti, tur beuki loba
meunang nasehat, beuki pasti kawasna kana
baris unggul.
7 Nu bodo mah moal ngartieun kana
omongan anu jarero eusina. Jadi lamun
dibawa badami perkara penting teh ngan
ukur bisa ngabetem.
8 Lamun salawasna boga itikad goreng,
maneh bakal kaceluk tukang rusuh.
9 Pangrarancang jelema gejul mah
pidorakaeun wungkul. Ka tukang cacawad
mah sarerea ge ngewa.
10 Lamun maneh babari leutik hate ku
kasusahan, tetela hengkerna atuh.
11 Mun maneh nenjo aya jelema digusur rek
dipaehan, geuwat rebut.
12 Meureun ceuk hate maneh eta lain urusan
aing. Tapi eta kereteg kitu teh ku Allah
kauninga, tur bakal dibalitungkeun.

13 Anaking, pek ngadahar madu, alus eta
teh. Tah, sakumaha madu tina sayang nyiruan
amis karasana ku letah,
14 nya kitu hikmah oge hade pikeun
jiwa. Beunangkeun hikmah, tangtu hidep
nyanghareupan mangsa anu gumilang.
15 Ulah cara jalma jahat nu ngareka rek
ngarampog jalma jujur, atawa ngagusur
imahna.
16 Jalma jahat mah tangtu ajur ku balahi.
Sabalikna jalma jujur mah sakumaha
seringna tibeubeut oge moal weleh menyat
deui.
17 Ulah gumbira lamun musuh cilaka, ulah
bungah lamun manehna tijungkel.
18 Peta maneh kitu ku PANGERAN kauninga
tur teu dirujukan, boa teuing eta musuh teh
ku Mantenna moal tulus dihukumna.
19 Ulah jengkel atawa dengki ka jalma nu
ngajuligan.
20 Nu jahat mah moal jamuga.
21 Anaking, kudu sieun ku PANGERAN jeung
ku raja. Ulah milu ngalawan ka Allah atawa
ka raja,
22 da tangtu baris tereh tiwas. Hayang nyaho
maneh rasana balahi ti Allah atawa ti raja?
23 Kieu deuih ceuk nu palinter: Salah ari
hakim ukur maen sangka bae mah.
24 Sabab mun nepi ka jalma salah teu
dihukum, hakimna tangtu pada nyapa, ku
sasaha ge dipikangewa.

25 Hakim nu bener nibankeunana hukuman
teh ka nu salah, bakal parek rejekina sarta
kawentar ngaranna.
26 Jawaban anu sabalakana, tandaning sobat
sajati.
27 Memeh nyieun imah atawa rek imah-imah,
uruskeun heula rajakaya, sangkan reugreug,
aya keur tatali hurip.
28 Ulah jadi saksi ngalawan tatangga teu
karana sabab, atawa ngomong goreng hal
dirina.
29 Jeung ulah boga rasa, "Manehna ge kitu
ka aing, rek dibales sing satimpal!"
30 Pareng kami ngaliwat ka hiji lahan anggur
bogana jelema kedul.
31 Mani pinuh ku ruyuk cucuk jeung daun
eurih, pagerna pasolengkrah.
32 Seug ku kami kapikir, nya ieu pituahna.
Kieu:
33 Pek kekedengan, pek sare, pek nangkeup
tuur ngaso sakeudeung.
34 Sabot kitu, gurudag kamalaratan
narajang. Lir rampog mawa pakarang.
25 1 Ieu aya keneh siloka Suleman, anu
dicutat ku ponggawa-ponggawa Raja
Hiskia di nagara Yuda:
2 Urang ngamulyakeun ka Allah teh ku
karana hal anu ku Mantenna dirasiahkeun, ari
ngamulyakeun ka raja mah ku karana hal anu
ku manehna ditembrakkeun.

3 Eusining manah raja ku urang moal
kahontal, lir luhurna langit, lir jerona sagara.
4 Sangkan perak bisa dijieun perhiasan anu
endah, kaluarkeun heula kokotorna.
5 Sangkan raja kaceluk adil
pamarentahanana, singkirkeun heula
juru-juru nasehatna nu garoreng.
6 Di payuneun raja mah ulah medengkreng
cetaan jelema penting.
7 Mending keneh ditawaran tempat nu leuwih
utama, ti batan ditimbalan pindah ti dinya,
lantaran aya jelema nu leuwih penting ti
batan maneh.
8 Ulah rusuh nepikeun perkara anu katenjo
ka pangadilan. Kumaha mun aya saksi anu
bisa ngabuktikeun yen maneh salah?
9 Upama maneh pareng bentrok paham
jeung tatangga, beberes bae ku duaan, ulah
nepi ka mukakeun rasiah nu lian,
10 bisi maneh aya nu majarkeun tukang
ngucah-ngaceh rasiah, matak cela
saumur-umur.
11 Buah pikiran anu hade dikedalkeunana,
ibarat hiasan emas dina perak.
12 Panegor ti jalma anu luhung panemu sarta
digugu, leuwih mahal batan cingcin emas
atawa perhiasan tina emas nu pangalusna.
13 Utusan anu beunang dipercaya, matak
seger kana hate nu ngutusna, saibarat citiis
keur poe mentrang-mentring usum dibuat.

14 Jalma nu jangji rek barang bere tapi teu
sok, ibarat mega jeung angin nu teu mawa
hujan.
15 Ku ucap lemah lembut dibarung kasabaran
mah najan sakumaha kuatna lawan ge tangtu
pasrah, pangagung oge daek dielingan.
16 Madu oge ari ngadaharna loba teuing mah
matak sebel, sing sameujeuhna bae.
17 Kitu deui nganjang, ari sering-sering
teuing mah nyapekeun nu kaanjangan,
tungtungna ijideun.
18 Jelema anu mere katerangan palsu hal
baturna, sarua matak bahlana jeung pedang,
gegendir atawa jamparing lancip.
19 Muntang ka tukang jalir waktu keur
nandang pakewuh, ibarat huntu ungger
dipake ngegel, suku lumpuh dipake
ngalengkah.
20 Ngawihan jelema nu keur nalangsa,
ibarat nu hayang haneut eukeur nirisan, tapi
kalah ka muka baju, jeung ibarat nguyahan
raheutna.
21 Lamun musuh maneh kalaparan bere
dahar, mun halabhab bere nginum,
22 tangtu manehna bakal samar rasa ku
tina erana, tur eta kahadean maneh baris
meunang rahmat PANGERAN.
23 Ngupat teh ngondang amarah, lir angin
kaler anu mawa pihujaneun.
24 Mending nyicingan sosompang, ti batan
saimah jeung pamajikan anu cerewed.

25 Meunang beja hade ti hiji nagri nu jauh,
saibarat nginum citiis waktu keur garing
tikoro.
26 Jalma hade anu geus biluk ka nu jahat,
ibarat cinyusu geus kiruh, ibarat sumur anu
diracun.
27 Dahar madu ari loba teuing mah teu hade.
Pamuji ge ari loba teuing mah nya kitu.
28 Mun maneh teu bisa mengkek amarah,
ibarat kota bolostrong euweuh kutana, babari
ditarajangna.
26 1 Muji jelema gejul mah teu merenah,
ibarat salju dina musim panas, lir
hujan dina musim panen.
2 Panyapa nu salah larap moal teurak, ibarat
manuk galabar-geleber teu manggih keur
eunteup.
3 Kuda nurutna ku pecut, kalde ku kadali, ari
nu gejul ku pepentung.
4 Nu ngajawab pananya anu mahiwal sarua
mahiwalna jeung nu nanyana.
5 Pananya anu mahiwal, jawab ku nu mahiwal
deui. Ku nu nanyana bakal karasaeun yen
geuning dirina teh henteu pinter sakumaha
panyangkana.
6 Mihapekeun beja ka nu gejul, sarua jeung
neukteuk suku sorangan, nu repot sorangan
keneh.
7 Saperti nu lumpuh ngagunakeun sukuna,
nya kitu keneh lamun nu gejul ngucapkeun
siloka.

8 Mere hormat ka nu gejul, sarua bae jeung
nalikeun batu kana bandring.
9 Mun anu burung nyutat ucapan nu munel,
moal beda ti nu mabok rek nyabut cucuk tina
leungeunna.
10 Ngahiras gawe ka jelema gejul anu
kabeneran ngaliwat, kalah matak pusing
sarerea.
11 Anu gejul sok mindoan kagejulanana, cara
anjing malikan utahna.
12 Leuheung keneh jelema nu pangbodona,
ti batan jelema anu ngarasa pinter padahal
henteu.
13 Naon sababna anu kedul resep ngahekok
di imah? Naha aya kasieunna, sugan sieuneun
kerud?
14 Jelema kedul karesepna galaha-gelehe di
enggon, cara panto galar-gilir dina engselna.
15 Aya jelema anu ku kedul-kedulna, nepi ka
hoream ngahuap cape.
16 Jelema kedul sok boga angkeuh leuwih
pinter batan tujuh jelema anu bisa ngabela
pamanggihna.
17 Jalma anu sok pipilueun kana pacengkadan
nu lain urusan sorangan, ibarat ngajambret
ceuli anjing anu pareng liwat.
18 Jeg nu edan ngamang-ngamang gobang,
19 nya kitu jelema anu ngalejokeun bari
majarkeun teh ngan pangangguran.

20 Seuneu lamun henteu disuluhan mah
pareum. Pasea lamun henteu disundutan mah
eureun.
21 Ruhak lamun diarengan ruhay, seuneu
lamun disuluhan ngagedur, pasea lamun
dihucuhkeun beuki rongkah.
22 Aya ku genah ari ngadengekeun
upatan! Mun kongang mah mani hayang
nyamualkeun.
23 Ngaku sono ukur biwir padahal hatena
henteu, teu beda ti pariuk taneuh dipulas
herang.
24 Aya jalma anu pura-pura muji, padahal
hatena mikageuleuh.
25 Kade tong dipercaya najan pamujina
genah ge, da hatena mah ngentab-ngentab
ku kangewa.
26 Bisa pisan nyumputkeun kangewana teh,
tapi kagorenganana moal teu kapanggih.
27 Anu julig ka batur tangtu cilaka ku
kajuliganana sorangan, cara anu ngali gawir
tangtu kaurugan.
28 Ngabohongan batur sarua jeung
mikangewa. Omongan jalma dengki temahna
ngan nyilakakeun.
27 1 Ulah sok agul ku poe isuk, da moal
nyaho ka nu baris kajadian isukan teh.
2 Utamana dipuji teh ku batur, komo ku nu
teu wawuh mah. Ulah muji maneh.

3 Kasusah anu dilantarankeun ku kabodoan
sorangan, leuwih beurat batan batu, leuwih
ampeg batan keusik.
4 Amarah teh bengis tur ngaruksak. Tapi
sirik-pidik mah leuwih-leuwih.
5 Leuwih hade nyawad terus terang, ti batan
disangka embung malire-malire acan.
6 Najan matak nyeri, ari ti sobat mah
hade maksudna. Sabalikna lamun musuh
ngarangkul, urang kudu curiga.
7 Beuteung geus seubeuh mah madu ge
embung. Sabalikna lamun eukeur kalaparan,
nu pait ge asa amis.
8 Jalma anu ninggalkeun imah, lir manuk
ninggalkeun sayang.
9 Minyak jeung seuseungitan kaangseuna
seger, ari sobat dalit matak teger.
10 Ulah sok poho ka sobat, kitu deui ka
sobat bapa. Waktu keur meunang kasusah,
teu kudu menta tulung ka dulur. Tatangga
deukeut leuwih bisa nulung ti batan dulur nu
jauh.
11 Sing bijaksana anaking, sangkan Bapa
senang, jeung sangkan Bapa bisa ngajawab
ka anu nyela ka Bapa.
12 Jalma anu surti mah kana pibahlaeun
teh awas, seug disingkahan. Ari nu teu boga
pikiran mah noyod bae, temahna kaduhung.
13 Pohara kabalingerna sasanggupanan rek
mangmayarkeun hutang batur teh, lantaran
kudu jeung wani naruhkeun sakabeh kaboga.

14 Ngawilujengkeun oge ari subuh-subuh
jeung bari gogorowokan ngahudangkeun mah
sarua bae jeung nyarekan.
15 Pamajikan cerewed ibarat cai nyakclakan
keur ngecrek hujan.
16 Rek kumaha ngeureunkeunana? Ibarat
megatan angin atawa ngeupeul minyak.
17 Budi akal datangna ti pada jalma, cara
waja silih asah jeung waja.
18 Lamun tangkal hayang kadahar buahna,
kudu diurus hade-hade. Lamun hayang
dipikanyaah ku dunungan kudu ngesto.
19 Lir beungeut sorangan kajeueung di jero
cai, diri sorangan katempo di jero hate.
20 Angen-angen manusa taya beakna, lir
alam kubur anu tara pinuh-pinuh.
21 Emas jeung perak diujina ku seuneu, ari
jelema dicobana ku pamuji.
22 Nu gejul mah diteunggeulan satengah
paeh ge angger bae gejul.
23 Embe, domba, ingon-ingon, urus raksa
sabisa-bisa,
24 da kakayaan teh moal saendeng-endeng.
Malah bangsa-bangsa oge moal langgeng.
25 Ngarit jarami, ngarit jukut di lamping
pasir, sabot kitu ge jarami anyar jaradi deui.
Ngarit teh kudu pindah ka pasir.
26 Hayang boga pakean, nyieun lawonna
tina bulu domba. Hayang boga tanah, meuli.
Duitna tina ladang ngajual embe.

27 Embe anu sawarehna deui peres susuna,
keur inumeun maneh sakulawarga, kitu deui
keur badega-badega awewe.
28 1 Nu jahat mah euweuh nu ngudag ge
lumpat. Sabalikna jelema jujur mah
teuneung cara singa.
2 Bangsa baris kuat sarta tahan, lamun para
pamingpinna palinter sarta laluhung, tapi
bangsa anu dosa mah pamarentahna ngan
gunta-ganti bae.
3 Mun pangagung ngagencet ka nu
balangsak, ibarat hujan gede anu ngaruksak
pibuateun.
4 Teu malire kana hukum, tanda mihak ka
nu jarahat. Sabalikna lamun tunduk kana
hukum, tangtu ngalawan ka nu jahat.
5 Nu jahat mah teu nyaho di adil. Ari nu
ngesto ka PANGERAN mah ngarti enya-enya.
6 Malarat oge kajeun asal jujur, ti batan
beunghar tapi curang.
7 Budak ngora anu tigin kana aturan,
cingcirining pinter. Tapi anu nyobat jeung anu
baragajul mah tangtu ngerakeun bapana.
8 Beunghar ku jalan ngarentenkeun jeung
meres, kabeungharanana bakal ragrag ka
jelema anu nyaah ka nu miskin.
9 Nu teu tunduk kana hukum Allah, panedana
oge ku Allah kacida dipikacuana.
10 Sing saha nu merdaya jelema jujur
sangkan nyieun kajahatan, bakal tigubrag ku

kajailanana sorangan. Jalma nu beresih tina kasalahan, tangtu baris diganjar.
11 Jalma beunghar sok umangkeuh pinter.
Tabeatna kitu teh ku nu miskin tapi pinter
mah kamalum pisan.
12 Mun jelema hade unggah nyekel kawasa,
jelema-jelema milu suka. Sabalikna lamun
nu jahat nyekel kawasa, rahayat teh
ngadedempes bae.
13 Nu ngabunian dosa, moal jamuga hirupna.
Lamun ngaku kana dosana sarta tuluy tobat,
tangtu ku Allah dipikawelas.
14 Kudu sieun ku PANGERAN sapapanjangna,
sangkan bagja, da ari wangkelang mah
tangtu cilaka.
15 Rahayat miskin moal aya dayana lamun
pangerehna jalma jahat. Eta jalma sarua
ngabahyakeunana jeung singa nu guar-gaur,
atawa biruang nu adar-ider neangan mangsa.
16 Pangereh anu teu boga akal sehat
sok lalim kabina-bina, tapi pangereh nu
mikangewa lampah curang bakal awet
marentahna.
17 Jalma nu boga dosa maehan, ibarat ngali
kuburan gagancangan keur ngaruang maneh.
Keun antep.
18 Kudu jujur, tangtu hirup salamet, mun teu
jujur, pasti tereh tijungkel.
19 Jurutani anu rajin moal kakurangan
pangan. Jalma anu resep nganggur bakal
malarat saumur-umur.

20 Jalma jujur tangtu mujur. Ari anu hayang
gancang beunghar, mo luput tina hukuman.
21 Pilih kasih teh goreng. Tapi sok aya hakim
anu teu bener, lantaran kabita ku pangruruba
anu teu pira.
22 Jalma sarakah mah hayang buru-buru
beungharna bae, teu nyahoeun yen dirina
baris malarat.
23 Terus bae elingan jelema teh, lila-lila ge
narima, ti batan dialem-alem.
24 Majarkeun teh maling ti kolot mah teu
naon-naon. Padahal taya bedana ti bangsat.
25 Mentingkeun diri sorangan teh matak
pikasusaheun. Kaayaan maneh bakal jadi
pohara leuwih hadena upama maneh percaya
ka PANGERAN.
26 Nurut kana pikiran sorangan bae teh
kalangsu. Mun hayang mulus rahayu,
piwulang nu palinter teh gugu.
27 Mere ka nu kakurangan, maneh moal
kakurangan. Lamun maneh pura-pura
teu nenjo ka nu balangsak, tangtu pada
nyarumpahan.
28 Mun jalma jahat unggah nyekel kawasa,
rahayat ngadedempes. Mun eta enggeus
tiguling, nu balener baris nyarekel deui
kawasa.
29 1 Mun maneh tetep wangkelang
saban-saban dielingan, dina hiji
mangsa baris sangsara nya diri, moal bisa
menyat deui.

2 Lamun pamarentah hade, rahayatna
sarenang hate. Lamun pamarentah jahat,
rahayatna bakal balangsak.
3 Anak nu rajin nyiar pangarti, bapa nu
senang ati. Make duit geusan lacur, kalakuan
anu gejul.
4 Raja nu nyepeng kaadilan, bangsa nu baris
digjaya. Raja anu ngurus bae duit, nagarana
baris tumpur.
5 Anu muji-muji babaturan, tangtu kajiret
sorangan.
6 Jalma jahat bakal kabeulit ku kajahatanana
keneh. Ari nu balener mah tangtu bagja sarta
laluasa.
7 Jelema hade mah daek ngahargaan
hak-hakna jalma malarat. Jelema jahat mah
bororaah kitu.
8 Jalma gumede bisa matak rusuh sanagara.
Mungguh jelema binangkit mah malah
nengtremkeun.
9 Lamun jelema pinter ngadakwa jelema
gejul, nu gejulna ukur nyeungseurikeun,
tuluy nyarekan laklak dasar.
10 Tukang aus getih mah ka jalma jujur teh
ijid. Tapi jalma-jalma anu balener, ka nu jujur
teh ngabela.
11 Nu gejul mah ambekna sok terus budal.
Jalma nu lantip mah sabar, amarahna dikemu.
12 Lamun pangagung ngagugu kana
katerangan-katerangan palsu, pajabat-
pajabatna tangtu jaradi tukang bohong.

13 Boh nu miskin boh nu ngagencetna,
duanana sarua dibere panon ku PANGERAN.
14 Raja anu ngaraksa hak-hak rahayatna anu
malarat, marentahna bakal awet.
15 Budak mah kudu diatik jeung dipeperih.
Mun diantep sakarepna, temahna ngerakeun
indung.
16 Lamun anu jarahat jaradi pangagung,
kajahatan bakal nyebar. Tapi jalma-jalma
nu balener mah baris berekah, sarta baris
nyaksian tigulingna pangagung-pangagung
anu karitu.
17 Peperih anak teh, sangkan matak agul
jeung moal nyieun hal anu matak ngerakeun.
18 Bangsa anu lesot tina pingpinan Allah,
tangtu ngaco tanpa aturan. Bagja jalma anu
nyekel papagon Allah.
19 Mapatahan bujang mah teu cukup ku
omong. Didengena mah didenge, ari dianggap
mah moal.
20 Loba keneh harepan pikeun jalma bodo,
ti batan pikeun jalma anu ngomongna teu
jeung pikiran.
21 Lamun bujang enggeus tuman
dicumponan pamentana ti bubudak, ahir-ahir
sagala harta banda urang diaku anuna.
22 Jalma anu barangasan, sering nimbulkeun
pacekcokan jeung kaributan.
23 Angkuh teh ngalantarankeun jelema
rubuh. Ari anu rendah hate mah malah pada
ngajenan.

24 Jalma anu milu ngabangsat, eta teh musuh
gedena. Sabab lamun eta di pangadilan
ngaku, tangtu dihukum, lamun eta mungkir
tangtu disapa ku Allah.
25 Rempan ku pakarepan batur teh bahaya.
Utamana mah kudu pasrah ka PANGERAN,
tangtu salamet.
26 Sasaha ge hayang meunang piwelas ti
pangagung. Tapi ari nu iasa maparin kaadilan
mah ngan PANGERAN.
27 Jalma anu bener teu resepeun ka nu jahat.
Jalma nu jahat ge teu resepeun ka nu bener.
30 1 Ieu pitutur Agur putra Yakeh: "Kuring
teh jauh ti Allah, jauh ti Allah, nu
matak henteu daya teu upaya.
2 Saenyana kuring teh bodo alah batan
sato, henteu boga budi akal cara lumrahna
manusa.
3 Sim kuring tara guguru ngumpulkeun elmu,
ka Nu Maha Suci luput teu aya katerang.
4 Saha anu geus nyaho kana kaayaan
sawarga? Saha anu bisa ngeupeul angin?
Saha anu bisa mungkus cai ku jubahna?
Saha nu geus nangtukeun wawatesan jagat?
Cik saha, sugan maneh nyaho? Jeung saha
anakna?
5 Allah teh pageuh nyepeng sabda-Na.
Mantenna lir tameng keur sakur anu
nyalindung ka salira-Na.
6 Poma ulah nambahkeun naon-naon kana
pangandika-Na, anu ku Mantenna henteu

diucapkeun, sangkan anjeun teu disiksa
lantaran kauninga bohong."
7 Gusti, samemeh abdi mulang ti dunya,
sumeja nyuhunkeun dua perkawis.
8 Saperkawis tebihkeun abdi tina ngabohong.
Kalih perkawis ulah dikersakeun miskin, ulah
dikersakeun beunghar. Paparin sacekapna
bae.
9 Bilih ari beunghar mah ngunghak, nyebat
teu wawuh ka Gusti. Ari miskin bilih abdi
maling, matak lingsem ka lenggah Allah.
10 Ulah mitenahkeun badega ka
dununganana, bisi maneh ku itu disapa, heug
bae nandangan lara.
11 Aya jelema anu nyumpahan ka bapana,
sarta ka indungna henteu ngajenan.
12 Aya jelema anu ngarasa dirina suci,
padahal kacida kotorna.
13 Aya jelema anu ngarasa jadi jelema anu
hade, kacida hadena ceuk rarasaanana mah!
14 Aya jelema anu teu boga pisan rasrasan,
meres ka nu masakat walurat, dijieun jalan
pangupajiwana.
15 Lentah anakna dua, duanana bikang,
duanana ngaranna "Jang aing!" Aya opat rupa
hal anu tara seubeuh-seubeuh, nya eta:
16 Alam maot, awewe nu teu bisa boga anak,
tanah garing nadah hujan, jeung seuneu anu
keur ngabulak-bulak.
17 Jelema anu ngunghak ka bapa atawa
moyok ka indung pedah geus kolot, sing

dihakanan dagingna ku heulang atawa
dipacokan matana ku gagak.
18 Aya opat rupa hal anu ku kami sama sakali
henteu kaharti, nya eta:
19 Jalan heulang di awang-awang, jalan oray
dina batu karang, jalan kapal di lautan, jeung
awewe reujeung lalaki anu eukeur mikacinta.
20 Akal awewe anu serong ti salaki nya
eta: Tas ngaranyed buru-buru beberesih. Ari
ngakuna, "Kuring teu salah teu naon!"
21 Aya opat rupa hal anu ku dunya oge
henteu bisa ditarima, nya eta:
22 Lamun badega jadi raja, lamun nu gejul
loba hakaneunana,
23 lamun awewe pikaijideun meunang salaki,
jeung lamun babu ngalindih dunungan
awewe.
24 Di bumi aya opat rupa sato lembut, tapi
kacida palinterna, nya eta:
25 Sireum, naon tanagana, tapi ari keur
halodo garetol ngumpulkeun rejeki.
26 Peucang, naon tanagana, tapi ngenggonna
mah di jero cadas.
27 Simeut, euweuh rajana, tapi ana geus
ngabrul mani beres kawas diatur.
28 Cakcak, gampang pisan ditewakna,
parandene kitu di karaton-karaton ge aya.
29 Aya opat anu leumpangna pikaresepeun,
nya eta:
30 Singa, panggagahna ti sakabeh sasatoan
tur euweuh kasisieunna.

31 Embe jalu, hayam jago, jeung raja anu
keur tatandang di hareupeun baladna.
32 Lamun maneh adigung jeung boga niat
nyieun kagorengan ku bawaning gejul,
geuwat eureunan sarta mikir.
33 Sabab: Manasina susu ku maneh dikocok,
jadi mantega. Ari maneh ngetig irung batur
mah bocor getihna. Ari nyieun piambekeun
batur mah maneh cilaka.
31 1 Ieu pitutur ti ibuna Raja Lemuel,
waktu ngawurukan ka anjeunna.
Saurna,
2 "Anaking, buah ati ibu beunang ibu
neda-neda ka PANGERAN! Rek ngomong naon
cik, ibu ka hidep teh?
3 Ulah miceunan tanaga ngalajur pangajak
birahi, ulah ngawur-ngawur artos ka istri.
Geus rea raja anu ragrag ku istri teh.
4 Regepkeun Lemuel, anaking! Raja henteu
sae sedep anggur atawa katagihan arak.
5 Sabab ana raja mabok, lali kana hukum,
ngalalaworakeun hak rahayat nu walurat.
6 Arak mah ngan keur nu sakarat atawa keur
nu katalangsara,
7 sangkan poho kana kamiskinanana, paler
kasedihna.
8 Sing bisa jadi wawakil rahayat anu teu
mampuh cumarita sorangan. Tangtayungan
hak rahayat nu taya daya.

9 Pangnepikeun kapentinganana. Sing jadi
hakim nu adil, kersa nangtayungan hak
rahayat nu balangsak jeung walurat."
10 Wanita binangkit keur pibojoeun teh
langka, bangga meunangkeunana. Bojo kitu
pangajina ngungkulan batu permata.
11 Salakina bisa numplekkeun kapercayaan
ka manehna, nu matak salakina babari
meunang rejeki.
12 Ka salaki sumujud saumur hirup, moal
nganyenyeri.
13 Tara daek reureuh, ngagintir kapas atawa
bulu domba, nyieun pakean.
14 Ngadatangkeun rejeki, ibarat kapal
sudagar ti tempat jauh.
15 Subuh-subuh geus kerah-kerih,
nyadiakeun dahareun keur sakulawarga, bari
metakeun badega-badega awewe kana gawe.
16 Ana hayang lahan geuwat bae meuli,
tuluy dikebonan dipelakan anggur, binihna
beunang meuli ku duit ladang beubeunangan
digawena.
17 Digawena rajin, taya kacape nepi ka
anggeus.
18 Kana barang bubuatanana bisa
ngahargakeunana, dipigawena nepi ka
peuting.
19 Papakeanana nyieun sorangan, ti nganteh
nepi ka ninunna pisan.
20 Ka nu walurat balabah, ka nu kekere resep
mere.

21 Ku usum tiris teu inggis, kawantu baju
haneut keur anak jeung salaki geus sadia.
22 Tilam kasur ge nyieunan. Barang pakena
tina lawon lenen wungu anu lemes.
23 Salakina jadi kawentar, jadi salah saurang
warga kota anu penting.
24 Sajaba ti keur pakeeun, eukeur jualeun ge
nyieunan, boh papakean boh angkin.
25 Awakna jagjag waringkas. Dirina kaajen,
tur teu salempang ku pikahareupeun.
26 Ngomongna lemah lembut, ucapanana
bijaksana.
27 Salilana resep kana digawe, sagala
kaperluan kulawargana ditalingakeun.
28 Ku anakna dihormat, ku salakina dipuji.
29 Ceuk salakina, "Istri hade keur pibojoeun
teh rea. Tapi Euis mah pangutamana."
30 Rupa endah teu jadi andelan, kageulisan
bisa leungit, tapi ari istri ajrih ka PANGERAN
mah jadi pamujian.
31 Sagala lampah katut pagaweanana wajib
dihargaan. Manehna layak dihormat ku
sarerea.

Pengkhotbah

1 [1] Ieu teh sabda Ki Pandita, putra Daud,
raja di Yerusalem.
[2] Mubadir, mubadir, saur Ki Pandita. Hirup
teh sihoreng mubadir, saniskarana mubadir.
[3] Da naon atuh paedahna digawe tisusut
tidungdung saumur hirup teh?
[4] Turunan nu ieu datang, turunan nu itu
undur, sabalikna jagat mah tetep-tumetep.
[5] Bray panonpoe medal, reup panonpoe
surup, keureuyeuh malik ka urutna bijil,
karayap maju deui.
[6] Angin nyewuk ka kidul, nyewuk ka kaler,
putar-puter bulak-balik.
[7] Walungan kabeh bahena ka laut, bet laut
teu pinuh-pinuh. Caina malik mulang ka sirah
walungan, geus kitu ka hilir deui.
[8] Saniskara hal ngan matak ka cape-cape,
nyaritakeunana oge cape. Panon teu
seubeuh-seubeuh mireungeuh, ceuli teu
weleh-weleh ngadenge.
[9] Nu bareto enggeus aya engkena teh aya
deui. Nu bareto geus kasorang engkena
kasorang deui. Ana kitu di kolong langit mah
taya perkara nu anyar.
[10] Jadi lamun aya anu nyebutkeun, "Tah ieu
mah anyar," na enya eta teh? Da geuning

anu majar anyar teh ti baheula keneh ge, ti
memeh urang gumelar geus aya.
11 Kana kajadian baheula-baheula hamo aya
anu inget, pon kitu jaman anu masih bakal
datang moal kaingetkeun ku anu harirupna
sabada jaman eta.
12 Kami, Ahli Pikir, raja nu nyangking Israil di
Yerusalem.
13 Kami geus gilig seja nguji jeung nalungtik
sagala anu enggeus kajadian di kolong langit.
Manusa mah ku Allah geus dikersakeun kudu
nyorang hese cape.
14 Kami geus nyukcruk saniskara anu geus
dipigawe di alam dunya. Bet geuning kabeh
ge mubadir, kawas ngajaring angin.
15 Anu bingkeng taya anu bisa ngalelempeng,
anu teu aya euweuh anu bisa milang.
16 Ceuk hate, "Aing teh nya agung nya pinter,
leuwih ti nu sejen-sejen anu geus ti hareula
jenengna raja di Israil, beunghar ku hikmah
pinuh ku pangaweruh."
17 Tuluy gilig seja nalungtik naon bedana
kapinteran jeung kabodoan, bedana hikmah
jeung kagejulan. Anu kapanggih ku kami: Ieu
oge taya bedana ti ngajaring angin.
18 Horeng jelema mah beuki pinter teh beuki
loba kasalempang, beuki loba kanyaho beuki
loba kahariwang.
2 1 Ceuk hate, "Cing rek ngajaran senang-
senang, hayang nyaho kumaha genahna
ari kasenangan teh." Horeng eta ge mubadir.

2 Hal seuri geus kanyahoan gejulna, pon kitu
kabungahan ge keur urang taya hadena.
3 Kami nguji diri, ngajaran nyenangkeun
awak ku nginum anggur, tapi tetep bari
diaping ku akal budi. Seug bae nyaho
caraning anu panghadena lampahkeuneun
manusa di alam dunya, enggoning hirupna
anu ngan sakolebatan.
4 Kami geus nyieun pagawean anu rohaka,
ngadegkeun gedong-gedong, nyieunan kebon
anggur mani lalega,
5 melakan pakebonan jeung patamanan ku
sawarnaning tangkal bubuahan,
6 jeung nyieun solokan-solokan pikeun
nyaianana.
7 Tuluy meulian badega awewe lalaki
mangpirang-pirang, malah katambahan
deui ku anak-anakna anu dijarurukeunana
di imah kami. Ingon-ingon ge sapi jeung
domba kacida lobana. Dibandingkeun jeung
saha bae oge anu kungsi hirup di Yerusalem,
pangaboga kami teh ngungkulan batur.
8 Perak jeung emas di kami mani geus
ngunung-ngunung, beunang ngumpulkeun
tina kakayaan karajaan anu digeugeuh ku
kami. Juru-juru kawih awewe lalaki purah
ngabeberah hate teu kurang-kurang, geus
puguh ari selir mah mangpirang-pirang.
9 Tetela kami teh mulya, tur leuwih punjul ti
saha bae anu kungsi hirup di Yerusalem, da
pinter tea.

10 Sagala kahayang kasorang, sagala
karesep kaanteur. Hate sugema ku sagala
beubeunangan teh, asa jadi ganjaran.
11 Seug sagala hasil pagawean teh
dilenyepan, sagala hese capena dirarasakeun
deui. Bet kapikir sihoreng taya hartina,
euweuh pisan paedahna, kawas ngajaring
angin.
12 Turug-turug kapikir yen beubeunangan hiji
raja moal leuwih ti beubeunangan raja anu
saheulaeunana. Seug bae mikiran kumaha
jelema nu pinter, kumaha nu bodo atawa
gejul.
13 Ih geuning: "Kapinteran mah leuwih
punjul ti batan kagejulan, sakumaha caang
leuwih punjul ti batan poek.
14 Nu pinter mah awas kana pilampaheun,
sabalikna nu gejul mah poekeun." Tapi kami
maphum yen mungguh papasten mah unggal
jelema ge sarua.
15 Nu matak ceuk hate, "Anu karandapan
ku nu gejul, ku aing ge kaalaman. Ana kitu,
naon untungna atuh aing sakieu pinterna
teh?" Dijawab ku sorangan keneh, "Mubadir,
taya paedahna!"
16 Ka nu pinter moal aya anu terus nginget-
nginget, ka nu gejul pon kitu keneh, kabeh
ge bakal pada kapopohokeun. Boh nu pinter
boh nu bodo, kabeh oge bakal paraeh.
17 Mana kami mah geuleuh kana hirup teh,
da atuh anu karandapan teh ngan susah

jeung susah bae. Mubadir kabeh, kawas
ngajaring angin.
18 Geuleuh kami mah kana sagala hasil
pagawean beunang kami tisusut tidungdung
teh, da bakal kacangking ku batur anu jadi
gaganti kami engke.
19 Turug-turug saha anu nyaho, naha
pijelemaeunana teh nu bijaksana atawa nu
gejul. Nu geus puguh mah beubeunangan
tina hasil kabijaksanaan kami di alam dunya
teh bakal beunang ku manehna. Mubadir deui
bae.
20 Ngingetkeun ka dinyana mah buntu wae
harepan kana sagala hasil usaha beunang
soson-soson di alam dunya teh.
21 Da geuning beunang perih itikurih bari
ngetrukkeun kapinteran katut pangaweruh
jeung pangabisa teh tungtungna mah kop ku
batur, anu sama sakali teu milu dina hese
capena. Nya mubadir nya salah!
22 Naon mangpaatna atuh digawe ngadukduk
saumur hirup bari pinuh ku kasalempang teh?
23 Beunang digawe saumur hirup teh hasilna
mah ngan kajuwet jeung kahanjeluan,
nepi ka ti peuting ge pikiran teh teu weleh
ngabarungsinang. Estu mubadir!
24 Anu matak jelema mah panghadena teh
geus bae nyatu nginum, beubeunangan usaha
teh pake senang-senang. Tapi papadaning
kitu ge kami eling, yen sanajan rejeki ge
asalna mah ti Allah keneh.

25 Cik, saha jelemana anu bisa lubak-libuk ku
dahareun atawa bisa senang-senang, lamun
henteu direjekian ku Mantenna?
26 Kapan boh hikmah jeung pangaweruh,
boh kasenangan, dipaparinkeunana ku Allah
teh ka jelema anu dipikaseneng ku Mantenna.
Tapi ari nu baroga dosa mah ku Mantenna
disina digarawe nareangan rejeki jeung
ngumpulkeun hasilna baris diserenkeun ka
jalma anu ku Mantenna dipikaseneng. Jadi
eta kabeh ge mubadir, kawas ngudag angin.
3 1 Sagala perkara di dunya aya waktuna.
Naon bae anu kajadian di kolong langit
boga dawuhna.
2 Aya waktuna lahir, aya waktuna maot. Aya
waktuna melak, aya waktuna ngala.
3 Aya waktuna mergasa, aya waktuna
nyageurkeun. Aya waktuna ngaruag, aya
waktuna ngadegkeun.
4 Aya waktuna susah, aya waktuna bungah.
Aya waktuna nguyung, aya waktuna
igel-igelan.
5 Aya waktuna mikacinta, aya waktuna
henteu mikacinta. Aya waktuna ngarangkul,
aya waktuna henteu ngarangkul.
6 Aya waktuna papanggihan, aya waktuna
kauculan. Aya waktuna nyimpen, aya waktuna
miceun.
7 Aya waktuna ngabedahan, aya waktuna
ngaput. Aya waktuna ngajejempe, aya
waktuna nyarita.

8 Aya waktuna mikanyaah, aya waktuna
mikangewa. Aya waktuna perang, aya
waktuna kerta.
9 Meunang naon manusa tina sagala
pagaweanana teh?
10 Kami nyaho, urang teh sarerea ge
ditibanan kabeubeurat ku Allah.
11 Sagala hal oge ku Mantenna enggeus
diatur waktuna. Urang ku Mantenna dipaparin
hate panasaran hayang nyaho kana perkara
nu tacan datang. Ngan orokaya urangna jadi
teu sugema, da teu dikersakeun timu kana
sagala pangersa Mantenna.
12 Mana ceuk kami, lampahkeuneun urang
meungpeung hirup keneh teh taya deui
lian ti sing senang-senang, salian ti usaha
sakuat-kuat.
13 Urang dahar nginum bae kabeh,
beubeunangan usaha teh pake senang-
senang, da kapan eta teh rahmat ti
Allah.
14 Kami nyaho, sagala rupa anu dipidamel ku
Allah teh langgeng salilana, ku urang hamo
bisa ditambahan atawa dikurangan. Ari Allah
mana ngadamel kitu teh supaya urang boga
kasieun ku Mantenna.
15 Sagala rupa anu enggeus kajadian, pon
kitu anu bakal kajadian, saenyana geus aya
ti tatadina. Jadi sagala anu enggeus kajadian
teh ku Allah dipindo deui, dipindo deui.

16 Aya deui anu kabireungeuh ku kami, yen
di kolong langit mah ari aya pangadilan jeung
kaadilan teh geus tangtu aya kajahatan.
17 Ceuk kami sajeroning hate, "Behna mah
boh nu jahat boh nu bener, kabeh ku Allah
baris diterapan hukum adil, sabab sagala
perkara, sagala kalakuan, eta teh geus puguh
waktuna."
18 Kami yakin Allah teh seja ngadoja ka
manusa, supaya manusa nyaraho yen dirina
teh taya leuwihna ti sato.
19 Sabab nya manusa nya sato nasibna sarua
bae. Manusa bakal paeh, sato bakal paeh,
kawantu pada mahluk keneh. Jadi manusa
teh teu leuwih punjul ti sato, hirupna sarua
mubadirna.
20 Duanana ngajugjug ka tempat anu sahiji,
asal tina lebu, marulangna deui oge kana
lebu.
21 Cik, saha anu bisa mastikeun maneh yen
nyawa manusa mah unggah ari nyawa sato
mah turun ka jero taneuh?
22 Jadi pikeun manusa mah anu panghadena
teh taya deui lian ti ngararasakeun nimatna
beubeunangan barang gawena. Rek kumaha
deui atuh? Da manusa mah taya petana
nyaho bakal kumaha ari geus paeh.
4 1 Heug deui kami nenjo aya aniaya
di kolong langit. Murubut cipanon
jalma-jalma anu dikaniaya, mana taya pisan

anu ngabelaan, kawantu anu nganiayana teh
jelema-jelema anu nyarekel kakawasaan.
2 Kami jadi sirik ka nu enggeus mararaot, nu
geus taya di kieuna, maranehna mah leuwih
bagja ti batan anu harirup keneh.
3 Komo anu teu kungsi dijuru-jurukeun
acan mah kacida baragjana teh, teu kungsi
ngalaman kateuadilan di alam dunya.
4 Jeung ku kami geus kaharti naon sababna
jelema-jelema paropohoan malar usahana
hasil. Taya lian ti sirik, kabita ku batur. Ieu
oge mubadir, ibarat ngajaring angin.
5 Majar teh jelema gejul anu ngan
nanangkeup harigu bae mah, ngadadago
paeh kalaparan.
6 Nya bisa jadi kitu. Tapi saenyana sanajan
kaboga ngan saeutik oge, ari tiis pikir mah
matak leuwih bagja ti batan tihothat paciweuh
ngajaring angin.
7 Aya deui laku lampah di kolong langit anu
ku kami kapanggih taya gunana.
8 Aya jelema anu hirupna nyorangan, teu
anak teu dulur tapi teu eureun-eureun barang
gawe, teu kalis ku enggeus beunghar. Na
keur saha usaha popohoan kitu nepi ka poho
ka diri sorangan teh? Ieu oge mubadir, hirup
teh nepi ka nyiksa maneh.
9 Digawe duaan leuwih hade ti batan
sorangan, leuwih babari hasil.
10 Mun anu saurang labuh tangtu ditulungan
ku anu saurang deui, dihudangkeun. Coba

mun sorangan mah ana labuh teh cilaka
temen, da euweuh anu pinulunganeun.
11 Atuh dina keur tiris ari duaan mah mun
sare bisa silih haneutan. Coba mun sorangan,
bororaah!
12 Jeung ari duaan mah leuwih kuat nadah
lawan ti batan sorangan. Tali tilu rara kapan
hese dipegatkeunana.
13 (4:13-14) Teu mustahil aya jelema anu
tadina miskin, atawa anu tadina dipanjara,
tuluy jadi raja di nagarana. Tapi lamun dina
ka kolotnakeun embung narima nasehat batur
awahing ku gejul, nasibna saenyana leuwih
goreng ti batan budak ngora anu miskin tapi
pinter.
14 (4:13)
15 Kami sok mikiran jalma-jalma nu hirup di
ieu dunya. Tetela aya hiji jajaka anu engkena
bakal ngandih kalungguhan raja.
16 Teu mustahil rahayat anu diparentah ku
raja teh lobana mangpirang-pirang. Tapi
lamun raja geus tilar dunya, rahayat taya
saurang-urang acan anu nganuhunkeun kana
jasana. Mubadir, ibarat ngajaring angin.
5 1 Lamun indit ka Bait Allah, masing iatna
nya lengkah. Lamun ka dituna kalawan
niat diajar, eta leuwih hade ti batan mere
kurban tapi cara nu garejul, anu teu bisa
ngabedakeun mana nu hade mana nu goreng.
2 Lamun aya unjukeuneun pikir heula
samemeh pok, jeung ulah gampang-gampang

ngucapkeun kaul ka Allah. Mantenna mah di
sawarga, anjeun mah di dunya, unjukan teh
ulah leuwih ti saperluna.
3 Beuki loba kasalempang beuki loba
impian goreng, beuki loba ucap beuki loba
ngucapkeun omongan bodo.
4 Jadi lamun boga kaul ka Allah geuwat
laksanakeun, sabab Mantenna teu resepeun
ka jelema anu gejul. Nu matak ari geus jangji
kudu bukti.
5 Leuwih hade entong kaul, ti batan kaul tapi
henteu ditedunan.
6 Ucap-ucapan teh ulah nepi ka
ngalantarankeun anjeun jadi dosa, anu
ahirna kapaksa kudu waleh ka payuneun
utusan Allah yen anjeun teh salah harti. Naha
atuh ucap-ucapan teh matak pibendueun
Allah, nepi ka Mantenna kudu ngaruksak
bubuatan anjeun?
7 Sanajan sakumaha seringna oge anjeun
ngalamun, sakumaha seringna oge digawe
mubadir, atawa sakumaha lobana oge anjeun
ngomong, kudu tetep sieun ku Allah.
8 Lamun anjeun nenjo pamarentah
ngagencet ka kaum miskin, henteu mere
kaadilan jeung teu kersaeun nguruskeun
hakna, henteu kudu heran. Unggal pangagung
diauban ku nu saluhureunana, tapi eta oge
duanana diauban ku anu saluhureunana deui.
9 Malah raja oge masih keneh bae kudu
gumantung kana hasil panen.

10 Mun anjeun mata duiteun, salawasna
ge moal ngarasa cukup. Jeungna deui
sanajan beunghar ge kahayang mah moal
kacumponan kabeh. Eta kabeh ge mubadir.
11 Sabab beuki beunghar beuki loba sungut
parabaneun. Minangka untungna teh sakadar
nyaho yen beunghar.
12 Talunganan nu buburuh, najan daharna
boa cukup boa henteu, tapi ari hees mah
tibra. Sabalikna anu beunghar, lubak-libuk
ge mindeng henteu bisa hees da melang ka
bandana anu loba.
13 Aya anu matak ngarenjag anu kasaksi ku
kami di ieu dunya: Jelema teu eureun-eureun
ngumpulkeun duit, sangkan ari perlu kari
make.
14 Ana heug bet meunang musibat, duitna
ledis beresih, boro-boro nyesa keur anak.
15 Urang mulang ti ieu dunya teh mo beda
ti waktu keur datang, ngaligincing, harta
beunang popohoan ngusahakeun teh hamo
kabawa.
16 Teu adil ieu teh! Bet urang teh datang
lengoh mulang lengoh. Barang gawe ibarat
ngajaring angin, naon hasilna?
17 Sapanjang hirup urang teh ngararampa
di nu poek, susah hate, salempang, jengkel
jeung gering.
18 Jadi ceuk kami, keur manusa mah
anu panghadena teh nya dahar jeung
nginum, beubeunangan usaha teh pake

senang-senang, da boga umur ti Allah teh pondok, kawantu geus kitu papasten manusa.
19 Mun hiji jelema ku Allah dibere kamakmuran jeung harta banda, tur diidinan nganimatanana, kudu ngarasa sukur sarta nganimatan sagala hasil gawena. Eta teh rahmat ti Allah.
20 Ku sabab ku Allah diwidian senang, najan nyaho yen umur teh pondok, moal pati jadi pikir teuing.
6 1 Kami nyaho di dunya teh aya kajadian anu kacida teu adilna.
2 Aya jelema anu ku Allah dibeungharkeun, luhur harkatna loba bandana, sakur anu dipikahayang kabogaan. Ari heug bet henteu diparengkeun ngarasa nimatna, kalah ka anu sejen anu metik nimatna teh. Atuh beunghar ge cumah, tur henteu adil eta teh!
3 Teu mustahil aya anu boga anak nepi ka saratus sarta umurna panjang. Tapi keur naon ari teu karasa genahna mah. Heug teh deui ana paeh dikuburna henteu sapantesna. Ceuk kami mah mending keneh orok udul.
4 Sabab ari orok udul mah datangna mubadir, iangna teu kanyahoan, nya tuluyna mah dipopohokeun.
5 Orok anu kitu memang teu kungsi-kungsi acan nenjo caangna beurang, teu kungsi nyaho hirup teh kumaha, tapi sahenteuna geus pinanggih jeung kareureuhan.

6 Nya mending eta ti batan jelema nu tadi
mah, anu hirupna teu kungsi meunang
kanimatan, najan umurna upamana nepi
ka dua rebu taun oge. Da tungtungna mah
duanana oge sarua datangna teh ka tempat
nu eta.
7 Jelema digawe teh keur ngaulaan
beuteung, kitu ge weleh teu ngarasa cukup.
8 Naon atuh leuwihna nu binangkit ti anu
gejul? Naon deui paedahna jelema miskin anu
hade lampahna?
9 Cumah bae, ibarat ngudag angin. Mana
sing tarima ku nu geus aya, ulah hayang
leuwih loba.
10 Sagala rupa enggeus lila ditangtukeun
diatur yen kudu kitu, sarta urang nyaho yen
moal aya jalma anu bisa ngalawan ka nu
leuwih kuat.
11 Beuki ngalawan beuki mubadir, moal
matak leuwih genah.
12 Na saha atuh anu nyaho kumaha kuduna
nu panghadena ari jelema, enggoning hirupna
anu nya ngan sakeudeung nya mubadir teh,
anu ukur ngolebat kawas kalangkang? Na
saha anu nyaho ti ayeuna baris kumaha
engke ari geus paeh?
7 1 Mending oge ngaran seungit ti batan
seuseungitan anu marahal. Poean ajal
leuwih hade ti batan poean wedal.
2 Mending indit ka nu kapapatenan ti batan
ka nu hajat, malak mandar urang teh anu

hirup keneh eling, yen umur urang oge didago-dago ku ajal.
3 Mending nalangsa ti batan suka, najan matak surem parangi tapi matak tambah nyaring pikir.
4 Anu sok meleng kana kabagjaan bae mah gejul. Nu lantip mah tara mopohokeun paeh.
5 Mending diweweleh ku nu lantip, ti batan dipuji ku anu gejul.
6 Jelema gejul seurina teh ibarat cucuk kaduruk, merepet taya hartina.
7 Jalma lantip anu ngabobodo, eta pohara gejulna. Pacuan daek nampa panyogok, matak ruksak ahlak.
8 Ahir tina hiji perkara leuwih hade ti batan ngamimitianana. Mending sabar ti batan gumede.
9 Kudu bisa ngadalian amarah, sabab barangasan mah tabeat jelema gejul.
10 Kade ulah nanya, "Naha nya baheula mah jaman teh leuwih hade ti batan ayeuna?" Nanya kitu teh belegug.
11 Hirup teh kudu boga hikmah. Boga hikmah mah sarua jeung boga pusaka,
12 sarta sarua jeung boga duit, matak aman pipikiran. Komo deui untungna lamun boga kanyaho kana hikmah, matak salamet hirup.
13 Dadamelan Allah teh lenyepaneun. Cik, saha anu bisa ngalempengkeun anu ku Allah geus dibingkengkeun?

14 Kabagjaan tarimakeun ku rasa sukur,
kasusahan tarimakeun ku rasa eling yen boh
kasusah boh kabagjaan, eta teh kersaning
Allah. Saestuna manusa mah moal bisa
nganjang ka pageto.
15 Dina hirup kami anu mubadir tea kami
nenjo anu saperti kieu: Jelema nu bener laku
lampahna bet tiwas, ari nu jahat tetep bae
hirup.
16 Jadi, ulah hade-hade teuing, ulah
bijaksana-bijaksana teuing. Rek maehan
maneh?
17 Sabalikna jahat teuing ulah, gejul teuing
ulah, na kitu hayang paeh memeh mangsa?
18 Singkiran eta teh duanana, dibarung ku
rasa sieun ku Allah, tangtu mulus sagala
panglaku.
19 Jalma saurang tapi boga hikmah, bisa
ngungkulan kamampuh sapuluh jelema anu
marentah kota.
20 Di dunya moal aya jelema anu bener
sapapanjangna teu kungsi milampah salah.
21 Ulah sok openan ka omong batur, boa
teuing anjeun oge keur diupat ku badega
sorangan,
22 tur anjeun tangtu rumasa yen anjeun oge
sering ngupat ka nu lian.
23 Eta sagala perkara ku kami diuji ku
kapinteran. Nya eta, kami teh ari pinter
hayang, kahontal mah henteu.

24 Na saha atuh jelemana anu nyaho kana
hartining hirup? Moal kateuleuman ku
jero-jerona, moal katepi ku pangarti.
25 Tapi kami leukeun diajar jeung nyiar
kanyaho, hayang meunangkeun hikmah,
hayang bisa ngajawab pananya hate, hayang
nyaho kumaha jahatna jeung kumaha gejulna
ari kabodoan teh.
26 Kami manggihan hal anu leuwih getir ti
batan pati, nya eta: awewe. Cinta awewe mah
ngeurad, ibarat heurap atawa tataheunan.
Ngarangkulna teh ibarat rante nu rek
ngabarogod. Nu baris karingkus teh jelema
dosa, ari anu tuhu ka Allah mah moal
beunang.
27 Hal ieu, saur Ahli Pikir, kapanggihna ku
kami saeutik-saeutik sajeroning keur neangan
pijawabeun tea.
28 Kami teu manggih deui pijawabeun lian
ti eta. Tina sarebu, ngan manggih saurang
lalaki anu pantes diajenan, tapi ti awewe mah
teu manggih saurang-urang acan.
29 Walhasil ngan ieu pamanggih kami teh:
Dipidamelna ku Allah mah urang teh wajar
jeung basajan; jadi ruwet pajurawet soteh ku
urang sorangan.
8 1 Ngan jelema anu lantip anu bisa
ngarti kana sagala perkara. Kalantipan
teh ngabearkeun parangi, ngajauhkeun
camberut.

2 Estokeun timbalan raja, tapi ulah
gampang-gampang ngedalkeun kaul ka Allah.
3 Raja mah sagala wenang. Anu matak urang
sing jauh ti payuneunana, ulah ngadeukeutan
tempat anu sakitu matak bahlana.
4 Raja mah sagala tindakanana reujeung
kawasa, sakersana moal bisa dipungpang.
5 Sapanjang urang ngesto kana timbalanana
tangtu salamet. Jelema anu lantip mah
nyaho kumaha kuduna, jeung iraha waktuna
ngalampahkeunana.
6 Sagala rupa oge dilampahkeunana teh
kudu ninggang dina mangsana, keuna kana
carana. Orokaya urangna, kanyaho teh ngan
saeutik pisan.
7 Moal aya saurang-urang acan anu
nyahoeun ka nu bakal kajadian, tur moal aya
anu bisa ngabejaan.
8 Moal aya saurang-urang acan anu
bisa nyandet atawa ngulur-ngulur waktu
pipaeheun. Moal aya anu bisa sumingkir tina
hal eta najan diakalan kumaha oge.
9 Ieu kabeh kanyahoan ku kami sajeroning
mikiran kajadian-kajadian di ieu dunya. Di
dunya mah geuning aya sawatara jelema anu
nyarangking kawasa, ari nu sejenna sangsara
ku lantaran kakawasaan maranehna.
10 Kami geus nenjo jelema-jelema jahat
dikalubur, ku nu marulang tas nguburkeun
teh kalah ka diparuji tur di lemburna pisan,

tempat nu jarahat tea nyarieun kajahatan.
Estuning mubadir!
11 Naon sababna jelema-jelema
garampangeun bae nyieun kajahatan
teh? Nya meureun, da kajahatan teh teu
buru-buru dihukum.
12 Atuh nu jarahat teh laluasa, da migawe
kajahatan ratusan kali ge salamet bae. Euh
enya, aya anu ngomong kieu, "Mun maneh
sieun ku Allah tinangtu mulus rahayu.
13 Nu jahat mah moal jamuga, hirupna teh
ibarat kalangkang, bakal paeh ngora-ngora,
lantaran teu sieun tea ku Allah."
14 Tapi ieu teh mustahil. Geura pek tengetan
kajadian di alam dunya: Geuning sok aya
jelema hade bet nandangan hukuman anu
kuduna ditibankeun ka jelema anu jahat,
ari anu jahatna kalah ka meunang ganjaran
hancengan jelema nu hade tea. Ceuk kami ge
mubadir.
15 Nu matak kami mah yakin jelema teh kudu
nyenangkeun maneh, dahar, nginum, jeung
nyenangkeun awak, da ngan sakitu-kituna
kasenangan hirup mah. Sahenteuna, kitu-kitu
bae mah meureun bisa sajeroning susah
payah di alam dunya teh, sapanjang hirup
paparin ti Allah ka dirina.
16 Unggal kami nyoba-nyoba hayang pinter
ambeh nyaho kana kajadian-kajadian di
dunya, hasilna teh kieu: Najan mikir beurang
peuting,

17 angger bae teu ngarti-ngarti ka anu
dipidamel ku Allah teh. Sakumaha diulikna
ge taya petana kateuleuman. Nu palinter ge
ngan ngakuna bae nyaho soteh, nyahoeun
mah henteu.
9 1 Nya lila nya bangga mikiran hal eta
teh. Seug bae ngarasa yen polah jelema
palinter jeung balener teh, kitu deui kanyaah
jeung kangewana, kabeh aya dina cangkingan
Allah. Taya nu bisa nyaho naon nu bakal
kasanghareupan teh.
2 Saurang ge taya bedana, sarua pada keuna
ku papasten anu sarua, nu jahat, nu bageur,
nu hade, nu goreng, nu nyekel agama, nu
henteu, nu mere kurban, nu henteu. Nu hade
taya leuwihna ti nu doraka, nu ngangkat
sumpah taya bedana ti nu henteu.
3 Kabeh jelema papastenna sarua. Tah nya
ieu pisan nu mawa apes kana sagala kajadian
di dunya teh. Sapanjang hirupna pikiran
jelema teh pinuh ku rupa-rupa kadorakaan
jeung paniatan anu garelo, nyaho-nyaho hos
paeh ngadadak.
4 Tapi sing saha anu kaasup kana mahluk
hirup, eta aya keneh harepan. Sabab mending
keneh anjing hirup ti batan singa paeh.
5 Nu hirup mah nyaho yen bakal paeh. Ari nu
paeh mah teu nyaho naon-naon, geus taya
pangajina, geus les kapopohokeun.

6 Kanyaahna, kangewana, timburuna, kabeh
kabawa paeh, moal bisa cumarita deui dina
sagala anu kajadian di dunya.
7 Anu matak mending bek dahar, pek geura
senang-senang, leguk inum anggurna, geura
sukan-sukan, da ku Allah ge diridoan.
8 Sing senang, sing gumbira sapapanjangna.
9 Enggoning ngalakonan hirup anu mubadir
teh hirup paparin ti Allah tea pek pake
senang-senang jeung pamajikan. Poe-poe
anu mubadir teh anggur pake ngabagjakeun
awak, sabab ngan eta buruhna tina hese
cape.
10 Naon anu dipigawe, pigawe enya-enya,
da ari geus paeh mah moal bisa obah-obah
acan, moal bisa mikir, moal aya kanyaho,
moal pinter. Pasti kasorang eta teh engke.
11 Aya deui anu kasaksi ku kami: Di dunya
mah nu tarik lumpatna ge tara salawasna
meunang balap. Nu gede wawanen tara
salawasna unggul tarung, anu pinter tara
salawasna bisa nyiar kipayah, anu encer
uteukna tara salawasna bisa beunghar,
anu boga kamampuh tara salawasna
meunang pangkat luhur, kawantu aya apesna
masing-masing.
12 Manusa taya nu nyaho kana papastenna.
Ibarat manuk anu kajiret ku tataheunan,
ibarat lauk anu karungkup ku heurap, urang
oge nyaho-nyaho geus kacerek ku apes.

13 Aya nu ku kami kasaksi, conto alus
ngeunaan anggapan jelema kana kapinteran.
14 Aya hiji kota leutik, jelemana ge saeutik,
diperangan ku hiji raja anu gagah. Eta raja
geus ngepung rek ngamimitian ngagempur
kuta.
15 Di dinya teh aya hiji jelema miskin, kacida
pinterna. Ku kapinteranana manehna bisa
nyalametkeun eta kota. Tapi manehna taya
pisan anu malire.
16 Ceuk kami mah kapinteran teh ngungkulan
kagagahan. Tapi kapinteran Ki Miskin teh bet
taya anu malire, ucap-ucapanana taya anu
ngabandungan.
17 Padahal ti batan ngadengekeun hahaokna
hiji pangereh ka anu garejul, mending
ngadengekeun pituah anu leuleuy ti anu
pinter.
18 Sabab kapinteran teh leuwih seukeut
batan gobang. Sabalikna nu doraka mah
najan ngan saurang ge matak ruksak
saniskara anu hade.
10 1 Ku bangke laleur sahiji minyak
seungit sabotol bau kabeh. Ku
kagejulan anu teu pira, tarekah ti nu
pangpinterna ge bisa gagal.
2 Jalma pinter mah sagawe-gawena
teh tangtu bener. Ari jalma gejul mah
gagaweanana ge teu puguh. Geus lumrahna
kitu,

3 kagejulanana ku jalma saliwat ge
bakal kanyahoan. Kaciri gejulna teh tina
kalakuanana keneh.
4 Ari diambek ku nu kawasa, ulah terus
menta eureun digawe. Ku sabar mah
kasalahan gede ge sok dihampura.
5 Kami geus nyaksian hiji kateuadilan anu
dilantarankeun ku para pangereh,
6 jalma bodo dibere nyekel kakawasaan, ari
jalma beunghar diluli-luli.
7 Kami kungsi nenjo jalma-jalma beulian
tarumpak kuda, ari pangagung laleumpang
cara jalma beulian.
8 Nyieun cubluk matak tigebrus, ngabongkar
tembok matak digegel oray,
9 digawe di pangalian batu matak kabentur,
meulah kayu matak kagencet.
10 Kampak mintul nu tara diasah, makena ge
kudu sataker tanaga. Nu matak ge samemeh
prak digawe kudu dipikiran heula carana.
11 Taya gunana boga jampe ngalilindeuk oray
ge ari geus kapiheulaan dipacok mah.
12 Ucap-ucapan jelema lantip nungtun kana
dihormat, ari biwir anu gejul mah matak
nyilakakeun dirina sorangan,
13 ari ngong ngomong ari ngaco, dina
tungtungna gejulna nataku.
14 Nu gejul mah sok ngeceblek. Taya jalma
anu nyaho bakal aya kajadian naon engke,
jeungna deui taya anu bisa ngabejaan bakal
aya kajadian naon sanggeus urang paeh.

15 Jalma anu bodona katotoloyoh nepi ka teu
nyaho jalan ka imah, hirupna teh kalah ka
cape.
16 Cilaka nagara, lamun rajana budak
kamari, lamun para pamingpinna sapeuting
jeput ngan sukan-sukan.
17 Bagja nagara, lamun rajana pageuh
kana putusanana, lamun para pamingpinna
dalaharna puguh dina waktuna, jeung daraek
nyaleser diri sarta nyegah kana mabok.
18 Jalma anu ku kedul-kedulna nepi ka
sangeuk menerkeun kenteng-kenteng acan,
imahna teh bocor bae, lila-lila ambrug pisan.
19 Pesta matak gumbira, cianggur matak
hegar. Tapi duanana ge ari teu ku duit mah
moal kasorang.
20 Ka raja mah ulah nyawad, najan ngan
diharewoskeun ge ulah. Ka nu beunghar ulah
nyempad najan di pangkeng sorangan ge, bisi
kadenge ku cakcak, heug bae diucah-aceh.
11 1 Pilukeun duit maneh kana usaha
batur sina golang, tan wande mere
untung.
2 Pelak modal di sababaraha tempat, malah
mun bisa mah melak modal teh sing loba,
geusan ngajaga dina bancang pakewuh, anu
datangna moal kanyahoan.
3 Tangkal rubuhna teh nurutkeun ka
mana condongna. Mega mendung ari geus
ngagarayot mah cur bae jadi hujan.

4 Lamun arek pepelakan ngadadago heula
angin jeung musim bae mah atuh rek iraha
bisa cebna, panen-panen pimanaeun.
5 Allah ngadamel sagala rupa, ku urang moal
kaharti maksad-Na, cara urang hamo ngarti
kumaha jabang bayi di jero kandungan bisa
ngamimitian hirup.
6 Arek pepelakan mah ceb, ceb bae rek isuk
rek sore oge, da moal ngarti ieuh urang mah
kumaha pijadieunana, naha baris alus kabeh,
atawa nu mana nu bakal leuwih montok.
7 Mutuh ku alus bisa ngararasakeun genahna
beurang nu caang teh.
8 Tarimakeun hirup urang teh sataun-
sataunna. Tapi sing inget, najan sakumaha
lilana waktu hirup di alam dunya, waktu di
alam maot mah leuwih lila deui. Jadi taya
gunana hayang nyaho ka mangsa engke.
9 Barudak! Umur ngora teh rarasakeun
nimatna. Sing galumbira meungpeung keur
ngora. Tedunan sagala kahayang, ayunkeun
kabeh karesep. Ngan kudu aringet, sagala
kalakuan maraneh teh engke baris dipariksa
ku Allah.
10 Ulah ngukut kabingung, ulah miara
kasusah, da moal ngora saumur-umur.
12 1 Ku sabab eta meungpeung keur
ngora, kudu eling ka Anu nyipta
maraneh, meungpeung tacan nincak kana
umur anu matak ripuh anu matak ngarasula,
"Hirup teh teu ngarasa bagja!"

2 Geus nepi ka kitu mah panonpoe, bulan,
bentang-bentang, katembongna asa surem,
asa mendung saendeng-endeng.
3 Leungeun paranti nakis bahaya geus
lilinieun, suku keker beuki hengker, huntu
kari saeutik jeung geus teu bisa dipake
meuweung, panon geus lamur.
4 Ceuli geus kurang denge, sora ti jalan
mah komo teu hawar-hawar acan. Sora
panggilingan, sora anu kakawihan, geus
mehmehan teu kadenge. Tapi ari keur sare ku
sora manuk ge kageuingkeun.
5 Ka tempat nu luhur-luhur asa lewang
asa paur, leumpang araringgis, buuk geus
bodas camutmut, mawa awak ge disesered,
sagala kahayang leungit. Tuluy ngajugjug
ka panungtungan bari diceungceurikan
sapanjang jalan.
6 Rantay perak bakal pegat, lampu emas
bakal tiguling, bakal peupeus, tali timba bakal
ngajemprung, gentong bakal bencar.
7 Jasad mulang jadi deui lebu, roh mulang ka
Allah anu maparin.
8 Mubadir, mubadir, saur Ahli Pikir, kabeh
mubadir.
9 Tapi ku sabab Ahli Pikir teh bijaksana, teu
weleh-weleh ngawurukkeun pamanggihna ka
bala rea, jeung ngulik siloka-siloka bari diuji
eusi-eusina.

10 Ahli Pikir geus ihtiar milih ucapkeuneun
anu matak genah, seug dituliskeun, sarta
dituliskeunana teh saestuna.
11 Pitutur jalma-jalma bijaksana teh saibarat
iteuk anu lancip paranti ki pangangon nuyun
domba-domba, sarta gunggungan siloka-
siloka teh lir paku anu nanceb pageuh. Eta
kabeh paparin ti Allah, hiji-hijina pangangon
nu ngangon urang.
12 Masing iatna bae hidep teh, anaking! Moal
aya tungtungna nulis buku teh, ari ngulik
popohoan teuing matak ruksak awak.
13 Minangka panutup, sarupa deui bae
ucapkeuneun teh: Sing sieun ku Allah,
estokeun sagala timbalana-Na, da pangna
Mantenna ngadamel manusa oge kitu maksud
pangersa-Na.
14 Sagala lampah urang boh hade boh
goreng, najan anu rikip buni ge baris
dipariksa ku Allah.

Kidung Agung

1 [1] Kidung anggitan Suleman. Endah taya
papadana.
[2] Wanoja: Hayang teuing abdi ku engkang
diambung, kadeudeuh engkang langkung
nimat ti batan anggur.
[3] Wawangen engkang raraos seungitna,
jenengan engkang lir lisah seungit
nyambuang. Wanoja mana nu ku engkang
teu kagembang.
[4] Cik atuh abdi teh iwat, duh sembahan
abdi, candak lebet ka kamar, bari dipapag
ku bagja, bakal jojoh nyacapkeun kasono.
Wanoja mana nu ku engkang teu kagembang.
[5] Leuh wanoja-wanoja Yerusalem, hideung
oge kuring teh geulis, hideung siga kemah
urang Kedar, endah siga lalangse-lalangse
karaton Suleman.
[6] Tong ditelek-telek hideungna, kawantu
kuring mah tuman kapoe, tur jadi purah
tadah carek dulur-dulur, purah tunggu kebon
anggur, awak teh geus teu kaurus.
[7] Duh panutan cik wartosan, di mana
engkang nya ngangon, di mana ngaubkeun
domba-domba ari sonten? Na abdi milarian
engkang teh kedah ngaprak ka tengah
kumpulan domba anu lian?

8 Nonoman: Leuh bentangna wanoja, karah
teu uninga tempatna? Sae tuturkeun bae
tapak domba-domba, pilari sampalan keur
embe-embe enung caket kemah-kemah
tarukang ngangon.
9 Jungjunan, enung lir ibarat kuda bikang
anu narik kareta raja Mesir.
10 Rambut enung aya ku endah, tinggilisir
kana damis, ngarumbay kana tenggek lir
ranggeuyan mutiara.
11 Engke enung dipangnyieunkeun
kangkalung emas, ditarapang ku perak.
12 Wanoja: Sang raja ebog dina bale-
bale, seuseungitan pake abdi kaangseu
angin-anginan.
13 Barang gabrug anjeunna kana harigu,
kaangseu salirana seungit emur.
14 Anjeunna lir ranggeuyan kembang pacar,
anu beukah di kebon anggur di Engedi.
15 Nonoman: Ku geulis enung, jungjunan,
soca enung ngenclong ku cahaya cinta!
16 Wanoja: Ku kasep engkang teh, panutan,
engkang teh estu pikaresepeun abdi! Kangge
ebog, tuh katilna jukut hejo anu ngampar.
17 Keur minangka tihang bumina kai kiputri.
Keur minangka lalangitna tangkal camara.
2 1 Abdi mah mung ukur kembang alas
ti Saron, kembang bakung ti lengkob
gunung.
2 Nonoman: Enung ibarat bakung di rungkun
cucuk, pangmencrangna ti para wanoja.

3 Wanoja: Dibanding sareng nonoman lian,
panutan abdi lir tangkal jeruk di leuweung
kakayon. Abdi betah ngiuhan handapeunana,
buahna kalintang amisna.
4 Ku anjeunna kuring dicandak kana pestana,
diumbul-umbulan ku kageugeutna.
5 Cik pulihkeun bayu kuring ku kismis,
segeran ku jeruk, kawantu kuring keur
lanjung nandangan wuyung.
6 Sirah kuring disangkeh ku panangan
kiwana, panangan tengenna pageuh
ngarangkul.
7 Wanoja-wanoja Yerusalem, aranjeun kudu
jarangji, sumpah demi uncal anu rikat jeung
demi uncal bikang ulah rek ganggu kana
kacinta kuring jeung anjeunna.
8 Wanoja: Ngeng kadenge gentra panutan,
anjeunna eukeur ka dieu, lumpat ngambah
pagunungan, ngaluncatan pasir-pasir rek
neang kuring.
9 Lumpatna tinanding uncal bikang, rikat
lepas kawas uncal jalu. Tuh geus aya luareun
kuta, nempo tina kisi-kisi, tembong gurilap
socana luareun jandela.
10 Anjeunna ngagentraan ka kuring.
Nonoman: Ka dieu atuh, enung! Sumping
atuh ka engkang, jungjunan!
11 Musim ngijih geus kasilih, musim hujan
geus kaliwat.

12 Di tepis wiring kekembangan barareukah,
jalma-jalma tinghaleuang; di tegalan tikukur
patingarengguk.
13 Buah kondang geus arek arasak, hawa
meleber ku seungitna kembang anggur. Ka
dieu atuh, enung! Sumping atuh ka engkang,
jungjunan!
14 Enung ibarat japati, nu keur nyumput dina
gowok batu karang. Engkang hayang neuteup
endahna raray enung, hayang nguping sora
enung nu halimpu.
15 Urang ngepung ajag, ajag-ajag leutik, bisi
ngaruksak pelak anggur urang anu eukeur
karembangan.
16 Wanoja: Jungjunan kuring teh anu kuring,
diri kuring anu anjeunna. Anjeunna ngangon
dombana di antara kembang bakung,
17 tugur nepi ka bray beurang, nepi ka poek
kasilih ku caang. Geura mulih, panutan,
masing rikat kawas uncal bikang, masing
gancang lir uncal jalu di pagunungan Beter.
3 1 Saban peuting, ari di ranjang geus
sare, anjeunna kaimpi bae, kaimpi keur
diteangan, weleh teu kapanggih bae.
2 Diaprak saluluar kota, dilongok ka jalan
jeung jajahan, disusul ka lulurung, haben bae
diteangan, tapi lebeng teu kapanggih.
3 Anggur tepung jeung nu ngaronda, ku
kuring ditanya, "Manawi pendak sareng
panutan kuring?"

4 Tapi henteu lila ti harita, ana gok teh
anjeunna kapanggih. Gabrug dirangkul
tipepereket, henteu dilesotkeun deui, tuluy
diajak ka bumi ibu, sup ka pangkeng tempat
kuring dijurukeun.
5 Wanoja-wanoja Yerusalem, aranjeun kudu
jarangji, sumpah demi uncal anu rikat jeung
demi uncal bikang, ulah rek ganggu kana
kacinta kuring duaan.
6 Wanoja: Naon itu anu mumbul ti lebah
gurun, jiga haseup ngebun, tur kasawur
ku seungit dupa jeung emur, sarupaning
seuseungitan dagangan para sudagar?
7 Leuh geuning Suleman, sumping nitihan
jampana, dikawal ku genep puluh prajurit,
prajurit-prajurit petingan Israil,
8 kabeh oge jago ulin pedang, ahli jurit
tukang tarung, masing-masing nyoren
pedang, taki-taki tina bahlaning peuting.
9 Raja Suleman nitihan jampana, tina kai
kelas hiji,
10 tihang-tihangna dilakop perak, tiungna
disulam emas, babantalna disarungan
lawon wungu, endah lemes beunang ninun
putri-putri Yerusalem.
11 Heuy, wanoja-wanoja Sion, yap nongton
Raja Suleman. Anjeunna nganggo makuta,
ibuna ku anjeun nu nerapkeunana, dina
poean rendenganana, poe kabagjaanana.
4 1 Nonoman: Ku geulis enung, jungjunan!
Soca enung sakitu dicindung, tembong

cureuleuk nyengcelak. Rambut ombak-
ombakan lir embe-embe keur tarurun ti
pasir-pasir Gilad.
2 Waos enung bodasna tinanding domba-
domba anu nembe dimandian tas dicukuran,
pepek jangkep beres roes, taya cocengna.
3 Lambey enung beureum lir rara sakelat,
ana emut sasauran ku lucu matak tibelat.
Damis enung ngalangkang jeroeun cindung.
4 Tenggek enung mulus lir munara Daud,
rantuyna kangkalung enung sarupi sarebu
kepeng nu ngagarantung.
5 Pinareup lir dua uncal bikang, uncal kembar
nu keur nyaratuan di tegal bakung.
6 Engkang rek ngarereb di pasir emur, di
pasir menyan, tepi ka bray beurang, poek
kasilih ku caang.
7 Ku geulis enung, jungjunan; estu taya
kuciwana!
8 Yap enung panganten, jeung engkang
urang miang ti Pagunungan Libanon, urang
sareng ti Libanon. Yap lungsur ti puncak
Gunung Amana, ti Gunung Senir jeung ti
Gunung Hermon, tempat singa reujeung
kerud.
9 Paneuteup enung, duh rayi panganten,
katut kangkalung na tenggek enung, geus
ngabandang hate engkang.
10 Kadeudeuh enung ka engkang, estu nimat
karaosna, duh enung, rayi panganten. Kacinta
enung karasana langkung nimat ti batan

anggur, seuseungitan enung langkung leleb ti batan wawangian lianna.
11 Lambey enung semu amis lir madu, ilatna nyakclakan susu jeung madu. Raksukan nyebarkeun seungitna Gunung Libanon.
12 Kakasih engkang rayi panganten, ibarat taman tutupan, nu dikikis sakuriling, lir cinyusu nu dipager.
13 Pinuh ku pepelakan, lir pakebonan dalima, nu buahna pangeunahna. Kitu deui kembang pacar, akar wangi,
14 jahe, koneng, tiwu, kayu manis, kitu deui rupa-rupa menyan. Emur, kayu garu, jaradi di dinya, katut rupa-rupa wawangian nu pangseungitna.
15 Cinyusu ngaburial nyaian eta kebon, kitu deui susukan, ngagolontor ti Pagunungan Libanon.
16 Wanoja: Hudang, he angin kaler, angin kidul, tiup kebon kuring, sina nyambuang seungitna. Muga-muga kakasih kuring sumping ka kebonna, sarta nuang bubuahan nu pangeunahna.
5 1 Nonoman: Enung, rayi panganten, ieu engkang datang ngalanglangan taman, mupu emur, ngala dupa, nguyup madu, ngadahar para nyiruan, nginum anggur, nguyup susu. Wanoja-wanoja: Batur-batur nu keur gandrung, geura dalahar leueut sawaregna, nepi ka giung ku cinta!

2 Wanoja: Ari mondok, hate mah teu weleh
nyaring, ngimpi panutan ngetrokan panto.
Nonoman: Buka panto enung, jungjunan,
pupujan ati, japati engkang, ieu engkang,
sirah cipruk ku ciibun, buuk kulimis ku
cireumis.
3 Wanoja: Kumaha da parantos cucul-cucul,
naha kedah dangdos deui? Suku parantos
beresih, naha kedah kokotoran deui?
4 Panutan kuring nyekel kana gagang panto,
hate mani ratug dumeh anjeunna deukeut.
5 Kuring ngojengkang arek mangmukakeun
anjeunna. Leungeun dibalur ku emur, ramo
diolesan ku minyakna, kolotrak ngalaan tulak.
6 Bray panto dibuka, rek ngabageakeun. Har,
anjeunna geus teu aya. Hanas geus sono
kana soantenna! Ku kuring diteangan, tapi
teu kapanggih, digeroan taya waleranana.
7 Kuring kapanggih ku nu keur ngararonda
kota, malah terus diteunggeulan mani
raraheut, karembong oge disosoeh ku nu
ngajaraga kuta.
8 Wanoja-wanoja Yerusalem, aranjeun kudu
jarangji, lamun pareng patepang sareng
kakasih kuring, pangwartoskeun yen kuring
kagegeringan.
9 Wanoja-wanoja: Nyai, bentangna para
wanoja, kakasih Nyai teh memangna benten
ti nu sanes? Naon luar biasana teh, nepi ka
kuring sarerea kudu jangji?

10 Wanoja: Kakasih kuring teh nya kasep nya
gagah, mencil sahiji tina salaksa.
11 Rarayna lemes sarta marahmay, rambutna
panjang ombak-ombakan, hideung meles
ngabangbara.
12 Socana jeg japati nu eunteup di sisi
susukan, lir japati beunang ngamandian ku
cisusu, eunteup sisi walungan.
13 Damisna saendah taman, nu pinuh ku
tangkal ubar-ubaran reujeung samara.
Lambeyna lir kembang bakung, anu leucir ku
minyak emur.
14 Pananganana mutuh sampurna, nganggo
lelepen anu aya permatana. Salirana lir tina
gading, anu dipasieup ku batu nilem.
15 Wentisna lir tihang marmer anu napak
dina tatapakan emas. Anjeun mutuh nya
agung, lir Gunung Libanon, pinuh ku kiputri
nu laluhur.
16 Mun dicium tea mah lambeyna bangun
amis, sagalana matak kabungbulengan. Tah
kitu kakasih kuring teh, he wanoja-wanoja
Yerusalem!
6 1 Wanoja-wanoja: Di lebah mana ngilesna
panutan teh, leuh bentangna para
wanoja? Ka lebah mana angkatna, kuring
sadaya seja mantuan neangan.
2 Wanoja: Angkatna mah ka kebonna,
ka petakan wawangian, kersana sumeja
ngangon bari metik kembang bakung.

3 Nya anjeunna panutan ati, ieu kuring
kakasihna. Ngangonna teh lebah dinya, di
antara kembang bakung.
4 Nonoman: Ku geulis enung jungjunan,
sarupi jeung Yerusalem, sari rasmi sarupi
jeung kota Tirsa, matak rumenghap nu ningal
lir ningal eta dua kota anu agung.
5 Gilerkeun soca enung ka palih ditu,
paneuteupna ngabandang engkang. Rambut
ombak-ombakan lir embe-embe keur tarurun
ti pasir-pasir Gilad.
6 Waos enung bodasna tinanding domba-
domba anu nembe dimandian tas dicukuran,
beres roes pepek jangkep, taya nu coceng.
7 Damis enung ngalangkang jeroeun
cindung.
8 Keun bae raja mah rea geureuhana ge,
prameswari genep puluh, parekan dalapan
puluh, mojang herang pirang-pirang.
9 Ari nu dipikacinta ku kuring mah ngan hiji,
nu geulisna lir japati putra tunggal ibuna
anu pang dipikanyaahna pamujian para istri,
malah dialem ku prameswari, ku parekan kitu
deui.
10 Itu saha nu ngagebray tanding pajar, mani
ngempray tanding bulan, mancurna tanding
sang surya?
11 Kuring datang ka kebon kanari,
ngalanglang tutuwuhan anu keur marentik
di lengkob, ngaroris sirung anggur, jeung
ngilikan dalima nu karembangan.

12 Engkang teh ngadegdeg, nataku sonona
ka enung, lir kusir kareta perang nu hayang
geura prung tarung.
13 Wanoja-wanoja: Cobi ngibing, cobi ngigel,
leuh mojang Sulam, bade ditongton ku
kuring sadaya. (6-14) Wanoja: Naha bet
harayang ningal kuring ngigel di antara
barisan panongton?
7 1 Nonoman: Duh ku agung, enung teh
terah linuhung. Sampean mutuh ku
sieup tur payus nganggo selop. Bitis lir jaksi
sajantung, lir beunang masieup seniman.
2 Udel lir cacangkir cekong moal bahe anggur
nu jadi eusina. Lambut lir tumpukan gandum
diriung ku kembang bakung.
3 Pinareup siga uncal sakembaran, siga uncal
bikang papasangan.
4 Tenggek lir munara gading, soca lir empang
di kota Hesbon deukeut gapura eta kota gede.
Pangambung lir munara Libanon anu nanjeur
neuteup ka Damsik.
5 Mastaka dangah lir Gunung Karmel,
rambut ririakan, cahayaan, lemes lir sutra,
kaendahanana sanggup ngunduh jajantung
raja.
6 Ku manis enung, ku geulis! Sugri pangemat
cinta, di enung nyampak sadia.
7 Salira lampanyat lir tangkal korma,
pinareup lir ranggeuyan buahna.
8 Eta korma engke arek ditaekan arek
diunduh buahna. Pinareup enung lir rantuyan

buah anggur. Seungit napas enung, seger lir serengna jeruk.
9 Baham enung saibarat cianggur petingan. Wanoja: Saupama kitu, eta anggur baris ngocor ka panutan baris nyegeran lambeyna baris maseuhan waosna.
10 Da kuring anu anjeunna, nu teu kendat mikatineung.
11 Mangga panutan, urang iang ka padesan, urang ngendong di tegalan,
12 ngarah enjing-enjing pisan bisa ningalian pelak anggur, parantos marentik atawa tacan, kembangna parantos beukah atawa tacan. Kitu deui dalima, parantos pentilan atawa tacan. Tah di dinya, abdi sumeja ngalayanan kacinta engkang.
13 Engke ku engkang kaangseu seungitna tangkal arak katut bubuahan nu raraos, parantos aya caket panto, nu anyar sareng nu parantos lami, kenging abdi nyimpen haturan engkang, jungjunan!

8 1 Leuh, mun seug engkang teh lanceuk teges, anu sami-sami nginang ka pun biang! Meureun saban patepang di jalan najan ku abdi dirangkul, moal aya nu nyela.
2 Heug ku abdi teh dipontel, diajak mulih, ngarah abdi ku engkang diwulang perkawis cinta. Engkang dihaturanan leueuteun, manisan anggur sareng cai dalima.
3 Bari engkang nanggeuy sirah abdi ku tangan kiwa, tangan nu tengen ngusapan.

4 Wanoja-wanoja Yerusalem, aranjeun kudu
jarangji, ulah rek ganggu, kana kacinta kuring
duaan.
5 Wanoja-wanoja: Saha ieu wanoja nu
sumping ti gurun keusik, pakaleng-kaleng
jeung kageugeutna? Wanoja: Di handapeun
tangkal apel, tilas engkang kapungkur
dibabarkeun, engkang ku abdi digeuingkeun.
6 Hate engkang ulah dibuka iwal pikeun abdi.
Tong kantos ngarangkul wanita lian, iwal ti
ka diri abdi. Cinta teh bedas lir malakalmaot,
geter birahi teh rosa lir ajal pati. Ana
eta parantos hurung, nguntab-nguntab lir
muntabna seuneu.
7 Geus hamo kalis ku cai, mo kaceot ku
walungan. Jalma nu wani-wani meuli cinta ku
dunyabarana, geus tangtu dilelewean.
8 Dulur-dulur nyi mojang anu lalaki: Adi
urang lanjang leutik budak keneh, susuna
ge acan ngeusi. Rek kumaha peta urang ka
manehna, samangsa aya nu ngalamar?
9 Upama eta teh kuta, urang adegan munara
perak, upama eta teh panto, urang tulakan
make tulak kai kiputri.
10 Wanoja: Ieu kuring teh kuta, susu kuring
lir munarana. Panutan kuring yakin, yen
lamun jeung anjeunna, tangtu kuring bakal
bagja.
11 Nonoman: Suleman kagungan kebon
anggur di Baal Hamon. Disewakeun ka para

patani, sewaanana masing-masing sarebu uang perak.
12 Suleman nampa uang sewa sarebu-sarebu, kacoceng ku mere untung ka nu nyarewa masing-masing dua ratus. Kebon anggur kuring mah kuring sorangan anu ngurus.
13 Enung, ieu rerencangan engkang, ceulina mani rarancung, pada-pada hayang nguping sora enung ti jero taman.
14 Wanoja: Enggal engkang, geura gasik-gasik sumping, masing rikat tinanding uncal bikang, gancang cara uncal jalu ngora, lungsur ti gunung nu pinuh ku tangkal samara.

Yesaya

1 [1] Ieu kitab eusina dawuhan-dawuhan Allah
ngeunaan nagara Yuda jeung Yerusalem,
anu diwahyukeun ka Yesaya putra Amos
jaman eta nagara diparentah ku Raja Usia,
Raja Yotam, Raja Ahas, jeung Raja Hiskia.
[2] PANGERAN ngadawuh, "Eh bumi jeung
langit, darengekeun ieu dawuhan Kami.
Barudak anu ku Kami digedekeun geus
ngalawan ka Kami.
[3] Sapi wawuheun ka anu bogana, kalde
ingeteun dibawa nyatuan ka mana ku
dununganana. Eta leuwih harideng ti batan
umat Kami Israil, anu henteu nganyarahokeun
ka Kami."
[4] Cilaka maneh eh bangsa anu doraka, eh
jalma-jalma anu garoreng jeung jarahat!
Maraneh bakal ngarempeyek katindihan ku
dosa-dosa! Maraneh nampik ka PANGERAN
Allah Israil anu suci, geus mariceun.
[5] Ku naon ngan ngaralawan bae? Harayang
dihukum anu leuwih keras? Eh Israil, sirah
maneh geus pinuh ku borok, hate jeung pikir
teu waras.
[6] Awak saluluar tina sirah nepi ka dampal
suku geus teu aya anu walagri, barisul,
carenang, baroleksek. Borok-borok maneh
can diberesihan, can dibulenan, can diubaran.

7 Nagara maneh geus ruksak, kota-kotana
jadi lebu. Tanah direbut ku batur, eusina
diburak-barik, maneh ngan bisa nenjokeun.
8 Tinggal Yerusalem, tapi eta ge enggeus
kakepung, geus taya hahalangna, kawas
saung di kebon anggur, kawas pondok di
kebon bonteng.
9 Cacak lamun PANGERAN Nu Maha Kawasa
teu kersa nyesakeun sawatara urang sina
salamet, tangtu Yerusalem oge geus tumpur
cara Sadumu jeung Gomora.
10 Eh Yerusalem, kalakuan rahayat maneh,
jeung kalakuan anu karawasa, teu beda
ti kalakuan urang Sadumu jeung Gomora.
Dengekeun ieu timbalan PANGERAN Nu Maha
Kawasa, regepkeun piwulang-Na.
11 Dawuhana-Na, "Marukan Kami rek kabita
ku kurban-kurban maraneh? Kami ge boga
domba, leuwih loba ti batan anu diduruk ku
maneh dikurbankeun ka Kami. Gemukna ge
leuwih alus ti batan gemuk sato-sato anu ti
maneh. Kami geus seubeuh teuing ku getih
sapi, getih domba, jeung getih embe.
12 Dititah ku saha maneh mawa tanda bakti
anu karitu ka Kami teh? Dititah ku saha
maneh nincakan Bait Kami?
13 Teu guna maneh mawa pangabakti oge.
Kami ijid kana bauna eta beubeuleuman
maneh! Kami ijid kana Pesta Bulan Anyar,
kana Sabat, jeung kana kumpulan-kumpulan

ibadah maneh, lantaran geus kalampud ku dosa maneh.
14 Kami geus ijid kana eta Pesta Bulan Anyar jeung kana hari-hari besar maraneh, ngabangbaluhan bae Kami, nyapekeun.
15 Kami arek ngabalieur lamun maraneh nadahkeun doa. Rek ngadaroa sakumaha rosana ge ku Kami moal ditolih. Sabab maraneh nadahkeun leungeun anu lamokot ku getih.
16 Beresihan heula diri. Eureunan kalakuan anu doraka teh. Eureun nyieun dosa,
17 lampahkeun anu bener. Usahakeun sangkan kaadilan terap. Belaan anu sangsara. Belaan hakna budak pahatu. Tangtayungan randa-randa."
18 PANGERAN nimbalan, "Hayu urang padukeun. Maraneh teh geus lestreng ku dosa, tapi ku Kami rek disina bodas beresih. Najan dosa maneh nepi ka beureum kawas getih, bakal jadi bodas kawas kapas.
19 Lamun narurut ka Kami, sagala pibagjaeun nu aya di ieu tanah ku maraneh tangtu kapetik.
20 Sabalikna lamun teu narurut, cilaka, tangtu dibasmi. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
21 Kota anu bareto sakitu satiana teh kalakuanana geus kawas dayang! Bareto eusina teh jelema-jelema anu balener, ari

ayeuna ngan tinggal jalma-jalma tukang maehan.
22 Eh Yerusalem, bareto maneh teh ibarat perak, ayeuna mah geus teu hargaan. Bareto mah saibarat anggur hade, ayeuna mah cai biasa bae.
23 Para pamingpin anu aya di maneh ayeuna kabeh tukang rusuh, ngabaturna ka penjahat, darolog kana panyogok, lalapar ku pangruruba. Di pangadilan cadu nulung ka nu pahatu, paliyas nyoreang ka pangaduan randa-randa.
24 Ku sabab kitu dengekeun ieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, "Maraneh musuh Kami, ku Kami arek dibales supaya ulah musingkeun bae.
25 Kami arek meta. Maraneh arek dimurnikeun sina beak karahana, sina leungit kokotorna,
26 rek dibere deui pamingpin-pamingpin jeung juru-juru nasehat anu hadena kawas nu ti heula-heula. Mun geus kitu Yerusalem bakal disebut kota ibadah, kota anu satia."
27 Ku sabab PANGERAN mah adil, kersaeun nyalametkeun Yerusalem katut sakabeh anu tarobat.
28 Sabalikna anu daroraka jeung ngalawan, ku Mantenna tangtu ditundung, ditumpes.
29 Maraneh bakal kaduhung geus nyarembah ka tatangkalan jeung nyieun kebon-kebon anu husus pikeun dewa-dewa.

30 Maraneh bakal ngarangrangan cara
tangkal karamat anu geus rek paeh, lir kebon
teu meunang cai.
31 Lir kalakay bisa beak ku seuneu saenyay,
jalma-jalma anu karawasa tea oge bakal beak
ku kadorakaanana sorangan, moal aya anu
bisa ngeureunkeun ruksakna.
2 1 Ieu timbalan Allah, anu didawuhkeun ka
Yesaya putra Amos, perkara Yuda jeung
Yerusalem:
2 Engke ka hareup, gunung tempat Bait
Allah ngadeg bakal muncul pangluhurna,
mucunghul ngaluhuran pasir-pasir, bakal
kasaba ku loba bangsa.
3 Rahayat eta bangsa-bangsa bakal silih
ajak: "Hayu urang naranjak ka pasir,
pangcalikan PANGERAN, urang ka Baitna
Allah Israil. Engke urang ku Mantenna
diwulang pilampaheun, sangkan napak kana
jalan pituduh-Na. Sabab piwulang PANGERAN
teh datangna ti Yerusalem, ngandika-Na ka
umat-Na teh ti Sion."
4 Mantenna bakal memeres perkara bangsa-
bangsa galede. Maranehna bakal ngarobah
pedangna jadi wuluku, tumbakna dijieun
arit. Bangsa-bangsa moal perang deui, moal
tatahar perang deui.
5 Eh turunan Yakub, hayu urang nyorang
jalan anu caang panuduhan PANGERAN!
6 Nun Allah, Gusti parantos miceun umat ku
anjeun, turunan Yakub. Tanahna pinuh ku

tukang sihir ti wetan sareng ti tanah Pelisti.
Rahayatna biluk kana adat bangsa batur.
7 Tanahna pinuh ku emas perak, harta
sisimpenanana teu aya watesna. Kudana
kacida seueurna, kareta perangna parantos
henteu kaetang.
8 Tanahna pinuh ku brahala, maranehna
nyarembah kana barang buatanana sorangan.
9 Kabehanana bakal direndahkeun jeung
dihinakeun. Nun PANGERAN, mugi ulah
dihampura maranehna teh!
10 Maranehna bakal marubus ka guha-guha
di gunung-gunung cadas, atawa ngarali
liang nyingkiran PANGERAN anu keur
bendu, nyingkahan pangawasa jeung
kamulyaana-Na.
11 Hiji waktu katakaburan jeung kaangkuhan
manusa bakal eureun, dibasmi. Ngan
PANGERAN anu bakal diagungkeun.
12 Dina waktu eta PANGERAN Nu Maha
Kawasa bakal ngarendahkeun sakur anu
aragung, anu aradigung.
13 Tangkal-tangkal kiputri di Libanon anu
laluhur, kitu deui tangkal-tangkal kiara di
tanah Basan ku PANGERAN bakal dibasmi.
14 Gunung-gunung nu laluhur kitu deui
pasir-pasir bakal diratakeun jeung taneuh.
15 Kitu deui munara-munara anu laluhur
jeung sakabeh kuta puri benteng.

16 Malah kapal-kapal anu panggaledena
jeung pangalusna ge bakal dikarem-
karemkeun.
17 (2:17-18) Katakaburan manusa bakal
eureun, kaadigungan bakal dibasmi. Brahala-
brahala bakal beak. Dina waktu eta ngan
PANGERAN anu bakal diagungkeun.
18 (2:17)
19 Jalma-jalma bakal nyarumput di guha-
guha di gunung-gunung cadas, atawa
ngarali liang nyingkiran PANGERAN anu
keur bendu, nyingkahan pangawasa jeung
kamulyaana-Na, mangsa Mantenna rawuh
seja ngoyagkeun jagat.
20 Dina waktu eta jalma-jalma bakal
ngalung-ngalungkeun brahala-brahala tina
perak jeung emas bubuatanana sorangan,
sina diruksak ku beurit cantung jeung lalay.
21 Lamun PANGERAN geus sumping rek
ngoyagkeun jagat, jalma-jalma bakal
nyarumput kana guha-guha di gunung-
gunung cadas nyingkiran PANGERAN anu
keur bendu, nyingkahan pangawasa jeung
kamulyaana-Na.
22 Nu matak ge ulah sok sumender ka
manusa. Bisa naon manusa mah!
3 1 Gusti, PANGERAN Nu Maha Kawasa,
ayeuna geus rek ngarampas sakur anu
jadi harepan urang Yerusalem jeung urang
Yuda. Mantenna geus meh ngarampas bahan
dahareun, cai,

2 para pahlawan, prajurit-prajurit, hakim-
hakim, nabi-nabi, tukang-tukang ramal,
ahli-ahli nagara,
3 angkatan perang, para pamingpin sipil,
ahli-ahli politik, jeung tukang-tukang jampe.
4 Urang dinya sina diparentah ku barudak
tanggung.
5 Maranehna bakal silih incer kana
piuntungeun. Barudak moal hormat ka
saluhureun, kuricakan moal serabeun ku anu
baroga pangkat.
6 Bakal aya waktuna baraya maksa baraya,
sangkan jadi kapala ngapalaan pada baraya,
pokna, "Urang keur kacida susahna. Tapi
anjeun baju-baju bae mah boga, anu matak
pek kapalaan baraya urang."
7 Tapi ceuk anu dititahna, "Embung! Kuring
bisa naon? Kuring oge teu beas, teu baju.
Ulah kuring kapala mah!"
8 Nya cilaka Yerusalem! Yuda nya kitu,
keur sakarat. Sagala ucap jeung lampahna
ngalawan ka PANGERAN. Ngagogoreng ka
PANGERAN geus teu dipinding-pinding deui.
9 Panerka-panerkana anu goreng natrat
katara dina ulatna. Dosana geus teu
disumput-sumput, geus cara dosa urang
Sadumu. Tangtu bakal carilaka, karingkus ku
dosana.
10 Ngan anu balener anu pisenangeun teh.
Eta mah dina sagala perkara babari, sagala
pagaweanana mulus hasilna.

11 Cilaka nu goreng lampah, bakal karingkus
ku kajahatanana.
12 Umat kami pada neungteuinganan ku
tukang ngarinjeumkeun duit, diperes ku anu
ngaharutangkeun. Eh umat kami, maraneh
teh dibawa sasar ku para pamingpin, nepi ka
geus teu nyaraho jalan mana anu bener.
13 PANGERAN geus sayagi muka perkara,
seja mutus urusan umat-Na.
14 Para kokolot jeung para kapala umat-Na
dibawa ka pangadilan, tuluy ku Mantenna
didakwa kieu, "Maraneh ngarampogan
kebon anggur. Imah maraneh pinuh ku
barang-barang beunang nyokotan ti nu
mariskin.
15 Maraneh teu wenang meres ka umat
Kami, teu meunang macikeuh kaom miskin.
Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha
Kawasa."
16 PANGERAN ngadawuh, "Awewe urang
Yerusalem kacida garumedena. Leumpangna
mani darangah, bari gular-giler maen mata.
Ngalengkah diaced-aced semu ditenjrag-
tenjragkeun ngarah geulang-geulang dina
mumuncanganana tingkirincing.
17 Ku Kami rek dihukum, rek digundulan sina
lalenang."
18 Bakal aya waktuna, barang-barang
kaagulan awewe urang Yerusalem
ku PANGERAN dirampas: Perhiasan-

perhiasanana, kayaning gengge suku,
sasrangengean tarang, kongkorong,
19 jeung geulang. Kitu deui cindungna,
20 tiungna, jeung jimat peletna anu sok
diparake dina leungeunna jeung dina
cangkengna,
21 cingcin ramona, anting irungna,
22 pakean midangna, erokna, mantelna,
rajut peperenianana,
23 pakean jerona, saputanganna,
karembongna, jeung kukudungna anu
tinggarebay.
24 Urut awak sarareungit jadi bau, urut
diarangkin sutra jadi dibaleubeur ku lulub,
urut buuk aralus jadi garundul, urut dangdan
pipidangan jadi marake bubututan, urut
gareulis jadi garoreng patut matak era.
25 Pangeusi eta kota, najan anu panggagahna
kabeh bakal tiwas ku perang.
26 Panto-panto kota bakal tingharegung
humarurung, kotana ge pijadieun lir awewe
anu emok cameot dina taneuh awakna
sataranjang.
4 1 Dina mangsa eta awewe tujuhan bakal
marebutkeun lalaki hiji. Cararekna,
"Dahar pake abdi teh moal nyesahkeun,
dapon kersa bae akang jadi salaki. Mangga
abdi pihukum, parantos teu kiat ku kaisin teu
gaduh bae salaki."
2 Pidatangeun mangsa pepelakan jeung
tatangkalan di ieu tanah ku PANGERAN

dikersakeun alus jadina, nya galede
nya laluhur. Sakabeh urang Israil anu
masih saralamet bakal sarugema ku hasil
pepelakanana.
3 Unggal jalma di Yerusalem anu ku Allah
geus ditangtukeun salamet, bakal disebut
suci.
4 Eta bangsa ku Pangeran bakal dihakiman
kalawan kakawasaan, dimurnikeun.
Yerusalem bakal diberesihkeun tina sagala
kasalahan jeung rereged getih anu geus
ngocor di dinya.
5 Gunung Sion jeung sakur anu karumpul di
dinya, mun ti beurang ku PANGERAN bakal
dipayungan ku mega, mun ti peuting bakal
dicaangan ku cahaya anu ngempray. Sakuliah
kota bakal diauban ku kamulyaan Allah.
6 Kamulyaan Mantenna bakal jadi iuh-iuh eta
kota sangkan henteu kapentrang ku panas,
jadi tempat anu aman, paranti nyalindung ari
hujan jeung angin ribut.
5 1 Kaula boga hiji lagu, eusina nyaritakeun
sobat kaula jeung kebon anggurna.
Darengekeun, ku kaula rek dikawihkeun:
Sobat kaula kagungan hiji kebon anggur, di
hiji pasir nu subur.
2 Taneuhna geus dirириduh, geus dipiceunan
batuna. Binih anggurna nu panghadena.
Ngadamel saung pikeun tutunggon, ngadamel
bak pameresan, ngantos buahna arasak. Ari
pek buahna haraseum.

3 Saur ki sobat, "Eh urang Israil jeung urang
Yuda! Coba kami jeung ieu kebon anggur
titenan mana nu salah.
4 Naha sugan kami salah migawena? Ku
naon ieu anggur teh bet haraseum kieu,
mencog tina panyangka?
5 Ayeuna maksud kami, perkara ieu kebon
anggur rek diruksak bae, sina diranjah dileyek
ku sato leuweung. Pagerna rek dicabutan,
tembokna arek dibongkar.
6 Sina dilindih ku eurih, pepelakanana moal
dipangkas, kebonna moal dikored, sina pinuh
ku cucuk jeung jukut hama. Malah mega ge
ku kami rek dicegah ulah sina ngahujanan."
7 Eta kebon anggur teh Israil, kagungan
PANGERAN Nu Maha Kawasa. Ari tangkal
anggurna nya eta Yuda. Kahoyong-Na
maranehna teh sing balageur, sing balener
kalakuan. Tapi kalah ka sakarep-karep, nepi
ka korbanna tingjarerit.
8 Cilaka maraneh! Haben mareulian imah
jeung tanah sakitu geus boga loba. Moal lila
deui ge rahayat mah geus moal aya anu boga
tempat, tinggal maraneh caricing sorangan di
ieu tanah.
9 Kaula geus ngadenge PANGERAN Nu Maha
Kawasa ngadawuh kieu, "Eta imah anu galede
teh bakal karosong.
10 Pelak anggur di kebon anu legana sapuluh
hektar, hasilna ngan jadi lima liter cai anggur.

Tina saratus liter bibit, hasilna ngan sapuluh
liter gandum."
11 Cilaka maraneh! Isuk-isuk ari hudang
ari gep kana inuman. Peutingna kitu keneh,
ngarinum nepi ka peuting datang ka marabok.
12 Ari sukan-sukan tara tinggal ti tatabeuhan,
kacapi, genjring, jeung suling, tapi kana
padamelan PANGERAN mah teu awas.
13 Ku sabab kitu maraneh bakal arindit
digiring jaradi tawanan. Kapala-kapala
maraneh bakal sakarat kalaparan, rahayat
biasa bakal paraeh lantaran halabhab.
14 Enggon nu paraeh sungutna geus calawak
rek nyantok maranehna. Menak-menak
Yerusalem ku eta dileglegan, dibarung ku
tingkoceakna jalma biasa.
15 Unggal jalma bakal nandang kahinaan,
sakur anu aradigung bakal ngahareluk.
16 PANGERAN Nu Maha Kawasa bakal
midamel kumaha pisaeeunana, ciri yen
Mantenna agung. Bakal ngahukum ka
umat-Na ciri yen Mantenna suci.
17 Urut kota-kota dipake nyaratuan ku anak
domba jeung anak embe.
18 Cilaka maraneh! Pamohalan leupas tina
dosa-dosa sorangan.
19 Ceuk maraneh, "PANGERAN teu geura
prak ngabuktikeun pangersa-Na ambeh
karasa ku urang. Allah Israil nu suci teh geura
prak atuh ngalaksanakeun papastiana-Na,
hayang nyaho kumaha pangersa-Na teh!"

20 Cilaka maraneh! Goreng disebut hade,
hade disebut goreng. Caang ceuk maraneh
poek, poek ceuk maraneh caang. Puguh pait
pajar amis, puguh amis pajar pait.
21 Cilaka maraneh, nganggap diri bijaksana
jeung kacida pinterna!
22 Cilaka maraneh eh pahlawan-pahlawan
botol anggur! Ari keur ngucek-ngucek inuman
mani asa aing panggagahna, pangjagona.
23 Padahal ku barang panyogok ge taluk,
nepi ka luas ngabebaskeun jalma jahat, tega
ka nu tanpa dosa.
24 Ku sabab kitu, lir jarami jeung jukut garing
tingpurintil dihakan ku seuneu, akar maraneh
bakal buruk, kembangna gararing tuluy beak
katiup ku angin, lantaran arembung narima
pangajaran ti PANGERAN nu Maha Kawasa, ti
Allah Israil nu suci.
25 PANGERAN bendu ka umat-Na,
panangana-Na ngulang rek nyiksa. Gunung-
gunung bakal aringgeung, nu paraeh
bangkena patulayah di jalan-jalan teu
beda ti bubututan. Parandene PANGERAN
bendu-Na moal waka liren, masih keneh
ngulang-ngulang panangan rek nyiksa.
26 PANGERAN maparin tangara, nyaur hiji
bangsa ti nu jauh, disuitan sina datang ti
peuntaseun jagat. Burubul daratang, lajuna
nyemprung.
27 Tur saurang ge euweuh anu capeeun,
euweuh anu ngarampeol. Tara harees, tara

ngalenyap-lenyap acan. Taya nu udar sabuk,
taya nu pegat tali tarumpah.
28 Jamparingna lalancip, gondewana geus
tarapti kari ngawengkang. Talapok kudana
tareuas lir batu seuneu, kikiping kareta-kareta
perangna muihna jeg angin puyuh.
29 Peta prajurit-prajuritna lir singa tas nekuk
mangsa, mangsana dibawa lumpat moal aya
anu bisa ngaleupaskeun.
30 Barang geus waktuna, eta balad teh
ngagalaur ka Israil mani sada gumuruhna
laut. Sakuliah nagri poek jeung pinuh ku
kasumpeg. Caang kaandih ku poek.
6 1 Dina taun pupusna Raja Usia kaula
ningal PANGERAN, keur linggih dina
tahta-Na anu luhur, jubah-Na minuhan Bait
Allah.
2 Sakuriling Mantenna aya mahluk-mahluk
keur narangtung, ngagalebur hurung,
jarangjangan genep-genep, dua nutupan
beungeutna, dua nutupan awakna, dua deui
pikeun hiber.
3 Eta mahluk-mahluk paceluk-celuk pada
batur, pokna, "Suci, suci, suci! Suci
PANGERAN Nu Maha Kawasa! Kamulyaan
Mantenna minuhan jagat!"
4 Sorana ngeundeurkeun dasar Bait Allah,
jeung Bait Allah teh jadi pinuh ku haseup.
5 Ceuk kaula, "Tiwas aing! Sabab tiap ucap
biwir aing teh doraka, jeung hirup teh campur
jeung jalma-jalma anu saucap-ucapna jahat.

Heug ayeuna nenjo Raja, PANGERAN Nu Maha Kawasa. Ku aing katenjo bungkeuleukan!"
6 Mahluk anu saurang turun hiber nyampeurkeun ka kaula mawa ruhak ruhay dina cacapit.
7 Tel ruhakna ku eta diantelkeun kana biwir kaula, sarta ceuk eta mahluk, "Biwir maneh geus diantelan ku ieu. Kadorakaan maneh geus nyingkir, dosa maneh geus dihampura."
8 Kaula ngadenge Pangeran ngandika, "Saha nu ku Kami kudu diutus? Saha nu kudu jadi utusan Urang?" Kaula miunjuk, "Sumuhun abdi! Mangga abdi utus!"
9 Seug kaula ku Mantenna dijurung, ngemban ieu timbalan pikeun jalma-jalma: "Sakumaha seringna ge maraneh ngadenge, moal ngarti-ngarti. Sakumaha seringna narenjo ge tetep moal bisa awas ka nu keur kajadian."
10 Dawuhan Mantenna deui ka kaula, "Eta jalma-jalma uteukna sina marintul, ceulina sina tarorek, panonna sina lalolong. Ulah sina ngalarti, ulah sina ngadarenge, ulah sina narenjo. Bisi tarobat tuluy ngadareuheus ka Kami, heug bae ku Kami disina calageur."
11 Kaula tumaros, "Dugi ka iraha kituna teh, nun Pangeran?" Waler-Na, "Nepi ka kota-kota galempur, karosong, imah-imah euweuh anu ngareusian, tanahna ruksak jeung sepi.
12 Eta jalma-jalma ku Kami rek disingkirkeun ka nu jauh, sakuliah tanahna sina jempling.

13 Upama aya keneh anu ngari, najan ngan
saurang tina sapuluh, eta nu saurang ge
bakal ditumpes lir kiara nu geus dituar kari
tunggulna." (Eta tunggul ngibaratkeun bibit
anyar umat Allah.)
7 1 Waktu Raja Ahas putra Yotam putu Usia
ngarajaan nagara Yuda, pecah perang.
Resin raja nagara Siria jeung Pekah putra
Remalya raja nagara Israil, nempuh ka
Yerusalem. Tapi ieu kota teu kungsi beunang.
2 Barang raja Yuda dicariosan yen balad Siria
geus aya di wilayah Israil kacida sieuneunana,
rahayatna kitu keneh, mani tingdaregdeg
kawas tangkal kaoyag angin.
3 PANGERAN ngadawuh ka Yesaya,
"Tepungan Raja Ahas. Anak maneh Sear
Yasub bawa. Engke bakal papanggih di tengah
jalan anu jolna ka tempat tukang ngaput di
tungtung kokocoran empang girang.
4 Sing gede hate kituh, ulah gedag, ulah
rentag. Raja Resin jeung urang Siria kitu
deui Raja Pekah anu keur amarah teh teu
aya bahayana, ukur sakebul haseup tina dua
regang suluh anu kaduruk.
5 Nagri Siria jeung nagri Israil katut
raja-rajana geus sakait
6 rek nempuh nagri Yuda sarta rahayat Yuda
rek digeretak sina biluk, engkena anakna,
Tabeel, rek dijadikeun raja.
7 Tapi Kami, PANGERAN, nganyatakeun yen
maksud maranehna moal hasil.

8 Naon sababna? Sabab kakuatan nagri Siria
teu beda ti Damsik, ibu kotana. Ari kakuatan
Damsik sarua jeung Raja Resin. Nya kitu deui
nagri Israil, salila genep puluh lima taun moal
mangrupa deui hiji bangsa lantaran kacida
pabalencarna.
9 Kakuatan nagri Israil henteu leuwih ti
Samaria ibu kotana; ari Samaria teu leuwih
kuat ti Raja Pekah. Mun maneh teu percaya
enya-enya, moal bisa tagen."
10 PANGERAN ngintun deui timbalan ka Ahas,
11 "Geura menta hiji tanda ka PANGERAN,
Allah maneh, naha hayang tanda nu ti jero ti
enggon anu paraeh, atawa ti luhur ti langit?"
12 Waler Ahas, "Kaula moal menta tanda.
Kaula moal ngadoja ka PANGERAN."
13 Ari saur Yesaya, "Upami kitu dangukeun,
nun terah Daud! Ngadoja kasabaran jalma
matak awon ka salira. Komo bari ngadoja
kasabaran Allah!
14 Ku margi kitu, Pangeran ku manten bade
maparin tanda. Kieu: Hiji lanjang bakal
bobot, seug ngowokeun putra pameget,
dijenenganan Immanuel.
15 Sanggeus Anjeunna sawawa pikeun
nyieun putusan ku anjeun, rahayat bakal
ngarinum susu dalahar madu.
16 Malah samemeh eta buktos ge, dua nagri
anu raja-rajana keur ngarentagkeun manah
anjeun teh parantos karosong manten.

17 Anjeun sareng rahayat kitu deui putra-
putu karajaan, ku PANGERAN bakal diterapan
ku hiji kasukeran, langkung hebat ti batan anu
kantos kajadian kapungkur-pungkur ti semet
pecahna karajaan Israil sareng karajaan
Yuda. Mantenna bade ngadatangkeun raja
Asur.
18 Dina waktosna engke PANGERAN bakal
niup surilit, tangara ka urang Mesir di
seke-seke Walungan Nil nu pangtebihna,
sina narapuk ka dieu sapertos laleur, sareng
tangara ka urang Asur di tanahna, sina ka
darieu lir nyiruan pindah.
19 Bakal narakleuk di lebak-lebak anu
taringgul sareng di guha-guha cadas.
Dungus-dungus parinuh, sampalan-sampalan
kaeusian.
20 Dina waktosna Pangeran bade muruhan
hiji tukang cukur ti peuntaseun Walungan
Eprat, nya eta raja Asur. Rumbah sareng
rambut anjeun ku eta bakal dikurud, dicukur
lenang, bulu salira ge dikerik.
21 Dina mangsa eta, upami aya jurutani anu
gaduh keneh sapi sanaos mung hiji, atanapi
embe sanaos mung dua siki,
22 cisusuna bakal juuh, cekap pisan pikeun
kaperluanana. Leres, jalmi-jalmi anu mung
kantun saeutik di ieu tanah teh moal kirang
susu sareng madu.
23 Dina mangsa eta, unggal kebon anggur
anu ayeuna panglendona, anu ayeuna

eusina masing-masing sarebu tangkal sarta satangkalna dugi ka pajeng sarebu uang perak, bakal katutup ku rungkun cucuk sareng jukut cucuk.
24 Jalmi-jalmi bakal tingalasruk ka dinya marawa gondewa sareng jamparing, ngaradon moro. Yaktos, nagara teh sakuliahna bakal pinuh ku rungkun cucuk sareng jukut cucuk.
25 Pasir-pasir anu ayeuna diparelakan, bakal rarembet ku cucuk, moal aya jalmi anu tiasa ngalanto ka dinya. Anu ka darinya mung sapi sareng domba, ngadon nyaratuan."
8 1 PANGERAN ngandika ka kaula, "Cokot sabak gede, tulisan sing baradag: Gancang Ngajarahna, Rikat Rarampasna.
2 Kudu disaksian ku dua jelema anu beunang dipercaya, nya eta ku Imam Uria jeung Imam Jakaria bin Yeberekya."
3 Heuleut rada lila ti harita, bojo kaula ngandung. Sanggeus ngajuru orokna lalaki. Dawuhan PANGERAN, "Budak teh ngaranan Gancang-Ngajarahna-Rikat-Rarampasna.
4 Sabab samemeh eta budak bisa nyebut Ema jeung Bapa, kamuktian Damsik jeung barang jarahanana anu ti Samaria geus beak manten diakut ku raja Asur."
5 PANGERAN ngadawuh deui ka kaula.
6 Dawuhana-Na, "Ku sabab ieu bangsa geus nampik cai ti anak Walungan Siloah jeung geumpeur ku Raja Resin jeung ku Raja Pekah,

7 Kami, Pangeran, rek ngadatangkeun raja
Asur jeung baladna narajang ka Yuda. Majuna
bakal kacida gancangna kawas nyeotna
Walungan Eprat ari keur caah nepi ka limpas.
8 Yuda sakuliahna bakal kacaahan ku
baladna, kakeueum kabeh, jerona nepi ka
semet taktak." Allah nyarengan ka urang!
Jangjang Mantenna meber nangtayungan ka
tanah urang!
9 Eh bangsa-bangsa, pek geura ngahariji bari
pinuh ku kasieun! Eh maraneh nu jarauh, anu
di tungtung jagat, darengekeun! Pek geura
tatan-tatan perang, tapi bari sieun! Pek geura
tarapti, tapi bari risi!
10 Pek geura susun maksud, da moal
laksana. Pek geura ngaromong sakarepna da
moal aya hasilna, lantaran kami disarengan
ku Allah.
11 PANGERAN mepelingan ka kaula keras
pisan, supaya kaula ulah milu make jalan anu
keur diparake ku jalma rea. Dawuhana-Na,
12 "Ulah milu campur kana sagala maksud
maranehna, jeung ulah sieun ku anu
dipikasieun ku maranehna.
13 Masing inget, Kami teh PANGERAN Nu
Maha Kawasa, nu suci. Ieu Kami anu kudu
dipikasieun mah.
14 Ku sabab kasucian Kami hebat, Kami teh
lir batu matak titajong jalma-jalma. Kami
lir pitapak nu bakal nangkep jalma-jalma

ti karajaan Yuda jeung Israil, jeung ti Yerusalem.
15 Loba anu bakal titajong ka Kami, bakal tingkudupung tuluy diluluh. Maranehna bakal beunang ku pitapak."
16 Eh murid-murid, cangreud ieu pangajaran anu ku Allah dipaparinkeun ka kaula, piara.
17 Kaula tetep percaya sarta muntangkeun harepan ka PANGERAN anu geus nyumput ti umat-Na.
18 Ieu kaula jeung barudak paparin PANGERAN anu calik di Gunung Sion, diutus ku Mantenna jadi timbalan anu ngabungkeuleuk pikeun urang Israil.
19 Tapi jalma-jalma ka maneh anggur nitah menta pituduh ka tukang nujum jeung tukang norah, anu osok kunyam-kunyem gegereyeman. Ceuk maranehna, "Pikeun kapentingan anu harirup memang kudu menta pituduh ka arwah-arwah, kudu menta pituduh ka nu geus paraeh."
20 Jawab ku maneh, "Ulah percaya ka tukang nujum, moal aya paedahna. Turut pangajaran ti PANGERAN."
21 Jalma-jalma bakal tingalapruk saluluar kota, ulatna maresum beuteungna lapar. Bawaning ku lapar jeung ambek, nepi ka nyarekan ka rajana jeung ka Allahna. Alak-ilik ka langit,
22 pencrang-pencrong kana taneuh, tapi nu katembong teh ngan kasusah jeung

kasumpeg, mangsa nu poek pikasieuneun,
sarta ka dinya maranehna bakal digiring.
Taya jalan pikeun maraneh geusan luput ti
eta mangsa, kasumpeg.
9 [1] Tanah kaom Sebulun jeung kaom Naptali
anu ayeuna keur nandang kahinaan, jaga
bakal mulya, mimiti ti Laut Tengah beulah
wetan nepi ka peuntaseun Walungan Yordan,
malah nepi ka Galilea tempat cicing bangsa
asing.
[2] Bangsa nu lumaku di nu poek narenjo
cahaya hibar. Nu caricing di tanah nu hieum
ku kalangkang kasorot ku caang.
[3] Ku Gusti dipaparin kasenangan, nun
Pangeran, dipaparin kabagjaan. Bakal
barungah kawas dina keur usum dibuat,
jaligrah kawas nu keur babagi barang
jarahan.
[4] Pasangan anu nindih pundukna ku Gusti
dipinggeskeun, kitu deui panggitik anu
ngagitik taktakna. Bangsa anu ngagencet,
nu nyangsara umat Gusti, ku Gusti dibasmi,
sapertos kapungkur ngabasmi tentara Midian.
[5] Urut pakean balad anu narajangna, anu
jaleger ku getih, diduruk.
[6] Keur pimangpaateun urang geus medal
hiji murangkalih! Hiji putra pameget, anu
bakal mingpin urang. Anjeunna bakal disebut
"Panarosan Ajaib", "Allah Perkosa", "Rama
Langgeng", "Raja Kerta".

7 Kakawasaanana moal aya tungtungna.
Karajaanana bakal aman sapapanjangna.
Marentahna bakal sakumaha Raja Daud.
Kakawasaanana napak dina bener jeung
adil, ti ayeuna nepi ka ahir jaman. Kitu
dipastikeunana ku PANGERAN Nu Maha
Kawasa.
8 Hukuman pikeun karajaan Israil turunan
Yakub, ku Pangeran geus diputus.
9 Sakumna urang Israil jeung sakur anu
caricing di kota Samaria, bakal nyaraho kana
eta putusan Mantenna. Maranehna arangkuh,
takabur. Carek maranehna,
10 "Adegan tina bata geus rubuh, urang ganti
ku adegan tina batu. Balok-balok kai loa geus
parotong ragragan, urang ganti ku nu leuwih
alus, ku kai kiputri kelas hiji."
11 PANGERAN geus metakeun musuh-musuh
maranehna sina narajang.
12 Urang Siria ti beulah wetan, urang Pelisti ti
beulah kulon, geus caralawak arek ngalegleg
Israil. Tapi sanajan geus kitu oge, PANGERAN
moal waka eureun bendu-Na, panangana-Na
masih keneh ngangkang baris ngahukum.
13 Urang Israil teu daraek tobat. Sakitu geus
meunang hukuman PANGERAN teh angger
bae henteu baralik ka Mantenna.
14 Para pamingpin Israil jeung rahayatna
bakal disiksa, diberesan dina sapoe ku
PANGERAN. Bakal diteukteukan, boh nu jadi
huluna, boh nu jadi buntutna.

15 Ari huluna nya eta jalma-jalma karolot
golongan anu kaajen. Ari buntutna nya eta
nabi-nabi anu pangajaranana palsu.
16 Eta pamingpin-pamingpin teh
mawa sasab ka rahayat, kacida matak
ngabingungkeunana.
17 Ku sabab kitu Pangeran moal aya manah
karunya. Nu ngarora moal dipaparin jalan
pilumpateun. Ka randa-randa jeung ka
barudak pahatu ge Mantenna moal rek
mikarunya. Lantaran kabeh geus malurtad,
jarahat, kalakuanana jeung omonganana
goreng kabeh. Tapi sanajan geus sakitu
benduna, PANGERAN masih keneh bendu,
panangana-Na masih keneh ngangkang baris
ngahukum.
18 Kajahatan eta jalma-jalma geus hurung
ngagedur kawas seuneu ngahuru leuweung
cucuk jeung jukut cucuk, kawas leuweung
kahuruan ngabela-bela, haseupna meleketek.
19 Ku bawaning bendu, PANGERAN Nu Maha
Kawasa ngahukumna teh lir seuneu anu
ngahuru sakuliah tanah eta, ngabasmi urang
dinya, nepi ka kabeh geus teu aya anu inget
deui ka batur.
20 Di mana-mana di sakuliah kota, jalma-
jalma mani tingtalubruk kana naon bae
anu kira-kira bisa didahar, tapi laparna teu
kaubaran. Malah nepi ka ngahakan anakna
sorangan!

21 Urang Menase jeung urang Epraim silih
tekuk, ti dinya bareng narajang ka urang
Yuda. Tapi sangkilang kitu ge PANGERAN
terus keneh bae bendu, panangana-Na
ngangkang keneh baris ngahukum.
10 1 Cilaka maraneh! Maraneh nyieun
hukum sakarep-karep, dipake nyiksa
ka umat Kami.
2 Maraneh nyieun aturan anu ngahalang-
halang hak jeung kaadilan pikeun rahayat
anu mariskin. Aturan anu ngawenangkeun
maraneh ngarampas pangaboga randa-randa
jeung kaom pahatu.
3 Rek kumaha engke maraneh upama
geus dihukum ku Allah? Rek kumaha
engke maraneh upama Mantenna geus
ngadatangkeun bahla ti nagara jauh? Rek
kabur menta tulung ka mana? Harta banda
maraneh teh rek ka mana disumputkeunana?
4 Maraneh tangtu tiwas ku perang, atawa
digiring jadi tawanan. Tapi sangkilang geus
kitu ge PANGERAN teh moal waka enggeusan,
panangana-Na masih keneh ngangkang baris
ngahukum.
5 PANGERAN ngadawuh, "Asur ku Kami
rek dipake jadi panggitik. Sina ngagempur
bangsa anu geus nyieun pibendueun Kami.
6 Kami geus ngirimkeun Asur sina
narajang eta bangsa anu murtad anu geus
ngahudangkeun amarah Kami. Urang Asur
ku Kami geus dikirimkeun sina ngajarah

jeung malingan harta maranehna, jeung sina
ngaleyek maranehna kawas leutak di jalan."
7 Tapi raja Asur pribadi boga maksud
sasangkleng. Lain saeutik bangsa anu rek
diperanganana.
8 Eta raja geus ujub, carekna, "Panglima
aing kabeh raja.
9 Aing geus ngarebut Kalno jeung Karkemis,
Hamat jeung Arpad. Samaria jeung Damsik
geus taraluk.
10 Leungeun aing dipake ngagempur
karajaan-karajaan anu nyarembah ka
brahala-brahala sakitu lobana, leuwih loba ti
batan nu aya di Yerusalem jeung Samaria.
11 Samaria jeung brahala-brahalana ku aing
geus dibasmi. Yerusalem katut brahala-
brahala sesembahanana nu aya di dinya ku
kami tangtu ditumpes."
12 Tapi Pangeran ngandika, "Lamun Kami
geus anggeus di Gunung Sion jeung di
Yerusalem, Kami rek ngahukum raja Asur nu
adigung jeung suaban."
13 Raja Asur mani sombong, carekna, "Kabeh
geus beunang ku aing, ku sorangan. Aing
jago, loba akal, pinter. Wawatesan nagri-nagri
ku aing geus dibedah, harta bandana geus
dijarah, jalma-jalmana diidek. Aing asa jadi
banteng.
14 Bangsa-bangsa sajagat teu beda ti sayang
manuk. Harta bandana ku aing gampang
pisan dicokotanana, asa nyokotan endog tina

sayangna, euweuh jangjang anu wanieun
ngabintih, euweuh papacok nu muka atawa
cacat-cicit."
15 Tapi dawuhan PANGERAN, "Ari kampak
bisaeun ngaku leuwih gede ti batan anu
makena? Ragaji naha leuwih penting ti batan
nu ngaragaji? Lain jelema anu diulangkeun
ku panggitik, tapi panggitik, anu diulangkeun
ku jelema."
16 PANGERAN Nu Maha Kawasa bakal
ngadatangkeun kasakit pikeun ngahukum
jelema-jelema anu ayeuna sareubeuh nyatu.
Di jero beuteungna sina asa aya seuneu, sina
panas kawas anu direrab.
17 Allah cahaya Israil lir seuneu, bakal
ngalebur sagala rupa datang ka beak dina
sapoe, moal ngarikeun cucuk jeung jukut
cucuk.
18 Leuweung-leuweung kekep jeung
pakebonan-pakebonan bakal tumpur sama
sakali, teu beda ti jelema anu katerap ku
kasakit anu kacida jahatna.
19 Tatangkalan anu disesakeun ngan saeutik
pisan, ku budak ge bisa kaitung.
20 Bakal datang waktuna, urang Israil anu
ayeuna nyesa teh moal muntang deui ka
bangsa anu rek meakkeunana, sabab bakal
ngeumbing ka PANGERAN, Allah Israil nu
suci.
21 Tapi anu bakal marulang deui ka Allahna
nu maha kawasa teh ngan saeutik.

22 Najan ayeuna lobana lir keusik laut ge
nu bakal bisa mulang mah ngan saeutik.
Sabab aya hiji bahla anu bakal ngaruksak ka
maranehna, geus pasti.
23 Sakuliah nagri tangtu dibasmi ku Nu Maha
Agung, PANGERAN Nu Maha Kawasa, sabab
Mantenna anu ngadawuh kitu.
24 Nu Maha Agung, PANGERAN Nu Maha
Kawasa, nimbalan ka umat-Na anu araya di
Sion, "Maraneh teu kudu sieun ku urang Asur,
sanajan eta teh geus nganiaya ka maraneh
cara urang Mesir baheula.
25 Moal lila deui, sanggeus hukuman
maraneh ku Kami dienggeuskeun, urang Asur
pasti ku Kami dibasmi.
26 Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, bakal
nyabetan maranehna ku pecut, cara ngahajar
urang Midian di Cadas Oreb. Urang Asur ku
Kami tangtu digempur, cara Kami bareto
ngagempur urang Mesir.
27 Maraneh ku Kami rek dibebaskeun tina
kakawasaan Asur, leupas tina pasangan anu
nindih punduk maraneh."
28 Balad musuh geus aya di Ayat, jalanna
ngaliwat ka Migron. Perlengkepanana ditunda
di Mikmas.
29 Ari marondokna di Geba sanggeus liwat
gupitan. Urang Ramah guyur, urang Gibea
dayeuh Raja Saul kalabur.

30 Eh urang Galim, geura tingjarerit! Eh
urang Laisa, geura dengekeun! Eh urang
Anatot, geura tembalan!
31 Urang Madmena ngabalecir, urang Gebim
ngalacir!
32 Poe ieu musuh geus aya di Nob, geus
ngacung-ngacung peureup ka Gunung Sion,
ka kota Yerusalem.
33 Maranehna bakal tinggalubrag kawas
dahan ditutuhan, ditutuhan ku PANGERAN
Nu Maha Kawasa. Jalma anu pangagungna,
anu pangkatna pangluhurna, bakal ditutuh
digubragkeun.
34 Kabeh bakal dituaran ku PANGERAN,
kawas tatangkalan di tengah leuweung
ditampolan ku kampak, dirubuh-rubuhkeun,
kawas tatangkalan di Libanon, sanajan nu
pangalusna ge pasti rarubuh!
11 1 Baris turunan Raja Daud lir tangkal
nu geus dituar. Tapi sakumaha tina
tunggul sok bijil sirung anyar, nya kitu keneh
ti antara turunan Daud bakal muncul raja
anyar.
2 Anjeunna ku Roh PANGERAN bakal
dipaparin hikmah, elmu jeung kapinteran
pikeun ngatur rahayatna. Ka PANGERAN bakal
ngabdi, ngamulyakeun,
3 tumutna reujeung sukana. Mutus
perkara moal satingal-tingalna, moal
sadangu-danguna.

4 Adil asih ka nu miskin, bumela ka nu
sangsara. Timbalanana kawasa nerapkeun
hukum, jalma jahat tanwande dihukum pati.
5 Ngatur rahayatna bakal jujur sahinasna.
6 Ajag jeung domba hirup rukun
babarengan, maung jeung anak embe darepa
reureujeungan. Anak sapi nyatuan bareng
jeung anak singa, diangon ku barudak.
7 Sapi jeung biruang bareng nyaratuanana,
anak-anakna reureujeungan darepana. Singa
jeung sapi sarua ngakan jukut.
8 Budak anu nyusu keneh ge moal nanaon
ulin deukeut oray welang.
9 Di Sion, gunung PANGERAN nu suci sepi
anu niat jail, moal aya anu niat jahat.
Sakuliah tanah bakal pinuh ku kanyaho ka
PANGERAN, lir laut pinuh ku cai.
10 Mangsa harita, eta raja anyar turunan
Daud ku bangsa-bangsa bakal dijieun
lambangna. Di kota karajaanana bangsa-
bangsa karumpul jeung ngamulyakeun.
11 Dina mangsa eta Pangeran bakal
ngagunakeun deui pangawasa, mulangkeun
sesa umat-Na ti Asur jeung Mesir, ti Patros, ti
Sudan, ti Elam, ti Babul, ti Hamat, kitu deui ti
nagri-nagri jeung ti pulo-pulo anu jarauh.
12 Pangeran bakal ngelebetkeun bandera,
tanda yen Mantenna keur ngempelkeun deui
urang Israil jeung urang Yuda anu pabalencar,
baris dipulangkeun ti opat pojok jagat.

13 Karajaan Israil moal dengki deui ka
karajaan Yuda, Yuda oge moal ngamusuh
deui ka Israil.
14 Maranehna bakal bareng ngarurug
ka beulah kulon ka urang Pelisti, bareng
narajang ka beulah wetan. Urang Edom jeung
urang Moab bakal pasrah, urang Amon ge
bakal taluk.
15 Teluk Sues ku PANGERAN disina garing,
Walungan Eprat disina saat disedot ku angin
panas, tinggal tujuh kokocoran anu ngerelek
leutik, bisa diraas.
16 Ti Asur bakal aya jalan ngabulungbung,
sorangeun umat Mantenna Israil, anu
marulang sakumaha baheula waktu
karuhunna budal ti Mesir.
12 1 Pidatangeun mangsa jalma-
jalma maruji sukur. Pujina: "Abdi
nyembahkeun puji, nun PANGERAN! Tadina
abdi dibenduan, ayeuna dililipur. Gusti henteu
ngabenduan deui.
2 Allah teh jurusalamet abdi. Abdi moal
gaduh kasieun, margi percaya ka Allah.
PANGERAN nu maparin daya sareng tanaga,
anu jadi jurusalamet.
3 Lir nu halabhab atoh mendak cai seger,
nya kitu umat Allah barungah waktu
disalametkeun ku Allah."
4 Pidatangeun mangsa jalma-jalma maruji
sukur. Pujina: "Puji sukur ka PANGERAN!
Lamun perlu ku pitulung, sambat Mantenna!

Caritakeun ka bangsa-bangsa, sagala
damel-Na! Caritakeun, kumaha agungna
Mantenna!
5 Puji ka PANGERAN, reh Mantenna geus
midamel hal-hal anu ajaib, sakuliah jagat
kudu nyaraho.
6 Geura sarurak, geura maruji, eh anu
marangkuk di Sion! Allah Israil teh suci,
agung, calik nyarengan umat-Na."
13 1 Ieu pangandika Allah ka Yesaya putra
Amos perkara nagara Babul.
2 Kelebetkeun bandera perang di pasir
bulistir. Haokan para prajurit, acungkeun
leungeun, tangara maju tarung ngadobrak
lawang-lawang eta nagri nu kamagungan.
3 PANGERAN geus ngumpulkeun sakumna
prajurit Mantenna nu warani jeung satia, seja
ngadegkeun perang suci, ngahukum bangsa
anu ngentabkeun manah-Na.
4 Dengekeun, gunung-gunung tinggulugur,
nya seahna jalma loba, sora bangsa-
bangsa jeung karajaan-karajaan anu geus
sabilulungan. PANGERAN pupucuk perang
geus tarapti nginditkeun pasukana-Na.
5 Eta bangsa-bangsa daratang ti nagri-nagri
anu jarauh, ti unggal tungtung jagat.
PANGERAN anu keur ngentab manah geus
saged ngalebur eta nagri sakuliahna.
6 Geura tinggarerung nahan kanyeri!
Wancining GUSTI geus nepi, Nu Maha Kawasa
bakal gancang ngaragragkeun karuksakan.

7 Jalma-jalma bakal laleungit kawani,
leungeunna ngaraplek.
8 Kabeh bakal gimir jeung diraksuk ku
kanyeri, kawas kanyeri awewe anu rek
ngajuru. Hatena pinuh ku kasieun, semet
bisa silih pelong pada batur, ulatna karerab
ku rasa wirang.
9 Wancining GUSTI meh nepi, hiji wanci
anu bengis, wanci Mantenna ngencarkeun
kasewot jeung bebendu nu ngentab-ngentab.
Bumi ku Mantenna bakal disuwungkeun,
sakur nu doraka bakal dibasmi.
10 Bentang-bentang jeung sakur nu
caang-caang di langit cahayana bakal lus-les,
panonpoe bakal poek wanci meletek, bulan
moal cahayaan.
11 PANGERAN ngadawuh, "Bumi ku Kami rek
diruksak ku bahla, jalma-jalma nu migawe
dosa bakal dihukum. Sakur anu kamagungan
sina nandang kahinaan, sakur anu gumede
jeung taya rasrasan bakal disiksa.
12 Bakal langka jelema nu nyesa, leuwih
langka ti batan emas.
13 Upama Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa
enggeus nembongkeun amarah, langit bakal
ngagibrig, bumi bakal gunjang-ganjing.
14 Anu keur ngaradon numpang di
Babul bakal kalabur, baralik ka nagrina
masing-masing, pasalebrungan kawas uncal
keur dibeberik, kawas domba euweuh nu
ngangonna.

15 Nu kasusul tangtu pegat nyawana ku
pedang.
16 Jaba ti geus teu walakaya teh kudu
nenjo barudakna dicacag, imahna dirayah,
awewe-awewena digadabah."
17 PANGERAN ngadawuh, "Kami rek
nginditkeun urang Media sina ngarurug ka
Babul. Maranehna moal kabita ku perak, moal
kagoda ku emas.
18 Jamparing jeung gondewana nyabutan
nyawa jalma-jalma anu ngarora. Moal
karunya ka orok, moal karunya ka budak.
19 Babul karajaan pangendahna. Tapi ku
Kami, PANGERAN, rek diancurkeun cara
Sadumu jeung Gomora!
20 Hamo dicicingan deui. Urang Arab moal
aya deui anu masang kemahna di dinya.
Tukang ngangon moal aya anu ngaradon ka
dinya.
21 Rek dijieun enggon sato gurun, enggon
bueuk nyararayang. Ruruntukna sina dipake
enggon ajret-ajretan embe leuweung jeung
manuk onta.
22 Urut munara-munarana jeung puri-purina,
bakal dipake enggon babaung ku ajag jeung
anjing leuweung. Babul tereh euweuh!
Umurna moal lila deui!"
14 1 PANGERAN bakal hawatoseun deui ka
Israil umat-Na. Israil bakal diangken
deui jadi kagungana-Na. Bakal diwidian

nyaricingan deui tanahna, bareng jeung
bangsa asing anu marilu hirup di dinya.
2 Loba bangsa anu bakal ngabantu urang
Israil mulang ka tanahna, tanah paparin
PANGERAN. Di nagrina sorangan urang Israil
bakal dikaulaan ku bangsa-bangsa sejen.
Anu bareto nangkep Israil bakal ditangkep ku
Israil, anu bareto ka Israil nyangsara bakal
diparentah ku Israil.
3 Kasangsaraan urang Israil ku PANGERAN
bakal dienggeuskeun, kanyerina bakal
dileungitkeun, dijait tina kerja paksana.
4 Sanggeus kitu maranehna bakal nyieun
popoyokan pikeun Babul, kieu: "Kutan raja
lalim teh geus tiguling! Atuh moal bisaeun
nyiksa deui!
5 (14:5-6) Eta pangawasa-pangawasa nu
jarahat, anu marentahna bari amarah, anu
tara eureun-eureun nyiksa bangsa-bangsa
patalukanana, kakawasaanana geus ditilas ku
PANGERAN.
6 (14:5)
7 Ayeuna jagat geus tengtrem, geus aman,
jalma-jalma saruka bungah.
8 Kayu kijamuju jeung kiputri di Libanon
jaligrah da eta raja geus tiguling, maranehna
moal aya nu nuaran deui, da tukang
nuaranana geus euweuh!
9 Dunya anu maraot geus gugupay,
ngagupayan raja Babul. Arwah jalma-jalma
anu keur hirupna karawasa teh bakal digiring

ka dinya. Arwah raja-raja tingjuringkang tina tahta-tahtana,
10 nyaralukan ka raja Babul, Nah, maneh ge geus apes, teu beda ti kami, bakal ngabaturan kami.
11 Bareto geus biasa dikawihan, dipangnabeuhkeun kacapi, biasa ngamulyakeun maneh, ayeuna kudu ngagoler di dunya anu maraot, disimbut ku cacing-cacing, dikasur bilatung-bilatung."
12 Eh raja Babul, bentang pajar nu moncorong! Maneh enggeus ngagebut ragrag ti langit! Bareto sok nalukkeun bangsa-bangsa, ayeuna geus digejretkeun kana taneuh.
13 Bareto maneh geus ujub arek mancal langit, rek nagenkeun tahta saluhureun bentang anu pangluhurna. Geus boga pikir rek anegleng jadi raja di puncak gunung di kaler, tempat kumpul dewa-dewa.
14 Majar teh rek naek ka puncak mega, rek nyaruaan ka Nu Maha Kawasa.
15 Tapi geuning bet digebruskeun ka handap nu pangjerona, ka dunyana nu maraot!
16 Nu geus maraot ka maneh malencrong jeung nareuteup semu heran. Tuluy ngaromong, "Kutan eta jelema anu ngoyagkeun jagat ngendagkeun karajaan-karajaan teh?
17 Baruk eta anu ngaburak-barik nagri-nagri jeung malikkeun jagat jadi gurun keusik teh?

Kutan eta jelemana anu tara ngaleupaskeun
sakitanana sangkan mulang teh?"
18 Urut raja-raja sejen kabeh baroga kuburan
jeung aralus,
19 ari maneh mah teu boga. Bangke maneh
bakal dialungkeun tuluy buruk, kaurugan
ku bangke-bangke serdadu anu tariwas di
pangperangan, tuluy bareng digurubagkeun
kana liang cadas, kaleyek-leyek kawas
bangke.
20 Mayit maneh moal aya nu nguburkeun
cara raja-raja sejen, da nagri maneh geus
ruksak ku maneh sorangan, rahayat maneh
paraeh ku maneh keneh. Kulawarga maneh
anu jarahat tea saurang ge moal aya anu
salamet.
21 Geura prak peuncitan! Anak ieu raja
bakal maraot nanggung dosa karuhunna,
saurang ge moal aya anu kawasa di ieu jagat,
moal aya anu minuhan jagat ku nyieunan
kota-kota.
22 PANGERAN Nu Maha Kawasa ngadawuh,
"Babul ku Kami rek ditarajang diburak-barik.
Moal disesakeun, saurang ge moal aya
anu dihirupan, kaasup barudakna. Kami,
PANGERAN, anu nimbalan kitu.
23 Babul rek dijieun ranca, jadi enggon
bueuk. Babul ku Kami rek disapu, sagala
rupana tangtu beak disapukeun. Kami,
PANGERAN Nu Maha Kawasa anu nimbalan."

24 PANGERAN Nu Maha Kawasa geus ikrar,
"Naon bae sakersa Kami bakal ngajadi.
Putusan Kami kabeh tangtu bukti.
25 Kami rek ngabasmi urang Asur di tanah
Israil kagungan Kami, sarta ngaleyek
maranehna di gunung-gunung Kami. Kami
rek mecat pasangan ti umat Kami anu
diterapkeun ku maranehna, jeung nurunkeun
momotanana.
26 Kitu pangersa Kami anu bakal tumiba ka
alam dunya. Leungeun Kami geus ngangkang
rek ngahukum bangsa-bangsa."
27 PANGERAN Nu Maha Kawasa geus
mastikeun kitu. Panangana-Na geus
sadia baris ngahukum, moal aya nu bisa
ngahalang-halang.
28 Ieu pangandika anu diembarkeunana dina
taun pupusna Raja Ahas.
29 Eh urang Pelisti, panggitik anu dipake
ngagitik ka maneh geus bubuk. Tapi maneh
taya alesan pikeun bungah. Oray nu hiji geus
paeh, tapi aya gantina nu leuwih bahaya. Aya
hiji endog oray, ana megar jadi naga hiber.
30 PANGERAN bakal ngarawat umat-Na anu
sangsara, ngaraksa sangkan maranehna
salamet. Sabalikna maraneh, eh urang
Pelisti, bakal ditarajang ku bahaya kalaparan!
Maraneh saurang ge moal aya nu hirup.
31 Eh kota-kota nagri Pelisti, geura sasambat
tulung-tulungan! Kabeh geura tingdaregdeg
kasieunan! Aya nu ngebul meledug ti beulah

kaler: Hiji balad bakal narajang ka maneh,
jalma-jalmana saurang ge taya nu kecing.
32 Kudu kumaha jawaban urang ka utusan-
utusan nu daratang ka urang ti Pelisti? Rek
ditembal, yen PANGERAN geus nguatkeun
Sion, sarta umat Mantenna anu sangsara
bakal aman di dinya.
15 1 Ieu pangandika perkara nagri Moab.
Kota Ar jeung Kir bakal dibasmi,
beak dina sapeuting. Sakuliah Moab bakal
jempling.
2 Urang Dibon naranjak ka luhur pasir,
ngadon careurik di tempat mujana. Urang
Moab tingbangingik nyeungceurikan kota
Nebo jeung Medeba. Sirahna digarundulan,
janggotna dikarurud, tanda sungkawa.
3 Nu di jaralan kabeh dibaraju karung, nu
di sabudeureun alun-alun aluk-alukan di
loteng-loteng.
4 Urang Hesbon jeung Elale tingjarerit,
kadenge ka daerah Yahas. Serdadu-serdaduna
ge ngadadaregdeg leungit kawani.
5 Kaula ngajerit dina hate, mangwatirkeun
ka Moab. Pangeusina kalabur nepi ka nagri
Soar jeung Eglat Salisia. Sawareh naranjak ka
jalan anu ka Luhit bari careurik, sawareh deui
ngabalecir ka Horonaim bari rawah-riwih.
6 Susukan Nimrim caina saat ngoletrak,
jujukutan di sisina parerang, geus teu aya
tutuwuhan anu hirup.

7 Aya anu mareuntasan Lebak Waru hayang
salamet, bari ridu ku babawaan.
8 Di saban wates Moab di mana-mana pinuh
ku sora aluk-alukan, kadenge nepi ka Eglaim
jeung Ber Elim.
9 Walungan di kota Dibon caina jadi beureum
ku getih. Najan kitu Allah masih keneh bakal
ngeunakeun bahla anu leuwih parna ka urang
dinya. Bener, pikeun sakur anu tinggal keneh
di Moab bakal aya pangjagalan pinuh ku
getih.
16 1 Ti kota Sela di gurun keusik, urang
Moab ngirim hiji anak domba ka anu
nyangking kawasa di Yerusalem.
2 Maranehna ngadarago di sisi Walungan
Arnon, bulak-balik leuleumpangan teu puguh
kawas manuk digebah tina sayangna.
3 Lumah-lameh ka urang Yuda, pokna,
"Bejaan kuring sarerea kudu kumaha?
Tangtayungan kuring sarerea, saperti
tangkal mere iuh, sangkan kuring sarerea
bisa ngareureuh handapeun iuh-iuh
aranjeun. Kuring sarerea ngungsi ka dieu,
pangnyumputkeun sing ulah aya anu
manggihkeun.
4 Neda idin numpang di tanah aranjeun,
sumputkeun ti nu bade numpes." (Nu
neungteuinganan jeung nu ngaruksak, engke
bakal euweuh. Anu ngancurkeun nagri teh
engke bakal sirna.

5 Sanggeus kitu, hiji turunan Daud bakal
jadi raja, sarta bakal marentah kalawan satia
jeung kacintaan ka rahayat. Hal-hal anu
bener bakal gancang dilampahkeun, sarta
ngajaga sangkan kaadilan jalan.)
6 Tembal urang Yuda, "Urang geus
ngadenge kumaha sombongna urang Moab.
Urang nyaho, maranehna arangkuh jeung
kamagungan, tapi eta kaadigunganana teh
euweuh eusina."
7 Urang Moab bakal ngaharegung teu
kuat ku kasusahna jeung sangsara. Bakal
careurik, jeung micangcam kahakananana
anu ngareunah di Kir Heres. Maranehna bakal
diusir sina sarusah.
8 Kebon-kebon deukeut Hesbon, kebon-
kebon anggur di Sibna, anu anggurna
diarinum ku para kawasa nagri nepi ka
mabok, bakal ruksak. Tangkal-tangkal
anggurna kungsi jauh ngarambatna nepi ka
nagri Yaser, kebat ka wetan nepi ka gurun
keusik anjog ka kulon ka peuntaseun Laut
Mati.
9 Kaula milu nyeungceurikan urang Yaser
ku hal eta anggur Sibna. Cipanon nyurucud
ningal kaayaan Hesbon jeung Elale,
ngaraskeun ka urang dinya anu moal nyorang
deui suka bungahna panen, lantaran panenna
moal aya deui.
10 Sanajan tanahna lendo ge, ayeuna mah
di dinya moal aya anu ngarasa bungah. Di

kebon-kebon anggurna moal aya anu surak atawa tetembangan. Moal aya nu ngaluluh buah anggur nyieun cai anggur.
11 Kaula ngalengis ningal kaayaan Moab,
sarta nalangsa ku kaayaan Kir Heres.
12 Urang Moab nangankeun maneh arindit ka tempat-tempat mujana di gunung-gunung,
rek ngadaroa, tapi moal aya gunana.
13 Kitu pangandika PANGERAN ti samemehna keneh perkara Moab teh.
14 Ayeuna kieu pangandika-Na,
"Kabeungharan Moab anu sakitu poharana teh di jero tilu taun bakal musna. Pangeusina anu sakitu lobana bakal tinggal saeutik, kitu ge lembek."
17 1 Timbalan PANGERAN, "Damsik moal jadi kota deui, engke mah ngan jadi tumpukan ruruntuhan.
2 Kota-kota di Asur bakal suwung sapapanjangna. Bakal jadi tempat domba jeung sapi nyaratuan moal aya anu ngabuburak.
3 Nagara Israil moal boga benteng. Damsik leungit pananggeuhanana. Urang Asur anu nyesa bakal nandang hina, mo beda ti urang Israil. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa."
4 PANGERAN ngandika, "Poena bakal datang, kaagungan Israil bakal sirna, anu asalna beunghar bakal jadi miskin.

5 Mun sawah mah Israil teh bakal kari jarami,
geus dipibuatan, geus suwung cara lahan di
Lebak Repaim sanggeus dipibuatan.
6 Nu bakal harirup keneh teh ngan saeutik.
Urang Israil bakal saperti hiji tangkal jetun
anu geus diunduh buahna dijieun minyak,
kari dua tilu siki di pucukna pisan, atawa
sababaraha siki deui dina dahan anu rada
handap. Kitu timbalan Kami PANGERAN, Allah
Israil."
7 Lamun eta mangsa geus datang, jalma-
jalma bakal baralik menta tulung ka anu
ngadamelna, ka Allah Israil anu suci.
8 Maranehna geus moal nolih deui kana
altar-altar buatanana, moal ngandel deui
kana titironan-titironanana anu dirupakeun
arca Asera, moal nolih deui kana parukuyan
paragi ngukusna.
9 Lamun geus jejeg mangsana, kota-kota
anu dibenteng reugreug teh bakal suwung,
kari ruruntukna cara kota-kota urang Hiwi
jeung urang Emor basa urang dinya kalabur
ku urang Israil.
10 Eh urang Israil, maraneh geus nyaho ka
Allah anu nulungan, anu ngaraksa lir gunung
batu anu weweg. Tapi maraneh kalah ka
nyarieun taman-taman anu husus dipelakan
tangkal-tangkal keur tempat nyembah ka
dewa asing.
11 Tapi, sanajan upama eta pepelakan teh ari
ceb ari jadi jeung karembangan, pamohalan

hasilna kaala. Kalah ka matak susah jeung
nyeri anu moal bisa kaubaran.
12 Bangsa-bangsa nu karuat keur gujrud lir
laut gumuruh ombakna tingjalegur,
13 tuluy maraju lir ombak tingsuruwuk.
Tapi ku Allah diseuseul, seug malundur,
tuluy diubrak-abrik nepi ka paburisat kawas
kekebul, kawas huut katiup ku angin.
14 Basa peutingna eta teh nyieun gujrud,
barang isuk bet geus euweuh deui. Kabeh ge
bakal kitu nasibna anu ngaranjah ka tanah
urang teh.
18 1 Di hiji tanah peuntaseun walungan-
walungan di Sudan, aya sora jangjang
tinghariyeng.
2 Duta-duta ti eta tanah tarurun ka Walungan
Nil tarumpak parahu wawalinian. Eh para
utusan anu rarikat, baralik deui ka ditu!
Bawa ieu beja ka tanah maraneh anu kuat
jeung kawasa, anu awakna jarangkung jeung
kulitna lalemes, anu dipikasieun ku sakuliah
jagat.
3 Eh anu ngarancik di bumi, darengekeun!
Lamun aya bandera ciciren nanjeur di
puncak-puncak gunung, awaskeun! Lamun
aya sada tarompet, dengekeun!
4 PANGERAN ngandika ka kaula, kieu,
"Kami arek nempo rerencepan ti sawarga, lir
ibun peuting wanci panas usum dibuat, lir
srangenge ngagebray wanci moreret.

5 Memeh buah anggur dipupu, lamun
kembangna geus maruragan sarta anggurna
mimiti arasak, Sudan rek digempur reujeung
gampang, teu beda ti ngeureut ranggeuyan
anggur ku peso tina areuyna.
6 Bangke serdadu-serdaduna bakal diantep
patulayah, sina diharakan ku manuk bangke
jeung ku sato galak. Dina usum panas jadi
parab manuk, dina usum tiris jadi parab
sasatoan."
7 Bakal datang jamanna PANGERAN kersa
nampi pangbakti ti ieu tanah anu diliwatan ku
walungan-walungan, ti bangsa anu nya kuat
nya gede kawasana, anu awakna jarangkung
sarta kulitna lalemes, anu dipikasieun ku
saalam dunya. Maranehna bakal daratang ka
Gunung Sion, tempat ngabakti ka Allah Nu
Maha Kawasa.
19 1 Ieu pangandika perkara Mesir.
PANGERAN keur majeng gancang ka
Mesir nitihan mega. Brahala-brahala Mesir
mani ngarompod di payuneuna-Na, urang
Mesir galimir.
2 PANGERAN ngandika, "Urang Mesir ku Kami
rek disina perang pada batur, dulur perang
jeung dulur, tatangga perang jeung tatangga,
kota perang jeung kota, raja tarung jeung
raja, parebut kakawasaan.
3 Sagala tarekah Mesir sina teu matak
nyugemakeun dirina, sumangetna sina
melempem. Bakal marenta tulung ka

brahala-brahalana, naranya ka tukang torah,
marenta pituduh ka arwah-arwah jelema nu
geus paraeh.
4 Urang Mesir rek diserenkeun ka hiji jelema
bengis, sina dikawasaan ku raja lalim. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa."
5 Walungan Nil bakal orot caina, lila-lila
garing pisan.
6 Terusan-terusanana sajeroning ngorotan
jadi bau. Kaso jeung wawalinianana bakal
aralum,
7 palawija turut-turut sisi eta walungan bakal
gararing, tuluy euweuh, kakebut ku angin.
8 Jalma-jalma anu tatali huripna tina
ngala lauk di Walungan Nil bakal rumahuh,
useupna taya nu nyanggut, jaringna teu
beubeunangan.
9 Tukang-tukang nyieun baju linen paregat
harepan.
10 Tukang-tukang ninun jeung patukangan-
patukangan lianna kari nguluwut pikiranana.
11 Para pamingpin kota Soan kabeh barodo!
Juru-juru nasehat anu pangbijaksanana di
Mesir, nasehat-nasehatna barurung kabeh!
Kacida waranina ka raja ngarakukeun maneh
turunan raja-raja baheula, turunan anu
laluhung!
12 Eh raja Mesir! Mana juru nasehat maneh
nu palinter teh? Cik, sugan barisaeun
nerangkeun ka maneh perkara pangersa
PANGERAN Nu Maha Kawasa ka Mesir.

13 Para pamingpin Soan jeung Mempis kabeh
barurung. Kalah ka ongkoh rek mingpin
rahayat, tapi malah nyasabkeun.
14 Sagala pirempugna ku PANGERAN disina
teu uni. Tungtungna sagala peta urang
Mesir jadi serba salah jeung kawas jelema
mabok anu ngajolongjong tisoledat ku utahna
sorangan.
15 Nu beunghar, nu miskin, jalma penting,
jalma biasa, di Mesir geus teu aya
saurang-urang acan anu sanggup mere
pitulung.
16 Bakal datang mangsa urang Mesir jadi
borangan kawas awewe. Bakal ngarompod
barang narenjo PANGERAN ngulang panangan
rek ngahukum ka maranehna.
17 Unggal aringeteun deui kana balahi-balahi
ti PANGERAN Nu Maha Kawasa anu baheula
tumiba, urang Mesir kacida singsieuneunana
ku Yuda teh.
18 Lamun geus datang waktuna, lima kota di
Mesir bakal ngaromong ku basa Ibrani. Urang
dinya lana ngucapkeun ikrar bakal nyarebut
jenengan PANGERAN Nu Maha Kawasa. Salah
sahiji kotana bakal disebut "Kota Surya".
19 Lamun waktuna geus cunduk, di tanah
Mesir bakal aya hiji altar haturan PANGERAN,
jeung di wates tanahna bakal diayakeun hiji
tugu anu dibaktikeun ka Mantenna.
20 Eta pikeun tanda yen PANGERAN Nu
Maha Kawasa aya di Mesir. Mun urang dinya

digencet sarta sasambat menta tulung ka PANGERAN, Mantenna bakal ngutus nu baris ngajait maranehna.
21 PANGERAN bakal ngebrehkeun anjeun ka urang Mesir sarta maranehna bakal percaya jeung ngabarakti ka Mantenna, nyaranggakeun kurban jeung pangbakti, sarta tarurun kaul, tur kaulna dicarumponan.
22 Mesir bakal dihukum ku PANGERAN, tapi ku Mantenna bakal ditambaan sina cageur deui. Maranehna bakal tarobat, panyambatna bakal didangu ku Mantenna, kanyerina bakal dicageurkeun.
23 Dina mangsa eta antara Mesir jeung Asur bakal aya jalan gede. Jalma-jalma ti eta dua nagri bakal parulang-anting, daratang, sarta eta dua bangsa bakal babarengan ngalampahkeun ibadah.
24 Dina mangsa eta urang Israil bakal satata jeung Mesir jeung Asur, sarta ieu tilu bangsa bakal mawa berkah ka saalam dunya.
25 PANGERAN Nu Maha Kawasa bakal ngaberkahan ka maranehna, sarta kieu timbalana-Na, "Maneh Mesir umat Kami, ku Kami diberkahan, kitu deui Asur beunang Kami ngayugakeun, sarta maneh eh Israil, maneh teh umat pilihan Kami."

20 1 Dina hiji taun, Sargon raja Asur nimbalan panglima perangna sina ngarurug ka Asdod, ibu kota nagri Pelisti.

2 Tilu taun samemehna, PANGERAN nimbalan
ka Yesaya putra Amos, yen anjeunna teu
meunang nganggo raksukan jeung teu
meunang ditarumpah. Yesaya tumut,
anjeunna ngider bari sataranjang jeung teu
ditarumpah.
3 Sanggeus Asdod karebut, PANGERAN
ngandika, "Tilu taun Yesaya abdi Kami hirupna
teu make pakean, teu ditarumpah-tarumpah
acan, eta pikeun ngagambarkeun nasib anu
bakal karandapan ku Mesir jeung Sudan.
4 Jalma-jalma di eta dua nagri, kolot jeung
budak bakal jaradi tawanan sarta ditawan
ku raja Asur, sajajalan tararanjang, biritna
barorete jeung teu ditarumpah-tarumpah
acan, matak aeb ka Mesir.
5 Sakur anu tadina ngandelkeun ka Sudan
jeung ngagulkeun Mesir, kabeh saralah
pangira, tungtungna pegat harepan.
6 Pribumi nagri-nagri sapanjang basisir Pelisti
bakal ngaromong kieu, Behna mah bangsa
anu ku urang diandelkeun bisa nangtayungan
tina ancaman raja Asur teh nepi ka beunang
dikitu-kitu! Ari geus kieu, urang rek bisa luput
kumaha tina bahaya?"
21 1 Ieu pangandika perkara Babul. Aya
bahla keur ngancam, datangna ti hiji
nagri anu pikagimireun, ngahiuk ngaliwatan
gurun keusik, nyapu lir angin puyuh.
2 Kaula boga tetenjoan ngeunaan kajadian-
kajadian anu kacida telengesna, hal nu

hianat jeung ngaruksak. Eh balad Edom,
geura narajang! Eh balad Media, geura
kepung kota-kota! Allah bakal namatkeun
kasangsaraan anu dilantarankeun ku Babul.
3 Eta tetenjoan katingalna jeung kadengena
matak gimir, kaula kacida sieunna. Jeung
awak asa rocop kawas awewe rek ngajuru.
4 Sirah asa muter, awak ngadaregdeg
bawaning ku sieun. Ngarep-ngarep geura
peuting, geus peuting malah jadi lelenyapan.
5 Nu katenjo teh dahareun beunang ngatur,
tamu-tamu dariuk dina pramedani dalahar
nginum. Sabot kitu ngadak-ngadak aya
sora anu marentah kieu, "Para perwira, siap
tameng!"
6 Ti dinya PANGERAN nimbalan ka kaula,
"Maneh kudu nempatkeun prajurit jaga, sina
ngalaporkeun tetenjoanana.
7 Lamun geus nenjo anu tarumpak kuda
ngarendeng dua-dua, jeung anu tarumpak
kalde jeung onta, awaskeun terus."
8 Prajurit jaga ngagero, "Kuring geus aya di
pos jaga, taki-taki beurang peuting!"
9 Ujug-ujug, tuh geus daratang! Tarumpak
kuda ngarendeng dua-dua. Prajurit jaga
ngagero, "Babul geus rubuh! Brahala-brahala
sesembahanana balencar mayak dina
taneuh!"
10 Leuh Israil bangsa kaula, aranjeun geus
diluluh, kawas gandum diirik. Ieu kaula mere

warta pikabungaheun, asalna ti PANGERAN
Nu Maha Kawasa, Allah panutan Israil.
11 Ieu pangandika perkara nagri Edom.
Aya anu ngagero ka kaula ti Edom, pokna,
"Prajurit jaga! Lila keneh ieu peuting teh?
Iraha rek enggeusna?"
12 Tembal kaula, "Sakeudeung deui ge
isuk. Tapi engke oge peuting deui. Bisi rek
nanyakeun deui heug bae, engke ka dieu
deui!"
13 Ieu pangandika perkara Arab. Eh kapilah
urang Dedan nu mareuting di tegal tanah
Arab!
14 Bere cai sakur nu datang kahalabhaban.
Eh urang Tema, bere dahareun sakur anu
keur ngungsi.
15 Maranehna keur kalabur nyingkahan
pedang anu geus rek nyabet, nyingkiran
jamparing nu geus dipentang, nyingkahan
sagala bahya perang.
16 Geus kitu PANGERAN nimbalan ka kaula,
"Moal kungsi sataun deui ge kaagungan
kaom-kaom Kedar teh musna.
17 Jalma-jalma pasukan panahna
panggaragahna, tapi engke mah ngan tinggal
saeutik. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu
Maha Kawasa."
22 1 Ieu pangandika perkara Lebak
Tetenjoan. Aya naon pangeusi kota
eak-eakan di unggal loteng?

2 Rame sakuliah kota, ear anu suka-suka.
Dina ieu perang, prajurit-prajurit aranjeun
paehna lain ku sabab kasambut jurit.
3 Pamingpin-pamingpin aranjeun lalumpatan,
memeh bisa mentangkeun gondewa geus
kacarerek.
4 Kaula tinggalkeun, rek nyeungceurikan
dulur sabangsa anu geus tariwas. Kuring
moal beunang diupahan.
5 Waktu ieu di Lebak Tetenjoan keur tagiwur,
baringung jeung baluweng. Nu Maha Agung,
PANGERAN Nu Maha Kawasa, memang geus
ngersakeun kitu ka urang. Kuta-kuta geus
rarebah. Nu marenta tulung tingjarerit,
kadenge ka pasir-pasir.
6 Balad Elam daratang tarumpak kuda,
marawa gondewa jeung jamparing. Prajurit
Kir geus siap tameng.
7 Lebak-lebak tanah Yuda anu lendo, pinuh
ku kareta-kareta perang, serdadu musuh
geus taki-taki dina kudana hareupeun gapura
Yerusalem.
8 Pertahanan Yuda amburadul. Dina mangsa
eta aranjeun ngunjalan pakarang ti gudang
pakarang.
9 (22:9-10) Aranjeun manggihan tempat-
tempat di Yerusalem anu kutana omeaneun.
Aranjeun mariksa ka unggal imah di
Yerusalem, sawareh dirubuh-rubuhkeun,
diarah batuna keur ngomean kuta. Pikeun
sadiaan cai,

10 (22:9)
11 aranjeun nyieun kulah di jero kota, cai
ti sumber nu heubeul dikocorkeun ka dinya.
Tapi aranjeun teu malire ka Pangeran anu
geus lila ngararancang eta sakabeh perkara,
jeung anu ngalantarankeun eta kajadian.
12 Aranjeun geus diingetan ku Nu Maha
Agung, PANGERAN Nu Maha Kawasa,
yen kudu careurik, kudu prihatin, kudu
ngagarundulan sirah, kudu dibaraju karung.
13 Aranjeun malah sareuri, sukan-sukan,
mareuncit domba jeung sapi, dagingna
didalahar, ngarinum anggur. Ceuk aranjeun,
"Urang nyatu nginum sakarep-karep, isukan
mah urang paraeh."
14 Nu Maha Agung, PANGERAN Nu Maha
Kawasa, nimbalan kieu ka kaula, "Dosa
maraneh kitu teh saumur-umur ge moal
dihampura. Kitu timbalan Kami, Nu Maha
Agung, PANGERAN Nu Maha Kawasa."
15 PANGERAN Nu Maha Kawasa, nimbalan
ka kaula, miwarang nepungan Sibna kapala
karaton, dipiwarang ngomong kieu:
16 "Ari anjeun pangrasa teh jadi naon? Hak ti
mana anjeun natah cadas nu di lamping pasir
keur kuburan sorangan?
17 Bisa jadi anjeun jelema penting, tapi
ku PANGERAN bakal diranggeum tuluy
dialungkeun.
18 Bakal dialungkeun cara bola ka hiji
nagri anu leuwih gede. Bakal paeh di ditu,

gigireun kareta-kareta perang anu ku anjeun
sok dipiagul tea. Anjeun teh matak aeb ka
kulawarga dunungan.
19 Ku PANGERAN bakal dipocot tina jabatan,
digejretkeun tina pangkat luhur."
20 Timbalan PANGERAN ka Sibna, "Dina
mangsa eta Kami rek ngutus abdi Kami
Elyakim bin Hiskia.
21 Jubah kapangkatan maneh jeung
beulitanana rek dipakekeun ka manehna.
Kakawasaan anu eukeur dicekel ku maneh
rek dipindahkeun ka manehna. Manehna
bakal dipibapa ku urang Yerusalem jeung
urang Yuda.
22 Rek dibere kawasa anu gembleng
sahandapeun raja turunan Daud. Konci-konci
karaton sina dicangking ku manehna. Nu geus
muka ku manehna moal aya anu nutupkeun.
Nu geus nutup ku manehna moal aya anu
mukakeun.
23 Kalungguhanana bakal kukuh kawas paku
nu geus jero nancebna, tur mawa unggah
darajat kulawargana.
24 Tapi eta teh bakal dibeungbeuratan
ku dulur-dulur jeung baraya-barayana,
diparuntangan cara paku paranti ngait-
ngaitkeun panci jeung sajabana.
25 Lamun hal eta geus kajadian, eta paku
anu nancebna pageuh teh bakal coplok tuluy
murag. Sakur anu ngarait ka dinya marilu
ragrag." Kitu pangandika PANGERAN.

23 1 Ieu pangandika perkara nagara Tirus.
Geura maridangdam, eh tukang-
tukang balayar anu keur di tengah laut! Kota
palabuan maraneh geus bejad. Imah-imah
jeung palabuanana geus burak-barik. Upama
kapal-kapal maraneh geus marulang ti Siprus,
ieu beja tan wande nyata.
2 Eh para sudagar Sidon, geura
maridangdam! Maraneh ngiang-ngiangkeun
jelema
3 mareuntasan laut sina jual beuli gandum
hasil bumi Mesir, sina ngayakeun usaha jeung
sakabeh bangsa.
4 Eh nagri Sidon, maneh geus jadi hina!
Dasar-dasar laut jeung nagri ka maneh geus
henteu ngaku. Pokna, "Kami mah teu boga
anak, teu awewe teu lalaki."
5 Barang nyarahoeun yen Tirus geus
diruksak, urang Mesir ge tingrarenjag
karageteun.
6 Eh urang Penesia, geura maridangdam!
Geura kalabur sabisa-bisa, ka Sepanyol.
7 Na enya eta teh nagri Tirus, nu ngadegna ti
baheula tur pinuh ku nu matak suka? Na enya
eta teh nagri anu sok ngiang-ngiangkeun
rahayatna mareuntasan laut sina ngawangun
babakan-babakan?
8 Saha nu ngersakeun ieu kajadian narajang
ka Tirus, nagri anu diparentah ku raja gede,
anu sudagar-sudagarna jalma-jalma anu
pangmulyana di dunya?

9 PANGERAN Nu Maha Kawasa nu
ngersakeunana. Mantenna nu ngersakeun,
pikeun ngeureunkeun sipatna nu adigung
ku beubeunangan usahana, jeung pikeun
ngarendahkeun jalma-jalma anu marulya.
10 Eh jalma-jalma anu keur bubuara di
Sepanyol, mending geura ngagarap tanah
kawas jalma-jalma di sisi Walungan Nil.
Ayeuna mah maraneh geus teu boga
pamuntangan.
11 PANGERAN geus ngangkat panangan rek
ngagebruskeun karajaan-karajaan ka laut.
Puseur-puseur perdagangan di Penesia geus
dipiwarang digempur.
12 Eh nagri Sidon, maneh moal bisa
senang-senang deui. Rahayat maneh geus
digencet. Najan kalabur ka Siprus tetep moal
saralamet.
13 (Anu nyerenkeun Tirus sina diranjah
ku sato-sato galak teh urang Babul, lain
urang Asur. Nya urang Babul anu ngepung
Tirus ku munara-munara pangepungan,
anu ngaburak-barikna, anu ngarubuhkeun
puri-purina.)
14 Eh tukang-tukang balayar nu keur di laut,
geura maridangdam! Nagri anu ku maraneh
dipiandel teh geus tumpur.
15 Tirus bakal dipopohokeun nepi ka tujuh
puluh taun, nurutkeun umur hiji raja.
Sanggeus liwat waktu eta, Tirus pijadieun
saperti hiji awewe dayang dina ieu lagu:

16 He dayang jomlo! Jig ngamen mawa
kacapi, ngider-ngider kota. Sing genah
ngacapina, sing getol ngawihna, ambeh
maneh payu deui.
17 Sanggeus liwat tujuh puluh taun, Tirus
ku PANGERAN rek disina malikan usahana
nu baheula, sarta ngalacurkeun dirina ka
karajaan-karajaan di sadunya.
18 Tapi duit beubeunanganana mah pikeun
PANGERAN, lain keur pakeeun dirina, tapi
keur kaperluan hakan jeung pake sakur anu
ngabarakti ka PANGERAN.
24 1 PANGERAN bakal ngaruksak ieu
bumi, rek dikosongkeun. Bumi rek
diputer balik, pangeusina sina paburisat.
2 Jalma-jalmana imam-imam, awam,
badega, dunungan, tukang ngajual, nu
mareuli, nu boga hutang, nu ngahutangkeun,
nu beunghar, nu miskin kabeh bakal sarua
nasibna.
3 Bumi bakal pasiksak burak-barik.
Kitu PANGERAN timbalana-Na, nya kitu
pijadieunana.
4 Bumi bakal garing, alum, sajagat bakal
leuseuh, bumi nguyung, langit nguyung.
5 Jalma-jalma geus ngarurujit ieu bumi
ku ngarempak hukum-hukum Allah, jeung
alingkar tina perjangjian Mantenna anu
langgeng.

6 Nu matak Allah teh ngaragragkeun panyapa
ka bumi. Jalma-jalma kudu nebus sagala
dosana, beuki lila jelema teh beuki saeutik.
7 Pelak anggurna aralum, anggur jadi langka.
Jalma-jalma nu asalna sarenang, ayeuna jadi
prihatin.
8 Lalaguanana anu sok dikacapikeun geus
tara kadenge deui.
9 Nu ngarinum anggur geus teu jeung
hahaleuangan, da ari ngarinum taya nu
ngarasa ngeunahna.
10 Nagri jadi kusut. Jalma-jalma ngarerem
maneh, nyarumput di imahna masing-masing.
11 Jalma-jalma di jalan tinggarero lantaran
geus taya anggur. Kabagjaan geus indit ti
dinya, leungit salalawasna.
12 Nagri jadi suwung, panto-pantona geus
ngagaloler raruksak.
13 Kitu pijadieunana ka saban bangsa di
dunya, lir tangkal jetun anu geus rugul,
buahna geus beak diala, lir anggur kari
areuyna, buahna mah geus beak dipetikan.
14 Jalma-jalma anu saralamet bakal ngarawih
gumbira. Ceuk jalma-jalma anu di kulon estu
agung PANGERAN.
15 Anu caricing di wetan bakal maruji ka
Mantenna. Anu caricing di sapanjang basisir
bakal maruji ka PANGERAN Allah Israil.
16 Ti dunya bagian-bagian nu pangjauhna
kadenge anu maruji ka Israil, bangsa anu
bener jeung ibadah. Tapi ari kaula mah geus

teu boga harepan, hate sangsara. Tukang hianat teu eureun-eureun ngahianat, beuki lila beuki banget.
17 Darengekeun ku sarerea ieu omongan kaula! Aranjeun keur didago-dago ku rasa kasieun, ku liang jero, jeung ku pitapak.
18 Sakur nu kabur nyingkahan kasieun bakal beunang ku liang jero. Anu luput tina liang jero, bakal beunang ku pitapak. Langit bakal bedah, hujan gede ngucur terus ti langit, dasar-dasar bumi aringgeung.
19 Bumi bakal rengat, seug muruhpuy, terus beulah.
20 Bumi galuang-galeong kawas jalma mabok, ruag-rieg kawas saung katebak ku angin gede. Jagat ngarempeyek beurateun ku dosa-dosana, tuluy ngedeprek moal cengkat-cengkat deui.
21 Dina mangsa eta pangawasa-pangawasa nu di angkasa jeung raja-raja anu di bumi ku PANGERAN bakal dihukum.
22 Raja-raja teh bakal dikumpulkeun ku Allah kana hiji liang gede, dijieun sakitan, dipanjara di dinya ngadago mangsa hukumanana.
23 Bulan beuki poek, panonpoe henteu ngempray, sabab PANGERAN Nu Maha Kawasa anu bakal jadi raja. Mantenna bakal marentah di Yerusalem, calikna di Gunung Sion, bakal tembong kamulyaana-Na ka sakabeh pamingpin bangsa.

25 1 Nun PANGERAN, Gusti teh Allah abdi,
abdi seja ngahormat ka Gusti sareng
muji jenengan Gusti. Gusti parantos midamel
nu araheng. Parantos ngabuktoskeun sagala
anu dipastikeun ti kapungkurna.
2 Kota-kota ku Gusti dijadikeun ruruntuhan,
puri-purina dirugrugkeun. Karaton-karaton
kenging musuh ngadegkeun parantos musna
salalamina.
3 Bangsa-bangsa nu baredas ka Gusti bakal
maruji. Kota-kota bangsa nu lalim bakal
sarerabeun ku Gusti.
4 Nu sangsara, sareng nu taya daya, ka
Gusti nyaluuh, laluput tina bancang pakewuh.
Dipaparin enggon nyalindung tina angin
topan, dipaparin pangiuhan, sangkan teu
tutung ku panas. Jalma-jalma lalim teh
narempuh, lir topan keur musim tiris,
5 lir panas manggang tanah keri. Nanging
eta musuh-musuh teh ku Gusti parantos
dibungkem. Gusti parantos ngajempekeun
hahaokna jalma-jalma lalim, lir mega anu
nyirepkeun panasna poe.
6 Di dieu, di Gunung Sion, PANGERAN
Nu Maha Kawasa bakal ngajamu sakabeh
bangsa sadunya. Sisihanana bangsa utama,
anggurna nu panghadena.
7 Ti dinya Mantenna bakal ngadadak
nyingkahkeun mendung kasedih anu ngauban
bangsa-bangsa.

8 PANGERAN Nu Maha Agung bakal numpes
ajal maot sina sirna salalawasna! Cipanon
ku Mantenna bakal disusut ti unggal panon,
sarta umat-Na anu hina jeung sangsara di
sakuliah dunya bakal dijait. Kitu timbalan
PANGERAN ku manten!
9 Lamun eta geus kajadian, saban
jalma bakal ngucap, "Mantenna teh Allah
urang! Urang anu percaya ka Mantenna
geus disalametkeun. Mantenna teh
PANGERAN! Urang anu percaya ka Mantenna
tinggal senang jeung bagja, sabab geus
dirahayukeun."
10 PANGERAN bakal nangtayungan Gunung
Sion. Sabalikna urang Moab bakal diluluh,
diidek cara jarami keur berak.
11 Leungeunna roroesan kawas keur ngojay,
tapi ku Allah bakal dilalumpuhkeun nepi ka
moal bisa nanaon.
12 Puri-puri Moab jeung kuta-kutana anu
laluhur bakal dirugrugkeun rata jeung taneuh.
26 1 Pidatangeun hiji mangsa, sakur anu
araya di nagri Yuda ngarawihkeun ieu
lagu: Kota urang tohaga! Allah ku manten
bentengna!
2 Buka panto-panto kota, bere asup bangsa
anu satia, anu rahayatna hade lampahna.
3 Gusti maparin kasantosaan, nun
PANGERAN, ka sugri nu pangger tujuanana,
sarta gaduh kapercayaan ka Gusti.

4 Sing percaya ka PANGERAN salalawasna,
anu nyarengan ka urang sapapanjangna.
5 Nu aradigung ku Mantenna direndahkeun,
kotana nu tohaga geus ditumpurkeun,
kuta-kutana tingburulu jadi lebu.
6 Diparake leumpang ku anu tadina
dikaniaya, ditarincakan ku sarerea.
7 Nun PANGERAN, nu balageur ku Gusti
dipangdamelkeun jalan, nya leucir nya rata.
8 Abdi sadaya seja tumut kana pangersa,
sareng muntangkeun harepan. Sugri
panyileukan abdi di Gusti ayana.
9 Ari wengi hate kumejot ka Gusti. Upami
Gusti parantos ngahakiman ieu bumi
saeusina, nembe maranehna terang naon ari
adil.
10 Nu jarahat, najan ku Gusti disabaran
ge tetep teu daek migarwa nu bener. Di
dieu ge, di nagrina umat anu ibadah, tetep
kalakuanana bakal awon, arembungeun
ngaku kana kaagungan Gusti.
11 Musuh-musuh Gusti teu gaduh pangira yen
ku Gusti bakal dihukum. Sina areraeun nun
PANGERAN, sina sangsara, sina nandangan
nyerina hukuman, anu ku Gusti parantos
dipastikeun. Pintonkeun kumaha nyaahna
Gusti ka umat Gusti.
12 Gusti nu bakal maparin kasantosaan
ka abdi-abdi. Margi sugri anu kahontal ku
abdi-abdi, sayaktosna berkah tina padamelan
Gusti.

13 Nun PANGERAN, Allah abdi sadaya,
abdi-abdi tadina dikawasaan ku batur.
Nanging ari panutan mah mung Gusti,
PANGERAN.
14 Ayeuna maranehna parantos tariwas,
pamohalan harirup deui. Arwah-arwahna
moal harudang deui, ku Gusti parantos
ditumpes, moal aya anu ngemut-ngemut
deui.
15 Bangsa abdi ku Gusti didamel jembar, nun
PANGERAN, wawatesan wilayahna di unggal
jihat dilegaan, jadi kamulyaan ka salira Gusti.
16 Umat Gusti ku Gusti dihukum, nanging
sajeroning sangsarana, mung ka Gusti
sasambatna, nun PANGERAN.
17 Abdi sadaya ku Gusti disiksa, dugi ka
jejeritan sapertos awewe anu sabroleun
ngajuru pinuh ku kanyeri.
18 Abdi-abdi nandangan kanyeri, nanging
henteu ngalahirkeun naon-naon, ka nagri teu
tiasa ngabaktikeun kaunggulan, teu tiasa
ngarengsekeun naon-naon.
19 Umat Gusti anu parantos tariwas, tangtos
bakal harudang deui, mayit-mayitna bakal
harirup deui. Sanaos parantos sirna di jero
kubur, bakal nyararing deui, lajeng maruji
kalawan suka. Anu maraotna parantos lami
ge tangtos ku PANGERAN dihirupkeun deui,
lir ciibun anu ngagarenclang nyegeran bumi.
20 Eh umat, arasup heula maraneh ka
jero imah, panto tulakan. Nyarumput heula

sakeudeung, bari ngadago lelerna bendu
Allah.
21 Mantenna bakal mios ti panglinggihana-Na
di sawarga, kersa-Na ngahukum jalma-jalma
eusi bumi ku karana dosa-dosana. Anu
maraehan pasti kabitur sanajan sakumaha
bunina, kitu deui bumi oge moal ngabunikeun
sakur anu enggeus dipaehan.
27 1 Dina mangsa eta PANGERAN bakal
metakeun kakawasaan jeung pedang-
Na anu pikagimireun, bakal ngahukum
ka Lewiatan, naga tukang rungkal-ringkel
luar-leor, jeung bakal ngabinasakeun mahluk
raksasa anu ayana di laut.
2 Harita Mantenna bakal sasauran
kieu ngeunaan kebon anggur-Na anu
pikaresepeun,
3 "Rek dikemitan ku Kami jeung moal
elat diseboran. Beurang peuting moal elat
dijaga-jaga, supaya ulah aya anu ngaganggu.
4 Ayeuna ieu kebon teh matak rudet. Nu
bakal ngaganggu hirupna, najan ngan cucuk
atawa jukut cucuk tangtu diduruk.
5 Kajaba lamun musuh-musuh umat Kami
teh harayangeun nyalindung ka Kami, kajeun
ari rek akur jeung Kami mah, pek akur jeung
Kami."
6 Ka hareup mah urang Israil turunan Yakub
teh pijadieun lir tangkal, bakal akaran,
pucukan jeung kembangan, buahna bakal
minuhan saalam dunya.

7 PANGERAN ngahukumna ka Israil teh
henteu cara ngahukum ka musuh-musuhna,
tur anu tariwasna henteu sakumaha lobana.
8 Eta umat dihukumna ku PANGERAN teh
dipiceun ka pangbuangan, dibawa jauh ku
angin tarik ti wetan.
9 Dosa-dosa Israel bakal dihampura, nya eta
upama batu altar-altar bangsa anu nyembah
brahala geus marekplekan kawas apu, jeung
altar-altar pangukusan atawa titironan Dewi
Asera geus taya nu nyesa.
10 Kota anu dibenteng teh bakal rubuh, tuluy
jadi suwung kawas leuweung kosong, dipake
enggon sapi nyatuan jeung enggon ngaubna.
11 Dahan-dahan kakayonna geus pareunggas
jeung gararing, diparulungan ku awewe
pikeun suluh. Ku sabab eusina teh jelema-
jelema anu henteu kapanjingan budi, ku
Allah Khalik maranehna teu dipikawelas, teu
dihampura.
12 Dina mangsa eta PANGERAN bakal
ngempelkeun umat-Na ti Walungan Eprat
nepi ka Mesir, dicandakan saurang-saurang
kawas misahkeun beas tina gabah.
13 Dina waktuna urang Israil anu di
pangbuangan di Asur jeung di Mesir bakal
dicalukan ku tarompet, dititah marulang.
Seug maranehna marulang, daratang ka
Yerusalem, ngabakti ka PANGERAN anu calik
di gunung suci.

28 [1] Cilaka karajaan Israil! Kamulyaanana
mimiti surem. Sarua layuna jeung
makuta-makuta tina kembang anu diparake
ku para pamingpinna anu geus marabok.
Eta anu ngadarangahkeun sirah nu marake
seuseungitan teh geus tinggaloler, marabok
teu eling-eling.
[2] Pangeran geus nyayagikeun hiji jalma
anu bedas jeung kawasa, sina narajang ka
maranehna lir topan jeung hujan es, lir caah
anu ngagulidag limpas.
[3] Kaumangkeuhan eta para pamingpin
marabok teh bakal dileyek.
[4] Kajayaan eta para pamingpin nu aradigung
teh geus mimiti surem, sarta bakal musna
kawas buah kondang cikalna, ari asak ari
dipetik dihuapkeun.
[5] Pidatangeun mangsa, pikeun umat-Na anu
saralamet, PANGERAN bakal jadi lir makuta
mulya tina kekembangan.
[6] Ka sakur nu jadi hakim Mantenna bakal
maparin hate nu adil. Ka sakur anu ngabela
tina panarajang bakal maparin wawanen.
[7] Malah nabi-nabi jeung imam-imam
oge marabok nepi ka sasampoyongan.
Ngarinumna anggur jeung arak loba teuing,
nepi tingjolonjong titarajong, pikiranana
ngaraco. Nabi-nabi kacida mabokna, nepi ka
jadi teu paham kana tetenjoan-tetenjoan ti
Allah. Imam-imam kacida mabokna, nepi ka

teu bisa deui mutus perkara-perkara anu
dibawa ka maranehna.
8 Meja anu dirariungna pinuh ku utah, geus
teu aya anu beresih.
9 Seug ngaromongkeun kaula, pokna, "Saha
disangkana anu diwurukan ku manehna teh?
Saha nu butuh ku caritana? Nu kitu mah ngan
alus pikeun budak anu kakara eureun nyusu!
10 Manehna rek ngajar ka urang mani
saaksara-saaksara, sabaris-sabaris,
sakalimah-sakalimah."
11 Lamun kaula henteu didarenge, engke
Allah miwarang jalma asing sina ngawurukan
ka aranjeun, make basa anu aneh.
12 Mantenna teh miwarang reureuh, seja
nyenangkeun hate aranjeun. Tapi ku aranjeun
teu didarenge.
13 Ku sabab kitu Allah bakal mere pangajaran
ka aranjeun, saaksara-saaksara, sabaris-
sabaris, sakalimah-sakalimah. Geus kitu
sagala lengkah aranjeun bakal serba salah.
Aranjeun bakal barohak, kasarimped, tuluy
ditarangkep.
14 Darengekeun ku aranjeun, eh nu
sarombong, anu ayeuna keur marentah
rahayat di dieu, di Yerusalem. Ieu aya
timbalan PANGERAN.
15 Dawuhana-Na, perjangjian anu ku
aranjeun dipiagul teh perjangjian jeung
ajal, perjangjian jeung dunya anu paraeh.
Aranjeun yakin yen najan bahla tea datang

aranjeun bakal salamet, bawaning ku percaya
kana bohong jeung tipu.
16 Ayeuna kieu timbalan PANGERAN Nu
Maha Agung, "Kami di Sion masangkeun
hiji pademen, kuat jeung kukuh. Dina eta
pademen Kami nempatkeun hiji batu juru anu
ampeg, make tulisan kalimah kieu, Iman nu
pengkuh sipatna sabar.
17 Sipatan anu dipake ngukur eta pademen
nya eta kaadilan. Tali nu dipake nguji lempeng
nangtungna nya eta kajujuran." Hal-hal
bohong anu dipiandel ku aranjeun bakal
disapu ku hujan es. Rasa aman aranjeun
bakal bedah ku caah.
18 Perjangjian aranjeun jeung ajal bakal
dibatalkeun, kitu deui persatujuan aranjeun
jeung dunya anu paraeh bakal digagalkeun,
nepi ka upama datang bahla, aranjeun moal
bisa walakaya.
19 Eta bahla bakal hantem narajang ka
aranjeun unggal isuk, unggal beurang, unggal
peuting. Unggal aya pangandika anyar ti
Pangeran, aranjeun bakal nyareblak.
20 Aranjeun bakal kawas nu hees morongkol
lantaran dipanna pondok, simbutna heureut.
21 PANGERAN bakal merangan ka urang cara
keur di Gunung Perasim jeung di Lebak Gibon,
maksa sangkan pangersa-Na dilampahkeun
ku urang. Aheng peta Mantenna teh.
Eta padamelana-Na anu aheng teh bakal
diteruskeun nepi ka rengse.

22 Ku sabab kitu ieu wawaran kaula teh
lain seungseurikeuneun! Lamun keukeuh
nyeungseurikeun, bakal tambah sulit
aranjeun ngaluputkeun diri. Kaula geus
ngadenge putusan PANGERAN Nu Maha
Kawasa, yen bakal pasti ngabasmi ieu nagri.
23 Darengekeun ieu omongan kaula,
regepkeun ieu caritaan kaula.
24 Moal aya jurutani anu lahanna harita
diwuluku harita keneh dipelakan.
25 Tangtu lahanna teh dirarata heula, kakara
diawuran ku sisikian kayaning hades, jinten.
Ari binih tarigu jeung hanjeli, eta mah
melakna dijajar-jajar. Turut-turut sisi kebonna
dipelakan bibinihan lianna.
26 Nyahoeun yen tani teh kudu kitu, kapan
geus aya pituduhna ti Allah.
27 Nutu hades atawa jinten moal ku halu
gede jeung beurat, tangtu ku anu ukuran
meujeuhna.
28 Nya kitu deui anu ngirik gandum, moal
dihaben ku gegedig nepi ka ajur, da nyahoeun
yen kudu digeleng ku padati tapi ulah nepi ka
bubuk.
29 Kanyaho kitu teh kabeh ti PANGERAN Nu
Maha Kawasa. Estu agung hikmah Allah, tur
kabeh moal aya nu bisa ngahalang-halang.
29 1 Cilaka Yerusalem, kota nu disebutna
Altar Allah! Cilaka eta kota pakemahan
Daud teh! Ingkeun heula katut sagala pesta
jeung perayaanana sataun dua taun deui.

2 Eta kota nu disebut "Altar Allah" teh
bakal katarajang bahla ti Allah. Sakuliahna
pijadieun lir altar anu lamokot ku getih, pinuh
ku nu tingkoceak tingharegung.
3 Ku Allah bakal dikepung, ditarajang.
4 Yerusalem pijadieun lir jurig anu keur ah-eh
ti jero taneuh hayangeun nyoara, sorana
lapat-lapat kaluar ti jero taneuh ngebul.
5 Tapi eh Yerusalem, musuh-musuh nu
narajang teh bakal beresih kawas kekebul
dikebut ku angin. Musuh anu pikagimireun
teh bakal tingkoleang kawas kalakay. Sabab
kalawan teu kasangka-sangka
6 PANGERAN Nu Maha Kawasa bakal
ngadadak ngaluputkeun maneh ku guludug
tingbeledag jeung ku lini. Mantenna bakal
ngebut angin ribut jeung nurunkeun seuneu
anu ngalebur.
7 Pasukan-pasukan musuh anu keur
nempuh kota Altar Allah teh bakal sirna
katut pakarang-pakarang jeung sagala
kaperluanana, lir hiji impian, lir tetenjoan
goreng ti peuting.
8 Bangsa-bangsa anu arek ngagempur
Yerusalem pijadieun ibarat anu keur lapar
ngimpi dahar, ari lilir angger lapar, ibarat
nu keur halabhab ngimpi nginum, ari lilir
tikorona angger garing.
9 Pek terus kitu, sing jadi bodo! Pek terus
kitu, sing lolong! Sing dalugdag-daligdeug
najan teu nginum anggur sakeclak.

10 Maneh ku Allah diragragan tunduh, hees
ngaguher. Nabi-nabi maneh nu minangka
panon maneh ku Allah geus dipeungpeunan.
11 Jadi mun aya tetenjoan teh moal aya nu
muka maksudna, ibarat surat nu disegel.
Sanajan lamun dibawa ka nu bisa maca ge
bakal dijawab teu bisa, sabab disegel.
12 Menta dipangmacakeun ka nu teu bisa
komo, jawabna teu ngarti.
13 Dawuhan Pangeran, "Ieu bangsa majar
ngaku ka Kami teh ngan semet biwir, teu
terus jeung hatena. Agamana taya lian ti
aturan-aturan jeung tali paranti beunang
nyieun jalma. Eta bae anu diarapalkeunana
teh.
14 Ku sabab kitu ku Kami rek disina kalabur
pangacianana, moal eureun-eureun dibere
pikareuwaseun. Ahli-ahlina anu palinter bakal
leungit pangartina, kapinteranana moal aya
gawena."
15 Cilaka sakur anu nyumputkeun pakarepan
ti PANGERAN! Ceuk pamikir maranehna
sagala niat jeung sagala kalakuanana
teh moal aya nu nenjoeun, moal aya nu
nyahoeun, rikip.
16 Sagala perkara ku maranehna diputer
balik. Ari pariuk naha leuwih ti batan anu
nyieunna? Bisaeun hiji barang ngomong ka
anu nyieunna, "Kuring lain beunang nyieun
anjeun"? Atawa, "Anjeun euweuh kabisa"?

17 Aya basa, "Sakeudeung deui ge leuweung
rembet bakal jadi kebon, kebon jadi leuweung
deui."
18 Lamun waktuna geus cunduk, nu torek
bakal bisa ngadengekeun kalimah-kalimah
kitab anu dibaca tarik. Nu lalolong, anu
panonna poek bae, bakal bareunta barisa
nenjo.
19 Anu mariskin jeung nu salangsara bakal
ngarasa deui bagja ti PANGERAN, Allah Israil
nu suci.
20 Tukang-tukang nganiaya sasama hirup
sarta ngahina ka Allah bakal dieureunkeun.
Anu jarahat kabeh bakal dibasmi.
21 Tukang-tukang mitenah, tukang-tukang
nyegah ragragna hukum ka nu jarahat,
tukang-tukang ekol sangkan anu jujur eleh
perkara, tangtu ditumpes ku Allah.
22 Ku sabab kitu, kieu timbalan PANGERAN
Allah Israil anu ngajait Ibrahim tina
kasusahanana, "Eh umat, ayeuna maraneh
teh moal nandangan deui kahinaan, moal
parias ku kaera.
23 Ana maraneh nenjo ka anak paparin ti
Kami, bakal ngaraku yen Kami teh Allah
panutan Israil. Maraneh bakal ngamulyakeun
ka Kami, bakal alajrih.
24 Nu barodo bakal dialajar pangarti, tukang-
tukang gegelendeng bakal mareunang
pangajaran, bakal aratoheun."

30 1 PANGERAN geus ngadawuh: "Cilaka
anu marentah di Yuda! Ngaralawan
ka Kami! Marake tarekah lain ti Kami, nanda
perjangjian anu teu cocog jeung Kami,
nambah-nambah bae dosa.
2 Maranehna arindit menta pitulung ka Mesir,
teu menta nasehat heula ka Kami.
3 Padahal eta teh moal bisaeun nulung,
panangtayunganana bakal goreng balukarna.
4 Utusan maranehna geus narepi ka Mesir,
geus araya di Soan jeung Hanes.
5 Urang Yuda bakal kaduhung geus
mercayakeun maneh ka bangsa anu taya
kamampuhna, anu bakal ngabuyarkeun
harepanana dina waktuna butuh ku pitulung."
6 Kieu pangandika Allah ngeunaan sasatoan
gurun keusik beulah kidul: "Aya utusan-
utusan ngambah tempat-tempat bahaya,
enggon singa jeung oray matih jeung naga
hiber, mawa barang nu marahal dimuatkeun
kana kalde jeung onta, pikeun tanda-mata ka
bangsa anu moal bisaeun nulung naon-naon.
7 Pitulung Mesir moal aya gawena. Anu
matak Mesir ku Kami dilandi Naga lumpuh."
8 Allah miwarang supaya sim kuring nyatet
kalakuan eta jelema-jelema dina kitab, siga
kumaha kalakuanana teh, supaya salawasna
kacatet kumaha darorakana.
9 Kalakuanana ngan ngalawan bae ka Allah,
arembungeun nurut kana pituduh-pituduh
PANGERAN.

10 Nabi-nabi dititah baralem. Carekna, "Ka
kuring mah tong ngomong naon nu bener.
Mending oge ngomong perkara kahayang
kuring. Geus, geura ka ditu, kuring rek
mikiran panglamunan.
11 Haling, ulah ngaheurinan jalan! Kuring
teu hayang ngadenge perkara Allah Israil nu
suci."
12 Tapi dawuhan Allah Israil nu suci kieu:
"Timbalan Kami ku maraneh teu didenge,
kalah ka mihapekeun maneh ka nu nya
bengis nya panipuan.
13 Salah eta! Maraneh teh ibarat tembok
luhur anu geus rengat ti luhur ka handap,
bakal ujug-ujug ngagebru.
14 Moal teu remuk kawas pariuk, bubuk
pisan, sesemplekanana ge moal aya nu cukup
gedena keur paranti nyiuk ruhak atawa cai
tina kobokan."
15 PANGERAN Nu Maha Agung, Allah Israil
nu suci, nimbalan kieu ka eta umat, "Geura
baralik ka Kami, pihapekeun diri ka Kami, tan
wande maraneh kuat jeung reugreug." Tapi
maraneh arembung!
16 Kalah ka mikir arek kalabur ti musuh,
lumpat tarik make kuda pedah boga kuda nu
tarik lumpatna. Nu ngudag mah komo kudana
leuwih tarik!
17 Maraneh sarebu, ku serdadu musuh hiji
ge geus ngacir. Kakara ku lima serdadu ge
maraneh moal teu jicir. Balad maraneh moal

nyesa, kari gagang bandera sahiji culangeuk
di luhur pasir!
18 Sangkilang kitu ge maraneh mo burung
dihampura ku PANGERAN, mo burung
diajeng-ajeng jeung dipikawelas, da
Mantenna mah dina sagala perkara bener
sapapanjangna. Bagja sakur anu nyalindung
ka PANGERAN.
19 Maraneh anu di Yerusalem moal ceurik-
ceurik deui, PANGERAN anu ngalilipur. Ana
maraneh sasambat ka Mantenna tangtu
didangu.
20 Maraneh bakal disorangkeun kana jaman
anu werit, tapi bakal diaping jeung dipaparin
pituduh ku Pangeran. Jadi maraneh teu kudu
culak-cileuk neangan Mantenna.
21 Mun maraneh nyimpang ka kenca atawa
ka katuhu, Mantenna bakal ngagentraan ti
tukangeun, "Ieu jalanna, tuturkeun!"
22 Brahala-brahala maraneh anu dilapis
ku perak jeung emas, ku maraneh bakal
dipiceunan kawas bubututan. Ceuk maraneh
ka eta brahala-brahala, "Jor ka ditu!"
23 Mun maraneh melak bibinihan, Pangeran
bakal nurunkeun hujan sangkan pepelakan
maraneh marontok, supaya loba hasilna.
Sampalan pikeun sapi moal kurang.
24 Sapi jeung kalde pikeun ngawuluku,
parabna harade.
25 Dina mangsa eta, sanggeus benteng-
benteng musuh maraneh geus kajabel sarta

jelema-jelemana geus diparaehan, ti saban
gunung jeung pasir bakal cur-cor walungan.
26 Bulan caangna lir panonpoe, panonpoe
caangna tujuh kalieun, lir caang pikeun
tujuh poe disapoekeun. Pijadieunana kitu teh
upama PANGERAN geus ngabeberan jeung
nyageurkeun raheut-raheut umat-Na tapak
mantenna ngarangketan.
27 Kakawasaan jeung kamulyaan PANGERAN
bakal tembong ti kajauhan. Ana Mantenna
bendu tembong seuneu jeung haseup. Ana
ngadawuh, kalimah-kalimah-Na lir seuneu
anu ngahuru.
28 Mantenna nginditkeun angin di
payuneuna-Na, lir cai caah malidkeun sagala
rupa. Bangsa-bangsa dikebut diubrak-abrik,
pegat sagala paniatanana anu jarahat.
29 Tapi maraneh mah, eh umat Allah, bakal
barungah jeung bakal nyaranyi kawas dina
pesta suci, halegar kawas nu keur baris
dipirig ku sora suling ngajugjug Bait Allah.
PANGERAN teh panulung Israil.
30 Unggal jalma ku PANGERAN bakal disina
ngadenge gentra-Na nu agung, jeung disina
ngarasa kahebatan bendu-Na. Bendu-Na
bakal nimbulkeun seuneu, ngabedah mega,
hujan es, jeung hujan angin.
31 Urang Asur tagiwur ku gentra PANGERAN
jeung ku kahebatan hukuman ti Mantenna.
32 Waktu maranehna ku PANGERAN disiksa
teu eureun-eureun, umat Mantenna teu

eureun-eureun narabeuh tambur jeung kacapi. Allah ku manten anu bakal merangan urang Asur.
33 Ti baheula keneh geus aya hiji tempat enggon seuneu anu ngagegedur, anu bakal ngaduruk raja Asur. Tempatna jero jeung lega, suluhna ngabugbrug kari nyundut ku seuneu anu bijil tina napas PANGERAN.
31 1 Picilakaeun nu keur arindit ka Mesir rek marenta tulung teh! Ngarepna ka Mesir dumeh Mesir boga balad anu kuat, boh pasukan kudana, boh pasukan karetana, boh prajurit-prajuritna. Percayana lain ka PANGERAN, Allah suci Israil. Menta tulungna lain ka Mantenna.
2 Mantenna uninga kana salampah-lampah maranehna. Mantenna ngadatangkeun bahla. Eta bangsa anu goreng kalakuanana, kitu deui anu nangtayunganana bakal dihukum.
3 Urang Mesir lain dewa-dewa, manusia ilahar bae. Pasukan kudana lain kuda sakti. Lamun PANGERAN enggeus ngawitan, najan eta bangsa teh kuat tangtu bakal ngudupung, kitu keneh bangsa lemah anu ditulunganana. Duanana ge bakal binasa.
4 PANGERAN ngadawuh ka kaula, "Teu paduli kumaha tingjareritna jeung tinggorowokna para pangangon, singa moal sieuneun nepi ka ngalesotkeun mangsa beunang maehanana; Kami oge, PANGERAN Nu Maha Kawasa,

moal beunang dihalang-halang enggoning
nangtayungan Gunung Sion.
5 Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa rek
ngaraksa jeung ngabelaan Yerusalem, kawas
manuk anu kekeleperan deukeut sayangna
ngabelaan anakna."
6 PANGERAN nimbalan, "Eh urang Israil!
Maraneh teh baheula, baha ka Kami. Tapi
hiap baralik deui!
7 Bakal aya mangsa maraneh bakal miceunan
arca-arca beunang maraneh nyieunan tina
perak atawa emas.
8 Nagri Asur bakal tumpur perangna, tapi lain
ditumpurkeun ku manusa. Urang Asur bakal
kalabur ti medan perang, jalma-jalmana anu
ngarora teh bakal jaradi badega.
9 Rajana bakal kabur bari tagiwur. Para
panglima bakal kaeunteupan ku kasieun anu
pohara nepi ka cul bandera perang." Kitu
timbalan PANGERAN anu disembah jeung
dihaturanan kurban beuleuman di Yerusalem.
32 1 Engke bakal aya hiji raja anu
ngarajaanana satuhuna, jeung bakal
aya pamingpin-pamingpin bangsa anu
marentahna adil.
2 Aranjeunna ibarat tempat nyalindung ari
keur hujan jeung angin, ibarat kokocoran cai
di tanah keri, ibarat batu gede di tengah tegal
garing pikeun ngiuhan.
3 Panon jeung ceulina maruka kana
kasusah-kasusah rahayat.

4 Marentahna lain ku sentak jeung haok.
Asak sasar, ana nyarita dipikir heula.
5 Anu burung ku aranjeunna moal disebut
luhung, anu baragajul moal disebut jelema
jujur.
6 Anu burung, omonganana ngacapruk, eusi
hatena ge goreng. Lampah jeung ucapna
ngagogoreng ka PANGERAN, jeung cadu mere
dahar ka nu lapar mere cai ka nu hanaang.
7 Nu gejul, adat jeung lampahna goreng,
karepna ngan ngarah jeung macikeuh ka
nu eukeur kasangsara, megatan hak jalma
malarat.
8 Sabalikna nu berbudi mah lampahna
satuhu, teguh dina perkara nu bener.
9 Eh awewe-awewe anu keur garenah hirup,
anu taya kasalempang, dengekeun ieu
omongan.
10 Maraneh ayeuna keur garenah, tapi taun
hareup mah bakal rarumahuh. Sabab moal
aya anggur alaeun.
11 Hirup maraneh ayeuna gampang, taya
kahariwang. Engke malah bakal pinuh ku
kasieun! Geura ganti pakean ku karung.
12 Teunggeulan harigu, tembongkeun ulat
susah. Sabab tanah lendo jeung kebon-kebon
anggur geus lebur,
13 sakuliahna geus pinuh ku rungkun cucuk
jeung jukut cucuk. Geura ceungceurikan
imah paranti maraneh senang-senang.

Geura ceungceurikan kota tempat maraneh suka-suka.
14 Karaton ge bakal sepi, ibu kota bakal jempling. Puri-puri jeung munara-munara anu ngawal maranehna bakal rata jeung taneuh, jadi tempat liar kalde alas, tempat nyaratuan domba.
15 Tapi Allah bakal maparin deui sumanget ka urang. Tanah anu geus kalantar teh bakal lendo deui, lahan-lahan bakal pinuh deui ku pepelakan.
16 Di sakuliah tanah, di mana-mana pinuh ku perkara anu bener jeung adil.
17 Ku lantaran unggal jalma lampahna bener, tanah teh bakal aman santosa sapapanjangna.
18 Umat Allah bakal bebas tina kasalempang, rumah tanggana bakal repeh-rapih reugreug pageuh.
19 (Tapi leuweung-leuweung bakal katinggang ku hujan es, sarta kota bakal ruksak.)
20 Unggal jelema bakal ngarasa bagja, pepelakanana sugih ku cai, loba sampalan pikeun kalde jeung sapi, tur aman.

33 1 Picilakaeun musuh urang! Ayeuna ngan rarampog jeung nipu, ari maranehna mah tara dirampog tara ditipu. Tapi rarampogna bakal eureun, nipuna bakal enggeusan, sabalikna maranehna anu bakal dirampogan jeung ditipu.

2 Nun PANGERAN, abdi-abdi nyuhunkeun
piwelas, sumeja muntang. Siang-wengi
nyuhunkeun diraksa, hoyong kaluar tina
kasukeran.
3 Waktos Gusti mangmerangankeun abdi-
abdi, bangsa-bangsa kalabur ti pangperangan
anu gumuruh,
4 harta bandana diranjah jadi jarahan.
5 Maha Agung PANGERAN! Mantenna ngasta
saniskara. Yerusalem ku Mantenna dieusi ku
kaadilan jeung kasatuhuan.
6 Bangsa teh ku Mantenna disina reugreug.
Umat-Na salawasna diraksa, dipaparin
hikmah jeung pangarti. Harta maranehna
anu pangmulyana nya eta rasa hormat ka
PANGERAN.
7 Tuh jalma-jalma prawira tingjarerit tulung-
tulungan. Para utusan anu rek marenta rapih
kabeh careurik.
8 Jalan-jalan gede sepi taya jalma anu
ngulampreng, sabab kacida bahyana.
Perjangjian-perjangjian karapihan aludar,
hasil-hasil mupakat garagal. Jalma-jalma
geus henteu silih hargaan.
9 Tanahna jadi mubadir, suwung. Leuweung-
leuweung di Libanon ngalakay. Lebak Saron
anu subur jadi gundul. Dangdaunan di tanah
Basan jeung Gunung Karmel murudul.
10 Dawuhan PANGERAN ka bangsa-bangsa,
"Ayeuna Kami rek meta, rek nembongkeun
kumaha kawasana Kami.

11 Rarancang maraneh kabeh bakal mubadir,
gaplah sagala tarekah. Roh Kami lir seuneu,
maraneh bakal diduruk.
12 Maraneh bakal ngaley kawas batu kapur
dibeuleum jadi apu, kawas cucuk diduruk jadi
lebu.
13 Jalma-jalma jauh deukeut bakal nyaraho
kana damel jeung pangawasa Kami."
14 Urang Sion anu daroraka bakal ngarompod
kasieunan. Jeung carekna, "Hukuman ti
Allah teu beda ti seuneu anu salawasna
ngagegedur. Bisa urang luput tina seuneu
sakitu gedena?"
15 Bisa, asal bener ucap jeung lampah.
Ulah jahat ka nu malarat kena-kena kuat,
ulah beunang kasogok ku pangruruba. Ulah
sapongkol jeung nu boga niat maehan atawa
jeung nu boga kalakuan jahat lianna.
16 Lamun kitu geus tangtu maraneh salamet,
bakal aman kabina-bina lir aya di jero
benteng anu tohaga tur cukup dahareun
jeung inumeun.
17 Maraneh bakal ngalaman deui boga raja
anu mulya di tanah anu pohara legana.
18 Kasieun maraneh bareto ku mata-mata
jeung ku urang asing purah narik pajeg moal
kaalaman deui, kari dina ingetan.
19 Urang asing anu garumede, anu basana
ku maraneh teu kaharti, moal katenjo-tenjo
deui.

20 Tenjo Sion, kota tempat urang riungan
jeung ngayakeun pesta-pesta kaagamaan!
Tenjo Yerusalem! Bakal pohara reugreugna
eta pamatuhan teh! Ibarat kemah anu moal
pindah-pindah, patok-patokna parageuh
nancebna, tali-talina moal pegat.
21 Urang bakal maratuh di sisi walungan-
walungan anu galede, lalega, tapi kapal-kapal
musuh moal bisa layar di dinya.
22 (33:22-23) Tali layar kapal-kapal musuh
tanpa guna, lantaran layarna tingkulapes!
Barang-barang musuh bakal dirampasan ku
urang. Barang-barangna kacida lobana, nepi
ka jelema lumpuh ge kabagian. PANGERAN
ku manten anu bakal jadi raja urang, anu
marentah jeung ngaraksa urang.
23 (33:22)
24 Anu maratuh di tanah urang moal aya
anu udah-aduh ku panyakit, sarta dosa-dosa
kabeh bakal dihampura.
34 1 Eh jalma-jalma sagala bangsa, ka
darieu kumpul, darengekeun! Sakuliah
bumi jeung pangeusina, ka darieu kumpul,
darengekeun!
2 PANGERAN bendu ka sakabeh bangsa
jeung balad-baladna. Ku Mantenna geus
dipastikeun bakal dibasmi.
3 Bangke-bangkena moal dikubur, diantep
sina baruruk barau. Gunung-gunung bakal
cipruk ku getih.

4 Panonpoe, bulan, bentang-bentang, bakal
ngeprul jadi lebu. Langit bakal leungit,
ngagulung kawas samak. Bentang-bentang
tingkoleang maruragan kawas daun anggur
atawa daun kondang.
5 PANGERAN di sawarga geus nyabut pedang,
rek nyabetan urang Edom. Eta jelema-jelema
ku PANGERAN geus ditakdirkeun bakal
dibasmi.
6 Pedang Mantenna bakal lelemberan ku
getih jeung gajih maranehna, teu beda ti
lamokot ku getih jeung gajih anak domba
jeung embe anu dipeuncitan dijieun kurban.
Maranehna ku PANGERAN dijagal di kota
Bosra. PANGERAN di tanah Edom bakal
ngayakeun jagal gede.
7 Jalma-jalma bakal tinggareblug lir banteng
leuweung jeung sapi jalu rubuh. Bumi bakal
cipruk ku getih jeung gajih.
8 Nya harita waktuna PANGERAN bakal
ngajait Sion, sarta musuh-musuh Sion
dibales.
9 Walungan-walungan di Edom bakal jadi ter,
taneuhna jadi walirang. Nagrina sakuliahna
jadi kawas ter anu diduruk.
10 Ngagedurna beurang peuting, haseupna
meleketek teu eureun-eureun. Eta nagri bakal
jadi ruruntuhan turun-tumurun, moal aya anu
ngaliwat-liwat acan ka dinya.
11 Sakuliah eta tanah bakal jadi enggon
bueuk jeung gagak. Ku PANGERAN disina

suwung jeung kosong deui, sakumaha tadina basa samemeh jaman ngajadikeun.
12 Di dinya moal aya deui raja, para pamingpinna bakal musna.
13 Urut karaton-karaton jeung kota-kota anu make kuta bakal pinuh ku cucuk jeung jukut cucuk, jadi pangabetah ajag jeung anjing leuweung,
14 enggon sato galak tinggulandang, enggon setan-setan silih geroan, ririwa lenga-lengo neangan keur enggon hees.
15 Bueuk-bueuk nyarieun sayang, ngarendog jeung megarkeun sarta ngajaga anak-anakna. Manuk bangke bakal daratang pasusul-susul, kumpul di dinya.
16 Teangan dina kitab PANGERAN anu medar hal sagala mahluk anu kumelip, baca kumaha unina. Eta mahluk-mahluk sarupa ge moal aya nu leungit, tur masing-masing katut papasanganana, kitu ditimbalkeunana ku PANGERAN. Mantenna ku anjeun nu bakal ngumpulkeunana.
17 Nya PANGERAN anu ngabagi-bagi eta tanah keur enggon eta mahluk-mahluk, sabagianana-sabagianana. Ngarenggonna di dinya turun-tumurun ti jaman ka jaman deui, eta tanah enggon pangabetahna salalanggengna.

35 1 Tanah keri bakal suka seuri. Tegal garing bakal pinuh ku kekembangan.

2 Gurun keusik bakal ngawih jeung surak,
jadi endah lir gunung-gunung di Libanon,
lendo lir kebon-kebon di Karmel jeung Saron.
Kamulyaan Allah, agung-Na, kawasa-Na,
bakal tembong ka unggal jalma.
3 Tegerkeun leungeun nu ngaplek,
jagjagkeun tuur anu nyorocod.
4 Bejakeun ka anu keur laleutik hate: "Sing
teger, tong sieun! Allah sumping baris ngajait,
jeung ngahukum musuh maraneh."
5 Nu lolong bakal bisa nenjo, nu torek bakal
bisa ngadenge.
6 Nu lumpuh bakal bisa luncat jeung
ngigel, nu pireu bakal bisa susurakan.
Kocoran-kocoran cai bakal ngalocor di gurun
keusik.
7 Keusik anu semu hurung bakal jadi talaga,
tanah kelang bakal pinuh ku cinyusu, jadi
pangabetah ajag, manjah jeung kaso jaradi.
8 Bakal aya jalan ngabulungbung, ngaranna
"Jalan Kasalametan". moal katincak ku
jalma jahat. Anu nyorang eta jalan, moal
kasasabkeun ku anu gejul.
9 Singa jeung sato galak lianna, moal aya
nu liwat ka dinya. Sakur anu geus dijait ku
PANGERAN, marulangna make eta jalan.
10 Bakal narepi ka Yerusalem bari barungah,
ngarawih, garerah. Maranehna bakal bagja
salalawasna, moal nandangan deui kasusah
jeung kanalangsaan.

36 [1] Dina taun kaopat belas Hiskia jadi raja Yuda, kota-kota benteng Yuda dirurug ku Sanherib raja Asur sarta karebut.
[2] Geus kitu Raja Asur ngirim pajabat luhurna ti Lakis ka Yerusalem mawa pasukan gede, menta supaya Hiskia taluk. Sanggeus nepi ka kota, eta pajabat jeung pasukanana eureun di hiji jalan tempat tukang-tukang minatu digarawe, deukeut solokan anu ngocor ti empang girangeunana.
[3] Tuluy ditepungan ku urang Yuda tiluan, ku Elyakim bin Hilkia, mantri karaton, Sebna, panitera karaton, jeung Yoah bin Asap, bendahara karaton.
[4] Eta pajabat Asur nyarita yen rajana palay uninga, naon nu jadi andelan Raja Hiskia nu matak wani ngalawan.
[5] Kieu deui carekna, "Marukan ari kakuatan jeung kaahlian perang teh beunang ku omong wungkul? Rek menta dibantu ku saha nu matak wani barontak ka Asur?
[6] Maraneh ngaharep ka raja Mesir anu teu beda ti iteuk kaso, babari pites, ari geus pites tuluy nojos kana leungeun sorangan. Siga kitu kaayaan raja Mesir anu diarep-arep pitulungna teh."
[7] Terus deui, "Atawa sugan rek ngaku boga andelan PANGERAN, Allah maraneh tea? Kapan eta mah altar-altar jeung kuil-kuilna geus diruksak ku Hiskia, da carek eta raja

urang Yuda jeung urang Yerusalem teh mun
ngabakti kudu make saaltar bae.
8 Ayeuna, kalawan asmana gusti kami raja
Asur, kami daek mere ka maraneh dua rebu
kuda, asal maraneh sanggup ngayakeun
prajuritna.
9 Pamohalan maraneh kuat ngelehkeun
perwira-perwira Asur, najan perwira Asur
nu panghandapna. Parandene make hayang
dikirim kareta perang jeung pasukan kuda ku
urang Mesir.
10 Dikira kami nempuh nagri maraneh nepi
ka tumpur teh henteu dibantu ku PANGERAN?
Malah PANGERAN anu marentah nempuh
jeung ngagempur oge."
11 Elyakim, Sebna jeung Yoah mihatur ka eta
gegeden, "Saena mah sasauran ku basa Aram
bae, kaula ngarti. Ulah ku basa Ibrani, margi
kakuping ku rahayat anu di luhur kuta."
12 Ari jawabna, "Dikira kami diutus ku raja
nepikeun ieu hal teh ngan ka maraneh bae?
Lain! Kami nyarita teh ka maraneh jeung
ka itu nu dariuk dina kuta, anu engke bakal
ngahakan kotoran sorangan jeung ngarinum
cikiihna sorangan, sakumaha niat maraneh."
13 Geus kitu eta gegeden teh nangtung tuluy
ngagorowok ku basa Ibrani, "Darengekeun
timbalan raja Asur!
14 Raja kami ngelingan, maraneh ulah
kabawakeun ku Hiskia. Hiskia moal bisa
nyalametkeun maraneh.

15 Ulah kawujuk ku manehna anu ngajak
nyarandu ka PANGERAN. Tong ngaharep
PANGERAN bakal nulungan atawa nyegah
balad Asur ngarebut kota maraneh.
16 Tong narurut ka Hiskia! Parentah raja
Asur, maraneh kudu kalaluar ti jero kota,
pasrahkeun diri ka kami. Maraneh bakal
diidinan ngahakan anggur ti kebon sorangan,
buah kondang tina tangkal pelak sorangan,
ngarinum ti sumur sorangan,
17 nepi ka maraneh engke dibere tempat
ku raja kami, anu leuwih ti batan ieu kota.
Hayang nginum anggur, kebon anggurna aya.
Harayang nyieun roti, kebon gandumna aya.
18 Ulah kabobodo ku Hiskia. Ulah malikir
bakal disalametkeun ku PANGERAN. Dewa
bangsa mana anu geus bisa nyalametkeun
nagrina tina panangan raja Asur?
19 Coba, mana dewana urang Hamat jeung
dewana urang Arpad? Mana dewana urang
Separwaim? Aya anu bisa nyalametkeun kota
Samaria?
20 Cik iraha dewa-dewa eta kota-kota,
nyalametkeun kotana ti panangan raja kami?
Jadi naon dasarna maraneh boga pangira
yen PANGERAN sanggupeun nyalametkeun
Yerusalem?"
21 Jalma-jalma mani jempling, turug-turug
memang kitu ditimbalanana ku Raja Hiskia,
jadi teu aya nu kecet-kecet.

22 Elyakim, Sebna jeung Yoah nyosoeh
pakeanana bawaning ku nalangsa, tuluy
arasup deui ka jero kota rek ngunjukkeun ka
rajana ucap-ucapan eta pajabat Asur.
37 1 Barang Raja Hiskia ngadangu
laporanana, anjeunna nyosoeh
anggoanana tuluy diganti ku karung. Ti dinya
angkat ka Bait PANGERAN.
2 Elyakim mantri karaton, Sebna panitera
karaton, jeung sawatara imam sepuh, ku
anjeunna dipiwarang ka Nabi Yesaya putra
Amos. Aranjeunna ge dibaraju karung.
3 Pesen anu kudu diunjukkeun ka Yesaya
kieu, "Dinten ieu urang kenging tunggara,
keur dihukum, kedah nandang kahinaan.
Urang teh ibarat awewe bade ngajuru henteu
tiasa brol margi tanaga kacida lemahna.
4 Raja Asur parantos ngintun pajabatna
ngahina ka Allah anu jumeneng. Mugia
PANGERAN Allah anjeun ngadangu eta
panghina sareng ngahukum jalmina. Mugia
rahayat anu harirup keneh dipangnedakeun
ka Allah."
5 Sanggeus eta pesen raja katampi ku
Yesaya,
6 anjeunna ngawaler, "Timbalan PANGERAN,
Raja ulah rejag ku panggebrag urang Asur
anu susumbar yen PANGERAN moal iasaeun
nulung.

7 Eta raja ku PANGERAN bakal ditagiwurkeun
nepi ka mulang ka nagrina, sarta di nagrina
bakal aya nu maehan."
8 Pajabat utusan tea geus nyahoeun yen
rajana geus indit ti Lakis, keur merangan kota
Libna anu deukeut ka dinya, tuluy disusul.
9 Geus kitu aya beja ka urang Asur yen
balad Mesir anu dikapalaan ku Raja Tirhaka ti
Sudan keur maju rek narajang ka maranehna.
Sanggeus raja Asur ngadangu eta beja, seug
ngirim surat ka Raja Hiskia,
10 raja nagri Yuda, eusina: "Allah andelan
maneh geus ngabejaan ka maneh, cenah
maneh moal ragrag kana leungeun kami.
Ulah percaya.
11 Maneh geus ngadenge naon anu
dilampahkeun ku raja Asur, ka nagri mana
bae anu geus ditangtukeun kudu diancurkeun.
Dikira maneh bakal luput?
12 Karuhun kami geus ngancurkeun kota-
kota Gasan, Haran, Resep, jeung numpes
urang Bet-Eden anu di Telasar. Dewa-dewana
hiji ge euweuh anu bisaeun nulung.
13 Mana raja urang Hamat, raja urang Arpad,
raja urang Separwaim, raja urang Hena,
jeung raja urang Iwa?"
14 Eta surat ku Raja Hiskia dicandak ti nu
nganteurkeun tuluy diaos. Ti dinya anjeunna
angkat ka Bait Allah, surat teh diteundeun di
payuneun PANGERAN.
15 Tuluy anjeunna sasambat kieu,

16 "Nun PANGERAN Nu Maha Kawasa,
Allah Israil, anu linggih dina tahta luhureun
mukarabin! Mung Gusti anu jumeneng Allah,
anu ngasta karajaan-karajaan di sajagat.
Gusti ngadegkeun bumi sareng langit.
17 Nun PANGERAN, dangukeun panyambat
abdi sadaya. Tingali kaayaan anu ngancam
ka abdi sadaya. Dangukeun susumbarna
Sanherib anu ngahina ka Gusti, Allah anu
jumeneng.
18 Leres nun PANGERAN, abdi terang
yen seueur pisan bangsa anu parantos
diancurkeun ku raja-raja Asur, nagri-nagrina
jadi suwung,
19 brahala-brahalana didurukan, kawantos
eta brahala-brahala teh sanes Allah, mung
titironan tina kayu tina batu, jijieunan
leungeun jalmi.
20 Nun PANGERAN Allah abdi sadaya,
leupaskeun abdi sadaya ti urang Asur,
supados bangsa-bangsa sajagat tarerangeun
yen mung Gusti anu jumeneng Allah."
21 Yesaya ngintun amanat ka Raja Hiskia,
yen waleran kana panyambat anjeunna teh
22 timbalan PANGERAN kieu, "Eh Sanherib,
saenyana maneh teh diseungseurikeun ku
kota Yerusalem, dihampas.
23 Dikira ku maneh saha eta anu digogoreng
jeung dihina-hina teh? Maneh cempelak ka
Kami, Allah Israil nu suci!

24 Maneh ngirim badega sina susumbar ka
Kami, magar maneh jeung pasukan-pasukan
kareta geus bisa ngelehkeun pagunungan
Libanon nu pangluhurna. Maneh gumede
pedah geus bisa ngagempur tangkal-tangkal
kiputri anu pangjangkungna jeung kijamuju
nu pangalusna. Nyombong geus bisa
ngacak-ngacak leuweung anu pangjerona.
25 Nyombong geus nyieun sumur-sumur
di nagri-nagri batur, sarta Walungan Nil ku
serdadu-serdadu maneh geus diidek nepi ka
garing.
26 Karah can meunang beja yen eta sagala
perkara teh geus meunang Kami ngatur
ti baheula? Ayeuna eta geus laksana, ku
Kami eta teh! Maneh ku Kami dibere kawasa
ngaburak-barik kota-kota benteng sina ajur
lebur.
27 Jalma-jalmana taya nu bisa naon-naon,
ngararompod, kelenger, kawas jukut di
tegalan atawa anu jadi di suhunan kahebos
ku angin panas.
28 Tapi sagala hal diri maneh, gawe naon,
indit ka mana, Kami uninga. Kami uninga
maneh teh keur ngamuk, ngalawan ka Kami.
29 Kami geus meunang laporan yen maneh
ngamuk, yen maneh sakitu kumalungkungna.
Ayeuna irung maneh rek dikaluhan, biwir
maneh rek diterapan kadali, rek ditarik
dibawa ka jalan urut maneh datang."

30 Geus kitu saur Yesaya pikeun Raja Hiskia,
"Sagala rupi anu pijadieun teh ieu tandana:
Taun ieu sareng taun payun, tedaeun teh
mung sisikian anu jaradi sorangan. Nanging
taun payunna tiasa pepelakan deui dugi ka
dipanen, kitu deui anggur.
31 Anu araya di Yuda, anu nyesa, bakal cara
pepelakan, akaran, akarna jero, hirupna
mulus dugi ka baruahan.
32 Tangtos bakal aya anu saralamet di
Yerusalem sareng di Gunung Sion, margi eta
kajadian teh parantos kitu dikersakeunana ku
PANGERAN Nu Maha Kawasa.
33 Perkawis raja Asur kieu timbalan
PANGERAN: Eta raja moal bisaeun asup
ka ieu kota, moal bisaeun mentangkeun
jamparing hiji-hiji acan. Serdadu-serdaduna
anu marake tameng teh moal aya anu
bisaeun ngadeukeutan kota, jeung moal aya
anu nyieun gugunungan pikeun ngepung.
34 Eta raja moal kungsi asup, kaburu malik
ka jalan urutna datang. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN.
35 Demi kamulyaan Kami, jeung ku sabab
Kami geus jangji ka abdi Kami Daud, kota teh
ku Kami bakal dijaga."
36 Aya hiji malaikat PANGERAN narajang ka
pasanggrahan urang Asur, maehan 185.000
serdadu. Isukna isuk-isuk kasampak geus
ngajaloprak paraeh.
37 Raja Asur geus undur, balik ka Ninewe.

38 Barang dina hiji poe, sabada muja ka
Dewa Nisroh pupujaanana di jero kuil,
anjeunna dipaehan ku pedang, ku dua
putrana, Adramelek jeung Sareser, anu terus
kalabur ka tanah Ararat. Esarhadon, putrana
nu saurang deui ngaganti jadi raja.
38 1 Meh sawaktu jeung eta, Raja Hiskia
teu damang mehmehan pupus.
Sumping Nabi Yesaya, sasauran ka anjeunna,
"Sang Raja ku PANGERAN ditimbalan
mereskeun sagala rupi urusan, margi moal
tiasa damang deui, sakedap deui bakal
pupus."
2 Hiskia ebogna malik kana tembok, ngadoa,
3 "Nun PANGERAN, sing emut ka abdi. Abdi
parantos ngesto ka Gusti kalayan satia,
parantos sakiat-kiat ngajalankeun pangersa,"
saurna bari terus nangis sesegruk.
4 PANGERAN nimbalan ka Yesaya,
5 miwarang supaya anjeunna ka Hiskia deui
sarta kudu sasauran kieu, "Kami, PANGERAN,
Allahna Daud karuhun maneh, geus ngadangu
panyambat maneh, jeung ningali cipanon
maneh. Maneh meunang keneh hirup lima
belas taun deui.
6 Maneh jeung Yerusalem tangtu
dirahayukeun tina ancaman raja Asur.
Yerusalem bakal terus ditangtayungan ku
Kami." Ku Yesaya disaurkeun yen bisul raja
teh kudu dipopokan ku buah kondang, tangtu
damang. Hiskia mariksa, "Naon tawisna keur

ngabuktikeun yen kaula bakal bisa deui
datang ka Bait Allah?
7 Waler Yesaya, "Kangge ngabuktikeun yen
Mantenna moal geseh tina jangji, PANGERAN
bakal maparin tandana, nya eta:
8 Kalangkang tangga anu dipidamel ku
Raja Ahas, ku PANGERAN bade diundurkeun
sapuluh lengkah." Seug kalangkang tangga
teh ngeser, undur sapuluh lengkah.
9 Sanggeus damang, Hiskia nyerat ieu
guguritan:
10 Waktu umur kami tengah tuwuh, meh bae
mulang ka enggon nu paeh, kudu ajal paturay
jeung nyawa.
11 Panyana teh di ieu dunya anu harirup,
kami geus moal nenjo-nenjo deui PANGERAN,
moal nenjo-nenjo deui jelema.
12 Kudu puput umur eureun hirup, lir kemah
nu geus diruag, lir lawon diteukteuk tina
tinunan, panyana teh ku Allah tereh dipundut
umur.
13 Unggal peuting nangankeun kanyeri,
tulang-tulang asa dikerekeb singa. Panyana
teh ku Allah tereh dipundut umur.
14 Sora geus haroshos, meh leungit, balas
humaregung kawas japati ngaderuk. Panon
celong, dipake melong ka langit. Nun
PANGERAN, jait abdi tina hukuman.
15 Kami rek bisa unjukan naon, da eunggeus
kersaning PANGERAN. Bati ceurik dina hate,
boro-boro bisa mondok.

16 Nun PANGERAN, abdi bade hirup kangge
Gusti, mung kangge Gusti. Cageurkeun abdi,
widian hirup.
17 Kaprihatinan abdi bakal jadi katengtreman
Gusti nyalametkeun hirup abdi tina sagala
bahaya Gusti ngahapunten sadaya dosa abdi.
18 Di dunyana nu maot mah moal aya nu muji
ka Gusti. Nu maot mah moal ngarep-ngarep
kasatiaan Gusti.
19 Anu muji ka Gusti teh jalmi anu hirup,
sapertos abdi ayeuna, muji ka Gusti. Bapa-
bapa nyarita ka anak-anakna, nerangkeun
kumaha satiana Gusti teh.
20 Nun PANGERAN, abdi parantos
dicageurkeun. Abdi-abdi bade narabeuh
kacapi, sareng ngidungkeun pamuji. Muji
saumur-umur di lebet Bait Gusti.
21 (38:6)
22 (38:6)
39 1 Meh sawaktu jeung eta, Raja Babul,
Merodak Baladan putra Baladan,
ngadangu warta yen Raja Hiskia geus sae tina
teu damangna, tuluy kikintunan dibarengan
ku surat.
2 Utusanana ku Hiskia ditampi, malah
dicandak ningalian dunyabranana, emas,
perak, bahan seuseungitan kitu deui sagala
kaperluan tentarana. Kamar-kamar tempat
rajabrana, kitu deui nu aya di tempat-tempat
sejen di karajaanana, kabeh ditembongkeun
teu aya anu kaliwat.

3 Ti dinya sumping Nabi Yesaya ka Raja
Hiskia, mariksakeun, "Eta jalmi-jalmi ti mana
sareng naon sanggemna ka Sang Raja?"
Waler Hiskia, "Ti nu tebih, ti nagri Babul."
4 "Dicandak ningalian naon di karaton?"
saur Yesaya. Waler Hiskia, "Sagala rupi
bae. Kamar-kamar dunyabrana sadayana
ditembongkeun, teu aya anu kalangkung."
5 Saur Yesaya, "Timbalan PANGERAN Nu
Maha Kawasa,
6 engke dina hiji waktos sagala rupi anu
aya di karaton Raja, sagala rupi anu kenging
ngempelkeun karuhun Raja dugi ka wangkid
ieu, bakal diakut ka Babul, moal aya anu
kantun.
7 Putra Sang Raja ku anjeun oge sapalih
bakal diboyong dijadikeun gandek karaton
raja Babul."
8 Eta kasauran kitu kahartoseun ku Raja
Hiskia, yen anjeunna mah sapanjang hirupna
bakal santosa. Ku sabab eta walerna, "Eta
timbalan PANGERAN anu disaurkeun ku Bapa,
sae maksadna."

40 1 "Lilipur umat Kami," timbalan Allah
urang, "lilipur!
2 Upahan hate urang Yerusalem, uarkeun
yen sangsarana geus tutug, dosana geus
dihampura. Maranehna geus dihukum
bebeakan lantaran dosa-dosana."

3 Aya anu cumeluk, "Sadiakeun jalan pikeun
PANGERAN di tanah gurun! Beresihan jalanna
di gurun keusik, pikeun Allah urang!
4 Lebak-lebak saeuran, gunung-gunung
ratakeun. Pasir-pasir bakal jadi tanah lempar,
anu renjul bakal rata sarta leucir.
5 Kamulyaan PANGERAN bakal dinyatakeun,
tembong ka sakabeh jelema. PANGERAN ku
manten ngajangji kitu."
6 Aya nu ngagentra, "Embarkeun ieu
wawaran!" Ceuk kaula, "Kedah ngawawarkeun
naon?" "Embarkeun: Manusa ibarat jukut,
umurna ngan saumur kekembangan tegal.
7 Jukut layu, kembang perang sanggeus
ditiup ku angin ti PANGERAN. Umur jalma teu
leuwih panjang ti batan umur jukut.
8 Enya, jukut tangtu layu, kembang tangtu
perang, tapi pangandika Allah urang mah
umurna langgeng."
9 Eh Yerusalem, geura unggah ka gunung nu
luhur! Celukkeun warta anu pikabungaheun.
Eh Sion, celukkeun sing tarik, embarkeun
ieu beja pibagjaeun! Caritakeun, ulah
sieun-sieun, bejakeun ka kota-kota Yuda yen
Allahna rek sumping!
10 PANGERAN Nu Maha Agung tereh sumping
baris ngarajaan nyepeng kawasa. Sumpingna
diiring ku jalma-jalma anu geus diluputkeun
ku Mantenna.
11 Mantenna bakal ngaraksa lir pangangon
ngajaga dombana. Dombana dikumpulkeun,

anu laleutik keneh dipangku, indung-indungna
sina naluturkeun lalaunan.
12 Saha nu bisa naker cai lautan ku dampal
leungeun, atawa ngukur langit ku jeungkal?
Saha nu bisa ngulak tanah sajagat ku
kulakan, atawa nimbang gunung jeung pasir
dina taraju?
13 Saha nu bisa metakeun PANGERAN kana
damel? Saha nu bisa mapatahan atawa
nuduhan ka Mantenna?
14 Saha anu geus ngahaturkeun pirempug
ka Allah, nerangkeun jeung nuduhan ka
Mantenna, ngajarkeun sangkan saniskara
bisa jalan?
15 Di payuneun PANGERAN bangsa-bangsa
taya hartina, ibarat cai satetes, pulo-pulo
hampangna lir lebu sakeprul.
16 Sasatoan di leuweung-leuweung Libanon,
moal cukup keur baktikeuneun ka Allah,
kakayonna teu cukup keur mirun seuneu.
17 Di payuneuna-Na bangsa-bangsa taya
hartina.
18 Jeung saha Allah bisa disaruakeun?
Sanggup anjeun nerangkeun Mantenna jiga
kumaha?
19 Mantenna henteu sarua jeung arca
beunang nyieun jelema beunang paledang
ngalapis ku emas, make dadampar perak.
20 Nu teu kuat nyieun tina emas atawa perak,
bisa nyieun tina kai teuas, dikengkenkeun ka

tukang ngukir, sina dijieun arca anu nambleg
moal tiguling.
21 Naha anjeun tacan nyaho? Naha tacan
ngadenge caritana? Naha can ngadenge
kumaha jadina alam dunya?
22 Anu ngadamelna teh Mantenna, nu linggih
dina tahta-Na, luhureun bumi luhureun langit,
jalma di handap tembongna sagede sireum.
Langit ku Mantenna dibeberkeun kawas layar,
dibeberkeun lir kemah keur tempat cicing.
23 Raja-raja anu karawasa direndahkeun ku
Mantenna, dijieun taya hargana.
24 Maranehna saibarat tutuwuhan, kakara ge
dipelak, kakara ge alakaran, kaburu dihebos
ku angin ti PANGERAN, gararing, ngoleang
kabawa angin.
25 Jeung saha Allah nu suci bisa disaruakeun?
Naha aya anu sarua jeung Mantenna?
26 Coba tanggah ka angkasa! Saha nu
nyiptakeun bentang-bentang? Ku Mantenna
bentang-bentang teh dipingpin kawas hiji
pasukan. Mantenna uninga reana, sarta
masing-masing dipaparin ngaran. Mantenna
maha kawasa eta bentang-bentang can aya
anu leungit.
27 Eh Israil, ku naon ngalengis, majar
PANGERAN teu uningaeun yen maneh keur
kasusahan, majar Mantenna henteu malire
waktu maneh nandangan kateuadilan?
28 Na maneh tacan nyaho? Tacan ngadenge?
PANGERAN teh Allah nu langgeng, sakubeng

jagat Mantenna nu ngajadikeun. Mantenna
tara cape tara lungse. Taya pisan anu nyaho
kana eusining manah-Na.
29 Sakur nu cape jeung lungse, ku Mantenna
disegerkeun.
30 Sanajan nu ngarora ge sok leuleus,
barudak remaja sok ngudupruk beak tanaga.
31 Tapi sing saha anu muntang ka PANGERAN
sarta nyambat pitulung-Na, tangtu jagjag
seger deui, lir galudra mentang jangjang,
lumpat moal cape, leumpang moal mopo.
41 1 Dawuhan Allah, "Eh pulo-pulo,
rarepeh! Dengekeun ieu Kami!
Asongkeun perkara maraneh di pangadilan.
Pek di dinya ngomong, padu jeung Kami,
urang tangtukeun saha anu bener.
2 Saha nu ngondang si tukang nalukkeun
ti wetan, anu geus ngersakeun manehna
jaya ka mana bae iangna? Ku saha manehna
bisana meunang, bisa ngelehkeun raja-raja
jeung bangsa-bangsa? Saban lawanna
rubuh ku pedangna, lir lebu, paburisat ku
jamparingna lir jarami ditiup angin?
3 Saban ngudag ngabeledig ngan rahayu
bae, lumpatna ngabelesat meh teu napak
kana taneuh.
4 Ku saha eta teh bisana kitu? Ku saha
sajarah ditangtukeunana? Ku Kami,
PANGERAN, anu geus jumeneng ti awalna.
Nya Kami, PANGERAN, Allah nu bakal aya di
ahir.

5 Ti pulo-pulo anu jarauh, jalma-jalma geus
narenjo padamelan Kami, seug sarieuneun,
ngararompod. Tuluy karumpul ngahiji, sarta
daratang.
6 Tukang-tukang kayu nyarieun karajinan,
silih bantuan, silih hatean.
7 Tukang-tukang kayu ngahatean kamasan-
kamasan, pokna, Alus eta arca teh! Tukang
neupa ngahatean ka tukang ngaranjing-
ranjing, pokna, Alus patrianana! Seug arcana
ditangtungkeun, dipageuhan ku paku.
8 Tapi maneh mah, eh Israil abdi Kami,
maneh mah umat Kami, beunang Kami milih.
Maneh mah turunan Ibrahim, sahabat Kami.
9 Maneh ku Kami dicandak ti unggal tungtung
jagat, disaur ti juru-juru anu jarauh, bari
ceuk Kami, Maneh teh abdi Kami, ku Kami
moal ditampik, malah ngahaja dipilih.
10 Ulah sieun, aya Kami! Kami teh Allah
maneh, maneh tong sieun ku naon-naon!
Maneh ku Kami rek dijieun jadi bedas. Maneh
ku Kami bakal diraksa jeung dirahayukeun.
11 Sakur anu ambek ka maneh bakal ngarasa
kumaha erana nu eleh. Anu narajang ka
maneh tangtu paraeh.
12 Maraneh bakal neangan jalma-jalma anu
geus ngamusuhan ka maraneh, tapi moal
kapanggih. Jalma-jalma anu merangan ka
maraneh, ayeuna geus binasa, leungit ti alam
dunya.

13 Kami teh PANGERAN, Allah maneh,
anu nguatkeun leungeun katuhu maneh.
Timbalan Kami, Ulah sieun, maneh ku Kami
rek dibantu."
14 Timbalan Allah, "Eh Israil, maneh teh nya
lembut nya hengker. Tapi tong salempang,
tangtu ditulungan. Kami teh Allah Israil nu
suci, Kami anu bakal ngarahayukeun.
15 Maneh ku Kami rek dijadikeun ibarat
parud, huntuna alanyar, sareukeut, gunung-
gunung barubuk diparudan, pasir-pasir jadi
lebu.
16 Tuluy ku maneh dipangpengkeun ka
awang-awang, ngoleang kabawa angin,
ngarapeng paburisat. Maneh tangtu bakal
genah, sabab manutan ka Kami, Allah maneh.
Maneh geus tangtu bakal muji ka Kami, Allah
Israil nu suci.
17 Lamun umat Kami tigerat cai nepi ka
tikorona garing kahalabhaban, panyambatna
tangtu diwaler. Kami, Allah Israil, moal
ngantep.
18 Kami rek nyieun walungan-walungan, sina
ngalocor ti pasir-pasir bulistir. Lebak-lebak
sina pinuh ku cinyusu, gurun keusik sina
ngaremplang caraian, tanah keri sina pinuh
ku cinyusu.
19 Tengah gurun keusik sina pinuh ku
tatangkalan, kiputri, kipilang, kihiang, jeung
jetun, sina jadi leuweung, leuweung camara,
kihuru, kijamuju.

20 Jalma-jalma bakal narenjo eta, seug
nyaraho ka anu ngadamelna. Bakal
ngahalartieun yen dijadikeunana teh ku Kami,
Allah Israil nu suci."
21 PANGERAN, Raja bangsa Israil nimbalan,
"Eh brahala-brahala, hayu urang padu,
ngadu perkara. Pek asongkeun alesan nu
pangkuatna.
22 Ka dieu, coba ramal, naon anu bakal
kajadian, sangkan sarerea nyaho, sangkan
saradia ti anggalna. Pek pedar kajadian-
kajadian nu geus kaliwat, terangkeun
hartina.
23 Jeung terangkeun naon anu bakal
kajadian! Tangtu engke kanyahoan, maraneh
teh Allah atawa ngan aallahan! Pek
hojah kumaha pihadeeunana, atawa coba
datangkeun naon bae anu pibahlaeun, nepi
ka matak ngompod sarerea!
24 Hamo, maraneh kabeh hamo bisa! Sakur
anu ngabakti ka maraneh, engke malik
ngajejeleh!
25 Kami ngahaja geus milih hiji jalma, urang
wetan, sina narajang ti beulah kaler. Raja-raja
ku eta bakal diidek kawas leutak, lir taneuh
diidek ku panjunan.
26 Coba mana ti maraneh anu bisa norah
yen bakal kitu, sangkan sarerea nyaho yen
maraneh awas! Euweuh, hiji ge euweuh nu
bisa ngomong naon-naon, teu sakecap-kecap
acan. Saurang ge euweuh anu ngadenge

maraneh ngaramal, anu ngadenge maraneh
ngucapkeun ramalan!
27 Ieu Kami, PANGERAN, anu pangheulana
nepikeun eta warta ka Sion. Kami ngirim
utusan ka Yerusalem, ngabejaan: Rahayat
maneh tereh daratang! Tereh marulang!
28 Diilik-ilik ku Kami, eta brahala-brahala hiji
ge taya nu ngomong sakemek, euweuh pisan
anu bisa ngajawab pananya Kami.
29 Eta brahala-brahala kabeh euweuh
gunana, kabeh euweuh pisan guamna,
ngaranna ge brahala, euweuh tanagana,
euweuh kawasana."
42 1 Timbalan PANGERAN, "Ieu abdi Kami,
beunang Kami ngukuhkeun, beunang
milih, cocog jeung lelembutan, jeung geus
dieusian roh Kami. Tangtu adil ka sakabeh
bangsa.
2 Anjeunna moal huak-haok garawak-
gorowok, moal pidato di jalan-jalan.
3 Moal nepi ka miteskeun kaso anu geus
ngulapes, moal mareuman palita anu
hurungna geus kakalincesan. Jembar adil ka
sakabeh, sarta moal barobah.
4 Moal leutik hate atawa leungit kawani,
nanjeurkeun kaadilan di bumi. Pangajaranana
dipikabutuh ku nagri-nagri nu jarauh."
5 Allah ngadamel jeung mentangkeun langit,
ngawangun bumi katut sagala nu aya di
dinya, sarta maparin nyawa jeung napas ka

sakabeh mahluk nu hirup di dinya. Ayeuna,
Allah PANGERAN ngadawuh ka abdi-Na,
6 "Maneh disaur ku Kami, PANGERAN,
diserenan kawasa ngajalankeun kaadilan di
dunya. Ku jalan maneh Kami meungkeut
perjangjian jeung sakabeh manusa. Ku jalan
maneh Kami rek mere caang ka sakabeh
bangsa.
7 Anu lolong ku maneh bakal dibeuntakeun,
sakitan-sakitan dikaluarkeun ti jero panjara
nu poek.
8 Allah maneh teh ngan Kami, PANGERAN.
Kaagungan Kami moal dibagikeun ka
saha-saha, Kami moal ngantep arca kabagi
kamashuran Kami.
9 Perkara anu diwejangkeun ku Kami, ayeuna
geus bukti. Ayeuna Kami rek ngadawuhkeun
perkara anyar, sanajan eta tacan ngajadi."
10 Pujikeun pupujian anyar ka PANGERAN!
Paruji kamulyaan Mantenna di sajagat!
Paruji, eh mahluk pangeusi laut! Paruji, eh
nagri-nagri nu jarauh jeung nu caricing di
dinya!
11 Gurun keusik jeung kota-kotana, mangka
maruji ka Allah; urang Kedar mangka maruji
ka Mantenna! Nu maratuh di kota Sela kudu
sarurak ti puncak-puncak gunung!
12 Anu maratuh di nu jarauh, kudu maruji
ngagungkeun ka PANGERAN!
13 Allah geus jengkar lir prajurit maju
perang, tatandang hoyongeun geura prung.

Lajeng ngahucuhkeun perang, ngahucuhkeun
jurit mintonkeun kakawasaan ka musuh.
14 Timbalan Allah, "Geus lila Kami bungkem
bae, teu ngawaler ka umat Kami. Ayeuna
geus waktuna Kami meta bijil sora, rek
ngagero lir awewe ngajuru.
15 Pasir-pasir, gunung-gunung, rek digempur.
Jujukutan jeung tatangkalan sina gararing.
Lengkob-lengkob walungan sina jadi gurun
keusik, situ-situ sina saraat.
16 Umat Kami anu lalolong rek ditungtun
ka jalan anu ku maranehna tacan kasorang.
Dunyana nu poek rek disina caang.
Tincakeunana anu garokgek rek disina
rata. Kitu jangji-jangji Kami, nu geus pasti
dilaksanakeun.
17 Sakur nu percaya ka arca-arca,
anu miallah ka brahala-brahala, bakal
direndahkeun jeung dihina."
18 PANGERAN nimbalan, "Eh nu tarorek,
dengekeun! Telek-telek, eh nu lalolong!
19 Naha aya kitu anu leuwih lolong ti batan
abdi Kami, anu leuwih torek ti batan utusan
Kami?
20 Eh Israil, geus loba anu ku maraneh
ditenjo, kumaha geus dihartikeun? Maraneh
baroga ceuli pikeun ngadenge, tapi naon bae
anu geus kadarenge teh?"
21 PANGERAN teh Allah anu kacida
hoyongeunana nyalametkeun. Ku sabab

kitu Mantenna ngayakeun hukum jeung
pangajaran, anu kudu dihormat ku umat-Na.
22 Tapi ayeuna umat-Na teh geus dirampog,
ditutup di jero tahanan handapeun taneuh,
dikerem di jero panjara-panjara. Maranehna
geus dirampog jeung diranjah, euweuh nu
datang pikeun ngajait.
23 Daraek maraneh ngaregepkeun ieu?
Kumaha ayeuna daraek ngadenge sing bener?
24 Saha nu nyerenkeun Israil nepi ka Israil
aya nu ngaranjah? PANGERAN ku manten,
lantaran urang dosa ka Mantenna! Hirup
urang teu sapagodos jeung pangersa-Na,
arembung nurut kana pangajaran-pangajaran
Mantenna.
25 Nu Matak urang ku Mantenna dibenduan
sakieu hebatna, nandangan siksaan perang.
Bendu-Na lir seuneu ngahuru sakuliah Israil.
Parandene kitu urang tetep henteu daek
eling, urang arembung nyokot hikmahna.
43 1 Eh Israil, PANGERAN anu ngajadikeun
maneh, nimbalan, "Ulah sieun, maneh
ku Kami tangtu dijait. Maneh ku Kami disebut
ngaran, sabab maneh teh kagungan Kami.
2 Mun maneh meuntasan cai jero, ku Kami
tangtu diaping, maneh moal titeuleum ku
kasukeran. Nyorang seuneu moal tutung,
nyorang bahla moal cilaka.
3 Sabab Kami, PANGERAN Allah maneh,
Allah Israil nu suci, bakal nyalametkeun.
Pikeun nyalametkeun diri maneh, Kami rek

ngorbankeun Mesir, rek ngorbankeun Sudan
jeung Seba.
4 Kami tega ngorbankeun bangsa-bangsa,
asal maneh katulungan. Sabab maneh teh
pupunden Kami, kakasih Kami, sarta ku Kami
dibere kamulyaan.
5 Ulah sieun, aya Kami! Bangsa maneh ku
Kami rek disina mulang ti tungtung wetan
jeung ti tungtung kulon.
6 Urang kaler rek dititah ngajurung mulang,
urang kidul moal disina ngahalang-halang.
Umat Kami kudu mulang ti nu jarauh, ti
unggal babagian dunya.
7 Israil teh kagungan Kami. Kami ngajadikeun
Israil teh supaya Kami dimulyakeun."
8 Timbalan Allah: "Jogokeun umat Kami
di pangadilan. Maranehna enya ge boga
mata tapi teu narenjo, careulian tapi teu
ngadarenge!
9 Jogokeun bangsa-bangsa, ku Kami rek
diuji! Mana brahala-brahalana anu magar
bisaeun norah pikahareupeun? Anu mana anu
geus nyahoeun ti memehna perkara nu jadi
ayeuna? Datangkeun eta brahala-brahala teh
pikeun saksi maranehna. Sina nyaksikeun
yen maranehna bener, sina ngaenyakeun
pangakuanana.
10 Ari pikeun saksi Kami nya maraneh,
urang Israil. Maraneh geus dihaja dipilih
sangkan ngabdi ka Kami, sangkan nyaraho
jeung palercaya ka Kami, sangkan yakin yen

Kami teh Allah tunggal. Allah teh ngan Kami
sorangan, euweuh deui, boh baheula, boh
engke.
11 Ngan Kami bae PANGERAN teh, hiji-hijina
anu iasa nyalametkeun ka maraneh.
12 Kami geus ngawejangkeun anu bakal
pijadieun. Ayeuna Kami datang rek nulungan
maraneh. Moal aya allah sejen anu bisaeun
kitu. Maraneh saksina, saksi Kami.
13 Kami teh Allah, salalawasna Kami Allah.
Moal aya anu luput tina kakawasaan Kami,
moal aya anu bisa ngarobah pangersa Kami."
14 PANGERAN, Allah Israil nu suci, anu
nyalametkeun maraneh, nimbalan, "Kami
rek nginditkeun balad nempuh Babul, pikeun
ngabebaskeun maraneh. Gapura-gapura
Babul rek dirubuh-rubuhkeun, surakna rek
dirobah, sina careurik.
15 Kami teh PANGERAN, Allah maraneh nu
suci. Kami teh anu ngajadikeun maraneh, eh
Israil! Kami teh Raja maraneh."
16 Baheula PANGERAN geus ngadamel jalan
nerus laut, nerus cai nu pagulung-gulung.
17 Hiji balad anu rosa, pasukan kuda jeung
kareta, ku Mantenna dicandak ka dinya, sina
cilaka. Kabeh titeuleum teu mumbul deui,
tingkerebek paraeh lir lilin pareum.
18 Tapi dawuhan PANGERAN, "Ulah lengket
kana kajadian nu baheula, ulah napel kana
kajadian nu geus kaliwat.

19 Mending awaskeun nu anyar, anu rek
dipidamel ku Kami, tereh bukti, bisa katenjo
ayeuna keneh! Kami rek nyieun jalan di tanah
gurun, jeung ngadamel susukan-susukan
pikeun maraneh.
20 Sato-sato alas ge bakal hormat ka Kami.
Ajag jeung manuk onta bakal muji ka Kami,
mun eta susukan-susukan geus cur-cor di
tengah gurun keusik, keur kaperluan umat
pilihan Kami.
21 Maranehna dijadikeun teh keur Kami
pribadi, maranehna kudu nyoarakeun pamuji
ka Kami!"
22 PANGERAN nimbalan, "Tapi maraneh geus
bosen ka Kami, eh Israil! Maraneh geus
henteu ngabakti.
23 Tara mere domba kurban beuleuman, tara
mere deui pangbakti tanda hormat ka Kami.
Kami teu ngabeuratkeun ka maraneh ku
menta kurban-kurban, teu nyapekeun menta
kukus seuseungitan.
24 Maraneh tara mareuli seuseungitan jang
Kami, tara mere deui gajih sato maraneh.
Sabalikna malah Kami anu dibeungbeuratan
ku dosa-dosa maraneh, anu dicapekeun ku
kasalahan-kasalahan maraneh.
25 Najan kitu Kami teh Allah anu daek
ngahampura dosa-dosa maraneh, sabab kitu
sipat Kami. Dosa maraneh ku Kami moal
diinget-inget.

26 Hayu urang ka pangadilan, pek geura
ngadakwa! Bela perkara maraneh, buktikeun
yen maraneh bener teh!
27 Karuhun maraneh geus dosa ka Kami, kitu
keneh pamingpin-pamingpin maraneh,
28 sarta pangereh-pangereh maraneh geus
ngarurujit tempat Kami anu suci. Eta sababna
Israil ku Kami disina ruksak; Kami ngantep
umat Kami pribadi dihina."
44 1 Timbalan PANGERAN, "Darengekeun
eh Israil, abdi Kami, turunan Yakub,
umat kapilih!
2 Kami teh PANGERAN, anu ngagelarkeun
maneh. Ti barang maneh dijurukeun, ku Kami
geus ditulungan. Ulah sieun, maneh abdi
Kami, umat pilihan Kami anu dipikanyaah.
3 Tanah tuhur ku Kami bakal diguyur, nu
kagaringan rek digolontoran ku walungan-
walungan. Roh Kami rek dikocorkeun ka
anak-anak maneh, sarta berkah Kami pikeun
turunan maneh.
4 Maranehna bakal marulus, tumuwuh lir
jukut teu kurang cai, ibarat tatangkalan sisi
susukan.
5 Jalma-jalma ka pada baturna bakal
ngakukeun maneh, Kuring kagungan
PANGERAN. Bakal daratang ngahiji jeung
urang Israil. Unggal jalma ngukir jenengan
PANGERAN dina leungeunna, jeung nyarebut
maneh umat Allah."

6 PANGERAN anu marentah jeung ngaraksa
Israil, Nu Maha Kawasa geus nimbalan kieu,
"Kami teh anu mimiti, anu ahir, hiji-hijina
Allah. Taya deui Allah jaba ti Kami.
7 Saha anu bisa nyieun anu dipidamel ku
Kami? Saha anu bisa ngawejangkeun nu
tacan datang, anu nyaho ti mimiti aya waktu,
nepi ka ahir jaman?
8 Umat Kami ulah sieun! Maraneh nyaho,
sagala kajadian ti baheula nepi ka poe ieu
pisan, ku Kami geus diwejangkeun ti heula.
Naha enya aya Allah sejen teh? Maraneh
saksina. Naha enya aya Allah sejen teh? Naha
aya deui Allah anu kawasa, anu Kami can
uninga?"
9 Jalma-jalma nu nyieun brahala teh taya
gunana. Arca-arca anu dipupunjungna teh
taya hargana. Anu nyarembah ka brahala teh
estuning lolong taya kanyaho, engke tangtu
bakal arera.
10 Lain kalakuan hade nyieun arca logam
tuluy disembah dianggap Allah.
11 Sakur anu nyembah ka nu kitu bakal
meunang era. Jalma anu nyieun eta arca teh
manusa biasa, taya leuwihna. Sina bareng ka
darieu, rek diuji, moal teu sarieuneun jeung
areraeun.
12 Tukang beusi nyieunna arca tina beusi,
dibeuleum, diteupa, diteunggeulan ku palu
sataker tanaga, tuluy direka sina mangrupa,

migawena nepi ka poho nginum-nginum
acan, poho kacape.
13 Tukang kayu nyieunna tina kayu, digambar
heula ku kapur tuluy direka diukir make
pahat, dirupakeun jelema, dijieun lalaki
kasep, teundeuneun di imahna.
14 Kayuna aya kiputri, aya jati, atawa
jamuju, nuar ti leuweung, atawa ngahaja
melak tangkal salam bari ngarep-ngarep
hujan, ambeh salamna tereh jadi.
15 Eta tangkal, sabagian dijieun suluh,
sabagian deui dijieun arca. Jadi, anu sabagian
diduruk dipake siduru jeung meuleum
roti, anu sabagian deui dijieun arca, tuluy
disembah.
16 Kayu teh sabagian dibeuleum dipake
manggang lauk, laukna dihakan nepi ka
seubeuh. Bari siduru jelemana ngomong,
"Genah, haneut, alus seuneuna!"
17 Sabagian dijieun arca, geus anggeus
nu nyieunna tuluy sujud ka eta arca
bari ngomong, "Nun Dewa pupujan, kula
tulungan!"
18 Jalma kitu ku bawaning bodo nepi ka teu
nyaho kana kabodoan sorangan. Panonna
nutup, pikiranana oge nutup, teu nyaho naon
nu bener.
19 Tukang nyarieun arca teh bodona
katotoloyoh, nepi ka teu boga pikir kieu:
"Ieu kayu, sawareh ku aing dibeuleum; aing
meuleum roti jeung manggang laukna dina

ruhakna, tuluy didahar. Sesa ieu kayu ku aing
dijieun arca. Ana kitu aing teh nyembah ka
kayu sapotong!"
20 Kawas nyatu lebu bae nepi ka teu bisa
mikir. Pikiranana anu gejul teh kacida
nyasabkeunana ka dirina, geus hamo
katulungan deui, nepi ka teu nyahoeun yen
arca anu disembah-sembah ku manehna teh
sama-sakali lain Allah.
21 PANGERAN nimbalan, "Eh Israil! Inget,
maneh teh abdi Kami. Kami ngajadikeun
maneh teh sangkan jadi abdi Kami, sarta
Kami moal poho ka maneh.
22 Dosa maneh ku Kami geus disapu, sirna
lir mega. Geura balik ka Kami. Ieu Kami anu
nyalametkeun maneh."
23 Eh langit geura surak! Eh jungkrang-
jungkrang jero, geura surak! Gunung-gunung
jeung kakayon leuweung, geura senggak!
PANGERAN geus mintonkeun kamulyaana-Na,
ku jalan nyalametkeun umat-Na, Israil.
24 "Kami PANGERAN, jurusalamet maraneh.
Nya Kami anu ngajadikeun maraneh. Kami
teh PANGERAN, nu nyiptakeun saniskara. Nya
Kami anu ngabeberkeun cakrawala. Kami
ngajadikeun bumi teu dibantu ku sasaha.
25 Kami ngagelokeun tukang-tukang
torah, ngaburungkeun tujuman ahli-ahli
bentang, nyerongkeun pituah para bujangga,
ngabuktikeun yen hikmah maranehna sarua
jeung kabodoan.

26 Tapi upama anu ngawejangna teh umat
Kami, nya eta utusan anu nganyatakeun
sagala pangersa Kami, piwejangna tangtu
laksana, sarta pangersa Kami tinangtu nyata.
Ka Yerusalem Kami geus nimbalan, yen
rahayatna tangtu maratuh deui di dinya,
kitu deui ka kota-kota di Yuda, yen bisa
diadegkeun deui engke ku maranehna,
mecenghul tina ruruntukna.
27 Ku timbalan Kami sakecap, laut saat.
28 Kami nimbalan ka Kores, Nya maneh nu
kudu jadi wakil Kami, nyekel parentah. Kudu
ngajalankeun pangersa Kami. Parentahkeun:
Yerusalem kudu diadegkeun deui, pademen
Bait Kami pasang deui."
45 1 PANGERAN geus milih Kores jadi raja.
Ku Mantenna bakal dipangmukakeun
gapura kota-kota, sina nalukkeun raja-raja,
ngarangsadan kakawasaanana. Kieu timbalan
PANGERAN ka Kores,
2 "Kami anu bakal maju heulaeun maneh,
ngaratakeun gunung-gunung jeung pasir-
pasir, ngabejadkeun panto-panto tambaga,
ngarebahkeun sarigsig-sarigsig beusi, pikeun
pijalaneun maneh.
3 Maneh rek diserenan dunyabrana,
pependeman ti tempat-tempat anu baruni,
sangkan nyaho yen Kami teh PANGERAN,
sangkan nyaho yen ngaran maneh geus
disebut ku Allah Israil.

4 Maneh ku Kami diangkat pikeun nulung
abdi Kami, Israil, umat beunang Kami milih.
Maneh najan can nyaho ka Kami, ku Kami
geus dibere kahormatan kitu.
5 Kami teh PANGERAN. Taya deui Allah sejen.
Maneh rek dibere kakuatan, sanajan can
wawuh ka Kami.
6 Maksud Kami sangkan unggal jalma ti
tungtung-tungtung jagat nyaraho yen Kami
teh PANGERAN, sangkan nyaraho yen euweuh
deui Allah sejen.
7 Kami nu ngadamel caang jeung poek. Kami
nu ngadatangkeun rahmat jeung bahla. Kami
PANGERAN, nu midamel ieu sagala perkara.
8 Kami rek ngahujankeun kaunggulan.
Bumi bakal suka narima eta kaunggulan.
Bumi bakal marakbak siang, kahibaran ku
kabebasan jeung kaadilan. Kabeh bakal
dibuktikeun ku Kami, PANGERAN."
9 Ari pariuk atawa barang gagarabah lianna,
wanieun ngalawan ka nu nyieunna? Ari
taneuh liket sok nanyakeun ka panjunan
rek dijieun naon? Ari pariuk sok nyawad ka
nu nyieunna, nyebutkeun yen nu nyieunna
euweuh kabisa?
10 Naha aya anu wani ngomong ka kolotna,
"Ku naon kuring dijieun kieu?"
11 PANGERAN, Allah Israil nu suci, nu iasa
ngadamel mangsa pikahareupeun, nimbalan,
"Maneh taya kawasa nanyakeun ka Kami

perkara putra-putra Kami, jeung taya hak
nuduhkeun pidameleun Kami.
12 Ieu Kami, anu ngajadikeun bumi, jeung
ngajadikeun manusa pangeusina. Kami
make pangawasa ngabeberkeun langit.
Kami anu ngatur panonpoe, bulan jeung
bentang-bentang.
13 Kami anu ngersakeun Kores sina
ngalaksanakeun pangersa Kami, pikeun
memeres sagala rupa. Jalan sorangeunana
ku Kami geus dilelempeng. Kores anu bakal
ngadegkeun deui Yerusalem kota Kami, jeung
ngabebaskeun umat Kami ti pangbuangan.
Tur kituna teh lain ku sabab aya nu muruhan,
lain ku sabab aya anu ngarurubaan."
14 PANGERAN nimbalan ka Israil,
"Dunyabrana Mesir jeung Sudan bakal
beunang ku maneh. Urang Seba nu
jarangkung gede bakal jaradi badega maneh,
narurut ka maneh, bari nyandang rante. Ka
maneh bakal sarujud, bari nyebut, Juragan
dibanding ku Allah. Allah teh mung Mantenna
bae.
15 Allah Israil anu nyalametkeun umat-Na
teh Allah anu ngarasiahkeun salira-Na.
16 Sakur anu nyieun arca tangtos bakal
areraeun, sadayana bakal nandang kahinaan.
17 Sawangsulna Israil mah ku PANGERAN
disalametkeun. Kaunggulan Israil langgeng,
umat Mantenna moal nyorang kahinaan."

18 PANGERAN ngajadikeun langit. Ngan
Mantenna nu jumeneng Allah! Mantenna
ngadegkeun bumi, diwangunna weweg tur
langgeng. Dijadikeunana lain sangkan terus
suwung, tapi supaya dicicingan ku manusa.
Nya Mantenna nu ngadawuh, "Kami teh
PANGERAN, taya deui Allah sejen.
19 Kami ngandika teh henteu rarasiahan,
pangersa Kami henteu disumput-sumput.
Kami henteu miwarang urang Israil neangan
Kami di tempat suwung. Ieu Kami PANGERAN,
ngandikakeun nu sabenerna, nguarkeun nu
saestuna."
20 PANGERAN ngandika, "Ka darieu kumpul,
eh rahayat sagala bangsa! Ka darieu sakur
anu luput ti karajaan anu geus rugrug. Ka
darieu pasrah, ku Kami rek diuji! Jalma-jalma
nu ngaraleut marawa brahalana, tukang
sasambat ka dewa-dewa anu teu bisa mere
pisalameteun, tegesing taya kanyaho pisan!
21 Ka darieu, bela perkara maraneh di
pangadilan! Anu rek ngabela pek baradami
heula. Saha anu baheula ngawejangkeun
perkara nu bakal datang? Ku saha umat Kami
salametna? Ku Kami, PANGERAN, Allah anu
nyalametkeunana teh. Euweuh deui, ngan
Kami Allah teh.
22 Ka darieu ka Kami, eh manusa sajagat!
Tangtu maraneh salamet! Ngan Kami bae
Allah teh.

23 Jangji Kami jangji anu pasti, moal robah.
Kami jangji saenyana, nyebat jenengan ku
manten. Ka darieu, sujud ka Kami. Sing tuhu
ka Kami!
24 Maranehna tan wande ngaraku, yen
ngan ku pangersa Kami bae meunangna
kaunggulan jeung bogana kakuatan teh. Saha
nu ijid ka Kami, tanwande cilaka.
25 Kami, PANGERAN, seja nyalametkeun
sakabeh turunan Yakub, sangkan maranehna
ngamulyakeun ka Kami.
46 1 Ieu pitungtungeun brahala-brahala
Babul: Bel jeung Nebo, nu biasa
dipuja-puja, dimuatkeun kana kalde, kana
tonggong sato anu geus maropo.
2 Eta brahala-brahala teh aya nu mawa ge
teu barisaeun naon-naon. Kitu tungtungna
brahala-brahala Babul teh.
3 Eh turunan Yakub sesa-sesa umat Kami,
darengekeun: Maraneh teh ku Kami geus
diurus ti barang brol dijurukeun.
4 Kami, Allah maraneh bakal terus ngurus,
nepi ka maraneh karolot, haruisan. Kami
anu ngajadikeun, Kami anu ngurus. Maraneh
tangtu ditulungan, disalametkeun.
5 Rek disaruakeun jeung saha Kami ku
maraneh? Naha aya anu sarua jeung Kami?
6 Jalma-jalma maruka pepeten, ngaluarkeun
emas, nimbang perak dina taraju,
tuluy muruhkeun ka kamasan menta

dipangnyieunkeun arca, tuluy eta arca teh disembah.
7 Eta arca dipangku dipunggu, tuluy ditagenkeun dina tempatna. Cameubleu bae di dinya, teu bisaeun pindah. Dipentaan tulung teh ngabigeu bae, boro-boro bisa nyalametkeun tina bahaya.
8 Aringetkeun eh nu daroraka! Jeung sing areling kana dadamelan Kami.
9 Sing areling kana kajadian baheula. Kudu ngaraku yen Allah teh ngan Kami. Euweuh nu saperti Kami.
10 Sakur anu enggeus kajadian, ku Kami geus diwejangkeun ti samemehna, didawuhkeunana geus ti baheulana keneh. Kami geus ngadawuh yen pangersa Kami moal mencog, yen sakur anu ku Kami geus dikudukeun, moal teu dibuktikeun.
11 Kami geus nyaur hiji jelema ti tatar wetan, lampahna gancang lir dadali anu nyirorot, baris ngalaksanakeun pangersa Kami. Ku Kami geus ditimbalkeun. Tangtu kajadian.
12 Eh jalma-jalma bedegong! Ceuk pikiran maraneh jajauheun kana bisa unggul.
13 Padahal eta piungguleun teh geus tereh, waktuna tereh cunduk. Kami tangtu unggul, jeung moal engke-engke. Kami rek ngajait Yerusalem, Israil rek disina mulya deui."

47 1 PANGERAN ngadawuh, "Eh Babul, geura turun tina tahta, geura ngagepor dina taneuh ngebul! Maneh tadina lir parawan

matak bogoh, hiji kota anu moal kaelehkeun.
Tapi ayeuna mah geus teu kitu deui. Ayeuna
mah maneh jadi badega!
2 Cokot batu panggilingan, geura nipung!
Laan karembong! Bukaan kabeh eta pakean
anu aralus teh tina awak! Hayoh nyingsat,
tuluy meuntas cai.
3 Sina pada ngalalajoan maneh taranjang,
tembong orat tembong wiwirang. Maneh
ku Kami dibales, moal aya nu bisa
ngahalang-halang."
4 Allah Israil nu suci, geus ngabebaskeun
urang. Jenengan Mantenna PANGERAN Nu
Maha Kawasa.
5 PANGERAN nimbalan ka Babul, "Geura los
ka nu poek, tong kecet-kecet. Maneh moal
disebut deui ratu bangsa-bangsa.
6 Basa Kami bendu ka umat Kami nepi ka
maranehna teu diaku deui umat, maranehna
ku Kami diselehkeun ka maneh. Bet maneh
mani euweuh pisan karunya! Ka nu geus
karolot ge mani tega nganiaya.
7 Maneh ngira rek bisa ngaratuan
saendeng-endeng, teu karasa, teu kapikir
pitemaheunana.
8 Dengekeun, eh nu tuman senang-senang,
anu rasa maneh aman santosa! Maneh
ngarasa sarua jeung Allah, euweuh anu
nyaruaan! Boga rasa pamohalan jadi randa,
pamohalan kauculan anak.

9 Tapi ngan di jero sakeudeung, di jero
sapoe, eta dua hal bakal tumiba. Najan
maneh make tumbal-tumbal tulak bala, tetep
bakal kauculan salaki jeung anak.
10 Maneh asa jongjon nyieun kadorakaan,
pangrasa teh moal aya nu nganyahoankeun.
Maneh teh sasar ku kapinteran jeung ku
akal budi sorangan. Maneh enggeus sompral
nyebut, Aing Allah, euweuh anu nyaruaan!
11 Maneh bakal cilaka! Elmu-elmu gaib
maneh moal bisa nyegah. Maneh bakal
ngadadak katinggang bahla, bahla anu can
kaimpi-impikeun acan.
12 Pek pake terus tumbal-tumbal jeung
jampe-jampe nu dipake ti ngongora teh, pake
ngagigila musuh.
13 Maneh nepikeun ka cape ku sagala
tarekah. Pek geura menta tulung ka ahli-ahli
palak maneh, pan maranehna teh tukang
meleng bentang, tukang ngagambarkeun
daerah-daerah angkasa, anu saban bulan
mangnorahkeun ka maneh anu bakal
kajadian.
14 Maranehna teu beda ti jarami sakeupeul,
anu bakal beak ku seuneu. Dirina sorangan
moal bisa katulungan, sabab seuneuna kacida
panasna, lain seuneu anu genah dipake
siduru.
15 Ngan sakitu mangpaatna ka maneh eta
ahli-ahli palak pananyaan maneh saumur
hirup teh. Kabeh bakal naringgalkeun ka

maneh, jalanna masing-masing, moal aya
anu kari pikeun nyalametkeun ka maneh."
48 [1] Eh urang Israil, eh turunan Yuda,
darengekeun. Maraneh sok sumpah
demi PANGERAN. Jeung ngakukeun ngabdi ka
Allah Israil, tapi henteu reujeung prakna.
[2] Sangkilang kitu make agul nyebut maneh
warga kota suci, nyebut maneh gumantung
ka Allah Israil anu jenenganana PANGERAN
Nu Maha Kawasa.
[3] Timbalan PANGERAN ka Israil, "Ti bareto
Kami geus mere nyaho naon anu bakal
kajadian. Ku Kami dibuktikeun, tur ngadadak.
[4] Ti samemehna Kami geus uninga yen
maraneh bakal baredegong, teugeug kawas
beusi, heuras kawas tambaga.
[5] Jeung bareto Kami geus mere nyaho hal
maraneh pikahareupeun. Kajadian-kajadian
anu bakal keneh, ku Kami geus diandikakeun
ti samemehna, pikeun nyegah ulah nepi ka
maraneh nganggap yen eta beunang ngatur
brahala maneh.
[6] Sakur anu ku Kami geus diandikakeun
ti samemehna, ayeuna geus kajadian.
Kuduna mah maraneh teh ngaku yen
pangandika Kami teh bener. Ayeuna Kami
rek ngandikakeun perkara-perkara anyar anu
bakal kajadian, anu can kungsi diandikakeun.
[7] Ku Kami kakara rek dibuktikeun ayeuna,
tur beda ti nu ti heula-heula. Supaya lamun

enggeus kajadian, maraneh ulah nyebutkeun
yen geus nyaho ti samemehna.
8 Kami nyaho maraneh moal ngandel. Nyaho,
maraneh teh geus kaceluk tukang ngalawan.
Eta sababna nu matak maraneh can pisan
dibere ngadenge ieu perkara, sakecap ge can
aya nu nepi kana ceuli maraneh.
9 Kami nyabar-nyabar maneh nahan amarah,
ulah nepi ka ngabasmi ka maraneh, supaya
jalma-jalma ngagungkeun ka Kami.
10 Maraneh ku Kami disangsara, diuji, lir
perak diuji ku seuneu. Tetela maraneh teh
taya hargana.
11 Pangna Kami midamel kitu, sabab: ulah
nepi ka jenengan Kami aya anu ngarerendah,
ulah nepi ka kamulyaan Kami dicoceng ku
batur, sabab eta teh hak Kami sorangan."
12 Timbalan PANGERAN, "Darengekeun eh
Israil, eh umat anu ku Kami geus disaur!
Kami teh Allah, Anu awal, Anu ahir, Allah anu
tunggal.
13 Panangan Kami ngajadikeun dadasar
bumi, mentangkeun cakrawala. Upama
langit jeung bumi dicalukan ku Kami, seug
nyalampeurkeun sapada harita.
14 Coba karumpul! Darengekeun! Taya hiji
brahala anu bisa ngawejangkeun yen jalma
anu dipilih ku Kami teh bakal narajang Babul;
manehna bakal ngajalankeun pangersa Kami.

15 Nya Kami anu ngandikakeun hal eta, anu
nyaurna. Eta ku Kami dijurung jeung disina
unggul.
16 Ka darieu sing deukeut! Darengekeun ieu
Kami. Ti alam mimiti keneh ge Kami geus
bruk-brak ngandika, sarta pangandika Kami
tea kabeh geus nyata." (Ayeuna PANGERAN
Nu Maha Kawasa ngawasakeun ka kaula.
Kaula ku Mantenna diutus.)
17 Allah Israil nu suci, PANGERAN, anu
ngajait maraneh tea nimbalan, "Kami teh
PANGERAN Allah maraneh, anu ngawurukan
ka maraneh keur kapentingan maraneh
keneh, nungtun kana jalan anu samistina.
18 Coba mun maraneh narurut kana
timbalan-timbalan Kami, tan wande meunang
nugraha jeung berkah, anu ngocor lir
walungan anu tara saat! Tan wande
kaunggulan teh mapag lir ombak muru
basisir.
19 Tan wande maraneh loba turunan lir
keusik lobana, jeung ku Kami dijaga supaya
teu musna."
20 Geura kalaluar ti Babul, lumpat bebas!
Celukkeun sing gumbira, sebarkeun ka
mana-mana ieu warta: "PANGERAN geus
ngajait Israil abdi-Na!"
21 Basa PANGERAN nungtun umat-Na
ngambah gurun keusik anu panas, umat-Na
teu kungsi ripuh halabhab. Mantenna

ngabijilkeun cai tina batu cadas, cadasna
disina beulah, caina ngagolontor.
22 "Ari anu daroraka mah pamohalan
salamet," timbalan PANGERAN.
49 1 Eh bangsa-bangsa nu aranggang,
jalma-jalma nu jarauh, darengekeun:
Memeh kaula dijurukeun, ku PANGERAN geus
dipilih jeung diangkat jadi abdi-Na.
2 Omongan kaula ku Mantenna disina
seukeut lir pedang. Panangana-Na ku
manten baris nangtayungan kaula. Kaula ku
Mantenna dijieun lir jamparing, seukeut tur
siap digunakeun.
3 Timbalan Mantenna ka kaula, "Eh Israil,
maneh teh abdi Kami. Ku jalan maneh,
jalma-jalma bakal ngamulyakeun ka Kami."
4 Tapi ceuk kaula, "Eta parantos ku
abdi dilampahkeun, nanging mubadir.
Dilampahkeun dugi seep tanaga, nanging
teu aya pisan hasilna." Tapi kaula percaya,
PANGERAN bakal ngabela, pagawean kaula
tangtu aya ganjaranana.
5 Memeh kaula dijurukeun, ku PANGERAN
geus diangkat, dijadikeun abdi-Na pikeun
mawa mulang umat-Na, nya eta urang
Israil anu pabalencar. Kaula ku PANGERAN
dipaparin kahormatan. Pikeun kaula,
Mantenna teh sumber kakuatan.
6 PANGERAN nimbalan ka kaula, "Aya
pidameleun Kami pikeun maneh, anu leuwih
penting, eh abdi Kami! Maneh lain ngan

bakal mulihkeun deui kajayaan bangsa
Israil nu nyesa keneh. Sajaba ti eta teh
maneh rek dijadikeun cahaya, nu nyaangan
bangsa-bangsa, sangkan saalam dunya
rahayu."
7 Allah Israil nu suci, jurusalamet, nimbalan
ka hiji jalma nu kacida dihinana, anu
dipikacua ku bangsa-bangsa, jeung keur
dibadegakeun ku raja-raja. Timbalana-Na,
"Raja-raja bakal narenjo maneh menyat,
seug carengkat, ka maneh ngahormat. Kitu
deui para kapala ka maneh tangtu sarujud."
Hal ieu tangtu bakal bukti kajadian, sabab
PANGERAN geus milih eta abdi-Na. Allah Israil
nu suci teh tigin kana jangji.
8 PANGERAN ngadawuh ka umat-Na, "Lamun
geus waktuna ngajait maraneh, Kami tangtu
luntur manah kersa ngadangu panyambat
maraneh. Maraneh tangtu diraksa dijaga.
Sarta ku jalan maraneh Kami rek ngadamel
perjangjian jeung sakabeh manusa. Maraneh
meunang maratuh deui di tanah sorangan nu
geus kalantar.
9 Ka sakur nu keur dipanjara, Kami rek
ngadawuh, Geura bebas! Ka nu keur araya di
nu poek, Kami rek ngadawuh, Geura kaluar
ka nu caang! Maranehna bakal bebas, lir
domba dikencarkeun ka pasir sina nyaratuan.
10 Moal kalaparan, moal kahalabhaban,
moal kabetrak ku panonpoe, moal kagarang
ku tegalan anu panas ngentak-ngentak.

Sabab bakal diasuh ku anu maha welas ka maranehna. Ku Mantenna bakal dibawa ka cinyusu.
11 Kami rek ngadamel jalan gede liwat gunung-gunung, jalan keur umat Kami.
12 Umat Kami bakal daratang ti nu jarauh, ti tatar kaler, tatar kulon, jeung ti tatar kidul, ti tanah Sinim."
13 Langit geura emprak! Jagat geura surak! Gunung-gunung geura sarenggak! Sabab PANGERAN bakal ngalilipur ka umat-Na, bakal mikawelas ka maranehna, anu eukeur salangsara.
14 Tapi ceuk urang Yerusalem, "PANGERAN geus nilarkeun ka urang, geus ngalalikeun."
15 Ku sabab kitu PANGERAN ngawaler, "Ari indung naha sok pohoeun ka orokna? Naha sok teu nyaaheun ka anak tegesna? Tapi najan aya ge indung anu teu nyaah ka anak, Kami mah hamo lali ka maraneh.
16 Kami hamo bisa poho ka maneh, eh Yerusalem! Ngaran maneh ku Kami geus ditulis dina dua dampal panangan.
17 Nu bakal ngadegkeun deui maneh moal lila deui ge daratang. Ari anu bareto ngagempur bakal nyalingkir.
18 Tenjo ka sakuriling, tuh aya naon! Tuh, rahayat maneh geus ngagarimbung, arek marulang ka dieu! Demi Kami teh Allah anu jumeneng, maneh engke bakal agul ku eta

rahayat, cara panganten awewe agul ku perhiasanana.
19 Nagri maneh geus runtuh, geus suwung.
Tapi moal lila deui ge ieu nagri teh bakal
karasa leutik teuing, sabab bakal gegek ku itu
anu keur daratang. Ari nu ngalantarankeun
maneh jadi suwung, bakal aringkah ti maneh.
20 Rahayat maneh anu dijurukeun di
pangbuangan, engke bakal ngaromong kieu
ka maneh, Ieu tanah geus sesek teuing,
urang butuh tempat deui pikeun enggon
cicing.
21 Seug maneh bakal ngomong sorangan.
Ieu barudak pikeun aing teh dijurukeun ku
saha? Da anak-anak aing mah geus teu araya,
jeung aing teu ngajuru deui. Pan aing teh aya
nu ngabuang. Jadi ieu barudak digedekeun
ku saha? Aing teh kapan sorangan, jadi ieu
barudak asalna ti mana?"
22 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan ka
umat-Na, "Kami rek mere isarat ka bangsa-
bangsa. Maranehna bakal ngalanteurkeun
barudak maneh marulang.
23 Pikeun maneh, eta raja-raja teh ibarat
bapana eta barudak, ari ratu-ratu minangka
indungna. Ka maneh bakal sarujud,
nyarembah, ngahormat, ngarendahkeun diri.
Ti dinya maneh kakara bakal nyaho yen Kami
teh PANGERAN. Anu ngaharep pitulung ti
Kami moal gaplah."

24 Bisa maneh ngarebut barang anu geus
direbut ku serdadu? Bisa maneh ngarebut
tawanan ti jalma nu bengis?
25 PANGERAN keneh anu ngawalerna, "Kieu
engke pijadieunana: Para tawanan teh rek
direbut ti serdadu. Jarahan jalma lalim rek
dirampas. Anu merangan ka maneh rek
diperangan. Barudak maneh ku Kami rek
dibebaskeun.
26 Anu nyangsara ka maneh bakal silih
paehan, bakal marabok ku getihna sorangan.
Geus kitu sakabeh jalma bakal nyaraho yen
Kami teh PANGERAN, anu nyalametkeun
jeung ngabebaskeun maneh. Maranehna
bakal nyaraho, yen Kami teh Allah Israil anu
kawasa."
50 1 PANGERAN nimbalan, "Na kitu
Kami miceun umat teh kawas salaki
nyerahkeun pamajikanana? Cik mana
surat talakna? Kami ngajual maraneh ka
pangbuangan teh dikira kawas bapa ngajual
anakna sina jaradi badega? Maraneh pangna
dibuang teh sabab boga dosa, nyarieun
kajahatan.
2 Ku naon umat Kami teu daek nolih, basa ku
Kami arek dijait? Basa disalaur ku naon teu
narembalan? Na Kami teh kacida lembekna,
mo bisa nulungan? Laut ge mun ceuk Kami
saat, saat! Kami bisa ngarobah walungan jadi
gurun keusik, laukna ting arengap kasaatan.

3 Kami bisa ngarobah langit jadi medem
poek, kawas nu ngungun katinggal paeh."
4 PANGERAN Nu Maha Agung ngawulangkeun
piomongeun kaula, sangkan bisa ngalilipur ka
nu sungkawa. Unggal isuk kaula ku Mantenna
disina nyoso ka nu rek diwulangkeunana.
5 Kaula ku PANGERAN dipaparin pangarti,
sangkan kaula teu baha, teu ingkar ti
Mantenna.
6 Tonggong diteunggeulan ku batur, pasrah.
Dipoyok, pasrah. Didudutan bulu janggot,
pasrah. Diciduhan beungeut, pasrah.
7 Panghina maranehna ka kaula taya
matakna, sabab PANGERAN Nu Maha Agung
nulungan ka kaula. Kabeh ku kaula ditarima,
sabab nyaho yen moal matak jadi hina,
8 sabab Allah deukeut ka kaula, anu bakal
nganyatakeun yen kaula teu salah. Saha
anu rek nyalahkeun ka kaula? Hayu urang
bareng ka pangadilan! Pek di ditu ucapkeun
pangdakwana!
9 PANGERAN Nu Maha Agung bakal
ngabelaan kaula. Coba, saha nu bisa
nuduhkeun kasalahan kaula? Sakur anu
ngadarakwa bakal musna, sirna kawas
pakean beak ku geget.
10 Maraneh kabeh, anu ajrih ka PANGERAN,
jeung nurut kana omongan abdi-Na, sanajan
upama nyorang jalan poek ge masing ngandel
ka PANGERAN, percaya ka Allah.

11 Ari maraneh, anu boga pokal nyilakakeun
ka batur, tangtu cilaka ku pokal sorangan.
PANGERAN ku manten nu ngersakeunana
kitu. Maraneh kabeh bakal kacida cilakana.
51 1 PANGERAN ngadawuh, "Anu harayang
salamet, anu marenta tulung ka Kami,
darengekeun. Sing aringet kana batu cadas
asal maraneh, kana legok urut maraneh
dikali.
2 Sing aringet ka karuhun maraneh, Ibrahim,
jeung Sarah, asal maraneh gumelar. Basa ku
Kami disaur, Ibrahim teu boga anak. Seug ku
Kami diberkahan, dibere anak, dibere turunan
kacida lobana.
3 Kami rek mikawatir ka Yerusalem, ka nu
caricing di eta ruruntuk kota. Tanahna anu
geus suwung kawas gurun, rek dijieun lir
tanah taman Eden, sina pinuh ku kasukaan,
ku lagu pupujian jeung panarima ka Kami.
4 Eh umat, dengekeun dawuhan Kami: Kami
ka bangsa-bangsa geus mere papakon,
undang-undang Kami bakal nyaangan ka
maranehna.
5 Maranehna rek buru-buru dijait. Kami
tereh ngahontal kaunggulan. Kami pribadi
anu bakal ngarajaan eta bangsa-bangsa.
Tanah-tanah nu jarauh keur nunggu-nunggu
Kami, ngarep-ngarep hayang geura dijait.
6 Teuteup langit, awaskeun jagat! Langit
bakal ngiles kawas haseup. Jagat bakal bobo
kawas baju butut. Manusa bakal paraeh

kawas laleur. Sabalikna karahayuan ti Kami
mah langgeng, kaunggulan Kami sampurna
tutugna.
7 Raregepkeun ku maraneh anu nyaraho ka
nu bener, anu tigin kana papakon-papakon
Kami. Maraneh ulah rejag ku nu moyok atawa
ngagogoreng.
8 Nu maroyok teh bakal musna, lir baju
beak ku geget. Sabalikna karahayuan
Kami mah langgeng, kaunggulan Kami
saendeng-endeng."
9 Enggal tandang, nun PANGERAN, anggo
kakawasaan, tulungan abdi sadaya, anggo
kakawasaan, sapertos jaman kapungkur. Nya
Gusti anu kapungkur nyacag mahluk laut anu
ngaran Rahab.
10 Nya Gusti anu kapungkur nyaatkeun laut,
ngadamel jalan nembus cai, dugi ka anu
ditulungan ku Gusti tiasa mareuntas.
11 Sugri anu parantos dijait ku Gusti, bakal
darongkap ka Yerusalem kalayan bingah,
bari nyaranyi sareng sarurak. Maranehna
bakal bagja salamina, bebas salamina tina
kasangsaraan sareng kaprihatinan.
12 PANGERAN ngadawuh, "Ieu Kami anu
mere kakuatan ka maraneh. Ku naon make
sarieun ku manusa, anu umurna pondok
saumur jukut?
13 Naha geus paroho ka PANGERAN,
anu ngajadikeun maraneh, anu geus
ngabeberkeun langit jeung nerapkeun dasar

bumi? Ku naon sarieun ku nu keur amarah,
ku anu nganiaya jeung rek numpes? Maraneh
moal beunang deui ku musuh.
14 Anu ayeuna keur dipanjara, bakal tereh
bebas, malah bakal paranjang umur jeung
loba rejeki.
15 Kami teh PANGERAN Allah maraneh. Kami
ngahudangkeun laut, ombakna sina jumegur.
Jenengan Kami: PANGERAN Nu Maha Kawasa!
16 Kami ngabeberkeun langit, ngamparkeun
dasar bumi. Ceuk Kami ka Yerusalem: Maneh
umat Kami! Maneh ku Kami geus dibere
pangajaran. Panangan Kami ngaping ka
maneh."
17 Geura lilir, Yerusalem! Geura hudang!
Geura cengkat! Maneh geus nginum eusi
lumur hukuman, anu ku PANGERAN,
sajeroning bendu, dititah diinum. Ku
maneh geus diinum kabeh, nepi ka maneh
sasampoyongan.
18 Ka maneh euweuh nu karunya
mangnungtunkeun. Rahayat maneh hiji ge
euweuh nu nyangkeh ka maneh.
19 Maneh enggeus katurug katutuh, tanah
ruksak ku perang, rahayat paeh kalaparan,
turug-turug euweuh anu mikarunya.
20 Rahayat maneh tinglenggerek di jalan-
jalan, kapaehan lantaran kalaparan, kawas
peucang kaeurad ku nu moro, keuna ku
bendu Allah sakitu bangetna.

21 Eh urang Yerusalem nu keur sangsara,
anu keur sasampoyongan kawas nu mabok!
22 Maraneh bakal dibelaan ku PANGERAN.
Allah maraneh ngadawuh, "Lumur anu
diinumkeun ka maneh basa Kami bendu,
ku Kami rek dicokot. Eta anggur anu matak
lanjung tong diinum deui.
23 Ku Kami rek diinumkeun ka anu nganiaya
ka maraneh, anu ngalantarankeun maraneh
tinggolepak di jalan-jalan, anu ka maraneh
geus narincakan kawas ka leutak."
52 1 Eh Yerusalem, geura jagjag jaya deui!
Eh kota Allah nu suci, geura disalin
ku baju anu aralus! Lawang maneh moal
kaasupan deui ku urang kapir.
2 Geura kikirab, cengkat ti nu ngebul, geura
diuk deui dina singgasana! Eh urang Sion
nu dibaroyong, geura buka eta belenggu
barogod teh!
3 PANGERAN ngadawuh ka umat-Na, "Basa
maraneh jaradi badega batur, tanaga henteu
dibayar. Jadi ngabebaskeunana oge henteu
kudu ngaluarkeun duit.
4 Basa maraneh ngaradon ngumbara di
Mesir, ka daritu teh andon suka. Sabalikna
waktu maraneh ka Asur mah dibawana
kalawan paksa, boro-boro meunang bayaran.
5 Ayeuna maraneh dikitukeun teh ku Babul,
jadi tawanan tanpa bayaran. Anu karumawasa
ka maraneh teh nya garumede nya suaban
jeung ngagogoreng bae ka Kami.

6 Tapi engke ku maraneh bakal katenjo yen
anu diandikakeun ka maraneh teh bener, yen
Kami teh Allah."
7 Resep temen engke nenjo nu datang
meuntas gunung-gunung, mawa beja
matak suka, hal pitengtremeun jeung hal
kaunggulan! Eta utusan ngomong ka Sion,
"Allah maraneh jumeneng Raja!"
8 Ger surak nu eukeur jaraga kota, awahing
ku bungah! Sabab narenjo sorangan
PANGERAN sumping ka Sion.
9 Gederkeun surak, eh ruruntuhan
Yerusalem! PANGERAN rek mulihkeun kota
kagungana-Na, sarta ngalilipur umat-Na.
10 PANGERAN rek metakeun pangawasa-Na
nu suci, rek ngarahayukeun umat-Na, bakal
katenjo ku saalam dunya.
11 Sing tumaninah kalaluar ti Babul, eh
anu ngagarotong parabot Bait Allah! Ati-ati,
bisi antel kana barang larangan, usahakeun
supaya maraneh tetep beresih.
12 Maraneh henteu kudu rurusuhan, ulah jiga
nu rek kalabur. PANGERAN Allah maraneh nu
bakal nungtun, ngaping ngajaring ti saban
madhab.
13 PANGERAN ngadawuh, "Abdi Kami bakal
hasil digawena, anjeunna bakal kacida
dihormatna.
14 Tadina loba jalma anu karageteun barang
narenjo anjeunna, sabab awakna kacida
ruksakna, geus meh teu jiga jelema.

15 Tapi ayeuna! Bangsa-bangsa mani
bengong ku anjeunna. Raja-raja nepi ka
baralem ku helok-helokna, narenjo perkara
anu tadina can kadenge-denge acan bejana."
53 1 Jawab jelema-jelema, "Atuh da
tadina mah saha nu rek percaya kana
eta warta? Da tacan aya anu kungsi nenjo,
yen eta teh beunang panangan PANGERAN
ngatur!
2 Geus kersaning PANGERAN eta abdi-Na
teh sina kitu, lir tangkal anu jadina dina
taneuh angar. Teu martabat, teu harkat, taya
pisan panarikna. Jadi urang teh teu hayang
ngadeukeutan.
3 Anjeunna ku urang dihina, ditampik, teu
kendat lara nandang kanyeri. Saurang ge
euweuh nu hayangeun nenjo-nenjo acan ka
anjeunna, ku urang teu dipalire, dianggap teu
aya bae.
4 Disangka ku urang mah sangsarana teh
lantaran dihukum ku Allah. Sihoreng keur
nalangan urang! Da saenyana mah urang anu
kuduna nandang lara jeung nyeri teh.
5 Pang anjeunna taratu teh, ku karana
dosa urang. Anjeunna pada ngarangketan,
ku karana kajahatan urang. Anjeunna
nandangan hukuman, sangkan urang
disalametkeun, anjeunna raraheut, sangkan
urang dicageurkeun.
6 Urang teh ibarat domba leungit, ngalantrah
neangan jalan sorangan. Tapi hukuman anu

kuduna keuna ka urang, ku PANGERAN diteumbleuhkeun ka anjeunna.
7 Anjeunna dikaniaya teu kira-kira, tapi
sakiat-kiat nangankeun anjeun, henteu
embut lambe-lambe acan. Lir anak domba
nu rek dipeuncit, lir domba nu rek dicukur
buluna, henteu kecet-kecet acan.
8 Anjeunna didakwa, dihukum, tuluy digiring
rek ditelasan. Ku jalma-jalma henteu
dipirosea. Anjeunna pupus dihukum pati, ku
karana dosa rahayat urang.
9 Pupusna dihijikeun jeung jalma-jalma
jahat, dimakamkeun reujeung nu beunghar.
Padahal anjeunna teh jajauheun tina jahat,
tara bohong-bohong acan."
10 PANGERAN ngadawuh, "Eta geus pangersa
Kami anjeunna kudu sangsara. Pupus jadi
kurban pikeun nebus dosa. Ku jalan kitu
yuswana bakal panjang, sarta piningalieun
turunanana. Nya ku jalan anjeunna, pangersa
Kami bakal ngajadi.
11 Sanggeus leupas tina hirup sangsara,
anjeunna bakal senang deui, sarta bakal
karaoseun, yen sangsarana teh teu gaplah.
Eta abdi Kami nu satuhu, anu dipikasuka
ku Kami, bakal nanggung kasalahan jalma
loba. Sarta ku karana anjeunna, kasalahan
jalma-jalma teh ku Kami bakal dihampura.
12 Ku sabab kitu anjeunna rek dipaparin
tempat kaajen, di antara anu karawasa jeung
aragung. Anjeunna geus ihlas ngurbankeun

nyawa nalangan hukuman jalma doraka, jadi
gaganti jalma doraka. Sarta mangnedakeun
sangkan maranehna bisa dihampura."
54 [1] Eh Yerusalem, bareto maneh ibarat
awewe nu teu boga anak. Ayeuna mah
maneh bakal bungah, sabab bakal boga anak.
Tur leuwih loba ti batan anu boga keneh
salaki.
[2] Kemah maneh kudu dilegaan, tambang-
tambangna panjangan. Pancuh-pancuhna
sing parageuh.
[3] Wawatesan wewengkon maneh bakal
ngalegaan ka ditu ka dieu. Rahayat maneh
bakal marulang deui, ka tanah anu ayeuna
keur diandih ku bangsa-bangsa sejen.
Kota-kota anu geus saruwung bakal gegek ku
jelema.
[4] Tong salempang! Sabab maneh moal aya
anu ngahina deui, moal aya anu ngawiwirang
deui. Kabalangsakan lantaran maneh geus teu
satia ti ngongora, engke mah kapopohokeun.
Kaprihatinan waktu keur cuang-cieung jadi
randa, moal kainget-inget deui.
[5] Anu nyiptakeun maneh, anu jenenganana
PANGERAN Nu Maha Kawasa, bakal jadi
ibarat salaki maneh. Allah Israil nu suci, raja
sakuliah jagat, bakal ngajait maneh.
[6] Eh Israil, maneh ibarat hiji pamajikan anu
ti ngongora ditinggalkeun ku salaki, nepi ka
nguluwut pikir. Tapi ku PANGERAN geus dihiap
deui. Dawuhana-Na,

7 "Kami ninggalkeun teh ngan sakeudeung.
Ayeuna rek ngaku deui, diwuwuh ku asih anu
taya papadana.
8 Kami bendu nepi ka ninggalkeun teh teu
lila. Ayeuna rek mikanyaah sapapanjangna."
Kitu dawuhan PANGERAN, anu ngajait maneh.
9 "Keur jaman Enoh Kami geus jangji, yen
moal ngeueum deui ieu bumi. Ayeuna Kami
jangji moal bendu deui ka maneh, moal
nyeuseul atawa ngahukum deui.
10 Gunung jeung pasir bisa urug. Tapi
kanyaah Kami ka maneh teh moal aya
tungtungna. Jangji Kami ka maneh moal
udar, rek mere kanugrahaan." Kitu dawuhan
PANGERAN anu asih ka maneh.
11 PANGERAN ngadawuh, "Yerusalem,
Yerusalem! Maneh teh balangsak. Euweuh
nu nulung, euweuh nu ngalilipur. Pademen
maneh ku Kami rek dipasangkeun deui,
batu-batuna rek make anu aralus.
12 Munara-munarana rek ku mirah dalima.
Gapura-gapurana ku batu manikem anu
ngagebur. Kutana rek ku permata.
13 Rahayat maneh arek diwuruk ku
Kami pribadi. Hirupna sina makmur, sina
talengtrem.
14 Maneh arek diajegkeun, ku adil jeung
bener. Jeung aman, moal kasedek ku nu rek
nindes, moal kasorang ku bahya.

15 Mun maneh aya nu nempuh, eta lain idin
Kami. Anu merangan ka maneh, saha ge
tangtu rubuh.
16 Panday beusi Kami nu ngayakeunana,
sina nyieun seuneu, nyieun pakarang.
Serdadu-serdadu nu make eta pakarang
pikeun maehan, Kami nu nyiptakeunana.
17 Jadi satiap pakarang anu dipake narajang
ka maneh, moal matak kua-kieu. Jeung
satiap maneh aya anu merkarakeun, maneh
bakal bisa ngalawan. Abdi-abdi Kami ku
Kami tangtu diraksa, disina arunggul." Kitu
dawuhan PANGERAN.
55 1 PANGERAN ngadawuh, "Eh sakur
nu halabhab, ka darieu, nginum! Anu
henteu baroga duit, ka darieu, ieu dahareun
dalahar, teu kudu mayar. Anggur jeung susu,
teu kudu dibeuli.
2 Keur naon ngabalanjakeun duit ka nu
henteu matak seubeuh? Keur naon meulikeun
upah digawe, ari beuteung angger lapar? Ieu
dawuhan Kami regepkeun! Tangtu maraneh
bakal seubeuh ku dahareun nu panghadena.
3 Eh umat, ka darieu, hiap, tangtu maraneh
hirup! Kami rek nyieun perjangjian langgeng
jeung maraneh. Jeung kurnia Kami,
anu bareto dijangjikeun ka Daud, bakal
diserenkeun ka maraneh.
4 Manehna ku Kami dijenengkeun pamingpin,
ngapalaan bangsa-bangsa. Ku jalan

manehna, kakawasaan Kami dinyatakeun ka
bangsa-bangsa.
5 Ayeuna maraneh bisa nyalukan bangsa-
bangsa anu tacan wawuheun ka maraneh.
Eta bangsa-bangsa bakal muru-muru ka
maraneh. Hal eta rek dibuktikeun ku Kami,
Allah maraneh, Allah Israil nu suci. Maraneh
bakal mulya, bakal agung."
6 Geura tarobat ka PANGERAN. Geura
sasambat ka Mantenna anu geus deukeut.
7 Anu jarahat geura robah kalakuan, geura
garanti pikiran. Geura tarobat ka Allah kaula.
Mantenna sipat welas jeung hampuraan.
8 Dawuhana-Na, "Pikiran Kami lain saperti
pipikiran maraneh. Jalan Kami lain saperti
jalan maraneh.
9 Sakitu luhurna langit ti bumi, sakitu jauhna
jalan jeung pikiran Kami ti jalan jeung
pipikiran maraneh.
10 Saperti ibun jeung hujan turun ti langit,
maseuhan bumi, nuwuhkeun pepelakan,
ngabijilkeun bibinihan jeung dahareun,
11 nya kitu pangandika anu kaluar ti Kami,
moal gagal mawa tujuan pangersa Kami.
Sagala pangersa Kami, ku eta tangtu
dilaksanakeun.
12 Maraneh bakal marulang ti Babul bari
garerah. Dituyun kaluar ti dinya kalawan
salamet. Gunung-gunung, pasir-pasir, bakal
ngarawih, tatangkalan emprak.

13 Rungkun cucuk diganti ku tangkal camara,
tangkal cucuk diganti ku tangkal pacar
walanda. Eta pikeun tanda anu langgeng,
tanda titinggal hasil damel Kami, PANGERAN."
56 1 PANGERAN nimbalan ka umat-Na,
"Lampahkeun naon nu adil jeung
bener. Sabab Kami tereh datang pikeun
nyalametkeun maraneh.
2 Bagja anu tigin kana poe Sabat, anu henteu
ngarempak eta, ku Kami tangtu diberkahan.
Bagja anu henteu nyieun kagorengan."
3 Urang asing anu milu ka umat PANGERAN,
ulah boga rasa, "Aing mah meureun moal
diidinan ku PANGERAN milu ngabakti jeung
umat-Na." Jalma kabiri ulah boga pikir, yen
moal kaasup umat Allah lantaran teu boga
anak.
4 Ka jalma-jalma kabiri kieu dawuhan
PANGERAN, "Lamun maneh hormat ka
Kami ku jalan ngestokeun poe Sabat, jeung
ngalampahkeun perkara anu dipikasuka ku
Kami sarta tigin kana perjangjian Kami,
5 ngaran maneh tan wande dipikainget di
jero Bait Kami jeung di tengah umat Kami,
tur leuwih langgeng ti batan anu baroga anak
lalaki-awewe. Maneh moal kapopohokeun."
6 Ka urang asing anu asup jadi umat
Mantenna, anu tigin kana poe Sabat jeung
pageuh kana perjangjian Mantenna, kieu
dawuhan PANGERAN,

7 "Maneh ku Kami tangtu dibawa ka Sion,
ka gunung Kami nu suci, dibere kabagjaan di
gedong paranti neneda ka Kami, sarta kurban
maraneh ka Kami dina altar tangtu ditarima.
Bait Kami bakal disarebut gedong paranti
neneda sagala bangsa."
8 PANGERAN Nu Maha Agung, nu nyandak
umat-Na mulang ti pangbuangan geus jangji,
yen jalma-jalma bangsa asing oge tetep bakal
dicandak; sina bareng jeung umat-Na.
9 PANGERAN bareto geus nimbalan supaya
bangsa-bangsa sing saibarat sato-sato galak,
sing ngalegleg ka umat Mantenna.
10 Dawuhana-Na, "Pamingpin-pamingpin anu
kudu mepelingan umat Kami teh lalolong!
Taya kanyaho! Kawas anjing kedul, dititah
ngajaga, ngagogog ge tara, gawena hees
jeung ngimpi. Bareuki hees!
11 Jeung kawas anjing, sarakah euweuh
seubeuhna. Eta para pamingpin teh teu ngarti
naon-naon, ngan marentingkeun dirina bae,
harayang untung sorangan.
12 Kadieukeun anggur, ceuk maranehna
marabok, urang nginum pupuasan. Isukan
urang teruskeun deui leuwih ti kieu."
57 1 Jelema-jelema nu balageur geus
maraot, tur taya nu ngarti, taya
nu mirosea. Tapi maraotna teh luput tina
kacilakaan.
2 Nu balageur mah maraotna bakal reureuh
dina katengtreman.

3 Ari maraneh, tukang migawe dosa, ka
darieu, ieu hukuman tarima! Maraneh teu
leuwih hade ti tukang sihir, tukang ngaranyed,
jeung tukang lacur.
4 Saha karah anu ku maraneh dijieun lulucon
jeung dilelewe teh, eh jelema-jelema palsu?
5 Maraneh nyarembah ka dewa-dewa
kasuburan, ngaranyed di handapeun tangkal-
tangkal karamat maraneh. Anak sorangan
dikurbankeun, dipeuncit dina beulah-beulah
cadas deukeut sirah walungan.
6 Maraneh ti dinya mulung batu reok
anu lesang, disembah jeung dipiallah,
dipangnyiciankeun anggur, dikurbanan
gandum. Dikira Kami panuju?
7 Di gunung-gunung anu laluhur maraneh
ngurban jeung nyacapkeun birahi.
8 Brahala-brahala lambang lampah cabul ku
maraneh mani diteundeun dina bangbarung
panto, Kami mah geus diculkeun. Seug
maraneh teh bubuka pakean, naek kana
ranjang gede, otel nepi ka seubeuh jeung
awewe anu dihaja dibayar keur kitu.
9 Maraneh nyarembah ka si Molek, mere
seuseungitan jeung paparem. Maraneh
sok ngahaja nitahan jelema sina neangan
brahala-brahala ka mana-mana keur
sembaheun, malah nepi ka enggon nu paeh
neangan teh.
10 Maraneh nareangan brahala-brahala
lianna deui teh datang ka carape, tapi

teu teter-teter. Pangira maraneh mah eta
sumanget kitu teh ti brahala-brahala lambang
cabul maraneh.
11 PANGERAN ngadawuh, "Na saha eta
brahala-brahala anu ku maraneh disembah
teh, nepi ka maraneh wani ngabohong jeung
poho ka Kami? Naha pedah Kami ngantep
sakitu lilana, pang maraneh teu hormat deui
ka Kami teh?
12 Pamikir maraneh mah eta kalakuan kitu
teh bener. Kalakuan maraneh kitu ku Kami
rek dibolekerkeun, brahala-brahala maraneh
pamohalan bisa ngabelaan.
13 Mun engke maraneh jejeritan menta
tulung, keun eta arca-arca teh sina
nyalametkeun maraneh. Sakali ge dikebut
ku angin, ngarapung eta arca-arca teh!
Sabalikna anu muntang ka Kami mah bakal
tetep matuh di ieu tanah, bisa ngabakti ka
Kami di Bait Kami."
14 PANGERAN ngadawuh, "Umat Kami
sina baralik ka Kami deui. Jieun jalanna,
singkirkeun hahalangna!
15 Kami teh Allah anu maha luhur jeung suci,
anu jumeneng salalanggengna. Panglinggihan
Kami luhur jeung suci, tapi Kami oge
ngareujeungan ka anu rarendah hate jeung
tarobat, geusan mulihkeun kayakinan jeung
pangharepanana.

16 Kami rek ngahirupan maranehna,
moal diseukseukan atawa dibenduan deui
sapapanjangna.
17 Kami mah bendu soteh ku tina dosa jeung
kasarakahan maranehna, nu matak ku Kami
dihukum, ditinggalkeun. Tapi maranehna
ngan ngalawan bae, hirupna sakarep-karep.
18 Kami geus nenjo kalakuanana kumaha.
Tapi ku Kami rek dicageurkeun, rek ditungtun
ditulungan, anu prihatin rek dililipur.
19 Rahmat Kami teh pikeun kabeh, nu
dareukeut nu jarauh. Maranehna ku Kami rek
dicageurkeun.
20 Tapi jelema jahat mah saibarat laut
motah, salawasna ombak-ombakan bae
nyered runtah jeung rupa-rupa kokotor.
21 Nu marigawe dosa mah moal manggih
katengtreman," timbalan PANGERAN.
58 1 PANGERAN ngadawuh, "Celukkeun
sataker tanaga ka umat Kami Israil!
Sebutkeun ka maranehna dosa-dosana!
2 Memang unggal poe ge maraneh
ngabarakti ka Kami, pajar harayang nyaho
kana pangersa-pangersa Kami, pajar narurut
kana hukum-hukum Kami. Carekna mah
maranehna resep ngabarakti ka Kami sarta
harayang kana hukum Kami anu adil."
3 Ceuk jelema-jelema, "Jang naon puasa ari
ku PANGERAN henteu dipirosea mah? Jang
naon ngosongkeun beuteung ari ku Mantenna
henteu dipalire?" Dawuhan PANGERAN,

"Saenyana maraneh paruasa teh ngan pikeun
ngudag kapentingan pribadi bae, ka nu karuli
ge nepikeun ka ngagencet.
4 Maraneh mah paruasa teh kalah jadi kasar
adat jeung cekcok nepi ka garelut. Dikira ku
puasa kitu Kami daek ngadengekeun paneda
maraneh?
5 Paruasa mani ngariripuh maneh, mani
ngulahekkeun sirah kawas daun jukut
ngulapes, ngedeng dina karung diamparan
lebu. Nu kitu anu ku maraneh disebut puasa
teh? Dikira Kami resep kana cara siga kitu?
6 Puasa pamenta Kami mah kieu: Kudu daek
nulung batur. Mun batur meunang kateuadilan
nepi ka jadi bangbaluh hatena, leupaskeun.
7 Sing daek mere ka nu kalaparan, daek
ngarapek semah miskin anu teu bogaeun
imah, daek makean ka nu rudin, daek
ngabantu ka dulur atawa ka baraya.
8 Lamun kitu mah rahmat Kami bakal
nyinaran lir srangenge meletek, nepi ka
maraneh tereh cageur. Tangtu ku Kami
diraksa salalawasna supaya marulus, diaping
ti ditu ti dieu.
9 Unggal neneda tangtu didenge, saban
sasambat tangtu dijawab. Lamun maraneh
geus tara teungteuingeun deui, tara tudang-
tuding deui, tara hasud deui, tara ngomong
goreng deui,
10 terus daek nalang ka nu lapar, daek mere
ka nu kakurangan, tangtu ucul tina kaewuh,

leungit poek datang caang kawas keur wanci manceran.
11 Ku Kami baris diaping, dicukupan
pangabutuh, lulus mulus kuat santosa,
pijadieun saibarat taman anu cur-cor cai, lir
cinyusu anu moal saat-saat.
12 Maraneh sabatur-batur bakal bisa
ngadegkeun deui adegan-adegan anu
geus lila jadi ruruntuk, diadegkeun dina
pademen asalna. Ku batur bakal kasebut ahli
ngadegkeun deui kuta jeung adegan-adegan
anu geus rarubuh."
13 PANGERAN ngadawuh, "Lamun maraneh
nyucikeun poe Sabat, lamun dina poe eta
nunda heula kapentingan pribadi, taat
jeung ngajenan kana kasucianana, henteu
nyanyabaan, henteu gawe naon-naon, henteu
ngomongkeun nu euweuh eusina,
14 tan wande ngarasa genahna ngabakti ka
Kami. Maraneh ku Kami rek dimashurkeun
ka saalam dunya jeung mareunang nugraha
di ieu tanah anu geus diserenkeun ka Yakub
karuhun maraneh. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
59 1 PANGERAN teu ngajait ka maraneh
teh lain ku sabab teu kawasa. Lain ku
sabab teu iasaeun ngadangu kana panyambat
maraneh.
2 Saenyana mah ku sabab henteu kersaeun,
sabab maraneh dosa ka Mantenna. Unggal

maraneh aya niat ngabakti ka Allah ngan teu
bisa bae, sabab kahalangan ku eta dosa.
3 Maraneh salah, biasa ngabohong, biasa
telenges, biasa maehan.
4 Mun indit ka pangadilan lain rek
ngadegkeun kaadilan, maraneh mah hayang
meunang padu, datang ka ngabohong. Sagala
pangreka ngan pikeun ngusrukkeun batur.
5 (59:5-6) Eta niat-niat anu jarahat teh
ngabahyakeun, kawas endog oray matih
ana megar nya jadi oray! Tapi eta paniatan-
paniatan maraneh teh moal aya paedahna,
ibarat baju anu bahanna tina ramat lancah!
6 (59:5)
7 Rarancang-rarancang maraneh salawasna
pidorakaeun bae. Jeung ari geus aya niat
kitu teh maraneh nepi ka teu sabar ngadago.
Ka nu teu boga salah nepi ka teu asa-asa
maehan. Ka mana bae maneh datang, inditna
ninggalkeun karuksakan jeung kaancuran.
8 Lamun maraneh aya di hiji tempat, saurang
ge moal aya jalma nu aman. Sagala kalakuan
maraneh euweuh nu adil. Jalan maraneh
bulat-beulit, anu nempuh eta jalan moal aya
nu salamet.
9 Ceuk jalma-jalma, "Nyaho ayeuna mah
naon sababna Allah teh ngajait kuring ti anu
ngagencet. Leumpang hayang kacaangan,
tapi poek bae,

10 nepi ka utag-atog kawas nu lolong. Ti
beurang ge titajong kawas ti peuting, asa
poek kawas di dunyana anu paraeh,
11 sieun, nalangsa. Kacida ngarep-
ngarepna hayang ku Allah dihanjatkeun tina
kasangsaraan, tina kasalahan. Tapi lapur!
12 Nun PANGERAN, kajahatan abdi-abdi ka
Gusti kacida seueurna, ngadakwa ka diri abdi
sorangan. Kalintang rumaosna.
13 Abdi-abdi parantos baha, parantos teu
nurut ka Gusti. Ngajepit ka pada jalmi,
mungkur ti Gusti. Palsu pikiran, palsu
omongan.
14 Tebih tina rasa adil, anggang tina
bebeneran. Di tempat-tempat umum, anu
leres tibebes, anu jujur tikusruk.
15 Jalmi jujur parantos langka, dugi ka anu
henteu pipilueun kana kajahatan jadi korban
kajahatan." PANGERAN geus uningaeun kana
eta kaayaan. Manah-Na hareneg ningali teu
aya kaadilan.
16 Mantenna hemeng, jelema-jelema teh
teu aya anu daek nulungan ka nu keur
kajepit. Ku sabab kitu Mantenna rek nganggo
kakawasaana-Na pikeun ngajait maranehna,
rek ngadamel kaunggulan.
17 Anjeunna rek dangdos, kaadilan minangka
raksukan kere-Na, kaunggulan minangka
balakutak-Na, sarta minangka jubah-Na
nya eta kapalay-Na anu ngagedur baris

menerkeun kaayaan anu teu bener, ngahukum
ka nu jarahat anu nyangsara rahayat.
18 Musuh Mantenna, sanajan anu jarauh,
bakal dihukum satimpal jeung kalakuanana.
19 Unggal jelema, ti wetan nepi ka
kulon bakal sieun ku Mantenna, gimir ku
kakawasaana-Na nu pikasieuneun. Mantenna
tangtu sumping, hebat lir walungan anu keur
mudal, lir angin anu ngagelebug.
20 PANGERAN ngadawuh ka umat-Na, "Kami
tangtu datang ka Yerusalem. Maraneh anu
tarobat tangtu dijait dibelaan.
21 Kami rek nyieun perjangjian jeung
maraneh, rek mere kakuatan jeung aturan-
aturan pikeun pakeeun salalawasna. Ti
ayeuna maraneh kudu nurut ka Kami. Anak
maraneh kudu diajar nurut ka Kami, mimiti ti
ayeuna saterusna."
60 1 Geura cengkat, Yerusalem! Sing
moncorong kawas panonpoe. Maneh
bakal kasorot ku kamulyaan PANGERAN.
2 Bangsa-bangsa bakal kaalingan ku poek,
maneh mah kacaangan ku Mantenna, bakal
kahibaran ku cahaya Mantenna.
3 Bangsa-bangsa bakal daratang, raja-raja
bakal muru-muru, katarik ku caang maneh,
caang jaman anyar.
4 Tenjo ka sakuriling, aya naon! Rahayat
maneh geus ngumpul arek marulang. Anak-
anak maneh bakal daratang ti nu jarauh, nu
awewe digarandong kawas barudak.

5 Maneh tangtu bungah nenjona, hate
ngageter kagagas. Harta bangsa-bangsa
bakal dibawaan ka maneh, kakayaanana
bakal daratang ti peuntas laut.
6 Ti Midian jeung Epa murubul kapilah onta,
jolna ti Syeba, marawa emas jeung dupa.
Rahayat galecok nyaritakeun warta matak
bungah, hal sagala kajadian dadamelan
PANGERAN.
7 Domba-domba ti Kedar jeung Nebayot
bakal dibawaan ka maneh pikeun kurban
baktikeuneun dina altar, pikeun nyukakeun
manah PANGERAN. PANGERAN bakal midamel
sangkan Bait-Na leuwih mulya ti batan bareto.
8 Itu iring-iringan kapal ti mana, tingsoloyong
kawas mega, lir japati muru kandangna?
9 Kapal-kapal ti nu jarauh, ngakut umat Allah
anu marulang, malah ngakut emas perak,
pikeun ngahormat PANGERAN, Allah Israil nu
suci, anu ngagerakkeun bangsa-bangsa sina
ngajenan ka umat-Na.
10 Dawuhan PANGERAN ka Yerusalem, "Kuta
maneh engke diadegkeun deui, ku bangsa
asing. Raja-raja bangsa asing ka maneh bakal
ngawula. Basa Kami bendu, maneh ku Kami
dihukum. Ayeuna Kami rek mere rahmat
jeung panghampura.
11 Gapura maneh bakal muka beurang
peuting, dipake ku raja-raja sagala bangsa
mawaan rajabranana jang maneh.

12 Bangsa anu henteu ngawula ka maneh,
bakal ditumpes beresih.
13 Camara, kihuru jeung kijamuju, kai-kai
anu aralus ti leuweung Libanon, bakal diakut
ka dieu, pikeun ngadegkeun deui maneh,
Yerusalem! Jeung pikeun kaperluan Bait
Kami, sangkan leuwih alus, sangkan ieu kota
Kami mulya.
14 Sakur anu bareto ngajepit ka maneh,
anak-anakna bakal ka darieu, mamandapan
ngahormat ka maneh. Nu bareto
ngagogoreng, bakal ngarawu dampal
suku maneh, nyarebutna ka maneh Kota
PANGERAN, Sion, Kota Allah Israil nu suci.
15 Maneh moal deui ditinggalkeun jeung
dipikaijid. Maneh, kota nu tadina suwung
jeung tiiseun, ku Kami rek dijieun kota gede
jeung endah, jadi kota tempat kasukaan
sapapanjangna.
16 Bangsa-bangsa jeung raja-raja bakal milu
ngarawatan ka maneh, lir indung ngarawatan
anakna. Geus kitu maneh bakal nyaho yen
geus dirahayukeun ku Kami, PANGERAN,
dimerdikakeun ku Allah Israil anu kawasa.
17 Kami ka maneh rek mawakeun emas,
pikeun ngaganti tambaga, mawakeun perak
jeung tambaga, pikeun ngaganti beusi jeung
kayu. mawakeun beusi pikeun ngaganti batu.
Para pangereh moal deui ngagencet, ku Kami
rek disina marentah kalawan adil jeung matak
tengtrem.

18 Di dieu moal aya deui anu bebentak. Ieu
kota moal ruksak deui, moal ancur-ancur
deui. Kami nu bakal ngajagana, saibarat
kutana. Maneh tangtu muji sukur ka Kami,
lantaran geus disalametkeun.
19 Anu nyaangan ka maneh ti beurang lain
panonpoe deui. Anu nyaangan ti peuting, lain
bulan deui. Kami, PANGERAN, anu nyaangan
salalawasna. Cahaya kamulyaan Kami bakal
nyaangan ka maneh.
20 Maneh bakal kaluar tina mangsa
prihatin. Kami, PANGERAN, bakal nyaangan
sapapanjangna, leuwih langgeng ti batan
panonpoe jeung bulan.
21 Rahayat maneh bakal balener
kalakuanana, jeung bakal ngabogaan
ieu tanah saumur-umur. Maranehna teh lir
sirung beunang melak Kami, sangkan jaradi,
sangkan kamulyaan Kami katembong ku
sarerea.
22 Kulawarga anu pangsaeutikna jeung
anu panghandapna ge bakal jadi loba
jeung kuat lir hiji bangsa. Lamun geus
nitih kana wanci nu mustari, hal eta bakal
gancang dilaksanakeun ku Kami. Kami teh
PANGERAN!"
61 1 Hate kaula kaeusian ku Roh
PANGERAN Nu Maha Agung. Kaula ku
Mantenna dipilih, diutus, pikeun nepikeun
beja alus ka nu sangsara, nyageurkeun
anu hatena remuk, ngabejaan ka nu keur

jadi tawanan, yen maranehna bakal dijait,
ngabejaan ka nu keur dipanjara yen bakal
dibebaskeun.
2 Kaula dipiwarang ngembarkeun, yen geus
cunduk waktuna, PANGERAN bakal ngajait
umat-Na, ngelehkeun musuh-musuh-Na,
ngalilipur ka nu prihatin.
3 Kaula mawa beja piatoheun ka urang Sion,
pikeun ngaleungitkeun kasungkawaanana,
sina maruji, ulah udah-aduh deui. Maranehna
bakal saibarat tangkal nu dipelak ku
PANGERAN ku manten. Lampahna bakal
balener. Allah bakal diparuji sagala damel-Na.
4 Kota-kota nu geus lila bukrak-bakrek, ku
maranehna bakal diadegkeun deui.
5 Eh umat Kami, bangsa asing
bakal kumawula ka maraneh. Bakal
mangangonkeun, manggarapkeun lahan,
mangrawatankeun kebon anggur.
6 Maraneh bakal disarebut: imam-imam
PANGERAN, abdi-abdi Allah. Bakal marake
kakayaan bangsa-bangsa, anu geus jadi milik
maraneh.
7 Kaera jeung kahinaan maraneh geus
tamat. Maraneh bakal caricing di nagri
sorangan, sarta kabeungharan maneh bakal
jadi lipet ganda, sapapanjangna bakal aya
dina kabungah.
8 Dawuhan PANGERAN, "Kami suka kaadilan,
cua kana panggencet jeung kajahatan. Umat

Kami tangtu ku Kami diganjar, jeung dibere
perjangjian anu moal barobah.
9 Maranehna bakal mashur di antara
bangsa-bangsa. Sakur nu nenjo tangtu
taregeseun yen maranehna teh umat anu
diberkahan ku Kami."
10 Yerusalem bakal bungah ku sagala damel
PANGERAN. Yerusalem bakal didangdanan, lir
panganten awewe dina poean kawinanana.
Kasalametan jeung kaunggulan minangka
dangdananana.
11 Sakumaha binih tangtu sirungan jeung
jadi, nya kitu PANGERAN Nu Maha Agung
pasti nyalametkeun umat-Na. Sarta sakabeh
bangsa bakal ngamulyakeun ka Mantenna.
62 1 Kaula rek ngomong, ngahatean
Yerusalem. Moal waka repeh nepi ka
eta kota bisa kajait, sarta kaunggulanana
ngagebur lir obor waktu peuting.
2 Eh Yerusalem, kajayaan maneh bakal
tembong deui ka bangsa-bangsa. Kamulyaan
maneh bakal katembong ku raja-raja. Maneh
bakal nyandang ngaran anyar, ti PANGERAN
ku manten.
3 Maneh pijadieun makuta endah kagungan
PANGERAN.
4 Moal disarebut deui "Nu tiiseun", tanah
maneh moal disarebut deui "Pamajikan nu
geus ditoker". Ngaran maneh anu anyar nya
eta: "Anu diasih ku Allah". Tanah maneh
ngaranna "Nu ditikah". Sabab maneh diasih

ku PANGERAN, nu jadi minangka salaki tanah maneh.
5 Lir lanjang ditikah ku budak bujang, maneh
bakal ditikah ku Mantenna, anu ngajadikeun
maneh. Allah bakal mikaasih ka maneh,
kawas panganten lalaki asih ka panganten
awewe.
6 Eh Yerusalem, dina luhur kuta maneh geus
aya anu karemit. Beurang peuting eta teh
teu meunang repeh nunuhun ka PANGERAN,
sangkan Mantenna emut kana sagala
jangji-Na, sangkan ulah lali ka maranehna.
7 Kudu terus, tong eureun-eureun nunuhun,
nepi ka Mantenna ngadegkeun deui
Yerusalem, nepi ka Yerusalem jadi kota
pamujian saalam dunya.
8 Kalawan enya-enya PANGERAN geus ikrar
jangji. Demi kakawasaana-Na, jangji-Na
tangtu dilaksanakeun: "Gandum maneh moal
dihakan deui ku musuh, anggur maneh moal
diinum deui ku bangsa lian.
9 Maneh anu melak, nu metik, nu
ngadaharna, bari muji sukur ka PANGERAN.
Melak anggur, maneh nu ngurus, nu metik
buahna, jeung nginum anggurna di buruan
Bait Kami."
10 Eh urang Yerusalem, geura kaluar ti kota!
Nyieun jalan keur rahayat nu rek marulang!
Jalanna sing rubak, batuna piceunan. Jeung
kudu mere tangara, sangkan bangsa-bangsa
nyarahoeun,

11 yen PANGERAN ngembarkeun ka sakuliah
jagat: "Embarkeun! Eh Yerusalem, maneh
tereh salamet. PANGERAN geus sumping
nyandak umat-Na, anu ku Mantenna geus
disalametkeun."
12 Maneh bakal disebut "Umat Allah anu
suci". "Umat anu dijait ku PANGERAN".
Yerusalem bakal disarebut "Kota kaasih
Allah", "Kota nu moal ditilar ku Allah".
63 1 "Saha ieu nu sumping ti Bosra tanah
Edom? Saha ieu, anu anggoanana
murub mubyar warna beureum, gagah
rosa angkatna gandang?" PANGERAN! Nu
geus iasa nyalametkeun. Sumpingna seja
ngembarkeun yen Mantenna geus unggul.
2 "Ku naon raksukana-Na mani beureum
kawas tas ngaluluh buah anggur leueuteun?"
3 PANGERAN ngawaler, "Kami tas ngaluluh
bangsa-bangsa. Diluluh kawas buah anggur.
Diluluh ku Kami sorangan teu dibantuan ku
saha-saha. Kami wera, bangsa-bangsa teh
dileyek, getihna keuna kana pakean Kami.
4 Sabab geus waktuna Kami nyalametkeun
umat, geus waktuna musuh-musuhna
dibasmi.
5 Kami heran kacida bet euweuh anu
ngabantu ka Kami. Tapi ku bawaning wera
Kami jadi rosa, sorangan ge bisa unggul.
6 Nya ku bawaning wera, sakabeh bangsa
ku Kami diluluh nepi ka ajur, getihna tamplok
kana taneuh."

7 Kaula rek nyaritakeun kaasih PANGERAN
anu teu keuna ku robah. Kaula muji sukur ku
sagala damel-Na pikeun urang. Berkah-Na
ka urang Israil taya wiwilanganana, welas
asih-Na langgeng sapapanjangna.
8 PANGERAN ngadawuh, "Maranehna teh
umat Kami, moal ingkar ti Kami." Ku karana
eta maranehna ku Mantenna dijait
9 tina sagala kasangsaraanana. Anu
nyalametkeun maranehna teh lain malaikat,
tapi PANGERAN ku manten. Mantenna
kersaeun nyalametkeun teh ku karana nyaah
jeung welas ka maranehna. Ti baheula keneh
maranehna teh ku Mantenna diasuh-asuh,
10 tapi maranehna ngalawan bae,
nganalangsakeun manah-Na. Ku sabab kitu
maranehna teh ku PANGERAN disusuker,
diperangan.
11 Ti dinya maranehna aringeteun ka jaman
baheula, ka jaman Musa abdi PANGERAN tea.
Timbul pertanyaanana, "Ayeuna di mana eta
PANGERAN anu bareto nyalametkeun para
pamingpin umat-Na ti laut teh? Di mana
ayeuna PANGERAN anu bareto maparin
sumanget ka Musa teh?
12 (63:12-13) Di mana ayeuna PANGERAN
anu bareto ngadamel kaajaiban-kaajaiban
anu dilaksanakeunana ku Musa teh, anu
meulah cai laut, anu nuyun umat-Na nyorang
cai jero, datang ka Mantenna kamashur
salalawasna?" Maranehna ku sabab dituyun

ku PANGERAN, lengkahna tara nyalahan, tara
tijalikeuh, lir kuda umbar bae.
13 (63:12)
14 Maranehna ku PANGERAN dituyun, dibawa
ka tempat reureuh, kawas ingon-ingon
ditungtun ka lebak anu lendo. PANGERAN
nuyun umat-Na, jadi matak mulya kana
pajenengana-Na.
15 Nun PANGERAN anu linggih di sawarga
anu suci sareng mulya, tingali ieu abdi-abdi.
Ku naon nu mawi teu kersa geten deui
ka abdi-abdi, teu kersa mintonkeun deui
kakawasaan, henteu kersa mikawelas sareng
mikanyaah deui? Nun, mugi ulah ngantep!
16 Gusti teh rama abdi sadaya. Karuhun
abdi-abdi, Ibrahim sareng Yakub, ka abdi-abdi
teu tarerangeun. Nanging PANGERAN mah
rama abdi-abdi anu salamina nulung
nyalametkeun.
17 Ku naon Gusti ngantep abdi-abdi
nyimpang tina jalan Gusti? Ku naon abdi-abdi
didamel jadi sakieu wangkelangna dugi ka
mungkuran ka Gusti? Mugi kersa nyumpingan
deui. Mugi sing emut ka anu ngarabdi, ka
umat kagungan Gusti ti kapungkur keneh.
18 Abdi-abdi, umat suci Gusti, diudag-udag
ku musuh. Tempat kasucian Gusti oge diluluh
ku musuh.
19 Abdi-abdi bet didamel sapertos sanes
umat erehan Gusti, sapertos sanes umat
kagungan Gusti.

64 [1] Ku naon Gusti henteu nyingraykeun
langit lajeng lungsur? Gunung-gunung
sina ngadaregdeg kasieunan naringal Gusti.
[2] Sina ampul-ampulan sapertos cai ngagolak
keur digodog di luhur seuneu. Geura sumping
mintonkeun kakawasaan ka musuh-musuh.
Bangsa-bangsa teh sina tingsareblak di
payuneun Gusti.
[3] Sapertos kapungkur, kalayan teu
kasangka-sangka Gusti ngayakeun rupi-rupi
pikasieuneun, gunung-gunung oge dugi ka
inggeung-inggeungan ku Gusti.
[4] Teu acan aya anu ningal atanapi nguping
yen aya deui Allah nu sapertos Gusti, anu
iasa midamel kaahengan-kaahengan kitu
kangge nulungan jalmi-jalmi anu nyuhunkeun
pitulung.
[5] Gusti ngabageakeun jalmi-jalmi anu
daek ngalampahkeun anu leres sareng
eling kana jalan pituduh ti Gusti. Gusti sok
ngabenduan, nanging kalakuan abdi-abdi teu
weleh awon bae. Sanaos ku Gusti sok kacida
dibenduanana, ti kapungkur keneh angger
bae abdi-abdi nyieun kalepatan.
[6] Ku margi abdi pinuh ku dosa, kalakuan anu
sae oge jadi awon saterasna. Ku karana eta
dosa, abdi-abdi jadi sapertos daun, perang
teras maruragan katebak ku angin.
[7] Abdi-abdi teu aya anu emut sareng neneda
ka Gusti, teu aya anu nyuhunkeun pitulung

ka Gusti. Ku karana eta dosa-dosa, abdi-abdi
ku Gusti disingkiran sareng dikantunkeun.
8 Nanging nun PANGERAN, Gusti teh rama
abdi sadaya. Abdi-abdi teh dadamelan Gusti,
sapertos taneuh lempung ku panjunan.
9 Nun, mugi Gusti ulah bendu kateterasan,
ulah teras bae mikaemut kadorakaan abdi
sadaya. Abdi-abdi teh umat Gusti, mugi
dipikawelas.
10 Tingali kota-kota Gusti anu suci jadi sakitu
suwungna. Yerusalem jadi bukrak-bakrek.
11 Bait Allah anu suci sareng agreng,
anu ku karuhun abdi-abdi dianggo paranti
muji sukur ka Gusti parantos seep ku
seuneu. Tempat-tempat anu ku abdi-abdi
dipikameumeut parantos rareksak.
12 Naha Gusti tega ningalina? Moal midamel
naon-naon? Bade ngajeunkeun ka abdi-
abdi anu parantos teu kiat nandangan
kabalangsakan?
65 1 PANGERAN ngadawuh, "Kami
daek ngajawab paneda umat,
tapi maranehna tara neneda. Kami daek
kapanggih lamun ku maranehna diteangan,
tapi maranehna tara nyoba-nyoba acan
neangan. Eta bangsa tara neneda ka Kami,
padahal Kami salawasna sadia pikeun
ngajawab, Ieu Kami, Kami daek nulungan
maraneh.

2 Kami salawasna sadia pikeun ngahiap ka
maranehna anu warangkelang, anu garoreng
kalakuanana ngajujur karep sorangan.
3 Tabeatna anu teu boga kaera teh nyieun
pisewoteun bae, ngalurban ka brahala di
tempat-tempat karamat, ngarukus dina altar
pikeun brahala.
4 Ari ti peuting sok arindit ka astana-astana,
marenta pituduh ka arwah-arwah jelema
nu geus paraeh. Ngaharakan daging babi,
kuahna anu disuguhkeun ka brahala teh
diaruyupan.
5 Ka nu sejen sok nitah nyingkir, Nyingkir ka
ditu, ulah antel ka kami. Kami mah geus suci!
Kami moal sabar ka jelema anu kitu. Amarah
Kami tangtu narajang lir seuneu anu moal
pareum-pareum.
6 Maranehna geus diputus baris dihukum.
Hukumanana geus dituliskeun. Kalakuanana
kitu moal diantep, tangtu dibales,
7 boh dosa maranehna, boh dosa karuhunna.
Maranehna ngarukus di kuil-kuil brahala
di luhur pasir sarta ngagogoreng ka
Kami. Ku sabab kitu, kalakuanana anu ka
tukang-tukang tangtu ku Kami dihukum."
8 PANGERAN ngadawuh, "Moal aya jelema
anu ngaruksak buah anggur anu alus. Buah
anggur anu alus tangtu dijieun anggur.
Kitu keneh Kami, moal ngabasmi umat anu
ngabakti ka Kami, malah rek nyalametkeun
maranehna.

9 Urang Israil ti kaom Yuda ku Kami rek
dibere berkah jeung dibere tanah Kami di
pagunungan. Eta umat anu dipilih ku Kami,
anu ngabarakti ka Kami, sina maratuh di
dinya.
10 Maranehna bakal nyembah ka Kami.
Dombana, sapina, sina nyaratuan di
sampalan-sampalan, di kulon di Saron, di
wetan di Lebak Akor.
11 Ari maraneh, anu naloker Kami, anu
mopohokeun ka Sion gunung Kami anu suci,
anu nyembah ka dewa-dewa anu ngaran Gad
jeung Meni anu nyekel milik jeung nasib,
bakal sabalikna.
12 Pimilikeun maraneh mah paeh dina cara
anu kacida matak ngerikna, lantaran henteu
daraek nemonan panyaur Kami, henteu daek
ngadarenge kana dawuhan Kami. Ti batan
narurut anggur nyieun kalakuan goreng.
13 Ku sabab kitu, sakur anu ngabakti jeung
nurut ka Kami, moal kurang dahar nginum.
Sabalikna maraneh mah bakal kalaparan
jeung kahalabhaban. Maranehna bakal bagja,
ari maraneh mah bakal nandang era.
14 Maranehna bakal barungah, ari maraneh
mah bakal susah.
15 Ngaran maraneh bakal dijieun sasapaan
ku umat pilihan Kami. Kami, PANGERAN Nu
Maha Agung, rek ngahukum pati ka maraneh.
Sabalikna anu nurut ka Kami mah bakal
dipaparin ngaran anyar.

16 Sing saha di ieu tanah anu hayang
meunang berkah, anu baris dipentana teh
tangtu berkah ti Allah anu maha satia. Sing
saha anu sumpah, bakal nyebut jenengan
Allah nu maha satia. Kasangsaraan anu
ka tukang-tukang ku maranehna bakal
kapopohokeun."
17 PANGERAN ngadawuh, "Kami rek
ngadamel bumi anyar jeung langit anyar.
Sagala kajadian anu ka tukang-tukang geus
moal kainget-inget.
18 Sing garerah sing barungah ku sagala
damel Kami. Yerusalem anu ku Kami geus
dijadikeun anyar, bakal pinuh ku perkara anu
matak suka pangeusina bakal bagja.
19 Kami pribadi bakal ngarasa sugema ku hal
Yerusalem jeung pangeusina. Di dinya moal
aya deui anu ceurik atawa udah-aduh jeung
menta tulung.
20 Moal aya deui anu orokna paeh. Kabeh
jelema paranjang umur. Umur saratus taun
teh kaitung ngora keneh. Anu maot memeh
umur sakitu tandaning meunang hukuman.
21 (65:21-22) Anu nyarieun imah bisa dipake
ku maranehna keneh, moal dieusian ku jalma
lian. Marelak anggur, anggurna bisa kainum
sorangan ku nu melakna, moal ku nu sejen.
Cara tatangkalan, umat Kami bakal paranjang
umurna, bakal bisa metik kanimatan hasil
gawena.
22 (65:21)

23 Sagala gawena bakal mulus. Anak-
anakna moal manggih bahla. Maranehna
saturunanana bakal diberkahan ku Kami,
turun-tumurun.
24 Upama maranehna neneda, memeh amin
ku Kami geus dikabulkeun.
25 Ajag jeung domba bakal reujeung
nyaratuan. Singa oge cara sapi bae ngahakan
jukut. Kabeh oray moal matak bahya. Di Sion
gunung Kami anu suci, moal aya picilakaeun,
moal aya pikagorengeun."
66 1 PANGERAN ngadawuh, "Sawarga teh
panglinggihan Kami, ari bumi jojodog
sampean Kami. Jadi, maraneh rek bisa
mangnyieunkeun imah anu kumaha pikeun
Kami?
2 Jagat raya Kami sorangan anu
ngagelarkeunana. Ku sabab kitu, kapanuju
Kami mah nya eta ka jelema anu rendah hate,
anu tobat, anu ajrih jeung tunduk ka Kami.
3 Tapi jelema-jelema teh lampahna
sakarep-karep bae. Pikeun maranehna mah
ngurbankeun naon oge sarua bae, naha
ngurbankeun sapi jalu atawa ngurbankeun
jelema; naha ngurbankeun anak domba
atawa minggeskeun beuheung anjing; naha
ngurbankeun gandum atawa ngurbankeun
getih babi; naha ngurbankeun menyan atawa
ngadoa ka arca. Maranehna resep make
cara-cara ngabakti anu pikaijideun.

4 Ku sabab eta, sagala rupa pibahlaeun
anu jadi kasieunna teh rek disina narajang,
lantaran taya saurang-urang acan anu datang
nemonan panyaur Kami atawa nurut kana
timbalan Kami. Maranehna leuwih resep
ngalawan ka Kami jeung kana kajahatan."
5 Ari maraneh, anu narurut jeung sieun ku
PANGERAN, regepkeun ieu timbalana-Na: "Ku
sabab maraneh satia ka Kami, maraneh bakal
dipikangewa jeung dipencilkeun ku sawatara
dulur sabangsa, jeung diera-era kieu, Lain
geura prak atuh PANGERAN teh nembongkeun
pangawasa-Na nulungan ka maneh, kami
hayang nyaho kumaha piatoheun maneh.
Tapi nya maranehna pisan anu engke bakal
mareunang era teh!
6 Darengekeun, tah aya anu ngaguruh
di kota jeung di jero Bait Allah! Eta teh
gentra PANGERAN anu keur ngahukum
musuh-musuhna!
7 Kota suci Kami lir ibarat awewe anu
ujug-ujug brol ngajuru, henteu ngarasa nyeri
heula.
8 Aya sugan anu geus nenjo atawa ngadenge
kajadian kawas kitu? Na geus aya bangsa
anu bisa digelarkeun dina jero sapoe? Sion
mah moal lila-lila nyeri, harita ngusial, harita
keneh brol ngajurukeun bangsa.
9 Ulah dikira Kami ngadatangkeun umat
Kami kana wancina ngajuru teh moal terus
nepi ka burusutna!" Kitu timbalan PANGERAN.

10 Sing barungah, sing garerah ku hal
Yerusalem, eh sakur anu mikacinta ieu kota!
Sing marilu bungah ka eta kota, eh sakur anu
bareto milu nyeungceurikan!
11 Maraneh bakal mareunang nimat tina
kamuktianana, lir upama orok nyusu ka
indungna.
12 PANGERAN ngadawuh, "Maraneh ku Kami
rek dibere kamuktian terus. Kabeungharan
bangsa-bangsa bakal ngocor ka maraneh lir
walungan anu tara saat. Maraneh pijadieun
saibarat orok, ku indungna disusuan, diaais,
dipikadeudeuh.
13 Maraneh di Yerusalem ku Kami
bakal dihegar-hegar kawas budak anu
dicombo-combo ku indungna.
14 Upama geus nepi ka kitu maranehna
ngan bungah nu aya, tanaga bedas jeung
jagjag waringkas. Ti dinya bakal nyaraho
yen Kami teh PANGERAN, anu nulung ka
sakur anu sumujud, ngahukum ka sakur nu
ngamusuhan."
15 PANGERAN bakal sumping dina seuneu,
nitih jangjang angin, baris ngahukum ka
sakur anu geus ngabendukeun manah-Na.
16 Jalma sajagat sakur anu kapanggih salah
bakal disabetan ku pedang, tuluy diduruk ku
seuneu. Kacida lobana anu bakal paraeh.
17 PANGERAN ngadawuh, "Sakur anu sok
susuci tuluy muja ka brahala, anu sok ngaleut
ka taman-taman, anu sok ngaharakan babi

jeung beurit jeung kadaharan-kadaharan anu
pikageuleuheun, kabeh geus tereh euweuh.
18 Kami uninga kana pipikiranana, uninga
kana kalakuanana. Ieu Kami sumping, rek
ngumpulkeun jelema sagala bangsa. Lamun
geus karumpul, sina narenjoeun kakawasaan
Kami,
19 sina nyaraho yen nya Kami anu ngahukum
ka maranehna teh. Tapi aya sababaraha
urang anu ku Kami rek diluputkeun, pikeun
diutus ka bangsa-bangsa di nu jarauh, anu
can ngadarenge kamashuran Kami, anu can
nyarahoeun kaagungan jeung kakawasaan
Kami, nya eta ka: Sepanyol, Libia jeung
Lidia, kitu deui ka tukang-tukang panahna
anu arahli, ka Tubal jeung ka Yunani.
Sina nyaritakeun kaagungan Kami ka eta
bangsa-bangsa.
20 Maranehna bakal mawa mulang dulur-
dulur maraneh sabangsa, kabeh dibaktikeun
ka Kami, dibawa ka gunung Kami anu suci
di Yerusalem, tarumpak kuda, bigal, onta,
kareta, jeung padati, sakumaha kabiasaan
urang Israil ari marawa gandum pikurbaneun
ka Bait Allah dina wadah anu beresih.
21 Ti antarana aya anu ku Kami rek
dijarenengkeun imam, jeung diasupkeun ka
kaom Lewi.
22 Sakumaha halna bumi anyar jeung langit
anyar bakal langgeng ku kakawasaan Kami,

turunan jeung ngaran maraneh oge bakal
langgeng.
23 Unggal Pesta Bulan Anyar jeung unggal
poe Sabat, jalma-jalma sagala bangsa bakal
ngabarakti ka Kami di dieu, di Yerusalem,"
timbalan PANGERAN.
24 "Dina waktu marulangna, maranehna
bakal narenjo bangke jelema-jelema anu
geus ngaralawan ka Kami. Bilatung anu
ngahakanan bangkena moal paeh-paeh,
seuneu anu ngadurukna moal pareum-
pareum, sina jadi tenjoeun anu pikaketireun
ka sakabeh jelema."

Yeremia

1 [1] Ieu kitab nyaritakeun kasauran Yermia,
putra hiji imam di kota Anatot di tanah
Binyamin anu jenengan Hilkia.
[2] Dina taun katilu belas jaman raja Yuda anu
jenengan Yosia putra Amon, Yermia nampi
dawuhan ti PANGERAN.
[3] Jaman Yoyakim putra Yosia ngarajaan Yuda,
Yermia nampi deui dawuhan PANGERAN.
Ti harita mah sering nampina dawuhan
PANGERAN teh, nepi ka taun kasabelas
pamarentahan Raja Sidkia putra Yosia. Ari
dina bulan kalima taun eta, urang Yerusalem
teh diakut ka pangbuangan.
[4] PANGERAN nimbalan ka kaula,
[5] "Maneh, ti memeh ku Kami dihirupkeun,
ku Kami geus kapilih, geus ditangtukeun
ti memeh dijurukeun keur pinabieun
bangsa-bangsa."
[6] Jawab kaula, "Gusti, PANGERAN, abdi
henteu tiasa cacatur jalaran ngora keneh
pisan."
[7] Tapi dawuhan PANGERAN ka kaula,
"Ulah majar ngora keneh pisan. Datangan
jalma-jalma anu ceuk Kami kudu didatangan,
sarta omongkeun ka maranehna sakur anu
ku Kami dititah diomongkeun.

8 Tong sieun-sieun, sabab ku Kami tangtu
diaping ditangtayungan. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN!"
9 Ti dinya PANGERAN ngulurkeun panangan,
nyabak biwir sim kuring bari ngadawuh,
"Regepkeun, ieu Kami mere ucapan-ucapan
anu kudu diomongkeun ku maneh.
10 Poe ieu maneh ku Kami dibere kawasa
geusan ngawasaan bangsa-bangsa jeung
karajaan-karajaan, kawasa nyabut jeung
ngarabut, kawasa numpur jeung ngagempur,
kawasa nancebkeun jeung melakkeun."
11 PANGERAN mariksa ka kaula, "Yermia,
naon nu katenjo?" Piunjuk kaula, "Sumuhun,
ningal hiji dahan kanari."
12 "Enya, bener," dawuhan PANGERAN,
"Kami geus tarapti geusan ngalaksanakeun
timbalan Kami."
13 Geus kitu PANGERAN mariksa deui,
dawuhana-Na, "Nenjo naon deui?" Piunjuk
kaula, "Ningal aya pariuk di palih kaler, eusina
keur ngagolak, sareng bade bahe ka palih
dieu."
14 Dawuhana-Na ka kaula, "Aya bahla
ngagolak ti beulah kaler, baris narajang ka nu
araya di ieu tanah,
15 sabab Kami keur nyalukan sakabeh bangsa
urang kaler, sina ka darieu. Raja-rajana
bakal masangkeun tahtana masing-masing
di lawang-lawang Yerusalem jeung di

sakurilingeun kuta-kutana, kitu deui di
sakurilingeun kota-kota di Yuda.
16 Umat Kami ku Kami arek dihukum lantaran
geus darosa, geus naringgalkeun Kami, geus
ngurban ka ilah-ilah sejen jeung ngabarakti
ka arca-arca bubuatanana.
17 Geura tarapti, Yermia, datangan eta
jelema-jelema teh. Sagala timbalan Kami
anu diparentahkeun ka maneh, tepikeun ka
maranehanana. Ulah sieun-sieun, bisi maneh
ku Kami dihaja sangkan sieun ari geus aya di
maranehanana.
18 Regepkeun ieu, Yermia! Poe ieu maneh
ku Kami dibere kakuatan, kuat saibarat
kota anu dibenteng, saibarat pilar beusi,
saibarat kuta tambaga, sanggup nadah
panarajang maranehanana. Jalma-jalma ieu
tanah, nya eta raja-raja Yuda, kapala-kapala,
imam-imam katut rahayat,
19 kabeh bakal ngalawan ka maneh. Tapi
ka maneh hamo aya nu kuat, sabab maneh
diaping ditangtayungan ku Kami. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN."
2 1 PANGERAN miwarang sim kuring
2 ngumumkeun timbalana-Na ka sakur
nu araya di Yerusalem. Kieu, "Kami inget,
maneh teh keur ngora keneh kacida satiana;
basa urang mimiti ngajodo, maneh kacida
mikacintana ka Kami, daek nunutur ka
gurun keusik, ngambah tanah anu tara pisan
dipelakan.

3 Eh Israil, maneh teh ngan pikeun Kami,
milik anu ku Kami dipupusti. Saha bae anu
nganiaya ka maneh, ku Kami didatangan
kasangsaraan jeung balai. Kitu timbalan
Kami, PANGERAN."
4 Regepkeun ieu timbalan PANGERAN, eh
anak putu Yakub, eh kaom Israil!
5 Kieu timbalan PANGERAN, "Naon salah
Kami nepi ka didakwa ku karuhun maneh?
Naon lantaranana maranehna naringgalkeun
Kami? Maranehna ngabarakti ka arca-arca nu
taya hartina, nepi ka dirina sorangan leungit
pangaji.
6 Ka Kami geus tara malire deui, sakitu
geus dijait ti tanah Mesir, ditungtun-tungtun
ngasruk tanah gurun, nyorang gurun keusik
jeung lombang-lombangna anu jarero, tanah
garing sarta pinuh ku bahaya, taya nanaon
nu hirup, taya anu nyorang-nyorang acan.
7 Kami mawa maranehna ka hiji tanah anu
subur, sina sareubeuh ku hasilna, jeung ku
sagala nu harade di dinya. Tapi maranehna
kalah ka ngaruksak eta tanah Kami, eta nagri
pamere Kami teh ku maranehna dinajiskeun.
8 Imam-imamna tara naranyakeun: Di
mana PANGERAN? Imam-imam Kami
geus teu warawuheun ka Kami. Pangereh-
pangerehna ngaralawan ka Kami, nabi-nabina
ngawejangna teh demi ngaran Baal, jeung
ngabaraktina ka arca-arca anu taya gunana."

9 "Ku sabab kitu Kami, PANGERAN, arek
ngadakwa deui ka umat Kami. Arek nagih ka
anak incuna.
10 Los dongdon ka kulon, ka pulo Siprus, bral
kirim utusan ka wetan, ka tanah Kedar, engke
maneh nyaho, yen hal anu saperti kieu mah ti
baheula ge tacan aya.
11 Tacan aya bangsa sejen anu kungsi
ngaganti allahna, najan allahna lain Allah
enyaan. Tapi umat Kami mah geus ngaganti
Kami, Allah anu mere kahormatan ka
maranehna, ku allah-allah nu teu bisa
nanaon.
12 Ku sabab kitu, Kami rek nimbalan ka
langit, sina inggeung pikasieuneun, sing
matak pikahelokeun, sing matak hookeun,
13 lantaran umat Kami geus nyieun dua rupa
dosa: maranehna geus miceun Kami, nu jadi
sumber cinyusu hirup, jeung tuluy nyieun
balong-balong, balong-balong anu balocor,
anu sama sakali teu bisa nahan cai."
14 "Israil teh lain badega, dijurukeunana teh
lain pikeun ngabadega. Tapi ku naon nepi ka
jadi mangsa musuh-musuhna?
15 Musuh-musuhna ka manehna tinggalaur
kawas singa. Tanahna ku musuh dijieun gurun
keusik, kota-kotana burak-barik, kalantar
jeung suwung.
16 Malah sirahna rengat, digetok ku
jalma-jalma ti Mempis jeung Tahpanes.

17 Eh Israil, eta teh bongan maneh sorangan!
Maneh geus ninggalkeun Kami, PANGERAN
Allah maneh, sabot ditungtun ku Kami di
perjalanan.
18 Rek ngarah naon maneh rek indit ka Mesir
teh? Arek nginum cai Walungan Nil? Rek
ngarah naon maneh rek indit ka Asur teh?
Arek nginum cai Walungan Eprat?
19 Maneh bakal kahukum ku kajahatan
sorangan, bakal kasiksa lantaran ingkar ti
Kami. Engke ku maneh karasa, kumaha
paitna jeung salahna ninggalkeun Kami, Allah
PANGERAN maneh, sarta teu satia deui ka
Kami. Kitu timbalan Kami Nu Maha Agung,
PANGERAN Nu Maha Kawasa."
20 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Eh Israil, geus ti baheula maneh teh nolak
kakawasaan Kami, embung anut ngabakti
ka Kami. Di saban pasir anu luhur jeung di
handapeun kai-kai anu daunna gomplok,
maneh nyembah ka dewa-dewa kasuburan.
21 Maneh teh ibarat tangkal anggur petingan,
beunang Kami melak, beunang milih tina bibit
panghadena. Tapi kumaha buktina? Teu beda
ti tangkal anggur anu buruk, teu kaarah.
22 Najan maneh mandi make sabun
pangalusna, daki kasalahan maneh katenjo
keneh ku Kami.
23 Kumaha rek majar teu ngarurujit
diri, majar teu nyembah ka Baal? Tenjo,
kumaha dosana maneh basa di lebak,

kumaha kalakuan maneh harita. Teu beda
ti onta bikang giras keur beger, lulumpatan
kukurilingan teu dikadalian,
24 ngaberengbeng muru ka gurun keusik.
Ana eta geus ngarasa pangseng, saha anu
bisa nyandet? Jalu anu hayangeun teu kudu
hese-hese, da bikangna saban usum lakian
ge merean sorangan.
25 Eh Israil, suku ulah dipake ngapruk, bisi
tikoro maneh garing lantaran ngudag-ngudag
ilah-ilah sejen. Tapi carek maneh, Moal, moal
balik deui, kuring cinta ka ilah-ilah batur, arek
terus nuturkeun itu."
26 PANGERAN nimbalan, "Sakumaha bangsat
diera-era ana katewak, maneh oge urang
Israil, raja-raja, para pajabat, para imam,
para nabi, bakal aya anu ngera-ngera.
27 Maraneh kabeh, anu miindung ka batu
mibapa ka tangkal, bakal diera-era. Tangtu
baris kitu, lantaran maraneh ti batan
baralik ka Kami anggur ingkar. Rajeun
sasambat menta tulung ka Kami ari eukeur
kabalangsak.
28 Cik mana eta allah-allah beunang nyieun
maraneh teh? Sina nulungan ari maraneh
keur kasusahan teh, ari enya mah barisaeun!
Eh Yuda, allah-allah maneh sarua lobana
jeung kota maneh.
29 Naon kateusuka maneh ka Kami? Naon
sababna ngalawan ka Kami?

30 Ku Kami maneh dihukum, tapi hukuman
ge nambag, maneh embung dibebener.
Saibarat singa ngamuk, maneh geus maehan
nabi-nabi sorangan.
31 Eh urang Israil, darengekeun ieu timbalan
Kami. Na Kami teh pikeun maraneh geus
kawas gurun keusik, kawas tanah anu poek
jeung bahaya? Ku naon nepi ka nyebutkeun
mending ge sakarep-karep, moal marulang
deui ka Kami?
32 Naha sok aya mojang nu poho kana
perhiasanana, atawa panganten awewe anu
poho kana baju pangantenna? Tapi umat
Kami mah geus pohara lilana mopohokeun ka
Kami, poena geus teu kaitung.
33 Maraneh memang geus palinter neangan
kabogoh, nepi ka bisa dipiguru ku awewe
bangor nu pangbangorna.
34 Papakean maneh ceda ku getih, lain
getih bangsat tukang ngabongkar, tapi getih
jelema-jelema anu mariskin tur taya salahna.
Sangkilang kitu,
35 ceuk maneh, Kuring teu salah, PANGERAN
ge tangtu geus leler benduna ka kuring. Tapi
Kami, PANGERAN, moal teu ngahukum ka
maneh, lantaran maneh mungkir majar teu
boga dosa.
36 Maneh geus ngamumurah diri sorangan
anut ka allah-allahna bangsa sejen. Maneh
bakal dikuciwakeun ku Mesir, sakumaha geus
dikuciwakeun ku Asur.

37 Maneh bakal malik ti Mesir bari tungkul
ngaheluk. Sakur anu ku maneh dijieun
panyaluuhan, geus dipiceun ku Kami,
PANGERAN. Maneh hamo beubeunangan
naon-naon ti maranehna."
3 1 PANGERAN nimbalan, "Pamajikan anu
geus diserahkeun, geus undur tur geus
jadi pamajikan batur, ku urut salakina teu
meunang diruju, sabab matak mawa noda
kana tanah. Ari heug maneh, Israil, geus
ngalayanan lalaki sakitu lobana make hayang
balik deui ka Kami?
2 Tuh teuteup puncak-puncak pasir, na
aya anu ku maneh teu dipake tempat
ngalacurkeun diri? Maneh sok ngadon
ngadago kabogoh di sisi jalan, kawas urang
Arab ngadodoho korbanna di gurun keusik.
Ku sabab maneh lacur sarta jahat, ieu tanah
keuna ku noda.
3 Eta anu jadi sabab pang hujan teu
turun-turun, pingijiheun teu datang-datang.
Bener maneh teh badis awewe bangor, teu
boga pisan kaera.
4 Kari-kari ayeuna carek maneh ka Kami,
Anjeun teh Rama kuring, anu nyaah ka kuring
ti leuleutik.
5 Tangtos moal teterasan bendu, moal
salawasna mikacua. Kitu carek maneh, tapi
ari kalakuan tetep henteu weleh jahat."
6 Jaman Yosia jadi raja, PANGERAN nimbalan
ka kaula, "Katenjo ku maneh kalakuan Israil,

awewe serong tea? Eta teh geus ninggalkeun
Kami, seug di saban pasir luhur jeung di
unggal handapeun tangkal anu gomplok
nyieun peta sakumaha awewe bangor.
7 Tadina ceuk pamikir Kami, sugan ari geus
migawe kitu mah daekeun balik deui ka Kami.
Horeng henteu. Petana kitu katenjoeun ku
dulurna nu awewe, Yuda nu teu satia.
8 Katenjoeun deuih yen Israil ku Kami
dipirak, terus diusir, lantaran henteu balik
deui ka Kami tur jadi awewe bangor. Tapi
eta dulurna Israil, Yuda nu teu satia, henteu
sieuneun. Manehna oge jadi awewe dayang,
9 jeung teu boga kaera. Tanah teh ku
manehna dinodaan, sarta manehna oge jinah,
nyembah ka batu ka kayu.
10 Ari geus kitu, Yuda nu teu satia dulurna
Israil teh balik deui ka Kami, tapi ngan
pura-pura, lain balik saenyana. Kitu timbalan
PANGERAN."
11 Geus kitu PANGERAN nimbalan ka kaula
yen, Israil mah sanajan geus nukangan ka
Mantenna ge tetela leuwih hade ti batan Yuda
nu teu satia.
12 Kaula ditimbalan nepungan Israil, kudu
nepikeun timbalan kieu, "Eh Israil nu teu
satia, geura balik deui ka Kami. Kami teh gede
hampura, moal salilana ambek ka maneh.
13 Asal maneh daek ngaku kasalahan, daek
ngaku yen geus ngalawan ka PANGERAN,
Allah maneh. Aku yen di unggal handapeun

tangkal anu gomplok maneh geus mikeun
awak ka allah-allah sejen, geus teu ngagugu
kana parentah-parentah Kami. Kitu timbalan
Kami, PANGERAN.
14 Eh umat nu teu satia, geura marulang.
Maraneh teh umat Kami. Maraneh ku Kami
arek dicokotan, saurang ti saban kota, dua
urang ti saban kaom, rek dibawa deui ka
Gunung Sion.
15 Rek dibere pangereh-pangereh anu
saregep ka Kami, anu bakal ngatur maraneh
kalawan lantip bijaksana.
16 Ari geus kitu, di mana maraneh geus
jembar baranahan di eta tanah, moal aya
nu nyabit-nyabit deui Peti Perjangjian Kami.
Hamo aya anu mikiran eta, moal aya anu
ingeteun-ingeteun acan. Moal aya nu neangan
atawa hayang nyieun deui.
17 Dina mangsa eta, Yerusalem teh
bakal disarebut Panglinggihan PANGERAN,
sarta kabeh bangsa bakal karumpul di
dinya seja ngabarakti ka Kami. Moal deui
ngalampahkeun pangajak tabeatna anu
bedegong jeung pangajak hatena anu jahat.
18 Israil jeung Yuda bakal babarengan
daratang ti pangbuangan di nagri kaler,
marulang ka tanah anu ku Kami geus
dipasrahkeun ka karuhun maraneh,
dijadikeun tanah milikna."
19 PANGERAN nimbalan, "Eh Israil, hayang
Kami teh nampa maneh jadi anak, hayang

mere tanah anu pikasenangeun, tanah anu
pangendahna di saalam dunya. Hayang Kami
teh disebut Ama ku maraneh, ulah deui-deui
maraneh ingkar ti Kami.
20 Tapi maneh geus teu satia ka Kami, kawas
pamajikan anu serong lampah. Kitu timbalan
Kami, PANGERAN."
21 Aya sora ear ti puncak-puncak pasir, sora
urang Israil careurik aluk-alukan, dumeh geus
sarerong lampah, jeung geus parohoeun ka
PANGERAN Allahna.
22 Geura marulang eh sakur anu geus
ingkah ti PANGERAN! Maraneh tangtu
dicageurkeun ku Mantenna, jeung dijieun
satia. Carek maraneh, "Hayu urang buru-buru
ngadeuheusan ka PANGERAN, sabab
Mantenna Allah urang.
23 Ibadah urang nyembah ka brahala di
puncak-puncak pasir teh sama sakali teu
matak jadi pitulung. Datangna pitulung
pikeun Israil mah ngan ti PANGERAN, Allah
urang.
24 Ibadah ka Baal mah, dewa nu ngerakeun
tea, balukarna karoroncodan, ucul domba
ucul sapi, ucul anak awewe lalaki, ucul sagala
rupa beunang itikurih karuhun urang jaman
baheula.
25 Geus layakna urang teh nandangan kaera,
diliputan kahinaan. Boh urang boh karuhun,
salawasna ngan dosa bae ka PANGERAN, Allah

urang, tara nurut kana parentah-parentah
Mantenna."
4 [1] PANGERAN nimbalan, "Eh urang Israil,
upama enya harayang mulang, hiap geura
marulang ka Kami. Upama maraneh miceun
arca-arca kaijid Kami sarta satia ka Kami,
[2] maraneh diidinan sumpah demi jenengan
Kami. Lamun geus kitu, kabeh bangsa-bangsa
bakal marenta berkah ka Kami sarta baris
muji ka Kami."
[3] PANGERAN nimbalan ka urang Yuda jeung
ka urang Yerusalem, "Lahan-lahan maraneh
anu dianggurkeun ayeuna geura wuluku; ulah
melak bibit di antara cucuk-cucuk.
[4] Kudu satia kana jangji maraneh jeung
Kami, PANGERAN maraneh, pasrahkeun
diri ka Kami, eh urang Yuda jeung urang
Yerusalem! Lamun teu kitu, amarah Kami
baris hurung lir seuneu ku tina dosa-dosa
nu dilampahkeun ku maraneh. Tangtu
amarah Kami ngagedur tur moal aya nu bisa
mareuman."
[5] Tiup tarompet di sakuliah tanah! Celukkeun
sing tarik, sing tetela! Bejaan urang Yuda
jeung urang Yerusalem kudu maruru ka
kota-kota nu aya bentengna.
[6] Tuduhkeun jalan ka Sion! Geura kalabur
sangkan salamet! Tong kaleked. PANGERAN
ngadatangkeun picilakaeun ti kaler, nu bakal
ngagempur ngaburak-barik.

7 Tukang numpes bangsa-bangsa geus indit,
lir singa kaluar tina panyumputanana, geus
tereh datang rek ngagempur Yuda. Kota-kota
Yuda bakal burak-barik, hamo bisa deui
dicicingan.
8 Geura dibaraju karung, geura careurik
tingjarerit, sabab bendu PANGERAN anu
ngagegedur acan sirna ti Yuda.
9 Dawuhan PANGERAN, "Poe eta raja-raja
jeung para pajabat bakal leungit wawanenna,
imam-imam tingrarenjag, nabi-nabi
bararengong."
10 Ti dinya kaula miunjuk, "Nun PANGERAN
Nu Maha Agung, atuh urang Yerusalem
teh ku Gusti dibobodo! Ongkoh saur Gusti
bakal aman, nanging beuheung maranehna
diancam ku pedang."
11 Mangsana tereh datang, urang Yerusalem
bakal dibarejaan yen bakal katarajang ku
angin panas ti gurun keusik. Lain angin anu
ngahiliwir anu ngan matak hiber huut,
12 tapi angin anu tarik liwat saking, anu
narajangna kalawan timbalan PANGERAN! Nya
PANGERAN ku manten anu ngaragragkeun
eta hukuman ka umat-Na.
13 Tuh, musuh teh geus datang kawas mega
mendung. Kareta-kareta perangna jeg angin
puyuh, kudana leuwih gancang alah batan
heulang. Cilaka urang teh! Pasti urang binasa.
14 Eh Yerusalem, beresihan hate maneh,
piceun dosana, sangkan bisa salamet. Naha

moal eureun-eureun boga pikiran anu jahat teh?
15 Utusan-utusan ti kota Dan jeung ti
pagunungan Epraim marawa beja goreng.
16 Daratangna ngingetan ka bangsa-bangsa
jeung mere nyaho ka Yerusalem yen keur
kadatangan musuh ti nagri jauh. Eta musuh
bakal tinggorowok ka kota-kota di Yuda,
17 jeung bakal ngalingkung kota Yerusalem
kawas jalma-jalma keur ngajaraga
pahumaan, lantaran urang Yuda geus
ngalawan ka PANGERAN. Kitu timbalan
PANGERAN.
18 Eh Yuda, maneh katarajang kitu teh ku
sabab salah sorangan, tina kalakuan jeung
pagawean maneh keneh. Eta kasangsaraan
teh nya ku sabab dosa maneh; ayeuna eta
dosa teh nubles kana angen maneh.
19 Tobat nyerina! Teu kuat nangankeunana!
Ieu angen ratug tutunggulan! Hate henteu
daek tengtrem ngadenge sora tarompet jeung
gorowok-gorowok perang.
20 Balai daratang pasusul-susul, kota
sakuliahna geus burak-barik. Kemah-kemah
urang diruksak ngadadak, tenda-tendana
dijejewet.
21 Nepi ka iraha kuring kudu nyaksian
kamurkaan perang jeung ngadenge sengekna
sora tarompet?
22 Timbalan PANGERAN, "Umat Kami barodo,
teu nyarahoeun ka Kami. Kawas barudak

boloho, euweuh pangartina. Maranehna arahli
nyieun kajahatan, gagal nyieun kahadean."
23 Kaula neuteup bumi, geuning suwung
jeung keri, neuteup langit, teu aya pisan
cahaya.
24 Neuteup ka gunung-gunung, keur
aringgeung, kitu deui pasir-pasir aroyag.
25 Taya pisan jelema, manuk ge geus haliber
nyaringkah.
26 Eta tanah subur geus jadi tanah keusik,
kota-kotana geus burak-barik, ku sabab
PANGERAN kacida benduna.
27 (PANGERAN memang geus ngandika,
yen bumi sakuliahna bakal dijadikeun tanah
gurun, tapi saur-Na moal dibasmi sama
sakali.)
28 Ieu bumi bakal prihatin, langit bakal jadi
poek. Kitu timbalan PANGERAN, tur Mantenna
hamo ngarobah kersa-Na. Mantenna geus
ngadamel putusan, nu moal dirobah deui.
29 Jalma-jalma bakal kalabur, ngadenge
gumuruhna pasukan kuda jeung pasukan
gondewa. Sawareh bakal kalabur ka
leuweung, sawareh deui bakal naraek ka
gunung-gunung batu. Kota-kota kabeh bakal
suwung, moal aya nu nyicingan deui.
30 Duh Yerusalem, anjeun teh cilaka! Jang
naon dangdan make baju beureum, jang
naon make perhiasan, jang naon panon make
disipat sagala? Ngageulis ge taya gawena,

da ku kabogoh-kabogoh enggeus dipiceun,
malah arek dipaehan.
31 Kaula ngadenge aya nu humarurung,
sora awewe keur nandangan kanyeri, kawas
jeritna awewe nu ngajurukeun anak nu
cikal. Geuning jerit Yerusalem, anu keur
tibeberegeg narik napas. Pokna teh bari
leungeunna ngopepang, "Aduh cilaka! Itu aya
nu daratang rek maehan kuring!"
5 1 Eh urang Yerusalem, jig papay ka
jalan-jalan! Ilik-ilik sakuriling! Saksian
sorangan! Teang, kotektak di pasar-pasar!
Bisa maneh manggihkeun saurang bae jalma
nu bener lampahna, anu daek ihtiar seja satia
ka Allah? Bagja lamun bisa, Yerusalem tangtu
ku Kami dihampura.
2 Najan maneh majar ngabakti ka
PANGERAN, omongan maneh saenyana lain
kitu maksudna.
3 Anu dipundut ku PANGERAN tangtu
kasatiaan. Maneh ku Mantenna digebug, tapi
maneh tetep bandel; ku Mantenna dikekesek,
tetep embung narima pangwarah. Maneh
wangkelang, embung ninggalkeun dosa.
4 Ceuk pikiran kaula, "Nu karitu teh tangtu
nu mariskin jeung barodo. Nu matak
kalakuanana sabodoan teh lantaran teu
nyarahoeun, naon anu dipundut ku Allahna,
teu nyarahoeun, naon pangersa PANGERAN
ka maranehna.

5 Ku sabab kitu, aing rek ka para gegeden,
rek nyarita ka maranehna. Piraku nu karitu
mah teu nyarahoeun kana pangersa Allahna,
kana pangersa PANGERAN." Sihoreng
maranehna ge arembungeun diparentah ku
PANGERAN arembungeun nurut ka Mantenna.
6 Ku sabab eta maranehna bakal paraeh
ku singa ti leuweung, direweg ku ajag
ti gurun keusik, sarta maung tutul bakal
tinggalaur di kota-kota maranehna. Ana
maranehna kalaluar tangtu disasaak, sabab
dosana geus numpuk, nukangna ti Allah geus
pirang-pirang kali.
7 Nu matak saur PANGERAN, "Naon
dasarna eta umat ku Kami kudu dihampura?
Maranehna geus naringgalkeun Kami, heug
susumpahan demi brahala. Ku Kami geus
diparaban nepi ka sareubeuheun, ari geus
sareubeuheun bet tuluy jarinah, waktuna
dipake pelesir ka awewe palacuran.
8 Kalakuanana lir kuda jalu anu beuteungna
geus seubeuh, jaraham-jerehem hayang
jalangan, pinuh birahi ka pamajikan batur.
9 Naha kalakuan kitu teh ku Kami moal
dihukum? Naha bangsa nu kitu teh ku Kami
moal dibales?
10 Kami arek ngirim musuh, sina nuaran
tangkal anggur umat Kami, tapi ulah
sina diruksak sama sakali, sina ditilasan
dahan-dahanna bae, da dahan-dahanna mah
lain boga Kami.

11 Urang Israil jeung urang Yuda geus pohara
ngahianatna ka Kami. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
12 Eta umat PANGERAN teh geus mungkir
ti Mantenna, sarta aromongna, "Saenyana
Anjeunna moal nanaon. Urang moal
katarajang musibat, moal katarajang perang,
moal nyorang kalaparan."
13 Jeung carek maranehanana, nabi-nabi teh
lain nanaon salian ti tukang ngomong, lain
ngemban pangandika PANGERAN.
14 Ku sabab eta kieu timbalan PANGERAN,
Allah Nu Maha Kawasa, ka sim kuring,
"Yermia, ku sabab eta umat kitu
ngaromongna, ucapan-ucapan Kami
tina biwir maneh ku Kami rek dijieun ibarat
seuneu; ari maranehanana ibarat nu jadi
suluhna, sina kaduruk ku eta seuneu nepi ka
beak."
15 Eh urang Israil, PANGERAN rek
ngadatangkeun hiji bangsa ti nu jauh, sina
narajang ka aranjeun. Eta teh bangsa kahot
tur baredas, basana ku aranjeun moal
kaharti.
16 Tukang-tukang panahna kabeh serdadu
anu garagah, ana maehan taya rasrasan.
17 Paneneun jeung dahareun aranjeun ku eta
bakal dibeakeun; anak aranjeun awewe lalaki
bakal diparaehan. Domba jeung sapi aranjeun
bakal dipareuncitan, pelak anggur jeung
pelak kondang bakal ludes. Kota-kota anu

dibenteng, anu ku aranjeun dijieun andelan,
ku eta balad bakal tumpur.
18 Timbalan PANGERAN, "Tapi eta umat Kami
teh harita mah moal dibeakkeun kabeh.
19 Upama maranehna naranyakeun naon
sababna Kami midamel kitu, bejakeun ku
maneh, Yermia, bejakeun yen sakumaha
maranehna geus murtad ti Kami tuluy
ngarabdi ka allah-allah bangsa sejen di
tanahna sorangan, nu matak maranehna oge
baris ngawula ka bangsa lian di tanah anu
lain milikna."
20 PANGERAN nimbalan, "Bejakeun ka anak
incu Yakub, bejakeun ka urang Yuda, kieu:
21 Raregepkeun, eh nu garejul, nu baroga
mata teu nenjo, baroga ceuli teu ngadenge!
22 Kami teh PANGERAN, naha maraneh teu
sarieun? Naha teu ngadaregdeg di payuneun
Kami? Kami geus masangkeun keusik di
basisir jadi wates laut, wates anu ku laut
henteu bisa diliwatan. Sanajan laut teh
nyuruwuk, teu bisaeun ngaliwatan eta wates;
sanajan ombakna ngagulugur, tapi hamo bisa
limpas.
23 Tapi maraneh barandel, warangkelang,
nyalingkir ninggalkeun Kami.
24 Tara pisan baroga niat ngahormat ka
Kami, sakitu ku Kami dibere hujan unggal
musim muguran jeung musim semi, sarta
saban taun dibere musim panen.

25 Tapi sabalikna dosa-dosa maraneh
ngalantarankeun eta sagala anu harade teh
kahalangan ti maraneh.
26 Umat Kami kacicingan ku jalma-jalma
jahat, anu gawena ngintip cara nu rek newak
manuk ku jaringna, tapi anu ditaheunan ku
maranehna teh jelema.
27 Kawas tukang moro manuk ngeusian
kurungna pinuh ku manuk, maranehna
minuhan imahna ku barang beunang
rarampas. Puguh bae jadi baleunghar jeung
karawasa,
28 awakna lalintuh, nyaratuna cukup.
Kajahatanana taya watesna. Hak barudak
yatim pahatu ku maranehna tara dibikeun, nu
digencet tara dibere kaadilan.
29 Tapi Kami, PANGERAN, moal teu
ngahukum kalakuan maranehna; ieu bangsa
ku Kami tangtu dibales.
30 Di ieu tanah geus aya kajadian anu matak
ngabirigidig jeung ngagebeg:
31 nabi-nabi gawena taya deui salian ti
ngabohong; imam-imam diaturna nurutkeun
parentah eta nabi-nabi, sarta hal sarupa
kitu teh ku umat Kami bet ditarima. Tapi cik
maranehna rek kumaha upama hal eta geus
nepi ka ahirna?"
6 1 Eh urang Binyamin, geura kalabur
sangkan salamet! Geura ngarejat ti
Yerusalem! Sadakeun tarompet di Tekoa,

jieun seuneu ciciren di Bet Kerem. Aya bahla
jeung picilakaeun ngancam ti kaler.
2 Kota Sion sakitu endahna, tapi bakal
tumpur;
3 raja-raja jeung balad-baladna bakal
marasang kemah di dinya. Bakal marasang
tenda di sakuriling eta kota, masangna di
mana bae sakarepna masing-masing.
4 Ceuk maranehna engke kieu, "Geura
tarapti, urang serbu Yerusalem! Hayoh sing
sadia! Tengah poe urang mimiti narajang!"
Tapi aromongna deui, "Ayeuna mah geus
elat, geus tereh burit, kalangkang geus
manjangan.
5 Urang tarajang engke peuting bae, urang
gempur benteng-bentengna."
6 Eta raja-raja ku PANGERAN Nu Maha
Kawasa geus ditimbalan naluaran kai jeung
nyarieun gugunungan geusan ngepung
Yerusalem. Dawuhana-Na, "Ieu kota
arek dihukum, sabab pinuh ku tukang
neungteuinganan.
7 Kawas sumur anu caina seger bae,
Yerusalem oge kajahatanana seger bae. Di
eta kota, nu disiksa jeung dikaniaya, nu
disangsara jeung dinyenyeri, kabeh ku Kami
kadangu jeung katingali.
8 Eh urang Yerusalem, anggap ieu
kasangsaraan teh panggeuing; mun teu kitu
engke maraneh ku Kami ditinggalkeun. Kota

maraneh rek disina suwung, moal aya deui
anu nyicingan."
9 PANGERAN Nu Maha Kawasa nimbalan
ka kaula, "Israil baris beak beresih, kawas
tangkal anggur anu buahna enggeus dipupu
nepi ka beak. Ku sabab eta meungpeung aya
keneh tempo, ingetan ku maneh sabisa-bisa
sangkan salamet."
10 Piunjuk sim kuring, "Saha anu bade
nguping upami abdi nyanggem sareng
ngelingan maranehna? Sakitu barasangkalna,
arembungeun nurut kana timbalan Gusti.
Timbalan Gusti anu didongkapkeun ku abdi
anggur pada nyaleungseurikeun.
11 Bendu Gusti ka maranehna, ka abdi
ge jadi siksaan, abdi parantos teu kiat
nandanganana." Lahiran PANGERAN ka sim
kuring, "Budalkeun amarah Kami ka barudak
di jalan-jalan jeung ka barudak ngora di
enggonna karumpul. Salaki, pamajikan, bakal
ditarangkepan, malah anu geus karolot pisan
ge moal dikarikeun.
12 Imah-imahna ku Kami rek diserenkeun
ka batur, kitu deui lahan-lahan jeung
pamajikan-pamajikanana. Jalma-jalma ieu
tanah ku Kami baris dihukum.
13 Kabeh jalma, nu gede, nu leutik,
pabisa-bisa nyiar kauntungan nu teu halal;
malah nabi-nabi jeung imam-imam ge nipuan
rahayat.

14 Raheut-raheut umat Kami dianggapna
ngan ukur bared, Teu naon-naon, aman,
carekna, padahal sama sakali teu aman.
15 Areraeun henteu dumeh eta kalakuanana
teh kacida nistana? Teu, teu areraeun; teu
nyahoeun-nyahoeun acan beureum beungeut
teh kumaha. Ku sabab kitu lamun ku Kami
enggeus diragragan hukuman, tangtu bakal
tigejret sakumaha nu sejen-sejen, nya harita
poe panungtungan maranehna teh. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN."
16 PANGERAN geus ngandika ka umat-Na,
"Geura narangtung di unggal parapatan,
jeung awaskeun. Tanyakeun jalan-jalan
heubeul, jeung mana jalan anu panghadena,
tuluy sorang sangkan hirup bari tengtrem."
Tapi ceuk maranehna, "Embung, moal!"
17 Geus kitu PANGERAN ngangkat tukang-
tukang kemit. Maranehna dipiwarang
ngadengekeun sora isarat tarompet. Tapi
ceuk maranehna, "Embung ngadengekeun!"
18 Ku sabab kitu, kieu timbalan PANGERAN,
"Dengekeun eh bangsa-bangsa, kanyahokeun
nu baris tumiba ka umat Kami.
19 Eh bumi, dengekeun! Ieu umat ku
sabab pakarepanana karitu, ku Kami arek
dihukum, arek ditumpurkeun, lantaran
nolak pangajaran Kami, teu nurut kana
dawuhan-dawuhan Kami.
20 Keur naon Kami narima pangbaktina, dupa
bawana ti tanah Syeba, atawa seuseungitan

bawana ti nagri jauh? Kami teu hayang
narima pangbaktina, teu hayang kana
kurban-kurbanna.
21 Jadi eta umat teh ku Kami rek disina
titarajong nepi ka tibareubeut. Bapa, anak,
babaturanana jeung tatangga-tatanggana
bakal pararaeh."
22 Timbalan PANGERAN, "Aya anu daratang
ti hiji nagri di kaler, hiji bangsa perkasa ti nu
jauh pisan, geus tarapti rek perang.
23 Marawa jamparing jeung pedang. Jelema-
jelemana barengis jeung taya ampunna. Ana
geus clak kana kuda, sora pasukan kudana
ngaguruh sada laut ngagulugur. Geus tarapti
rek merangan Yerusalem."
24 Ceuk urang Yerusalem, "Geus aya bejana
ka urang, ieu leungeun mani ngeplek, hate
dicangkerem ku kasieun jeung kanyeri, kawas
awewe rek ngajuru.
25 Tong boro ka luar kota, ngulampreng ka
jalan ge teu wani, nenjo musuh samagreng ku
pakarang, sakuriling bungking pikasieuneun."
26 PANGERAN ngandika ka umat-Na, "Geura
marake pakean karung tuluy gugulingan
dina taneuh ngebul, pek geura sasambat
aluk-alukan kawas nu ditinggalkeun paeh
ku anak tunggal, sabab maraneh bakal
ditarajang ngadadak ku nu baris ngabinasa.
27 Eh Yermia, uji eta umat Kami ku maneh
kawas nguji logam, pariksa tabeatna kumaha.

28 Kabeh ge wangkelang, tukang barontak,
tabeatna teuas kawas parunggu jeung beusi.
Kalakuanana goreng, resep ngider ngupat
batur.
29 Dina pangleburan anu kacida marakbakna
ge eta logam-logam piceuneun teh teu daek
ajur, teu bisa leungit. Eta umat Kami cumah
dianyarkeun deui oge, moal bisa, lantaran nu
jarahatna henteu disingkirkeun.
30 Maranehna bakal disarebut bubututan anu
geus taya pangajina sabab enggeus dipiceun
ku Kami, PANGERAN."
7 1 (7:1-3) PANGERAN miwarang kaula ka
gapura Bait Allah, paranti urang Yuda
arasup ngabakti. Kaula dititah nangtung di
dinya ngumumkeun pangandika Mantenna,
PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil. Kieu
anu kudu diucapkeun ka maranehna, "Robah
kalakuan jeung kabiasaan hirup maraneh,
sangkan ku Kami diidinan caricing di dieu.
2 (7:1)
3 (7:1)
4 Ulah palercaya deui ka nu sok ngomong
kieu: Di dieu urang aman! Ieu teh Bait
PANGERAN, ieu teh Bait PANGERAN, ieu teh
Bait PANGERAN!
5 Robah jalan hirup jeung eureunan kalakuan
nu ayeuna teh. Dina urusan jeung pada batur
kudu jujur.
6 Ulah macikeuh deui ka urang asing, ka
yatim pahatu jeung ka randa-randa. Ulah

maehan deui jelema anu taya salahna di ieu
tanah. Ulah ngabarakti deui ka allah-allah
sejen, sabab eta teh bakal nyilakakeun ka
maraneh.
7 Saupama maraneh daraek robah kalakuan,
ku Kami diidinan caricing terus di ieu tanah
anu ku Kami geus dipusakakeun ka karuhun
maraneh supaya jadi tanah milik anu tetep.
8 Tapi tetela, anu dipercaya ku maraneh mah
omongan anu nyasabkeun.
9 Maraneh ngabangsat, maehan, jinah,
sumpah palsu, ngurban ka Baal, jeung
nyarembah ka dewa-dewa anu tadina
maraneh teu wawuh.
10 Sanggeus nyieun eta kalakuan anu
pikagirukeun Kami, maraneh daratang ka
hareupeun Kami, ka ieu Bait Kami, bari
ngomong, Urang aman!
11 Na anggapan maraneh Bait Kami teh
panyumputan begal? Kami geus nenjo sagala
kalakuan maraneh.
12 Jig indit ka Silo, tempat anu pangheulana
dipilih ku Kami paranti babakti ka Kami.
Tenjo, geus dikumahakeun eta ku Kami ku
lantaran dosana umat Kami Israil.
13 Eta dosa-dosa kitu ku maraneh dilakonan
kabeh, tur sakitu ku Kami diingetan
sababaraha kali maraneh arembung
ngadenge. Ana ku Kami disaur tara
narembalan.

14 Ku sabab kitu, Bait Kami anu ieu oge, anu
ku maraneh dijieun andelan, ku Kami rek
disina cara anu kaalaman ku nu di Silo. Di
dieu oge, tempat anu ku Kami geus dibikeun
ka karuhun maraneh jeung ka maraneh, ku
Kami rek disina sakumaha anu di Silo.
15 Maraneh rek diusir ti hareupeun Kami,
sakumaha Kami geus ngusir dulur-dulur
maraneh urang Israil. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
16 Timbalan PANGERAN, "Yermia, maneh
ulah mangnedakeun ieu jalma-jalma. Ulah
sasambat atawa neneda keur maranehna;
najan maneh maksa oge ku Kami moal
didenge.
17 Na teu katenjo ku maneh kumaha
kalakuanana di kota-kota Yuda jeung di
jalan-jalan Yerusalem?
18 Barudak ngarumpulkeun suluh,
kolot-kolot ngahurungkeun seuneu, awewe-
awewe nyieun adonan jang nyieun kueh,
baktikeuneun ka hiji dewi anu ku maranehna
dingaranan Ratu Sawarga. Heug deui
nyaricikeun anggur sasajen ka allah-allah
sejen, maksudna nganyenyeri hate Kami.
19 Tapi naha enya anu dinyenyerina teh
Kami? Lain, maranehna sorangan anu ngarasa
nyerina, nepi ka areraeun.
20 Ku sabab kitu, Kami, PANGERAN Nu Maha
Kawasa, rek ngabudalkeun amarah ka ieu
tempat ibadah. Amarah Kami bakal budal

narajang ka jelema jeung ka sasatoan, malah
kana tatangkalan jeung hasil bumi. Amarah
Kami bakal saibarat seuneu anu hamo bisa
dipareuman.
21 Eh umat, kurban-kurban maraneh aya
anu kudu diduruk gembleng nepi ka beak
dina altar, aya oge anu ku maraneh meunang
didahar. Tapi ayeuna ceuk Kami, PANGERAN,
masing rek kabeh didalahar ge pek bae.
22 Basa karuhun maraneh ku Kami dibawa
kaluar ti Mesir, ku Kami henteu dikudukeun
nyanggakeun kurban nu diduruk atawa
kurban-kurban sejenna.
23 Anu diparentahkeun ku Kami nya eta kudu
nurut ka Kami, sangkan Kami jadi Allahna
sarta maranehna jadi umat Kami. Sarta kudu
ngalakonan jalan nu diparentahkeun ku Kami,
sangkan marulus dina sagala perkara.
24 Tapi henteu narurut, henteu malire.
Anggur ngayunkeun tabeatna anu
wangkelang, ngajujur pangajak hatena anu
jahat, beuki lila lain beuki hade, tapi beuki
goreng.
25 Ti semet karuhun maraneh budal ti Mesir,
nepi ka poe ieu pisan Kami ka maraneh
henteu weleh ngutus abdi-abdi Kami, nya eta
nabi-nabi.
26 Tapi maraneh taya saurang-urang acan
anu nurut, perhatian ge euweuh. Nu puguh
mah maraneh jadi beuki wangkelang, beuki
bangkawarah, leuwih ti karuhun maraneh.

27 Ku sabab kitu, Yermia, sanajan ieu kabeh
ku maneh diomongkeun ka umat Kami, geus
tangtu maneh moal didenge. Pek maranehna
calukan, geus tangtu moal narembalan.
28 Jadi omongkeun, yen maranehna teh
bangsa anu teu nurut ka Kami, PANGERAN
Allahna, arembung metik hikmah tina
pameperih. Kasatiaan teh geus pareum
pisan, geus teu aya anu ngomongkeun-
ngomongkeun acan."
29 "Geura nguluwut, urang Yerusalem!
Teukteuk buuk maraneh terus alungkeun
Nyanyikeun lagu nguburkeun di puncak-
puncak pasir, sabab Kami, PANGERAN, keur
amarah, sarta geus miceun umat Kami.
30 Urang Yuda geus nyieun kadorakaan.
Maranehna nempatkeun brahala-brahalana,
kagiruk Kami, di jero Bait Kami. Bait Kami
dirurujit.
31 Di Lebak Hinom maranehna ngadegkeun
altar anu dingaranan Topet, geusan ngaduruk
anak-anakna nu lalaki nu awewe. Eta lain
parentah ti Kami, malah Kami mah teu
mikir-mikir acan ka anu kawas kitu.
32 Ku hal kitu eta tempat teh engke moal
disarebut deui Topet atawa Lebak Hinom,
tapi Lebak Pameuncitan. Jalma-jalma bakal
dikalubur di dinya, da di tempat sejen mah
geus taya tempat keur nguburkeunana.

33 Bangke-bangkena bakal jadi parab manuk
jeung sato leuweung, sarta moal aya anu
bakal ngagebahkeun.
34 Ieu tanah bakal jadi gurun keusik.
Kota-kota Yuda jeung jalan-jalan di Yerusalem
rek disina jempling, moal aya deui sora suka
seuri, moal aya deui sora anu ria-ria, sora ti
nu hajat kawinan.
8 1 Harita tulang-taleng raja-raja,
para pajabat nagara Yuda, kitu deui
tulang-taleng nabi-nabi, para imam jeung
urang Yerusalem sejenna, bakal dikali
dikaluar-luarkeun tina kuburan.
2 Lain rek dikumpulkeun terus dipendem
deui, tapi diantep bae sina acak-acakan
jadi gemuk, ambacak katungkulan ku
panonpoe, bulan jeung bentang-bentang nu
ku maranehna diparuja disarembah.
3 Jalma-jalma ieu bangsa jahat nu harirup
keneh, anu ku Kami geus dipabalencarkeun
ka mana-mana, suka keneh marilih paeh
tinimbang hirup. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Kawasa."
4 PANGERAN nimbalan ka sim kuring,
miwarang ngomong kieu ka umat-Na, "Ari
jelema labuh lain sok hudang deui? Ari anu
salah jalan lain sok balik deui?
5 Tapi maraneh, umat Kami, sanggeus
naringgalkeun Kami teh ku naon teu
baralik deui? Maraneh anggur montel ka

brahala-brahala, embung baralik deui ka Kami.
6 Kami teu weleh ngadedengekeun sugan maraneh sok ngomongkeun hal anu bener, tapi lapur. Saurang ge euweuh nu kaduhung ku kajahatanana. Taya saurang-urang acan anu nanya ka dirina, Aing teh geus dosa naon? Saban jalma haben bae nurutkeun kahayang sorangan, kawas kuda anu mangprung muru ka medan perang.
7 Manuk bango ge nyahoeun iraha waktuna balik deui. Manuk tikukur, kapinis jeung kucica, nyarahoeun iraha kudu pindah ka daerah sejen. Tapi maraneh, umat Kami, teu nyaraho kana hukum-hukum Kami anu dipake ngatur maraneh.
8 Kumaha rek bisa ngaku majar bijaksana jeung nyaraho kana hukum-hukum Kami? Tenjo, hukum-hukum Kami geus dirobah ku tukang-tukang nyalin anu teu jujur.
9 Jalma-jalma bijaksana di maraneh bakal diera-era, bakal laleungit akal jeung kajiret. Maranehna nolak dawuhan-dawuhan Kami; jadi, kabijaksanaan naon anu ayeuna nyampak keneh di maranehna?
10 Ku sabab kitu lahan-lahanna ku Kami rek diserenkeun ka nu sejen, sarta pamajikan-pamajikan maranehna rek dibikeun ka nu sejen. Kabeh jalma, nu gede, nu leutik, pabisa-bisa nyiar kauntungan nu teu halal;

malah nabi-nabi jeung para imam ge nipuan rahayat.
11 Raheut-raheut umat Kami dianggapna
ngan ukur bared. Teu naon-naon, aman,
carekna, padahal sama sakali teu aman.
12 Areraeun henteu dumeh eta kalakuanana
teh kacida nistana? Teu, teu areraeun; teu
nyahoeun-nyahoeun acan beureum beungeut
teh kumaha. Ku sabab kitu lamun ku Kami
geus diterapan hukuman, tangtu bakal
tigejret kawas anu sejen-sejen, nya harita
pitungtungeun maranehna teh. Kitu timbalan
Kami, PANGERAN.
13 Kami teh hayang ngumpulkeun umat,
kawas juru tani ngumpulkeun hasil
pepelakanana. Tapi umat Kami teh lir tangkal
anggur atawa tangkal kondang anu teu
buahan, malah daunna ge parerang. Nya ku
sabab kitu eta tanah ku Kami dikajeunkeun
sina dicokot ku urang piluaran."
14 Ceuk umat Allah, "Ku naon urang caricing
bae di dieu? Hayu urang marubus ka
kota-kota anu dibenteng, urang ngaradon
paeh di dinya. Urang teh geus disina paraeh
ku PANGERAN Allah urang, dibere racun kudu
diinum, lantaran doraka ka Anjeunna.
15 Ngarep-ngarep pisenangeun, ngarep-
ngarep bisa menyat, kalah ka ditarajang
pikasieuneun.
16 Musuh geus aya di kota Dan, kudana
geus bebenger. Ana kudana bebenger

tingharoang, ieu tanah mani asa eundeur.
Musuh geus datang rek ngaruksak tanah
urang jeung sagala eusina, kota urang jeung
jelema-jelemana."
17 Lahiran PANGERAN, "Awas, Kami rek
ngaleupas-leupaskeun oray anu maratih,
anu teu tunduk ku jampe, sina maracok ka
maraneh."
18 Kuring gering sajeroning pikir, nalangsa
teu daek paler.
19 Tah dengekeun, di sakuliah nagri bangsa
kuring tingjarerit, "Naha kitu PANGERAN teh
geus teu linggih di Sion? Naha kitu raja di
Sion teh geus teu aya di dinya?" PANGERAN,
raja maranehna, ngawaler, "Naha atuh
maraneh ngajengkelkeun Kami, nyarembah
ka arca-arca, sarujud ka dewa-dewa asing
anu euweuh pisan gunana?"
20 Rahayat sasambat, "Usum panas jeung
usum dibuat geus liwat, tapi urang acan
salamet keneh bae."
21 Hate kuring ajur, lantaran bangsa kuring
ancur, pikiran nguluwut marungkawut.
22 Naha di tanah Gilad teh taya pisan ubar?
Taya pisan doktor? Ku naon bangsa kuring
henteu cageur-cageur?
9 1 Hayang teh ieu sirah ngajadi sumur
anu caian panon ngajadi cinyusu cimata,
sangkan bisa ceurik beurang peuting,
nyeungceurikan bangsa kuring anu enggeus
dibinasa.

2 Hayang teuing boga tempat di gurun
keusik, keur nyingkiran bangsa kuring,
bangsa anu teu satia, jalma-jalma hianat,
3 anu siap salilana kana ngabohong;
kasaestuan di ieu nagri geus diganti
ku kateujujuran. Timbalan PANGERAN,
"Kalakuan umat Kami ngan goreng jeung
goreng bae, jeung carekna Kami teh lain
Allahna."
4 Unggal jalma ka pada batur kudu curiga,
dulur oge taya anu beunang dipercaya, sabab
tiap dulur tabeatna licik kawas Yakub, tiap
jalma silih pitenah.
5 Saban jalma silih tipu, taya pisan nu
ngomongna saenyana. Sungutna geus tuman
ngabohong, geus teu barisaeun ngeureunan
dosana.
6 Lampahna tina telenges kana telenges, tina
nipu kana nipu. Lahiran PANGERAN, umat-Na
henteu ngaku ka Mantenna.
7 Ku sabab kitu, kieu lahiran PANGERAN Nu
Maha Kawasa, "Umat Kami rek diuji saperti
logam, rek disina murni deui. Eta umat geus
nyieun kajahatan, jadi naon deui anu ku Kami
kudu dilampahkeun ka maranehna?
8 Letahna ibarat jamparing matih matak
paeh, ucap-ucapanana bohong malulu.
Tiap jalma ngomongna lumah-lameh, tapi
saenyana mah naheunan.

9 Piraku eta kalakuanana teh moal dihukum
ku Kami? Piraku bangsa nu kitu moal dibales
ku Kami? Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
10 Piunjuk kaula, "Gunung-gunung,
tegal-tegal pangangonan, ku abdi bade
diceungceurikan, jalaran parantos burindil,
garundul, tara aya nu ngaliwat-liwat acan.
Sora ingon-ingon tara kakuping deui. Manuk
sareng sato leuweung ge parantos aringkah ti
dinya."
11 PANGERAN nimbalan, "Yerusalem ku
Kami rek dijieun ruruntuhan, enggon ajag,
kota-kota tanah Yuda bakal kosong, bakal
jempling moal aya nu nyicingan."
12 Piunjuk kaula, "Nun PANGERAN, ku naon
eta tanah teh dugi ka burak-barik sareng
garing sapertos gurun keusik, dugi ka teu
aya anu ngaliwat-liwat acan ka dinya? Saha
pijalmieunana anu arif, nu bakal ngartos kana
eta kajadian? Saha anu ku Gusti parantos
dicariosan hal eta supados ku eta jalmi
dicarioskeun deui ka anu sanes?"
13 Waler PANGERAN, "Eta kajadian teh
lantaran umat Kami geus naringgalkeun
pangajaran Kami. Geus teu narurut, timbalan
Kami teu dilalampahkeun.
14 Anggur ngaralawan ka Kami jeung
nyarembah ka arca-arca Baal, nurutkeun
papatah bapana masing-masing.
15 Ku sabab eta dengekeun ieu anu baris
dilampahkeun ku Kami, PANGERAN Nu

Maha Kawasa, Allahna urang Israil: Umat Kami rek dibere pepelakan anu parait geusan dahareunana, arek dibere racun keur inumeunana.
16 Arek disina pabalencar, sina caricing di bangsa-bangsa anu ku maranehna kitu deui ku karuhunna acan kadenge ngaran-ngaranna acan. Tuluy sina ditarajang ku hiji balad, sarta tungtungna tumpur pisan ku Kami."
17 PANGERAN Nu Maha Kawasa nimbalan, "Awaskeun anu bakal kajadian! Calukan jelema-jelema purah nalangan ceurik, calukan awewe-awewe purah ngawihkeun lagu sungkawa."
18 Ceuk jalma-jalma, "Sina buru-buru daratang, nalangan urang ngawihkeun lagu sungkawa nepi ka urang rambay cipanon, nepi ka panon carindul balas careurik."
19 Tah, dengekeun sora anu sasambat di Sion, "Urang geus tumpur, sarta pohara nandang hinana! Kudu arindit ti lemah cai, imah urang geus raruntuh."
20 Ceuk kaula, "Aranjeun, kaom wanita, dengekeun, perhatikeun timbalan-timbalan PANGERAN. Papatahan anak, kuma petana nalangsa. Papatahan babaturan, kudu kumaha ngawihkeun lagu sungkawa.
21 Maot geus datang, asup tina jandela-jandela, ngasupan karaton-karaton urang. Anak urang ku eta dibabadan di jalan-jalan, barudak ngora dibabadan di pasar-pasar.

22 Bangke patulayah di mana-mana, kawas
berak di tegal tingtarumpuk, kawas kebon
jagong dicacar, geus dicacar ditinggalkeun,
diantep teu dikumpulkeun. Tah, timbalan eta
anu ku PANGERAN dipiwarang diucapkeun ku
kaula teh."
23 PANGERAN nimbalan, "Jalma ulah agul ku
kabijaksanaanana, jalma bedas ulah agul ku
kabedasanana, jalma beunghar ulah agul ku
kabeungharanana.
24 Lamun hayang aya agulkeuneun, kudu
agul teh lamun wawuh ka Kami, sarta ngarti
kana pangersa Kami. Sabab kanyaah Kami
taya watesna, sarta Kami salawasna midamel
nu bener jeung nu saenyana. Nya kalakuan
kitu karesep Kami. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
25 (9:25-26) PANGERAN nimbalan, "Engke
datang mangsana Kami baris ngahukum
urang Mesir, urang Yuda, urang Edom, urang
Amon, urang Moab, jeung urang gurun keusik
anu buukna dicalukur pondok. Maranehna
kabeh oge disunat cara urang Israil, tapi boh
maranehna boh urang Israil, kalakuanana
saperti kalakuan jalma-jalma anu teu disunat,
sabab henteu nyekel kana perjangjian anu
dilambangkeun ku eta sunat."
26 (9:25)
10 1 Eh urang Israil, raregepkeun ieu
amanat ti PANGERAN ka maraneh.

2 Kieu timbalan Mantenna, "Maraneh ulah
nurutan adat kalakuan bangsa sejen. Jeung
ulah sok reuwas ku tetenjoan anu luar biasa di
langit, anu sok dipikasieun ku bangsa-bangsa
sejen.
3 Agama maranehna taya pisan hartina. Kai
dituar ti leuweung, tuluy ditatah ku parabot
tukang kai,
4 seug dihiasan ku perak jeung emas. Ngarah
tagen teu tiguling seug dipaku.
5 Eta arca-arca brahala teu beda ti bebegig
di kebon bonteng, teu bisaeun ngomong,
kudu diangkat jungjung, da henteu bisaeun
leumpang sorangan. Ku maraneh teu kudu
dipikasieun, da henteu bisaeun nyusahkeun,
henteu bisaeun nyenangkeun."
6 Nun PANGERAN, Gusti taya sasamina, Gusti
teh maha perkasa, jenengan Gusti agung tur
kawasa.
7 Saha anu teu bade ngagungkeun ka
Gusti, rajana sadaya bangsa? Gusti teh layak
dihormat. Para arif bijaksana bangsa-bangsa,
sinareng raja-rajana, henteu aya anu
nandingan ka Gusti.
8 Maranehna nya barodo nya barurung,
margina pangajaran naon anu tiasa dipetik
tina arca kai?
9 Eta arca-arca dilapis ku perak ti nagri
Sepanyol, sareng ku emas ti nagri Upas;
buatan para seniman; dipakean lawon warna
wungu sareng pear, tinunan anu arahli.

10 Dupi Gusti mah nun PANGERAN, nya
Allah anu sajati, nya Allah anu jumeneng,
raja anu langgeng. Saupami Gusti bendu,
jagat inggeung, bangsa-bangsa teu kiateun
nandangan bebendu Gusti.
11 (Bejakeun ka maranehna, yen eta
dewa-dewa anu henteu nyarieun bumi jeung
langit teh bakal ditumpes, sina musna ulah
aya deui di kolong langit.)
12 PANGERAN ngadamel bumi ku pangawasa-
Na, ngadegkeun jagat, mantengkeun langit,
ku hikmat-Na.
13 Ku karana timbalana-Na, cai di awang-
awang ngaguruh; Mantenna ngadatangkeun
mega ti tungtung-tungtung bumi, ngadamel
kilat ngaburinyay marengan hujan,
ngabijilkeun angin ti gudang kagungana-Na.
14 Narenjo pamandangan saperti kitu,
manusa teh rumasa bodo, anu nyarieun
arca brahala ngarasa kuciwa da dewa-dewa
buatanana palsu, taya nyawana.
15 Kabeh ge taya hargana jeung poyokeun,
dina waktuna kabeh baris dibasmi ku
PANGERAN.
16 Allahna Yakub mah beda pisan ti eta. Nya
Mantenna anu ngadamel sagala rupa, anu
geus ngangkat Israil jadi umat-Na ku manten.
Jenengan Mantenna nya eta PANGERAN Nu
Maha Kawasa.
17 Eh urang Yerusalem, aranjeun keur
dikepung. Geura kumpulkeun babandaan.

18 Aranjeun ku PANGERAN baris dibuang
ti ieu tanah. Aranjeun baris ditumpes ku
Mantenna, moal disesakeun. Kitu pangandika
PANGERAN.
19 Urang Yerusalem sasambat, "Ieu tatu
urang parna pisan. sarta ieu raheut moal
bisa cageur. Tadina mah sugan teh rek kuat
nandanganana!
20 Kemah urang geus burakrakan, tali-tali
pamantengna paregat. Euweuh saha-saha
nu bakal nangtungkeun deui kemah urang,
nu bakal masangkeun deui tenda-tendana,
lantaran anak-anak urang geus teu araya."
21 Tembal kaula, "Pamingpin urang garejul,
henteu marenta ditungtun ku PANGERAN, ku
sabab eta maranehna garagal, sarta bangsa
urang jadi pabalencar.
22 Dengekeun! Aya beja datang! Aya hiji
bangsa di kaler keur obyag pahibut, tentarana
bakal ngarobah kota-kota Yuda jadi gurun
keusik, jadi pienggoneun ajag.
23 Nun PANGERAN, abdi terang manusa mah
teu kawasa nangtoskeun nasibna, teu kawasa
nangtoskeun hirupna.
24 Nun PANGERAN, mangga umat Gusti teh
teunggeul nanging ulah tarik teuing. Sareng
ari keur bendu ulah dongkap ka ngahukum,
margi tangtos abdi sadaya musna.
25 Bade bendu mah langkung sae ka bangsa
anu ka Gusti henteu ngabakti, anu teu
ngangken ka Gusti. Maranehna maehan umat

Gusti ngabasmi abdi-abdi dugi ka tumpur,
sareng ngaburak-barik ieu nagri."
11 [1] Dawuhan PANGERAN ka kaula,
[2] "Regepkeun ieu sarat-sarat
perjangjian. Bejakeun ka urang Yuda jeung
urang Yerusalem,
[3] yen Kami, PANGERAN Allahna urang Israil,
baris nyapa ka sakur anu teu nurut kana ieu
sarat-sarat.
[4] Ieu teh perjangjian antara Kami jeung
karuhun maranehna, basa karuhunna ku Kami
dibawa kaluar ti Mesir, tanah anu karasana ku
maranehna lir tungku anu marong. Ceuk Kami
maranehna kudu nurut, kudu ngalampahkeun
sagala parentah Kami. Saupama narurut,
tangtu maranehna diangkat jadi umat Kami,
Kami jadi Allah maranehna.
[5] Jangji Kami anu diikrarkeun ka karuhun
maranehna, nya eta rek mere tanah anu
subur makmur, anu ayeuna dicicingan ku
maranehna, ku Kami baris dilaksanakeun."
Piunjuk kaula, "Saleresna kitu, GUSTI."
[6] PANGERAN ngadawuh deui, "Uarkeun
timbalan Kami ka nu caricing di kota-kota
tanah Yuda jeung di jalan-jalan Yerusalem,
uarkeun yen kudu ngadarenge jeung narurut
kana eta sarat-sarat perjangjian.
[7] Waktu karuhunna dibawa budal ti Mesir, ku
Kami geus diomat-omatan pisan yen kudu
narurut. Tur Kami ngomat-ngomatan teh nepi
ka kiwari pisan.

8 Tapi maranehna teu ngadarenge, teu
narurut, malah tetep baredegong jeung
jarahat kawas bareto. Dititah tigin kana
perjangjian teh ngan nolak bae. Nya ku Kami
dihukum, sapuk jeung eusi eta perjangjian."
9 Timbalana-Na deui ka kaula, "Urang
Yuda jeung urang Yerusalem geus sakait
ngaralawan ka Kami.
10 Maranehna marigawe dosa anu baheula
dipigawe ku karuhunna, nolak kana pituduh
Kami, ngabarakti ka allah-allah sejen. Nya
Israil, nya Yuda, geus miceun perjangjian anu
ku Kami diayakeun jeung karuhunna.
11 Ku sabab eta ayeuna Kami, PANGERAN,
mere nyaho, yen Kami rek numpes
maranehna sarta moal aya anu bisa luput.
Saupama maranehna sasambat marenta
tulung, moal didangu.
12 Urang Yuda jeung urang Yerusalem engke
sasambat marenta tulungna teh ka allah-allah
sejen anu ku maranehna biasa dikurbanan.
Geus tangtu eta aallahan-aallahanana teh
moal bisaeun nulungan maranehna lamun eta
kacilakaan geus datang.
13 Aallahan urang Yuda kacida lobana, loba
pisan saperti kotana. Ari di urang Yerusalem
mah anu loba teh altar paranti ngurban ka
Dewa Baal anu pikagirukeun tea, lobana
sarua jeung jalan di eta kota.
14 Yermia, eta jelema-jelema ku maneh ulah
dipangnedakeun ka Kami, ulah dibelaan.

Lamun maranehna sasambat marenta
pitulung Kami pedah keur kasusahan, moal
didenge."
15 Timbalana-Na deui, "Umat kanyaah Kami
teh geus doraka. Jadi naon deui hakna di
Bait Kami? Naha ari balahi teh bisa dicegah
ku nadar jeung ngurbankeun sato? Naha
nadar jeung kurban teh bisa ngayakeun
kasenangan?
16 Tadina mah maranehna disebutna ku
Kami teh tangkal jetun anu gomplok tur
buahna leubeut. Tapi ayeuna mah ku Kami
daunna rek diduruk, dahan-dahanna arek
dipeunggas-peunggaskeun, sarta sorana
gumuruh lir guludug.
17 Israil jeung Yuda geus dipelak ku Kami,
PANGERAN Nu Maha Kawasa. Ayeuna ku Kami
rek ditarajang ku balahi. Salah maranehna
keneh, geus ngajengkelkeun ka Kami,
ngalurban ka Dewa Baal."
18 PANGERAN ngawartosan yen aya
musuh-musuh anu ngarah ka kaula.
19 Ari kaula kawas anak domba, teu curiga
naon-naon ditungtun arek dipeuncit teh, teu
terang yen keur diarah. Padahal maranehna
geus sakait, aromongna, "Eta tangkal urang
tuar meungpeung seger keneh! Urang paehan
eta jelema teh, sing ulah aya anu inget-inget
acan!"
20 Kaula neneda, "Nun PANGERAN Nu
Maha Kawasa, Gusti teh hakim nu adil, anu

nguji pikiran sareng hate manusa. Abdi
nyanggakeun ieu perkawis kana panangan
Gusti. Abdi hoyong ningal maranehna ku
Gusti dibales."
21 Anu rek maehan kaula teh urang Anatot.
Carek maranehna, lamun kaula masih
nguar-nguarkeun pangandika PANGERAN,
moal teu dipaehan.
22 Ku sabab eta PANGERAN Nu Maha Kawasa
ngandika, "Eta jelema-jelema tangtu ku
Kami dihukum. Nu ngarora sina paraeh di
medan perang, anak-anakna sina paraeh ku
kalaparan.
23 Kami geus nangtukeun hiji waktu, urang
Anatot ku Kami rek ditarajang ku balahi. Ana
balahina geus datang, maranehna moal aya
anu nyesa."
12 1 "Nun PANGERAN, upami abdi ngadu
ka Gusti, tangtos Gusti anu leres.
Nanging ayeuna abdi gaduh piunjuk, seja
tumaros perkawis kaadilan. Naon margina
anu jarahat baleunghar? Naon margina anu
teu jalujur harasil maksud?
2 Ibarat tangkal, maranehna ku Gusti
dipelak, alakaran sareng baruahan. Gusti ku
maranehanana sering disebat-sebat, padahal
hatena mah ka Gusti teh api lain.
3 Gusti uninga ka abdi, kumaha lampah abdi,
sareng kumaha nyaahna abdi ka Gusti. Mugi
eta jalmi-jalmi ku Gusti digusur, sapertos

domba anu bade dipeuncit, dijaga dongkap
ka dipeuncitna.
4 Bade sabaraha pilamieunana ieu tanah
disina garingna? Bade sabaraha lamina
jukut-jukut di pangangonan jadi perang?
Manuk sareng sasatoan pararaeh, lantaran
kajahatan bangsa abdi, anu ngaromong, Moal
uningaeun Allah teh kana kalakuan urang."
5 Timbalan PANGERAN, "Yermia, lamun balap
jeung jelema maneh geus cape, komo lamun
balap jeung kuda. Lamun di jero kota geus
ngarasa hariwang, komo lamun di leuweung
sisi Walungan Yordan.
6 Dulur-dulur jeung baraya-baraya maneh
hianat, ka maneh rek nyilakakeun. Sanajan
ka maneh alus ngomongna, maneh ulah
percaya."
7 PANGERAN nimbalan, "Israil ku Kami geus
ditinggalkeun. Anu bareto ku Kami dipilih,
ayeuna dipiceun. Anu bareto dipikanyaah,
ayeuna rek diselehkeun ka musuhna.
8 Eta umat pilihan Kami teh ngalawan ka
Kami, mani kawas singa di leuweung, ka Kami
wani tinggalaur, nu matak Kami teh ijid.
9 Umat pilihan Kami teh sina jadi kawas
manuk anu dibintihan ku heulang-heulang
ti kenca ti katuhu. Sakalian kumpulkeun
sato-sato galak, sina marilu ngarecah
awakna.
10 Loba pangereh-pangereh urang asing anu
ngaruksak kebon anggur Kami. Kebon Kami

ku maranehna dilaleyekan; tanah Kami anu
alus ku maranehna dijadikeun gurun keusik.
11 Ku maranehna dijadikeun tanah gundul,
jadi tanah pikasediheun hareupeun Kami.
Sakuliahna geus jadi gurun keusik, taya anu
malire.
12 Pada ngaranjah ku jalma-jalma anu holna
ti peuntaseun gurun keusik di pagunungan.
Sakuliahna ku Kami dibasmi ku perang, taya
jalma anu hirupna aman di dinya.
13 Umat Kami melak gandum, nu kaala jukut.
Digarawe hese cape, taya beubeunanganana.
Pepelakanana ku Kami diruksak, bakating
Kami jengkel kabina-bina."
14 PANGERAN nimbalan, "Kami aya
dawuhkeuneun ka tatangga urang Israil,
anu geus ngaruksak tanah pusaka ti
Kami ka urang Israil. Eta jelema-jelema
anu jarahat teh ku Kami baris dipiceun ti
nagara-nagarana, kawas ngarabut pepelakan;
ari Yuda ku Kami baris dileupaskeun tina
genggeman maranehanana.
15 Tapi sanggeusna dipiceun, ku Kami rek
dipikarunya deui. Unggal bangsa ku Kami
baris dipulangkeun deui ka lemah caina, ka
nagarana masing-masing.
16 Upama daraekeun narima kapercayaan
anu dianut ku umat Kami kalawan satemenna,
sarta sumpah, Demi Allah anu jumeneng
cara maranehna tadina ngajar umat Kami,
sumpah demi Dewa Baal maranehna oge

bakal diangkat jadi umat Kami, sarta hirupna
bakal sarenang.
17 Sabalikna upama aya bangsa anu
embung nurut, ku Kami tangtu dirabut jeung
dibasmi nepi ka beak. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
13 1 Timbalan PANGERAN ka kaula,
"Maneh kudu meuli sarung pondok tina
lawon linen, tuluy pake, tapi ulah dicelubkeun
kana cai."
2 Seug kaula meuli sarung pondok, tuluy
dipake.
3 Ti dinya PANGERAN nimbalan deui,
dawuhana-Na,
4 "Maneh kudu ka Walungan Eprat, eta
sarung pondok sumputkeun di ditu dina
sela-sela batu cadas."
5 Bral kaula indit, sarung pondok teh
disumputkeun di sisi Walungan Eprat.
6 Heuleut sawatara poe ku PANGERAN
dipiwarang ka ditu deui nyokot eta sarung
pondok.
7 Kaula indit, sarta sanggeus nepi ka enggon
nyumputkeunana, geuning eta sarung teh
geus bobo, moal bisa dipake deui.
8 PANGERAN ngadawuh deui, dawuhana-Na,
9 "Nya cara kitu Yuda jeung Yerusalem anu
kamagungan teh engke ku Kami diruksak.
10 Eta umat anu jarahat teh arembungeun
ngagugu ka Kami. Tetep bae warangkelang,
jeung ngabarakti sarta nyarembah ka

allah-allah sejen. Ku sabab kitu maranehna
pijadieun saperti eta sarung anu geus teu
bisa dipake deui.
11 Niat Kami tadina, urang Israil jeung
urang Yuda teh sina pageuh meulit ka
Kami, sakumaha sarung pageuh meulit kana
cangkeng, sina jadi umat Kami, sangkan
jenengan Kami dipuji jeung dihormat. Tapi
maranehanana teu narurut bae."
12 Allah PANGERAN nimbalan ka kaula,
"Yermia, urang Israil kudu dititah ngareusian
tahang-tahang ku cianggur. Tangtu engke
ngajarawabna teh memang ge nyaho, tahang
anggur mah kudu dieusian ku cianggur.
13 Ku maneh kudu dijawab yen: jalma-jalma
eusi ieu tanah, nya eta raja-raja turunan
Daud, imam-imam, nabi-nabi jeung sakabeh
urang Yerusalem, ku PANGERAN, nya ku
Kami, rek didedetan ku cianggur datang ka
marabok.
14 Geus kitu, boh nu geus karolot, boh
nu ngarora keneh, kabeh ku Kami rek
diadukumbangkeun pada baturna, kawas
tahang-tahang anggur dibentur-benturkeun.
Kami moal rek karunya, moal rek watir, moal
nyaah-nyaah, kabeh ge rek disina paraeh."
15 Kitu timbalan PANGERAN, eh urang
Israil! Ulah arangkuh, rendahkeun diri, sing
ngadenge ka Mantenna.
16 Sing hormat ka PANGERAN, Allah
aranjeun, bisi Mantenna kaburu nurunkeun

poek, nepi ka aranjeun titarajong di gunung-gunung, memeh cahaya harepan aranjeun ku Mantenna dirobah jadi poek mongkleng.
17 Lamun aranjeun teu ngagarugu, kaula anu bati ceurik bari nyumput, nalangsa ku kaangkuhan aranjeun, kaula anu bati ceurik balilihan banjir cipanon, nyeungceurikan umat PANGERAN ditawan ka pangbuangan.
18 Timbalan PANGERAN ka kaula, "Bejakeun ka raja jeung ka indungna, turun kituh tina tahta, sabab makutana anu mulya geus copot tina sirahna.
19 Kota-kota pakidulan nagri Yuda geus dikepung, nepi ka euweuh nu bisa kaluar ti dinya. Urang Yuda kabeh geus dibawa ka tempat buangan."
20 Duh Yerusalem, tuh musuh anjeun geus murubul ti tebeh kaler! Di mana ayeuna rahayat anu dipercayakeun ka anjeun, anu jadi kaagulan anjeun?
21 Kumaha pibasaeun anjeun upama geus ditarajang nepi ka eleh ku bangsa anu ku anjeun disangka sobat? Anjeun ngan kari nandangan kanyeri, lir awewe nu rek ngajuru.
22 Mun ceuk anjeun ku naon nu matak anjeun ngarandapan ieu kabeh ku naon pakean anjeun rangsak sarta anjeun dirangsadan nya lantaran dosa anjeun anu sakitu dorakana.
23 Bisaeun jalma kulit hideung ngaganti warna kulitna, atawa maung tutul ngarobah tarotolna? Upama eta bisa, kakara anjeun

oge, anu geus tuman kana kajahatan, bisa diajar migawe nu bener.
24 Anjeun ku PANGERAN bakal dipabalencarkeun kawas jarami ditebak ku angin ti gurun keusik.
25 Kitu pinasibeun anjeun, dawuhan PANGERAN. Kitu dipastikeunana ku Mantenna, lantaran anjeun geus mopohokeun ka Mantenna tuluy percaya ka allah palsu.
26 Aranjeun bakal tembong wiwirang, sabab bakal ditaranjangan ku PANGERAN ku manten.
27 Kalakuan anjeun anu sakitu najisna teh ku Mantenna katingali. Katingalieun yen di pasir-pasir, di tegalan-tegalan, anjeun muru-muru brahala, kawas lalaki anu kaedanan ku pamajikan batur, atawa kawas kuda lapar ku bikang. Eh urang Yerusalem, cilaka aranjeun! Iraha aranjeun rek beresih teh?

14 1 PANGERAN nimbalan ka kaula yen bakal aya halodo kacida tarikna. Timbalana-Na,
2 "Nagri Yuda nguyung, kota-kotana aralum, jalma-jalma ngagaloler dina taneuh bawaning prihatin. Yerusalem sasambat menta tulung.
3 Nu baleunghar nitahan para badega ngarala cai ka sumur. Tapi baralikna ngan marawa wadah kosong, kabeh sumur euweuh caian. Bati narungkupan beungeut ku sabab bingung baluweng.

4 Hujan henteu turun-turun, taneuh
mani garing, nu tarani garering pikir, bati
narungkupan beungeut.
5 Di sampalan, indung uncal ninggalkeun
anakna anu kakara borojol, lantaran geus
euweuh jukut.
6 Kalde leuweung narangtung di pasir-pasir,
ambekanana ngarongsog kawas ajag,
panonna careuleuyeu, geus lila henteu
manggih-manggih jukut.
7 Umat Kami sasambat, pokna, Leres ieu teh
balukar dosa abdi sadaya. Sanaos kitu, nun
PANGERAN, tulungan, kapan Gusti parantos
jangji. Abdi-abdi rumaos doraka, sering pisan
mungkur ti Gusti.
8 Harepan Israil mung ka Gusti, mung Gusti
anu sok nyalametkeun tina balahi. Nanging
ku naon Gusti teh di ieu tanah bet sapertos
urang asing bae, lir nu nyaba mung ngadon
kulem sawengi.
9 Ku naon sapertos anu bingung, lir prajurit
anu teu bisa bebela? Tangtos Gusti kersa
nyarengan. Kapan abdi-abdi teh umat
kagungan, mugi ulah ditilarkeun."
10 Kieu timbalan PANGERAN hal eta umat,
"Karesep maranehna ngalantur jauh ti Kami,
ngalantrah sakarep-karep. Kami teu resep.
Kami inget kana sagala kalakuanana anu
goreng. Ku lantaran dosana tea ku Kami arek
dihukum."

11 Timbalan PANGERAN ka kaula, "Eta umat
ku maneh ulah dipangnedakeun ka Kami.
12 Sanajan marenta tulung dibarung ku
paruasa, ku Kami moal dikabul. Malah
sanajan nepi ka marere kurban, boh kurban
beuleuman boh kurban gandum, ku Kami
moal ditarima. Anggur rek ditumpes ku
perang, ku kalaparan jeung ku panyakit."
13 Piunjuk kaula, "Nun PANGERAN Nu Maha
Kawasa, kapan Gusti ge uninga, kumaha
saur nabi-nabi ka eta umat, nya eta di dieu
moal aya perang, moal aya kalaparan, margi
salaurna Gusti parantos jangji yen nu bade
kasorang teh taya sanes kajabi ti aman
kerta."
14 Tapi waler PANGERAN, "Eta nabi-nabi
ngabarohong bari mamawa ngaran Kami.
Kami mah henteu ngutus maranehanana,
henteu nitah nanaon, sakecap ge Kami
henteu nitip timbalan atawa parentah. Sagala
tetenjoan anu diwejangkeun ku maranehna
lain ti Kami. Sagala pangramalna taya hartina,
ngan jijieunanana bae.
15 Kami mere nyaho rek dikumahakeun
engke ku Kami, eta nabi-nabi anu lain
utusan Kami, tapi ari wewejang mamawa
ngaran Kami, anu majarkeun di ieu tanah
moal aya perang jeung moal aya kalaparan.
Maranehna ku Kami rek dibasmi ku perang
jeung kalaparan.

16 Rahayat anu ku maranehna dibere
piwejang ge rek dibasmi cara kitu keneh.
Bangke-bangkena bakal dialung-alungkeun
ka jalan-jalan di Yerusalem, moal aya anu
ngubur. Pasti eta balahi teh narajang ka
maranehna saanak pamajikan, awewe lalaki.
Kajahatanana ka Kami kudu dibayar."
17 PANGERAN miwarang ka kaula
ngutarakeun kanalangsaan ka maranehna,
"Kaula cipruk ku cipanon, ceurik beurang
peuting, nyeungceurikan bangsa anu keur
payah, raheut jero kacida.
18 Waktu kaula kaluar ka tegal-tegal, kaula
nenjo mayit-mayit tingjolopong urut diamuk
ku perang, waktu kaula asup ka kota-kota,
kaula nenjo jalma-jalma geus meh paraeh
ku kalaparan. Imam-imam jeung nabi-nabi
ngajaralankeun tugasna bari teu nyaraho
naon anu dilampahkeun."
19 "Nun PANGERAN, naha urang Yuda ku
Gusti dipiceun sama sakali? Naha leres Gusti
cua ka urang Sion? Ku naon abdi-abdi sakieu
disiksana, dugi ka samar kana menyat deui.
Hoyong kerta hoyong aman, anu buktos
sanes anu matak senang. Hoyong cageur,
anggur dongkap nu pikasieuneun.
20 Abdi-abdi parantos dosa, nun PANGERAN.
Rumaos tur diangken pisan, boh dosa
abdi-abdi, boh dosa karuhun.
21 Mugi emut kana jangji, abdi-abdi ulah
dipidamel hinakeuneun, Yerusalem ulah

dipidamel rendahkeuneun, margi eta teh
tempat tahta Gusti anu mulya. Perjangjian
Gusti sareng abdi-abdi ulah dibatalkeun.
22 Brahala bangsa-bangsa, taya hiji nu
tiasa nurunkeun hujan. Langit oge teu tiasa
sorangan nurunkeun hujan. Mung Gusti nu
jadi harepan, nun PANGERAN, Allah abdi
sadaya, reh eta sadayana beh Gusti nu
midamelna."
15 1 Geus kitu PANGERAN nimbalan ka
kaula, "Sanajan upama Musa jeung
Samuel narangtung di dieu mangmentakeun
sangkan eta jelema-jelema ku Kami
dipikarunya, Kami tetep moal ngarunyaan.
Usir eta jelema-jelema teh, sina aringkah ti
hareupeun Kami.
2 Upama naranyakeun ka maneh ka mana
kudu indit, bejakeun ieu timbalan Kami, Nu
baris paraeh ku panyakit, nya disamber ku
panyakit! Nu baris paraeh ku perang, nya
disamber ku perang! Nu baris paraeh ku
kalaparan, nya disamber ku kalaparan! Nu
baris ditawan jadi jalma buangan, nya digiring
ka pangbuangan!
3 Kami, PANGERAN, geus nangtukeun,
maranehna baris ditarajang ku opat rupa
kajadian anu hebat. Nya eta: sina paraeh ku
perang; bangke-bangkena sina digalusuran
ku anjing, sina diharakanan ku manuk,
sesana dileglegan ku sato-sato galak.

4 Jalma-jalma sakuliah jagat ku Kami rek
disina galimir narenjo hal maranehanana. Eta
teh ku sabab kalakuan Hiskia bin Menase di
Yerusalem, basa manehna jadi raja di nagri
Yuda."
5 Timbalan PANGERAN, "Cik saha nu rek
karunya ka maraneh, urang Yerusalem? Saha
nu rek mangnalangsakeun? Saha nu rek
eureun heula merlukeun nanya ka maraneh
salamet henteuna?
6 Maraneh geus miceun Kami, nukangan
Kami, jadi Kami ngangkat leungeun, rek
ngajejewet maraneh, sabab Kami geus bosen
nahan amarah.
7 Maraneh, di saban kota di ieu tanah, ku
Kami rek dijieun saperti jarami katebak
angin. Najan maraneh teh umat Kami, mo
burung dibasmi. Anak maraneh rek ditumpes,
lantaran maraneh teu eureun-eureun doraka.
8 Tanah maraneh sina loba randa, leuwih loba
ti batan keusik basisir. Barudak ngora keur
meumeujeuhna, arek dibasmi, indungna sina
naralangsa. Ku Kami rek didadak ditinggang
ku karupek jeung kareuwas.
9 Indung nu kauculan ku anak tujuh ngelepek
kapiuhan, ambekanana ngahanju. Poena anu
bengras jadi reueuk poek, kaayaanana nya
hina nya gering pikir. Sesana anu harirup
keneh sina beak ditumpes ku musuh. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN."

10 Diri abdi kacida apesna! Kanggo naon
pun biang ngajurukeun abdi ka dunya? Di
ieu tanah, abdi dugi ka kedah cekcok sareng
pacental-cental sareng unggal jalmi. Abdi tara
ngahutangkeun artos, ngahutang ge tara,
nanging pada nyumpahan ku unggal jalmi.
11 Nun PANGERAN, upami leres abdi ngabdi
ka Gusti teh henteu saregep, sareng upami
leres abdi henteu ngabela perkara musuh di
payuneun Gusti waktos maranehna kenging
bahla sareng kasesah, mugi eta panyapa
jalmi-jalmi teh sing teurak ka abdi.
12 (Saurang ge moal aya anu tiasa
minggeskeun beusi, komo beusi ti tatar kaler
anu dicampur ku parunggu.)
13 Timbalan PANGERAN ka kaula, "Kami rek
nitah musuh sina ngunjal harta banda jeung
kakayaan umat Kami, jadi hukuman ku tina
dosana anu dipigawe di sakuliah ieu tanah.
14 Jelema-jelemana rek disina jaradi badega
musuh-musuhna di hiji tanah anu ku
maranehna can kanyahoan kaayaanana,
sabab amarah Kami ngagugudag lir seuneu,
sina ngahuru ka maranehna salalawasna."
15 Piunjuk kaula, "Nun PANGERAN, Gusti
langkung uninga, mugi emut ka abdi.
Tulungan abdi. Abdi hayang ngabales ka
jelema-jelema anu niat nyilakakeun. Ulah
disabaran eta teh ku Gusti, sangkan ulah
kantos hasil maksudna maehan ka abdi. Sing

emut, abdi dugi ka dihihina kieu teh ku margi
ngemban pangersa Gusti.
16 Gusti maparin timbalan ka abdi, tiap
kecap ku abdi diregepkeun. Nun PANGERAN,
Allah Nu Maha Kawasa, diri abdi kagungan
Gusti, kitu anu mawi hate abdi dieusi ku
dawuhan-dawuhan Gusti teh ngaraos bingah
sareng bagja.
17 Abdi tara pangangguran ruang-riung
senang-senang sempal guyon sareng nu
sanes. Ku margi tumut kana timbalan, hirup
teh mencil nyorangan, jadi purah nadahan
bendu.
18 Ku naon abdi teh mung sangsara bae?
Ku naon raheut abdi henteu tiasa diubaran,
henteu cageur-cageur? Kutan Gusti teh bade
nguciwakeun ka abdi, sapertos walungan anu
saat dina usum katiga?"
19 PANGERAN ngawaler, "Lamun maneh
hayang balik, ku Kami tangtu dibalikkeun
deui, jadi deui abdi Kami. Lamun maneh teu
nguar-nguar deui omong kosong, sabalikna
anggur nguarkeun amanat anu eusina
munel, tangtu dijadikeun deui nabi Kami. Eta
jalma-jalma tangtu daratang deui ka maneh,
jadi maneh teu perlu ngadatangan.
20 Pikeun nyanghareupan maranehna,
maneh ku Kami rek dijadikeun lir kuta
tembaga anu wedel. Maranehna tangtu
nempuh, tapi ka maneh moal aya nu kuat

ngelehkeun. Tangtu maneh disarengan ku
Kami, diraksa sangkan salamet.
21 Tangtu ku Kami diluputkeun tina
kakawasaan jelema-jelema anu nya jarahat
nya tarelenges. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
16 1 PANGERAN ngadawuh deui ka kaula,
dawuhana-Na,
2 "Di tempat anu kieu maneh ulah kawin,
ulah boga anak.
3 Kami mere nyaho pikumahaeun nasibna
barudak anu dijurukeun di dieu kitu deui
indung bapana.
4 Maranehna bakal paraeh ku panyakit
anu kacida jahatna, tur moal aya anu
nyaleungceurikan, moal aya anu nguburkeun.
Bangke-bangkena bakal tingtarumpuk kawas
gemuk taneuh. Paraehna ku perang atawa
ku kalaparan, bangke-bangkena bakal
diharakanan ku manuk jeung ku sato-sato
galak.
5 Maneh ulah ngasupan imah anu jelemana
keur kasungkawaan. Ulah rek milu
mangnalangsakeun saha-saha. Kami moal
rek maparin deui katengtreman, moal rek
mikanyaah atawa mikarunya deui.
6 Boh nu baleunghar boh nu mariskin, bakal
paraeh di ieu tanah, tapi moal aya nu ngubur,
moal aya nu nalangsa. Moal aya anu nurihan
maneh atawa ngagundulan maneh tandaning
sungkawa.

7 Ka nu ditinggalkeun ku jalma kadeudeuh
oge, moal aya anu daratang geusan ngariung
dahar jeung nginum tandaning milu bela
sungkawa. Malah ka nu ditinggalkeun paeh
ku indung atawa ku bapa oge, moal aya
saurang-urang acan anu milu prihatin.
8 Ulah asup ka imah jelema anu keur hajat.
Ulah milu dahar atawa nginum.
9 Regepkeun ieu anu rek diandikakeun ku
Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allahna
Israil. Sora-sora gumbira, sora-sora suka, ku
Kami arek dibungkem, kitu deui sora-sora
bagja di nu kawinan. Kaayaan kitu bakal
kasaksian ku jelema-jelema anu kiwari
harirup keneh di dieu.
10 Di mana ieu pangandika ku maneh
geus diuarkeun ka maranehanana,
tangtu maranehanana naranyakeun naon
sababna Kami nangtukeun baris ngahukum
maranehanana sakitu kerasna. Tangtu
maranehanana naranyakeun kajahatan
naon, kasalahan naon jeung dosa naon anu
ku maranehna geus dipake ngalawan ka
PANGERAN Allahna.
11 Bejakeun kieu kituh pangandika
PANGERAN: Karuhun maraneh geus murtad
ti Kami tuluy nyarembah jeung ngabarakti ka
allah-allah palsu. Geus nyalingkir ti Kami, teu
narurut kana piwuruk Kami.

12 Tapi maraneh mah leuwih jahat ti batan
karuhun, kabeh warangkelang, daroraka,
boro-boro anut ka Kami.
13 Ku sabab kitu maraneh ku Kami rek
dipeclengkeun ka hiji tanah anu tacan pisan
kanyahoan boh ku maraneh, boh ku karuhun
maraneh. Di ditu maraneh bakal ngawula
ka allah-allah sejen, beurang peuting, sarta
Kami moal rek mikawatir."
14 Timbalan PANGERAN, "Engke aya
mangsana jalma-jalma moal deui sumpah
demi Kami Allah nu jumeneng, anu
ngaluarkeun urang Israil ti tanah Mesir.
15 Engke mah sumpahna teh demi Kami Allah
nu jumeneng, anu ngaluarkeun urang Israil ti
tanah di tatar kaler, jeung ti sakabeh nagara
tempatna dipabalencarkeun. Maranehna ku
Kami rek dipulangkeun ka nagrina sorangan,
ka tanah anu ku Kami geus dibikeun ka
karuhunna. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
16 PANGERAN nimbalan, "Kami rek
ngadatangkeun pamayang masing rea,
sina newakan eta jelema-jelema. Arek
ngajurung paninggaran masing rea, sina
moro maranehanana ti saban gunung, ti
unggal pasir jeung tina sela-sela batu cadas.
17 Sagala lampahna ku Kami katingali. Moal
aya nu kaalingan ti Kami; dosa-dosana moal
ngiles tina paningali Kami.
18 Dosa jeung kajahatanana rek dikudukeun
dibayar dua tikel, lantaran geus ngarurujit

tanah Kami ku arca-arca anu teu nyawaan
kawas mayit, dirurujit deui ku allah-allah anu
paralsu."
19 Nun PANGERAN, mung Gusti bae anu
ngaraksa sareng maparin kakiatan ka
abdi, anu sok nulung ka abdi dina waktos
kasesahan. Bangsa-bangsa ti satungtung
bumi bakal darongkap ka Gusti bari
arunjukan, "Kagaduh karuhun abdi-abdi mah
taya sanes kajabi ti allah-allah anu paralsu,
arca-arca anu teu aya paedahna.
20 Naha tiasa manusa nyieun allah-allah keur
sembaheunana sorangan? Sanes ge Allah
upami tiasa dijieun mah."
21 "Ku sabab eta," timbalan PANGERAN,
"ayeuna jeung keur salalawasna bangsa-
bangsa ku Kami rek diebrehan kakawasaan
jeung kakuatan Kami; sina nyaraho yen Kami
teh PANGERAN."
17 1 PANGERAN nimbalan, "Eh urang
Yuda, dosa maneh ditulis ku peso
pangot, diukir di jero hate maneh ku congo
inten, jeung diukir di unggal pojok altar-altar
maraneh.
2 Maraneh ngabarakti dina eta altar-altar
jeung di unggal handapeun tangkal anu
ngarunggunuk anu dipasangan lambang-
lambang Dewi Asera, di saban puncak
pasir,
3 jeung di gunung-gunung di luar kota. Kami
rek ngersakeun harta banda jeung kakayaan

maraneh dikunjal ku musuh-musuh, tina
sabab sagala dosa anu ku maraneh dipigawe.
4 Maraneh kapaksa kudu ngalesotkeun tanah
pusaka ti Kami, sarta maraneh ku Kami
rek dijadikeun badega musuh di hiji tanah
anu maraneh acan nyaraho sagala rupana,
sabab amarah Kami ngagugudag lir seuneu,
muntab-muntab salawasna."
5 PANGERAN nimbalan, "Kami tangtu
nyumpahan ka jelema anu murtad ti Kami,
anu ngandelna ka manusa, muntang kana
kakuatan manusa anu henteu langgeng.
6 Jelema kitu ibarat rungkun di gurun keusik,
anu jadi di tanah gundul nu garing, dina
taneuh anu ngandung uyah, moal aya nu jadi,
dirina moal pisan manggih kagenahan.
7 Kami tangtu ngaberkahan ka jelema anu
muntang ka Kami.
8 Jelema kitu ibarat tangkal sisi susukan,
akarna nyodor ka cai, teu rempan ku
panas poe, daunna tetep seger harejo. Teu
salempang ku euweuh hujan, angger bae
buahan.
9 Saha nu ngarti kana hate manusa?
Pinuh ku tipu daya, taya papadana; hese
dicageurkeunana, geus kacida parnana.
10 Kami, PANGERAN, waspada kana eusining
pikiran, hate manusa ku Kami kauji. Unggal
jelema ku Kami dibales nurutkeun lampah
hirupna, satimpal jeung kalakuanana."

11 Anu nyokot bati ku jalan teu jujur, ibarat
kasintu nyileungleuman endog batur. Dina
umur hahadena, kakayaanana baris musna,
dina tungtungna mah jadi nu burung.
12 Gedong suci urang lir ibarat tahta mulya,
ngajenggleng di luhur gunung ti baheula
mula.
13 Nun PANGERAN, Gusti teh pamuntangan
Israil, sugri nu murtad ti Gusti bakal
narandangan kaera. Sadayana bakal musna,
sapertos ngaran nu ditulis dina lebu,
lantaran naringgalkeun Gusti, nu jumeneng
PANGERAN, sumber cai anu seger.
14 Cageurkeun abdi nun PANGERAN,
tinangtos cageur. Salametkeun abdi,
tinangtos salamet. Nya Gusti nyalira nu ku
abdi dimulyakeun!
15 Sanggem jalmi-jalmi ka abdi, "Mana
buktina ancaman-ancaman PANGERAN ka
urang teh? Coba sina dibuktikeun ayeuna!"
16 Nanging, nun PANGERAN, abdi tara maksa
ka Gusti supados maranehna ditinggang ku
balahi; abdi henteu ngadoakeun supados
maranehna katarajang susah. Gusti ge uninga
yen kitu; Gusti nu langkung uninga kana
sagala pisanggem abdi.
17 Gusti mugi ulah matak pikareuwaseun ka
abdi, margi Gusti teh tempat panyalindungan
abdi anu aman dina waktos aya bahaya.
18 Mugi jalmi-jalmi anu nyangsara ka abdi
teh sina mareunang kaera, sawangsulna

abdi mah ulah dikitukeun, nun PANGERAN.
Mugi maranehanana dipinuhan ku kasieun,
sawangsulna abdi mah ulah mendak
pikasieuneun. Tinggang maranehna ku balahi,
sasaak dugi ka rangsak.
19 PANGERAN nimbalan ka kaula, "Yermia,
umumkeun ieu timbalan Kami di lawang
Gapura Rahayat, paranti raja-raja Yuda
kaluar asup kota; tas ti dinya maneh kudu ka
gapura-gapura Yerusalem anu lianna.
20 Bejakeun ka raja-raja jeung ka sakabeh
urang Yuda, kitu deui ka sakur anu caricing
di Yerusalem, anu sok laliwat ka eta
gapura-gapura, kudu darengekeun anu ku
Kami rek ditimbalkeun.
21 Bejakeun yen lamun maranehna nyaah
keneh kana hirupna, ari dina poe Sabat
ulah ngangkat barang naon bae; ngaliwat
ka gapura-gapura Yerusalem teu meunang
babawaan naon-naon,
22 atawa mawa naon bae kaluar ti imah.
Cindekna dina poe Sabat mah teu meunang
gawe naon-naon. Kudu diingetkeun, poe
Sabat teh poe suci, sakumaha anu ku Kami
geus ditimbalkeun ka karuhunna.
23 Ngan bae karuhunna henteu daraek
ngadenge ka Kami, henteu daek mirosea.
Sabalikna, warangkelang, ka Kami teu
daraekeun nurut, teu daraekeun dipapatahan.
24 Bejakeun ka eta jelema-jelema, kudu
nurut kituh kana sagala parentah Kami. Dina

poe Sabat teu meunang mawa momot nanaon
ari ngaliwat gapura-gapura ieu kota. Kudu
nganyahokeun yen poe Sabat teh poe suci,
sama sakali teu meunang dipake digawe.
25 Upama narurut, engke raja-raja jeung
para pangeran bakal arasup ngaliwat
ka gapura-gapura Yerusalem, tur jeung
kakawasaan anu sarua jeung kakawasaan
jaman karajaan Daud. Maranehna bareng
jeung rahayat Yuda jeung rahayat Yerusalem
bakal arak-arakan tarumpak kareta jeung
kuda, sarta kota Yerusalem salawasna bakal
gegek pangeusina.
26 Jelema-jelema ti kota-kota tanah Yuda
jeung ti desa-desa sakurilingeun Yerusalem
bakal daratang; daratangna ti wewengkon
tanah Binyamin, ti suku-suku pasir jeung
gunung-gunung, jeung ti pakidulan tanah
Yuda, bari marawa pikurbaneun ka Bait Kami,
kurban beuleuman, kurban peuncitan, kurban
gandum jeung menyan, kitu deui kurban
panarima.
27 Tapi kitu soteh lamun maranehna narurut
ka Kami, jeung nganyarahokeun yen poe
Sabat teh poe suci. Dina poe eta maranehna
ari ngalaliwat ka gapura-gapura kota
Yerusalem teu meunang mawa momotan
naon-naon. Lamun teu kitu, gapura-gapura
Yerusalem tangtu ku Kami diduruk. Karaton-
karaton di Yerusalem arek dihuru, seuneuna
moal aya nu bisa mareuman."

18 [1] PANGERAN nimbalan ka kaula,
[2] "Maneh kudu indit ka imah
panjunan, Kami rek mere timbalan di dinya."
[3] Bral kaula indit. Ki panjunan kasampak
keur barangjieun dina pamuteranana.
[4] Ana hiji wadah geus ngabangun tapi
bangunna kurang bener, taneuh lempungna
dibangun deui dijieun wadah naon bae.
[5] Timbalan PANGERAN ka kaula,
[6] "Lain bisa Kami oge kua-kieu ka maraneh,
urang Israil, kawas eta panjunan kana taneuh
lempung? Maraneh dina dampal leungeun
Kami lir ibarat taneuh lempung dina dampal
leungeun panjunan.
[7] Najan Kami dina hiji waktu geus ngandika
rek ngarabut, ngaburak-barik, atawa
ngagempur hiji bangsa atawa karajaan,
[8] tapi upama eta bangsa teh tobat, eureun
tina lampahna nu jahat, eta pangandika Kami
moal dilaksanakeun.
[9] Nya kitu deui hiji bangsa atawa karajaan
anu geus disebut ku Kami rek dipelak atawa
diadegkeun,
[10] tapi upama eta bangsa teu nurut ka Kami
sarta migawe kagorengan, Kami moal tulus
ngabuktikeun eta pangandika.
[11] Jadi bejakeun ayeuna ka urang Yuda
jeung urang Yerusalem yen Kami keur nyieun
rarancang pikeun ngalawan maranehna
sarta geus sadia pikeun ngahukumna. Titah,
maranehna kudu eureun tina cara hirup anu

pinuh ku dosa, kudu ngomean kalakuan jeung lampahna.
12 Tangtu ku maranehna dijarawab kieu, Ah, keur naon tobat! Mending kieu cara ayeuna, bedegong, goreng, kuma kahayang."
13 PANGERAN nimbalan, "Tanyakeun ka unggal bangsa, naha geus kungsi kajadian hal nu saperti kitu? Urang Israil geus nyarieun kalakuan anu pohara parnana!
14 Cik ari poponclot-poponclot karang di Gunung Libanon kungsi henteu katutup ku salju? Jeung walungan ti eta gunung, anu caina nyecep tiis, naha kungsi saat?
15 Tapi umat Kami mah nepi ka paroho ka Kami, ngararukus ka brahala-brahala. Maranehna geus titarajong di jalan nu disorangna, teu nuturkeun deui jalan heubeul anu bener, nu dituturkeunana teh jalan anu teu make tetenger.
16 Ieu nagri ku maranehanana geus dijieun tempat anu pikasieuneun sarta jadi bahan pamoyok. Sakur anu ngaliwat ka dinya, tingraranjug ku tetenjoanana, garogodeg mangherankeun.
17 Umat Kami rek disina paburisat hareupeun musuh-musuhna, lir kekebul katebak angin ti wetan. Ku Kami rek ditonggongan; lamun balahina geus datang, maranehna moal ditulungan."
18 Geus kitu jelema-jelema teh ngaromong kieu, "Yermia urang arah, sina cilaka! Imam

pikeun ngawulang mah loba keneh, anu palinter geusan mamatahan urang moal kurang, sarta nabi anu baris nguarkeun timbalan Allah oge salawasna aya bae. Urang kelakkeun jeung omonganana ulah didarenge deui."
19 Seug kaula neneda, "Nun PANGERAN, dangukeun ieu piunjuk abdi. Oge dangukeun omongan eta musuh-musuh abdi tina hal diri abdi.
20 Naha pantes kasaean dibales ku kajahatan? Maranehna parantos ngarali lombang keur ngagebruskeun abdi. Gusti emut, abdi sok ngadeuheus ka Gusti, ngabelaan maranehanana, mangnedakeun supados Gusti ulah kantos ngabudalkeun bebendu ka maranehanana.
21 Nanging ayeuna mah nun PANGERAN, mugi anak-anakna sina tumpes ku kalaparan, maranehanana sorangan sina tumpur ku perang. Awewe-awewe sina katinggal ku salaki sareng ku anak, nu karolot sina maraot ku panyakit, barudak ngorana sina paraeh di medan perang.
22 Rumah tanggana kalawan taya beja taya carita sina diranjah ku gorombolan; sina tinggaroak ku kasieun. Maranehanana parantos ngarali lombang keur ngagebruskeun abdi, marasang pitapak keur newak abdi.
23 Gusti nu langkung uninga kana niat maranehanana bade ngabinasa ka abdi.

Kajahatanana ulah dihampura, dosana
ulah dipaparin ampun. Balang-balangkeun
maranehanana sina pasiksak, bendu Gusti
budalkeun."
19 1 PANGERAN nimbalan ka kaula,
miwarang kaula kudu meuli hiji kendi
taneuh; sarta timbalana-Na deui kaula
kudu mawa sawatara kokolot rahayat jeung
imam-imam anu geus rada karolot,
2 tuluy kudu bareng indit jeung maranehna
ka Lebak Hinom, jalanna ngaliwatan Gapura
Beling. Di ditu kaula kudu ngumumkeun anu
bakal dipesenkeun ku Mantenna engke.
3 PANGERAN miwarang kaula ngomong kieu,
"Eh raja-raja Yuda jeung urang Yerusalem,
darengekeun ieu anu rek diandikakeun ku
Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allahna
Israil. Ieu tanah ku Kami rek ditinggang ku
hiji balahi, nepikeun ka ngadenge bejana
wungkul ge matak katorekan.
4 Nu matak Kami nepi ka kitu, sabab
jelema-jelema geus naringgalkeun Kami
jeung ngarurujit ieu tanah, diparake ngurban
ka allah-allah sejen. Padahal boh maranehna,
boh karuhunna, boh raja-raja Yuda, ka eta
allah-allah teh teu nyaraho naon-naon. Jeung
ieu tempat ku maranehna geus disiram ku
getih jelema-jelema anu euweuh salahna.
5 Heug deui nyarieun altar-altar keur ka
Dewa Baal, paranti ngaduruk anak-anakna,

dijadikeun kurban. Padahal Kami boro-boro
marentah kitu, teu mikir-mikir acan.
6 Ku sabab eta, ka hareup mah ieu tempat
teh moal deui disarebut Topet atawa Lebak
Hinom; engke mah disebutna teh Lebak
Pameuncitan.
7 Sagala tarekah urang Yuda jeung urang
Yerusalem, di dieu ku Kami rek disina
gaplah. Maranehna sina beunang ku musuh-
musuhna, sina tumpes di medan perang.
Bangke-bangkena rek diparabkeun ka manuk
jeung sato-sato galak.
8 Ieu kota ku Kami arek dibasmi anggeus-
anggeusan, nepi ka anu ngaliwat tingrarenjag
bari hookeun.
9 Nu araya di jero kota bakal silih hakan
pada batur, malah nepi ka ngahakan anak
sorangan, lantaran dikepung rekep ku
musuh-musuhna anu niat rek maehan."
10 Ti dinya PANGERAN nimbalan supaya
kaula meupeuskeun eta kendi hareupeun
jelema-jelema bawa kaula tea,
11 sarta kudu ngucapkeun timbalan
PANGERAN Nu Maha Kawasa ka maranehna,
kieu, "Ieu bangsa jeung ieu kota, ku Kami
rek diremukkeun cara ieu kendi, remuk
hamo bisa weuteuh deui. Anu paraeh,
dikuburkeunana nya di dieu pisan, di Topet,
lantaran di mana-mana geus teu aya tempat
keur ngubur.

12 Sategesna mah ieu kota jeung rahayatna
ku Kami rek dijadikeun saperti Topet.
13 Kabeh imah di Yerusalem, imah raja-raja
Yuda jeung tangtu sakabeh imah anu diparake
tempat ngukus ka bentang-bentang, jeung
diparake nyicikeun anggur keur sasajen ka
allah-allah sejen, ku Kami rek dijadikeun najis
kawas Topet."
14 Sanggeus nguarkeun eta timbalan
PANGERAN, kaula indit ti Topet, tuluy
nangtung di palataran Bait Allah, terus
nguarkeun ka urang dinya,
15 yen PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allahna
Israil, ngandika kieu, "Kami rek ngahukum
ieu kota jeung kota-kota anu dareukeut ka
dieu, ku kacilakaan-kacilakaan sakumaha
anu ku Kami geus ditimbalkeun, lantaran
maraneh basangkal jeung arembung nurut
kana timbalan-timbalan Kami."
20 1 Imam Pashur bin Imer, kapala
pangawas Bait Allah, barang ngadenge
yen kaula ngumumkeun hal-hal tadi,
2 tuluy neunggeul ka kaula, sarta kaula terus
dirante deukeut Gapura Binyamin beulah
girang, di Bait Allah.
3 Poe isukna waktu anjeunna muka rante,
kaula ngomong kieu, "Dawuhan PANGERAN,
jenengan Bapa teh sanes Pashur, nanging Si
Tagiwur.
4 Margi kieu dawuhan PANGERAN, Maneh
ku Kami rek dijadikeun matak tagiwur diri

sorangan, jeung matak tagiwur babaturan,
anu bakal paraeh ku pedang musuh di
hareupeun maneh. Urang Yuda ku Kami rek
ditalukkeun ku raja Babul, sawareh digiring
ka nagri Babul jadi tawanan, sawareh deui
dipaehan.
5 Kakayaan, kamakmuran, jeung harta milik
ieu nagri sina dirayah ku musuh. Malah
dunyabrana raja-raja Yuda oge bakal diakut
ka Babul.
6 Eh Pashur, maneh jeung sakulawarga
kabeh bakal ditangkep, tuluy dibawa ka
Babul. Maneh pipaeheun di ditu, dikubur
di ditu, kitu deui babaturan maneh anu ku
maneh mindeng pisan dibohongan."
7 Nun PANGERAN, abdi ngaraos katipu,
reh kapungkur teh ku Gusti dibobodo.
Memang Gusti langkung bedas batan abdi,
tangtos bae Gusti unggul. Ayeuna abdi pada
nyeungseurikeun, sadidinten pada moyokan.
8 Saban nyanggem, abdi kedah nyoara
sataker tanaga, ngagorowok, "Kakerasan!
Karuksakan!" Nun PANGERAN, abdi henteu
kendat pada ngahina pada nyarekan, pedah
nguarkeun pangandika Gusti.
9 Sakapeung sok kaluar ucap, "Geus,
popohokeun bae PANGERAN mah, teu kudu
ngomong mamawa jenengana-Na." Nanging
ari nyanggem kitu, pangandika Gusti mani
nereptep di jero hate, panas karasana

sapertos seuneu. Sawangsulna, ari nekad
seja nyekel eta pangandika, weleh teu kiat.
10 Jalmi-jalmi kakuping tingkucuwes, pokna,
"Di mana-mana gawena ngan nyingsieunan!
Urang kelakkeun ka nu wajib!" Malah
rerencangan pisan ngadoakeun abdi cilaka.
Sanggem maranehna, "Urang coba ku akal
tipu, mun geus katipu urang bales."
11 Nanging Gusti, nun PANGERAN, Gusti
nyarengan abdi, perkasa sareng kawasa.
Maranehna, anu nganiaya ka abdi, bakal
gagal. Maranehna bakal era salalamina, margi
rarancangna moal hasil. Kahinaan maranehna
bakal kaemut-emut salamina.
12 Gusti, PANGERAN Nu Maha Kawasa, ngaji
manusa kalayan adil. Gusti uninga kana
eusi hate sareng pikiran. Paparin abdi ningal
wawales ti Gusti ka nu ngamusuhan ka abdi,
reh ieu perkawis parantos aya dina panangan
Gusti.
13 Geura maruji ka PANGERAN! Mulyakeun
PANGERAN! Mantenna nulungan nu dikaniaya
ku jalma-jalma anu jarahat.
14 Sing kasapa poean kaula dijurukeun! Sing
kapopohokeun poean indung ngowokeun
kaula!
15 Sing kasapa jelema anu ngabungahkeun
bapa kaula, anu ka anjeunna mere beja:
"Putra teh pameget!"
16 Eta jalma sing sarua nasibna jeung
nagri-nagri anu ku PANGERAN dibasmi

tanpa karunya. Isuk-isuk sina ngadenge
anu humaregung ku kanyeri, pasosore sina
ngadenge tangara perang;
17 bongan teu maehan kuring memeh
dijurukeun, kuring mending keneh kakubur
dina kandungan indung.
18 Keur naon kuring dijurukeun ge, ari
ditakdirkeun kudu susah, kudu nalangsa
jeung nandangan kahinaan mah?
21 1 Raja Sidkia, nya eta raja nagara Yuda,
ngutus Pashur bin Malkia jeung Imam
Sepanya bin Maaseya, kalawan pamundut
kieu:
2 "Cik pangunjukkeun ka PANGERAN,
sabab Nebukadnesar raja Babul sabaladna
keur ngepung nagara urang. Malakmandar
PANGERAN kersa midamel salah sahiji mujijat-
Na, pikeun ngundurkeun Nebukadnesar."
3 Geus kitu PANGERAN nimbalan ka kaula.
Tuluy kaula nitah ka eta jalma-jalma anu
diutus,
4 supaya maranehna unjukan ka Sidkia,
yen PANGERAN, Allah Israil, ngandika kieu,
"Eh Sidkia, balad maneh anu ngayonan
raja Babul sabaladna, ku Kami rek sina
eleh. Pakarang-pakarangna ku Kami rek
ditumpukkeun di tengah kota.
5 Jeung Kami sorangan bakal merangan
ka maneh, ngetrukkeun sagala kakuatan,
amarah, kajengkel jeung katugenah.

6 Anu araya di ieu nagara sakabehna ku
Kami rek ditumpes; boh jelema boh sato, sina
paraeh ku pagebug anu kacida hebatna.
7 Ari maneh, kitu deui para pajabat jeung
rahayat anu teu kasabet ku perang, anu teu
kasabet ku kalaparan jeung teu keuna ku
pagebug, ku Kami rek diselehkeun ka Raja
Nebukadnesar sabaladna anu geregeteun
hayang maehan ka maneh. Maneh ku
Nebukadnesar bakal dipaehan. Saha bae oge
ti pihak maneh ku Nebukadnesar moal aya nu
dibere ampun, moal aya nu dipikarunya. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN."
8 Geus kitu PANGERAN nimbalan ka
kaula, miwarang nyarita ka rahayat, kieu,
"Darengekeun! Kami, PANGERAN, rek
mere piliheun ka maraneh, antara jalan
pisalameteun jeung jalan pipaeheun.
9 Anu caricing bae di jero kota bakal tumpes
ku perang, atawa ku kalaparan, atawa
ku pagebug. Tapi sing saha anu kaluar
masrahkeun maneh ka urang Babul anu
ayeuna keur nempuh ieu kota, moal kungsi
dipaehan, paling apesna bisa keneh hirup.
10 Geus dipastikeun ku Kami, ieu kota
moal salamet, tangtu ku Kami dibasmi.
Rek diselehkeun ka raja Babul, sina dihuru,
diratakeun jeung taneuh. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."

11 PANGERAN nimbalan ka kaula supaya
nepikeun pangandika-Na ka eusi karaton raja
Yuda.
12 Kieu, "Eh turunan Daud, darengekeun ieu
pangandika Kami, PANGERAN. Laksanakeun
saban poe hukum nu adil. Belaan sakur nu
ditipu, leupaskeun ti anu nipuna. Upama
teu kitu, eta lampah maneh anu goreng teh
tangtu ngagedurkeun amarah Kami lir seuneu
anu moal bisa dipareuman.
13 Maneh, Yerusalem, maneh ngajenggleng
ngaluhuran lebak-lebak, lir gunung karang
ngajegir ngaluhuran padataran. Maneh mo
burung diperangan ku Kami. Carek maneh
moal beunang ditarajang, pertahanan maneh
moal bisa didobrak.
14 Maneh ku Kami tangtu dihukum satimpal
jeung kalakuan. Karaton maneh katut sagala
rupa di sakurilingeunana, ku Kami bakal
dihuru. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
22 1 (22:1-2) PANGERAN nimbalan ka
kaula, miwarang ka karaton raja
Yuda, turunan Daud, kudu nyaturkeun
pangandika-Na ka raja, ka para ponggawana
jeung ka rahayat: "Darengekeun, kieu
timbalan PANGERAN.
2 (22:1)
3 Kami, PANGERAN, marentah. Maraneh kudu
adil, kudu bener lampah. Kudu nangtayungan
ka nu jadi korban panipuan, leupaskeun
ti nu nipuna. Ulah teungteuingeun, ulah

sawenang-wenang ka jalma asing, nya kitu
deui ka yatim pahatu jeung ka randa. Jeung
ulah sok ngahukum pati ka jelema anu teu
salah di ieu tempat anu suci.
4 Lamun maraneh enya-enya ngalampahkeun
sagala parentah anu ditimbalkeun ku Kami,
tangtu turunan Daud bisa tumuluy jaradi
raja. Maranehanana katut para ponggawa
jeung rahayatna bakal arasup ngaliwat
gapura-gapura ieu karaton, tarumpak kareta
jeung kuda.
5 Tapi lamun maraneh teu narurut kana
parentah Kami, Kami sumpah, ieu karaton
geus tangtu ku Kami diburak-barik. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN.
6 Pikeun Kami, karaton Yuda teh sarua
alusna jeung tanah Gilad kitu deui jeung
pagunungan Libanon. Tapi ku Kami tangtu
dijadikeun tempat anu suwung, moal aya nu
nyicingan.
7 Kami rek ngirim jelema-jelema anu bakal
ngaruksak, kabeh sina marawa kampak, sina
ngarubuhkeun pilar-pilar anu aralus, anu
dijieunna tina kayu kiputri, tuluy sina diduruk.
8 Geus kitu, bakal loba jalma-jalma bangsa
sejen ngalaliwat ka dinya bari silih tanya pada
batur: Ku naon ieu kota sakieu gedena ku
PANGERAN dibasmi nepi ka kieu?
9 Jawab ti maranehna nya eta, lantaran
maraneh geus ingkar tina jangji ka Kami,

Allah maraneh, jeung terus ngabarakti ka allah-allah sejen."
10 Eh urang Yuda, Raja Yosia teu kudu diceungceurikan, maotna teu kudu dipake prihatin. Anggur nyeungceurikan Yoahas, anakna, anu geus dibuang, moal bisa mulang deui, moal nenjo-nenjo deui nagri sorangan.
11 Sabab kieu timbalan PANGERAN ngeunaan Yoahas bin Yosia, anu ngaganti bapana jadi raja Yuda, "Manehna geus euweuh ti dieu, moal mulang deui.
12 Geus dibawa ka hiji nagara, bakal paeh di ditu, moal nenjo-nenjo deui ieu tanah."
13 Cilaka eta jelema, anu nyieun gedong ku jalan licik, ngagedean gedongna ku jalan teu jujur, jeung ngagawekeun bangsana ku jalan percumah, teu make buruhan.
14 Cilaka eta jelema anu ngomong kieu, "Aing rek nyieun gedong masing gede, make loteng-loteng sing lalega." Seug gedongna dijandelaan, papanna kayu kiputri, geus kitu dipulas beureum.
15 Naha pangrasa teh maneh pijadieun raja leuwih bener, pedah nyieun gedong tina kayu kiputri, leuwih alus ti nu batur? Bapa maneh hirupna jamuga. Bapa maneh salawasna bener jeung jujur, sagala pagaweanana matak nyenangkeun.
16 Ka nu mariskin, bener nguruskeunana. Ku manehna mah sagala perkara alus jadina. Lampah kitu, ngaranna wawuh ka PANGERAN.

17 Ari maneh ngan nyiar piuntungeun
sorangan; jalma teu salah ku maneh mah
dipaehan, rahayat sangsara, dikaniaya. Kitu
timbalan PANGERAN.
18 Ayeuna, kieu timbalan PANGERAN
ngeunaan Yoyakim bin Yosia, raja Yuda,
"Paehna, moal aya jalma nu nalangsa, moal
aya nu nyebut, Karunya teuing, Ki Sobat
nepi ka kitu! Moal aya anu ceurik, moal aya
anu nyambat-nyambat, Duh Gusti, duh Sang
Raja!
19 Dikuburna teu beda ti ngubur kalde,
mayitna digusur, seug dialungkeun ka luareun
gapura Yerusalem."
20 Eh urang Yerusalem, los ka ditu, ka
Libanon, ngadon jejeritan, bral ka tanah
Basan, ngadon midangdam, geura aluk-
alukan di pagunungan Moab, sabab anu
ngabarantu ka maraneh, kabeh geus areleh.
21 Basa maraneh keur jaya keneh, ku
PANGERAN geus dielingan, tapi maraneh
teu ngagarugu. Da nya kitu kalakuan
maraneh mah, saumur-umur teu narurut ka
PANGERAN.
22 Para pamingpin maraneh bakal paburisat
lir katebak angin, anu ngabarantu ka maraneh
jaradi tawanan perang, nagara maraneh
jadi hinakeuneun, matak era, akibat sagala
kadorakaan maraneh.
23 Maraneh ngarasa reugreug dumeh tempat
cicing dijieun tina kayu kiputri, anu asalna

ti Libanon, tapi engke bakal karasa kumaha
nyerina, ana geus katarajang ku kanyeri,
moal beda nyerina ti awewe anu ngajuru.
24 PANGERAN nimbalan ka Raja Yoyakin,
putra Raja Yoyakim, raja Yuda, "Demi Kami
teh Allah anu jumeneng, najan maneh teh
upamana jadi cingcin cap dina jariji Kami, ku
Kami mo burung dicabut.
25 Tuluy diselehkeun ka jelema-jelema
anu dipikasieun ku maneh, anu hayang
ngala nyawa maneh. Maneh ku Kami rek
diselehkeun ka Raja Nebukadnesar, raja Babul
sabalad-baladna.
26 Maneh, kitu deui indung maneh, ku Kami
rek dialungkeun ka pangbuangan, ka hiji
tempat anu lain tempat lahir maneh, lain
tempat lahir indung maneh. Maneh jeung
indung maneh bakal paraeh di ditu.
27 Geus tangtu maneh kangen ka nagri
sorangan, tapi pamohalan bisa mulang deui."
28 Kaula, Yermia, ngomong, "Duh, kutan
Raja Yoyakin teh mani geus dianggap gentong
peupeus, dipiceun, geus euweuh anu hayang
make? Jadi ku sabab kitu, anjeunna jeung
para putrana teh nepi ka kudu dibawa ka
pangboyongan, ka nagri anu aranjeunna can
aruninga?"
29 Duh lemah cai, lemah cai!
30 (22-29b) Dengekeun, kieu timbalan
PANGERAN, "Ieu jalma geus dicatet, yen
anak-anakna kabeh bakal euweuh, yen

manehna pijadieun jalma gagal cita-citana,
moal boga turunan nu baris marentah
nagri Yuda, moal aya nu bakal neruskeun
kalungguhan Daud. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
23 [1] Cilaka raja-raja anu ngaruksak jeung
ngacak-ngacak umat PANGERAN! Ku
Mantenna tangtu dihukum!
[2] Sabab kieu timbalan PANGERAN, Allahna
Israil, perkara eta para pangereh anu
kuduna ngurus ka umat Mantenna, "Umat
Kami ku maraneh henteu diurus, malah
dipabalencarkeun, jeung disina arindit.
Kajahatan maraneh ayeuna ku Kami rek
dibales.
[3] Sesa-sesa umat Kami rek dikumpulkeun ti
nagri-nagri tempatna pabalencar, rek dibawa
mulang ka lemah caina, sina baranahan nepi
ka kacida lobana.
[4] Kami rek ngangkat pangereh-pangereh
pikeun ngurus maranehna. Umat Kami moal
sina nyorang deui kasieun atawa karisi, sarta
maranehna saurang ge moal aya anu leungit.
Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
[5] PANGERAN ngandika, "Geus tereh waktu
Kami milih jelema anu berbudi ti turunan
Daud keur pirajaeun. Ngarajaanana bakal
bijaksana, marentahna bakal jujur jeung adil
di sakuliah nagara.
[6] Lamun geus dirajaan ku eta, urang
Yuda bakal bagja, urang Israil ge garenah

hirupna. Eta raja bakal disarebut PANGERAN Kasalametan urang."
7 "Geus tereh waktuna," timbalan PANGERAN, "jalma-jalma ana sumpah moal make deui ucapan demi Kami Allah anu jumeneng, anu nuyun urang Israil ti tanah Mesir.
8 Ucapan sumpahna teh demi Kami, Allah anu jumeneng, anu nyandak urang Israil ti nagri tatar kaler jeung ti nagri-nagri sejenna, urut maranehna dipabalencarkeun ku Kami. Maranehna bakal tetep maratuh di tanahna sorangan."
9 Hate asa remuk, awak ngalaleper. Nya ku sabab PANGERAN, ku sabab sabda-sabda-Na nu suci, kaula jadi kawas jalma mabok, kawas anu kalobaan nginum anggur.
10 Ieu nagri pinuh ku jelema anu teu satia ka PANGERAN; jalma-jalma jarahat, sakawenang-wenang, pedah kawasa. Ieu tanah teh prihatin, sampalan-sampalanana gararing, sabab nanggung panyapa PANGERAN.
11 Kieu timbalan PANGERAN, "Nabi-nabi doraka, imam-imam doraka, ku Kami katohyan marigawe dosa, tur di jero Bait Allah pisan.
12 Jalan anu ditaluturkeunana bakal leueur, bakal poek, maranehna rek sina titarajong, sina lalabuh. Rek ditarajang ku balahi.

Wawalesna geus tereh. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.
13 Nabi-nabi di Samaria katenjo marigawe
dosa, ngawarejang ku ngaran Dewa Baal,
jeung nyasabkeun umat Kami.
14 Tapi nabi-nabi di Yerusalem, dorakana
leuwih ti kitu, jarinah jeung galede bohong. Ka
nu migawe kagorengan, kalah ka ngahatean,
nepi ka taya saurang-urang acan jalma anu
tobat tina dosana. Kadorakaanana ku Kami
disaruakeun jeung urang Sadumu jeung
Gomora.
15 Ku sabab kitu, perkara nabi-nabi di
Yerusalem kieu timbalan Kami, PANGERAN Nu
Maha Kawasa: Eta nabi-nabi rek diparaban
bratawali, jeung diinuman racun, sabab di
sakuliah nagri maranehna geus nyebarkeun
kadorakaan."
16 PANGERAN Nu Maha Kawasa nimbalan
ka urang Yerusalem, "Maraneh ulah rek
ngadenge kana piwejang eta nabi-nabi.
Piwejangna mah garenah, tapi palsu. Anu
diwejangkeunana teh hasil rekaanana
sorangan, lain pangandika Kami.
17 Nu arembungeun ngadenge timbalan
Kami, henteu weleh-weleh diwejang
pisalameteun. Nu barasangkal diwejang yen
moal manggih balahi."
18 Kaula ngomong, "Saenyana eta anu
ngarakukeun nabi teh teu saurang-urang
acan anu nyaho kana rusiah manah

PANGERAN. Teu saurang-urang acan anu
kungsi ngadenge atawa ngaharti atawa
ngaregepkeun pangandika-Na.
19 Maranehna bakal disamber ku angin ribut
bendu PANGERAN.
20 Bendu-Na moal waka eureun sapanjang
sagala pangersa-Na acan kabeh dibuktikeun.
Umat Mantenna kakara bakal ngaharti kana
hal eta di jaman ahir."
21 Kieu timbalan PANGERAN, "Eta jalma-
jalma ku Kami henteu diutus, tapi bet jaradi
nabi. Kami teu mere timbalan naon-naon ka
maranehna, tapi ana maranehna wewejang
sok mamawa ngaran Kami.
22 Ari enya mah nyarahoeun kana rusiah
manah Kami, atuh anu kudu ditepikeun teh
geus tangtu timbalan Kami, sangkan umat
Kami tarobat tina dosana, areureun tina
lampahna nu jahat.
23 Kami teh Allah, aya di mana-mana, lain di
satempat bae.
24 Moal aya anu nyamuni henteu katingali
ku Kami. Na teu nyaraho yen Kami aya di
mana-mana, di sawarga, di bumi?
25 Kami uninga naon anu diwejangkeun
ku maranehna bari ngabohong mamawa
jenengan Kami, jeung magarkeun Kami mere
timbalan dina impianana.
26 Rek nepi ka iraha eta nabi-nabi
teh nyasabkeunana ka umat Kami,

ngawejangkeun bohong ciptaanana sorangan?
27 Panyangkana, eta impian maranehna teh
bisa dipake nyasabkeun umat Kami, sina
paroho ka Kami, tuluy nyarembah ka Dewa
Baal, kawas karuhunna.
28 Nabi anu meunang impian jeung tuluy
nyaritakeun impianana, kudu nyebutkeun
yen anu dicaritakeunana teh sakadar impian.
Tapi nabi anu meunang timbalan Kami kudu
nerangkeun yen anu dicaturkeunana teh estu
timbalan PANGERAN. Sabab naon patalina
jarami jeung gandum?
29 Pangandika Kami mah ibarat seuneu,
jeung ibarat baliung paranti meulah cadas.
30 Kami ngamusuh ka eta nabi-nabi, anu
ngaku-ngaku nyaturkeun timbalan Kami
padahal nyaturkeun omongan ti pada
baturna.
31 Kami ngamusuh ka eta nabi-nabi anu
ngaku-ngaku nyaturkeun timbalan Kami
padahal nyaturkeun omonganana sorangan.
32 Dengekeun Kami, PANGERAN, rek
ngandika! Kami ngamusuh ka eta nabi-nabi,
anu ngaku-ngaku yen anu diwejangkeunana
teh meunang tina impian, padahal bohong.
Impian-impian bohongna, anu dicaturkeunana
bari gede omong, nyasabkeun umat Kami. Eta
teh euweuh pisan gunana pikeun rahayat, tur
Kami henteu ngutus nu karitu. Kitu timbalan
Kami, PANGERAN."

33 Timbalan PANGERAN ka kaula, "Yermia,
upama aya umat Kami, atawa salah saurang
ti eta nabi-nabi, atawa ti imam, aya nu
nanya ka maneh, Aya pangandika naon ti
PANGERAN? jawab kieu, Maneh ku PANGERAN
rek dipiceun, sabab ngariridu ka Mantenna.
34 Jeung upama aya umat Kami, atawa nabi
atawa imam, anu nyebut-nyebut Kabeubeurat
ti PANGERAN, ku Kami tangtu dihukum katut
sakulawargana.
35 Kuduna nanyakeun ka pada batur
atawa ka dulur teh kieu, Kumaha waleran
PANGERAN? Kumaha pangandika PANGERAN?
36 Ulah nyarebut Kabeubeurat ti PANGERAN,
sabab ka nu nyebut kitu, pangandika Kami
bakal enya-enya jadi kabeubeurat dirina. Eta
jelema-jelema teh geus ngotoran pangandika
Allahna, Allah anu jumeneng, PANGERAN Nu
Maha Kawasa.
37 Yermia, tanyakeun ka eta nabi-nabi,
Kumaha waleran PANGERAN ka aranjeun?
Kumaha pangandika-Na?
38 Upama pangandika Kami ku eta teu
ditarurut jeung disebutkeun Kabeubeurat ti
PANGERAN,
39 bejakeun yen maranehna tangtu ku Kami
diranggeum terus dialungkeun ka nu jauh,
kitu deui ieu nagara, anu ku Kami geus
dibikeun ka maranehna jeung ka karuhunna.
40 Rek sina nanggung kaera jeung kahinaan
sapapanjangna, hamo bisa kapopohokeun."

24 1 PANGERAN ka kaula nembongkeun
dua karanjang dieusi buah kondang,
diteundeun di hareupeun Bait Allah.
Harita Raja Yoyakin bin Yoyakim raja Yuda
geus ditawan ku Raja Nebukadnesar, ti
Yerusalem diboyong ka Babul, bareng jeung
pamingpin-pamingpin Yuda katut ahli-ahli
jeung tukang-tukang.
2 Karanjang anu hiji, eusina buah kondang
anu harade pisan, anu asakna pangheulana;
anu hiji deui eusina garoreng pisan, nepi ka
moal beunang didahar.
3 PANGERAN mariksa ka kaula, "Yermia,
naon eta nu katenjo?" Piunjuk kaula, "Buah
kondang. Anu sae, sae pisan, anu awon,
awon pisan dugi ka moal tiasa kateda."
4 Timbalana-Na ka kaula,
5 "Ceuk timbangan Kami, PANGERAN,
Allahna Israil, jalma-jalma anu diboyong ka
Babul teh lir eta buah kondang anu harade,
ku Kami rek diangken deui.
6 Rek diurus jeung dipulangkeun deui ka ieu
tanah. Rek diadegkeun, moal diruksak deui.
Rek dipelak, moal dirabut.
7 Rek sina nyongsrong ku hayangna nyaho
yen Kami teh PANGERAN. Ku sabab geus
enya-enya tarobat ka Kami, bakal jaradi deui
umat Kami, Kami Allahna.
8 Ari Raja Sidkia, raja Yuda, jeung ahli-ahli
politikna, kitu deui sesa-sesa urang Yerusalem
anu araya keneh di ieu tanah, atawa anu

parindah ka Mesir, ku Kami, PANGERAN,
disaruakeun jeung eta buah kondang anu
garoreng nepi ka teu bisa didahar ku
goreng-gorengna.
9 Rek ditinggang ku hiji balahi anu bakal
nimbulkeun kasieun ka sakabeh bangsa di
sadunya. Sina diparoyok, dihihina jeung
digogoreng ku sakabeh jalma, sarta ngaran-
ngaranna bakal diparake sasapaan di unggal
tempat paburencayna.
10 Ku Kami rek sina ditarajang ku perang, ku
kalaparan jeung pagebug, nepi ka moal aya
nu nyesa saurang-urang acan di ieu tanah
anu ku Kami geus dibikeun ka maranehna
jeung ka karuhunna."
25 1 Dina taun kaopat jaman Yoyakim
bin Yosia jadi raja nagri Yuda, kaula
nampa timbalan PANGERAN ngeunaan urang
Yuda. (Harita Nebukadnesar kakara sataun
jadi raja di nagara Babul.)
2 Timbalana-Na ka kaula tea ku kaula
ditepikeun ka urang Yuda jeung urang
Yerusalem, kieu,
3 "Geus dua puluh tilu taun kaula sok
meunang timbalan ti PANGERAN, ti taun
katilu belas Yosia bin Amon jadi raja
nagri Yuda nepi ka poe ieu, sarta sagala
timbalana-Na teu aya anu ku kaula teu
ditepikeun ka aranjeun. Tapi aranjeun tara
pisan malire.

4 Malah sakitu PANGERAN teu petot-petot
ngutus abdi-abdi-Na, nya eta nabi-nabi, kitu
keneh bae aranjeun tara malire.
5 Nabi-nabi teh ngajak sangkan aranjeun
tarobat, ulah marigawe deui kadorakaan,
ulah marigawe deui dosa, supaya bisa tetep
renggenek di ieu tanah, anu ku PANGERAN
dipaparinkeun ka aranjeun jeung ka karuhun,
ngajadi tanah milik anu tetep.
6 Aranjeun dicaram nyembah jeung ngabakti
ka allah-allah sejen, jeung ulah nyarieun
pibendueun PANGERAN nyembah ka berhala
bubuatan sorangan. Lamun aranjeun nurut
mah ku Mantenna ge moal dihukum.
7 Tapi saur PANGERAN ku manten aranjeun
teh arembung ngagugu ka Mantenna.
Aranjeun kalah ka nyieun pibendueuna-Na ku
berhala-berhala nepi ka aranjeun nandangan
hukumana-Na.
8 Ku sabab kitu, ku sabab aranjeun arembung
ngagugu ka Mantenna, kieu pangandika
PANGERAN Nu Maha Kawasa:
9 Kami arek ngadatangkeun jalma-jalma
ti tatar kaler, jeung ngadatangkeun abdi
Kami, Raja Nebukadnesar ti nagri Babul.
Rek dibawa ku Kami ka dieu, sina ngarurug
ka Yuda sapangeusina, kitu deui ka bangsa-
bangsa sakurilingeunana. Ieu bangsa jeung
bangsa-bangsa tatanggana, ku Kami arek
digempur, sina burak-barik sapapanjangna,

jadi hiji kajadian anu matak reuwas jeung
matak sieun. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.
10 Sora surakna, sora gumbirana, sarta
sora-sora kabagjaan dina pesta kawin, ku
Kami rek dieuweuhkeun disina jempling.
Damarna moal maranggih minyak, jeung
gandumna bakal beak.
11 Sakuliah tanah ieu bakal ancur, matak
melengek nu nenjo, bangsa-bangsa
sakurilingeunana bakal tarunduk ka raja
Babul, tujuh puluh taun lilana.
12 Sanggeus kitu, nagri Babul oge jeung
rajana bakal dihukum ku Kami ku lantaran
dosa-dosana. Eta nagri rek dibasmi,
dijadikeun ruruntuhan salalanggengna.
13 Babul rek ditinggang ku rupa-rupa bahla,
nya eta sakur bahla anu geus kacatet dina ieu
kitab, anu ku Kami dipake ngancam bangsa-
bangsa, sakumaha anu geus diumumkeun ku
Yermia.
14 Urang Babul sina ngabdi, sina tunduk
ka rupa-rupa bangsa, jeung ka raja-raja
perkasa, babales kalakuanana."
15 PANGERAN, Allah urang Israil, nimbalan
ka kaula, "Tampanan ieu gelas anggur anu
geus dieusi amarah Kami. Bawa ka sakabeh
bangsa, sina diarinum, ka mana bae maneh
dititahna ku Kami.
16 Lamun geus ngarinum ieu, kabeh bakal
sasampoyongan bari teu puguh pipikiran,

geumpeur ku perang anu ku Kami baris
dikeprak sina narajang."
17 Seug eta gelas ku kaula ditampanan ti
panangan PANGERAN, tuluy diasongkeun ka
sakabeh bangsa sina diarinum, ka mana bae
kaula dipiwarang-Na.
18 Anu kudu disina ngarinum teh Yerusalem
jeung sakabeh kota di Yuda, raja-raja
jeung para pamingpinna, sangkan ngajadi
suwung sarta katenjona matak ngenes, sarta
ngaran-ngaranna sina dijarieun sasapaan
sakumaha nu geus bukti tepi ka kiwari.
19 (25:19-26) Nu lian-lianna, anu kudu
nginum tina eta gelas teh, nya eta: raja
Mesir, jeung sakabeh bangsa asing anu
araya di Mesir; sakabeh raja anu di tanah
Us, sakabeh raja bangsa Pelisti di kota-kota
Askelon, Gasa, Ekron jeung sesa kota Asdod;
sakabeh urang Edom, Moab jeung Amon;
sakabeh raja di Tirus jeung Sidon; sakabeh
raja di nagri-nagri tanah basisir Laut Tengah;
sakabeh kota di Dedan, Tema jeung Bus;
sakabeh jelema, bangsa anu buukna dicukur
pondok; sakabeh raja Arab; sakabeh raja
kaom-kaom gurun keusik, sakabeh raja di
Simri, Elam jeung Media; sakabeh raja tatar
kaler, nu dareukeut, nu jarauh, pasusul-susul.
Unggal bangsa di sakuliah jagat kudu sina
ngarinum tina eta gelas. Anu pangpandeurina
kudu nginum teh nya eta raja Babul.
20 (25:19)

21 (25:19)
22 (25:19)
23 (25:19)
24 (25:19)
25 (25:19)
26 (25:19)
27 Geus kitu PANGERAN nimbalan ka
kaula, "Bejakeun ka eta sakabeh yen Kami,
PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah urang
Israil, marentahkeun sangkan maranehna
ngarinum tina eta gelas nepi ka marabok
utah-utahan, nepi ka tingjaloprak teu
bisa carengkat deui, tina sabab perang
anu dikeprak ku Kami sina narajang ka
maranehanana.
28 Upama maranehna narolak arembung
nampanan eta gelas anu diasongkeun ku
maneh, arembungeun nginum, kieu kituh
timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa: Maneh
misti nginum ieu.
29 Anu ku Kami rek mimiti diruksak nya
eta nagri milik Kami sorangan. Samarukna
maranehna mah moal dihukum ku Kami?
Tangtu, tangtu ku Kami dihukum, sabab
perang ku Kami geus dikeprak sina narajang
ka sakabeh bangsa di sakuliah jagat. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa.
30 Ari maneh, Yermia, umumkeun sakabeh
timbalan anu ku Kami geus diandikakeun.
Bejakeun kieu ka maranehanana, PANGERAN
bakal ngagentra tarik ti sawarga, ngageleger

ti luhur langit. Mantenna bakal ngagaur ka
umat-Na, sosoak saperti jalma keur ngirik
anggur. Kabeh jalma di bumi, bakal ngadenge
gentra-Na,
31 sabab gentra-Na parat ka satungtung
jagat. PANGERAN baris mariksa perkara
bangsa-bangsa. Unggal jalma baris diterapan
hukum, nu jarahat tan wande dipaehan. Kitu
timbalan PANGERAN."
32 Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa,
hiji bahla jeung angin ribut anu ngahiji ti
saban tungtung jagat, bakal mapay narajang
ka bangsa-bangsa.
33 Dina poe eta, bangke-bangke jalma
anu dibasmi ku PANGERAN nyebar ti
tungtung bumi nepi ka tungtungna deui.
Moal aya anu nyeungceurikan, moal aya
nu ngumpulkeun sumawonna nu ngaruang,
diantep patutumpuk jadi gemuk taneuh.
34 Geura tingjarerit eh para pamingpin!
Geura aluk-alukan eh nu ngarangon umat
Kami! Geura gegerungan bari gugulingan
dina taneuh ngebul. Geus meujeuhna ayeuna
maraneh dipareuncitan jeung dijagal cara
domba.
35 Taya petana maraneh bisa ngejat.
36 (25:36-37) Maraneh bakal sasambat
tingjarerit awahing ku nalangsa, sabab
ku bendu-bendu-Na PANGERAN, bangsa
maraneh dibasmi, nagri maraneh anu sakitu
kertana diburak-barik.

37 (25:36)
38 PANGERAN geus ngantunkeun umat-Na,
lir singa ninggalkeun guhana. Nagri maraneh
jadi kosong urut diamuk ku perang jeung ku
bendu PANGERAN anu ngentab-ngentab.
26 1 Barang Yoyakim bin Yosia jadi raja
Yuda,
2 PANGERAN nimbalan ka kaula. Timbalana-
Na, "Maneh kudu nangtung di buruan Bait
Allah. Sagala timbalan anu geus diandikakeun
ka maneh, umumkeun ka jalma-jalma anu
arek sarembahyang ka dinya ti kota-kota
Yuda. Sakecap ge ulah aya nu tinggaleun.
3 Malakmandar maranehanana daraekeun
ngadenge tuluy tarobat. Upama kitu,
Kami moal tulus ninggangkeun bahla keur
ngabasmi maranehna anu sakitu jarahatna."
4 Kieu deui timbalan PANGERAN anu kudu
ditepikeun ku kaula: "Kami, PANGERAN, geus
mundut maraneh kudu narurut, nya eta kudu
aranut kana pangajaran Kami,
5 sarta kudu ngagarugu kana pitutur
abdi-abdi Kami, nya eta nabi-nabi, anu tara
towong-towong diutus ka maraneh. Tapi
maraneh teu ngagarugu.
6 Ayeuna upama tetep henteu daraek
ngagugu, ieu Bait Allah ku Kami rek
disaruakeun jeung Silo, sarta ngaran ieu kota
bakal dijieun sasapaan ku sakabeh bangsa di
saalam dunya."

7 Anu ngabarandungan kaula cacatur di Bait
Allah nya eta para imam, nabi-nabi, jeung
jalma rea.
8 Barang anggeus kaula ngumumkeun sagala
timbalan PANGERAN tea, maranehna tuluy
nyerek ka kaula bari tingharaok, pokna,
"Dipaehan maneh wani kitu peta!
9 Naon eta teh mamawa jenengan
PANGERAN, nyebut-nyebut ieu Bait Allah
bakal dijadikeun kawas Silo, jeung ieu kota
bakal dibasmi nepi ka moal aya nu nyicingan
deui?" Geus kitu kaula pada ngalingkung.
10 Barang para pamingpin Yuda ngadarenge
hal eta, buru-buru arindit ti karaton raja,
muru ka Bait Allah, tuluy dariuk di Gapura
Anyar.
11 Geus kitu imam-imam jeung nabi-nabi
ngaromong ka para pamingpin jeung ka
jalma rea, kieu, "Ieu jalma manjing dihukum
paeh, lantaran ngomongkeun picilakaeun
kota urang. Bapa-bapa ngadarangu ku anjeun
kumaha omonganana."
12 Ceuk kaula, "Kaula diutus ku PANGERAN.
Mantenna miwarang ngumumkeun kitu,
sakumaha anu kabarandungan tadi, nya eta
kajadian anu bakal ninggang ka ieu Bait Allah
jeung ka ieu kota.
13 Aranjeun kudu ngarobah tabeat jeung
kalakuan, kudu narurut ka PANGERAN, Allah
aranjeun. Upama kitu, Mantenna tangtu

ngarobah pangersa-Na, aranjeun moal jadi dibasmi.
14 Ayeuna kaula geus aya dina leungeun aranjeun, mangga teh teuing rek dikumahakeun oge, kumaha ceuk timbangan aranjeun bae.
15 Tapi mangka waspada, upama kaula nepi ka dipaehan, aranjeun katut jalma-jalma sakota ieu bakal nanggung dosa, maehan jelema anu teu salah, sabab kaula teh diutus ku PANGERAN sangkan ngelingan ka aranjeun."
16 Ceuk para pamingpin, kitu deui ceuk jalma rea ka imam-imam jeung nabi-nabi, "Eta jalma teu manjing dihukum paeh, margi sasanggemna ngabantun pajenengan PANGERAN Allah urang."
17 Geus kitu aya sababaraha urang kokolot, ngomong ka nu karumpul,
18 "Hiji mangsa, waktu Hiskia jadi raja Yuda, Nabi Mika urang Moreset ngawejang kieu ka rahayat sakumna: Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, Nagri Sion bakal diwuluku kawas tegalan, Yerusalem bakal runtuh jadi tumpukan, Bait Allah bakal jadi leuweung.
19 Mika ku Raja Hiskia, kitu deui ku urang Yuda, henteu dikukumaha. Malah sabalikna, Raja Hiskia jadi mikasieun ka PANGERAN, sarta satekah polah ngalap manah Mantenna. Geuning buktina Allah kersaeun ngarobah pangersa-Na, henteu cios ninggangkeun

bahla. Ayeuna, upama ieu jelema dihukum paeh, urang teh sasat ngabahlakeun diri sorangan."
20 (Harita aya hiji jelema, nya eta Uria bin Semaya ti Kiryat Yarim, ngawejang cara Yermia ngeunaan eta kota jeung bangsa, kalawan nyebut pajenengan PANGERAN.
21 Barang kadangu bejana ku Raja Yoyakim jeung ku prajurit-prajurit, kitu deui ku para ponggawa, seug raja teh milari jalan seja maehan Uria. Tapi kaburu kadenge ku Uria, seug Uria kabur ka Mesir.
22 Tapi Raja Yoyakim marentah Elnatan bin Akbor jeung sawatara jelema deui, sina ngudag Uria ka Mesir.
23 Uria kacerek tuluy dibawa ka Raja Yoyakim, seug dipaehan, mayitna dialungkeun ka tanah pakuburan cacah.)
24 Kaula berekah teu sakara-kara, teu kungsi nemahan pati, henteu kungsi ragrag ka jalma rea, lantaran ditulungan ku Ahikam bin Sapan.
27 1 Henteu lila ti sanggeus Sidkia putra Yosia jadi raja di nagri Yuda, PANGERAN nimbalan ka kaula,
2 miwarang supaya kaula nyieun sawed tina kulit, jeung pasanganana tina kayu, sarta kudu dipake ku kaula dina punduk.
3 Geus kitu PANGERAN miwarang kaula ngirim pesen pikeun raja-raja di tanah Edom, Moab, Amon, Tirus jeung Sidon, supaya

ditalatahkeun ka duta-dutana anu keur araya
di Yerusalem, natamu di Raja Sidkia.
4 Kaula ku PANGERAN Nu Maha Kawasa,
Allah Israil, dipiwarang nitah maranehna
ngabejakeun ka rajana masing-masing, yen
PANGERAN geus nimbalan kieu,
5 "Ku daya pangawasa jeung kakuatan anu
maha perkasa, Kami ngadegkeun alam dunya,
manusa, jeung sakabeh sasatoan di sakuliah
jagat. Eta kabeh ku Kami diserenkeun ka hiji
jelema anu ku Kami kapilih.
6 Bangsa maraneh kabeh ku Kami geus
diserenkeun ka abdi Kami, nya eta Raja
Nebukadnesar ti Babul. Malah sato-sato galak
sina taraluk ka manehna.
7 Sakabeh bangsa bakal taluk ka manehna,
malah tuluy tunduk ka anakna jeung ka
incuna, nepi ka cunduk waktuna bangsana
sorangan tijungkel. Bangsana sorangan
ahirna bakal ngawula ka bangsa-bangsa anu
karuat, ka raja-raja anu perkasa.
8 Sanajan kitu, bangsa atawa karajaan
mana bae anu ayeuna embung taluk kana
pamarentahanana, tangtu ku Kami diruksak
ku perang, ku kalaparan jeung ku pagebug,
tungtungna beak sama sakali ditumpes ku
Nebukadnesar.
9 Nu matak ulah palercaya ka nabi-nabi
maraneh, atawa ka nu ngakukeun bisa norah
pikahareupeun, boh ku lantaran meunang
alamat tina impian, boh ku lantaran nyalukan

arwah jalma anu geus paeh, atawa ku sihir,
anu nyaram sangkan maraneh ulah taluk ka
raja Babul.
10 Bohong wungkul panorahna teh, anu bakal
ngalantarankeun maraneh diboyong batur
jauh ti lemah cai, dibuang ku Kami, temahna
tumpes pisan.
11 Sabalikna, bangsa anu daek taluk jeung
ngawula ka raja Babul, ku Kami baris diidinan
tumetep di lemah caina, bisa jongjon hirup
bari ngolah tanahna. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
12 Geus kitu kaula mihatur ka Raja Sidkia
raja Yuda, sual eta keneh. Kieu: "Kedah kersa
taluk ka raja Babul, kersa ngabdi ka anjeunna
katut rahayat sadaya, supados salamet.
13 Naha Sang Raja kitu deui rahayat
make kudu tumpes ku perang, atanapi
ku kalaparan, atanapi ku pagebug? Kapan
timbalan PANGERAN oge bakal kitu temahna
bangsa anu embung taluk ka raja Babul teh.
14 Sang raja ulah ngadangu kana omongan
nabi-nabi, anu ngajak ulah taluk ka eta raja.
Bararohong piwejangna eta nabi-nabi teh.
15 Lahiran PANGERAN oge eta nabi-nabi teh
henteu diutus, jadi ngawejangna anu majar
ngabantun pajenengan PANGERAN teh palsu.
Temahna tangtos ku Mantenna dibuang, boh
Sang Raja, boh nabi-nabi tukang ngawejang
bohong tea."

16 Ti dinya ceuk kaula ka imam-imam
jeung jalma rea, kieu timbalan PANGERAN:
"Ulah palercaya ka nabi-nabi anu nujum
yen paparabotan Bait Allah bakal tereh
dipulangkeun ti Babul. Bohong eta teh.
17 Tong dipalercaya! Mending taluk ka raja
Babul, sangkan saralamet! Naha kajeun ieu
kota ruksak burak-barik?
18 Ari enya mah maranehna teh nabi,
jeung lamun enya maranehna ngemban
pangandika Kami, atuh kudu nunuhun ka
Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa sangkan
paparabotan anu ngari keneh di Bait Allah
jeung di karaton raja ulah nepi ka diakut ka
Babul."
19 (27:19-20) (Waktu Yoyakin putra Yoyakim
raja Yuda katut para pamingpin Yuda jeung
para pamingpin Yerusalem ku Nebukadnesar
diboyong ka Babul, barang-barang Bait
Allah aya anu teu milu kabawa, nya eta
pilar-pilar, tahang tambaga, padati-padati,
jeung sajabana deui barang sisimpenan Bait
Allah.)
20 (27:19)
21 "Darengekeun ieu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah urang
Israil, ngeunaan barang-barang sisimpenan
anu kari di Bait Kami jeung di karaton raja di
Yerusalem:
22 Kabeh bakal diakut ka Babul, tetep di ditu,
nepi ka Kami kersa deui malire. Geus kitu

kakara ku Kami dipulangkeun, terus disimpen di dieu. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
28 [1] Dina taun eta, nya eta taun kaopat Sidkia jadi raja, dina bulan kalima, aya hiji nabi ti kota Gibon, nya eta Hananya bin Asur, ngajak ngomong ka kaula di Bait Allah. Ngomongna di hareupeun para imam jeung jalma rea.
[2] Carekna, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah urang Israil, ngandika kieu, "Kami geus meunggaskeun kakawasaan raja Babul.
[3] Dua taun deui barang-barang Bait Kami anu ku Nebukadnesar diakut ka Babul, ku Kami rek dipulangkeun ka ieu tempat.
[4] Kitu deui Yoyakin anak Yoyakim raja Yuda, katut sakabeh urang Yuda anu diboyong ka Babul, ku Kami bakal dipulangkeun deui ka dieu. Geus pasti, kakawasaan raja Babul dipeunggaskeun ku Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
[5] Tembal kaula, kasaksian ku para imam jeung jalma rea,
[6] "Amin! Mugi leres kitu pangersa PANGERAN! Kacida kaula ngamuga-mugana, mugi Mantenna leres ngabuktoskeun panorah saderek, mulangkeun ti Babul sagala rupi barang Bait Allah, kitu deui dulur-dulur anu kapungkur diboyong jaradi tawanan.
[7] Nanging kieu pihatur kaula ka saderek kitu deui ka sadayana.

8 Kapungkur pisan, memeh kaula sareng
memeh anjeun, nabi-nabi ngawarejangna teh
kieu saurna: bangsa rea kitu deui karajaan-
karajaan anu karuat, bakal katarajang ku
perang, ku kalaparan, ku pagebug.
9 Jadi upama aya nabi anu norah
pisalameteun, nembe tiasa disebat nabi
sajati, anu leres-leres diutus ku PANGERAN,
upama panorahna tea bukti."
10 Kek Hananya nyekel kana pasangan dina
punduk kaula, dilaan terus dipinggeskeun,
11 bari pok ngomong ka jalma rea, "Timbalan
PANGERAN, kieu petana Mantenna bakal
minggeskeun pasangan anu diterapkeun ku
Raja Nebukadnesar kana punduk sakabeh
bangsa. Ku Mantenna baris dibuktikeun dua
taun deui." Geus kitu kaula indit ti dinya.
12 Henteu lila ti harita, PANGERAN nimbalan
ka kaula,
13 miwarang nepungan deui Hananya sarta
kudu ngomong kieu, "Pasangan tina kai geus
bisa ku maneh dipinggeskeun, tapi ku Kami
rek diganti ku pasangan tina beusi.
14 PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah urang
Israil nimbalan, yen eta sakabeh bangsa
bakal diterapan pasangan tina beusi, sarta
kabeh sina ngawula ka Raja Nebukadnesar ti
Babul. Malah sato-sato galak oge, timbalan
PANGERAN, sina taraluk ka Nebukadnesar."
15 Eta timbalan ku kaula diomongkeun
ka Hananya, disambung kieu, "Saderek

Hananya! PANGERAN henteu ngutus anjeun.
Jalma rea ku anjeun sina percaya kana
bohong.
16 Ku sabab eta, timbalan PANGERAN, anjeun
ku Mantenna bakal disirnakeun ti dunya.
Memeh tutup taun ieu, anjeun bakal maot,
sabab anjeun ngajak jalma rea ngalawan ka
PANGERAN."
17 Bukti, dina taun eta keneh, dina bulan
katujuh, Hananya maot.
29 1 Kaula nyuratan ka dulur-dulur anu ku
Nebukadnesar diakut ti Yerusalem ka
Babul, nya eta imam-imam, nabi-nabi, para
pamingpin rahayat, jeung nu sejen-sejenna.
2 Nyuratanana sanggeus Raja Yoyakin
diboyong ka Babul jeung ibuna, jeung para
pajabat karaton, para pamingpin Yuda jeung
Yerusalem, ahli-ahli jeung tukang-tukang.
3 Ngirimkeunana dipihapekeun ka Elasa bin
Sapan jeung Gemarya bin Hilkia, utusan
Raja Sidkia raja Yuda ka Babul, ka Raja
Nebukadnesar. Eusina:
4 "Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha
Kawasa, Allah Israil, ka sakabeh boyongan,
anu ku PANGERAN dikersakeun jaradi
tawanan Nebukadnesar, diboyong ti
Yerusalem ka Babul. Timbalana-Na:
5 Maraneh kudu nyarieun imah, kudu
bebetah. Kudu ngarebon, hasilna keur
dahareun.

6 Kudu karawin jeung baroga anak. Anak-
anak maraneh oge kudu karawin, sina baroga
anak. Kudu anak baranahan, kudu ngalobaan,
ulah nepi ka mudedes.
7 Kudu digarawe keur kamajuan kota-kota
tempat maraneh ku Kami dibuang. Urang
dinya pangmentakeun berkah ti Kami, sabab
lamun maraneh sarenang, maraneh oge
marilu senang.
8 Kami, PANGERAN, Allah Israil, ngingetan
ka maraneh, ulah beunang kabobodo ku
nabi-nabi anu araya di maraneh, atawa
ku saha bae anu ngaku-ngaku bisa norah
pikahareupeun. Ulah palercaya kana
impian-impianana.
9 Bohong wungkul panorahna teh. Najan
norahna mawa jenengan Kami oge Kami
mah henteu ngutus. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN.
10 Kieu deui timbalan PANGERAN, Upama
di Babul geus jejeg tujuh puluh taun,
Kami tangtu ngalayad ka maraneh, baris
ngabuktikeun jangji seja mulangkeun
maraneh ka lemah cai.
11 Kami henteu samar kana sagala
pikersaeun ka maraneh. Nya eta seja
nyenangkeun, lain rek nyilakakeun. Seja
mere pijamugaeun ka hareup.
12 Geus kitu maraneh, bakal daraek ngumaha
ka Kami. Maraneh tangtu daratang mawa
paneda, ku Kami ge tangtu dimakbul.

13 Maraneh bakal nareangan Kami jeung
tangtu kapanggih, sabab engke mah
neanganana enya-enya terus jeung hate.
14 Tangtu Kami teh pikapanggiheun,
tuluy maraneh ku Kami dipulihkeun deui,
dipulangkeun ka tanah sorangan. Rek
dikumpulkeun ti saban kota, ti saban daerah
tempat maraneh ku Kami dipaburencaykeun,
baris dipulangkeun ka tanah urut maraneh
diboyong ti dinya. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN.
15 Ceuk aranjeun, di Babul teh boga
nabi-nabi ti PANGERAN.
16 Regepkeun ieu timbalan PANGERAN, hal
raja anu marentah di karajaan anu bareto
dirajaan ku Daud, jeung hal jelema-jelema di
kota eta, nya eta dulur-dulur aranjeun anu
henteu milu diakut ka pangbuangan.
17 Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha
Kawasa, Maranehna ku Kami arek ditarajang
ku perang, ku kalaparan, jeung ku sasalad,
jeung dianggap lir buah kondang anu geus
kacida barurukna, geus teu beunang didahar.
18 Ku Kami sina diudag-udag ku perang,
ku kalaparan, jeung ku pagebug, nepi ka
bangsa-bangsa saalam dunya sarieuneun
nenjona. Di mana bae, di unggal tempat Kami
ngaburencaykeun maranehna, jalma-jalma
bakal karaget jeung ngarasa sieun, nenjo
kajadian anu karandapan ku maranehna.

Maranehna bakal jadi pamoyokan batur,
ngaran-ngaranna bakal diparake sasapaan.
19 Pangna nepi ka dikitukeun teh lantaran
teu narurut kana timbalan Kami. Sakitu
pangandika Kami tara kendat diamanatkeun
ka abdi-abdi Kami, nabi-nabi, tapi tetep teu
ditarurut.
20 Ari maraneh mah, anu ku Kami dibuang
ka Babul, darengekeun ieu timbalan Kami,
PANGERAN.
21 PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah
Israil, ngandika perkara Ahab bin Kolaya
jeung Sidkia bin Maaseya, anu ka aranjeun
mere panorah palsu bari mawa pajenengan
Mantenna. Timbalana-Na: Eta dua jelema
ku Kami rek diselehkeun kana kakawasaan
Raja Nebukadnesar raja Babul, ku eta bakal
dipaehan hareupeun maraneh.
22 Ana geus kitu, upama ti maraneh anu
diboyong ti Yerusalem ka Babul aya nu
nyumpahan batur, nyumpahanana teh bakal
kieu: Muga-muga maneh ku PANGERAN
dijieun kawas Sidkia jeung Ahab, anu
dipanggang hirup-hirup ku raja Babul.
23 Kitu pinasibeun eta dua jelema, lantaran
pohara dorakana, nyieun dosa anu kacida
pikagirukeunana, jarinah jeung norah bohong
make pajenengan Kami. Peta maranehanana
teh ngalawan kana pangersa Kami. Kami
uninga kalakuanana, sarta Kami anu jadi
saksina. Kitu timbalan PANGERAN."

24 (29:24-25) PANGERAN Nu Maha Kawasa,
Allah Israil, maparin timbalan ka kaula, anu
kudu ditepikeun ka Semaya urang Nehalam.
Eta jelema geus ngirim surat ka nu araya di
Yerusalem, ka Imam Sepanya putra Maaseya,
jeung ka imam-imam sejenna. Eusina
pikiranana sorangan. Kieu eusi suratna ka
Sepanya:
25 (29:24)
26 "Bapa ku PANGERAN parantos dijungjung
jadi imam ngagentos Yoyada. Nya Bapa
ayeuna nu jadi kapala di Bait Allah. Upami
aya jelema burung ngaku-ngaku jadi nabi,
Bapa anu wajib ngarante beuheungna ku
belenggu beusi.
27 Nanging, ku naon margina eta Yermia
urang Anatot, ngomongan ka jalma rea kawas
nabi ku Bapa diantep bae?
28 Kikituanana kedah dieureunkeun, margi
parantos ngomongan ka nu araya di Babul,
carekna, arayana di pangbuangan teh
bakal kacida lamina. Nu mawi carekna,
kudu nyarieun imah, kudu bebetah, kudu
ngarebon, hasilna keur dahareun."
29 Eta surat dibacakeun ka kaula ku Sepanya.
30 Geus kitu PANGERAN nimbalan ka kaula,
31 miwarang ngirimkeun timbalana-Na ka
para buangan di Babul, ngeunaan Semaya.
Kieu timbalana-Na, "Kami, PANGERAN, baris
nyiksa ka Semaya jeung ka turunanana. Eta
jelema ku Kami henteu diutus, tapi geus

ngawejang ka maraneh kawas nabi bae, nepi
ka maraneh percaya kana bohongna.
32 Ku sabab eta, di tengah maraneh moal aya
saurang-urang acan turunanana. Eta jelema
moal bisa hirup lila-lila, moal ngalaman
sagala rupa pibagjaeun anu ku Kami keur
disadiakeun keur umat Kami, sabab geus
ngajak umat Kami ngaralawan ka Kami. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN."
30 1 PANGERAN, Allah Israil,
2 nimbalan ka kaula, "Catetkeun
sagala hal anu geus diandikakeun, jieun
buku.
3 Sabab geus meh cunduk kana waktu, Kami
rek ngajait Israil jeung Yuda, umat Kami. Sina
marulang deui ka dieu, tanah milik karuhunna
ti Kami, sina kapimilik deui ku maranehna.
Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
4 Kieu timbalan PANGERAN ka urang Israil
jeung urang Yuda,
5 "Aya sora kadangu ku Kami, sora
nu geumpeur, sora nu sieun, nu taya
katengtreman.
6 Geus, geura repeh! Coba pikir, na ari lalaki
osok ngajuru? Parandene katingalina ku Kami,
unggal lalaki pepelengkingan nyarekelan
beuteung, kawas awewe rek ngajuru bae! Ku
naon unggal beungeut sararepa?
7 Enya nyanghareupan mangsa pibahlaeun
tea mah, pibahlaeun gede, taya
babandinganana, anu baris nyorang ka

umat Kami, tapi umat Kami tangtu bisa luput."
8 Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa,
"Lamun eta mangsa geus datang, Kami rek
minggeskeun pasangan tina beuheung umat
Kami, rantena diudar. Umat Kami geus teu
kudu ngabdi deui ka bangsa batur.
9 Ngabdina bakal ka Kami, PANGERAN
Allahna, jeung ka hiji jelema turunan Daud,
anu ku Kami rek dibere tahta, jadi raja.
10 Tong sarieun, eh umat Kami! Tong
reuwas-reuwas, eh urang Israil! Maraneh
ku Kami tangtu dijait, rek disusul ka nu
jauh, diala ti pangbuangan. Maraneh tangtu
marulang ka nagri sorangan, hirup dina
kabagjaan, sepi karisi karempan.
11 Tangtu ku Kami diteang, disalametkeun.
Ari bangsa-bangsa, tempat maraneh ku Kami
dipaburencaykeun, eta geus tangtu dibasmi.
Moal, maraneh mah moal dibasmi. Bener
sok dihukum tea mah ku Kami, tapi Kami
ngahukum teh reujeung adil. Kitu timbalan
Kami, PANGERAN."
12 Timbalan PANGERAN ka umat-Na, "Raheut
maneh henteu bisa diubaran, bohak-bohakna
henteu bisa ditambaan.
13 Mana taya anu mirosea, mana kanyeri
taya ubarna, raheutna samar bisa cageur.
14 Kakasih-kakasih geus mopohokeun, geus
teu harayangeun malire. Kami ka maneh
narajang kawas ka musuh, ngahajar bengis

kacida, sabab maneh loba dosa, jarahat kabina-bina.
15 Meugeus, kanyeri teh ulah dipake rumahuh, geus taya piubareunana. Mana disiksa nepi ka kitu ge sabab maneh loba dosa, jarahat kabina-bina.
16 Tapi ayeuna, anu bareto ngalegleg, bakal dilegleg. Musuh maneh bakal dibuang. Nu bareto nganiaya, rek dikaniaya. Anu bareto ka maneh ngaranjah, bakal aya nu ngaranjah.
17 Maneh ku Kami rek dicageurkeun, raheutna urang ubaran, najan ceuk musuh, Sion geus jadi ruruntuhan, enggeus euweuh anu malire. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
18 Timbalan PANGERAN, "Umat Kami ku Kami rek dipulihkeun, ka lemburna dipulangkeun, unggal jelema rek dipikarunya. Yerusalem rek diadegkeun deui, karatonna diomean.
19 Eusi kotana bakal maruji sukur, sarurak saruka bungah. Ku Kami rek diberkahan, sina jembar baranahan, sina meunang kamulyaan.
20 Kakawasaan eta bangsa baris pulih deui, cara baheula bihari, ngadeg deui, nanjeur deui. Anu nganiaya ka maranehna, tangtu ku Kami dihukum.
21 Ari pirajaeunana nya ti bangsana keneh, pamarentahna nya ti maranehna keneh. Samangsa-mangsa ku Kami diondang, eta teh tangtu datang nemonan. Sabab saha nu wani datang ka Kami, lamun ku Kami henteu diondang?

22 Maranehna bakal piumateun Kami, Kami
Allahna. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
23 (30:23-24) Benduna PANGERAN lir
topan, budalna lir angin ribut ngagelebug,
nyamberan sirah jalma-jalma jahat. Moal
waka eureun samemeh sagala pangersa-Na
laksana. Hal eta kakara kaharti ku umat-Na
dina mangsa nu bakal datang.
24 (30:23)
31 1 Timbalan PANGERAN, "Bakal cunduk
waktu, Kami jadi Allah panutan
sakabeh kaom Israil, Israil jadi umat Kami.
2 Eta bangsa anu geus luput tina bahya maot,
waktu di gurun keusik ku Kami dipikawelas.
Ana eta urang Israil harayang ngareureuh,
3 ti nu jauh ge Kami nembongan ka
maranehna. Eh urang Israil, salawasna ge
Kami nyaah ka maraneh teh, nu matak ngan
deudeuh bae.
4 Maraneh rek dibangun deui, bakal narabeuh
deui genjring, suka-suka ngarigel.
5 Bakal ngebon deui anggur di unggal pasir
di Samaria, asal daraek melak, hasilna tangtu
kapuluk.
6 Mangsana tangtu datang, nu karemit di
pasir-pasir Epraim bakal cumeluk, Hayu urang
nanjak ka Sion, ngadeuheus ka PANGERAN,
Allah panutan urang."
7 Timbalan PANGERAN, "Geura ngarawih,
sing gumbira, keur Israil, bangsa anu
panggedena. Nyanyikeun lagu pamujina,

PANGERAN ngajait umat-Na, nyalametkeun
nu sesana.
8 Maranehna ku Kami rek dicokot ti tanah
kaler, dikumpulkeun ti unggal tungtung
jagat. Nu lalolong, nu lalumpuh, moal kari,
teu tinggaleun nu rareuneuh, jeung anu
sabroleun ngajuru. Maranehna pijadieun deui
bangsa gede.
9 Mun ku Kami geus ditungtun diajak balik,
umat Kami bakal nepi ka careurik, bari
mumuntang ka Kami. Ku Kami rek ditungtun
ka walungan-walungan, enggon cai, make
jalan anu genah, nu moal matak titajong.
Pikeun Israil, Kami teh lir bapa, Epraim teh
anak Kami anu cikal."
10 Timbalan PANGERAN, "Eh bangsa-bangsa,
darengekeun Kami! Umumkeun timbalan
Kami ka tanah-tanah basisir anu jarauh.
Umat Kami anu ku Kami dipaburencaykeun,
ayeuna rek dikumpulkeun, rek dijaga, lir
domba dijaga ku nu ngangonna.
11 Urang Israil ku Kami geus dimerdekakeun,
leupas tina genggeman hiji bangsa anu kuat.
12 Bakal daratang ka Gunung Sion,
ngararawih galumbira, barungah mareunang
berkah, teu kurang gandum, anggur jeung
minyak jetun, teu kurang ingon-ingon, domba
jeung sapi. Kakayaan maranehna ibarat
kebon teu kurang cai, sagala kaperluanana
nyampak.

13 Mojang-mojangna bakal ngarigel, jaligrah,
kolot, ngora, galumbira. Ku Kami rek
dibeberah, sina paler kasedihna, leungit
susah tinggal bungah.
14 Para imamna sina loba rejekina. Sagala
pangabutuh umat Kami, ku Kami bakal
dicukup. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
15 Timbalan PANGERAN, "Di kota Ramah aya
anu jejeritan, nu ceurik aluk-alukan, henteu
beunang diupahan: Rahel nyeungceurikan
anak-anakna anu enggeus teu araya.
16 Geus, geura repeh, susutan cipanon. Eta
pangorbanan maneh moal percumah, aya
ganjaranana, tur barudak teh bakal bisa
marulang deui ti tanah musuh-musuhna.
17 Jaga maneh tangtu senang, barudak
tangtu marulang. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN.
18 Urang Israil ku Kami kadangu sasambat
mani sesegruk, Duh Gusti, abdi-abdi lir sapi
anu atah warah, lajeng ku Gusti diwulang,
diajar nurut. Mugi abdi sadaya dicandak
mulang, sumeja tobat ka Gusti, PANGERAN,
Allah abdi sadaya.
19 Abdi-abdi parantos mungkur ti Gusti,
ayeuna nyuhunkeun ditampi deui. Saparantos
ku Gusti dipeperih, bati ngaheluk sareng
ngaheruk, isin ku kalakuan anu hina, emut
kana dosa-dosa waktos keur ngora.
20 Eh Israil, maneh teh anak Kami kakasih,
anak anu pangdipikanyaahna. Mun keur

nyebut ngaran maneh, pikir henteu weleh ngait, hate teu weleh cumantel. Kami seja mikawelas.
21 Geura pasang ciri-ciri jeung tanda-tanda jalan, panggihkeun jalan nu bareto ditinggalkeun. Geura mulang, Israil, geura mulang, geura baralik, ngeusian deui kota-kota, nu bareto ditinggalkeun.
22 Rek nepi ka iraha mundur maju bae, eh umat anu teu satia? Kami geus nyiptakeun hal anyar jeung teu lumrah, sarua teu lumrahna jeung awewe nangtayungan lalaki."
23 PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, ngandika, "Upama eta bangsa ku Kami geus diadegkeun deui di lemah caina, di tanah Yuda jeung di saban kotana, jalma-jalma bakal nyarebut deui: Sing diberkahan ku PANGERAN, gunung karamat di Yerusalem, panglinggihan Mantenna nu suci.
24 Tanah Yuda jeung kota-kotana bakal diareusian deui. Jalma-jalmana aya nu tani, aya nu miara ingon-ingon.
25 Anu geus carape beak tanaga sina jaragjag deui, anu geus langlayeuseun sina sareubeuh dahar.
26 Engke mah maranehna bisa ngucap, Ah rek sare, ambeh isukna jagjag.
27 Kami PANGERAN, jangji, tanah Israil jeung Yuda sina pinuh ku pangeusina, jelema jeung ingon-ingon.

28 Bareto maranehna ku Kami dicabut,
dirabut, dialungkeun, digempur, dibongkar,
engke mah ditangtungkeun deui.
29 Dina mangsa eta, moal aya nu ngucapkeun
babasan: Bapa nu ngadahar buah haseum,
anak nu ngarasa linu.
30 Sabab, saha nu ngadahar buah ngora, nya
manehna nu linu huntuna. Saha anu boga
dosa, nya manehna anu keuna ku balukarna."
31 Timbalan PANGERAN, "Mangsa eta, Kami
jeung urang Israil kitu deui jeung urang Yuda,
rek ngayakeun perjangjian anyar.
32 Ieu perjangjian anyar, beda ti perjangjian
heubeul, anu dijieun jeung karuhunna waktu
ku Kami ditungtun kaluar ti Mesir. Jaman
harita mah sakitu Kami jeung maranehna teh
lir salaki jeung pamajikan, eta perjangjian
teu ditarurut.
33 Perjangjian nu anyar mah bakal kieu:
Hukum Kami baris dipatri dina sanubarina,
ditulis dina hatena. Kami nu jadi Allahna,
maranehna nu jadi umatna.
34 Jadi engke mah maranehna geus teu perlu
silih papatahan nganyahokeun ka PANGERAN,
sabab saban jalma, ti nu leutik nepi ka
nu gede, tangtu dihampura dosa-dosana,
kadorakaanana moal diinget-inget deui ku
Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
35 PANGERAN ngayakeun panonpoe, pikeun
nyaangan ti beurang, ngayakeun bulan
jeung bentang-bentang, pikeun nyaangan

ti peuting. Mantenna anu ngaduk-ngaduk
laut, sina jumegur gumuruh. Ari jenengan
Mantenna: PANGERAN Nu Maha Kawasa.
36 Tah eta, Mantenna, ngajangji kieu:
Sapanjang ngadeg keneh tata alam, tetep
Israil ngajadi bangsa.
37 Lamun sakubeng langit geus bisa kaungsi,
lamun dasar-dasar jagat geus bisa dijajah,
kakara Mantenna tega miceun bangsa
Israil, lantaran dosa-dosana. Kitu timbalan
PANGERAN.
38 "Waktuna geus tangtu cunduk," timbalan
PANGERAN, "Yerusalem baris diadegkeun deui
jadi kota tempat Kami, ti Munara Hananel di
beulah kulon, nepi ka Gapura Juru.
39 Ari wawatesanana baris terus nyambung
ti dinya, ti beulah kulon kebat ka pasir Gareb,
terus ngurilingan Goa.
40 Ari lebakna sakurilingna, tempat paranti
nguburkeun anu paraeh jeung dijadikeun
pamiceunan runtah, kitu deui tegalan-tegalan
tonggoheun Walungan Kidron, terus nepi ka
Gapura Kuda beulah wetan, rek dijadikeun
tempat karamat Kami. Eta kota moal aya
deui anu bakal ngaruksak sumawonna nu
ngaburak-barik."
32 1 Dina taun kasapuluh Sidkia jumeneng
raja Yuda, meneran taun kadalapan
belas Nebukadnesar jumeneng raja di Babul,
PANGERAN nimbalan ka kaula.

2 Harita balad raja Babul keur ngagempur
Yerusalem. Ari kaula harita teh keur dikerem
di jero tutupan di buruan karaton raja,
3 keur dipanjara ku Raja Sidkia. Anjeunna
teu raoseun manah, pedah kaula nepikeun
pangandika PANGERAN anu kieu, "Ieu nagara
ku Kami rek diselehkeun ka raja Babul.
4 Ari Raja Sidkia moal bisa lolos, bakal
beunang ku raja Babul, sina paadu beungeut
jeung eta raja, sina palemek adu hareupan.
5 Sidkia bakal dibawa ka Babul, rek diantep
sina di ditu nepi ka diteang ku Kami. Najan
upama manehna ngalawan ge ka urang Babul,
moal hasil. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
6 (32:6-7) PANGERAN nimbalan yen rek aya
nu datang ka kaula, nya eta Hanamel, anak
paman Salum, rek nawarkeun lahanna anu di
Anatot, di wilayah tanah Binyamin, dumeh
kaula barayana nu pangdeukeutna, jeung
boga hak meuli eta lahan.
7 (32:6)
8 Nyata sakumaha timbalan PANGERAN,
Hanamel nepungan kaula di buruan karaton,
nawarkeun lahanna. Geus kitu mah kaula
yakin, yen enya PANGERAN ngandika kitu.
9 Seug lahan teh dibeuli ti Hanamel, duitna
ditimbang. Hargana teh tujuh belas gebleg
perak.
10 Surat jual-beulina ku kaula ditanda,
kalawan make saksi-saksi, tuluy duitna
ditimbang dina timbangan.

11 Surat jual-beulina tea duanana dicekel ku
kaula, boh anu disegel, anu dieusi katangtuan
jeung sarat-sarat, boh salinanana anu teu
make segel.
12 Duanana ku kaula diserenkeun ka Baruk
bin Neria, incuna Mahseya. Diserenkeunana
kasaksian ku Hanamel jeung ku saksi-saksi
anu marilu nanda dina eta surat jual-beulina,
kitu deui ku nu sejen nu araya di dinya.
13 Geus kitu kaula ngomong ka Baruk,
hareupeun maranehna,
14 "Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa,
Allah Israil, urus ku anjeun ieu surat-surat
teh, anu disegel jeung salinanana anu teu
disegel, simpen dina goci supaya tahan
taunan.
15 PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil,
geus ngandika yen imah-imah, lahan-lahan
jeung kebon-kebon anggur di ieu tanah, bakal
dibareulian deui."
16 Sanggeus masrahkeun eta surat jual-beuli
ka Baruk, kaula tuluy neneda,
17 "Nun PANGERAN Nu Maha Agung, Gusti
ngadamel bumi sareng langit ku pangawasa
sareng kakiatan tanpa tanding; kanggo Gusti
mah teu aya perkawis anu bangga.
18 Gusti tara kendat nganyatakeun welas
asih ka mangrebu-rebu jalma. Sawangsulna
ngahukum jalma-jalma ku margi dosa
kolot-kolotna. Gusti teh Allah nu agung
sareng perkasa, PANGERAN Nu Maha Kawasa.

19 Bijaksana nya tarekah, araheng nya
dadamelan. Maha uninga kana laku lampah
manusa, ngaganjar jalmi satimpal sareng
lampahna.
20 Baheula, di Mesir, Gusti ngadamel
rupi-rupi mujijat, rupi-rupi kaahengan, malah
dugi ka ayeuna pisan, boh di Israil, boh di
bangsa-bangsa sanes, dugi ka jenengan Gusti
kamashur di mana-mendi.
21 Eta mujijat-mujijat sareng kaahengan-
kaahengan, anu dipikagimir ku musuh, ku
Gusti dianggo nganyatakeun pangawasa
sareng kakiatan, kanggo ngaluarkeun umat
Gusti, Israil, ti Mesir.
22 Eta umat ku Gusti dipaparin ieu tanah
anu makmur sareng subur, luyu sareng jangji
Gusti ka karuhunna.
23 Nanging saparantos maranehna
darongkap sareng ngamilik ieu tanah, ka
Gusti henteu narurut, hirupna nyimpang tina
piwulang Gusti. Parentah sareng papakon ti
Gusti teu dilampahkeun. Kitu nu mawi ku
Gusti sina nandangan rupi-rupi kacilakaan.
24 Ieu kota parantos dilingkung ku tanggul-
tanggul, dikepung ku urang Babul, bade
direbut. Maranehna parantos ngambreg. Ieu
kota nuju diambreg ku perang, ku kalaparan,
sareng ku panyakit, tangtos ku musuh bakal
karebut. Saleresna pisan, sagala timbalan
Gusti parantos ngajadi.

25 Parandene, nun PANGERAN Nu Maha
Agung, dina kaayaan ieu kota parantos
tangtos karebut ku urang Babul, Gusti bet
miwarang abdi meser lahan, tur nganggo
saksi sagala."
26 Ti dinya PANGERAN ngawaler,
27 "Kami teh PANGERAN, Allah sakabeh
manusa. Pikeun Kami taya perkara nu
bangga.
28 Ieu kota memang ku Kami rek diselehkeun
ka Raja Nebukadnesar jeung baladna, ku eta
bakal direbut.
29 Terus disundut ku seuneu, dihuru nepi
ka rata jeung taneuh, kitu deui imah-imah
anu ngahudang amarah Kami, anu loteng-
lotengna diparake ngukus ka Dewa Baal,
jeung diparake nyaricikeun anggur, sasajen
ka allah-allah sejen.
30 Geus ti mimiti keneh, ti barang aya
sajarahna, kalakuan urang Israil jeung urang
Yuda teh matak pikaijideun Kami, matak
ngahudang amarah bae.
31 Ti barang ieu kota ngadeg, jelema-
jelemana mutuh matak kesel hate, matak
jengkel bae. Mana ku Kami dipastikeun rek
diruksak,
32 lantaran nya urang Yuda, nya urang
Yerusalem, katut raja-rajana, para
pamingpinna, para imamna jeung nabi-
nabina, geus kabina-bina dosana.

33 Geus naronggongan ka Kami. Dileukeunan
diwurukan ge weleh henteu ngadarenge,
piwuruk Kami teu diparake.
34 Malah-malah nepi ka nareundeun arca-
arca brahala pikaijideun di Bait Kami. Gedong
paranti ngabakti ka Kami teh dirurujit.
35 Jaba ti kitu, nyarieun altar di Lebak
Hinom jeung nyarembah Dewa Baal,
diparake ngaduruk anak-anakna awewe
lalaki, dikurban-kurbankeun ka Dewa
Molok. Padahal Kami mah ulah-bon nepi ka
marentahkeun kitu, teu asup-asup acan kana
pikiran ngudukeun kitu ka maranehna, atawa
nitah Yuda nyieun dosa."
36 PANGERAN, Allah Israil nimbalan, "Yermia,
ayeuna ceuk jalma-jalma, ieu kota geus
tangtu karebut ku raja Babul, lantaran
diambreg ku perang, ku kalaparan, jeung
ku panyakit. Ayeuna regepkeun, Kami arek
nimbalan.
37 Jalma-jalma anu bareto waktu Kami
keur jengkel dipabalencarkeun, ku Kami
rek dikumpulkeun ti saban nagri tempat
pabalencarna, rek dibawa mulang deui ka ieu
tempat, sina jarongjon hirupna.
38 Sina jaradi umat Kami, Kami Allahna.
39 Rek sina saniat, sahate dina hirupna, nya
eta: Hormat ka Kami saumur-umur, sangkan
jamuga dirina, jamuga anak-anakna.
40 Kami rek ngayakeun hiji perjangjian
jeung maranehna anu umurna langgeng.

Maranehna moal pegat-pegat disenangkeun,
jeung sina sarieun ku Kami kalawan hate
gembleng, sina ulah nyalingkir deui ti Kami.
41 Kami suka nyenangkeun ka maranehna,
sina tetep-tumetep di ieu tanah.
42 Lamun Kami bareto ka ieu bangsa
mere balahi, ayeuna arek mere rupa-rupa
kabagjaan, sakumaha jangji Kami tea.
43 Ayeuna ceuk maranehna ieu tanah
tangtu jadi kawas tegal suwung, sepi taya
pangeusina, taya jalma taya sato, tuluy
dijabel ku urang Babul. Saenyana lahan-lahan
di ieu tanah kabeh oge bakal dibeuli deui.
44 Dibareulian ku rahayat make surat
jual-beuli anu disegel, ditanda lengkep jeung
saksi-saksi, nya eta lahan-lahan di wilayah
tanah Binyamin, di desa-desa sakurilingeun
Yerusalem, di kota-kota tanah Yuda, di
kota-kota pagunungan, di suku-suku gunung,
jeung di pakidulan tanah Yuda. Jalma-jalma
teh ku Kami rek dipulangkeun deui ka ieu
tanah lemah caina. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
33 1 Sabot ditutup keneh di jero panjara
buruan karaton, kaula meunang deui
timbalan ti PANGERAN.
2 PANGERAN, anu ngadamel bumi, anu
ngawujudkeun jeung ngadegkeunana,
nimbalan ka kaula. Mantenna, PANGERAN,
nimbalan kieu,

3 "Sambat Kami, tangtu Kami ngawalon.
Maneh rek dibere nyaho perkara-perkara anu
ajaib, anu araheng, anu tangtu maneh mah
acan nyaho.
4 Kami, PANGERAN, Allah Israil, mere nyaho
yen imah-imah di Yerusalem jeung karaton
raja di Yuda bakal dibongkaran pikeun
nguatan pertahanan tina kepungan jeung
panarajang musuh.
5 Sawareh bakal barijil ngayonan urang
Babul, tapi cumah. Urang Babul malah
bakal ngeusian imah-imah di ieu kota ku
mayit jalma-jalma anu ku Kami memang
rek dibasmi, bawaning Kami ambek jeung
napsu. Kami geus teu hayang nenjo ieu kota,
lantaran kalakuan jalma-jalmana jarahat.
6 Tapi sanajan kitu ge ieu kota katut
rahayatna tangtu bakal dipulihkeun sina
menyat deui, sina talengtrem hirupna,
jongjon ngahenang-ngahening.
7 Yuda jeung Israil sina makmur, baris
dibangun deui ku Kami, sina pulih saasalna.
8 Dirina sina bararesih, suci tina dosa urut
ngalawan ka Kami. Dosa-dosana jeung
kalakuanana ngabarontak ka Kami rek
dihampura.
9 Yerusalem rek dijadikeun sumber
kabagjaan, sumber kamulyaan jeung
sumber kamashuran Kami. Unggal bangsa di
dunya, asal ngadenge beja yen Kami melak
rupa-rupa kahadean keur urang Yerusalem

sarta ngamakmurkeun ieu nagara, bakal
tingdaregdeg pinuh ku kasieun."
10 Timbalan PANGERAN, "Ceuk jalma-jalma,
ieu tempat jeg tegalan anu suwung, euweuh
eusina, teu jalma teu sato. Memang,
kota-kota tanah Yuda jeung jalan-jalan
Yerusalem kosong molongpong taya eusina,
teu jalma teu sato.
11 Tapi eta tempat-tempat teh bakal
haneuteun deui, rame ku sora kasukaan
jeung kagumbiraan sarta sora kabagjaan
pesta kawin. Maneh bakal ngadenge
jalma-jalma nyaranyi waktu marawa kurban
sukur ka Bait Kami, pokna, Puji sukur hatur
nuhun kana kasaean PANGERAN Nu Maha
Kawasa, anu langgeng mikaasih. Ieu tanah
ku Kami rek dimakmurkeun sakumaha asalna
deui. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
12 PANGERAN Nu Maha Kawasa nimbalan,
"Ieu tanah, anu ayeuna mah bleg tegalan
suwung euweuh naon-naonna, teu jalma teu
sato, bakal pinuh deui ku sampalan-sampalan
paranti ngencarkeun domba.
13 Di kota-kota pagunungan, di kota-kota
suku gunung, di pakidulan tanah Yuda,
di tanah bilangan Binyamin, di desa-desa
sakurilingeun Yerusalem, jeung di kota-kota
satanah Yuda, pangangon-pangangon bakal
marilang deui domba, ingon-ingon akuanana.
Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

14 Timbalan PANGERAN, "Tangtu cunduk
kana waktu, Kami ngabuktikeun jangji ka
urang Israil jeung urang Yuda.
15 Harita Kami baris ngangkat hiji jalma anu
ibadah, turunan Daud, dijenengkeun Raja.
Ngarajaanana di sakuliah ieu tanah, bakal
ngajalankeun anu sabenerna, luyu sakumaha
kuduna.
16 Urang Yuda jeung urang Yerusalem bakal
disalametkeun, hirup dina kasenangan. Ari
pingaraneun kotana: PANGERAN Kasalametan
Urang.
17 Kami PANGERAN, jangji: ti turunan Daud
salawasna aya nu bakal jadi raja di Israil,
18 ari ti kaom Lewi salawasna bakal aya
nu jaradi imam, anu bakal ngalalayanan
Kami, ngurus kurban-kurban beuleuman,
kurban-kurban gandum, jeung kurban-kurban
peuncitan."
19 Timbalan PANGERAN ka sim kuring,
20 "Kami geus nyieun hiji perjangjian pikeun
nangtukeun beurang jeung peuting, sangkan
boh beurang boh peuting daratangna cocog
dina waktu giliranana, supaya eta perjangjian
ulah nepi ka teu ditetepan.
21 Sarua keneh maksudna jeung eta, Kami
geus nyieun hiji perjangjian pikeun abdi Kami
Daud, yen ti turunanana salawasna bakal aya
saurang anu jadi raja. Kitu deui ka kaom
Lewi, Kami nyieun perjangjian yen nu bakal

jaradi imam purah ngabakti ka Kami teh ti kaomna. Eta perjangjian moal pegat.
22 Turunan abdi Kami, Daud, jeung turunan imam-imam kaom Lewi, rek sina loba kabina-bina, ibarat bentang-bentang di langit atawa keusik di basisir, pamohalan bisa kaitung."
23 Timbalan PANGERAN ka kaula,
24 "Maneh terang kumaha omong jalma-jalma hal Israil jeung Yuda? Ceuk maranehna, eta dua sadulur teh geus ditoker ku Kami. Eta umat Kami ku maranehna kacida direndahkeunana, geus teu dianggap bangsa.
25 Tapi Kami, PANGERAN, geus nyieun hiji perjangjian ngeunaan beurang jeung peuting, jeung hukum-hukum anu ngatur bumi jeung langit.
26 Sakumaha pastina eta perjangjian Kami, nya kitu pisan Kami baris miara perjangjian ngeunaan anak incu Yakub jeung anak incu abdi Kami, Daud. Kami rek ngangkat hiji turunan Daud, anu bakal ngatur turunan Ibrahim, turunan Ishak, jeung turunan Yakub. Kami seja mikawelas deui ka umat Kami, sina mukti sarenang deui."
34 1 PANGERAN nimbalan ka kaula. Harita Yerusalem jeung kota-kotana anu dareukeut keur ditempuh ku Raja Nebukadnesar jeung baladna ti Babul, dibantu ku pasukan-pasukan bangsa-bangsa jeung seler-seler bangsa patalukanana.

2 PANGERAN, Allah Israil, miwarang kaula
ka Raja Sidkia raja Yuda, ngunjukkeun
pangandika-Na, kieu, "Kami PANGERAN,
rek nyelehkeun ieu kota ka raja Babul, sina
dihuru.
3 Maneh moal bisa luput, tangtu ditangkep
tuluy diselehkeun, bakal paadu beungeut
paadu lemek jeung manehna, tuluy diboyong
ka Babul.
4 Sidkia, regepkeun ieu pangandika Kami
ngeunaan diri maneh. Maneh moal paeh ku
lantaran perang.
5 Bakal paeh teh dina waktu anu rineh,
tur dikuburkeunana ge dikukusan, moal
beda ti karuhun-karuhun maneh anu jaradi
raja samemeh maneh, dikuburkeunana
dikukusan ku rahayat. Maneh oge bakal
dicaleungceurikan ku rahayat, dipidangdam,
Raja urang pupus! Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
6 Seug eta timbalan teh ku kaula diunjukkeun
ka Raja Sidkia di Yerusalem.
7 Harita eta kota teh keur digempur ku balad
raja Babul. Eta pasukan ngagempur oge kota
Lakis jeung Aseka, dua kota benteng anu aya
keneh di tanah Yuda.
8 Raja Sidkia jeung urang Yerusalem tadina
geus rempug baris ngamerdekakeun
9 bangsa Ibrani anu jaradi abid maranehna,
boh nu lalaki boh nu awewe, supaya saurang

ge ulah aya urang Israil anu boga jalma beulian sasama bangsana.
10 Boh rahayat boh para pamingpin, kabeh geus satuju ngamerdekakeun para abid moal aya anu dijadikeun abid deui. Tuluy abid-abid teh dimerdekakeun.
11 Tapi ahir-ahir pikiranana rarobah, abid-abid teh dicarokot deui, dipaksa kudu ngawula deui.
12 Ku sabab kitu PANGERAN,
13 Allah Israil, nimbalan ka kaula kudu ngomong kieu ka maranehna, "Bareto Kami nyieun perjangjian ka karuhun maraneh, basa dijait ti Mesir, jeung dimerdekakeun tina kerja paksa. Maranehna ku Kami diparentah,
14 yen unggal-unggal tujuh taun kudu ngamerdekakeun abid bangsa Ibrani anu ngawulana geus genep taun. Tapi eta parentah ku karuhun maraneh teu dipirosea, timbalan Kami teu ditarurut.
15 Ari maraneh, kakara oge genep poe ka tukang baroga niat jeung kalakuan anu nyenangkeun Kami. Nya eta, kabeh akur rek ngamerdekakeun sasama bangsa Israil, malah make jangji di payuneun Kami di Bait Allah, di gedong paragi babakti ka Kami.
16 Kari-kari kabeh rarobah deui pikiran. Abid-abid anu geus ngarasa garenah pikiranana dumeh anu dicileukna geus tinekanan, ku maraneh dicokot deui, dipaksa kudu ngawula deui.

17 Ku sabab eta, Kami, PANGERAN arek
tandes: Maraneh teu narurut ka Kami.
Maraneh teu jadi ngamerdekakeun sasama
bangsa Israil. Hade kitu oge, heug, maraneh
ku Kami rek dimerdekakeun: merdeka milih
pipaeheun ku perang, ku pagebug, atawa ku
kalaparan. Unggal bangsa sina gimir ku peta
Kami ka maraneh.
18 (34:18-19) Para ponggawa Yuda jeung
Yerusalem, bareng jeung para ponggawa
karaton, para imam jeung para pamingpin,
geus motong sapi jalu, awakna dibeulah dua,
diteundeun pagigir-gigir, tuluy maranehna
laleumpang di antara eta dua beubeulahan
awak sapi, tanda yen geus ikrar jangji
ka Kami. Kari-kari eta jangji dilanggar,
sarat-saratna teu dihargaan. Ku sabab kitu
maranehna ku Kami rek dijieun kawas eta
sapi.
19 (34:18)
20 Rek diselehkeun ka musuhna, baris tuluy
diparaehan, mayit-mayitna bakal diharakanan
ku manuk jeung ku sato-sato galak.
21 Sidkia, raja Yuda, jeung para ponggawana,
eta oge rek diselehkeun ka balad Babul, anu
geus ngeureunan perangna.
22 Eta ku Kami rek dititah baralik deui
ka dieu, sina narajang deui ieu kota,
sina dirampas tuluy dihuru rata jeung
taneuh. Kota-kota tanah Yuda ku Kami
rek disuwungkeun sina jadi gurun keusik,

moal aya nu nyicingan. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
35 [1] Waktu Yoyakim putra Yosia jadi raja
di nagara Yuda, PANGERAN nimbalan
ka kaula,
[2] "Tepungan anak incu Rekab, ajak ngomong.
Bawa ka Bait Allah, asupkeun ka salah sahiji
kamar, tuluy suguhan anggur."
[3] Seug saanak incu Rekab, nya eta:
Yaasanya anak Yermia bin Habasinya
jeung dulur-dulurna katut anak-anakna
masing-masing
[4] ku kaula diajak ka Bait Allah, dibawa
asup ka kamar murid-murid Nabi Hanan
bin Yigdalya, pernahna luhureun kamar
Maaseya bin Salum, hiji ponggawa penting
di Bait Allah, deukeut ka kamar-kamar para
ponggawa sejenna.
[5] Kaula natakeun gelas jeung anggurna dina
hiji wadah. "Mangga ngaraleueut," ceuk kaula
ka maranehna.
[6] Ari jawabna, "Kaula sadaya tara nginum
anggur. Karuhun kaula sadaya, Yonadab bin
Rekab, ngalarang yen kaula sadaya nya kitu
deui turunan, teu kenging nginum anggur.
[7] Kajabi ti kitu anjeunna ngalarang, yen kaula
sadaya teu kenging ngadamel rorompok,
teu kenging pepelakan, teu kenging ngebon
anggur atanapi meser kebon anggur.
Anjeunna miwarang supaya kaula sadaya

caricing di kemah bae, supados kenging cicing di ieu nagri, hirup sapertos urang asing.
8 Sagala rupi amanat Yonadab ku kaula sadaya ditumutkeun. Kaula sadaya saanak rabi, nu lalaki, nu awewe, tara pisan nginum anggur,
9 (35:9-10) tara nyieun rorompok keur imah-imah, cicing mung di kemah, teu gaduh kebon anggur, teu gaduh lahan, tara melak gandum, tumut kana amanat Yonadab.
10 (35:9)
11 Mung waktos Raja Nebukadnesar nempuh ieu kota, kaula sadaya ngungsi ka Yerusalem, nyingkiran balad Babul sareng balad urang Siria. Kitu margina dina waktos ieu aya di Yerusalem."
12 (35:12-13) Geus kitu PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, nimbalan ka kaula, miwarang nepungan urang Yuda jeung urang Yerusalem, nepikeun timbalan kieu, "Kami, PANGERAN, rek nanya. Naha ku naon maraneh teu daraek ngadenge, teu narurut kana parentah Kami?
13 (35:12)
14 Anak incu Yonadab mah narurut kana larangan teh, ceuk karuhunna teu meunang ngarinum anggur, nepi ka kiwari tara ngarinum anggur. Ari maraneh, sakitu geus sering ku Kami digeuing teu narurut bae.
15 Teterusan ku Kami dibere nabi, abdi-abdi Kami anu ngelingan sangkan maraneh eureun

tina lampah goreng, sangkan hade kalakuan. Ceuk nabi-nabi ulah muja ulah nyembah ka allah-allah sejen, sangkan bisa tetep tumetep di tanah paparin ti Kami ka karuhun maraneh jeung ka maraneh, maraneh tetep bae teu narurut ka Kami, henteu malire.
16 Anak incu Yonadab narurut kana parentah karuhunna, ari maraneh mah ka Kami henteu narurut.
17 Ku sabab kitu, maraneh urang Yuda jeung urang Yerusalem, rek digebruskeun kana rupa-rupa kacilakaan anu ku Kami geus didawuhkeun tea. Pangna Kami kitu teh lantaran maraneh keneh, digeuing teu daek eling, disaur teu ngagarugu."
18 Ti dinya kaula ngomong ka anak incu Rekab, yen PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil ngandika kieu, "Maraneh satia kana amanat Yonadab karuhun maraneh. Sagala cegahanana ditarurut, sagala parentahna digumatikeun.
19 Ku sabab kitu, Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil jangji: Ti turunan Yonadab bin Rekab anu lalaki salawasna bakal aya anu ngalaladenan Kami."
36 1 Dina taun kaopat Yoyakim putra Yosia jadina raja di nagri Yuda, PANGERAN nimbalan ka kaula,
2 "Sakur anu ku Kami geus diandikakeun ka maneh tina hal urang Israil, urang Yuda jeung bangsa-bangsa, tuliskeun. Kabeh, ti barang

Kami mimiti ngandika ka maneh, ti jaman
Raja Yosia nepi ka ayeuna.
3 Ari ngadarenge yen bakal aya rupa-
rupa picilakaeun mah ti Kami, sugan
daraekeun urang Yuda teh babalik pikir,
ngeureunan kagorenganana. Kami tangtu
daek ngahampura sagala kajahatan jeung
dosa-dosana."
4 Ti dinya kaula nyalukan Baruk bin Neria.
Sagala timbalan PANGERAN tea ku kaula
didiktekeun. Ku Baruk dituliskeun dina kitab
gulung.
5 Sanggeus anggeus, kieu ceuk kaula ka
Baruk, "Bapa geus teu meunang asup ka Bait
Allah.
6 Ku sabab eta engke dina waktu puasa
hidep ka ditu. Pangmacakeun ieu kitab ka
jalma rea sing tarik, sina kadarengeeun
timbalan-timbalan PANGERAN anu ku Bapa
didiktekeun ka hidep tea. Bacakeun ka saha
bae, oge ka urang Yuda anu daratang ti
kotana masing-masing.
7 Ari nyarahoeun yen PANGERAN sakitu
bendu-Na nepi ka ngancam sakitu bangetna
mah, sugan maranehna daraekeun sasambat
ka Mantenna."
8 Seug eta pangandika-pangandika
PANGERAN teh ku Baruk dibaca di Bait Allah,
sakumaha pamenta kaula.
9 Dina bulan kasalapan, taun kalima Yoyakim
jadi raja Yuda, urang Israil paruasa ngalap

kurnia PANGERAN. Urang Yerusalem kitu deui urang Yuda anu daratang ka ibukota ti kotana masing-masing, kabeh paruasa.
10 Sanggeus jalma rea kumpul, Baruk maca kitab pangandika anu beunang ngadiktekeun tea. Dibacana di Bait Allah di kamar Gemarya bin Sapan, anu jadi jurutulis di dinya. Kamarna pernahna di bagian girang Bait Allah, deukeut lawang asup anu disebut Gapura Anyar.
11 Aya hiji jelema ngaranna Mikaya bin Gemarya incu Sapan. Sanggeus ngadenge eta pangandika-pangandika dibaca ku Baruk,
12 tuluy indit ka karaton raja. Sup asup ka kamar jurutulis karaton, nepungan para ponggawa anu keur sidang, nya eta Elisama jurutulis karaton, Elnatan bin Akbor, Gemarya bin Sapan, Sidkia bin Hananya, jeung para ponggawa sejenna.
13 Di dinya pangandika-pangandika anu ku Baruk dibacakeun ka jalma rea teh ku manehna dicaritakeun deui kabeh.
14 Geus kitu para pajabat ngutus Yehudi bin Netanya, incu Selemya bin Kusi sina ngala Baruk jeung kitab pangandika anu dibacakeun ka jalma rea tea. Baruk datang mawa eta kitab.
15 "Pek diuk," ceuk para pajabat, "cik baca deui eta kitab teh." Seug ku Baruk dibaca.
16 Sanggeus anggeus, para pajabat teh kacida palaureunana, seug silih teuteup.

"Ieu hal kudu diunjukkeun ka raja," ceuk
maranehna ka Baruk,
17 bari tuluy naranya, "Coba caritakeun,
kumaha asalna maneh nulis kitu? Dititah ku
Yermia?"
18 Jawab Baruk, "Leres. Tiap pangandika,
Yermia anu ngadikte, kaula anu nyeratna dina
ieu kitab ku mangsi."
19 "Maneh jeung Yermia kudu nyumput
masing buni," ceuk para pajabat ka Baruk,
"kade ulah nepi ka kapanggih."
20 Geus kitu para pajabat arindit ka karaton,
ngunjukkeun eta perkara. Ari kitab tea
ditunda heula di kamar Elisama jurutulis.
21 Raja miwarang Yehudi nyokot eta
kitab, tuluy dicokot ti kamar Elisama, seug
dibacakeun ka raja jeung ka para mantri anu
keur ngadareuheus.
22 Sang raja calikna di karaton paranti usum
tiris, mayunan seuneu, kawantu keur usum
tiris.
23 Ana Yehudi macana geus tilu atawa opat
kolom, anu geus dibaca teh ku raja dikeureut
ku peso leutik, tuluy dialung-alungkeun kana
seuneu. Kitu jeung kitu bae, nepi ka kitab
beak sagulunganana.
24 Boh raja boh para pajabat, ngadenge eusi
eta kitab teh sama sakali teu ngarasa sieun
atawa nembongkeun rasa kaduhung.

25 Diemutan oge ku Elnatan, ku Delaya jeung
ku Gemarya sangkan eta kitab ulah diduruk,
raja teu kersa ngadangu.
26 Raja tuluy nimbalan ka Yerahmel, putra
raja ka Seraya bin Asriel jeung ka Selemya
bin Abdel, miwarang nangkep kaula jeung
Baruk anu jadi jurutulis kaula. Tapi kaula
duaan disumputkeun ku PANGERAN.
27 Sanggeus Raja Yoyakim ngaduruk
kitab anu ku kaula didiktekeun ka Baruk,
PANGERAN nimbalan ka kaula.
28 Timbalana-Na, pangandika-pangandika-
Na anu ditulis dina kitab anu ti heula, kabeh
kudu ditulis deui.
29 Geus kitu Mantenna miwarang kaula
nepikeun pangandika ieu ka raja, "Maneh
geus ngaduruk eta kitab, tuluy mariksa
naon sababna Yermia nulis yen raja Babul
bakal datang narajang ieu tanah, numpes
pangeusina, nya jalma nya sato.
30 Ku sabab kitu ayeuna Kami ngandika ka
maneh, eh Raja Yoyakim! Turunan maneh
moal aya anu jadi raja di karajaan Daud.
Bangke maneh bakal dialungkeun sina
ngajolopong, ti beurang kapanasan, ti peuting
katiisan.
31 Maneh rek dihukum ku Kami, oge turunan
maneh jeung para ponggawa, sabab geus
nyieun kadorakaan. Nya maneh, nya urang
Yerusalem, nya urang Yuda, euweuh anu
daek malire kana panggeuing Kami. Ku

sabab kitu, sagala rupa bahla anu ku Kami
geus diancamkeun tea tangtu narajang ka
maraneh."
32 Geus kitu kaula nyokot deui keretas
sagulung, dipasrahkeun ka Baruk jurutulis
kaula. Tuluy manehna nuliskeun sagala rupa
anu ku kaula diucapkeun. Eusina sarua jeung
nu ti heula, nya eta pangandika-pangandika
anu geus didiktekeun ti heula ka manehna.
37 1 Nebukadnesar, raja Babul, ngangkat
Sidkia putra Yosia jadi raja Yuda,
ngaganti Yoyakin putra Yoyakim.
2 Tapi Sidkia henteu tumut kana timbalan
PANGERAN anu diandikakeun ka kaula, kitu
deui para pajabat jeung rahayatna.
3 Dina hiji waktu aya piwarangan Raja
Sidkia ka kaula, nya eta Yukal bin Selemya
jeung Imam Sepanya bin Maaseya, mundut
dipangnedakeun ka PANGERAN, pikeun
kapentingan bangsa.
4 Harita mah kaula can dipanjara, bebas
keneh ka mana-mana di tengah jalma rea.
5 Ari balad Babul anu keur ngepung
Yerusalem harita mundur, sabab meunang
beja yen balad Mesir geus budal, sarta geus
meuntasan tapel wates Mesir.
6 Ti dinya PANGERAN, Allah Israil nimbalan
ka kaula
7 pikeun Sidkia. Timbalana-Na, "Balad Mesir
anu geus satengah jalan arek ngabantu
maneh, bakal baralik deui ka nagrina.

8 Ari balad Babul bakal daratang narajang
deui. Ibukota bakal karebut terus dihuru.
9 Kami, PANGERAN mere nyaho. Maraneh
ulah ngabobodo diri sorangan, boga pikir
urang Babul moal narajang deui. Sabab
tangtu eta teh narajang deui.
10 Malah-malah najan upama balad Babul
tea eleh ku maraneh, datang ka anu kari teh
ngan tinggal anu raraheut parna tinggaloler
sakemahna-sakemahna, eta anu raraheut
parna teh tangtu tingkorejat deui, tuluy
ngahuru ieu kota nepi ka rata jeung taneuh."
11 Ku sabab balad Babul geus undur ti
Yerusalem nyingkiran balad Mesir anu keur
datang,
12 kaula indit ti Yerusalem ka daerah
Binyamin, arek nyokot warisan bagian kaula
ti kulawarga.
13 Barang nepi ka Gapura Binyamin, kaula
ditahan ku kapala jaga di dinya, ngaranna
Yeria bin Selemya, incuna Hananya. Carekna,
"Maneh rek belot ka urang Babul, hah!"
14 Ceuk kaula, "Paliyas teuing! Bapa lain
rek ngejat ka ditu!" Tapi Yeria embungeun
ngadenge, malah terus nyerek, tuluy kaula
dibawa ka para pajabat.
15 Para pajabat kacida arambekeunana, tuluy
nitah supaya kaula disiksa, geus kitu kaula
dikerem di imah jurutulis anu ngaran Yonatan,
anu imahna geus dijadikeun panjara.

16 Di dinya kaula diteundeun di kamar leutik
di jero taneuh, kacida lilana.
17 Dina hiji waktu diala ka karaton ku Raja
Sidkia, dipariksa ririkipan, saurna, "Kumaha,
aya pangandika ti PANGERAN?" "Aya," jawab
kaula, "Sang Raja bakal diselehkeun ka raja
Babul."
18 Kaula unjukan deui, "Naon dosa abdi ka
Sang Raja, atanapi ka para pajabat, atanapi
ka rahayat, dugi ka dipanjara?
19 Kumaha nasibna nabi-nabi Sang Raja,
anu nyebatkeun raja Babul moal narajang ka
Sang Raja sareng ka ieu nagri?
20 Gusti Sang Raja, abdi nyanggakeun
panuhun, mugi kersa ngadangukeun sareng
ngabulkeun. Abdi ulah diwangsulkeun deui
ka jero panjara di rorompok Yonatan, margi
tinangtos abdi teh maot di dinya."
21 Raja Sidkia nimbalan supaya kaula ditahan
di buruan karaton bae. Di dinya saban poe
sok dianteuran roti sasiki ti tukangna. Tapi
lila-lila mah di kota teh geus teu aya deui
dahareun.
38 1 Aya opat pajabat, nya eta Sepaca bin
Matan, Gedalya bin Pashur, Yukal bin
Selemya, jeung Pashur bin Malkia. Maranehna
ngadarenge ucapan kaula ka jalma rea,
2 yen PANGERAN ngandika kieu, "Sing saha
anu rek tetep bae di jero kota tangtu paeh,
mun teu ku perang, ku kalaparan, atawa ku
pagebug. Anu kaluar masrahkeun maneh ka

urang Babul moal dipaehan, paling apesna hirup mah geus tangtu."
3 Jeung ceuk kaula, PANGERAN ngalahir kieu, "Ieu ibukota tangtu karebut ku urang Babul, sabab ku Kami rek diselehkeun."
4 Eta opat pajabat ngadareuheus ka raja, ngalaporkeun kaula, pokna, "Eta jalmi kedah dipaehan, margi ucap-ucapanana matak leutik hate perjurit, matak rentag ka jalma rea nu araya keneh di kota. Sanes upaya keur pisalameteun rahayat, malah bade nyilakakeun."
5 Waler Raja Sidkia, "Pek rek dikukumaha ge kumaha maraneh, kami teu bisa ngahalang-halang."
6 Ku sabab kitu kaula ku maranehna diasupkeun ka jero sumur, diulur ku tambang. Eta sumur kagungan Malkia, putra raja, geus teu aya caian tapi pinuh ku leutak. Kaula tipetek di dinya.
7 Kadenge bejana ka Ebed Melek, urang Sudan anu digawekeun di karaton raja, yen kaula ku eta opat pajabat diasupkeun ka jero sumur. Raja harita keur aya di Gapura Binyamin.
8 Ebed Melek datang ka dinya, tuluy unjukan ka raja, pokna,
9 "Nun Sang Raja, eta juragan-juragan teh lepat, ngalebetkeun Yermia ka jero sumur, tangtos anjeunna maot langlayeuseun, margi di kota parantos teu aya tedaeun."

10 Raja nimbalan supaya Ebed Melek mawa
batur tiluan, saurna kaula kudu buru-buru
dihanjatkeun bisi kaburu paeh.
11 Los Ebed Melek sabaturna arasup ka
gudang karaton nyokot bubututan, tuluy
diulurkeun ka kaula ku tambang.
12 Eta bubututan carekna kudu dikepit
ku kaula dina kelek, supaya ari ditarik ka
luhur kaula ulah nepi ka raheut. Ku kaula
diturutkeun.
13 Tuluy kaula ditarik kaluar ti jero sumur,
sarta saterusna kaula ditahan di buruan
karaton.
14 Dina hiji waktu deui kaula ku Raja Sidkia
dicandak ka lawang paranti asup ka Bait
Allah, lawang anu katilu. Kieu saurna di dinya,
"Kula aya tanyakeuneun ka Bapa, jeung
menta dijawab satarabasna."
15 Piunjuk kaula, "Nanging upami
diunjukkeun satarabasna, tangtos abdi
tiwas ku Sang Raja. Sareng upami abdi
nyanggakeun nasehat, tangtos abdi moal
dipalire."
16 Ti dinya Raja Sidkia maparin jangji, tapi
lalaunan, saurna, "Kula sumpah demi Allah
anu jumeneng, anu maparin hirup ka urang,
hamo kula nyelehkeun Bapa ka jalma-jalma
anu harayangeun maehan."
17 Seug ku kaula diunjukkeun yen kieu
timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah
Israil, "Lamun maneh daek masrahkeun

diri ka perwira-perwira balad Babul, tangtu
salamet moal dipaehan, jeung ieu kota moal
nepi ka dihuru. Maneh sakulawarga bakal
salamet.
18 Tapi lamun embung taluk, ieu kota tangtu
beunang ku urang Babul tuluy dihuru, sarta
maneh moal bisa ngejat."
19 Saur raja, "Kula sieun ku bangsa urang
anu geus ti hareula belot ka urang Babul,
sieun diselehkeun ka maranehna, meureun
kula dipergasa."
20 Piunjuk kaula, "Moal dugi ka kitu. Panuhun
pisan, mugi Sang Raja tumut kana kersa
PANGERAN, tangtos sae pijadieunana.
21 Abdi parantos kenging titingalan ti
PANGERAN, kumaha pijadieunana upami
Sang Raja teu kersa taluk.
22 Dina eta titingalan sadaya wanita anu
araya keneh di karaton raja Yuda digiring
ka para perwira raja Babul. Bari laleumpang
eta wanita-wanita teh nyaranggem kieu:
Sang raja kaperdaya ku mitra-mitrana,
eleh ku pangaruh maranehna. Sanggeus
sampeanana tibebes kana leutak, leos pada
naringgalkeun."
23 Piunjuk kaula deui, "Garwa-garwa Sang
Raja sadayana, kitu deui putra-putra, bakal
digiring ka urang Babul. Raja ku anjeun moal
iasa ngejat. Sang Raja bakal ditawan ku raja
Babul, sareng ieu kota tangtos dihuru dugi ka
rata sareng taneuh."

24 Raja nimbalan, "Ieu paguneman urang,
kade kabuka ku batur, bisi Bapa cilaka.
25 Lamun para pajabat nangenan yen kula
geus gunem catur jeung Bapa, tangtu Bapa
dipariksa bari dijangjian yen moal dipaehan,
asal terus terang tas ngomongkeun naon
jeung raja.
26 Sebutkeun bae tas nyanggakeun panuhun
supaya henteu diasupkeun deui ka panjara di
imah Yonatan, sieun paeh di dinya."
27 Enya bae para pajabat teh daratang
papariksa ka kaula. Ku kaula dijawab
sakumaha anu dipesenkeun ku raja.
Maranehna henteu barisaeun naon-naon,
lantaran perkarana teu sidik.
28 Ari kaula tetep keneh ditahan di buruan
karaton, nepi ka Yerusalem ragrag ka musuh.
39 1 Dina bulan kasapuluh, taun kasalapan
Sidkia ngarajaan nagri Yuda, Raja
Nebukadnesar ti Babul datang mawa balad
narajang Yerusalem.
2 Dina tanggal salapan bulan kaopat taun
kasabelas pamarentahan Raja Sidkia, kuta
Yerusalem geus bobol,
3 (Sanggeus Yerusalem direbut, sakabeh
pajabat luhur raja Babul, kaasup Nergal
Sareser, Samgar Nebu, Sarsekim, Nergal
Sareser saurang deui, jeung nu sejen-sejenna
daratang, sarta ngandih tempat-tempat di
bagian Gapura Tengah.)

4 Ningali kaayaan geus kitu, peutingna Raja
Sidkia jeung pasukan pangawalna nyoba-
nyoba lolos ti jero kota. Jalanna norobos ka
kebon raja, terus mapay lolongkrang anu
dihapit ku dua jajar tembok kuta, kebat
ngabujeng ka Lebak Walungan Yordan.
5 Tapi diudag ku balad Babul, seug kacerek
di tanah lapang deukeut Yeriho. Sidkia
dibawa ka kota Ribla di wilayah Hamat, ka
Raja Nebukadnesar. Ku Raja Nebukadnesar
diragragan hukuman.
6 Putra-putrana anu pameget kabeh
dipareuncit di Ribla, di payuneun socana
pisan. Para pajabat Yuda ge teu aya anu
luput, kabeh dipareuncit.
7 Ari Raja Sidkia dicokel socana, geus kitu
dirante baris diboyong ka Babul.
8 Sajeroning kitu, karaton raja jeung
imah-imah rahayat dihuru ku serdadu-
serdadu Babul, kuta-kuta Yerusalem
direbah-rebahkeun.
9 Rahayat anu araya keneh di kota ditawan
ku Nebusaradan anu jadi kapala pasukan,
dihijikeun jeung jalma-jalma anu geus taraluk
ti heula, tuluy diboyong ka Babul.
10 Anu disesakeun ngan jalma-jalma anu
pangmalaratna, anu henteu boga naon-naon.
Eta mah malah ditinggalan kebon anggur
jeung dibere lahan.
11 Aya timbalan Raja Nebukadnesar ka
Nebusaradan kapala pasukan. Timbalanana,

12 "Teang Yermia, cokot. Poma ulah
diganggu, naon pamentana tedunan."
13 Nebusaradan indit, dibarengan ku
pangagung, nya eta Nebusasban jeung Nergal
Sareser, katut perwira-perwira Babul.
14 Sim kuring dikaluarkeun ti jero tahanan di
buruan karaton, tuluy dititipkeun ka Gedalya
bin Ahikam incu Sapan, anu diparentah
nguruskeun kaula supaya bisa balik kalawan
salamet. Ku sabab eta kaula bisa deui hirup
babarengan jeung jalma rea.
15 Sajeroning kaula dipanjara keneh di
palataran karaton, ku PANGERAN dipiwarang
16 mere terang ka Ebed Melek, urang Sudan,
yen Allah Israil, PANGERAN Nu Maha Kawasa,
geus ngandika kieu, "Sakumaha anu ku Kami
bareto geus disebutkeun, ieu kota ku Kami
rek diancurkeun, lain rek dimakmurkeun. Hal
eta kajadianana bakal katenjo ku maneh di
dieu.
17 Tapi maneh mah bakal ditangtayungan ku
Kami, PANGERAN, moal nepi ka beunang ku
urang Babul anu ku maneh dipikasieun.
18 Maneh mah ku sabab ngandel ka Kami.
Tangtu ku Kami disalametkeun, tangtu hirup
sarta luput ti nu rek maehan. Kitu timbalan
Kami, PANGERAN."
40 1 Sanggeus kaula dikaluarkeun ku
Nebusaradan tina tahanan di Ramah,
PANGERAN nimbalan. Barang mimiti mah
kaula oge dirante, cara urang Yerusalem

jeung urang Yuda anu keur diakut ka Babul
jaradi tawanan.
2 Geus kitu kaula dipisahkeun ka sisi ku
kapala pasukan, sarta manehna ngomong
kieu ka kaula, "Ieu nagri kapungkur diancam
bade dibasmi ku PANGERAN, Allah panutan
Bapa.
3 Eta ancaman ayeuna parantos bukti,
lantaran bangsa Bapa boga dosa ka
PANGERAN, teu narurut ka Anjeunna.
4 Bapa ayeuna bebas, eta rante urang buka
tina panangan. Bilih Bapa bade ngiring ka
Babul mangga, tangtos diperyogikeun. Kajabi
ari teu kersa nya sawios bade ka mana oge.
Di ieu tanah Bapa laluasa milih bade linggih
di mana."
5 Ku sabab kaula teu ngajawab, Nebusaradan
ngomong deui, "Saena Bapa mulih teh ka
Gedalya bin Ahikam, putu Sapan. Anjeunna
ku raja Babul parantos diangkat jadi gupernur
di tanah Yuda. Nanging eta mah kumaha
kersa, naha bade di anjeunna sareng urang
dinya, naha bade di mana." Kitu carekna bari
sok mere pisangueun, tuluy ngajurung laku.
6 Bral kaula indit ka Mispa, ka bumi Gedalya,
rek ngahiji jeung rahayat anu araya keneh di
nagri Yuda.
7 Aya sababaraha urang perwira urang Yuda
katut perjurit-perjuritna anu henteu taraluk
ka urang Babul. Mareunang beja yen Gedalya
ku raja Babul diangkat jadi gupernur, ngurus

rahayat anu teu diboyong ka Babul, rahayat
anu pangmalaratna di eta tanah.
8 Seug daratang katut perjurit-perjuritna
ka Gedalya, di Mispa: Ismail bin Netanya,
Yohanan bin Kareah, Seraya bin Tanhumet,
anak-anak Epai urang Netopa, jeung Yesanya
urang Maaka.
9 Ari saur Gedalya ka maranehna, "Tong
asa-asa tunduk ka urang Babul, ku Bapa
ditanggung. Sing jarongjon hirup di ieu nagri
bari kumawula ka raja Babul, tangtu jamuga.
10 Ari Bapa mah tetep di dieu di Mispa,
ngawakilan aranjeun ari urang Babul
ka darieu. Kawajiban aranjeun nya
eta ngumpulkeun anggur, bubuahan,
jeung minyak jetun. Pek sing jarongjon
sadesana-sadesana."
11 Beja yen raja Babul ngidinan sabagian
urang Israil caricing di tanah Yuda, tur
geus ngangkat Gedalya jadi gupernurna,
kadarenge ku urang Israil anu bacacar di
tanah Moab, tanah Amon, tanah Edom, jeung
di tempat sejenna.
12 Seug maranehna marulang ka tanah Yuda,
ninggalkeun tempat masing-masing, tuluy
daratang ka Gedalya di Mispa. Maranehna
oge dibere kawajiban ngumpulkeun anggur
jeung bubuahan masing loba.
13 Yohanan jeung kapala-kapala perjurit anu
henteu taraluk, daratang ka Mispa nepungan
Gedalya.

14 Tuluy arunjukan, pokna, "Kumaha Bapa
parantos uninga? Bapa nuju diarah bade
ditelasan ku Ismail, dititah ku Raja Baalis, raja
urang Amon." Tapi Gedalya teu percayaeun.
15 Seug Yohanan unjukan rerencepan pokna,
"Idinan abdi, Ismail urang paehan. Ditanggel
moal aya nu terangeun. Bapa ulah ngantep
salira, nu hasud ulah diantep. Bilih urang
Yahudi anu araya di Bapa pabalencar, tangtos
matak bahla ka sadayana anu araya keneh di
Yuda."
16 Ari waler Gedalya, "Ulah! Bapa teu percaya
Ismail kitu!"
41 1 Dina bulan katujuh taun eta keneh,
Ismail bin Netanya incu Elisama, salah
saurang perwira luhur karajaan tur wargi
raja keneh, natamu ka Gedalya. Sabot keur
bareng dalahar,
2 Ismail sabatur-baturna nyarabut pedang,
tuluy narajang ka Gedalya. Gedalya maot.
3 Malah urang Israil anu reureujeungan
jeung Gedalya di Mispa, kitu deui sawatara
serdadu Babul anu keur araya di dinya, eta
oge dipaehan kabeh.
4 Isukna, memeh maotna Gedalya
kanyahoan,
5 aya aleutan jelema ti Sekem, Silo jeung
Samaria, dalapan puluh urang. Janggotna
beunang nyukuran, papakeanana beunang
nyosoeh, sarta awakna beunang nurihan

maneh. Marawa bahan pikurbaneun, gandum jeung dupa, baktikeuneun di Bait Allah.
6 Ismail mapagkeun ti Mispa bari ceurik sajajalan. Sanggeus tepung, pok manehna ngomong, "Sae urang ngalayad ka Gedalya."
7 Barang eta jalma-jalma narepi ka jero kota, ku Ismail jeung babaturanana ditarajang, dipaehan, mayitna dialung-alungkeun ka jero sumur.
8 Aya sapuluh urang anu henteu kungsi dipaehan, lantaran melas-melis ka Ismail pokna, "Kuring ulah dipaehan. Kuring boga pependeman, diruang di kebon, aya tarigu, aya gandum, minyak jetun, jeung madu."
9 Sumur anu dipake ngunclung-ngunclungkeun mayit teh gede, beunang ngadamel Raja Asa, basa keur ditempuh ku Raja Baasa, raja Israil. Eta sumur ku Ismail dipinuhan ku mayit-mayit.
10 Ti dinya Ismail nangkepan putri-putri raja, kitu deui sakabeh jalma di Mispa, anu ku kapala pasukan Nebusaradan dipercayakeun ka Gedalya. Geus kitu bral Ismail indit mawa para tawanan, ngajugjug ka wewengkon tanah Amon.
11 Eta kajahatan Ismail geus katarima bejana ku Yohanan sabatur-batur, para kapala perjurit.
12 Tuluy Ismail diudag, kasusul deukeut hiji talaga di Gibon.

13 Barang para tawanan Ismail narenjoeun
ka pasukan Yohanan, kacida aratoheunana,
14 tuluy lalumpatan nyalampeurkeun.
15 Tapi Ismail jeung batur-baturna dalapan
urang bisa ngejat, tuluy kabur ka tanah
Amon.
16 Geus kitu para tawanan anu ku Ismail
dibawa ti Mispa sabada Gedalya tiwas, ku
Yohanan jeung ku kapala-kapala perjurit
diurus, nya eta serdadu-serdadu, wanita-
wanita, barudak jeung ponggawa-ponggawa
karaton.
17 (41:17-18) Tapi ku sabab Gedalya geus
tiwas ku Ismail, mangkaning Gedalya teh
beunang ngangkat raja Babul jadi gupernur di
dinya, maranehna jadi sarieuneun ku urang
Babul. Ku sabab kitu tuluy nyalingkir ti dinya,
kebat laleumpang nepi ka Kimham deukeut
Betlehem. Di dinya areureun heula, baris
terus ka Mesir, nyingkiran urang Babul.
18 (41:17)
42 1 Para kapala perjurit, Yohanan bin
Kareah, Asarya bin Hosaya jeung jalma
tea ti sagala lapisan, maranggihan kaula,
ngasongkeun pamenta, pokna,
2 "Abdi sadaya gaduh panuhun, mugi
Bapa kersa ngabulkeun. Nyuhunkeun
dipangnedakeun ka PANGERAN Allah urang.
Pangnedakeun ieu rahayat anu mung kantun
sakieu sesana, padahal kapungkur sakitu
seueurna, Bapa oge tingali.

3 Pangnedakeun pituduh ka PANGERAN,
abdi-abdi kedah kumaha, sareng kedah ka
mana."
4 "Heug," walon kaula, "pamenta aranjeun
ku Bapa urang unjukkeun ka PANGERAN Allah
urang. Kumaha pangandika-Na engke, ku
Bapa tangtu dibuka, moal aya nu disidem."
5 Carek maranehna, "PANGERAN ku
manten anu baris jadi saksi satuhu sareng
satemenna, upami abdi-abdi henteu tumut
kana pangandika PANGERAN Allah urang anu
katampi ku Bapa kanggo abdi-abdi.
6 Bade genah bade henteu, pangandika-Na
bade ditampi. Abdi-abdi sumeja tumut ka
PANGERAN Allah urang. Nu mawi ka Bapa
nyuhunkeun dipangnedakeun ka Mantenna
oge tangtos sagala pangersa-Na bade
ditumutkeun, supados jamuga."
7 Sapuluh poe ti harita, PANGERAN ngandika
ka kaula.
8 Seug Yohanan, para kapala perjurit jeung
jalma rea ku kaula disina kumpul.
9 Geus kitu ceuk kaula, "Bapa dipentaan
tulung ku aranjeun, mangnyuhunkeun
pituduh ka PANGERAN Allah Israil. Kieu
timbalana-Na,
10 Upama maraneh tetep maratuh di ieu
tanah, ku Kami maraneh baris diajegkeun,
moal diruntuhkeun; maraneh bakal tumuwuh
sarta ku Kami moal dirabut. Sabab Kami

ngarasa kacida hanjakalna geus nyilakakeun bangsa maraneh.
11 Geus, ulah sarieun ku raja Babul. Ku Kami maraneh rek disarengan, sangkan salamet tina kakawasaanana.
12 Kami anu sipat welas asih, rek ngersakeun sangkan raja Babul karunyaeun ka maraneh, ngidinan maraneh mulang ka nagri maraneh. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.
13 (42:13-15) Nu matak aranjeun anu araya keneh di tanah Yuda, ulah henteu narurut ka PANGERAN Allah aranjeun, yen kudu maratuh di tanah ieu. Sabab upama ceuk aranjeun, Mending ka Mesir, di ditu mah moal nenjo-nenjo deui perang atawa ngadenge sora tarompet nu nyalukan perang, jeung moal kalaparan, kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, Upama maraneh keukeuh arindit ka Mesir sarta maratuh di ditu,
14 (42:13)
15 (42:13)
16 perang anu ku maraneh dipikagimir teh tangtu ngudag ka ditu, bahla kalaparan anu ku maraneh dipikarisi tangtu ngaberik maraneh ka Mesir. Maraneh tangtu paraeh di Mesir.
17 Jadi saha anu keukeuh ka daritu tangtu paraeh, mun teu ku perang tangtu ku kalaparan atawa ku pagebug. Saurang ge moal aya anu hirup, moal barisa luput tina

bahla anu ku Kami rek didatangkeun ka dirina.
18 Kieu deui timbalan PANGERAN Allah Israil,
Sakumaha Kami geus ngabudalkeun amarah
jeung kajengkel ka urang Yerusalem, ka
maraneh oge upama keukeuh arindit bae
ka Mesir, amarah Kami tangtu budal. Nasib
maraneh bakal pikagilaeun batur, bakal pada
moyok, pada ngahina, sarta ngaran maraneh
bakal diparake sasapaan ku batur. Maraneh
moal nenjo-nenjo deui tanah ieu."
19 Ceuk kaula deui, "Aranjeun nu araya
keneh di Yuda ku PANGERAN geus dilarang
supaya ulah arindit ka Mesir. Ku sabab kitu
ayeuna Bapa ngelingan,
20 mun ka daritu teh salah kabina-bina,
matak tiwas. Aranjeun geus muntang ka Bapa
menta dipangnedakeun ka PANGERAN. Geus
jarangji rek nurut kana sagala timbalana-Na.
21 Geus cukup Bapa ngingetan, tapi aranjeun
teu narurut bae kana timbalan PANGERAN
Allah urang anu diandikakeun ka Bapa.
22 Ku sabab eta masing aringet: Aranjeun
tangtu tumpur di ditu, di nagri anu ku
aranjeun dipicangcam. Lamun teu tumpur ku
perang tangtu tumpur ku pagebug atawa ku
kalaparan."
43 1 Geus anggeus kaula nyarita ka
jalma-jalma, nepikeun sagala pesen
PANGERAN Allahna anu ku kaula kudu
ditepikeun ka maranehna.

2 Ti dinya Asarya bin Hosaya, ku Yohanan
bin Kareah, jeung ku jelema-jelema anu
sarombong, ngaromong ka kaula, "Bapa
bohong. PANGERAN Allah urang henteu
miwarang Bapa nyaurkeun yen kuring sarerea
teu meunang arindit jeung maratuh di Mesir.
3 Bapa tangtu kaangsonan ku Baruk bin
Neria geusan ngahalang-halang maksud
kuring sarerea ngarah kuring ditangkep ku
urang Babul ambeh ditumpes atawa diboyong
ka Babul."
4 Jadi boh Yohanan, boh kapala-kapala
perjurit, boh jalma rea, anu ku PANGERAN
ditimbalan yen kudu caricing di tanah Yuda
bae teh henteu narurut.
5 Geus kitu Yohanan jeung kapala-kapala
perjurit ngumpulkeun sesa-sesa jelema nu
taringgaleun di Yuda, jeung anu kakara
marulang ti tempat bacacarna, kabeh dibawa
ka Mesir,
6 awewe, lalaki, barudak, putri-putri raja,
jeung jalma-jalma anu ku kapala pasukan
Nebusaradan dititipkeun ka Gedalya, malah
kaula sorangan jeung Baruk bin Neria oge
milu dibawa.
7 Kabeh arindit ka Mesir, teu narurut kana
timbalan PANGERAN. Tuluy narepi ka kota
Tahpanes.
8 Barang nepi ka dinya, kaula ditimbalan kieu
ku PANGERAN,

9 "Maneh kudu nyokot batu anu galede, tuluy
urugan ku taneuh porang, hareupeun gedong
pamarentahan ieu kota, sing kasaksian ku
urang Israil.
10 Bejakeun kieu ka maranehna: Kami,
PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, rek
miwarang abdi Kami, Raja Nebukadnesar ti
Babul, sina ka dieu. Manehna bakal masang
tahtana di luhureun eta batu anu diurugan ku
maneh, sarta terus masangkeun kemahna di
dinya.
11 Tangtu Nebukadnesar teh datang ka
dieu, ngarebut Mesir. Saha-saha anu geus
dikudukeun paeh ku pagebug, nya paeh ku
pagebug. Anu geus dikudukeun ditawan,
nya dibawa ka tempat tawanan. Anu geus
dikudukeun paeh ku perang, nya bakal paeh
di pangperangan.
12 Kuil-kuil brahala urang Mesir arek dibasmi
ku Kami, diduruk. Brahala-brahalana sina
diduruk ku raja Babul, atawa dibawa ka Babul.
Ibarat tukang ngangon ngirab-ngirabkeun
bajuna sangkan tuma-tumana beresih, raja
Babul bakal ngirabkeun Mesir nepi ka beresih,
tuluy mulang kalawan unggul.
13 Tugu-tugu batu karamat tanah Mesir di
Heliopolis ku raja Babul bakal dibongkaran,
kuil-kuil brahala urang Mesir bakal diduruk."
44 1 PANGERAN nimbalan ka kaula.
Timbalana-Na ngeunaan urang Israil
anu keur ngalumbara di Mesir, nya eta di

Migdol, di Tahpanes, di Mempis jeung di tanah pakidulanana.
2 Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, "Maraneh narenjo sorangan katunggaraan anu narajang ka Yerusalem jeung ka kota-kota di Yuda nu dilantarankeun ku Kami. Nepi ka ayeuna kaayaan Yerusalem jeung Yuda masih keneh awut-awutan, tur euweuh anu ngeusian.
3 Eta teh ku lantaran jalma-jalmana jarahat, kalakuanana geus ngahudang amarah Kami, nya eta ngurban ka allah-allah sejen. Ka brahala-brahala anu tadina tara disembah, boh ku urang dinyana, boh ku maraneh, boh ku karuhun maraneh.
4 Kami tara towong ngutus nabi-nabi ka maraneh, nya eta abdi-abdi Kami, anu mamatahan sangkan maraneh ulah nyieun kalakuan pikagirukeun Kami.
5 Tapi maraneh teu narurut, teu ngagarugu, henteu eureun ngurban ka allah-allah sejen; peta nu kacida dorakana.
6 Kitu sababna Kami wera, jengkel. Kota-kota di Yuda jeung jalan-jalan di Yerusalem ku Kami dihuru. Kaayaanana tug nepi ka kiwari oge ngan kari ruruntuhanana wungkul, katenjona geueuman.
7 Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, arek nanya: Naha ku naon maraneh boga kalakuan kitu, nepi ka nyilakakeun diri sorangan? Na hayang tumpes euweuh nu

nyesa, kolot, budak, awewe, lalaki, nepikeun
ka orok-orok kabeh beak kasorang bahla?
8 Di dieu oge, sabot ngumbara di Mesir, ku
naon ngajengkelkeun Kami bae, ngabarakti
ka brahala-brahala, nyarembah ka allah-allah
urang dieu? Na harayang cilaka nu matak
karitu peta teh? Harayang dihina, dipupuas ku
sajagat, harayang sangkan ngaran maraneh
dipake sasapaan ku batur?
9 Na geus paroho kana sagala rupa
kajahatan maraneh di kota-kota di Yuda jeung
di jalan-jalan di Yerusalem, anu dilampahkeun
ku karuhun maraneh, ku raja-raja maraneh
jeung ku pamajikanana masing-masing, nya
kitu deui ku maraneh jeung ku pamajikan
maraneh?
10 Nepi ka ayeuna maraneh ngan wegah bae
ngarendahkeun hate. Teu hormat ka Kami.
Aturan-aturan ti Kami anu kudu ditarurut, teu
ditarurut, boh ku maraneh, boh ku karuhun
maraneh.
11 Ku sabab kitu, Kami, PANGERAN Nu Maha
Kawasa, Allah Israil, malik ngalawan ka
maraneh, ngabasmi nagri Yuda.
12 Urang Yuda anu ngalumbara di Mesir
ku Kami rek ditumpes kabeh. Nu gede, nu
leutik, sina paraeh di Mesir, nu ku perang,
nu ku kalaparan. Kaayaanana sing matak
kukurayeun, sina pada ngahina, pada
mupuas, ngaran-ngaranna sina diparake
sasapaan ku batur.

13 Anu ngalumbara di Mesir baris dihukum
ku hukuman anu geus keuna ka Yerusalem,
nya eta ku perang, ku kalaparan jeung ku
pagebug.
14 Sesa-sesa urang Yuda anu ngalumbara
di Mesir moal aya nu disesakeun hirup
saurang-urang acan, moal aya anu bisa
mulang deui ka nagri Yuda sakumaha
kahayangna. Kaum pangungsi anu bisa balik
ngan saeutik pisan."
15 Harita anu keur ngalumbara teh keur
karumpul, kacida lobana, nya eta jalma-jalma
anu nyatujuan pamajikanana marere kurban
ka allah-allah sejen, jeung awewe-awewe
anu araya di dinya, kitu deui urang Israil
anu ngalumbarana di pakidulan tanah Mesir.
Maranehna narembal kieu,
16 "Eta anu diomongkeun ku Bapa mawa
jenengan PANGERAN moal didenge.
17 Rek ngadenge kana omongan sorangan
bae. Mere kurban jeung nyician anggur
keur Ratu Sawarga, demi pupujan, rek
diteruskeun. Kitu kabiasaan kuring,
kabiasaan karuhun, kabiasaan raja-raja jeung
pamingpin-pamingpin kuring di kota-kota di
Yuda jeung di jalan-jalan di Yerusalem. Tur
geus bukti hirup kuring jadi senang, tara
kurang sandang pangan, jauh ti bancang
pakewuh.
18 Bukti deui, sanggeus eureun nyembah ka
Ratu Sawarga, tara nyuguhan deui anggur

ka anjeunna, bet tuluy tibalik jadi teu boga naon-naon jalma-jalma teh, malah nepi ka tariwas ku perang jeung ku kalaparan."
19 Awewe-awewe marilu ngomong, "Unggal kueh anu dirupakeun Ratu Sawarga, unggal nyanggakeun kurban jeung nyicikeun anggur keur anjeunna, salawasna ge disatujuan ku salaki."
20 Ari ceuk kaula ka jalma rea jeung ka awewe-awewe anu bieu ngaromong, kieu,
21 "Dikira PANGERAN teu uninga, atawa lali kana eta kurban-kurban anu dilampahkeun ku aranjeun, ku karuhun aranjeun, ku raja-raja aranjeun, ku pamingpin-pamingpin aranjeun, jeung ku jalma rea di tanah Yuda jeung di jalan-jalan di Yerusalem?
22 Nagri aranjeun runtuh, euweuh eusian, kaayaanana geueuman, tur ngaranna dipake sasapaan ku bangsa batur, lantaran PANGERAN geus teu werat ningali kajahatan jeung kadorakaan aranjeun.
23 Aranjeun ayeuna sakieu cilakana, nya ku lantaran sok marere kurban ka allah-allah sejen, dosa ka PANGERAN, teu narurut kana sagala timbalana-Na."
24 (44:24-25) Kaula neruskeun deui pangandika PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil ka maranehna, pangpangna ka awewe-awewena, tina perkara anu geus ditimbalkeun ka urang Yuda anu ngalumbara di tanah Mesir. Kieu timbalana-Na, "Maraneh

jeung pamajikan geus ikrar jangji ka Ratu Sawarga, rek mere kurban jeung nyuguh anggur. Enya, maraneh satia kana eta jangji. Heug ari kitu mah, pek sing saratia kana eta jangji! Cumponan ikrar maraneh ka dinya!
25 (44:24)
26 Tapi bandungan ieu ikrar Kami, PANGERAN, ikrar ngeunaan maraneh urang Israil anu araya di Mesir. Maraneh hamo meunang deui sumpah demi jenengan Kami. Teu meunang deui sumpah anu ucapanana, Kuring sumpah demi Allah anu jumeneng!
27 Maraneh ku Kami moal rek dibere kasenangan, malah rek dibasmi! Maraneh kabeh bakal tiwas, boh ku perang, boh ku pagebug, nepi ka moal aya nu kari.
28 Ngan saeutik pisan anu bisa lolos, bisa baralik ti Mesir ka tanah Yuda. Eta teh supaya maranehna jadi saksi, lantaran nyaraksian ikrar mana anu geus bukti, ikrar Kami atawa ikrar maranehna.
29 Pikeun tanda ngabuktikeunana nya eta: Maraneh tangtu ku Kami dihukum di ieu tempat. Sumpah Kami rek ngadatangkeun bahla ka maraneh tangtu dibuktikeun di dieu.
30 Raja Mesir Piraon Hopra, ku Kami rek diselehkeun ka musuh-musuhna sina tiwas dipaehan, cara Raja Sidkia ti nagara Yuda ku Kami geus diselehkeun ka Raja Nebukadnesar ti Babul, musuhna, anu geus niat maehan ka manehna."

45 [1] Dina taun kaopat mangsa Yoyakim
putra Yosia jadi raja nagri Yuda,
sanggeus Baruk nyatetkeun lisan-lisan ti
kaula, Baruk dibejaan
[2] yen aya timbalan keur manehna ti
PANGERAN, Allah Israil. Kieu, "Baruk,
[3] maneh ngomong, Aing geus teu tahan! Keur
susah teh disusahkeun deui ku PANGERAN.
Mani geus cape balas humandeuar, mani
henteu bisa minge!
[4] Ieu Kami PANGERAN, baris ngaruag
beunang Kami ngadegkeun, baris ngarabut
beunang Kami melak. Sakuliah jagat ku Kami
rek dikitukeun.
[5] Kutan maneh teh hayang dibedakeun? Tong
boga kahayang kitu! Sabab sakabeh manusa
ku Kami rek ditarajang ku picilakaeun.
Tapi sanajan kitu, maneh mah ku Kami rek
diidinan hirup, rek ka mana ge moal kungsi
tiwas. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

46 [1] Aya timbalan PANGERAN ka kaula,
ngeunaan bangsa-bangsa.
[2] Anu pangheulana ku Mantenna disebat
nya eta Mesir. Kieu timbalana-Na hal balad
raja Mesir Piraon Neko, anu eleh perangna di
Karkemis deukeut Walungan Eprat, eleh ku
Raja Nebukadnesar ti Babul, dina taun kaopat
mangsa Yoyakim putra Yosia jadi raja di Yuda,
[3] "Para perwira Mesir ngahucuhkeun balad,
Siapkeun tameng-tameng maraneh, maju ka
medan jurit!

4 Kuda-kuda selaan, tumpakan! Geura sup
kana barisan, pake balakutak! Asah tumbak!
Pake baju beusi!"
5 "Tapi naon anu katingali ku Kami?" lahiran
PANGERAN. "Bet malundur mani tagiwur,
baladna kadeseh, perangna eleh, lalumpatan
tingbalecir, kalabur bawaning gimir. Teu
waranieun ngalieuk-lieuk acan.
6 Tapi kaburna teu bisa kebat, bororaah bisa
ngejat. Di kaler, deukeut Walungan Eprat,
blag-blug lalabuh patingjaloprak.
7 Saha eta anu mangkak, lir Walungan Nil
keur beungkak, lir walungan nu keur limpas?
8 Geuning Mesir, lir Walungan Nil keur caah,
lir walungan limpas caina. Mesir susumbar,
Aing arek ngagulidag, saalam dunya arek
dijorag. Kota-kotana baris digempur,
jelemana sina tumpur.
9 Lumpatkeun pasukan kuda, geredegkeun
pasukan kareta. Hucuhkeun pasukan tempur:
tentara bangsa Sudan jeung Libia anu marake
tameng, jeung tentara ti Lidia anu arahli
mentang gondewa."
10 Poe ieu kagungan Nu Maha Agung,
PANGERAN Nu Maha Kawasa. Poe ieu
Mantenna seja ngabales, musuh-musuh bakal
ditindes. Pedang-Na bakal seubeuh ku daging
musuh, seubeuh nguyup getih musuh. Poe
ieu Mantenna ngarecah korban-korban, di
kaler, di sisi Walungan Eprat.

11 Eh urang Mesir, geura ka Gilad, neangan
keur piubareun! Ubar-ubar maraneh geus teu
mental, maneh hamo cageur-cageur.
12 Bangsa-bangsa nyarahoeun yen maneh
meunang wiwirang, ngadarengeeun maneh
ngajerit. Serdadu-serdadu silih tubruk pada
batur, tinggedebug tinggolepak kana taneuh.
13 Raja Nebukadnesar ti Babul sumping
rek ngagempur Mesir. Ti dinya PANGERAN
nimbalan ka sim kuring,
14 "Uarkeun ka unggal kota di Mesir, Migdol,
Mempis jeung Tahpanes. Kieu, Geura taki-taki
ngabela diri, maraneh moal teu tumpes ku
perang!
15 Dewa maraneh, Dewa Apis nu kawasa,
na ku naon ngalumbuk? Ditarajang ku
PANGERAN nepi ka ngusruk!
16 Serdadu maraneh patingkudupruk, seug
silih ajak pada batur, Geuwat, mending
mulang, kumpul jeung sanak baraya,
nyingkiran pedang musuh!
17 Ganti ngaran raja Mesir teh, ku Si Ribut
Gede Omong Nu Teu Nenjo Kasempetan.
18 Kami Raja mah, PANGERAN Nu Maha
Kawasa, Allah anu jumeneng. Kadigjayaan
rongkah nu bakal numpes maraneh, lir
Gunung Tabor ngajurungkunung ngaluhuran
gunung-gunung, lir Gunung Karmel ngajegir
ngaluhuran laut.

19 Sadiakeun diri maraneh, eh urang Mesir,
geusan diboyong. Kota Mempis bakal kosong,
parongpong euweuh jelemaan.
20 Mesir lir sapi montok diseureud ku engang
ti kaler.
21 Serdadu-serdadu bayaranana ge badis
anak sapi taya guam, tarungna moyodok
kumeok, kalabur tingbalecir. Dasar geus
ninggang kana cilakana, geus ninggang kana
ancurna.
22 Barang jebul musuh ngurunyung, Mesir
kabur, sorana mani hoshosan kawas oray.
Musuhna ngambreg mubat-mabit kampak,
mani kawas nu nuaran tatangkalan,
23 badis keur ngabukbak leuweung. Baladna
loba teuing lamun diitung. leuwih loba batan
simeut.
24 Urang Mesir bati getir, eleh perang ku
musuh ti tatar kaler. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
25 Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa,
Allah Israil, "Kami rek nyiksa si Amon, dewa
anu ngajentul di Tebe, sakalian jeung Mesir
katut dewa-dewana jeung raja-rajana. Raja
Mesir rek dicerek katut sakabeh jelema anu
nyalindung ka manehna.
26 Rek diselehkeun ka jelema-jelema
anu keur ngarah patina, nya ka Raja
Nebukadnesar jeung pasukan baladna. Tapi
engke ka hareup Mesir teh bakal loba deui

pangeusina cara baheula bihari. Kitu timbalan
Kami, PANGERAN."
27 "Eh umat Kami, tong salempang, eh
urang Israil, tong hariwang. Maraneh tangtu
dijait, diala ti anu jauh, ti nagri tempat
maraneh ditawan ku musuh. Bakal marulang
ka lemah cai, bari hirup senang ati, moal
aya pikasalempangeun, moal manggih
pikarisieun.
28 Tangtu ku Kami dilayad disalametkeun.
Bangsa-bangsa anu ku Kami dipake tempat
ngabuang maraneh rek dibasmi. Tapi maraneh
mah baris salamet. Ari dihukum mah dihukum
maraneh teh, tapi ngahukum ge Kami mah
adil. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
47 1 Samemeh raja Mesir ngagempur
kota Gasa di nagri Pelisti, PANGERAN
nimbalan ka kaula perkara eta nagri.
2 Kieu timbalana-Na, "Aya nu merul ti kaler,
kawas cai ngagulidag, lir walungan caah.
Bakal ngalembak ieu nagri saeusina, kota-
kota jeung jelema. Pribumina tingkoceak,
sajagat sasambat tulung-tulungan.
3 Ceulina teu paruguh dedengean:
tingbeletrak sora kuda lumpat, tinggurudug
sora kareta, tingcarekit sora kikiping. Bapa
enggeus teu tolih ka anak, leungeunna
ngaraplek kawas nu keked.
4 Geus waktuna Pelisti dibasmi, pegatkeun
hubunganana ti Tirus jeung Sidon, ti sakabeh

anu osok ngabantu. Urang Pelisti nu datang ti
pulo Kreta ku Kami baris ditumpes.
5 Urang Gasa sarungkawa, urang Askelon
henteu nyoara. Sabaraha pililaeunana sesa
bangsa Pelisti bakal tunggara?
6 Maneh ngagoak, Duh pedang PANGERAN,
iraha rek eureun amuk-amukan? Geura
ngampih kana sarangka, sing genah-genah di
dinya.
7 Rek eureun ngamuk kumaha, mun ceuk
Kami kudu terus? Geus diparentah kudu
ngagempur Askelon jeung bangsa-bangsa
anu di basisir."
48 1 Hal tanah Moab, kieu timbalan
PANGERAN Nu Maha Kawasa: "Urang
Nebo cilaka, ruksak kotana! Kiryat Yarim
geus karampas, bentengna anu tohaga geus
rebah, pangeusina ngarasa era.
2 Tanah Moab geus teu boga pamor, Hesbon
geus karebut, bangsa Moab kaancam tumpur.
Kota Madmen ngan bisa ngadedempes
kadatangan balad musuh.
3 Urang kota Horonaim tingkoceak, Binasa!
Tumpur lebur!
4 Moab geus diburak-barik, barudakna ear
careurik.
5 Rahayatna tingaringhak bari naranjak ka
Luhit, careurik patingrarahuh bari marudun
ka Horonaim.
6 Jeung carekna, Hayu urang kabur ngabela
nyawa, ngacir kawas kalde gurun pasir.

7 Moab, maneh takabur pedah kuat pedah
beunghar. Kari-kari bakal tumpur. Dewa
maneh, si Kamos bakal dibuang, kitu deui
imam-imamna, katut jalma-jalmana anu
parenting.
8 Kota-kota Moab moal aya anu teu diruksak.
Lebak jeung tegalanana ge bakal pasiksak.
Kitu timbalan Kami, PANGERAN.
9 Moab geura pangnyieunkeun padung,
sabab sakeudeung deui ge ancur. Kota-kotana
bakal burakrakan, moal aya nu nyicingan."
10 (Sing cilaka jelema anu henteu enya-enya
ngalampahkeun padamelan PANGERAN! Sing
cilaka anu embung milu ngagempur jeung
maehan.)
11 Timbalan PANGERAN, "Hirup Moab
salawasna tumaninah, acan kungsi ngasaan
jadi boyongan. Ibarat anggur anu tara
digomeng-gomeng, tara dieurihkeun kana
goci sejen, seungitna angger, ngeunahna
angger.
12 Ku sabab kitu, nya ayeuna waktuna Kami
ngirim jelema-jelema nu bakal mahekeun
Moab kawas anggur. Maranehna bakal
ngosongkeun eta goci anggur, tuluy gocina
dibantingkeun nepi ka remuk.
13 Urang Moab bakal ngarasa kuciwa
ku dewana, si Kamos, cara urang Israil
geus ngarasa kuciwa ku si Betel, dewa
sesembahanana.

14 Eh urang Moab, baruk maraneh teh
pahlawan, perjurit sakti jago perang?
15 Moab jeung kota-kotana geus ancur.
Taruna-taruna andelanana kabeh beak
kasambut ku pedang. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN, Raja Nu Maha Kawasa.
16 Moab geus tereh cilaka, tereh lebur
burakrakan.
17 Eh tatangga-tatangga Moab, anu nyaraho
kana kamashuran eta bangsa, hempek geura
mikawatir! Ucapkeun, Kakawasaan Moab geus
reuntas, kamulyaanana jeung kakuatanana
geus peunggas.
18 Eh anu anegleng di Dibon, geura turun tina
tempat anu kahormat, tuluy andiprek dina
taneuh kebul! Logojo pikeun Moab geus jogo,
sarta geus ngaruntuhkeun benteng-benteng
Moab.
19 Eh urang Aroer! Geura maregat di
sisi jalan, tanyakeun ka nu keur kalabur,
tanyakeun ka maranehna aya kajadian naon.
20 Tangtu ngajarawabna teh, Moab geus
ambrug, geus hina, ceungceurikeuneun.
Bewarakeun sapanjang Walungan Arnon, yen
Moab geus burantakan!
21 Kota-kota tanah padataranana geus
nandang hukuman: Holon, Yahsa, Mepaat,
22 Dibon, Nebo, Bet Diblataim,
23 Kiryat Yarim, Bet Gamul, Bet Maon,
24 Keriot jeung Bosra. Sakabeh kota di Moab,
nu jauh, nu deukeut, geus dihukum.

25 Kakuatan Moab geus remuk, kajayaanana
geus runtuh. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
26 Timbalan PANGERAN, "Moab sina mabok
ongkek-ongkekan, sabab geus ngalawan ka
Kami. Sina gugulingan dina utahna, sina pada
nyeungseurikeun.
27 Eh Moab, inget maneh bareto
nyeungseurikeun ka Israil? Israil ku
maneh geus disaruakeun jeung tukang
rarampog.
28 Eh anu ngarancik di kota-kota Moab,
tinggalkeun tempat maraneh! Geura marubus
ka gunung-gunung cadas! Itung-itung jadi
japati, anu nyarayang di sisi jungkrang.
29 Moab kacida gumedena! Kami nyaho
tabeat jelema-jelemana: takabur, arangkuh,
arolo-olo, arieu aing pisan.
30 Kami, PANGERAN, nyaho, memang
maranehna teh kamagungan. Tapi kalah ka
rahul, da buktina mah euweuh nanaonna.
Beubeunangan digawena moal aya nu awet
umurna.
31 Ku sabab kitu Kami arek midangdam
nyeungceurikan urang Moab jeung urang Kir
Heres.
32 Kami arek jejeritan nyeungceurikan urang
Sibmah, leuwih ti batan nyeungceurikan
urang Yaser. Nagri Sibmah ibarat tangkal
anggur anu ngarambatna nepi ka meuntasan
Laut Paeh, malah terus nepi ka Yaser.
Kari-kari ayeuna mah maneh dina usum

panas moal buahan. Buah anu geus aya ge diluluh ku batur.
33 Di tanah Moab nu subur, geus euweuh
nu suka seuri. Di tempat-tempat pameresan
anggur geus moal aya deui anu hahaleuangan,
lantaran moal aya deui anu nyarieun anggur.
Tempat-tempat pameresanana ku Kami rek
digaringkeun, moal aya deui cianggur nu
ngocor ti dinya.
34 Urang Hesbon jeung Eleale tingjarerit.
Sora jejeritanana kadenge nepi ka Yahas,
kadenge ku urang Soar, malah kadenge nepi
ka Horonaim jeung Eglat Selisia. Maranehna
tingjarerit lantaran anak Walungan Nimrim
geus garing euweuh caina.
35 Di tempat-tempat pamujaanana, urang
Moab ku Kami rek dieureunkeun merena
kurban beuleuman jeung kurban peuncitan
ka dewa-dewana. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN.
36 Manah Kami bati ngahelas, lir nu nyuling
melas-melis, laguna lagu sedih, karunya ka
Moab jeung ka urang Kir Heres, lantaran
hartabandana geus musna.
37 Sirah maranehna kabeh digundulan,
janggotna dikarurud, leungeunna ditarurihan,
sarta kabeh marake baju karung, nandakeun
prihatin.
38 Di mana-mana, di sakuliah tanah Moab, di
imah, di alun-alun, euweuh deui nu kadenge
iwal ti sora ceurik aluk-alukan. Sabab Moab

geus remuk dibantingkeun ku Kami, kawas goci anu geus euweuh nu mikabutuh.
39 Moab geus burakrakan. Pek careurik!
Moab geus diapeskeun, geus tumpes, kari dilelewe ku bangsa-bangsa sakurilingeunana.
Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
40 Hiji bangsa bakal ngaranggeum Moab,
nyamber lir manuk galudra, jangjangna meber,
41 ngarampas kota-kota jeung benteng-benteng Moab. Kitu ikrar PANGERAN. Ari serdadu-serdadu Moab harita bakal pinuh ku kasieun kawas awewe rek ngajuru.
42 Moab bakal ajur lebur moal mangrupa deui bangsa, lantaran geus wani ngalawan ka Kami.
43 Urang Moab keur didodoho ku nu pikasieuneun, ku lombang-lombang jeung ku pitapak. Kitu timbalan PANGERAN.
44 Anu kabur nyingkiran pibahlaeun, bakal tigebrus ka jero lombang. Anu bisa keneh hanjat ti jero lombang, bakal karingkus ku eurad. Sabab geus ninggang waktuna Moab ku PANGERAN diancurkeun.
45 Para pangungsi anu geus paregat harepan, nyoba-nyoba arek nyalindung ka Hesbon. Tapi eta kota anu kungsi dirajaan ku Raja Sihon teh keur kahuruan. Daerah-daerah tapel wates jeung pagunungan di nagrina jelema-jelema anu resep perang teh geus beak ku seuneu.

46 Urang Moab matak watir! Jalma-jalma
tukang nyarembah ka Dewa Kamos teh geus
tumpur, kari anak-anakna bae awewe lalaki
digiring ka tempat boyongan.
47 Tapi hiji mangsa bangsa Moab teh ku
PANGERAN bakal dimenyatkeun deui. Tah
sakitu timbalan PANGERAN perkara tanah
Moab.
49 1 Ngeunaan perkara bangsa Amon,
kieu timbalan PANGERAN, "Ka marana
ari perjurit-perjurit Israil? Kutan teu aya
pisan anu bisa ngabela lemah caina? Ku naon
diarantep bae tanah kaom Gad dirampas
jeung diandih ku umat Dewa Milkom?
2 Tapi aya piwaktueunana engke Raba,
ibukota nagara maranehanana ku Kami sina
eundeur ku perang, sina tumpur, desa-desana
ge sina beak dihuru. Ari Israil sina ngarebut
deui lemah caina ti nu ngarampas.
3 Eh urang Hesbon, pek geura tingjarerit!
Kota Ai geus tumpur! Awewe-awewe urang
Raba geura aluk-alukan, geura midangdam,
jeung marake baju karung nandakeun
prihatin! Pek lalumpatan teu puguh nu
dijugjug. Dewa maraneh si Milkom bakal
digusur ka pangbuangan katut imam-imamna
jeung jalma-jalma anu parentingna.
4 Adigung ku naon maraneh teh, eh
jalma-jalma serong hate? Tanaga maraneh
geus midek. Ku naon kalah ka gumagah,
boga rasa moal aya anu wani?

5 Maraneh ku Kami rek sina dironom ku
nu sarwa pikasieuneun ti unggal juru.
Tungtungna kalabur kabeh, tingbalecir
ngabelaan nyawa. Balad maraneh moal bisa
kumpul deui.
6 Tapi hiji mangsa bangsa Amon ku Kami
rek dimenyatkeun deui. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
7 Perkara bangsa Edom kieu timbalan
PANGERAN Nu Maha Kawasa, "Ari urang
Edom naha geus teu baroga pamilih anu
bener? Ari juru-juru nasehatna naha geus teu
bisa mere nasehat, geus teu barisaeun deui
mikir bener?
8 Eh urang Dedan, mending oge kalabur!
Nyarumput! Turunan Esau ku Kami rek
ditumpurkeun, geus waktuna ku Kami
dihukum.
9 Jalma-jalma ari maretik anggur teh sok
nyesakeun keneh saeutik dina tangkalna.
Jeung lamun peutingna aya nu maling, nu
dipalingna ngan saperluna bae.
10 Ari turunan Esau mah ku Kami rek sina
nepi ka ngaligincing, patempatanana anu
rarekep baruni rek dibuliklakkeun, nyumputna
moal bisa lila-lila. Kabeh urang Edom bakal
tumpes moal aya anu nyesa.
11 Tapi randa-randana meunang nyalindung
ka Kami. Kitu deui kaom pahatuna serenkeun
ka Kami supaya kaurus.

12 Cacakan anu teu pantes dihukum teu
burung dicekok ku hukuman. Na boga
panyangka yen maneh baris lolos tina
hukuman? Maneh komo, kudu nginum eta
cekok hukuman!
13 Kami pribadi geus sumpah yen kota
Bosra bakal suwung jadi tegalan, sina matak
keueung anu nenjo. Sina pada ngalelewe,
ngaranna sina diparake panyapa ku batur.
Desa-desana anu dareukeut bakal tumpur
saendeng-endeng. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
14 Ceuk kaula, "Eh Edom, Kami nampa
timbalan PANGERAN. Mantenna geus
ngintun utusan, nguaran bangsa-bangsa
sina ngahijikeun balad-balad, sina sasadiaan
pikeun ngarurug ka maneh!
15 Maneh ku PANGERAN bakal disina hengker,
moal aya anu ngahargaan.
16 Maneh geus katipu ku diri sorangan
lantaran takabur. Saenyana maneh teh
euweuh nu mikasieun. Ceuk rarasaan
sorangan bae pada mikasieun soteh, dumeh
tempat maneh ayana di puncak gunung luhur,
di luhur cadas-cadas anu nangtawing. Tapi
sanajan nyayang di nu luhur kawas manuk
galudra ge, ku PANGERAN maneh mo burung
digejretkeun. Kitu timbalan PANGERAN."
17 Timbalan PANGERAN, "Edom bakal pohara
ruksakna nepi ka matak hookeun, matak
keueung anu ngaliwat ka dinya.

18 Anu bakal karandapan ku Edom sarua
jeung anu karandapan ku Sadumu jeung
Gomora, basa eta dua nagri katut kota-
kotana anu dareukeut ka dinya ditumpurkeun.
Saendeng-endeng moal dicicingan deui, kitu
timbalan Kami, PANGERAN.
19 Cara singa anu norojol ti leuweung kai
anu rekep di sapanjang Walungan Yordan,
terus nonggoh ka sampalan-sampalan anu
ngemploh hejo, Kami baris norojol ka tempat
urang Edom, sina kalabur sapada harita,
ngarejat ti nagrina. Satuluyna Kami rek
ngangkat hiji pamingpin pikeun ngatur eta
nagri. Cik saha anu bisa nandingan Kami?
Saha anu wani nangtang ka Kami? Raja anu
kumaha anu pikuateun ngalawan Kami?
20 Ku sabab kitu, bandungan ieu niat
Kami perkara urang Edom. Bandungan ieu
pangersa Kami perkara pangeusi kota Tman.
Nepi ka barudakna pisan bakal diseredan,
jalma-jalma baris guyur tagiwur.
21 Upama Edom geus rugrug, sorana
gumuruh matak oyag jagat, tingjareritna
kadenge ka nu jarauh nepi ka Teluk Akaba.
22 Musuh bakal ngaranggeum Bosra lir
manuk galudra nu nyirorot ti awang-awang
bari meberkeun jangjang. Hate serdadu-
serdadu Edom poe eta teu beda ti hate awewe
anu rek ngajuru, pinuh kapaur jeung karisi."
23 Perkara Damsik kieu timbalan PANGERAN,
"Pangeusi kota Hamat jeung Arpad ngarasa

hariwang jeung salempang, lantaran nampa beja-beja goreng. Rasa kasalempangna lir ombak laut anu daratang pagulung-gulung, nepi ka maranehna teu bisa ngarasa tengtrem.
24 Tanagana geus leuseuh, tuluy kabur
bakating ku tagiwur. Hatena sarumeblak asa
aya kanyeri cara awewe nu rek ngajuru.
25 Nagrina anu sakitu alusna jeung
pikagenaheunana teh ngadadak suwung.
26 Taruna-tarunana poe eta bakal tumpes
diparaehan di jalan-jalan, serdadu-serdaduna
bakal tumpur.
27 Tembok kuta kota Damsik jeung karaton-
karaton Raja Benhadad ku Kami baris dihuru.
Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha
Kawasa."
28 Ngeunaan perkara kaom Kedar jeung
distrik-distrik nu dibawah ku kota Hasor, anu
geus eleh ku Raja Nebukadnesar ti Babul tea,
kieu timbalan PANGERAN: "Tarajang urang
Kedar, jeung tumpes jalma-jalma urang tatar
wetan!
29 Kemah-kemahna, ingon-ingonna, tenda-
tenda kemahna jeung sagala eusi kemahna
rampas, kitu deui onta-ontana. Bejakeun ka
maranehna, Maraneh geus kalingkung balahi!
30 Eh urang Hasor, Kami PANGERAN
ngabejaan, maraneh mending kalabur,
nyarumput sing jauh. Sabab Raja

Nebukadnesar ti Babul geus niat narajang.
Carekna,
31 Eta bangsa urang gempur. Kotana anu
majar aman santosa teh geus ngemplong-
molongpong euweuh pantoan, euweuh
tulakna.
32 Onta-onta jeung ingon-ingonna
baris rampaseun. Eta bangsa anu
buukna ditarukungan teh ku Kami rek
dipabalencarkeun, sina dironom ku balahi ti
unggal juru.
33 Kota Hasor pijadieun suwung
salalanggengna. Anu araya di dinya
ngan ajag, moal dicicingan deui ku jelema.
Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
34 Waktu Sidkia anyaran jadi raja di Yuda,
PANGERAN Nu Maha Kawasa nimbalan ka
kaula perkara nagri Elam.
35 Kieu dawuhana-Na, "Pasukan gondewa nu
jadi inti kakuatan nagri Elam, ku Kami rek
dibasmi.
36 Elam sina katebak angin ti unggal juru,
sina pabalencar ka mana-mendi, nepi ka
taya hiji nagri anu henteu kadatangan ku nu
ngarungsi ti Elam.
37 Urang Elam sina gimir ku musuh-musuhna
anu keur ngarah-ngarah. Amarah Kami bakal
ngagugudag. Urang Elam sina ditumpes
digempur ku musuhna nepi ka beak.

38 Para raja jeung para pamingpinna ku Kami
rek ditumpes, geus kitu Kami rek ngadegkeun
tahta Kami di dinya.
39 Tapi ka hareupna mah urang Elam ku
Kami rek dimenyatkeun deui. Kitu timbalan
Kami, PANGERAN."
50 1 Ngeunaan perkara nagri Babul jeung
pangeusina, kieu timbalan PANGERAN
ka kaula,
2 "Utarakeun ieu beja ka bangsa-bangsa!
Uarkeun! Pasang tandana, uarkeun wartana!
Ulah aya anu dikilungan! Babul geus rugrug.
Dewana, si Merodak geus bubuk! Brahala-
brahalana kawiwirangan! Dewa-dewana anu
najis geus bencar!
3 Hiji bangsa ti beulah kaler geus maju rek
ngarurug, rek ngosongkeun Babul. Pangeusi
Babul, jalma, sato, bakal kalabur. Babul bakal
suwung moal aya nu nyicingan deui."
4 Timbalan PANGERAN, "Dina mangsa
eta, Israil jeung Yuda bakal rawah-riwih
nareangan Kami, Allahna.
5 Jeung naranyakeun jalan ka Sion, seug
ngajarugjug ka dinya. Engke maranehna
bakal ngayakeun hiji perjangjian jeung Kami,
langgeng moal pegat-pegat.
6 Eta umat Kami apruk-aprukan lir domba
anu kasarung nepi ka gunung-gunung, ku
nu ngangonna diantep. Utrak-atrok turun
gunung unggah gunung, parohoeun ka jalan
balik.

7 Sajeroning kitu ditarajang ku sakur nu
manggihan. Ceuk musuhna, Eta jelema-
jelema teh geus boga dosa ka PANGERAN;
jadi kalakuan urang ka maranehna teh teu
salah. Kuduna mah maranehna teh saratia
ngarandel ka PANGERAN cara karuhunna.
8 Eh Israil, geura kalabur ti Babul,
nyaringkah. Kudu paheula-heula!
9 Sabab Babul ku Kami rek disina ditarajang
ku bangsa-bangsa anu garagah ti kaler,
beunang Kami ngahijikeun, bangsa
paninggaran anu kamashur, anu jamparingna
tara nyalahan. Ayeuna geus tata baris siap
tempur, rek merangan jeung ngelehkeun eta
nagri.
10 Babul bakal diranjah, harta bandana pada
nyarokotan sakarep-karep ku musuhna. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN."
11 Timbalan PANGERAN, "Urang Babul,
maraneh geus neungteuinganan ka bangsa
Kami, mani barungah, araratoh kawas
sapi keur ngirik gandum, kawas kuda keur
hohoang.
12 Ku sabab kitu, ayeuna nagri maraneh
sorangan anu sakitu gedena bakal apes, bakal
asor. Bangsa Babul bakal jadi pangleutikna di
antara bangsa-bangsa sejen. Tanahna bakal
garing moal ngambeu-ngambeu cai kawas
gurun keusik.
13 Babul bakal suwung moal dicicingan deui,
bakal tetep jadi gundukan ruruntuhan, nepi

ka matak helok jeung olohok anu ngaliwat ka dinya, sabab Kami geus pohara napsuna.
14 Pasukan gondewa, geura tata baris
siap tempur ngepung Babul. Hujanan ku
jamparing, sabab geus boga dosa ka Kami,
PANGERAN.
15 Hucuhkeun perang di sakuliah eta nagri.
Babul taluk. Kuta-kutana bedah, rugrug.
Babul keur dibales ku Kami. Pek ku maraneh
oge bales sakumaha kalakuanana bareto ka
batur.
16 Di tanahna ulah sina aya nu nebarkeun
binih atawa dibuat. Urang asing anu hirup di
dinya geus harayangeun buru-buru mulang
ka nagrina sorangan, sarieuneun ku balad nu
keur nempuh."
17 Timbalan PANGERAN, "Urang Israil
paburencay lir domba dibeberik ku singa.
Mimitina ditekuk ku raja Asur, tuluy ku Raja
Nebukadnesar ti Babul dikerekeb tulangna.
18 Raja Asur geus dihukum ku Kami,
PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allahna Israil.
Raja Nebukadnesar oge jeung nagrina tangtu
dihukum.
19 Urang Israil rek dipulangkeun ka lemah
caina. Bakal bisa ngadalahar deui hasil bumi
ti Gunung Karmel jeung ti daerah Basan, kitu
deui hasil pepelakan ti daerah Epraim jeung
Gilad.
20 Dina mangsa eta di Israil moal kapanggih
aya dosa, di Yuda moal aya deui kajahatan,

sabab eta umat anu ku Kami dikarikeun
teh geus dihampura. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
21 Timbalan PANGERAN, "Geura tarajang
urang Merataim jeung urang Pekod. Tumpes,
tumpurkeun. Jalankeun kabeh parentah
Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.
22 Eta tanah jadi ngageder ku perang,
ruksakna pohara.
23 Bareto Babul teh lir gegendir ngancur-
ngancurkeun jagat. Ayeuna eta gegendir teh
geus bubuk! Eta nagri geus ditarajang ku hiji
kajadian anu matak hookeun bangsa-bangsa
sejen.
24 Eh Babul, maneh geus ngalawan ka Kami.
Ayeuna maneh ku Kami karingkus. Maneh teu
nyaho yen ku Kami ditaheunan ku pitapak.
25 Kami geus mukakeun tempat nyimpen
pakarang Kami; eta pakarang-pakarang ku
Kami dikaluar-luarkeun dibarengan ku napsu,
sabab Kami, Anu Maha Agung, PANGERAN Nu
Maha Kawasa, boga pigaweeun di Babul.
26 Rurug Babul ti unggal juru. Gedor
lumbung-lumbung gandumna. Barang-barang
gedoranana hunyudkeun sing ngagugunung
lir tumpukan gandum! Musnakeun, sing
beresih ulah disesakeun.
27 Serdadu-serdaduna paehan, babadan
ku pedang! Cilaka urang Babul! Babul geus
waktuna dihukum!"

28 (Ceuk kakaburan ti Babul anu daratang
ka Yerusalem, Babul teh keur meunang
wawales ti PANGERAN Allah urang, tina
kalakuanana bareto ngajarah Bait Allah
panglinggihana-Na.)
29 Timbalan PANGERAN, "Parentah ku
maraneh pasukan ahli mentang panah, kitu
deui sakur anu bisa metakeun gondewa jeung
jamparing. Kepung eta nagri, ulah aya anu
lolos. Bales paningkahna, taur kalakuanana
anu bareto, sabab geus wani kurang ajar ka
Kami, Anu Maha Suci di Israil.
30 Ku lantaran kalakuanana kitu, taruna-
tarunana bakal tumpes diparaehan di
jalan-jalan, serdadu-serdaduna bakal
ditumpurkeun dina poe eta. Kitu timbalan
Kami, PANGERAN.
31 Babul! Ieu Kami Anu Maha Agung,
PANGERAN Nu Maha Kawasa, geus jadi
lawan maneh, lantaran maneh geus sombong
ka Kami! Geus waktuna maneh ku Kami
dihukum.
32 Bangsa maneh anu kumaki bakal
tigedebug, jeung moal aya anu
ngahudangkeun. Kota-kota maneh rek
dihuru, anu aya sakurilingeunana rek
dimusnakeun."
33 Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa,
"Urang Israil jeung urang Yuda keur dianiaya,
dijaga keras ku bangsa anu ngaboyongna,
teu meunang ka mana-mana.

34 Tapi anu bakal ngajait maranehna teh
maha perkasa, jenenganana: PANGERAN Nu
Maha Kawasa. Mantenna ku anjeun anu bakal
ngangkat maranehna tina kasangsaraan,
sarta bakal ngamankeun jagat. Sabalikna
urang Babul tangtu bakal cilaka."
35 Timbalan PANGERAN, "Gempur Babul!
Gempur rahayatna, gempur para kapalana,
gempur para bujanggana.
36 Gempur tukang-tukang torahna, pohara
paralungna! Gempur serdadu-serdaduna,
sina kalabur pangacianana.
37 Basmi kareta-karetana, tumpes
kuda-kudana. Gempur serdadu-serdadu
sewaanana, sina beak tanagana! Awut-awut
dunyabranana, ranjah, rayah.
38 Garingkeun tanahna, saat-saatkeun
walungan-walunganana. Sabab Babul pinuh
ku arca brahala, anu ngagelokeun urang
dinya.
39 Eta sababna Babul bakal jadi enggon
kelong jeung jurig jeung manuk-manuk najis.
Saendeng-endeng hamo dicicingan deui ku
jelema.
40 Babul baris katinggang ku bahla saperti
anu ninggang ka Sadumu jeung Gomora
waktu eta nagri jeung kota-kota tatanggana
dibasmi ku Kami. Hamo aya deui jelema
anu ngancik di dinya. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN.

41 Babul bakal ditempuh ku balad ti tebeh
kaler, ku hiji bangsa digjaya ti nagri jauh;
loba pisan raja-raja nu geus rek narajang.
42 Marawa gondewa jeung tumbak, dedegler
taya rasrasan. Daratangna tumpak kuda,
sorana lir laut gumuruh, geus kari der
ngagempur Babul.
43 Raja Babul nu ngadenge eta beja,
leungeunna mani ngulapes, bati ketir
tingseleket, cara awewe nu rek ngajuru.
44 Jeg singa ti leuweung sapanjang Walungan
Yordan norojol ka tengah-tengah domba
di sampalan hejo ngemploh, nya kitu
pisan Kami, PANGERAN bakal ngadadak
ngadatangan urang Babul, nepi ka maranehna
kalabur ti nagrina. Eta nagri satuluyna baris
dicangking ku hiji jelema beunang Kami milih.
Karana, saha anu sarua jeung Kami? Saha nu
wani nangtang ka Kami? Raja mana nu tagen
ngayonan Kami?
45 Jadi, darengekeun ieu putusan Kami
perkara nagri Babul, kitu deui pangersa Kami
ka urang dinya. Maranehna, malah barudakna
pisan bakal diseredan, bakal pinuh ku kagimir.
46 Waktu Babul engke rugrug, jagat ear bumi
genjlong, bangsa-bangsa bakal ngadarenge
anu tingkaroceak."
51 1 Timbalan PANGERAN, "Kami rek
ngadatangkeun angin pikeun ngabasmi
Babul katut pangeusina.

2 Kami rek ngadatangkeun bangsa asing,
sina ngaruksak Babul lir angin niup jarami
nepi ka ledis. Lamun waktuna geus datang,
eta bahla baris kacida ngaruksakna, sarta
datangna ti unggal juru, nepi ka eta nagri jadi
suwung.
3 Tentarana, sing ulah nepi ka bisa
melesatkeun panah, atawa nerapkeun baju
beusina. Nu ngarorana ulah aya nu dihirupan.
Pasukan baladna ancur leburkeun!
4 Sina paraeh kasambut di jalan-jalan di
saban kotana.
5 Kami, Allah, PANGERAN Nu Maha Kawasa
can kungsi ninggalkeun Israil jeung Yuda,
sanajan maranehna teh geus boga dosa ka
Kami, Nu Maha Suci di Israil.
6 Geura kalabur ti Babul! Tareangan
pisalameteun! Ulah nepi ka tariwas ku
karana dosa Babul. Sabab ayeuna Kami rek
ngabales ka Babul, ngahukum satimpal jeung
kalakuanana.
7 Babul tadina saperti gelas emas anu dicekel
ku Kami, sarta geus ngamabokan saalam
dunya. Bangsa-bangsa ngarinum anggur tina
eta gelas nepi ka laleungit ingetanana.
8 Babul ngadadak ambruk, geus
ditumpurkeun! Geura caleungceurikan!
Geura alubaran raheut-raheutna sugan
cageur deui.
9 Urang asing anu araya di dinya ngaromong
kieu, Urang geus nyoba nulungan Babul, tapi

geus teu kaburu. Geus, urang balik. Babul
ku Allah geus dihukum beurat pisan, geus
ditumpes sama sakali."
10 Dawuhan PANGERAN, "Kieu ceuk umat
Kami, PANGERAN geus netelakeun yen urang
teh bener. Hayu eta padamelan PANGERAN,
Allah urang teh urang caritakeun ka sakur nu
aya di Yerusalem."
11 PANGERAN geus ngangsonan raja-raja
Media, sabab Mantenna kagungan maksud
ngancurkeun Babul. Kitu cara Mantenna bakal
ngabales, lantaran Babul geus ngaruksak
Bait Mantenna. Perwira-perwira anu mingpin
serangan marentah, "Seukeutan jamparing!
Parake tameng!
12 Bere tangara pikeun ngamimitian
ngagempur kuta Babul. Tohagaan
pangjagaan! Eusian sakabeh pos! Sadiakeun
pasukan pikeun ngabongohan!" PANGERAN
geus ngalaksanakeun pangandika-Na, hal
pangersa-Na ngeunaan urang Babul.
13 Eta nagri loba walunganana, loba
kakayaanana, tapi ayeuna mah lalakon
hirupna geus tamat, nyawana geus paragat.
14 PANGERAN Nu Maha Kawasa geus
sumpah nyebat salira-Na ku manten, baris
ngadatangkeun jalma-jalma anu lobana lir
simeut geusan ngarurug Babul. Maranehna
bakal sarurak lantaran unggul.

15 PANGERAN ngajadikeun bumi ku
pangawasa-Na; ngajadikeun alam dunya
jeung mentangkeun langit ku hikmah-Na.
16 Ku pangandika-Na cai nu di awang-awang
gumuruh, mega ti tungtung-tungtung bumi
sina kumpul. Kilat sina tingjorelat satengahing
hujan, angin ribut dibudalkeun ti gudangna.
17 Nenjo nu sarupa kitu, jalma-jalma kasima
rumasa teu daya teu upaya; tukang nyarieun
arca ngarasa kuciwa, dumeh dewa-dewa
bubuatanana palsu, euweuh nyawaan.
18 Kabeh ge gapong, hinakeuneun; dina
waktuna mah ku PANGERAN baris dibasmi.
19 Allahna Yakub mah henteu kawas
maranehna, da nya Mantenna nu ngadamel
saniskara, sarta nya Mantenna nu ngangkat
urang Israil jadi umat Mantenna. Ari
jenengana-Na PANGERAN Nu Maha Kawasa.
20 Dawuhan PANGERAN, "Eh Babul, maneh
teh gada Kami, pakarang perang Kami.
Maneh ku Kami dipake pikeun ngaremukkeun
bangsa-bangsa jeung karajaan-karajaan.
21 Ngancurkeun kuda jeung nu tarumpakna,
ngancurkeun kareta jeung nu tarumpakna,
22 ngajagal jelema-jelema, awewe lalaki, anu
karolot nu ngarora, barudak lalaki barudak
awewe,
23 meuncitan tukang-tukang ngangon jeung
domba-dombana, nu keur ngawaruluku jeung
mundingna, numpes pamarentah katut para
pajabatna."

24 Dawuhan PANGERAN, "Baris kasaksian
ku maneh, Babul katut rahayatna ku Kami
dibales kalakuanana nu geus ngaruksak
Yerusalem.
25 Eh Babul, maneh teh ibarat gunung anu
ngaruksak saalam dunya. Tapi ieu Kami,
PANGERAN musuh maneh. Maneh ku Kami
tangtu dicerek, dibantingkeun jeung diantep
ngagoler dina kekebul.
26 Batu-batu urut ruruntuhan maneh moal
aya nu kapake deui pikeun wawangunan. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN.
27 Bere tangara geusan narajang! Tiup
tarompet sina kadarengeeun ku bangsa-
bangsa. Siapkeun bangsa geusan merangan
Babul! Bejaan karajaan-karajaan Ararat, Mini
jeung Askenas sina buru-buru narajang. Pilih
perwira pikeun mingpin. Iangkeun pasukan
kuda masing nakleuk kawas simeut.
28 Siapkeun bangsa geusan merangan
Babul. Teang raja-raja Media, para pamingpin
jeung para pajabatna katut angkatan perang
sakabeh nagri jajahanana.
29 Bumi eundeur jeung genjlong, sabab
PANGERAN keur ngarobah Babul jadi gurun
keusik nu suwung.
30 Perjurit-perjurit Babul geus teu bisa
neruskeun tarung, nyarempod di jero
bentengna, masing-masing. Geus leungit
wawanenna, geus kawas awewe bae.

Gapura-gapura kota geus dirarubuhkeun,
imah-imahna geus dihuru.
31 Utusan-utusan geus bur-ber mawa beja
ka raja Babul yen benteng kotana geus
diancurkeun ditarajang ti ditu ti dieu.
32 Musuh geus ngarampas walungan
peupeuntasan sarta benteng-benteng geus
dihuru. Tentara Babul geumpeur.
33 Moal lila deui ge baris kasarambut
jeung diidek-idek kawas gandum diirik. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa,
Allahna urang Israil."
34 Raja Babul geus maehan Yerusalem, terus
dihakan. Kotana dikuras kawas ngosongkeun
kendi; tuluy kabeh diteureuy buleud, teu
beda ti naga. Nu dipikahayangna dipilihan,
sesana dibalang-balangkeun.
35 Pek urang Sion, geura ngucap kieu,
"Muga-muga Babul katulah bongan geus
ngarogahala ka urang!" Pek urang Yerusalem,
ngucap kieu, "Muga-muga Babul katulah
bongan geus nyangsara ka urang!"
36 Geus kitu PANGERAN ngadawuh ka urang
Yerusalem, "Perkara maneh ku Kami rek
dibela. Sagala kalakuan musuh maneh ku
Kami rek dibales. Sumber-sumber cinyusu
jeung walungan-walungan di Babul rek disina
gararing.
37 Eta nagri baris jadi ruruntuhan, jadi
enggon sato-sato leuweung. Katenjona matak

keueung, suwung taya nu ngeusian, matak kukurayeun sakur nu ngalanto ka dinya.
38 Urang Babul tinggalaur kawas singa,
tinggarereng kawas anak singa.
39 Lain rakus maranehna teh? Keun, ku Kami rek disadiaan hakaneun, sina pesta sukan-sukan nepi ka marabok. Sina nepi ka harees jeung ulah bisa nyararing deui.
40 Lamun geus kitu ku Kami rek diakutan tuluy dipeuncitan moal beda ti anak domba, embe jeung badot. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
41 Kieu timbalan PANGERAN ngeunaan Babul, "Kota nu diagung-agung ku sadunya teh geus dijabel! Estu matak sumeblak ka bangsa-bangsa nu nyaksianana.
42 Geus kalembak jeung kaliputan ku laut nu ombakna tingjelegur.
43 Kota-kotana matak ketir katembongna jeung geus teu beda ti tegalan nu tara kasorang cai, taya pisan nu nyicingan malah tara aya anu liwat-liwat acan.
44 Dewa Bel, dewa nagri Babul ku Kami baris dihukum, emas-emas beunangna malingan sina dipasrahkeun ka Kami; bangsa-bangsa geus moal maruja deui ka dinya. Kuta-kuta Babul geus rubuh.
45 Eh urang Israil geura nyalingkir ti dinya! Salametkeun diri, ulah karerab ku amarah Kami.

46 Ulah rentag atawa kasima ku dedengean.
Da unggal taun oge beja-beja pikarentageun
teh rupa-rupa aya beja anu nyaritakeun
katelengesan di jero nagri, aya anu
nyaritakeun raja merangan raja deui.
47 Mun geus kitu tandaning geus meujeuhna
waktuna Kami ngahukum brahala-brahala
Babul. Sakuliah nagrina baris ngarasa wirang.
Jelema-jelemana kabeh ditumpes.
48 Lamun Babul geus kajabel ku jelema-
jelema nu datangna ti kaler, sarta geus
diancurkeun, sakur nu di bumi jeung di langit
bakal sarurak ku bungah-bungahna.
49 Babul geus ngalantarankeun tiwasna
manusa di saalam dunya. Ayeuna ku lantaran
geus maehan bangsa Israil anu sakitu lobana,
Babul baris runtuh. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
50 Dawuhan PANGERAN ka umat-Na nu di
Babul, "Maraneh geus luput tina bahya maot.
Geuwat nyalingkir! Ulah talangke! Sanajan
jauh ti lemah cai masing inget ka Kami,
PANGERAN maraneh, jeung ka Yerusalem.
51 Ceuk maraneh, Kuring geus dihinakeun,
diwiwirang, geus taya pisan harepan, lantaran
tempat suci di Bait Allah geus karampas ku
musuh.
52 Ayeuna ceuk Kami, geus datang waktuna
Kami baris ngahukum brahala-brahala Babul
sarta nu taratu bakal tinggarerung di sakuliah
nagri.

53 Sanajan upama Babul bisa ngejat ka
awang-awang tuluy ngadegkeun benteng
tohaga di dinya, mo burung disusul ku
jelema-jelema jurungan Kami supaya
ditumpes. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
54 Dawuhan PANGERAN, "Dengekeun sora
anu careurik di Babul, nyeungceurikan nagri
nu geus ancur.
55 Babul ku Kami keur digempur,
karameanana keur dijemplingkeun. Balad
musuh muru lir ombak gumuruh, tuluy
narajang bari tinggorowok.
56 Daratangna rek ngabasmi Babul; rek
nangkepan serdadu-serdaduna, mingges-
minggeskeun gondewana. Kami teh Allah anu
ngahukum kajahatan. Babul rek dihukum
satimpal jeung kajahatanana.
57 Para kawasana rek disina marabok nu
palinterna, para pamingpinna, tentarana.
Maranehna sina harees, sina ulah harudang
deui. Kitu timbalan Kami, nu jadi Raja,
PANGERAN Nu Maha Kawasa.
58 Kuta-kuta Babul nu tohaga baris rugrug,
gapura-gapurana nu laluhur baris beak
dihuru. Hasil gawe bangsa-bangsa kabeh ge
taya gunana. Sakabeh hasil usahana beak ku
seuneu. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu
Maha Kawasa."
59 Raja Sidkia kagungan pangawal pribadi,
ngaranna Seraya anak Neria, incu Mahseya.
Dina taun kaopat Sidkia jadi raja Yuda,

Seraya milu ka anjeunna ka Babul. Harita
manehna ku kaula dibere rupa-rupa amanat.
60 Eta amanat ku kaula dituliskeun dina buku,
eusina ngeunaan sagala rupa kacilakaan anu
baris tumiba ka Babul, nya kitu deui sagala
rupa perkara sejenna ngeunaan Babul.
61 Kieu ceuk kaula ka Seraya, "Upama
anjeun geus di Babul, sakur anu dituliskeun
dina ieu buku kudu dibacakeun sing bedas ka
urang dinya.
62 Geus kitu anjeun kudu sembahyang kieu,
Nun PANGERAN, Gusti parantos ngadawuh
baris ngabasmi ieu tempat dugi ka moal
aya deui mahluk nu hirup di dieu, boh jalmi
boh sasatoan, sareng ieu tempat baris jadi
salalanggengna.
63 Sanggeus tamat dibaca, ieu buku ku
anjeun kudu ditalian jeung dibabandulan ku
batu, tuluy alungkeun ka Walungan Eprat,
64 bari ngucap kieu, Nya baris kieu
pijadieunana Babul, nya eta bakal tilelep,
moal timbul-timbul deui, sabab baris dibasmi
ku PANGERAN." Sakitu amanat Yermia.

52 1 Waktu Sidkia jadi raja Yuda, yuswana
dua puluh hiji taun jeung marentahna
di Yerusalem meunang sabelas taun. Ari
jenengan ibuna Hamutal putra Yermia urang
kota Libna.
2 Raja Sidkia ngalampahkeun dosa ka
PANGERAN, teu beda ti Raja Yoyakim bae.

3 PANGERAN kacida benduna ka urang
Yerusalem jeung Yuda, nepi ka maranehanana
disingkirkeun ti payuneuna-Na. Sidkia
ngalawan ka Raja Nebukadnesar, raja nagri
Babul.
4 Ku sabab kitu Nebukadnesar nyandak balad
tuluy nempuh Yerusalem dina tanggal sapuluh
bulan sapuluh taun kasalapan pamarentahan
Sidkia. Baladna nyarieun pakemahan di
luareun eta kota, nyieun tembok-tembok
pangepungan di sakurilingna.
5 Eta kota terus dikepung nepi ka taun anu
kasabelas pamarentahan Raja Sidkia.
6 Dina tanggal salapan bulan opat taun eta,
dina keur meumeujeuhna diamuk ku bahya
kalaparan nepi ka rahayat geus teu baroga
pisan dahareun,
7 kuta eta kota geus bisa ditorobos ku
musuh. Tapi tentara-tentara nagri Yuda kabeh
kalabur ti peuting, sanajan sakitu dikepungna
oge ku urang Babul. Kalaburna make jalan
ka taman karajaan, ngaliwatan gapura nu
nyambungkeun tempat patepungna dua kuta,
ti dinya terus muru ka Lebak Yordan.
8 Tapi Raja Sidkia diudag ku balad Babul,
nepi ka katangkep di hiji tegal deukeut Yeriho,
ditaringgalkeun ku sakabeh baladna.
9 Sidkia dibawa ka Raja Nebukadnesar nu
keur calik di kota Ribla di wewengkon Hamat,
ti dinya anjeunna ku Nebukadnesar ditibanan
hukuman.

10 Di Ribla putra-putra Sidkia dipaehan di
payuneun Sidkia pisan, kitu deui para pajabat
nagri Yuda.
11 Geus kitu Sidkia dicokel socana, tuluy
dirante sarta dibawa ka Babul. Di Babulna
dipanjara nepi ka pupusna.
12 Dina tanggal sapuluh bulan kalima
taun kasalapan Nebukadnesar jumeneng
raja di Babul, Nebusaradan, anu jadi
jurunasehat raja sarta panglima perang asup
ka Yerusalem.
13 Bait Allah, karaton jeung imah jalma-jalma
penting di Yerusalem ku manehna dihuru;
14 tembok benteng kotana diruntuh-
runtuhkeun ku serdadu-serdaduna.
15 Ti dinya sakur nu araya keneh di eta
kota, patukangan anu harirup keneh jeung
jalma-jalma anu tadina bariluk ka urang
Babul, ku Nebusaradan diakut ka Babul.
16 Tapi ari jalma-jalma anu mariskin di
Yuda mah, nya eta nu teu boga nanaon,
ku manehna diantep sina caricing di dinya,
dititah ngebon anggur jeung melak gandum.
17 Jeung deui urang Babul teh ngancurkeun
pilar-pilar tambaga nu di Bait Allah
katut papadatianana, nya kitu deui paso
tambagana, seug eta tambaga teh diakut
kabeh ka Babul.
18 Singkup-singkup jeung wadah lebu
paranti ngosokan altar, jeung parabot-parabot
paranti meresihan lampu-lampu, baskom-

baskom paranti nandean getih sato kurban,
parukuyan-parukuyan katut barang-barang
parunggu lianna keur kaperluan di Bait Allah,
eta oge diarakutan.
19 Kitu deui sagala rupa nu dijieun tina
perak jeung emas kayaning: mangkok-
mangkok leutik, panci-panci wadah
ruhak, mangkok-mangkok wadah getih
sato kurban, wadah-wadah lebu, suku-
suku lampu, mangkok-mangkok wadah
seuseungitan jeung mangkok-mangkok
paranti ngawadahan anggur kurban.
20 Barang-barang tambaga beunang
ngadamel Raja Suleman pikeun kaperluan
Bait Allah, nya eta dua pilar, papadatian, paso
gede katut dua belas sasapian pananggeuyna,
anu beuratna geus moal bisa ditimbang.
21 (52:21-22) Pilar anu dua tea ukuranana
sarua luhurna 8 meter, ukuran buleudna
5,3 meter. Kosong di tengahna, kandelna
75 milimeter. Di tungtungna masing-masing
aya mamakutaan tina tambaga keneh anu
luhurna 2,2 meter sarta di sakurilingna dihias
ku anyaman digantungan dadalimaan, kabeh
tina tambaga.
22 (52:21)
23 Dadalimaan anu ngagarantung dina
anyaman dina tiap pilar lobana saratus
siki. Tapi anu tembong ti handap mah,
masing-masing ngan salapan puluh genep.

24 Satuluyna Panglima Nebusaradan nangkep
Seraya, Imam Agung, Sepanya imam kadua
jeung tilu urang deui pajabat penting Bait
Allah.
25 Ti jero kota anu ditangkep teh nya eta
panglima pasukan-pasukan, tujuh urang
juru nasehat pribadi raja nu araya keneh di
kota, sarta wakil panglima purah nyatetkeun
laporan katentaraan, jeung genep puluh
jelema penting sejenna.
26 Ku Nebusaradan maranehna dibawa ka
raja Babul nu keur calik di kota Ribla,
27 di wewengkon Hamat. Maranehna di dinya
ku raja disiksa nepi ka maraotna. Jadi urang
Yuda teh diakut ka pangbuangan.
28 Jalma-jalma anu ditawan jeung diboyong
ku Nebukadnesar teh kieu berendelanana:
dina taun katujuh jadina raja, anjeunna
ngaboyong 3.023 urang;
29 dina taun kadalapan belas, 832 urang ti
Yerusalem;
30 dina taun kadua puluh tilu 745,
diboyongna ku Nebusaradan. Jumlah anu
dibaroyong teh kabehna 4.600 urang.
31 Sanggeus Yoyakin raja Yuda dipanjarana
di pangbuangan meunang 37 taun, dina
tanggal dua puluh lima bulan kadua belas
taun eta, meunang piwelas ti Ewil Merodak
raja Babul gaganti Raja Nebukadnesar, sarta
dikaluarkeun ti jero panjara.

32 Ewil Merodak hade pisan ka anjeunna
sarta maparin kalungguhan nu leuwih mulya
ti batan anu dipaparinkeun ka raja-raja
sejenna anu dibaroyong ka Babul jeung
anjeunna.
33 Ku kituna Yoyakin diidinan ngaganti
papakean panjarana ku papakean biasa sarta
saumur hirupna meunang tuang sameja
jeung raja.
34 Saumur hirupna kaperluan sapopoena
dicukup ku raja.

Ratapan

1 [1] Yerusalem, urut sakitu gegekna ayeuna
jadi nunggelis! Bareto dihormat ku saalam
dunya, ayeuna jadi saperti randa. Urut kota
pangmulyana, ragrag jadi abid hina.
[2] Bati ceurik melas-melis sapeupeuting, pipi
lantis ku cipanon. Urut sobat-sobatna taya
anu datang ngabeberah anu ngahariji jeung
manehna jadi ngahianat sarta jadi lawanna.
[3] Urang Yuda jaradi abid nu taya daya,
dipaksa indit ti lemah cai, hirupna di nagri
batur, teu boga tempat akuan, dilingkung ku
musuh-musuh, taya jalan geusan ngejat.
[4] Geus taya nu indit ka Bait Allah, geus taya
nu babakti dina poe-poe nu suci. Mojang-
mojang panyanyina nalangsa, imam-imamna
bati rumahuh. Di gapura-gapura taya jalma,
Kota Sion diliputan kasedihan.
[5] Musuh-musuhna geus hasil, maranehna
ngawasaan Sion. Dirina ku PANGERAN disina
lara, lantaran loba dosana, anakna kabeh
ditawan, diakut ka pangbuangan.
[6] Kamulyaan Yerusalem ngan kari urutna.
Para pamingpinna kawas uncal nu geus
lungse kalaparan, waktu kabur ti nu ngudag,
tanagana geus meh musna.
[7] Sanggeus rubuh jeung sangsara,
Yerusalem ingeteun ka jaman mulyana

baheula. Sanggeus beunang ku musuhna,
saurang taya nu bela. Malah rubuhna
diseungseurikeun ku musuhna.
8 Musna kahormatanana, taranjang pada
ngahina. Bati sasambat bari nyumputkeun
beungeutna lantaran era. Yerusalem geus
ngotoran dirina ku dosa anu kacida rujitna.
9 Najisna tetela pisan, tapi manehna geus teu
tolih kana nasibna. Rubuhna parna kacida, tur
taya nu sanggup ngupahan. Musuhna unggul,
manehna mah bati sasambat ka PANGERAN
menta dikarunyaan.
10 Harta bandana beak diranjah ku musuh.
Malah nepi ka kudu nenjo maranehna arasup
ka Bait Allah, anu ku PANGERAN dilarang
diasupan ku jalma nu lain umat-Na.
11 Rahayatna rarumahuh nareangan
dahareun, nalukeurkeun barangna kana
kadaharan asal bisa hirup. Seug eta
kota ngoceak, "Duh PANGERAN, tingali
kabalangsakan abdi."
12 "Tenjo ieu kuring," pokna lumengis
ka sakur nu ngaliwat. "Moal aya nu
meunang kanyeri saperti kuring kanyeri anu
dikeunakeun ku PANGERAN, waktu keur
bendu ka kuring.
13 Mantenna ti luhur ninggangan ku seuneu
hurung, ngaduruk tulang-tulang kuring.
Ti hareup masang pitapak, nepi ka kuring
tikusruk, lur dikantun, nandangan kanyeri teu
eureun-eureun.

14 Kabeh dosa-dosa kuring ku Mantenna
diimeutan, dihijikeun terus dibeungkeut, tuluy
digantungkeun dina beuheung kuring nepi ka
kuring beak tanaga, kuring diserenkeun ka
musuh, taya petana ngalawan.
15 Pangeran ngagumujengkeun prajurit-
prajurit kuring nu pangbedasna. Mantenna
ngintunkeun balad musuh, sina ngabasmi
nonoman-nonoman kuring, rahayat kuring
ku Mantenna dileyek kawas anggur dina
pameresan.
16 Eta sababna cipanon kuring teu saat-saat.
Batur teu bisa ngalilipur, taya nu bisa
negerkeun hate. Kuring geus rubuh ku
musuh, rahayat jadi muluntu.
17 Kuring ngacungkeun leungeun menta
dibantu, tapi euweuh nu daekeun. PANGERAN
manggil musuh-musuh, sina nempuh ti ditu
ti dieu. Kuring ku musuh dileyek kawas
geugeuleuh.
18 Tapi eta teh ku sabab PANGERAN adil,
salah kuring, mungpang ka Mantenna.
Dengekeun, eh rahayat di mana-mana,
tenjo ieu kuring nandangan kanyeri,
jajaka-jajaka jeung mojang-mojang kuring
jaradi babandan.
19 Menta tulung ka sobat-sobat tapi kabeh
ararembungeun. Imam-imam jeung para
pamingpin, paraeh di jalan-jalan kota sabot
nareangan dahareun sangkan bisa hirup.

20 Duh PANGERAN, tingali kasangsaraan
abdi, tingali batin abdi nu nalangsa. Hate
abdi ancur kaduhung ku dosa-dosa. Kaluar
beunang ku jagal, di jero aya malakalmaot.
21 Dangukeun panyambat abdi, da jalmi
mah taya nu sanggup ngupahan. Nu bungah
teh musuh, ningal abdi meunang musibat ti
Gusti. Mugi buktoskeun waktos anu ku Gusti
dijangji, musuh-musuh abdi sing sangsara,
sapertos abdi ayeuna.
22 Perhatoskeun sagala kajahatanana.
Hukum maranehna, sakumaha Gusti
ngahukum dosa abdi. Abdi humarurung
nandangan sangsara, hate pinuh ku
nalangsa."
2 1 Ku bendu-benduna Pangeran, Sion
dirungkup ku poek. Kaendahanana anu
lir sawarga, sina lebur burakrakan. Ku
bendu-benduna Pangeran, Bait-Na ge nepi ka
teu ditolih.
2 Tiap desa di Yuda ku Pangeran dibasmi taya
kawatir. Benteng-benteng papayung nagrina
dirubuh-rubuhkeun. Karajaanana katut para
kawasana, diragragkeun jadi hina.
3 Sajeroning benduna, Pangeran
ngancurkeun kakuatan Israil. Waktu
musuh datang, urang menta tulung ku
Mantenna teu didangu. Kawas seuneu anu
ngamuk, Mantenna ngancurkeun sagala rupa.
4 Mantenna saperti musuh, ka urang
mentang-mentangkeun jamparing-Na.

Jalma-jalma nu matak resep jeung bungah,
ku Mantenna dipaehan kabeh. Di dieu di
Yerusalem, urang ngarasa panas bebendu-Na.
5 Kawas musuh bae, Pangeran ngagempur
Israil. Benteng-benteng jeung karaton-
karatonna dijadikeun ruruntuhan. Urang Yuda
disina sangsara sapapanjangna.
6 Bait Allah, tempat Mantenna dibakti, eta
ge diburak-barik, poe-poe suci jeung poe
Sabat dieureunkeun. Raja jeung imam-imam
katibanan bebendu-Na.
7 Pangeran nolak altar-Na, ngantunkeun
Bait-Na nu suci, ngidinan musuh ngancurkeun
tembok-tembokna. Di tempat urang babakti,
musuh nyurakkeun kaunggulanana.
8 PANGERAN enggeus mutus yen tembok-
tembok Sion kudu rugrug. Memang ku
Mantenna geus diukur supaya rugrug sama
sakali. Munara-munarana, kuta-kutana,
ayeuna kari ruruntuhanana.
9 Lawang-lawang gapura kaurugan
ruruntuhan, tulak-tulak papalangna parotong.
Raja jeung para bangsawan ayeuna araya di
pangbuangan. Hukum Musa teu diwulangkeun
deui, nabi-nabi geus tara meunang ilham ti
PANGERAN.
10 Urang Yerusalem nu geus karolot,
tinghareruk alandiprek dina taneuh, sirahna
dilebuan, awakna marake baju karung.
Mojang-mojang ngaheluk tarungkul kana
taneuh.

11 Panon kuring carindul balas ceurik, batin
ngenes ngangres. Beak-beak nya nalangsa,
ningal dulur-dulur tumpur. Barudak leutik
jeung orok kapaehan di jalan-jalan kota.
12 Careurik ema-emaan, kalaparan jeung
kahalabhaban. Tingkudupruk di jalan-jalan
kawas ku raheut, lalaunan paraeh dina
lahunan indungna.
13 Duh Yerusalem, Yerusalem kadeudeuh!
Naon nu kudu diucapkeun ku kuring? Kumaha
petana ngalilipur anjeun? Da can aya anu
sangsarana cara anjeun mah. Kacilakaan
anjeun taya watesna saperti lautan, lain
tulunganeun deui.
14 Anu ku nabi-nabi diomongkeun ka anjeun
teh tipu jeung bohong. Maranehna tara tara
nyebutkeun yen anjeun dosa, nepi ka anjeun
boga pikiran teu perlu tobat.
15 Sakur anu laliwat ka dieu, nenjona ka
anjeun pinuh ku panghina, ngagodegkeun
sirah bari nyeungseurikeun ruruntuhan
Yerusalem, "Kutan ieu kota nu endah
kaagulan sadunya teh?"
16 Musuh-musuh ka anjeun maroyok bari
merong bangun ijid, biwirna tingjarebi
ngahina, "Geus ancur tah ku urang! Nya ieu
poe anu diarep-arep ku urang teh!"
17 PANGERAN geus ngabuktikeun ancamana-
Na: Ngabasmi urang taya kawatir, sakumaha
ancamana-Na bareto. Musuh urang disina
unggul, sina atoheun nenjo urang rubuh.

18 Duh Yerusalem, kuta-kuta anjeun sina
sasambat ka Pangeran. Kocorkeun cipanon
beurang peuting kawas walungan, ceurik
terus tong eureun-eureun nepi ka cape.
19 Sapeupeuting hees lilir deui, lilir deui,
sasambat ka Allah. Ucutkeun eusi hate,
menta sangkan Mantenna watir ka anak-anak
anjeun, anu sakarat di juru-juru jalan
lantaran kalaparan.
20 Duh PANGERAN, tingali ieu kenging Gusti
nyasaak! Para indung dugi ka tega ngahakan
anak anu tuman dititimang. Imam-imam,
nabi-nabi, diparaehan di jero Bait Gusti pisan.
21 Kolot, ngora, tinglalonjor sajajalan.
Jajaka-jajaka, mojang-mojang, ngababatang
beunang nyabetan ku pedang, ku Gusti
dipeuncitan taya kawelas, sajeroning Gusti
bendu.
22 Musuh-musuh abdi ku Gusti diondang sina
pesta kakejeman sakurilingeun abdi. Dina
dintenan Gusti bendu, abdi-abdi taya anu bisa
luput. Pun anak sadaya, buah ati kembang
rasa, tumpes tumpur diparaehan ku musuh.
3 1 Kuring teh jalma nu geus ngarasa
sangsarana dihukum ku Allah.
2 Ku Mantenna terus disedek-sedek, beuki
jero, ka nu poek,
3 bari haben diteunggeulan, disiksa taya
welasna.
4 Saluar awak eumeur jeung barohak,
tulang-tulang parotong.

5 Ku Mantenna dikurung di jero panjara
kaliwung jeung kalaraan,
6 dipaksa cicing di nu poek mongkleng,
poekna alam maot.
7 Kuring dicangcang ku rante, jadi sakitan
anu pamohalan bisa kabur.
8 Jejeritan menta tulung ge ku Allah henteu
didangu.
9 Mun leumpang jajarigjeugan, kapeungpeuk
sakurilingna ku tembok batu.
10 Mantenna ngadago kawas biruang, tuluy
ngarontok saperti singa.
11 Kuring diudag kaluar ti jalan, disasaak,
tuluy ditinggalkeun.
12 Mantenna mentang gondewa, jamparing-
Na ditojokeun ka kuring,
13 tuluy dilepas-lepaskeun narancleb jero
kana awak.
14 Sapoe jeput kuring pada nyeungseurikeun,
ku jalma-jalma dijieun bahan luluconna.
15 Sangsara nu pait peuheur, eta keur
dahareun jeung inumeun kuring ti Mantenna.
16 Beungeut kuring ku Mantenna diasah kana
taneuh, huntu parunglak dibenturkeun kana
batu.
17 Kuring geus poho, kumaha rasana sehat,
kumaha rasana tengtrem jeung bagja.
18 Samar bisa hirup lila, harepan ka
PANGERAN geus leungit.
19 Ari ras kana kanyeri tur teu boga tempat
cicing, karasana lir racun pait.

20 Hal ieu teu weleh jadi pikiran, jadi
bangbaluh hate.
21 Ngan hadena pangharepan timbul deui,
lamun inget yen:
22 Asihing PANGERAN teh taya kandegna,
welas-Na taya suda-Na,
23 tetep seger lir hawa isuk, tur pasti lir
surya medal.
24 Kaboga kuring ngan PANGERAN, harepan
ngan ka Mantenna.
25 PANGERAN teh murah asih ka nu ngandel
ka Mantenna.
26 Hade lamun urang sabar, nunggu wancina
urang dijait ku Mantenna.
27 Malah mun urang ti ngongora diajar sabar
kitu, eta teh utama pisan.
28 Mun urang meunang kasusah, bawa diuk
nyorangan bari sabar nyicingkeun diri,
29 tungkul sumerah, sabab bisa jadi
harepaneun aya keneh.
30 Panyiksa, panghina, ulah weleh
tarimakeun.
31 Pangeran teh maha welas, moal salawasna
ngantepna ka urang.
32 Mantenna sok maparin duka lara, tapi
pasti jeung teguh asih-Na.
33 Najan maparin kasedih atawa kanyeri,
saenyana Mantenna henteu iklaseun.
34 Pangeran uninga waktu hate urang ancur
di jero panjara.

35 Mantenna uninga, waktu hak-hak urang
paparin Mantenna dipungkir ku batur,
36 uningaeun waktu kaadilan diputer balik di
pangadilan.
37 Ngan pangersa Pangeran bae nu pasti
baris ngajadi.
38 Hade jeung jahat bisa jalan ngan ku
karana parentah Mantenna.
39 Jadi lamun ku karana dosa sorangan
urang dihukum ku Mantenna, ku naon make
ngarasula?
40 Lenyepan lalampahan urang, tuluy balik
deui ka PANGERAN.
41 Bukakeun hate ka Allah di sawarga, sarta
ngadoa,
42 "Abdi-abdi parantos dosa, ngalawan,
sareng Gusti, nun PANGERAN, teu kersa
ngahampura.
43 Gusti ngudag-ngudag, ngabinasa abdi
sadaya, kawelas Gusti kasilep ku bendu.
44 Mega bebendu Gusti kacida kandelna, teu
tiasa katembus ku paneda abdi sadaya.
45 Abdi sadaya ku Gusti didamel
pangruntahan saalam dunya.
46 Dicarekan sareng dipoyok ku sadaya
musuh.
47 Nyorang cilaka dugi ka runtuh lebur hirup
diriung ku bahla sareng kasieun.
48 Cipanon bedah, caah sapertos walungan
nyeungceurikan bangsa abdi nu parantos
ruksak.

49 Kuring moal eureun-eureun ngocorkeun
cipanon,
50 nepi ka PANGERAN neuteup ti sawarga
sarta merhatikeun ka urang.
51 Hate kuring ngangres nenjo anu tumiba
ka para wanita di jero kota.
52 Kawas manuk, kuring ditaheunan ku
musuh anu ngewaeun teu puguh-puguh.
53 Digebruskeun hirup-hirup kana sumur,
liangna dipendet ku batu.
54 Cai geus mimiti ngalaput awak ceuk
pikiran sakeudeung deui ge kuring paeh.
55 Ti dasar sumur abdi jumerit ka Gusti, nun
PANGERAN.
56 Sareng waktos abdi nyuhunkeun
supados panyambat abdi didangu, Gusti
ngadangukeun,
57 sareng ngawaler yen abdi ulah sieun.
58 Teras Gusti sumping kangge ngajait abdi.
Sareng nyalametkeun nyawa abdi.
59 Abdi nyuhunkeun dipaparin kaadilan, da
Gusti uninga kajahatan batur ka abdi,
60 uninga kumaha geuleuheunana musuh,
sareng kumaha sakaitna ngalawan ka abdi.
61 Gusti ngadangu maranehna nyarekan ka
abdi, nun PANGERAN, uninga kana pakarepan
maranehna.
62 Sadinten jeput maranehna ngomongkeun
abdi, sareng ngarang rarancangna.
63 Ti enjing dugi ka wengi maranehna
guguyonan perkawis abdi.

64 Hukum kalakuanana kitu teh, nun
PANGERAN.
65 Sapa maranehna sina pegat harepan!
66 Udag-udag, sapukeun sing leungit ti alam
dunya."
4 1 Emas urang nu harerang jadi surem teu
cahyaan. Batu-batu Bait Allah bacacar di
jalan-jalan.
2 Para nonoman Sion pikeun urang pangajina
sarua jeung emas, tapi ayeuna mah geus
disaruakeun jeung pariuk taneuh.
3 Dalah indung ajag ge sok nyusuan anakna,
tapi bangsa kuring mah kawas manuk onta,
ka orokna ge telenges.
4 Orok-orokna diantep sina paraeh ku lapar
jeung ku halabhab, barudak marenta dahar
taya nu mere.
5 Nu tuman dalahar ngeunah, paraeh di
jalan-jalan ku kalaparan. Nu biasana hirup
mewah, ayeuna ngorehan dahareun di jarian.
6 Bangsa kuring geus dihukum leuwih beurat
ti batan urang Sadumu, anu ngadadak dilebur
ku Allah.
7 Para pamingpin urang asalna mah tanpa
noda, murni saperti salju, taregep sarta
baredas, semu cahyaan lantaran sarehat.
8 Ayeuna mah ngalalungsar di jalan teu bisa
kawawuhan, beungeutna gareuneuk siga rek
sahoseun, kulitna gararing kawas pangpung,
kararijut dina tulangna.

9 Leuwih untung nu paeh di medan perang, ti
batan nu paeh sanggeusna, paehna lalaunan
lantaran kalaparan, teu manggih dahareun
pikeun hirupna.
10 Kacilakaan bangsa kuring estu
pikasieuneun, indung-indung nu gede
kanyaahna ge nepi ka tega ngulub anak
sorangan jadi dahareun.
11 PANGERAN ngumbar bendu-Na Sion
dihuru diratakeun jeung taneuh.
12 Di mana-mana, saurang ge, malah para
pamingpin bangsa asing ge, taya nu percaya
yen gapura-gapura Yerusalem bisa diasupan
musuh.
13 Tapi hal eta geus kajadian, lantaran
nabi-nabina geus dosa, imamna saralah,
ngalantarankeun paraehna rahayat anu teu
salah.
14 Para pamingpinna mapay-mapay jalan
kawas nu lolong, pakeanana jeger ku getih
matak geuleuh nyabakna.
15 Pada ngahaokan ku jalma-jalma,
"Nyingkah maneh, rujit! Tong antel ka kami!"
Tungtungna ngalantur mapay bangsa-bangsa,
tapi taya nu narima.
16 PANGERAN ku manten geus teu kersaeun
nolih, malah maranehna dipabalencarkeun.
Imam-imam jeung para pamingpin urang ku
Mantenna geus teu dihargaan.
17 Nenjoan nepi ka cape sugan datang
nu rek nulungan, tapi teu aya bae. Haben

ngarep-ngarep pitulung ti hiji bangsa nu teu bisaeun mere naon-naon.
18 Musuh ngawaskeun terus, nepi ka urang teu bisa ngulampreng ka jalan. Poe-poe urang geus tutup, tinggal ngadagoan panungtungan.
19 Musuh ngudagna leuwih gancang ti batan heulang anu nyirorot ti awang-awang. Mubus ka gunung urang disusul, ka gurun keusik diberik.
20 Musuh geus nangkep sumber hirup urang, raja pilihan PANGERAN, nu ku urang dipercaya nangtayungan ti sakur nu datang nempuh.
21 Hayoh urang Edom jeung urang Us, teruskeun sareuri barungah, meungpeung barisa keneh. Picilakaeun maraneh ge tereh datang; maraneh ge bakal sasampoyongan, taranjang, nandangan era.
22 Sion mah dosana enggeus kabayar; urang ku PANGERAN moal lila-lila deui diantep di pangbuangan. Sabalikna maneh Edom, bakal dihukum ku PANGERAN, kalakuan maneh anu salah ku Mantenna bakal dibolekerkeun.

5 1 Nun PANGERAN, sing emut ka nu karandapan ku abdi-abdi. Tingali kahinaan abdi sadaya.
2 Harta milik abdi-abdi dikawasaan ku jalmi-jalmi sanes, rorompok dicicingan ku jalmi-jalmi urang asing.

3 Para bapa parantos maraot ku musuh,
indung-indung ayeuna jaradi randa.
4 Cai kangge nginum kedah dibayar, kayu
kangge suluh kedah dipeser.
5 Abdi-abdi dipaksa digawekeun sapertos
kalde atanapi onta, cape ge teu kenging
ngaso.
6 Malar tedaeun cekap kangge hirup,
abdi-abdi indit jajaluk ka Mesir sareng ka
Asur.
7 Karuhun nu gaduh dosana, parantos
maraot, abdi-abdi nu nandangan sangsarana.
8 Abdi-abdi diparentah ku jalmi-jalmi anu
teu langkung ti harkat badega, nanging teu
aya nu tiasa ngaleupaskeun abdi-abdi tina
cangkinganana.
9 Di luar kota tingalider tukang-tukang
maehan, upami abdi-abdi nyiar tedaeun,
nyawa taruhanana.
10 Perbawa lapar, awak jadi nyongkab panas
ku muriang, kulit ge panas sapertos anglo.
11 Bojo-bojo diperkosa di Gunung Sion pisan,
di tiap desa di Yudea, mojang-mojang dipaksa
masrahkeun kahormatanana.
12 Para pamingpin ditarangkepan, teras
digarantung. Para sepuh teu diajenan.
13 Para jajaka dipaksa kedah ngagiling
gandum saperti abid. Barudak leutik
tingjarigjeug manggulan kayu anu bareurat.
14 Kolot-kolot tara deui dariuk di gapura
kota, barudak ngora tara deui maen musik.

15 Kabagjaan abdi-abdi parantos musna
tina kahirupan; igel abdi-abdi gentos jadi
kanalangsaan.
16 Sugri nu jadi kareueus parantos teu araya.
Abdi-abdi jadi cilaka ku margi parantos dosa.
17 Gering sajeroning pikir, panon meh teu
awas ningal, kahalangan ku cipanon,
18 nalangsa ku Gunung Sion nu parongpong
cunggelik sepi, ruruntuhanana jadi tempat
laliarna anjing-anjing leuweung.
19 Nanging nun PANGERAN, Gusti teh Raja
abadi, nu murba salalanggengna.
20 Ku naon ngantunkeun abdi sadaya
sakitu lamina? Kumaha, kersa upami Gusti
mikaemut deui ka abdi sadaya?
21 Wangsulkeun abdi sadaya, wangsulkeun
ka pangkon Gusti, nun PANGERAN!
Pulihkeun deui kamulyaan abdi-abdi sapertos
kapungkur.
22 Atanapi bade tetep abdi-abdi dipiceun
sapapaosna? Bade teras bendu teu aya
watesna?

Yehezkiel

1 [1] Sim kuring, Yeheskel bin Busi, pangkat
imam. Hirup di nagri Babul, matuh di
sisi Walungan Kebar, bareng jeung sasama
bangsa Yahudi, jadi boyongan. Dina tanggal
lima, bulan kaopat, taun katilu puluh, ningal
langit muka. Breh aya titingalan ngeunaan
salira Allah.
[2] Harita nincak taun kalima Raja Yoyakin jadi
boyongan di nagri Babul.
[3] Di dinya, di sisi Walungan Kebar, nagri
Babul, kakuping gentra PANGERAN nimbalan
ka sim kuring, sarta sim kuring keuna ku
pangawasa-Na.
[4] Barang tanggah, katingal aya angin topan
nebak ti kaler, bray kilat ngaburinyay tina
gumplukan mega, langit lebah dinya mani
ngagebur. Anu kasorang ku eta kilat mani
ruhay cahayaan lir sinar parunggu.
[5] Di jero topan tea, di tengah-tengahna, aya
opat mahluk siga-siga jelema.
[6] Beungeutna opat-opat, jarangjangan
opat-opat.
[7] Sukuna barebeng jeung talapokan siga
talapok sapi, harerang kawas parunggu anyar
digosok.
[8] Jaba ti bareungeutan, jeung jarangjangan
teh, baroga leungeun opat-opat deui,

bangunna siga leungeun jelema, ayana di handapeun tiap jangjang.
9 Ari jangjangna maleber dua-dua, tungtung jeung tungtung antel kana jangjang baturna, ngawangun pasagi opat. Ana mahluk-mahluk tea obah, bareng obah opatanana, tapi awakna henteu kabawa ngagilir.
10 Ari beungeutna anu opat-opat tea, bangunna ge pada-pada opat rupa, beda-beda. Nu beulah hareup beungeut jelema, nu beulah katuhu beungeut singa, nu beulah kenca beungeut sapi, nu beulah tukang beungeut manuk rajawali.
11 Jangjangna maleber dua-dua ka luhur, paantel jeung tungtung jangjang batur gigireunana, ari jangjang anu dua deui ngalalingkup nutupan awakna.
12 Nyanghareupna masing-masing bisa ka opat jihat, jadi bisa bareng ka ditu ka dieu ka mana karepna bari teu kudu luak-lieuk.
13 Di tengah-tengah eta opat mahluk aya anu kawas obor ngagebur, obah-obah teu daek cicing. Hurungna ngagegedur, kilatna mancawura.
14 Opat mahluk tea oge henteu cicing, suat-siet ka ditu ka dieu kawas kilat.
15 Sabot sim kuring nelek-nelek eta opat mahluk, breh ningal aya opat gilinding napak kana taneuh di gigireunana masing-masing.
16 Eta gilinding sarua bangunna, jeung tingpaloncorong kawas sorot batu permata.

Di tengah saban gilinding aya gilinding hiji
deui di tengah asna.
17 Jadi gilinding teh bisa obah ka opat jihat.
18 Pelekna masing-masing pinuh katutup ku
mata.
19 Ana opat mahluk tea pindah, gilinding
tea ge pindah nuturkeun; ana opat mahluk
tea ngapung, gilinding tea ge nuturkeun
ngapung.
20 Opat mahluk tea pipindahan ka mana
karep, gilinding-gilinding oge nya kitu, da
diatur ku opat mahluk tea.
21 Jadi saban opat mahluk tea maju, atawa
eureun, atawa ngapung, gilinding-gilinding
tea ge nuturkeun kitu.
22 Di luhureun sirah opat mahluk tea aya anu
siga lalangit melengkung, kawas tina kristal,
matak serab.
23 Nya di handapeun eta ayana opat
mahluk tea, meberkeun dua jangjangna
masing-masing sina paantel jeung tungtung
jangjang baturna, sarta jangjang anu dua
deui ngalingkup nutupan awakna.
24 Sora jangjangna ari keur hiber mani
ngaguruh sada guruhna laut, sada ambregna
aleutan balad gede, jeg soara gentra Allah Nu
Maha Kawasa. Ari hiberna eureun, jangjangna
dilingkupkeun.
25 Tapi soara guruhna mah kadenge keneh,
datangna ti luhureun lalangit nu melengkung
tea, di luhureun sirah mahluk anu opat.

26 Di luhureun lalangit tea aya anu siga
singgasana tina batu nilem, dilinggihan ku
anu siga manusa.
27 Eta anu siga manusa teh cahayaan kawas
cahaya parunggu nu keur dilebur ku seuneu.
Cahayana mancawura matak serab pisan,
28 jadi warna-warni cara cahaya katumbiri.
Sihoreng eta cahaya anu pikahelokeun teh
tanda yen PANGERAN aya di dinya. Bruk bae
sim kuring nyuuh kana taneuh, geus kitu
ngeng aya gentra.
2 1 Gentra teh kieu ungelna, "Eh anak
manusa, geura cengkat. Kami boga
caritakeuneun."
2 Sabot kitu sim kuring katerap ku Roh Allah,
sarta deg sim kuring ditangtungkeun. Geus
kitu ngeng gentra teh aya deui, ungelna,
3 "Eh anak manusa, maneh ku Kami arek
diutus ka urang Israil. Maranehna geus
barontak ka Kami, ngaralawan. Barontakna
nepi ka ayeuna. Karuhunna oge kitu,
4 baredegong, ka Kami henteu ngajenan. Nya
ku sabab kitu maneh ku Kami diutus ka ditu,
ngemban timbalan anu baris diandikakeun ku
Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.
5 Rek nurut rek henteu eta tukang barontak
teh ka maneh, kumaha maranehna bae, asal
nyarahoeun yen aya nabina.
6 Maneh, eh anak manusa, teu kudu sieun ku
maranehna. Teu kudu miris ku omonganana.
Geus tangtu ngaralawan, ngahararina ka

maneh. Hirup jeung maranehna sarua jeung
dirubung-rubung ku langgir. Tapi poma ulah
inggis ku eta tukang barontak, teu kudu paur
ku omonganana.
7 Tepikeun bae ka maranehna anu ku Kami
baris diandikakeun ka maneh, rek ditarurut
rek henteu, kawantu eta teh jalma-jalma anu
baredegong pisan.
8 Eh anak manusa, regepkeun sagala
rupa anu ku Kami baris diandikakeun teh.
Maneh mah ulah ngalawan, ulah kawas
maranehna. Pek geura calangap, dahar ieu
anu diasongkeun ku Kami."
9 Sor aya panangan nyodorkeun hiji surat
gulungan.
10 Seug eta surat gulungan teh ku
eta panangan dibuka, katembong dua
beulahanana ditulisan, anu ungelna ucapan-
ucapan ngagambarkeun jerit kapati-pati,
haregung jeung humarurung.
3 1 Allah nimbalan, "Eh anak manusa, dahar
ieu surat gulungan teh. Geus kitu maneh
kudu indit ka urang Israil, ngemban timbalan
Kami."
2 Seug sim kuring calangap. Surat gulungan
teh ku eta panangan diasongkeun, supaya
didahar.
3 Timbalana-Na deui, "Eh anak manusa,
heh ieu surat gulungan teh dahar. Eusian
beuteung teh ku ieu." Seug ku sim kuring
didahar, rasana amis asa madu.

4 Allah nimbalan, "Eh anak manusa, jig
tepungan urang Israil, tepikeun timbalan
Kami ka maranehna.
5 Maneh teh diutus teh lain ka bangsa asing
anu basana hese. Diutus teh ka bangsa Israil.
6 Ari diutus ka bangsa asing anu loba mah,
anu basana harese, anu maneh teu ngarti,
moal teu aya anu daraekeun ngadengekeun
ka maneh.
7 Tapi urang Israil mah saurang ge teu nurut.
Baredegong kabeh, bangkawarah.
8 Ku sabab kitu maneh oge ku Kami rek
dibedegongkeun kawas maranehna.
9 Maneh rek dijieun lir batu karang, anu
tagen, sarta teuas cara inten. Jadi ulah
salempang ku eta anu balangkawarah teh."
10 Timbalana-Na deui, "Eh anak manusa,
regepkeun, ingetkeun sagala rupa anu baris
diucapkeun ku Kami.
11 Jung tepungan batur maneh pada-pada
boyongan, bere nyaho timbalan-timbalan
Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, rek
didarenge rek henteu."
12 Geus kitu sim kuring diangkat ku Roh
Allah. Ari di tukangeun aya sora anu maruji
mani ngageder, ungelna, "Sagala puji
kasanggakeun ka PANGERAN anu jumeneng
di sawarga agung!"
13 Sora eta pabaur jeung sora jangjang opat
mahluk anu bareng kikiplik di awang-awang,

pagalo jeung sora gilinding-gilinding tea,
tinggeleger sada lini.
14 Sajaba ti diangkat ku Roh Allah, karasa
aya deui tanaga anu ngangkat sarta nyandak
sim kuring, kacida rongkahna, nya eta tanaga
kakawasaan PANGERAN. Sajeroning kitu
sim kuring kadatangan rasa keuheul, jeung
hayang ngabudalkeun amarah.
15 Saterusna sim kuring geus aya di Tel Abib
di sisi Walungan Kebar, tempat para boyongan
tea. Meunang tujuh poe cicing bae di dinya,
asa hareugeueun keneh ku sagala anu geus
katingal jeung nu geus karungu.
16 Sanggeus liwat tujuh poe, PANGERAN
nimbalan ka sim kuring,
17 "Eh anak manusa, maneh ku Kami
diangkat jadi pangawasa urang Israil.
Tepikeun ancaman-ancaman Kami ka
maranehna.
18 Upama Kami geus nimbalan si Anu kudu
paeh lantaran nyieun dosa, upama jelemana
ku maneh henteu dibere peringetan yen ulah
jahat sangkan nyawana karaksa, eta jelema
tangtu paeh tur nanggung dosa. Tapi sual
paehna maneh anu kudu tanggung jawab ka
Kami.
19 Upama paehna sanggeus ku maneh
dielingan henteu nurut, paehna nanggung
dosa, tapi sual paehna lain salah maneh,
maneh tangtu salamet.

20 Upama aya jelema bener tuluyna nyieun
dosa, sarta ku Kami digebruskeun kana
bahya maot, upama ku maneh henteu dibere
peringetan, tangtu eta jelema paeh nanggung
dosa, sarta kalakuanana ka tukang-tukang
anu hade ku Kami hamo dipirosea. Tapi sual
paehna maneh kudu tanggung jawab ka
Kami.
21 Sabalikna upama ku maneh dipepelingan
heula yen ulah nyieun deui dosa seug nurut,
eureun tina ngalampahkeun dosa, eta jelema
tangtu hirup terus, maneh oge salamet."
22 Heab ku sim kuring karasa aya hiji
kakuatan, nandakeun PANGERAN keur aya di
dinya. Karungu Mantenna ngandika, "Maneh
kudu indit ka lebak. Kami rek ngandika ka
maneh di ditu.
23 Barang jol ka lebak, breh ningal
kamulyaan PANGERAN saperti anu katingal di
sisi Walungan Kebar. Bruk sim kuring nyuuh
kana taneuh.
24 Tapi tuluy ditangtungkeun deui ku Roh
Allah anu nyurup ka sim kuring. PANGERAN
nimbalan kieu, "Geura balik, tuluy ngurung
maneh di imah.
25 Di dinya maneh arek ditalian, eh anak
manusa, sangkan teu bisa patepung jeung
jalma rea.
26 Letah maneh arek dibisukeun, sangkan
teu bisa mere peringetan ka jalma-jalma
bangkawarah.

27 Upama geus aya deui pangandika
Kami ka maneh, sarta maneh geus dibere
kapercekaan nyarita, ucapkeun ka maranehna
sagala hal anu baris didawuhkeun ku Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung. Ngan ku sabab
jelema-jelemana basangkal, nu daraek
ngadenge ka maneh teh ngan sawareh, nu
sawareh deui mah moal malire."
4 1 Allah ngandika, "Eh anak manusa, cokot
batu bata, teundeun di hareupeun. Tuluy
garis-garis, gambarkeun kota Yerusalem.
2 Di sakurilingeunana gambarkeun solokan-
solokan jero, pakakas-pakakas paranti
ngali taneuh, pakemahan-pakemahan jeung
pakakas-pakakas panggedor, nandakeun eta
kota keur dikepung.
3 Tuluy cokot katel beusi, tangtungkeun
antara maneh jeung eta kota minangka
kuta. Maneh kudu nyanghareup ka eta anu
diupamakeun kota keur dikepung, maneh
minangka anu ngepungna. Ieu teh pikeun
galagat ka bangsa Israil.
4 (4:4-5) Geus kitu maneh nyangkere
ka beulah kenca, ku Kami rek ditindihan
ku kasalahan urang Israil. Lilana maneh
kitu 390 poe, nandangan sangsara ku
karana kasalahan maranehna. Sakitu poe
lilana maneh dihukum ku Kami, sapoena
ngupamakeun sataun hukuman urang Israil.
5 (4:4)

6 Upama eta geus anggeus, maneh
kudu malik nyangkere ka beulah katuhu,
nandangan deui sangsara ku karana
kajahatan urang Yuda, lilana opat puluh poe,
sapoena ngupamakeun sataun hukuman
maranehna.
7 Pencrongkeun panon maneh ka Yerusalem
anu keur dikepung. Amang-amang peureup
maneh ka dinya, ucapkeun picilakaeunana.
8 Sangkan maneh ulah bisa malik, awak
maneh ku Kami rek ditalian nepi ka eta
pangepungan eureun.
9 Ayeuna geura bebekelan, gandum, hanjeli,
kacang beureum, kacang polong, jawawut
jeung gandum lemes, aduk jieun roti,
dahareun maneh sajero 390 poe nyangkere
ka beulah kenca.
10 Maneh dahar teh ngan meunang semet
230 gram sapoena, nepi ka poe isukna.
11 Nginum oge diwates ngan meunang semet
dua cangkir.
12 Pikeun ngasakkeun roti, maneh kudu
nyieun pirunan, suluhna ku kotoran jelema
anu geus garing, mun geus asak terus dahar
sing katenjo ku saban jelema."
13 Timbalana-Na deui, "Eta pikeun
ngibaratkeun, yen bakal ngadahar kadaharan
anu dilarang ku Hukum Musa, waktu engke ku
Kami dipabalencarkeun ka nagri-nagri asing."
14 Kaula ngawangsul, "Nun PANGERAN Nu
Maha Agung! Paliyas abdi nganajiskeun diri.

Ti bubudak abdi tara neda daging sato anu
paehna sanes dipeuncit, atanapi anu paeh ku
sato galak. Tara neda katedaan anu dianggap
haram."
15 PANGERAN Nu Maha Agung ngandika,
"Alus. Lamun kitu, pikeun ngasakkeun roti
teh suluhna ku kotoran sapi bae."
16 Timbalana-Na deui, "Eh anak manusa,
bahan pangan urang Yerusalem ku Kami baris
disapatkeun. Urang dinya daharna bakal
diwatesanan, nginumna bakal diwatesanan.
Sina araringgis, sina saralempang ku
dahareun jeung cai inumeun.
17 Maranehna bakal pegat pangharepan
lantaran beakeun roti jeung cai, sarta ahirna
paraeh ku karana dosa-dosana."
5 1 PANGERAN nimbalan, "Eh anak manusa,
cokot pedang anu seukeut. Cukur janggot
jeung buuk maneh ku eta nepi ka beak.
Buukna timbang dina taraju, tuluy jieun tilu
gunduk.
2 Nu sagunduk duruk di jero kota anu geus
henteu dikepung deui. Sagunduk deui cacag
ku eta pedang sakurilingna. Anu sapertilu
deui awurkeun sina kabawa ku angin sarta
baris diberik ku pedang Kami.
3 Sesakeun buuk teh, tungkus dina kelin
baju.
4 Tuluy cokot saeutik ti dinya, purulukkeun
kana seuneu nepi ka beak. Seuneuna bakal
mancawura ka sakumna bangsa Israil."

5 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Awaskeun, Yerusalem teh ku Kami
dipernahkeunana di puseur dunya, dikuriling
ku nagri-nagri.
6 Tapi Yerusalem ngalawan kana parentah-
parentah Kami, leuwih jahat ti batan
bangsa-bangsa sejen, leuwih bahula ti batan
nagri-nagri sakurilingna. Parentah-parentah
Kami ditolak, papakon-papakon ti Kami teu
dilakonan.
7 Ku sabab eta eh Yerusalem, dengekeun
ieu sabda Kami, PANGERAN Nu Maha
Agung. Ku lantaran maneh teu nurut
kana papakon-papakon ti Kami, henteu
ngalakonan parentah-parentah Kami, maneh
leuwih-leuwih nya ngajengkelkeun alah batan
ti bangsa-bangsa anu sakuriling maneh.
Maneh kalah ka muja kana adat kabiasaan
bangsa-bangsa batur.
8 Ku sabab kitu Kami, PANGERAN Nu Maha
Agung ngucapkeun kieu: Kami ngamusuh ka
maneh. Maneh bakal disiksa tur kasaksian ku
bangsa-bangsa sejen.
9 Ku Kami moal teu disiksa, lantaran maneh
geus nyieun kalakuan pikangewaeun Kami, eh
Yerusalem! Acan kungsi Kami nyiksa nepi ka
kitu, tur ka hareupna moal deui-deui nyiksa
nepi ka kitu.
10 Ku banget-bangetna eta siksaan, di
Yerusalem teh indung jeung bapa nepi ka
tega ngahakan anak, anak oge nepi ka

ngahakan indung bapa. Nepi ka kitu bangetna siksaan ti Kami. Ari sakarina anu harirup keneh, ku Kami arek diawurkeun ka mana mendi.
11 Demi Kami teh Allah anu jumeneng kitu sabda PANGERAN Nu Maha Agung ku lantaran maneh nganajiskeun Bait Kami ku sagala kajahatan jeung ku rupa-rupa kalakuan anu pikaijideun, tanpa ampun maneh ku Kami baris diancurkeun.
12 Sapertilu jalma-jalma maneh bakal paraeh ku panyakit jeung ku kalaparan di jero kota; sapertiluna deui bakal dibabadan ku pedang di luareun kota, sapertiluna deui rek dibacacarkeun ka sagala jurusan sarta diudag ku pedang.
13 Maneh bakal ngarasa hebatna Kami ngamuk ngabudalkeun amarah nepi ka hate Kami puas. Lamun geus kitu, tangtu maraneh yakin yen Kami, PANGERAN ngandika kieu teh lantaran geus teu kuat ku kateusatiaan maneh.
14 Tiap jalma ti bangsa-bangsa sakurilingeun maneh, ana ngaliwat ka maneh bakal maroyok jeung ngajarauhan.
15 Waktu maneh keur diamuk ku amarah Kami sarta dihukum, sakabeh bangsa di sakurilingeun maneh bakal katarajang sieun, saterusna bakal moyok jeung mikaijid ka maneh.

16 Bekel maneh ku Kami bakal
dikoredaskeun, nepi ka maneh langlayeuseun.
Bakal karasa ku maneh kumaha nyerina
kalaparan, saibarat katiir ku jamparing
seukeut, matak tiwas.
17 Anak-anak maneh bakal paraeh
kalaparan jeung ku sato galak. Kami
bakal ngadatangkeun panyakit-panyakit,
katelengesan, jeung perang, pikeun maehan
maneh. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
6 1 PANGERAN nimbalan ka kaula,
2 "Eh anak manusa, teuteup pagunungan
Israil, sarta ucapkeun ieu amanat Kami.
3 Bejakeun ka eta pagunungan Israil,
dengekeun kituh sabda Kami, PANGERAN
Nu Maha Agung, anu baris diucapkeun ka
gunung-gunung, pasir-pasir, jungkrang-
jungkrang, jeung lebak-lebakna. Kieu: Kami
rek ngadatangkeun hiji pedang, geusan
nyacar tempat-tempat anu ku urang dinya
diparake muja ka brahala-brahala.
4 Altar-altarna bakal dirugrug-rugrugkeun,
parukuyan-parukuyanana bakal diremuk-
remukkeun. Jelemana bakal ditumpes, paraeh
hareupeun brahala-brahalana.
5 Bangke-bangke urang Israil bakal
patulayah, tulang-talengna bakal pabalatak di
saputereun altar-altarna.
6 Nagri-nagri Israil bakal ditumpurkeun,
altar-altar jeung brahala-brahalana bakal
diajur-ajurkeun, parukuyan-parukuyanana

bakal diraremukkeun, sagala rupa jijieunan
maranehna bakal dimusnakeun.
7 Jalma-jalma di ditu di dieu bakal
diparaehan, nepi ka sesana anu harirup keneh
eling, yen Kami teh PANGERAN.
8 Sawareh ku Kami arek dihaja luput ti anu
mareuncit, arek disebar ka bangsa-bangsa
sejen,
9 sina hirup di pangbuangan. Sina areling
di dinya, sina ngarasa, yen nu matak Kami
nepi ka ngahukum jeung ngaragragkeun
martabatna teh lantaran hatena henteu satia
ka Kami, geus narukangan Kami, leuwih resep
muja ka brahala ti batan ngabakti ka Kami.
Maranehna bakal geuleuh ka dirina sorangan,
dumeh geus nyieun kajahatan jeung kalakuan
anu ngaragragkeun martabatna.
10 Sina karasaeun ku maranehna yen Kami
teh PANGERAN, sarta peringetan-peringetan
Kami lain ancaman kosong."
11 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan
ka kaula, "Ulang-ulang leungeun maneh,
suku tenjrag-tenjragkeun! Tuluy gegerungan,
nandakeun kaduhung ku sagala kajahatan
jeung kalakuan Israil anu pikaijideun.
Maranehna bakal paraeh ku perang, ku
kalaparan, jeung ku panyakit.
12 Nu jarauh bakal garering jeung paraeh;
nu dareukeut bakal paraeh ku perang, sesana
bakal paraeh lantaran kalaparan. Maraneh
bakal ngarasakeun hebatna amarah Kami.

13 Bangke-bangke bakal patulayah pacampur
jeung brahala-brahala jeung altar-altarna,
bacacar di puncak pasir luhur, di unggal
puncak gunung, di unggal handapeun
tangkal anu gomplok, di unggal handapeun
tangkal anu gede, cindekna di unggal tempat
paranti maranehna ngaduruk kurban ka
brahala-brahala. Maranehna bakal nyaraho
yen Kami teh PANGERAN.
14 Saestuna, panangan Kami bakal
nyolongkrong ngabasmi nagri maranehna,
rek dijieun suwung, mimiti ti gurun keusik
beulah kidul, nepi ka Ribla beulah kaler;
unggal tempat padumukan urang Israil ku
Kami hamo aya anu dikarikeun. Geus kitu
unggal jalma bakal nyaho yen Kami teh
PANGERAN."
7 1 PANGERAN nimbalan ka kaula,
timbalana-Na,
2 "Eh anak manusa, Kami, PANGERAN Nu
Maha Agung, rek ngucap kieu ka Israil: Ieu
ahirna riwayat sakuliah ieu nagri!
3 Eh nagri Israil, maneh geus tangtu lebur.
Rasakeun amarah Kami. Maneh ku Kami
tangtu dihukum satimpal jeung kalakuan.
Sagala kalakuan maneh anu pikagirukeun tan
wande dibales.
4 Kami moal tanggung-tanggung, moal
karunya-karunya. Kalakuan maneh anu
pikagirukeun teh aya hukumanana, sangkan
maneh nyaho yen Kami teh PANGERAN."

5 Kieu sabda PANGERAN Nu Maha Agung,
"Maneh bakal dirongrong ku balahi
gunta-ganti.
6 Ieu teh panungtungan, panganggeusan.
Umur maneh bakal buntu.
7 Jalma-jalma eusi nagri, tereh datang kana
poe panungtungan. Tereh nitih kana wanci,
tempat-tempat karamat di pagunungan baris
jempling, moal aya deui upacara-upacara,
kabeh geus awut-awutan.
8 Maneh geus tereh ngarasakeun hebatna
amarah Kami. Kami moal teu ngahukum,
satimpal jeung lampah maneh. Kalakuan
maneh anu pikagirukeun bakal dibales.
Maneh moal disesakeun.
9 Kami moal tanggung-tanggung, moal
karunya. Maneh tan wande disiksa, ganjaran
kalakuan anu pikaijideun. Sangkan nyaho,
Kami teh PANGERAN, sarta nya Kami anu
ngahukum ka maneh."
10 Balahi ka Israil geus nampeu. Kakerasan
beuki meuweuh. Kaangkuhan beuki
muncugug.
11 Kalaliman beuki nambahan kajahatan.
Maranehna bakal muluntu, kabeungharanana,
kamulyaanana, kaagunganana, bakal musna.
12 Geus datang mangsana, geus cunduk
poena, jual-beuli bakal tambuh, sabab unggal
jalma keuna ku hukuman ti Allah.

13 Nu daragang moal kaburu nampa
ladangna, Allah benduna ka unggal jelema.
Nu jarahat moal aya nu salamet.
14 Tarompet disada, saban jalma tatan-tatan,
tapi taya saurang nu maju perang, sabab
wera Allah keuna ka saban jalma.
15 Di jalan-jalan rame nu perang. Di imah
nya sasalad jeung kalaparan. Di luar kota
tiwas ku perang, di jero kota paeh ku sasalad
jeung kalaparan.
16 Sawareh bakal aya nu bisa luput kalabur
ka gunung-gunung kawas japati digebah
ti lebak, ear maridangdam, kaduhung ku
dosa-dosana.
17 Leungeun-leungeun bakal ngaraplek,
tuurna bakal nyorodcod.
18 Maranehna bakal marake karung, sakujur
awakna ngadegdeg. Sirahna digarundulan,
martabatna jadi hina.
19 Emasna, perakna, dialung-alungkeun ka
jalan kawas runtah, sabab boh perakna, boh
emasna, teu bisa nyalametkeun maranehna
tina kabendu PANGERAN. Teu bisa dipake
nyumponan kahayang, teu bisa dipake
nyocokan beuteung. Emasna reujeung
perakna, kalah ka nungtun kana dosa.
20 Boro tadina mah araragul boga permata
arendah, dijieunan brahala pikacuaeun. Ku
sabab eta kakayaanana teh ku PANGERAN
dibalikkeun sina dipikacua ku maranehna
keneh.

21 "Sina dirampogan ku bangsa-bangsa
asing," timbalan PANGERAN. "Harta
kakayaanana sina diranjah ku tukang
ngalanggar hukum, sina dinajiskeun.
22 Hanas harta kakayaan Bait Kami ge
karanjah, nepikeun ka digedor jeung dileyek,
Kami hamo paduli.
23 Kabeh bakal awut-awutan. Tanahna pinuh
ku tukang mergasa, kota-kotana pinuh ku nu
tarelenges.
24 Sabab Kami bakal ngondang bangsa-
bangsa anu pangjahat-jahatna, sina narajang
ka dieu jeung ngajabelan imah-imah.
Jalma-jalma maneh anu panggagahna ge
bakal tingpurungkut lamun eta rampog geus
ambreg ka tempat-tempat maneh babakti.
25 Maneh bakal pegat pangharepan. Hayang
aman pimanaeun.
26 Balahi gunta-ganti, beja-beja goreng
pasusul-susul. Maneh bakal menta
dipangramalkeun ka nabi-nabi, tapi geus teu
barisaeun deui ngaramal. Imam-imam geus
teu barogaeun ajarkeuneun, para kokolot
geus beakeun nasehat.
27 Raja sungkawa, putra makuta beak
pangharepan, jalma-jalma tingdaregdeg ku
kasieun. Maneh bakal dihukum satimpal
jeung kalakuan maneh sarta dihakiman
satimpal jeung cara maneh ngahakiman
ka batur. Sangkan maneh nyaho, Kami teh
PANGERAN."

8 [1] Dina tanggal lima bulan kagenep,
sanggeus genep taun di pangbuangan,
kaula keur aya di imah jeung para kokolot anu
dibuang ti nagri Yuda. Dumadakan sim kuring
keuna ku pangaruh pangawasa PANGERAN
Nu Maha Agung.
[2] Kaula tanggah, breh aya titingalan gaib,
ningal nu siga manusa anu ngagebur. Ti
semet angkeng ka handap rupana siga
seuneu, ari ti semet angkeng ka luhur siga
cahaya parunggu nu anyar digosok.
[3] Geus kitu anu siga pananganana ngolebat,
ngajenggut buuk kaula. Dina eta titingalan
kaula teh diangkat ka awang-awang ku Roh
Allah, dicandak ngapung ka Yerusalem, ka
Bait Allah, ka lawang buruan jero beulah kaler.
Di dinya aya hiji brahala anu ngalantarankeun
Allah jadi bendu.
[4] Bray aya cahaya gumebyar, nandakeun
sumpingna Allah Israil, sarua jeung anu
katingal basa di sisi Walungan Kebar tea.
[5] Allah nimbalan ka sim kuring, "Eh anak
manusa, tenjo ka beulah kaler." Sim
kuring ngalieuk ka dinya. Breh brahala anu
ngajadikeun Allah bendu teh aya di dinya,
deukeut altar anu ayana deukeut lawang
panto jero.
[6] Allah nimbalan ka kaula, "Eh anak manusa,
katenjo ku maneh aya naon? Kalakuan urang
Israil di dieu teh pikacuaeun wungkul. Kami
ku maranehna disuntrung-suntrung beuki

jauh ti tempat Kami anu suci. Loba keneh
kalakuanana anu leuwih hina batan eta."
7 Kaula ku Mantenna dicandak ka lawang
panto buruan luar, breh ningal tembok anu
gorowong.
8 Timbalan Mantenna, "Eh anak manusa,
maneh moncor ka dinya." Kaula moncor, gok
jeung hiji panto.
9 Mantenna nimbalan deui, "Asup maneh ka
dinya, lalajo kalakuan maranehna di dinya
anu pikaijideun."
10 Kaula asup, tuluy alak-ilik. Bilik kamarna
dihias ku gambar-gambar oray jeung
gambar-gambar sato-sato haram, jeung
rupa-rupa gambar deui sakur anu dipuja ku
urang Israil.
11 Tujuh puluh kokolot Israil araya di dinya.
Malah aya Yaasanya bin Sapan. Kabeh
naranggeuy parukuyan, haseup dupana
ngarelun.
12 Allah nimbalan ka kaula, "Eh anak
manusa, katenjo eta para kokolot Israil
keur naraon rerencepan? Keur ngabarakti di
jero kamar anu pinuh ku gambar-gambar
sesembahanana. Alesan maranehna: Urang
moal katingali ku Allah. Mantenna geus
ngantunkeun ieu nagri."
13 Timbalana-Na deui ka kaula, "Aya deui
kalakuanana anu bakal katenjo ku maneh,
leuwih matak ijid ti batan eta."

14 Geus kitu kaula ku Mantenna dicandak ka
gapura Bait Allah beulah kaler. Di dinya aya
awewe-awewe keur careurik, nyeungceurikan
paehna Dewa Tamus.
15 Mantenna nimbalan ka kaula, "Eh anak
manusa, katenjo eta? Aya keneh anu leuwih
hina ti batan eta."
16 Tuluy kaula dicandak ka buruan Bait Allah
beulah jero. Di dinya, deukeut lawang ka
kamar suci, antara altar jeung gang, aya
jelema reana kurang leuwih dua puluh lima
urang. Maranehna narukangan kamar suci,
sarujud ka beulah wetan, keur nyarembah ka
panonpoe anu eukeur meletek.
17 Timbalan PANGERAN ka kaula, "Eh
anak manusa, katenjo eta? Eta teh urang
Yuda. Maranehna can ngarasa cukup nyieun
pikagirukeun saperti anu bieu katenjo ku
maneh, can ngarasa cukup ku kabengisanana
di sakuliah nagri. Can pararuas. Anu
matak tuluy karikituan di dieu, di jero Bait,
nambah-nambah amarah Kami.
18 Pek awaskeun, sakitu ngahinana ka
Kami, sakitu nangtangna! Keun sina ngarasa
kumaha hebatna amarah Kami engke. Kami
moal tanggung-tanggung, moal karunya.
Engke maranehna bakal tingjarerit ka Kami,
tapi moal dipalire."
9 1 Geus kitu Allah ngagentra tarik, "Hiap!
Maraneh anu kudu ngahukum ieu nagri,
geura ka darieu. Bawa pakarang!"

2 Harita keneh datang genep jelema ti
luareun gapura kaler Bait Allah, masing-
masing mawa pakarang. Daratangna jeung
hiji jelema anu pakeanana tina lawon linen
jeung mawa parabot tulis. Tuluy narangtung
deukeut altar parunggu.
3 Bray aya cahaya kamulyaan Allahna
Israil gumebyar. Ti lebah mahluk-mahluk
jangjangan anu araya dina urutna bareto,
eta cahaya teh mumbul, terus pindah kana
bangbarung panto Bait Allah. Ti dinya
PANGERAN nyaur jelema anu pakeanana
lawon linen tea.
4 Timbalana-Na, "Ideran sakuliah kota
Yerusalem. Unggal jelema anu kapanggih
prihatin jeung susah ku ayana kalakuan-
kalakuan anu pikagirukeun di ieu kota, ku
maneh kudu dicirian."
5 Karungu deui Allah nimbalan ka nu
sejen-sejenna, "Maraneh kudu milu ngideran
ieu kota, maehan jelema-jelema. Ulah aya
anu diiwalkeun. Ulah aya karunya ka saurang
oge.
6 Kolot, jajaka, parawan, indung, barudak
leutik, paehan bae. Tapi poma ulah
ngagadabah ka jelema anu aya ciri dina
tarangna. Pek mimiti ti dieu, ti Bait Kami."
Prak maranehna ngamimitian, ka para kokolot
anu keur araya di jero Bait Allah.
7 Allah nimbalan deui ka maranehna, "Bait
teh najiskeun. Pinuhan buruanana ku bangke.

Geura prak!" Prak deui maranehna mimiti maraehan jelema-jelema anu araya di jero kota.
8 Sabot jelema-jelema keur diparaehan, kaula aya di dinya, nyorangan. Bruk sim kuring sujud kana taneuh bari ngajerit, "Duh PANGERAN Nu Maha Agung, ku naon dugi ka sakitu benduna ka Yerusalem, dugi ka eta sesa urang Israil teh tiap jalmi ditumpes?"
9 Allah ngawaler, "Dosa urang Israil jeung urang Yuda kacida gedena. Di sakuliah nagri maranehna geus maraehan. Yerusalem geus kacida kotorna ku kajahatan maranehna. Aromongna, Kami, PANGERAN, geus euweuh ti nagrina, hamo ningali kana kalakuanana.
10 Ku Kami dibales satimpal jeung kalakuanana ka batur. Kami moal rek mikarunya."
11 Geus kitu jelema anu pakeanana lawon linen tea datang ngadeuheus, tuluy miunjuk, "Timbalan Gusti parantos dijalankeun."

10 1 Kaula ningal kana lalangit nu melengkung luhureun mahluk-mahluk jangjangan tea. Di luhureunana katingal aya nu siga tahta tina batu nilem.
2 Allah nimbalan ka jelema anu papakeanana lawon linen, timbalana-Na, "Maneh asup ka ditu, kana sela kikiping-kikiping handapeun mahluk-mahluk tea, kudu ngarawu ruhak ti dinya, terus awurkeun ruhakna ka jero kota." Eta jelema indit, ku kaula diawaskeun.

3 Waktu manehna geus nepi, mahluk-mahluk
teh keur narangtung di Bait Allah beulah
kidul, ari di buruan jero pinuh ku mega.
4 Cahaya gumebyar anu nandakeun
sumpingna Allah katingal mumbul ti lebah eta
mahluk-mahluk jangjangan, ngeser ka lebah
bangbarung panto Bait Allah. Seug Bait Allah
teh pinuh ku mega, ari di buruanana caang
mani mabra.
5 Jangjang mahluk-mahluk tea ngabijilkeun
sora mani ngaguruh, ka buruan luar oge
kadenge, sorana lir gentra Allah Nu Maha
Kawasa.
6 Jelema anu papakeanana lawon linen, anu
ku PANGERAN dipiwarangan nyokot ruhak nu
aya dina sela kikiping-kikiping handapeun
mahluk-mahluk, geus aya di dinya, nangtung
deukeut salah sahiji kikiping.
7 Mahluk anu hiji leungeunna nyolongkrong
kana seuneu anu keur disalanghareupan,
ngarawu ruhak terus diteundeun dina dampal
leungeun eta jelema, sarta ku eta jelema di
bawa ti dinya.
8 Katingal mahluk-mahluk teh baroga
anu siga leungeun jelema di handapeun
jangjangna masing-masing.
9 (10:9-10) Di dinya aya opat kikiping
anu bangunna sarua, di gigireun mahluk-
mahluk tea hiji-hiji. Eta kikiping-kikiping
tingponcorong lir batu permata, sarta pada

ngabogaan hiji kikiping deui anu malang di tengah-tengah nu sejenna.
10 (10:9)
11 Mahluk-mahluk tea bisa gerak ka jihat mana bae, bari teu kudu muterkeun awak, jeung bisa gerak bareng kumaha karep tanpa muterkeun awakna.
12 Saluar awakna, tonggongna, leungeunna jeung jangjangna, kitu deui kikiping-kikiping tea, pinuh ku mata.
13 Ari kikiping-kikiping tea bangunna sarua jeung anu katingal dina titingalan kaula anu kahiji.
14 Mahluk-mahluk teh beungeutna pada opat-opat: hiji beungeut sapi, hiji beungeut jelema, hiji beungeut singa, hiji beungeut manuk rajawali.
15 (Opatanana ge mahluk anu bareto katingal di sisi Walungan Kebar tea.) Ana eta mahluk-mahluk mumbul ka awang-awang,
16 atawa obah, kikiping-kikiping tea nuturkeun. Ari eta mahluk-mahluk meberkeun jangjang arek hiber ge kikiping-kikiping teh milu kabawa.
17 Mun mahluk-mahluk tea eureun, kikiping-kikiping ge eureun. Mun eta mahluk-mahluk hiber, kikiping-kikiping ge milu, sabab diatur ku mahluk-mahluk tea.
18 Geus kitu cahaya gumebyar tanda hadirna PANGERAN teh pindah tina bangbarung panto Bait Allah ka luhureun eta mahluk-mahluk.

19 Seug eta mahluk-mahluk teh maleberkeun
jangjangna, tuluy haliber, mumbul
ninggalkeun beungeut taneuh, dituturkeun
ku kikiping-kikiping tea. Ku kaula terus bae
diawaskeun. Di palebah gapura Bait Allah
beulah wetan hiberna areureun, diauban ku
cahaya anu gumebyar.
20 Kaula apal, eta mahluk-mahluk teh anu
bareto katingal, anu pernahna di handapeun
Allahna Israil, basa di sisi Walungan Kebar.
21 Nu ieu ge beungeutna teh opat-opat,
jangjangna opat-opat, jeung di jeroeun
jangjangna aya anu siga leungeun jelema.
22 Beungeut-beungeutna ge sarua jeung anu
kungsi katingal di sisi Walungan Kebar. Geus
kitu eta mahluk-mahluk teh kebat ka hareup.
11 1 Kaula ku Roh PANGERAN diangkat,
dicandak ka gapura Bait Allah beulah
wetan. Di dinya ningal aya dua puluh lima
jelema, di antarana aya dua pamingpin
bangsa, nya eta Yaasanya bin Asur jeung
Pelaca bin Benaya.
2 Allah nimbalan ka kaula, "Eh anak manusa,
eta jelema-jelema teh tukang ngararancang
kajahatan, tukang ngajurung kana teu bageur
di ieu kota.
3 Carekna, Urang kudu buru-buru nyarieun
deui imah. Ieu kota lir upama kastrol, ari
urang lir upama daging anu digodog dina eta.
Tapi kieu-kieu oge lumayan jadi hahalang,
urang teu kungsi antel kana seuneu.

4 Pek ayeuna ieu omongkeun ku maneh ka
maranehna, eh anak manusa!"
5 Seug kaula dituyun ku Roh PANGERAN,
sarta PANGERAN nimbalan sangkan kaula
ngucapkeun sabda-Na, kieu timbalana-
Na, "Eh urang Israil! Kami uninga kana
ucap-ucapan jeung sagala paniatan maneh.
6 Maraneh di ieu kota geus maehan
pirang-pirang jelema, nepi ka bangke-bangke
patulayah di jalan-jalan.
7 Ku sabab kitu, kieu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung, ka maneh: Bener
pisan, ieu kota teh kastrol. Cik dagingna
naon? Dagingna teh bangke-bangke meunang
maraneh mergasa! Maraneh baris euweuh ti
dieu, ku Kami rek dibalangkeun ti ieu kota!
8 Sarieun maneh ku pedang? Kami rek
ngadatangkeun jelema-jelema nu marawa
pedang, sina narajang ka maraneh.
9 Maraneh ku Kami arek digiring kaluar ti ieu
kota, diselehkeun ka urang asing. Maraneh
ku Kami geus ditigas ku hukum pati.
10 Bakal paraeh ku perang di nagri sorangan,
sangkan unggal jelema nyaho yen Kami teh
PANGERAN.
11 Ieu kota moal bisa dipake nyalindung ku
maraneh, moal cara kastrol ngajaga daging
sangkan teu antel kana seuneu. Aya di mana
bae di ieu nagri Israil, maraneh moal teu
dihukum ku Kami.

12 Engke kakara nyaraho, Kami teh
PANGERAN, kakara ngarasa yen tuhu kana
hukum bangsa-bangsa tatangga teh hartina
miceun hukum-hukum Kami, nolak kana
parentah-parentah Kami."
13 Sabot kaula ngucapkeun eta sabda, Pelaca
ngarumpuyuk tuluy maot. Bruk kaula nyuuh
kana taneuh bari ngajerit, "Nun PANGERAN
Nu Maha Agung, kutan Gusti teh bade
maehan unggal jalmi Israil anu nyesa keneh?"
14 Allah nimbalan ka kaula,
15 "Eh anak manusa, maneh jeung batur-
batur dipangbuangan, diaromongkeun ku
nu araya di Yerusalem. Ceuk maranehna,
Jalma-jalma nu dibuang mah geus kacida
jarauhna ti dieu, moal bisa daratang ngabakti
ka PANGERAN. Ieu nagri ku PANGERAN geus
dibikeun jadi milik urang.
16 Ayeuna ucapkeun ka sasama buangan ieu
sabda Kami. Bejakeun, nya Kami anu ngirim
maranehna sina aya di tengah bangsa-bangsa
jauh ti nagrina, dibacacarkeun di nagri-nagri
lian. Tapi sajeroning maranehna araya di
tempat-tempat pangluntaanana, ku Kami rek
direujeungan.
17 Ku sabab eta, bejakeun ka maranehna
sabda Kami, PANGERAN Nu Agung. Sebutkeun
yen maranehna baris dibawa kaluar ti nagri
tempat maranehna bacacar, sarta nagri Israil
ku Kami rek diserenkeun deui ka maranehna.

18 Lamun maranehna geus araya deui di
lemah caina, lamun manggih brahala najis
jeung pikaijideun tangtu dipiceun.
19 Hate jeung pipikiranana baris dianyarkeun.
Sipatna anu bedegong, hatena anu teuas cara
cadas, baris disalin ku hate anu nurut.
20 Maranehna baris tuhu kana parentah-
parentah Kami, baris tigin kana aturan-aturan
Kami, jaradi umat Kami, sarta Kami Allah
maranehna.
21 Tapi Kami baris ngahukum ka jelema-
jelema anu nyarembah ka brahala-brahala
anu pikaijideun. Ku karana kalakuanana,
ku Kami tangtu dihukum." Kitu timbalan
PANGERAN Nu Maha Agung.
22 Mahluk-mahluk tea tuluy haliber,
dituturkeun ku kikiping-kikiping, diauban ku
cahaya kamulyaan Allah anu gumebyar.
23 Cahaya anu gumebyar teh ninggalkeun
kota, tuluy kebat ka gunung wetaneunana.
24 Dina eta titingalan, kaula diangkat ku Roh
Allah, dicandak ka tempat pangbuangan deui
di Babul. Les titingalan teh leungit.
25 Sagala rupa anu ku PANGERAN
ditembongkeun ka kaula, ku kaula
dicaritakeun ka sasama buangan.
12 1 PANGERAN nimbalan ka sim kuring,
2 "Eh anak manusa, maneh hirup teh
di antara jelema-jelema tukang ngalawan.
Maranehna barogaeun mata, tapi teu
narenjoeun naon-naon, barogaeun ceuli tapi

teu ngadarengeeun naon-naon, lantaran ngaralawan bae.
3 Eh anak manusa, ayeuna maneh kudu bubuntel cara anu rek ngungsi. Memeh reup peuting kudu indit. Sing katangen ku sarerea maneh indit ti dieu rek ka tempat sejen, sugan daraekeun maranehna malire ari nenjo kitu mah.
4 Meungpeung beurang, geura bubuntel sakumaha jalma nu rek dibuang, sina katarenjoeun ku maranehna, jeung sina diarawaskeun maneh indit engke peuting saperti nu rek ka pangbuangan.
5 Sabot maranehna ngarawaskeun, maneh kudu ngabobok bilik imah, poncorkeun barang-barang maneh ti dinya.
6 Sina katarenjoeun maneh poek-poek indit nanggung babawaan jeung peungpeunan panon nepi ka maneh talag-tolog teu nenjo jalan. Sapeta-peta maneh kitu baris jadi galagat pikeun urang Israil."
7 Sapamundut PANGERAN ku kaula dijalankeun. Kaula bubuntel kawas anu rek ngungsi. Sanggeus reup poek tuluy nyieun liang dina tembok imah, ku leungeun bae, tuluy moncor ti dinya. Sabot jalma-jalma malencrong, kaula indit manggul babawaan.
8 Poe isukna PANGERAN nimbalan,
9 "Eh anak manusa," timbalana-Na, "urang Israil nu baredegong teh naranyakeun, carekna maneh teh nanaonan.

10 Bejakeun ieu sabda Kami, PANGERAN, ka
maranehna, pikeun raja anu keur marentah
di Yerusalem jeung pikeun bangsa Israil anu
araya di dinya.
11 Bejakeun, anu dipetakeun ku maneh
teh hiji totonde anu bakal karandapan ku
maranehna. Nya eta: maranehna bakal
naringgalkeun padumukanana, jaradi
tawanan.
12 Rajana anu kawasa ka maranehna
bakal manggul babawaanana bari mopoek,
kabur, jalanna moncor kana tembok
beunang ngabobok rahayatna. Inditna bari
meungpeun, nepi ka teu nyaho arek ka mana.
13 Tapi ku Kami rek ditaheunan ku jaring,
tuluy rek dibawa ka kota Babul, sina paeh di
ditu kalawan teu kungsi nenjo heula eta kota.
14 Anggota-anggota pangadilanana, juru-
juru nasehatna, jeung para pangawalna
ku Kami rek dipabalencarkeun, sarta bakal
ditareangan ku rahayatna rek dipaehan.
15 Sanggeus pabalencar, di tengah bangsa
lian, di nagri-nagri asing, kakara maranehna
bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN.
16 Bakal aya sawareh anu ku Kami
dihaja sina salamet, henteu kasabet ku
perang, teu kasorang ku kalaparan jeung
ku sasalad panyakit, sina karasaeun di
tengah bangsa-bangsa nu ngaboyongna,
yen kalakuan-kalakuanana teh pohara

pikaijideunana, sarta bakal ngaraku yen Kami teh PANGERAN."
17 PANGERAN nimbalan ka kaula,
18 "Eh anak manusa", timbalana-Na, "maneh saban dahar kudu bari ngadaregdeg, saban nginum kudu bari ngagebeg sieun.
19 Bejakeun ka bangsa Israil anu araya keneh di nagrina: Saban maranehna dahar, tangtu bari jeung ngadaregdeg, saban nginum tangtu bari jeung gegebegan sieun. Nagrina bakal suwung, ku karana pamolah jelema-jelemana anu teu malire kana hukum.
20 Nagri-nagri anu ayeuna gegek pangeusina teh bakal jadi leuweung. Engke kakara maranehna nyaraho yen Kami teh PANGERAN."
21 PANGERAN nimbalan ka kaula,
22 "Eh anak manusa, ku naon urang Israil marake babasan kieu: Waktu jalan terus, sarta piwejang-piwejang teu bukti?
23 Bejakeun ka maranehna sabda Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, ngeunaan eta babasan. Rek dieuweuhkeun eta babasan teh ku Kami. Moal diucap-ucapkeun deui di Israil. Bejakeun, ieu pigantieunana: Waktu geus tangtu cunduk, piwejang-piwejang pasti bukti!
24 Pelengan-pelengan anu palsu, atawa ramalan-ramalan anu nyasabkeun, moal aya deui di Israil.

25 Kami, PANGERAN Nu Maha Agung baris
nyarita, sarta pangandika Kami pinasti
ngajadi. Jeung moal aya anu diengke-engke,
jaman maraneh keneh kiwari, naon anu ku
Kami geus diomat-omatkeun tangtu ngajadi.
Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, geus
ngandika."
26 PANGERAN nimbalan ka kaula,
27 "Eh anak manusa, tetenjoan maneh anu
gaib, kitu deui piwejang-piwejang maneh,
ceuk panyana urang Israil tangeh keneh kana
pibuktieunana.
28 Bejakeun ka maranehna, yen Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung, ngandika kieu:
Pangandika Kami pasti bukti, moal aya anu
diengke-engke. Kami, PANGERAN Nu Maha
Agung geus ngandika."
13 1 PANGERAN nimbalan ka kaula,
2 "Eh anak manusa," timbalana-Na,
"nabi-nabi Israil, anu sok nujum sakarep-
karep, carekan ku maneh. Bejakeun,
dengekeun kituh sabda PANGERAN."
3 Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung,
"Ieu nabi-nabi anu garejul teh tangtu
carilaka! Maranehna ngarang-ngarang ilham,
nyaritakeun pelengan ciptaanana sorangan.
4 Eh urang Israil, eta nabi-nabi maraneh teh
taya gunana naon-naon, kawas ajag di jero
lembur kosong.
5 Tempat-tempat anu kutana geus
garorowong ku maranehna teu dijaga, teu

diaromean. Jadi upama PANGERAN geus ngersakeun perang narajang Israil, moal kajaga.
6 Eta nabi-nabi teh pelengan-pelenganana paralsu, ramalan-ramalanana barohong. Carekna mah maranehna teh ngucapkeun pesen Kami, padahal Kami henteu ngutus maranehna. Kilang kitu kahayangna mah ramalan-ramalanana teh bukti!
7 Kieu kituh ceuk Kami: Pelengan maraneh paralsu, ramalan-ramalan maraneh bohong wungkul. Carek maraneh majar sabda Kami, padahal Kami henteu ngandikakeun naon-naon ka maraneh!"
8 Ku sabab kitu PANGERAN Nu Maha Agung ngadawuh ka maranehna, "Ucap-ucap maraneh palsu, pelengan-pelengan maraneh bohong wungkul. Ku sabab kitu maraneh ku Kami arek dilawan.
9 Maraneh, tukang-tukang nujum purah ngarang pelengan palsu, purah nyieun ramalan-ramalan anu nyasabkeun, ku Kami arek dihukum. Ana umat Kami kumpul baradami, maraneh mah moal kabawa. Ngaran maraneh moal katulis dina daptar warga Israil. Jeung pamohalan maraneh bisa baralik deui ka lemah cai. Mun geus kitu kakara maraneh bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN Nu Maha Agung.
10 Umat Kami disasabkeun ku nabi-nabina, dibobodo majar aman, padahal sama sakali

teu aman! Umat Kami geus nyieun tembok
anu pasangan batu batana laloncer, ari ku
nabi-nabina tembok kitu teh anggur dikapur.
11 Bejakeun ka maranehna, eta tembok
teh bakal runtuh! Ku Kami arek digeyer ku
hujan, ditinggangan ku hujan es anu baradag,
ditebak ku angin gede
12 nepi ka rugrug, sarta maraneh bakal
direntog ku jalma-jalma, naon gunana eta
tembok dikapur teh?"
13 Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung,
"Sajeroning Kami ambek, eta tembok ku Kami
arek dibasmi, sina diteumbrag ku angin gede,
digeyer ku hujan, ditinggangan ku hujan es
anu baradag.
14 Tembokan beunang ngapur nabi-nabi teh
ku Kami rek dirugrugkeun, rek dibubukkeun,
sina kari dasarna nonggerak. Runtuhna sina
ninggang ka maraneh kabeh nepi ka paeh.
Lamun geus kitu, kakara jelema-jelema bakal
nyarahoeun yen Kami teh PANGERAN.
15 Boh tembokna, boh nu ngapurna, bakal
ngarasa hebatna amarah Kami. Maraneh
engke ku Kami dibere nyaho, yen eta tembok
geus euweuh, kitu deui jelema-jelema anu
ngapurna,
16 nya eta nabi-nabi anu nyebutkeun
Yerusalem aman, padahal sama sakali teu
aman!" Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha
Agung.

17 PANGERAN nimbalan ka kaula, "Ayeuna,
eh anak manusa, tenget-tenget awewe-
awewe bangsa maneh anu nyeta-nyeta
nabiah. Weweleh,
18 jeung tepikeun ieu sabda PANGERAN
Nu Maha Agung ka maranehna: Maraneh
awewe-awewe cilaka! Maraneh nyieunan
gelang jimat nyieunan karembong jimat sina
ditiungkeun ku jalma-jalma kana sirahna,
ngarah bisa ngawasaan hirup jalma lian.
Maraneh hayang bisa ngawasaan pati huripna
umat Kami, keur kauntungan sorangan.
19 Maraneh geus ngahina ka Kami di
hareupeun umat Kami, ngarah hanjeli
sakeupeul roti sawatara siki. Maraneh geus
maehan jelema-jelema anu henteu pantes
dipaehan. Ari jelema anu teu pantes dihirupan
ku maraneh dihirupan. Ku jalan kitu maraneh
ngabobodo umat Kami, ari umat Kami percaya
bae."
20 Ayeuna kieu sabda PANGERAN: "Kami
sebel nenjo geulang jimat maraneh pikeun
ngawasaan pati hurip. Ku Kami rek didudut
tina pigeulang maraneh, sarta jelema anu
nyawana digenggem ku maneh ku Kami rek
dibebaskeun.
21 Karembong-karembong jimat maraneh
ku Kami rek disosoeh, sarta umat Kami anu
aya dina genggeman pangawasa maraneh
rek dibebaskeun keur salalawasna. Engke

maraneh bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN.
22 Bohong maraneh geus meunggaskeun pangharepan umat Kami, anu ku Kami dimuga-muga ulah meunang kasusahan naon-naon. Maraneh nyegah jalma-jalma jahat eureun tina kajahatanana, nyegah maranehna disalametkeun hirupna.
23 Ayeuna, pelengan-pelengan maraneh anu palsu jeung nyasabkeun teh ku Kami ditamatkeun semet ieu. Kami rek ngabebaskeun umat Kami tina genggeman maraneh, sangkan maraneh nyaho yen Kami teh PANGERAN."
14 1 Aya sawatara urang kokolot Israil daratang ka kaula, naranyakeun pikersaeun PANGERAN.
2 Tapi PANGERAN ngadawuh kieu ka kaula.
3 "Eh anak manusa," dawuhana-Na, "eta jelema-jelema geus mikeun hatena ka brahala-brahala, daraek ku brahala dikusrukkeun kana dosa. Panyangkana Kami rek daek ngajawab?
4 Jawab ku maneh, kieu sabda Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Tiap jelema anu geus mikeun hatena ka brahala, sarta daraek dikusrukkeun kana dosa, lamun menta bongbolongan ka nabi, Kami anu bakal ngajawabna, jawaban anu pantes katarima ku brahala-brahalana anu sakitu lobana!

5 Eta brahala-brahala ngalantarankeun urang
Israil naringgalkeun Kami. Tapi muga-muga
jawaban Kami jadi lantaran maranehna
saratia deui ka Kami.
6 Ku sabab eta, bejakeun ka urang Israil ieu
sabda Kami, PANGERAN Nu Maha Agung:
Geura baralik deui ka Kami, tinggalkeun
brahala-brahala maraneh anu pikaijideun.
7 Samangsa-mangsa urang Israil, atawa
urang asing anu matuh di urang Israil anu
geus ninggalkeun Kami sarta nyembah ka
brahala, lamun menta pituduh ka nabi, rek
dijawab sorangan ku Kami, PANGERAN.
8 Kami anu baris nyanghareupanana! Ku
Kami arek disuguhan hiji misil. Geus kitu arek
disingkirkeun ti kalangan umat Kami, sangkan
nyarahoeun yen Kami teh PANGERAN.
9 Jadi upama nabi ngabobodo ku jawaban
palsu, eta memang dihaja ku Kami. Sarta
anu nanyana ku Kami tangtu disingkahkeun ti
urang Israil.
10 Boh nabina, boh nu nanyana, duanana
bakal dihukum, hukumanana sarua.
11 Ieu geusan ngajaga, sangkan urang Israil
ulah nepi ka henteu malire ka Kami, ulah
ngotoran dirina ku dosa. Urang Israil kudu
jadi umat Kami, Kami anu kudu jadi Allah
maranehna." Kitu timbalan PANGERAN Nu
Maha Agung.
12 PANGERAN nimbalan ka kaula.

13 "Eh anak manusa," timbalana-Na,
"upama aya nagri anu nyieun dosa jeung
henteu satuhu ka Kami, leungeun Kami
bakal ngabasmi bahan panganna. Sina
kalaparan, nepi ka paraeh, boh jelemana, boh
sato-satona.
14 Najan upama Enoh, Danel jeung Ayub
harirup keneh di dinya, kaibadahanana ngan
bisa keur nyalametkeun dirina masing-masing
bae." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha
Agung.
15 "Atawa bisa jadi Kami rek ngirimkeun
sato-sato galak sina maehan jalma-jalma,
nepi ka sakuliah nagri jadi bahaya sarta moal
aya nu bisa indit-inditan.
16 Sanajan upama Enoh, Danel, jeung Ayub
harirup keneh di eta nagri, demi Kami Allah
anu jumeneng, PANGERAN Nu Maha Agung,
maranehna moal bisa nyalametkeun anakna-
anakna acan, ngan bisa nyalametkeun dirina
masing-masing bae, sarta eta nagri teh bakal
jadi leuweung.
17 Atawa bisa jadi ku Kami nagrina sina
ditarajang ku perang, sina tumpur ku
pakarang perang, boh jelemana, boh
sato-satona beak disapu.
18 Sanajan upama eta anu tiluan harirup
keneh di dinya, maranehna moal bisa
nyalametkeun anak-anakna acan, ngan ukur
bisa nyalametkeun dirina masing-masing bae,

demi Kami Allah anu jumeneng, PANGERAN
Nu Maha Agung.
19 Upama Kami nepi ka ngadatangkeun
panyakit, sarta ku bawaning jengkel nepi
ka maehan jelema jeung sasatoan kacida
lobana,
20 sanajan upama Enoh, Danel jeung
Ayub harirup keneh di dinya, demi Kami
Allah anu jumeneng, PANGERAN Nu Maha
Agung, maranehna moal bisa nyalametkeun
anak-anakna acan, ngan bisa nyalametkeun
dirina masing-masing bae. Kaibadahanana
teh ngan bisa nyalametkeun maranehna
masing-masing bae."
21 Kieu sabda PANGERAN Nu Maha Agung,
"Kami arek ngadatangkeun opat rupa
hukuman anu pangbeuratna ka Yerusalem,
nya eta: perang, kalaparan, sato galak jeung
panyakit pikeun numpes, boh ka jelema boh
ka sato.
22 Upama aya anu hirup keneh tur bisa
nulungan anak-anakna, seug daratang ka
maneh, tengetkeun, kumaha jahatna eta
jelema-jelema teh. Tangtu maneh bakal
ngarasa yen hukuman ti Kami ka Yerusalem
teh adil kacida.
23 Tangtu tetela yen Kami ngahukum teh lain
teu karana sabab." Kitu timbalan PANGERAN
Nu Maha Agung.

15 [1] PANGERAN nimbalan ka kaula.
[2] "Eh anak manusa," timbalana-Na,
"naon bedana areuy anggur jeung tangkal
kai? Naon leuwihna dahan tina tangkal anggur
ti kai-kai leuweung?
[3] Bisa eta teh dijieun jadi hiji barang?
Bisa dijieun gantungan upamana, paragi
ngagantungkeun parabot?
[4] Alus keur nyieun seuneu wungkul. Lamun
tungtung-tungtungna geus beak kabeuleum
jeung tengahna geus jadi seuneu, na bisa
dipake juan-jieun?
[5] Keur memeh kaduruk geus teu bisa dipake
naon-naon, komo lamun geus tutung, moal
bisa kapake naon-naon."
[6] Ku sabab eta, kieu sabda PANGERAN Nu
Maha Agung: "Ibarat tangkal anggur diala ti
leuweung tuluy diduruk, jelema-jelema nu
araya di Yerusalem ku Kami rek dicokot,
[7] sarta tuluy dihukum. Maranehna kungsi
luput tina seuneu. Tapi ku seuneu anu ayeuna
mah pasti beak kaduruk. Waktu maranehna
keur dihukum kitu bakal tetela ka maneh yen
Kami teh PANGERAN.
[8] Maranehna geus miceun Kami. Ku sabab
kitu ieu kota ku Kami rek dijieun leuweung."
Kitu timbalan PANGERAN.
16 [1] PANGERAN nimbalan ka kaula.
[2] "Eh anak manusa," timbalana-Na,
"bejakeun ka Yerusalem yen kalakuanana teh
pikageuleuheun."

3 Bejakeun, kieu sabda PANGERAN Nu Maha
Agung: Maneh dijurukeun di tanah Kanaan.
Bapa maneh urang Emor, indung maneh
urang Het.
4 Basa maneh brol dijurukeun, euweuh anu
daek mangeureutkeun tali ari-ari maneh,
euweuh anu daek ngamandian, euweuh anu
mangnetelankeun ku uyah, euweuh anu
ngabedongan.
5 Saurang ge euweuh anu haat
ngalampahkeun kitu ka maneh. Jadi
maneh ti barang brol ge euweuh anu
mikanyaah, anggur dipiceun ka tegal.
6 Kabeneran Kami ngaliwat, maneh katenjo
keur roroesan dina getih. Maneh bobolokot
keneh getih, Kami teu tega nenjo maneh
kudu paeh.
7 Seug ku Kami dirawatan sangkan gede,
mun pepelakan sangkan alus jadina. Maneh
ngagedean, ngajangkungan, jadi parawan.
Susu mimiti nyeungseung, buuk geus panjang
tapi sataranjang keneh.
8 "Barang Kami ngaliwat deui, maneh geus
mimiti beger. Awak maneh anu taranjang ku
kami ditutupan ku baju Kami, sarta Kami
ngedalkeun jangji seja mikacinta ka maneh.
Estu, Kami ngayakeun jangji perkawinan
jeung maneh, sarta maneh jadi milik Kami."
Kitu sabda PANGERAN Nu Maha Agung.
9 "Ti dinya Kami nyokot cai, getih maneh
diseka, kulit maneh digosok ku minyak jetun.

10 Geus kitu ku Kami didangdanan, bajuna
disulam, selopna kulit anu pangalusna, beulit
sirahna lawon linen, mantelna sutra.
11 Tuluy dipakean perhiasan, digeulangan,
dikongkorongan,
12 irung jeung ceuli diantingan, terus
diterapan makuta endah.
13 Perhiasan maneh kabeh tina perak, jeung
emas, papakean kabeh disulam, lawonna
sutra jeung linen. Daharna roti tina tarigu
anu panglemesna, madu jeung minyak jetun.
Maneh ngajanggelek jadi awewe nu geulis
kawanti-wanti, sarta jadi ratu.
14 Kageulisan maneh estu sampurna sarta
kawentar ka unggal bangsa, sabab nya Kami
anu ngajadikeun maneh sakitu geulisna." Kitu
sabda PANGERAN Nu Maha Agung.
15 "Tapi maneh kena-kena geulis jeung
kawentar, maneh hees jeung unggal lalaki nu
ngaliwat.
16 Papakean ti Kami ku maneh dipake
ngahias kamar-kamar paranti maneh
nyembah brahala, sarta maneh mikeun awak
ka unggal lalaki saperti awewe palacuran.
17 Perhiasan-perhiasan perak jeung emas
pamere Kami ku maneh dipake nyieun
arca-arca lalaki, seug maneh nyelewer ka
dinya.
18 Papakean beunang nyulam pamere Kami
ku maneh dipake ngadangdanan arca-arca,
sarta arca-arcana ku maneh disuguhan

minyak jetun jeung seuseungitan pamere Kami.
19 Kadaharan pamere Kami keur dahareun maneh, roti tina tarigu anu panglemesna, kitu deui minyak jetun jeung madu, ku maneh disuguhkeun ka eta arca-arca, ngalap berekahna." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.
20 "Barudak, nu lalaki nu awewe, beunang maneh ngajurukeun pikeun Kami, ku maneh diserenkeun ka eta arca-arca sesembahan maneh, dijieun kurban. Na teu cukup ku nyelewer, teu satia ka Kami teh,
21 nepikeun ka anak-anak Kami ku maneh dikurbankeun ka brahala-brahala?
22 Salila maneh ngumbar kalakuan pikageuleuheun, bororaah inget ka mangsa keur budak, keur waktu bulucun, keur waktu roroesan dina getih."
23 Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung, "Cilaka maneh, cilaka! Geus sakitu jahatna teh
24 pek deui nyieunan tempat di unggal sisi jalan keur imah brahala-brahala, dipake enggon lacur.
25 Kageulisan maneh disered kana leutak, dibikeun ka nu laliwat, ganti poe rucah maneh beuki maceuh.
26 Malah nepi ka jeung urang Mesir, tatangga maneh anu kawentar napsu birahina, sangkan Kami tambah panas.

27 Ayeuna Kami rek meta. Maneh rek
dihukum, sarta sagala tanda kahemanan
Kami ka maneh rek dicokot deui. Maneh arek
diserenkeun ka urang Pelisti, anu geus ijideun
nenjo kalakuan maneh anu teu boga susila.
28 Lacur teu cukup ku lalaki-lalaki nu
enggeus, tuluy ngacak ka urang Asur. Tapi
sanggeus jadi langganan maranehna ge
maneh can ngarasa keneh bae.
29 Ditambah ku urang Babul, anu kawentar
palinter usaha. Masih keneh maneh can
ngarasa."
30 Kieu sabda PANGERAN Nu Maha Agung:
"Eta laku lampah maneh teh laku lampah
awewe palacuran.
31 Di saban jalan nyieunan tempat keur imah
brahala-brahala, dipake enggon ngalacurkeun
awak. Tapi maneh mah lacur teh henteu
parok jeung nu sejen, lain keur nyiar napkah.
32 Maneh mah awewe nyelewer ti salaki tuluy
lacur jeung lalaki-lalaki sejen.
33 Awewe lacur mah dibayar. Ari maneh kalah
ka mere hadiah ka unggal kabogoh, malah
ngosol-ngosol ku duit ka lalaki ti mana-mana,
diajak hees bareng.
34 Maneh ungkluk luar biasa. Maneh mah lain
lacur kapaksa, da euweuh nu maksa. Maneh
mah lain ngarah bayaran, kalah ka maneh
anu ngahaja mayar ka lalaki. Beda ti nu sejen
maneh mah."

35 Ayeuna dengekeun, eh Yerusalem,
ungkluk! Dengekeun ieu sabda PANGERAN.
36 Kieu sabda PANGERAN Nu Maha
Agung: "Maneh ngalaanan pakean, tuluy
saperti ungkluk, nyerenkeun awak ka
kabogoh-kabogoh jeung ka brahala-brahala
pikaijideun. Anak sorangan dipaehan,
disuguh-suguhkeun ka brahala-brahala.
37 Ku sabab eta, urut kabogoh-kabogoh
maneh ku Kami rek sina karumpul di dieu,
boh nu ku maneh dipikaresep keneh, boh anu
geus dipikangewa. Arek diriungkeun jeung
maneh. Maneh ku Kami rek ditaranjangan,
sina ditarongton.
38 Maneh rek dihukum ku lantaran
ngalacurkeun diri jeung ku sabab maehan.
Kami arek ngabudalkeun kajengkel jeung
amarah. Maneh tangtu dihukum nepi ka paeh.
39 Arek disebakeun ka maranehna, ari
maranehna bakal ngubrak-ngabrik tempat-
tempat anu ku maneh dijieun tempat lacur
jeung nyembah ka brahala-brahala. Papakean
maneh ku maranehna bakal dirampid, kitu
deui sagala perhiasan maneh, sarta maneh
ditinggalkeun sataranjang.
40 Maranehna bakal ngahucuhkeun jalma rea
sangkan maledogan maneh ku batu, sarta
maranehna bakal nyacag awak maneh ku
pedang.
41 Imah-imah maneh bakal diduruk.
Sajeroning maneh nandang hukuman, bakal

ditarongton ku sasama awewe-awewe.
Kami hayang nenjo maneh eureun tina
jadi ungkluk, hayang ngeureunkeun maneh
mahugi kabogoh-kabogoh.
42 Lamun geus nepi ka kitu kakara amarah
Kami bisa leler, kakara Kami bisa sabar deui.
43 Maneh geus teu inget-inget ka waktu keur
budak keneh, heug nyieun kalakuan-kalakuan
anu ngahudang amarah Kami. Ayeuna sagala
kalakuan maneh teh ku Kami rek dibales.
Ku naon sakitu geus jahatna teh terus rucah
ongkoh?"
44 PANGERAN nimbalan, "Kalakuan maneh
bakal dijieun paribasa ku jalma rea: Nya
indung nya anak.
45 Dasar maneh anak awewe indung maneh.
Indung maneh geuleuheun ka salakina jeung
ka anak-anakna. Saruana jeung dulur-dulur
maneh awewe, ijid ka salaki jeung ka anak.
Indung maraneh urang Het, bapa maraneh
urang Emor.
46 Lanceuk maneh awewe ti kidul, nagri
Samaria katut desa-desana. Adi maneh ti
kaler, nagri Sadumu katut desa-desana.
47 Geus puas maneh nuturkeun lengkah
paripolahna, niru kalakuanana anu
pikaijideun? Acan! Malah maneh mah acan ge
lila geus leuwih jahat ti batan maranehna."
48 "Demi Kami Allah anu jumeneng,"
timbalan PANGERAN Nu Maha Agung, "adi
maneh nagri Sadumu katut desa-desana,

teu nepi ka boga kalakuan anu jahatna cara kalakuan maneh.
49 Adi maneh saanak-anakna awewe teh kamagungan, rasa maneh lubak-libuk ku hakaneun, rasa maneh aman taya pikahariwangeun, embung malire ka nu kekere, embung haat ka nu malarat,
50 sombong, bedegong. Ku Kami dibasmi. Maneh ge nyaho.
51 Kajahatan nagri Samaria ge acan aya saparona tina kajahatan maneh. Kajahatan maneh mah leuwih-leuwih matak ijidna teh. Dibandingkeun jeung kajahatan maneh, dulur-dulur maneh mah henteu jiga-jiga nu jahat.
52 Ku sabab eta maneh moal weleh-weleh nandangan kahinaan, lantaran leuwih doraka ti batan dulur-dulur maneh. Upama direndengkeun jeung maneh, dulur-dulur maneh mah teu jiga-jiga nu doraka. Ku sabab eta pek wiwirangna tanggung ku maneh, da maneh anu ngalantarankeun maranehna siga nu suci beresih."
53 PANGERAN nimbalan ka Yerusalem, "Sadumu jeung Samaria katut desa-desana ku Kami arek dipulihkeun deui. Tangtu maneh oge bakal dijieun mukti deui.
54 Maneh kudu era ku diri sorangan. Nenjo maneh meunang kahinaan, dulur-dulur maneh bakal ngarasa rada lipur.

55 Duanana bakal marukti deui. Maneh
oge katut desa-desa maneh tangtu bakal
dipulihkeun deui.
56 Lain bareto mah maneh moyok ka
Sadumu, basa maneh keur jaya,
57 basa acan boga kalakuan anu sakitu
jahatna? Ayeuna maneh sorangan anu
bakal jadi poyokeun batur cara Sadumu,
poyokeun urang Edom, poyokeun urang
Pelisti, poyokeun tatangga-tatangga anu
arijideun ka maneh.
58 Pek rasakeun balukarna eta kalakuan
maneh anu mesum jeung pikaijideun teh."
Timbalan PANGERAN.
59 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Maneh ku Kami bakal dibales satimpal jeung
kalakuan. Maneh geus hianat kana jangji,
geus ngalanggar sumpah.
60 Mungguh Kami mah tetep seja tigin kana
jangji, anu diikrarkeun ka maneh basa maneh
keur ngora keneh. Kami bakal ngayakeun
perjangjian jeung maneh, perjangjian anu
umurna langgeng.
61 Engke ku maneh tangtu karasa yen
kalakuan maneh teh kacida jahatna, nepi ka
maneh era sorangan. Nya eta lamun lanceuk
jeung adi maneh geus ngumpul deui jeung
maneh, najan ieu teh henteu kasebut dina
perjangjian antara Kami jeung maneh.

62 Eta perjangjian ku Kami rek dianyarkeun
deui, sangkan maneh nyaho yen Kami teh
PANGERAN.
63 Kabeh kasalahan maneh ku Kami tangtu
bakal dihampura, sarta maneh oge bakal
eling, bakal rumasa, nepi ka maneh moal
wani ngembutkeun biwir-biwir acan." Kitu
timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.
17 1 PANGERAN nimbalan ka kaula.
2 "Eh anak manusa," timbalana-Na,
"ucapkeun ieu misil ka urang Israil,
3 sangkan nyarahoeun sabda Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung. Kieu: Aya
hiji manuk rajawali kacida gedena, buluna
alus, jangjangna rubak tur tohaga, hiber
ka Gunung Libanon, motongkeun pucuk hiji
tangkal kiputri.
4 Eta pucuk dibawa ka hiji kota niaga, ka
tempat para sudagar.
5 Geus kitu manuk rajawali teh mindahkeun
hiji petetan ti tanah Israil, dipelakkeun di hiji
lahan anu subur jeung teu kurang cai.
6 Petetan teh jadi tangkal anggur alus pisan,
mani nguyupuk ngarambat ka mana-mana,
regang-regangna tingpelengkung ka lebah
manuk rajawali tea. Akarna jero, regang-
regangna rekep, daunna gomplok, tangkalna
mani teu tembong.
7 Aya deui manuk rajawali sejen. Jangjangna
rubak jeung tohaga, buluna kandel. Akar
anggur teh malik ka lebah eta manuk, daunna

ge malik ngaroyom ka lebahna, hayang meunang cai leuwih loba ti batan di lahan tempat nangtungna.
8 Padahal di dinya ge kacida suburna tur teu kurang cai, daunna geus gomplok, buahna moal teu leubeut, pijadieun tangkal anggur anu alus.
9 Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, rek nanya: Kira-kirana eta tangkal anggur teh bakal jadi tur hirup? Naha moal dirabut jeung akar-akarna ku rajawali anu melakna, buahna diorag, regang-regangna dipites-piteskeun sina terus paeh? Pikeun nyabutna teu kudu ku bangsa anu kuat atawa ku tanaga gede.
10 Memang eta teh dipelak, tapi naha bakal jadi tur hirup? Jeung lamun katebak angin ti wetan naha moal perang?"
11 PANGERAN nimbalan ka kaula,
12 "Tanyakeun ka eta bangsa anu bangkawarah, nyaho atawa henteu kana hartina eta misil. Omongkeun kieu: Bareto raja Babul datang ka Yerusalem, nyokot raja jeung para gegeden dibawa ka Babul.
13 Ti turunan raja tea, aya saurang anu ku raja Babul diajak nyieun hiji perjangjian, jeung disumpah dipenta satiana. Jelema-jelema nu parentingna ku raja Babul dijieun tandon,
14 maksudna supaya eta bangsa ulah bisa barontak, jeung supaya perjangjian tea bisa jalan.

15 Tapi eta raja Yuda teu burung barontak,
ngirim utusan ka Mesir, menta dikirim kuda
jeung tentara loba. Kumaha pamentana teh
bakal dicumponan? Kumaha eta pagaweanana
teh bakal mulus? Naha eta anu ngalanggar
jangji teh moal meunang hukuman?
16 Demi Kami Allah nu jumeneng," timbalan
PANGERAN Nu Maha Agung, "eta raja bakal
paeh di Babul, lantaran ngalanggar sumpah
jeung jangjina ka raja Babul, anu ngangkat
manehna kana tahta.
17 Balad Mesir anu gagah rongkah oge moal
bisa nulungan manehna perang, upama urang
Babul geus prak nyarieun gugunungan jeung
ngarali lombang-lombang pikeun ngagempur
jeung maehan.
18 Manehna geus tangtu moal salamet,
tamahana ngalanggar sumpah jeung jangji."
19 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Demi Kami Allah anu jumeneng, tangtu
manehna ku Kami dihukum, lantaran
ngalanggar jangji anu diikrarkeun kalawan
sumpah nyebut jenengan Kami.
20 Ku Kami rek ditaheunan ku jaring, rek
dibawa ka Babul, sina narima hukumanana
lantaran henteu satia ka Kami.
21 Baladna anu garagah bakal tumpur di
pangperangan, anu harirup keneh bakal
paburisat. Kakara engke nyaraho yen
Kami teh PANGERAN. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."

22 Kieu sabda PANGERAN Nu Maha Agung,
"Kami arek motong pucuk hiji tangkal kiputri
anu luhur, jeung rek ngala hiji sirung. Rek
dipelak di hiji gunung anu luhur,
23 gunung di Israil anu pangluhurna, sina
dahanan, sina buahan, jadi kiputri anu nya
gede nya luhur. Rupa-rupa manuk bakal
areunteup di dinya, baretah ngariuhan.
24 Tatangkalan di eta tanah bakal nyaraho,
Kami teh PANGERAN. Nu laluhur ku Kami rek
dituaran, nu harandap sina ngajarangkungan.
Nu harejo rek disina ngarangrangan, nu
ngarangrangan rek disina harejo. Kami,
PANGERAN geus ngandika kitu, tangtu baris
dibuktikeun, luyu jeung ucapan Kami."
18 1 PANGERAN nimbalan ka kaula,
2 timbalana-Na, "Paribasa naon anu
sok diarucapkeun di Israil? Kieu: Kolot nu
ngadahar buah anggur haseum, anak nu
ngarasa linu.
3 Demi Kami Allah nu jumeneng," timbalan
PANGERAN, "eta paribasa moal disebut-sebut
deui di Israil.
4 Unggal jalma, boh bapa, boh anak, umurna
Kami nu boga. Saha nu boga dosana, eta anu
kudu paeh.
5 Upamakeun, aya jelema bageur, bener,
jujur.
6 Henteu nyembah ka brahala urang Israil,
tara ngadahar kurban anu dibaktikeun di
tempat pamujaan brahala, tara ngagoda

pamajikan batur, tara sapatemon jeung
awewe nu keur haid,
7 tara hianat, tara rarampas, daek
mulangkeun barang anu dijieun tandon ku
nu boga hutang, daek mere dahar ka nu
kalaparan, mere pake ka nu teu boga pakean,
8 ka nu nginjeum duit tara morot
kauntungan, tara jail kaniaya, adil palamarta
ka pada jalma.
9 Cindekna tigin kana parentah-parentah
Kami, tuhu kana hukum-hukum Kami. Eta
nu ibadah kitu tangtu salamet," timbalan
PANGERAN Nu Maha Agung.
10 "Upamakeun eta jelema boga anak.
Anakna ngarampog, maehan,
11 boga kalakuan anu ku bapana mah
dipahing. Sok ngadahar kadaharan tina
kurban-kurban di candi-candi, ngagoda
pamajikan batur,
12 hianat ka nu balangsak, rarampas, nahan
barang anu ku nu boga hutang dijieun tandon,
asup ka candi-candi umat brahala ngadon
muja ka brahala-brahala pikaijideun,
13 morot kauntungan ti nu nginjeum duit.
Naha jelema kitu bakal salamet? Moal, moal
salamet. Geus migawe kalakuan-kalakuan
anu sakitu pikaijideunana mah kudu paeh,
katulah ku dosana.
14 Upamakeun eta jelema jahat teh boga
anak, anakna nyahoeun yen bapana jahat,
tapi teu nurutan jahat.

15 Teu milu muja ka brahala urang Israil,
teu milu ngadahar kadaharan tina kurban di
candi-candina, tara ngagoda pamajikan batur,
16 ka sasaha tara meres tara rarampas,
barang anu ditandonkeun ku manehna
dipulangkeun, daek mere dahar ka nu
kalaparan, mere pakean ka nu rudin,
17 mahing kana kajahatan, tara morot
kauntungan ka nu nginjeum duit, tuhu
kana hukum-hukum Kami, tigin kana
parentah-parentah Kami. Eta jelema moal
cilaka ku karana dosa bapana, hirupna tangtu
jamuga.
18 Sabalikna bapana anu tupa-tipu jeung
rarampas, jahat ka sasama hirup, tangtu
paeh ku dosana sorangan.
19 Carek maneh, Ku naon eta anakna wet teu
nanggung dosa bapana? Jawabanana: Anakna
mah bener lampahna, hade kalakuanana,
tuhu kana hukum-hukum Kami, nurut sarta
ati-ati, geus tangtu salamet.
20 Nu kudu paeh mah nu boga dosana. Anak
moal bisa nanggung dosa bapa, bapa moal
bisa nanggung dosa anak. Mana nu hade
meunang ganjaran, mana nu jahat meunang
siksaan tina kajahatanana.
21 Lamun jalma jahat tobat tina kajahatanana
sarta nurut kana hukum-hukum Kami,
lampahna jadi bener, kalakuanana jadi hade,
tangtu salamet moal paeh.

22 Dosa-dosana kabeh dihampura, sarta ku
sabab kalakuanana geus bener tangtu hirup.
23 Dikira Kami bungah ningali jalma doraka
paeh?" timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.
"Kami leuwih bungah saupama ningali jelema
tobat sangkan bisa hirup.
24 Sabalikna lamun jelema ibadah geus
henteu ibadah tuluy nyieun kajahatan,
nyieun hal-hal anu pikaijideun anu biasa
dipigawe ku nu jarahat, na eta teh kudu
hirup? Moal, moal! Malah kabageuranana nu
enggeus-enggeus moal diinget-inget acan.
Kudu paeh ku tamahana, ninggalkeun ibadah
terus migawe dosa.
25 Ari carek maraneh mah, Salah ari kitu
mah PANGERAN teh. Dengekeun eh urang
Israil. Carek pamikir maraneh jalan Kami kitu
teh salah? Puguh jalan maraneh anu salah.
26 Lamun jelema ibadah geus henteu
ngalampahkeun deui nu hade sarta terus
nyieun kajahatan, seug paeh, paehna teh ku
karana dosana sorangan.
27 Sabalikna lamun jelema jahat eureun tina
kajahatanana tuluy nyieun kalakuan anu
hade jeung bageur, eta teh matak rahayu
kana hirupna.
28 Manehna eling tina kajahatanana, seug
eureun tina nyieun dosa, geus tangtu moal
paeh, geus tangtu hirup rahayu.

29 Salah ari kitu mah PANGERAN teh, lain
kitu carek maraneh, urang Israil? Puguh
pikiran maraneh anu salah.
30 Ayeuna Kami, PANGERAN Nu Maha Agung,
ngabejaan ka maraneh, urang Israil, yen
Kami bakal ngahukum ka maraneh satimpal
jeung kalakuan maraneh. Geura areling
tina kajahatan, sangkan ulah cilaka ku dosa
sorangan.
31 Geura eureunan kajahatan maraneh,
anyarkeun hate jeung pikiran. Na harayang
paeh maraneh teh, eh urang Israil?
32 Kami mah henteu hayang ningali aya
jelema paeh," timbalan PANGERAN Nu Maha
Agung. "Geura tarobat supaya harirup."
19 1 Allah miwarang kaula nganyanyikeun
ieu lagu duka pikeun dua urang
pangeran Israil:
2 Indung maneh lir singa bikang nu luar
biasa, anu ngagedekeun anak-anakna di
antara singa-singa jalu anu garalak.
3 Anakna nu hiji diwarah moro, tungtungna
jadi tukang ngakan jelema.
4 Bangsa-bangsa mareunang beja, eta singa
ditaheunan ku cubluk nepi ka beunang, tuluy
digusur make kakait ka Mesir.
5 Indungna nu ngadadago, ngarasa yen
anakna geus lapur, seug ngawarah hiji deui
anakna, nepi ka gede jeung gagah.
6 Sanggeus jadi singa dewasa, milu jeung
singa-singa sejen neangan mangsa. Ieu oge

diwarah moro, sarta jadi tukang ngakan jelema.
7 Eta singa ngadobrak benteng-benteng,
ngacak-ngacak kotana, saban manehna
ngagaur, jalma-jalma eusi nagri ngarasa
sieun.
8 Jalma-jalma sabilulungan, ti mana-
mana daratang. Eta singa geus dikepung,
ditaheunan make jaring.
9 Sanggeus beunang, diasupkeun ka jero
kandang, tuluy dibawa ka raja Babul, dijaga
bisi leupas. Sada gaurna moal kadenge deui
di pagunungan Israil.
10 Indung maneh saibarat tangkal anggur, nu
dipelak sisi susukan. Ku sabab teu kurang cai,
jadina alus, daunna gomplok buahna leubeut.
11 Regang-regangna baradag sarta tareuas,
pantes dijieun iteuk karajaan. Tangkalna
terus keneh ngaluhuran, nepi kana mega,
katembong ku sarerea tur semu iuh.
12 Kek dicekel ku nu ambek, dirabut jeung
akar-akarna, dibalangkeun kana taneuh, geus
kitu katiup angin ti wetan, buahna gararing,
dahan-dahanna saremplak, jaradi pangpung
tuluy kahuru.
13 Eta tangkal tuluy dipelak di gurun keusik,
tanah kelang euweuh cai.
14 Malah dahan-dahanna keuna ku seuneu,
kahuru buahna beak. Dahanna geus teu
pantes dijieun iteuk karajaan. Ieu hiji lagu
duka; geus dinyanyikeun bulak-balik.

20 1 Dina taun katujuh aya di
pangbuangan, dina tanggal
sapuluh bulan lima, aya sawatara kokolot
Israil daratang ka kaula rek marenta pituduh
PANGERAN; maranehna dariuk hareupeun
sim kuring.
2 PANGERAN nimbalan kieu ka kaula,
3 "Eh anak manusa," timbalana-Na,
"bejakeun ka eta jelema-jelema, kieu sabda
PANGERAN Nu Maha Agung: Kutan maraneh
teh rek marenta pituduh Kami? Demi Kami
Allah anu jumeneng, Kami embung dipentaan
naon-naon ku maraneh. Kitu timbalan Kami
PANGERAN Nu Maha Agung.
4 Eh anak manusa, bisi maneh arek
ngelingan ka maranehna, heug, gugat
kumaha pikaijideunana kalakuan karuhunna.
5 Bejakeun, kieu sabda Kami: Basa Kami
milih Israil Kami geus jangji. Di Mesir Kami
nembongan ka maranehna sarta ngandika
yen: Kami teh PANGERAN Allah maraneh.
6 Kami harita sumpah seja ngaluarkeun
maranehna ti Mesir, rek dibawa ka hiji tanah
beunang Kami milih pikeun maranehna, tanah
anu subur jeung panghadena.
7 Kami meredih sangkan maranehna miceun
arca-arca sesembahanana anu pikaijideun
Kami, jeung sangkan ulah ngabakti ka brahala
urang Mesir, sabab Allah maranehna mah
Kami, PANGERAN.

8 Tapi teu ngagarugu, malah ngaralawan.
Arca-arcana anu pikaijideun teu dipariceun,
tur masih ngabarakti keneh ka brahala urang
Mesir. Tadina rek disiksa di Mesir keneh, sina
nyaraho amarah Kami.
9 Tapi diantep keneh, sabab bisi matak
jenengan Kami dipoyok, lantaran di dinya,
tempat maranehna numpang, Kami geus
ngumumkeun yen urang Israil teh ku Kami
rek dikaluarkeun ti Mesir.
10 Geus kitu maranehna ku Kami
dikaluarkeun ti Mesir, dibawa ka gurun keusik.
11 Di gurun keusik ku Kami dibere parentah-
parentah jeung hukum-hukum Kami, anu
nungtun kana rahayu saupama diturut.
12 Sabat, tanda pamupakatan antara
Kami jeung maranehna carek Kami kudu
digumatikeun, geusan peringetan yen
maranehna geus disucikeun ku Kami,
PANGERAN.
13 Tapi sabot di gurun keusik keneh
maranehna geus ngalawan. Parentah-
parentah Kami, jeung hukum-hukum Kami
anu nungtun kana rahayu saupama diturut,
ku maranehna ditolak. Sabat Kami oge kacida
dilalaworakeunana. Tadina rek dibasmi di
dinya keneh, di gurun keusik, sina nyaraho
bendu Kami.
14 Tapi diantep keneh, sabab bisi matak
jenengan Kami dipoyok ku bangsa-bangsa

anu nyaraksian Kami mingpin urang Israil ti Mesir.
15 Tapi Kami sumpah yen maranehna moal
tulus dibawa ka tanah anu geus dijangjikeun,
tanah anu subur jeung panghadena tea.
16 Kami ngucap kitu teh lantaran maranehna
nampik kana hukum-hukum Kami,
ngalanggar parentah-parentah Kami, sarta
ngalalaworakeun Sabat, leuwih resep
nyembah ka brahalana sorangan.
17 Najan kitu Kami masih keneh mikarunya.
Ku Kami diputus yen maranehna moal dibasmi
di gurun keusik.
18 Papadaning kitu, anak-anakna ku Kami
dipepelingan supaya ulah nurut kana aturan-
aturan beunang nyieun karuhunna, ulah
kabawa ku kabiasaanana, ulah nganajiskeun
maneh ku nyembah ka brahalana.
19 Kami teh PANGERAN, Allah maraneh.
Masing nurut kana hukum-hukum jeung
parentah-parentah Kami.
20 Gumatikeun poe Sabat pikeun tanda yen
Kami jeung maraneh geus mupakat, jeung
sangkan aringet yen Kami teh PANGERAN,
Allah maraneh.
21 Tapi anak-anakna oge ngaralawan.
Parentah-parentah Kami dilanggar, hukum-
hukum Kami anu nungtun kana rahayu
saupama diturut, ku maranehna ditampik,
poe Sabat dilalaworakeun. Tadina mah rek

dibasmi di dinya keneh di gurun keusik, sina
nyaraho bendu Kami.
22 Tapi teu kungsi dikitukeun, sangkan
jenengan Kami ulah direndahkeun ku
bangsa-bangsa anu nyarahoeun waktu Kami
mawa urang Israil ti Mesir.
23 Ku sabab eta Kami di gurun keusik mere
jangji sarupa deui. Kami geus sumpah yen
maranehna tangtu dipaburencaykeun ka
sakuliah dunya.
24 Kami nepi ka kitu teh lantaran
maranehna nolak kana parentah-parentah
Kami, ngarempak hukum-hukum Kami,
nganistakeun Sabat Kami, jeung ngabarakti
ka brahala anu disarembah ku karuhun-
karuhunna.
25 Ti dinya maranehna ku Kami dibere
hukum-hukum anu teu hade jeung parentah-
parentah anu teu matak mawa kana
pihirupeun.
26 Ku Kami dihaja sina nganistakeun diri
ku kurban-kurban tarekahna sorangan,
jeung diantep sina ngurban-ngurbankeun
anak-anakna anu cikal, geusan hukumanana
sarta sina nyaraho yen Kami teh PANGERAN.
27 Eh anak manusa, bejakeun ka urang
Israil ieu dawuhan Kami, PANGERAN
Nu Maha Agung. Aya deui kituh peta
karuhun-karuhunna ngagogoreng ka Kami ku
kalakuan-kalakuanana anu teu satia teh.

28 Keur waktu maranehanana ku Kami
dibawa asup ka tanah anu dijangjikeun tea,
barang narenjo pasir-pasir anu laluhur jeung
tatangkalan anu garomplok teh tuluy bae
dikurbanan. Barang-barang kurbanna, sato
anu diduruk kitu deui anggur panyuguhanana
ngahudang amarah Kami.
29 Maranehna ku Kami dipariksa: Tempat-
tempat luhur anu dijarugjug ku maraneh teh
naon? Ti harita, eta tempat ku maranehna
disarebut Tempat-tempat Luhur.
30 Bejakeun ieu dawuhan Kami PANGERAN
Nu Maha Agung ka urang Israil: Ku
naon kalakuan maraneh garoreng cara
kalakuan karuhun maraneh sarta anut ka
brahala-brahalana?
31 Tur nepi ka kiwari pisan maraneh
nyuguhkeun pangbakti nu karitu, jeung
nganistakeun diri ka brahala-brahala anu
disarembah ku karuhun-karuhun maraneh,
nepi ka ngaduruk anak-anak sorangan
dikurban-kurbankeun. Ari ayeuna maraneh,
eh urang Israil, make hayang nanyakeun
pikersaeun Kami! Demi Kami PANGERAN Nu
Maha Agung, Allah anu jumeneng, pananya
maraneh ku Kami moal dipirosea.
32 Maraneh geus boga karep rek nurutan
bangsa-bangsa batur, nurutan urang nagri
sejen sarta nyarembah kana tatangkalan
jeung batu-batu. Tapi eta pakarepan teh
hamo bukti."

33 "Masing nyaraho, demi Kami PANGERAN
Nu Maha Agung, Allah anu jumeneng,
sajeroning amarah Kami baris marentah ka
maraneh kalawan keras, ngagunakeun sagala
kakawasaan.
34 Lamun maraneh geus kumpul kabeh, geus
dipulangkeun ti nagri-nagri tempat maraneh
bacacar, kakawasaan katut amarah Kami rek
ditembongkeun ka maraneh.
35 Maraneh rek diteundeun di Gurun
Bangsa-bangsa, sarta di dinya Kami bakal
nyanghareupan maraneh rek balitungan.
36 Bareto Kami balitungan jeung karuhun
maraneh di Gurun Sinai, kiwari arek
balitungan teh jeung maraneh," kitu timbalan
PANGERAN Nu Maha Agung.
37 "Maraneh rek diawaskeun enya-enya
ku Kami, tur dipaksa kudu nurut kana
perjangjian Kami.
38 Tukang-tukang barontakna, anu
jarahatna, baris disingkir-singkirkeun.
Baris dikalaluarkeun ti nagri-nagri tempat
ngalumbarana, tapi moal dipulangkeun ka
tanah Israil. Engke kakara maraneh nyaho
yen Kami teh PANGERAN."
39 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Eh urang Israil, ayeuna kumaha maraneh
bae. Pek dosa terus, jeung sarembah eta
brahala-brahala maraneh teh! Tapi awas,
sanggeus eta maraneh kudu nurut ka Kami,
ulah nyuguh-nyuguh deui ka brahala-brahala

maraneh anu matak nganistakeun jenengan
Kami anu suci.
40 Engke di tanah anu di ditu, di gunung
Kami anu suci, di gunung anu luhur di tanah
Israil, maraneh urang Israil kabeh bakal
ngabarakti ka Kami. Kami bakal sugema
ka maraneh, sarta ngarep-ngarep maraneh
mawa kurban-kurban anu pangutamana katut
pangabakti anu suci.
41 Sanggeusna maraneh ku Kami
dikaluarkeun ti nagri-nagri tempat maraneh
bacacar sarta geus karumpul kabeh, Kami
baris narima ti maraneh kurban-kurban
anu diduruk sarta baris katembong ku
bangsa-bangsa sejen yen Kami teh suci.
42 Saupama maraneh ku Kami geus
dipulangkeun ka tanah Israil, tanah anu geus
dijangjikeun rek dibikeun ka karuhun maneh
tea, kakara maraneh bakal nyaraho yen Kami
teh PANGERAN.
43 Ti dinya kakara maraneh bakal areling,
yen sagala kalakuan maraneh teh goreng tur
matak nista kana diri.
44 Lamun Kami engke ngabela kahormatan
Kami, harita maraneh urang Israil, tangtu
nyaraho yen Kami teh PANGERAN, moal
ngahukum maraneh satimpal jeung kalakuan-
kalakuan maraneh anu sakitu jahatna jeung
dorakana." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha
Agung.
45 PANGERAN nimbalan ka kaula.

46 Dawuhana-Na, "Eh anak manusa, tempo
ka kidul. Ngomong ka tebeh kidul, tepikeun
ieu ramalan ngeunaan leuweung di kidul.
47 Omongkeun ka eta leuweung kidul,
dengekeun kituh ieu timbalan PANGERAN Nu
Maha Agung: Awas! Kami rek nimbulkeun
seuneu, sina ngahuru saban tangkal nu aya
di maneh, nu saleger keneh, kitu deui nu
geus gararing. Eta seuneu hamo aya nu bisa
mareuman. Rek disina nerekab ti kidul nepi
ka kaler, sarta karasa panasna ku sarerea.
48 Baris kasaksian ku sakabeh yen Kami anu
ngahuruna tur hamo aya nu bisa mareuman."
49 Tapi kaula unjukan kieu, "Nun PANGERAN
Nu Maha Agung, abdi ulah dipiwarang
nyanggemkeun kitu. Jalmi-jalmi tangtos
rumahuh, nyebatkeun yen abdi salamina
mung nyanggemkeun teguheun bae."
21 1 PANGERAN nimbalan ka kaula,
2 dawuhana-Na, "Eh anak manusa,
carekan ku maneh Yerusalem. Cela tempat-
tempat ibadahna. Bewarakeun ka tanah
Israil,
3 yen Kami, PANGERAN, ngandika kieu:
Kami ngamusuh ka maraneh. Kami rek mesat
pedang ngabasmi maraneh kabeh, boh nu
jarahat, boh nu balageur.
4 Ti kaler nepi ka kidul, kabeh ku Kami rek
disabetan ku pedang.

5 Saban jalma bakal nyaho yen Kami
PANGERAN geus nyabut pedang tur moal
disarungkeun deui.
6 Eh anak manusa, geura ngalengis saperti
keur ngarakacak hate pinuh ku kaprihatinan.
Geura ngalengis, sing kanyahoan ku sarerea.
7 Upama ku maranehanana ditanya ku naon
ngalengis, jawab lantaran bakal datang
hiji beja. Lamun eta beja geus datang,
maranehna tangtu geumpeur, leungeunna
bakal ngareplek, tuurna bakal nyorodcod,
wawanenna bakal leungit. Ayeuna geus
cunduk waktuna." Kitu timbalan PANGERAN
Nu Maha Agung.
8 PANGERAN nimbalan ka kaula,
9 "Eh anak manusa, ramalkeun ku maneh
kieu: Bejakeun ka maranehna kieu kituh
timbalan Kami, Pangeran: Pedang! Pedang
geus diasah, geus dikosokan.
10 Pang diasah rek dipake meuncit, pang
dikosok sangkan ngabaranyay lir kilat. Umat
Kami moal disina suka-suka deui, sabab
geus ngajojore sagala panggeuing reujeung
hukuman.
11 Eta pedang geus dikosokan, geus herang
ngan kari make. Diasah jeung dikosokan,
pakeeun nu baris meuncitan.
12 Eh anak manusa, geura midangdam
jejeritan, sabab eta pedang bakal narajang ka
umat Kami, jeung ka sakabeh gegeden Israil.
Kabeh geus tangtu dipareuncitan, bareng

jeung sasesana umat Kami. Anu matak, geura neunggeulan harigu lantaran nalangsa.
13 Kami rek nguji umat, upama henteu tarobat, pasti kasabet ku bahla.
14 Maneh, eh anak manusa, geura ngaramal. Keprok-keprokkeun leungeun maneh, engke eta pedang bakal terus nguwak-ngawik. Pedang nu bakal maehan, nu pikapaureun, nu bakal ngajagal.
15 Umat Kami bakal leungit wawanenna ku eta pedang, bakal tingkudupruk. Kotana ku Kami arek diancam ku pedang anu ngolebat lir kilat, siap nyabet.
16 Geura nyabet ngenca ngatuhu, he pedang seukeut! Nyabet ka mana maneh nyanghareup.
17 Kami sorangan rek kekeprokan, geus kitu kakara amarah Kami bisa leler. Kitu timbalan Kami PANGERAN."
18 PANGERAN nimbalan ka kaula,
19 timbalana-Na, "Eh anak manusa, gambarkeun dua jalan anu baris disorang ku raja Babul katut pedangna. Eta dua jalan kudu sarua mimitina ti hiji kota. Di lebah nu nyagak berean papan tuduh jalan, geusan tanda ka eta raja.
20 Nu hiji jalan ka Raba, kotana urang Amon, nu hiji deui jalan ka Yerusalem, kota anu tohaga, di tanah Yuda.
21 Lebah papan tuduh jalan di nu nyagak tea eta raja bakal ngarandeg heula. Tuluy ngoclok

jamparing jeung nanya ka brahalana, terus
nenjoan kalilipa sato kurban, menta pituduh
jalan mana anu kudu disorang.
22 Ceg! Leungeun katuhuna nyekel jamparing
anu make tanda nuduhkeun ka Yerusalem.
Ceuk jamparingna ka dinya manehna kudu
masang paranti ngadobrak, ngagorowokkeun
panyeluk jurit, nangoh-nangohkeun
panggedor kana panto eta nagara, nyieun
gugunungan jeung ngalian lombang.
23 Urang Yerusalem taya nu nyaho baris
kitu, sabab jeung eta raja geus nyieun
perjangjian. Tapi ieu ramalan teh geusan
ngingetkeun maranehna kana dosa-dosana,
sarta pikeun mere nyaho yen maranehanana
bakal ditarangkepan.
24 Ku sabab eta kieu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung, Dosa-dosa
maneh geus ngaboleker. Geus kanyahoan ku
sarerea yen maneh teh doraka kabina-bina.
Saparipolah maneh ngan jahat bae. Maneh
tangtu dihukum, ku Kami rek diselehkeun ka
leungeun musuh.
25 Eh maneh raja Israil, raja jahat jeung
doraka, hukuman maneh geus tereh poena.
26 Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha
Agung. Buka eta makuta jeung dastar teh.
Kaayaan ayeuna geus robah. Nu malarat
bakal diangkat, nu agung bakal dirurud.
27 Rugrug, rugrug! Enya, eta kota teh ku
Kami rek dirugrugkeun. Ngan moal waka

ayeuna-ayeuna, ngadago heula jelema anu
ku Kami baris kapilih geusan ngabinasa eta
kota, sarta eta kota baris diserenkeun ka
manehna."
28 "Eh anak manusa, ramalkeun. Embarkeun
ieu dawuhan Kami ka urang Amon anu
ngagogoreng ka Israil. Kieu: Aya pedang geus
dibatek bakal nyabet, geus dikosokan geusan
ngababad, ngabaranyay lir kilat.
29 Sakabeh tetenjoan dina pameleng maneh
palsu. Panujum maneh barohong. Jahat
maneh teh, doraka. Maneh geus tereh
dihukum, tereh poena. Eta pedang baris
ninggang, neukteuk beuheung maneh.
30 Sarungkeun pedang maneh! Di tempat
maneh diciptakeun, di nagri tempat maneh
dijurukeun, maneh ku Kami arek dihukum.
31 Maneh tangtu bakal ngarasa amarah Kami
ana geus budal lir seuneu ngagudag-gudag.
Maneh arek diselehkeun ka hiji jelema anu
dedegler, ahli ruruksak.
32 Maneh bakal dibasmi ku seuneu. Getih
maneh bakal ngabayabah maseuhan
nagri sorangan, maneh hamo aya anu
nginget-nginget deui." Kitu timbalan
PANGERAN.
22 1 PANGERAN nimbalan ka kaula.
2 Timbalana-Na, "Eh anak manusa,
maneh daek ngahukum eta kota anu pinuh
ku tukang maehan? Eceskeun ka dinya sagala
kalakuanana anu pikageuleuheun.

3 Bejakeun kieu timbalan Kami, PANGERAN
Nu Maha Agung: Ku sabab maneh maehan
rahayat sorangan sakitu lobana, sarta
nganistakeun diri nyembah ka brahala,
pitungtungeun maneh geus deukeut.
4 Ku lantaran maneh boga salah maehan
jeung nganistakeun diri ku brahala jieunan
sorangan, poe panungtungan maneh geus
deukeut, hirup maneh tereh enggeusan. Eta
sababna maneh ku Kami diantep diparoyok ku
bangsa-bangsa, dijarebian ku unggal nagri.
5 Nagara-nagara anu dareukeut anu jarauh
tingjarebi ka maneh, lantaran maneh nirca
tina hukum.
6 Gegeden-gegeden Israil arumangkeuh ku
kakawasaanana, sarta gawena maehan.
7 Jalma-jalma pangeusi nagri taya saurang
nu hormat ka indung bapa. Urang asing ku
maneh dihianat. Randa-randa jeung pahatu
bandana ku maneh direbut.
8 Maneh teu ngahargaan kana tempat-
tempat suci, teu gumati kana Sabat.
9 Rahayat maneh loba nu silih pitenah ngarah
batur paeh. Sawareh ngadalahar kurban anu
disuguhkeun ka brahala-brahala. Sawareh
haben karokomoan ngalumbar napsu.
10 Sawareh ngaheesan pamajikan bapana.
Sawareh maraksa ka awewe nu keur haid.
11 Sawareh jarinah, sawareh ngaruksak
kasucian anak terena atawa dulur terena.

12 Sawareh daraek diupah dititah maehan.
Sawareh silih akalan jeung papada urang
Israil keneh, silih sikut bati leuwih ti misti,
nepi ka loba anu baleunghar ku jalan kitu.
Geus maropohokeun ka Kami." Kitu timbalan
PANGERAN Nu Maha Agung.
13 "Ieu peureup Kami baris ninggang ka
maneh nu sok rarampog jeung maehan.
14 Naha rek boga keneh kawani, rek boga
keneh tanaga ngulangkeun leungeun lamun
ku Kami diberesan? Kitu timbalan Kami
PANGERAN, tur tangtu dibuktikeun.
15 Rahayat maneh rek sina paburantak,
papencar ka saban nagri jeung bangsa,
sarta kalakuan maneh anu jahat baris
dieureunkeun ku Kami.
16 Ku sabab eta maneh bakal dihina ku
bangsa-bangsa, sarta maneh bakal nyaho
yen Kami teh PANGERAN."
17 PANGERAN nimbalan ka kaula,
18 "Eh anak manusa, urang Israil keur Kami
taya gunana, teu beda ti kokotor logam,
kayaning tambaga, timah, beusi, timah
hideung, anu tinggaleun sanggeus perakna
disangling dina pangleburan.
19 Ku sabab eta ceuk Kami, maranehna
teu beda ti kitu, taya gunana. Ku Kami rek
dikumpulkeun di Yerusalem,
20 cara ngagundukkeun wiji-wiji perak,
tambaga, beusi, timah jeung timah hideung
dina pangleburan. Maranehna baris lebur ku

amarah jeung wera Kami, cara wiji perak
lebur ku seuneu.
21 Tangtu ku Kami dikumpulkeun di
Yerusalem, ti handap digebos ku seuneu, sina
lebur ku amarah Kami.
22 Pasti, pasti maranehna lebur di Yerusalem,
kawas perak dilebur dina pangleburan, kakara
maranehna bakal nyaraho kana werana
PANGERAN."
23 PANGERAN ngandika deui ka kaula.
24 Pangandika-Na, "Eh anak manusa,
bejakeun ka urang Israil, tanah maranehna
teh tanah najis. Ku lantaran kitu amarah Kami
baris ngahukum ka dinya.
25 Gegeden-gegedenna kawas singa guar-
gaur nyasaak sato nu dimangsana. Rahayat
ku eta diparaehan, duit jeung babandaanana
sakur nu bisa dirampas mah dirampas
kabeh, awewe jaradi randa, lantaran salakina
diparaehan.
26 Imam-imamna ngarempak hukum-hukum
Kami, tur teu ngajenan kana barang-barang
suci. Geus teu ngabedakeun mana nu suci
mana nu biasa. Henteu ngajarkeun bedana
barang halal jeung barang haram, kana Sabat
ngalalaworakeun. Temahna jalma-jalma jadi
taya hormatna ka Kami.
27 Pajabat-pajabat pamarentahna kawas
ajag nyasaak sato mamangsanna, maehan
teu asa-asa dapon matak beunghar.

28 Ari ku nabi-nabina eta dosa-dosa
teh dikilungan, kawas tembok dikapur.
Tetenjoan-tetenjoan pamelengna paralsu,
ramalanana taya benerna. Aku-akuna mah
magar ngucapkeun sabda PANGERAN Nu
Maha Agung, padahal Kami, PANGERAN, teu
nyabda ka maranehna.
29 Nu hianat jeung nu rarampog nerekab. Nu
balangsak diteungteuinganan, urang asing
bandana dirampas.
30 Kami keur neangan jelema anu pibisaeun
ngadegkeun, atawa anu baris bisa tagen
di lebah kuta anu geus rugrug, ngabela
eta tanah dina waktuna amarah Kami
rek ngarempug inya, tapi teu manggih
saurang-urang acan.
31 Anu matak Kami rek ngabudalkeun
amarah lir ngumbar seuneu, geusan
ngabasmi maranehna ku tina kalakuan-
kalakuanana." Kitu timbalan PANGERAN Nu
Maha Agung.
23 1 PANGERAN ngadawuh ka kaula,
2 dawuhana-Na, "Eh anak manusa,
hiji mangsa aya dua awewe adi lanceuk.
3 Waktu keur ngorana keneh, keur waktu
matuh di Mesir duanana geus kauculan
parawanna, sarta terus ngalacurkeun maneh.
4 Lanceukna ngaranna Ohola (ieu
ngupamakeun nagri Samaria), adina
ngaranna Oholiba (ngupamakeun nagri

Yerusalem). Duanana ku Kami ditikah nepi ka
baroga anak.
5 Ohola, geus jadi pamajikan Kami oge
lacurna mah angger bae, muaskeun napsu ka
kabogoh-kabogohna ti Asur.
6 Eta kabogoh-kabogohna teh anggota
tentara, anu marake seragam wungu, para
bangsawan, jeung para pajabat luhur,
kabehanana perwira-perwira pasukan kuda,
sarta karasep.
7 Ohola jadi ungkluk eta perwira-perwira
Asur, jeung ku perbawa napsu birahina,
manehna tuluy nganistakeun diri nyembah ka
brahala urang Asur.
8 Adat lacurna anu dimimitian ti Mesir,
urut manehna kauculan parawanna tea,
diteruskeun. Ti keur parawan keneh geus
biasa sok ngedeng jeung lalaki-lalaki,
anu ngalayananana sakumaha ka awewe
palacuran.
9 Nya tuluy ku Kami diserenkeun bae ka
kabogoh-kabogohna, urang Asur tea, anu ku
manehna kacida dipikabogohna.
10 Seug ku maranehanana ditaranjangan,
anak-anakna dicarerek, sarta manehna
sorangan dipaehan ku pedang. Nasibna
pada ngomongkeun ku papada awewe di
mana-mana.
11 Ari Oholiba, adina, sangkilang nyahoeun,
tapi malah lacurna leuwih gawok ti batan
Ohola.

12 Manehna oge nyoso bogohna teh ka para
bangsawan jeung para pajabat Asur prajurit-
prajurit anu marake seragam hurung-herang
jeung ka para perwira pasukan kuda, kabeh
nonoman-nonoman karasep.
13 Katilikna ku Kami eta awewe teh geus
bejad pisan susilana, goreng lampah teu beda
ti lanceukna.
14 (23:14-15) Hirupna beuki lila beuki tilelep
dina lampah anu mesum. Manehna katarik
ku gambar-gambar satria bangsa Babul,
anu diukir dina tembok jeung dicet beureum
burahay, cangkengna marake solempang,
sirahna marake dastar alus pisan.
15 (23:14)
16 Barang nenjo ge manehna ujug-ujug
kagembang, nepi ka tuluy nitahan jelema ka
tanah Babul.
17 Urang Babul seug daratang, rek ngaradon
sapatemon jeung eta awewe. Seug eta
awewe teh ku maranehna diparake, kacida
dirurujitna, nepi ka tungtungna eta awewe
teh jadi boseneun.
18 Jalma-jalma geus taya nu bireuk deui yen
eta awewe teh awewe palacuran, kawantu
manehna ngahaja nangarkeun maneh. Kami
cua ka manehna, cara ka lanceukna.
19 Lacurna beuki gawok, teu beda ti keur
ngorana basa keur ngalacurkeun dirina di
Mesir.

20 Nyosona teh ka lalaki-lalaki anu napsu
birahina luar biasa, anu gede napsu sahwatna
kawas kuda jalu.
21 (Eh Oholiba, maneh teh hayang malikan
kalakuan maneh anu bejad basa keur
parawan keneh di Mesir, basa lalaki-lalaki
urang ditu nyonyoo susu maneh nepi ka
maneh kauculan parawan.)"
22 "Ayeuna eh Oholiba, kieu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung. Maneh geus
ngarasa sebel ka eta kabogoh-kabogoh
teh. Tapi maranehna ku Kami rek disina
arambekeun ka maneh, disina daratang ka
dieu ngepung maneh.
23 Urang Babul katut urang Kaldea, urang
Pekod, urang Soa, urang Koa, kitu deui urang
Asur kabeh. Eta para bangsawan jeung para
anu karasep, kabeh para pajabat penting
jeung perwira-perwira luhur ti pasukan kuda,
ku Kami rek disina kumpul.
24 Sina nempuh ka maneh ti beulah kaler,
baladna gede, mawa kareta-kareta perang
jeung kareta-kareta bekel. Kabeh nyarikep
tameng jeung marake topi waja, ningker
ka maneh. Maneh ku Kami rek diselehkeun,
ari ku maranehna bakal dihukum nurutkeun
undang-undangna.
25 Ku sabab Kami ambek, maranehna oge
sina arambekeun ka maneh. Irung maneh
ku maranehanana bakal disumpungan, ceuli
maneh dirumpungan. Anak-anak maneh bakal

diparaehan nu awewe nu lalaki, digalusuran
tuluy didaruruk hirup-hirup.
26 Papakean maneh bakal dirarajet,
perhiasan-perhiasan maneh dirampas.
27 Pangabeuki maneh kana lampah cabul
ti Mesir keneh, ku Kami rek dieureunkeun.
Maneh geus hamo bisa neuleu-neuleu deui
brahala-brahala atawa nginget-nginget deui
urang Mesir."
28 Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha
Agung, "Maneh ku Kami rek diselehkeun
ka jelema-jelema anu ku maneh geus
dipikabosen jeung dipikacua.
29 Jeung ku sabab maranehanana geus
sarebeleun ka maneh, sagala rupa harta
banda beunang maneh usaha ku maranehna
bakal dirampid, maneh disina sataranjang
nepi ka tetela yen maneh teh awewe ungkluk.
Napsu katut lampah lacur maneh keneh,
30 anu ngalantarankeun maneh nepi ka kitu.
Maneh geus jadi ungklukna bangsa-bangsa
jeung nganistakeun diri ku arca-arcana.
31 Maneh geus nurutan lampah lanceuk
maneh, ku sabab kitu maneh oge ku Kami
rek ditibanan hukuman anu geus ditibankeun
ka lanceuk maneh."
32 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Maneh kudu nginum tina gelas lanceuk
maneh, anu nya gede nya jero. Sina dilelewe
jeung dipupuas ku saban jalma, sabab
gelasna nepi ka leber.

33 Sing nepi ka maneh enek jeung sebel
nginum eta eusi gelas lanceuk maneh Nyi
Samaria, anu pinuh ku rasa kaketir jeung
kabinasaan.
34 Inum, leguk ku maneh nepi ka beak,
teureuy jeung bubuk-bubuk belingna, nepi
ka maneh nyakaran harigu sorangan. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung."
35 Kieu deui dawuhan PANGERAN Nu Maha
Agung, "Ku sabab maneh geus mopohokeun
jeung geus nukangan ka Kami, maneh bakal
nandang sangsara, nanggung balukar hawa
napsu kana lacur."
36 PANGERAN nimbalan ka sim kuring,
"Eh anak manusa, kumaha maneh daek
ngahukum Ohola jeung Oholiba, bari
ngabolekerkeun sagala paripolahna anu
pikacuaeun teh?
37 Maranehna geus ngaranyed jeung
maehan, ngaranyed ka brahalana jeung
maehan anak-anak Kami nu lalaki beunangna
ngajurukeun. Anak-anak Kami nu lalaki ku
maranehanana dikurban-kurbankeun ka
brahalana.
38 Lain eta bae kagorenganana teh. Bait
Kami dirurujit, Sabat Kami nu ku Kami geus
diresmikeun, dinistakeun.
39 Tas maehan anak-anak Kami diparab-
parabkeun ka brahalana, poe eta keneh
maranehna ngasupan jeung ngarurujit Bait
Kami!

40 Helang deui, helang deui, maranehanana
ngirim utusan-utusan ka tempat anu jauh
pisan, ondang-ondang. Jalma-jalma teh
daratang. Ohola jeung Oholiba marandi
beberesih, panonna disipat, perhiasanana
diparake.
41 Gek dariuk dina ranjang anu alus,
nyanghareupan sisihan nu ngabarak dina
meja, malah seuseungitan jeung minyak
jetun pamere Kami ge aya dina eta meja.
42 Ti luar kadenge ngageder sora jalma-jalma
anu keur lalugina hate, beunang ngondangan
ti gurun keusik. Eta dua awewe ku maranehna
digeulangan, sarta diterapan makuta mulya.
43 Ceuk Kami ngomong sorangan, uyuhan
daraek eta lalaki-lalaki teh lalacur jeung
awewe ruruntuk anu geus ruksak awahing ku
beuki ngaranyed.
44 Mani jol deui, jol deui maranehna ka eta
dua awewe ungkluk teh. Bagilir daratang ka
si Ohola jeung si Oholiba, awewe anu ruksak
ahlakna.
45 Ku jelema anu bener mah eta dua awewe
teh tangtu dicap si tukang ngaranyed, si
tukang maehan, da enya duanana beuki
ngaranyed sarta leungeunna lamokot ku
getih."
46 Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung,
"Maranehna sina didatangan ku gorombolan
tukang rusuh, sina dirampog.

47 Ingkeun sina dibaraledogan ku batu ku
maranehanana, sina disarabetan ku pedang,
anak-anakna sina diparaehan, imahna sina
diduruk.
48 Geus kitu ieu nagri ku Kami rek
diberesihan tina ahlak nu bejad, sangkan
jadi panggeuing ka unggal awewe yen ulah
ngaranyed, ulah kawas eta awewe anu duaan.
49 Ari maneh, eh awewe adi lanceuk, maneh
tangtu dihukum ku Kami, lantaran ahlak
maraneh geus rusak, jeung ku sabab dosa
maraneh nyembah ka brahala. Geus kitu
maraneh kakara bakal nyaraho yen Kami teh
PANGERAN Nu Maha Agung."
24 1 Dina tanggal sapuluh, bulan
kasapuluh, nincak kana salapan taun
hirup di nagri buangan, PANGERAN nimbalan
ka kaula,
2 timbalana-Na, "Eh anak manusa, tanggal
teh catet, sabab dina tanggal eta bareto raja
Babul mimiti ngepung Yerusalem.
3 Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, boga
misil, caritakeun ku maneh ka jelema-jelema
nu barasangkal. Kieu: Tagogkeun kawali kana
seuneu, eusian cai.
4 Cemplungkeun daging nu aralus ka dinya,
daging walikat jeung daging pingping, tambah
ku tulang-tulang nu aralusna.
5 Dagingna daging domba anu mulus,
gedurkeun seuneuna, suluhan sing loba,

kulub tulang jeung daging teh sina
ngagolotrok."
6 Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung,
"Cilaka, cilaka eta kota tukang-tukang
maehan teh. Eta kota saupama kawali anu
geus karatan, kawantu tara pisan dikumbah.
Jaitan kukulubanana sakeureut-sakeureut,
ulah disesakeun.
7 Di eta kota loba anu diparaehan, getihna
teu karimbunan lantaran ngucurna lain kana
taneuh, ngucurna kana cadas buligir.
8 Ku Kami diantep bae di dinya sina ngondang
amarah jeung menta dipangbaleskeun."
9 Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung,
"Cilaka, cilaka eta kota tukang-tukang
maehan teh. Rek digeledegkeun seuneuna ku
Kami sorangan.
10 Tambahan suluhna! Geberan seuneuna!
Saatan kalduna! Tulang-tulangna sina tutung!
11 Kosongkeun eta kawali tambaga teh,
tagenkeun luhureun ruhak nepi ka burahay,
sina beak karatna sangkan beresih,
12 sanajan saenyana mah karatna teh moal
beak ku diduruk.
13 Eh Yerusalem, maneh teh kotor, kotor
ku ahlak anu geus ruksak. Sanajan ku Kami
dicoba diberesihan ge maneh angger bae
kotor. Maneh moal beresih-beresih deui, kudu
ngarasa heula hebatna amarah Kami.
14 Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha
Agung. Geus waktuna Kami kudu kitu. Dosa

maneh ku Kami moal diantep. Kami hamo watir, hamo rek karunya. Maneh tangtu dihukum ku tina kalakuan-kalakuan maneh."
Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.
15 PANGERAN nimbalan ka kaula,
16 timbalana-Na, "Eh anak manusa, sakeudeung deui jelema anu ku maneh pangdipikaasihna ku Kami rek dicokot. Maneh teu meunang midangdam, teu meunang ceurik atawa ngabijilkeun cipanon.
17 Sora sesegruk maneh ulah aya nu ngadengeeun. Indit-inditan teu meunang teu make tutup sirah, suku ulah lesot ti tarumpah, ulah aya ciri-ciri prihatin. Ulah mindingan beungeut jeung ulah ngadahar kadaharan paragi keur sungkawa."
18 Poe eta isuk-isuk kaula cacarita jeung jalma rea, ari geus burit bojo kaula maot. Poe isukna kaula nembongkeun semu sakumaha anu dipundut tea bae.
19 Jalma-jalma naranya, "Geuning Bapa mah kitu?"
20 Jawab kaula, "Bapa teh mawa pesen PANGERAN,
21 anu kudu ditepikeun ka maraneh urang Israil. Dawuhana-Na, maraneh agul ku Bait Allah anu sakitu tohagana. Maraneh resep nenjona, resep ngalongokna. Tapi eta Bait Allah teh ku PANGERAN baris dinistakeun. Ari anggota-anggota kulawarga maraneh nu

ngarora, anu ngarancik keneh di Yerusalem,
bakal paraeh ku perang.
22 Maraneh oge engke bakal cara lampah
bapa kieu, najan nalangsa moal mindingan
beungeut, moal ngadahar kadaharan paragi
nu keur sungkawa,
23 moal indit-inditan teu make tutup sirah,
suku moal lesot ti tarumpah, moal bisa
ngararasakeun kanalangsaan, moal bisa
ceurik-ceurik acan. Maraneh bakal lajur ku
kadorakaan sorangan, bakal tingharegung
patembalan.
24 Peta Bapa kieu teh hiji totonde, yen
maraneh engke bakal kieu. Saur PANGERAN,
lamun eta geus kajadian, kakara maraneh
bakal nyaraho yen Mantenna teh PANGERAN
Nu Maha Agung."
25 PANGERAN ngadawuh, "Eh anak manusa,
Bait Kami anu tohaga anu ku maranehna
dipake agul dipake bungah, dipikaresep jeung
dilongokan, ku Kami rek dieuweuhkeun.
Anak-anak maranehna nu lalaki, nu awewe,
ku Kami bakal dicokot.
26 Dina poean Kami ngalampahkeun kitu,
bakal aya anu bisa lolos tina eta kacilakaan,
bakal datang ka maneh mawa beja.
27 Sarta nya dina poe eta kapinteran maneh
nyarita anu geus sirna bakal pulih deui,
maneh bakal cacarita jeung eta jelema.
Maneh ku Kami dititah kitu teh geusan hiji

totonde ka jalma rea, sangkan nyarahoeun
yen Kami teh PANGERAN."
25 [1] PANGERAN nimbalan ka kaula,
[2] timbalana-Na, "Eh anak manusa,
weweleh nagri Amon ku maneh.
[3] Bejakeun, darengekeun ieu timbalan
Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Maraneh
ngarasa puas nenjo Bait Kami dinistakeun,
ngarasa puas nenjo nagri Israil diburak-barik,
ngarasa puas nenjo urang Yuda digiring ka
pangbuangan.
[4] Ku sabab maraneh geus mupuas kitu,
maraneh ku Kami rek diselehkeun ka
kaom-kaom ti gurun keusik beulah wetan.
Maranehna bakal masang kemah-kemahna di
nagri maraneh, tuluy maratuh. Maranehna nu
bakal ngadahar bubuahan jeung nginum susu
anu kuduna jang maraneh.
[5] Ibukota Raba ku Kami rek dijieun
pakandangan onta, kota-kota urang
Amon rek dijieun pakandangan domba,
sangkan maraneh nyararaho yen Kami teh
PANGERAN."
[6] Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha
Agung, "Maneh mani keprok jeung jijingkrak
bawaning ku atoh. Maneh mupuas ka nagri
Israil.
[7] Ku sabab eta, maneh ku Kami rek
diselehkeun ka bangsa-bangsa, sina dijarah.
Maneh ku Kami bakal ditumpes sama sakali,
nepi ka moal deui jadi bangsa, moal deui

boga nagri akuan. Kakara engke maneh
nyaho yen Kami teh PANGERAN."
8 PANGERAN nimbalan, "Ku sabab Moab
geus nyebutkeun urang Yuda ge sarua jeung
bangsa-bangsa sejen,
9 kota anu jadi benteng wates nagri Moab
ku Kami rek disina aya nu ngagempur,
malah katut kota-kota anu pangendahna, Bet
Yesimot, Baal Meon jeung Kiryataim.
10 Moab ku Kami rek disina eleh bareng
jeung Amon ku kaom-kaom ti gurun keusik
beulah wetan, nepi ka Moab moal deui jadi
bangsa.
11 Moab tangtu ku Kami dihukum, sangkan
nyaraho yen Kami teh PANGERAN."
12 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Urang Edom geus ngabales ka urang Yuda
kacida telengesna. Eta pangbales ngajadi hiji
kasalahan anu manjang.
13 Kami mere nyaho, Edom geus tangtu bakal
dihukum, jelema-jelemana jeung sato-satona
tangtu ku Kami bakal ditumpes. Ku Kami rek
disina suwung ti semet kota Tman nepi ka
kota Dedan, jelema-jelemana sina paraeh ku
perang.
14 Umat Kami Israil sina mangmaleskeun
Kami ka Edom. Urang Edom ku maranehna
bakal disina ngarasa hebatna amarah Kami.
Edom sina nyahoeun kumaha rasana nampa
wawales ti Kami." Kitu timbalan PANGERAN
Nu Maha Agung.

15 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Urang Pelisti geus ngabales kacida
telengesna ka musuh kabuyutanana, numpes
ku ceuceub-ceuceubna.
16 Ku sabab eta Kami mere nyaho, urang
Pelisti ku Kami tangtu bakal digempur, disapu
dibuburak. Jelema-jelemana anu caricing di
Dataran Pelisti tangtu ku Kami dibasmi.
17 Tangtu dihukum dibales bebeakan. Sina
ngarasa amarah Kami, sina nyarahoeun yen
Kami teh PANGERAN."
26 1 Dina tanggal hiji bulan saanu, nincak
kana sabelas taun hirup di nagri
buangan, aya timbalan PANGERAN ka kaula.
2 "Eh anak manusa," timbalana-Na,
"urang Tirus mupuas jeung nyurakan
Yerusalem, pokna: Sukur Yerusalem tumpur!
Perdaganganana anu sakitu kuatna geus
musna. Saingan urang geus euweuh!
3 Ku sabab kitu, kieu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung: Kami ngamusuh
ka maneh, eh Tirus. Kami rek ngadatangkeun
bangsa-bangsa, sina ngagempur ka maneh,
daratangna lir ombak laut.
4 Tembok kuta nagri maneh tangtu rebah
dibedah, munara-munarana dirugrug-
rugrugkeun. Bubukna ku Kami rek
disapukeun, sina kari cadasna nonggerak,
5 sina diparake moekeun jaring ku tukang
ngarala lauk ti laut. Kitu timbalan Kami,

PANGERAN Nu Maha Agung. Tirus bakal diranjah ku bangsa-bangsa,
6 ari anu maratuh di kota-kota bagian daratanana bakal paraeh ku pedang. Lamun geus kitu kakara Tirus bakal nyaho yen Kami teh PANGERAN."
7 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Kami rek ngadatangkeun hiji raja anu agung liwat saking, Raja Nebukadnesar ti Babul, sina ngarurug ka Tirus. Datangna ti tebeh kaler, mawa balad gede, mawa kareta-kareta perang jeung pasukan kuda.
8 Anu nyaricingan kota-kota bagian daratan bakal tariwas tengahing jurit. Musuhna ngali lombang nyieun parit, nyieun gugunungan pangepungan, masang tameng-tameng galede dijieun benteng anu rekep, pikeun ngayonan maneh.
9 Tembok kuta maneh bakal didagoran ku panggedor, munara-munarana anu disarigsig beusi bakal tingburubut maruragan.
10 Maneh bakal kaurugan ku kekebul anu dilantarankeun ku pasukan kuda musuh. Kareta-kareta perang anu ditarik ku kuda tinggurudug arasup ka jero kota anu geus rubuh, sarta waktu ngaliwatan lawang-lawang kota, tembok kuta mani eundeur.
11 Tentara pasukan kudana ambreg ka jero kota, minuhan jalan-jalan bari nyabetan rahayat maneh ku pedang. Pilar-pilar maneh anu tohaga bakal diguling-gulingkeun.

12 Kakayaan maneh jeung barang-barang
dagangan bakal dirayah. Kuta maneh
bakal rugrug, imah-imah anu alagreng
bakal diburak-barik. Batu-batuna, kai-kaina
jeung unak-anik ruruntuhanana bakal
dicebur-ceburkeun ka laut.
13 Kawih-kawih maneh ku Kami rek
dieureunkeun, bakal moal kadenge-denge
deui sora kacapi.
14 Ku Kami ngan rek dikarikeun cadasna
anu nonggerak, sina diparake moe-moekeun
jaring ku tukang ngarala lauk. Pamohalan
nagri maneh bisa ngadeg deui, karana nya
kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha
Agung."
15 Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung
ka nagara Tirus, "Keur waktu maneh kadeseh,
jalma-jalma anu di sapanjang basisir bakal
tinglalenyap hatena ngadenge koceakna
jelema-jelema anu keur dijaragal.
16 Raja-raja anu ngarajaan bangsa-bangsa
anu saba laut, bakal naringgalkeun
kalungguhanana, ngaludar jubah jeung
pakeanana anu disulam, ngaradon andeprok
dina taneuh bari ngadegdeg. Pohara
galimireunana nenjo nasib maneh, nepi ka
awakna ngagibrig teu eureun-eureun.
17 Maranehna bakal ngawihkeun ieu lagu
waktu maneh dikubur: Nagara anu kamashur
geus tumpur! Kapal-kapalna disapu ti lautan.

Urang nagri eta baheula mah kawasa di
lautan, ngageumpeurkeun urang basisir.
18 Ayeuna, dina poean maneh rubuh, pulo-
pulo ngadegdeg. Pangeusina tingraranjug
ngadenge maneh binasa."
19 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Maneh ku Kami rek disuwungkeun, kota-kota
maneh sina kari urutna, hamo aya deui anu
nyicingan. Bakal dikeueum ku cai ti dasar
lautan.
20 Maneh rek dijongklokkeun ka dunyana anu
paraeh, ngareujeungan anu geus areuweuh di
kieuna, anu harirupna baheula. Maneh bakal
tumetep jadi eusi bumi nu panghandapna,
tempat ruruntuhan anu langgeng, ngabaturan
nu geus paraeh. Maneh hamo dicicingan deui,
hamo balik deui ka dunyana anu harirup.
21 Kami arek nyieun hiji misil anu
pikagimireun, misil piahireun maneh. Sanajan
upama maneh ditareangan ge pamohalan
pikapanggiheun." Kitu timbalan PANGERAN
Nu Maha Agung.
27 1 (27:1-3) PANGERAN Nu Maha Agung
nimbalan ka kaula, "Eh anak manusa,
kawihkeun ieu lagu pikeun nguburkeun
Tirus, nagara anu ngadegna di sisi laut,
anu ngayakeun niaga jeung pribumi anu
nyaricingan saban basisir. Kieu timbalan
PANGERAN Nu Maha Agung: Eh Tirus, maneh
agul pedah geulis kawanti-wanti.
2 (27:1)

3 (27:1)
4 Imah maneh laut. Maneh ku nu ngawangun
dijieun lir hiji kapal anu endah;
5 kai-kaina camara ti Gunung Hermon.
Tihang layarna kiputri ti Libanon.
6 Dayung-dayungna kai kipasang ti Basan.
Galadagna kai camara ti pulo Siprus dihias ku
gading gajah.
7 Layarna tina kaen linen. Disulam ku lawon
linen ti Mesir. Ti kajauhan ge gampang
nyirikeunana. Tenda-tendana lawon lemes
warna wungu ti pulo Siprus.
8 Tukang-tukang dayungna asal ti kota-kota
Sidon jeung Arwad. Jelema-jelema anu geus
arahli, jaradi kalasi di maneh.
9 Tukang-tukang kayu di kapal, jalma-jalma
urang Gebal. Tarabah kana gawena. Kalasi-
kalasi ti unggal kapal nu balawiri di laut,
marilu usaha kana usaha dagang maneh.
10 Angkatan perang maneh diwangun ku
prajurit-prajurit ti Persia, Lidia jeung Libia,
tameng jeung topi wajana tinggarantung di
barak maneh. Nya maranehna anu ngahontal
kaunggulan gumilang pikeun maneh.
11 Kuta nagri maneh dikawalna ku prajurit-
prajurit ti Arwad, munara-munarana dikawal
ku urang Gamad. Tamengna tinggarantung
dina kuta maneh. Maranehna nyampurnakeun
kaalusan maneh.
12 Maneh muka usaha dagang di Sepanyol.
Barang dagangan maneh anu sakitu lobana

dibareulian, dibayarna ku perak, beusi, timah jeung timah hideung.
13 Maneh muka usaha dagang di Yunani,
di Tubal jeung di Mesek, barang dagangan
maneh dibayarna ku barang-barang tambaga
jeung ku jalma-jalma beulian.
14 Barang-barang maneh ditukeur-
tukeurkeun kana kuda-gawe, kuda-perang
jeung bigal ti Bet Togarma.
15 Maneh dagang jeung urang Rodes. Loba
tempat-tempat anu perenahna di basisir
nalukeuran barang-barang maneh ku gading
gajah jeung kai kibeusi.
16 Urang Siria loba mareulian barang
dagangan jeung hasil-hasil maneh lianna,
nalukeuran barang-barang maneh ku batu
jamrut, lawon-lawon wungu, lawon-lawon
anu lalemes, barang-barang sulaman, batu
marjan jeung batu mirah dalima.
17 Yuda jeung Israil nukeuran barang-barang
maneh ku gandum, madu, minyak jetun
jeung bungbu-bungbu.
18 (27:18-19) Urang Damsik mareulian
barang-barang dagangan jeung hasil-hasil
maneh, mayarna ku anggur Helbon jeung ku
lawon-lawon bulu ti Sahar, sarta nukeuran
barang-barang maneh ku beusi gemblengan
jeung bungbu-bungbu.
19 (27:18)
20 Urang Dedan nalukeuran barang-barang
maneh ku sela kuda.

21 Urang Arab jeung para kawasa nagri Kedar
malayar barang-barang dagangan maneh ku
anak domba, domba jeung embe.
22 Ku sudagar-sudagar urang Syeba jeung
Raama, barang-barang maneh ditukeuranana
ku batu-batu permata, emas, jeung
bungbu-bungbu anu marahal.
23 Nagri-nagri Haran, Kaneh jeung Eden,
sudagar-sudagar urang Syeba, nagri Asur
jeung Kilmad, kabeh daragang jeung maneh.
24 Maranehna ka maneh ngajualan papakean
nu aralus, baju-baju warna wungu, barang-
barang sulaman, permadani warna-warni,
rupa-rupa tali jeung tambang anu karuat.
25 Barang-barang dagangan maneh
diakutanana ku kapal-kapal anu galede.
Maneh teh lir kapal di laut. Pinuh ku
barang-barang muatan.
26 Barang maneh didayung ka tengah laut,
maneh diamuk ku angin ti wetan nepi ka
bejad, tur jauh ti darat.
27 Barang-barang dagangan maneh anu
sakitu lobana, kalasi-kalasi, tukang-tukang
kayu purah ngomean, sudagar-sudagar, kitu
deui prajurit-prajurit, sakur nu aya di maneh
waktu kapal bejad, kabeh musna ka jero laut,
28 Kalasi-kalasi anu titeuleum tingjarerit,
sorana kadenge ka basisir.
29 Ayeuna eta kapal geus pada ninggalkeun,
kalasi-kalasi kabeh geus naraek ka darat.

30 Maneh pada nyeungceurikan. Jalma-jalma
ngawuran sirahna ku lebu, jeung gugulingan
di nu ngebul.
31 Sirahna digarundulan,
mangsungkawakeun maneh. Kabeh
marake karung. Reang nyaleungceurikan
maneh, hatena kanyenyerian.
32 Maranehna ngawihkeun hiji lagu keur
maneh, lagu paranti nguburkeun: Saha anu
sabanding jeung Tirus, Tirus anu ayeuna geus
jempling di dasar laut?
33 Lamun para sudagar anjeun ngambah
lautan, sagala pangabutuh bangsa-bangsa ku
anjeun katedunan. Raja-raja jadi baleunghar,
ku barang-barang anjeun anu sakitu lobana.
34 Ayeuna anjeun tiwas di laut, tikerelep
ka dasar lautan. Barang-barang katut anu
digarawe di anjeun, kabeh musna jeung
anjeun di laut.
35 Sakur anu maratuh di sisi laut, kabeh
ngajenghok ku nasib maneh. Malah raja-
rajana tingsareblak, kasieunna kagambar
dina beungeutna.
36 Maneh geus musna, musna salalawasna.
Sudagar-sudagar sakuliah dunya
tingsareblak, sarieuneun meunang
nasib saperti nasib maneh."
28 1 PANGERAN nimbalan ka kaula.
2 "Eh anak manusa," timbalana-Na,
"bejakeun ka raja Tirus, kieu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung: Maneh sombong,

boga rasa jadi dewa. Ceuk maneh, maneh teh lir dewa anu dina tahta anu dikuriling ku lautan. Bisa bae nyebut maneh dewa, tapi lain, maneh teh manusa, lain dewa.
3 Maneh boga rasa leuwih pinter ti batan Danel, ngarasa taya rusiah anu henteu kabuka ku maneh.
4 Maneh beunghar ku barang-barang emas jeung perak, lantaran pinter jeung bijaksana.
5 Memang maneh pinter dagang, teu eureun-eureun nyiar jalan piuntungeun. Maneh umangkeuh ku kabeungharan!
6 Dengekeun ieu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Ku sabab maneh umangkeuh sarua jeung dewa.
7 Kami rek ngadatangkeun musuh anu bengis sina ngarurug maneh. Barang-barang maneh anu aralus, beubeunangan kapinteran jeung kabijaksanaan maneh, tangtu dibasmi ku musuh.
8 Maneh bakal dipaehan tuluy dibalangkeun ka jero kubur nu karendem cai.
9 Lamun eta musuh datang rek maehan, rek bisa keneh maneh ngaku-ngaku dewa? Lamun maneh geus pahareup-hareup jeung nu rek maehan, bakal tetela yen maneh teh manusa, lain dewa.
10 Maneh bakal paeh kawas anjing, paeh ku leungeun bangsa asing. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung."
11 PANGERAN nimbalan deui ka kaula.

12 "Eh anak manusa," timbalana-Na, "pek
geura nalangsa ku nasib anu ngancam
raja Tirus. Bejakeun, kieu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung: Maneh teh
kungsi jadi lambang kasampurnaan, mutuh
bijaksana tur kasep!
13 Cicing di Eden, di taman Allah, make
rupa-rupa permata: batu dalima jeung
inten; ratna cempaka, pirus, biduri jeung
yaspis; batu nilem, jambrut jeung angkik.
Perhiasan-perhiasan maneh tina emas. Kabeh
ngahaja dijieun keur maneh keur basa maneh
diciptakeun.
14 Di dinya Kami nempatkeun hiji malaikat
anu pikagimireun geusan ngaraksa maneh.
Maneh nyicingan gunung Kami anu suci,
leuleumpangan di antara batu-batu permata
anu tingponcorong.
15 Ti barang maneh dijadikeun, kalakuan
maneh istuning sampurna, nepi ka
tungtungna maneh mimiti nyieun
kagorengan.
16 Maneh katungkulkeun kana jual-beuli,
nepi ka jadi taya rasrasan jeung dosa.
Ku sabab kitu maneh ku Kami dipaksa
kudu ninggalkeun gunung Kami anu suci,
disingkahkeun ku malaikat anu tadina
ngaraksa ka maneh, ditundung ti tempat
permata-permata nu tingponcorong.
17 Kena-kena kasep maneh jadi umangkeuh,
kena-kena kamashur talajak maneh jadi

kawas nu gejul. Ku sabab kitu maneh ku
Kami dibeubeutkeun kana taneuh. Cul
ditinggalkeun, geusan jadi panggeuing ka
raja-raja sejen.
18 Maneh usaha jual beuli teh ku jalan anu
kacida curangna, nepi ka matak nista kana
tempat-tempat maneh ngajalankeun ibadah.
Nya tuluy nagri maneh ku Kami dilebur ku
seuneu, diratakeun jeung taneuh. Maneh
musna jadi lebu, katembong ku sarerea.
19 Maneh musna, musna salalawasna,
ari bangsa-bangsa anu bareto kungsi
ngadongdon maneh, kabeh tingsareblak,
sieun ngalaman balahi anu saperti kitu."
20 PANGERAN nimbalan ka kaula.
21 "Eh anak manusa," timbalana-Na,
"weweleh nagri Sidon.
22 Bejakeun ka urang dinya, kieu timbalan
Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Eh Sidon,
Kami ngamusuh ka maneh. Peta Kami ka
maneh bakal pada muji. Lamun Kami geus
nembongkeun yen Kami teh mutuh nya suci
ku jalan ngahukum ka sakur anu maratuh di
maneh, jalma-jalma bakal nyaraho yen Kami
teh PANGERAN.
23 Maneh ku Kami rek didatangan ku
panyakit-panyakit, jalan-jalan maneh arek
dicaahan ku getih. Maneh bakal digempur
ti unggal juru, rahayat maneh kabeh bakal
dipaehan. Mun geus kitu kakara maneh nyaho
yen Kami teh PANGERAN."

24 "Bangsa-bangsa di sakuriling Israil, anu
ngarewaeun ka Israil, sahiji ge moal aya deui
anu kawas cucuk jeung cugak anu matak
raheut ka Israil. Sarta maranehanana bakal
nyaraho yen Kami teh PANGERAN Nu Maha
Agung."
25 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Umat Kami Israil, ku Kami rek dibawa
mulang deui ti antara bangsa-bangsa, ti
tempat-tempat papencarna, sarta sakabeh
bangsa bakal nyaraho yen Kami teh suci.
Urang Israil bakal maratuh deui di nagrina,
tanah anu ku Kami geus dibikeun ka abdi
Kami, Yakub.
26 Harirupna bakal santosa, baroga imah
jeung ngarebon anggur. Tatangga-tatanggana
anu sok ngagogoreng ku Kami tangtu
dihukum kabeh. Israil bakal hirup jongjon.
Mun geus kitu maranehna bakal nyaraho yen
Kami teh PANGERAN, Allahna."
29 1 Dina tanggal dua belas, bulan
kasapuluh, nincak kana sapuluh taun
hirup di nagri buangan, PANGERAN ngandika
ka kaula.
2 "Eh anak manusa," pangandika-Na,
"weweleh raja Mesir. Bejakeun, kumaha
engke manehanana katut satanah Mesir baris
dihukum.
3 Bejakeun ieu anu ku Kami bakal
ditimbalkeun ka eta raja Mesir. Kieu: Eh
buhaya raksaksa anu ngadakom di walungan,

ieu Kami musuh maneh. Carek maneh
Walungan Nil boga maneh, beunang nyieun
maneh.
4 Cacapek maneh ku Kami rek ditiruk ku
kakait, ari lauk-lauk di walungan maneh rek
disina rimbil lalengket kana awak maneh.
Maneh rek digusur ku Kami, dihanjatkeun ti
Walungan Nil katut lauk-lauk anu lalengket
kana awak maneh.
5 Maneh katut eta lauk-lauk rek dibalangkeun
ka gurun keusik. Awak maneh tangtu
ngageblug kana taneuh; bangke maneh bakal
diantep moal diruang. Rek diparabkeun ka
manuk-manuk jeung sasatoan.
6 Sanggeus kitu sakabeh urang Mesir
bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN."
PANGERAN nimbalan, "Urang Israil nyindekel
ka maneh menta dibantu, tapi maneh teu
beda ti iteuk anu leuleus.
7 Waktu urang Israil nyindekel ka maneh,
maneh kalah ka miley, nepi ka maranehanana
tijarengkang, taktakna marisalah.
8 Kami, PANGERAN Nu Maha Agung mere
nyaho, Kami rek nitahan jelema-jelema sina
nyarabet ka maneh ku pedang, sarta maehan
rahayat maneh katut jeung sasatoanana.
9 Mesir rek dijieun tempat suwung.
Engke kakara maneh nyaho yen Kami teh
PANGERAN. Ku sabab carek maneh Walungan
Nil boga maneh jeung beunang maneh
nyieun,

10 maneh jeung eta walungan jadi musuh
Kami. Sakuliah Mesir, ti semet kota Migdol di
kaler nepi ka kota Aswan di kidul, sapanjang
jalan anu maju ka wates nagri Sudan, ku
Kami rek dijadikeun tempat suwung.
11 Hamo aya nu ngaliwat-liwat acan ka dinya,
boh jelema boh sato. Opat puluh taun lilana
moal aya nu nyicingan.
12 Mesir ku Kami rek dijieun tempat anu
pangsepi-sepina di saalam dunya. Opat puluh
taun lilana kota-kota di Mesir bakal ngajadi
ruruntuk, leuwih ti batan kota-kota sejenna
anu geus raruntuh. Urang Mesir ku Kami rek
dijadikeun kaum pangungsi, sina kalabur ka
unggal nagri, sina campur jeung jalma-jalma
lian."
13 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Sanggeus opat puluh taun, urang Mesir rek
dipulangkeun deui ti antara bangsa-bangsa,
ti tempat-tempat papencarna,
14 sina maratuh di Mesir, di bali geusanna,
di wewengkon pakidulanana. Engkena bakal
jadi hiji karajaan tapi lemah,
15 panglemah-lemahna ti sakabeh karajaan,
hamo bisaeun deui ngajajah ka bangsa-
bangsa sejen. Rek disina pohara basajanna,
sina ulah bisaeun migawe sakarep-karep ka
bangsa sejen.
16 Israil moal mikabutuh deui pitulungna.
Nasib Mesir kitu bakal ngageuing ka Israil,
yen maranehna pohara kaliruna bareto

nyindekel ka Mesir teh. Sanggeus kitu Israil
bakal nyaho yen Kami teh PANGERAN Nu
Maha Agung."
17 Dina tanggal hiji bulan kahiji, nincak kana
dua puluh taun hirup di nagri buangan, kaula
ditimbalan ku PANGERAN.
18 "Eh anak manusa," timbalana-Na, "Raja
Nebukadnesar ti Babul bakal ngagempur
Tirus. Serdadu-serdaduna dimomotan
kacida beuratna, nepi ka sirahna balolenang
kagesrek-gesrek ku babawaan, taktakna
baroleksek. Tapi meunang sakitu tihothatna
teh raja jeung baladna teu beubeunangan
naon-naon.
19 Ku sabab eta kieu ayeuna timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung: Tanah Mesir ku
Kami rek dibikeun ka Raja Nebukadnesar.
Ku manehna bakal dirayah, sagala kakayaan
Mesir ku manehna bakal dirampas, dipake
mayar upah baladna.
20 Mesir ku Kami dibikeun ka manehna,
minangka pamayar dumeh manehna geus
digawe pikeun Kami. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung.
21 Lamun hal eta geus bukti, umat Kami
Israil rek disina jadi kuat, sarta pek hal eta
ku maneh carita-caritakeun, eh Yeheskel, ka
sing saha bae anu baris ngadenge, sangkan
maranehanana nyarahoeun yen Kami teh
PANGERAN."

30 [1] PANGERAN nimbalan deui.
[2] "Eh anak manusa," timbalana-Na,
"geura ngaramal sarta umumkeun ieu
timbalan Kami. Ucapkeun ieu ucapan-ucapan
sing tarik: Tereh datang poe nu matak gimir!
[3] Poena tereh tumiba, pikeun tindakan
PANGERAN: langit mendung, bangsa-bangsa
bakal susah.
[4] Mesir bakal ngarandapan perang. Sudan
nandangan kasukeran. Di Mesir bakal loba nu
diparaehan. Eta nagri bakal diranjah. Runtuh
jadi ruruntuk.
[5] Serdadu-serdadu sewaan ti Sudan, Lidia,
Libia, Arab, Kub, malah nu asal ti umat Kami,
eta oge tangtu tariwas dina eta perang."
[6] PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Ti
semet Migdol di beulah kaler nepi ka Aswan
di beulah kidul, sakabeh anu ngabela Mesir
tangtu tariwas tengahing jurit. Angkatan
perang Mesir anu dipiagul tangtu tumpur. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.
[7] Eta nagri bakal jadi tempat anu pangsepi-
sepina di dunya, kota-kotana bakal tumpur
sama sakali.
[8] Saupama Mesir ku Kami geus der
dihuru sarta anu ngabelana geus paraeh,
maranehanana bakal nyaraho yen Kami teh
PANGERAN.
[9] Lamun geus ninggang mangsana sarta
Mesir geus tumpur, Kami baris ngiangkeun
utusan-utusan tarumpak kapal, geusan

ngageretak urang Sudan anu teu boga
panyangka. Tangtu maranehanana galimir.
Waktuna geus tereh!"
10 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Raja Nebukadnesar, raja nagri Babul, ku
Kami rek dipake geusan meakkeun kakayaan
Mesir.
11 Eta nagri tangtu didatangan ku manehna
jeung baladna anu taya rasrasan, tuluy
ditumpurkeun. Mesir ku maranehna bakal
digempur ku pedang, tanahna bakal pinuh ku
bangke.
12 Walungan Nil ku Kami rek disaatan,
Mesir rek diselehkeun kana kakawasaan
jalma-jalma anu doraka. Sakuliah nagrina
bakal diancurkeun ku bangsa sejen. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN."
13 PANGERAN Nu Maha Kawasa nimbalan,
"Brahala-brahala sesembahan jeung dewa-
dewa di Mempis rek dibasmi. Mesir moal boga
deui pamingpin, jelema-jelemana sina pinuh
ku kasieun.
14 Pakidulan tanah Mesir rek dijadikeun
tempat sepi, kota Soan di kaler arek dihuru.
Tebe, ibukotana, arek dihukum.
15 Kota Sin, benteng Mesir anu gede, sina
ngarasa amarah Kami. Kakayaan Tebe bakal
ditumpurkeun.
16 Mesir bakal dihuru ku Kami, Sin bakal
nandangan kanyeri anu pohara. Tembok Tebe
rek direbahkeun, kotana dibedah.

17 Jajaka-jajaka kota On jeung kota Pi-Beset
bakal tariwas ku perang, nu sejen-sejenna
ditawan.
18 Saupama kakawasaan Mesir ku Kami
geus dirubuhkeun sarta kakuatanana anu
dipiagul geus tumpur, di Tahpanhes bakal
poek mongkleng. Mesir bakal katutup ku
mega, rahayatna di saban kota bakal jaradi
tawanan.
19 Saupama Mesir geus dihukum saperti kitu
ku Kami, kakara bakal nyaraho yen Kami teh
PANGERAN."
20 Dina tanggal tujuh bulan kahiji, nincak
sabelas taun hirup di nagri buangan, sim
kuring ditimbalan ku PANGERAN.
21 "Eh anak manusa," timbalana-Na,
"leungeun raja Mesir geus dipotongkeun,
taya pisan anu mangbeberankeun atawa
mere pangais keur ngais leungeunna sangkan
bisa cageur, sangkan bisaeun deui ngangkat
pedang.
22 Ayeuna kieu timbalan Kami, PANGERAN
Nu Maha Agung: Raja Mesir musuh Kami.
Leungeunna, boh anu walagri keneh, boh anu
geus potong, rek dipotongkeun duanana,
pedangna sina ragrag tina genggemanana.
23 Urang Mesir rek disina paburencay ka
sakuliah dunya.
24 Sabalikna Kami rek neguhkeun leungeun
raja Babul, sina ngagenggem pedang Kami.
Leungeun raja Mesir rek dipotongkeun,

sina gegerungan nepi ka paeh hareupeun musuhna.
25 Geus tangtu pisan eta raja teh ku Kami ditumpeskeun tanagana, sabalikna raja Babul mah ku Kami rek dikuatkeun. Saupama pedang Kami geus diserenkeun ka raja Babul, sarta ku manehna geus diacung-acung ka Mesir, unggal jalma bakal nyaho yen Kami teh PANGERAN.
26 Urang Mesir rek disina paburencay ka sakuliah dunya. Sanggeus kitu maranehna bakal nyaho yen Kami teh PANGERAN."
31 1 Dina tanggal hiji bulan katilu, sanggeus sabelas taun hirup di nagri buangan, kaula ditimbalan ku PANGERAN.
2 Timbalana-Na, "Eh anak manusa, bejakeun kieu ka raja Mesir jeung rahayatna: Sakitu kawasana maneh teh! Jeung naon kudu dibandingkeunana ku Kami?
3 Maneh teh lir tangkal kiputri di Libanon, dahan-dahanna aralus, tur gomplok matak iuh. Tangkalna luhur ngahontal mega.
4 Pikeun tutuwuhan, cai aya. Keur hakaneunana, cinyusu di jero taneuh aya. Cukup cai di tempat nu aya tutuwuhan. Tatangkalan di leuweung eta kabeh kakocoran.
5 Ku sabab hade meunangna cai, jadina teh ngaluhuran nu lian, dahan-dahanna galede sarta paranjang.

6 Rupa-rupa manuk nyarayang dina dahanna,
sato-sato leuweung aranakan handapeunana,
bangsa-bangsa barumetah dina iuh-iuhna.
7 Alus temen eta tangkal teh, nya luhur, nya
dahanna paranjang, akarna jero, nyareceb
nepi kana cinyusu.
8 Tangkal kiputri nu aya di taman Allah
ge ka eta mah henteu nanding. Tangkal
camarana dahan-dahanna teu cara eta.
Tangkal caringinna iuhna henteu cara eta. Di
taman Allah mah taya tangkal anu sarupa
kitu alusna.
9 Kami anu ngajadikeun eta sakitu alusna,
dahan-dahanna ngarangkadak. Matak sirik
saban tangkal di Eden, di taman Allah.
10 Tapi Kami, PANGERAN Nu Maha Agung
ngabejaan ka maneh, bakal kumaha engke
eta tangkal anu luhurna nepi kana mega teh.
Kena-kena luhur jadi adigung.
11 Anu matak ku Kami geus dipiceun, sina
dicokot ku raja sejen. Engke ku eta diganjar
satimpal jeung kajahatanana.
12 Bakal dituar ku urang asing, jalma-jalma
anu pohara barengisna, tuluy diarantep.
Dahan-dahan anu saremplak jeung regang-
regangna naringgang ka gunung-gunung
jeung lebak-lebak di eta nagri. Bangsa-bangsa
anu eukeur bebetah dina iuh-iuhna bakal
arindit.
13 Manuk-manuk daratang, tangkal anu
geus rubuh teh diareunteupan, ari sato-sato

leuweung tinggulandang di handapeun
dahan-dahanna.
14 Ku sabab eta ti wates ayeuna di dinya
moal aya deui tangkal anu bisa luhur cara
kitu, atawa anu pucukna nyundul mega,
sanajan cukup cai. Kabeh baris sirna tinemu
jeung ajalna, cara galibna manusa, baris
ngareujeungan anu geus ti hareula turun ka
dunyana nu maraot."
15 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Dina poean eta tangkal paeh, ku Kami baris
dikeueum ku cai ti jero taneuh geusan tanda
sungkawa. Ari walungan-walungan ku Kami
rek disina malik ti dinya, susukan-susukan
ge moal dibikeun ngocor ka dinya. Ku sabab
eta tangkal geus paeh, Pagunungan Libanon
ku Kami rek disina poek, tatangkalan di
leuweung eta rek disina parerang.
16 Waktu eta tangkal ku Kami digulusurkeun
ka dunya anu maraot, gulugurna bakal
ngeundeurkeun bangsa-bangsa. Sakabeh
tatangkalan di Eden, kitu deui tangkal-
tangkal petingan di Libanon anu sampurna
mareunangna cai, sarta geus tarurun ka
dunya nu panghandapna, bakal aratoheun ku
rubuhna eta tangkal.
17 Maranehna bakal bareng jeung eta, arindit
ka dunya nu maraot, geusan ngareujeungan
anu ragragna geus ti hareula. Ari sakur
anu harirup dina iuh-iuhna engke bakal
paburencay di antara bangsa-bangsa.

18 Eta tangkal teh raja Mesir katut rahayatna.
Cacakan tatangkalan di Eden ge, anu luhurna
jeung mulyana kawas kitu mah euweuh.
Sanajan kitu, eta oge bakal ngagulusur ka
dunya anu arajal cara tatangkalan di Eden,
bakal ngabaturan anu jarahat jeung anu
pararaeh dina perang tea. Kitu timbalan
Kami," lahiran PANGERAN Nu Maha Agung.
32 1 Dina tanggal hiji bulan dua belas,
sanggeus dua belas taun hirup di nagri
buangan, kaula ditimbalan ku PANGERAN.
2 Timbalana-Na, "Eh anak manusa, raja
Mesir ingetan sing keras. Omongkeun ieu
timbalan Kami: Talajak maneh lir singa di
antara bangsa-bangsa, padahal maneh leuwih
nyemu buhaya anu keur kecebar-kecebur
di walungan. Cai walungan mani medok ku
leutak, da diaduk-aduk ku suku maneh.
3 Saupama bangsa-bangsa enggeus kumpul,
maneh ku Kami arek ditewak make jaring,
sina digusur ka darat ku maranehna.
4 Ku Kami arek dibeubeutkeun kana taneuh,
tuluy Kami arek ngondang manuk-manuk
jeung sasatoan nu aya di dinya, sina
ngakanan daging maneh.
5 Daging maneh anu geus buruk rek
disebar sina nutupan gunung-gunung jeung
lebak-lebak.
6 Getih maneh arek dikucurkeun sina
ngabayabah ka gunung-gunung sarta
minuhan susukan-susukan.

7 Sajeroning ngabinasa maneh, langit ku
Kami arek dirungkupan, bentang-bentang
sina ngariles. Panonpoe sina nyumput
tukangeun mega, bulan sina ulah cahayaan.
8 Sakur anu nyaangan langit ku Kami
arek dipareuman, dunya tempat maneh
dicelubkeun kana poek mongkleng. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.
9 Loba bangsa-bangsa bakal sarusah hate,
waktu Kami nyebarkeun beja karusakan
maneh ka nagri-nagri anu ku maneh can
kadenge ayana.
10 Loba bangsa-bangsa anu keketegan hate
ku kajadian nu ku Kami dikeunakeun ka
maneh. Waktu Kami ngayun-ngayun pedang,
raja-raja tingdaregdeg palaureun. Dina poean
maneh ngagubrag, maranehna kabeh bakal
tinggeleper, sieun hirupna ge kitu."
11 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan ka
raja Mesir, "Maneh bakal nyanghareupan
pedang raja Babul.
12 Para prajurit bangsa-bangsa anu barengis
bakal nyarabut pedang, maneh jeung rahayat
kabeh bakal dipaehan. Kabeh rahayat kitu
deui sagala rupa anu ku maneh dipiagul bakal
dimusnakeun.
13 Ingon-ingon maneh di saban tempat cai
ku Kami rek ditumpes. Moal aya deui jelema
atawa sato anu bakal ngalelecek cai.
14 Cai ku Kami rek disina anteng jeung
herang, walungan-walungan sina jongjon

ngalocorna. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.
15 Sanggeus Mesir ku Kami dijadikeun tanah
gurun anu sepi, sarta anu caricing di dinya
ku Kami geus ditumpes, maranehna bakal
nyaraho yen Kami teh PANGERAN.
16 Ieu peringetan keras bakal jadi hiji lagu
nalangsa. Kaom awewe unggal bangsa bakal
ngarawihkeun ieu lagu, nyeungceurikan
Mesir jeung rahayatna. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung."
17 Dina tanggal lima belas bulan kahiji, taun
kadua belas hirup di nagri buangan, kaula
ditimbalan ku PANGERAN.
18 Timbalana-Na, "Eh anak manusa,
ceungceurikan rahayat Mesir anu sakitu
lobana. Maranehna katut bangsa-bangsa lian
anu karawasa, turun-turunkeun ka dunyana
anu paraeh.
19 Bejakeun kieu ka maranehna: Pangrasa
maneh, maneh teh leuwih geulis ti batur?
Maneh kudu turun ka dunyana anu paraeh,
ngajoprak di dinya jeung nu balangkawarah.
20 Urang Mesir bakal tumpur, marengan anu
tariwas ku perang. Pedang nu baris numpes
maranehanana geus sadia.
21 Para pahlawan nu panggagahna,
kitu deui sakur anu geus marilu tarung
mantuan Mesir, di dunya anu paraeh bakal
marapagkeun urang Mesir daratang ka dinya.
Marapagkeunana bari surak, Jelema-jelema

murka anu tariwas di medan perang
ayeuna geus daratang, geus araya di dieu
ngajalaloprak!
22 Asur di ditu, dikurilingan ku kuburan-
kuburan para prajuritna. Kabeh geus tariwas
waktu jurit.
23 Kuburanana ayana di dunya anu paraeh
teh di bagian anu panghandapna. Para
prajuritna kabeh geus rarubuh satengahing
jurit. Kuburan-kuburanana ngariung kuburan
manehna. Padahal keur harirupna mah
maranehanana dipikagimir ku dunya anu
harirup.
24 Elam di ditu, dikuriling ku kuburan-
kuburan para prajuritna. Maranehanana
kabeh tiwas di medan perang, seug tarurun ka
dunya anu paraeh, teu disarunat. Waktu keur
harirupna geus nyebarkeun pikagimireun,
tapi ayeuna geus paraeh ngajaloprak taya
pamorna.
25 Elam geus ngajepat di antara nu geus
tariwas ku perang, dirariung ku kuburan-
kuburan para prajuritna. Kabeh ge teu
disarunat, paeh kabeh dina perang. Keur
waktu harirupna nyebar rurusuh, tapi ayeuna
mah geus paraeh tingjarepat taya hargana,
cara anu sejen-sejen, anu tariwas ku perang.
26 Mesek jeung Tubal di ditu, dikurilingan
kuburan-kuburan para prajuritna. Kabeh
henteu disarunat, kabeh paraeh ku perang.

Baretona maranehna teh matak gimir nu harirup.
27 Dikaluburna henteu jeung tata utama
kawas ngubur pahlawan-pahlawan jaman
baheula, anu tarurunna ka dunya anu paraeh
lengkep katut pakarang-pakarangna, pedang-
pedangna diteundeun dina siraheunana
masing-masing, tameng-tamengna di
luhureun jasadna masing-masing. Pahlawan-
pahlawan hebat baheulana mah, matak gimir
anu harirup.
28 Ku sabab eta urang Mesir bakal kadempet
ku nu henteu disarunat, anu tariwas ku
perang tea.
29 Edom di ditu, katut rajana jeung
kapala-kapalana. Keur harirupna maranehna
teh prajurit-prajurit anu garagah, tapi ayeuna
geus tingjarepat di dunya anu paraeh,
maturan anu tariwas ku perang, anu henteu
disarunat tea.
30 Pangeran-pangeran urang kaler di
ditu, kitu deui urang Sidon. Kakawasaan
maranehanana kungsi ngageumpeurkeun
batur, tapi ayeuna geus tarurun ka dinya, taya
hargana deui, geus rareureuh ngajaloprak
jeung anu tariwas ku perang, teu disarunat.
Geus taya hargana cara nu sejen-sejenna anu
geus tarurun ka dunya anu paraeh.
31 Nenjo pamandangan anu geus tariwas
ku perang, raja Mesir jeung tentarana bakal

ngarasa kalipur," kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.
32 "Ku kersa Kami eta raja Mesir ngageumpeurkeun nu harirup. Tapi manehna ge jeung tentarana bakal tiwas sarta bakal reureuh ngajoprak jeung anu henteu disarunat, anu tariwas ku perang tea." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.
33 1 PANGERAN nimbalan ka kaula.
2 Timbalana-Na, "Eh anak manusa, bejaan bangsa maneh kumaha jadina saupama Kami ngadatangkeun perang ka hiji nagri. Rahayat eta nagara milih hiji jalma dijieun juru kemit.
3 Samangsa-mangsa eta juru kemit nenjo aya musuh ngadeukeutan, seug nyadakeun tangara ngabejaan babaturanana.
4 Saupama anu ngadenge eta tangara henteu malire nepi ka musuh tea datang jeung maehan dirina, paehna teh bonganna.
5 Salahna sorangan teu malire kana tangara, da lamun malire mah bisa jadi bakal salamet.
6 Tapi sabalikna lamun juru kemit tea nenjo musuh datang tapi henteu nabeuh tanda bahaya, nepi ka musuh teh datang maehan jelema-jelema anu dosa, Kami tangtu nyalahkeun ka eta juru kemit anu ngalantarankeun paehna eta jelema-jelema.
7 Eh anak manusa, ayeuna maneh ku Kami dijieun juru kemit bangsa Israil. Maneh kudu

nepikeun peringetan-peringetan ti Kami ka maranehanana.
8 Saupama Kami mere nyaho yen aya hiji jalma jahat anu kudu paeh, tapi maneh henteu ngelingan ka eta jelema sina ngarobah kalakuanana sangkan hirupna salamet, eta jelema baris tulus paehna, tetep dosana, tapi sual paehna nya maneh anu ku Kami dikudukeun tanggung jawab.
9 Saupama maneh geus mepelingan ka eta jelema tapi jelemana henteu euih-euih, eta jelema baris tulus paehna, tetep dosana, tapi hirup maneh mah salamet."
10 PANGERAN nimbalan ka kaula. "Eh anak manusa," timbalana-Na, "pindoan ku maneh omongan urang Israil anu nyebutkeun yen, Urang teh beurat ku dosa, beurat ku kasalahan-kasalahan. Cilaka urang teh. Pimanaeun hirup?
11 Bejakeun ka maranehna, demi Kami teh PANGERAN Nu Maha Agung, Allah anu jumeneng, hamo teh teuing bungah ningali aya jelema dosa paeh. Kami mending ningali jelema dosa teh eureun tina dosana sangkan hirup. Eh Israil, geura eureun migawe dosa. Nanaonan bet ngaharepkeun paeh?
12 Ayeuna eh anak manusa, bejakeun ka urang Israil, yen lamun aya jelema bener tuluy nyieun dosa, kalakuan hadena anu enggeus-enggeus teh moal matak nulungan. Jelema jahat lamun eureun tina kajahatanana

moal dihukum. Sabalikna jelema hade tapi
tuluy ngalampahkeun dosa, hirupna teh moal
katulungan.
13 Najan jelema hade ku Kami geus
dijangjian baris dihirupan, tapi lamun
manehna boga rasa yen kalakuan hadena teh
geus cukup sakitu, sarta tuluy mimiti nyieun
dosa, kalakuan hadena anu enggeus-enggeus
sarupa ge ku Kami moal diinget-inget.
Manehna bakal paeh ku karana dosa-dosana.
14 Najan upama Kami geus mere nyaho ka
jelema jahat yen manehna kudu paeh, lamun
manehna eureun mah tina kajahatanana
sarta tuluy milampah anu hade,
15 upamana bae mulangkeun barang anu
ku batur ditandonkeun ka manehna, atawa
mulangkeun naon bae anu geus dipaling ku
manehna, cindekna eureun tina kajahatanana
sarta nurut kana hukum-hukum anu mawa
kana hirup, tangtu manehna hirup, moal
paeh.
16 Kajahatanana anu enggeus-enggeus
tangtu ku Kami dihampura, tangtu baris hirup
lantaran geus milampah anu bener jeung anu
hade.
17 Tapi ceuk bangsa maneh peta Kami teh
teu adil! Puguh cara-cara maranehanana anu
teu adil.
18 Jelema bener ge ari geus nyieun kajahatan
mah kudu paeh ku karana kajahatanana.

19 Sabalikna jelema jahat oge ari eureun
jahatna sarta terus milampah anu hade jeung
anu bener mah, kalakuanana teh jadi pitulung
geusan hirupna.
20 Tapi ceuk maraneh mah, eh Israil, peta
Kami kitu teh teu adil. Kami ngahukum
maneh teh ku lantaran lampah maneh."
21 Dina tanggal lima, bulan kasapuluh,
sanggeus dua belas taun hirup di nagri
buangan, datang jelema anu lolos ti
Yerusalem mawa beja ka kaula, carekna eta
kota teh geus rugrug.
22 Samemeh manehna datang, dina
peutingna kaula ngarasa yen kakawasaan
PANGERAN datang. Ari isukna sanggeus eta
jelema datang, PANGERAN maparinkeun deui
kapercekaan nyarita ka kaula.
23 PANGERAN nimbalan ka kaula.
24 "Eh anak manusa," timbalana-Na,
"jelema-jelema anu ngareusian kota-kota
ruruntuk di Israil teh nyararita kieu, Ibrahim
anu ngan saurang dibere tanah mani
sagemblengna. Urang sakieu lobaanana, jadi
tanah teh urang nu boga.
25 Bejakeun ka maranehanana kieu timbalan
Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Maraneh
ngaharakan daging anu aya keneh getihna.
Maraneh ngabarakti ka brahala-brahala.
Jeung sok maraehan. Jadi naon dasarna
ngaku eta tanah boga maraneh?

26 Maraneh ujub takabur ku pedang
sorangan. Pepetaan maraneh matak ceuceub.
Unggal jelema pada ngaranyed. Jadi naon
dasarna ngaku eta tanah boga maraneh?
27 Bejakeun ka maranehna yen Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung mere nyaho,
yen, demi Kami teh Allah anu jumeneng,
eta jelema-jelema anu ngareusian kota-kota
ruruntuk teh tangtu ditumpes. Anu nyarumput
di gunung-gunung jeung di guha-guha sina
paraeh ku kasakit.
28 Eta nagara rek dijadikeun tempat anu
tiiseun, sarta kakawasaanana anu ku
maranehanana kacida dipikaagulna, ku
Kami rek dieureunkeun. Gunung-gunung di
Israil baris disina rembet jeung rumpil, nepi
ka moal aya saurang-urang acan anu bisa
ngaliwat ka dinya.
29 Saupama eta jelema-jelema ku Kami
enggeus dihukum ku karana dosa-dosana,
jeung saupama eta nagara geus jadi tempat
anu combrek, maranehanana bakal nyaraho
yen Kami teh PANGERAN."
30 PANGERAN nimbalan, "Eh anak manusa,
maneh keur pada ngaromongkeun ku bangsa
sorangan ari maranehanana karumpul di
tembok kota, atawa di lawang-lawang panto
imahna. Carekna batur pada batur, Hayu ah
urang ngadengekeun, aya pesen naon deui ti
PANGERAN poe ieu.

31 Jadi eta umat Kami teh bakal
tinggarimbung arek ngadarengekeun
naon-naon anu baris diucapkeun ku maneh,
tapi hal anu ku maneh dititah dipilampah
mah moal dijaralankeun. Ucap-ucap maneh
dianggapna ku maranehna ngan sakadar
guguritan. Maranehanana bakal angger
sarakah harirupna teh.
32 Diaranggapna maneh teh teu kurang teu
leuwih ti tukang ngamen, ngawihkeun lagu
asmara atawa nabeuh kacapi. Ucap-ucap
maneh saukur ditaranggap, ditarurut mah
sakecap ge moal.
33 Tapi lamun sagala ucapan maneh tea geus
kabuktian, tur geus pasti kabuktian, kakara
bakal kararasaeun kumaha pentingna nabi
keur maranehna."
34 1 PANGERAN nimbalan ka kaula.
2 Timbalana-Na, "Eh anak manusa,
carekan para kawasa Israil. Maneh kudu
ngaramal, sarta bejakeun ieu timbalan
Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, ka
maranehanana: Cilaka maraneh, eh para
kawasa anu ngangon Israil! Maraneh ngan
ngarurus diri sorangan bae, ari domba-domba
angonan henteu diarurus.
3 Susuna diarinum, buluna dijarieun
papakean, domba anu pangalusna dipareuncit
dagingna diharakan, digetenan mah henteu.
4 Anu lalemahna tara dititenan, anu
gareringna tara dialubaran, anu taratu

tara dibeberan, anu ngalantrah tara diteang digiring balik, anu sararasab tara ditareangan. Kalakuan maraneh ka eta domba-domba kacida tarelengesna.
5 Ku lantaran euweuh nu ngurus, domba teh jadi bacacar ka mana-mana, geus bae ditekukan diharakan ku sato-sato galak.
6 Domba Kami jadi abur-aburan ka pasir-pasir, ka luhur-luhur gunung. Paburencay ka sajagat, euweuh nu neangan, euweuh anu niat-niat acan neangan.
7 Eh tukang-tukang ngangon, dengekeun ieu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.
8 Demi Kami teh Allah anu jumeneng, maraneh leuwih hade narurut ka Kami. Domba Kami nepi ka ditekukan diharakan ku sato-sato galak lantaran euweuh nu ngangon. Anu ngarangonna euweuh anu pangangguran neangan eta domba-domba. Lain ngarurus domba, ngan ngarurus dirina bae.
9 Ku sabab kitu eh tukang-tukang ngangon, darengekeun.
10 Kami, PANGERAN Nu Maha Agung nerangkeun, yen Kami ngamusuh ka maraneh. Domba-domba teh rek dicokot ti maraneh, moal dibikeun diangon deui ku maraneh. Kalakuan maraneh ngarurus diri sorangan bae ku Kami moal diantep. Domba Kami rek dicokot, dicabut ti maraneh, dagingna moal dibikeun diharakan ku maraneh."

11 "Kami, PANGERAN Nu Maha Agung,
mere nyaho ka maraneh. Domba Kami
rek diteangan ku sorangan, rek diurus ku
sorangan,
12 sakumaha tukang ngangon anu geten
ka dombana anu tas paburencay kakara
beunang ngumpulkeun deui. Ti saban tempat
bacacarna lantaran poe harita keur angkeub
tur pinuh ku picilakaeun, engke ku Kami baris
dibawa balik.
13 Rek dibawa kaluar ti nagri-nagri asing,
sina kumpul ngahiji tuluy dibawa balik ka
nagrina sorangan. Rek dipingpin ku Kami,
dibalikkeun deui ka gunung-gunung jeung
walungan-walungan di Israil, sina nyaratuan
di sampalan-sampalan anu pikaresepeun.
14 Nyaratuanana sina aranteng tumaninah,
di tegal jukut di gunung, di lebak, kitu deui di
sampalan-sampalan sapadataran tanah Israil
anu harejo ngemploh.
15 Domba Kami rek diangon ku sorangan,
dipangneangankeun tempat keur reureuhna.
Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha
Agung.
16 Anu leungit ku Kami rek diteangan, anu
nyasab rek dibawa deui balik, anu raheut
rek dibeberan, anu gering rek diubaran,
tapi anu marontok jeung baredas mah rek
dipeuncitan, sabab Kami teh tukang ngangon
anu kudu migawe sakumaha mistina.

17 Ayeuna eh angonan Kami, ieu Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung mere nyaho,
maraneh baris dipariksa taliti ku Kami hiji-hiji,
anu balageur rek dipisahkeun ti nu jarahat,
domba dipisahkeun ti embe.
18 Di maraneh aya anu ngarasa teu cukup
ku nyatu jukut anu pangalusna bae, malah
ngidek-ngidek jukut anu ku maraneh henteu
dihakan. Maraneh nginum cai anu herang,
tapi cai anu teu diinum ku maraneh dilelecek.
19 Domba Kami anu sejen-sejenna nepi ka
kudu nyatu jukut urut maraneh ngaluluh,
nginum cai urut maraneh ngalelecek.
20 Ku hal eta Kami, PANGERAN Nu Maha
Agung mere nyaho, Kami rek ngayakeun
pamariksaan, mana domba anu bedas, mana
domba anu hengker.
21 Batur keur gering ku maraneh
disuntrungkeun, disurudug sina kaluar tina
rombongan.
22 Tapi ku Kami rek ditulungan, moal
diantep dikaniaya ku maraneh. Domba Kami
baris ditaliti hiji-hiji, nu balageurna baris
dipisahkeun ti nu jarahat.
23 Ku Kami baris dibere raja anu saperti
Daud abdi Kami tea, anu baris ngangon jeung
rumawat ka maranehanana.
24 Kami, PANGERAN, nu baris jadi Allahna,
ari raja anu saperti abdi Kami Daud bakal jadi
rajana. Kitu timbalan Kami.

25 Kami rek nyieun perjangjian ka
maranehanana, perjangjian anu mere
kapastian yen hirup maranehanana
tangtu tengtrem ayem. Sasatoan anu
ngabahayakeun baris dieuweuhkeun ti ieu
nagri, sangkan domba Kami aman hirupna,
boh nu di tegal-tegal boh nu di jero leuweung.
26 Ku Kami baris diberkahan jeung sina
maratuh di sakurilingeun gunung Kami anu
suci. Tangtu di dinya bakal diberkahan, dibere
hujan lamun maranehanana perlu ku hujan.
27 Tatangkalan bakal baruahan, tegalan-
tegalan bakal mere paneneun, sarta kabeh
bakal santosa hirupna di tanah sorangan.
Saupama umat Kami geus dibukaan rante
borogodna sarta ku Kami geus dibebaskeun
ti jelema-jelema anu ngagenggemna,
maranehna bakal nyaraho yen Kami teh
PANGERAN.
28 Bangsa-bangsa nu nyarembah ka brahala
moal deui-deui ngaranjah ka maranehanana,
sato-sato galak moal deui-deui nekuk jeung
ngahakan ka maranehna. Hirup maranehna
bakal aman santosa, sama sakali moal aya
anu pikasieuneun.
29 Ku Kami rek dibere lahan-lahan anu subur,
di eta tanah moal aya deui anu kalaparan,
jeung moal diparoyok deui ku bangsa-bangsa
lian.
30 Kabeh jalma bakal nyaho yen Israil
diraksa ku Kami, kabeh bakal nyarahoeun

yen Israil teh umat Kami. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung.
31 Eh domba Kami, anu diparaban ku Kami,
maraneh teh umat Kami, Kami teh Allah
maraneh," dawuhan PANGERAN Nu Maha
Agung.
35 1 PANGERAN nimbalan ka kaula.
2 "Eh anak manusa," timbalana-Na,
"carekan nagri Edom.
3 Bejakeun ka rahayatna ieu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung. Kieu: Kami
ngamusuh ka maneh, he pagunungan Edom!
Maneh rek dijadikeun tempat anu suwung.
4 Kota-kota maneh rek dijadikeun ruruntuk,
tanah maneh bakal suwung. Engke maneh
nyaho yen Kami teh PANGERAN.
5 Maneh geus jadi satru kabuyutan Israil.
Waktu Israil keur nandang cilaka, waktu keur
meunang hukuman lantaran dosa-dosana,
rahayatna ku maneh dipareuncitan.
6 Ku sabab kitu, demi Kami teh PANGERAN
Nu Maha Agung, nya Allah anu jumeneng,
maneh pinasti ajal hamo bisa luput. Dosa
maneh ngumbar rajapati, maneh bakal
diudag ku rajapati.
7 Kota pagunungan Edom ku Kami rek
disuwungkeun, sakur anu ngaliwat ka dinya
rek dipaehan.
8 Pagununganana sina pinuh ku bangke,
pasir-pasir jeung lebak-lebakna sina pinuh ku
mayit anu paraeh di pangperangan.

9 Maneh rek disuwungkeun salalawasna,
kota-kota maneh hamo aya nu nyicingan
deui. Geus kitu kakara maneh nyaho yen
Kami teh PANGERAN.
10 Carek maneh bangsa Yuda jeung Israil teh
duanana anu maneh, rek dipimilik ku maneh
katut jeung tanahna, teu malire ka Kami,
PANGERAN, nu jadi Allah maranehna.
11 Demi Kami teh PANGERAN, Allah anu
jumeneng, eta kaangkaraan, rasa sirik jeung
kageuleuh maneh ka umat Kami, ku Kami
tangtu dibales. Umat Kami sina nyarahoeun
yen peta maneh kitu ka maranehanana ku
Kami dibales.
12 Geus kitu maneh bakal nyaho yen Kami,
PANGERAN, ngadangu basa maneh ngahihina
yen pagunungan Israil geus mencil, ku maneh
rek diteureuy buleud.
13 Kami ngadangu basa maneh ngomongkeun
Kami bari adigung takabur."
14 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Maneh rek diburak-barik sama sakali.
Bangsa-bangsa sina aratoheun pedah maneh
rugrug,
15 cara maneh oge atoh dumeh Israil milik
kagungan Kami ruksak. Pagunungan Seir, nya
satanah Edom pasti baris diruksak. Geus kitu
jelema-jelema bakal nyaraho yen Kami teh
PANGERAN."
36 1 PANGERAN nimbalan, "Eh anak
manusa, caritakeun ka gunung-

gunung di Israil, jeung sina didarengekeun
ieu pesen ti Kami,
2 PANGERAN Nu Maha Agung pikeun
maranehna. Musuh-musuh Israil ngaromong
bangun puas, carekna, Eta gunung-gunung
purbakala teh geus kapimilik ku urang!
3 Ku sabab kitu maneh kudu ngaramal, sarta
umumkeun ieu anu rek didawuhkeun ku
Kami, PANGERAN Nu Maha Agung. Waktu
bangsa-bangsa tatangga nempuh jeung
ngarampog gunung-gunung di Israil, unggal
jalma moyok ka Israil.
4 Ku sabab kitu ayeuna dengekeun anu
rek diucapkeun ku Kami, PANGERAN Nu
Maha Agung, ka maraneh, gunung-gunung
jeung pasir-pasir, anak-anak walungan
jeung lebak-lebak, tempat-tempat anu
geus runtuh jeung suwung, kota-kota anu
geus ditaringgalkeun ku pangeusina sarta
dirampog jeung dihina ku bangsa-bangsa
sakurilingna.
5 Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, ngarasa
ambek jeung ngancam ka eta bangsa-bangsa
sakurilingna, pangpangna ka Edom. Bari
atoh jeung nganggap enteng maranehanana
ngarebut tanah Kami, jeung ngarampas
sampalan-sampalanana.
6 Maneh kudu ngaramalkeun tanah Israil.
Bejakeun ka gunung-gunung, ka pasir-pasir,
ka anak-anak walungan jeung ka lebak-lebak,
ieu ucap Kami anu rek diucapkeun reujeung

amarah ka bangsa-bangsa anu ngahina jeung
ngasorkeun ka maranehanana.
7 Kami, PANGERAN Nu Maha Agung sumpah,
eta bangsa-bangsa sakurilingeunana teh ku
Kami rek dihinakeun.
8 Sabalikna di gunung-gunung tanah Israil
mah tatangkalan bakal daraunan deui sarta
baruahan, pikeun maneh umat Kami, eh
Israil. Maneh bakal tereh mulang deui.
9 Kami baris ngaping, tur mere kapastian yen
tanah maneh bakal diwuluku deui, disebaran
deui binih.
10 Jalma-jalma pangeusi maneh rek disina
loba. Maneh bakal nyicingan deui kota-kota,
anu raruksak bakal diadeg-adegkeun deui.
11 Jalma katut ingon-ingonna rek
dijembarkeun, sina leuwih loba batan ti heula
sarta sina laloba anak. Sina sarenang hirupna
di dinya cara baheula, jeung sina leuwih
makmur ti batan nu enggeus-enggeus. Geus
kitu maranehanana bakal nyaraho yen Kami
teh PANGERAN.
12 Eh Israil umat Kami, maraneh rek dibawa
balik, rek dipulangkeun ku Kami ka tanah
sorangan. Eta tanah pikeun maraneh,
anak-anak maraneh moal disina paraeh
kalaparan deui.
13 Kieu dawuhan Kami, PANGERAN Nu
Maha Agung: Bener eta tanah teh ku
warga-wargana disarebut tukang ngakan

jelema, tukang ngarampogan anak-anak wargana.
14 Tapi ti semet ayeuna moal deui jadi tukang ngakan jelema, moal deui ngarampogan anak-anak maraneh. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.
15 Eta tanah moal deui ngadenge pamoyok bangsa-bangsa, moal deui pada ngahina. Moal deui ngarampogan anak warga-wargana, kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung."
16 PANGERAN nimbalan ka kaula.
17 "Eh anak manusa," timbalana-Na, "keur basa urang Israil maratuh di tanahna keneh geus ngarurujit eta tanah ku cara-cara hirup jeung kalakuanana. Adat kalakuanana kitu ku Kami dianggap sarua kotorna jeung awewe anu keur haid.
18 Tanah teh jadi rujit ku kabiasaan maranehanana maehan jeung ku brahala-brahalana. Anu matak maranehanana ku Kami disina ngasaan amarah Kami.
19 Dihukum ku tina cara-cara hirup jeung kalakuanana, seug dipabalencarkeun ka nagara-nagara asing.
20 Tapi ka mana bae daratangna ngan matak goreng bae kana jenengan Kami anu suci, lantaran ceuk anu lian, Ieu jelema-jelema teh ongkoh umat Allah, tapi nepi ka naringgalkeun tanah pamere Allahna sorangan.

21 Kami prihatin lantaran jenengan Kami anu
suci, dinistakeun ku urang Israil ka mana bae
maranehna daratang.
22 Ku sabab eta bejakeun ka urang Israil
ieu pesen Kami, PANGERAN Nu Maha Agung:
Kami rek midamel kitu teh lain ku sabab
karunya-karunya teuing ka maraneh, eh
bangsa Israil, tapi ku sabab jenengan Kami
anu suci dinistakeun ku maraneh di unggal
nagri anu ku maraneh didatangan.
23 Engke, lamun Kami geus nembongkeun
kasucian jenengan Kami anu agung ka
bangsa-bangsa jenengan anu ku maraneh
geus dinistakeun di tengah jalma lian eta
bangsa-bangsa teh kakara bakal nyaraho yen
Kami teh PANGERAN. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung. Maraneh ku Kami
rek dipake nembongkeun ka bangsa-bangsa,
yen Kami teh suci.
24 Maraneh rek dicokot ti unggal bangsa
jeung ti saban nagri, rek dibawa mulang ka
tanah sorangan.
25 Rek dibanjuran ku Kami ku cai anu herang,
sangkan beresih tina brahala-brahala jeung
tina sagala rupa rereged anu narapel.
26 Hirup maraneh baris dianyarkeun, pikiran
oge rek dianyarkeun. Adat maraneh anu
wangkelang, anu teuas kawas batu, baris
diganti ku adat anu nurut.
27 Batin maraneh baris dieusian Roh Kami,
sarta ku karana eta maraneh jadi narurut

kana hukum-hukum Kami, ngalampahkeun
sagala parentah Kami.
28 Geus kitu maraneh baris maratuh di tanah
anu ku Kami geus dipaparinkeun ka karuhun
maraneh. Maraneh baris jadi umat Kami,
sarta Kami baris jadi Allah maraneh.
29 Maraneh rek dijaga tina sagala hal anu
matak najis kana diri. Ku parentah Kami,
pelak gandum baris mucekil hasilna, nepi ka
moal nyorang deui kalaparan.
30 Tangkal bubuahan bakal laleubeut buahna,
kitu deui hasil lahan, nepi ka maraneh moal
dihina deui ku bangsa-bangsa lantaran
kalaparan.
31 Maraneh bakal kaseuit-seuit ku kajahatan
jeung kadorakaan sorangan, nepi ka lamun
aringet kana eta dosa jeung kadorakaan,
maraneh jadi cua ka diri sorangan. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.
32 Eh Israil, Kami hayang sangkan maneh
nyaho, yen Kami migawe eta kabeh teh
lain ku karana maneh. Anu dipalar ku Kami
sangkan maneh ngarasa era jeung hina ku
kalakuan. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu
Maha Agung."
33 Dawuhan PANGERAN Nu Maha Agung,
"Lamun maraneh ku Kami geus diberesihkeun
tina sagala dosa, rek dipatuhkeun deui di
kota-kota, aromean eta anu geus raruksak
teh.

34 Sakur anu bareto sok laliwat ka lahan-
lahan maraneh, nyarahona eta teh kacida
balana mani kawas leuweung; pek arolah
deui eusian ku pepelakan.
35 Bakal tembong ka sarerea eta tanah anu
tadina jiga leuweung teh engke mah mani
jiga Taman Pirdus. Kota-kotana anu tadina
burak-barik urut ngaranjah batur nepi ka jadi
ruruntuhan, engke mah dicaricingan deui
turug-turug jadi kacida gegekna.
36 Bangsa-bangsa anu darareukeut, anu
araya keneh, bakal nyarahoeun yen eta
kota-kota anu geus rarubuh teh geus
diadegkeun deui ku Kami, PANGERAN,
sarta lahan-lahan anu geus gararing jadi
euyeuh deui ku pepelakan. Kitu jangji Kami,
PANGERAN, tangtu dijalankeun."
37 Dawuhan PANGERAN Nu Maha Agung,
"Kami baris ngersakeun urang Israil sina
marenta deui pitulung ka Kami, sarta bilangan
maranehna sina tambah-tambah ngalobaan
kawas domba.
38 Kota-kota anu ayeuna masih keneh
pasolengkrah, bakal gegek deui ku pangeusi,
kawas Yerusalem bareto loba dombana
kurbankeuneun dina pesta. Geus kitu
maranehna bakal nyaraho yen Kami teh
PANGERAN."
37 1 Kaula ngarasa aya dina kakawasaan
PANGERAN, sarta ku Roh Mantenna

kaula dibawa, terus diturunkeun di hiji lebak
anu pinuh ku tulang-taleng.
2 Ti dinya dibawa ngurilingan eta lebak.
Tulang-taleng teh kacida reana jeung geus
gararing.
3 Mantenna ngalahir, "Eh anak manusa,
kumaha eta tulang-taleng teh bisa harirup
deui?" Kaula ngawangsul, "Nun PANGERAN
Nu Maha Agung, Gusti nu langkung uninga!"
4 Dawuhana-Na, "Ucapkeun ieu ramalan
ka eta tulang-taleng. Bejakeun ka eta
tulang-taleng nu gararing, barandungan kituh
ieu ucapan PANGERAN.
5 Bejakeun yen Kami, PANGERAN Nu Maha
Agung, ngandika kieu ka maranehna:
Maraneh rek diasupan napas, dihirup-
hirupkeun deui.
6 Rek dilengkepan ku urat sarap jeung otot
sarta ditutup ku kulit, tuluy diasupan napas
sangkan harirup deui. Geus kitu maraneh
bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN."
7 Seug kaula ngucapkeun ramalan sakumaha
anu dipiwarang. Sabot kaula ngomong
keneh, kadenge tulang-taleng teh disarada
trak-trek-trok, tuluy mimiti nyararambung.
8 Sabot diawaskeun, tulang-taleng anu geus
nyararambung teh geus katutup ku urat
sarap, ku otot-otot jeung ku kulit, ngan can
aya ambekanana.
9 Allah ngadawuh ka kaula, "Eh anak
manusa, ramalkeun ieu ka angin. Bejakeun

ka angin yen dipiwarang ku PANGERAN Nu
Maha Agung kudu daratang ti saban juru,
geusan mere napas ka ieu jasad-jasad nu
paraeh sina harirup deui."
10 Seug kaula ngaramal numutkeun
timbalana-Na. Sup napas arasup kana eta
jasad-jasad, sarta jasad-jasad teh harirup
tuluy narangtung. Ari lobana cukup keur
ngawangun hiji angkatan perang.
11 Allah ngadawuh ka kaula, "Eh anak
manusa, urang Israil teh sakumaha eta
tulang-taleng. Carekna, maranehna teh geus
gararing, geus pegat hamo bisa menyat.
12 Ku sabab kitu ramalkeun kieu ka eta umat
Kami Israil, bejakeun yen Kami, PANGERAN
Nu Maha Agung, baris muka kuburan
maranehanana. Maranehanana ku Kami arek
dikaluarkeun tina kuburan, rek dipulangkeun
ka tanah Israil.
13 Saupama tempat-tempat umat Kami
dikubur tea ku Kami geus dibuka, sarta
maranehanana dikaluarkeun ti dinya, bakal
nyarahoeun yen Kami teh PANGERAN.
14 Maranehna rek diasupan napas Kami
sina harirup deui, sina nyaricingan tanahna
sorangan. Geus kitu bakal nyarahoeun yen
Kami teh PANGERAN. Kitu ikrar Kami, ku
Kami tangtu dijalankeun. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
15 PANGERAN ngadawuh deui ka kaula.

16 "Eh anak manusa," dawuhana-Na, "maneh
kudu nyokot hiji iteuk kai, ukir ku tulisan anu
unina: Karajaan Yuda. Geus kitu nyokot hiji
deui, ukir ku tulisan nu unina Karajaan Israil.
17 Geus kitu eta dua iteuk teh tungtung pada
tungtung keupeul sina siga ngan hiji.
18 Di mana bangsa maneh menta katerangan
pihartieunana,
19 caritakeun yen Kami, PANGERAN Nu
Maha Agung, bakal nyokot eta iteuk anu
ngalambangkeun Israil, rek dihijikeun jeung
iteuk anu ngalambangkeun Yuda. Tina eta
dua iteuk, Kami rek nyieun hiji iteuk anu baris
digenggem ku Kami.
20 Cekel ku leungeun maneh eta dua iteuk
teh, jeung sina katarenjoeun ku jalma-jalma.
21 Tuluy caritakeun yen Kami, PANGERAN
Nu Maha Agung baris nyandak sakumna
umat Kami ti antara bangsa-bangsa, rek
dikumpulkeun sina ngahiji, tuluy dibawa
mulang ka tanahna sorangan.
22 Di eta tanah, di pagunungan Israil,
maranehanana ku Kami rek dijadikeun
sabangsa, diparentah ku raja saurang, moal
dijadikeun deui dua bangsa atawa dipecah
jadi dua karajaan.
23 Moal nganistakeun dirina deui ku brahala-
brahala anu pikacuaeun, moal ngarurujit deui
hirupna ku dosa. Ku Kami baris dibebaskeun
tina sagala hal anu matak jadi dosa atawa

matak ngahianat ka Kami. Rek disucikeun,
baris jadi umat Kami sarta Kami jadi Allahna.
24 Ari pirajaeunana nya raja anu cara abdi
Kami Daud. Maranehanana bakal jadi sahiji
di bawah hiji kapala tur garumati kana
hukum-hukum Kami.
25 Baris marukim di tanah anu ku Kami
geus dipaparinkeun ka Yakub, tanah
urut karuhunna. Baris maratuh di dinya
salalawasna, kitu deui anak incuna turun-
tumurun, diparentah ku hiji raja anu cara
abdi Kami Daud.
26 Jeung maranehna Kami rek ngayakeun
perjangjian anu mere kapastian hal
kaamanan hirupna sapapanjangna. Ku Kami
rek diberkahan, jumlahna sina tambah loba,
sarta Bait Allah baris diperenahkeun di dinya,
sina ngadeg salalawasna.
27 Kami bakal aya di dinya nyarengan
maranehanana, Kami bakal jadi Allahna,
maranehna bakal jadi umat Kami.
28 Lamun Bait Allah geus merenah di
maranehna pikeun salalawasna, bangsa-
bangsa bakal nyaraho yen Kami, PANGERAN,
geus ngangkat Israil jadi umat Kami."
38 1 PANGERAN nimbalan ka kaula.
2 Timbalana-Na, "Eh anak manusa,
carekan Gog, kawasa utama bangsa Mesek
jeung Tubal di tanah Magog.
3 Bejakeun Kami teh musuhna.

4 Ku Kami rek disina malik, rek dikait
caheumna tuluy disered katut pasukanana.
Bala tentarana, kuda-kudana jeung anu
tarumpakna anu pakeanana saragem,
jumlahna kacida lobana, sarta unggal
prajuritna marawa tameng, pakarangna
pedang.
5 Manehna direujeungan ku urang Persia,
urang Sudan jeung urang Libia, kabeh marake
tameng jeung marake topi waja.
6 Jalma-jalma anu tuman jurit ti Gomer
jeung Bet-Togarma ti kaler, kitu deui ti
bangsa-bangsa lianna oge milu ngabaturan.
7 Bejakeun, geura sadia marentah
pasukanana.
8 Sanggeus pirang-pirang taun, engke
manehna ku Kami diparentahkeun ngarurug
hiji nagara, anu rahayatna geus dihijikeun
deui ku Kami, geus dipulangkeun deui ti
sagala bangsa, tur hirup tengtrem henteu
sieuneun aya anu merangan. Manehna sina
nempuh gunung-gunung di Israil anu suwung
sakitu lilana, tapi ayeuna geus dicaricingan
deui ku rahayatna kalawan aman.
9 Manehna jeung baladna dibarengan ku
bangsa-bangsa kacida lobana, bakal datang
lir angin ribut, nutupan eta tanah lir mega
mendung."
10 Kieu anu bakal didawuhkeun ka Gog ku
PANGERAN Nu Maha Agung, "Dina mangsa
eta maneh bakal kadatangan niat jahat.

11 Seug nangtukeun arek ngarurug ka
eta nagri anu euweuh kakuatanana, anu
rahayatna keur ngarasa tengtrem jeung aman
di kota-kota anu bolostrong, euweuh kuta,
euweuh hahalang naon-naon.
12 Maneh bakal boga karep arek ngaranjah
jeung ngarayah ka rahayat di dinya, di
kota-kota anu tadina burak-barik tea.
Eta jelema-jelema teh kakara beunang
ngahijikeun deui, anyar mulang ti sagala
bangsa, tapi enggeus menyat deui, geus
baroga ingon-ingon, baroga harta banda,
jongjon nyaricingan eta tanah puseur bumi.
13 Urang Syeba, urang Dedan jeung para
sudagar kota-kota di Sepanyol bakal naranya
kieu ka maneh, Anjeun natakeun balad teh
rek dipake ngarurug, rek dipake ngaranjah
jeung ngarayah? Hayang perak jeung emas,
ingon-ingon jeung harta banda, sangkan ari
balik mawa barang-barang rampasan?"
14 Ti dinya kaula ku PANGERAN Nu Maha
Agung dipiwarang nepikeun timbalana-Na ka
Gog, kieu, "Sabot umat Kami Israil jarongjon
tur aman, maneh sasadiaan terus budal
15 ti tempat maneh anu jauh di kaler, ngerid
wadyabalad gede tur kuat, perjurit-perjuritna
rupa-rupa bangsa, kabeh tarumpak kuda.
16 Maneh arek ngarurug ka umat Kami
Israil, datang lir angin ribut anu ngagelebug
nyorang ka eta tanah. Mangsa eta maneh
ku Kami diinditkeun sangkan ngarurug ka

tanah Kami, sabab maneh ku Kami rek dipake
nembongkeun ka bangsa-bangsa, saha Kami
teh. Rek dipake nembongkeun kasucian Kami.
17 Sabab nya maneh anu ku Kami bareto
disebut-sebut waktu Kami nitah ngumumkeun
ka abdi-abdi Kami, nya eta nabi-nabi di Israil,
yen di mana geus cunduk waktuna, Kami
rek ngadatangkeun hiji jelema anu bakal
ngarurug ka Israil." Kitu anu ditimbalkeun ku
PANGERAN Nu Maha Agung.
18 PANGERAN Nu Maha Agung ngadawuh,
"Dina waktu Gog ngarurug Israil, Kami rek
ngabudalkeun amarah.
19 Ieu Kami ngabejaan, yen dina waktu eta
di tanah Israil bakal aya lini kacida gedena.
20 Lauk-lauk, manuk-manuk, sasatoan
gede leutik jeung manusa sakuliah bumi,
kabeh bakal ngadegdeg sieun ku Kami.
Gunung-gunung tangtu urug, cadas-cadas
balalencar, kuta-kuta bakal rebah.
21 Gog rek dikeunaan sagala rupa balahi,
sangkan geumpeur. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung. Balad-baladna
bakal silih kadek pada batur.
22 Gog arek dihukum ku Kami ku kasakit
jeung sina mandi getih. Manehna jeung
baladna, kitu deui rupa-rupa bangsa anu
ngabantuan bakal ditinggang ku hujan guntur
jeung hujan buah campur seuneu jeung
walirang.

23 Kitu peta Kami pikeun nembongkeun ka
sakabeh bangsa, yen Kami teh agung jeung
suci. Maranehna bakal nyaraho yen Kami teh
PANGERAN."
39 1 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Eh anak manusa, carekan Gog kapala
utama bangsa Mesek jeung Tubal teh, jeung
bejakeun Kami teh musuhna.
2 Ku Kami manehna rek ditungtun, dibawa
kaluar ti tempatna anu jauh di kaler, nepi ka
datang ka pagunungan Israil.
3 Geus kitu gondewa dina leungeun kencana
ku Kami bakal ditepak nepi ka lesot,
jamparing-jamparing dina leungeun katuhuna
marurag.
4 Gog jeung balad-baladna sarta jeung anu
ngabarantuna bakal tinggolepak paraeh
di pagunungan Israil, bangke-bangkena
diparacokan ku manuk, diharakan ku
sato-sato galak.
5 Kabeh paraeh tingjaloprak di tegalan. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.
6 Geus kitu tanah Magog jeung tanah-tanah
sapanjang basisir-basisir anu pribumina keur
garenah-genah, ku Kami arek dihuru, sina
nyarahoeun kabeh yen Kami teh PANGERAN.
7 Kami arek ngayakinkeun ka umat Kami
Israil yen jenengan Kami teh suci, moal
ngantep jenengan Kami direndahkeun deui.
Geus kitu bangsa-bangsa bakal nyaraho yen

Kami, PANGERAN, Allah anu suci, Allahna Israil."
8 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Eta mangsa anu bieu disebut ku Kami pasti datang.
9 Rahayat anu caricing di kota-kota Israil bakal kalaluar ngumpulkeun pakarang-pakarang urut perang keur pisuluheun. Tameng-tameng, gondewa-gondewa, tumbak-tumbak jeung gada-gada, mahi keur ngahurungkeun seuneu tujuh tauneun.
10 Jadi maranehna teu kudu nyiar suluh ka tegal atawa nuar kai ka leuweung, sabab geus baroga pisuluheun tina pakarang-pakarang urut perang tea. Musuh anu ngaranjah jeung ngarayah malik jadi diranjah jeung dirayah ku maranehanana." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.
11 PANGERAN nimbalan, "Upama hal eta geus bukti, Kami rek nyadiakeun tanah keur kuburan Gog di Israil, di Lebak Pameuntasan, wetaneun Laut Mati. Gog jeung balad-baladna baris diruang di dinya, sarta eta lebak bakal disarebut Lebak balad-balad Gog.
12 Urang Israil ngubur-nguburkeun bangkena nepi ka tujuh bulan lilana, kakara eta daerah teh beresih deui.
13 Sakur urang dinya kabeh marilu nguburkeun, sarta maranehna dina poean Kami ngagungkeun kamulyaan Kami bakal

mareunang pahla. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung.
14 Sanggeus anu tujuh bulan tea liwat, aya
jelema-jelema anu baris dibakukeun kudu
ngaronda eta tanah, bisi aya keneh bangke
anu can kakubur kudu tuluy dikubur supaya
eta tanah beresih.
15 Saupama aya jelema anu nanjak atawa
mudun ti kota manggih rorongkong jelema,
rorongkongna kudu dicirian di gigireunana,
sina dikuburkeun di Lebak balad-balad Gog
ku tukang ngarali kuburan.
16 (Deukeut eta tempat engkena bakal aya
hiji kota anu ngaranna sarua jeung eta.) Ku
cara kitu eta tanah bakal beresih deui."
17 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan
ka kaula, "Eh anak manusa, calukan ka
dieu sakabeh manuk jeung sasatoan ti
mana-mana, sina ngaharakan kurban anu rek
disuguhkeun ku Kami. Sina pesta gede di
pagunungan Israil, ngaharakan daging jeung
ngarinum getih.
18 Sina ngaharakan bangke-bangke serdadu,
ngarinum getih para gegeden jagat, daging
jeung getih jelema anu bakal pararaeh dijagal
kawas domba jalu, atawa anak domba atawa
embe atawa sapi anu lalintuh.
19 Saupama eta jelema-jelema geus
diparaehan ku Kami saperti sato kurban,
kabeh manuk jeung sasatoan bakal

ngaharakan gemuk saseubeuhna, jeung
ngarinum getih nepi ka marabok.
20 Kabeh bakal ngariung dina meja Kami,
ngaharakan daging kuda jeung daging nu
tarumpakna, daging serdadu-serdadu jeung
daging jelema-jelema tukang jurit. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN."
21 PANGERAN nimbalan, "Bangsa-bangsa
teh rek disina narenjo kamulyaan Kami, sina
narenjo Kami ngagunakeun kakawasaan
ngabuktikeun eta putusan-putusan Kami.
22 Ti semet eta urang Israil bakal nyaraho
yen Kami teh PANGERAN Allahna.
23 Bangsa-bangsa rek disina nyarahoeun yen
nu matak urang Israil nepi ka dibuang teh ku
lantaran dosa-dosana, ngalawan ka Kami. Ku
Kami tuluy diantep sina eleh ku musuhna,
sina diparaehan di pangperangan.
24 Sanggeus ku Kami diganjar satimpal jeung
kalakuanana anu kotor jeung jahat, tuluy ku
Kami diantep."
25 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Tapi ayeuna eta urang Israil turunan
Yakub teh ku Kami arek dipikawelas, sina
nararanjung deui. Kami rek ngajaga kasucian
jenengan Kami.
26 Lamun maranehanana geus ngarancik deui
di tanahna sorangan kalawan ngahenang-
ngahening tur taya anu baris ngancam,
tangtu bakal lipur tina cacad-cacadna anu
hina dumeh geus ngahianat ka Kami tea.

27 Sangkan Kami bisa nembongkeun ka
bangsa-bangsa yen Kami teh suci, eta umat
Kami rek dipulangkeun ti saban-saban nagri
tempat musuh-musuhna.
28 Geus kitu umat Kami bakal nyaraho
yen Kami teh PANGERAN Allahna. Bakal
nyaraho kana hal eta, dumeh anu tadina
ku Kami dipiceun ka pangbuangan, ayeuna
ku Kami dihijikeun deui, dipulangkeun ka
tanahna sorangan, tur taya anu tinggaleun
saurang-urang acan.
29 Umat Kami Israil baris dieusi ku Roh Kami,
moal alundur deui ti Kami. Kitu timbalan
Kami, PANGERAN Nu Maha Agung."
40 1 Poe eta tanggal sapuluh, awal taun
anu kadua puluh lima ti semet kaula
sarerea dibuang, nincak taun kaopat welas ti
semet Yerusalem ditaklukkeun, kaula ngarasa
aya dina kakawasaan PANGERAN.
2 Dina eta titingalan kaula ku Allah dicandak
ka tanah Israil, sarta di ditu kaula diteundeun
di hiji gunung anu luhur. Kaula ningal anu
siga kota, pinuh ku wawangunan.
3 Sanggeus kaula dibawa ka dinya, ningal hiji
jelema, awakna herang kawas tambaga, keur
nangtung deukeut hiji gapura bari nyekel tali
ukuran tina lawon linen jeung tumbakan.
4 Anjeunna sasauran ka kaula, "Eh manusa,
awaskeun sing tenget anu ku Kami rek
ditembongkeun ka maneh, jeung pasang ceuli
masing awas. Sabab nu matak maneh dibawa

ka dieu teh ieu maksudna. Sagala rupa anu baris katenjo ku maneh, engke caritakeun ka urang Israil."
5 Geus kitu kaula ningal Bait Allah, dibudeur ku kuta. Eta kuta ku jelema teh diukur ku tumbakanana anu panjangna tilu meter. Luhurna kuta tilu meter, kandelna tilu meter.
6 Geus kitu jelema teh nyampeurkeun panto gapura anu nyanghareup ka wetan, cat unggah kana hambalanana nepi ka luhur, tuluy ngukur bangbarung lawang ti luar ka jero, aya tilu meter.
7 Ti lawang ka ditukeun aya gang, di kenca-katuhueunana aya kamar-kamar jaga sabeulahna tilu-tilu, ukuranana kabeh pasagi, panjang tilu meter rubak tilu meter. Antara kamar jeung kamar heuleutna dua satengah meter. Beh ditueun kamar-kamar jaga aya deui gang panjangna tilu meter, brasna ka hiji rohangan anu nampeu ka Bait Allah.
8 (40:8-9) Eta rohangan diukur, rubak ka jerona opat meter. Eta rohangan teh nampeu pisan ka Bait Allah, tepasna jadi tungtung gang anu ti lawang gapura, sarta tembok jerona sisi ditu kandelna sameter.
9 (40:8)
10 (Kamar-kamar jaga kenca-katuhueun gang tea ukuranana sarua, kitu deui heuleutanana oge sarua anggangna.)
11 Geus kitu eta jelema teh ngukur lawang gapura (ti tungtung tihang ka tungtung

tihang), legana kabeh tujuh meter. Rubak lolongkrangna wungkul lima meter.
12 Di hareupeun unggal kamar jaga aya tembokan handap, luhurna lima puluh senti, kandelna lima puluh senti. (Legana kamar-kamar jaga tea masing-masing tilu meter pasagi.)
13 Ti dinya anu diukur teh anggang ti kamar ka kamar anu paeunteung-eunteung kaheuleutan ku gang tea, ti tembok tukang nu beulah ditu ka tembok tukang nu beulah dieu, aya opat belas meter.
14 Kamar anu dina tungtung gang tea brasna ka hiji buruan, sarta sanggeus diukur legana teh sabelas meter.
15 Ari panjangna gang ti hareup nepi ka kamar anu pangdituna teh dua puluh dalapan meter.
16 Unggal kamar, tembok hareupna make liang leutik, kitu deui tembok gigir beulah jero ti kamar ka kamar, kabeh make liang leutik. Unggal kamar anu nyanghareup kana gang tea tembok jerona diukir, direkakeun tangkal-tangkal korma.
17 Ti dinya kaula ku eta jelema dibawa ka buruan, ngaliwatan panto gapura. Peuntaseun tembok beulah ditu aya kamar-kamar, tilu puluh, make emper anu dibalay ku batu.
18 Emperna muteran buruan luar, anu pernahna leuwih handap ti batan buruan beulah jero.

19 Dina undak anu rada luhur aya lawang,
brasna ka buruan jero. Ti lawang dieu ka
lawang ditu ku anjeunna diukur, anggangna
lima puluh genep meter.
20 Geus kitu anjeunna ngukur lawang gapura
beulah kaler, anu brasna ka buruan luar.
21 Kamar-kamar jagana anu tilu-tilu
kenca-katuhueun gangna, heuleutna ti kamar
ka kamar, kitu deui kamar gedena, ukuranana
sarua jeung nu aya di bagian gapura beulah
wetan. Panjang gangna kabehna dua puluh
lima meter, rubakna dua belas satengah
meter.
22 Kamar gedena, jandela-jandela, kitu deui
ukiran tangkal-tangkal kormana, sarua jeung
anu aya di gapura beulah wetan. Tangga
gapurana tujuh umpak, sarta kamar gedena
aya di tungtung gang, nyanghareup ka
buruan.
23 Peuntaseun buruan anu ti gapura kaler,
aya deui hiji lawang anu brasna ka buruan
jero, kawas anu di beulah wetan. Ti lawang
beulah dieu ka lawang beulah ditu ku
anjeunna diukur, anggangna lima puluh
meter.
24 Ti dinya kaula ku anjeunna dibawa ka
beulah kidul. Di dieu ge aya gapura. Ku
anjeunna diukur, sarua jeung gapura nu
sejen.
25 Kamar-kamar sapanjang gangna sarua
marake jandela kawas di bagian sejen.

Panjang gangna ti semet lawang gapura
dua puluh lima meter, rubakna dua belas
satengah meter.
26 Tangga gapurana tujuh umpak. Kamar
gedena oge nya kitu ayana di tungtung gang,
nyanghareup ka buruan. Unggal kamarna anu
nyanghareup kana gang, tembokna kabeh
diukir direkakeun tangkal-tangkal korma.
27 Di dieu ge aya hiji lawang anu brasna ka
buruan jero. Ti lawang beulah dieu ka lawang
beulah ditu ku anjeunna diukur, anggangna
lima puluh meter.
28 Geus kitu kaula ku anjeunna dibawa
ka buruan jero, asupna ti gapura beulah
kidul. Lawangna diukur, sarua legana jeung
lawang-lawang anu di beulah luar.
29 (40:29-30) Ukuran kamar-kamar jagana,
kamar gedena, kandelna tembok beulah
jero, kabeh sarua jeung anu aya di bagian
gapura-gapura sejen. Pon kitu unggal kamar
di bagian gapura anu ieu oge marake jandela.
Panjang gangna kabehna dua puluh lima
meter, rubakna dua welas satengah meter.
30 (40:29)
31 Kamar gedena nyanghareupna ka buruan,
sarta tembokan sapanjang gangna dihias
ku ukiran anu direkakeun tangkal-tangkal
korma. Tangga ieu lawang dalapan umpak.
32 Ti dinya kaula ku anjeunna dibawa ka
buruan jero, jalanna ti gapura beulah wetan.

Lawangna diukur, legana sarua jeung lawang
gapura nu sejen.
33 Kamar-kamar jagana, kandelna tembok
di jero kamar-kamar, kamar gedena, barang
diukur teh sarua jeung nu aya di bagian
gapura-gapura sejen. Kamar-kamarna
marake jandela, kitu deui kamar gedena.
Panjang gangna kabeh dua puluh lima meter,
rubakna dua belas satengah meter.
34 Kamar gedena nyanghareupna ka buruan
luar. Tembokan sapanjang gangna dihias
ku ukiran anu direkakeun tangkal-tangkal
korma. Tangga gapurana dalapan umpak.
35 Geus kitu kaula dibawa ka gapura beulah
kaler. Lawangna ku anjeunna diukur, sarua
jeung lawang gapura sejenna.
36 Kawas di bagian sejen bae, di dieu ge
aya kamar-kamar jaga, tembok di jero
kamar-kamarna dihias ku ukiran, aya kamar
gede, sarta kamar-kamarna dijandelaan.
Panjang gangna dua puluh lima meter,
rubakna dua belas satengah meter.
37 Kamar gedena nyanghareupna ka buruan
luar. Tembok sapanjang gangna dihias ku
ukiran anu direkakeun tangkal-tangkal
korma. Tangga gapurana dalapan umpak.
38 Buruan teh aya sosompangna, anu
nyambung kana lawang kaler, brasna ka
hiji rohangan gede anu nyanghareup ka
buruan. Di dinya aya anu keur ngarumbah

sato-sato beunang meuncitan, pikeun kurban beuleuman.
39 Di eta kamar aya opat meja, dua di sisi kenca, dua di sisi katuhu, paranti meuncit sato-sato pikeun kurban beuleuman, pikeun kurban panebus dosa, jeung pikeun kurban panebus kasalahan.
40 Di luareun rohangan aya opat meja deui anu kawas eta, dua di kencaeun lawang, dua deui di katuhueunana.
41 Jadi aya dalapan meja paranti meuncit sato kurban, opat di jero, opat di luar deukeut ka buruan.
42 Opat meja anu di luar, eta paranti nyadiakeun kurban beuleuman, dijieunna tina batu beulahan, jangkungna satengah meter, daun mejana pasagi, panjangna tujuh puluh lima senti, rubakna oge sakitu. Parabot paranti meuncit diteundeunna dina eta meja anu opat.
43 Dina biwir mejana sakurilingna aya cacantol-cacantol anu rubakna masing-masing tujuh puluh lima milimeter. Daging pikeun kurban digundukkeunana dina meja-meja anu eta.
44 Ti dinya kaula dibawa ka buruan jero. Di dinya, di buruan jero, aya dua rohangan anu muka, hiji gigireun lawang beulah kaler nyanghareup ka kidul, hiji deui gigireun lawang beulah kidul nyanghareup ka kaler.

45 Jalma anu mawa kaula tea nyaurkeun, yen
rohangan anu nyanghareup ka kidul paranti
para imam anu papancenna ngabakti di Bait
Allah,
46 rohangan anu nyanghareup ka kaler
paranti para imam anu ngalalayanan altar.
Imam-imamna kabeh turunan Sadok. Ngan
maranehna bae jalma-jalma ti kaom Lewi anu
meunang ngadeuheus pikeun ngabakti ka
PANGERAN teh.
47 Jelema teh tuluy ngukur buruan jero anu
bangunna pasagi, unggal sisina lima puluh
meter. Ari Bait Allah ayana di beulah kulon,
sarta di hareupeunana aya altar.
48 Kaula ku anjeunna dibawa ka lawang anu
brasna ka rohangan Bait Allah. Lawangna ku
anjeunna diukur, legana tujuh meter, rubakna
ka jerona dua satengah meter, tembokna
kenca-katuhuna kandelna masing-masing
satengah meter.
49 Lawang ka rohangan teh make tangga
umpak, ari rohanganana rubak hareupna
sapuluh meter, rubak ka beulah jerona genep
meter. Kenca-katuhueun lawangna make
pilar.
41 1 Sanggeus kitu kaula dibawa asup
ka kamar pangtengahna, nya eta
Kamar Suci. Gang anu brasna ka eta kamar
ku anjeunna diukur, panjang ka jerona tilu
meter,

2 rubakna lima meter, tembok kenca-
katuhuna kandelna masing-masing dua
satengah meter. Ti dinya kamarna diukur,
panjangna dua puluh meter, rubakna sapuluh
meter.
3 Ti dinya anjeunna nyampeurkeun kamar
anu pangjerona, gang anu brasna ka dinya
diukur, panjangna ka jerona sameter, rubakna
tilu meter, tembok kenca-katuhuna kandelna
tilu satengah meter.
4 Ti dinya anjeunna ngukur kamarna, legana
sapuluh meter pasagi. Ieu kamar ayana
beulah ditueun kamar pangtengahna. Geus
kitu anjeunna sasauran ka kaula, "Ieu teh
Kamar Pangsucina."
5 Geus kitu anjeunna ngukur tembok gedong
ti jero, kandelna tilu meter. Dina tembok
sakurilingna aya kamar-kamar laleutik,
rubakna dua meter dua meter.
6 Aya tilu umpak, saumpakna tilu puluh
kamar. Unggal umpak anu beh luhur, kamar-
kamarna rada ngelok ti bagian anu dina
umpakan handapeunana, jadi kamar-kamar
teh najan henteu diangker oge cicingna
weweg. Ari biwir tembok beulah luarna beuki
ka luhur beuki ipis,
7 tapi ti luar mah ti handap nepi ka luhur
katembongna sarua kandelna. Aya tanggana
dua dina tembok luarna, lega, paranti
unggah kana umpak panengah jeung umpak
pangluhurna.

8 (41:8-11) Tembok kamar-kamar teh
beulah luarna kandelna dua satengah meter.
Pikeun asup ka kamar-kamar sisi kaler aya
pantona hiji, kitu keneh pikeun asup ka
kamar-kamar beulah kidulna. Sakuriling
gedong make emper rubakna dua satengah
meter, luhurna tina taneuh tilu meter, sarua
luhurna jeung dasar kamar-kamar anu dina
tembok gedong. Ti emper nepi kana adegan
gedong sakurilingna, ngoblogna sapuluh
meter.
9 (41:8)
10 (41:8)
11 (41:8)
12 Di tungtung kulon bagian anu ngoblog
tea aya adegan, panjangna opat puluh lima
meter, rubakna tilu puluh lima meter, kandel
tembokna sakurilingna dua satengah meter.
13 Ti dinya anjeunna ngukur gedong,
panjangna lima puluh meter. Ti pongpok
tukang nepi ka adegan kuloneunana,
ngoblogna lima puluh meter.
14 Bagian anu ngoblog di beulah hareup oge
lima puluh meter.
15 Geus kitu ngukur adegan anu di kulon tea
jeung bagian anu ngoblogna kenca-katuhu,
lima puluh meter. Kamar hareup, Kamar Suci,
jeung Kamar Pangsucina,
16 kabeh dilapis ku papan, mimiti ti semet
lante nepi ka luhureun jandela-jandela, jadi
jandela-jandelana kaalingan.

17 Sakuriling tembok kamar, ti handap nepi
ka luhur semet tarang-tarang panto, pinuh ku
ukir-ukiran.
18 Anu direkakeun tangkal korma jeung
sato-sato anu jangjangan, diselang-selang.
Ukiran sato-sato anu jangjangan tea
beungeutna dua-dua.
19 Nu hiji beungeut jelema, malikna kana
ukiran tangkal korma nu beulah dieu, anu hiji
deui beungeut singa, malikna kana ukiran
tangkal korma nu sabeulah deui. Kitu kabeh
diukirna sakuriling tembok kamar teh,
20 tina lante nepi ka semet tarang-tarang
panto.
21 Ari tihang-tihang panto Kamar Suci tea
bangunna pasagi. Hareupeun lawang Kamar
Pangsucina aya anu siga
22 altar kai, jangkungna hiji satengah meter,
rubakna sameter. Tihang-tihang juruna,
dasarna jeung pinggir-pinggirna kabeh tina
kayu. Jelema tea ngalahir ka kaula, "Ieu teh
meja anu ayana di payuneun PANGERAN."
23 Di tungtung jalan anu brasna ka Kamar
Suci, kitu keneh anu brasna ka Kamar
Pangsucina, masing-masing make panto.
24 Pantona dua daun, dibukana ti tengah.
25 Panto Kamar Suci dihias ku ukiran tangkal
korma jeung sato anu jangjangan, kawas
dina tembokanana. Di hareupeun pantona
aya golodog kai.

26 Gigireun pantona kenca-katuhu aya
jandelaan, sarta tembokanana dihias ku
ukiran tangkal korma.
42 1 Geus kitu kaula dibawa ka buruan
luar, tuluy dibawa asup ka hiji adegan
kalereun gedong Bait Allah, teu jauh tina
adegan anu aya di tungtung kulon.
2 Eta adegan panjangna lima puluh meter,
rubakna dua puluh lima meter.
3 Anu sabeulah nyanghareup ka Bait Allah,
kaselang ku nu ngoblog rubakna sapuluh
meter. Anu sabeulah deui nyanghareup ka
emper buruan luar. Adeganana tilu umpak.
Umpak-umpak anu beh luhur leuwih ngelok ti
batan anu aya di handapeunana.
4 Di sapanjang sisi kalerna make lolongkrang
rubakna lima meter, panjangna lima puluh
meter, di gigirna make lawang.
5 Kamar-kamar dina umpak pangluhurna
leuwih heureut ti batan kamar-kamar
anu dina umpak panengah jeung umpak
panghandapna, lantaran ngelok.
6 Kamar-kamarna tilu umpakanana ayana
dina petakan-petakan, jeung henteu
make tihang-tihang saperti anu aya dina
adegan-adegan di buruan.
7 (42:7-8) Tembok luar umpak
panghandapna, anu dua puluh lima
meter atawa satengah tina panjangna,
dipadetkeun. Anu satengahna deui, dua puluh
lima meter, dipake kamar-kamar. Ari umpak

anu pangluhurna, sapanjangna kabeh dipake kamar-kamar.
8 (42:7)
9 (42:9-10) Handapeun dua kamar tungtung wetan, dina puhu tembokanana aya lawang ka buruan. Kiduleun Bait Allah aya deui adegan, bangunna sarua jeung anu di kaler, teu jauh ti adegan anu di kuloneun Bait Allah.
10 (42:9)
11 Di hareupeun kamar-kamarna aya jalan saperti anu di tungtung kaler. Ukuranana, papaesna kitu deui lawang-lawangna, sarua jeung anu di kaler.
12 Handapeun kamar-kamar tungtung kidul, dina puhu tembokan sisi wetan, aya panto.
13 Jelema tea sasauran ka kaula, "Ieu adegan duanana suci, paranti imam-imam anu baku marek ka PANGERAN ngadalahar kurban pangsucina. Luyu jeung kasucianana, eta kamar-kamar ku para imam dipake nyimpen kurban-kurban suci, nya eta kurban kadaharan, kurban panebus dosa, jeung kurban panebus kasalahan.
14 Imam-imam anu tas ti jero Bait Allah, lamun arek kaluar ka buruan, kudu salin heula, pakean sucina paranti ngadeuheus ka PANGERAN kudu disimpen di kamar-kamar ieu, kakara meunang kaluar nepungan jalma rea."
15 Sabada anjeunna ngukur Bait Allah ti jero, kaula dibawa ka luar, jalanna ka lawang

wetan. Prak anjeunna ngukur kuriling Bait Allah.
16 Sisi wetan diukur ku tumbakan, aya dua ratus lima puluh meter.
17 (42:17-19) Geus kitu ngukur sisi kaler, sisi kidul, jeung sisi kulon, ukuranana sarua masing-masing dua ratus lima puluh meter,
18 (42:17)
19 (42:17)
20 jadi mangrupa petak pasagi, dikuriling ku pager tembok panjangna tiap sisi dua ratus lima puluh meter. Eta pager tembok teh pager pamisah, anu misahkeun anu suci ti nu henteu suci.

43 1 Ti dinya kaula ku anjeunna dibawa ka gapura anu nyanghareup ka wetan.
2 Bray ti beulah wetan aya cahaya nyampeurkeun, cahaya kamulyaan Allah Israil. Gentra Mantenna kadenge sada gumuruh laut, sarta bumi mani hibar kacaangan.
3 Ieu titingalan sarua kawas anu bareto katingal waktu Allah ngagempur Yerusalem, jeung anu katingal di Walungan Kebar tea. Bruk kaula nyuuh kana taneuh.
4 Eta cahaya terus asup ka jero Bait Allah, asupna ti lawang gapura wetan.
5 Kaula ku Roh PANGERAN diangkat, dicandak ka buruan jero. Katingal Bait Allah teh hibar ku cahaya kamulyaan PANGERAN.

6 Ari jelema tea nangtung gigireun kaula.
Tuluy aya gentra PANGERAN ngandika ka
kaula ti jero Bait Allah:
7 "Eh manusa, ieu teh tahta Kami. Di dieu
Kami pilinggiheun di urang Israil, seja ngereh
ka maranehna salalanggengna. Urang Israil,
boh jalma rea boh raja-rajana, teu meunang
nganajiskeun deui jenengan Kami anu suci,
ngabarakti ka brahala, atawa ieu tempat
dijieun makam raja-rajana.
8 Bareto karaton raja-raja teh nampeu
pisan ka dieu, golodog jeung tihang-tihang
pantona pahareup-hareup pisan jeung
golodog jeung tihang-tihang panto Bait
Kami, ngan kahalangan ku tembok salapis.
Kalakuan maranehna anu doraka teh
nganajiskeun jenengan Kami anu suci. Nu
matak maranehna ku Kami dibasmi, sabab
Kami geus teu kawawa ku bendu.
9 Nu matak ayeuna mah maranehna teu
meunang ngabarakti deui ka allah-allah sejen,
sarta mayit raja-rajana kudu dipindahkeun ti
dieu. Lamun kitu, kakara Kami kersa linggih
di maranehna salalanggengna."
10 PANGERAN ngandika deui, "Eh manusa,
caritakeun ku maneh kaayaan ieu Bait
Kami ka urang Israil, pasang petana sina
dilalenyepan, sina areraeun ku kalakuanana
anu sakitu dorakana.
11 Upama maranehna geus areraeun ku
kalakuanana anu garoreng, ku maneh

terangkeun pasang peta ieu Bait: modelna, lawang-lawang asupna, lawang-lawang kaluarna, bangunna, undak usuk babagian-babagianana, kitu deui hal papagon jeung aturan-aturanana. Catetkeun ku maneh kabeh, sangkan maranehna nyarahoeun sagala unak-anikna, jeung supaya sakabeh aturanana diarestokeun.
12 Sipat ieu Bait Kami kieu: Sakuliah wewengkon anu aya di puncak gunung, sakurilingna suci, karamat."
13 Ieu ukuran-ukuran altar, sarta parabot ngukurna sarua jeung nu dipake ngukur Bait Allah. Sakurilingeun dasar altar aya kamalir, jerona satengah meter, rubakna saparapat meter. Paminggir kamalirna diluhurkeun dua puluh lima senti.
14 Ukuran altarna: Panghandapna, ti semet dadampar pangluhurna jangkungna sameter. Bagian tengah nepi ka semet palipid sakurilingna anu kandelna lima puluh senti, jangkungna dua meter. Bagian luhur, nepi ka semet palipid anu kandelna lima puluh senti,
15 jangkungna sarua dua meter, nya eta puncakna, anu gunana paranti meuleum kurban-kurban. Tatandukanana di opat pojokna naronjol ngaluhuran puncak altarna.
16 Bangun puncakna pasagi, unggal sisi rubakna genep meter.
17 Bagian tengah oge pasagi, unggal sisi rubakna tujuh meter, kandel palipidna dua

puluh lima senti. (Ari rubak kamalirna
lima puluh senti). Pongpok altar sisi wetan
diberean sesengked paranti mancat kana
puncakna.
18 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan
ka kaula, "Eh anak manusa, regepkeun
ieu anu ku Kami rek diandikakeun. Lamun
altar geus anggeus dijieun, ku maneh kudu
ditahbiskeun, dipake meuleum kurban jeung
dikepretan ku getih kurban.
19 Ari anu meunang marek ngalalayanan
Kami, ngan imam-imam asal kaom Lewi
turunan Sadok. Kitu pamundut Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung. Maranehna bere
sapi jalu hiji, sina dijieun kurban panebus
dosa.
20 Getihna sawareh ku maneh kudu
diulaskeun kana opat tatandukan dina juru
altar, kana juru badan altar bagian tengah,
jeung kana palipidna sakurilingna.
21 Maneh kudu nyokot sapi jalu anu rek
dikurbankeun pikeun mupus dosa, beuleum
di tempat parantina di luareun lingkungan
Bait Kami.
22 Poe isukna maneh kudu meuncit embe jalu
hiji, anu taya cacadna, jieun kurban panebus
dosa. Getihna sawareh pake nyucikeun altar
saperti ku getih sapi tea.
23 Sabada eta maneh kudu meuncit hiji sapi
jalu ngora, jeung hiji domba jalu ngora,
duanana ulah aya cacadna,

24 terus bawa ka Kami. Memeh dikurbankeun
ka Kami, kudu dipurulukan uyah heula ku
imam.
25 Mayeng tujuh poe, unggal poe maneh
kudu ngurbankeun hiji sapi, hiji embe, jeung
hiji domba, pikeun nebus dosa. Satona ulah
cacad naon-naon.
26 Jadi eta altar teh ditahbiskeun ku
imam-imam di jero tujuh poe, supaya bisa
digunakeun saterusna.
27 Sanggeus tutup tujuh poe, imam-imam
kudu ngamimitian ngurban dina eta altar,
kurban beuleuman jeung kurban panarima,
mangurbankeun jalma rea. Sanggeus kitu
tan wande maraneh dimanah ku Kami. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung."
44 1 Geus kitu kaula ku jelema tea dibawa
ka lawang luar, ka gapura gedong sisi
wetan. Eta gapura nutup.
2 PANGERAN nimbalan ka kaula, "Ieu gapura
kudu nutup sapapanjangna, teu meunang
dibuka. Pacuan digunakeun ku manusa,
sabab ieu gapura geus dipake liliwatan ku
Kami, PANGERAN, Allahna Israil. Nu matak
sapapanjangna kudu nutup.
3 Parandene, ari raja mah meunang datang
ka payuneun Kami baris dahar jamuan suci,
asupna kudu ti lawang anu aya di tungtung
rohangan gede, kaluarna oge kudu ti dinya."
4 Ti dinya kaula ku eta jelema dibawa ka
hareupeun Bait Allah, jalanna ti gapura

beulah kaler. Ari breh, Bait Allah teh mani hibar ku cahaya kamulyaan PANGERAN. Bruk kaula nyuuh kana taneuh.
5 PANGERAN ngandika ka kaula, "Eh anak manusa, tengetkeun saniskara anu bakal katenjo jeung kadenge ku maneh. Kami rek nerangkeun aturan jeung katangtuan ieu Bait Kami. Catet sajeroning ati, jalma kumaha anu meunang kaluar asup ka ieu Bait, sarta nu kumaha nu henteu meunang.
6 Bejakeun ka urang Israil anu marantangul, yen Kami, PANGERAN Nu Maha Agung moal ngantep kalakuan maranehna anu sakitu pikagirukeunana.
7 Maranehna geus ngotoran Bait Kami, ngidinan jalma-jalma bangsa asing anu teu disunat, anu ngestona lain ka Kami, sina arasup ka jero ieu Bait waktu Kami keur dihaturanan gajih jeung getih sato kurban. Umat Kami geus ngaruksak perjangjian Kami ku kalakuan-kalakuan anu pikagirukeun.
8 Ti batan ngajaga kasucian Bait Kami, papancenna anggur diserenkeun ka jalma-jalma bangsa asing.
9 Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, ngalarang urang asing anu henteu disunat, anu ngestona lain ka Kami, najan hirupna geus reureujeungan jeung urang Israil oge teu meunang aya anu asup ka Bait Kami."
10 PANGERAN nimbalan ka kaula, "Kami rek ngahukum urang Lewi, anu naringgalkeun

Kami saperti urang Israil sejenna, sarta
ngabarakti ka brahala.
11 Tapi meunang keneh ngaladenan Kami
di ieu Bait, nya eta ngajaga lawang-lawang
jeung babantu di jero Bait. Meunang keneh
meuncit sato-sato kurban pangbakti ti
jalma rea pikeun kurban beuleuman jeung
kurban peuncitan, pon kitu meunang keneh
ngalaladenan jalma rea.
12 Ngan ku sabab geus ngaluluguan urang
Israil nyarembah ka brahala, ngagugulukeun
jalma rea migawe dosa, Kami, PANGERAN Nu
Maha Agung, sumpah baris ngahukum.
13 Maranehna teu meunang marek ka Kami,
teu meunang ngimaman, teu meunang
deukeut ka barang-barang Kami anu suci,
teu meunang asup ka Kamar Pangsucina.
Kitu hukumanana tina kalakuanana anu
pikagirukeun.
14 Pagawean-pagawean di ieu Bait anu ku
Kami diajangkeun keur maranehanana ngan
bangsa pagawean kasar wungkul."
15 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Imam-imam ti kaom Lewi turunan Sadok,
eta mah saratia kumawulana ka Kami di Bait
Kami, teu naringgalkeun Kami saperti urang
Israil sejenna. Nu matak ngan maranehna
anu meunang ngawulaan Kami, meunang
ngadeuheus ngahaturkeun gajih jeung getih
kurban ka Kami.

16 Ngan maranehna anu meunang asup ka
jero Bait Kami, laladen dina altar Kami, jeung
mingpin upacara ngabakti.
17 Satiap rek arasup ka lawang buruan ieu
Bait beulah jero, maranehna kudu marake
pakean lawon bodas. Ngajalankeun papancen
di buruan jero atawa di jero Bait Allah teu
meunang make pakean tina wol,
18 supaya teu kesangan. Dastar jeung calana
oge kudu lawon linen, jeung teu meunang
make sabuk.
19 Sanggeusna, memeh nepungan jalma rea
di buruan luar, eta papakean paragi digawe
di jero Bait teh kudu dibuka heula, kudu
disimpen di Kamar Suci, tuluy disalin ku
pakean sejen, supaya kasucian pakean suci
tea teu nepi ka ngabahlakeun ka jalma rea.
20 Imam teu meunang ngagundulan sirah,
tapi teu meunang miara buuk panjang. Buuk
kudu digunting sing meujeuhna.
21 Mun rek asup ka buruan jero teu meunang
nginum anggur.
22 Imam teu meunang kawin ka awewe
popotongan batur, kawin teh kudu ka parawan
bangsa Israil, atawa lamun ka randa kudu
randa imam.
23 Imam kudu ngawuruk ka umat Kami,
ngajarkeun bedana nu suci jeung nu nista, nu
haram jeung nu halal.
24 Kudu ngabeberes jeung mutus perkara,
sarta mutusna kudu nurutkeun hukum Kami.

Maranehna kudu ngestokeun pesta-pesta
kaagamaan nurutkeun aturan jeung papagon
Kami, jeung kudu nyucikeun poe Sabat.
25 Imam teu meunang nyabak mayit supaya
teu jadi najis, kajaba lamun mayit kolotna,
mayit anakna, mayit dulurna anu lalaki,
atawa mayit dulurna anu awewe anu tacan
kawin.
26 Lamun tas kitu, ti sanggeus dirina beresih
deui kudu nunggu heula tujuh poe,
27 tuluy kudu ka buruan jero Bait, kudu
nyanggakeun kurban pikeun nyucikeun
dirina, sangkan meunang ngajalankeun deui
kawajibanana di Bait Kami. Kitu timbalan
Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.
28 Kaboga imam tina sagala rupa kurnia
ti Kami ka urang Israil turun-tumurun, nya
eta kaimamanana. Imam teu meunang boga
tanah, sabab kaboga maranehna mah Kami
pribadi.
29 Dahareun maranehna nya eta kurban
kadaharan, kurban panebus dosa, kurban
panebus kasalahan jeung salian ti eta anu ku
urang Israil dibaktikeun ka Kami.
30 Hasil panen anu dipetik pangheulana
jeung anu pangalusna, kitu deui sagala rupa
anu dihaturkeun ka Kami, pikeun imam.
Lamun jalma-jalma nyieun roti, roti anu
asakna ti heula pikeun imam, sangkan rumah
tangga jalma-jalma teh kacicingan ku berkah
Kami.

31 Imam teu meunang dahar daging manuk
atawa sato anu paeh bangkar atawa paeh ku
sato deui."
45 1 Dina waktu tanah geus dibagikeun
ka unggal kaom, kudu aya bagian anu
dibaktikeun ka PANGERAN, panjangna dua
welas satengah kilometer, rubakna sapuluh
kilometer, anu baris jadi suci sakuliahna.
2 Di dinya kudu nyieun petak pasagi pikeun
Bait Allah, panjang dua ratus lima puluh
meter, rubakna dua ratus lima puluh meter,
sarta sakurilingna kudu make rarambu
rubakna dua puluh lima meter.
3 Satengahna, panjang dua welas satengah
kilometer, rubak lima kilometer, pikeun
wewengkon Bait Allah, bagian pangsucina ti
sakabeh,
4 jadi tanah suci pikeun para imam anu
diabdikeun ka PANGERAN di Bait Allah. Bagian
anu eta pikeun imah para imam jeung jadi
tanah Bait Allah.
5 Anu satengahna deui pikeun pakampungan
jalma-jalma urang Lewi anu digarawe di Bait
Allah.
6 Parerendeng jeung wewengkon suci, kudu
aya bagian sejen anu panjangna dua welas
satengah kilometer rubakna dua satengah
kilometer, pikeun kota pamukiman urang
Israil lianna.
7 Jeung kudu aya tanah pikeun pangereh nu
keur marentah. Watesna ti sisi wewengkon

suci beulah kulon terus ngulon nepi ka basisir Laut Tengah, ti beulah wetan terus ngetan nepi ka semet tapel wates nagri beulah wetan. Jadi panjangna sarua jeung panjang bagian-bagian anu dilotrekeun ka kaom-kaom Israil.
8 Sakitu legana tanah bagian pangereh nu keur marentah di tanah Israil, supaya eta pangereh ulah nepi ka meres deui ka rahayat, supaya ulah ngaganggu tanah anu geus dibikeun ka kaom-kaom Israil.
9 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Geus lila teuing maraneh migawe dosa, eh para pangereh Israil! Geura eureun tina telenges jeung ngagencet. Lampahkeun nu bener jeung adil. Ulah ngusiran deui umat Kami ti tanah milikna. Gumatikeun ieu pangandika Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.
10 Unggal jalma, lamun nimbang jeung naker kudu jujur. Timbangan jeung takeran anu mulus nya eta:
11 (45:11-12) Epa takeran bahan kering sarua jeung bat takeran bahan encer. Patokanana nya eta homer. Jadi takeran-takeranana kudu kieu: 1 homer = 10 epa = 10 bat. 20 gera = 1 sekel. 60 sekel = 1 mina.
12 (45:11)
13 (45:13-15) Ari patokan pikeun ngahaturkeun pangbakti kieu: Gandum: 1/60 tina hasil panen. Tarigu: 1/60 tina

hasil panen. Minyak jetun: 1/100 tina hasil tangkal. (Nakerna kudu make bat; 10 bat = 1 homer = 1 kor.) Domba: hiji tina dua ratus. Jalma-jalma kudu nyanggakeun kurban kadaharan, sato pikeun kurban beuleuman jeung pikeun kurban panarima, supaya dosa-dosana meunang hampura. Kitu parentah Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.
14 (45:13)
15 (45:13)
16 Sakabeh pangeusi tanah kudu nyanggakeun pangbakti kitu ka anu jadi pangereh di Israil.
17 Sabab saban Pesta Bulan Anyar, saban poe Sabat jeung pesta-pesta salian ti eta, pangereh kudu nyadiakeun pikurbaneun: kurban beuleuman, kurban kadaharan, jeung kurban inuman, pikeun sakumna bangsa Israil. Pangereh kudu nyadiakeun kurban panebus dosa, kurban kadaharan, kurban beuleuman, jeung kurban panarima, pikeun nebus dosa bangsa Israil sakumna."
18 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Dina tanggal hiji bulan kahiji, maneh kudu ngurbankeun hiji sapi jalu anu taya cacadna, pikeun nyucikeun Bait Kami.
19 Getih eta sato kurban panebus dosa sawareh ku imam kudu diulaskeun kana tihang-tihang panto Bait, kana opat juru altar, jeung kana tihang-tihang gapura paranti ka buruan jero.

20 Dina tanggal tujuhna oge kudu kitu,
pikeun jalma-jalma anu nyieun kasalahan
teu kahaja atawa ku tina kabodoanana. Ku
jalan kitu maneh teh ngagumatikeun kana
kasucian Bait Kami.
21 Dina tanggal opat welasna kudu
ngamimitian nekanan Paska. Tujuh poe lilana
jalma-jalma kudu dalahar roti teu diragian.
22 Dina poean mimiti pesta, pangereh kudu
ngurbankeun hiji sapi jalu pikeun nebus
dosana jeung dosa rahayat sakumna.
23 Di jero tujuh poe, unggal poe pangereh
kudu ngurban ka PANGERAN, ngurbankeun
tujuh sapi jalu jeung tujuh domba jalu, kabeh
ulah aya cacadna, dijieun kurban beuleuman.
Jaba ti eta, unggal poe kudu ngurbankeun hiji
embe jalu, jieun kurban panebus dosa.
24 Saban sapi hiji, kitu deui saban domba
hiji, dikurbankeunana kudu jeung gandum
tujuh belas satengah liter, jeung minyak jetun
tilu liter.
25 Ari dina Pesta Saung Daun, anu dimimitian
dina tanggal lima welas bulan katujuh,
saban poe noron tujuh poe, pangereh kudu
ngayakeun kurban-kurban anu saperti kitu
keneh, nya eta kurban panebus dosa, kurban
beuleuman, pon kitu deui kurban gandum
jeung minyak jetun."
46 1 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Gapura wetan paranti ka buruan jero,
salila genep poe digawe kudu ngonci, ari

saban poe Sabat jeung saban Pesta Bulan Anyar kudu dibuka.
2 Sabab pangereh kudu asup ka rohangan gede ti buruan luar make eta lawang, tuluy kudu nangtung palebah tihang eta gapura, sabot kurban panarima jeung kurban beuleuman dijalankeun ku imam. Pangereh kudu ngabakti di dinya, tuluy kudu kaluar deui. Eta gapura nepi ka burit teu meunang meundeut.
3 Unggal poe Sabat, kitu deui unggal Pesta Bulan Anyar, jalma rea kudu sarujud hareupeun eta gapura, ngabarakti.
4 Unggal poe Sabat, pangereh ka PANGERAN kudu nyanggakeun genep anak domba jeung hiji domba jalu anu taya cacadna, pikeun kurban beuleuman.
5 Unggal ngurbankeun hiji domba kudu ditambah ku kurban gandum tujuh belas satengah liter. Ari kurban anak domba mah tambahna meunang ku naon bae. Unggal kurban kadaharan kudu ditambah ku minyak jetun tilu liter.
6 Dina poe Pesta Bulan Anyar, raja kudu ngurbankeun sapi jalu hiji, anak domba genep, kabeh ulah aya cacadna.
7 Boh kurban sapi boh kurban domba, masing-masing sahijina kudu ditambah ku gandum tujuh belas satengah liter. Ari kurban anak domba, sahijina meunang ditambah ku naon bae niatna pangereh. Unggal kurban

kadaharan kudu ditambah ku minyak jetun
tilu liter.
8 Pangereh kaluarna ti rohangan gede kudu
ka lawang gapura urut asupna.
9 Dina poe pesta naon bae, sanggeus
jalma-jalma rengse ngabarakti ka PANGERAN,
anu arasup ti lawang kaler kalaluarna kudu
ka lawang kidul; anu arasupna ti lawang
kidul kalaluarna kudu ka lawang kaler. Teu
meunang aya nu kaluar ti lawang urutna
asup, kudu make lawang anu peuntaseunana.
10 Pangereh asupna kudu bareng jeung
jalma rea, kitu deui kaluarna.
11 Dina poe-poe peringetan jeung poe-poe
pesta, tiap kurban sapi atawa domba,
masing-masing sahijina kudu ditambah
ku kurban kadaharan, tipung tujuh belas
satengah liter. Ari pikeun tiap anak domba
tambahna naon ge meunang. Unggal kurban
kadaharan kudu ditambahan ku minyak jetun
tilu liter.
12 Upama pangereh boga niat ngurban suka
rela ka PANGERAN, boh kurban beuleuman,
boh kurban panarima, kudu dipangmukakeun
panto gapura wetan paranti ka buruan jero.
Kurbanna kudu dipetakeun sakumaha kurban
dina poe Sabat. Lamun pangereh geus kaluar,
panto gapurana kudu ditutup deui."
13 PANGERAN nimbalan, "Unggal isuk ka
PANGERAN kudu ngurbankeun anak domba
hiji anu umur sataun anu taya cacadna,

dijieun kurban beuleuman. Ieu kudu unggal poe.
14 Jaba ti eta unggal isuk kudu ngurbankeun tipung dua kilo jeung minyak jetun saliter pikeun ngadonanana. Kamistian nyanggakeun kurban kitu ka PANGERAN wajib salawasna,
15 nya eta saban isuk ka PANGERAN kudu ngurbankeun anak domba, tipung, jeung minyak jetun. Kudu kitu salawasna."
16 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Upama pangereh ngawariskeun sabagian tanahna ka salah sahiji anakna anu lalaki, eta tanah jadi pusaka anakna, jadi tanah milik kulawargana.
17 Tapi upama merena tanah teh ka salah sahiji ponggawana, tanahna bakal pulang deui dina Taun Pamulihan, jadi deui milikna, manehna jeung anak-anakna anu hak ngamilik salalawasna.
18 Pangereh teu meunang nyokot tanah milik rahayat. Mun rek ngawariskeun tanah ka anak-anakna, kudu tanah milikna sorangan, ulah ngarampas tanah milik umat Kami."
19 Sanggeus kitu kaula ku jelema tea dibawa ka lawang kamar-kamar anu nyanghareup ka kaler, deukeut lawang buruan jero sisi kidul, nya eta kamar-kamar suci paranti para imam. Anjeunna nuduhkeun hiji tempat kuloneun eta kamar-kamar,
20 sarta sasauran kieu, "Eta tempat paranti imam-imam ngulub daging kurban panebus

dosa jeung kurban panebus kasalahan, jeung paranti manggang kurban kadaharan, sabab bahan suci teu meunang aya anu kabawa ka buruan luar, bisi ngabahlakeun ka jalma rea."
21 (46:21-22) Ti dinya kaula dibawa bijil ka buruan luar. Anjeunna nuduhkeun opat pojok buruan. Sihoreng di unggal pojokna teh aya deui buruan, masing-masing panjangna dua puluh meter rubakna lima belas meter.
22 (46:21)
23 Unggal buruan dikuriling ku tembok batu anu sakurilingna aya hawuan.
24 Anjeunna sasauran, "Eta teh dapur, paranti badega-badega Bait Allah ngarulub daging kurban ti jalma rea."
47 1 Kaula dibawa deui ka panto Bait Allah. Geuning ti handapeun bangbarung teh aya cai ngocor ngetan, ka lebah nyanghareupna Bait Allah. Caina turun, bijilna ti handapeun Bait Allah sisi kidul, ngaliwatan altar sisi kidul.
2 Ti dinya kaula dibawa kaluar ti petakan gedong, liwat gapura kaler terus nguriling nepi ka lawang anu nyanghareup ka wetan. Di lebah gapurana cai nu tadi teh jadi walungan leutik.
3 Ku anjeunna diukur ku tumbakanana, lima ratus meter ka hilir ka beulah wetan, seug kaula dipiwarang ngaraas ka dinya. Caina ngan semet mumuncangan.

4 Anjeunna ngukur deui lima ratus meter
ka hilir, caina semet tuur. Seug ngukur deui
lima ratus meter ka hilireunana, caina semet
cangkeng.
5 Ngukur deui lima ratus meter ka hilir, caina
beuki jero teu bisa diraas, jero teuing, kudu
ngojay.
6 Anjeunna ngalahir, "Eh anak manusa, ieu
kabeh ingetkeun." Geus kitu kaula diajak ka
sisi deui.
7 Sanggeus aya di sisi, katenjo yen
sapanjang sisina teh kenca katuhu pinuh ku
tatangkalan.
8 Saurna deui, "Ieu walungan ngocorna
nerus ieu wewengkon ka wetan terus ka
Lebak Yordan, ngamuarana ka Laut Paeh, tur
bakal ngarobah cai Laut Paeh anu asin jadi
tawar.
9 Ka mana bae ngocorna ieu walungan tan
wande loba sasatoan rupa-rupa kitu deui
lauk, sarta bakal ngalantarankeun cai Laut
Paeh jadi tawar, sarta ka mana bae ngocorna
bakal mawa hirup-hurip.
10 Ti Sumber cai di En Gedi nepi ka Sumber
cai di En Eglaim, sapapanjang ieu walungan
bakal loba tukang ngala lauk, sarta maroe
heurapna di sisina. Sagala rupa lauk aya di
dinya saperti di Laut Tengah.
11 Tapi rawa-rawa jeung ranca-ranca
sapanjang basisir mah caina tetep asin moal
robah.

12 Sapanjang sisi ieu walungan kenca-katuhu
bakal pinuh ku rupa-rupa tangkal bubuahan
anu ngareunah, daunna moal aya alumna,
buahanana moal aya eureunna. Unggal bulan
baruahan anyar, kawantu nyeuseup cai anu
asalna ngocor ti Bait Allah. Buahna ngeunah
didahar, daunna bisa dipake nyageurkeun anu
garering."
13 (47:13-14) PANGERAN Nu Maha Agung
nimbalan, "Kami baheula geus ikrar kalawan
sumpah ka karuhun maneh rek mikeun ieu
tanah. Ku sabab kitu ayeuna bakal dipimilik
ku anak incuna. Heug bagikeun sadulur-dulur
ka dua welas kaom masing sarua. Ngan kaom
Yusup kudu meunang dua bagian. Wawatesan
ieu tanah nya eta:
14 (47:13)
15 Di beulah kaler, watesna ti semet Laut
Tengah terus ngetan ka Hetlon, ka Hamat, ka
Sedad,
16 ka Berota jeung Sibraim (anu ayana
antara wewengkon kota Damsik jeung kota
Hamat), nepi ka Tikon (wates kota Hauran).
17 Jadi wates beulah kaler ti semet Laut
Tengah nepi ka Hasar Enan. Kalereun eta nya
eta wates wewengkon Damsik jeung Hamat.
18 Wates beulah wetan, mimiti ti hiji tempat
antara wewengkon Damsik jeung Hauran,
nunjangna ka kidul turut-turut Walungan
Yordan anu jadi wates tanah Israil beulah

kulon jeung tanah Gilad beulah wetan, nepi
ka Tamar di Laut Paeh.
19 Wates beulah kidul, ti semet Tamar
ngidul-ngulon nepi ka Cinyusu Meriba di
Kades. Ti dinya ngaler-ngulon turut-turut
wates tanah Mesir nepi ka Laut Tengah.
20 Ti beulah kulon watesna Laut Tengah,
ngujur ka kaler nepi ka hiji tempat kuloneun
jalan ka Hamat.
21 Eta tanah bagikeun ka unggal kaom
22 sina tetep kapimilik. Waktu ngabagina,
urang asing oge, anu caricing di maraneh
nepi ka baroga anak, kudu dibagianan, kudu
dianggap sarua jeung warga Israil asli, barere
elot sina narik tanah bagianana bareng jeung
kaom-kaom Israil.
23 Kabeh urang asing anu caricing di
kaom-kaom Israil, masing-masing kudu
dibagianan tanah. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung."
48 1 (48:1-7) Wewengkon beulah kaler,
ti semet Laut Tengah ka wetankeun
mapay ka Hetlon, ka jalan anu ka Hamat, ka
Hasar Enon, nepi ka wates antara karajaan
Damsik jeung karajaan Hamat, ti semet
wates wetan terus ngulon nepi ka Laut
Tengah, marele ti kaler nepi ka kidul pikeun
kaom-kaom Dan, Aser, Naptali, Menase,
Epraim, Rubin, jeung Yuda, masing-masing
sabagian.
2 (48:1)

3 (48:1)
4 (48:1)
5 (48:1)
6 (48:1)
7 (48:1)
8 Bagian anu ngarendeng jeung wewengkon
eta kudu dijieun bagian anu istimewa. Ti kaler
nepi ka kidul, kitu deui ti wetan nepi ka kulon,
rubakna dua welas satengah kilometer, sarua
jeung rubakna wewengkon-wewengkon anu
dibikeun ka kaom-kaom tea. Eta wewengkon
pikeun gedong Bait Allah.
9 Di puseur ieu wewengkon kudu aya hiji
petak anu ngawungkul, anu kudu dibaktikeun
ka PANGERAN, ukuranana dua belas satengah
kali sapuluh kilometer.
10 Dina eta petakan suci aya bagian pikeun
para imam, manjang ti wetan ka kulon dua
belas satengah kilometer, ti kaler nepi ka
kidul lima kilometer. Ari gedong Bait Allah
ayana kudu di puseur ieu petakan.
11 Eta petakan suci pikeun para imam
turunan Sadok, lantaran maranehanana
mah saratia kumawulana ka Kami, teu
kabawakeun goreng ku urang Israil cara
jalma-jalma kaom Lewi sejenna.
12 Anu matak maranehna mah dibere anu
istimewa, petakanana adek kana petakan
urang Lewi, tur jadi bagian anu pangsucina ti
nu sejen-sejen.

13 Urang Lewi oge dibere bagian anu
ngawungkul, kiduleun petakan para imam,
anu ukuranana sarua jeung eta, ti wetan ka
kulon dua belas satengah kilometer, ti kaler
ka kidul lima kilometer.
14 Petakan anu dibaktikeun ka PANGERAN
teh tanah anu panghade-hadena ti sakuliah
tanah, teu meunang dijual saeutik-eutik acan,
pon kitu teu meunang ditukeurkeun atawa
pindah tangan, sabab eta teh suci kagungan
PANGERAN.
15 Tina eta petakan istimewa aya anu kari,
panjangna dua belas satengah kilometer,
rubakna dua satengah kilometer. Eta mah
kaayaanana jamak bae, henteu suci, pakeeun
umum, meunang dipake jeung dicicingan ku
jalma rea. Ari keur pikotaeun kudu di puseur
petakan suci,
16 bangunna kudu masagi, ukuran unggal
sisina masing-masing dua rebu dua ratus lima
puluh meter,
17 sakurilingna kudu diputeran ku rarambu
anu ngoblog rubakna saratus dua puluh lima
meter.
18 Lamun kotana geus dijieun, aya keneh
lolongkrang anu nyesa lempengan petakan
suci beulah kidul. Ti beulah wetan panjangna
lima kilometer rubakna dua satengah
kilometer. Ti beulah kulon panjangna lima
kilometer rubakna dua satengah kilometer.

Eta pikeun tanah pertanian jalma-jalma anu caricing di eta kota.
19 Anu caricing di eta kota, saha bae, ti kaom mana bae, meunang ngolah eta tanah.
20 Jadi legana petakan puseur anu kudu dibaktikeun teh pasagi, anu ukuran tiap sisina masing-masing dua belas satengah kilometer, kaasup petakan anu dipake ku kota tea.
21 (48:21-22) Wewengkon-wewengkon wetaneun jeung kuloneun petakan anu diadegan Bait Allah, nya eta tanah imam, tanah urang Lewi, jeung tanah kota. Sakarina ti eta tanah, milik pangereh, nu ngujur ka wetan ngembatna nepi ka wates beulah wetan, nu ngujur ngulon ngembatna nepi ka Laut Tengah. Ari ti kaler ka wates ka wewengkon Yuda, ti kidul ka wates ku wewengkon Binyamin.
22 (48:21)
23 (48:23-27) Ari kaom-kaom anu tadi tacan kasebut, masing-masing kudu meunang sabagian. Tanahna kiduleun wewengkon suci, ngujur ti wates wetan nepi ka kulon ka Laut Tengah. Dibagikeunana marele ti kaler ka kidul ka kaom-kaom Binyamin, Simeon, Isaskar, Sebulun, jeung Gad.
24 (48:23)
25 (48:23)
26 (48:23)
27 (48:23)

28 Tanah anu dibikeun ka kaom Gad, beulah
kidul watesna ngujur ngidul-ngulon ti semet
Tamar nepi ka Cinyusu Meriba di Kades, ti
dinya ngaler-ngulon turut-turut wates tanah
Mesir nepi ka Laut Tengah.
29 "Kudu kitu tanah teh dibagi-bagikeunana
ka kaom-kaom Israil keur pamilikeunana
masing-masing," timbalan PANGERAN Nu
Maha Agung.
30 (48:30-34) Ari kota Yerusalem lawangna
kudu dua belas. Unggal kutana, anu
panjangna masing-masing dua rebu
dua ratus lima puluh meter, dina opat
pongpokna masing-masing lawangna tilu
sarta dingaranan ku ngaran kaom-kaom.
Lawang-lawang dina kuta pongpok kaler
ngaranna Gapura Rubin, Gapura Yuda,
jeung Gapura Lewi. Lawang-lawang dina
kuta pongpok wetan ngaranna Gapura
Yusup, Gapura Binyamin, jeung Gapura Dan.
Lawang-lawang dina kuta pongpok kidul
ngaranna Gapura Simeon, Gapura Isaskar,
jeung Gapura Sebulun. Lawang-lawang dina
kuta pongpok kulon ngaranna Gapura Gad,
Gapura Aser, jeung Gapura Naptali.
31 (48:30)
32 (48:30)
33 (48:30)
34 (48:30)

35 Panjangna kuta kabeh salapan rebu meter.
Pingaraneun eta kota, ti ayeuna kudu disebut:
"PANGERAN-AYA-DI-DINYA!"

Daniel

1 [1] Dina katilu taunna Yoyakim ngarajaan
nagri Yuda, kota Yerusalem ditempuh
jeung dikepung ku Raja Nebukadnesar ti
Babul.
[2] Pangeran ngidinan eta raja ngelehkeun
Raja Yoyakim jeung ngajabel sabagian
rajabrana Bait Allah. Mulihna nyandak
tawanan, ngabujeng ka kuil dewa-dewana
di Babul. Ari harta rampasan disimpen di
enggon dunyabrana di eta kuil.
[3] Sang Raja nimbalan ka Aspenas, kapala
rumah tangga karaton, sangkan meting
sawatara bangsa Israil anu katawan, nu
ngarora, turunan raja atawa turunan ningrat.
[4] Nu dipilih kudu nu karasep, seukeut uteuk,
cukup didikan, calakan, tur mulus walagri,
sangkan bisa diangkat jadi abdi karaton. Ku
Aspenas kudu diajar maca jeung nulis dina
basa Babul.
[5] Timbalan raja deui, daharna, nginumna,
unggal poe kudu sarua jeung katuangan
urang karaton. Sanggeus tilu taun kudu
dideuheuskeun ka raja.
[6] Di antara nu kapilih aya: Daniel, Hananya,
Misael, jeung Asaria, kabeh asal ti kaom
Yuda.

7 Ku kapala rumah tangga karaton
jenenganana teh dilandi jadi: Beltesasar,
Sadrah, Mesah, jeung Abednego.
8 Tapi Daniel geus nekadkeun moal seja
ngarurujit diri ngarempak cegahan agama
ku kadaharan jeung inuman ti karaton. Nya
mundut tulung ka Aspenas.
9 Kersaning Allah Aspenas wet resep ka
Daniel.
10 Ngan ku sabab sieun ku raja, anjeunna
ngawaler ka Daniel, kieu, "Kumaha atuh,
da raja geus netepkeun kitu, boh dahareun
boh inumeun. Mun engke tingalieun awak
ujang mundur teu nyumponan sarat cara nu
lian-lianna, palangsiang kami dipaehan."
11 Ku sabab eta Daniel nepungan jaga, anu
ku Aspenas dibakukeun ngurus anjeunna
sarerencangan. Saurna:
12 "Cobi heula abdi opatan di lebet sapuluh
dinten, neda bangsa sayuran, ngarot cai
herang.
13 Lajeng bandingkeun hasilna sareng
nonoman-nonoman sanes anu nareda sareng
ngarotna katuangan sareng leueuteun ti
karaton. Mangga engke taksir kumaha
katingalina."
14 Pamundutna disaluyuan, heug dicoba
sapuluh poe.
15 Sabadana, tetela hasilna leuwih
nyugemakeun ti batan nonoman-nonoman

anu dirangsom ti karaton. Leuwih sehat,
leuwih kuat.
16 Ti semet harita, tetep taruangna teh
bangsa sayuran, lain katuangan ti karaton
anu ditangtukeun ku raja.
17 Ieu opat nonoman ku Allah dipaparin
pangaweruh, paham kana kasusastran jeung
palsapah. Kajaba ti kitu Daniel mah ku
Allah dipaparin kaahlian nerangkeun harti
tetenjoan jeung impian.
18 Tutas tilu taun anu ditempokeun ku raja,
para nonoman teh ku Aspenas dideuheuskeun
ka Nebukadnesar.
19 Waktu dicandak sasauran, sang raja
pohara katarikna ku Daniel, Hananya, Misael,
jeung Asaria, leuwih ti ka nu lian. Nya tuluy
diangkat jadi abdi-abdi di karaton raja.
20 Mun ku raja dipariksa tina sual naon
bae atawa tina masalah nu kumaha bae,
kauningana ieu opat nonoman teh sapuluh
kalieun tukang-tukang nujum atawa
tukang-tukang sihir di sakuliah karajaan.
21 Ari Daniel aya di karaton raja teh nepi ka
mangsa Babul ditalukkeun ku Raja Kores ti
Persia.
2 1 Dina kadua taunna Nebukadnesar
jumeneng raja, anjeunna ngimpen.
Impenanana ngabarubahkeun manahna, nepi
ka teu iasa kulem deui.
2 Ku sabab kitu tuluy anjeunna manggil
tukang-tukang ngaramal, dukun-dukun,

tukang-tukang jampe, jeung tukang-tukang
sihir, sina nerangkeun impenanana. Sanggeus
maranehna karumpul di payuneun raja,
3 raja ngandika, "Kami teu garenah hate ku
impian. Kami hayang nyaho pihartieunana."
4 Wangsul maranehna, dina basa Aram,
"Mugia Kangjeng Raja wilujeng sapapaosna!
Sumangga impenan teh dawuhkeun,
pihartoseunana bade diterangkeun."
5 Dawuhan raja, "Pakarepan kami, maraneh
lain ngan kudu nerangkeun pihartieunana,
tapi kudu jeung bari neguh impianana. Lamun
teu barisa, awak maraneh baris diteukteukan
sabagian-sabagian, sarta imah maraneh
dirubuh-rubuhkeun.
6 Sabalikna lamun bisa neguh eta impian,
jeung nerangkeun naon hartina, ku kami
tangtu diganjar, nya barang, nya kahormatan.
Pek impianana caritakeun, tuluy terangkeun
hartina."
7 Ari warangsulna, "Sadaya-daya, upami
Gusti nyaurkeun impenanana, abdi sadaya
sanggem nerangkeunana."
8 Dawuhan raja, "Bener bae sakumaha
pangira kami, maraneh rek ngulur waktu,
lantaran ngarasa
9 bakal narima hukuman anu sarua lamun teu
bisa nerangkeun. Tangtuna ge maraneh baris
sapongkol ngarang-ngarang pihartieunana,
ngabobodo ka kami, reujeung harepan
sangkan kami ngarobah putusan. Sebutkeun

heula impianana, kakara kami percaya yen
maraneh bisa nerangkeun pihartieunana."
10 Eta para jurunasehat ngawangsul deui,
"Dawuh timbalan, di sadunya moal aya nu
tiasa ngunjukkeun perkawis sarupi kitu ka
linggih Gusti. Teu acan aya raja, dalah anu
pangagungna sareng pangkawasana oge,
anu kitu pamundutna ka tukang-tukang
torahna, atanapi ka dukun-dukunna kitu deui
ka tukang-tukang sihirna.
11 Anu dipundut ku Gusti teh abot teuing,
dugi ka moal aya nu tiasa nyubadanan kajabi
ti dewa-dewa. Nanging dewa-dewa mah
cicingna sanes di manusa."
12 Raja ngagidir awahing ku wera, tuluy
nimbalan, supaya sakabeh jurunasehat nu
aya di Babul dipaehan.
13 Parentah ngahukum dikaluarkeun, supaya
eta jelema-jelema diparaehan, kaasup oge
Daniel jeung rencang-rencangna.
14 Ari Daniel tuluy nepangan Ariok,
pamingpin pangawal raja, anu dipiwarang
ngalaksanakeun hukuman tea. Kalawan
ati-ati pisan anjeunna naroskeun ka Ariok,
15 naon sababna sang raja ngaluarkeun
parentah anu sakitu kerasna. Ku Ariok
dibejakeun hal ihwalna.
16 Harita keneh Daniel ngadeuheus ka raja,
mundut heula waktu pikeun ngamanah-
manah pihartieun impenan raja. Ku raja
kawidian.

17 Geus kitu Daniel mulih, wawartos ka
Hananya, Misael jeung Asaria.
18 Anjeunna ngajak neneda ka Allah nu
di sawarga, nyuhunkeun sih kurnia-Na,
nyuhunkeun diterangkeun perkara impenan
raja, sangkan ulah milu dipaehan jeung para
jurunasehat urang Babul tea.
19 Peuting eta keneh eta kagaiban impenan
raja teh kabuka ku Daniel, dina hiji titingalian.
Seug anjeunna muji ka Allah nu disawarga:
20 "Maha bijaksana Allah, maha kawasa. Puji
sapapanjangna.
21 Mantenna ngatur waktu, ngolah mangsa.
Mantenna ngadegkeun raja, Mantenna nu
ngarurudna. Nya Mantenna anu maparin
hikmat jeung pangarti.
22 Mantenna ngebrehkeun nu jero-jero, nu
gaib-gaib. Tingali ka nu nyamuni di nu poek,
tur Mantenna ku anjeun kaliputan ku cahya.
23 Puji sukur ti abdi, nun Allahna karuhun
abdi, wireh abdi dipaparinan hikmat katut
kakiatan, reh panuhun abdi dikabul,
diebrehan perkawis anu kedah diunjukkeun
ka raja."
24 Daniel nepangan deui Ariok, anu ku raja
dipapancenan ngalaksanakeun hukuman ka
para ahli tea. Saurna, "Para ahli teh ulah
waka dipaehan. Deuheuskeun abdi ka raja,
bade ngunjukkeun perkawis impenanana."
25 Harita keneh Daniel ku Ariok
dideuheuskeun ka Raja Nebukadnesar.

Piunjuk Ariok ka raja, "Abdi sumeja
nyanggakeun hiji jalmi tawanan bangsa
Yahudi, anu sanggem nerangkeun impenan
Sang Raja."
26 Raja mariksa ka Daniel, nu dilandi
Beltesasar tea, saurna, "Nyaho maneh impian
kami sarta jeung nerangkeun hartina?"
27 Daniel ngawangsul, "Kangjeng Raja,
kana perkawis eta, moal aya tukang sihir,
jurutenung, dukun, atanapi ahli palak anu
tiasa nerangkeun.
28 Nanging di sawarga aya nu jumeneng
Allah, anu kawasa muka nu gaib-gaib,
Mantenna parantos nembongkeun ka
Kangjeng Raja perkawis engke ka payun.
Ayeuna impenan Gusti, anu katingali nalika
keur kulem, ku abdi sumeja disanggemkeun.
29 Salebeting kulem, Kangjeng Raja ngimpen
perkawis engke ka payun. Allah, anu muka
rasiah nu gaib-gaib, ka Gusti parantos
mintonkeun nu baris kajadian ka payun.
30 Ayeuna eta rasiah teh parantos
diebrehkeun ka abdi. Sanes ku margi
abdi pinter ngungkulan nu lian, nanging
supados Gusti uninga kana hartosna eta
impenan, sareng supados ngahartos kana
pikiran-pikiran anu dongkap ka Gusti.
31 Kangjeng Raja, Gusti ngimpen ningali hiji
arca raksasa, herang gugurilapan, nanging
bangunna pikasieuneun.

32 Sirahna tina emas murni, dada sareng
leungeunna tina perak. Cangkeng sareng
bobokongna tina tambaga,
33 pingpingna tina beusi, sukuna sapalih tina
beusi, sapalih tina taneuh liket.
34 Sabot Gusti neuteup eta arca, aya batu
ageung anu bongkar tina hiji gunung karang,
padahal teu aya anu noel-noel acan, teras
ngagulundung neumbrag kana suku arca anu
tina beusi sareng taneuh liket tea dugi ka
remuk.
35 Sapada harita keneh eta arca
ngarempeyek, beusina, taneuh liketna,
tambagana, perakna sareng emasna bareng
ancur, bubuk lembut sapertos kekebul di
tempat pangirikan di musim halodo, lajeng
katiup angin, beresih teu aya urut-urutna.
Dupi batu tea wuwuh ageung, dugi ka ngajadi
gunung sareng minuhan bumi sakuliahna.
36 Kitu impenanana. Ayeuna abdi sumeja
ngahaturkeun pihartoseunana.
37 Kangjeng Raja, Gusti teh raja anu
pangagungna ti sadaya raja-raja. Ku
Allah anu jumeneng di sawarga parantos
dijenengkeun raja, dipaparin kakawasaan,
kagagahan, sareng kahormatan.
38 Ku Mantenna dikersakeun murba ka
sakuliah bumi katut nu nyicinganana, sarta
murba ka sasatoan sareng manuk-manuk ka
Gusti sami taraluk. Sirah anu tina emas teh
nya Gusti ku anjeun.

39 Sapandeurieun Gusti, pingadegeun hiji
karajaan, kirang mulyana ti karajaan Gusti.
Sapandeurieun eta, aya deui karajaan katilu,
anu dilambangkeun tambaga, anu bakal
ngawasaan sakuriling bumi.
40 Saparantos eta, aya karajaan anu
kaopat, anu kakiatanana lir teuasna beusi.
Sakumaha beusi kiat ngaremukkeun sareng
ngancurkeun saniskanten, eta karajaan oge
bakal ngaremukkeun sareng ngancurkeun
karajaan-karajaan anu ti payun-payun tea.
41 Katingali oge ku Gusti, sukuna sareng
ramo-ramona sabagian tina taneuh liket,
sabagian deui tina beusi. Ieu hartosna, eta
karajaan teh kabagi-bagi. Eta karajaan gaduh
oge kakiatan sapertos beusi, margi taneuh
liket teh pacampur sareng beusi.
42 Ramo-ramona sapalih beusi sapalih
taneuh liket, nawiskeun eta karajaan teh
sabagian kiat, sabagian deui lemah.
43 Katingali ku Gusti beusi campur sareng
taneuh liket. Ieu nawiskeun para pangereh eta
karajaan ihtiar ngahijikeun warga-wargana
ku jalan kawin campur pacorok jodo, nanging
teu tiasa raket, sakumaha beusi moal tiasa
dalit sareng taneuh liket.
44 Nalika eta karajaan-karajaan tea ngadeg,
Allah anu jumeneng di sawarga ngadegkeun
hiji karajaan anu moal aya tungtungna, moal
aya nu tiasa ngelehkeun, malah bakal numpes

numpurkeun karajaan-karajaan anu tadi tea
sadayana, lajeng ngadeg salalanggengna.
45 Perkawis eta, kaimpenkeunana ku Gusti
aya batu ngagulundung, anu bongkar tina
gunung karang kalayan teu aya anu noel-noel
acan, teras neumbrag eta arca tina beusi,
tambaga, taneuh liket, perak sareng emas.
Allah anu agung parantos mintonkeun ka
Gusti, hiji perkawis nu baris kajadian ka
payun. Kitu kaulanun, impenan Gusti, sareng
kitu pihartoseunana."
46 Bruk Raja Nebukadnesar sujud ka Daniel.
Ti dinya lajeng marentah, sangkan Daniel
dibaktian ku kurban-kurban jeung rupa-rupa
pangbakti.
47 Geus kitu sasauran ka Daniel, "Allah
anjeun pangagungna ti sakabeh allah,
Gustining raja-raja, hiji-hijina Allah anu iasa
muka anu gaib-gaib. Kami yakin kana eta
perkara, sabab anjeun geus bisa nerangkeun
sakabeh rasiah hal-hal anu gaib."
48 Ti dinya Daniel dipaparin hiji kalungguhan
luhur, kitu deui dipaparin ganjaran, barang-
barang nu arendah, dipaparin cangkingan di
propinsi Babul tur dijadikeun kapala sakabeh
jurunasehat raja.
49 Tapi kalawan pamundut Daniel, eta
kalungguhan pikeun nyekel pamarentahan
propinsi Babul teh ku raja dicangkingkeun ka
Sadrah, Mesah, jeung Abednego. Ari Daniel

ku anjeun, tetep nyepeng kalungguhan di karaton raja.

3 [1] Raja Nebukadnesar ngadamel arca tina emas, luhurna salapan puluh kaki, rubakna salapan kaki, dipasang di tanah lapang di Dura, di propinsi wilayah Babul.
[2] Ti dinya raja miwarang ngumpulkeun sakabeh pajabatna, para pangeran, para gupernur, para wakil gupernur, bupati-bupati, bendahara-bendahara, jaksa-jaksa, hakim-hakim, katut para pajabat propinsi-propinsi sejenna. Kabeh kudu milu kana upacara pangresmian eta arca beunang raja ngadegkeun tea.
[3] Sanggeus kabeh karumpul sarta geus narangtung hareupeun eta arca,
[4] juruwarta ngomong tarik, ngembarkeun pangumuman, kieu: "Rahayat sakumna ti unggal bangsa, seler bangsa, sabasana-sabasana!
[5] Aranjeun baris ngareungeu sora tarompet, dituturkeun ku sora suling, rebab, gambus, kacapi, katut tatabeuhan lianna. Bareng jeung brengna tatabeuhan, sakumna rahayat kudu marendek dareku, ngabakti ka ieu arca emas, anu ku Raja Nebukadnesar diadegkeun.
[6] Sing saha anu teu deku ngabakti ka dinya, moal tempo deui baris digebruskeun ka jero pameuleuman anu ngagegedur!"
[7] Breng tatabeuhan ditabeuh, rahayat ti sagala bangsa, suku bangsa katut basa,

bareng marendek sarujud ka eta arca emas
anu beunang Raja Nebukadnesar ngadegkeun
tea.
8 Aya sawatara urang Babul, anu asa
meunang jalan geusan nyilakakeun urang
Yahudi.
9 Pok arunjukan ka Raja Nebukadnesar,
"Mugia Kangjeng Raja jumeneng sapapaosna!
10 Gusti parantos nimbalan, yen di mana
breng tatabeuhan ditabeuh, masing-masing
kedah sujud nyembah ka arca emas.
11 Anu teu mendek sujud ka eta, baris
digebruskeun ka lebet pameuleuman anu
ngagegedur.
12 Awon henteu kapiunjuk, aya tilu jalmi
urang Yahudi, anu ku Kangjeng Gusti sina
nyepeng pamarentahan di propinsi Babul,
nya eta Sadrah, Mesah sareng Abednego.
Maranehna henteu tumut kana timbalan
Kangjeng Gusti. Teu nyembah, teu sujud ka
eta arca emas kenging Gusti ngadegkeun."
13 Sang raja benduna teu kira-kira, seug
nimbalan supaya eta tilu jelema dibawa ka
payuneunana.
14 Dawuhan raja ka aranjeunna, "Sadrah,
Mesah jeung Abednego, na enya maraneh
nolak embung nyembah ka dewa kami,
henteu sujud ka arca emas beunang kami
ngadegkeun?
15 Ti semet ayeuna, tiap-tiap maraneh
ngadenge sora tarompet, suling, rebab,

gambus, kacapi, jeung tatabeuhan lianna,
kudu sujud nyembah ka eta arca. Mun
teu kitu, harita keneh tan wande maraneh
digebruskeun ka jero pameuleuman anu
ngagegedur. Naha pangira maraneh aya dewa
anu baris nyalametkeun maraneh?"
16 Sadrah, Mesah jeung Abednego
ngawangsul, "Dawuh Gusti, abdi-abdi moal
ngabela diri.
17 Upami Allah anu dibakti ku abdi-abdi
iasaeun ngaleupaskeun abdi-abdi tina eta
pameuleuman anu ngagegedur, kitu deui
tina kakawasaan dampal Gusti, kantenan
kersaeun.
18 Nanging dina teu kersaeuna-Na, Kangjeng
Raja mugia uninga, abdi-abdi tetep moal
nyembah ka dewa Kangjeng Raja, moal sujud
ngabakti ka eta arca emas kenging Gusti
ngadegkeun."
19 Barang ngadangu kitu, amarah sang
raja budal. Pameunteuna mani geuneuk
awahing ku wera ka Sadrah, Mesah jeung
Abednego. Tuluy marentah sangkan seuneu
pameuleuman digedean, panasna sing nepi
ka tujuh tikeleun ti biasa.
20 Lajeng nimbalan ka serdadu-serdadu
anu pangbedasna, sina ngabarogod eta anu
tiluan, sangkan terus dibalangkeun ka jero
pameuleuman.
21 Tuluy aranjeunna dibakutet, lengkep
jeung anggoanana, kameja, jubah, sorban,

brus digebruskeun kana pameuleuman anu
ngagegedur.
22 Awahing ku panas-panasna eta seuneu,
kawantu beunang ngagedean, kalawan
parentah kacida kerasna, jalma-jalma anu
rek ngagebruskeun aranjeunna kaduruk nepi
ka paraeh.
23 Sadrah, Mesah, jeung Abednego,
anu dibakutet, ragragna kana seuneu ka
tengah-tengahna pisan.
24 Tapi ngadak-ngadak Nebukadnesar
ngorejat ngadeg awahing ku heran. Pok
mariksa ka para ponggawana, "Lain tiluan
anu dibakutet digebruskeun ka dinya teh?"
Diwarangsul, "Sumuhun timbalan, leres
tiluan."
25 Raja mariksa deui, "Naha geuning
katenjona ku kami mah aya opatan,
tingkuriling di jero seuneu? Henteu dibakutet,
jeung siga henteu ngarasaeun nyeri. Nu
kaopat mah bet siga malaikat."
26 Nebukadnesar nyaketan lawang
pameuleuman anu ngagegedur. Lajeng
ngagentraan, "Sadrah, Mesah, Abednego!
Abdi-abdi Allah Anu Maha Agung! Geura bijil!"
Harita keneh tiluanana kalaluar.
27 Para pangeran, para gupernur, para
wakil gupernur, jeung pajabat-pajabat raja,
ngarubung nelek-nelek aranjeunna anu
henteu naon-naon ku seuneu. Rambutna teu

tutung, anggoanana teu kaduruk, salirana henteu bau haseup-haseup acan.
28 Raja nimbalan, "Puji Allahna Sadrah, Mesah, jeung Abednego. Anjeunna ngintun malaikat-Na, nangtayungan ieu tilu jalma anu ngabakti sarta percaya ka Anjeunna. Maranehna ti batan tunduk kana parentah kami, leuwih suka paeh ti batan kudu sujud ngabakti ka dewa mana bae oge, lian ti ka Allahna sorangan.
29 Kami ngaluarkeun parentah, sing saha bae, bangsa mana bae, seler bangsa mana bae, ku basa naon bae, anu ngahina ka Allahna Sadrah, Mesah jeung Abednego, baris diteukteukan awakna sabagian-sabagian, imahna dirugrug-rugrugkeun. Sabab euweuh dewa sejen anu bisa mere pitulung cara kieu."
30 Geus kitu Sadrah, Mesah, jeung Abednego ku raja dijungjung kana pangkat anu leuwih luhur, nyangking kalungguhan di propinsi Babul.
4 1 Ieu malumat Raja Nebukadnesar, anu dikirimkeun ka jalma-jalma sagala bangsa, seler bangsa katut basa di saalam dunya. "Salam!
2 Ieu kami, seja medar kaahengan-kaahengan jeung mujijat-mujijat, anu dipintonkeun ka kami, ku Allah Nu Maha Agung.
3 Pohara aragungna kaahengan anu dipintonkeun ku Allah ka urang! Pohara

hebatna pintonan mujijat-mujijat Mantenna!
Allah teh Raja nu langgeng, baris ngasta
sapapanjangna.
4 Kami cicing di karaton estu senang, hirup
reujeung sugih mukti.
5 Tapi kami boga impian pikasieuneun, aya
tetenjoan gaib pikakeueungeun, kaalaman
waktu kami keur hees.
6 Seug kami mere parentah ngadatangkeun
sakabeh jurunasehat nu aya di Babul,
sangkan mere nyaho pihartieun eta impian.
7 Seug daratang ka kami, juru-juru ramal,
dukun-dukun, tukang-tukang sihir, ahli-ahli
palak, sarta impian teh ku kami dicaritakeun.
Tapi kabeh taya nu bisa nerangkeun.
8 Ti dinya Daniel (nu disebut oge Beltesasar,
ngalap tina jenengan dewa kami), marek.
Eta jalma kalinggihan roh dewa-dewa saruci.
Impian teh ku kami didadar ka manehna.
Carek kami ka manehna:
9 Beltesasar, pamingpin juru-juru ramal,
kami nyaho maneh kalinggihan roh dewa-
dewa saruci, bisa sidik ka nu gaib-gaib.
Terangkeun pihartieun impian kami. Kieu
impianana:
10 Waktu kami hees, meunang tetenjoan
gaib. Aya hiji tangkal di pusering bumi,
gedena kaliwat saking.
11 Eta tangkal beuki luhur, nepi ka ngahontal
langit, tembong ku sakabeh jalma ti sakuliah
dunya.

12 Daunna arendah, buahna meuhpeuy
kacida leubeutna, cukup keur saeusi dunya.
Sato-sato alas darepa handapeunana, manuk-
manuk nyarayang dina dahan-dahanna,
kabeh mahluk anu kumelip ngahakan buahna.
13 Sabot kami mikiran eta tetenjoan, nenjo
malaikat turun ti langit, sayaga jeung
waspada.
14 Eta malaikat nyoara tarik kacida: Tuar
eta tangkal. Tutuhan dahan-dahanna,
pahpralan daunna, awur-awur buahna.
Buburak sasatoan ti handapeunana, buburak
manuk-manuk tina dahanna.
15 Tunggulna ingkeun tinggalkeun, talian ku
rante beusi jeung tambaga. Ingkeun antep
jeung jukut di tegal. Eta jalma ingkeun sina
kaibunan, hirupna sina ngahiji jeung sato
jeung tatangkalan.
16 Tujuh taun manehna moal kapanjingan
akal manusa, sina kaancikan adat sato.
17 Kitu putusan para malaikat anu sayaga
jeung waspada. Sangkan manusa di mana-
mana nyaraho yen Allah Nu Maha Agung,
kawasa ka karajaan-karajaan manusa, iasa
nyelehkeun ka saha bae kersa-Na, najan ka
jalma nu panglaipna.
18 Kitu impian kami," lahir Raja
Nebukadnesar. "Terangkeun ka kami,
Beltesasar, naon pihartieunana. Juru-juru
nasehat di karaton kami taya nu sanggup

nerangkeun. Anjeun mah bisa, sabab kalinggihan roh dewa-dewa saruci."
19 Daniel, nu disebut oge Beltesasar, pohara reuwaseunana nepi ka teu kedal saur. Dawuhan raja ka anjeunna, "Beltesasar, ulah sieun-sieun ku hal eta impian jeung pihartieunana." Beltesasar ngawangsul, "Nun Kangjeng Raja, mugi eta impenan katut pibalukareunana terapna ka musuh-musuh, ulah ka salira Jeng Raja.
20 Gusti ningali hiji tangkal anu luhur jujul ka langit, tembong ti sakuliah dunya;
21 daunna arendah, buahna leubeut, cekap keur saeusi dunya. Sato-sato alas darepa handapeunana, manuk-manuk nyarayang dina dahan-dahanna.
22 Kangjeng Raja, eta tangkal anu luhur sareng kiat teh salira Gusti, ngajungkiring gagah kaliwat saking. Kaagungan Gusti wuwuh luhur dongkap ka jujul ka langit, kakawasaan Gusti sumebar ka sakuliah jagat.
23 Sabot Gusti ngawas-ngawas, aya malaikat turun ti langit anu nyoara: Tuar eta tangkal, basmi, tapi tunggulna ingkeun ulah dicabut. Rante ku rante beusi jeung rante tambaga, ingkeun antep jeung jukut di tegal. Eta jalma ingkeun sina kaibunan, sina hirup jeung sasatoan, tujuh taun lilana.
24 Eta kieu pihartoseunana, sareng kieu maksadna anu ku Allah Nu Maha Agung ditingalikeun ka Gusti.

25 Gusti baris disingkirkeun tina hirup
manusa, ngahiji sareng sato-sato alas. Tujuh
taun lamina kedah tuang jukut sapertos
sapi, kulem di luar di nu ngabuliklak sareng
kaibunan, tujuh taun lamina. Saparantos kitu
Kangjeng Raja baris ngangken, yen Allah Nu
Maha Agung teh kawasa ka sadaya karajaan
manusa, kawasa nyelehkeun ka sing saha
bae kersa-Na.
26 Malaikat tea marentah supados tunggulna
ditinggalkeun ulah dicabut. Ieu hartosna,
Kangjeng Raja baris diangkat deui jadi raja,
saparantos ngangken yen Allah kawasa ka
saalam dunya.
27 Ku margi kitu mugi Gusti kersa nampi
piunjuk abdi. Lirenan kaawonan, pidamel
kasaean, mugi welas asih ka nu miskin,
tangtos Gusti baris jembar saterasna."
28 Sagala hal nu tadi geus terap ka kami,
Raja Nebukadnesar.
29 Heuleut duabelas bulan ti harita, waktu
kami leuleumpangan di loteng gedong
karaton kami di Babul,
30 kami ngomong, "Tenjo, pohara hebatna
Babul! Meunang aing ngadegkeun, dijieun
ibukota nagara, paranti aing nembongkeun
kakawasaan, kagagahan, kaagungan jeung
kamulyaan."
31 Can anggeus kami ngomong, kadenge aya
sora ucapan ti langit, "Raja Nebukadnesar!

Dengekeun ucapan kami! Karajaan maneh
ayeuna rek dijabel ti maneh.
32 Maneh baris dipiceun ti kalangan hirup
manusa, baris hirup ngahiji jeung sato-sato
alas, nyatu jukut cara sapi, tujuh taun lilana.
Nepi ka maneh ngaku yen Allah Nu Maha
Agung kagungan kawasa ka sakabeh karajaan
manusa, kawasa nyelehkeunana ka saha bae
kersa-Na."
33 Sapada harita keneh bukti. Kami,
Nebukadnesar disingkirkeun ti kalangan hirup
manusa. Kami ngakan jukut, cara sapi. Kami
kaibunan, buuk beuki manjangan, mani cara
bulu heulang. Kuku oge manjangan ngareluk
kawas kuku manuk.
34 "Sanggeus liwat tujuh taun", saur eta
raja, "kami tanggah ka langit, sup ingetan
kami balik deui. Seug kami ngucapkeun puji
ka Allah Nu Maha Agung, ngamulyakeun
jeung ngagungkeun ka nu jumeneng
salalanggengna. Mantenna baris ngasta
salalanggengna. Karajaana-Na baris ngadeg
sapapanjangna.
35 Jalma-jalma pangeusi dunya, di payuneun
Mantenna taya ajenna. Malaikat-malaikat nu
di sawarga, manusa anu di dunya, dicangking
ku Mantenna. Taya nu bisa ngalawan kana
pangersa-Na, taya nu wani nanyakeun
Mantenna midamel naon.
36 Sanggeus ingetan kami pulih deui,
kahormatan, kamulyaan, kitu deui

kamashuran karajaan kami, dipaparinkeun
deui ka kami. Kami dibageakeun ku
rengrengan nagara jeung ku para gegeden,
diangkat deui nyangking karajaan, malah
kaagungan kami jadi leuwih ti nu ti heula.
37 Ayeuna kami, Nebukadnesar, muji
ngamulyakeun jeung ngagungkeun ka
Raja Sawarga. Karana sagala padamelana-
Na bener tur adil, sarta Mantenna iasa
ngasorkeun jalma nu nyieun peta adigung."
5 1 Dina hiji peuting, Raja Belsyasar
ngayakeun pesta gede, ngondangan
sarebu gegeden. Para ondangan ngarinum
anggur.
2 Sabot ngarinum, Belsyasar miwarang
ngaluar-luarkeun mangkok-mangkok jeung
cangkir-cangkir emas, anu ku Nebukadnesar,
ramana, dijabel ti Bait Allah di Yerusalem tea.
Maksudna rek dipake ngaleueut ku anjeunna,
ku para gegedenna, ku istri-istrina, jeung ku
selir-selirna.
3 Harita keneh mangkok-mangkok jeung
cangkir-cangkir emas teh dikaluarkeun, tuluy
diparake nginum anggur,
4 bari muji dewa-dewana anu tina emas,
perak, tambaga, beusi, kayu, jeung batu.
5 Dak-dumadak aya leungeun jelema,
sabeulah, sarta nulis dina bilik karaton lebah
nu pangkasorotna ku lampu-lampu. Ku raja
eta leungeun sabeulah teh katingalieun.

6 Tuluy rarayna sepa, tuurna nyorodcod
awahing ku sumeblak manahna.
7 Tuluy ngagorowok ngagentraan jalma,
miwarang ngadeuheuskeun juru-juru tenung,
tukang-tukang sihir jeung ahli-ahli palak.
Sanggeus jaronghok, sang raja ngandika,
"Sing saha anu bisa maca eta tulisan
reujeung mere pihartieunana, ku kami rek
dipakeanan raksukan wungu, beuheungna
dikongkorongan kongkorong emas tanda
kahormatan, sarta dijieun kawasa katilu di
karajaan."
8 Tuluy eta juru-juru nasehat teh maju, tapi
saurang ge teu aya nu bisa maca eta tulisan,
komo ngahartikeunana.
9 Raja Belsyasar beuki sepa awahing ku
geumpeur. Para gegeden teu barisa majar
kumaha.
10 Ngadangu recok-recokna raja jeung
para gegeden, ibuna raja lebet ka tempat
pesta. Tuluy ngalahir, "Mugia Raja wilujeng
sapapanjangna! Teu kedah geumpeur
sumeblak dugi ka sepa kitu.
11 Di ieu karajaan aya hiji jalma anu
kalinggihan ku roh dewa-dewa saruci. Nalika
rama suwargi jumeneng keneh eta jalma
parantos nyata caang pikir, rea katerang,
ngagaduhan hikmat sapertos hikmatna para
dewa. Ku tuang rama, Raja Nebukadnesar,
dugi ka dijadikeun pamingpin juru-juru ramal,

juru-juru tenung, tukang-tukang sihir, sareng
ahli-ahli palak.
12 Kamampuhna, luar biasa, bijaksana
sareng gaduh kaahlian napsirkeun impian,
ahli mecahkeun sual-sual muskil, ahli
ngahartikeun anu gaib-gaib. Wastana
Daniel, ku tuang rama dilandi Beltesasar.
Mangga saur, hamo gagal, tangtos tiasaeun
ngahaturkeun pihartoseun eta tulisan."
13 Harita keneh Daniel dideuheuskeun.
Ngandika raja ka anjeunna, "Maneh Daniel
teh, urang Yahudi anu ditawan ka dieu ku
rama kami ti nagri Yuda?
14 Kami aya anu ngabejaan yen maneh
kalinggihan ku roh dewa-dewa saruci, boga
kaahlian, boga pangarti jeung hikmat.
15 Kami geus ngadatangkeun juru-juru
nasehat jeung tukang-tukang sihir, sina maca
eta tulisan, jeung nerangkeun hartina. Tapi
teu barisaeun mecahkeun.
16 Ceuk nu nyarita, maneh bisa nyungsi
harti nu samuni, nyingkabkeun nu gaib-
gaib. Upama maneh bisa maca eta jeung
nerangkeun hartina, baris dipakeanan jubah
wungu karajaan, beuheung dikongkorongan
ku kongkorong emas tanda kahormatan,
jeung dijieun kawasa katilu di ieu karajaan."
17 Daniel ngawaler, "Kangjeng Raja teu kedah
maparin ganjaran, atanapi ganjaranana
lelerkeun ka anu sanes. Sumangga abdi

sumeja maca eta tulisan, sareng nerangkeun hartosna.
18 Rama Gusti, Nebukadnesar, ku Allah Nu Maha Agung dipaparin kahormatan sareng kamulyaan.
19 Kalintang agungna, dugi ka jalmi-jalmi, sagala bangsa, seler bangsa sareng basa-basa, sadayana gimir sareng gumeter. Upami saurna paehan eta jalma, nya dipaehan. Upami saurna hirupan, nya dihirupan. Kawasa ngajungjung sareng ngahandapkeun saha bae kumaha kersana.
20 Nanging, ku margi jadi ngunculkeun anjeun, heuras manah sareng lalim, anjeunna digulingkeun tina tahtana, dileungitkeun kaagunganana.
21 Anjeunna diusir ti kalangan hirup manusa, sarta emutanana barobah, jadi teu benten ti adat sato, campur sareng kalde alas, tuang jukut sapertos sapi. Kulemna diluar di nu ngabuliklak, salirana teu kahalangan tina kaibunan. Ahirna anjeunna ngangken, yen Allah Nu Maha Agung murba kawasa ka sadaya karajaan manusa, sarta kawasa nyelehkeunana ka saha bae kersa-Na.
22 Dupi Gusti, nu jadi putrana, tur uninga kana eta perkawis sadaya, Gusti henteu ngarendahkeun salira.
23 Gusti parantos ngaluluhuran ka Gustining Sawarga, ngakutan mangkok-mangkok sareng cangkir-cangkir anu asal ti Bait

Mantenna. Sang Raja ku anjeun, para gegeden, garwa-garwa, parekan-parekan, ngaraleueut anggur nganggo eta parabot, bari muji dewa-dewa tina emas, perak, tambaga, beusi, kayu sareng batu, dewa-dewa anu teu tiasa ningal teu tiasa ngareungeu, sareng teu terang naon-naon. Dupi ka Allah, anu iasa nangtoskeun hirup sareng pati Kangjeng Raja henteu hormat.
24 Nya ku margi kitu, Allah ngadatangkeun
eta leungeun sina nyerat dina tembok.
25 Eta seratan teh ungelna: Mene, mene,
takel, uparsin. Hartosna: Diitung, diitung,
ditimbang, dibagi.
26 Maksadna diitung: Allah parantos ngetang
umur karajaan Gusti, tetela parantos
meujeuhna ditigas.
27 Maksadna ditimbang: Gusti parantos
ditimbang dina timbangan, kabuktosan
hampang pisan.
28 Maksadna dibagi: Karajaan Gusti parantos
dipecah dua, dipaparinkeun ka bangsa Media
sareng Persia."
29 Harita keneh Belsyasar nimbalan
ka ponggawa-ponggawa, seug Daniel
dianggoan jubah wungu karajaan, dianggoan
kongkorong emas tanda kahormatan, sarta
diangkat jadi kawasa katilu di karajaan.
30 Tapi peuting eta keneh pisan Belsyasar
raja Babul teh ditelasan.

31 Karajaanana dijabel ku Darius ti Media.
Harita Darius yuswana geus genep puluh dua
taun.
6 1 Darius mutuskeun ngangkat saratus
dua puluh gupernur, pikeun nyangking
pamarentahan sakuliah karajaan.
2 Ari Daniel, jeung duaan deui, ku anjeunna
diangkat jadi pangawas para gupernur, sarta
kudu nalingakeun kapentingan raja.
3 Daniel jol-jol katangen leuwih parigel
ngajalankeunana tugas, ti batan dua
pangawas lianna kitu deui ti para gupernur.
Ku lantaran kacida nyongcolangna, raja
aya kersana rek ngangkat anjeunna sina
nyangking sakabeh urusan nagara.
4 Pangawas nu duaan deui tea sakait jeung
para gupernur, neangan kasalahan Daniel
dina hal ngolah urusan karajaan. Tapi teu
manggih-manggih, kawantu anjeunna jalma
satuhu, taya codekana jeung jujur.
5 Ceuk nu sakait, "Moal manggih pisababeun
geusan ngelakkeun Daniel, salian tina hal-hal
anu patali jeung agamana."
6 Ti dinya maranehna ngadareuheus ka raja,
arunjukan kieu, "Mugia Kangjeng Raja Darius
wilujeng sapapanjangna!
7 Abdi sadaya, anu dipercanten ngurus
karajaan Gusti, para pangawas, para
gupernur, para wakil gupernur sareng
para pajabat sanesna, seja nyanggakeun
pirempag, manawi Gusti kersa ngaluarkeun

parentah anu wajib diestokeun. Ungelna,
di lebet tilu puluh dinten teu kenging aya
anu nyuhunkeun naon-naon, boh ka dewa
mana bae, boh ka papada manusa, lintang ka
Kangjeng Raja. Anu ngalanggar ieu parentah,
kedah dilebetkeun ka guha singa.
8 Mugi Kangjeng Raja ngaluarkeun eta serat
parentah sareng ditawis, jadi undang-undang
Media sareng Persia anu moal robah deui."
9 Raja Darius tuluy nanda eta surat parentah.
10 Daniel uningaeun yen aya parentah
kitu tur enggeus sah. Anjeunna mulih ka
bumina, terus lebet ka kamar di loteng,
anu jandela-jandelana nyanghareup ka
Yerusalem. Brek anjeunna sujud mayun
kana jandela-jandela anu maruka, neneda
ka Allah, sakumaha sasari sok tilu kali dina
sapoe-sapoena.
11 Barang musuh-musuh Daniel nyarahoeun
yen anjeunna keur neneda ka Allah,
12 tuluy ngadareuheus ka raja, ngadukeun.
Piunjukna, "Kangjeng Raja parantos
ngaluarkeun parentah, anu ngalarang jalmi-
jalmi teu kenging nyuhunkeun naon-naon,
boh ka dewa mana bae, boh ka papada
manusa, di lebet tilu puluh dinten, kajabi
ti ka Kangjeng Raja. Anu ngalanggar baris
dilebetkeun ka guha singa." Waler raja,
"Enya. Larangan keras. Dikukuhkeun ku
undang-undang Media jeung Persia anu moal
robah deui."

13 Piunjuk maranehna deui, "Unjuk uninga.
Daniel, salah sawios tawanan ti nagri Yuda
tea, parantos teu ngendahkeun eta parentah.
Manehna angger neneda ka Allahna, sapertos
sasari, tilu kali sadintenna."
14 Barang diuningaan kitu, raja jadi pohara
ngarenjagna. Tuluy sakedah polah milari jalan
keur ngabelaan Daniel. Milarina pijalaneun
nepi ka surup panonpoe.
15 Jelema-jelema tea ngadareuheus deui
ka raja sarta arunjukan, "Kangjeng Raja
langkung tingali, numutkeun undang-undang
Media sareng Persia, parentah Raja anu
parantos dikaluarkeun, moal robah deui."
16 Tungtungna raja nimbalan supaya Daniel
ditangkep, terus digebruskeun kana guha
singa. Ari anjeunna ngalahir ka Daniel,
"Mugi-mugi anjeun sing disalametkeun ku
Allah, anu ku anjeun disembah kalawan
satuhu."
17 Lawang guha singana terus ditutup ku
batu, sarta batuna dicap ku cingcin raja jeung
cingcin cap para gegeden, supaya ulah aya
nu bisa nulungan ka Daniel.
18 Geus kitu raja mulih ka karaton, sarta
peutingna teu iasa kulem, teu kersa tuang,
teu kersa ngadangukeun tatabeuhan.
19 Rebun-rebun keneh anjeunna geus gugah,
gusak-gasik ngabujeng ka guha.
20 Sasumpingna terus celak-celuk bari
degdegan manahna, saurna, "Daniel, abdi

Allah nu jumeneng! Kumaha Allah, anu ku
anjeun disembah kalawan satuhu, kersaeun
nyalametkeun anjeun tina pangreweg singa?"
21 Daniel ngawaler, "Mugia Kangjeng Raja
wilujeng sapapaosna!
22 Allah parantos ngutus malaikat-Na
ngabekem sungut-sungut singa dugi ka teu
tiasa kua-kieu ka abdi Gusti. Mantenna kersa
maparin pitulung, wireh uningaeun yen abdi
teu gaduh dosa, sareng ka Gusti ge henteu
gaduh kalulуputan, nun Kangjeng Raja."
23 Raja kacida bingaheunana. Tuluy nimbalan
sangkan Daniel dikaluarkeun ti jero guha
singa. Tuluy Daniel dikaluarkeun, sarta tetela
salirana teu cecel teu bocel, lantaran pageuh
ngandel ka Allah.
24 Geus kitu raja marentah, sangkan
jelema-jelema anu ngadukeun Daniel tea
ditangkep, tuluy digebrus-gebruskeun
kana guha singa tea, malah katut saanak
pamajikanana. Memeh nepi ka dasar guha
oge enggeus digabrugan, tulang-tulangna
raremuk.
25 Geus kitu Raja Darius ngadamel surat ka
rahayat, sagala bangsa, seler-seler bangsa
jeung basa-basa di dunya. Kieu ungelna:
"Salam!
26 Kami marentahkeun, sangkan di sakuliah
karajaan kami, unggal jelema kudu neundeun
kasieun jeung ngahormat ka Allahna Daniel!
Anjeunna teh Allah anu jumeneng, tur baris

kawasa salalanggengna. Karajaana-Na moal
beunang ditumpur. Kakawasaana-Na hamo
aya sudana.
27 Anjeunna kawasa nulung jeung ngajait.
mintonkeun kaajaiban jeung kaahengan
di sawarga jeung di bumi. Anjeunna geus
ngaluputkeun Daniel ti singa-singa."
28 Ari Daniel terus lulus mulus sapanjang
pamarentahan Darius, kitu deui sapanjang
pamarentahan Raja Kores urang Persia.
7 1 Dina taun kahiji Belsyasar jumeneng raja
di Babul, dina hiji peuting kaula meunang
impian jeung hiji tetenjoan. Eta impian ku
kaula dituliskeun, sarta ieu laporanana
2 hal tetenjoan kaula peuting harita: Angin
ngagelebug ti unggal juru, niup ka sagara
nepi ka sagara motah.
3 Pecenghul ti jero sagara aya nu unggah,
opat rupa sato raksasa, bangunna beda-beda.
4 Nu kahiji siga singa, tapi jangjangan
siga jangjang galudra. Sabot ku kaula
diawas-awas, jangjangna laleupasan sarta
eta sato kaangkat tina taneuh, terus sina
nangtung ajeg, kawas jelema, tuluy diasupan
akal manusa.
5 Sato nu kadua siga biruang, nangtung ku
suku tukangna. Huntuna ngegel tilu tulang
iga. Tuluy aya sora ngomong ka eta sato,
pokna, "Sing jongjon, pek hakanan daging
masing seubeuh!"

6 Sabot ngawas-ngawas anu eta, bijil deui
sato sejen. Rupana siga meong tutul, tapi
dina tonggongna aya jangjangna opat, siga
jangjang manuk. Eta sato huluna opat sarta
semu kacida gagahna.
7 Sabot kaula keur ngawaskeun, pecenghul
sato anu kaopat. Rongkah, pikagilaeun, matak
gimir. Mamangsanna remuk ku huntuna
nu galede tina beusi, tuluy diidek-idek ku
sukuna. Eta sato aya leuwihna ti anu tilu,
tandukna aya sapuluh.
8 Sabot eta tanduk ditelek-telek, bijil
tandukna hiji deui, leutik, bijilna di tengah-
tengah nu sapuluh, bari ngarungkadkeun tilu
tanduk anu geus aya ti heula. Tanduk anu
leutik teh aya mataan, siga panon manusa,
jeung aya sungutan. Sungutna susumbar.
9 Sabot kaula keur ngawas-ngawas, breh aya
sababaraha tahta keur diteundeunan. Anu hiji
dicalikan ku nu geus sepuh pisan, anggoanana
bodas kawas salju, rambutna bodas lir bulu
domba. Ari tahta-Na make kikiping tina
seuneu hurung anu ngagedag-gedag.
10 Ari seuneuna datangna ngocor tina
tahta tea. Aya mangrebu-rebu jelema anu
ngalaladenan ka Mantenna, sarta jutaan anu
rajeg narangtung di payuneuna-Na. Geus kitu
sidang pangadilan dimimitian, kitab-kitab
dibuka.
11 Sabot kaula ngawas-ngawas, tanduk leutik
tea masih kadenge susumbar nyombongkeun

maneh. Barang dilieuk, sato anu kaopat teh
geus dipaehan, ari awakna dibalangkeun
kana seuneu, diduruk nepi ka beak.
12 Sato anu tilu deui tanagana geus
dilumpuh-lumpuhkeun, tapi meunang keneh
hirup sawatara lilana.
13 Dina tetenjoan kaula peuting eta, kaula
nenjo aya nu sumping dikuribeng ku mega,
rupana sarupa jeung manusa, nyampeurkeun
ka kaula, terus nyaketan ka Mantenna anu
jumeneng langgeng sarta tuluy dikenalkeun
ka Mantenna.
14 Ti dinya anjeunna dipaparin kawasa,
kahormatan jeung pangkat raja, sangkan
disembah ku sakabeh bangsa, sakabeh seler
bangsa, sabasana-sabasana. Kakawasaanana
baris langgeng, karajaanana moal aya
anggeusna.
15 Kaula bingung ku eta tetenjoan, hate
ngarasa teu jongjon.
16 Ti dinya kaula ngadeukeutan salah
saurang ti nu keur narangtung di dinya, tuluy
menta katerangan tina hal eta. Anjeunna
kersaeun nerangkeun.
17 Saurna, "Eta sato-sato galede nu opat,
nuduhkeun opat karajaan anu pingadegeun di
bumi.
18 Tapi umat Allah Nu Maha Agung baris
dipaparin kakawasaan pikeun nyangking eta
karajaan-karajaan salalanggengna."

19 Saterusna kaula hayang terang naon
hartina sato anu kaopat, anu beda ti nu
tilu, sato anu matak gimir, anu huntuna
beusi, kukuna tambaga, nu nyasaak jeung
ngidek-ngidek mamangsanna tea.
20 Kitu deui tina hal tandukna anu sapuluh,
jeung tandukna nu hiji deui, anu bijilna
pandeuri bari mugurkeun tilu tanduk sejenna,
anu mataan jeung sungutan bisa susumbar,
anu leuwih matak gimir ti nu sejenna.
21 Tapi sabot ku kaula keur diawaskeun, eta
tanduk teh merangan ka umat Allah, malah
bisa ngelehkeun.
22 Ti dinya sumping Mantenna nu jumeneng
langgeng, tuluy mutuskeun yen umat Allah
Nu Maha Agung anu bener. Mangsana geus
cunduk umat Allah nampa kawasa pikeun
marentah.
23 Tina perkara eta, kaula dibere katerangan
kieu: "Sato anu kaopat, nuduhkeun karajaan
nu kaopat, anu beda ti karajaan-karajaan
sejenna. Eta karajaan baris ngagempur jeung
ngidek-ngidek sakuliah dunya.
24 Tanduk anu sapuluh, nuduhkeun sapuluh
raja anu marentah eta karajaan. Geus kitu
aya deui hiji raja, beda ti nu tihareula, sarta
bakal ngagulingkeun tilu raja.
25 Eta baris nangtang ka Allah Nu Maha
Agung, sarta nindes ka umat Allah. Jeung
baris tarekah ngarobah hukum-hukum agama
jeung pesta-pesta kaagamaan umat Allah.

Tilu satengah taun lilana, umat Allah aya dina genggemanana.
26 Geus kitu pangadilan sawarga nibankeun putusan, kakawasaan eta raja dirorod, tuluy ditumpur sama sakali.
27 Ari kakawasaan jeung kaagungan sakabeh karajaan di bumi, baris diselehkeun ka umat Allah Nu Maha Agung. Ari kakawasaan karajaanana moal aya tungtungna, sarta kapala-kapala nagara di sajagat baris ngabakti sarta aranut ka maranehna."
28 Ieu laporan anggeus nepi ka dieu. Kaula ngarasa sieun kabina-bina, nepi ka beungeut kaula pias. Eta kabeh ku kaula disidem di jero hate.
8 1 Dina katilu taunna Belsyasar jumeneng raja, kaula meunang tetenjoan anu kadua.
2 Dina eta tetenjoan, kaula ujug-ujug geus aya di jero kota Susan anu dikurilingan ku kuta, di propinsi Elam, nangtung di sisi Walungan Ulay.
3 Di sisi eta walungan aya hiji domba jalu, tandukna dua paranjang, nu hiji leuwih panjang ti nu hiji deui.
4 Eta domba, tandukna ngagadil ka kulon, ka kaler, jeung ka kidul. Sato-sato sejenna taya nu tagen, jeung taya nu bisa luput tina paneunggarna. Petana sakarep-karep, jeung ieu aing.

5 Sabot kaula heran mikiran pihartieunana,
aya embe jalu ti kulon, lumpat tarik, sukuna
mani teu napak kana taneuh. Tandukna hiji di
antara matana, pohara wewegna.
6 Eta embe nyuruwuk satarikna
nyampeurkeun ka domba jalu anu di
sisi walungan tea,
7 sarta terus neunggar. Neunggarna bangun
pohara ambekeunana, sataker tanaga, nepi
ka tanduk eta domba jalu teh pingges
duanana. Eta domba henteu kuat ngalawan,
ngagulitik terus dileyek, taya nu bisaeun
nulungan.
8 Eta embe beuki lila beuki ngajago. Tapi
dina keur bebedasna, tandukna pugur.
Tina urutna bijil deui opat tanduk nu aneh,
masing-masing nyanghareupna beda jihat.
9 Tina salah sahiji tanduk nu opat tea,
bijil deui hiji tanduk leutik. Kakawasaan ieu
tanduk beuki ngalegaan, ka beulah kidul, ka
beulah wetan, jeung ka Tanah Perjangjian.
10 Tanagana tambah kuat, mahi keur nempuh
balad langit, nya eta bentang-bentang, nepi
ka loba anu maruragan ka bumi, tuluy
dileyek.
11 Seug nangtang ka Panglima tentara
langit. Kurban, anu biasana tara petot-
petot disanggakeun ka anjeunna, ku eta
dieuweuhkeun, Bait Allah diburak-barik.
12 Sanggeus kitu jalma-jalma teh ti batan
nyaranggakeun kurban anu geus diwajibkeun,

kalah ka nyarieun dosa, ibadah anu bener
dipiceun dikataneuhkeun. Pamaksudan eta
tanduk, kitu jadi, kieu jadi.
13 Geus kitu kadenge aya hiji malaikat
nanya ka nu hiji deui, "Sabaraha pililaeunana
hal-hal nu tembong dina eta tetenjoan teh?
Rek sabaraha lilana kurban-kurban suci anu
biasana kasanggakeun unggal poe kasilih ku
dosa sakitu gedena? Sabaraha pililaeunana
balad sawarga jeung Bait Allah diidek-idek?"
14 Malaikat nu hiji deui ngajawab,
"Pililaeunana sarebu saratus lima puluh poe.
Wanci sore, atawa isuk-isuk, moal aya nu
nyanggakeun kurban. Geus kitu, kakara Bait
Allah baris dipulihkeun deui."
15 Sabot kaula nyoba-nyoba ngahartikeun
eta tetenjoan, ujug-ujug aya nu siga jelema
nangtung di hareupeun.
16 Geus kitu aya soara cumeluk ti peuntaseun
Walungan Ulay, pokna, "Jabrail! Tetelakeun
ka manehna harti tetenjoanana."
17 Jabrail majeng tuluy ngadeg di gigireun
kaula. Awahing ku sieun, bruk kaula sujud.
Jabrail ngalahir, "He manusa sipat fana,
maneh masing nyaho hartina! Eta tetenjoan
ngagambarkeun panungtungan dunya."
18 Sabot anjeunna sasauran, leng kaula
katuralengan terus rubuh. Tapi ku anjeunna
dicepeng sarta dihudangkeun.
19 Anjeunna ngalahir, "Kami rek mere
nyaho pibalukareun tina bendu-Na Allah.

Eta tetenjoan teh nuduhkeun waktu
panungtungan.
20 Domba jalu nu katenjo ku maneh, nu
tandukna dua, ngibaratkeun karajaan-
karajaan Media jeung Persia.
21 Embe jalu ngibaratkeun karajaan
Yunani; tandukna nu weweg antara matana,
nuduhkeun raja nu kahiji.
22 Tanduk opat anu bijilna sanggeus tanduk
nu kahiji tea coplok, nuduhkeun timbulna opat
karajaan, pecahan ti eta bangsa. Kakuatan
masing-masing sahandapeun karajaan nu
kahiji.
23 Sanggeus eta karajaan-karajaan tereh
kana mangsana leungit, sarta kajahatanana
beuki tambah, geus pasti baris dihukum.
Sanggeus kitu tuluy ngadeg hiji raja anu
tabeatna heuras, jahat, pinuh ku tipu daya.
24 Kakuatanana beuki rongkah, tapi lain
kakuatan bawana sorangan. Eta raja baris
ngajalankeun panumpesan anu pohara
pikasieuneunana, tur sagala karepna ngajadi.
Jalma-jalma anu garagah, nya kitu deui umat
Allah, ku maneh bakal ditumpes.
25 Ku tina kapelitanana, sagala tipu dayana
hasil. Seug manehna ngagulkeun maneh.
Loba pisan jelema anu dibokong tuluy
dibinasa ku manehna. Malah eta raja baris
wani nangtang ka raja nu pangagungna,
Rajaning raja-raja, tapi manehna anu bakal
binasa. Binasana lain ku kakuatan manusa.

26 Eta tetenjoan ngeunaan kurban peuting
jeung isuk-isuk anu geus diterangkeun ka
maneh teh pasti baris kajadian. Tapi hal ieu
ku maneh kudu dirahasiakeun heula, lantaran
pijadieunana lila keneh."
27 Bawaning ku beurat mikiran eta, kaula
nepi ka gering meunang sababaraha poe.
Sanggeus cageur, tuluy digawe deui,
ngalakonan papancen ti raja sakumaha
sasari. Tapi hate teu daek tengtrem, mikiran
eta tetenjoan anu weleh teu kaharti bae.
9 1 Darius, putra Ahasweros, bangsa Media,
jumeneng raja nyangking karajaan Babul.
2 Dina taun kahiji sanggeusna anjeunna
jeneng raja, kaula ngulik kitab-kitab agama,
sarta mikiran Yerusalem anu geus diramal
baris pijadieun ruruntuk tujuh puluh taun,
sakumaha pangandika PANGERAN ka Nabi
Yermia tea.
3 Kaula jumerit ka Gusti Allah, sasambat,
puasa, make papakean karung, diuk dina
lebu.
4 Sagala dosa bangsa kaula diunjukkeun
ka PANGERAN, Allah panutan kaula. Kieu
piunjuk kaula, "Nun Allah, Gusti Nu Agung!
Abdi sadaya hormat ka Gusti. Gusti tigin kana
jangji, satia asih ka nu nyaraah ka Gusti, tur
ngestokeun kana sugri timbalan Gusti.
5 Abdi sadaya rumaos dosa, jahat, lepat
lampah. Parantos mungpang kana timbalan,
baha kana aturan-aturan Gusti anu leres.

6 Teu ngagarugu kana pisaur para abdi Gusti,
nabi-nabi nu ngadongkapkeun timbalan-
timbalan Gusti ka abdi sadaya, ka raja-raja,
ka kapala-kapala, ka karuhun-karuhun, ka
sakumna bangsa.
7 Gusti teh nun Pangeran, salamina bener
tur adil, sawangsulna abdi-abdi, tingkah laku
mung nungtun kana kahinaan sorangan.
Sapertos nu buktos ayeuna, nu kaalaman
ku abdi-abdi, boh nu di Yudea, boh nu di
Yerusalem, boh sabangsa Israil anu ku Gusti
dipabalencarkeun di nagri-nagri nu tebih nu
caket, lantaran teu satia ka Gusti.
8 Raja-raja, kapala-kapala, sareng karuhun-
karuhun abdi sadaya lampahna ngerakeun,
doraka bae ka Gusti, nun Pangeran.
9 Nanging sanaos abdi-abdi ngalawan, Gusti
henteu weleh mikawelas, henteu weleh
ngahapunten.
10 Ditimbalan kedah hirup numutkeun
hukum anu didongkapkeun ku para abdi Gusti
nabi-nabi, abdi-abdi teu ngagugu bae.
11 Rumaos, bangsa Israil parantos sami
ngarempak papakon Gusti. Sugri timbalan
Gusti teu aya anu diturut. Abdi-abdi parantos
milampah dosa, nu mawi ku Gusti dikeunaan
panyapa ti nu kaserat dina Hukum Musa, abdi
Gusti tea.
12 Gusti ngabuktoskeun timbalan anu
ditimbalkeun ka abdi-abdi sareng ka
pamingpin-pamingpin. Yerusalem ku Gusti

dihukum, langkung abot ti batan hukuman ka
kota-kota sanesna di dunya.
13 Sagala rupi hukuman anu diserat dina
Hukum Musa, ditibankeun sadayana ka
abdi-abdi. Nanging dugi ka wangkid ieu,
nun PANGERAN Allah abdi sadaya, abdi-abdi
embung keneh bae ngabingahkeun manah
Gusti, embung tobat, embung ngalakonan
anu bener ti Gusti.
14 Nun PANGERAN, Allah abdi sadaya, Gusti
parantos ngahukum abdi sadaya ku hukuman
anu ku Gusti parantos disayagikeun, ku margi
henteu nurut ka Gusti, sareng ku margi Gusti
mah salamina oge midamel anu leres.
15 Nun Gusti, Allah abdi sadaya! Gusti
parantos mintonkeun kakawasaan,
ngabudalkeun umat Gusti ti Mesir. Eta
kakawasaan Gusti kapieling dongkap ka
kiwari. Abdi-abdi rumaos parantos dosa,
rumaos parantos lepat.
16 Jaman kapungkur Gusti ngabelaan
ka abdi-abdi, ku margi kitu mugi ulah
kateterasan ngabenduan Yerusalem, kota
kagungan Gusti, gunung suci Gusti. Ku karana
dosa abdi-abdi sareng ku karana kajahatan
karuhun abdi-abdi, Yerusalem sareng umat
Gusti dongkap ka dihina-hina ku nagri-nagri
tatangga.
17 Nun Allah, dangukeun paneda sareng
panyambat abdi. Bait Gusti anu parantos
rugrug mugi diadegkeun deui, pulihkeun deui,

supados jalmi-jalmi tarerang yen Gusti teh Allah.
18 Dangukeun nun Allah. Tingali abdi sadaya. Tingali kasangsaraan abdi sadaya sareng kasangsaraanana kota anu nganggo jenengan Gusti. Ieu sadaya wantun kapiunjuk, sanes ku margi abdi-abdi parantos bener kalakuan, mung ku jalaran Gusti teh welas asih.
19 Nun Gusti dangukeun. Mugi kersa ngahapunten. Panyambat mugi dimakbul, supados jalmi-jalmi tarerang yen Gusti teh Allah. Mugi ulah dilamikeun deui, margi eta kota sareng bangsa teh kagungan Gusti."
20 Kaula terus keneh neneda, ngakukeun dosa sorangan jeung dosa bangsa kaula, Israil. Jeung nyuhunkeun mugi PANGERAN Allah kaula kersa ngadegkeun deui Bait Allah, gedong-Na nu suci.
21 Sabot kaula keur neneda, Jabrail anu kungsi katenjo dina tetenjoan nu ti heula, lungsur ngalayang ka lebah kaula. Harita teh geus waktuna ngahaturkeun kurban peuting.
22 Anjeunna ngalahir, "Daniel, kami datang seja nulung, supaya maneh nyaho harti eta ramalan.
23 Waktu maneh mimiti prak neneda, Allah geus ngawaler, Mantenna nyaah ka maneh. Ku sabab eta kami ka dieu, rek nepikeun walerana-Na. Ieu regepkeun pertelaan hal tetenjoan maneh tea.

24 Tujuh kali tujuh puluh taun enggeus
dipatok ku Allah, pililaeunana mangsa geusan
ngabebaskeun bangsa maneh jeung kota suci
tina dosa jeung kajahatanana. Dosana baris
dihampura. Kaadilan langgeng baris ngadeg,
eta tetenjoan kitu deui piwejang nabi-nabi
tea bakal bukti, sarta Bait Allah anu suci
dibaktikeun deui ka Pangeran.
25 Catet jeung pahamkeun ku maneh: Ti
semet kaluar parentah ngawangun deui
Yerusalem, nepi ka aya hiji pamingpin anu
dipilih ku Allah, lilana teh tujuh kali tujuh taun.
Ti dinya Yerusalem baris diadegkeun deui
jeung jalan-jalanna katut benteng-bentengna
anu tohaga. Piumureunana tujuh kali genep
puluh dua taun, tapi eta jaman teh pinuh ku
kasusahan.
26 Sanggeus tutup mangsa eta, pamingpin
pilihan Allah tea bakal aya nu maehan
kalawan taya salahna. Kota jeung Bait Allah
baris dibasmi deui, ditempuh ku balad hiji
raja gagah. Eta mangsa nu panutup datangna
lir banjir anu ngadatangkeun peperangan
jeung karuksakan, anu geus dirarancang ku
Allah.
27 Eta raja bakal ngayakeun perjangjian
anu teguh jeung jalma loba. Kaayaan kitu
lilana tujuh taun. Tapi sanggeus eta waktu
kajalanan satengahna, eta raja teh bakal
ngeureunkeun sagala kurban jeung pangbakti
ka Pangeran. Hiji lambang anu pikasieuneun

anu disebutna si Pikasieuneun, baris dipasang di puncak Bait Allah, sarta tetep ayana di dinya, nepi ka jelema anu masangkeunana nepi kana ahir ajalna, anu geus ditangtukeun ku Allah."

10 [1] Dina taun katilu Kores jumeneng raja Persia, Daniel, anu katelah Beltesasar tea, diebrehan deui pangandika. Eta pangandika teh ngeunaan perkara nu pijadieun saenyana, tapi hese pisan dihartikeunana. Kaalamanana ku Daniel dina hiji titingalian.

[2] Harita teh kaula keur tirakat meunang tilu minggu.

[3] Teu dahar nu ngeunah-ngeunah, teu dahar daging, teu nginum anggur, teu nyisiran, nepi ka tutup tilu minggu.

[4] Dina tanggal dua puluh opat bulan kahiji taun eta, kaula keur nangtung di sisi hiji walungan gede, Walungan Tigris.

[5] Ana tanggah, nenjo aya jelema, panganggona kaen lenen jeung make beubeur emas murni.

[6] Salirana cahayaan kawas permata. Rarayna gumebyar kawas cahaya kilat, socana ngagebur siga seuneu. Panangan jeung sampeanana gugurilapan kawas tambaga meunang ngagosok, soarana ngaguruh kawas sora rebuan jelema.

[7] Eta tetenjoan katenjona ngan ku kaula. Jelema-jelema sejen mah anu harita

babarengan, teu narenjoeun naon-naon. Tapi maranehna lalumpatan terus nyarumput, bangun kacida sarieuneunana.
8 Kari kaula bae sorangan, ngawas-ngawas eta tetenjoan anu ajaib. Tanaga musna, beungeut sepa pias nepi ka moal aya nu wawuheun.
9 Komo barang ngadenge gentrana, leng bae katuralengan, terus ngarumpuyuk nyuksruk kana taneuh.
10 Tuluy aya leungeun nyekel ka kaula, ngajungjungkeun nepi ka leungeun jeung tuur kaula kaangkat; kaula angger ngadaregdeg.
11 Eta malaikat ngalahir, "Daniel, Allah asiheun ka maneh. Hudang, kami rek nyarita, regepkeun sing bener. Kami teh dipiwarang nepungan maneh." Sanggeus anjeunna sasauran kitu, kaula tuluy nangtung bari ngadaregdeg.
12 Saurna deui, "Tong sieun, Daniel! Paneda maneh, ti poe mimiti keneh oge, ti barang maneh ngarendahkeun diri lantaran hayang jadi bijaksana, ku Allah enggeus didangu. Kami datang ayeuna, ngajawab paneda maneh.
13 Kami dilawan ku malaikat pangawal karajaan Persia, nepi ka dua puluh hiji poe. Tapi datang Mikail, salah sahiji pamingpin malaikat, ngabantuan kami, da tadina kami ngan sorangan di Persia teh.

14 Ayeuna kami datang supaya maneh bisa
ngarti kana hal anu bakal kasorang ku bangsa
maneh ka hareup. Tetenjoan anu ayeuna teh
anyar, nembongkeun pikahareupeun."
15 Sajeroning anjeunna ngalahir kitu, kaula
mah ngeluk bae bari teu kecet-kecet.
16 Eta malaikat, anu katembongna siga
jelema, ngulurkeun pananganana nyabak
biwir kaula. Tuluy kaula unjukan, "Juragan,
ku ieu titingalan abdi dugi ka ngadaregdeg
laleuleus,
17 teu benten ti hiji jalma beulian di
payuneun dununganana. Kumaha tiasana
nyanggem ka Juragan? Karaosna laleuleus
sareng areungap."
18 Ceg Anjeunna nyepeng deui, seug karasa
awak jadi kuat meueusan.
19 Ari saurna, "Allah teh ka maneh asiheun.
Teu kudu rentag, teu kudu sieun." Sanggeus
anjeunna sasauran kitu, awak karasana beuki
tambah kuat. Tuluy unjukan, "Kasauran
Juragan matak teger. Mangga bade nyaurkeun
naon?"
20 (10:20-21) Ari lahiranana, "Nyaho naon
cik sababna kami nepungan maneh? Arek
nembongkeun ka maneh sakur anu geus
ditulis dina Kitab Kayaktian. Ayeuna kami
kudu balik deui, rek tarung jeung malaikat
pangawal karajaan Persia. Sanggeus kitu
baris datang malaikat pangawal nagri Yunani.

Moal aya nu bakal nulungan kami, kajaba ti
Mikail, malaikat pangawal Israil.
21 (10:20)
11 1 Anjeunna nu wajib mantuan jeung
ngabelaan ka kami.
2 Ari ieu, anu rek dicaritakeun ku kami teh
estu saenyana." Malaikat ngalahir kieu, "Aya
tilu raja deui anu baris nyangking Persia.
Tuluy deui nu kaopat, anu leuwih beunghar
ti nu sejen-sejen. Dina puncak kakawasaan
jeung kabeungharanana baris nangtang ka
karajaan Yunani.
3 Geus kitu baris aya hiji raja gagah,
pinyangkingeun hiji karajaan anu lega
kabina-bina, sarta ngalajur sagala karepna.
4 Tapi dina puncak kajayaanana, karajaanana
baris pecah jadi opat bagian, dicangkingna
lain ku turunanana, sarta kakuatanana teu
mapakan ka manehna.
5 Raja Mesir bakal jadi kuat. Tapi aya
panglimana saurang anu leuwih kuat ti eta
raja, baris nyangking hiji karajaan anu leuwih
gede.
6 Sanggeus sawatara taun, raja Mesir baris
ngayakeun beungkeutan jeung raja Siria,
sarta ngadahupkeun putrina ka raja Siria.
Tapi eta beungkeutan teh moal lila umurna,
sabab eta putri jeung salakina katut anakna,
kitu deui para abdina anu ngalanteur, baris
diparaehan.

7 Teu lila ti harita, salah sahiji baraya eta
putri baris aya nu jadi raja. Tuluy nempuh
ka balad raja Siria, sarta hasil bisa asup ka
benteng tur bisa ngelehkeun.
8 Arca-arca dewa eta bangsa, kitu deui
paparabotan tina emas jeung perak anu geus
dibaktikeun ka eta dewa-dewa, ku manehna
diakut ka Mesir. Sanggeus kitu, meunang
sababaraha taun euweuh perang.
9 Ti dinya raja Siria baris ngabales nempuh
ka Mesir, tapi bisa diusir.
10 Anak-anak raja Siria mepek deui balad
loba pisan. Anu saurang terus nempuh,
datangna lir banjir, narajang hiji benteng
musuhna.
11 Raja Mesir panas, tuluy indit merangan
Siria; balad Siria anu sakitu lobana beunang
katawan.
12 Lantaran perangna unggul tur bisa
maehan prajurit musuh sakitu lobana, raja
Mesir teh agul. Tapi eta kaunggulanana teh
moal awet.
13 Raja Siria baris merangan deui, baladna
leuwih loba ti nu enggeus. Mangsa waktuna
geus cunduk, baris ngabales narajang,
baladna loba pisan tur lengkep pakarangna.
14 Loba pisan jelema anu baris barontak ka
raja Mesir. Aya sababaraha urang bangsa
maneh, Daniel, anu adatna barangasan milu
barontak, dumeh geus narenjo hiji tetenjoan.
Tapi maranehna bakal katumpes.

15 Eta raja Siria baris ngepung hiji kota
anu reugreug bentengna nepi ka bisa
kajabel. Prajurit-prajurit urang Mesir teu kuat
neruskeun jurit, pasukan petinganana geus
beak kakuatanana.
16 Urang Siria anu nempuhna bisa
sakumaha karep ka maranehna, taya nu
bisa mapalangan. Malah eta raja teh bakal
ngalindih Tanah Perjangjian, ngawasaan
sagemblengna.
17 Raja Siria baris nginditkeun sakabeh
baladna. Satuluyna, sangkan bisa ngawasaan
karajaan musuhna, manehna ngajak ngahiji
ka eta raja sarta mikeun anakna anu awewe
sina dikawin. Tapi maksudna baris gagal.
18 Geus kitu manehna bakal narajang ka
bangsa-bangsa nu caricing di basisir laut
sarta loba anu dielehkeun. Tapi manehna
baris kasoran ku hiji pamingpin bangsa
asing nepi ka teu bisa adigung deui, sarta
kaadigunganana bakal dibales.
19 Eta raja baris balik deui ka benteng-
benteng di nagrina sorangan. Tapi di dinya
eta raja baris kasoran sarta tinemu jeung
panungtungan ajalna.
20 Manehna baris diganti ku raja sejen,
anu bakal nitah hiji pajabatna ngagencet
rahayatna ku pajeg-pajeg, geusan nambahan
kakayaan karajaanana. Tapi moal lila deui eta
raja bakal aya nu maehan, teu kanyahoan ku
umum jeung lain di pangperangan."

21 Malaikat tea neruskeun sasauranana,
"Nu baris jadi gaganti raja Siria teh, hiji
jalma jahat tur euweuh hakna jadi raja. Tapi
kalawan teu disangka-sangka, manehna baris
ngandih karajaan ku jalan tipu daya.
22 Saha bae anu henteu satujuan jeung
manehna, sanajan Imam Agung istrenan
Allah, tangtu disapu beresih nepi ka musna.
23 Ku jalan tipu daya, baris loba bangsa-
bangsa anu kacidraan, ari dirina baris
tambah-tambah kuat, padahal manehna teh
ngan nyangking hiji bangsa anu leutik.
24 Kalawan teu mere nyaho heula, manehna
baris ngarurug hiji propinsi anu subur. Jeung
bakal nyieun kajahatan-kajahatan, anu ku
karuhun-karuhunna ge tara dilampahkeun.
Barang-barang jeung harta beunangna
ngarampas ti pangperangan ku manehna
dibagi-bagikeun ka para panganutna.
Karepna masih keneh arek terus ngarurug
benteng-benteng batur. Tapi kajayaan
manehna geus tereh enggeusan.
25 Bari gede kawani, manehna baris nyusun
hiji balad gede, geusan narajang raja Mesir,
anu geus taki-taki rek ngayonan, tur baladna
gede jeung rongkah. Tapi raja Mesir bakal
gagal, lantaran dihianatan.
26 Ku para panasehatna anu pangdeukeutna,
anu harayangeun ngagulingkeun manehna.
Prajurit-prajuritna loba anu paraeh, baladna
kasapu.

27 Satuluyna eta dua raja baris bareng
dahar sameja reujeung, tapi masing-masing
ngandung niat dengki jeung silih bohongan.
Duanana moal hasil kahayangna, lantaran
acan mangsana.
28 Geus kitu raja Siria baris mulang deui ka
nagrina, bari mawa barang jarahan, tekadna
rek ngabasmi agama umat Allah. Lampahna
bakal sakarep-karep, sanggeus kitu manehna
baris mulang ka nagrina sorangan.
29 Dina hiji mangsa manehna baris nempuh
deui Mesir. Tapi harita mah temahna baris
tibalik, beda ti nu ti heula,
30 lantaran diayonan ku balad Rum nu
daratangna make kapal-kapal, nepi ka
manehna ngarasa gimir. Ti dinya manehna
mulang bari ambek. Manehna tuluy bakal
ihtiar numpes agama umat Allah, bakal
nurutkeun nasehat jalma-jalma anu geus
naringgalkeun eta agama.
31 Pasukanana sawareh bakal dititah
nganajiskeun Bait Allah. Maranehna bakal
ngeureunkeun kurban-kurban poean, sarta
bakal masangkeun brahala anu disebutna si
Pikasieuneun.
32 Ku akal pelitna eta raja baris dibantu
ku jelema-jelema nu geus naringgalkeun
agamana, beunangna ngolo-ngolo. Tapi
umat anu tetep aranut ka Allah bakal malik
ngalawan.

33 Loba anu dididik ku pamingpin-
pamingpinna anu barijaksana. Tapi pikeun
sawatara waktu mah sawareh bakal tariwas
dina perang, atawa diduruk nepi ka paraeh,
sawareh deui bakal dirampogan jeung
ditawan.
34 Waktu eta jagalpati lumangsung, umat
Allah bakal meunang pitulung saeutik; tapi
ti antara anu mantuanana loba anu ngan
kajurung ku kapentinganana sorangan.
35 Sawatara pamingpin-pamingpinna anu
bijaksana nemahan pati. Tapi jadina alus,
sabab eta umat jadi beresih. Kituna teh nepi
ka datang poe panungtungan, anu geus
diatur ku Allah.
36 Raja Siria tea baris terus sawenang-
wenang jeung nyombongkeun maneh. Ceuk
pangrasana manehna leuwih agung ti batan
dewa nu mana oge, malah jeung Allah Nu
Maha Agung ge pangrasana luhur keneh
manehna. Kikituanana laluasa pisan, nepi ka
datang mangsana baris dihukum ku Allah.
Allah baris ngalaksanakeun sagala perkara
anu geus ditangtukeun.
37 Eta raja bakal nyabodokeun ka dewa
pujaan karuhun-karuhunna, kitu deui ka dewa
pujaan kaom wanita. Kawantu sagala dewa
ge ku manehna mah euweuh nu diajenan,
lantaran pangrasana manehna leuwih ti
dewa-dewa.

38 Tapi teu burung aya nu ku manehna
dihormat, nya eta dewa pangaping benteng-
benteng. Eta dewa anu lain sesembahan
karuhunna, ku manehna dibaktian emas,
perak, permata, jeung lian-lianna deui barang
nu marahal.
39 Pikeun ngajaga benteng-bentengna,
manehna baris ngagunakeun jalma-jalma anu
nyarembahna ka dewa-dewa bangsa asing.
Jalma-jalma anu ngaku kana kakawasaanana,
ku manehna diganjar kahormatan, pangkat
luhur, jeung tanah.
40 Sanggeus deukeut kana mangsa
panungtungan, eta raja Siria baris ditempuh
ku raja Mesir. Tapi manehna baris ngabales,
ngetrukkeun sagala kakuatanana, kareta-
kareta perang, pasukan-pasukan kuda, jeung
kapal-kapal. Loba nagri anu bakal ditempuh
ku manehna, nempuhna lir cai caah narajang.
41 Malah ka Tanah Perjangjian oge bakal
narajang, maehan puluhan rebu jelema. Tapi
nagri Edom, Moab, jeung bagian penting
nagri Amon salamet.
42 Waktu manehna narajang nagri-nagri,
Mesir oge teu kaliwat.
43 Rajabrana pependeman bangsa Mesir,
emas, perak, kitu deui harta lianna anu
marahal, beunang kajabel. Libia jeung Sudan
oge bakal eleh ku manehna.
44 Geus kitu datang beja-beja ti wetan jeung
ti kaler, anu bakal ngageumpeurkeun hatena,

ngalantarankeun perangna beuki telenges,
jalma-jalma nu ditumpes kacida lobana.
45 Malah manehna bakal masang kemah-
kemah karajaanana di antara laut jeung
gunung tempat ngadegna Bait Allah. Tapi
ahirna manehna bakal paeh, tur euweuh anu
nulungan saurang-urang acan."
12 1 Malaikat nu anggoanana tina lawon
lenen ngalahir deui, "Harita, malaikat
agung Mikail anu ngaping bangsa maneh
baris nembongan. Tuluy bakal aya jaman
suker anu pangpoharana, anu can kungsi
kasorang ti barang bangsa-bangsa gumelar.
Lamun eta jaman geus datang, kabeh jelema
ti bangsa maneh, anu ngaran-ngaranna geus
dicatet dina Kitab Allah, baris disalametkeun.
2 Loba anu geus paraeh bakal harirup
deui, sawareh bakal genah hirup langgeng,
sawareh deui bakal nandangan kahinaan
salalanggengna.
3 Para pamingpin nu bijaksana bakal
cahayaan lir cahaya caangna langit. Anu
ka jalma-jalma geus ngawurukan sangkan
ngalampahkeun anu bener, bakal mencrang
lir bentang-bentang, salalanggengna."
4 Saurna deui, "Daniel, ayeuna tutupkeun
eta kitab, tuluy segel sing rapet nepi ka ahir
jaman. Sajeroning kitu bakal loba jelema
anu nyoba-nyoba ngahartikeun hal-hal anu
eukeur kajadian, tapi cumah moal hasil."

5 Geus kitu kaula nenjo aya dua jelema di
sisi walungan, peuntas ditu saurang, peuntas
dieu saurang.
6 Nu saurang nanya ka malaikat nu
nangtungna rada jauh di beulah girang,
"Iraha pianggeuseunana eta kajadian-
kajadian nu ajaib teh?"
7 Eta malaikat nadahkeun panangan duanana
ka langit, tuluy sumpah nyebut jenengan
Allah Nu Langgeng, saurna, "Lilana bakal
tilu taun satengah. Upama panganiayaan ka
umat Allah geus eureun, sakabeh perkara nu
tadi oge tangtu anggeus."
8 Kadenge ku kaula ari lahiranana mah,
tapi teu kaharti. Jadi pok kaula nanyakeun,
"Nanging, Juragan, ahirna teh kumaha?"
9 Waleranana, "Daniel, ayeuna mah leuwih
hade maneh mulang bae. Sabab eta
pangandika teh kudu dirasiahkeun nepi ka
ahir jaman.
10 Loba jalma anu bakal diuji disina murni.
Jalma-jalma nu jarahat moal ngalartieun sarta
bakal terus jarahat. Ngan anu barijaksana
anu baris ngaharti.
11 Ti semet kurban-kurban poean
tea dieuweuhkeun, nya eta ti waktu
dipasangkeunana si Pikasieuneun, lilana
1.290 poe.
12 Bagja jalma-jalma tetep satia nepi ka poe
anu ka 1.335.

13 Ari maneh, Daniel, muga sing tetep satia
tepi ka ahir. Maneh bakal maot, tapi baris
hirup deui geusan narima ganjaran di ahir
jaman."

Hosea

1 [1] Ieu pangandika PANGERAN, anu
ditimbalkeun ka Hosea putra Beri, waktu
karajaan Yuda patuturut dirajaan ku raja-raja
Usia, Yotam, Ahas jeung Hiskia, sarta
karajaan Israil dirajaan ku Yarobam putra
Yoas.
[2] Basa PANGERAN mimiti ngandika ka
Israil nganggo perantaraan Hosea, kieu
timbalana-Na ka Hosea, "Maneh kudu kawin
ka hiji awewe; engkena eta pamajikan maneh
moal satia. Anak-anak maneh ge bakal cara
tabeat indungna. Karana nya kitu kalakuan
umat Kami teh, geus naringgalkeun Kami, teu
saratia."
[3] Tuluy Hosea nikah ka hiji wanita ngaran
Gomer, anak Diblaim. Sanggeus anakna nu
kahiji lahir, lalaki,
[4] Hosea ditimbalan ku PANGERAN, kieu
timbalana-Na, "Eta budak ngaranan Yisrel.
Sabab sakeudeung deui Kami rek ngahukum
raja Israil, geusan nebus pati Yisrel anu
dipaehan ku Yehu, karuhun eta raja, di Yisrel.
Turunan Yehu ku Kami rek dicabut hakna teu
meunang ngarajaan deui.
[5] Angkatan perang raja Israil ku Kami rek
ditumpes di Lebak Yisrel."

6 Gomer boga deui anak, nu kadua. Nu
ayeuna mah awewe. Timbalan PANGERAN ka
Hosea, "Eta ngaranna Lo-Ruhama (hartina:
Teu Dipikawelas), sabab sakeudeung deui
Kami moal mikawelas deui ka umat Kami
Israil, sumawonna ngahampura.
7 Tapi urang Yuda mah tetep dipikawelas, rek
dirahayukeun ku Kami, PANGERAN, Allahna.
Ngarahayukeunana lain ku jalan perang, lain
ku pedang atawa gondewa katut jamparing,
lain kuda jeung nu tarumpak kuda."
8 Sanggeus Lo-Ruhama disapih nyusu,
Gomer ngandeg deui. Sanggeus ngajuru,
anakna lalaki.
9 Lahiran PANGERAN ka Hosea, "Eta
ngaranna Lo-Ami (hartina: Lain Umat Kami),
geusan nandakeun yen Israil geus lain umat
Kami deui. Kami lain Allahna."
10 Bangsa Israil bakal ngalobaan lir keusik
lautan, moal kataker moal kaitung. Timbalan
Allah ayeuna ka maranehna, "Maraneh lain
umat Kami," tapi baris aya hiji mangsa
PANGERAN bakal nimbalan kieu: "Maraneh
teh putra-putra Allah anu jumeneng!"
11 Bangsa Yuda jeung bangsa Israil baris
dihijikeun deui. Maranehna bakal milih
hiji pamingpin tunggal pikeun mingpin
maranehna, sarta bakal ngajembaran
tur hirupna baris mukti deui di nagrina.
Satemenna, poean Yisrel baris jadi poe anu
agung.

2 [1] Ku sabab kitu, sasama maraneh urang
Israil kudu disebut "Umat Allah" jeung
"Dipikawelas".
[2] Barudak, pepelingan indung maraneh,
sanajan geus henteu jadi pamajikan Kami
deui sarta Kami geus lain salakina deui.
Pepelingan, ulah ngaranyed deui, ulah
ngalacurkeun diri deui.
[3] Mun teu euih-euih, ku Kami rek
dirangsadan, sina sataranjang bulucun cara
keur barang dijurukeunana. Rek disina jadi
saperti tanah anu nya keeng jeung angar,
sina paeh kahalabhaban.
[4] (2:4-5) Kami moal mikarunya ka anak-
anakna, anak-anak awewe palacuran anu
teu boga kaera. Manehna sorangan anu
nyebutkeun, "Ah, rek manggihan kabogoh-
kabogoh, anu ka aing mere dahareun,
inumeun, bulu domba jeung lawon linen,
minyak jetun jeung anggur."
[5] (2:4)
[6] Ku sabab kitu manehanana ku Kami arek
dikurung ku rungkun cucuk, jalanna arek
dipager ku tembok.
[7] Manehna bakal ngudag kabogoh-
kabogohna, tapi moal kaudag. Hayang
papanggih, tapi moal papanggih. Geus kitu
manehna tangtu ngomong, "Mending balik
deui ka salaki aing nu ti heula; bareto mah
aing leuwih senang ti batan ayeuna."

8 Manehanana pamohalan ngaku, yen
boga gandum, anggur jeung minyak jetun
soteh, kitu deui perak jeung emas anu
ku manehanana dipake ngabakti ka Baal,
pamere Kami.
9 Ku sabab kitu, gandum jeung anggurna,
anu baris dipanen ti lahan pamere Kami, dina
usumna ku Kami rek dicokotan deui. Kitu deui
bulu domba jeung lawon linen keur bahan
pakeeunana, eta ge rek dicokotan deui.
10 Ku Kami rek ditaranjangan di hareupeun
kabogoh-kabogohna, moal aya nu bisaeun
nulungan manehna tina kakawasaan Kami.
11 Sagala pepestaan, anu taunan, anu
bulanan, poe-poe Sabatna, sagala rupa
upacara kaagamaanana ku Kami arek
dieureunkeun sama sakali.
12 Tangkal-tangkal anggurna, tangkal-
tangkal kondangna, anu carekna mah pamere
kabogoh-kabogohna upah ngalayanan
maranehna, ku Kami arek dibasmi. Kebon
anggurna jeung kebon bubuahanana rek
dijieun leuweung, sina beak diruksak ku sato
alas.
13 Manehna baris dihukum, ku Kami, lantaran
sering neler-neler Kami saban meuleum
menyan pikeun Baal, jeung saban make
perhiasan sarta neang kabogoh-kabogohna.
Kitu pangandika PANGERAN.

14 Manehna ku Kami rek dibawa deui
ka gurun keusik. Di ditu rek dilelemu ku
omongan anu nandakeun kaasih.
15 Kebon anggurna rek dibikeun deui, sarta
Lebak Kasusahan rek dijadikeun lawang
pangharepan. Di dinya manehna tangtu
nurut deui ka Kami cara keur ngorana, basa
manehna kakara datang ti Mesir tea.
16 Manehna baris ngaku deui salaki ka Kami,
moal nganggap deui Kami teh Baal, brahala
manehanana.
17 Ku Kami moal diidinan nyebut-nyebut deui
ngaran Baal.
18 Dina waktu eta Kami arek nyieun jangji
jeung sato-sato alas jeung manuk-manuk,
sangkan teu ngagaranggu ka umat Kami.
Malah sakabeh parabot perang, sakabeh
pedang jeung gondewa, ku Kami rek
disingkirkeun ti eta tanah, sangkan umat
Kami tengtrem-tingtrim santosa hirupna.
19 Israil! Maneh ku Kami rek dipigarwa. Kami
seja satuhu satia. Mikawelas mikaasih mo aya
laasna, seja mihukum salalanggengna.
20 Kami moal jalir jangji, maneh teh pupujan
Kami. Maneh oge nya kitu baris ngaku yen
Kami teh PANGERAN.
21 (2:21-22) Dina waktu eta Kami rek
ngabulkeun paneda umat Kami Israil. Hujan
rek diturunkeun ka bumi, sarta bumi bakal
ngahasilkeun gandum, buah anggur jeung
buah jetun.

22 (2:21)
23 Umat Kami baris tetep maratuh di lemah
caina, sina marukti hirupna. Maranehna,
anu tadina disebut "Teu Dipikawelas", rek
dipikawelas. Anu tadina disebut "Lain Umat
Kami", rek disebut "Maraneh teh umat Kami".
Sarta jawab maranehna: "Gusti teh Allah sim
abdi."
3 1 PANGERAN ngandika ka kaula, "Maneh
kudu indit deui, sarta tembongkeun
kacintaan ka hiji awewe nu keur jinah jeung
kabogohna. Eta awewe pikanyaah ku maneh,
saperti Kami tetep mikanyaah ka urang Israil
sanajan maranehna geus malik ka allah-allah
sejen jeung sok ngabaktikeun kismis ka
brahala-brahala."
2 Tuluy eta awewe ku kaula dibeuli. Hargana
lima belas uang perak, ditambah ku saratus
lima puluh kilo gandum.
3 Ku kaula eta awewe diomongan yen kudu
ngadagoan kaula dina waktu anu lila, sarta
ulah lacur atawa jinah deui. Salila eta sim
kuring oge baris ngadagoan.
4 Nya kawas kitu kaayaan bangsa Israil; lila
pisan maranehna kudu hirup tanpa raja atawa
pamingpin, tanpa kurban atawa tugu-tugu
karamat, tanpa arca-arca atawa brahala
paragi ngaramal.
5 Tapi bakal datang mangsa, urang Israil
tarobat deui ka PANGERAN Allahna, sarta
baris satia ka rajana ti turunan Daud. Harita

maranehanana bakal sarieun ku PANGERAN,
sarta baris nampa berkah-berkah Mantenna.
4 [1] PANGERAN kagungan tudingkeuneun
ka jalma-jalma di ieu tanah. Regepkeun
ku maneh, Israil! Kieu pangandika-Na, "Di
ieu nagri geus euweuh anu satia, euweuh
nu boga kanyaah. Kami ku ieu bangsa geus
henteu diaku Allah.
[2] Maranehna gampang jangji, tapi gampang
cidra. Ngabarohong, maraehan, maraling,
jararinah. Kajahatan nerekab, jeung rajapati
pasusul-susul.
[3] Ku sabab kitu ieu tanah bakal garing.
Sagala rupa anu jadi di dinya bakal paraeh.
Sasatoan, manuk, malah lauk-lauk, bakal
pararaeh kabeh."
[4] Timbalan PANGERAN, "Maraneh imam-
imam, ulah aya anu nyalahkeun ka rahayat
atawa ngaweweleh maranehna. Anu rek
disalahkeun ku Kami teh maraneh.
[5] Beurang peuting maraneh nyieun
kasalahan, kitu keneh nabi-nabi taya
mendingna ti maraneh. Kami baris ngabasmi
Israil, indung maraneh.
[6] Maraneh imam-imam, geus teu ngaraku ka
Kami, geus nolak Kami, miceun pangajaran
Kami, ngajadikeun umat Kami cilaka lantaran
maranehna ge jadi teu ngaraku ka Kami. Ku
sabab kitu maraneh ge ku Kami rek ditolak,
sarta anak-anak maraneh moal diaku yen jadi
imam-imam Kami.

7 Maraneh beuki loba nu jaradi imam, beuki
loba dosa ka Kami. Ku sabab kitu kaayaan
maraneh ku Kami rek dijieun tibalik tina
mulya jadi hina.
8 Maraneh jadi baleunghar ku karana dosa
umat Kami. Ku kituna kahayang maraneh
mah umat Kami teh sing tambah-tambah
dosana.
9 Maraneh bakal nandangan hukuman
sakumaha anu keuna ka rahayat. Rek
dihukum satimpal jeung kajahatan maraneh.
10 Maraneh bakal ngakan bagian maraneh
tina kurban, tapi angger bakal lapar keneh.
Maraneh bakal ngabakti ka dewa-dewa
kasuburan, harayang boga anak, tapi tetep
maraneh moal baroga anak, lantaran geus
miceun Kami, maruja ka allah-allah sejen."
11 Timbalan PANGERAN, "Anggur anyar,
anggur kawak, geus ngaleungitkeun akal
waras umat Kami!
12 Maranehna marenta pituduh ka kayu
sateukteuk! Ngumaha ka iteuk menta
pituduh! Geus naringgalkeun ka Kami,
masrahkeun diri ka para dewa, saperti awewe
anu jadi palacuran.
13 Maranehanana nyarieun kurban di
tempat-tempat karamat di puncak-puncak
gunung. Mareuleum menyan di puncak-
puncak pasir, handapeun tangkal anu gede
ngarangkadak, pedah iuhna pikagenaheun.
Balukarna, anak-anak maraneh anu awewe

jaradi palacuran, minantu-minantu awewe jararinah.
14 Tapi maranehna ku Kami moal dihukum,
lantaran maraneh sorangan sok arindit ka
awewe-awewe lacur nu digarawe di kuil-kuil,
tuluy bareng jeung maranehna nyieun kurban
ka brahala. Aya paribasa, Bangsa anu tuna
akal sehat pasti tumpur.
15 Muga-muga urang Yuda mah ulah kabawa
salah nepi ka ingkar kawas maraneh, urang
Israil! Maranehna mah sing ulah nepi ka milu
ngabakti di Gilgal atawa di Bet Awen, atawa
sumpah di dinya demi Allah nu jumeneng.
16 Urang Israil mah sarua mantangulna
jeung bigal. Atuh pimanaeun maranehna ku
Kami bisa diangon di sampalan cara domba?
17 Urang Israil geus kawujuk ku brahala-
brahala. Kajeun, antep sakarepna.
18 Sanggeus marabok anggur, tuluy genah-
genah ngalacur, leuwih resep nyieun lampah
hina ti batan lampah pikahormateun.
19 Maranehanana bakal leungit lir kabawa
ku angin, sarta bakal meunang era tina
lampahna ngurban ka brahala-brahala.
5 1 Eh para imam, darengekeun! Eh sakabeh
umat Israil, raregepkeun! Eh sakabeh
kulawarga karajaan, tarengetkeun! Maraneh
baris diterapan hukuman. Sabab maraneh,
anu kuduna ngahakiman masing adil, anggur
sabalikna. Maraneh di Mispa geus jadi

tataheunan, di Gunung Tabor geus jadi tali eurad,
2 di kota Akasia geus jadi liang jero. Ku sabab kitu maraneh kabeh ku Kami baris dihukum.
3 Kami nyaho kana kaayaan Israil nu saenyana. Israil moal bisa nyumput ti Kami. Manehna geus teu satia, rahayatna geus teu pantes ngabakti ka Kami."
4 Jalma-jalma geus hamo bisa tarobat deui ka Allahna, sabab dipegatan ku kajahatanana. Maranehna geus moal ngaku deui ka Allah, sabab geus kacerek ku brahala.
5 Kaangkuhan urang Israil netelakeun kasalahanana. Dosana ngalantarankeun maranehna titarajong jeung lalabuh, sarta urang oge bareng lalabuh jeung maranehna.
6 Maranehanana mawa domba jeung sapi, kurbankeuneun ka PANGERAN, tapi moal aya gunana. PANGERAN moal kapanggih ku maranehanana, sabab geus nilarkeun.
7 Maranehanana geus teu satia ka PANGERAN. Anak incuna geus lain umat kagungana-Na deui. Ku sabab kitu, maranehanana katut lemah caina bakal gancang dibasmi.
8 Geura tiup tarompet perang di Giba! Geura sadakeun tangara perang di Ramah! Gorowokkeun panangtang perang di Bet Awen! Eh urang Binyamin, geura maju perang!

9 Poean hukuman tereh datang. Urang Israil
baris ditumpes. Eh urang Israil, ieu hal pasti
jadi!
10 PANGERAN ngandika, "Kami ambek,
lantaran pamingpin-pamingpin urang Yuda
nempuh ka Israil sarta maling tanahna. Ku
sabab kitu Kami rek ngabedahkeun hukuman,
sina narajang ka maranehna lir caah.
11 Urang Israil keur nandang panggencet,
sarta geus kaleungitan tanah milik sahna,
lantaran keukeuh menta tulung ka nu sama
sakali teu bisa nulung naon-naon.
12 Israil ku Kami rek dibasmi, sarta urang
Yuda rek ditumpes.
13 Sanggeus Israil ngarasa yen dirina geus
kacida ripuhna, kitu deui Yuda geus nenjo
raheut-raheutna sorangan, Israil tuluy indit
ka Asur, menta pitulung ka raja gede di dinya,
tapi eta raja moal bisaeun ngubaran atawa
nyageurkeun raheut-raheutna.
14 Kami rek narajang ka urang Israil jeung
urang Yuda cara singa, rek disasaak tuluy
ditinggalkeun. Lamun maranehna ku Kami
geus digusur, saurang ge moal aya nu bisaeun
nyalametkeun.
15 Umat Kami ku Kami rek ditinggalkeun,
nepi ka cukup nandanganana sangsara ku
karana dosa-dosana, sarta tuluy nareangan
Kami. Ari geus sangsara kitu mah sugan
daraekeun neangan Kami."

6 [1] Ceuk jalma-jalma, "Hayu urang tarobat
ka PANGERAN. Mantenna geus nyiksa
ka urang, tangtu kersaeun nyageurkeun.
Mantenna geus ngaraheutan ka urang, tangtu
kersaeun ngabeberan raheut-raheut urang.
[2] Dua tilu poe deui tangtu urang
diwaluyakeun deui ku Mantenna, sarta bakal
hirup di payuneun Mantenna.
[3] Hayu urang diajar wawuh ka PANGERAN.
Mantenna pasti sumping ka urang, sakumaha
pajar nu pasti datang, sakumaha hujan nu
pasti turun ka bumi dina musimna."
[4] Tapi PANGERAN ngandika, "Eh Israil jeung
Yuda, kudu kumaha Kami ka maraneh teh?
Kanyaah maraneh ka Kami gancang buyar
cara halimun, gancang leungit cara ciibun
kapanasan.
[5] Nya ku sabab eta Kami ngutus nabi-nabi,
nepikeun timbalan Kami, yen maraneh bakal
dihukum sarta dibinasa. Pamenta Kami ka
maraneh teh tetela pisan, nya eta:
[6] Kami lain menta kurban, tapi menta
sangkan kanyaah maraneh ka Kami ulah laas.
Kami leuwih hayang umat Kami nyaraho ka
Kami ti batan dibaktian kurban beuleuman.
[7] Tapi kakara ge maranehna ngasupan
tanahna, kalakuan geus tuluy cara Adam,
ngarempak perjangjian anu ku Kami dijieun
jeung maranehna.
[8] Gilad teh kota anu pinuh ku jelema-jelema
jahat jeung ku tukang maehan.

9 Imam-imam teu beda ti gorombolan
rampog anu ngadodoho jelema rampogeun.
Malah di jalan anu ka tempat suci di Sekem,
maranehna maehan. Sarta eta kajahatanana
teh dihajakeun.
10 Kami geus nangenan hal nu matak
ngerik di Israil, nya eta umat Kami sasatna
geus nganajiskeun dirina, nyarembah ka
brahala-brahala.
11 Kitu keneh maraneh, urang Yuda, dina hiji
waktu maraneh oge ku Kami tangtu dihukum
ku karana kalakuan maraneh.
7 1 Saban Kami niat nambaan umat Kami
Israil sangkan waluya sarta marukti deui,
katenjona teh ngan marigawe kajahatan
jeung kadorakaan bae. Silih tipu jeung pada
batur; babak-bobok jeung pulang-paling ka
imah batur; rarampog ka nu laliwat.
2 Teu kapikir ku uteukna yen sagala
kadorakaanana teh baris kaingetkeun ku
Kami. Pimanaeun Kami rek teu awas kana
dosana anu geus ngalaput dirina."
3 PANGERAN ngandika, "Jalma-jalma jarahat
kalakuanana, sakait nyieun tipu daya ka raja
jeung ka para pajabatna.
4 Maranehna kabeh jalma-jalma hianat
jeung teu saratia. Rasa kaceuceubna kawas
seuneu anu ku tukang roti can disina marong,
samemeh adonanana siap dibeuleum.
5 Waktu raja ngayakeun pesta, raja jeung
para pajabatna ku maranehna disuwuk ku

anggur, ngarinum terus marabok nepi ka siga
nu owah.
6 Cara seuneu dina tungku, nya kitu
niat jahat jeung amarah eta jalma-jalma
sapeupeuting marong dina hatena, sarta dina
poe isukna amarahna ngajegur hurung.
7 Kasundut ku seuneu amarahna, maranehna
maraehan para pamingpinna. Raja-rajana
diparaehan patuturut, tapi taya saurang-
urang acan anu sasambat menta tulung ka
Kami."
8 PANGERAN ngandika, "Urang Israil teu
beda ti roti nu asak sabeulah. Maranehna
mercayakeun diri ka bangsa-bangsa sejen,
9 teu karasaeun yen percaya ka bangsa
sejen teh geus ngalantarankeun kakuatan
maranehna musna. Ahir riwayat maranehna
geus tereh nepi, tapi maranehna teu
nyaho-nyahoeun acan.
10 Kaangkuhan urang Israil netelakeun
kasalahanana. Tapi maranehanana teu kalis
ku nu enggeus-enggeus, tetep henteu tarobat
ka Kami, PANGERAN Allahna.
11 Israil kawas japati bodo hihiberan
pundah-pindah; jalma-jalmana mimitina
marenta tulung ka Mesir, ti dinya lumpat ka
Asur!
12 Tapi ku Kami rek dipasangan jaring, lamun
maranehna laliwat rek ditewakan cara manuk.
Kajahatan maraneh ku Kami baris dihukum
anu satimpal.

13 Cilaka maranehna! Geus naringgalkeun
Kami, ngaralawan ka Kami. Ku Kami
rek diancurkeun. Kami lain teu hayang
nyalametkeun maranehna, tapi percayana ka
Kami teh palsu.
14 Sasambatna ka Kami henteu saenyana,
kalah ka meubeut-meubeutkeun maneh
jeung gerang-gerung cara umat brahala. Ari
ngadoa marenta gandum jeung anggur teh
bari narurihan maneh cara umat brahala!
15 Teu kalis Kami anu ngurus ti leuleutik ka
maranehna nepi ka jadi kuat, teu burung
goreng bae maksudna ka Kami.
16 Maranehna tetep nonggongan ka Kami,
ngadon nyanghareup ka hiji aallahan anu
teu walakaya. Maranehna saibarat gondewa
bingkeng, teu bisa dipercaya. Pamingpin-
pamingpinna ku lantaran garede omong baris
tiwas dipergasa, bari diseungseurikeun ku
urang Mesir."
8 1 PANGERAN ngandika, "Sadakeun
tangara! Musuh geus narajang nagri Kami
saperti heulang nyuruwuk! Umat Kami geus
megatkeun perjangjian antara Kami jeung
maranehna jeung ngalawan pangajaran Kami.
2 Sanajan maranehna nyarebut Kami teh
Allahna, jeung ngarakukeun yen maranehna
teh umat anu warawuh ka Kami,
3 tapi maranehna arembung narima hal-hal
anu hade. Ku sabab kitu maranehna baris
diudag-udag ku musuh.

4 Umat Kami milih raja-rajana, tapi
nurutkeun pamilihna sorangan bae. Ngangkat
para pamingpinna, tapi teu marenta mupakat
Kami heula. Maranehna nyarokot perakna
jeung emasna dijarieunan arca brahala, jalan
picilakaeunana sorangan.
5 Kami ijid kana arca sapi emas anu
disarembah ku urang Samaria. Kacida
Kami ambekna ka urang dinya. Iraha rek
areureunna nyararembah ka arca teh?
6 Eta arca teh beunang nyieun hiji tukang,
urang Israil, sama sakali lain Allah! Eta arca
sapi emas anu disarembah di Samaria teh
bakal dibantingkeun nepi ka bubuk!
7 Umat Kami tebar angin, bakal panen angin
topan! Gandum di kebonna moal arasak, moal
mere hasil pikeun dijieun roti. Sanajan bisa
asak ge bakal beak dihakan ku bangsa sejen.
8 Israil geus jadi saperti bangsa-bangsa
lian bae, jeung geus euweuh gunana kawas
pariuk nu geus remuk.
9 Bedegong, kawas kalde leuweung, marawa
karep sorangan. Maranehna arindit nyaluuh
ka Asur menta pitulung, sarta mayar ka
bangsa-bangsa sejen menta ditangtayungan.
10 Tapi ku Kami rek buru-buru dirampid
sina ngumpul, rek dihukum. Moal lila deui
maranehna bakal pupurilitan bakating ku
ngarasa nyeri digencet ku raja Asur.
11 Beuki loba urang Israil nyarieunan altar
anu maksudna keur ngalebur dosa, malah

jadi beuki loba tempat geusan maranehna nyieun dosa.
12 Kami geus loba pisan nulis pangajaran keur maranehna, tapi ditarolak, disebutkeun pangajaran aneh tur asing.
13 Maranehna mere kurban ka Kami, sarta ngahakan daging eta kurban. Tapi Kami, PANGERAN, teu resep ka maranehna. Ayeuna dosa-dosana ku Kami rek diinget-inget sarta maranehna rek dihukum. Ku Kami rek dipulangkeun deui ka Mesir!
14 Urang Israil nyarieunan karaton, tapi mopohokeun ka Khalikna. Urang Yuda nyarieunan kota-kota benteng. Tapi Kami rek ngadatangkeun seuneu sina ngaduruk karaton-karaton jeung kota-kota maranehna."
9 1 Eh urang Israil, geura eureunan pesta-pesta cara adat bangsa sejen teh! Maraneh geus naringgalkeun Allah, teu satia ka Mantenna. Di sakuliah nagri maraneh ngajarual diri ka Dewa Baal, cara awewe palacuran, jeung sarenang hate nampa gandum anu majar buruhan ti eta dewa.
2 Tapi sakeudeung deui maraneh bakal kakurangan gandum jeung minyak jetun, sumawonna anggur mah moal aya.
3 Urang Israil moal tumuluy ngarancikna di tanah nu ti PANGERAN, bakal baralik deui ka Mesir. Ari nu di Asur bakal kapaksa ngadahar anu diharamkeun.

4 Di nagri-nagri asing maranehna moal
bisa ngabaktikeun anggur ka PANGERAN,
pamohalan bisa ngabaktikeun kurban ka
Mantenna. Anu didalaharna matak najis ka
sing saha nu ngadaharna, cara kadaharan
anu didahar dina upacara nguburkeun.
Dahareunana ngan cukup keur nyocokan
lapar maranehna sorangan, saeutik ge moal
bisa dibawa pikeun dibaktikeun di Bait Allah.
5 Jadi lamun geus waktuna ngayakeun
pesta-pesta agama pikeun ngamulyakeun
Allah, rek kumaha pipetaeun maranehna?
6 Lamun eta bahla geus datang, jalma-
jalma bakal paburisat, tapi ku urang
Mesir bakal disaksrak jeung dikumpulkeun
dikumpulkeun, baris tuluy dikalubur di
Mempis! Pependeman perakna, kitu deui
urut paimahan maranehna bakal kalindih ku
jujukutan jeung rungkun-rungkun cucuk.
7 Waktu pikeun ngahukum geus datang,
geus waktuna eta jalma-jalma teh narima anu
satimpal jeung kalakuanana. Lamun eta geus
kajadian, kakara ku Israil bakal karasa! Ceuk
maraneh, "Ieu jelema anu kasurupan teh teu
eling, nabi gelo." Maraneh sakitu ijidna ka
kami, lantaran dosa maraneh kacida gedena.
8 Kami teh diutus ku Allah, jadi nabi, pikeun
ngelingan Israil, umat-Na. Tapi ka mana
ge kami leumpang ku maraneh ditaheunan
kawas manuk. Sakieu di tanah kagungan
Allah, nabi-nabi dianggap musuh.

9 Kajahatan maranehna geus pohara, sarua
jeung kalakuanana waktu maratuh di Gibea.
Dosana bakal diemutkeun pisan ku Allah
sarta tangtu bakal dihukum.
10 PANGERAN ngandika, "Basa Kami mimiti
manggihkeun Israil, Kami mani asa nimu
buah anggur di gurun keusik. Barang mimiti
papanggih jeung karuhun maneh, mani asa
nenjo buah kondang anu asak pangheulana.
Tapi sanggeus maranehna narepi ka Gunung
Peor, maranehna mimiti ngabarakti ka
Dewa Baal, jadi pikaijideun cara dewa-dewa
pujaanana.
11 Kamulyaan Israil bakal kabur saperti
manuk leupas; awewe-awewena moal aya
anu reuneuh, moal aya barudak lahir.
12 Di ayana ge budak anu dijurukeun,
ku Kami tangtu dirampas, moal aya anu
dihirupan. Cilaka ieu umat lamun ku Kami
geus ditinggalkeun."
13 Nun PANGERAN, kacipta ku abdi anak-
anak maranehna diboro sapertos sato, teras
diparaehan.
14 Naon anu kedah disuhunkeun ku abdi
ka Gusti kangge ieu jalmi-jalmi? Langkung
sae para wanitana sina garabug, sina ulah
barisaeun nyusuan orokna!
15 PANGERAN ngandika, "Sagala
kajahatanana dimimitianana teh di
Gilgal. Nya di dinya Kami mimiti ijid ka
maranehna. Ku sabab kacida jarahatna, ku

Kami rek diusir ti tanah Kami. Kami moal
mikarunya deui. Para pamingpinna kabeh
geus ngaralawan ka Kami.
16 Urang Israil ibarat tangkal anu akarna
geus garing, hamo baruahan. Hamo
maranehna baroga anak. Sanajan upama
boga, kajeun sakumaha dipikanyaahna, ku
Kami tangtu dipaehan."
17 Allah anu ku kaula dikawulaan rek miceun
umat-Na, lantaran teu narurut ka Mantenna.
Maranehna bakal ngumbara di bangsa-bangsa
sejen.
10 1 Urang Israil saibarat tangkal anggur
anu leubeut buahna. Tapi beuki leubeut
buahna, beuki loba nyieunan altar. Beuki
loba tanahna mere hasil, beuki dialus-alus
tihang-tihang brahalana.
2 Eta bangsa anu serong hate teh baris
tereh nandangan lara ku karana dosana.
Altar-altarna ku Allah bakal diancur-
ancurkeun, tihang-tihang brahalana bakal
dirubuh-rubuhkeun.
3 Moal lila deui eta jalma-jalma bakal
nyarebut, "Urang teu boga raja lantaran teu
sieun ku Allah. Tapi bisaeun ngayakeun naon
raja pikeun urang?"
4 Maranehna ngaromong kosong jeung
nyieun jangji-jangji palsu sarta pamupakatan
anu taya gunana. Hukum geus leungit adilna,
kalah ka ngaruksak cara jukut racun dina
tanah beunang ngawuluku.

5 Jalma-jalma nu caricing di kota Samaria
bakal sarieun jeung prihatin, sabab arca sapi
emasna di Betel geus euweuh. Maranehna
jeung imam-imam anu ngawulaan eta arca
careurik aluk-alukan, narenjo eta arca
dipesek lapis emasna anu murub mubyar.
6 Eta arca bakal diakut ka Asur, dipake upeti
ka raja gede di dinya. Israil geus nurutkeun
hiji rarancang anu ngalantarankeun dirina
bakal meunang era jeung dihina.
7 Rajana bakal ngaleong cara tatal palid di
walungan.
8 Kuil-kuil di puncak pasir Awen,
paranti urang Israil ngabakti ka brahala,
bakal dirubuh-rubuhkeun, altarna bakal
ngajejembrung ku jujukutan jeung cucuk.
Urang Israil bakal sasambat ka gunung-
gunung, "Kuring sumputkeun!" Jumerit ka
pasir-pasir, "Kuring rungkupan!"
9 PANGERAN ngandika, "Ti jaman urang
Israil nyieun dosa di Gibea, nepi ka ayeuna
teu eureun-eureun dosana ka Kami. Ku sabab
kitu nya di Gibea oge maranehna bakal
ditarajang ku perang.
10 Ieu bangsa doraka teh ku Kami rek
ditarajang, rek dihukum. Bangsa-bangsa
sina ngahiji bareng merangan maranehna;
maranehna dihukum lantaran loba pisan
dosana.
11 Israil tadina lir ibarat sapi ngora anu
iceus, daek dipake ngirik gandum. Tapi Kami

geus mutuskeun, pundukna anu alus ayeuna
rek diterapan pasangan jeung rarangken,
rek digawekeun kana pagawean anu leuwih
beurat. Yuda sina narik wuluku, Israil sina
narik garu.
12 Ceuk Kami, Pikeun kaperluan maneh
keneh, maneh kudu ngawuluku tanah
bukaan anyar, melak bibit kaadilan, mupu
berkah-berkah hasil kataatan maneh ka
Kami. Geus waktuna maneh teh ayeuna mah
tobat ka Kami, PANGERAN maneh, sarta Kami
tangtu datang ngocorkeun berkah.
13 Tapi maneh kalah ka melak kagorengan,
mupu kajahatan. Maneh nyatu hasil tina
ngabohong. Ku sabab maneh sumender kana
kareta-kareta perang jeung kana lobana
prajurit,
14 rahayat maneh bakal ditarajang ku
perang, sarta benteng-benteng maneh kabeh
bakal tumpur. Eta perang bakal sarua jeung
perang jaman Raja Salman ngagempur
kota Bet Arbel, indung-indung bareng jeung
barudakna paraeh digilesan.
15 Kitu anu bakal kasorang ku maraneh,
eh urang Betel, lantaran kalakuan maraneh
kacida jahatna! Ari raja Israil bakal paeh ti
barang mimiti perang."
11 1 PANGERAN ngandika, "Kami nyaah
ka Israil ti bubudakna, ku Kami disaur
sina kaluar ti Mesir, diaku anak.

2 Tapi beuki sering disaur, beuki ngajauhan
Kami, umat Kami anggur marere kurban ka
Baal, ngarukus ka arca-arca dewa.
3 Padahal Kami anu ngajar Israil leumpang.
Umat Kami ku Kami dititimang, Kami nu
ngarawatanana, tapi ku maranehna teu diaku.
4 Maranehna ku Kami sok ditatangkeup,
bakat ku deudeuh jeung asih. Ku Kami
dijungjung diteueul-teueulkeun kana pipi.
Kami dongko ngahuapan maranehna.
5 Maranehna teh arembungeun balik ka
Kami, ku sabab kitu rek disina baralik deui ka
Mesir, jeung sina diparentah ku bangsa Asur.
6 Kota-kotana sina kasapu ku perang,
gapura-gapura kotana sina rarubuh. Eta
perang bakal ngagempur umat Kami lantaran
lampah maranehna sakarep-karep.
7 Maranehna murugul naringgalkeun Kami.
Maranehna bakal careurik lantaran diterapan
nandang pasangan, tapi moal aya saurang ge
nu bakal ngalaan pasanganana.
8 Kumaha rek tega Kami ka maneh, Israil?
Kumaha rek tega Kami ninggalkeun ka
maneh? Na tega Kami numpes ka maneh
cara ka Adma atawa migawe ka maneh cara
ka Seboim? Hate Kami moal mikeun! Kaasih
Kami ka maneh kacida gedena.
9 Sakumaha Kami amarahna ge ka maneh,
moal ngahukum. Kami moal deui-deui
numpes ka Israil, karana Kami teh Allah,
lain manusa. Ieu Kami Anu Maha Suci, seja

reureujeungan jeung maraneh. Kami moal
nemonan maraneh bari amarah.
10 Umat Kami bakal naluturkeun ka Kami,
saupama Kami geus ngagaur ka musuh-
musuhna saperti singa. Maranehna bakal
gagancangan muru Kami ti kulon.
11 Ti Mesir maranehna bakal daratang,
garancang tinanding manuk. Nu ti Asur
garancangna tinanding japati. Kami rek mawa
maranehna ka imah-imahna deui. Kami,
PANGERAN, geus ngandika."
12 PANGERAN ngandika, "Urang Israil geus
ngalingkung Kami ku bohong jeung tipu,
sarta urang Yuda tetep keneh ngaralawan ka
Kami, Allah nu suci tur satia.
12 1 Ti bray beurang nepi ka reup peuting,
anu dilampahkeun ku urang Israil
taya pisan paedahna tur ngaruksak. Lampah
hianat jeung kakejeman maranehna beuki
nyebar. Maranehna ngayakeun perjangjian
jeung Asur, sarta ngayakeun hubungan
dagang jeung Mesir."
2 PANGERAN kagungan tudingkeuneun ka
urang Yuda, sarta ka Israil baris ngahukum
ku karana kalakuan jalma-jalmana. Kalakuan
maranehna ku Mantenna tangtu dibales.
3 Yakub, karuhun maranehna, ngajejekan
saderek kembarna waktu aranjeunna di jero
kandungan ibuna keneh. Sanggeus dewasa,
Yakub malah tarung jeung Allah,

4 ngagelutan malaikat tur meunang gelutna.
Ari geus kitu tuluy nangis jeung mundut
diberkahan. Ti dinya Allah ngalayad sarta
ngandika ka Yakub karuhun urang, di Betel.
5 Allah nu disebut bieu, nya eta PANGERAN
Allah Nu Maha Kawasa. PANGERAN teh
jenengana-Na, supaya ku karana eta
jenengan Mantenna disembah.
6 Ku sabab kitu, eh turunan Yakub, sing
percaya ka Allah maraneh, geura baralik deui
ka Mantenna. Sing saratia saenya-enyana,
sarta sing sabar ngadago nu baris dijalankeun
ku Mantenna.
7 PANGERAN ngandika, "Urang Israil sarua
curangna jeung urang Kanaan, resep
ngabobodo langgananana, ngagunakeun
timbangan palsu.
8 Ceuk maranehna, Urang geus beunghar.
Urang pinter cari untung. Moal aya anu bisa
nuduh yen urang beunghar teh meunang
curang.
9 Tapi Kami PANGERAN, Allah maraneh,
anu nungtun maraneh budal ti Mesir, rek
malikkeun deui maraneh caricing di kemah-
kemah, cara barang mimiti didatangan ku
Kami di gurun keusik.
10 Kami geus ngandika jeung mere tetenjoan-
tetenjoan ka nabi-nabi, sarta ku jalan eta
nabi-nabi Kami mere pepeling-pepeling ka
umat Kami.

11 Tapi keukeuh anu disarembah ku
maranehna di Gilad teh brahala-brahala. Eta
anu nyarembah ka brahala-brahala teh tan
wande paraeh. Altar-altar di Gilgal paragi
maranehna ngurban-ngurbankeun sapi, bakal
jadi tumpukan-tumpukan batu di tegal-tegal."
12 Baheula, Yakub karuhun urang, kabur
ka Mesopotamia, sarta di ditu, pikeun
meunangkeun pigeureuhaeun nepi ka
ngawula ka hiji jelema, mangmiarakeun
domba-dombana.
13 PANGERAN geus ngutus hiji nabi,
dipiwarang ngajait sarta ngurus umat-Na anu
keur dikaniaya ku Mesir.
14 Tapi kalakuan urang Israil pohara
matak benduna ka PANGERAN. Maranehna
pantes sina paraeh lantaran kalakuanana
jarahat. Ku PANGERAN tangtu dihukum,
lantaran kalakuanana matak ngarendahkeun
Mantenna.
13 1 Jaman bareto, lamun kaom Epraim
ngomong, kaom-kaom Israil anu
sejenna ngarasa sieun. Kaom Epraim
dipikaserab ku maranehna. Tapi eta kaom
geus nyieun dosa, ngabarakti ka Baal, ku
lantaran kitu maranehna bakal paraeh.
2 Dosana diteruskeun ku nyarieun arca
tina logam pikeun disembah, arca tina
perak, hasil pangreka pikiran manusa,
dijieunna ku leungeun manusa. Kari-kari
ceuk maranehna, "Haturanan kurban eta

arca-arca teh!" Arca-arcana dirupakeun sapi jalu. Heran, manusa-manusa teh nyariuman eta arca-arca!
3 Ku sabab kitu eta jalma-jalma baris leungit,
cara halimun isuk-isuk, cara ibun beak ku poyan,
cara huut ti pangirikan kabawa angin,
cara haseup nu kaluar tina corobong.
4 PANGERAN ngandika, "Ieu Kami PANGERAN, Allah maraneh, anu nuyun maraneh budal ti Mesir. Taya deui Allah maraneh, anu nyalametkeun maraneh, ngan Kami.
5 Kami anu ngaraksa ka maraneh di tanah nu garing di gurun keusik.
6 Tapi sanggeus maraneh arasup ka tanah anu alus, sanggeus beuteung sareubeuh jeung ngarasa taya kakurang, jadi karumaki, paroho ka Kami.
7 Ku sabab kitu, Kami ka maraneh rek nubruk
cara singa, cara meong tutul ngadepong megat maraneh di jalan.
8 Kami rek narajang cara biruang anu kaleungitan anak, maraneh ku Kami rek disasaak. Cara singa, Kami rek ngerekeb maraneh, rek dihakan di dinya keneh. Cara sato galak Kami rek nyasaak maraneh.
9 Ari maraneh, urang Israil, ku Kami rek dibasmi! Saha nu rek nulungan?
10 Maraneh marenta raja jeung pamingpin-pamingpin. Na bisaeun maranehna ngajait bangsa?

11 Bari amarah Kami mere raja-raja ka
maraneh, sarta bari amarah Kami nyokot deui
maranehna.
12 Dosa jeung kadorakaan Israil geus dicatet,
sarta catetanana disimpen hade-hade.
13 Israil geus dibere kasempetan hirup.
Tapi ku sabab gejul, eta kasempetan teh
henteu ditolih, kawas orok geus kari burusut
dijurukeun tapi teu daekeun kaluar tina
pianakan indungna.
14 Ieu jelema-jelema ku Kami moal dijait
ti dunyana nu paraeh, moal direbut tina
kakawasaan ajal. Eh ajal, datangkeun
pagebug! Eh dunyana nu paraeh, datangkeun
panumpes! Kami geus teu karunya ka eta
bangsa.
15 Najan Israil hirupna subur montok cara
jujukutan, Kami rek ngadatangkeun angin
panas ti wetan, ti gurun keusik, anu bakal
ngagaringkeun sakabeh cinyusu jeung
sumur-sumur, nepi ka ngamusnakeun sagala
rupa nu aya hargaan.
16 Samaria kudu dihukum, lantaran ngalawan
ka Kami. Jalma-jalmana bakal paraeh di
pangperangan, orok-orokna bakal dibanting-
bantingkeun kana taneuh, awewe-awewe
reuneuh bakal dibaredelan beuteungna."
14 1 Eh urang Israil, geura baralik deui ka
PANGERAN, Allah maraneh. Maraneh
geus tisoledat jeung tibeubeut ku dosa
sorangan.

2 Geura tarobat ka PANGERAN, sarta ieu
paneda ku maraneh unjukkeun ka Mantenna,
"Mugi hapunten samudaya kalepatan abdi
sadaya, sareng ieu paneda mugi ditampi.
Abdi-abdi sumeja muji ka Gusti, sakumaha
jangji abdi-abdi kapungkur.
3 Urang Asur teu tiasaeun nyalametkeun,
kuda tempur teu tiasa ngabelaan. Moal
deui-deui abdi sadaya nyebatkeun yen
arca-arca brahala teh Allah abdi-abdi. Nun
PANGERAN, mugi kersa mikawelas ka sakur
nu parantos teu gaduh saha-saha kangge
pamuntangan."
4 PANGERAN ngandika, "Kami rek nyokot
umat Kami sina baralik, baris dipikaasih
saiklas-iklasna, amarah Kami ka maranehna
geus leler.
5 Kami ka urang Israil baris jadi saperti
hujan ka tanah nu garing. Maranehna bakal
mekar cara kembang beukah, bakal teguh
kuat akarna, saperti tatangkalan di Libanon.
6 Hirupna baris mulus sarta mekar, tur
endah saperti tangkal jetun, bakal seungit
ngadalingding, saperti tangkal kiputri
Libanon.
7 Hirupna baris aya deui dina pangraksa
Kami, bakal mukti saperti gandum paneneun,
leubeut buahna saperti tangkal anggur di jero
kebon. Maranehna bakal kasohor, sasohor
anggur ti Libanon.

8 Urang Israil moal pakait deui jeung
brahala-brahala, Kami anu baris ngajawab
panyambatna, anu baris miarana, Kami nu
jadi panyalindunganana, ngauban saperti
tangkal nu daunna harejo sapapanjangna.
Nya Kami anu jadi sumber berkah
maranehna."
9 Muga sakur nu bijaksana paham ka nu
ditulis di dieu sarta nyimpen hal eta dina
hatena. Jalan ti PANGERAN kabeh bener, sarta
jalma nu bener lampahna naluturkeun eta
jalan. Sabalikna nu daroraka bakal titarajong
sarta lalabuh lantaran teu daek make eta
jalan.

Yoel

1 [1] Ieu pangandika PANGERAN ka Yoel putra
Petuel:
[2] Eh nu geus karolot, darengekeun! Eh
sakur nu aya di Yuda, regepkeun! Di jaman
maraneh, atawa jaman karuhun maraneh,
naha kungsi aya kajadian kawas kieu?
[3] Caritakeun hal eta ka anak maraneh, anak
maraneh sina nyaritakeun deui ka anak-
anakna, anak maranehna sina nyaritakeun
deui ka turunanana.
[4] Abrulan simeut merul pasusul-susul,
narapuk kana paneneun. Anu nyesa urut
abrulan ieu, beak digalaksak ku abrulan itu.
[5] Eh nu marabok, geura areling jeung
careurik geura tingjarerit eh tarukang nginum
anggur! Sabab buah anggur keur nyieun
inuman geus lebur.
[6] Nagri urang diambreg ku balad simeut,
baredas tur kacida lobana, huntuna saseukeut
huntu singa.
[7] Pelak anggur urang lebur tangkal-tangkal
kondang beak digarayeman, kulitna beak
disaregetan, nepi ka dahan-dahanna boleklak
bodas.
[8] Umat geura midangdam cara mojang
ngabangingik, ditinggalkeun maot ku
pisalakieunana.

9 Taya gandum taya anggur keur
sanggakeuneun ka Bait Allah; imam-imam
prihatin, teu baroga baktikeuneun ka
PANGERAN.
10 Kebon-kebon saruwung, taneuhna
nguyung lantaran gandumna lebur pelak
anggur tangkalna gararing, tangkal jetun
aralum.
11 Para patani geura nalangsa, nu ngarebon
anggur geura ngarungun, lantaran gandum
jeung hanjeli, sagala rupa paneneun ruksak
binasa.
12 Tangkal-tangkal anggur aralum, tangkal-
tangkal kondang parerang, tangkal bubuahan
ngarangrangan terus paraeh, kasuka
jalma-jalma geus sirna.
13 Eh imam-imam anu laladen di altar, geura
dibaraju karung jeung careurik! Geura arasup
ka Bait Allah jeung midangdam sapeupeuting!
Lantaran geus euweuh gandum jeung anggur
pikeun baktikeuneun ka Allah maraneh.
14 Parentahkeun, jalma-jalma sina paruasa;
umumkeun yen kudu ngayakeun sidang!
Kumpulkeun para pamingpin jeung sakabeh
urang Yuda ka Bait Allah, gedong PANGERAN
Allah maraneh, sina sasambat ka Mantenna.
15 Poena PANGERAN tereh datang, poena
Nu Maha Kawasa baris ngadatangkeun
karuksakan. Eta poe estu matak sieun!
16 Urang ngan semet bisa melong gandum
paneneun urang diruksak. Di Bait Allah

kagungan Allah urang geus teu aya kahegaran.
17 Binih paraeh dina taneuh garing. Geus euweuh gandum keur simpeneun, leuit-leuit jadi karosong jeung tingtalambru.
18 Sapi-sapi tingaremoh bangun susah, sampalanana teu jarukutan; domba-domba kalaparan.
19 Abdi sasambat ka Gusti, nun PANGERAN, jalaran sampalan sareng tatangkalan gararing, sapertos anu diduruk ku seuneu.
20 Malah sato-sato alas ge sasambat ka Gusti, jalaran walungan-walungan ngoletrak saraat.
2 1 Tiup tarompet! Sadakeun tangara di Gunung Sion, gunung suci Allah. Ngadegdeg, eh urang Yuda! Karana poena PANGERAN tereh datang.
2 Poe eta bakal angkeub jeung poek, hideung kasaput ku mega. Bakal datang balad simeut, kacida lobana, lir poek ngarungkupan gunung-gunung. Ti baheula acan aya nu sarupa kitu, jeung engkena moal aya deui.
3 Saperti seuneu, eta simeut-simeut ngakan beak pepelakan. Memeh disorang ku eta, tanah teh lir Taman Eden, sanggeus disorang, geus jadi tegal burindil, sagalana taya nu kalarung.
4 Eta simeut-simeut bangunna siga kuda, laju lumpatna saperti kuda tempur.

5 Waktu tingaracleng di puncak-puncak
gunung, tinggarerit sada kareta perang,
jeung tingbeletok sada jarami kahuru, tur
siga ditata lir pasukan prajurit siap tempur.
6 Ana eta maju beuki deukeut, jalma-jalma
kabeh miris, beungeutna sarepa.
7 Nararajang lir para prajurit, naraekan
tembok lir para serdadu. Laju lempeng muru
ka hareup, teu pungkal-pengkol
8 atawa nyedek ka jalan baturna. Maju
bareng norobos kabeh panghalang, taya nu
bisa megatan.
9 Breg ambreg ka jero kota, ngaluncatan
tembok-tembok, naraekan imah-imah, terus
arasup tina jandela kawas bangsat.
10 Mun eta geus maju, bumi inggeung
langit oyag panonpoe jeung bulan jadi poek
bentang-bentang pareum cahayana.
11 Gentra PANGERAN jumegur ngatur
tentara-Na. Balad-Na nya gede nya rosa, taat
kana parentah-Na. Poena PANGERAN matak
sieun kabina-bina. Saha nu bisa tagen?
12 PANGERAN nimbalan, "Tapi ayeuna keneh
geura tarobat sing bener, geura baralik deui
ka Kami, kalawan puasa jeung midangdam.
13 Tembongkeun yen hate maraneh rakacak
ku rasa kaduhung, teu cukup ku nyosoeh
pakean." Geura baralik deui ka PANGERAN,
Allah maraneh, Mantenna bageur jeung
karunyaan, sabar sarta pengkuh kana jangji,

salilana kersa maparin hampura, moal ngahukum.
14 Sugan bae PANGERAN Allah maraneh kersa robah manah-Na, sarta ngaberkahan maparin loba paneneun, sangkan maraneh bisa ngabaktikeun gandum jeung anggur ka Mantenna.
15 Tiup tarompet di Gunung Sion, parentahkeun kudu paruasa, embarkeun yen kudu ngayakeun musawarah!
16 Jalma-jalma sina kumpul, sina ngayakeun gempungan suci. Nu karolot kudu jonghok, barudak jeung orok-orok ge bawa. Malah nu alanyar kawin ge kudu marilu, sina kalaluar ti imah-imahna.
17 Para imam anu laladen ka PANGERAN antara altar jeung lawang Bait Allah, kudu sasambat bari careurik: "Nun PANGERAN, sing hawatos ka umat Gusti. Abdi-abdi ulah diantep dihina ku bangsa sanes, sareng dipoyok ku ucapan, Mana Allah maraneh teh?"
18 Geus kitu PANGERAN kersa malire deui ka tanah-Na, sarta hawatoseun ka umat-Na.
19 Panyambat maranehna diwaler: "Ayeuna maraneh rek dibere deui gandum, Maraneh tangtu sugema jeung moal dihina deui ku bangsa batur.
20 Eta balad simeut anu daratangna ti kaler, ku Kami rek disingkirkeun. Sawareh rek diusir ka gurun keusik. Barisan hareupna

rek diusir ka Laut Paeh, barisan tukangna
ka Laut Tengah. Ku Kami rek dibasmi,
bangke-bangkena disina bau, lantaran geus
nyilakakeun ka maraneh.
21 Lahan-lahan, maraneh ulah sarieun,
masing saruka jeung barungah ku damel
PANGERAN ka maraneh.
22 Sato-sato, maraneh ulah sarieun.
Sampalan-sampalan harejo tatangkalan
baruahan, loba kondang, loba anggur.
23 Urang Sion, maraneh sing barungah, sing
saruka ku damel PANGERAN Allah maraneh,
ka maraneh. Mantenna maparin cukup hujan
dina usum muguran, nurunkeun hujan dina
usum tiis, sarta dina usum semi, cara sasari.
24 Tempat-tempat pangirikan bakal parinuh
ku gandum, bak-bak gigireun pameresan
bakal mudal ku anggur jeung minyak jetun.
25 Naon-naon anu geus musna sajeroning
taun-taun panen maraneh beak ku simeut,
ku Kami rek dipulihkeun, sabab Kami anu
ngadatangkeun eta balad simeut.
26 Maraneh bakal loba dahareun, bakal
sareubeuh, bakal maruji ka PANGERAN Allah
maraneh, anu geus midamel kaajaiban-
kaajaiban pikeun maraneh. Umat Kami moal
aya nu ngahina deui.
27 Sanggeus kitu maneh, Israil, bakal
ngarasa yen Kami aya di tengah-tengah
maneh, sarta taya deui Allah maraneh, ngan

Kami, PANGERAN. Umat Kami moal aya nu
ngahina deui."
28 "Geus kitu Kami bakal ngeusikeun roh
Kami ka unggal jalma. Anak maraneh lalaki
awewe bakal ngucapkeun amanat-amanat
Kami. Nu geus karolot bakal marareunang
impian, nu ngarora bakal marareunang
tetenjoan.
29 Malah badega-badega, awewe, lalaki
waktu eta bakal dieusian ku roh Kami.
30 Mangsa eta Kami rek nyieun tanda-
tanda galagat di langit, kitu deui di bumi,
bakal aya caah getih, seuneu, jeung
gumpelan-gumpelan haseup.
31 Panonpoe bakal jadi poek, bulan jadi
beureum kawas getih. Eta kabeh bakal
kajadian memeh cundukna poena PANGERAN
anu pohara hebatna jeung pikasieuneunana.
32 Tapi sing saha anu menta tulung ka
PANGERAN, tangtu dirahayukeun, sakumaha
timbalan PANGERAN, Nu araya di Yerusalem,
sawareh aya nu bakal salamet; saha-saha
anu ku Kami kapilih, tangtu rahayu."
3 1 PANGERAN ngandika, "Mangsa eta, Yuda
jeung Yerusalem ku Kami rek disina mukti
deui.
2 Kami rek ngumpulkeun bangsa-bangsa, rek
digiring ka Lebak Pangadilan. Di dinya, sagala
kalakuanana ka umat Kami rek diadilan.
Maranehna geus ngacak-ngacak urang Israil,

dibacacarkeun di nagri-nagri sejen, jeung
geus ngabagi-bagi Israil, tanah Kami.
3 Maranehna ngalung dadu, ngundi saha nu
bakal meunang tawanan. Barudak awewe
lalaki dijarual, dijieun budak beulian, duitna
dipake lacur jeung meuli inuman.
4 Rek dijieun kumaha Kami ku maraneh, eh
Tirus, Sidon, jeung wilayah Pelisti sakuliahna?
Maraneh rek males pulih ka Kami? Lamun
enya kitu, Kami ge baris gancang ngabales
deui ka maraneh.
5 Maraneh geus ngarampasan perak jeung
emas milik Kami, sarta ngakut harta kakayaan
Kami ka kuil-kuil maraneh.
6 Maraneh geus ngaboyong urang Yuda
jeung urang Yerusalem, dijauhkeun ti nagrina
sorangan sarta dijarual ka urang Yunani.
7 Ayeuna ku Kami rek dicokot deui ti dinya,
ti tempat dijualna. Kalakuan maraneh ka
maranehna ku Kami rek dibales.
8 Anak maraneh, awewe, lalaki, ku Kami rek
dijual ka urang Yuda, sarta ku maranehna
baris dijarual deui ka nu jauh, ka urang
Syeba. Kami, PANGERAN, geus ngandika.
9 Embarkeun kieu ka sakabeh bangsa: Geura
tatan-tatan perang, panggil prajurit-prajurit,
kumpulkeun serdadu-serdadu, terus maju!
10 Mata-mata wuluku jieunan pedang,
peso-peso pangkas jieunan tumbak. Nu
halengker oge kudu milu jurit.

11 Eh bangsa-bangsa sakurilingna, masing
gancang dararatang, karumpul di ditu di
lebak." Nun PANGERAN, kintunkeun balad
Gusti, sina narajang ka maranehna.
12 "Eta bangsa-bangsa sina tatan-tatan, sina
maruru ka Lebak Pangadilan. Di dinya Kami,
PANGERAN, baris ngaadilan bangsa-bangsa
nu araya di sakurilingeun umat Kami.
13 Maranehna pohara jarahatna. Babad
rubuh cara ngababad gandum dina usum
panen, giles ancur cara ngagiles buah anggur
anu mucung dina pameresan, nepi ka cai
anggurna mudal.
14 Mangrebu-rebu lobana nu araya di Lebak
Pangadilan. Nya di dinya poena PANGERAN
bakal gancang-gancang datang.
15 Panonpoe jeung bulan jadi poek,
bentang-bentang pareum cahayana."
16 PANGERAN ngagaur ti Gunung Sion,
gentra-Na ngageleger ti Yerusalem, bumi
jeung langit aringgeung. Tapi umat-Na mah
baris diraksa.
17 "Maneh, Israil, mun geus kitu bakal nyaho,
yen Kami teh PANGERAN, Allah maraneh,
Kami jumeneng di Sion, gunung Kami anu
suci. Yerusalem bakal jadi kota suci, moal
karebut deui ku bangsa sejen.
18 Mangsa eta, gunung-gunung bakal
katutup ku kebon anggur, pasir-pasir pinuh
ku ingon-ingon, di sakuliah Yuda bakal loba

cai. Hiji walungan bakal ngocor ti Bait Allah
PANGERAN nyaian Lebak Akasia.
19 Ari Mesir bakal jadi gurun keusik, Edom
bakal burakrakan taya jalmaan, lantaran
maranehna geus narajang nagri Yuda, jeung
maehan rahayat anu teu salah.
20 Kami rek mangmaleskeun sakur anu geus
diparaehan, nu maraehanana moal dihirupan.
21 Tapi Yuda jeung Yerusalem salawasna
bakal aya pangeusina, sarta Kami,
PANGERAN, baris matuh di Gunung Sion."

Amos

1 [1] Ieu kasauran Amos, pangangon domba
ti kota Tekoa. Dua taun samemeh aya
kajadian lini, waktu Usia ngarajaan nagri
Yuda jeung Yarobam putra Yoas ngarajaan
nagri Israil, Allah ka Amos ngawahyukeun
hal-hal ngeunaan Israil.
[2] Saur Amos, "PANGERAN ngagaur ti Gunung
sion, gentrana ngageleger ti Yerusalem.
Sampalan-sampalan gararing, Gunung
Karmel jukutna perang."
[3] Dawuhan PANGERAN, "Urang Damsik
pek deui, pek deui migawe dosa. Ku sabab
kitu geus pasti ku kami baris dihukum.
Maranehna geus migawe kakejeman anu
pohara biadabna ka urang Gilad.
[4] Karaton buatan Raja Hasael ku kami rek
dibeakkeun ku seuneu, benteng-benteng Raja
Benhadad rek dihuru.
[5] Gapura-gapura Damsik rek diburak-barik.
Pangeusi Lebak Awen jeung raja di Bet Eden
rek disingkirkeun. Urang Siria sina dibuang
ka tanah Kir."
[6] Dawuhan PANGERAN, "Urang Gasa pek
deui, pek deui migawe dosa. Ku sabab kitu
geus pasti ku Kami baris dihukum. Maranehna
geus ngerid hiji bangsa sagemblengna dijieun
jalma beulian, dijual ka urang Edom.

7 Kuta-kuta Gasa ku Kami rek dibeakkeun ku
seuneu, benteng-bentengna rek dihuru.
8 Para pangereh kota Asdod jeung Askelon
ku kami rek disingkirkeun. Kota Ekron arek
dihukum, sarta urang Pelisti nu taringgaleun
bakal paraeh."
9 Dawuhan PANGERAN, "Urang Tirus pek
deui, pek deui migawe dosa. Ku sabab kitu
geus pasti ku kami baris dihukum, sabab
geus ngerid hiji bangsa sagemblengna ka
pangbuangan di Edom, ingkar tina jangji seja
duduluran.
10 Kuta-kuta Tirus arek dibeakkeun ku
seuneu, bentengna rek dihuru."
11 Dawuhan PANGERAN, "Urang Edom pek
deui, pek deui migawe dosa. Ku sabab kitu
geus pasti ku Kami baris dihukum. Sakitu
ka dulur-dulurna, ka Israil, nempuh tur taya
rasrasan, amarahna taya watesna, henteu
lemper-lemper.
12 Ku sabab kitu kota Tman arek dibeakkeun
ku seuneu, benteng-benteng di Bosra rek
dihuru."
13 Dawuhan PANGERAN, "Urang Amon
pek deui, pek deui migawe dosa. Ku sabab
kitu geus pasti ku kami baris dihukum.
Waktu maranehna perang pikeun ngalegaan
wewengkonna, di Gilad nepi ka ngabedelan
beuteung awewe-awewe nu keur rareuneuh.
14 Kuta-kuta Raba arek dibeakkeun ku
seuneu, benteng-bentengna rek dihuru. Dina

poean perang, di dinya bakal tingjarerit, sarta
anu tarung ragotna lir angin ribut.
15 Rajana jeung para pajabatna bakal diakut
ka pangbuangan."
2 1 Dawuhan PANGERAN, "Urang Moab pek
deui, pek deui migawe dosa. Ku sabab
kitu geus pasti ku Kami baris dihukum.
Maranehna geus ngapeskeun tulang-taleng
raja Edom, diduruk dijieun lebu.
2 Nagri Moab ku Kami rek dibeakkeun
ku seuneu, jeung benteng Keriot arek
dihuru. Urang Moab bakal paraeh dina
guyurna perang, dibarung ku gorowokna
serdadu-serdadu jeung sora tarompet.
3 Pangereh jeung para pamingpin nagri Moab
ku Kami bakal diparaehan."
4 Dawuhan PANGERAN, "Urang Yuda pek
deui, pek deui migawe dosa. Ku sabab kitu
geus pasti ku Kami baris dihukum. Maranehna
geus miceun pangajaran Kami, henteu
ngarestokeun parentah-parentah Kami.
Geus disasabkeun ku allah-allah palsu nu
disarembah ku karuhun-karuhunna baheula.
5 Ku sabab kitu Yuda ku Kami rek dibeakkeun
ku seuneu, benteng-benteng Yerusalem arek
dihuru."
6 Dawuhan PANGERAN, "Urang Israil pek
deui, pek deui migawe dosa. Ku sabab kitu
geus pasti ku Kami baris dihukum. Maranehna
ngajual jalma anu jalujur dijieun jalma
beulian, pedah teu barisaeun mayar hutang

lantaran mariskin, sendal sapasang ge teu kuat nebus.
7 Nu lalemah jeung taya daya dikekeyek dikaniaya, nu mariskin disina nyalingkir. Anak jeung bapa sapatemon jeung badega awewe anu eta keneh, ngapeskeun kasucian jenengan Kami.
8 Di saban tempat ibadah harees make papakean beunang nyokot ti nu mariskin dijieun tandon hutang. Di jero Bait Allah ngarinum anggur beunang nyokot ti nu baroga hutang ka maranehna.
9 Tapi, eh umat Kami, pang Kami numpes urang Emor anu jarangkung lir tangkal kiputri tur karuat lir tangkal jati teh keur maraneh.
10 Maraneh ku Kami dikaluarkeun ti Mesir, dibawa meuntasan gurun keusik lilana opat puluh taun, tuluy dibere tanah urut urang Emor pikeun dijadikeun nagri maraneh sorangan.
11 Sawatara anak maraneh aya nu ku Kami dipilih jadi nabi, sawatara nonomanana aya anu dijadikeun Nasir. Lain kitu, eh urang Israil? Kami PANGERAN, kapan geus ngandika.
12 Tapi Nasir-nasir teh ku maraneh disina ngarinum anggur, sarta nabi-nabi dilarang nepikeun pangandika Kami.
13 Ayeuna maraneh ku Kami rek didedetkeun kana taneuh nepi ka ngadengek, kawas padati ngageret beurat teuing ku gandum.

14 Anu tarik lumpat ge moal bisa lolos,
nu baredas tanagana bakal musna,
serdadu-serdadu moal bisa nyalametkeun
diri.
15 Anu nyarikep jamparing moal bisa
tagen, nu tarik lumpat moal bisa ngejat,
nu tarumpak kuda moal bisa kabur mawa
nyawana.
16 Prajurit nu pangwanianana ge poe eta
mah bakal miceun pakarangna tuluy kabur."
Kitu timbalan PANGERAN.
3 1 Eh, urang Israil, darengekeun ieu
pangandika ti PANGERAN perkara
maraneh, sakumna bangsa anu ku Mantenna
enggeus dijait ti Mesir. Kieu pangandika-Na,
2 "Ti sakumna bangsa sajagat, ngan maraneh
anu ku Kami diperhatikeun jeung diurus. Eta
sababna dosa maraneh teh pohara, sarta
eta sababna dosa maraneh ku Kami bakal
dihukum."
3 Naha bisa dua jalma indit babarengan
lamun teu badami heula?
4 Ari singa di leuweung naha osok ngagaur
lamun tacan manggih mangsa? Ari singa
ngora naha osok ngagerem dina guhana
lamun tacan beubeunangan?
5 Ari manuk naha beunang kaleugeut lamun
henteu dibibitaan heula ku eupan? Ari senteg
naha sok ngajeplak lamun taya nu narajang?
6 Lamun tarompet perang geus disadakeun,
naha lain matak ngadegdeg pangeusi kota?

Naha balahi bisa tumiba ka hiji kota lamun
lain kersaning PANGERAN?
7 PANGERAN Nu Maha Agung moal waka
midamel naon-naon samemeh ngawahyukeun
heula rarancang Mantenna ka para abdi-Na,
nya eta nabi-nabi.
8 Lamun singa ngagaur saha anu teu
ngarasa gimir? Lamun PANGERAN Nu Maha
Agung geus ngandika, saha anu bisa nyegah
sangkan ulah aya anu ngembarkeun?
9 Umumkeun ka nu caricing di karaton Mesir
jeung karaton Asdod, kieu: "Geura kumpul
di pasir-pasir nu ngalingkung Samaria. Tenjo
kumaha poharana kakusutan jeung kajahatan
di dinya."
10 Dawuhan PANGERAN, "Eta jalma-jalma
ngareusian gedong-gedongna anu galede
ku barang-barang hasil kajahatan jeung
katelengesan. Maranehna malah nepi ka teu
nyarahoeun sangkan jujur teh kudu kumaha.
11 Ku sabab kitu nagrina bakal dikepung
ku musuh, pertahananana bakal tumpur,
gedong-gedongna ahu galede bakal dirayah."
12 Dawuhan PANGERAN, "Saperti domba
anu dihakan singa, anu beunang deui ku nu
ngangonna ngan sukuna sapasang atawa
ngan ceulina sabeulah, urang Samaria oge,
anu ayeuna keur senang-senang ngaredeng
dina katil nu aralus, engke ngan kari saeutik.

13 Ayeuna darengekeun, sarta turunan Yakub
bere nyaho," timbalan PANGERAN Nu Maha
Agung jeung Maha Kawasa.
14 "Dina poean Kami ngahukum urang
Israil, altar-altar di Betel ku Kami baris
digempur, tungtung-tungtung juruna rek
dipotong-potongkeun sina ragragan kana
taneuh.
15 Imah-imahna paragi musim tiis jeung
musim panas rek diancur-ancurkeun. Imah-
imah anu dihias ku gading rek diburak-barik.
Imah-imah galede kabeh rek digempur."
4 1 Darengekeun, eh awewe-awewe
urang Samaria, anu beuki lalintuh siga
sapi-sapi Basan anu alus parab, tukang
neungteuinganan anu lalemah, tukang
ngajepit nu miskin, tukang ngurihit ka salaki
menta dicukup inuman keras!
2 PANGERAN Nu Maha Agung tur suci geus
ikrar kieu, "Poena bakal datang maranehna
bakal digusur ku kakait kawas lauk anu kakait
ku useup.
3 Maraneh bakal disered kana tembok
beulah anu pangnampeuna, dicentok lung
dibelewerkeun."
4 PANGERAN Nu Maha Agung ngadawuh, "Eh
urang Israil, geura ka Betel tempat nu suci.
Pek diditu nyieun dosa ari kudu mah! Geura
ka Gilgal, pek di ditu nyieun dosa sing puas!
Jig ka daritu mawa sato keur kurbankeuneun

saban isuk, jeung mere perpuluhan saban tilu poe sakali.
5 Jig geura ngabaktikeun roti tanda nganuhunkeun ka Allah, tuluy agul-agul pedah ngabaktikeunana dileuwihan! Memang kitu karesep maraneh!
6 Kota-kota maraneh kabeh didatangan bahla kalaparan. Kami anu ngadatangkeunana, tapi maraneh henteu baralik deui ka Kami.
7 Waktu pepelakan maraneh kacida perluna ku hujan, hujan ku Kami ditahan. Kami nurunkeun hujan ka kota nu ieu, tapi ka kota nu itu mah henteu. Hujan turun ka lahan nu ieu, lahan nu itu mah angger garing.
8 Bari lalungse lantaran halabhab, jalma-jalma ti sababaraha kota arindit ka kota sejen, ngarep-ngarep sugan manggih cai, tapi di batur ge cai teu cukup keur nginum-nginum acan. Tapi angger maraneh henteu baralik deui ka Kami.
9 Kami ngirimkeun angin panas, pepelakan maraneh nepi ka parerang. Kebon-kebon maraneh, kebon anggur, tangkal kondang, tangkal jetun, beak digalaksak ku simeut. Tetep keneh maraneh henteu baralik deui ka Kami.
10 Maraneh dikeunaan pagebug kawas pagebug anu di Mesir. Barudak ngorana ku Kami disina paraeh dina perang, kuda maraneh dijarah. Irung maraneh ku Kami dipinuhan ku bau bangke anu meleber ti

pakemahan maraneh. Tapi tetep maraneh henteu baralik deui ka Kami.
11 Maraneh sawareh ku Kami ditumpes, sakumaha Kami numpes Sadumu jeung Gomora. Anu harirup keneh ge geus kawas kayu tutung sesa kabeuleum. Tapi angger keneh bae, maraneh henteu baralik deui ka Kami," timbalan PANGERAN.
12 "Ku sabab kitu, eh urang Israil, maraneh geus pasti ku Kami dihukum. Pek geura sadia nyanghareupan hukuman ti Kami!"
13 Nya Allah nu ngadamel gunung-gunung, nu ngayakeun angin. Eusi manah-Na ditembrakkeun ka manusa. Mantenna anu ngaganti beurang ku peuting, anu angkat dina puncak bumi. Jenengana-Na, PANGERAN Allah Nu Maha Kawasa.
5 1 Darengekeun eh urang Israil, darengekeun ieu lagu anu ngalengis:
2 Parawan Israil geus tibeubeut, hamo menyat deui! Ngajoprak dina taneuh pada ninggalkeun, taya nu haat nulungan.
3 PANGERAN Nu Maha Agung ngandika, "Hiji kota di Israil ngiangkeun sarebu prajurit, nu bisa mulang ngan saratus. Kota nu hiji deui ngiangkeun saratus, nu bisa mulang ngan sapuluh."
4 Dawuhan PANGERAN ka urang Israil, "Hiap ka Kami, tangtu rahayu.
5 Lamun rek ngabarakti ulah arindit ka Bersyeba. Mun arek neangan Kami ulah

ka Betel, sabab Betel bakal tumpur. Ulah neangan ka Gilgal, sabab urang Gilgal bakal cilaka diboyong."
6 Geura datang ka PANGERAN sangkan rahayu. Upama henteu tarobat, tinangtu Mantenna nyamber saperti seuneu ka urang Israil. Seuneu bakal ngaduruk urang Betel, seuneuna moal aya nu bisa mareuman.
7 Cilaka maraneh, eh tukang nangtang kaadilan, tukang ngalanggar hak pada jalma!
8 PANGERAN ngadamel bentang-bentang, bentang Tujuh jeung Orion. Mantenna ngaganti poek ku caang, ngaganti beurang ku peuting. Mantenna nyaur cai ti laut, dikucurkeun ka daratan. Jenengan Mantenna PANGERAN.
9 Mantenna numpes anu karawasa katut pertahananana.
10 Maraneh ijid ka sakur anu ngalawan kateuadilan jeung ka nu ngomong saenyana di pangadilan.
11 Maraneh ngajepit nu mariskin, ngarampasan gandumna. Ku sabab kitu, maraneh moal bisa nyicingan imah-imah gedong beunang maraneh nyieun. Moal bisa nginum anggur ti kebon anggur beunang maraneh melak.
12 Sabab tetela pisan ka Kami dosa maraneh pohara gedena, kajahatan maraneh teu kira-kira. Maraneh nyusahkeun jalma-jalma anu balener. Maraneh resep disogok, sarta

nyegah sangkan nu mariskin ulah meunang kaadilan di pangadilan.
13 Anu matak, dina jaman anu jahat kawas kitu mah jalma teh leuwih utama lamun cicing.
14 Usahakeun migawe nu bener, ulah migawe nu jahat, supaya bisa hirup. Lamun kitu, PANGERAN, Allah Nu Maha Kawasa bakal kersaeun nyarengan, sakumaha pamenta maraneh.
15 Kudu ijid kana kajahatan, pikaresep lampah bener, adegkeun kaadilan di pangadilan, malakmandar PANGERAN kersaeun mikawelas ka nu harirup keneh di ieu bangsa.
16 PANGERAN Nu Maha Agung jeung Maha Kawasa, nimbalan, "Di unggal jalan di kota, jalma-jalma bakal careurik aluk-alukan. Malah patani-patani ge bakal dicaralukan diajak nyeungceurikan nu geus paraeh, bareng jeung jalma-jalma anu diupah nyeungceurikan.
17 Di kebon-kebon anggur ge bakal aya nu maridangdam. Hal eta tangtu kajadian, sabab Kami tangtu datang ngahukum maraneh." Kitu timbalan PANGERAN.
18 Cilaka maraneh, ngarep-ngarep kana poena PANGERAN! Da naon pihadeeunana eta poe keur maraneh? Pikeun maraneh mah eta teh poek, lain poe caang.

19 Keur maraneh mah ibarat kabur ti singa
amprok jeung biruang! Atawa cara nu datang
ka imah, barang nyabak tembok, ari cok
dipacok oray!
20 Poena PANGERAN bakal mawa poek, lain
mawa caang, hiji poe mendung, lain poe anu
bengras.
21 Timbalan PANGERAN, "Kami ijid jeung
geus teu tahan pesta-pesta agama maraneh!
22 Kami embung nampa kurban beuleuman
jeung kurban kadaharan ti maraneh.
Kami embung nampa sato-sato beunang
ngalintuhan anu ku maraneh dibaktikeun ka
Kami.
23 Meugeus eureunan nyanyian-nyanyian
maraneh anu ngagandengan, sarta Kami teu
hayang ngadenge sora kacapi maraneh.
24 Sabalikna jalankeun kaadilan lir walungan
ngocor, jalankeun kajujuran sing saibarat
walungan anu teu saat-saat.
25 Eh urang Israil, di jero opat puluh taun
Kami nuyun maraneh di gurun keusik,
Kami teu menta kurban-kurban, teu menta
pangbakti.
26 Ayeuna, ku sabab maraneh geus
nyarembah ka arca Sakut, dewa anu ku
maraneh dijieun raja, jeung ka Kewan
dewa bentang maraneh, maraneh bakal
ngagogotong eta arca-arca,
27 waktu maraneh engke ku Kami dipiceun
ka pangbuangan di beulah ditueun Damsik."

Kitu dawuhan PANGERAN, anu jenengana-Na
Allah Nu Maha Kawasa.
6 [1] Cilaka maraneh, eh anu keur sarenang
hirup di Sion, jeung anu keur ngarasa
aman hirup di Samaria maraneh para
pangagung Israil bangsa nu gede, anu
biasana sok dipentaan tulung ku rahayat!
[2] Teang, ilik ka kota Kalne, ti dinya tuluykeun
ka Hamat kota gede, terus ka kota Gat di
tanah Pelisti. Kumaha eta teh leuwih hade ti
batan karajaan Yuda jeung karajaan Israil?
Kumaha wewengkonna leuwih lega ti batan
nagara maraneh?
[3] Maraneh tangtu arembung nyorang eta
poe cilaka, tapi kalakuan maraneh malah
ngagancangkeun datangna eta picilakaeun.
[4] Eta poe kacida matak cilakana ka maraneh,
anu ayeuna keur sarenang ngedeng dina
ranjang nu aralus, anu ayeuna pesta-pesta
dalahar daging anak sapi jeung daging anak
domba.
[5] Maraneh resep ngarang lalaguan cara Daud
jeung dilagukeun ku kacapi.
[6] Maraneh ngarinum anggur sapinggan
pinuh, awak make seuseungitan nu marahal.
Maraneh nalangsa Israil ancur.
[7] Ku sabab kitu engke maraneh nu
pangheulana bakal indit ka pangbuangan.
Pesta-pesta jeung perjamuan-perjamuan
maraneh moal aya deui.

8 PANGERAN Nu Maha Kawasa geus
ngingetan keras, dawuhana-Na: "Kami ijid
kana kasombongan urang Israil, teu resep
ka gedong-gedongna najan aralus. Ibukota
maranehna jeung sagala rupa nu aya di dinya
ku Kami rek diselehkeun ka musuh."
9 Mun tina sakulawarga aya nu nyesa
sapuluh urang, eta sesa kabeh bakal tumpes.
10 Mayitna bakal dikaluarkeun ti imah ku
barayana anu kudu nguburkeun. Eta barayana
bakal nyalukan ka nu harirup keneh di imah,
"Aya keneh nu sejen di dinya?" Tembalna,
"Euweuh!" Ceuk nu rek nguburkeun, "Geus
atuh, cicing! Urang kudu ati-ati, nyebut
jenengan PANGERAN ge ulah."
11 Lamun PANGERAN geus nimbalan,
imah-imah nu gede nu leutik bakal ancur
burak-barik.
12 Bisaeun kuda lumpat di gunung batu?
Na aya jelema anu masangan sapi tuluy
ngawuluku laut? Tapi ku maraneh mah
kaadilan teh dijieun racun, nu bener disebut
salah.
13 Maraneh agul bisa ngarebut kota Lodebar,
tuluy susumbar, "Ngajabel Karnaim tangtu
bisa, urang kuat."
14 PANGERAN Allah Nu Maha Kawasa ku
manten ngadawuh, "Eh urang Israil, Kami
rek ngadatangkeun hiji balad asing nu bakal
ngajabel nagri maraneh. Eta balad bakal
ngabereg ka maraneh ti kaler ti jalan anu ka

Hamat, terus nepi ka Lebak Araba di beulah kidul."

7 [1] Kaula meunang titingalan ti PANGERAN Nu Maha Agung. Dina eta titingalan, kaula ningal Mantenna nyiptakeun pirang-pirang simeut, waktu jarami pikeun raja geus dibabad, sarta jukut mimiti jaradi dina urutna.
[2] Eta simeut-simeut ngahakanan nepi ka beak sawarnaning tutuwuhan naon bae nu aya di jero nagri. Pok kaula unjukan, "Nun PANGERAN Nu Maha Agung, mugi umat Gusti dihapunten. Bade tiasaeun tahan kumaha, margi maranehna sakitu alitna sareng hengker."
[3] PANGERAN leler manah-Na tuluy ngawaler, "Eta nu katenjo ku maneh moal kajadian."
[4] Kaula meunang deui titingalan ti PANGERAN Nu Maha Agung. Kaula ningal Mantenna keur sasayagian rek ngahukum umat-Na ku seuneu. Eta seuneu geus ngaduruk beak sagara gede handapeun bumi, tur geus mimiti ngaduruk daratan.
[5] Pok kaula unjukan, "Parantos, nun Gusti PANGERAN! Bade tahan kumaha umat Gusti, margi maranehna sakitu alitna sareng hengker."
[6] PANGERAN leler deui manah-Na, seug ngawaler, "Nu ieu ge moal kajadian."
[7] Kaula meunang deui titingalan ti PANGERAN. Kaula ningal Mantenna keur ngadeg di sisi hiji kuta nu geus diukur ku

tali gantung, panangana-Na nyepeng eta tali gantung.
8 Mantenna mariksa, "Nenjo naon, Amos?"
Piunjuk kaula, "Ningal tali gantung."
Dawuhana-Na deui, "Kami make ieu tali
gantung pikeun nuduhkeun yen umat Kami lir
kuta nu nangtungna teu lempeng. Anu matak
Kami moal robah deui niat, maranehna kudu
dihukum.
9 Tempat-tempat anu dipake tempat
ibadah ku anak incu Ishak ku Kami rek
diancurkeun. Tempat-tempat suci di Israil rek
diruntuh-runtuhkeun. Turunan Raja Yarobam
arek ditumpes."
10 Amasia, imam di Betel ngirim laporan
ka Yarobam, raja Israil, laporanana: "Amos
nuju sakait sareng rahayat bade ngalawan
ka Kangjeng Raja. Omonganana matak
ngaruntagkeun nagara.
11 Kieu sanggemna: Yarobam bakal perlaya,
tiwas kasambut perang. Urang Israil bakal
diboyong ti nagrina."
12 Ti dinya Amasia ngomong kieu ka Amos,
"Geus, geura eureun, nabi! Ka ditu geura
balik ka nagri Yuda. Kotbah maneh ucapkeun
di ditu bae, sangkan dibayar ku urang ditu.
13 Maneh teu meunang wewejang deui di
dieu, di Betel. Di dieu mah tempat paragi
raja ngajalankeun ibadah, tempat ibadah
nasional!"

14 Waler Amos, "Kaula lain nabi anu malar
bayaran. Kaula saenyana tukang ngangon
jeung tukang ngurus pelak kondang.
15 Tapi ku PANGERAN dicandak tina
pagawean ngangon, diparentah kudu
ngemban pangandika-Na ka urang Israil.
16 Ayeuna, reungeukeun ieu pangandika
PANGERAN. Anjeun ngalarang kaula
ngawejang, ngalarang kaula ngomongan
urang Israil.
17 Ku sabab kitu, Amasia, kieu pangandika
PANGERAN perkara anjeun, Pamajikan
maneh bakal ngalacurkeun diri di jero
kota. Anak-anak maneh awewe lalaki bakal
tumpes ku perang. Lahan maneh bakal
dibagi-bagikeun ka batur. Diri maneh bakal
paeh di nagri nu nyarembah ka brahala.
Urang Israil bakal diboyong ti nagrina."
8 1 Kaula meunang deui titingalan ti
PANGERAN Nu Maha Agung. Kaula ningal
karanjang dieusi bubuahan.
2 PANGERAN mariksa ka kaula, dawuhana-
Na, "Nenjo naon, Amos?" Piunjuk kaula,
"Ningal bubuahan sakaranjang." Dawuhana-
Na deui, "Umat Kami Israil geus nepi ka
panungtunganana. Kami moal robah deui
niat, maranehna kudu dihukum.
3 Dina mangsa eta kawih di karaton
bakal ganti ku ceurik jeung midangdam.
Bangke jalma di mana-mana, dipiceunan
rerencepan."

4 Darengekeun ieu, eh jalma-jalma tukang
ngaleyek jalma walurat, anu usaha ngabasmi
kaom miskin ti jero nagri.
5 Ceuk maraneh, ngomong sorangan, "Geus
teu sabar ngadago lekasanana poe-poe suci,
hayang buru-buru ngajual gandum. Iraha rek
anggeusna poe Sabat teh? Hayang buru-buru
barang jual deui. Rek nyatut harga, malsu
takeran jeung ngulinkeun timbangan, nipu
langganan.
6 Tarigu murah ge bisa dijual mahal. Terus
rek neangan jalma miskin nu teu bisaeun
mayar hutang, najan hutangna ngan saharga
sendal sapasang; eta jalma rek dibeuli keur
pibadegaeun."
7 PANGERAN, Allahna urang Israil geus
sumpah, "Kami moal bisa poho kana kalakuan
maranehna anu sakitu jahatna.
8 Ku sabab kitu bumi bakal inggeung ku
lini, jalma-jalma bakal tunggara. Sakuliah
nagri bakal genjlong jeung naek turun kawas
umpalan Walungan Nil.
9 Bakal datang mangsa panonpoe ku Kami
rek disina surup wanci tengah poe, bumi sina
poek beurang keneh. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung.
10 Pesta-pesta maraneh rek dibalik jadi poe
nguburkeun, nyanyian-nyanyian gumbira
maraneh rek diganti ku midangdam. Maraneh
ku kami rek dipaksa ngagarundulan sirah
jeung marake baju karung. Maraneh bakal

careurik lir kolot anu ditinggalkeun paeh ku anak hiji-hijina. Dina ahirna eta mangsa teh kacida matak balangsakna.
11 Tangtu cunduk kana waktu, Kami rek ngadatangkeun bahla kalaparan ka ieu nagri. Jalma-jalma bakal kalaparan, tapi lain ku sabab teu manggih dahar, bakal halabhab lain ku sabab teu manggih cai, tapi ku sabab kangen kana pangandika PANGERAN. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.
12 Jalma-jalma bakal ngalantur ti Laut Paeh ka Laut Tengah, terus nguriling ti kaler ka wetan, nareangan pesen ti PANGERAN ka ditu ka dieu, tapi taya nu hasil.
13 Perjaka jeung parawan nu jagjag waringkas ge harita mah bakal kapariuhan henteu kuat ku halabhab.
14 Anu sok sarumpah nyebut brahala-brahala Samaria, nyebut, Demi Dewa Dan atawa Demi Dewa Bersyeba bakal tinglenggerek tur moal menyat deui."
9 1 Kaula ningal PANGERAN keur ngadeg deukeut altar. Mantenna maparin parentah, "Gedor ieu pilar-pilar Bait Allah sataker tanaga nepi ka inggeung jeung pademenna, sina rugrug ninggangan sirah jelema-jelema. Anu henteu paraeh ku ieu, ku Kami baris ditumpes ku perang. Hiji hamo aya anu kari, saurang hamo aya nu luput.

2 Sanajan ngaliang ka enggon nu paeh mo
burung kakoreh, ngabecir ka langit, ku Kami
mo burung kacangking.
3 Sanajan nyumput ka puncak Gunung
Karmel, rek dikotektak, mo burung katewak.
Nyumput ka dasar laut, Kami rek nitah naga
laut sina ngerekeb maranehna.
4 Atawa upama diboyong ku musuhna, Kami
rek marentah ka musuhna sina maraehan
maranehna. Cindekna Kami geus mastikeun
baris numpes maranehna, lain rek nulungan."
5 Nu Maha Agung, PANGERAN Nu Maha
Kawasa noel bumi, bumi lini, pangeusina
tunggara, taneuh umpalan kawas Walungan
Nil.
6 PANGERAN ngadamel tempat tinggal-Na
di antariksa, ngadamel kelewung langit
luhureun bumi. Cai laut disaur, dikucurkeun
ka daratan. Jenengan Mantenna: PANGERAN.
7 Dawuhan PANGERAN, "Eh urang Israil!
Asana Kami ka maraneh teh teu beda ti ka
urang Sudan. Maraneh ku Kami geus dibawa
ti Mesir, sakumaha Kami mawa urang Pelisti ti
Pulo Kreta, kitu deui urang Siria ti tanah Kir.
8 Kami, PANGERAN Nu Maha Agung keur
nitenan ieu karajaan Israil anu pinuh ku dosa,
arek dileungitkeun ti ieu jagat. Tapi turunan
Yakub ku Kami moal ditumpes kabeh.
9 Kami baris marentahkeun sangkan urang
Israil diayak kawas ngayak gandum, diayak di

tengah bangsa-bangsa, anu garorengna baris dipiceun.
10 Umat Kami anu darorakana, bakal paraeh
ku perang. Maranehna sok ngaromong kieu,
Allah moal ngantep urang keuna ku balahi."
11 Dawuhan PANGERAN, "Bakal datang
mangsana karajaan Daud anu geus rugrug lir
imah anu burak-barik, ku Kami diadegkeun
deui. Kutana arek diomean sina nangtung
deui pulih saasalna baheula.
12 Naon bae anu nyesa keneh di tanah
Edom, kitu deui bangsa-bangsa anu tadina
kagungan kami, kabeh bakal kapiboga
ku Israil," timbalan PANGERAN, anu geus
nangtukeun sangkan hal eta laksana.
13 "Geus tereh mangsana," dawuhan
PANGERAN, "gandum jadina leuwih gancang
ti batan dialana, anggur tumuwuhna leuwih
gancang ti batan waktu nyieun cianggur. Cai
anggur nyurucud ti gunung-gunung, ngalocor
ti pasir-pasir.
14 Umat Kami rek dipulangkeun ka nagrina.
Maranehna bakal ngadegkeun deui kota-
kotana nu ancur, terus maratuh di dinya.
Bakal ngararebon anggur, bakal ngarinum
cianggur, bakal pepelakan sarta ngadahar
hasilna.
15 Umat Kami sina tumuwuh dina tanahna,
tanah pamere ti Kami tea. Tur moal aya
deui anu ngarabut maranehna ti dinya." Kitu
timbalan PANGERAN, Allah maraneh.

Obaja

1 [1] Ieu ramalan Obaja. Anjeunna nyaurkeun timbalan PANGERAN Nu Maha Agung ngeunaan bangsa Edom. PANGERAN geus ngintun utusan ka bangsa-bangsa, sarta urang geus ngadenge pesen Mantenna: Geura tatan-tatan! Urang ngarurug merangan Edom!
[2] Timbalan PANGERAN ka Edom, "Maneh ku Kami rek dijadikeun hengker, bakal dihina ku unggal jalma.
[3] Maneh bakal katipu ku kaangkuhan sorangan. Ibukota maneh benteng tohaga tina batu karang teuas, imah maneh di puncak-puncak gunung anu laluhur, maneh ujub ngomong sorangan, Saha nu kuat ngarubuhkeun aing?
[4] Sanajan tempat maneh luhur, nepi ka siga aya di antara bentang-bentang, kawas sayang rajawali, ku Kami mo burung beunang dibedol.
[5] Bangsat nu datang ti peuting, ngan nyokotan nu dipikahayangna. Nya kitu deui anu mupu buah anggur, sok nyesakeun saeutik. Musuh maneh mah ti maneh moal ngarikeun naon-naon, kabeh nu aya tangtu disapu dikoredaskeun.

6 Eh turunan Esau, maneh digaradah, harta
pependeman maneh dijarah.
7 Maneh ditipu ku bangsa anu ngabatur,
tuluy diusir ti nagri sorangan. Maneh geus
dielehkeun, ku jalma-jalma anu tadina alakur
jeung maneh. Babaturan maneh anu osok
dahar babarengan, geus naheunan ka maneh.
Maneh diomongkeun ku maranehna, Mana
buktina manehna pinter?
8 Dina poean Kami ngahukum Edom,
jelema-jelemana nu palinter rek dibasmi,
kabijaksanaanana ku Kami rek dileungitkeun.
9 Tukang-tukang tarung urang Tman bakal
kasieunan, perjurit Edom kabeh bakal
paraeh."
10 "Ku sabab maneh geus ngarampog,
jeung maehan turunan Yakub, dulur-dulur
sorangan, maneh bakal dibasmi, bakal nista
sapapanjangna.
11 Basa musuh-musuh ngaruksak lawang-
lawang gapura dulur-dulur maneh, harita
maneh aya, nangtung nenjokeun. Maneh
sarua jahatna jeung eta musuh, anu
ngarakutan jeung ngabagi-bagi kakayaan
Yerusalem.
12 Nenjo dulur-dulur di Yuda meunang
musibat, kuduna maneh ulah mupuas.
Ulah atoh nenjo maranehna cilaka, ulah
nyeungseurikeun nenjo maranehna nalangsa.
13 Teu pantes maneh ngasupan nagri umat
Kami, mupuas ka dulur anu keur tunggara,

komo bari ngarampogan harta dulur anu keur katarajang balahi.
14 Teu pantes maneh ngajega di parapatan,
newakan dulur-dulur nu rek kalabur. Benerna
mah dulur-dulur nu keur balangsak teh ku
maneh tong diserenkeun ka musuh."
15 "Geus tereh poena, Kami, PANGERAN
bakal ngaadilan bangsa-bangsa. Sakur nu
geus dilampahkeun ku maneh, Edom, bakal
dibales satimpal, eta kalakuan maneh bakal
malik ka diri sorangan.
16 Umat Kami, di gunung Kami nu suci,
geus nginum hukuman anu pait. Tapi
bangsa-bangsa nu di sakurilingeunana, bakal
nginum hukuman nu leuwih ti kitu paitna,
bakal diinum beak, tuluy maranehna musna."
17 "Tapi di gunung Sion bakal aya nu bisa
rahayu, sarta eta gunung bakal jadi tempat
suci. Turunan Yakub baris ngabogaan deui
tanah pusakana.
18 Turunan Yakub jeung turunan Yusup bakal
kawas seuneu, bakal ngabasmi turunan Esau
kawas seuneu ngaduruk jarami. Turunan Esau
mo aya nu bisa ngejat. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN.
19 Tanah Edom bakal dilindih ku urang Yuda
kidul. Nu ti suku gunung beulah kulon, bakal
ngarebut tanah Pelisti. Urang Israil bakal
ngamilik wewengkon Epraim jeung Samaria.
Turunan Binyamin bakal ngarebut Gilad.

20 Urang Israil kaler bakal marulang ti
pangbuangan, tuluy ngarebut Penesia nepi ka
Sarpat di kaler. Urang Yerusalem anu dibuang
ka Sardis, bakal ngarebut kota-kota Yuda
kidul.
21 Urang Yerusalem anu jaya bakal nempuh
jeung nalukkeun Edom, sarta PANGERAN ku
anjeun nu bakal jadi raja."

Yunus

1 [1] Hiji mangsa PANGERAN nimbalan ka
Yunus putra Amitai.
[2] Timbalana-Na, "Maneh kudu indit ka
Ninewe, kota nu gede tea. Ancam urang
dinya, sabab Kami nyaho kalakuan maranehna
nu kacida gorengna."
[3] Tapi Yunus anggur angkat ka tujuan anu
sabalikna. Angkatna teh ka Yopa. Maksudna
geusan nyingkiran PANGERAN. Di dinya aya
kapal nu rek ka Sepanyol. Sanggeus mayar
ongkos jalan, anjeunna unggah bareng
jeung urang kapal, terus balayar ka nagara
Sepanyol, sangkan jauh ti PANGERAN.
[4] Tapi PANGERAN ngadatangkeun angin ribut
di laut, topan kacida gedena nepi ka kapal
meh bejad.
[5] Matros-matros garugup, tuluy sasambat
marenta tulung ka dewana masing-masing.
Geus kitu muatan kapal dibalang-balangkeun
ka laut, pikeun ngurangan pibahlaeun. Ari
Yunus mah harita teh kulem tibra pisan di
bagian handap.
[6] Kapanggih ku nangkoda, sarta ceuk eta
nangkoda ka Yunus, "Naha kalah ka sare?
Hudang, sasambat ka dewa anjeun menta
pitulung. Malakmandar aya piwelasna ngajait
urang tina baya pati."

7 Matros-matros ngaromong pada batur,
"Urang lotrekeun, supaya kanyahoan saha
nu jadi gara-gara nepi ka urang nyorang ieu
bahla." Sanggeus dilotre, lotrena keuna ka
jenengan Yunus.
8 Ku sabab eta ceuk maranehna ka anjeunna,
"Cobi wakcakeun, leres ieu teh gara-gara
anjeun? Bade naon aya di dieu? Anjeun asal
ti mana? Bangsa naon?"
9 Waler Yunus, "Kaula urang Ibrani. Kaula
ngabakti ka PANGERAN, Allah nu jumeneng di
sawarga, nu ngadamel daratan jeung lautan."
Saterusna anjeunna nerangkeun yen keur
minggat ti PANGERAN.
10 Matros-matros jadi kacida sarieuneunana,
pok ngaromong ka anjeunna, "Ku naon
anjeun nepi ka wani kitu?"
11 Ari topan beuki tambah jadi, seug
matros-matros teh naranya ka anjeunna,
"Kedah dikumahakeun anjeun teh supaya ieu
topan eureun?"
12 Nabi Yunus ngawaler, "Alungkeun kaula
ka laut, engke laut leler. Sabab kaula nu jadi
lantaran aranjeun katarajang topan sakieu
rosana teh."
13 Tapi urang kapal teh anggur haben bae
ngadayung, nyoba nyisikeun kapal ka basisir.
Tapi gaplah kawantu topan beuki ngamuk.
14 Ku sabab kitu maranehna sasambat ka
PANGERAN, "Duh PANGERAN, mugi abdi-abdi
sadaya ulah dihukum dugi ka tiwas, wireh

abdi-abdi kapaksa kedah ngorbankeun ieu jalmi! Ieu perkawis disanggakeun ka Anjeun, nun PANGERAN, margi ieu sadaya pangersa Anjeun."
15 Geus kitu Yunus ku maranehna digotong, tuluy dialungkeun ka laut. Rep laut leler harita keneh.
16 Matros-matros jadi kacida sarieuneunana ku PANGERAN, nepi ka ngurban sarta jangji seja ngabakti ka Mantenna.
17 Ku kersaning PANGERAN, Yunus dilegleg ku lauk gede. Tilu poe tilu peuting anjeunna aya di jero beuteung eta lauk.
2 1 Di jero beuteung eta lauk, Yunus sasambat ka PANGERAN Allahna,
2 "Nun PANGERAN, sajeroning prihatin, abdi sasambat ka Gusti, Gusti kersa ngadangu. Ti ieu enggon maot anu jero sakalangkung, abdi nyuhunkeun pitulung, ku Gusti dikabul.
3 Gusti ngunclungkeun abdi ka nu jero, dugi ka dasar laut pisan, abdi dilingkung ku cai, sareng digulung ku ombak rongkah ti Gusti.
4 Ceuk emutan, abdi teh parantos dipiceun ti payuneun Gusti, moal ningal-ningal deui Bait Allah, gedong Gusti nu suci.
5 Abdi digulung sareng digencet ku cai, ngalelep dirungkup ku laut sirah kagubed ku ganggeng laut.
6 Abdi tilelep dugi ka dasar gunung-gunung, ka alam anu lawangna meundeut salalanggengna. Nanging Gusti, nun

PANGERAN, Allah sim abdi, ngajait hirup abdi
ti jero laut.
7 Nalika ngaraos yen hirup abdi nuju
ngoleang, abdi sasambat ka Gusti, nun
PANGERAN, ku Gusti kadangu ti Bait Allah,
gedong Gusti nu suci.
8 Anu nyarembah ka brahala nu tanpa guna,
parantos teu saratia deui ka Gusti.
9 Dupi abdi mah bade nyanggakeun pupujian
ka Gusti, sareng bade nyanggakeun kurban.
Mung PANGERAN nu iasa nyalametkeun, seja
nedunan jangji abdi!"
10 Geus kitu PANGERAN nimbalan ka lauk
tea, sangkan Yunus diutahkeun ka basisir.
Seug ku lauk diutahkeun.
3 1 PANGERAN nimbalan deui ka Yunus.
2 Timbalana-Na, "Geura indit ka Ninewe,
kota nu gede tea, tepikeun ka urang dinya
sakumaha timbalan Kami."
3 Yunus nurut, tuluy angkat ka Ninewe.
Ninewe teh kota gede pisan, ngambah eta
kota teh lalakon tilu poe.
4 Yunus lebet ka dinya. Sanggeus angkat
sapoe jeput, anjeunna mimiti nguarkeun,
saurna, "Opat puluh poe deui Ninewe bakal
dibasmi!"
5 Urang Ninewe palercaya kana eta pesen
PANGERAN. Maranehna mutuskeun yen
kabeh kudu puasa, sakabeh jelema, ti nu
pangmulyana nepi ka nu panghinana sarta

kudu marake baju karung, nandakeun
pertobat.
6 Barang raja Ninewe ngadenge eta perkara,
neut cengkat tina tahtana, tuluy nyosoeh
jubahna, diganti ku baju karung, tuluy diuk
dina lebu.
7 Geus kitu anjeunna ngaluarkeun bewara
ka sakumna rahayat Ninewe, ungelna,
"Ieu parentah raja jeung para gegedenna:
Jalma-jalma, sapi, domba, teu meunang aya
nu dahar naon-naon, teu meunang dahar, teu
meunang nginum.
8 Jalma-jalma kabeh kudu marake baju
karung. Sasatoan oge kudu dipakeanan
karung. Saban jalma kudu sasambat ka Allah
masing enya-enya pisan, sarta kudu miceun
adat nu goreng, nyegah lampah nu jahat.
9 Muga-muga Allah robah manah sarta
bendu-Na leler, supaya urang ulah paraeh!"
10 Allah ningali lampah maranehna.
Ningalieun yen maranehna geus miceun
tabeatna anu jahat. Ku sabab kitu pangersa-
Na dirobah, henteu tulus ngahukum
maranehna.
4 1 Ku hal eta, Yunus pohara ngaraos
mentegegna, malah bendu.
2 Tuluy sasambat kieu, "Duh PANGERAN,
sanggem abdi ge memeh mios ti rorompok,
kumaha? Tangtos kieu pijadieunana! Eta
margina pang abdi teras minggat ka
Sepanyol! Abdi parantos apal, Gusti teh Allah

anu sipat welas, sipat hampura, sabar teu
aya watesna, sae salalamina, salamina sok
tara cios bae ngahukum.
3 Kitu nu mawi, ayeuna mah cabut nyawa
abdi, langkung sae maot ti batan hirup."
4 PANGERAN ngawaler, "Naon hak maneh nu
matak ambek?"
5 Geus kitu Yunus kaluar ti dinya, tuluy
calik wetaneun eta kota. Anjeunna ngadamel
saung, tuluy ngiuhan di dinya bari ngawas-
ngawas, hayang uninga naon nu bakal tumiba
ka eta kota.
6 Lajeng PANGERAN Allah ngersakeun
aya tangkal jarak anu ngadadak jadi di
dinya, jangkungna ngungkulan Yunus, malar
anjeunna kaiuhan sarta leuwih genah calikna
di dinya. Yunus ngaraos kacida sugemana ku
ayana eta tangkal teh.
7 Tapi poe isukna, subuh-subuh keneh pisan,
ku parentah Allah, akar eta tangkal diruksak
ku hiji cacing nepi ka terus layu.
8 Sanggeus panonpoe meletek, Allah
ngadatangkeun angin panas ti wetan.
Yunus mehmeh katuralengan, sabab
mastakana katojo pisan ku panonpoe, nepi ka
humandeuar mundut ajal. Saurna, "Ti batan
hirup kieu mah, mending ge paeh sakalian."
9 Tapi lahiran PANGERAN ka anjeunna, "Naon
hak maneh nu matak ambek ku hal eta
tangkal?" Waler Yunus, "Memang abdi gaduh

hak pikeun ambek, ambek pisan dugi ka asa
maot."
10 Timbalan PANGERAN, "Eta tangkal jadina
di jero sapeuting, euweuhna deui peuting
isukna. Eta lain beunang melak maneh,
lain maneh anu ngajadikeunana. Parandene
maneh ngarasa lebar!
11 Komo Kami, pohara ngarasa lebarna,
pohara watirna ka Ninewe, kota nu sakitu
gedena. Leuwih ti kitu, di dinya teh aya
barudak anu can nyaraho naon-naon, lobana
leuwih ti 120.000 urang, kitu deui sasatoan
anu sakitu lobana."

Mikha

1 [1] Ieu pangandika PANGERAN ka Mika,
urang Moreset, waktu Yotam, Ahas jeung
Hiskia patuturut jumeneng raja di nagri
Yuda. PANGERAN maparinkeun ieu wahyu
ka anjeunna, ngeunaan sagala perkara anu
tumali jeung Samaria jeung Yerusalem.
[2] Eh bangsa-bangsa kabeh, darengekeun!
Raregepkeun ku sakabeh pangeusi bumi!
PANGERAN Nu Maha Agung baris jadi saksi
ngalawan maraneh. Regepkeun! Mantenna
ngandika ti bait-Na di sawarga.
[3] PANGERAN tereh sumping ti tempat-Na
nu suci, lungsur angkat di puncak-puncak
gunung.
[4] Gunung-gunung handapeun Mantenna
laleyur kawas lilin leyur ku seuneu.
Leleyuranana nyeot ka lebak-lebak, kawas cai
nyeot ti lamping pasir.
[5] Ieu kabeh pasti kajadian, ku karana urang
Israil geus migawe dosa jeung ngalawan ka
Allah. Saha anu ngalantarankeun Israil jadi
ngaralawan? Samaria, ibukotana sorangan!
Saha nu ngalantarankeun nagri Yuda
nyembah ka brahala? Yerusalem sorangan!
[6] Eta sababna PANGERAN ngandika,
"Samaria ku Kami rek dijieun tumpukan
barangkal di tegal, rek dijadikeun kebon

anggur. Barangkalna rek diurug-urugkeun
ka lebak, dasar-dasar pademenna sina
nonggerak.
7 Brahala-brahalana anu marahal rek
diremuk-remukkeun, barang-barang
pangabakti palacur-palacur kuil-kuilna
kabeh rek diduruk, kitu deui arca-arca
sesembahanana rek sina nalambru.
Samaria pantes dihukum kitu, lantaran
ibadahna ka dewa kasuburan. Ayeuna eta
sesembahan-sesembahanana teh bakal
diakut ku musuh-musuhna, pikeun kuil-kuil
palacuranana."
8 "Ku hal eta", saur Mika, "kaula rek
midangdam, arek aluk-alukan. Rek leumpang
ngider bari bulucun nandakeun sungkawa
hate. Rek gagaukan cara ajag babaung,
humarurung cara manuk onta.
9 Samaria borokna moal aya nu bisa
nambaan. Yuda oge bakal kitu. Balahi geus
nepi ka lawang gapura Yerusalem, ka tempat
bangsa kaula."
10 Ieu kacilakaan urang poma ulah
kabejakeun ka musuh urang di Gat.
Maranehna ulah nyarahoeun urang ceurik.
Eh urang Bet Le Apra, geura gugulingan dina
kebul, nandakeun prihatin.
11 Eh urang Sapir, geura jugjug pangbuangan
bari sataranjang nandang kaera. Urang
Saanan teu waranieun kaluar ti kotana.
Mun maraneh ngadenge urang Bet Esel

aluk-alukan, eta nandakeun yen di ditu geus
euweuh enggon nyalindung.
12 Urang Marot hariwang ngarep-ngarep
pitulung, sabab PANGERAN geus nompokeun
balahi ka Yerusalem.
13 Eh urang Lakis, kareta-kareta perang
maraneh geus pasangan kuda. Maraneh geus
nurutan dosana urang Israil. Maneh nu jadi
lantaran Yerusalem tigebrus kana dosa.
14 Ari maraneh, urang Yuda, geura pamitan
ti kota Moreset Gat. Raja-raja Israil moal
meunang bantuan pitulung ti kota Aksib.
15 Eh urang Maresa, maraneh bakal
diselehkeun ka hiji musuh anu bakal ngarebut
kota maraneh. Para pamingpin Israil bakal
marubus ka guha Adulam.
16 Eh urang Yuda, gundulan sirah maraneh,
nandakeun kaleleban ku anak-anak kanyaah
maraneh. Sing nepi ka barotak kawas manuk
bangke, sabab anak-anak maraneh bakal
digiring ka pangbuangan.
2 1 Cilaka jalma anu ti peuting bari ngedeng
ngararancang kajahatan! Rarancangna nu
jahat ari bray isuk ari tuluy dijalankeun asal
aya kasempetan.
2 Hayang tanah kari ngarampas. Hayang
imah, kari ngajabel. Taya kulawarga anu
hirupna aman, harta bandana nya kitu keneh.
3 Ku sabab kitu PANGERAN ngandika,
"Kami keur ngararancang picilakaeun pikeun
maraneh. Maraneh moal bisa luput. Maraneh

baris meunang kasusah nu pohara. Moal bisa
deui maraneh leumpang bari dangah.
4 Lamun waktuna geus cunduk, nasib
maraneh kitu teh ku batur dijieun conto
kacilakaan. Kaayaan maraneh nu pegat
harepan, ku batur dikawihkeun, ungelna:
Urang geus lebur tumpur. Nagri urang ku
PANGERAN geus dicandak, diselehkeun ka
jalma-jalma anu ngaboyong urang."
5 Ku sabab kitu, lamun dina waktuna tanah
dipasrahkeun deui ka umat PANGERAN,
maraneh mah moal aya nu kabagian.
6 Jalma-jalma mere hutbah ka kaula, "Ulah
hutbah ka urang. Ulah hutbah sual-sual eta!
Piraku Allah niat ngawiwirang ka urang!
7 Ceuk panyangka anjeun Israil keuna
ku panyapa PANGERAN? Na sok leungit
kasabaran PANGERAN teh? Naha enya
PANGERAN bakal tega? Lain sok genah
timbalana-Na ari ka jelema anu bener mah?"
8 PANGERAN ngawaler, "Maraneh geus kawas
musuh narajang ka umat Kami. Jalma-jalma
baralik tas jurit, panyiptana geus di imah mah
tangtu aman. Nyaho-nyaho maraneh geus
ngajarogo di imahna, arek ngarangsadan
jubahna nu keur dipake.
9 Awewe-awewe umat Kami ku maraneh
diusir ti imah pangabetahna. Barudakna
kurnia ti Kami salalawasna, ku maraneh
direbut.

10 Geura nyaringkah ti dieu! Di dieu geus
henteu aman. Ieu tempat geus cilaka bakal
tumpur ku karana dosa-dosa maraneh.
11 Nu dipikahayang ku ieu bangsa teh
nabi purah ngabobodo, purah nipu, anu
ngaramalna kieu, Nurutkeun ramalan kami,
maraneh bakal subur anggur ceuyah arak.
12 Tapi, eh urang Israil anu nyesa keneh,
maraneh ku Kami bakal dikumpulkeun.
Rek digiringkeun saperti domba digiring ka
pakandangan. Tanah maraneh bakal gegek
deui pangeusina, saperti sampalan pinuh ku
domba."
13 Allah baris muka jalan keur maranehna.
Maranehna baris dituyun kaluar ti
pangboyongan. Maranehna bakal ngadobrak
lawang-lawang panto kota, tuluy kalaluar
laluasa, dituyun ku rajana, nya eta PANGERAN
ku manten.
3 1 Darengekeun, eh kapala-kapala Israil!
Kuduna aranjeun teh mentingkeun
kaadilan.
2 Tapi aranjeun malah ijid ka nu hade, resep
ka nu jahat. Bangsa kaula ku aranjeun disisit
kulitna hirup-hirup, dagingna disempogan
tina tulangna.
3 Bangsa kaula ku aranjeun diharakan,
kulitna dikelet, tulang-tulangna digeprekan,
dagingna dipotongan kawas daging
asupkeuneun kana pariuk.

4 Bakal datang mangsana aranjeun
tingjarerit sasambat ka PANGERAN, tapi
hamo dipirosea. Sasambat ge hamo didangu,
lantaran kalakuan aranjeun jahat.
5 Bangsa kaula ditipu ku nabi-nabi, anu
mangramalkeun nu hade ka nu bisa mere
duit, ngancam ka nu teu bisaeun mere. Kieu
pangandika PANGERAN pikeun eta nabi-nabi,
6 "Eh nabi-nabi, maraneh geus tereh nepi
kana poe panungtungan, panonpoe keur
maraneh tereh surup. Ku lantaran maraneh
geus nyasabkeun umat Kami, maraneh
moal mareunang deui wahyu, moal barisa
ngaramal deui."
7 Eta nu sok ngaramal teh bakal wirang,
lantaran ramalanana meleset. Maranehna
bakal ragrag kana kanistaan, lantaran moal
meunang waleran ti Allah.
8 Kaula mah ku PANGERAN dieusian roh
jeung kakawasaan Mantenna, dipaparin
pikiran anu mulus perkara kaadilan, dipaparin
kawani geusan nembrakkeun ka urang Israil
naon nu jadi dosana.
9 Eh para pangawasa Israil, anu ijid kana
kaadilan, anu sok nyalahkeun nu bener,
raregepkeun!
10 Maraneh ngadegkeun Yerusalem, kota
Allah, pademenna tina rajapati jeung
kateuadilan.
11 Para pangawasa kota ngajalankeun
pamarentahanana ngan malar pangruruba.

Imam-imam ngajarkeunana Hukum Allah
ngan malar gajih. Nabi-nabi kakara daraek
menta pituduh PANGERAN lamun diburuhan.
Kituna teh bari teu asa-asa nyebutkeun yen
disarengan ku PANGERAN. Ceuk maranehna,
"Urang moal katarajang bahla naon-naon,
lantaran PANGERAN nyarengan."
12 Ku lantaran kitu, nya gara-gara aranjeun,
Sion bakal diwuluku kawas tegalan;
Yerusalem pijadieun tumpukan barangkal,
gunung tempat Bait Allah pijadieun leuweung.
4 1 Mangsa ka hareup, gunung tempat
ngadegna Bait Allah pijadieun
pangluhurna, ngawang-ngawang ngaluhuran
sakabeh pasir. Loba bangsa-bangsa ngabrul
ngajugjug ka dinya.
2 Rahayatna ngaromong, "Hayu urang
naranjak ka pasir PANGERAN, ka Baitna Allah
Israil, karana Mantenna seja nerangkeun
pamundut-Na, urang teh kudu kumaha.
Urang bakal nempuh jalan nu dipilih ku
Mantenna. Piwulang Mantenna teh kaluarna
ti Yerusalem, diandikakeunana ka umat-Na ti
Sion."
3 PANGERAN bakal mutus perkara di
tengah bangsa-bangsa, di antara nagri-nagri
gede jauh deukeut. Pedang-pedangna ku
maranehna dijieunan wuluku, tumbak-
tumbakna dijieunan peso pangkas.
Bangsa-bangsa moal perang deui, moal
sasadiaan perang deui.

4 Tiap jalma hirupna ayem tengtrem, bisa
jongjon ngurus kebon anggur jeung kondang,
moal manggih deui pikasieuneun. Kitu jangji
ti PANGERAN Nu Maha Kawasa.
5 Tiap bangsa anut ngabakti ka dewana
masing-masing. Tapi urang mah ngabakti
jeung ngabdi teh ka PANGERAN Allah urang,
salalanggengna.
6 "Geus deukeut mangsana," timbalan
PANGERAN, "umat anu bareto ku Kami
dihukum sarta sangsara di pangbuangan, ku
Kami rek dikumpulkeun.
7 Maranehna geus lalumpuh, tur jauh ti
lemah cai. Tapi nu araya keneh ku Kami rek
mimiti dipulihkeun, supaya jadi bangsa gede.
Ti semet ayeuna, Kami anu baris ngatur
maranehna di Gunung Sion salalanggengna."
8 Sarta maneh Yerusalem, tempat Allah
ngaraksa umat-Na lir pangangon ngaraksa
dombana, pijadieun deui ibukota karajaan
maneh, sakumaha tadina.
9 Ku naon maneh ceurik mani jejeritan? Ku
naon nepi ka ngarasa nyeri kawas awewe
keur ngajuru? Naha lantaran maneh teu
boga raja, jeung juru-juru nasehat maraneh
paraeh?
10 Eh urang Yerusalem, pek geura
pepelengkingan jeung udah-aduh cara awewe
keur ngajuru, lantaran ayeuna maraneh kudu
kaluar ti kota, kudu harirup di tegal. Maraneh

kudu arindit ka Babul. Sarta di ditu maraneh
baris dijait ti leungeun musuh.
11 Loba bangsa anu geus karumpul arek
narajang ka maraneh. Ceuk maranehna,
"Yerusalem kudu digempur! Urang tenjo
runtagna!"
12 Eta bangsa-bangsa teu nyarahoeun
kumaha pikersaeun PANGERAN.
Teu nyarahoeun, pangna maranehna
dikumpulkeun teh pikeun narima hukuman,
dijieun saperti gandum dibawa ka pangirikan
terus diirik.
13 PANGERAN ngandika, "Eh urang
Yerusalem, geura iang, hukum musuh-musuh
maraneh! Maraneh ku Kami rek dibere
kakuatan lir banteng anu boga tanduk beusi
jeung kuku tambaga, sanggup ngancurkeun
bangsa nu loba. Kakayaan maranehna,
beubeunangan katelengesanana, ku maraneh
baris dijarah, tuluy disanggakeun ka Kami,
PANGERAN sakubeng jagat."
5 1 (4-14) Eh urang Yerusalem, kumpulkeun
kakuatan. Sabab urang teh dikepung.
Pamingpin Israil rek ditarajang!
2 (5-1) PANGERAN ngandika, "Eh Betlehem
Eprata! Maneh kota pangleutikna di antara
kota-kota di Yuda. Tapi nya ti maneh Kami
baris medalkeun hiji pangereh pikeun Israil,
anu memang geus aya asal-usulna ti jaman
baheula."

3 (5-2) Jadi, PANGERAN baris ngajeunkeun
umat-Na dina kakawasaan musuh-musuhna,
nepi ka mangsa eta pangereh dibabarkeun
ku hiji istri. Geus kitu warga-warga anu
sabangsa jeung Anjeunna baris marulang ti
pangbuangan, ngahiji deui jeung bangsana
sorangan.
4 (5-3) Di mana Anjeunna geus medal, baris
marentah umat-Na kalawan kakawasaan
PANGERAN, sarta kalawan kaagungan
PANGERAN Allah ku manten. Umat-Na
bakal hirup kalawan aman santosa, sabab
kaagungan Anjeunna diaku ku bangsa-bangsa
sakuliah jagat,
5 (5-4) sarta Anjeunna baris jadi puseur
karapihan. Lamun urang Asur ngarurug nagri
urang, sarta nobros pertahanan-pertahanan
urang, urang pajukeun pamingpin-pamingpin
urang nu pangkuatna, ngayonan maranehna.
6 (5-5) Ku kakuatan pakarang perangna,
para pamingpin urang bakal ngelehkeun Asur,
nagri Nimrod, sarta bakal nyalametkeun
urang ti urang Asur lamun maranehna
nempuh wilayah urang.
7 (5-6) Urang Israil anu masih keneh
hirup, pikeun bangsa nu loba ibarat ciibun
ti PANGERAN nu matak seger, ibarat hujan
nyiram pepelakan. Maranehna bakal muntang
ka Allah, lain ka manusa.
8 (5-7) Anu araya keneh di antara bangsa-
bangsa sejen pijadieun ibarat singa keur muru

mamangsan di leuweung atawa di sampalan.
Eta singa asup ka tengah kumpulan domba,
terus nubruk jeung nyasaak. Nu ditubruk
pamohalan aya nu bisa ngaleupaskeun.
9 (5-8) Israil bakal nalukkeun jeung
ngabasmi musuh-musuhna.
10 (5-9) PANGERAN ngandika, "Harita kabeh
kuda maneh ku Kami baris dimusnakeun,
kareta-kareta perang maneh baris
diancurkeun.
11 (5-10) Kota-kota di nagri maneh baris
ditumpurkeun, pertahanan-pertahanan
maneh baris diburak-barik.
12 (5-11) Jampe-jampe pamake maneh
ku Kami baris dibasmi, sarta tukang-
tukang ngaramal di maneh ku Kami baris
disingkirkeun.
13 (5-12) Arca-arca jeung pilar-pilar karamat
maneh rek ditumpurkeun; maneh moal
nyembah deui kana barang-barang buatan
maneh sorangan.
14 (5-13) Arca-arca Dewi Asera di nagri
maneh ku Kami baris dirubuhkeun, kota-kota
maneh rek ditumpurkeun.
15 (5-14) Bari amarah teu kira-kira, Kami
bakal ngabales kajahatan sakabeh bangsa
anu teu nurut ka Kami."
6 1 Darengekeun panuding PANGERAN ka
Israil. Sumangga geura ngadeg, nun
PANGERAN. Sumangga lahirkeun panuding

Gusti, malar karungu ku gunung-gunung,
kakuping ku pasir-pasir.
2 Eh gunung-gunung, eh pademen-pademen
bumi nu langgeng, bandungan pangdakwa
PANGERAN! Mantenna kagungan perkara
ka Israil umat-Na, sarta bakal ngadakwa
maranehna.
3 PANGERAN ngandika, "Eh umat Kami, geus
migawe naon Kami ka maraneh teh? Geus
nyusahkeun naon Kami ka maraneh? Coba
jawab!
4 Kami geus ngaluarkeun maraneh ti Mesir;
ngajait ti tempat maraneh dijadikeun jalma
beulian; Kami geus ngutus Musa, Harun jeung
Miryam sangkan nungtun ka maraneh.
5 Eh umat Kami, sing aringet ka Raja Balak
ti Moab, kumaha karepna ka maraneh, jeung
kumaha dijawabna ku Balhum anak Beor. Sing
aringet kana kajadian di jalan ti pakemahan
di Sitim ka Gilgal! Lamun maraneh inget ka
dinya tangtu ngarasa, kumaha tarekah Kami
nyalametkeun maraneh."
6 Naon sanggakeuneun kaula ka PANGERAN,
Allah nu linggih di sawarga, lamun datang
ngabakti ka Mantenna? Naha kudu mawa anak
sapi anu pangalusna, diduruk dikurbankeun
ka Mantenna?
7 Na kersaeun PANGERAN lamun dihaturanan
domba mangrebu-rebu, atawa minyak
jetun anu ngocor teu eureun-eureun? Naha

kaula teh kudu ngurbankeun anak cikal ka
Mantenna, geusan nebus dosa kaula?
8 Teu kudu, PANGERAN ka urang geus
nerangkeun naon nu hade. Anu ku Mantenna
dipundut ti urang nya eta: urang kudu
migawe kaadilan, kudu nembongkeun
kanyaah salilana, sarta hirup ngahiji jeung
Allah urang kalawan handap asor.
9 Sieun ku PANGERAN teh sipat anu
bijaksana. Mantenna ngagentraan pangeusi
kota, kieu: "Darengekeun ku maraneh, eh nu
keur karumpul di kota!
10 Di imah jalma-jalma anu jarahat loba
harta banda meunang teu jujur. Maranehna
make takeran palsu, kalakuan kaijid Kami.
11 Pimanaeun Kami ngahampura ka nu sok
marake ukuran jeung timbangan palsu!
12 Maraneh anu baleunghar, ngagencet ka nu
mariskin. Sarta maraneh kabeh oge tukang
bohong.
13 Ku sabab kitu, ayeuna Kami rek mimiti
ngawarah sarta numpes maraneh ku karana
dosa-dosa maraneh.
14 Maraneh bakal dahar, tapi moal teu
bisa seubeuh malah angger lapar. Maraneh
bakal ngakut barang-barang, tapi moal
bisa nyimpen; naon bae anu disimpen ku
maraneh, ku Kami rek disina ancur ku perang.
15 Melak gandum hasilna moal kungsi
kaala. Nyieun minyak jetun moal kungsi bisa

ngagunakeun. Nyieun anggur inuman, moal
kungsi kainum.
16 Pangna nepi ka jadi kitu teh lantaran
maraneh geus nuturkeun kalakuan jahat Raja
Omri jeung kalakuan anakna, Raja Ahab.
Parentahna anu jahat ku maraneh dilakonan.
Ku sabab kitu maraneh rek ditumpur,
hinakeuneun saban jalma. Di mana-mana,
jalma-jalma bakal mikaijid ka maraneh."
7 1 Geus euweuh harepan! Kaayaan kaula
ibarat jelema lapar, neangan buah atawa
anggur dina tangkalna teu manggih-manggih.
Buah anggur jeung buah kondang anu
ngareunah, kabeh geus diala.
2 Di jero nagri geus taya jelema jujur, geus
taya jelema anu satia ka Allah. Saban jalma
ngarep-ngarep kasempetan pikeun maehan.
Saban jalma silih arah jeung batur sabangsa.
3 Geus arahli kana kajahatan. Para pajabat
jeung hakim-hakim marenta pangruruba. Nu
baroga pangaruh maksa supaya kahayangna
diturut. Maranehna babarengan sapongkol.
4 Malah anu kasebut panghadena jeung
pangjujurna ge ti kalangan maranehna,
sarua taya hargana jeung jukut hama. Geus
cunduk waktuna Allah baris ngahukum ka
umat-Na, sakumaha anu ku Mantenna geus
diancamkeun ka maranehna ku perantaraan
nabi-nabi. Ayeuna ge maranehna geus mimiti
baringungeun.

5 Tong percaya ka tatangga, tong ngandel
ka sobat. Ngomong kudu ati-ati, sanajan ka
pamajikan.
6 Karana dina mangsa-mangsa ieu teh anak
lalaki geus teu ngahargaan ka bapana, anak
awewe ngalawan ka indungna, minantu
awewe pasea jeung mitoha awewe; anggota
kulawarga sorangan ge jadi musuh.
7 Tapi kaula mah ngaharep ka PANGERAN,
sarta kalawan yakin muntang ka Allah nu
bakal nyalametkeun kaula. Allah kaula tangtu
kersaeun ngadangu doa kaula.
8 Taya alesan pikeun musuh-musuh urang
ngarasa senang ku kaayaan urang. Urang
geus tijuralit, tapi bakal hudang deui. Ayeuna
urang nandangan poek, tapi bakal dipaparin
caang deui ku PANGERAN.
9 Urang teh geus dosa ka PANGERAN. Ku
sabab eta wayahna nandangan bendu-Na
heula; ahirna Mantenna bakal ngabelaan
jeung nguruskeun urang kalawan adil. Tangtu
urang ku Mantenna dicandak ka nu caang;
urang bakal ngalaman disalametkeun ku
Mantenna.
10 Hal eta bakal katarenjo ku musuh-musuh
urang. Maranehna bakal areraeun sorangan.
Eta musuh-musuh teh anu bareto nanya
ka urang, semu moyok, "Mana PANGERAN
Allah maneh teh?" Engke ku urang kasaksian
maranehna kasoran diidek-idek kawas leutak
di jalan.

11 Eh urang Yerusalem! Geus deukeut
mangsana maraneh bakal ngadegkeun deui
kuta kota maraneh. Tur engke wilayahna
bakal tambah lega.
12 Batur sabangsa maraneh ti mana-mana
bakal marulang: Nu ti Asur ti beulah wetan,
nu ti Mesir ti beulah kidul, nu ti wewengkon
Walungan Eprat, anu ti peuntaseun laut,
jeung ti gunung-gunung nu jarauh.
13 Tapi bumi bakal jadi gurun keusik,
gara-gara dosa pangeusina.
14 Nun PANGERAN, mugi kersa ngangon
ka ieu umat kenging Gusti milih. Sanaos
ayeuna keur mencil aya di leuweung, nanging
tanah-tanah sakurilingeunana mah subur.
Mugi dicandak, diangon di sampalan anu
ngemploh di Basan sareng Gilad, sapertos
kapungkur.
15 Mugi Gusti kersa midamel kaajaiban ka
abdi sadaya sapertos kapungkur nalika Gusti
nyandak abdi-abdi kaluar ti Mesir.
16 Bangsa-bangsa bakal naringal hal eta
sarta jadi areraeun, lantaran ngarasa yen
kakuatan maranehna teu aya hartina.
Maranehna bakal leungiteun akal, dugi ka teu
tiasa ngomong, teu tiasa ngadenge.
17 Maranehna bakal ngalangsud dina taneuh
cara oray, kalaluar ti benteng-bentengna bari
ngadegdeg kasieunan, teras darongkap ka
PANGERAN, Allah abdi sadaya.

18 Teu aya allah sanes anu sapertos Gusti,
nun PANGERAN, Gusti kersa maparin
hampura kana dosa-dosa umat Gusti nu
ayeuna harirup keneh. Moal salamina Gusti
bendu, sawangsulna malah mikaasih ka
abdi-abdi teu aya watesna.
19 Tangtos Gusti kersa mikawelas deui ka
abdi sadaya. Dosa-dosa abdi sadaya tangtos
ku Gusti bakal diluluh lajeng dialungkeun ka
dasar laut!
20 Gusti tangtos kersa mintonkeun kasatiaan
sareng kaasih nu taya watesna ka ieu
umat Gusti, turunan Ibrahim sareng Yakub,
sakumaha anu ku Gusti parantos dijangjikeun
ka karuhun abdi sadaya jaman kapungkur.

Nahum

1 [1] Ieu pesen ti Allah ngeunaan nagri
Ninewe, anu ditembongkeun ka Nahum,
urang Elkos, dina hiji tetenjoan.
[2] PANGERAN Allah, moal nyabaran ka
nu osok mapadanan. Nu ngaralawan ka
Anjeunna pasti narima hukuman, maranehna
bakal meunang wawales.
[3] PANGERAN tara gampil-gampil wera. Tapi
Anjeunna teh kawasa, anu jahat mo diantep
luput tina hukuman. Ka mana bae PANGERAN
angkat, ger aya topan, sampeana-Na
naekkeun kekebul jadi mega!
[4] Mantenna nimbalan ka laut, laut jadi saat
walungan-walungan ngoletrak. Tegalan-
tegalan di Basan gararing, Gunung Karmel
jadi perang, kekembangan Libanon aralum.
[5] Gunung-gunung aroyag di payuneun
PANGERAN, pasir-pasir laleyur di payuneuna-
Na. Ana PANGERAN nembongan, jagat
inggeung, dunya gumeter reujeung sakumna
pangeusina.
[6] Saha nu bisa tagen ana Mantenna geus
wera? Saha anu kuat nyanghareupan
bendu-Na? Bendu-Na tamplok ngagegedur,
cadas-cadas ajur jadi lebu di payuneuna-Na.
[7] PANGERAN teh mulya manah, mun
umat-Na meunang susah ku Mantenna

diraksa. Sakur anu nyalindung ka Mantenna dijaga.
8 Lir banjir nu ngagulidag, Mantenna
ngabasmi musuh-musuh-Na. Nu ngalawan,
disina tinemu jeung ajalna.
9 Keur sakongkol naon maraneh, eh, nu rek
ngalawan ka PANGERAN? Pinasti ku Mantenna
dibasmi! Moal aya nu bisa ngalawan ka
Mantenna leuwih ti sakali.
10 Maraneh tangtu diduruk, saperti rungkun
cucuk nu pajeujeut, saperti jarami garing.
11 Ti Maneh, eh Ninewe, aya saurang, nu
boga niat jahat rek ngalawan ka PANGERAN.
12 Kieu sabda PANGERAN ka Israil, umat-Na,
"Sakumaha rongkahna urang Asur, sakumaha
lobana baladna, pinasti dibasmi nepi ka
musna. Eh umat Kami, maraneh ku Kami
geus disangsara, tapi moal deui-deui.
13 Ayeuna Kami rek namatkeun kakawasaan
Asur ka maraneh, rante-rantena anu
dipake ngabarogod ka maraneh rek
dipegat-pegatkeun."
14 Kieu sabda PANGERAN ngeunaan urang
Asur, "Maranehna moal baroga turunan anu
bakal neruskeun ngaranna. Arca-arca di jero
kuil-kuil para dewana, ku Kami arek dibasmi.
Urang Asur ku Kami keur dipangnyieunkeun
kuburan, sabab maranehna teu pantes hirup!"
15 Tenjo, aya utusan datang ngaliwatan
gunung-gunung, mawa beja hade, beja
kaunggulan! Eh, urang Yuda, geura pestakeun

poe pesta maraneh! Sarta bayar nadar maraneh anu geus diikrarkeun ka Allah. Nagri maraneh moal ditempuh deui ku musuh. Maranehna geus diancurkeun sama sakali.

2 [1] Eh Ninewe, maneh bakal ditarajang! Kakuatan nu bakal nyasaak maneh tereh datang. Jaga benteng-benteng pertahanan! Awaskeun jalan! Taki-taki pikeun perang!
[2] (PANGERAN geus mimiti rek mulihkeun deui Israil cara samemeh dijarah ku musuh.)
[3] Balad musuh marawa tameng beureum, dangdananana ge warna beureum. Keur sasadiaan rek narajang! Kareta-karetana semu hurung kawas seuneu, kudana patinglalunjuk.
[4] Kareta perang rarikat tinggurudug di jalan-jalan, balawiri mundar-mandir di alun-alun, tinggalebur jiga obor, terus tingsalemprung sakilat-sakilat.
[5] Para perwira dipanggil maju, tuluy maraju bari titatarajong. Nyebrut maruru kana kuta, tuluy marasang panggedor.
[6] Lawang-lawang kota sisi walungan, rarebah bedah, eusi karaton guyur-tagiwur.
[7] Ratu geus beunang ditangkep, para emban ngagarukguk kawas sora japati, bari ngaramesan harigu.
[8] Lir cai bedah bendunganana, jalma-jalma ngaburudul kalaluar ti Ninewe. "Areureun! Areureun!" ceuk nu marentah. Tapi euweuh nu balik deui.

9 Jarah perakna! Jarah emasna! Ieu nagri
loba pependemanana!
10 Ninewe geus ancur, rehe, combrek! Hate
lelenyapan ku kasieun. Tuur nyorodcod
leuleus, tanaga musna. Beungeut-beungeut
sarepa.
11 Ayeuna mana eta kota nu asalna lir guha
singa, tempat anak-anak singa diparaban
tempat indit singa jalu jeung singa bikang,
sarta anak-anakna aman di dinya?
12 Singa jaluna nekukan mangsa, geus
katekuk disasaak, keur bikangna jeung
anakna, guhana pinuh ku daging beunang
nyasaak.
13 "Ieu Kami, musuh maneh!" dawuhan
PANGERAN Nu Maha Kawasa. "Kareta-kareta
perang maneh ku Kami arek didurukan nepi
ka beak. Serdadu-serdadu maneh bakal
paraeh di medan perang. Harta banda maneh
beunang rarampas ti nu sejen, ku Kami baris
dijabel. Pepentaan-pepentaan para utusan
maneh moal kadenge-denge deui."
3 1 Cilaka eta kota nu pinuh ku bohong
jeung rajapati, pinuh ku barang beunang
ngarampas jeung beunang ngarampog.
2 Dengekeun! Sora pecut tingjalebred
sora roda tinggurudug, sora kuda lumpat
tingberetek.
3 Pasukan kuda narajang, pedangna
tingbaranyay, tumbakna tinggurilap. Bangke

patumpang tindih, mayit geus teu kaitung
lobana, katajongan ku jalma-jalma.
4 Ninewe, ungkluk tea, keur nandangan
hukuman. Jampe pameletna matak
kagembang dipake mikat jeung
ngabudakkeun bangsa-bangsa.
5 Dawuhan PANGERAN Nu Maha Kawasa, "Eh
Ninewe, maneh ku Kami rek dihukum! Ku
Kami rek ditaranjangan, sina ditarongton ku
bangsa-bangsa, sina narenjo sagala kaaeban
maneh.
6 Maneh ku Kami rek dihinakeun, rek
dipopokan ku najis. Jalma-jalma nu narenjo
sarieuneun.
7 Nu narenjo ka maneh kabeh murungkut.
Maranehna bakal ngaromong kieu, Ninewe
geus burak-barik, saha nu rek karunya? Saha
anu daek ngalilipur ka manehna?"
8 Eh, Ninewe! Pangrasa teh maneh leuwih
hade batan Tebe, ibukota Mesir? Mesir ge
bogaeun walungan, nya eta Walungan Nil, nu
jadi benteng pertahananana.
9 Tebe ngageugeuh Sudan jeung Mesir,
kakawasaanana taya watesna, sarta Libia jadi
baturna.
10 Tapi sanajan kitu, teu burung urang
Tebe diakut ka pangbuangan. Barudakna
ditareunggeulan di jalan-jalan nepi ka paraeh.
Para gegedenna dibarogodan ku rante, sarta
ku nu ngabaroyongna dibagi-bagikeun.

11 Maneh oge, Ninewe, bakal ngudupung
kelenger lantaran mabok! Maneh oge bakal
salungkar-salingker hayang kabur ti musuh.
12 Benteng-benteng maneh engke bakal
saperti tangkal kondang anu buahna geus
arasak. Tangkalna diendag-endag, buahna
ngaburubut, tuluy dicaplukan.
13 Serdadu-serdadu maneh kawas awewe.
Kota maneh jadi bolostrong di hareupeun
musuh. Sarigsig panto-panto gapura maneh
bakal beak diduruk.
14 Geura nimbaan cai, keur taki-taki nadah
kepungan, benteng-benteng tohagaan. Geura
ngaluluh taneuh lempung keur nyieun bata,
nyitakan masing loba, keur sasadiaan.
15 Tapi kalah kumaha maneh tihothat, tetep
maneh baris tiwas, kaduruk atawa kasambut
di medan perang. Maneh baris musna saperti
pepelakan beak dihakan ku simeut. Jumlah
maneh geus mangtikel-tikel, lobana saperti
simeut.
16 Sudagar-sudagar maneh geus jadi leuwih
loba ti batan bentang-bentang di langit.
Tapi ayeuna geus areuweuh, cara simeut
meberkeun jangjang tuluy haliber.
17 Para gegeden maneh reuteum dina luhur
kuta, cara simeut ngagoronyok dina tembok
waktu keur tiis poe. Tapi barang panonpoe
bijil, kabeh nyalingkir haliber, euweuh nu
nyaho ka mana jigna!

18 Eh raja Asur! Gupernur-gupernur maneh
geus paraeh, menak-menak maneh geus
hararees moal hararudang deui. Rahayat
maneh tingalapruk ka gunung-gunung,
euweuh anu ngajak balik.
19 Raheut-raheut maneh moal aya nu bisa
nambaan, bohak-bohak maneh moal aya nu
bisa ngubaran. Anu mareunang beja yen
maneh geus binasa mani kaleprok aratoh. Da
saha anu teu kungsi ngarandapan kabengisan
maneh nu taya hinggana?

Habakuk

1 [1] Ieu pesen ti PANGERAN anu diwahyukeun
ka Nabi Habakuk.
[2] Nun PANGERAN, kedah sabaraha lamina
abdi sasambat nyuhunkeun pitulung, dugi ka
Gusti kersa ngadangu sareng nyalametkeun
abdi sadaya tina katelengesan?
[3] Ku naon abdi dugi ka kedah ningal kaayaan
nu sakitu jahatna? Naha Gusti kiat ningali
kalakuan jalmi-jalmi sakitu arawonna? Di
sakurilingeun abdi mung aya kareksakan
sareng kakerasan, di mana-mana jalmi-jalmi
garelut, parasea.
[4] Hukum taya dayana, taya damelna,
kaadilan henteu jalan. Jalmi jahat disebat
bageur. Kaadilan parantos tibalik.
[5] Ti dinya PANGERAN ngandika ka umat-Na,
"Awaskeun ku maraneh bangsa-bangsa
sakurilingeun maraneh. Engke maraneh bakal
heran nenjona. Kami rek migawe hiji hal anu
hese dipercayana ku maraneh upama ngan
ngadenge caritana.
[6] Bangsa Babul anu galak jeung napsuna
marudah, ku Kami rek dijadikeun bangsa
anu rongkah. Eta bangsa ayeuna keur maju
ngambah jagat, ngarebut nagri-nagri batur.

7 Maranehna nyebarkeun pikasieuneun.
Kalawan angkuhna maranehna ngan tunduk
kana hukumna sorangan.
8 Lumpat kudana leuwih kesit ti batan maung
tutul, leuwih galak alah batan ajag lapar.
Pasukan kudana daratang ti nagri-nagri jauh,
kudana narejehan taneuh. Lajuna nyuruwuk
kawas heulang nyamber mangsa.
9 Pasukan tentarana gawena naluk-
nalukkeun, barengis. Lamun eta pasukan
geus deukeut, jalma-jalma kabeh gimir.
Tawananana lobana tanpa wilangan.
10 Raja-raja ku maranehna dihina, gegeden-
gegeden diseungseurikeun. Taya benteng
anu tagen. Di hareupeun benteng-benteng
maranehna ngunggul-ngunggulkeun taneuh,
tuluy bentengna direbut.
11 Geus kitu eta bangsa anu ngadewa-
dewakeun karongkahanana teh nyemprung
maju, gancangna lir angin."
12 Nun PANGERAN, Gusti teh jumeneng ti
awitna. Gusti teh Allah abdi, suci sareng
langgeng. Nun PANGERAN, Allah anu
ngaraksa ka jisim abdi, Gusti teh geuning
ngangkat bangsa Babul, dijadikeun sakitu
rongkahna, kangge ngahukum abdi sadaya.
13 Nanging bade tahan kumaha Gusti ningali
eta jalmi-jalmi jahat tur bengis? Soca Gusti
kalintang sucina, moal kiat ningali dosa, moal
tahan ningali nu arawon lampah. Ku margi
kitu, ku naon Gusti ngajeunkeun maranehna

ngabasmi jalmi-jalmi anu langkung balener ti batan maranehna?
14 Ku naon jalmi-jalmi teh ku Gusti dipidamel
sapertos lauk, atanapi sapertos insekta nu
teu gaduh purah ngatur?
15 Jalmi-jalmi dikaitan ku urang Babul,
sapertos lauk dikait ku useup, dirungkup ku
heurap teras heurapna dipulut, digusur, nu
ngalana surak!
16 Heurapna dugi ka dipuja-puja,
disasajenan, dumeh tiasa mere rupi-rupi
beubeunangan sakitu mucekilna.
17 Naha maranehna teh bade teras
salamina ngagunakeun pedangna, ngabinasa
bangsa-bangsa tanpa ampun?
2 1 Kaula rek naek kana munara jaga, rek
ngadago naon nu rek didawuhkeun ku
PANGERAN, sarta kumaha walerana-Na kana
gugatan kaula.
2 Kieu waleran PANGERAN ka kaula, "Kami
rek mere wahyu ka maneh. Tuliskeun dina
lempengan taneuh liket sing tetela sangkan
babari dibacana.
3 Kudu dicatetkeun, sabab pijadieunana moal
waka ayeuna, can waktuna. Tapi waktuna
geus tereh, sarta ieu anu ditembongkeun ka
maneh pasti kajadian. Bisa jadi rada leuir.
Tapi dago-dago bae, tangtu kajadian jeung
moal ditunda-tunda.

4 Sarta ieu pesenna: Anu jarahat moal aya
nu salamet. Tapi jalma nu balener tangtu
bakal harirup, ku karana satiana ka Allah."
5 Kabeungharan teh nipu jalma. Eta jalma-
jalma sarakah teh arangkuh jeung napsuna
marudah, lir maot anu taya seubeuhna, nu
matak gawena ngan naluk-nalukkeun bangsa
batur.
6 Tapi anu geus taraluk teh maroyok jeung
ngahina, pokna, Eh tukang nyokot banda
batur, maneh sing cilaka! Iraha rek eureun
ngabeungharkeun diri ku jalan maksa nu
baroga hutang ka maneh malayar hutangna?
7 Tapi, eh tukang naluk-nalukkeun batur,
memeh eling maneh sorangan bakal boga
hutang, sarta bakal dipaksa mayar rentenna.
Maneh bakal ditempuh ku musuh, maneh
ngan ukur bisa ngadegdeg. Babandaan
maneh bakal dijabel.
8 Loba kacida jelema-jelema sagala
bangsa anu geus dirampog ku maneh. Kari
babandaan maneh anu pasti bakal dijabel
ku jelema-jelema anu luput ti maneh,
lantaran maneh geus maehan jeung nganiaya
jelema-jelema saalam dunya, nagri-nagrina
diruksak.
9 Cilaka maneh! Maneh geus
ngabeungharkeun kulawarga sorangan
meunang nyokotan ti batur ku kakerasan,
sangkan imah maneh sorangan aman tina
kasusah jeung bahla!

10 Tapi eta rarancang maneh teh bakal matak
era kulawarga maneh sorangan. Kalakuan
maneh ngarampogan bangsa-bangsa sakitu
lobana, mawa balahi nu bakal ngaruksak ka
maneh sorangan,
11 nepikeun ka bata dina tembokan ka
maneh ngagorowok nyumpahan, sarta sora
gorowokna dihandaruankeun ku kaso-kaso.
12 Cilaka maneh! Maneh nyieun kota make
dasar kajahatan, ngadegkeunana ku jalan
maehan.
13 Bangsa-bangsa anu ditalukkeun ku
maneh, susah payahna jadi tanpa guna,
jeung sagala rupa beunang maranehna
ngawangun beak ku seuneu. Eta memang ku
pangersa PANGERAN Nu Maha Kawasa.
14 Tapi sakuliah bumi bakal pinuh ku kanyaho
kana kaagungan PANGERAN, saperti lautan
pinuh ku cai.
15 Cilaka maneh! Sajeroning amarah maneh
ngahina jeung ngawiwirang tatangga, ku
maneh dijieun sina jalangjang-jolongjong
kawas nu mabok.
16 Ayeuna giliran maneh nu bakal nandangan
kaera, sabalikna tina meunang panghormat.
Giliran maneh anu bakal mabok nepi ka
jalangjang-jolongjong. Maneh bakal dipaksa
ku PANGERAN nginum siksaan sorangan,
sarta kahormatan maneh bakal jadi kahinaan.
17 Maneh geus nuaran kai di leuweung
Libanon, ayeuna giliran maneh anu bakal

dituar. Sasatoan di dinya ku maneh dipaehan,
ayeuna maneh anu bakal kasieunan ku
sasatoan. Pang jadi kitu teh lantaran
maneh geus ngajalankeun rajapati jeung
katelengesan ka jelema-jelema saalam dunya
jeung ka kota-kotana.
18 Naon gunana arca? Pilakadar beunang
nyieun jelema, paragi nyebarkeun bohong.
Bisa nyieun kahadean naon ka nu nyieunna
pangna dipercaya dewa nu teu bisaeun
ngomong-ngomong acan!
19 Cilaka maneh! Ngomong ka kayu
sapotong, "Geura gugah!" atawa ka batu
saguluntung, "Geura tanghi!" Bisaeun arca
mere pituduh ka maneh? Bisa jadi arcana
dilapis ku perak jeung emas, tapi euweuh
nyawana.
20 PANGERAN aya di Bait Allah, gedong-Na
nu suci, jalma kabeh kudu repeh di payuneun
Mantenna.
3 1 Ieu paneda Nabi Habakuk:
2 Nun PANGERAN, abdi parantos nguping
sugri anu dipidamel ku Gusti. Hate abdi pinuh
ku rasa hormat. Eta padamelan Gusti nu
aragung, mugi pidamel deui jaman abdi-abdi
ayeuna. Mugi Gusti mikawelas, sanaos upami
keur bendu.
3 Allah tereh sumping deui ti Edom. Allah
nu suci, tereh sumping ti pagunungan Paran.
Kamulyaana-Na minuhan langit, sarta bumi
pinuh ku pujian ka Mantenna.

4 Sumping-Na bareng jeung kilat ngagebray,
panangana-Na ngaluarkeun cahaya, nya di
dinya disumputkeun pangawasa-Na.
5 Di hareup Mantenna ngagiring panyakit, di
tukang diiring ku maot.
6 Ana Mantenna ngarandeg, bumi
ngariyeg. Bangsa-bangsa dipencrong, kabeh
ngagebeg. Gunung-gunung nu aya ti jaman
purba alambrug, pasir-pasir anu umurna
mangabad-abad rarugrug, pasir-pasir anu
baheula diambah ku Mantenna.
7 Abdi ningal urang Kusyan kasieunan, urang
Midian ngadegdeg.
8 Nun PANGERAN, pangna bendu teh naha
ku margi walungan-walungan? Pang Gusti
wera teh naha ku margi lautan? Gusti nitihan
mega sareng mega topan lir karetana, waktos
sumping nyandak kaunggulan kangge umat
Gusti.
9 Gusti ngawengkang gondewa, bade
ngalepas jamparing. Kilat Gusti meulah bumi.
10 Barang gunung-gunung ningal ka Gusti,
per ngadaregdeg, hujan bahe ti langit. Cai
handapeun daratan ngaguruh, ombakna
laluhur pagulung-gulung.
11 Waktos jamparing-jamparing Gusti
tingbelesat sareng tumbak Gusti ngagurilap,
panonpoe sareng bulan ngarandeg.
12 Sajeroning wera Gusti lungsur ngambah
lemah, bangsa-bangsa ku Gusti dileyek.

13 Gusti majeng, bade nyalametkeun umat
Gusti ngajait raja pilihan Gusti. Pamingpin
para durjana ku Gusti dihajar ngajungkel,
para panganutna seep ditumpes.
14 Jamparing-jamparing Gusti narancleb ka
kapala pasukan musuh, anu keur nyebrut
sapertos topan, niat ngubrak-ngabrik
abdi-abdi, bangun atoh ku nu cilaka, sapertos
kabiasaan jalmi-jalmi tukang ngagencet
rerencepan.
15 Bari tunggang kuda Gusti ngucek-ngucek
laut, cai laut nu hebat dugi ka ngabudah.
16 Ngareungeu eta kaula ngarasa ketir, biwir
ngeleper lantaran sieun awak leuleus, di
handap suku titatarajong. Bari ngahephep
kaula ngadago waktuna PANGERAN bakal
nerapkeun hukum ka nu narajang ka urang.
17 Najan kondang teu baruahan, tangkal
anggur taya anggurna, najan panen jetun
gagal, jeung di huma taya pelak gandum
najan domba kabeh paraeh, kandang sapi
kararosong,
18 kaula moal weleh suka jeung bungah,
sabab aya PANGERAN Allah, jurusalamet
kaula.
19 Ku PANGERAN Nu Maha Agung dipaparin
kakuatan, dipaparin suku anu tangginas
kawas uncal, aman ngambah pagunungan.

Zefanya

1 [1] Ieu pesen Allah ka Nabi Sepanya, putra
Raja Hiskia anak Amarya anak Gedalya
anak Kusi. Dipaparinkeunana keur jaman
Yosia anak Amon jadi raja Yuda.
[2] PANGERAN ngandika, "Sakeudeung deui
Kami rek ngabasmi sagala rupa nu aya di
bumi,
[3] jelema, sato, manuk, lauk. Kami rek
numpes anu jarahat. Arek ngabasmi manusa,
hamo nyesakeun nu hirup. Kitu pangandika
Kami, PANGERAN.
[4] Kami rek ngahukum urang Yerusalem jeung
urang Yuda. Rek ngabasmi sesa adat ibadah
ka Baal anu aya keneh di dinya, sangkan ulah
aya deui anu inget ka imam-imam brahala
anu ngaladenan Baal.
[5] Kami rek ngabasmi sakur nu sok naraek
ka loteng ngadon nyarembah ka panonpoe,
ka bulan jeung ka bentang-bentang. Jeung
rek ngabasmi jelema-jelema anu ngabakti ka
Kami sarta geus ikrar arek satia, tapi osok
sumpah nyebut ngaran Dewa Milkom.
[6] Kami rek ngabasmi jelema-jelema anu
naringgalkeun sarta teu aranut deui ka Kami,
jeung tara daratang menta tungtunan Kami."
[7] Poena PANGERAN muka pangadilan tereh
datang. Ku sabab eta masing rarepeh di

payuneuna-Na. PANGERAN geus sadia meuncitan umat-Na saperti sato kurban, sarta geus ngondang musuh-musuh Yuda sina ngaranjah.
8 Timbalan PANGERAN, "Dina poean meuncitan, Kami rek ngahukum para gegeden, anak-anak raja, jeung sakabeh anu make adat bangsa lian.
9 Kami rek ngahukum ka nu ngabarakti make tata cara umat brahala, jeung ka nu sok maling jeung maehan, anu ngabeungharkeun dununganana ku barang-barang gedoran."
10 "Dina poe eta," timbalan PANGERAN, "maneh bakal ngadenge nu tingjarerit di Gapura Lauk di Yerusalem. Ti pakampungan anyar bakal kadenge ku maneh sora anu sasambat, jeung ti pasir-pasir sora runtuh ngagulugur.
11 Maraneh, anu maratuh di kota handap, lamun geus ngadenge eta sora kudu careurik, midangdam, sabab padagang-padagang kabeh geus paraeh!
12 Waktu eta Kami arek mawa obor, rek ngagaradah Yerusalem. Kami rek ngahukum jelema-jelema anu ngarasa sugema jeung megah ku dirina, jeung boga pamikir: PANGERAN moal midamel kitu, moal midamel kieu.
13 Harta bandana bakal dirampas, imah-imahna bakal diburak-barik. Pamohalan maranehna bakal bisa nyaricingan imah

sorangan, atawa ngarinum anggur pelakna
sorangan."
14 Poe agung PANGERAN geus deukeut,
deukeut naker, bakal gancang datang. Poe
anu pohara pait getirna, nepikeun ka prajurit
anu pangwanianana oge ngagerung pegat
harepan.
15 Eta poe pinuh ku hawa amarah, poe
sangsara, poe tunggara, poe ngalebur,
poe ngaruksak, poe poek, poe cilaka, poe
mendung, poe kasaput ku mega,
16 poe anu saheng ku sora tarompet
perang, ku haok perang serdadu-serdadu
anu ngagempur kota-kota benteng jeung
munara-munara anu laluhur.
17 PANGERAN ngadawuh, "Kami rek
ngadatangkeun kacilakaan-kacilakaan gede
ka umat manusa, nepi ka maranehna ting
rarampa kawas nu lolong. Maranehanana geus
dosa ka Kami. Ayeuna getihna rek dikocorkeun
saperti cai, sarta bangke-bangkena sina
baruruk dina taneuh."
18 Sanajan barogaeun perak jeung emas
ge, dina poean PANGERAN ngumbar bendu
mah emas perakna moal bisa nyalametkeun
maranehna. Sakuliah jagat baris kahuru ku
seuneu wera-Na. Sagala anu kumelip di bumi,
umurna ku Mantenna baris dicabut ngadadak.
2 1 Eh, bangsa anu teu boga kaera! Geura
areling,

2 memeh layu kawas kembang, memeh
katiban ku seuneu bendu PANGERAN, memeh
Mantenna ngumbar wera-Na.
3 Nu rarendah hate di ieu nagri sarta narurut
kana timbalan PANGERAN, geura baralik
ka Mantenna. Naon nu bener lampahkeun.
Laipkeun diri di payuneun PANGERAN,
malakmandar bisa luput tina hukuman dina
poean PANGERAN nembongkeun wera-Na.
4 Di Gasa saurang ge moal nyesa. Askelon
bakal kosong taya jalmaan. Urang Asdod di
jero satengah poe bakal kausir. Urang Ekron
diusir ti kotana.
5 Cilaka maraneh, urang Pelisti, bangsa
nu nyicingan sapanjang basisir. PANGERAN
geus ngaragragkeun hukuman ka maraneh;
maraneh bakal ditumpes moal aya nu
disesakeun.
6 Nagri maraneh di sisi laut bakal jadi tegal
ngablak, jadi tempat saung-saung pangangon
jeung kandang-kandang domba.
7 Tanah maneh bakal diandih ku urang Yuda
anu saralamet. Maranehna bakal ngarangon
ingon-ingonna di dinya, ari hareesna di
imah-imah urut urang Askelon. Hirupna
disarengan ku PANGERAN Allahna.
8 Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa,
"Kami ngadenge urang Moab jeung urang
Amon moyok jeung ngahina ka umat Kami,
bari nyombong magar sanggup ngarebut
nagrina.

9 Kami, Allahna urang Israil anu jumeneng,
sumpah, Moab jeung Amon pasti dibasmi,
saperti Sadumu jeung Gomora. Nagri-nagrina
bakal jadi tempat sumur-sumur uyah, jadi
ruruntuhan salalanggengna, pinuh ku jukut
hama. Umat Kami anu saralamet bakal
ngaranjah ka maranehna sarta ngarebut
tanahna."
10 Kitu petana hukuman pikeun Moab jeung
Amon, lantaran angkuhna jeung adigungna,
jeung ku sabab geus ngahina ka umat
PANGERAN Nu Maha Kawasa.
11 Maranehna ku PANGERAN bakal disina
kasieunan. PANGERAN bakal mupus harkat
dewa-dewa di bumi sina taya hartina, nepi
ka unggal bangsa di nagrina masing-masing
ngabarakti ka Mantenna.
12 Urang Sudan oge bakal ditibanan hukum
pati ku Mantenna.
13 PANGERAN bakal nganggo kawasa-Na
ngabasmi Asur. Kota Ninewe bakal dijadikeun
ruruntuk kosong, jadi tempat nu euweuh
caina.
14 Di dinya sato-sato lindeuk ngabubuhan
darepa jeung rupa-rupa sato lianna. Bueuk-
bueuk bakal nyarayang di dinya, disarada dina
ruruntuk jandela-jandela, gagak-gagak bakal
disarada dina urut bangbarung-bangbarung
panto. Kayu kiputri wawangunanana bakal
beak dicaroplokkan.

15 Kitu pijadieunana eta kota anu gumede ku
kakuatanana jeung ngujubkeun dirina baris
aman. Pangrasa jalma-jalmana mah kotana
teh panggedena di sadunya. Pisakumahaeun
sepi jemplingna engke eta tempat teh, jadi
pangauban sato-sato leuweung. Sakur anu
ngaliwat ka dinya bakal murungkut hatena
pinuh kasieun.
3 1 Cilaka Yerusalem, kota bejad kalakuan,
tukang ngalawan, tukang ngagencet
rahayatna sorangan.
2 Embung tunduk ka PANGERAN, embung
diatur. Ka PANGERAN teu percaya, teu
ngarasa butuh ku pitulung-Na.
3 Para gegedenna kawas maung nu guar-
gaur; hakim-hakimna kawas ajag lapar, tara
nyesakeun tulang sapotong-potong acan keur
isukan, awahing ku rakus.
4 Nabi-nabina teu baroga rasa tanggung
jawab, turug-turug carurang. Imam-imamna
malah nganajiskeun sagala nu disucikeun,
jeung sok mutar-muter hukum Allah keur
kauntunganana sorangan.
5 Sanajan kitu, PANGERAN mah linggih di
dinya, midamel anu bener, tara midamel anu
salah. Saban isuk tara towong nerapkeun
kaadilan ka umat-Na. Tapi jalma-jalma anu
teu balener di dinya tonggoy bae migawe
kajahatan, jeung teu era-eraeun.
6 PANGERAN ngandika, "Kami geus
nyapukeun sakabeh bangsa, kota-kotana

diburak-barik, kuta-kuta jeung munara-
munarana geus diruntuh-runtuhkeun,
kota-kotana geus karosong, lulurung-
lulurungna geus saruwung, jelemana taya nu
nyesa."
7 Panyana Kami ari geus dikitukeun mah
eta umat Kami rek daraek ngajenan jeung
narima aturan-aturan ti Kami, sarta moal
mopohokeun pangwarah-pangwarah Kami.
Sihoreng can naon-naon geus baralik
deui kana kabiasaanana, jarahat cara ka
tukang-tukang.
8 "Tapi awas," dawuhan PANGERAN. "Dagoan
poena Kami ngadakwa bangsa-bangsa.
Kami geus mutuskeun bakal ngumpulkeun
bangsa-bangsa jeung karajaan-karajaan,
sina ngarasa hebatna amarah Kami. Bumi
sakuliahna pasti binasa ku seuneu amarah
Kami."
9 Saupama geus kitu, bangsa-bangsa ku
Kami baris dirobah, nenedana moal deui ka
allah-allah sejen, tapi ka Kami bae sorangan.
Kabeh bakal aranut ka Kami.
10 Umat Kami anu pabalencar, dalah ti Sudan
nu jauh, bakal daratang marawa pangbakti
ka Kami.
11 Dina waktu eta maraneh, umat Kami, geus
teu perlu ngarasa era pedah maneh geus
ngalawan ka Kami. Sabab jelema-jelema
anu garumede jeung aradigung ku Kami rek

disingkirkeun, sarta maneh di gunung Kami
nu suci moal deui-deui ngalawan ka Kami.
12 Nu ku Kami rek disesakeun ngan jelema-
jelema anu miskin tur laip, anu mikabutuh
pitulung Kami.
13 Urang Israil anu nyesa keneh moal hasud
ka batur, moal cidra ka nu lian, moal macikeuh
ka saha-saha. Hirupna baris marukti tur
aman, moal sieun ku saha-saha.
14 Eh Israil, geura nyanyi, geura surak! Eh
Yerusalem, geura gumbira sapinuhna hate!
15 Hukuman maneh ku PANGERAN geus
dieureunkeun, musuh-musuh maneh geus
disingkahkeun. PANGERAN, Raja Israil, aya di
maneh, maneh taya sabab pikeun ngarasa
sieun.
16 Bakal datang mangsana maranehna
ngaromong ka Yerusalem, "Maneh, kota Sion,
teu kudu sieun, teu kudu ngeplek leungeun.
17 Maneh disarengan ku PANGERAN, Allah
maneh, maneh tangtu unggul ku pangawasa
Mantenna. PANGERAN bakal mikaresep ka
maneh, mikaasih, jeung maparin hirup anu
anyar. Ku hal maneh PANGERAN nepi ka
ngahariring awahing ku suka galih,
18 sakumaha urang suka bungah dina pesta."
PANGERAN ngandika, "Balahi ku Kami geus
dieuweuhkeun ti maneh, kahinaan maneh
geus disingkirkeun.
19 Mangsana geus tereh! Kami rek ngahukum
nu ngagencet ka maraneh, nyalametkeun

nu parincang, mulangkeun para boyongan.
Kahinaanana rek diganti ku kahormatan, sina
diparuji ku saalam dunya.
20 Mangsana geus tereh! Kami rek
mulangkeun rahayat maneh anu keur
pabalencar. Maneh ku Kami rek dijieun
kamashur ka saalam dunya, kamuktian
maneh rek dipulihkeun." Kitu timbalan
PANGERAN.

Hagai

1 [1] Dina taun kadua Darius jadi raja Persia,
dina tanggal hiji bulan anu kagenep,
PANGERAN ngembankeun timbalan ka Nabi
Hagai, supaya ditepikeun ka Serubabel bin
Sealtiel anu jadi gupernur di tanah Yuda,
jeung ka Imam Agung Yosua bin Yosadak.
[2] Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa
ka Hagai, "Jalma-jalma nyarebutkeun, magar
ayeuna can meujeuhna ngadegkeun deui Bait
Allah."
[3] Nabi Hagai ku PANGERAN dipiwarang
nyaurkeun timbalan kieu ka umat-Na,
[4] "Eh umat Kami, ku naon maraneh geus
caricing di imah nu wareweg, ari Bait Kami,
burak-barik keneh?
[5] Teu karasa, naon anu keur karandapan
ayeuna ku maraneh?
[6] Maraneh melak gandum lega, tapi nu kaala
saeutik pisan. Dahareun baroga, tapi moal
matak seubeuh. Anggur inumeun boga, tapi
teu matak cukup! Papakean boga, tapi teu
matak haneut kana awak. Nu karuli buruhna
teu mahi keur pangabutuhna sapopoe.
[7] Teu karasa, naon sababna?
[8] Coba geura naranjak ka pasir nuaran kai,
Bait Kami adegkeun deui, sangkan hate Kami

genah, sangkan Kami dibakti sakumaha mistina.
9 Maraneh ngarep-ngarep mucekil panen,
tapi sanggeus panen hasilna teu pira. Ana
diakut ka imah, di tengah jalan ku Kami
ditiup manten. Ku naon sababna Kami kitu?
Ku sabab Bait Kami, burak-barik keneh, da
maraneh masing-masing jongjon nyieun imah
sorangan.
10 Eta sababna pangna tara aya hujan, nepi
ka euweuh naon-naon anu jadi.
11 Ieu tanah ku Kami dihaja kahalodoan.
Pasir-pasir, kebon-kebon anggur, kebon-
kebon jetun, lahan-lahan gandum, jelema,
sasatoan, sagala tutuwuhan, katut sagala
rupa anu ku maraneh dipelak, kabeh ku Kami
disina gararing."
12 Geus kitu Serubabel jeung Yosua katut
jelema-jelema anu marulang ti pangbuangan
di Babul, narurut kana timbalan PANGERAN
Allahna. Jelema-jelema teh sarieuneun, nu
matak maranehna narurut ka Nabi Hagai,
utusan Allah.
13 Hagai ku PANGERAN dipiwarang ngemban
timbalan ka maranehna. Timbalana-Na,
"Kami jangji rek nyarengan ka maraneh."
14 Seug Serubabel, gupernur tanah Yuda,
Imam Agung Yosua, sarta jalma rea anu
marulang ti pangbuangan dihudangkeun
sumangetna ku PANGERAN, sangkan
digarawe nyieun Bait Allah. Prak maranehna

ngamimitian nyieun Bait PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah maranehna.
15 Dimimitianana dina tanggal dua puluh opat bulan anu kagenep, taun kadua pamarentahan Raja Darius.
2 1 Dina tanggal dua puluh hiji bulan katujuh, taun kadua pamarentahan Raja Darius, PANGERAN ngembankeun deui timbalan ka Nabi Hagai.
2 Hagai dipiwarang nyaurkeun eta timbalan ka Serubabel gupernur tanah Yuda, ka Imam Agung Yosua bin Yosadak, jeung ka jalma rea. Kieu timbalana-Na,
3 "Maraneh aya nu inget keneh kumaha agrengna Bait Allah nu ti heula? Kumaha katenjona anu ayeuna ceuk maraneh? Sama sakali teu nyugemakeun.
4 Tapi maraneh teu kudu leutik hate. Teruskeun pigawe, sabab Kami tangtu ngabantu.
5 Basa maraneh kaluar ti Mesir, Kami geus jangji seja babarengan salilana. Nepi ka ayeuna Kami terus bae babarengan jeung maraneh. Nu matak maraneh ulah salempang.
6 Moal lila deui Kami rek ngoyagkeun langit jeung bumi, daratan jeung laut.
7 Sakabeh bangsa ku Kami bakal diguling-gulingkeun, sarta kakayaanana bakal dibawaan ka dieu, nepikeun ka ieu Bait Kami bakal pinuh ku barang-barang anu marulya.

8 Emas jeung perak di saalam dunya Kami
nu kagunganana.
9 Bait Kami anu anyar bakal leuwih agreng
ti anu heubeul, sarta di dieu Kami rek
ngamakmurkeun jeung ngertakeun umat
Kami." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha
Kawasa.
10 Dina tanggal dua puluh opat bulan
kasalapan taun kadua pamarentahan Raja
Darius, PANGERAN Nu Maha Kawasa ngandika
deui ka Hagai.
11 Pangandika-Na, "Tanyakeun ka imam-
imam aturan pikeun sual ieu.
12 Upama aya jelema nyokot daging tina
kurban anu geus disucikeun, diasupkeun
kana lipetan jubahna sarta jubahna terus
antel kana roti, kana kaolahan, kana anggur,
kana minyak jetun, atawa kadaharan naon
bae, naha kadaharan anu kaantelanana
milu kasucikeun?" Sanggeus sual eta
dipariksakeun, jawab para imam, "Henteu."
13 Hagai mariksa deui, "Ayeuna, upama aya
jelema keur najis lantaran tas nyabak mayit,
tuluy nyabak salah sarupa kadaharan tea.
Kumaha eta kadaharan anu dicabakna jadi
najis?" Jawab para imam, "Najis."
14 Saur Hagai, "Dawuhan PANGERAN eta
aturan keuna ka jalma-jalma ieu bangsa jeung
kana sagala rupa anu dihasilkeunana. Jadi
sagala rupa anu ku maranehna dibaktikeun
dina altar teh najis."

15 Timbalan PANGERAN, "Teu karasa ku
maraneh, naon anu geus karandapan? Memeh
maraneh ngadegkeun deui ieu Bait Kami,
16 pelak gandum maraneh anu diharepkeun
bisa meunang dua ratus kilo ngan meunang
saratus kilo. Meres anggur, hayang bisa nyiuk
saratus liter tina tahangna, ngan meunang
opat puluh liter.
17 Naon bae anu ku maraneh dicoba dipelak,
ku Kami disina ditarajang ku angin panas
jeung hujan es. Tapi maraneh teu tobat-tobat.
18 Poe ieu, tanggal dua puluh opat bulan
kasalapan, pademen ieu Bait Kami geus
anggeus dipigawe. Cirikeun ti poe ieu baris
kumaha.
19 Sanajan maraneh geus teu baroga
gandum, anggur, kondang, dalima, jeung
pelak jetun can baruahan, tapi ti semet poe
ieu tangtu baris aya berkah ti Kami."
20 Poe eta keneh, tanggal dua puluh opat
bulan eta, PANGERAN ngembankeun deui
timbalan ka Hagai,
21 pikeun Serubabel gupernur tanah Yuda.
Timbalana-Na, "Moal lila deui Kami rek
ngoyagkeun langit jeung bumi,
22 sarta ngarubuhkeun karajaan-karajaan
jeung namatkeun sagala kakawasaanana.
Kareta-kareta perang katut nu tarumpakna
rek dijungkir-jungkirkeun, kudana sina
paraeh, nu tarumpakna sina silih paehan.

23 Ari maneh, Serubabel abdi Kami, poe eta
maneh baris diangkat pikeun marentah demi
jenengan Kami, sabab maneh anu kapilih ku
Kami." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha
Kawasa.

Zakaria

1 [1] Dina bulan kadalapan taun kadua
pamarentahan Darius raja Persia,
PANGERAN maparin ieu amanat ka Nabi
Jakaria bin Berekya putu Ido.
[2] PANGERAN Nu Maha Kawasa ngembankeun
timbalan ka Jakaria keur ka umat-Na. Kieu
timbalana-Na, "Baheula Kami teh geus kacida
jengkelna ka karuhun-karuhun maraneh.
[3] Ayeuna ka maraneh Kami menta, hiap
baralik deui ka Kami, tangtu Kami oge balik
deui ka maraneh.
[4] Ulah cara karuhun maraneh. Maranehna
geus dibere amanat Kami ku nabi-nabi,
dielingan ulah nyieun dosa, ulah daroraka
bae sapapanjangna. Tapi teu narurut, Kami
henteu dipalire.
[5] Karuhun-karuhun maraneh, kitu deui
nabi-nabi, geus teu araya.
[6] Geus cukup Kami mere papakon-papakon
jeung pepeling ka karuhun-karuhun maraneh
ku jalan abdi-abdi Kami, nabi-nabi tea,
tapi parura-pura bae, heug bae nandangan
balukarna. Geus kitu kakara tarobat jeung
rarumasa yen Kami, PANGERAN Nu Maha
Kawasa, geus sapantesna ngahukum ka
maranehna, satimpal jeung kalakuanana,
sarta luyu jeung putusan Kami."

7 Dina taun kadua pamarentahan Raja
Darius, dina tanggal dua puluh opat bulan
kasabelas (Bulan Sebat), PANGERAN maparin
ieu amanat suci ka sim kuring dina hiji
titingalian ti peuting.
8 Sim kuring ningal aya hiji malaikat
PANGERAN, tunggang kuda beureum. Reg
liren antara tangkal-tangkal kupa di hiji
lengkob. Di pungkureunana aya deui kuda
sababaraha hiji, buluna aya nu beureum, nu
belang, nu bodas.
9 Pok sim kuring naros, "Eta kuda teh
naon pihartoseunana, Juragan?" Anjeunna
ngawaler, "Engke ku Kami ditembongkeun.
10 Eta kuda teh ku PANGERAN dipiwarang
nalengteng jagat."
11 Seug kuda teh ngaromong ka malaikat,
"Sakuliah dunya parantos dilanglang.
Kapendak parantos teu garaduh harepan,
ngararuyung."
12 Eta malaikat misaur, "Nun PANGERAN
Nu Maha Kawasa, parantos tujuh puluh
taun Gusti bendu ka Yerusalem sareng ka
kota-kota di nagri Yuda. Bade dugi ka iraha
Gusti tetep bendu teu kersa ngahapunten ka
maranehna?"
13 PANGERAN ngawaler ka eta malaikat ku
pilahir anu matak lejar.
14 Eta malaikat ka kaula miwarang, yen eta
sabda PANGERAN kudu diembarkeun. Kieu
eta sabda teh, "Kami liwat saking nya nyaah

ka Yerusalem teh, kota Kami anu suci. Kami prihatin.
15 Tapi Kami pohara jengkelna ka
bangsa-bangsa anu keur garenah-genah
ngararasakeun aman. Umat Kami, anu
ku Kami mah geus henteu dibenduan
deui, ku maranehanana anggur beuki
diteungteuinganan.
16 Ku sabab eta Kami perlu ka Yerusalem
deui, arek nembongkeun kanyaah ka eta
kota. Bait Kami rek diadegkeun deui, sarta
kota Yerusalem rek dipulihkeun."
17 Eta malaikat miwarang deui supaya kaula
ngembarkeun kieu, "Dawuhan PANGERAN
Nu Maha Kawasa, kota-kota Mantenna
baris makmur deui, sarta Yerusalem bakal
ditulungan sakali deui jeung bakal diangken
yen jadi kota kagungana-Na."
18 Aya deui titingalan kaula, nya eta opat
tanduk sapi.
19 Sim kuring nanyakeun ka malaikat
anu geus sasauran ka kaula tea, "Naon
hartosna eta tanduk?" Waleranana, "Eta teh
kakawasaan di dunya, anu ngawurkeun urang
Yuda, urang Israil, jeung urang Yerusalem
nepi ka pabalencar."
20 Geus kitu sim kuring ku PANGERAN
dipaparin ningal opat tukang beusi nyarekel
palu.
21 Kaula nanyakeun, "Eta bade naon?"
Mantenna ngawaler, "Arek ngoyagkeun jeung

ngagulingkeun bangsa-bangsa, anu geus
ngaburak-barik Yuda jeung ngaburencaykeun
jalma-jalmana."
2 [1] Aya deui titingalan kaula, nya eta hiji
lalaki nu mawa tali ukuran.
[2] Ku kaula ditanya, "Rek ka mana?" Jawabna,
"Arek ngukur Yerusalem, hayang nyaho
panjangna jeung rubakna."
[3] Malaikat anu tadi cacarios ka sim kuring
tea nyampeurkeun, tuluy aya nu mapag,
malaikat hiji deui.
[4] Anjeunna sasauran ka dinya, saurna,
"Geuwat udag itu budak ngora nu mawa tali
ukuran. Bejakeun yen pangeusi Yerusalem,
jelema jeung ingon-ingonna bakal kacida
lobana, nepi ka moal bisa lamun dikutaan
sakurilingna, lantaran gede teuing.
[5] PANGERAN ku manten anu bakal jadi
kutana teh, Mantenna geus jangji baris jadi
kuta seuneu anu ngaraksa ka dinya, sarta
Mantenna baris nanjeurkeun kamulyaana-Na
di dinya."
[6] (2:6-7) PANGERAN ngandika ka umat-Na,
"Maraneh ku Kami geus dipabalencarkeun
ka saban madhab. Ayeuna, maraneh para
buangan kudu kalabur ti Babul, marulang ka
Yerusalem.
[7] (2:6)
[8] Sing saha anu narajang ka maraneh,
narajang buah hate Kami." Ku hal eta,
PANGERAN Nu Maha Kawasa miwarang kaula

ngemban ieu sabda pikeun bangsa-bangsa
anu geus ngarampogan umat-Na:
9 "PANGERAN ku manten nu bakal ngalawan
maraneh, sarta maraneh bakal dirampog ku
jalma-jalma urut badega-badega maraneh.
Lamun hal eta geus kajadian, maraneh
kakara bakal nyaraho yen PANGERAN Nu
Maha Kawasa geus ngutus kami."
10 PANGERAN ngandika, "Urang Yerusalem
geura ngarawih, sing gumbira, Kami tereh
datang, rek reureujeungan jeung maraneh!"
11 Dina mangsa eta, loba bangsa-bangsa
nu daratang ka PANGERAN jaradi umat-Na.
Mantenna bakal sasarengan jeung aranjeun,
sarta aranjeun bakal nyaraho yen anu ngutus
kaula ka aranjeun teh PANGERAN.
12 Sakali deui Yuda baris jadi milik utama
kagungan PANGERAN di tanah-Na nu suci,
sarta Yerusalem bakal jadi kota anu pang
dipikanyaahna ku Mantenna.
13 Sing repeh kabeh di payuneun PANGERAN,
karana Mantenna tereh sumping ti
panglinggihana-Na anu suci.
3 1 PANGERAN maparin deui titingalan ka
sim kuring. Mantenna nembongkeun
Imam Agung Yosua keur ngadeg di payuneun
malaikat PANGERAN. Di gedengeunana aya
Setan, anu maksudna rek ngadakwakeun
anjeunna.
2 Malaikat PANGERAN ngalahir ka eta Setan,
lahiranana, "Sing disapa maneh, Setan, ku

PANGERAN! PANGERAN, anu mikaasih ka Yerusalem mangka nyapa ka maneh. Ieu jalma lir upama kayu sapotong beunang ngadudut tina durukan."
3 Yosua aya ngadeg di dinya, anggoanana dekil.
4 Malaikat tea nimbalan ka para pangbantuna di sawarga, "Cuculan pakean kotorna ieu jelema." Geus kitu anjeunna ngalahir ka Yosua, "Dosa maneh ku Kami geus dipiceun. Maneh baris disalinan ku pakean anu anyar."
5 Seug malaikat teh miwarang para pangbantuna nerapkeun sorban anu beresih kana mastaka Yosua. Ku maranehna dilampahkeun, sarta sanggeus kitu maranehna nganggokeun pakean anyar ka Yosua, diawaskeun ku malaikat PANGERAN.
6 Geus kitu anjeunna ngalahir ka Yosua, lahiranana,
7 "Dawuhan PANGERAN Nu Maha Kawasa, upama maneh nurut kana hukum-hukum Kami, sarta ngalakonan kawajiban anu diembankeun, maneh bisa terus ngurus Bait Allah katut pakaranganana; paneda-paneda maneh tangtu ku Kami didenge, cara kana paneda malaikat-malaikat anu araya di payuneun Kami.
8 Ku sabab kitu dengekeun Yosua, maneh teh Imam Agung; sarta maraneh, imam-imam bawahanana, darengekeun, maraneh teh lambang jaman senang nu bakal datang.

Kami baris ngutus abdi Kami anu disebut Sirung!
9 Ayeuna Kami rek nempatkeun ieu batu anu
ngan hiji-hijina di hareupeun Yosua, batu juru
tujuh. Eta ku Kami rek diukir, ditulisan hiji
prasasti. Geus kitu Kami baris mupus dosa
ieu nagri di jero sapoe.
10 Upama mangsa eta geus cunduk, saban
jalma ti kalangan maneh bakal ngondang
tatangga-tatangga, diajak milu ngarasakeun
kaayaan anu runtut rukun tur aman,
dikurilingan ku kebon-kebon anggur jeung
tangkal-tangkal kondang."
4 1 Malaikat anu tadi cacarios ka sim kuring
tea sumping deui, ngaguyah-guyah kawas
ka anu sare, pok ngalahir,
2 "Aya naon nu katenjo?" Walon sim kuring,
"Aya ajug emas. Di luhurna aya wadah
minyak. Eta ajug aya lampuna tujuh. Unggal
lampu aya tempat sumbuna tujuh-tujuh.
3 Kenca katuhueun eta ajug aya dua tangkal
jetun."
4 Seug ku sim kuring ditaroskeun ka eta
malaikat, "Kangge naon eta ajug teh,
Juragan?"
5 Anjeunna malik mariksa, "Na teu nyaho?"
"Henteu, Juragan," walon sim kuring.
6 Eta malaikat nimbalan, miwarang kaula
nepikeun ieu sabda PANGERAN ka Serubabel.
Sabda-Na, "Paneja maneh bakal laksana;
lain ku karana kakuatan balad lain ku karana

tanaga maneh sorangan, tapi ku karana Roh Kami.
7 Kajeun halangan sagede gunung,
disanghareupan ku maneh tinangtu musna.
Bait Allah bisa diadegkeun deui ku maneh,
sarta ana batu panungtung ku maneh
geus merenah dipasang dina tempatna,
jalma-jalma bakal tinggarero, Aduh, ku
alus-alus teuing!"
8 Aya deui sabda PANGERAN ka kaula.
9 Sabda-Na, "Serubabel geus masangkeun
pademen Bait Kami. Eta kabeh bisa anggeus
ku manehna. Upama geus anggeus, umat
Kami tangtu yakin yen nya Kami anu ngutus
maneh ka maranehna teh.
10 Maranehna tadina ngara kuciwa lantaran
eta pagawean mimitina pohara kendorna.
Tapi maranehna bakal narenjo Serubabel
neruskeun ngadegkeun eta Bait Kami,
hatena bakal sarenangeun." (4-10b)
Anjeunna ngalahir, "Lampu anu tujuh,
eta ngagambarkeun soca PANGERAN anu
paningalina parat ka sakuliah jagat."
11 Sim kuring naroskeun deui, "Dupi dua
tangkal jetun kenca katuhueun ajug, naon
hartosna?
12 Sareng naon hartosna dua dahan jetun
anu di gigireun dua corong minyak jetun anu
tina emas?"
13 Anjeunna mariksa, "Na teu nyaho?"
"Henteu, Juragan," walon sim kuring.

14 Anjeunna ngalahir, "Eta ngagambarkeun
dua jalma anu ku Allah dipilih jeung diistrenan
jadi purah laladen ka PANGERAN, Gustina
saalam dunya."
5 1 Aya deui anu katingal ku kaula, nya
eta kitab gulung keur ngalayang di
awang-awang.
2 Malaikat tea mariksakeun, saurna nenjo
naon. Walon kaula, "Ningal kitab gulung
ngalayang di awang-awang, panjangna
salapan meter, rubakna opat meter
satengah."
3 Lahiranana ka sim kuring, "Eta eusina
panyapa, anu bakal sumebar ka sakuliah
nagri. Nu sabeulah, unina nyebutkeun, unggal
bangsat bakal disingkirkeun ti jero nagri;
nu sabeulah deui nyebutkeun, sakur anu
ngucapkeun sumpah palsu bakal digusur.
4 PANGERAN Nu Maha Kawasa bakal
nyebarkeun eta panyapa ka unggal imah
bangsat jeung ka unggal imah jelema anu sok
sumpah palsu, sarta eta panyapa teh baris
terus aya di imah eta jelema-jelema, nepi ka
imah-imahna rarubuh."
5 Malaikat tea tembong deui sarta ngalahir,
"Tenjo, aya deui anu datang!"
6 "Naon eta?" kaula nanya. Walerna,
"Karanjang. Eta teh ngalambangkeun dosa di
eta nagri sakuliahna."
7 Eta karanjang make tutup tina timah.
Sabot ku sim kuring ditelek-telek, tutupna

cengkat, bray muka. Breh di jerona aya awewe keur diuk!
8 Pilahir malaikat, "Eta awewe teh ngalambangkeun kajahatan." Seug eta awewe teh ku anjeunna didedetkeun deui ka jero karanjang tea, karanjangna ditutupkeun deui.
9 Barang sim kuring tanggah, breh ningal aya dua awewe keur hiber muru ka lebah sim kuring, jangjangna siga jangjang bango, kacida kekerna. Gapruk nyamber karanjang tea, terus dibawa ngapung.
10 Sim kuring naroskeun ka malaikat, "Bade dibantun ka mana eta teh?"
11 Waleranana, "Ka nagri Babul. Ku urang ditu ayeuna keur dipangnyieunkeun candi. Upama candina geus anggeus, eta karanjang baris ditempatkeun di dinya, diparuja."
6 1 Aya deui titingalan sejen. Ayeuna anu katingal teh opat kareta perang, datang ti sela-sela dua gunung tambaga.
2 Anu kahiji ditarik ku kuda beureum, anu kadua ku kuda hideung,
3 anu katilu ku kuda bodas, anu kaopat ku kuda belang.
4 "Naon hartosna eta kareta-kareta perang teh, Juragan?" kaula nanyakeun ka eta malaikat.
5 Anjeunna ngawaler, "Eta nuduhkeun opat rupa angin, anu asalna ti payuneun PANGERAN, Gustina sakubeng alam."

6 Kareta perang anu ditarik ku kuda hideung,
majuna ka kaler, ka nagri Babul; anu ditarik
ku kuda bodas majuna ka kulon; anu ditarik
ku kuda belang majuna ka nagri-nagri di
pakidulan.
7 Ari kuda nu belang, barang bijil bangun
geus teu sabar hayang buru-buru nyemprung
ngaronda jagat! Timbalan malaikat teh, "Jig,
geura mariksa jagat!" Brul bae nyemprung.
8 Geus kitu malaikat teh ngagero ka
kaula, lahiranana, "Kuda anu ka kaler, ka
nagri Babul, geus ngalelerkeun bebendu
PANGERAN."
9 PANGERAN ngembankeun ieu sabda ka
kaula.
10 Dawuhana-Na, "Cokot pangbakti anu
disumbangkeun ku Heldai, Tobia, jeung
Yedaya, nya eta jelema-jelema anu kakara
daratang ti pangbuangan di Babul. Buru-buru
bawa ka imah Yosia bin Sepanya.
11 Perak jeung emas tea jieun makuta, tuluy
terapkeun kana sirah Imam Agung Yosua bin
Yosadak.
12 Bejakeun ka manehna, kieu kituh timbalan
PANGERAN Nu Maha Kawasa: Jelema anu
disebut Sirung tea bakal ngarandakah di
tempatna, sarta bakal ngadegkeun deui Bait
PANGERAN.
13 Eta pisan jelemana anu bakal ngadegkeun
deui Bait Kami teh, sarta bakal meunang
kahormatan saperti raja, sarta bakal

nyangking rahayatna. Di gigireun korsi karajaanana aya hiji imam, anu bakal digawe babarengan jeung manehna kalawan mulus rahayu.
14 Ari makuta tea bakal jadi tanda pangeling-eling di Bait Kami, geusan tanda ngahormat ka Heldai, Tobia, Yedaya jeung Yosia."
15 Jalma-jalma ti nu jarauh bakal daratang, ngabantuan ngadegkeun deui Bait PANGERAN. Di mana eta geus bukti, bakal kanyahoan yen PANGERAN Nu Maha Kawasa anu ngutus kaula ka aranjeun teh. Eta kabeh pinasti bukti, saupama aranjeun enya-enya narurut kana parentah-parentah PANGERAN, Allah aranjeun.
7 1 Dina taun kaopat pamarentahan Raja Darius, dina tanggal opat belas bulan kasalapan, bulan Kislew, PANGERAN ngembankeun sabda-Na ka sim kuring.
2 Aya utusan urang Betel, nya eta Sareser jeung Regem Melek jeung batur-baturna, diutus ka Bait PANGERAN Nu Maha Kawasa, dititah menta berkah PANGERAN,
3 jeung dititah nanyakeun ka para imam jeung nabi-nabi, kieu, "Kumaha dina sasih lima, naha kedah puasa deui tawis mikasedih ancurna Bait Allah, sapertos anu parantos dilakonan pirang-pirang taun?"
4 Sabda PANGERAN anu diembankeun ka kaula teh kieu,

5 "Bejakeun ka jelema-jelema pangeusi ieu
nagri jeung ka para imam yen puasa jeung
tanda sedihna anu dilalampahkeun saban
bulan kalima jeung katujuh salila tujuh puluh
taun ieu, lain dumeh hormat ka Kami.
6 Jeung ari dalahar jeung ngarinum ngan
pikeun kasugemaanana sorangan."
7 Pangandika PANGERAN liwat nabi-nabi
anu ti hareula oge kitu, nya eta jaman
Yerusalem masih keneh makmur jeung
aya keneh pangeusina. Jaman harita
jalma-jalma caricingna lain ngan di desa-desa
sabudeureun kota bae, tapi malah aya nu
caricing di bagian kidul jeung di suku-suku
pagunungan beulah kulon.
8 PANGERAN ngembankeun ieu sabda ka
Jakaria.
9 Timbalana-Na, "Baheula Kami geus
ngaluarkeun parentah-parentah ka umat
Kami, ungelna: Maraneh kudu adil, kudu
karunyaan, kudu hade hate ka pada batur.
10 Ulah nindes ka randa-randa, ka yatim
pahatu, ka urang asing nu ngaradon hirup
di maraneh, jeung ka nu keur nandangan
kasusah. Jeung ulah boga niat jahat ka nu
sejen.
11 Tapi umat Kami baredegong arembungeun
ngadenge. Maranehna nyarocokan ceuli,
12 sarta ngahaja nareuaskeun hate, tareuas
kawas cadas. Ku lantaran henteu narurut kana
piwuruk-piwuruk Kami anu diamanatkeun ka

nabi-nabi jaman harita, Kami jadi pohara keuheulna.
13 Ari Kami ngomong teh tara didarengekeun.
Anu matak ana maranehna neneda, panedana
ku Kami tara didengekeun.
14 Lir ditebak ku angin topan, maranehna ku
Kami dikebutkeun ka nagri-nagri batur. Ari
nagri anu ieu jadi kosong, euweuh jelemaan
saurang-urang acan."
8 1 PANGERAN Nu Maha Kawasa
ngembankeun ieu sabda ka Jakaria.
2 Timbalana-Na, "Kacida hayangna Kami
teh nulungan Yerusalem. Kacida nyaahna
ka rahayatna, jadi kacida keuheulna ka
musuh-musuhna.
3 Kami seja balik deui, seja linggih deui
di Yerusalem; nagri Kami anu suci sina
kamashurkeun nagri ibadah, sarta gunung
kagungan PANGERAN Nu Maha Kawasa sina
disarebut gunung suci.
4 Alun-alun kotana bakal jadi deui tempat
pelesir jelema-jelema anu geus karolot, anu
geus karundang iteuk, lalaki, awewe.
5 Jalan-jalanna bakal jadi deui tempat arulin
barudak lalaki barudak awewe.
6 Hal ieu, ku maranehna mah, nya ku umat
Kami anu nyesa keneh, tangtu karasana
mustahil. Tapi henteu mustahil ari pikeun
Kami mah.
7 Umat Kami anu di nagri-nagri sejen, ku
Kami arek dijait.

8 Nu ti wetan, nu ti kulon, rek dibawa
mulang, sina maratuh deui di Yerusalem, jadi
umat Kami, sarta nya Kami Allah panutanana
anu baris ngatur ka maranehna, satia tur adil.
9 Sing galede hate! Ieu sabda nya sabda
Kami anu bareto keneh, anu diucapkeun ku
nabi-nabi, keur mangsa masang pademen
Bait Kami basa rek diadegkeun deui tea.
10 Samemeh mangsa eta, maraneh taya
saurang-urang acan anu kuat nyewa tanaga
jalma atawa sato, turug-turug euweuh
saurang-urang acan anu ngarasa aman ti
musuh. Malah ku Kami oge unggal jalma sina
bentrok.
11 Tapi ka umat anu ayeuna aya keneh mah
Kami moal kitu.
12 Pepelakanana baris kaala tur reujeung
aman, anggurna bakal baruahan, sarta moal
kurang-kurang hujan. Eta berkah-berkah ku
Kami tangtu dibikeun ka ieu umat Kami anu
nyesa keneh.
13 Eh urang Yuda jeung urang Israil!
Bareto, lamun jalma-jalma urang asing
silih sumpahan, ucapanana teh, Maneh sing
meunang bahla saperti anu karandapan
ku urang Yuda jeung urang Israil! Ayeuna
maraneh ku Kami baris ditulungan. Ayeuna
mah urang asing teh bakal kieu ucapanana,
Muga anjeun meunang bagja, cara anu
katarima ku urang Yuda jeung urang Israil.

Ku sabab eta maraneh sing galede hate, ulah salempang."
14 PANGERAN Nu Maha Kawasa ngandika,
"Waktu Kami jengkel ku kalakuan karuhun
maraneh baheula, upama Kami aya karep
nyangsara, terus bae dibuktikeun, tara teu
dijalankeun.
15 Ayeuna Kami arek ngaberkahan ka urang
Yuda jeung urang Yerusalem. Ieu oge ku Kami
moal teu dibuktikeun. Ulah salempang.
16 Ayeuna mah turutkeun Kami: Ari jeung
pada batur, ngomong teh kudu anu saestuna.
Di pangadilan kudu ngomong sabenerna,
malar piluluseun batur.
17 Ulah hayang nyusahkeun ka batur. Ulah
sumpah palsu. Kami ijid kana bohong, kana
teu adil, kana kalaliman."
18 PANGERAN Nu Maha Kawasa
ngembankeun ieu sabda ka Jakaria.
19 Timbalana-Na, "Jalankeun ku urang Yuda
kalawan gumbira jeung rasa bagja, ibadah
puasa dina bulan kaopat, kalima, katujuh
jeung kasapuluh. Kudu cinta kana kaestuan,
cinta kana karukunan."
20 PANGERAN Nu Maha Kawasa ngandika,
"Tereh cunduk kana waktu, jelema-jelema ti
nagri-nagri sejen bakal loba anu daratang ka
Yerusalem.
21 Jalma-jalma ti hiji nagri ngajak ka
jalma-jalma nagri sejenna, Kuring arek

ngabakti ka PANGERAN Nu Maha Kawasa.
Hayu urang bareng!
22 Loba jalma jeung bangsa-bangsa anu kuat
bakal daratang ka Yerusalem, seja ngabarakti
ka PANGERAN Nu Maha Kawasa jeung menta
berkah Mantenna.
23 Harita, sapuluh jalma urang asing bakal
datang ka urang Yahudi saurang ngaromong
kieu, Kaula ge hayang bagja cara anjeun;
rehna kaula nguping yen anjeun diberkahan
ku Allah."
9 1 Ieu amanat PANGERAN. Mantenna
geus ngadamel putusan, ngahukum
nagri Hadrak jeung kota Damsik. Sabab
boh kaom-kaom Israil, boh ibukota Siria,
PANGERAN anu kagungan.
2 Hamat, anu satapel wates jeung Hadrak,
eta ge kagungana-Na, kitu deui kota-kota
Tirus jeung Sidon katut kaahlianana.
3 Tirus geus nyieun benteng-benteng keur
dirina, jeung numpuk-numpuk perak jeung
emas, nepi ka jadi saperti barang biasa,
saperti taneuh!
4 Tapi sagala pangabogana ku PANGERAN
bakal dijabel. Kakayaanana ku Mantenna
bakal diceburkeun ka laut, sarta nagrina
diduruk tepi ka beak jadi lebu.
5 Kota Askelon bakal nenjoeun hal eta sarta
sieuneun. Kota Gasa ge bakal nenjoeun hal
eta, hatena ketir kabina-bina. Kitu keneh
Ekron ge nenjoeun, seug buyar sagala

harepanana. Gasa bakal kaleungitan rajana,
sarta Askelon bakal kosong.
6 Asdod bakal diandih ku bangsa campuran.
Kieu timbalan PANGERAN, "Eta bangsa Pelisti
anu aradigung ku Kami bakal direndahkeun.
7 Moal deui maranehna nyatu daging nu
getihan keneh, atawa ngahakan kahakanan
anu haram. Ari anu sakarina, anu harirup
keneh, bakal kaasup ka umat Kami, dianggap
hiji warga kaom Yuda. Urang Ekron, kitu deui
urang Yebus, eta ge bakal kaasup umat Kami.
8 Tanah Kami ku Kami bakal dijaga,
ngahalangan pasukan-pasukan asing sangkan
ulah ngaliwat ka dinya. Umat Kami moal
dibikeun dikaniaya ku nu darolim. Kami geus
ningali kasangsaraan umat Kami."
9 Eh urang Sion, masing gumbira! Eh urang
Yerusalem, geura surak! Tenjo! Itu Raja
maneh sumping. Sumpingna reujeung jaya
tur unggul, tapi manahna handap asor
sumpingna nitih kalde, anak kalde ngora
keneh.
10 Ngandika PANGERAN, "Ti Israil, Kami
rek miceunan kareta perang. Ti Yerusalem
rek ngeuweuhkeun kuda. Gondewa paranti
perang rek dipingges-pinggeskeun. Raja
maneh baris ngembarkeun karukunan ka
bangsa-bangsa. Murbana ti tungtung laut ka
tungtung laut deui, mimiti ti Walungan Eprat,
nepi ka satungtung jagat."

11 Ngandika PANGERAN, "Kami inget, ka
maneh Kami geus jangji, jangji anu dicap
ku getih kurban. Ku sabab eta rahayat
maneh ku Kami rek diluginakeun, dijait ti
pangboyongan, lir diangkat tina sumur saat.
12 Maraneh, para boyongan, nu ayeuna
baroga harepan, geura marulang ka lembur
anu aman. Kami ngabejaan, maraneh rek
disenangkeun, rek diberkahan dua kalieun,
ku sabab tina kasangsaraan nu ku maraneh
geus kaalaman.
13 Urang Yuda bakal jadi minangka gondewa,
Israil minangka jamparing. Urang Sion
minangka pedang, geusan ngayonan Yunani."
14 PANGERAN bakal ebreh luhureun umat-
Na, jamparing-Na ngolepat saperti kilat.
Gusti PANGERAN bakal niup sangkakala, bari
majeng nitih angin ribut ti kidul.
15 PANGERAN bakal ngaraksa umat-Na,
nepi ka maranehna bisa numpes musuhna,
tinggarero di medan perang lir nu marabok,
getih musuhna dibahekeun, mani ngocor
saperti getih sato kurban anu dibahekeun tina
pinggan kana altar.
16 Upama geus cunduk waktuna, PANGERAN
tangtu ngabela ka umat-Na, lir pangangon
ngabela angonanana tina bahaya. Sina
tingponcorong ti tanah kagungana-Na, lir
permata dina makuta.

17 Tada teuing hadena jeung endahna eta
tanah teh! Barudak ngorana bakal karuat
badanna, berkah gandumna jeung anggurna.
10 1 Suhunkeun ka PANGERAN, mugi-
mugi aya hujan dina usum sirung. Nya
PANGERAN anu ngayakeun mega pihujaneun,
nu nurunkeun hujan, sangkan lahan-lahan
jadi seger jeung hejo, pikeun kaperluan
sakabeh manusa.
2 Jalma-jalma mentana sok ka brahala,
atawa ka tukang peleng, padahal jawabanana
ngan jijieunan wungkul, omong kosong. Aya
nu sok napsir impian, padahal tapsiranana
matak sasab pipikiran, panglipur anu taya
gunana. Kalakuan jalma jadi nguluyur, kawas
domba nu ngalantrah. Pikarunyaeun, kawantu
taya anu nungtun.
3 Kieu timbalan PANGERAN, "Kami teh ambek
pisan ka urang asing anu keur marentah ka
umat Kami, nu matak ku Kami arek disiksa.
Urang Yuda teh umat Kami, geus tangtu baris
dijaga ku Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa.
Pikeun Kami, Yuda teh baris minangka kuda
perang.
4 Yuda bakal ngagelarkeun raja-raja, para
pamingpin, para panglima, anu bakal ngatur
umat Kami.
5 Urang Yuda pasti jaya, ibarat prajurit anu
ngaluluh musuhna dina leutak. Ana tarung
tangtu disarengan ku PANGERAN, nepi ka
pasukan kuda musuhna ge moal teu lebur.

6 Urang Yuda, sina jaradi jalma gagah, urang
Israil pasti ku Kami dibela. Kami watir nenjo
maranehna, nu matak rek dipulangkeun ka
lemah caina. Moal aya tapak-tapak entas
dipiceun ku Kami. Ieu Kami PANGERAN,
Allah panutanana, baris narima kana sagala
panedana.
7 Urang Israil baris kuat lir para prajurit,
bakal galumbira hatena, saperti jalma nu
tas nginum anggur. Kajayaanana bakal
kainget-inget ku anak incuna. Anak incuna
bakal barungah, barungah ku pitulung
PANGERAN.
8 Umat Kami rek disaur, sina karumpul
ngahiji. Sina pulih sarta loba deui kawas
saasal ti heula.
9 Najan ku Kami geus disina pabalencar,
di nagri-nagri deungeun bacacar, tapi anu
jararauh ge, hatena mah aringeteun bae ka
Kami.
10 Kami anu baris mawa mulang, ti Mesir
jeung ti Asur, sina maratuh deui di nagri
sorangan. Malah sina nyaricingan Gilad jeung
Libanon. Nagrina sakuliahna, bakal gegek
deui pangeusina.
11 Ana maranehna nyorang lautan sangsara,
Kami anu bakal narajang ombakna. Leuwi-
leuwi Walungan Nil oge tinangtu saat caina.
Nagri Asur nu adigung bakal ngeluk, nagri
Mesir nu perkasa, bakal ucul kawasana.

12 Sabalikna umat Kami, rek disina kuat,
sarta bakal taat ngabakti ka Kami." Kitu
timbalan PANGERAN.
11 1 Buka panto-panto maneh, Libanon!
Leuweung kiputri maneh rek dihuru!
2 Geura ceurik jejeritan, tangkal-tangkal
camara! Tangkal-tangkal kiputri geus rarubuh,
anu sakitu mulyana teh geus digempur!
Geura ceurik jejeritan, eh tangkal-tangkal
galede di Basan! Leuweung nu kekep teh
geus rata dibabad.
3 Para pangereh careurik, nalangsa,
geus musna kamulyaanana! Dengekeun,
singa-singa tinggalaur, dumeh leuweungna di
sapanjang Walungan Yordan geus lebur.
4 PANGERAN, Allah kaula, nimbalan ka kaula,
"Pangangonkeun itu domba-domba nu rek
dipeuncitan.
5 Anu bogana ngan meuncitan bae, tapi
taya nu ngahukum. Bari ngajual daging eta
domba-domba, maranehna ngomong kieu,
Puji PANGERAN! Urang jadi tambah beunghar!
Para pangangonna sorangan teu nyaraaheun
ka domba-dombana."
6 (PANGERAN ngandika, "Kami moal
karunya ka saha-saha deui di ieu nagri.
Kami sorangan rek nyerenkeun sakabeh
jelemana kana kakawasaan para pangerehna.
Ieu nagri ku eta pangereh-pangereh bakal
diancurkeun, sarta ku Kami moal diluputkeun
tina kakawasaan maranehna.")

7 Jalma-jalma anu meuli jeung ngajual eta
domba-domba, ngulikeun ka kaula, tuluy
kaula jadi pangangon eta domba-domba anu
rek dipeuncitan tea. Sim kuring nyokot iteuk
dua, nu hiji dingaranan "Kurnia", nu hiji deui
"Beungkeutan". Tuluy domba-domba teh ku
kaula dijaga.
8 Batur papada tukang ngangon tiluan,
ngarewaeun ka kaula, nepi ka kaula beak
kasabaran, sarta di jero sabulan ku kaula
diusir tiluanana.
9 Geus kitu domba-domba teh ku kaula
diomongan, "Kami moal ngangon deui
maraneh. Mana-mana nu kudu paeh, nya
paeh. Mana-mana nu kudu tiwas, nya tiwas.
Sesana pek silih teunggar nepi ka paeh."
10 Iteuk anu ngaranna "Kurnia"
dipinggeskeun, nandakeun bedona
perjangjian antara PANGERAN jeung pangeusi
dunya.
11 Jadi ti semet poe eta perjangjianana geus
dibatalkeun. Tukang jual beuli domba anu
harita ngawaskeun peta kaula nyarahoeun,
yen eta peta kaula teh karana sabda
PANGERAN.
12 Geus kitu kaula menta bayaran, "Lamun
aranjeun rido, kaula menta bayaranana.
Tapi ari teu rarido mah entong." Seug ku
maranehna dibayar tilu puluh gebleg perak.
13 PANGERAN nimbalan ka kaula, "Duit teh
asupkeun kana kas Bait Kami." Seug eta duit

teh diasupkeun kana kas Bait Allah. Ceuk pangrasa nu muruhkeunana mah buruhan sakitu teh mahal teuing.
14 Geus kitu iteuk anu ngaranna "Beungkeutan" oge ku sim kuring dipinggeskeun jadi dua potong, nandakeun yen Yuda jeung Israil geus henteu ngahiji deui.
15 PANGERAN nimbalan ka kaula, "Maneh sakali deui kudu jadi pangangon, tapi ayeuna mah kudu jadi pangangon anu taya gunana.
16 Sabab Kami geus nempatkeun hiji pangangon sina ngurus domba-domba Kami. Tapi manehna ngantep domba-domba Kami anu kaancam bahaya. Nu leungit teu diteangan, nu raheut teu diubaran, nu araya teu diparaban. Malah sabalikna sok ngahakan daging domba Kami anu panglintuhna sarta nyabutan kukuna.
17 Sing cilaka eta tukang ngangon gejul nu tanpa guna teh! Manehna geus ninggalkeun domba-domba angonanana. Sing tumpes kamampuhna ku perang, sing keked leungeunna, sing kences matana anu katuhu."
12 1 Ieu amanat PANGERAN ngeunaan Israil, PANGERAN, nu mentangkeun langit, nu nyiptakeun jagat, nu maparin hirup ka manusa. Kieu timbalana-Na,
2 "Yerusalem ku Kami rek dijieun saibarat gelas anggur. Anggurna diarinum ku

bangsa-bangsa sabudeureunana nepi ka
tingjolongjong kawas jalma anu mabok.
Waktu Yerusalem ku maranehna dikepung,
kota-kota di Yuda anu kari keneh oge bakal
dikepung.
3 Tapi dina geus mangsana mah Yerusalem
ku Kami rek dijieun saibarat batu anu
kacida beuratna. Bangsa mana bae anu
nyoba-nyoba ngagulingkeun bakal cilaka.
Geus kitu bangsa-bangsa saalam dunya
bakal ngahijikeun kakuatan arek nempuh
Yerusalem.
4 Dina waktu eta, kabeh kudana ku Kami rek
disingsieunan, nu tarumpakna sina aredan.
Urang Yuda tangtu ku Kami dijaga, sabalikna
kuda pasukan musuhna baris dilolongan.
5 Warga-warga golongan Yuda bakal
ngaromong dijero hatena, PANGERAN
Nu Maha Kawasa maparin kakuatan ka
dulur-dulur urang di Yerusalem.
6 Harita warga-warga golongan Yuda
ku Kami rek dijieun ibarat seuneu nu
ngahuru leuweung, atawa ngahuru huma
nu gandumna geus asak, baris ngabasmi
bangsa-bangsa anu aya di sakurilingeunana.
Ari urang Yerusalem tetep ajeg tur aman di
jero kota.
7 Kami, PANGERAN, rek ngaheulakeun balad
Yuda unggul, sangkan urang Yuda anu kari
keneh harkatna teu leuwih handap ti batan

harkat anu bakal katarima ku turunan Daud
jeung ku urang Yerusalem.
8 Harita, Kami, PANGERAN, bakal
ngaraksa pangeusi Yerusalem. Jalma anu
panghengkerna ge harita bakal jadi bedas
kawas Daud. Maranehna bakal dipingpin
ku turunan Daud, lir ditungtun ku malaikat
PANGERAN, ku Allah ku manten.
9 Harita, bangsa mana bae anu nyoba-nyoba
ngajorag Yerusalem, bakal dibasmi.
10 Turunan Daud jeung nu sejen-sejenna
di Yerusalem, ku Kami bakal dieusi ku rasa
kanyaah jeung kadaek kana sembahyang.
Jalma nu ditubles ku maranehna nepi ka paeh
teh bakal dipalire, sarta dicaleungceurikan
kawas nyeungceurikan anak anu ngan
hiji-hijina. Maranehna bakal midangdam
kawas katinggal paeh ku anak cikal.
11 Dina mangsa eta nu maridangdam di
Yerusalem bakal kacida poharana, kawas
midangdam nyeungceurikan Hadad Rimon
keur basa di tegal Megido.
12 (12:12-14) Tiap kulawarga di eta nagri
midangdamna sorangan-sorangan: kulawarga
turunan Daud, kulawarga turunan Natan,
kulawarga turunan Lewi, kulawarga turunan
Simei, jeung kulawarga-kulawarga sejenna.
Tiap kulawarga midangdamna masing-
masing, sarta lalaki ti satiap kulawarga
midangdamna misah ti awewe."
13 (12:12)

14 (12:12)

13 1 "Lamun geus cunduk waktuna,"
timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa,
"bakal aya cinyusu ngaburial, anu bakal
nyucikeun turunan Daud jeung urang
Yerusalem tina dosa-dosana, jeung tina
nyembahna ka brahala.
2 Harita, ngaran brahala-brahala teh ku
Kami bakal dipupus ti jero nagri, moal aya
nu nginget-nginget deui. Sing saha anu
ngaku-ngaku nabi bakal diusir, sarta Kami
bakal ngaleungitkeun kahayang jalma kana
ngabakti ka brahala.
3 Upama aya anu keukeuh ngawejang,
indung bapana sorangan bakal ngomong ka
manehna, nyebutkeun yen manehna kudu
dipaehan, lantaran anu majar ngucapkeun
sabda PANGERAN teh saenyana mah bohong.
Lamun keukeuh sok ngawejang keneh, ku
indung bapana bakal ditubles nepi ka paeh.
4 Mun eta waktu geus cunduk, moal aya nabi
anu agul-agul majar meunang tetenjoan,
moal aya anu nyeta-nyeta nabi atawa make
pakean nabi pikeun nipu jalma-jalma.
5 Malah carekna teh, Kuring lain nabi. Kuring
mah tukang tani, saumur-umur digawe teh di
kebon.
6 Upama aya nu nanya, Ari eta tatu-tatu
dina dada ku naon? bakal ngajawab, Ieu mah
raheut waktu keur di imah babaturan."

7 Kieu timbalan PANGERAN, "He, pedang,
geura tandang. Tarajang itu pangangon
anu digawe pikeun Kami! Paehan, dombana
pabalencarkeun. Kami arek narajang ka umat
Kami sorangan!
8 Dua per tilu pangeusi nagri bakal paraeh.
9 Anu sapertilu deui anu harirup keneh, ku
Kami baris diuji, sarta rek diberesihan saperti
perak dibesot ku seuneu. Arek diuji cara nguji
emas. Geus kitu maranehna bakal sasambat
ka Kami, tangtu ku Kami oge didangu. Rek
diomongkeun ka maranehna yen maranehna
teh umat Kami, sarta maranehna ge bakal
ngaraku yen Kami teh Allah maranehna."
14 1 Poena PANGERAN bakal ngahakiman
geus deukeut. Sarta Yerusalem bakal
aya nu ngajarah, barang-barang jarahanana
dibagi-bagi hareupeun panon aranjeun.
2 Bangsa-bangsa ku PANGERAN bakal
dikumpulkeun, sina merangan Yerusalem.
Eta nagri bakal kajabel, imah-imah diranjah,
awewe-awewe diperkosa. Rahayat saparo
diakut ka pangbuangan, saparona deui
diantep di eta kota.
3 Geus kitu PANGERAN bakal maju merangan
bangsa-bangsa tea, saperti jaman-jaman nu
geus kaliwat.
4 Harita Mantenna bakal ngadeg di Gunung
Jetun, wetaneun Yerusalem. Eta gunung bakal
beulah dua ti wetan ka kulon, dipisahkeun ku

hiji jungkrang lega. Nu sabeulah ngeser ka kaler, nu sabeulah deui ngeser ka kidul.
5 Maraneh bakal ngaluputkeun diri nyorang eta jungkrang anu meulah eta gunung, supaya salamet. Maraneh bakal lalumpatan cara karuhun maraneh, basa katarajang lini keur jaman Yuda dirajaan ku Usia. Sanggeus kitu PANGERAN, Allah kaula, tangtu sumping, nyandak sakabeh malaikat.
6 Upama eta mangsa geus datang, hawa tiris atawa kimpel moal aya deui.
7 Poek oge moal aya. Bakal caang sapapanjangna, peuting oge caang kawas ti beurang. Iraha eta bakal kasorangna, ngan PANGERAN anu uninga.
8 Upama eta mangsa geus datang, bakal aya cai seger anu ngocor ti Yerusalem. Sawareh ngocorna ka Laut Paeh, sawareh ka Laut Tengah. Ngocorna sapanjang taun, boh dina usum hujan, boh dina usum katiga.
9 Geus kitu PANGERAN jadi raja saalam dunya, disembah ku saban jalma, diaku Allah ku sarerea, kabeh jalma kenal ka Mantenna dina jenengan anu sarua.
10 Saantero nagri, ti kaler mimiti ti semet Geba, nepi ka Rimon di beulah kidul, bakal jadi tanah padataran. Tapi Yerusalem bakal mumbul luhur, leuwih luhur ti tanah-tanah sabudeureunana. Ari legana Yerusalem mimiti ti semet Gapura Binyamin, kebat nepi ka Gapura Pojok urut gapura nu ti heula, jeung

ti semet Munara Hananel kebat ka tempat
pameresan anggur milik karaton.
11 Jalma-jalma pangeusina bakal hirup
rahayu, moal kaancam deui ku kabinasaan.
12 Bangsa-bangsa anu merangan ka
Yerusalem, ku PANGERAN bakal diterapan
kasakit anu pohara, hirup-hirup keneh
dagingna geus baruruk, siki mata jeung
letahna ge sina baruruk.
13 Dina waktu eta pikiran maranehna ku
PANGERAN bakal disina kusut jeung ngarasa
sieun, nepi ka unggal jalma bakal nyerek
jeung narajang ka baturna anu deukeut.
14 Urang Yuda bakal tarung ngabelaan
Yerusalem, bakal meunang harta rampasan
ti bangsa-bangsa sakurilingna, emas, perak,
jeung papakean kacida lobana.
15 Sato-sato oge, kuda, bigal, onta, jeung
kalde di pakemahan musuh, kabeh bakal
keuna ku hiji kasakit anu hebat.
16 Geus kitu, eta bangsa-bangsa anu
narajang ka Yerusalem teh, sesana anu
harirup keneh, saban taun bakal daratang ka
Yerusalem, arek ngabarakti ka nu jadi Raja,
PANGERAN Nu Maha Kawasa, jeung rek milu
mestakeun Pesta Saung Daun.
17 Mun aya bangsa anu teu indit, embung
ngabakti ka Raja, PANGERAN Nu Maha
Kawasa, di tanahna moal aya hujan.
18 Urang Mesir upama embung milu
mestakeun Pesta Saung Daun, bakal

ditarajang ku kasakit anu ku PANGERAN
disina narajang ka tiap bangsa anu nolak indit
ngabakti.
19 Kitu hukuman anu bakal keuna, boh ka
urang Mesir, boh ka bangsa-bangsa lianna,
lamun maranehna arembungeun mestakeun
Pesta Saung Daun.
20 Dina waktu eta, sagala rupa barang, nepi
ka genta-genta dina rarangken kuda bakal
diukir ku kecap "Dihaturkeun ka PANGERAN".
Sakabeh kawali di jero Bait Allah bakal
disaruakeun sucina jeung mangkok-mangkok
nu di hareupeun altar.
21 Ku sabab kitu, unggal kawali di Yerusalem
jeung di sakuliah Yuda bakal dipisah-
pisahkeun, pikeun digunakeun dina waktu
dina ngabakti ka PANGERAN Nu Maha
Kawasa. Jalma-jalma anu ngabaktikeun
kurban bakal marake kawalina ngulub daging
kurban. Lamun eta waktu geus cunduk, di
Bait PANGERAN Nu Maha Kawasa moal aya
deui anu daragang.

Maleakhi

1 [1] Ieu pesen PANGERAN ka Malaki pikeun
urang Israil.
[2] Timbalan PANGERAN ka umat-Na,
"Salilana Kami mikanyaah ka maraneh." Tapi
maranehna ngajawab, "Naon tawisna nyaah
ka abdi-abdi?" Waler PANGERAN, "Esau jeung
Yakub adi lanceuk. Tapi Kami mikanyaah teh
ka Yakub jeung turunanana.
[3] Ka Esau jeung turunanana Kami ijid,
kota manehna di pagunungan ku Kami
ditumpurkeun, dijieun enggon sato-sato
leuweung."
[4] Upama ceuk urang Edom turunan Esau,
"Kota urang geus diruksak. Urang adegkeun
deui," baris diwaler ku PANGERAN, "Pek
adegkeun deui, ku Kami rek diancurkeun
deui. Ku jalma-jalma bakal disarebut Nagri
doraka jeung Bangsa anu salilana dibenduan
ku PANGERAN."
[5] Kaayaanana kitu bakal katarenjoeun
sorangan ku urang Israil, nepi ka ceuk
maranehna, "PANGERAN di luareun Israil ge
hebat!"
[6] PANGERAN Nu Maha Kawasa nimbalan
ka imam-imam, "Anak hormat ka bapa.
Gandek ajrih ka juraganana. Mana hormat
maraneh ka Kami, bapa maraneh? Mana

kaajrih maraneh ka Kami, juragan maraneh?
Maraneh ngahina ka Kami, tapi ceuk maraneh,
Ngahina kumaha abdi-abdi ka Gusti?
7 Maraneh ngabaktikeun kadaharan anu
teu pantes kana altar Kami. Ceuk maraneh,
Naon margina disebatkeun teu ngahormat?
Sababna maraneh nganggap rendah altar
Kami.
8 Ari mawa sato lolong atawa sato gering
atawa pincang keur kurban ka Kami, naha
lain salah eta kalakuan maraneh teh? Coba
bikeun sato siga kitu ka gupernur! Daekeun
manehna narima, atawa mere peresen?"
9 Ayeuna aranjeun, imam-imam, coba
ngadoa ka Allah, ka PANGERAN, neneda
sugan Mantenna kersaeun mikawelas ka
urang. Doa aranjeun ku Mantenna moal
diwaler, lantaran salah aranjeun sorangan.
10 Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa,
"Leuwih hade panto-panto Bait Kami teh ku
maraneh ditutup, pikeun nyegah maraneh
ulah nepi ka ngahurungkeun seuneu dina
altar Kami, taya gunana lantaran ku Kami
moal kapake. Kami teu resep ka maraneh.
Embung narima kurban ti maraneh.
11 Jalma-jalma saalam dunya ngahormat
ka Kami. Di mana-mana jelema-jelema
mareuleum dupa pikeun Kami, jeung marere
kurban kasedep Kami. Kabeh ngahalormat ka
Kami!

12 Sabalikna maraneh mah ka Kami
ngarendahkeun, nyebutkeun altar Kami taya
hargana, diteundeunan kadaharan anu ku
maraneh sorangan geus teu dipikahayang.
13 Bosen migawe nu kieu bae! ceuk maraneh
mani dangah ka Kami. Maraneh mere kurban
ka Kami teh sato beunang maling, atawa sato
pincang, atawa sato gering. Dikira Kami daek
narima?
14 Sing ulah jamuga jalma anu ngabobodo ka
Kami, anu mere kurban sato goreng, padahal
boga nu alus nu geus dijangjikeun pikeun
Kami! Kami teh Raja Agung, anu dipikagimir
ku jelema-jelema unggal bangsa."
2 1 PANGERAN Nu Maha Kawasa ngandika
ka para imam,
2 "Ieu parentah pikeun maraneh: Kalakuan
maraneh ka Kami masing hormat. Upama
maraneh teu daraek ngadenge omongan Kami
ku Kami rek diterapan panyapa. Sakur anu
katampa ku maraneh keur rejeki maraneh ku
Kami baris disapa. Saenyana, eta kabeh ku
Kami geus disapa, lantaran maraneh geus
henteu enya-enya ngajalankeun parentah
Kami.
3 Anak-anak maraneh rek dihukum,
beungeut maraneh rek dipopokan ku kokotor
sato anu ku maraneh dikurbankeun ka Kami,
sarta maraneh ku Kami rek digusur kana
tumpukan kokotor.

4 Kakara maraneh bakal ngarasa yen Kami
geus ngaluarkeun ieu parentah, sangkan
perjangjian Kami jeung imam-imam turunan
Lewi henteu nepi ka udar.
5 Dina eta perjangjian Kami ka maranehna
ngajangjikeun kasenangan jeung kasantosaan
hirup, sangkan maranehna hormat ka Kami.
Dina jaman harita mah memang maranehna
hormat ka Kami jeung mikasieun.
6 Maranehna ngajarkeun anu bener, lain
ngajarkeun anu salah. Hirupna jeung Kami
rukun saluyu. Tur benerna teh lain keur
sadirieunana, ka jalma rea oge ngabantu
sangkan ngeureunan kalakuan jahat.
7 Kudu kitu imam-imam mah, kawajibanana
ngajarkeun anu bener tina hal Allah. Nya ka
maranehna jalma-jalma kudu daratangna
pikeun diajar perkara pangersa Kami, sabab
imam-imam teh utusan-utusan PANGERAN
Nu Maha Kawasa.
8 Tapi maraneh mah, imam-imam anu
ayeuna, geus mengpar ti jalan nu bener.
Pangajaran maraneh nungtun jalma rea
nyieun kasalahan. Maraneh geus ngaruksak
perjangjian anu ku Kami dijieun jeung
maraneh.
9 Ku sabab kitu, sabalikna maraneh ge
ku Kami rek disina disapirakeun ku urang
Israil, lantaran teu nurut kana parentah
Kami, jeung dina ngajar umat Kami maraneh
ngabeda-beda jalma."

10 Ari urang lain tunggal sa-Rama? Lain
sarua diciptakeun ku Allah nu hiji? Jadi,
ku naon silih cidraan jangji, jeung ku naon
nyapirakeun perjangjian anu dipidamel ku
Allah jeung karuhun urang?
11 Urang Yuda cidra tina jangjina ka Allah,
sarta di Yerusalem jeung di sakuliah nagri
nyieun kalakuan anu goreng kabina-bina.
Maranehna ngarurujit Bait Allah anu ku
Allah dipikacinta. Lalakina karawin ka
awewe-awewe anu allahna lain Allah urang.
12 Sing disingkirkeun ku PANGERAN
jalma-jalma anu karitu ti kalangan Israil, ulah
sina pipilueun ka bangsa urang ngahaturkeun
pangbakti ka PANGERAN Nu Maha Kawasa.
13 Aya deui kalakuan maraneh. Maraneh
geus ngeueum altar PANGERAN ku cimata
maraneh; maraneh ngaradon ceurik jeung
sasambat di dinya, lantaran Mantenna geus
teu kersaeun narima deui pangbakti maraneh.
14 Maraneh nanyakeun naon sababna
Mantenna teu kersaeun nampi. Sababna
lantaran uningaeun, maraneh ingkar jangji
ka pamajikan anu dikawin ti jaman maraneh
ngora. Maraneh ingkar tina jangji arek satia
ka pamajikan, ka batur hirup maraneh, jangji
anu diikrarkeunana di payuneun Allah.
15 Jiwa raga maraneh jeung pamajikan
teh lain geus disatunggalkeun Allah? Naon
maksud Mantenna kitu teh? Nya eta sangkan
maraneh boga anak, anu baris jadi umat

Allah anu tulen. Ku sabab eta kudu dijaga,
sangkan ti lebah maraneh saurang ge ulah
aya anu ingkar tina jangji satia ka pamajikan.
16 "Kami ijid kana pepegatan," timbalan
PANGERAN Allah Israil. "Kami geuleuh lamun
ti maraneh aya anu nyieun peta telenges
kitu ka pamajikanana. Jaga, ulah nepi ka
maraneh ingkar tina jangji satia ka pamajikan
maraneh."
17 Omongan maraneh teh geus
ngabosenkeun PANGERAN. Tapi carek
maraneh, "Ngabosenkeun dina hal naon
kuring ka Mantenna teh?" Dina ucap-ucapan
maraneh, anu nyebutkeun, "Kabeh jalma
nu jahat lampahna, ku PANGERAN Nu Maha
Kawasa dianggap hade. Saenyana Mantenna
mikaresep ka nu karitu." Atawa dina pananya
maraneh anu kieu, "Mana Allah anu dianggap
adil teh?"
3 1 Waleran PANGERAN Nu Maha Kawasa,
"Kami rek ngirim utusan, geusan
nyadiakeun jalan pikeun Kami. PANGERAN
anu dipicangcam ku maraneh teh bakal
ngadadak sumping ka Bait-Na. Eta utusan
anu ku maraneh geus heubeul diarep-arep,
pasti datang ngembarkeun perjangjian Kami."
2 Tapi saha anu baris tahan dina mangsa
Mantenna sumping? Saha anu baris tagen
lamun Mantenna geus nembongan? Karana
Mantenna teh baris ngeuweuhkeun sagala

kokotor saperti sabun, lir seuneu anu
ngamurnikeun logam.
3 Anjeunna baris jadi hakim. Lir upama
jalma nganyarkeun jeung ngamurnikeun
perak, eta utusan PANGERAN teh bakal
ngamurnikeun imam-imam, supaya
maranehna ngahaturkeun kurban anu bener
ka PANGERAN.
4 Lamun geus kitu, kurban-kurban ti urang
Yuda jeung urang Yerusalem ku Mantenna
bakal kaanggo deui saperti baheula.
5 Dawuhan PANGERAN Nu Maha Kawasa,
"Kami rek ebreh ka maraneh pikeun
ngahakiman, sakalian jadi saksi tina
perkara tukang-tukang sihir, perkara nu
ngaranyed, perkara saksi-saksi palsu, perkara
jelema-jelema anu ngalicikan upah kuli-kuli,
perkara jelema-jelema tukang nyokot rejeki
randa-randa, barudak pahatu, jeung urang
asing; cindekna perkara jelema-jelema anu
henteu ngendahkeun ka Kami."
6 "Kami teh PANGERAN, sarta Kami tara
robah. Eta sababna maraneh, turunan Yakub,
henteu ditumpes sama sakali.
7 Saperti karuhun maraneh baheula,
maraneh geus ingkar tina hukum-hukum
Kami, henteu satia ka eta. Geura baralik
deui ka Kami, tangtu Kami oge balik deui
ka maraneh. Tapi maraneh nanya ka Kami,
Kedah kumaha supados tiasa wangsul deui ka
Gusti teh?

8 Kami arek nanya: Naha pantes jelema
ngarinah ka Allah? Tangtu teu pantes. Tapi
maraneh geus ngarinah ka Kami. Ceuk
maraneh, Ngarinah dina naon? Dina mayar
perpuluhan jeung dina mere pangbakti.
9 Maraneh kabeh aya dina panyapa, lantaran
sakumna bangsa maraneh geus ngarinah ka
Kami.
10 Serenkeun sing gembleng perpuluhan
maraneh ka Bait Kami, supaya di dinya teu
kurang-kurang bahan dahareun. Pek Kami
uji, engke maraneh narenjo Kami mukakeun
jandela-jandela sawarga, ngahujanan
maraneh ku sagala rupa anu mangpaat.
11 Pepelakan maraneh ku Kami moal
dibikeun diruksak ku hama, pelak anggur
baris meuhpeuy baruahan.
12 Maraneh tan wande disarebut bagja ku
jelema-jelema sagala bangsa, sabab nagri
maraneh tempat nu hade keur tempat hirup."
13 Dawuhan PANGERAN, "Maraneh geus
ngomongkeun Kami kacida garihalna. Tapi
carek maraneh, Parantos nyanggemkeun
naon abdi-abdi perkawis Gusti?
14 Maraneh geus ngomongkeun kieu,
Percumah ngabakti ka Allah ge. Naon gunana
urang ngalakonan sagala dawuhana-Na,
atawa usaha nembongkeun rasa kaduhung
ku kalakuan urang ka PANGERAN Nu Maha
Kawasa?

15 Urang nenjo sorangan jalma-jalma nu
aradigung hirupna sarenang. Jalma-jalma
jahat lain ngan beuki makmur bae, malah
ngadaroja kasabaran Allah ku kajahatanana,
tapi saralamet bae."
16 Geus kitu jelema-jelema anu sieun
ku PANGERAN silih elingan pada batur.
Omonganana didangukeun ku PANGERAN.
Di payuneun Mantenna aya kitab, catetan
jalma-jalma anu mikasieun jeung ngajenan
ka Mantenna.
17 Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa,
"Maranehna bakal jaradi umat Kami. Dina
poean Kami nyieun tindakan, maranehna
rek dijadikeun milik Kami pisan. Kami baris
mikarunya ka maranehna, saperti bapa
mikarunya ka anakna anu babakti.
18 Umat Kami bakal narenjo deui bedana
nasib anu tumiba ka jalma-jalma anu
harade kalakuan jeung ka nu jarahat, ka nu
ngabarakti ka Kami jeung ka nu henteu."
4 1 Dawuhan PANGERAN Nu Maha Kawasa,
"Geus tereh cunduk poena jelema-jelema
anu arangkuh jeung jarahat baris diduruk
kawas jarami. Dina poe eta maranehna bakal
diduruk nepi ka beak moal aya nu nyesa.
2 Ari maraneh, anu narurut ka Kami, bakal
kasorot ku kakawasaan Kami anu kawasa
nyalametkeun, anu medal lir panonpoe
meletek, sarta sinarna matak nyageurkeun.
Maraneh bakal bebas, lugina jeung galumbira

lir anak sapi anu kakara dikaluarkeun ti kandangna.
3 Dina poean Kami midamel kitu, maraneh
bakal ngelehkeun jalma-jalma anu jarahat
nepi ka diidek kawas lebu.
4 Masing aringet kana pangajaran-
pangajaran Musa, abdi Kami, kana
hukum-hukum jeung parentah-parentah
Kami anu ku Kami diandikakeun di Gunung
Sinai sangkan ditarurut ku sakumna urang
Israil.
5 Tapi samemeh poena PANGERAN anu hebat
pikasieuneun tea datang, Kami rek ngutus
heula Nabi Elias.
6 Manehna bakal ngarukunkeun deui para
bapa jeung anak-anakna. Sabab lamun
henteu kitu, nagri maraneh ku Kami bakal
dibasmi."

KITAB SUCI

Nya eta
Kitab Perjangjian Lawas sareng Perjangjian Anyar
Nganggo Basa Sunda Sadidinten

LEMBAGA ALKITAB INDONESIA
JAKARTA 1991

Alkitab Bahasa Sunda
The Bible in Today's Sundanese Version

ISBN 979-463-352-6
IBS 10;SUND;TSV-062P;16M-1991

© LAI

Lembaga Alkitab Indonesia
Jl. Salemba Raya 12, Telp. (021)-332890
Jakarta 10430

Cetakan pertama 1991

Dicetak oleh
Percetakan Lembaga Alkitab Indonesia